

LITIJI LÈ YO

Touazièm tò m *pro manuscripto*
tout *Litiji Lè yo* an kréyòl ayisyin, 8 désanm 2022

Nan 44^e anivèsè òdinasion Mgr Frantz Colimon, smm, kòm évèk
(8 désanm 1978 – 8 désanm 2022).

Sé antan l-ap konplété épi l-ap fè révizion tradiksion sa-a
li rivé nan *consummatum est* li-a 4 novanm 2022.

Sé pou nanm li répozé nan lapè Kris la!

Sé pou-l soutni nou sou rout la!

Dapré tèks *Liturgia horarum* ki gin Copyright © 2018, Libreria Editrice Vaticana, Città del Vaticano / Midwest Theological Forum, Downers Grove, Illinois, USA.

Nouvo sélébrasion ki antré nan Kalandriyé Romin jénéral la apré 2018 épi ki korésponn ak touazièm tò m sa-a, nou mété yo nan plas yo, sé: 10 mé, Sin Jan de Avila, prèt é savan Égliz la; 29 mé, Sin Pòl VI, pap.

OFIS DIVIN-AN
KI ÉTABLI DAPRÉ DÉKRÈ
TRÈ SIN KONSIL ÉKUMÉNIK VATIKAN II-A
KI PROMULGÉ AK OTORITÉ PAP PÒL VI

LITIJI LÈ YO

DAPRÉ RIT ROMIN-AN
DÉZIÈM ÉDISION INPRIMÉ LATIN-AN
2018

III

TAN PAK

Pro manuscripto
Port-au-Prince, Haïti, décembre 2022

Dékrè Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an, 11 avril 1971	5
Dékrè Kongrégasion pou Kult Divin-an, 7 avril 1985	6
Tab jou litijik yo	9
Tablo dat sélébrasion ki chanjé plas nan ané litijik la	13
Kalandriyé Romin jénéral	15
Pròp pou Tan-an	27
Òrdinè-a (Déroulman òrdinè-a).....	539
Distribision Psòm yo ak Kantik yo sou kat sémèn	569
Konpli	983
Psòm konplémantè	1007
Pròp pou Sin yo	1015
Komin	1193
Ofis défin yo	1485
Apindis (Dégi).....	1527
I. Kantik ak Évanjil pou Vijil yo	1527
II. Priyè intèsésion ki pi kout ki kapab sèvi pou Vèp yo	1559
III. Fòmül ki kapab sèvi pou fè antré nan Priyè Granmèt la	1564
IV. Fòmül bénédiksion ki kapab sèvi pou Louanj yo nan matin ak Vèp yo	1565
V. Fòmül akt pénitansièl ki kapab sèvi pou Konpli	1572



SAKRÉ KONGRÉGASION POU KULT DIVIN-AN

Prot. n. 1000/71

DÉKRÈ

Ak Litiji Lè yo, sa li té konn sélébré nan déroulman jounin-an dapré abitud dépi lontan-an, Égliz la akonpli lòd Granmèt la osijè priyè-a pou-l pa janm sispann-nan, épi an minm tan, li fè louanj pou Bondié Papa-a épi li intèsédé pou sovè tè-a.

Sé poutèt sa Konsil Vatikan II-a, antan l-ap fè anpil bagay pou disiplin Égliz la transmèt la, épi antan li té vlé rénouvle-l tou, li té pran souin ak atansyon, pou fè révizion ki adapté pou priyè sa-a, yon fason pou ni prèt yo ni lòt manb Égliz la kapab fè-l pi byin épi pi ajisté dapré sikonstans jodi-a (cf. Const. de Sacra Liturgia *Sacrosanctum Concilium*, n. 84).

Antan travay révizion-an fini kounié-a, épi antan Pap Pòl VI aprouvé-l pa lintèmediè Konstitision Apostolik *Laudis canticum* nan, li signin jou premié novanm 1970, Sakré Kongrégasion sa-a pou Kult Divin-an, té pran souin pibliyé liv ki préparé nan lang latin-an pou sélébré Litiji Lè yo dapré rit romin-an épi édisyon sa-a l-ap prezanté kounié-a, li déklaré sé li ki modèl (tipik).

Antan anyin ki kontrè pa anpéché sa ditou.

Sot nan palè Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an, jou 11 avril ané 1971, dimanch Pak nan Réziréksion Granmèt la.

ARTURUS Card. TABERA

Préfè

A. BUGNINI

Sékrète



KONGRÉGASION POU KULT DIVIN-AN

Prot. n. 1814/84

DÉKRÈ

Litiji Lè yo, sa yo révizé nan ané 1971 apati dékrè Trè Sin Konsil Vatikan II-a, yon fason pou ak louanj yo, ak aksion-d-gras yo épi ak priyè-a tout lè yo nan déroulman jounin-an vîn sanktifyé ansanm ak tout travay moun nan (cf. *Dispozision jénéral osijè Litiji Lè yo*, nn. 2 épi 11), li mandé pou richès spirituèl ki pròp pou li yo, sé pi afon yo antré nan yo palintèmediè konpréansion tèks yo an profondè, sa yo sèvi ak yo nan priyè kominotè Égliz la dapré fason Rit Romin-an transmèt la.

Pou rivé pi fasil nan objéktif sa-a, dézièm édision modèl (tipik) Litiji Lè yo, ki parèt apré 14 ané, prezanté kòm karaktéristik pròp-li tèks édision Nouvo Vulgat Liv Sakré yo, ki doué nésésèman kounié-a pran plas tèks tradiksyon Vulgat la yo té konn anplouayé anvan sa-a, dapré règlèman Konstitisyon Apostolik *Scripturarum Thesaurus* Souvèrin Pontif Jan-Pòl II té bay jou 25 avril 1979 la.

Chak sa ki patikilié minm nan édision sa-a y-ap dékri yo ak plis présizyon nan sa ki suiv koulié-a.

1) Yo sèvi ak tradiksyon Nouvo Vulgat la pou léktu bibliik yo nan Ofis léktu yo épi Vijil la, minm jan tou pou léktu kout nan Louanj yo nan matin (Lòd yo), Vèp yo, Touazièm è-a (Tièrs), Sizièm è-a (Sèkst), Névièm è-a (Nòn) épi Konpli yo, ni pou tout Kantik Ansyin ak Nouvo Téstaman-an.

2) Kèk tèks bibliik yo té indiké nan édision anvan-an pa nan tradiksyon Nouvo Vulgat la, oubyin yo vîn gin yon lòt signifikasyon ladan-l, sé sa-k fè yo té parèt mouins adapté an fonksyon rézon ki fè yo té chouazi yo-a, yo pap jouinn yo ankò épi yo propozé tèks ki pi adapté nan plas yo.

3) Tèks Psòm yo vîn révizé yon dènié fouda nan édision Nouvo Vulgat la, sé konsa yo mété yo nan édision sa-a pou Litiji Lè yo.

4) Répons Ofis léktu-a, yo révizé yo dapré tèks Nouvo Vulgat la, sof si pétèt rézon konpozision patikilié oubysin tradision, oubysin mélodi mizik, oubysin karaktè litijik pa-t pèmèt pou chanjé tèks la.

5) Yo introdui an plin nouvo réfrin pou *Benedictus* la ak pou *Magnificat* la ki konfòm ak Évanjil koté yo pran yo-a pou dimanch ak solanité yo.

6) Yo rémété Imn yo antan yo korijé yo avèk souin.

7) Nan léktu bibliik ki pi long yo, nan Psòm ak Kantik Ansyin ak Nouvo Téstaman-an, chak vèsé dékoré ak pròp numéro pa-l, jan yo prezanté nòmalmman nan liv bibliik yo.

8) Nan édision sa-a, psòm yo gin dé numéro ki indiké yo. Toudabò yo signalé numéro tradiksion grèk la, sa yo rélé Séptant la, sa yo té toujou préféré nan ansyin tradiksion Vulgat la, sa Pèr Égliz yo té anplouayé-a épi Litiji-a transmèt la. Numéro patikilié pou tèks ébré-a, sa yo anplouayé anpil fouda, alèkilé, nan édision liv ak tèks siantifik yo (*dissertatio*), yo ajouté yo apré, anndan krochè.

9) Nan Dégi-a (Apindis), yo ajouté lòt tèks, sètadi fòmul bénédikcion solanèl épi akt pénitansièl, yo pran sot nan Misèl Romin-an.

Karaktè sa yo (Rémak sa yo) yo indiké pi ro-a ansanm ak rès chanjman mouins inpòtan yo introdui, gin kòm objéktif final pou favorizé konpréansion fasil sa-a épi rapò k-ap donnin frui ant sélébrasion Litiji Lè-yo ak sélébrasion ékaristik la, épitou ant sélébrasion sa-yo ak ané litijik la ki « prezanté yon fòs ak yon éfikasité sakramantèl spésial poutèt sé Kris la li-minm ki kontinué alé nan bout rout mizérikòd san limit li-a nan mistè li yo oubysin nan souvni Sin yo, épi sitou Manman-l, yon fason pou fidèl krétyin yo non sèlman sonjé épi médité mistè Rédanmsion-an min pou yo rivé touché yo, vîn fè youn ak yo épi viv palintèmédiè yo » (*Caeremoniale Episcoporum*, n. 231).

Dézièm édision sa-a pou Litiji Lè-yo, Souvèrin Pontif la Jan Pòl II té approuvé-l ak Otorité Apostolik li épi Kongrégasion pou Kult Divin-an

promulgé-l kounié-a épi déklaré-l sé modèl la (tipik). Sé poutèt sa, minm édision sa-a, yo préparé nan lang latin-an, l-ap kòmansé gin fòs aplikasyon tousuit lè li soti ; min édision nan lang pèp yo, sa yo préparé dapré règléman dézièm édision modèl la (tipik la), sé apati jou chak Konfèrans Évèk yo ap établi-a.

Antan anyin ki kontrè pa anpéché sa ditou.

Sot nan palè Sakré Kongrégasyon pou Kult Divin-an, jou 7 avril ané 1985, dimanch Pak nan Réziréksion Granmèt la.

+AUGUSTINUS MAYER
Archiep. tit. Satrianensis
Pro-Praefectus

+VERGILIUS NOË
Archiep. tit. Voncariensis
a Secretis

TAB JOU LITIJK YO

ki sot nan Règléman inivèsèl pou ané litijik la

épi Kalandriyé-a, nn. 59-61

Préséans (sa-k vini anvan épi apré) nan pami jou litijik yo, kanta pou sélébrasion yo, sé sèlman anba lòd tab sa-a ki suiv la li réglé.

I

- 1.** Tridiòm paskal Soufrans ak Rézireksion Granmèt la.
- 2.** Nésans Granmèt la, Épifani, Asansion épi Pantkot.
Dimanch Lavan, Karèm épi Pak.
Mèkrédi Sann.
Jou Sémèn sint yo, dépi lindi jous jédi inklizivman.
Jou anndan oktav Pak la.
- 3.** Solanité Granmèt la, Trè sint Vièj Mari, épi Sin ki inskri nan Kalandriyé jénéral la.
Komémorasion tout fidèl défin yo.
- 4.** Solanité pròp yo, sètadi :
 - a) Solanité Patron prinsipal koté-a, soua yon ti vil soua yon gran vil.
 - b) Solanité dédikas épi anivèsè dédikas légliz pròp la.
 - c) Solanité Tit légliz pròp la poté-a.
 - d) Solanité oubyin Tit
oubyin Fondatè,
oubyin Patron prinsipal Òrd oubyin Kongrégasion-an.

II

5. Fèt Granmèt la ki inskri nan Kalandriyé jénéral la.
6. Dimanch tan Nésans Granmèt la épi dimanch « òdinè » yo.
7. Fèt Trè Sint Vièj Mari épi Sin ki nan Kalandriyé jénéral la.
8. Fèt pròp yo, sètadi :
 - a) Fèt Patron prinsipal diosèz la.
 - b) Fèt anivèsè dédikas légliz katédral la.
 - c) Fèt Patron prinsipal réjion-an oubyin provins-la oubyin nasion-an, oubyin yon téritoua pi laj.
 - d) Fèt Tit oubyin Fondatè, oubyin Patron prinsipal Òrd oubyin Kongrégasion-an épi provins rélijyé-a, sof sa yo kòmandé nan n. 4 la.
 - e) Lòt fèt kèk légliz pròp.
 - f) Lòt fèt yo inskri nan kalandriyé yon diosèz oubyin yon Òrd oubyin yon Kongrégasion.
9. Jou sémèn Lavan dépi jou 17 rivé 24 désanm inklizivman.
 Jou anndan oktav Nésans Granmèt la.
 Jou sémèn Karèm yo.

III

10. Mémoua obligatoua Kalandriyé jénéral la.
11. Mémoua obligatoua pròp yo, sètadi :
 - a) Mémoua dézièm Patron koté-a, diosèz la, réjion-an oubyin provins rélijyé-a.
 - b) Lòt mémoua obligatoua yo inskri nan kalandriyé chak diosèz, oubyin Òrd oubyin Kongrégasion.
12. Mémoua fakiltatif yo, sa yo indiké yon fason spésial nan Dispozision jénéral Misèl Romin-an ak nan Litiji Lè yo, yo kapab fè yo minm nan jou yo palé nan no. 9 la.

Pou minm rézon-an, yo kapab sélébré kòm mémoua fakiltatif mémoua obligatoua ki ta tonbé paraksidan nan jou sémèn Karèm yo.

13. Jou sémèn Avan yo jous nan jou 16 désanm nan inklizivman.

Jou sémèn tan Nésans Granmèt la dépi jou 2 janvié jous nan samdi après Épifani-an.

Jou sémèn tan paskal la dépi nan lindi après oktav Pak la jous nan samdi anvan Pantkot la inklizivman.

Jou sémèn « òdinè » yo.

OSIJÈ DAT SÉLÉBRASION YO RIVÉ ÉPI LÈ YO RIVÉ ANSANM

Si nan minm jou-a gin pliziè sélébrasion, sé pou yo fè sa ki gin plas pi ro nan tab jou litijik yo. Min solanité ki t-a jouinn anpèchman poutèt yon jou litijik ki joui préséans, sé pou yo transféré yo nan prochin jou ki lib la apati jou yo mété anba niméro 1-8 nan tab préséans la, antan yo suiv sa yo établi nan n. 5 la. Solanité Anonsiation Granmèt la minm, chak foua li tonbé nan kèk jou Sémèn sint la, sé pou yo toujou transféré-l nan lindi après dézièm dimanch Pak la. Lòt sélébrasion yo, yo pa fè yo pou ané sa-a.

Min si nan minm jou-a yo doué sélébré Vèp Ofis jou-a minm épi premié Vèp jou après-a, sé pou sélébrasion Vèp ki gin plas pi ro nan tab jou litijik yo pran dévan ; si gin égalité, Vèp jou-a minm pran dévan.

OSIJÈ LÈT DIMANCH LA

Pou chak jou nan ané-a yo mété youn nan lèt sa yo : **A, b, c, d, e, f, g**, ki indiké sèt jou sémèn nan (cf. Kalandriyé Romin jénéral, p. 15, kolòn I). Apati lèt sa-yo, sa-k indiké jou dimanch la pandan tout ané-a, yo rélé-l lèt dominikal (lèt dimanch la).

Parégzanp, nan ané 2021 yo mété lèt dominikal **c** (cf. Tablo dat sélébrasion ki chanjé plas nan ané litijik la, p. 13, kolòn II) ; tout jou yo indiké ak lèt sa-a, sé jou dimanch yo yé : 3, 10, 17 janvié, etc.

Nan ané bisékstil yo minm yo mété dé lèt dominikal, premié nan yo-a indiké jou dimanch yo dépi nan kòmansman ané-a rivé jous 24 févriyé, dézièm nan minm apati jou 25 févriyé jous nan fin ané-a : sé dé foua (**bis**) réyèlman yo di sizièm jou anvan kaland moua mas la (**sexto calendas martii**), sètadi jou 24 ak 25 févriyé, épi yo répété lèt **f** la, ki sèvi dé foua pou jou 24 ak 25.

Parégzanp, nan ané 2020 yo mété dé lèt dominikal : **e** épi **d**. Lèt **e**-a montré jou dimanch yo jous 24 févriyé : 5, 12, 19 janvié... 23 févriyé. Apré sa lèt **e**-a chanjé nan lèt **d** ki vîn anvan [dapré lòd alfabétik la], ki montré jou dimanch yo apati 24 févriyé : 1, 8, 15 mars, etc.

OSIJÈ LÈT SIKL LÉKTU DIMANCH YO

Nan Tablo dat sélébrasion mobil yo, sa-k chanjé plas nan ané litijik la (cf. kolòn III) yo mété lèt sikl léktu bibliik yo pou dimanch yo ak fèt yo pou kapab indiké tou réfrin yo doué anplouayé pou Benedictus la épi Magnificat la.

Premié lèt la ranvouayé nan ané sivil la, parégzanp 2021, ané B; dézièm lèt la minm ranvouayé nan ané litijik la ki kòmansé premié dimanch Avan-an, parégzanp 28 novanm 2021, ané C.

TABLO DAT sélébrasion ki chanjé plas nan ané litijik la

Ané	Lèt Dim.	Sikl Dim.	Jou sann	Pak	Asan-sion (jédi)	Pant-kot	Sèmèn « òdinè » yo				Prémié dimanch Avan-an
							anvan Karèm		après tan paskal la		
							jous jou	sèmèn	apati jou	sèmèn	
2020*	e d	A-B	26 fév	12 avr	21 mé	31 mé	25 fév	7	1é juin	9	29 nov
2021	c	B-C	17 fév	4 avr	13 mé	23 mé	16 fév	6	24 mé	8	28 nov
2022	b	C-A	2 mars	17 avr	26 mé	5 juin	1é mars	8	6 juin	10	27 nov
2023	A	A-B	22 fév	9 avr	18 mé	28 mé	21 fév	7	29 mé	8	3 dés
2024*	g f	B-C	14 fév	31 mars	9 mé	19 mé	13 fév	6	20 mé	7	1é dés
2025	e	C-A	5 mars	20 avr	29 mé	8 juin	4 mars	8	9 juin	10	30 nov
2026	d	A-B	18 fév	5 avr	14 mé	24 mé	17 fév	6	25 mé	8	29 nov
2027	c	B-C	10 fév	28 mars	6 mé	16 mé	9 fév	5	17 mé	7	28 nov
2028*	b A	C-A	1é mars	16 avr	25 mé	4 juin	29 fév	8	5 juin	9	3 dés
2029	g	A-B	14 fév	1é avr	10 mé	20 mé	13 fév	6	21 mé	7	2 dés
2030	f	B-C	6 mars	21 avr	30 mé	9 juin	5 mars	8	10 juin	10	1é dés
2031	e	C-A	26 fév	13 avr	22 mé	1é juin	25 fév	7	2 juin	9	30 nov
2032*	d c	A-B	11 fév	28 mars	7 mé	16 mé	10 fév	5	17 mé	7	28 nov
2033	b	B-C	2 mars	17 avr	26 mé	5 juin	1é mars	8	6 juin	10	27 nov
2034	A	C-A	22 fév	9 avr	18 mé	28 mé	21 fév	7	29 mé	8	3 dés
2035	g	A-B	7 fév	25 mars	3 mé	13 mé	6 fév	5	14 mé	6	2 dés
2036*	f e	B-C	27 fév	13 avr	22 mé	1é juin	26 fév	7	2 juin	9	30 nov
2037	d	C-A	18 fév	5 avr	14 mé	24 mé	17 fév	6	25 mé	8	29 nov
2038	c	A-B	10 mars	25 avr	3 juin	13 juin	9 mars	9	14 juin	11	28 nov
2039	b	B-C	23 fév	10 avr	19 mé	29 mé	22 fév	7	30 mé	9	27 nov
2040*	A g	C-A	15 fév	1é avr	10 mé	20 mé	14 fév	6	21 mé	7	2 dés
2041	f	A-B	6 mars	21 avr	30 mé	9 juin	5 mars	8	10 juin	10	1é dés
2042	e	B-C	19 fév	6 avr	15 mé	25 mé	18 fév	6	26 mé	8	30 nov
2043	d	C-A	11 fév	29 mars	7 mé	17 mé	10 fév	5	18 mé	7	29 nov
2044*	c b	A-B	2 mars	17 avr	26 mé	5 juin	1é mars	8	6 juin	10	27 nov

2045	A	B - C	22 fév	9 avr	18 mé	28 mé	21 fév	7	29 mé	8	3 déc
2046	g	C - A	7 fév	25 marrs	3 mé	13 mé	6 fév	5	14 mé	6	2 déc
2047	f	A - B	27 fév	14 avr	23 mé	2 juin	26 fév	7	3 juin	9	1é dés
2048*	e d	B - C	19 fév	5 avr	14 mé	24 mé	18 fév	6	25 mé	8	29 nov
2049	c	C - A	3 mars	18 avr	25 mé	6 juin	2 mars	8	7 juin	10	28 nov
2050	b	A - B	23 fév	10 avr	19 mé	29 mé	22 fév	7	30 mé	9	27 nov
2051	A	B - C	15 fév	2 avr	11 mé	21 mé	14 fév	6	22 mé	7	3 dés
2052*	g f	C - A	6 mars	21 avr	30 mé	9 juin	5 mars	9	10 juin	10	1é dés
2053	e	A - B	19 fév	6 avr	15 mé	25 mé	18 fév	6	26 mé	8	30 nov
2054	d	B - C	11 fév	29 mars	7 mé	17 mé	10 fév	5	18 mé	7	29 nov
2055	c	C - A	3 mars	18 avr	27 mé	6 juin	2 mars	8	7 juin	10	28 nov
2056*	b A	A - B	16 fév	2 avr	11 mé	21 mé	15 fév	6	22 mé	7	3 dés
2057	g	B - C	7 mars	22 avr	31 mé	10 juin	6 mars	9	11 juin	10	2 dés
2058	f	C - A	27 fév	14 avr	23 mé	2 juin	26 fév	7	3 juin	9	1é dés
2059	e	A - B	12 fév	30 mars	8 mé	18 mé	11 fév	5	19 mé	7	30 nov
2060*	d c	B - C	3 mars	18 avr	27 mé	6 juin	2 mars	8	7 juin	10	28 nov
2061	b	C - A	23 fév	10 avr	19 mé	29 mé	22 fév	7	30 mé	9	27 nov
2062	A	A - B	8 fév	26 mars	4 mé	14 mé	7 fév	5	15 mé	6	3 dés
2063	g	B - C	23 fév	15 avr	24 mé	3 juin	22 fév	8	4 juin	9	2 dés
2064*	f e	C - A	20 fév	6 avr	15 mé	25 mé	19 fév	6	26 mé	8	30 nov
2065	d	A - B	11 fév	29 mars	7 mé	17 mé	10 fév	5	18 mé	7	29 nov
2066	c	B - C	24 fév	11 avril	20 mé	30 mé	23 fév	7	31 mé	9	28 nov
2067	b	C - A	16 fév	3 avril	12 mé	22 mé	15 fév	6	23 mé	8	27 nov
2068*	A g	A - B	7 mars	22 avril	31 mé	19 juin	6 mars	9	11 juin	10	2 dés

* Ané bisékskil

KALANDRIYÉ ROMIN JÉNÉRAL

JANVIÉ

A	Cal.	1	Oktav Nésans Grammèt la SINT MARI MAMAN BONDIÉ	Solanité
b	IV	2	Ss. Bazil legran ak Grégoua Nazianz, évèk é doktè Égliz la	Mémoua
c	III	3	<i>Trè Sin Non Jézu *</i>	
d	Prid.	4		
e	Non.	5		
f	VIII	6	ÉPIFANI GRAMMÈT LA	Solanité
g	VII	7	<i>S. Rémon de Pényafør, prèt</i>	
A	VI	8		
b	V	9		
c	IV	10		
d	III	11		
e	Prid.	12		
f	Idib.	13	<i>S. Ilè, évèk é doktè Égliz la</i>	
g	XIX	14		
A	XVIII	15		
b	XVII	16		
c	XVI	17	S. Antouàn, abé	Mémoua
d	XV	18		
e	XIV	19		
f	XIII	20	<i>S. Fabyin, pap é mati</i> <i>S. Sébastyin, mati</i>	
g	XII	21	S. Agnès, vièj é mati	Mémoua
A	XI	22	<i>S. Vinsan, diak é mati</i>	
b	X	23		
c	IX	24	S. Fransoua d-Sal, évèk é doktè Égliz la	Mémoua
d	VIII	25	KONVÈSION S. PÒL, APOT	Fèt
e	VII	26	Ss. Timoté épi Tit, évèk	Mémoua
f	VI	27	<i>S. Anjèl Mérisi, vièj</i>	
g	V	28	S. Toma d-Akin, prèt é doktè Égliz la	Mémoua
A	IV	29		
b	III	30		
c	Prid.	31	S. Jan Bosko, prèt	Mémoua
			Dimanch apré jou 6 janvié : BATÈM GRAMMÈT LA	Fèt

Koté yo transféré solanité Épifani-an nan dimanch ki tonbé jou 7 oubyin 8 janvié, yo sélébré fèt Batèm Grammèt la nan lindi ki suiv la.

* Lè yo pa indiké dégré sélébrasion-an, yo gin doua fè Mémoua-a si yo vlé.

FÉVRIYÉ

d	Cal.	1		
e	IV	2	PRÉZANTASION GRANMÈT LA	Fèt
f	III	3	<i>S. Blèz, évèk é mati</i> <i>S. Ansgèr, évèk</i>	
g	Prid.	4		
A	Non.	5	S. Agat, vièj é mati	Mémoua
b	VIII	6	Ss. Pòl Miki ak konpagnon-l yo, mati	Mémoua
c	VII	7		
d	VI	8	<i>S. Jéròm Émilyin</i> <i>S. Jozéfin Bakita, vièj</i>	
e	V	9		
f	IV	10	S. Skolastik, vièj	Mémoua
g	III	11	<i>T. S. Vièj Mari de Lourd</i>	
A	Prid.	12		
b	Idib.	13		
c	XVI	14	Ss. Siril, mouàn, ak Métòd, évèk	Mémoua
d	XV	15		
e	XIV	16		
f	XIII	17	<i>Ss. Sèt Fondatè Òd Sèvitè T. S. Vièj Mari</i>	
g	XII	18		
A	XI	19		
b	X	20		
c	IX	21	<i>S. Piè Damyin, évèk é doktè Égliz la</i>	
d	VIII	22	TRÒN ANSÈGNMAN S. PIÈ, APOT	Fèt
e	VII	23	S. Polikarp, évèk é mati	Mémoua
f	VI*	24		
g	V	25		
A	IV	26		
b	III	27	<i>S. Grégoua de Narèk, abé é doktè Égliz la</i>	
c	Prid.	28		

* Nan ané bisèkstil la, moua févriyé-a gin 29 jou, épi yo di dé fous (bis) szièm Kaland moua mas la (sexto Calendas martii), sètadi jou 24 ak 25. Sélébrasion yo minm pa chanjé plas, min yo fè yo nan jou koté yo indiké nan Kalandriyé-a.

MARS

d	Cal.	1		
e	VI	2		
f	V	3		
g	IV	4	<i>S. Kazimir</i>	
A	III	5		
b	Prid.	6		
c	Non.	7	Ss. Pèrpétu ak Félisité, mati	Mémoua
d	VIII	8	<i>S. Jan de Dié, rélijé</i>	
e	VII	9	<i>S. Fransouaz Romèn, rélijéjé</i>	
f	VI	10		
g	V	11		
A	IV	12		
b	III	13		
c	Prid.	14		
d	Idib.	15		
e	XVII	16		
f	XVI	17	<i>S. Patris, évèk</i>	
g	XV	18	<i>S. Siril Jérusalèm, évèk é doktè Egliz la</i>	
A	XIV	19	S. JOZÈF, ÉPOU LA T. S. V. MARI	Solanité
b	XIII	20		
c	XII	21		
d	XI	22		
e	X	23	<i>S. Turib de Mongrovejo, évèk</i>	
f	IX	24		
g	VIII	25	ANONSIASION GRANMÈT LA	Solanité
A	VII	26		
b	VI	27		
c	V	28		
d	IV	29		
e	III	30		
f	Prid.	31		

AVRIL

g	Cal.	1		
A	IV	2	<i>S. Fransoua de Paola, èrmit</i>	
b	III	3		
c	Prid.	4	<i>S. Izidòr, évèk é doktè Égliz la</i>	
d	Non.	5	<i>S. Vinsan Férié, prèt</i>	
e	VIII	6		
f	VII	7	<i>S. Jan Batis de la Sal, prèt</i>	Mémoua
g	VI	8		
A	V	9		
b	IV	10		
c	III	11	<i>S. Stanislas, évèk épi mati</i>	Mémoua
d	Prid.	12		
e	Idib.	13	<i>S. Martin I, pap é mati</i>	
f	XVIII	14		
g	XVII	15		
A	XVI	16		
b	XV	17		
c	XIV	18		
d	XIII	19		
e	XII	20		
f	XI	21	<i>S. Ansèlm, évèk é doktè Égliz la</i>	
g	X	22		
A	IX	23	<i>S. Jòrj, mati</i> <i>S. Adalbèr, évèk é mati</i>	
b	VIII	24	<i>S. Fidèl de Sigmaringén, prèt é mati</i>	
c	VII	25	<i>S. MARK, ÉVANJÉLIS</i>	Fèt
d	VI	26		
e	V	27		
f	IV	28	<i>S. Piè Chanèl, prèt é mati</i> <i>S. Loui Mari Grignon de Monfòr, prèt</i>	
g	III	29	<i>S. Katrîn de Sièn, vièj</i>	Mémoua
A	Prid.	30	<i>S. Pi V, pap</i>	

MÉ

b	Cal.	1	<i>S. Jozèf Travayè</i>	
c	VI	2	<i>S. Atanaz, évèk é doktè Égliz la</i>	Mémoua
d	V	3	<i>Ss. FILIP ÉPI JAK, APOT</i>	Fèt
e	IV	4		
f	III	5		
g	Prid.	6		
A	Non.	7		
b	VIII	8		
c	VII	9		
d	VI	10	<i>S. Jan de Avila, prèt é doktè Égliz la</i>	
e	V	11		
f	IV	12	<i>Ss. Néré épi Achil, mati</i> <i>S. Pankras, mati</i>	
g	III	13	<i>T. S. Vièj Mari de Fatima</i>	
A	Prid.	14	<i>S. MATIAS, APOT</i>	Fèt
b	Idib.	15		
c	XVII	16		
d	XVI	17		
e	XV	18	<i>S. Jan I, pap épi mati</i>	
f	XIV	19		
g	XIII	20	<i>S. Bèrnardin de Sièn, prèt</i>	
A	XII	21	<i>Ss. Kristòf Magalan, prèt ak konpagnon-l yo, mati</i>	
b	XI	22	<i>S. Rita de Kasia, rêliljiéz</i>	
c	X	23		
d	IX	24		
e	VIII	25	<i>S. Bèd Vénétab la, prèt é doktè Égliz la</i> <i>S. Grégoua VII, pap</i> <i>S. Mari Madlèn de Pazi, vièj</i>	
f	VII	26	<i>S. Filip Néri, prèt</i>	Mémoua
g	VI	27	<i>S. Ogustin de Kantorbèri, évèk</i>	
A	V	28		
b	IV	29	<i>S. Pòl VI, pap</i>	
c	III	30		
d	Prid.	31	<i>VIZITASION T. S. VIÈJ MARI</i>	Fèt
			<i>Lindi apré Pannkot : S. Mari, manman Égliz la</i>	Mémoua
			<i>Prémié dimanch apré Pannkot : TRÈ SINT TRINITÉ</i>	Solanité
			<i>Jédi apré T. S. Trinité : TRÈ SIN KÒ AK SAN JÉZU</i>	Solanité

JUN

e	Cal.	1	S. Justin	Mémoua
f	IV	2	<i>Ss. Marslin ak Piè, mati</i>	
g	III	3	Ss. Charl Lwanga ak konpagnon-l yo, mati	Mémoua
A	Prid.	4		
b	Non.	5	S. Bonifas, évèk é mati	Mémoua
c	VIII	6	<i>S. Nòrbèr, évèk</i>	
d	VII	7		
e	VI	8		
f	V	9	<i>S. Éfrèm, diak é doktè Égliz la</i>	
g	IV	10		
A	III	11	S. Barnabé, apot	Mémoua
b	Prid.	12		
c	Idib.	13	S. Antouàn de Padou, prèt é doktè Égliz la	Mémoua
d	XVIII	14		
e	XVII	15		
f	XVI	16		
g	XV	17		
A	XIV	18		
b	XIII	19	<i>S. Romuald, abé</i>	
c	XII	20		
d	XI	21	S. Loui de Gonzag, rélijjié	Mémoua
e	X	22	<i>S. Polin de Nòl, évèk</i> <i>Ss. Jan Fichèr, évèk, ak Toma Mòr, mati</i>	
f	IX	23		
g	VIII	24	NÉSANS S. JAN BATIS	Solanité
A	VII	25		
b	VI	26		
c	V	27	<i>S. Siril Aléksandri, évèk é doktè Égliz la</i>	
d	IV	28	S. Iréné, évèk é mati	Mémoua
e	III	29	Ss. PIÈ AK PÒL, APOT	Solanité
f	Prid.	30	<i>Ss. Prémié mati Sint Égliz Ròmèn nan</i>	
			Vandrédi apré dézièm dimanch apré Pantkot :	
			TRÈ SAKRÉ KÈ JÉZU	Solanité
			Samdi apré dézièm dimanch apré Pantkot :	
			Kè Imakilé T. S. Vièj Mari	Mémoua

JUIYÈ

g	Cal.	1		
A	VI	2		
b	V	3	S. TOMA, APOT	Fèt
c	IV	4	<i>S. Elizabèt de Pòrtugal</i>	
d	III	5	<i>S. Antouàn Mari Zakari, prèt</i>	
e	Prid.	6	<i>S. Mari Goreti, vièj é mati</i>	
f	Non.	7		
g	VIII	8		
A	VII	9	<i>Ss. Ogustin Zao Rong, prèt, ak konpagnon-l yo, mati</i>	
b	VI	10		
c	V	11	S. Benoua, abé	Mémoua
d	IV	12		
e	III	13	<i>S. Anri</i>	
f	Prid.	14	<i>S. Kamiy de Lélis, prèt</i>	
g	Idib.	15	S. Bonavantur, évèk é doktè Égliz la	Mémoua
A	XVII	16	<i>T. S. Vièj Mari du Mon Karmèl</i>	
b	XVI	17		
c	XV	18		
d	XIV	19		
e	XIII	20	<i>S. Apolinèr, évèk é mati</i>	
f	XII	21	<i>S. Loran de Brindisi, prèt é doktè Égliz la</i>	
g	XI	22	S. MARI MADLÈN	Fèt
A	X	23	<i>S. Brijit, rélijyé</i>	
b	IX	24	<i>S. Charbèl Maklouf, prèt</i>	
c	VIII	25	S. JAK, APOT	Fèt
d	VII	26	<i>Ss. Joachin ak Àn, paran T. S. V. Mari</i>	Mémoua
e	VI	27		
f	V	28		
g	IV	29	S. Mart, Mari ak s. Lazar	Mémoua
A	III	30	<i>S. Piè Krizològ, évèk é doktè Égliz la</i>	
b	Prid.	31	S. Ignas de Loyola, prèt	Mémoua

OUT

c	Cal.	1	S. Alfons Mari de Ligori, évèk é doktè Égliz la	Mémoua
d	IV	2	<i>S. Euzèb de Vèrsèl, évèk</i> <i>S. Piè Julyin Éymar, prèt</i>	
e	III	3		
f	Prid.	4	S. Jan Mari Viané, prèt	Mémoua
g	Non.	5	<i>Dédikas bazilik S. Mari majè</i>	
A	VIII	6	TRANSFIGIRASION GRANMÈT LA	Fèt
b	VII	7	<i>Ss. Sikst II, pap, ak konpagnon-l yo, mati</i> <i>S. Gaétan, prèt</i>	
c	VI	8	S. Dominik, prèt	Mémoua
d	V	9	<i>S. Térèz Bénédikt de la Koua, vièj é mati</i>	
e	IV	10	S. LORAN, DIAK É MATI	Fèt
f	III	11	S. Klè, vièj	Mémoua
g	Prid.	12	<i>S. Jàn Fransouaz de Chantal, rélijijé</i>	
A	Idib.	13	<i>Ss. Ponsyin, pap, ak Ipolit, prèt, mati</i>	
b	XIX	14	S. Maksimilyin Mari Kolbé, prèt é mati	Mémoua
c	XVIII	15	ASONPSION LA TRÈ SINT VIÈJ MARI	Solanité
d	XVII	16	<i>S. Ètièn de Ongri</i>	
e	XVI	17		
f	XV	18		
g	XIV	19	<i>S. Jan Eud, prèt</i>	
A	XIII	20	S. Bènar, abé é doktè Égliz la	Mémoua
b	XII	21	S. Pi X, pap	Mémoua
c	XI	22	T. S. Vièj Mari Rèn	Mémoua
d	X	23	<i>S. Roz de Lima, vièj</i>	
e	IX	24	S. BARTOLOMÉ, APOT	Fèt
f	VIII	25	<i>S. Loui</i> <i>S. Jozèf de Kalasanz, prèt</i>	
g	VII	26		
A	VI	27	S. Monik	Mémoua
b	V	28	S. Ogustin, évèk é doktè Égliz la	Mémoua
c	IV	29	Soufrans S. Jan Batis, mati	Mémoua
d	III	30		
e	Prid.	31		

SÉPTANM

f	Cal.	1		
g	IV	2		
A	III	3	S. Grégoua legran, pap é doktè Égliz la	Mémoua
b	Prid.	4		
c	Non.	5		
d	VIII	6		
e	VII	7		
f	VI	8	NÉSANS LA T. S. VIÈJ MARI	Fèt
g	V	9	<i>S. Piè Klavèr, prèt</i>	
A	IV	10		
b	III	11		
c	Prid.	12	<i>Trè Sin Non Mari</i>	
d	Idib.	13	S. Jan Krizostòm, évèk é doktè Égliz la	Mémoua
e	XVIII	14	ÉGZALTASION SINT KOUA-A	Fèt
f	XVII	15	T. S. Vièj Mari k-ap soufri	Mémoua
g	XVI	16	Ss. Kòrnèy, pap, ak Sipriyin, évèk, mati	Mémoua
A	XV	17	<i>S. Robèr Bélarmin, évèk é doktè Égliz la</i> <i>S. Ildegard de Bingen, vièj é doktè Égliz la</i>	
b	XIV	18		
c	XIII	19	<i>S. Janvié, évèk é mati</i>	
d	XII	20	Ss. André Kim Taégon, prèt, Pòl Chong A-Sang ak konpagnon yo, mati	Mémoua
e	XI	21	S. MATIÉ, APOT ÉPI ÉVANJÉLIS	Fèt
f	X	22		
g	IX	23	<i>S. Pio de Pietrelcina, prèt</i>	
A	VIII	24		
b	VII	25		
c	VI	26	<i>Ss. Kòm ak Damyin, mati</i>	
d	V	27	S. Vinsan de Pòl, prèt	Mémoua
e	IV	28	<i>S. Vinseslas, mati</i> <i>Ss. Lorán Ruiz ak konpagnon-l yo, mati</i>	
f	III	29	Ss. MICHÈL, GABRIÈL ÉPI RAFAÈL, ARKANJ	Fèt
g	Prid.	30	S. Jéròm, prèt é doktè Égliz la	Mémoua

OKTÒB

A	Cal.	1	S. Tèrèz de lanfan Jézu, vièj	Mémoua
b	VI	2	Ss. Anj Gadyin yo	Mémoua
c	V	3		
d	IV	4	S. Fransoua d-Asiz	Mémoua
e	III	5	S. <i>Mari Fostîn (Éléna) Kowalska</i> , vièj	
f	Prid.	6	S. <i>Bruno</i> , prèt	
g	Non.	7	T. S. Vièj Mari du Rozèr	Mémoua
A	VIII	8		
b	VII	9	Ss. <i>Déni</i> , évèk, <i>ak konpagnon-l yo</i> , <i>mati</i> S. <i>Jan Léonardi</i> , prèt	
c	VI	10		
d	V	11	S. <i>Jan XXIII</i> , pap	
e	IV	12		
f	III	13		
g	Prid.	14	S. <i>Kaliks I</i> , pap é mati	
A	Idib.	15	S. Tèrèz de Jézu, vièj é doktè Égliz la	Mémoua
b	XVII	16	S. <i>Édouij</i> , rélijijé S. <i>Margerit Mari Alakòk</i> , vièj	
c	XVI	17	S. <i>Ignas d-Antiòch</i> , évèk é mati	Mémoua
d	XV	18	S. LUK, ÉVANJÉLIS	Fèt
e	XIV	19	Ss. <i>Jan de Brébeuf ak Izaak Jòg</i> , prèt, <i>ak</i> <i>konpagnon yo</i> , <i>mati</i> S. <i>Pòl de la Koua</i> , prèt	
f	XIII	20		
g	XII	21		
A	XI	22	S. <i>Jan Pòl II</i> , pap	
b	X	23	S. <i>Jan de Kapéstran</i> , prèt	
c	IX	24	S. <i>Antouàn Mari Klarèt</i> , évèk	
d	VIII	25		
e	VII	26		
f	VI	27		
g	V	28	S. SIMON AK JUD, APOT	Fèt
A	IV	29		
b	III	30		
c	Prid.	31		

NOVANM

d	Cal.	1	TOUT SIN YO	Solanité
e	IV	2	SOUVNI TOUT FIDÈL DÉFIN YO	
f	III	3	<i>S. Martin de Porès, rélijié</i>	
g	Prid.	4	S. Charl Boromé, évèk	Mémoua
A	Non.	5		
b	VIII	6		
c	VII	7		
d	VI	8		
e	V	9	DÉDIKAS BAZILIK LATRAN-AN	Fèt
f	IV	10	S. Léon legran, pap é doktè Égliz la	Mémoua
g	III	11	S. Martin de Tour, évèk	Mémoua
A	Prid.	12	S. Jozafat, évèk é mati	Mémoua
b	Idib.	13		
c	XVIII	14		
d	XVII	15	<i>S. Albèr legran, évèk é doktè Égliz la</i>	
e	XVI	16	<i>S. Margerit d-Ékòs</i> <i>S. Jèrtrud, vièj</i>	
f	XV	17	S. Élizabèt de Ongri, rélijiéz	Mémoua
g	XIV	18	<i>Dédikas bazilik Ss. Piè ak Pòl, apot</i>	
A	XIII	19		
b	XII	20		
c	XI	21	Prézantasion T. S. Vièj Mari	Mémoua
d	X	22	S. Sésil, vièj é mati	Mémoua
e	IX	23	<i>S. Kléman I, pap é mati</i> <i>S. Kolonban, abé</i>	
f	VIII	24	Ss. André Dung Lak, prèt, ak konpagnon-l yo, mati	Mémoua
g	VII	25	<i>S. Katrîn d-Aléksandri, vièj é mati</i>	
A	VI	26		
b	V	27		
c	IV	28		
d	III	29		
e	Prid.	30	S. ANDRÉ, APOT	Fèt

Dènié dimanch « òdinè » :

GRANMÈT NOU JÉZU-KRI ROUA TOUT INIVÈ-A

Solanité

DÉSANM

f	Cal.	1		
g	IV	2		
A	III	3	S. Fransoua Gzavié, prèt	Mémoua
b	Prid.	4	S. Jan Damasèn, prèt é doktè Égliz la	
c	Non.	5		
d	VIII	6	S. Nikola, évèk	
e	VII	7	S. Anbrouaz, évèk é doktè Égliz la	Mémoua
f	VI	8	IMAKILÉ KONSÉPSION TRÈ SINT VIÈJ MARI	Solanité
g	V	9	S. Jan Diégo Kouaoutlatoatzîn	
A	IV	10	S. Vièj Mari de Lorèt	
b	III	11	S. Damaz I, pap	
c	Prid.	12	S. Vièj Mari de Gouadaloupé	
d	Idib.	13	S. Lusi, vièj é mati	Mémoua
e	XIX	14	S. Jan de la Koua, prèt é doktè Égliz la	Mémoua
f	XVIII	15		
g	XVII	16		
A	XVI	17		
b	XV	18		
c	XIV	19		
d	XIII	20		
e	XII	21	S. Piè Kanisius, prèt é doktè Égliz la	
f	XI	22		
g	X	23	S. Jan de Kenti, prèt	
A	IX	24		
b	VIII	25	NÉSANS GRANMÈT LA	Solanité
c	VII	26	S. ÉTIÈN, PRÉMIÉ MATI	Fèt
d	VI	27	S. JAN, APOT É ÉVANJÉLIS	Fèt
e	V	28	SS. INOSAN YO, MATI	Fèt
f	IV	29	S. Toma Békèt, évèk é mati	
g	III	30		
A	Prid.	31	S. Silvès I, pap	

Dimanch anndan oktav Nésans Granmèt la, oubyin, si pa ginyin, jou 30 désanm nan :

SINT FANMI JÉZU, MARI AK JOZÈF

Fèt

PRÒP POU TAN-AN

DIMANCH PAK NAN RÉZIRÉKSION GRANMÈT LA

Tan Pak la kòmansé

Pou Ofis léktu-a

Véyé Pak la pran plas Ofis léktu-a: konsa moun ki pa patisipé nan Vijil solanèl Pak la, y-a li omouin kat léktu sot ladan-l, avèk kantik yo ak priyè yo. Li t-a bon pou yo pran sa yo prezanté isit la.

Ofis sa-a kòmansé dirèktéman nan léktu yo.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Égzòd

14, 15 — 15, 1

Pitit Israèl yo antré nan mitan lanmè-a ki sèk la

Nan jou sa yo : ^{14,15} Granmèt la té di Moyiz : « Pouki sa ou-ap rélé koté-m nan ? Palé ak pitit Israèl yo pou yo pati. ¹⁶ Ou minm lévé bagèt ou-a, lonjé min-ou sou lanmè-a, fann li dé bò, pou pitit Israèl yo maché nan mitan lanmè-a koté ki sèk. ¹⁷ Mouin minm m-ap fè kè Éjipsyin yo vîn du pou yo rapousuiv nou ; m-ap tiré gloua nan Faraon ak nan tout lamé-l la ak nan chario li yo ak nan kavalié-l yo. ¹⁸ Éjipsyin yo ap konnin sé mouin minm Granmèt la, lè m-ap tiré gloua nan Faraon ak nan chario li yo ak nan kavalié-l yo ».

¹⁹ Anj Bondié-a ki t-ap maché dévan lamé Israèl la viré, l-al dèyè yo ; ansanm avèk li tou, kolòn nuaj la ki té dévan-an, li pati dèyè, ²⁰ li kanpé

ant lamé Éjipsyin yo ak lamé Israël yo ; nuaj la té noua, li kléré nuit la, atèl pouin pandan tout tan nan nuit la youn pa réyisi jouinn lòt.

²¹ Lè Moyiz lonjé min sou lanmè-a, Granmèt la fè lanmè-a tounin dèyè, avèk yon gro van cho, k-ap souflé tout nannuit la ; lanmè-a vîn sèk : dlo yo séparé. ²² Pitit Israël yo antré nan mitan lanmè sèk la ; dlo-a té tankou miray adouat yo avèk agòch yo. ²³ Éjipsyin yo ki t-ap rapousuiv yo-a, yo antré dèyè yo nan mitan lanmè-a, ni tout kavalié Faraon yo, ni chario li yo, ni choual li yo. ²⁴ Dévan-jou té kòmansé ap proché, Granmèt la gadé nan diréksion lamé Éjipsyin yo nan kolòn difé-a ak nuaj la, li touyé lamé yo ; ²⁵ li viré rou chario yo, yo tonbé nan bafon-an. Éjipsyin yo di : « An nou sovè kò nou dévan Israël ; paské Granmèt la ap batay pou yo kont nou ».

²⁶ Granmèt la di Moyiz : « Lonjé min-ou sou lanmè-a, pou dlo yo tounin sou Éjipsyin yo, sou kabouèt yo ak sou kavalié yo ». ²⁷ Lè Moyiz lonjé min kont lanmè-a, lanmè-a tounin nan premié koté li té yé-a, granmatin ; pandan Éjipsyin yo ap sovè kò yo, dlo yo vîn rankontré yo, Granmèt la roulé yo nan mitan lanm yo. ²⁸ Dlo yo tounin, yo kouvri chario yo ak tout choual lamé Faraon yo, ki té antré nan lanmè-a pou yo té rapousuiv yo-a ; pa gin youn minm ki chapé nan yo. ²⁹ Kanta pitit Israël yo minm, yo travèsé nan mitan lanmè sèk la, dlo yo té tankou yon miray pou yo adouat ak agòch.

³⁰ Jou sa-a Granmèt la libéré Israël sot nan min Éjipsyin yo. Yo ouè Éjipsyin yo ki mouri sou bò lanmè-a ³¹ avèk gran fòs min Granmèt la té déplouayé kont yo ; pèp la vîn krinn Granmèt la, yo vîn kouè nan Granmèt la ak nan Moyiz sèvitè-l.

^{15,1} Lè sa-a, Moyiz ak pitit Israël yo pran chanté kantik sa-a pou Granmèt la, yo di :

Réf. An nou chanté pou Granmèt la: sé ak gloua réyèlman li montré jan li gran. †

Kantik

Égz 15, 1-6. 17-18

- 1 An nou chanté pou Granmèt la : †
 sé ak gloua réyèlman li montré jan li gran : *
 † choual ak kavalié, li jété yo nan lanmè.
- 2 Fòs mouin ak rézistans mouin, sé Granmèt la, *
 li vîn tounin pou mouin sa-a ki sovè-m nan.
 Li minm sé Bondié-m, *
 m-ap fè louanj li ;
 Bondié papa-m nan, *
 m-ap lévé-l anlè !
- 3 Granmèt la tankou yon gason k-ap batay ; *
 Granmèt sé non-l sa !
- 4 Chario faraon ak lamé-l la *
 li jété yo nan lanmè-a.
 pi gran chèf li yo, *
 yo nouayé nan lanmè Rouj la.
- 5 Bafon-an kouvri yo, *
 yo désann nan bafon-an tankou ròch.
- 6 Min douat ou, Granmèt, fè mèvèy ak fòs, *
 min douat ou, Granmèt, frapé ènmi-an.
- 17 Ou-ap fè yo antré, ou-ap planté yo *
 sou mòn éritaj ou-a,
 kay ou-a ki solid la, †
 sa-ou fè-a, Granmèt, *
 sanktuè-a, Granmèt,
 sa min-ou té instalé fèm nan.
- 18 Granmèt la ap roua *
 pou tout tan san rété.

Réf. An nou chanté pou Granmèt la: sé ak gloua réyèlman li montré jan li gran. †

Priyè-a

Bondié, ki té dévoualé sans mirak ki té akonpli nan prémié tan yo gras a limiè nouvo téstaman-an, pou lanmè Rouj la té vîn tounin pòtré fontèn sakré-a, épi pou pèp ki libéré anba ésklavaj la, té montré sakréman pèp krétyin-an, fè nou favè, pou tout nasion yo, ki résévoua privilèj Israèl la gras a mérit lafoua-a, yo jouinn nouvo nésans nan patispasion Éspri-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

DÉZIÈM LÉKTU

Nan liv profèt Ézékièl

36, 16-28

M-ap vidé yon dlo pròp sou nou, m-ap ba nou yon kè tou nèf

¹⁶ Paròl Granmèt la rivé sou mouin, antan-l di-m : ¹⁷ « Pitit moun, kay Israèl la té abité nan péyi-l, yo té sal li nan chémin yo avèk mové panchan yo. ¹⁸ Mouin vidé kòlè-m sou yo pou san-an, sa yo té vidé sou tè-a, ak pou zidòl yo ki fè yo té sal li-a. ¹⁹ Mouin gayé yo nan nasion yo, yo simin nan péyi yo, sé dapré chémin yo ak mové aksion yo mouin jijé yo, ²⁰ yo antré nan nasion yo koté yo té alé-a, yo sal non-m ki sin-an, atèl pouin yo di sou yo : “Sé pèp Granmèt la sa, yo soti nan péyi-l la”. ²¹ Mouin ménajé non-m ki sin-an, sa kay Israèl la té sal la nan nasion yo koté yo té antré-a.

²² Sé poua, ou-a di kay Israèl la : Min paròl Granmèt Bondié-a : “Sé pa poutèt nou m-ap aji, kay Israèl, min sé poutèt non-m ki sin-an, sa nou té sal nan nasion yo koté nou té antré-a. ²³ M-ap fè rékonèt non-m sin, li minm ki sal nan pami nasion yo, li minm nou sal nan mitan yo-a, pou nasion yo konnin sé mouin minm Granmèt la, sé sa Granmèt lamé yo di, lè m-ap fè ouè kijan mouin sin nan mitan nou, dévan yo.

²⁴ M-ap pran nou sot nan nasion yo, m-ap rasanblé nou sot nan tout péyi yo, m-ap minnin nou nan péyi nou-an, ²⁵ m-ap vidé yon dlo pròp sou nou, n-ap nétouayé sot nan tou sa-k té sal nou, anba tout zidòl nou yo m-ap nétouayé nou.

²⁶ M-ap ba nou yon kè nouvo, m-ap mété yon éspri nouvo nan mitan nou, m-ap ouété kè ròch la sot nan chè nou, ²⁷ m-ap mété éspri-m nan mitan nou, m-ap fè nou maché nan lòd mouin yo, pou nou kinbé jijman-m yo, pou nou réalizé yo. ²⁸ N-ap abité nan tè-a, sa-m té bay papa nou yo, n-ap pèp mouin, m-ap Bondié nou” ».

Réf. Tankou yon sèrf anvì al nan sous dlo yo, konsa nanm mouin anvì al koté-ou, Bondié. †

Psòm 41 (42), 2-3. 5bcd; 42 (43), 3-4

- ² Tankou yon sèrf anvì al nan sous dlo yo, *
konsa nanm mouin anvì al koté-ou, Bondié.
- ³ † Nanm mouin souaf Bondié, Bondié vivan-an ; *
kilè m-apral parèt dévan fas Bondié ?
- ⁴ Sé dlo k-ap koulé sot nan jé-m ki té pin-m lajounin kon lannuit, *
pandan yo t-ap di-m chak jou : « Koté Bondié-ou la ? ».
- ^{5b} Paské mouin té konn travèsé al kot tant ki mérité yo kontanplé-l la, *
jous nan kay Bondié-a,
nan chanté fèt avèk louanj, *
fèt foul la k-ap fè louanj la.
- ^{42,3} Voyé limiè-ou la ak vérité-ou la ; *
pou yo kondui-m, pou yo minnin-m
sou mòn ou-a ki sin-an, ak nan tant ou-a.
- ⁴ M-ap antré kot lotèl Bondié-a, †

kot Bondié kè kontan chanté fèt mouin-an. *

M-ap fè déklarasion pou ou sou gita, Bondié, Bondié mouin.

Réf. Tankou yon sèrf anvi al nan sous dlo yo, konsa nanm mouin anvi al koté-ou, Bondié. †

Priyè-a

Bondié, pouvoua ki pa fébli, ak limiè ki la tout tan, voyé jé ak bon kè sou sakrèman tout Égliz la, épi travay sovè ou sovè moun nan, gras a dispozision ki la tout tan-an, réalizé-l avèk plis trankilité, konsa tout moun ap ékspérimanté épi y-ap ouè sa-k té tonbé yo drésé, sa-k té viéyi yo rénouvélé, épi pa pouvoua Kris la tout bagay rékòmansé vi-n san répròch ankò li minm koté yo jouinn prinsip yo-a. Li minm ki vivan é ki roua épi tout tan é pou tout tan.

TOUZIÈM LÉKTU

Nan Lèt sin Pòl apot pou Romin yo

6, 3-11

Antan Kris la lévé sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò

Frè yo: ³ Èské nou pa konnin nou tout ki batizé nan Kris Jézu, sé nan lanmò-l nou batizé? ⁴ Nou antéré réyèlman ansanm avèk li nan lanmò-a gras a batèm nan, pou minm jan Kris la résisitè sot nan pami mò yo gras a gloua Papa-a, konsa tou nou minm n-ap maché nan nouvo lavi-a.

⁵ Sèké si nou planté ansanm avèk li pou nou sanblé avèk li nan lanmò-l la, konsa tou n-ap ansanm avèk li nan réziréksion-l nan. ⁶ Nou konnin moun ansyin nou-an klouré sou koua-a ansanm avèk li, pou kò péché-a kapab détrui, pou nou pa sèvi péché-a ankò. ⁷ Sa-a ki mouri-a, li kòrèk parapò a péché-a.

⁸ Konsa si nou mouri ansanm avèk Kris la, nou kouè n-ap viv ansanm avèk Kris la tou, ⁹ antan nou konnin Kris la ki résisitè sot nan pami mò

yo, li pap mouri ankò, lanmò-a pap gin pouvoua sou li ankò. ¹⁰ Sa-k mouri aléga péché-a, li mouri yon foua pou tout ; sa k-ap viv la minm, sé pou Bondié l-ap viv. ¹¹ Sé konsa nou minm sé pou nou konsidéré nou mouri aléga péché-a, n-ap viv pou Bondié nan Kris Jézu Granmèt nou-an.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 117 (118), 1-2. 15c-16a. 17. 22-23

- ¹ Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
 poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ² Sé pou Israèl di sa koulié-a, poutèt li bon, *
 poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ^{15c} « Min douat Granmèt la fè mèvèy ! *
¹⁶ min douat Granmèt la lévé byin ro ».
- ¹⁷ Mouin pap mouri, min m-ap viv *
 épi m-ap rakonté travay Granmèt la.
- ²² Ròch la bòs mason yo té réjité-a, *
 sé li minm ki vîn tounin mitan kouin anlè-a ;
- ²³ sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt, *
 sé yon bagay ékstraòdinè nan jé nou.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

KATRIYÈM LÉKTU

Léktu sint Évanjil la dapré Matié

28, 1-10

Li té résisité sot nan pami mò yo, li pran dévan nou nan Galilé

¹ Nan asouè apré saba-a, nan klèté premié jou sémèn nan, Mari Madlèn ak lòt Mari-a vîn gadé kavo-a. ² Vîn gin yon gran tranbléman-tè.

Anj Granmèt la désann sot nan sièl la, li rivé, li roulé ròch la, li chita sou li. ³ Aparans li té tankou zèklè, rad li té blan tankou lanèj. ⁴ Gad yo tèlman sézi dévan-l, yo tranblé, yo vîn tankou moun mouri.

⁵ Anj la minm pran laparòl, li di médam yo : « Pa pè, nou minm ; mouin konnin sé Jézu ki té klouré sou koua-a n-ap chèché. ⁶ Li pa isit la ; li résisité réyèlman jan-l té di-a. Vini, n-a ouè plas koté yo té dépozé Granmèt la ; ⁷ épi pati byin vit al di disip li yo : ?Li résisité sot pami mò yo, min li pran dévan nou nan Galilé ; sé la n-a ouè-l?. Min mouin avèti nou ».

⁸ Yo minm yo pati byin vit sot nan kavo-a, ak sézisman ak gran kè kontan, y-al pot nouvèl bay disip li yo.

⁹ Min Jézu vîn rankontré yo, li di : « Salu ». Yo minm yo proché, yo kinbé pié-l, yo adoré-l. ¹⁰ Lè sa-a atò, Jézu di yo : « Pa pè ; alé, anonsé frè-m yo, pou y-al nan Galilé, sé la y-a ouè-m ».

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a

Bondié, ki louvri pòt lavi tout tan-an pou nou jodi-a, gras a Sèl Pitit ou-a ki ranpòté viktoua sou lanmò-a, fè nou favè, tanpri, nou minm k-ap fété gran fèt rézirkéksion Granmèt la, pou nou résisité nan limiè lavi-a gras a Éspri-ou la ki réfè nou tou nèf la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Jodi-a, yo toujou di Invitatoua-a anvan Louanj yo nan matin.

Réf. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, *Auróra lucis rútilat.*

Dévanjou-a kléré ak limiè,
Sièl la ap tranblé avèk louanj,
tè-a ap fété ak rèl kontantman,
bafon anba-a ap jémi ak rèl doulè.

Lè roua sa-a ki vanyan anpil la
krazé fòs lanmò yo,
li foulé bafon-an anba pié-l,
li défèt chinn maléré yo.

Yo té fèmin-l ak yon grò ròch,
sòlda-a té vif pou-l véyé-l;
li minm l-ap avansé ak foul li nan gran bèlté,
li gin viktoua, li lévé sot nan lanmò-a.

Rèl ak doulè bafon-an,
yo déja détrui nèt,
sèké Granmèt la té résisité,
anj ki kléré-a déklaré sa.

Jézu, sé pou kè kontan pak la
rété tout tan pou nanm nou;
nou minm ou réfè ak lagras la,
fè nou antré nan foul viktoua-ou la.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou ki ranpòté viktoua sou lanmò-a,
avèk Papa-a ak Éspri rékonfò-a,
nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Kris la té résisité épi li té kléré pèp li-a, sa-l té rachté ak san-l nan, alélouya.

Psòm 62 (63), 2-9

- ² Bondié, sé Bondié-m ou yé, *
 sé koté-ou m-ap véyé dépi granmatin.
 Nanm mouin souaf ou, *
 chè mouin anvi-ou.
 Nan tè dézè-a, ki sèk la, ki san dlo-a, †
- ³ sé konsa mouin té parèt dévan-ou nan tanp la, *
 pou-m ouè puisans ou ak gloua ou.
- ⁴ Sèké mizérikòd ou pi bon passé lavi yo, *
 po-bouch mouin yo ap fè louanj ou.
- ⁵ Konsa m-ap béni-ou nan lavi-m, *
 o non-ou m-ap lévé min-m yo.
- ⁶ Tankou ak viann ak bon manjé gra nanm mouin plin, *
 ak paròl fèt bouch mouin ap fè louanj ou.
- ⁷ Lè m-ap sonjé-ou sou kabann mouin, *
 granmatin m-ap médité sou ou,
- ⁸ Paské ou té poté-m sékou, *
 anba voual zèl ou m-ap fété.
- ⁹ Nanm mouin té kolé apré-ou, *
 min douat ou té soutni-m.

Réf. 1 Kris la té résisité épi li té kléré pèp li-a, sa-l té rachté ak san-l nan, alélouya.

Réf. 2 Rédanmtè nou-an té résisité sot nan kavo-a: an nou di yon inn pou Granmèt la Bondié nou-an, alélouya.

Kantik

Dan 3, 57-88. 56

- 57 Béni Granmèt la, tout travay Granmèt la, *
fè louanj li, lévé-l anlè dépasé sa-k anro nan sièk yo.
- 58 Béni Granmèt la, sièl yo, *
59 béni Granmèt la, anj Granmèt la.
- 60 Béni Granmèt la, tout dlo yo ki anlè sièl yo, *
61 béni Granmèt la, tout pouvoua Granmèt la.
- 62 Béni Granmèt la, solèy ak lalîn nan, *
63 béni Granmèt la, zétoual sièl la.
- 64 Béni Granmèt la, tout lapli ak larouzé, *
65 béni Granmèt la, tout van k-ap souflé yo.
- 66 Béni Granmèt la, difé ak chalè, *
67 béni Granmèt la, frédi ak chalè.
- 68 Béni Granmèt la, larouzé ak farinaj glasé, *
69 béni Granmèt la, grèl ak frédi.
- 70 Béni Granmèt la, glas ak lanèj, *
71 béni Granmèt la, nuit yo ak jou yo.
- 72 Béni Granmèt la, limiè ak fènoua yo, *
73 béni Granmèt la, zéklè avèk nuaj.
- 74 Sé pou tè-a béni Granmèt la, *
fè louanj li, lévé-l anlè dépasé sa-k anro nan sièk yo.
- 75 Béni Granmèt la, mòn yo ak ti rotè yo, *
76 béni Granmèt la, tout plant sou tè-a.
- 77 Béni Granmèt la, lanmè yo ak riviè yo, *
78 béni Granmèt la, sous yo.
- 79 Béni Granmèt la, balèn
ak tou sa ki an mouvman nan dlo yo, *
80 béni Granmèt la, tout zouazo sièl yo.

- 81 Béni Granmèt la, tout bèt boua ak bèt gadinaj, *
 82 béni Granmèt la, pitit moun yo.
 83 Sé pou Israèl béni Granmèt la, *
 fè louanj li, lévé-l anlè dépasé sa-k anro nan sièk yo.
 84 Béni Granmèt la, prèt Granmèt yo, *
 85 béni Granmèt la, sèvitè Granmèt yo.
 86 Béni Granmèt la, éspri ak nanm ki kòrèk yo, *
 87 béni Granmèt la, sin yo ak sa ki pòv nan kè yo.
 88 Béni Granmèt la, Ananias, Azarias, Misaèl, *
 fè louanj li, lévé-l anlè dépasé sa-k anro nan sièk yo.
 An nou béni Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an ; *
 an nou fè louanj li, an nou lévé-l anlè
 dépasé sa-k anro nan sièk yo.
 56 Ou béni nan platfòm sièl la, *
 ou mérité louanj, ou mérité gloua nan sièk yo.

Alafin kantik sa-a yo pa di Viv Papa-a.

Réf. 2 Rédanmèt nou-an té résisité sot nan kavo-a: an nou di yon imn pou Granmèt la Bondié nou-an, alélouya.

Réf. 3 Alélouya, Granmèt la té résisité jan-l té di nou-an, alélouya.

Psòm 149

- 1 Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo ; *
 louanj li nan asanblé sin yo.
 2 Sé pou Israèl kontan nan sa-a ki fè-l la, *
 sé pou pitit Siyon yo fété pou roua li-a.
 3 Sé pou yo fè louanj pou non-l avèk dans, *
 sou tanbou ak gita sé pou yo chanté pou li,

- 4 paské Granmèt la jouinn plézi nan pèp li-a, *
- l-ap fè pòv yo jouinn konsidèrasion nan sovè li sovè yo-a.
- 5 Sé pou sin yo pousé rèl fèt nan gloua-a, *
- sé pou yo kontan sou kabann yo.
- 6 Louanj Bondié yo nan gòj yo, *
- épé ki filé dé bò-a nan min yo,
- 7 pou yo tiré vanjans sou nasion yo, *
- pou yo réglé pèp yo,
- 8 pou yo maré roua yo ak chinn, *
- gran pèsonaj yo ak ménòt fè,
- 9 pou yo égzékité jijman ki ékri-a sou yo-a : *
- gloua sa-a pou tout sin-l yo.

Réf. 3 Alélouya, Granmèt la té résisité jan-l té di nou-an, alélouya.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 10, 40-43

Bondié té résisité Jézu touazièm jou-a, li fè-l parèt, non pa dévan tout pèp la, min dévan témouin yo Bondié té chouazi davans yo, nou minm, ki té manjé, ki té bouè avèk li, apré-l té ffin résisité sot nan pami mò yo; li té pasé nou lòd pou nou préché pèp la, pou nou sèvi témouin sé li minm Bondié mété kòm jij moun ki vivan yo ak moun ki mouri yo. Tout profèt yo sèvi bagay sa-a témouin tout moun ap résévoua padon péché yo nan non-l, sa yo ki kouè nan li-a.

Nan plas répons la, yo di :

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou *Benedictus* la, réf. : Granmatin, prémié jou sémèn nan, yo rivé nan kavo-a, solèy la té déjà lèvé, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, ki fè lavi-a, li minm Bondié té résisité-a épi k-ap résisité nou gras a pouvoua li-a, an nou priyé-l antan n-ap di byin fò :

Ou minm Kris la ki lavi nou, sové nou.

Ou minm Kris la, limiè byin kléré k-ap briyé nan fènoua yo, chèf lavi-a, ou minm ki sanktifié moun ki kapab mouri yo,

— fè nou pasé jounin sa-a ap fè louanj ou.

Granmèt, ou minm ki pasé nan chémin soufrans la ak lakoua-a,

— pèmèt nou, pou antan n-ap soufri épi mouri avèk ou, nou résisité tou ansanm avèk ou.

Pitit Papa-a, mèt nou ak frè nou, ou minm ki fè nou vîn tounin yon rouayòm ak prèt pou Bondié nou-an,

— fè nou ofri-ou sakrifis louanj nan kè kontan.

Roua gloua-a, n-ap tann jou ékstraòdinè-a lè ou-ap parèt la,

— pou nou ouè fas ou, pou nou vîn minm jan avèk ou.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki louvri pòt lavi tout tan-an pou nou jodi-a, gras a Sèl Pitit ou-a ki ranpòté viktoua sou lanmò-a, fè nou favè, tanpri, nou minm k-ap fété gran fèt rézireksion Granmèt la, pou nou résisité nan limiè lavi-a gras a Éspri-ou la ki réfè nou tou nèf la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou voyé moun yo alé, yo di :

Alé ak kè kontan, alélouya, alélouya.

R/. Mèsi Bondié, alélouya, alélouya.

Pou Lè nan mitan-an

IMN, 62 - 64.

PSÒM YO

Réfrin

Pou Tièrs: Kris la té résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, alélouya.

Pou Sèkst: Yo rimmèt li poutèt fot nou yo, li té résisité pou nou vîn kòrèk, alélouya.

Pou Nòn: Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé sa-k anro yo pou nou chèché, alélouya.

Pou youn nan Lè sa yo, y-ap di psòm ki suiv la:

Psòm 117 (118)

I

- ¹ Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ² Sé pou Israèl di sa koulié-a, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ³ Sé pou kay Aaron-an di sa koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁴ Sé pou sa yo ki krinn Granmèt la di koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.

- 5 Nan tribilasion-an mouin té rélé Granmèt la, *
 Granmèt la té kouté-m antan li fè-m soti nan koté ki laj.
- 6 Granmèt la avèk mouin, *
 mouin pa pè sa yon moun kapab fè-m.
- 7 Granmèt la avèk mouin kòm sékou mouin, *
 mouin minm minm m-ap méprizé ènmi-m yo.
- 8 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
 pasé pou nou mét konfians nan moun.
- 9 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
 pasé pou nou mét konfians nan chèf.

II

- 10 Tout nasion yo antouré-m, *
 o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 11 Antan yo ansèklé-m byin ansèklé, *
 o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 12 Yo té ansèklé-m tankou mièl, †
 yo flanbé tankou difé nan pikan, *
 o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 13 Antan yo pousé-m byin pousé pou-m tonbé, *
 Granmèt la poté-m sékou.
- 14 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, *
 sé li minm ki sovè-m.
- 15 Voua fèt ak sovè nou sovè-a *
 nan tant moun ki kòrèk yo :
- 16 « Min douat Granmèt la fè mèvèy ! †
 min douat Granmèt la lévé-m byin ro ; *
 min douat Granmèt la fè mèvèy ! »
- 17 Mouin pap mouri, min m-ap viv *
 épi m-ap rakonté travay Granmèt la.

- 18 Antan Granmèt la té korijé-m byin korijé *
min li pa lagé-m nan lanmò.

III

- 19 Louvri pòt jistis yo pou mouin ; *
m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la.
- 20 Sa-a sé pòt Granmèt la ; *
moun ki kòrèk yo ap antré ladan-l.
- 21 M-ap fè déklarasion pou ou, paské ou kouté-m, *
ou vîn tounin pou mouin sa-a ki sovè-m nan.
- 22 Ròch la bòs mason yo té réjité-a, *
sé li minm ki vîn tounin mitan kouin anlè-a ;
- 23 sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt, *
sé yon bagay ékstraòdinè nan jé nou.
- 24 Sa-a sé jou Granmèt la fè-a : *
sé pou nou fété, sé pou nou kontan nan li.
- 25 Granmèt, o, sovè-m ; *
Granmèt, o, fè nou réyisi !
- 26 Li béni, sa-a k-ap vini o non Granmèt la. *
Nou béni nou sot nan kay Granmèt la.
- 27 Sé Bondié Granmèt la yé, l-ap kléré nou. *
Òganizé solanité-a nan ramo ki byin founi,
jous nan kòn otèl la.
- 28 Sé Bondié-m ou yé, m-ap fè déklarasion pou ou, *
Bondié mouin, m-ap lévé-ou anlè.
- 29 Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li-a pou tout tan.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Pou Tièrs

Réf. Kris la té résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, alélouya.

LÉKTU KOUT**Cf. 1 Kor 15, 3b-5**

Kris la mouri pou péché nou yo, dapré sa-k Ékri yo, yo antéré-l, li résisité sou touazièm jou-a, dapré sa-k Ékri yo, li parèt dévan Séfas, apré sa dévan Douz yo.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Yo rinnèt li poutèt fot nou yo, li té résisité pou nou vîn kòrèk, alélouya.

LÉKTU KOUT**Éféz 2, 4-6**

Bondié ki rich nan mizérikòd, poutèt gran charité-l la, sa-l té rinmin nou avèk li-a, malgré nou té mouri akòz péché yo, li té fè nou viv nan Kris la, — sé akòz gras la nou sové, — épi li té résisité nou avèk li, li té fè nou chita avèk li nan sièl yo nan Kris Jézu.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé sa-k anro yo pou nou chèché, alélouya.

LÉKTU KOUT**Rom 6, 4**

Nou antéré ansanm avèk li nan lanmò-a gras a batèm nan, pou minm jan Kris la résisité sot nan pami mò yo gras a gloua Papa-a, konsa tou nou minm n-ap maché nan nouvo lavi-a.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Priyè-a

Bondié, ki louvri pòt lavi tout tan-an pou nou jodi-a, gras a Sèl Pitit ou-a ki ranpòté viktoua sou lanmò-a, fè nou favè, tanpri, nou minm k-ap fété gran fèt réziriksyon Granmèt la, pou nou résisité nan limiè lavi-a gras a Éspri-ou la ki réfè nou tou nèf la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Vèp yo**IMN** (*Ad cenam Agni pròvidi*)

Nou fè provizion nan Soupé Mouton-an,
nou tou blan ak rad sovè nou sovè-a,
aprè pasaj lanmè Rouj la,
n-ap chanté pou Kris la, chèf la.

Antan nou gouté nan kò ki sin anpil la,
ki boulé sou lotèl koua-a,
ni nan san-l ki tou rouj la,
n-ap viv pou Bondié.

Nou protéjé nan asouè Pak la
 anba min anj la k-ap détrui-a,
 nou chapé anba pouvoua
 Faraon-an ki rèd la.

Pak nou-an déjà sé Kris la,
 Mouton inosan-an yo touyé-a;
 Azim sinsérité-a,
 ki té ofri pròp chè-l la.

Véritab osti ki kòrèk,
 gras a li bafon anba yo krazé,
 foul ki ésklav la rachté,
 yo rimmèt pri lavi-a.

Kris la lévé sot nan tonbo-a,
 li ranpòté viktoua, li tounin sot anba tè-a,
 li chasé tiran-an li anchinnin-l,
 épi li louvri paradi-a.

Sé pou-ou kè kontan Pak tout tan-an
 pou éspri nou, Jézu;
 épi nou minm ki réfèt ak gras la,
 asosié nou nan trionf ou-a.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
 ou kléré antan-ou ranpòté viktoua sou lanmò-a,
 ansanm avèk Papa-a ak Éspri rékonfò-a,
 nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Mari Madlèn ak lòt Mari-a té vini nan kavo-a pou yo égzaminé tonbo-a, alélouya.

Psòm 109 (110), 1-5. 7

- ¹ Granmèt la té di Granmèt mouin-an : *
 « Chita adouat mouin,
 joutan mouin pozé ènmi-ou yo *
 kòm éskabo pié-ou yo ».
- ² Baton pouvoua-ou, Granmèt la voyé-l sot nan Siyon : *
 kòmandé nan mitan ènmi-ou yo.
- ³ Pouvoua-a avèk ou nan jou fòs ou-a, †
 nan ékla limiè ki sin yo, *
 sot nan vant anvan granmatin mouin anfanté-ou.
- ⁴ Granmèt la fè sèman, li pap régrèt li : *
 « Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek ».
- ⁵ Granmèt la bò douat ou, *
 l-ap krazé roua yo nan jou kòlè-l la.
- [6]
- ⁷ L-ap bouè nan riviè-a nan chémin-an, *
 poutèt sa l-ap lévé tèt.

Réf. Mari Madlèn ak lòt Mari-a té vini nan kavou-a pou yo égzaminé tonbo-a, alélouya.

Réf. 2 Vini, gadé plas la koté yo té dépozé Granmèt la, alélouya.

Psòm 113 A (114)

- ¹ Lè Israèl t-ap kité Éjip la, *
 kay Jakòb la t-ap sot nan pèp étranjé-a,
- ² Juda vîn tounin tanp li, *
 Israèl vîn tounin propriété-l.
- ³ Lanmè-a té ouè sa, li ralé kò-l, *
 Jourdin-an tounin dèyè ;

- 4 mòn yo vòltijé tankou kabrit, *
ti rotè yo tankou pitit mouton.
- 5 Sa-ou ginyin, lanmè, pou-ou ap ralé kò-ou la ? *
Épi ou minm, Jourdin, pou-ou ap tounin dèyè-a ?
- 6 Mòn yo, pouki sa n-ap vòltijé tankou kabrit la, *
ti rotè yo, tankou pitit mouton-an ?
- 7 Dévan fas Granmèt la, tranblé, tè-a, *
dévan fas Bondié Jakòb la,
- 8 li minm ki fè ròch la vîn tounin létan dlo yo, *
épi ròch ki di-a sous dlo yo.

Réf. Vini, gadé plas la koté yo té déposé Granmèt la, alélouya.

Réf. 3 Jézu di : Pa pè; alé, anonsé frè-m yo pou y-al nan Galilé; sé la n-ap ouè-m, alélouya.

Kantik sa-a, yo di-l avèk Alélouya, jan sa indiké isit la, lè y-ap chanté-l; min si yo pa chanté-l, yo mèt di Alélouya-a sèlman nan kòmansman avèk finisman chak stròf.

Kantik

Cf. Ap 19, 1-2. 5-7

Alélouya.

- 1 Sové-a, gloua-a ak otorité-a sé pou Bondié nou-an, *
(R/. Alélouya.)
- 2 paské yo vré, yo kòrèk, jijman-l yo.
R/. Alélouya (alélouya).
- 5 Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo *
(R/. Alélouya.)
ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran !
R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

⁶ Paské li roua, Granmèt la,
Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. *

(R/. Alélouya.)

⁷ Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua.

R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

Paské nòs Mouton-an rivé, *

(R/. Alélouya.)

épi madanm li té préparé tèt li.

R/. Alélouya (alélouya).

Réf. Jézu di : Pa pè; alé, anonsé frè-m yo pou y-al nan Galilé; sé la n-ap ouè-m, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ébr 10, 12-14

Kris la ofri yon sèl sakrifis pou péché yo, pou tout tan *li té chita adouat Bondié*, antan l-ap tann apré sa, *joustan yo plasé ènmi-l yo kòm machéskalié pou pié-l*; avèk yon sèl ofrann réyèlman, li té fè moun yo ki vîn sin yo vîn kòrèk nèt pou tout tan.

Nan plas répons la, yo di :

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou *Magnificat* la, réf. : Lè asouè rivé, jou sa-a, premié jou sémèn nan, épi pòt yo té fèmin koté disip yo té rasanblé-a, Jézu té kanpé nan mitan épi li té di yo : Lapè pou nou, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, Granmèt la, li minm ki té mouri, li té résisité, li toujou ap plédé pou nou; an nou priyé-l avèk konfians :

Roua ki ranpòté viktoua-a, kouté nou.

Ou minm Kris la, limiè ak sovè tout nasion yo,

— vidé difé Éspri-ou la sou nou, nou minm k-ap déklaré rézireksion-ou nan.

Sé pou Israèl rékonèt Kris la, éspérans li-a, nan ou,

— pou tout tè-a vîn plin ak konésans gloua-ou la.

Konsèvé nou nan fè yon sèl avèk sin-ou yo,

— fè nou répozé avèk yo sot nan soufrans nou yo.

Ou minm ki ranpòté viktoua sou lanmò-a ki ènmi-an, krazé ènmi-ou nan, nan nou,

— pou nou viv pou ou ki ranpòté viktoua ki pap janm pasé-a.

Ou minm Kris la, sovè-a, ou minm ki obéyi jous ou mouri, ou minm yo lévé anlè adouat Papa-a,

— tanpri résévoua frè-ou yo nan rouayòm gloua-ou la.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki louvri pòt lavi tout tan-an pou nou jodi-a, gras a Sèl Pitit ou-a ki ranpòté viktoua sou lanmò-a, fè nou favè, tanpri, nou minm k-ap fété gran fèt rézireksion Granmèt la, pou nou résisité nan limiè lavi-a gras a Éspri-ou la ki réfè nou tou nèf la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou voyé moun yo alé, yo di:

V/. Alé ak kè kontan, alélouya, alélouya.

R/. Mèsi Bondié, alélouya, alélouya.

Tridiòm paskal la fini

Pandan oktav Pak la, chak jou yo di youn ou lòt nan Konpli dimanch yo, 983 oubyin 987.

Nan plas répons la, yo di:

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

TAN PAK

I. JOUS NAN ASANSION GRANMÈT LA

Pou Vèp yo

IMN (*Ad cenam Agni pròvidi*)

Nou fè provizion nan Soupé Mouton-an,
nou tou blan ak rad sovè nou sovè-a,
aprè pasaj lanmè Rouj la,
n-ap chanté pou Kris la, chèf la.

Antan nou gouté nan kò ki sin anpil la,
ki boulé sou lotèl koua-a,
ni nan san-l ki tou rouj la,
n-ap viv pou Bondié.

Nou protèjé nan asouè Pak la
anba min anj la k-ap détrui-a,
nou chapé anba pouvoua
Faraon-an ki rèd la.

Pak nou-an déjà sé Kris la,
Mouton inosan-an yo touyé-a;
Azim sinsérité-a,
ki té ofri pròp chè-l la.

Véritab osti ki kòrèk,
gras a li bafon anba yo krazé,
foul ki ésklav la rachté,
yo rinnèt pri lavi-a.

Kris la lèvé sot nan tonbo-a,
li ranpòté viktoua, li tounin sot anba tè-a,
li chasé tiran-an li anchinnin-l,
épi li louvri paradi-a.

Sé pou-ou kè kontan Pak tout tan-an
pou éspri nou, Jézu;
épi nou minm ki réfèt ak gras la,
asosié nou nan trionf ou-a.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou kléré antan-ou ranpòté viktoua sou lanmò-a,
ansanm avèk Papa-a ak Éspri rékonfò-a,
nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

Oubyin si yo vlé nan jou lasémèn apré oktav Pak la
(O rex aetérne, Dómine) :

Granmèt, roua pou tout tan
Pitit ki toujou avèk Papa-a,
sé dapré pòtré-ou la
ou té fè Adan ki moun nan.

Sa djab la té tronpé-a,
li minm ènmi ras moun nan,
sé fòm kò moun nan minm
ou té pran sot nan Vièj la.

Pou-ou té asosié nou avèk Bondié,
gras a zanmi ou fè ak nou nan kò-a,
ou t-ap ba nou padon nan batèm nan,
ou minm Rédanmtè-a.

Ou minm poutèt moun nan
ou té aksépté pran koua-a;

ou té bay san-ou
kòm pri pou sovè nou sovè-a.

Ou té résisité, antan-ou pran nan min Papa-a
gloua ou té mérité-a;
gras a ou minm n-ap résisité tou,
avèk tout kè nou, nou kouè sa.

Jézu, sé pou kè kontan pak la
reté tout tan pou nanm nou;
nou minm ou réfè ak lagras la,
fè nou antré nan foul viktoua-ou la.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou ki ranpôté viktoua sou lanmò-a,
avèk Papa-a ak Éspri rékonfò-a,
nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

Pandan jou anndan oktav Pak la pou voyé moun yo alé, yo di:

Alé ak kè kontan, alélouya, alélouya.

R/. Mèsi Bondié, alélouya, alélouya.

Pou Konpli

IMN (*Iesu, redemptor sæculi*)

Jézu, ou minm rédanmtè sièk la,
Paròl Papa-a ki anro nèt la,
limiè ki sot nan limiè yo pa ouè-a,
k-ap véyé moun pa-ou yo tout nannuit la:

Ou minm ki fè tout bagay,
épi ki séparé tan yo,

kò nou fatigé avèk travay la,
réfè-l avèk répo nannuit la.

Ou minm ki krazé bafon ki pi ba-a,
délivré nou sot nan min ènmi-an
pou-l pa rivé tronpé
sa yo ou rachté ak san-ou nan.

Konsa, pandan n-ap rété yon ti moman
avèk kò-a ki fatigé-a,
fè chè nou dòmi yon fason
pou léspri nou pa angoudi.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou ki ranpòté viktoua sou lanmò-a,
avèk Papa-a ak Éspri rékonfò-a,
nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

Yo di Psòm yo ak yon sèl réfrin-an: Alélouya, alélouya, alélouya.

Pandan oktav Pak la, chak jou yo di youn ou lòt nan dé Konpli dimanch yo,
983 oubyin 987.

Nan plas répons la, yo di:

Réf. Jou sa-a Granmèt la fè-a, an nou fété, an nou fè kè nou kontan
nan li, alélouya.

Pou Invitatoua-a

Nan Ofis jou dimanch ak jou lasémèn :

Réf. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Hic est dies verus Dei*)

Sa-a sé vré jou Bondié-a,
 ki kléré trankil ak limiè ki sin-an,
 sé ladan-l san ki sakré-a
 té lavé fot ki t-ap fè moun yo ront la.

Li rétownin vidé lafoua bay moun ki té pèdi yo
 li kléré jé avèg yo ;
 padon bandi-a té jouinn nan
 ki moun li pap délivré sot nan kè soté ?

Minm anj yo blijé sézi,
 lè yo ouè chatiman kò-a
 épi koupab la ki kolé kò-l sou Kris la
 pou-l kéyi lavi ki sin-an.

Mèvèy ékstraòdinè,
 pou-l lavé mové maladi moun yo,
 pou poté péché tout moun yo
 chè-a nétouayé mové panchan kò-a.

Ki bagay ki kapab pi bèl pasé sa,
 pou fot la ap chèché gras la,
 pou charité-a détrui kè soté-a
 pou lanmò-a rinmèt lavi nouvo-a ?

Jézu, sé pou kè kontan pak la
 rété tout tan pou nanm nou;
 nou minm ou réfè ak lagras la,
 fè nou antré nan foul viktoua-ou la.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou ki ranpòté viktoua sou lanmò-a,
avèk Papa-a ak Éspri rékonfò-a,
nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

Oubyin si yo vlé nan jou lasémèn apré oktav Pak la:
(*Lætáre, cælum, désuper*)

Sièl la, sé pou-ou kontan, anro-a,
tè-a ak lanmè-a, sé pou nou bat bravo :
Kris la, antan-l résisité apré koua-a
li té bay moun k-ap mouri yo lavi.

Koulié-a tan favè-a té tounin,
jou sovè nou sovè-a parèt,
koté tè-a ki sot nan fènoua-a
l-ap kléré ak san Mouton-an.

Lanmò sa-a, soufrans lanmò-a,
sé padon péché-a ;
bon kalité-a rété san-l pa domajé,
sa-a yo té krazé-a, sé li ki té bay viktoua.

Min sa éspérans nou té gouté,
sèké la-a fidèl yo kouè
yo kapab résisité apré,
pou yo résévoua lavi ki sin-an.

Koulié-a minm ékla tan pak sa-a
ki lakoz tout kalité byin sa yo
sé pou nou mét aktivité pou nou fété-l
nou minm ki plin ak pakèt favè sa yo.

Jézu, sé pou kè kontan pak la
rété tout tan pou nanm nou;

nou minm ou réfè ak lagras la,
fè nou antré nan foul viktoua-ou la.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou ki ranpòté viktoua sou lanmò-a,
avèk Papa-a ak Éspri rékonfò-a,
nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, *Auróra lucis rútilat.*

Dévanjou-a kléré ak limiè,
Sièl la ap tranblé avèk louanj,
tè-a ap fété ak rèl kontantman,
bafon anba-a ap jémi ak rèl doulè.

Lè roua sa-a ki vanyan anpil la
krazé fòs lanmò yo,
li foulé bafon-an anba pié-l,
li défèt chinn maléré yo.

Yo té fèmin-l ak yon grò ròch,
sòlda-a té vif pou-l véyé-l;
li minm l-ap avansé ak foul li nan gran bèlté,
li gin viktoua, li lévé sot nan lanmò-a.

Rèl ak doulè bafon-an,
yo déja détrui nè,
sèké Granmèt la té résisité,
anj ki kléré-a déklaré sa.

Jézu, sé pou kè kontan pak la
 rété tout tan pou nanm nou;
 nou minm ou réfè ak lagras la,
 fè nou antré nan foul viktoua-ou la.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
 ou ki ranpòté viktoua sou lanmò-a,
 avèk Papa-a ak Éspri rékonfò-a,
 nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

Oubyin si yo vlé nan jou lasémèn apré oktav Pak la:
(Chorus novæ Ierúsalem)

Sé pou foul Jérusalèm nouvo-a
 gouté imm k-ap bay yon bon gou tou fré,
 pandan l-ap fété fèt pak la
 avèk kè kontan trankil.

Lè Kris la, lion sa-a ki pa janm pèdi batay la,
 li lévé, li krazé dragon-an
 pandan l-ap rélé byin fò
 pou-l révéyé défin yo sot nan lanmò-a.

Piyay la mové bafon-an té valé-a,
 li rimmèt li.
 Foul yo libéré sot nan ésklavaj la,
 y-ap suiv Jézu.

Y-ap bat bravo pou li ak ékla;
 li mérité lajè grandè-a;
 péyi tè-a ak sièl la,
 li fè-l vîn tounin yon sèl gouvènman.

N-ap sipliyé-l pandan n-ap chanté;
 nou minm sòlda yo, n-ap priyé Roua-a

pou-l ba nou yon plas
nan palè-l ki kléré anpil la.

Jézu, sé pou kè kontan pak la
rété tout tan pou nanm nou;
nou minm ou réfè ak lagras la,
fè nou antré nan foul viktoua-ou la.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou ki ranpòté viktoua sou lanmò-a,
avèk Papa-a ak Éspri rékonfò-a,
nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

Pandan jou anndan oktav Pak la pou voyé moun yo alé, yo di:

Alé ak kè kontan, alélouya, alélouya.

R/. Mèsi Bondié, alélouya, alélouya.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

(Iam surgit hora tertia)

Koulié-a touazièm lè-a parèt,
Lè Kris la té monté sou koua-a ;
éspri-a pa doué pansé anyin ki déplasé,
sé pou-l mét atansion-l nan santiman priyè yo.

Li minm ki résévoua Kris la nan kè-l,
ki gin santiman ki san répròch
ki résévoua Éspri-Sin-an
ak priyè l-ap ofri san rété.

Lè sa-a ki mét yon limit
 nan somèy mové péché-a ;
 sé apati lè sa-a tan ki sin yo kòmansé
 ak lagras Kris la.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
 ou ki ranpòté viktoua sou lanmò-a,
 avèk Papa-a ak Éspri rékonfò-a,
 nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

Pou Tièrs, Sèkst ak Nòn, yo di Psòm yo ak yon sèl réfrin-an: Alélouya,
 alélouya, alélouya, *sof si t-a gin réfrin pròp.*

Pou Sèkst

(Veníte, servi, súplices)

Vini, nou minm sèvitè yo, antan n-ap sipliyé,
 lévé non Bondié ki sin-an anlè
 ak éspri nou ak bouch nou
 avèk kantik avèk louanj ki alarotè.

Sé nan tan sa-a minm,
 koté sa-a k-ap jijé sièk yo
 moun ki fèt pou mouri yo rinmèt li bay lanmò
 nan jijman ki pa kòrèk.

Nou minm ak rinmin nou doué-a,
 ak réspè ki kòrèk la n-ap obéyi,
 kont tout kalité kou
 ènmi méchan-an ap frapé,

Sé pou nou priyé yon sèl Papa-a
 Bondié ak Pitit la ki roua-a
 ansanm ak Éspri-Sin-an tou,
 Granmèt la nan Trinité-a. Amèn.

Pou Nòn

(Hæc hora, quæ resplénduit)

Sa-a sé là-a, ki té kléré-a
épi ki té gayé nuaj koua-a,
antan li ouété tè-a sot nan fènoua-a,
li rinmèt limiè ki klè yo.

Sé là sa-a minm antan Jézu ap résisité
kò yo sot nan kavo yo,
li pasé lòd pou yo sòti lib nan lanmò-a
antan li vidé éspri nan yo ankò.

Nou kouè sièk yo vîn tou nèf,
antan laloua lanmò-a fîn détrui,
kado lavi ki sin-an y-ap kouri
ak kous k-ap pou tout tan.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou ki ranpòté viktoua sou lanmò-a,
avèk Papa-a ak Éspri rékonfò-a,
nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

LINDI
ANNDAN OKTAV PAK LA

Pou Invitatoua-a

Réf. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Hic est dies verus Dei*, 58.

PSÒM YO

Réf. 1 Mouin minm mouin sé mouin ki égzisté-a, désizion-m pa avèk méchan yo; min volonté-m sé nan laloua Granmèt la, alélouya.

Psòm 1

- ¹ Ala kontantman pou moun ki pa alé nan asanblé méchan yo, †
ki pa kanpé nan chémin péchè yo, *
- ² ki pa chita nan réyinion moun mové plézantri yo,
min sé nan laloua Granmèt la li mét volonté-l, *
sé nan laloua-l la l-ap kalkilé lajounin kon lannuit.
- ³ L-ap tankou yon pié boua ki planté sou bò dlo k-ap kouri, *
k-ap bay frui-l nan sèzon-l ;
fèy li pap tonbé, *
ninpòt ki sa l-ap fè ap réyisi.

- 4 Méchan yo pa konsa, yo pa konsa, *
min sé tankou pousiè van-an ap broté.
- 5 Sé pousa méchan yo pap kanpé nan jijman-an, *
ni péchè yo, nan asanblé sa-k kòrèk yo.
- 6 Sèké Granmèt la konnin chémin moun ki kòrèk yo, *
épi rout moun ki pa kòrèk yo ap péri.

Réf. Mouin minm mouin sé mouin ki égzisté-a, désizion-m pa avèk méchan yo; min volonté-m sé nan laloua Granmèt la, alélouya.

Réf. 2 Mouin té mandé Papa-m ; li té ban-m nasion yo kòm éritaj, alélouya.

Psòm 2

- 1 Pouki sa nasion yo ap boulvèsé, *
pèp yo ap fè plan pou bagay ki pa gin konsistans ?
- 2 Roua yo sou tè-a kanpé, †
chèf yo rasanblé fè yon sèl *
kont Granmèt la ak kont Kris li-a :
- 3 « An nou kasé chinn yo, *
an nou jété jouk yo-a sot sou nou ! ».
- 4 Sa-a ki abité nan sièl yo ap ri yo, *
Granmèt-la ap pasé yo nan jouèt.
- 5 Lè sa-a atò li palé ak yo nan kòlè-l, *
nan mové san-l, li boulvèsé yo :
- 6 « Sé mouin minm ki instalé roua-m nan *
sou Siyon, mòn mouin ki sin-an ! ».
- 7 M-ap anonsé désizion-l nan. †
Granmèt la di-m : « Sé pitit mouin ou yé ; *
sé mouin minm jodi-a ki anfanté-ou.

- 8 Mandé-m, m-ap ba-ou nasion yo kòm éritaj ou, *
propriété-ou sé limit tè-a.
- 9 Ou-ap kòmandé yo ak yon bagèt an fè, *
tankou véso ki fèt ak tè, ou-ap krazé yo ».
- 10 Koulié-a, roua yo, konprann, *
pran léson, nou minm k-ap jijé tè-a.
- 11 Sèvi Granmèt la ak krint, *
fété dévan-l avèk tranbléman.
- 12 Pran disiplîn nan, †
pou-l pa fè kòlè, épi pou nou pa pèdi chémin, *
paské l-apral flanbé nan yon ti moman, kòlè-l la.
Ala kontantman pou tout moun *
ki konfié nan li.

Réf. Mouin té mandé Papa-m ; li té ban-m nasion yo kòm éritaj, alélouya.

Réf. 3 Mouin minm mouin té dòmi, somèy té angoudi-m épi mouin té révéyé, paské Granmèt la té soutni-m.

Psòm 3

- 2 Granmèt, pou kisa yo anpil sa k-ap fè-m pasé tribilasyon-an ? *
Yo anpil ki lévé kont mouin,
- 3 yo anpil k-ap di nanm mouin : *
« Li pap sovè nan Bondié ».
- 4 Ou minm, Granmèt, ou sèvi-m protèksion, *
gloua mouin, épi ou minm ki lévé tèt mouin.
- 5 Ak voua-m m-ap rélé kot Granmèt la, *
li kouté-m antan-l sou mòn li ki sin-an.

- ⁶ Mouin minm mouin dòmi, mouin nan profon somèy, *
mouin lévé, paské Granmèt la résévoua-m.
- ⁷ Mouin pa pè mil pèp k-ap entouré-m. *
Lévé, Granmèt, sovè-m, Bondié mouin ;
- ⁸ paské ou frapé tout ènmi-m yo nan machoua, *
dan méchan yo, ou krazé yo.
- ⁹ Pou Granmèt la, sovè-a yé, *
sou pèp ou-a, bénédiksion-ou.

Réf. Mouin minm mouin té dòmi, somèy té angoudi-m épi mouin té révéyé, paské Granmèt la té soutni-m.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Kòmansman Prémie Lèt sin Piè apot

1, 1-21

Salutasion épi aksion-d-gras

¹ Piè, apot Jézu-Kri, pou sa yo Bondié chouazi yo, yo minm ki nan pèlerinaj la, ki égzilé nan péyi Pon, Galati, Kapadòs, Azi ak Bitini, ² sèlon sa Bondié, Papa-a, té prévoua davans nan Éspri Sin- an, pou yo obéyi-l, pou san Jézu-Kri-a lavé yo-a: gras pou nou ak lapè an kantité.

³ Li béni, Bondié, ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki té réfè nou nan éspérans vivan-an gras a réziréksion Jézu-Kri sot nan pami mò yo, dapré gran mizérrikòd li-a, ⁴ pou yon éritaj ki pap détrui, ki pap sal, ki pap vîn vié, k-ap diré nan sièl la pou nou, ⁵ nou minm yo prezèvé pou sovè nou sovè-a gras a lafoua-a, nan pouvoua Bondié-a, sovè nou sovè sa-a yo paré pou révéle-l nan dènié tan-an.

⁶ Nan li nou gin kè kontan, minm si koulié-a, nou gin pou nou gin chagrin nan divès bagay k-ap tanté nou ; ⁷ pou éprèv lafoua nou-an ki gin plis pri pasé lò-a, sa yo éséyé nan difé-a, li rivé nan louanj ak gloua ak konsidérasion nan révélasion Jézu-Kri-a, li minm nou rinmin san nou pa ouè-l la ; ⁸ li minm nou kouè nan li, minm si koulié-a nou pa ouè-l la ; antan nou kouè-a n-ap kontan nan yon kontantman san parèy, ki nan gloua, ⁹ n-ap jouinn rékonpans lafoua nou nan sové nanm yo sové-a.

¹⁰ Osijè sové nanm yo sové-a, profèt yo té fouyé, yo té chèché fon, yo minm ki té fè déklarasion davans sou gras ki t-ap vini pou nou-an, ¹¹ yo t-ap fouyé fon pou yo konnin ki tan ak ki kalité fason Èspri Kris la ki nan yo-a t-ap palé, lè-l t-ap anonsé davans soufrans ak gloua ki t-ap rivé nan Kris la ; ¹² yo té anonsé yo sé pa-t pou yo minm min sé pou nou minm yo t-ap sèvi bagay sa yo yo anonsé nou koulié-a, pa lintèmediè sa yo k-ap préché nou bòn nouvèl la, pa pouvoua Èspri Sin-an yo voyé sot nan sièl la, li minm anj yo panché dévan-l nan.

¹³ Sé pou nou maré rin èspri nou, sé pou nou véyé sou mové tandans nou, sé pou nou espéré yon fason ki kòrèk nèt nan gras sa-a yo ofri nou-an osijè révélasion Jézu-Kri-a ; ¹⁴ tankou pitit ki obéyisan, ki pa pran modèl sou sa nou té konn anvè lontan-an lè nou pa-t gin konésans la, ¹⁵ min dapré sa-a ki rélé nou-an, Sa-a ki Sin-an, sé pou nou minm tou nou vîn sin nan tout konduit nou, ¹⁶ paské min sa-k ékri : « Sé pou nou sin, paské mouin minm mouin sin ».

¹⁷ Si nou rélé sa-a Papa, li minm ki jijé dapré aksion chak moun nan san-l pa gadé sou figi moun, sé pou nou viv nan krint Bondié pandan tan nou abité sou tè-a, ¹⁸ antan nou konnin sé pa avèk bagay k-ap gaté, lò oubysin lajan, nou rachté sot nan konduit papa nou yo té transmèt nou-an, ki pa vo anyin-an, ¹⁹ min sé ak san ki gin anpil valè-a, tankou san Mouton ki san tach la Kris la, san sa-a ki pa sal la, ²⁰ li minm Bondié té prévoua dépi anvan tè-a fèt la, min li montré-l nan dènié tan yo poutèt nou, ²¹ nou minm ki fidèl nan Bondié, Bondié minm ki résisité-l sot nan pami mò yo, ki ba-l gloua, pou lafoua nou ak espérans nou kapab nan Bondié.

RÉPONS

1 Piè 1, 3. 13

R/. Li béni, Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki té réfè nou dapré gran mizérikiòd li-a nan éspérans vivan-an, * Pa lintèmediè réziréksion Jézu-Kri sot nan pami mò yo, alélouya.

V/. Sé pou nou maré rin éspri nou, sé pou nou kontrolé tèt nou, sé pou nou éspéré yon fason ki apouin nèt nan gras sa-a yo ofri nou-an. * Pa lintèmediè réziréksion Jézu-Kri.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli Méilton de Sard, évèk, nan Pak

(Nn. 2-7. 100-103: SCh 123, 60-64. 120-122)

Anons Kris la

Konprann byin, nou minm mouin rinmin anpil la : mistè Pak la, li nouvo épi li ansyin, li égzisté tout tan épi li la pou yon tan, li kapab défèt épi li pa kapab défèt, li kapab mouri épi li pa kapab mouri.

Li ansyin dapré Laloua-a, li nouvo dapré Paròl la ; li la pou yon tan dapré pòtré-a, li la pou tout tan dapré gras la ; li kapab défèt nan sakrifis ti mouton-an, li pa kapab défèt nan lavi Granmèt la; li kapab mouri lè yo antéré-l nan tè-a, li pa kapab mouri antan li résisité sot nan pami mò yo.

Laloua-a ansyin, min Paròl la nouvo ; pòtré-a la pou yon tan, gras la la pou tout tan ; mouton-an kapab défèt, Granmèt la pa kapab défèt, sa-a yo sakrifé tankou mouton-an, li résisité kòm Bondié.

Paské *tankou mouton yo kondui pou y-al touyé-l*, min sé pa mouton li té yé, épi *tankou ti mouton san voua*, min li pa-ti mouton. Pòtré-a pasé réyèlman, sé vérité-a yo jouinn : pou ti mouton-an sé Bondié, épi pou mouton-an sé moun nan, nan moun nan minm sé Kris la ki kinbé tout bagay.

Konsa, sakrifis ti mouton-an ak sélébrasion pak la ak sa ki té ékri nan Laloua-a, yo jouinn réalizasion yo nan Jézu-Kri, sé poutèt li tout bagay yo té rivé nan Laloua ansyin-an, min pi gran nan lòd nouvo-a.

Laloua-a réyèlman vîn tounin Paròl la, bagay ansyin yo vîn tounin bagay nouvo yo (toulédé sé nan Siyon ak Jérusalem yo sòti), kòmandman-an travèsé nan gras la, pòtré-a nan vérité-a, ti mouton-an nan Pitit la, mouton-an nan moun nan, épi moun nan nan Bondié-a.

Granmèt la, malgré sé Bondié li té yé-a, li té abiyé ak moun nan, li souffri nan plas moun k-ap souffri-a, yo anchinnin-l nan plas prizonié-a, yo kondané-l nan plas koupab la, yo antéré-l nan plas sa-k antéré-a, li té résisité sot nan pami mò yo, épi li té di paròl sa-a byin fò : « *Kilès ki kapab kondané-m ? Sé pou-l proche sou mouin. Mouin minm mouin té délivré mouin yo té kondané-a, mouin minm mouin té bay mouin ki té mouri-a lavi, mouin minm mouin té lévé sa ki té antéré-a. Kilès ki kapab plédé kont mouin ? Li di : Sé mouin minm Kris la, ki té détrui lanmò-a, ki té ranpòté viktoua sou ènmi-an, ki té foulé lanfè-a anba pié-m, ki té maré sa-k té gin fòs la épi ki té pran mouin nan lévé-l nan rotè sièl yo : li di : sé mouin minm ki Kris la.*

Konsa, sé pou nou vini, tout nasion moun yo ki kolé ak péché yo, résévoua padon pou péché yo. Sé mouin minm réyèlman ki padon nou, sé mouin minm ki pak k-ap sové nou-an, sé mouin minm ti mouton yo sakrifé pou nou-an, sé mouin minm ki bingn nou-an, sé mouin minm ki lavi nou, sé mouin minm ki rézireksion nou, sé mouin minm ki limiè nou, sé mouin minm ki sové nou sové-a, sé mouin minm ki roua nou. Nou minm mouin poté nou nan rotè sièl yo ; nou minm m-ap résisité nou, épi m-ap montré nou Papa-a ki nan sièl yo ; nou minm m-ap lévé nou ak min adouat mouin ».

RÉPONS

Tr Ap 13, 32b-33a; 10, 42b; 2, 36b

R/. Promès la, sa yo té fè bay papa nou yo, sé sa Bondié té akonpli antan-l résisité Jézu: * Sé li minm Bondié mété kòm jij moun ki vivan yo ak moun ki mouri yo, alélouya.

V/. Bondié té fè-l Granmèt ak Kris, Jézu sa-a, li minm nou té klouré sou koua-a. * Sé li minm.

IMN *Te Deum*, p. 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dimanch Réziréksion-an, 37.

LÉKTU KOUT

Rom 10, 8b-10

Paròl la toupré-ou, nan bouch ou ak nan kè-ou ; sé paròl lafoua-a, sa n-ap préché-a. Paské, si-ou rékonèt ak bouch ou: « Jézu sé Granmèt la! », épi nan kè-ou ou kouè Bondié résisité-l sot nan pami mò yo, ou-ap sové. Ak kè-a réyèlman yo kouè pou jistis la, ak bouch la minm déklarasion-an fèt pou sové n-ap sové-a.

Nan plas répons kout la, yo di:

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou *Benedictus* la, réf. : Antan nou alé byin vit, di disip yo Granmèt la té résisité, alélouya.

PRİYÈ YO

Jézu, li minm Papa-a té bay gloua-a épi té mété-l kòm éritié tout nasion yo, an nou lévé-l anlè, antan n-ap priyé-l:

Gras a viktoua-ou la, sové nou, Granmèt.

Ou minm Kris la, ki té krazé pòt lanfè yo gras a viktoua-ou la, antan ou détrui péché-a ak lanmò-a,

— fè nou ranpòté viktoua sou péché-a jodi-a.

Ou minm ki té vidé lanmò-a, antan ou ba nou nouvo lavi-a,

— fè nou maché nan lavi nouvo sa-a jodi-a.

Ou minm ki té bay mò yo lavi, antan ou fè tout ras moun nan tounin sot nan lanmò-a al nan lavi-a,

— tout moun ki rankontré nou, ba yo lavi pou tout tan-an.

Ou minm ki antan ou fè gad kavo yo ront, ou té fè kè disip ou yo kontan,

— bay moun k-ap sèvi-ou yo kè kontan anplin nèt la.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki fè Égliz ou-a grandi antan ou-ap ba-l nouvo pitit tout tan, fè sèvitè-ou yo favè, pou yo kinbé sakréman-an antan y-ap viv li, sa yo té résévoua nan lafoua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

IMN, 62 - 64.

PSÒM YO

Réfrin

Pou Tièrs: Kris la té résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, alélouya.

Pou Sèkst: Yo rinmèt li poutèt fot nou yo, li té résisité pou nou vîn kòrèk, alélouya.

Pou Nòn: Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé sa-k anro yo pou nou chèché, alélouya.

Pou youn nan Lè sa yo, y-ap di psòm ki suiv la:

Psòm 8

- 2 Granmèt, Granmèt nou, *
 ala gran non-ou gran sou tout tè-a.
 paské grandè-ou ro *
 anlè sièl yo.
- 3 Nan bouch ti moun piti ak sa ki nan tété yo, †
 ou réalizé louanj poutèt ènmi-ou yo, *
 pou-ou détoui ènmi ak sa k-ap tiré vanjans.
- 4 Lè-m ouè sièl ou yo, travay douèt ou yo, *
 lalîn ak zétoual yo ou fiksé,
 5 sa moun nan yé, pou-ou sonjé-l, *
 oubyin pitit moun nan, pou ou vizité-l ?
- 6 Ou fè-l vîn pi ba yon ti kras anba anj yo, †
 ak gloua ak konsidérasion ou kouronnin-l *
 7 ou instalé-l anlè travay min-ou yo.
- Tout bagay, ou mété yo anba pié-l, †
 8 ni mouton, ni bèf, yo tout, *
 minm bèt nan rak boua yo,
- 9 zouazo sièl yo ak pouason lanmè yo, *
 tou sa k-ap maché nan santié lanmè yo.
- 10 Granmèt, Granmèt nou, *
 ala gran non-ou gran sou tout tè-a.

Psòm 18 A (19 A)

- 2 Sièl yo ap rakonté gloua Bondié, *
travay min-l, platfòm sièl la ap anonsé-l.
- 3 Jou ap déklaré paròl bay jou, *
nannuit ap montré sians bay nuit.
- 4 Pa gin langaj ni diskou, *
pou yo pa konprann voua yo :
- 5 Sou tout tè-a brui voua yo soti, *
jous nan limit tè-a paròl yo rivé.
- 6 Pou solèy la li té pozé yon tant nan yo, †
li minm minm, tankou yon épou k-ap sot nan chanm nòs li, *
li kontan tankou yon jéan pou-l kouri sou rout la.
- 7 Dépi nan bout sièl yo li soti, †
chémin-l jous nan finisman yo, *
pa gin anyin ki kaché dévan chalè-l.

Psòm 18 B (19 B)

- 8 Laloua Granmèt la san tach, li réfè nanm, *
témouagnaj Granmèt la fidèl, li bay ti moun yo sajès.
- 9 Jistis Granmèt la douat, yo fè kè kontan, *
kòmandman Granmèt la klè, li kléré jé yo.
- 10 Krint Granmèt la nèt, li diré pou sièk sièk la, *
jijman Granmèt la vré, yo kòrèk yo tout ansanm,
- 11 yo mérité yo anvi yo plis pasé lò, ak piè ki gin anpil pri, *
yo pi dous pasé siro mièl ak réyon siro mièl k-ap koulé.
- 12 Réyèlman sèvitè-ou la jouinn instruksion nan yo ; *
antan-l obsèvé yo, li jouinn anpil avantaj.
- 13 Ki moun ki kapab konprann fòt yo ? †
Pròpté-m sot nan sa-k kaché yo, *
- 14 prézèvé sèvitè-ou la pou-l pa lévé tèt li,

pou sa pa pran pié sou mouin.

Lè sa-a m-a san tach, *

m-a pròpté sot nan gran péché-a.

¹⁵ Sé pou paròl bouch mouin fè-ou plézi, *

ni réfléksion kè-m dévan fas ou.

Granmèt, ou k-ap poté-m sékou, *

ou k-ap rachté-m.

Pou lòt Lè yo, psòm komplémantè yo, p. 1007.

Pou Tièrs

Réf. Kris la té résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, alélouya.

LÉKTU KOUT

Cf. Ap 1, 17c-18

Mouin té ouè Pitit moun nan, ki té di-m : « Pa pè ! Sé mouin minm prémié-a ak dènié-a, mouin vivan, mouin té mouri épi min m-ap viv pou sièk sièk yo, mouin gin klé lanmò-a ak lanfè-a. »

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Yo rinnèt li poutèt fot nou yo, li té résisité pou nou vîn kòrèk, alélouya.

LÉKTU KOUT

Kol 2, 9. 10a. 12

Nan Kris la, tout plénitud sa Bondié yé-a abité nan fason kò-a, épi nou plin ak sa-k nan li-a, nou antéré avèk li nan batèm nan, nan li nou té

résisité tou ansanm ak li pa lintèmediè lafoua nan aksion Bondié-a, li minm ki té résisité-l sot nan pami mò yo.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé sa-k anro yo pou nou chèché, alélouya.

LÉKTU KOUT

2 Tim 2, 8. 11

Sonjé Jézu-Kri résisité sot nan pami mò yo, sot nan ras David, dapré bòn nouvèl mouin-an. Paròl la sètin : Sèké, si nou mouri ansanm avèk li, n-ap viv ansanm avèk li tou.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dimanch Réziréksion-an, 47.

LÉKTU KOUT

Ébr 8, 1b-3a

Nou gin yon kalité prèt an chèf, ki chita adouat trôn Grandè-a nan sièl yo, sèvitè bagay ki sin yo ak vré tant la, sa Bondié té drésé-a, sé pa moun ki drésé-l. Réyéلمان tout prèt an chèf, yo instalé-l pou-l ofri kado ak sakrifis.

Nan plas répons la, yo di:

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou *Magnificat* la, réf. : Jézu rankontré médanm yo, antan-l di : Mouin salué nou. Yo minm minm yo té proché épi yo té kinbé pié-l yo, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, li minm Éspri-Sin-an té bay sa-l yé kòm moun nan lavi épi té fè-l kapab bay lavi; ak kè nou kontan an nou mandé-l :

Granmèt, fè tout bagay vîn tou nèf épi ba yo lavi.

Ou minm Kris la, sovè tè-a, roua nouvo kréasion-an, tanpri viré sans nou yo nan diréksion rouayòm ou-an,

— koté ou chita adouat Papa-a.

Granmèt, ou minm ki toujou vivan nan Égliz ou-a,

— dirijé-l nan tout vérité-a gras a Éspri-Sin-an.

Montré jan-ou gin mizérikòd pou malad yo, sa k-ap souffri yo ak sa k-ap mouri yo,

— pou yo tout jouinn fòs avèk asirans gras a bon kè-ou la.

Ou minm Kris la, limiè ki pap étinn, antan jou-a ap bésé déjà, n-ap ofri-ou dévouman nou-an,

— épi n-ap mandé-ou, pou-ou kléré frè nou ki défin yo ak limiè réziréksion-ou nan.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki fè Égliz ou-a grandi antan ou-ap ba-l nouvo pitit tout tan, fè sèvitè-ou yo favè, pou yo kinbé sakréman-an antan y-ap viv li, sa yo té résévoua nan lafoua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pandan oktav Pak la, chak jou yo di youn ou lòt nan Konpli dimanch yo, 983 oubyin 987.

Nan plas répons la, yo di:

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

MADI
ANNDAN OKTAV PAK LA

Pou Invitatoua-a

Réf. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Hic est dies verus Dei*, 58.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt puisans yo, sé li minm ki Roua gloua-a, alélouya.

Psòm 23 (24)

- ¹ Pou Granmèt la tè-a ak sa-k plin-l, *
ronn tè-a ak sa yo ki abité ladan-l nan.
- ² Sèké sé li minm ki té fiksé-l sou lanmè yo, *
épi ki té rann li solid sou gran rivière yo.
- ³ Kilès k-ap monté sou mòn Granmèt la, *
oubyin kilès k-ap kanpé sou plas li ki sin-an ?
- ⁴ Sa-a ki gin min-l inosan ak kè-l nè, †
ki pa lévé nanm li nan bagay ki pa anyin yo, *
ki pap fè sèman pou tronpé.
- ⁵ Moun sa-a ap résévoua bénédiksion nan min Granmèt la *
ak jistifikasion nan min Bondié Sovè-l la.

- 6 Sa-a sé jénérasion moun k-ap chèché-l yo, *
k-ap chèché fas Bondié Jakòb la.
- 7 Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.
- 8 Kilès sa-a ki roua gloua-a ? *
Sé Granmèt la ki fò, ki gin pouvoua,
sé Granmèt la, ki gin pouvoua nan batay.
- 9 Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.
- 10 Kilès sa-a, ki roua gloua-a ? *
Sé Granmèt lamé yo, sé li minm ki roua gloua-a.

Réf. Granmèt puisans yo, sé li minm ki Roua gloua-a, alélouya.

Réf. 2 Béni Bondié nou-an, nasion yo, paské li té mété nanm mouin nan lavi, alélouya.

Psòm 65 (66)

I

- 1 Pousé rèl fèt pou Bondié, tout tè-a, †
- 2 chanté kantik gloua non-l, *
fè gloua louanj li.
- 3 Di Bondié : « Ala krint travay ou yo mérité. *
Poutèt kantité fòs ou, ènmi-ou yo ap flaté-ou.
- 4 Tout tè-a ap adoré-ou, l-ap chanté pou ou, *
l-ap chanté pou non ou ».

- 5 Vini, n-a ouè travay Bondié yo, *
li mérité respè nan aksion li fè pou pitit moun yo.
- 6 Li fè lanmè-a vîn tounin tè sèk, †
épi y-ap passé riviè-a apié ; *
n-ap kontan nan li koté sa-a.
- 7 Li minm k-ap kòmandé nan pouvoua-l pou tout tan, †
jé-l rét ap gadé sou nasion yo ; *
rèbèl yo pap lévé pròp tèt yo anlè.
- 8 Béni Bondié nou-an, nasion yo, *
fè tandé voua louanj li ;
- 9 li minm ki té mété nanm nou nan lavi, *
épi ki pa-t kité pié nou tranblé.
- 10 Paské ou té sondé nou, Bondié ; *
ou té nétouayé nou nan difé, tankou yo nétouayé lajan nan difé.
- 11 Ou té fè nou pri nan pièj ; *
ou té mété tribilasyon sou do nou.
- 12 Ou té instalé moun sou tèt nou, †
nou té passé nan difé ak nan dlo, *
min ou té fè nou soti nan fréchè.

Réf. Béni Bondié nou-an, nasion yo, paské li té mété nanm mouin nan lavi, alélouya.

Réf. 3 Vini, kouté tou sa Granmèt la té fè pou nanm mouin, alélouya.

II

- 13 M-ap antré lakay ou avèk sakrifis antié ; *
m-ap réglé ba ou sa-m té promèt yo,
- 14 lè-m té louvri po bouch mouin, *
épi bouch mouin té palé nan tribilasyon mouin-an.

- 15 Sé sakrifis antié ki byin gra m-ap ofri ba ou,
ansanm ak lafimin bélié yo, *
m-ap ofri ou bèf ak kabrit.
- 16 Vini, kouté, †
m-ap rakonté nou tout ki krinn Bondié, *
tou sa-l fè pou nanm mouin.
- 17 Koté-l mouin rélé ak bouch mouin, *
mouin lévé-l anlè ak lang mouin.
- 18 Si-m té ouè méchansté nan kè-m, *
Granmèt la pa t-ap kouté-m.
- 19 Sé pou sa Bondié kouté, *
li fè-t-atansion pou-l tandé voua-m k-ap lapriyè.
- 20 Li béni, Bondié, li minm ki pa voyé priyè-m nan louin, *
mizérikòd li-a pa sot sou mouin.

Réf. Vini, kouté tou sa Granmèt la té fè pou nanm mouin, alélouya.

V/. Bondié té résisité Kris la sot nan pami mò yo, alélouya.

R/. Pou lafoua nou-an ak éspérans nou sé nan Bondié, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan premié Lèt apot sin Piè

1, 22 — 2, 10

Lavi pitit Bondié yo

Nou minm mouin rinmin anpil la : ^{1,22} Fè nanm nou vîn pròp nèt antan nou obéyi charité-a, nou rinmin tankou frè, nou youn rinmin lòt avèk kè sinp, avèk plis atansion ; ²³ nou minm ki pa réfèt ak yon sémans k-ap gaté, min ak yon sémans ki pap gaté, gras a paròl Bondié ki vivan-an, k-ap diré tout tan-an. ²⁴ Paské
tout chè sé tankou zèb,

tout gloua-l tankou flè jadin.

Zèb la té séché, épi flè-a té tonbé ;

²⁵ *min Paròl Granmèt la diré pou tout tan.*

Sa-a sé paròl la yo té anonsé nou-an.

^{2,1} Mété tout méchansté dékoté ansanm ak tout riz, ak ipokrizi, ak anvî, ak tout kalité médizans. ² Tankou ti bébé ki fèk fèt, sé pou nou anvî lèt ki pa gin dlo-a, ak tout léspri nou, pou nou dévlopé nan sovè-a, ³ si réyèlman vré *nou té gouté kijan Granmèt la bon.*

⁴ Sé pou nou proché kot Granmèt la, li minm ròch vivan-an, sa lèzòm yo réjté-a, min sa Bondié minm chouazi-a, sa-l bay konsidérasion-an, ⁵ nou minm tou tankou ròch ki vivan, sé pou nou kité yo bati nou pou nou vîn tounin yon kay spirituèl, yon réyinion prèt ki sin, pou nou ofri sakrifis spirituèl, sa Bondié résévoua palintèmediè Jézu-Kri. ⁶ Sé pou sa ki Ékri-a gin :

« *Min moun pozé yon ròch ki anlè nèt nan Siyon, yon ròch kouin, yon ròch ki chouazi, ki gin anpil valè ;
moun ki kouè nan li pap ront* ».

⁷ Konsa pou nou minm ki kouè yo, sé konsidérasion ; min sé pa pou moun ki pa kouè yo,

« *Ròch la, sa bòs mason yo té jété yon koté-a,*

li vîn tounin tèt kouin-an »,

⁸ épi « *ròch k-ap fè moun bité ak blok ròch k-ap jinnin moun* », pou sa yo k-ap bité sou paròl la épi ki pa kouè nan sa-a koté yo pozé-a.

⁹ Nou minm *nou sé yon ras chouazi, yon péyi-roua prèt, yon nasion ki sin, yon pèp Bondié posédé*, pou nou anonsé puisans sa-a ki rélé nou sot nan fènoua yo vîn nan bèl limiè-l la ; ¹⁰ *lontan nou pa-t yon pèp, min koulié-a nou sé pèp Bondié-a ; nou pa-t résévoua mizérikòd, min nou résévoua mizérikòd koulié-a.*

RÉPONS

I Piè 2, 5. 9a

R/. Tankou ròch ki vivan, sé pou nou kité yo bati yon kay dapré éspri-

a avèk nou, nan yon sèvis prèt ki sin, * Pou nou ofri sakrifis dapré éspri-a, sa Bondié ap kapab aksépté yo gras a Jézu-Kri-a, alélouya.

V/. Nou minm nou sé yon ras chouazi, yon sèvis prèt ki roua, yon nasion ki sin, yon pèp ki vîn gin mèt. * Pou nou ofri.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Diskou sin Anastaz d'Antiòch

(Oratio 4, 1-2: PG 89, 1347-1349)

*Kris la té gin pou-l souffri,
épi konsa pou-l antré nan gloua li-a*

Lè Kris la té montré sé li minm ki vrè Bondié ak Granmèt tout bagay nan sa li t-ap di ak sa li t-ap fè yo, li té di disip li yo l-ap gin pou-l monté Jérusalèm : *Gadé, n-ap monté Jérusalèm, épi y-ap rinnèt Pitit moun nan bay nasion yo ak prèt an chèf yo ak skrib yo, pou yo bat li pou yo pasé-l nan jouèt épi pou yo klouré-l sou koua-a*. Li t-ap di réyèlman sa-k té konfòm ak sa profèt yo té anonsé davans, yo minm ki té anonsé davans sòti-a li té gin pou-l fè Jérusalèm nan. Sé poutèt sa kòm dépi nan kòmansman Èkritu ki sot nan Bondié-a té anonsé davans lanmò Kris la ak souffrans li yo anvan-l mouri-a ; épitou sa-k té rivé kò-l ki mouri-a apré lanmò-l la, épi Bondié sa-a bagay sa yo rivé-a, li té anonsé davans li pa kapab souffri, li pa kapab mouri ; otréman réyèlman li pa t-ap janm Bondié, sof si antan nou égzaminé nan vérité inkarnasion-an, pou sé la nou jouinn rézon yo k-ap fè nou déklaré toulèdé yon fason douat épi kòrèk, sètadi ni souffrans la ni pa kapab souffri-a ; épi ki rézon ki fè Paròl Bondié-a ki pa kapab souffri otréman-an, li vîn souffri ; sètènman poutèt moun nan pa-t kapab sové yon lòt jan ; sé li minm sèl ki té konnin avèk moun li dévoualé sa: li té konnin réyèlman tout bagay Papa-a minm jan *Éspri-a sondé profondè* mistè yo.

Réyèlman vré, Jézu-Kri té gin pou-l souffri ; pa-t kapab pa gin soufrans la afon, jan li minm li té déklaré-a, lè-l té rélé yo moun san léspri épi ki sòt sa yo ki pa-t konnin sé konsa Kris la té gin pou-l souffri pou-l antré nan gloua-l la. Puisqué li té soti pou sovè pèp li-a, antan-l kite gloua sa-a li té ginyin kot Papa-a anvan tè-a té fèt la ; min sovè-a sé té akonplisman-an, sa-k té doué fèt palintèmediè soufrans la, pou-l té sou kont sa-a ki fè lavi nou-an, jan Pòl anségné-a, lè-l di : *Li minm ki fè lavi-a, li rivé apouin nèt pa lintèmediè soufrans yo*. Nan yon fason, gloua sèl Pitit la, sa-l té andéyò-l pou yon ti moman poutèt nou, yo ouè yo rinmèt li-l pa lintèmediè koua-a nan chè-a li pran-an; sin jan réyèlman nan Évanjil li-a, lè l-ap ékspozé ki kalité dlo sa-a Sovè-a té di-a ki t-ap *gin pou koulé tankou gran riviè sot nan vant moun ki kouè-a: Li té di sa minm osijè Éspri-Sin-an, sa moun ki kouè nan li yo té gin pou yo résévoua-a: réyèlman yo pa-t ko bay Éspri-a, paské Jézu pa-t ko jouinn gloua* ; sa-l rélé gloua-a sé lanmò sou koua-a. Sé pou sa anvan-l souffri sou koua-a, Granmèt la té priyé Papa-a, li té mandé-l pou-l ba-l gloua ak gloua sa-a li té ginyin koté-l la, anvan tè-a té égzisté-a.

RÉPONS

Ébr 2, 10; Ap 1, 6b; Lk 24, 26

R/. Sa té konvnan pou li, sa tout bagay poutèt li-a épi pa lintèmediè-l la, li minm ki t-ap minnin anpil pitit nan gloua-a, pou sa-a ki t-ap sovè yo-a té fîn apouin nèt pa lintèmediè soufrans yo. * Pou li gloua ak otorité nan sièk sièk yo, alélouya.

V/. Kris la té gin pou-l souffri pou-l antré nan gloua-l la. * Pou li.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyé-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dimanch Réziréksion-an, 37.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 13, 30-33

Bondié té résisité Jézu sot nan pami mò yo ; li parèt pandan anpil jou dévan sa yo ki té monté ansanm avèk li sot Galilé rivé Jérusalèm nan, yo minm ki sèvi-l témouin koulié-a dévan foul la. Kanta nou minm nou anonsé nou promès la yo té fè bay papa nou yo, paské Bondié té réalisé sa pou pitit yo, antan-l résisité Jézu pou nou, jan sa ékri nan Psòm dézièm nan : Ou sé Pitit mouin ; mouin minm jodi-a mouin té anfanté-ou.

Nan plas répons kout la, yo di:

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou *Benedictus* la, réf. : Jézu té di : Mari. Lè-l viré, li di-l : Rabouni. Jézu di-l : Pa rét ap kinbé-m konsa ; paské mouin pa-t ko monté réyéلمان kot Papa-m, alélouya.

PRIYÈ YO

An nou fété pou Kris la, li minm ki rébati ak puisans li tanp kò li-a ki té détrui-a, épi an nou sipliyé-l :

Granmèt, ba nou frui réziréksion-ou nan.

Ou minm Kris la, sovè-a, ki té anonsé kè kontan bay médam yo ak Apot yo lè-ou résisité-a, antan ou sovè tout ronm tè-a,

— fè nou sèvi-ou témouin.

Ou minm ki té promèt tout moun rézirkéksion-an, k-ap fè nou tounin lèvé pou lavi nouvo-a,

— fè nou vîn tounin mèsajé Évanjil ou-a.

Ou minm ki té parèt souvan bay Apot yo épi ki té souflé Éspri-Sin-an sou yo,

— rénouvélé Éspri créatè-a nan nou.

Ou minm ki té promèt disip ou yo ou-ap rété avèk yo jous sièk fin réalizé-a,

— rété avèk nou jodi-a, toujou prézan avèk nou.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki té ba nou rémèd paskal yo, rapousuiv pèp ou-a ak kado sièl la, pou antan-l jouinn libètè ki kòrèk nèt la, li kontan nan sièl la, nan sa l-ap fété dépi koulié-a sou tè-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

IMN, 62 - 64.

PSÒM YO

Réfrin

Pou Tièrs: Kris la té résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, alélouya.

Pou Sèkst: Yo rinmèt li poutèt fot nou yo, li té résisité pou nou vîn kòrèk, alélouya.

Pou Nòn: Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé sa-k anro yo pou nou chèché, alélouya.

Pou youn nan Lè sa yo, y-ap di psòm ki suiv la:

Psòm 118 (119), 1-8

I (N Alèf)

- 1 Ala kontantman pou moun ki san tach nan chémin-an, *
k-ap maché nan laloua Granmèt la.
- 2 Ala kontantman pou moun yo ki kinbé témouagnaj li yo, *
k-ap chèché-l ak tout kè yo.
- 3 Yo pa fè péché réyèlman, *
nan chémin-l yo y-ap maché.
- 4 Ou té pasé lòd *
pou yo obsèvé kòmandman-ou yo.
- 5 Mouin souété pou chémin-m yo dirijé, *
pou-m kinbé désizion-ou yo !
- 6 Lè sa-a mouin pap ront, *
lè y-ap gadé nan tout kòmandman-m yo.
- 7 M-ap fè déklarasion pou ou nan kè ki douat, *
paské mouin aprann jijman-ou yo ki kòrèk yo.
- 8 M-ap kinbé désizion-ou yo, *
pa lagé-m nan okinn moman.

Psòm 15 (16)

- 1 Prézèvé-m, Bondié, *
paské mouin espéré nan ou.
- 2 Mouin di Granmèt la : « Sé Granmèt mouin mouin ou yé, *
byin pou mouin, pa gin sa, sof ou minm ».

- 3 Sin yo sou tè-a, moun ki mérité respè yo, *
tout plézi-m sé nan yo li yé.
- 4 Yo fè soufrans yo vîn anpil, *
sa yo k-ap kouri dèyè dié étranjé yo.
Mouin pap vidé likè sakrifis sot nan san ba yo, *
mouin pap kité non yo monté nan bouch mouin
- 5 Granmèt, pòsion éritaj mouin ak kalis mouin : *
sé ou minm ki kinbé déstiné mouin.
- 6 Chinn apantè yo tonbé pou mouin nan koté ki fè-m plézi, *
réyèlman vré éritaj mouin-an satisfè-m.
- 7 M-ap béni Granmèt la ki ban-m intélizans ; *
minm nannuit rin-m ban-m léson.
- 8 Mouin té mété Granmèt la dévan fas mouin tout tan ; *
paské li adouat mouin, mouin pap tranblé.
- 9 Sé poussa kè-m kontan, †
tout anndan fon kè-m ap fété ; *
minm chè-m pozé nan éspérans.
- 10 Paské ou pap lagé nanm mouin nan lanfè-a, *
ni ou pap kité sin-ou nan ouè dékonpozision.
- 11 Ou-ap fè-m konnin rout lavi yo, †
kè kontan an plin avèk fas ou, *
plézi adouat ou jouskalafin.

Psòm 22 (23)

- 1 Granmèt la ap souin-m, anyin pap manké-m : *
2 nan patiraj byin vèt li instalé-m,
sou bò dlo trankil li minnin-m, *
- 3 li réfè nanm mouin.
Li kondui-m nan santié jistis *
poutèt non-l.

- ⁴ Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,
 mouin pap pè malè, *
 paské ou avèk mouin.
 Baton-ou ak bagèt ou, *
 sé yo k-ap konsolé-m.
- ⁵ Ou paré yon tab dévan fas mouin *
 kont sa yo k-ap fè-m sibi tribilasyon-an ;
 ou grésé tèt mouin ak luil, *
 kalis mouin ap débòdé.
- ⁶ Réyèlman bon kè ak mizérikòd ap rapousuiv mouin *
 tout tan lavi-m,
 m-ap abité nan kay Granmèt la *
 nan longè tan yo.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, p. 1007.

Pou Tièrs

Réf. Kris la té résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, alélouya.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 4, 11-12

Sa-a sé ròch la, nou minm k-ap bati yo nou té réjité-a, ki vîn tounin kouin mitan anlè-a. Pa gin sovè yo kapab sovè nan okinn lòt moun, ni non plis pa gin okinn lòt non anba sièl la yo bay moun yo, koté nou t-a kapab vîn sovè.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Yo rinmèt li poutèt fot nou yo, li té résisité pou nou vîn kòrèk, alélouya.

LÉKTU KOUT

Cf. 1 Piè 3, 21-22a

Nou minm koulié-a batèm nan sové nou, sé pa sa-k sal nan chè-a li ouété, min sé yon bon konsians li mandé nan Bondié pa lintèmédiè rézirkéksion Jézu-Kri-a, li minm ki adouat Bondié.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé sa-k anro yo pou nou chèché, alélouya.

LÉKTU KOUT

Kol 3, 1-2

Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé pou nou chèché bagay ki anro yo, koté Kris la chita adouat Bondié-a; sé bagay ki anro yo pou nou gouté, sé pa sa-k sou tè-a.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dimanch Rézirkéksion-an, 47.

LÉKTU KOUT

1 Piè 2, 4-5

Antan n-ap proché kot Granmèt la, li minm ròch vivan-an, sa moun yo minm réjité-a, dévan Bondié minm sa-l chouazi-a, sa-k gin valè-a, nou minm tou tankou ròch vivan, sé pou nou kité yo bati nou pou nou vîn

tounin yon kay spirituèl nan yon sèvis prèt ki sin, pou nou ofri sakrifis spirituèl, sa Bondié résévoua palintèmediè Jézu-Kri.

Nan plas répons la, yo di:

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou *Magnificat* la, réf. : Pandan m-ap kriyé kot kavo-a, mouin té ouè Granmèt mouin-an, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, ki rété anndan vant tè-a, li té ouè limiè gloua nouvo-a, an nou rélé koté-l ak kè kontan :

Roua gloua-a, kouté nou.

Pou Évèk yo, Pè yo, ak Diak yo, pou yo okipé sèvis yo-a avèk souin,

— pou yo prezanté-ou yon pèp ki paré pou tout kalité bon aksion, n-ap priyé-ou, Granmèt.

Pou sa k-ap anségné yo k-ap fè éfò pou yo sèvi nan Égliz ou-a,

— pou yo chèche vérité-ou la avèk yon kè nèt, n-ap priyé-ou, Granmèt.

Pou fidèl Égliz la, pou yo batay bon batay lafoua-a,

— pou antan yo fin fè tout kous la, yo résévoua rékonpans rouayòm ou-an, n-ap priyé-ou, Granmèt.

Ou minm ki klouré lèt kondanasion nou-an sou koua-a épi ki détrui-l la,

— lagé chinn nou yo, libéré nou sot nan fènoua yo.

Ou minm ki, antan-ou désann nan lanfè yo, ou té louvri pòt yo,

— frè nou yo ki défin yo, résévoua yo nan rouayòm ou-an.

Papa nou.

Priyé-a

Bondié, ki té ba nou rémèd paskal yo, rapousuiv pèp ou-a ak kado sièl la, pou antan-l jouinn libètè ki kòrèk nèt la, li kontan nan sièl la, nan sa l-ap fété dépi koulié-a sou tè-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MÈKRÉDI
ANNDAN OKTAV PAK LA

Pou Invitatoua-a

Réf. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Hic est dies verus Dei*, 58.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt Bondié mouin, yo fè ouè jan-ou gran avèk fòs, alélouya.

Psòm 103 (104)

I

- ¹ Béni Granmèt la, nanm mouin, *
Granmèt Bondié-m, ou gran anpil !
Ou abiyé ak grandè, ak gloua, *
² ou vlopé ak limiè tankou yon rad.
Ou déplouayé sièl la tankou yon rido, *
³ ak dlo yo ou bati chanmòt ou-a.
Ou fè nuaj la sèvi pou monté, *
ou déplasé sou zèl van yo.
⁴ Ou fè éspri yo anj-mésajé-ou yo, *
sèvitè-ou yo sé difé k-ap boulé.

- 5 Ou té fiksé tè-a sou fondasyon-l ki rét an plas, *
pou-l pa baskulé pou sièk sièk la.
- 6 Ou té kouvri-l avèk dlo fon yo tankou yon rad, *
sou mòn yo dlo yo té rét pozé.
- 7 Kon-ou ménasé, yo sové, *
kon loraj ou grondé, yo tranblé.
- 8 Yo monté mòn yo, yo désann tè fon yo, *
nan plas ou té fiksé pou yo-a.
- 9 Ou té mété limit pou yo pa dépasé, *
pou yo pa rékòmansé kouvri tè-a ankò.
- 10 Ou fè sous yo soti nan riviè yo ; *
yo kouri nan mitan mòn yo,
- 11 tout bèt nan boua yo bouè, *
choual maron yo pasé souaf yo.
- 12 Zouazo nan sièl yo vîn abité anlè yo, *
nan mitan branch yo, yo fè tandé voua yo.

Réf. Granmèt Bondié mouin, yo fè ouè jan-ou gran avèk fòs, alélouya.

Réf. 2 Ou satisfè tè-a kont kò-l, Granmèt, ak frui travay ou yo, alélouya.

II

- 13 Ou rouzé mòn yo, antan-ou nan chanmòt ou yo, *
ou satisfé tè-a kont kò-l ak frui travay ou.
- 14 Ou fè zèb pousé pou bèt yo, *
ak ti plant pou sa-k nan sèvis moun yo,
ou fè pin soti nan tè-a *
- 15 ak divin ki fè kè moun kontan ;

- antan-ou mét gété nan fas li ak lui, *
- pin-an minm bay kè moun nan fòs.
- 16 Pié boua Granmèt yo jouin satisfaksion, *
- pié sèd Liban yo, sa-l té planté yo.
- 17 Sé la ti zouazo yo fè nich yo, *
- kay poul-dlo yo anlè yo nè.
- 18 Mòn ki ro yo, sé pou kabrit maron yo, *
- lapin yo jouinn kachèt nan ròch yo.
- 19 Li té fè lalîn nan pou maké tan yo, *
- solèy la konnin lè pou-l kouché.
- 20 Kon-ou té mété fènoua yo, lannuit la rivé : *
- sé lè sa-a tout bèt nan boua kòmansé ranpé,
- 21 ti lion yo pousé rèl pandan y-ap fè lachas, *
- y-ap mandé Bondié manjé.
- 22 Kon solèy lévé, yo rasanblé, *
- y-al kouché nan kachèt yo.
- 23 Moun nan soti pou-l fè travay li, *
- pou-l réglé okipasion-l jous asouè rivé.

Réf. Ou satisfè tè-a kont kò-l, Granmèt, ak frui travay ou yo, alélouya.

Réf. 3 Sé pou gloua Granmèt la pou sièk la, alélouya.

III

- 24 Ala anpil travay ou yo anpil, Granmèt ! †
- Yo tout sé ak sajès ou fè yo, *
- tè-a plin ak sa ou kréyé.
- 25 Gadé lanmè-a, li gran, li laj tout koté : †
- gin bèt k-ap glisé ladan-l, yo pa kapab konté yo, *
- bèt vivan, ni piti, ni gran ;

- 26 gin batiman k-ap déplasé ladan-l, *
ni Léviatan, sa-ou té fòmé pou joué avèk li-a.
- 27 Yo tout sé ou y-ap tann, *
pou-ou ba yo manjé nan tan yo.
- 28 Antan-ou ba yo, yo ranmasé, *
antan-ou louvri min-ou, yo plin ak byin.
- 29 Antan-ou viré fas ou, yo troublé ; †
ou ouété éspri yo, yo mouri, *
nan pousiè yo y-ap tounin.
- 30 Ou-ap voyé éspri-ou, y-ap kréyé, *
ou-ap réfè fas tè-a.
- 31 Sé pou gloua Granmèt la pou tout tan ; *
sé pou Granmèt la kontan nan travay li yo.
- 32 Li minm ki gadé tè-a, li fè-l tranblé, *
li touché mòn yo, yo fè lafimin.
- 33 M-ap chanté pou Granmèt la nan lavi mouin, *
m-ap chanté psòm pou Bondié mouin-an toutotan mouin égzisté.
- 34 Sé pou paròl mouin yo fè-l plézi, *
mouin minm minm m-ap joui nan Granmèt la.
- 35 Sé pou péchè yo sispann égzisté sou tè-a, †
pou pa gin moun méchan ankò. *
Béni Granmèt la, nanm mouin.

Réf. Sé pou gloua Granmèt la pou sièk la, alélouya.

V/. Bondié minm té résisité Granmèt la, alélouya.

R/. L-ap résisité nou tou pa pouvoua-l, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan premié Lèt apot sin Piè

2, 11-25

Krétyin yo étranjé sou tè-a

¹¹ Nou minm mouin rinmin anpil la, mouin lapriyé nou tankou étranjé ak pèlerin, pou nou rété louin ak anvi chè-a, k-ap batay kont nanm nan ;
¹² sé pou nou gin bon konduit nan pami nasion yo, konsa sou pouin-an minm y-ap palé nou mal la, tankou moun k-ap fè sa-k mal, y-ap blijé konsidéré bon aksion nou, pou yo fè louanj Bondié jou vizit la.

¹³ Sé pou nou obéyi tout administrasion lèzòm poutèt Granmèt la, soua roua-a tankou moun ki gin otorité-a, ¹⁴ soua moun k-ap kòmandé yo li voyé pou yo pini méchan yo, pou yo rékonpansé moun ki fè sa-k byin yo.

¹⁵ Sèké, sa-a sé volonté Bondié minm: sé pou nou fè sa-k bon, pou nou kapab fèmin bouch moun ki pa konn anyin yo épi k-ap aji san éspri-a.

¹⁶ Sé tankou moun ki gin libèté pou nou aji; sé pa tankou moun ki pran libèté-a tankou yon voual pou yo kaché mové aksion yo, min tankou ésklav Bondié.

¹⁷ Sé pou nou gin réspè pou tout moun, sé pou nou rinmin group frè yo, sé pou nou gin krintif pou Bondié, sé pou nou gin réspè pou roua-a.

¹⁸ Nou minm, ti moun kay yo, sé pou nou obéyi mètté kay yo ak tout krintif, pa sèlman sa ki bon yo, épi ki gin bon jan yo, min pou sa ki difisil yo tou. ¹⁹ Sé yon gras sa yé, si yon moun sipòté pou-l souffri lapinn li pa mérité, paské nan konsians li li fè sa pou Bondié. ²⁰ Si nou fè sa-k byin, épi n-ap sipòté avèk pasians, sé yon gras sa yé kot Bondié. ²¹ Sèké sé nan sa yo té rélé nou, paské

Kris la tou té souffri pou nou,
 antan li kité yon modèl pou nou,
 pou nou suiv tras li yo:

²² li minm ki *pa-t fè péché,*
yo pa-t jouinn riz nan bouch li ;

²³ li minm, malgré yo té ba-l madichon,
 li pa-t bay madichon ;
 malgré li té souffri, li pa-t fè ménas,
 okontrè li té rinmèt tètt li bay sa k-ap jijé avèk jistis la ;

²⁴ li minm ki *poté péché nou yo*
 nan kò-l sou boua-a,
 pou nou kapab mouri parapò a péché yo
 pou nou viv parapò a jistis la;
 li minm ki *géri nou avèk blès li yo*.

²⁵ Sèké nou té *pèdi rout tankou mouton*, min nou tounin vîn jouinn gadyin ak réponsab nanm nou yo koulié-a.

RÉPONS

1 Piè 2, 21. 24

R/. Kris la té soufri pou nou, antan li kité yon modèl pou nou, * Pou nou suiv tras li yo, alélouya.

V/. Li minm ki té poté péché nou yo nan kò-l, pou, antan nou mouri parapò a péché yo, nou viv parapò a jistis la. * Pou nou suiv.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli paskal yon moun lontan té ékri
 (Sermo 35, 6-9: PL 17 [ed. 1879], 696-697)

Kris la fè réziréksion-an ak lavi-a

Antan Pòl ap sonjé kontantman sové nou sové-a ki vîn paré-a, li di byin fò: *Minm jan pa lintèmédiè Adan lanmò té antré sou tè sa-a, konsa tou pa lintèmédiè Kris la yo tounin bay tè-a sové li sové-a; épi yon lòt foua: Prèmié moun-nan ki sot nan tè-a li dapré tè-a, dézièm moun-nan ki sot nan sièl-la li dapré sièl la.*

Épi antan-l ajouté li di: *Minm jan nou té poté pòtré sa-k dapré tè-a, sa vlé di, ansyin moun nan nan péché-a, konsa sé pou nou poté pòtré sa-k dapré sièl la, sa vlé di, antan yo résévoua nou, yo rachté nou, yo réparé nou, épi yo nètouayé nou sé pou nou kinbé sové moun nan sové-a nan Kris la, paské minm jan-an minm Apot la di: Kòmansman-an Kris la, sa vlé di, sa ki fè réziréksion-an ak lavi-a; apré sa sa yo ki pou Kris la, sa vlé*

di, sa ki antan y-ap viv nan kondision pròpté-l la, y-ap gin asirans osijè espérans réziréksion-l nan, y-ap gin pou yo posédé ansanm avèk li gloua sièl la yo promèt la, minm jan Granmèt la li minm di nan Évanjil la: *Moun k-ap suiv mouin, sé sa-l di, li pap péri, min l-ap travèsé sot nan lanmò al nan lavi.*

Konsa soufrans Sovè-a, sé sa ki sovè lavi moun nan sovè-a. Sé pou sa réyèlman li té vlé mouri pou nou, pou nou minm ki kouè nan li nou rivé viv san rété. Li té vlé vîn tounin sa nou yé-a pandan yon tan, pou nou minm, lè nou résévoua promès étènitè li-a, nou rivé viv san rété ansanm avèk li.

Sé sa-a, mouin di, ki gras mistè sièl yo, sé sa ki kado Pak la, sé sa ki fèt pou yo souété chak ané-a, sé sa ki kòmansman bagay ki gin pou pran nésans yo.

Sé la ak akouchman bingn lavi Égliz la ki sakré-a ti bébé yo soti, yo gin nouvo nésans ak sinplisité ti moun yo, y-ap fè tandé rèl konsians ki inosan. Sé la papa ki byin réglé, épitou manman ki respékté tèt yo ap akonpagné pa lintèmediè lafoua-a nouvo désandans la yo pa kapab konté-a.

Sé la anba piéboua lafoua-a sot nan zantray sous ki san répròch la dékoration sièrj yo ap briyé. Sé la yo vîn sin ak kado mérit sièl la, épi ak mistè sakréman spirituèl foul la sélébré-a yo byin nourri.

Sé la rélasyon frè ki nourri yon sèl foul nan vant Égliz la ki sin-an, antan y-ap adoré égzistans yon sèl Bondié-a épi non toua puisans la, y-ap sélébré ansanm psòm fèt chak ané-a ak Profèt la: *Sa-a sé jou Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l.*

Ki jou m-ap di? Réyèlman sa-a ki bay prinsip fason pou viv la, kòmansman limiè-a, sa-k fè limiè-a, sa vlé di, Granmèt Jésu-Kri li minm, ki di osijè pròp tèt li: *Mouin minm, sé sa li di, mouin sé jou-a; moun k-ap maché nan jounin, li pap bité,* sa vlé di: moun ki suiv Kris la nan tout bagay, antan l-ap suiv tras li l-ap travèsé jous nan papòt limiè pou tout tan-an; tankou li minm pandan-l té nan kò-a toujou li priyé Papa-a pou nou antan-l di: *Papa, mouin vlé pou, koté mouin minm mouin yé-a, sé la*

tou yo yé sa yo ki té kouè nan mouin-an; pou minm jan ou minm ou nan mouin-an épi mouin minm mouin nan ou, konsa tou pou yo minm yo rété nan nou.

RÉPONS

1 Kor 15, 47. 49. 48

R/. Prémie moun nan sòti nan tè-a li dapré tè-a; dézièm moun nan sòt nan sièl: * Sé poutèt sa, minm jan nou té poté pòtré sa ki dapré tè-a, sé konsa tou n-ap poté pòtré sa ki dapré sièl la, alélouya.

V/. Jan sa-a ki dapré tè-a yé, konsa tou sa yo ki dapré tè-a ap yé; épi jan sa-a ki dapré sièl la yé, konsa tou sa yo ki dapré sièl la ap yé. * Sé poutèt sa.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dimanch Réziréksion-an, 37.

LÉKTU KOUT

Rom 6, 8-11

Si nou mouri ansanm avèk Kris la, nou kouè n-ap viv ansanm avèk li tou, antan nou konnin Kris la ki résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, lanmò-a pap gin pouvoua sou li ankò. Sa-k mouri-a réyèlman, li mouri aléga péché-a yon foua pou tout ; sa k-ap viv la minm, sé pou Bondié l-ap viv. Konsa nou minm tou sé pou nou konsidéré nou mouri réyèlman aléga péché-a, antan n-ap viv minm pou Bondié nan Kris Jézu.

Nan plas répons kout la, yo di:

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou *Benedictus* la, réf. : Antan Jézu kòmansé apati Moyiz ak tout profèt yo, li t-ap éspliké yo Ékritu yo ki té osijè-l yo, alélouya.

PRİYÈ YO

Pandan n-ap priyé Kris la, li minm yo rinmèt poutèt fot nou yo épi ki té résisité pou-l fè nou vîn kòrèk, an nou rélé mandé-l :

Gras a viktoua-ou la, sové nou, Granmèt.

Ou minm Kris sovè-a, antan-ou ranpòté viktoua sou lanmò-a ou té fè nou kontan, antan-ou résisité-a ou té lévé nou anlè épi ou té plin nou nèk ak kado,

— touché kè nou yo, fè jou sa-a vîn sin ak kado Éspri-Sin-an.

Ou minm anj yo ap ba-ou gloua nan sièl yo épi moun yo ap adoré-ou sou tè-a, n-ap priyé-ou nan tan rézireksion-ou sa-a,

— pou-ou résévoua adorasion nou-an nan éspri-a ak vérité-a.

Ou minm Kris la Granmèt la, sové nou, vidé mizérikind ou-a sou pèp ou-a k-ap tann rézireksion-an,

— pran pitié pou nou, présèvé nou jodi-a anba tou sa ki mal.

Roua gloua-a, lavi nou, fè nou favè pou lè ou-ap parèt la,

— lè sa-a nou minm tou nou parèt ansanm avèk ou nan gloua-a.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki fè kè nou kontan nan fèt solanèl yo fè chak ané pou rézireksion Granmèt la fè nou favè, ak bon kè-ou pou, gras a fèt sa yo n-

ap fété nan tan sa-a, nou rivé jouinn kè kontan tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

IMN, 62 - 64.

PSÒM YO

Réfrin

Pou Tièrs: Kris la té résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, alélouya.

Pou Sèkst: Yo rinnèt li poutèt fot nou yo, li té résisité pou nou vîn kòrèk, alélouya.

Pou Nòn: Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé sa-k anro yo pou nou chèché, alélouya.

Pou youn nan Lè sa yo, y-ap di psòm ki suiv la:

PSÒM YO

Psòm 118 (119), 9-16

II (2 Bèt)

⁹ Kòman pou yon jénòm kapab nèt nan chémin-l ? *

Antan-l kinbé paròl ou yo.

¹⁰ Ak tout kè-m mouin té chèché-ou, *

pa kitè-m pèdi rout louin kòmandman-ou yo.

¹¹ Nan kè-m mouin kaché promès ou yo, *

pou-m pa fè péché kont ou.

- 12 Ou béni, Granmèt ; *
apran mouin désizion-ou yo.
- 13 Nan po-bouch mouin yo *
mouin détayé tout jijman bouch ou yo.
- 14 Nan rout témouagnaj ou yo mouin jouinn plézi-m, *
tankou nan tout kalité richès.
- 15 Nan kòmandman-ou yo m-ap médité, *
m-ap obsèvé chémin-ou yo.
- 16 Nan désizion-ou yo mouin jouinn plézi-m, *
mouin pa bliyé paròl ou-a.

Psòm 27 (28), 1-3. 6-9

- 1 Sé koté-ou, Granmèt, mouin rélé ; *
Bondié mouin, pa rét soud vizavi mouin.
Poutèt si-ou pa kouté-m, *
m-ap sanblé ak sa k-ap désann nan fòs yo.
- 2 Kouté voua priyè-m, pandan m-ap rélé koté-ou, *
pandan m-ap lonjé min-m kot tanp ou-a ki sin-an.
- 3 Pa trinnin-m avèk koupab yo, *
épi avèk sa k-ap fè injistis yo.
Y-ap palé lapè avèk zanmi yo, *
épi mal nan kè yo.
- [4-5]
- 6 Li béni, Granmèt la, †
paské li kouté voua lapriyè-m ; *
- 7 Granmèt sékou-m ak protéksion-m,
nan li kè-m espéré, mouin jouinn sékou, †
kè-m ap fété, *
m-ap fè déklarasion pou li ak kantik mouin.
- 8 Granmèt la sé fòs pèp li-a, *
sé kachèt pou Kris li-a sové.

- ⁹ Sové pèp ou-a, béni éritaj ou-a, *
souin yo, poté yo sékou jous pou tout tan.

Psòm 115 (116 B)

- ¹⁰[1] Mouin té gin konfians, minm lè-m di : *
« Mouin rabésé anpil ».
- ¹¹[2] Mouin té di nan trò présé-m nan : *
« Tout moun sé mantè ».
- ¹²[3] Ki sa pou-m rinnèt Granmèt la *
pou tou sa li rinnèt mouin ?
- ¹³[4] M-ap pran kalis ki sové nou-an, *
m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁴[5] M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
dévan tout pèp li-a.
- ¹⁵[6] Li gin anpil valè dévan jé Granmèt la *
lanmò sin-l yo.
- ¹⁶[7] Granmèt, o, mouin sé sèvitè-ou, *
mouin sé sèvitè-ou ak pitit sèvant ou.
Ou té kasé chinn mouin yo : †
- ¹⁷[8] m-ap sakrifé sakrifis louanj ba ou, *
m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁸[9] M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
dévan tout pèp li-a.
- ¹⁹[10] nan lakou kay Granmèt la, *
nan mitan-ou, Jérusalèm.

Pou lòt Lè yo, psòm komplémantè yo, 1007.

Pou Tièrs

Réf. Kris la té résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, alélouya.

LÉKTU KOUT

Cf. Rom 4, 24-25

Nou kouè nan sa-a ki té résisité Jézu Granmèt nou-an sot nan pami mò yo, li minm yo rimmèt pou fot nou yo, épi ki résisité pou fè nou vîn kòrèk la.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Yo rimmèt li poutèt fot nou yo, li té résisité pou nou vîn kòrèk, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Jn 5, 5-6a

Kilès sa-a ki ranpòté viktoua sou tè-a, si sé pa sa-a ki kouè Jézu sé Pitit Bondié-a ? Sa-a sé li minm ki vini nan dlo-a ak san-an, Jézu-Kri ; pa nan dlo-a sèlman, min nan dlo-a ak san-an.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé sa-k anro yo pou nou chèché, alélouya.

LÉKTU KOUT

Cf. Éféz 4, 23-24

Sé pou nou rénouvlé nan éspri pansé nou épi sé pou nou abiyé ak moun nouvo-a, ki kréyé dapré Bondié nan jistis ak sin vérité-a sin-an.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dimanch Réziréksion-an, 47.

LÉKTU KOUT

Ébr 7, 24-27

Jézu, paské li rété pou tout tan, li gin sèvis prèt ki pa kapab dépasé, sé pou sa tou sé san rété li kapab sové moun yo ki proche kot Bondié pa lintèmédiè-l yo, antan-l toujou vivan pou-l plédé pou yo. Sé kalité sa-a réyèlman épi ki té konv nab, pou-l t-a gran prèt nou, ki sin, ki inosan, ki pa gin tach, ki séparé sot nan péchè yo épi ki vîn pi ro pasé sièl yo, ki pa bézouin chak jou, tankou prèt yo, pou-l ofri sakrifis toudabò pou pròp fot pa-l yo, apré sa pou pèp la ; li té fè sa réyèlman yon sèl foua antan-l ofri pròp tèt li.

Nan plas répons la, yo di:

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou *Magnificat* la, réf. : Jézu té antré ansanm avèk yo; épi rivé, pandan li atablé, li té pran pin-an, li té béni-l, li té kasé-l, épi li t-ap lonjé-l ba yo, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, li minm ki té résisité sot nan pami mò yo épi ki chita adouat

Papa-a, an nou inploré-l ak siplikasion, antan n-ap di :

Ou minm Kris la ki toujou vivan, kouté nou.

Sonjé, Granmèt, tout réponsab ki nan sèvis ou yo,

— pou yo prezanté modèl yon vi ki sin bay pèp ou-a.

Moun yo k-ap dirijé nasion-an, ba yo éspri jistis la ak lapè-a,

— pou nou kapab viv byin ansanm nan vil moun yo.

Ranjé jou nou yo pou sovè nou gin pou sovè-a,

— épi pou édé moun ki nan bézouin yo fè tè-a donnin anpil.

Ou minm Kris sovè-a, ki té kléré tout tè-a épi ki té rélé tout kréasion-an

ki anba dékonpozision-an pou-l vîn nan lavi,

— frè nou yo ki défin yo, ba yo limiè ki pou tout tan-an.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki fè kè nou kontan nan fèt solanèl yo fè chak ané pou rézirké sion Granmèt la fè nou favè, ak bon kè-ou pou, gras a fèt sa yo n-ap fété nan tan sa-a, nou rivé jouinn kè kontan tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JÉDI
ANNDAN OKTAV PAK LA

Pou Invitatoua-a

Réf. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Hic est dies verus Dei*, 58.

PSÒM YO

Réf. 1 Sé pou Israèl di sa koulié-a : Mizérikòd li pou sièk, alélouya.

Psòm 117 (118)

I

- ¹ Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ² Sé pou Israèl di sa koulié-a, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ³ Sé pou kay Aaron-an di sa koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁴ Sé pou sa yo ki krinn Granmèt la di koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.

- 5 Nan tribilasyon-an mouin té rélé Granmèt la, *
 Granmèt la té kouté-m antan li fè-m soti nan koté ki laj.
- 6 Granmèt la avèk mouin, *
 mouin pa pè sa yon moun kapab fè-m.
- 7 Granmèt la avèk mouin kòm sékou mouin, *
 mouin minm minm m-ap méprizé ènmi-m yo.
- 8 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
 pasé pou nou mét konfians nan moun.
- 9 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
 pasé pou nou mét konfians nan chèf.

Réf. Sé pou Israèl di sa koulié-a : Mizérikòd li pou sièk, alélouya.

Réf. 2 Sé li minm Granmèt la ki sové-m, alélouya.

II

- 10 Tout nasion yo antouré-m, *
 o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 11 Antan yo ansèklé-m byin ansèklé, *
 o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 12 Yo té ansèklé-m tankou mièl, †
 yo flanbé tankou difé nan pikan, *
 o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 13 Antan yo pousé-m byin pousé pou-m tonbé, *
 Granmèt la poté-m sékou.
- 14 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, *
 sé li minm ki sové-m.
- 15 Voua fèt ak sové nou sové-a *
 nan tant moun ki kòrèk yo :
- 16 « Min douat Granmèt la fè mèvèy ! †

- min douat Granmèt la lévé-m byin ro ; *
- min douat Granmèt la fè mèvèy ! »
- 17 Mouin pap mouri, min m-ap viv *
- épi m-ap rakonté travay Granmèt la.
- 18 Antan Granmèt la té korijé-m byin korijé *
- min li pa lagé-m nan lanmò.

Réf. Sé li minm Granmèt la ki sové-m, alélouya.

Réf. 3 Sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt, sé yon mèvèy nan jé nou, alélouya.

III

- 19 Louvri pòt jistis yo pou mouin ; *
- m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la.
- 20 Sa-a sé pòt Granmèt la ; *
- moun ki kòrèk yo ap antré ladan-l.
- 21 M-ap fè déklarasion pou ou, paské ou kouté-m, *
- ou vîn tounin pou mouin sa-a ki sové-m nan.
- 22 Ròch la bòs mason yo té réjité-a, *
- sé li minm ki vîn tounin mitan kouin anlè-a ;
- 23 sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt, *
- sé yon bagay ékstraòdinè nan jé nou.
- 24 Sa-a sé jou Granmèt la fè-a : *
- sé pou nou fété, sé pou nou kontan nan li.
- 25 Granmèt, o, sové-m ; *
- Granmèt, o, fè nou réyisi !
- 26 Li béni, sa-a k-ap vini o non Granmèt la. *
- Nou béni nou sot nan kay Granmèt la.

- ²⁷ Sé Bondié Granmèt la yé, l-ap kléré nou. *
 Òganizé solanité-a nan ramo ki byin founi,
 jous nan kòn otèl la.
- ²⁸ Sé Bondié-m ou yé, m-ap fè déklarasion pou ou, *
 Bondié mouin, m-ap lévé-ou anlè.
- ²⁹ Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
 poutèt mizérikòd li-a pou tout tan.

Réf. Sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt, sé yon mèvèy nan jé nou, alélouya.

V/. Nan rézireksion-ou nan, ou minm Kris la, alélouya.

R/. Sé pou sièl yo ak tè-a kontan, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan premié Lèt apot sin Piè

3, 1-17

Osijè suiv modèl Kris la

¹ Sé pou médam yo obéyi mari yo, pou, minm si ginyin ki pa kouè nan paròl la, gras a konduit médam yo, san paròl, yo rivé konvink yo ; ² antan yo konsidéré konduit nou ki onèt, nan respè. ³ Konpòtman nou pa doué réglé sou bagay ki parèt déyò, très chévé, ronn lò, ni bèl rad ki abiyé nou ; ⁴ min sé sa-k kaché nan kè moun nan, nan sa-k pa kapab gaté-a, yon éspri trankil, tou dou, sé sa ki gin valè dévan fas Bondié. ⁵ Sé konsa réyèlman lontan médam ki té sin yo, ki té espéré nan Bondié, yo té konn anbéli kò yo, antan yo té obéyi pròp mari yo, ⁶ tankou Sara ki té obéyi Abraam, antan li rélé-l mèt ; sé pitit fi li nou yé, antan nou aji byin, san nou pa pè okinn boulvès.

⁷ Nou minm tou mari yo, antan nou abité ansanm ak madanm nou, nou chèché konprann yo, tankou yon ti véso frajil, sé pou nou trété yo avèk

konsidérasion, tankou moun ki éritié lavi gras la ansanm avèk nou, pou priyé nou pa jouinn anpéchman.

⁸ Anfin réyéلمان nou tout sé pou nou fè yon sèl, pou youn pran pitié pou lòt, pou nou rinmin tankou frè, pou nou gin mizérikòd, pou nou gin umilité, ⁹ pou nou pa rinmèt mal pou mal, ni madichon pou madichon, min okontrè antan n-ap souété díbyin, paské sé pou sa yo té rélé nou, pou nou résévoua bénédiksion-an kòm éritaj.

¹⁰ « Réyéلمان, moun ki *vlé rinmin lavi*

pou-l ouè jou ki bon,

sé pou-l sispann fè lang li palé mal,

pou bouch li pa di paròl k-ap tronpé;

¹¹ *sé pou-l kité chémin sa ki mal pou-l fè sa ki byin,*

sé pou-l chèché lapè, pou-l rapousuiv li.

¹² Paské jé Granmèt la pozé sou moun ki kòrèk yo,

zòrèy li panché sou lapriyé yo;

min figi Granmèt la ap sivéyé moun k-ap fè sa-k mal yo ».

¹³ Sa-k pou nui nou, si n-ap chèché sa-k byin? ¹⁴ Si n-ap soufri pou sa-k kòrèk la, ala kontantman pou nou! *Pa pè moun yo k-ap fè nou pè-a, pa troublé ditou.* ¹⁵ Sé pou nou fè rékonèt Kris la, *Granmèt la, sin nan kè nou, sé pou nou toujou paré pou nou réponn tout moun k-ap mandé nou kont sou éspérans ki nan nou-an.* ¹⁶ Min sé pou sa fèt avèk simplisité, avèk réspè, antan nou gin bon konsians. Konsa, sou pouin y-ap palé nou mal la, y-a blijé ront, yo minm k-ap fè kalomni kont bon konduit nou gin nan Kris la. ¹⁷ Pito nou soufri akòz byin n-ap fè, si volonté Bondié pèmèt sa, pasé pou nou soufri poutèt mal n-ap fè.

RÉPONS

Lk 6, 22. 23a; 1 Piè 3, 14a

R/. Ala kontantman pou nou minm lè moun yo ap rayi nou, lè y-ap jété non nou tankou bagay ki mal, poutèt Pitit moun nan * Fè kè nou kontan jou sa-a, fété: paské min rékonpans nou anpil nan sièl la, alélouya.

V/. Si n-ap soufri pou sa-k kòrèk la, ala kontantman pou nou. * Fè kè nou kontan.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Katéchèz Siril de Jérusalèm

(Cat. 20, Mystagogica 2, 4-6: PG 33, 1079-1082)

Batèm nan, sign soufrans Kris la

Yo minnin nou kot basin ki sin-an pou batèm ki sot nan Bondié-a, tankou Kris la sot sou koua-a pou yo dépozé-l an fas tonbo-a.

Lè sa-a yo pozé nou chak késion èské li kouè nan non Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an. Lè nou fîn déklaré déklarasion k-ap sové nou-an épi yo plonjé nou toua foua nan dlo-a, yon lòt foua nou té sot nan dlo-a; épitou la-a nan pòtré ak nan sinbòl nou té indiké toua jou Kris la té fè nan tonbo-a.

Minm jan réyèlman Sovè nou-an té pasé toua jou ak toua nuit nan vant tè-a; konsa tou nou minm nan premié soti nan dlo-a premié jou sa-a Kris la té pasé nan tè-a, épi ak antré anba dlo-a nou té imité nuit la. Paské tankou moun k-ap viv nan nuit, li pa ouè ankò, min sa-a minm ki nan jou-a, li parèt nan limiè-a; konsa tou nan antré anba dlo-a, tankou nan nuit, nou pa-t ouè anyin, min nan soti nan dlo-a sé tankou si yo té mété nou nan jou-a; nan minm moman-an nou té ni mouri ni pran nésans, dlo sa-a minm k-ap sové-a li té vîn tounin ni tonbo ni manman pou nou.

Épi bagay Salomon té di osijè lòt réalité yo, li byin korésponn ak nou nèt; li minm li t-ap di: *Yon tan pou anfanté ak yon tan pou mouri*; min pou nou minm sé kontrè-a: yon tan pou mouri ak yon tan pou pran nésans; yon sèl tan-an té fè toulèdé bagay sa yo, ansanm ak lanmò-a nésans nou-an vîn rankontré.

Ala yon kalité réalité ki nouvo yo pa-t janm tandé! Nou pa mouri vré ni nou pa antéré vré, san nou pa-t klouré sou koua vré nou té résisité; imitasion véritab réalité bagay sa yo vîn éksprimé pa lintèmédiè imaj la, min sé tout bon vré sové nou sové-a pran nésans la-a.

Kris la té klouré sou koua-a vré, li té antéré vré, li té résisité vré; épi yo ba nou tout bagay sa yo pa lintèmediè gras la, pou, lè nou vîn patisipé nan sa-l té andiré yo pa lintèmediè imitasion-an, nou vîn ginyin nan vérité-a sové nou sové-a.

Ala yon rinmin k-ap débodé nan moun yo! Kris la té résévoua klou yo ak pié-l ak min-l ki san tach yo épi li té sipoté doulè-a jous nan bout: mouin minm minm, san-m pa fè ékspérians doulè-a ak soufrans la, pa lintèmediè kominikasion doulè li yo, yo fè-m gras sové mouin sové-a.

Pèsonn donk pa doué konsidéré batèm nan sé sèlman padon péché yo ak lagras adopsion-an li yé, tankou batèm Jan-an té yé-a, li minm ki té bay sèlman padon péché yo; lè okontrè nou té konnin ak présizyon, batèm sa-a, minm jan li sèvi pou nètouayé péché yo épi li fè jouinn kado Éspri-Sin-an, konsa sé modèl ak ékspresion soufrans Kris la li yé tou. Sé poutèt sa réyèlman Pòl tou tankou l-ap rélé t-ap di: *Èské nou pa konnin ninpòt nan nou ki batizé nan Kris Jézu, sé nan lanmò-l nou batizé? Nou antéré avèk li donk pa lintèmediè batèm nan nan lanmò-a.*

RÉPONS

Cf. Ap 7, 9

R/. Sa yo sé mouton tou jèn yo, sa yo té anonsé yo: alélouya; koulié-a yo té vini nan sous yo, * Yo plin ak klètè-a, alélouya.

V/. Dévan fas Mouton-an, yo abiyé ak rad blan, yo gin ramo nan min yo. * Yo plin.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dimanch Réziréksion-an, 37.

LÉKTU KOUT

Rom 8, 10-11

Si Kris la nan nou, kò-a mouri poutèt péché-a sé vré, min éspri-a sé lavi poutèt jistis la. Si Éspri sa-a ki té résisité Jézu sot nan pami mò yo abité nan nou, li minm ki té résisité Kris la sot nan pami mò yo ap fè kò lanmò nou yo viv tou pa lintèmediè Éspri li-a ki abité nan nou-an.

Nan plas répons kout la, yo di:

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou *Benedictus* la, réf. : Jézu té kanpé nan mitan disip li yo, épi li té di yo : Lapè pou nou, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la ki té résisité é ki toujou prézan nan Égliz li-a, an nou adoré-l antan n-ap rélé-l :

Rété avèk nou, Granmèt.

Granmèt Jézu, ou ranpòté viktoua sou péché-a ak lanmò-a,

— rét nan mitan nou, ou minm k-ap viv nan sièk sièk la.

Vîn jouinn nou avèk fòs ou-a ki pap fébli-a,

— montré kè nou yo jan Bondié bon.

Édé tè-a k-ap soufri dézakò,

— ou mmm sèl ki gin pouvoua pou-ou réfè nanm yo épi pou-ou fè yo rékonsilié.

Asiré nou nan lafoua dènié viktoua-a,

— ba nou fòs nan éspérans vini ou-ap vini-an.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki té rasanblé divèsité nasion yo nan louanj non-ou, fè nou favè pou sa yo ki jouinn nouvo nésans nan fontèn batèm nan, yo gin yon sèl minm lafoua nan kè yo ak yon sèl minm dévouman nan aksion yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

IMN, 62 - 64.

PSÒM YO

Réfrin

Pou Tièrs: Kris la té résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, alélouya.

Pou Sèkst: Yo rinmèt li poutèt fot nou yo, li té résisité pou nou vîn kòrèk, alélouya.

Pou Nòn: Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé sa-k anro yo pou nou chèché, alélouya.

Pou youn nan Lè sa yo, y-ap di psòm ki suiv la:

Psòm 118 (119), 17-24

III (⚡ Gimèl)

¹⁷ Fè sèvitè-ou dibyin, épi m-a viv, *
m-a kinbé paròl ou-a.

- 18 Dévoualé jé-m yo, *
 m-a konsidéré mèvèy nan laloua-ou la.
- 19 Sé étranjé mouin yé sou tè-a, *
 pa kaché kòmandman-ou yo ban mouin.
- 20 Nanm mouin ap dépéri tèlman mouin anvi jijman-ou yo, *
 pandan tout tan.
- 21 Ou reproché ògèyé yo ; *
 yo madichonnin, sa-k kité kòmandman-ou yo.
- 22 Ouété laront ak mépri sot sou mouin, *
 paské mouin obsèvé témouagnaj ou yo.
- 23 Minm si chèf yo chita, y-ap palé kont mouin, *
 sèvitè-ou la minm ap réfléchi sou désizion-ou yo.
- 24 Sèké témouagnaj ou yo sé plézi-m, *
 désizion-ou yo sé konsèy mouin.

Psòm 29 (30)

I

- 2 M-ap lévé-ou anlè, Granmèt, paské ou té délivré-m, *
 ni ou pa-t kité ènmi-m yo pran plézi yo sou mouin.
- 3 Granmèt, Bondié mouin, mouin té plinn koté-ou, *
 épi ou té géri-m.
- 4 Granmèt, ou té ouété lavi-m sot anba tè-a, *
 ou té fè-m viv, pou-m pa désann nan fòs la.
- 5 Chanté pou Granmèt la, sin-l yo, *
 fè déklarasion pou souvni-l ki sin.
- 6 Sèké pou yon moman kòlè-l rivé, *
 min sé pou lavi volonté-l diré.
 Nan asouè gin dlo nan jé, *
 nan matin sé kè kontan.

II

- 7 Mouin minm minm mouin t-ap di nan asirans mouin-an :
« Mouin pap janm tranblé ».
- 8 Granmèt, nan volonté-ou, *
ou té bay garanti fòs pou bèlté mouin-an ;
ou té kaché fas ou louin-m, *
mouin vîn boulvèsé.
- 9 Koté-ou, Granmèt, mouin rélé, *
épi kot Bondié-m nan mouin mandé épagné-m.
- 10 Sa ou-ap jouinn nan san-m, *
lè-m désann nan fòs la ?
Èské pousiè-a ap fè déklarasion pou ou ?
Èské l-ap anonsé vérité-ou la ?
- 11 Kouté, Granmèt, pran pitié pou mouin, *
Granmèt, sé ou k-ap poté-m sékou.
- 12 Ou té chanjé plint mouin-an nan chanté dans, *
ou chiré rad sak mouin-an, ou abiyé-m ak kè kontan,
- 13 pou-m chanté pou ou gloua mouin san rété, *
Granmèt Bondié-m, pou tout tan m-ap fè déklarasion pou ou.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Pou Tièrs

Réf. Kris la té résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Kor 12, 13

Sé nan yon sèl Ésprî-a nou tout nou batizé nan yon sèl kò, soua Juif yo, soua Grèk yo, soua ésklav yo, soua moun lib yo, épi nou tout sé nan yon sèl Ésprî-a nou pasé souaf nou.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Yo rimmèt li poutèt fot nou yo, li té résisité pou nou vîn kòrèk, alélouya.

LÉKTU KOUT

Tit 3, 5b-7

Bondié té sovè nou pa lintèmediè bingn nouvo nésans la ak fè Éspri-Sin-an fè nou vîn tou nèf la, Éspri sa-a li té vidé sou nou k-ap débòdé-a pa pouvoua Jézu-Kri sovè nou-an, pou lè nou vîn kòrèk ak gras li-a nou rivé éritié lavi pou tout tan-an dapré éspérans la.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé sa-k anro yo pou nou chèché, alélouya.

LÉKTU KOUT

Cf. Kol 1, 12-14

Sé pou nou di Papa-a mèsi, li minm ki té fè nou alarotè nan pòsion éritaj sin yo nan limiè-a ; li minm ki té délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, ki té fè nou travèsé nan rouayòm Pitit li rinmin-an, nan Pitit sa-a nou gin rédanmsion-an, padon pou péché yo.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dimanch Réziréksion-an, 47.

LÉKTU KOUT

1 Piè 3, 18. 21b-22

Kris la mouri yon fous pou tout poutèt péché yo, li minm ki kòrèk pou sa yo ki pa kòrèk yo, pou-l té kapab minnin nou bay Bondié, li mouri nan chè-a sé vré, min li vivan nan Éspri-a. Nou minm tou koulié-a li sové nou, sé pa sa-k sal nan chè-a li ouété, min sé yon bon konsians li mandé nan Bondié pa lintèmediè réziréksion Jézu-Kri-a, li minm ki adouat Bondié, li pati nan sièl la, aprè-l fin mété anj yo ak pouvoua yo ak otorité yo anba lòd li.

Nan plas répons la, yo di:

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou *Magnificat* la, réf. : Gadé min-m yo ak pié-m yo, paské sé mouin minm minm, alélouya.

PRİYÈ YO

Kris la, ki té résisité sot nan pami mò yo, kòm premié frui moun ki t-ap dòmi yo, ak rèl fèt an nou fè louanj li ansanm épi an nou priyé-l :

Ou minm ki résisité sot nan pami mò yo, kouté nou.

Sonjé Égliz ou-a ki sin-an, ou minm Kris la, sa-ou té bati sou fondasion
 Apot yo épi ou té déplouayé rivé nan limit ronm tè-a,
 — fè bénédiksion-ou rivé sou tout moun ki kouè nan ou yo.
 Ou minm médsin nanm nou ak kò nou,
 — vizité nou, sové nou gras a bon kè-ou.
 Soulajé malad yo, ba yo fòs,
 — dégajé yo sot nan tout soufrans yo.
 Édé moun ki krazé ak kè soté ak mové trétman yo,
 — antan-ou pran pitié soutni moun k-ap souffri san sékou yo.
 Gras a koua-ou la ak rézireksion-ou nan, ou louvri chémin pa janm
 mouri-a pou tout moun,
 — frè nou yo ki défin yo, fè yo favè jouinn kè kontan rouayòm ou-an.
 Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki té rasanblé divèsité nasion yo nan louanj non-ou, fè nou
 favè pou sa yo ki jouinn nouvo nésans nan fontèn batèm nan, yo gin yon
 sèl minm lafoua nan kè yo ak yon sèl minm dévouman nan aksion yo. Pa
 pouvoua Jézu-Kri.

VANDRÉDI
ANNDAN OKTAV PAK LA

Pou Invitatoua-a

Réf. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Hic est dies verus Dei*, 58.

PSÒM YO

Réf. 1 Fè déklarasion pou Granmèt la, li minm ki fè gran mèvèy pou kont li, alélouya.

Psòm 135 (136)

I

- ¹ Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ² Fè déklarasion pou Bondié dié yo, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ³ Fè déklarasion pou Granmèt mèt yo, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁴ Li minm ki fè gran mèvèy pou kont li, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁵ Li minm ki té fè sièl yo nan intéljans, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.

- ⁶ Li minm ki té élaji tè-a sou dlo yo, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁷ Li minm ki té fè gran sous limiè yo, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan ;
- ⁸ solèy la, pou-l kòmandé jou-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan ;
- ⁹ lafîn ak zétoual yo, pou yo kòmandé nuit la, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.

Réf. Fè déklarasion pou Granmèt la, li minm ki fè gran mèvèy pou kont li, alélouya.

Réf. 2 Li té fè Israèl soti nan mitan Éjip, mizérikòd li pou tout tan, alélouya.

II

- ¹⁰ Li minm ki té frapé Éjip nan premié pitit li yo, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ¹¹ Li minm ki té fè Israèl soti nan mitan yo,
poutèt mizérikòd li pou tout tan ;
- ¹² ak min fò, ak bra lévé, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ¹³ Li minm ki té séparé lanmè Rouj la an dé moso, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ¹⁴ Li té fè Israèl travèsé nan mitan-l, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ¹⁵ Li té chaviré Faraon ak lamé-l la nan lanmè Rouj la, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.

Réf. Li té fè Israèl soti nan mitan Éjip, mizérikòd li pou tout tan, alélouya.

Réf. 3 Granmèt la té rachté nou sot anba ènmi nou yo, alélouya.

III

- 16 Li minm ki té kondui pèp li-a nan dézè-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 17 Li minm ki té frapé gran roua yo, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan ;
- 18 li té touyé roua ki gin pouvoua yo, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 19 Séyon, roua Amorit yo, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan ;
- 20 Òg, roua Bashan, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 21 Li té rinnèt tè yo kòm éritaj, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan ;
- 22 kòm éritaj bay Israèl, sèvitè-l la, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 23 Li minm ki té sonjé nou nan rabésman nou-an, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 24 li té rachté nou sot nan min ènmi nou yo, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 25 Li minm ki bay tout chè manjé, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 26 Fè déklarasion pou Bondié sièl la, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.

Réf. Granmèt la té rachté nou sot anba ènmi nou yo, alélouya.

V/. Bondié té réfè nou nan éspérans vivan-an, alélouya.

R/. Pa lintèmédiè réziréksion Jézu-Kri sot nan pami mò yo, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan premié Lèt apot sin Piè

3, 18 — 4, 11

Tann vini Granmèt la ap vini-an

Nou minm mouin rinmin anpil la : ^{3,18} Kris la mouri yon fouda pou tout poutèt péché nou yo, li minm ki kòrèk pou sa yo ki pa kòrèk yo, pou-l té kapab ofri nou bay Bondié, li mouri nan chè-a, li vivan nan éspri-a ; ¹⁹ sé nan éspri-a minm li t-al préché éspri yo ki té nan prizon-an, ²⁰ yo minm ki té réfizé kouè lontan, lè moun yo t-ap tann pasians Bondié nan tan Noé-a, lè-l t-ap bati arch la, koté sé yon ti kras ki té sovè nan dlo-a, an tou uit moun nan. ²¹ Nou minm tou koulié-a batèm nan sovè nou sou minm fòm sa-a, sé pa sa-k sal nan chè-a li ouété, min sé yon bon konsians li mandé nan Bondié gras a rézireksion Jézu-Kri-a, ²² ki adouat Bondié, ki anglouti lanmò-a, pou nou té kapab vîn éritié lavi tout tan-an, li pati nan sièl la, aprè-l fîn mété anj yo ak pouvoua yo ak otorité yo anba lòd li.

^{4,1} Kris soufri nan chè li. Nou minm tou, min ki pansé pou nou pran tankou yon zam: moun k-ap soufri nan chè-a, li fè péché sispann. ² Poutèt sa lavi n-ap viv nan chè-a pou tan ki rété-a, nou pap viv li ankò dapré anvi lèzòm min dapré volonté Bondié. ³ Réyèlman, tan lontan-an, lè nou t-ap fè volonté nasion yo, li kont atò. Nou t-ap maché nan banbòch, nan mové anvi, nan divin, nan fèt ki pa-pròp, nan bouason ak nan zidòl nou pa gin doua sèvi. ⁴ Sou késion sa-a, yo étoné nou pa kouri ansanm ak yo nan débòdman lavi san kontròl yo-a, antan y-ap blasfémé. ⁵ Y-ap blijè rann kont dévan sila-a ki paré pou-l jijé ni vivan yo ni mò yo-a. ⁶ Sé pou sa, réyèlman, bòn nouvèl la té anonsé bay mò yo tou, pou sa yo té kondané dapré lèzòm nan chè, yo viv dapré Bondié nan éspri.

⁷ Konsa sé pou nou gin bon jijman, sé pou nou véyé nan priyé. ⁸ Anvan tout bagay, antan nou toujou gin charité antré nou, paské « charité-a kouvri pakèt péché yo ». ⁹ Antan nou youn résévoua lòt lakay

nou san plinyin ; ¹⁰ chak moun, dapré gras li résévoua-a, antan-l mété-l nan sèvis lòt yo, tankou bon administratè gras Bondié-a ki gin anpil fòm nan. ¹¹ Si yon moun ap palé, antan sé tankou paròl Bondié ; si youn ap sèvi, sé tankou avèk fòs Bondié bay la ; pou nan tout bagay yo bay Bondié gloua pa pouvoua Jézu-Kri, li minm gloua-a pou li ak otorité pou tout tan gin tan. Amèn.

RÉPONS

1 Piè 3, 18. 22

R/. Kris la soufri yon foua pou tout poutèt péché yo, li minm ki kòrèk pou sa yo ki pa kòrèk yo, pou-l té kapab minnin nou bay Bondié, * Li mouri nan chè-a sé vré, min li vivan nan Éspri-a, alélouya.

V/. Li minm ki adouat Bondié, li pati al nan sièl la, apré-l fîn mété anj yo ak pouvoua yo ak otorité yo anba lòd li. * Li mouri.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Katéchèz Siril de Jérusalèm

(Cat. 21, Mystagogica 3, 1-3: PG 33, 1087-1091)

Onksion Éspri-Sin-an

Lè nou batizé nan Kris la épi nou abiyé ak Kris la, nou vîn gin résanblans ak kondision Pitit Bondié-a. Bondié li minm ki té déstiné nou davans réyéلمان pou adopsion-an, li té fè nou gin minm kondision ak kò gloua Kris la. Sé poutèt sa antan yo fè nou patisipé avèk Kris la, sé pa san rézon yo rélé nou kris; épi sé osijè nou Bondié té di: *Pa touché sa-m sakré yo [Pa touché kris mouin yo]*.

Mîn nou vîn tounin kris , lè nou té résévoua mak so Éspri-Sin-an; épi tout bagay yo té vîn fèt pou nou nan pòtré, pandan sètènman nou sé pòtré Kris la. Épitou li minm sètènman li lavé nan gran riviè Jourdin-an, lè-l fîn kominiké bon lodè kondision Bondié-l la ki koulé bay dlo yo, li té monté

sot nan yo; pénétrasion réalité sa Éspri-Sin-an yé-a vîn fèt nan li, antan sa-k sanblé-a répozé sou sa-k sanblé-l la.

Pou nou minm tou minm jan-an, apré nou té monté sot nan dlo sakré basin-an, yo té ba nou onksion luil la, sé mak modèl sa-a Kris la té sakré avèk li-a: sètadi sètènman Éspri-Sin-an. Sé osijè-l tou Izayi ki sin antan l-ap konsidéré-l nan profési-a an fonksion pèrson Granmèt la li té di: *Éspri Granmèt la sou mouin, sé poutèt sa li té ban-m onksion-an; li té voyé-m poté bòn nouvèl la bay pòv yo.*

Réyèlman, Kris la pa-t résévoua onksion ak luil oubyin ak losion kò-a nan min moun yo; min Papa-a antan li mété-l davans kòm sovè tout tè-a, li té ba li onksion-an ak Éspri-Sin-an; tankou Piè di-a: *Jézu moun Nazarèt la, li minm Bondié té bay onksion ak Éspri-Sin-an; épi profèt David té déklaré antan-l di: Tròn ou-a, Bondié, pou sièk sièk la; bagèt douatu, bagèt rouayòm ou-an. Ou té rinmin jistis la, ou té rayi fot la; sé poutèt sa Bondié, Bondié-ou la, té sakré-ou ak luil fèt la dépasé konpagnon-ou yo.*

Li minm li té résévoua onksion ak yon luil fèt ki intélijan, sètadi Éspri-Sin-an; li minm yo rélé luil fèt poutèt sa paské sé li minm ki fè gin fèt spirituèl la: min nou minm lè nou résévoua onksion ak luil la, yo fè nou vîn patisipé ak Kris la épi gin minm déstiné avèk li.

Dayè, gadé pou pa résévoua luil sa-a kòm si li t-a sinp oubyin san valè: luil sa-a ki sin-an, sé pa yon sinp luil ankò ni, si yon moun t-a pito rélé-l konsa, yon luil tankou lòt yo, apré invokasion-an, min sé kado Kris la ak Éspri-Sin-an, ki vîn kapab aji ak prézans pouvoua Bondié-a nan li. Yo pasé-l vrèman sou fron-ou ak lòt sans ou yo tankou prèv yon kontra [sinbòl]. Épitou pandan y-ap fè onksion sou kò-a ak luil vizib la, nanm nan vîn sanktifié ak Éspri-Sin-an ki bay lavi-a.

RÉPONS

Éféz 1, 13b-14; 2 Kor 1, 21b-22

R/. Antan nou kouè, nou maké ak Éspri-Sin yo té promèt la, li minm ki garanti éritaj nou-an, * Nan rédanmsion n-ap rivé ginyin-an, nan louanj gloua li-a, alélouya.

V/. Bondié té sakré nou, li minm tou ki té maké nou, épi ki té mété garanti Éspri-a nan kè nou yo. * Nan rédanmsion.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dimanch Réziréksion-an, 37.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 5, 30-32

Bondié papa nou yo té résisité Jézu, li minm nou té touyé-a antan nou té pandié-l sou boua-a; Bondié lévé-l adouat li kòm chèf ak sovè pou-l bay Israèl pénitans ak padon péché yo. Kanta nou minm, nou sèvi paròl sa yo témouin, ak Éspri Sin-an Bondié té bay moun ki obéyi-l yo.

Nan plas répons kout la, yo di:

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou *Benedictus* la, réf. : Sa té déjà touazièm fous Jézu té parèt dévan disip li yo, apré li té résisité sot nan pami mò yo, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié Papa-a, li minm ki té poté nouvo lavi-a pou nou pa lintèmédiè réziréksion Kris la, an nou priyé-l ak insistans :
Kléré nou ak klète Kris la.

Bondié, ou minm ki té fè ouè nan aksion-ou yo dispozision dépi lontan-an, ou té kréyé tè-a, ou rét fidèl nan tout jénérasyon yo,

— kouté nou, Papa ki si tèlman bon.

Nétouayé nou ak pròpté vérité-ou la, dirijé pié nou nan sa-k fè nou sin nan kè nou,

— pou nou fè sa ki kòrèk ak sa ki fè-ou plézi.

Kléré fas ou sou nou,

— pou antan nou libéré sot nan péché-a nou plin ak byin lakay ou yo.

Ou minm ki té rékonsilié nou avèk ou pa lintèmediè Kris la,

— ba nou lapè ansanm ak tout moun ki abité sou ronnn tè-a.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki mété sakréman paskal la pou aliens rékonsiliation moun nan, fè kè nou favè, pou sa n-ap sélébré nan déklarasion nou fè-a, nou imité-l nan aksion. Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

Pou Lè nan mitan-an

IMN, 62 - 64.

PSÒM YO

Réfrin

Pou Tièrs: Kris la té résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, alélouya.

Pou Sèkst: Yo rinnèt li poutèt fot nou yo, li té résisité pou nou vîn kòrèk, alélouya.

Pou Nòn: Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé sa-k anro yo pou nou chèché, alélouya.

Pou youn nan Lè sa yo, y-ap di psòm ki suiv la:

Psòm 118 (119), 25-32

IV (7 Dalèt)

- 25 Nanm mouin kolé nan pousiè-a ; *
fè-m viv dapré paròl ou-a.
- 26 Mouin rakonté chémin-m yo, ou kouté-m ; *
apranm mouin désizion-ou yo.
- 27 Fè-m konprann chémin kòmandman-ou yo, *
m-a réfléchi sou mèvèy ou yo.
- 28 Nanm mouin ap kriyé ak lapinn ; *
fè-m kanpé dapré paròl ou-a.
- 29 Viré chémin manti-a louin-m, *
ban-m laloua-ou la avèk bon kè-ou.
- 30 Mouin chouazi chémin vérité-a, *
mouin mété jijman-ou yo dévan-m.
- 31 Mouin kolé nan témouagnaj ou yo, Granmèt ; *
pa kité mouin ront.
- 32 Nan chémin kòmandman-ou yo m-ap kouri, *
paské ou fè kè-m vîn laj.

Psòm 75 (76)

I

- 2 Yo rékonèt Bondié nan Juda, *
non-l gran nan Israèl.
- 3 Nan Salèm, sé la tant li yé, *
sé nan Siyon li abité.

- 4 Sé la li krazé zéklè zam pou tiré flèch la, *
ni boukliyé, ni épé, ni lagè.
- 5 Antan ou kléré, Ou-k mérité konsidérasion, *
sot nan mòn yo pran yo.
- 6 Sa yo té gin pouvoua nan kè, yo piyé yo, †
yo t-ap dòmni nan fon somèy yo, *
nan pouin gason vanyan ki jouinn kouraj ak min yo.
- 7 Lè ou ménasé, Bondié Jakòb, *
ni sa k-ap kondui chario ni choual yo pran dòmni.

II

- 8 Ou minm ou mérité respè épi kilès k-ap rézisté dévan-ou ? *
Dépi lè sa-a kòlè ou-a.
- 9 Antan ou nan sièl la, ou fè jijman-an ; *
tè-a té tranblé épi li té rét frankil,
- 10 lè Bondié lévé pou jijman-an, *
pou-l sové tout pòv yo sou tè-a.
- 11 Paské gro kòlè moun nan ap fè déklarasion pou ou, *
épi réstan gro kòlè-a ap fè jou fèt pou ou.
- 12 Fè promès épi réglé-l bay Granmèt Bondié nou-an ; *
nou tout ki antouré-l, poté kado pou sa-k Mérité respè-a,
- 13 li minm ki koupé souf chèf yo, *
roua yo sou tè-a ap ba-l respè.

Pou lòt Lè yo, psòm komplémantè yo, 1007.

Pou Tièrs

Réf. Kris la té résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, alélouya.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 2, 32. 36

Jézu, Bondié té résisité-l, nou tout nou sèvi-l témouin. Sé ak anpil asirans donk pou tout kay Israël la konnin Bondié té fè-l ni Granmèt ni Kris, Jézu sa-a nou té krisifié-a.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Yo rimmèt li poutèt fot nou yo, li té résisité pou nou vîn kòrèk, alélouya.

LÉKTU KOUT

Gal 3, 27-28

Nou tout ki batizé nan Kris la, nou té abiyé ak Kris la ; pa gin Juif ni Grèk, pa gin ésklav ni moun lib, pa gin gason ni fi : nou tout réyéلمان sé yon sèl nou fè nan Kris Jézu.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Si nou té résisité ananm avèk Kris la, sé sa-k anro yo pou nou chèché, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Kor 5, 7-8

Ouété vié lévin-an, pou nou vîn yon nouvo pat, paské nou sé pin san lévin. Réyéلمان yo sakrifié Pak nou-an Kris la! Konsa sé pou nou sélébré

fèt yo, pa avèk vié lévin, ni avèk lévin méchansté ak movèz foua, min nan pin san lévin sinsérité-a ak vérité-a.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki mété sakréman paskal la pou aliens rékonsiliation moun nan, fè kè nou favè, pou sa n-ap sélébré nan déklarasion nou fè-a, nou imité-l nan aksion. Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

Pou Vèp yo

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dimanch Réziréksion-an, 47.

LÉKTU KOUT

Ébr 5, 8-10

Malgré Kris la sé Pitit li yé-a, li té aprann obéyisans nan sa-l soufri yo, lè-l fin akonpli, li vîn tounin pou tout moun k-ap obéyi-l koz sové yo sové pou tout tan-an, antan Bondié rélé-l prêt an chèf dapré ran Mèlkisédek.

Nan plas répons la, yo di:

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou *Magnificat* la, réf. : Disip sa-a Jézu té rinmin-an, té di : Sé Granmèt la, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, chémin-an, vérité-a ak lavi-a an nou lévé-l anlè, antan n-ap rélé :

Pitit Bondié vivan-an, béni pèp ou-a.

N-ap priyé-ou, ou minm Kris la, pou tout réponsab yo nan Égliz ou-a, pou, antan y-ap séparé pin lavi-a bay frè yo,

— yo minm tou li nourri yo, li ba yo fòs.

N-ap priyé-ou pou tout pèp krétyin-an, pou-l maché ak dignité nan vokasion-l,

— pou-l kinbé éspri fè yon sèl la nan chinn lapè-a.

N-ap priyé-ou pou moun ki gin otorité pou dirijé nou, pou yo fè dévoua yo dapré jistis la ak mizérikòd la,

— joutan sé bon antant ki ranpòté viktoua ak lapè nan pami tout pèp yo.

N-ap priyé-ou, pou-ou fè nou fîn alarotè nèt, nou minm k-ap sélébré-ou avèk yon kè sinsè nan fanmi sin yo,

— ansanm avèk frè nou yo ki défin, yo minm nou rékomandé bay bon kè-ou la.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki mété sakréman paskal la pou aliens rékonsiliasion moun nan, fè kè nou favè, pou sa n-ap sélébré nan déklarasion nou fè-a, nou imité-l nan aksion. Pa pouvoua Jézu-Kri Granmèt nou.

SAMDI
ANNDAN OKTAV PAK LA

Pou Invitatoua-a

Réf. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Hic est dies verus Dei*, 58.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt la gran épi grandè-l la pa gin limit, alélouya.

Psòm 144 (145)

I

- | | | |
|--------------|--|---|
| ¹ | M-ap lévé-ou anlè, Bondié mouin ki roua, †
m-ap béni non-ou *
pou sièk épi pou sièk sièk la. | 8 |
| ² | Chak jou m-ap béni-ou, †
m-ap fè louanj pou non-ou *
pou sièk épi pou sièk sièk la. | 2 |
| ³ | Granmèt la gran, li mérité anpil louanj, *
yo pa kapab sondé grandè-l. | 3 |
| ⁴ | Yon jénérasyon ap fè louanj pou travay li
bay yon lòt jénérasyon, *
y-ap rakonté pouvoua-ou. | 7 |

- ⁵ Grandè gloua majésté-ou, y-ap déklaré-l, * ה
 mèvèy ou yo, y-ap rakonté yo.
- ⁶ Y-ap di puisans sa-ou fè yo ki bay krint * ו
 épi y-ap rakonté grandè-ou.
- ⁷ Y-ap déklaré souvni dousè-ou k-ap débòdé, * ז
 y-ap fété poutèt jistis ou.
- ⁸ Granmèt la gin pitié, li gin mizérikòd, * ח
 li gin pasians, li gin anpil mizérikòd.
- ⁹ Granmèt la bon pou tout moun, * ט
 pitié li yo sou tou sa-l fè yo.

Réf. Granmèt la gran épi grandè-l la pa gin limit, alélouya.

Réf. 2 Granmèt la té fè konnin gloua grandè rouayòm li-an, alélouya.

II

- ¹⁰ Sé pou yo fè déklarasion pou ou, Granmèt, tou sa-ou fè yo ; * י
 sé pou sin-ou yo béni-ou.
- ¹¹ Gloua péyi-roua-ou la, sé pou yo déklaré-l, * כ
 pouvoua-ou, sé pou yo anonsé-l,
- ¹² pou yo fè pitit moun yo konnin mèvèy ou yo, * ל
 ak gloua grandè péyi-roua-ou la.
- ¹³ Péyi-roua-ou la, sé péyi-roua tout sièk yo, * מ
 kòmandman-ou nan pou jénérasion ak jénérasion.

Réf. Granmèt la té fè konnin gloua grandè rouayòm li-an, alélouya.

Réf. 3 Sé pou tout chè béni non-ou ki sin-an pou sièk sièk la, alélouya.

III

- 13^b Granmèt la fidèl nan tout paròl li yo, * 1
 épi li sin nan tout aksion li yo.
- 14 Granmèt la soulajé tout moun ki tonbé, * 2
 li drésé tout moun ki fébli.
- 15 Jé yo tout ap éspéré sou ou, * 3
 ou minm ou ba yo manjé nan tan konvnab.
- 16 Ou louvri min-ou, * 4
 ou plin tout vivan nan byinvéyans.
- 17 Granmèt la kòrèk nan tout chémin-l yo, * 5
 li sin nan tout aksion-l yo.
- 18 Granmèt la toupré tout moun k-ap rélé-l yo, * 6
 tout moun yo k-ap rélé-l nan vérité-a.
- 19 L-ap fè volonté moun ki krinn li yo, † 7
 l-ap kouté priyè yo, *
 l-ap sové yo.
- 20 Granmèt la prezèvé tout moun ki rinmin-l yo, * 8
 min l-ap gayé tout péchè yo.
- 21 Sé pou bouch mouin fè louanj Granmèt la, † 9
 sé pou tout chè béni non-l ki sin-an *
 pou sièk épi pou sièk sièk la.

Réf. Sé pou tout chè béni non-ou ki sin-an pou sièk sièk la, alélouya.

V/. Bondié té résisité Kris la sot nan pami mò yo, alélouya.

R/. Pou lafoua nou-an ak éspérans nou sé nan Bondié, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan premié Lèt apot sin Piè

4, 12 — 5, 14

Ankourajman pou ansyin yo ak fidèl yo

^{4,12} Nou minm mouin rinmin anpil la, pa pèdi chémin nan difé ki éklaté pou tanté nou-an, kòm si sé yon bagay nouvo ki rivé nou ; ¹³ min antan nou patisipé nan soufrans Jézu-Kri, sé pou nou kontan, pou nou kapab fété ak kè kontan tou lè gloua-l la ap dévoualé-a. ¹⁴ Si yo manké nou déga poutèt non Kris la ala kontantman pou nou ; paské sa-k onè, gloua épi puisans Bondié, épi sa-k Éspri-l la, li pozé sou nou. ¹⁵ Sèlman pèsonn nan nou pa doué soufri pou kèsion touyé moun oubyin vòlè oubyin jouré oubyin mét lidé sou byin prochin yo. ¹⁶ Min si sé kòm krétyin, li pa doué ront, okontrè sé pou-l fè louanj Bondié nan non sa-a.

¹⁷ Sèké tan-an rivé, pou kòmansé jijman-an apati kay Bondié-a. Si donk kòmansman-an apati nou, ki sa finisman pa yo-a ap yé, yo minm ki pa kouè Bòn Nouvèl Bondié-a ?

¹⁸ « Épi si sa-k kòrèk la, sé apèn si-l sové,
méchan-an ak péchè-a, ki koté pou yo y-ap prezanté tèt yo ? »

¹⁹ Konsa moun yo k-ap soufri dapré volonté Bondié-a, sé pou yo rinnèt nanm yo bay Kréatè ki fidèl la, antan y-ap fè sa-k byin.

^{5,1} Ansyin yo minm, ki nan pami nou yo, mouin priyé nou, mouin minm ki ansyin ansanm avèk nou épi ki témouin soufrans Kris yo, k-ap kominiké gloua-l la ki gin pou-l révélé apré-a : ² okipé bann mouton Bondié-a ki nan mitan nou-an antan nou prévoua sa-l bézouin san yo pa fòsé nou, min avèk tout kè nou dapré Bondié, san nou pa chèché richès malonèt, min ak tout bòn volonté nou ; ³ san nou pa kòmandé kòm mèt sou moun yo nou résponsab la, min antan nou vîn tounin modèl pou bann mouton-an. ⁴ Konsa, lè chèf gadyin yo ap parèt, n-a résévoua kouròn gloua ki pap finnin-an.

⁵ Nou tout, sé pou nou konsidéré nou pi ba pasé lòt yo paské
Bondié rézisté moun k-ap lèvé tèt yo,
sé sa-k rabésé tèt yo li bay gras la.

⁶ Konsa sé pou nou rabésé tèt nou anba min Bondié ki gin pouvoua, pou-l lévé nou nan tan vizit la, ⁷ rinmèt li tout tèt chajé nou, paské sé li minm k-ap okipé nou. ⁸ Sé pou nou kontrolé tandans nou, pou nou véyé, paské djab la ki ènmi nou-an, li tankou yon lion k-ap rélé, l-ap fè lavironn, antan l-ap chèché moun pou-l dévoré ; ⁹ sé pou nou rézisté-l avèk fòs nan lafoua, antan nou konnin sé minm soufrans la frè nou yo ki sou tout tè-a ap sibi.

¹⁰ Bondié tout gras la, li minm ki rélé nou nan gloua tout tan-l nan nan Kris Jézu, sé li minm k-ap fè nou fîn bon nèt, apré nou fîn soufri yon ti kras, l-ap asiré nou, l-ap rann nou solid. ¹¹ Konpliman ak otorité pou li pou tout tan gin tan. Amèn.

¹² Pa lintèmediè Silvin mouin konsidéré kòm yon frè ki fidèl, mouin ékri yon ti mo tou kout, mouin ankourajé nou, mouin asiré nou, sa-a sé vré gras Bondié-a, koté nou yé-a. ¹³ Égliz la ki rasanblé Babilòn nan salué nou, ni Mark, pitit mouin-an. ¹⁴ Sé pou nou youn salué lòt nan yon bo ki sin. Gras pou nou tout ki nan Kris Jézu. Amèn.

RÉPONS

Cf. 1 Piè 4, 13; Lk 6, 22

R/. Antan n-ap patisipé nan soufrans Kris la, sé pou nou kontan, * Pou nou kapab kontan antan n-ap fété tou lè gloua li-a ap révéle-a, alélouya.

V/. Ala kontantman pou nou lè moun yo ap rayi nou poutèt Pitit moun nan. * Pou nou.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Katéchèz Siril de Jérusalèm

(Cat. 22, Mystagoga 4, 1. 3-6. 9: PG 33, 1098-1106)

Pin ki sot nan sièl la ak bouason ki sové nou-an

Nan nuit sa-a koté yo t-apral rinmèt Granmèt nou-an Jézu-Kri, li té pran pin, épi antan li rann gras, li té kasé-l, li té bay disip li yo antan-l

di : Pran, manjé; sa-a sé kò mouin. Épi, antan-l pran kalis la lè-l fin rann gras, li té di: Pran, bouè; sa-a sé san mouin. Sé poutèt sa lè sé li minm ki té déklaré byin klè épi ki té di osijè pin-an: Sa-a sé kò mouin, kilès ki t-a gin odas diskité apré sa? Lè sé li minm ki té sètifié épi ki té di: Sa-a sé san mouin, kilès ki pou t-a janm douté, ap di sé pa san-l?

Sé sa-k fè ak tout konviksion nou pran bagay sa yo tankou kò ak san Kris la. Paské nan fòm pin-an yo ba ou kò-a, épi nan fòm divin-an y oba ou san-an; pou, lè-ou pran kò ak san Kris la, ou vîn tounin yon sèl kò ansanm ak li épi ak yon sèl san ansanm ak li. Konsa réyèlman nou vîn tounin sa k-ap poté Kris la tou, ak kò-l ak san-l ki distribué nan manb nou yo. Konsa dapré sin Piè nou vîn kapab patisipé nan sa-k fè-l sé Bondié-a

Lontan, antan Kris la t-ap diskité avèk Juif yo li t-ap di: *Si nou pa manjé chè-m épi si nou pa bouè san-m, nou pap gin lavi nan nou minm.* Min kòm yo pa-t konprann spirituèlman bagay li t-a di yo, yo faché épi rékilé, antan yo konsidéré li t-ap ankourajé yo pou yo manjé chè.

Té gin pin yo té ékspozé tou nan ansyin aliens la; min an vérité kòm yo té konsènè ansyin téstaman-an, yo té résévoua finisman. Nan nouvo téstaman-an minm, pin-an sot nan sièl la épi bouason-an ap sové nou, y-ap fè ni nanm nan ni kò-a vîn sin. Minm jan réyèlman pin-an konvnab pou kò-a, konsa tou Paròl la konfòm ak nanm nan.

Sé poutèt sa, pa gadé pin-an ak divin ékaristik yo tankou sinp éléman tankou lòt yo: réyèlman yo sé kò ak san Kris la, dapré déklarasion Granmèt la ki bay asirans; paské minm si sans ou t-a mété sa dévan-ou, sé pou lafoua-a minm fè-ou asiré épi solid.

Ak sa yo anségné-a épi ak lafoua ki asiré anpil la ki byin fòmé-a ki fè sa-a ki sanblé pin-an, sé pa pin li yé, minm si gou sansib la sé t-a sa, min sé kò Kris la; épi sa-k sanblé divin-an, sé pa divin li yé, minm si sé konsa sa sanblé pou gou-a, min sé san Kris la; épi osijè bagay sa-a dépi lontan David t-ap di nan psòm yo: *Pin-an minm bay kè moun nan fòs, pou mét gété nan fas li ak luil: rafèmi kè-ou, antan ou pran pin sa-a yon fason spirituèl épi mét gété nan fas nanm ou.*

Ala sa t-a bon si antan-ou gin fas sa-a ki kouvri nan yon konsians ki nèt, ou t-a ouè gloua Bondié-a tankou nan yon glas, ou t-a alé sot nan gloua al nan gloua, nan Kris Jézu Granmèt nou-an, li minm sé pou li onè-a, pouvoua-a ak gloua-a nan sièk sièk yo. Amèn.

RÉPONS

Lk 22, 19; Ex 12, 26-27a

R/. Antan Jézu pran pin-an, li té rann gras, li té kasé-l, épi li té ba yo, antan-l di : Sa-a sé Kò-m, yo bay pou nou-an : * Fè sa pou nou fè sonjé-m, alélouya.

V/. Lè pitit nou yo ap di nou : Ki rélijion sa-a ? n-a di yo : Sé sakrifis Pak la pou Granmèt la. * Fè sa.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dimanch Réziréksion-an, 37.

LÉKTU KOUT

Rom 14, 7-9

Pèsonn nan nou pap viv pou prop tèt li; pèsonn pap mouri pou prop tèt pa li; kit n-ap viv réyèlman, sé pou Granmèt la n-ap viv, kit nou mouri, sé pou Granmèt la nou mouri. Donk kit n-ap viv, kit nou mouri, sé pou Granmèt la nou yé. Sé pou sa réyèlman Kris la mouri épi li té viv tou, sé pou-l té kòmandé ni sa-k mouri yo, ni sa-k vivan yo.

Nan plas répons kout la, yo di:

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou *Benedictus* la, réf. : Antan Jézu résisité nan matin premié jou sémèn nan, li té parèt an premié bay Mari Madlèn, sa-l té chasé sèt démon sot nan li-a, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, pin lavi-a; li minm k-ap résisité moun ki profité tab parol li ak kò li-a nan dènié jou-a, ak gété an nou priyé-l :

Granmèt, ba nou lapè ak kè kontan.

Pitit Bondié-a, ou minm lè-ou résisité sot nan pami mò yo, ou chèf lavi-a,
— béni nou, fè nou vîn sin ansanm ak tout frè-ou yo.

Ou minm ki bay tout moun ki kouè nan ou yo lapè ak kè kontan,

— fè nou maché tankou pitit limiè pou nou kontan nan viktoua ou la.

Dévelopé lafoua Égliz la ki pèlrin sou tè-a,

— pou-l bay moun yo sou tè-a témouagnaj rézireksion-ou nan.

Ou minm ki fîn soufri anpil, épi ou té antré nan gloua Papa-a,

— lapinn moun ki tris yo, fè-l vîn tounin kè kontan.

Papa nou.

Priyé-a

Bondié, ki fè pèp yo ki kouè nan ou-a vîn plis, gras a kantité gras-ou, voyé jé ak bon kè-ou sou sa yo ou chouazi-a, pou sa yo ki jouinn nouvo nésans nan sakréman batèm nan, ou fè yo abiyé ak kontantman lavi ki pap janm mouri-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

IMN, 62 - 64.

PSÒM YO

Réfrin

Pou Tièrs: Kris la té résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, alélouya.

Pou Sèkst: Yo rinnèt li poutèt fot nou yo, li té résisité pou nou vîn kòrèk, alélouya.

Pou Nòn: Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé sa-k anro yo pou nou chèché, alélouya.

Pou youn nan Lè sa yo, y-ap di psòm ki suiv la:

Psòm 118 (119), 33-40

V (7 Hé)

- 33 Pozé laloua-a pou mouin, Granmèt, chémin désizion-ou yo, *
m-a obsèvé-l tout tan.
- 34 Ban-m intélijans, m-a obsèvé laloua-ou la, *
m-a kinbé-l ak tout kè-m.
- 35 Kondui-m nan santié kòdmanman-ou yo, *
paské sé sa mouin vlé.
- 36 Panché kè-m nan témouagnaj ou yo, *
pa nan rinmin lajan.
- 37 Viré jé-m yo pou yo pa ouè sa-k pa vo anyin-an ; *
nan chémin-ou yo ban-m lavi.
- 38 Kinbé promès ou fè sèvitè-ou la, *
pou yo kapab krinn ou.
- 39 Ouété mank-déga y-ap fè-m yo, sa-m pè yo, *
paské jijman-ou yo sé kontantman.
- 40 Mouin anvì kòmandman-ou yo ; *
nan jistis ou-a, fè mouin viv.

Psòm 95 (96)

I

- 1 Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo, *
chanté pou Granmèt la, tout tè-a.
- 2 Chanté pou Granmèt la, béni non li, *
anonsé jou an jou sovè li sovè nou-an.
- 3 Anonsé gloua li pami nasion yo, *
nan tout pèp yo mèvèy li yo.
- 4 Paské Granmèt la gran, li mérité anpil louanj, *
li térib anlè tout dié yo.
- 5 Paské tout dié nasion yo yo pa égzisté, *
min sé Granmèt la ki fè sièl yo.
- 6 Louanj ak bèlté dévan fas li, *
otorité ak dékoration nan kay sakré-l la.

II

- 7 Poté bay Granmèt la, fanmi pèp yo, †
poté bay Granmèt la gloua ak puisans, *
- 8 poté bay Granmèt la gloua non-l nan.
Poté kado, antré nan lakou-l yo, *
- 9 adoré Granmèt la nan klèté-l ki sin-an.
Tranblé dévan fas li, tout tè-a, *
- 10 di nan nasion yo : « Granmèt la roua ! ».
Réyèlman l-ap drésé fas tè-a pou-l pa souké ; *
- 11 l-ap jijé pèp yo nan jistis.
Sé pou sièl yo kontan, pou tè-a fété, †
pou lanmè-a sonnin ansanm ak tou sa-k plin-l ; *
- 12 jadin yo ap kontan ansanm ak tou sa-k nan yo.
Lè sa-a tout boua nan rak yo ap fété †
- 13 dévan fas Granmèt la, sèké l-ap vini, *
paské l-ap vini pou-l jijé tè-a.

L-ap jijé fas tè-a nan jistis *
ak pèp yo nan vérité-l la.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Pou Tièrs

Réf. Kris la té résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, alélouya.

LÉKTU KOUT

Rom 5, 10-11

Si malgré nou té ènmi, nou vîn rékonsilié ak Bondié pa lintèmediè lanmò Pitit li-a, sé pi plis toujou antan nou fîn rékonsilié-a n-ap sovè nan lavi li-a; sé pa sèlman sa, min n-ap jouinn gloua nan Bondié palintèmediè Granmèt nou Jézu-Kri, li minm sé pa lintèmediè-l koulié-a nou té résevoua rékonsiliation-an.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Yo rimmèt li poutèt fot nou yo, li té résisité pou nou vîn kòrèk, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Kor 15, 20-22

Kris la té résisité sot nan pami mò yo, premié frui pami sa-k t-ap dòmi yo. Paské réyèlman sé pa lintèmediè yon moun gin lanmò-a, sé pa lintèmediè yon moun tou gin rézireksion mò yo : minm jan réyèlman tout moun té mouri nan Adan-an, sé konsa tout moun ap gin lavi nan Kris la.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé sa-k anro yo pou nou chèché, alélouya.

LÉKTU KOUT

2 Kor 5, 14-15

Rinmin Kris la ap pousé nou ; antan nou konsidé ré si yon sèl mouri pou tout moun, konsa tout moun yo mouri ; épi li mouri pou tout moun, pou minm moun k-ap viv yo, sé pa pou yo minm y-ap viv ankò, min pou sa-a ki mouri épi ki té résisité pou yo-a.

V/. Jou sa-a Granmèt la té fè-a, alélouya.

R/. An nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Priyè-a

Bondié, ki fè pèp yo ki kouè nan ou-a vîn plis, gras a kantité gras-ou, voyé jé ak bon kè-ou sou sa yo ou chouazi-a, pou sa yo ki jouinn nouvo nésans nan sakréman batèm nan, ou fè yo abiyé ak kontantman lavi ki pap janm mouri-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

DIMANCH NAN OKTAV PAK LA
(DÉZIÈM DIMANCH PAK)
Otréman-di Divîn Mizérikòd

Pou premié Vèp yo

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dimanch Réziréksion-an, 47.

LÉKTU KOUT

1 Piè 2, 9-10

Nou minm nou sé yon ras chouazi, yon sèvis prèt ki roua, yon nasion ki sin, yon pèp ki gin mèt, pou nou anonsé puisans sa-a ki té rélé nou sot nan fènoua yo vîn nan bèl limiè-l la ; lontan nou pa-t yon pèp, min koulié-a nou sé pèp Bondié-a ; nou pa-t résévoua mizérikòd, min koulié-a nou résévoua mizérikòd.

Nan plas répons la, yo di:

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou *Magnificat* la, réf. : Apré ui jou, antan pòt yo té fèmin, Granmèt la antré, li té di yo : Lapè pou nou, alélouya.

PRİYÈ YO

Kris la, li minm ki antan-l résisité sot nan pami mò yo té détrui lanmò-a épi té réfè lavi-a tou nèf, an nou priyé-l avèk insistans :

Ou minm Kris la ki toujou vivan, kouté nou.

Ou minm, ròch sa-a mason yo té réjté-a, ou vîn tounin tèt kouin mitan anlè-a:

— bati nou nan Égliz ou-a tankou ròch vivan.

Ou minm, témouin fidèl ki vré, prémié pitit nan pami mò yo,
— fè Égliz ou-a sèvi-ou témouin san rété.

Ou minm, sèl épou Égliz la ki soti bò kòt ou-a,
— fè nou sèvi sakréman mariaj sa-a témouin.

Ou minm ki prémié ak dènié, ou té mouri, ou vivan,
— prèzèvé moun ki batizé yo pou yo fidèl jous nan lanmò, pou yo rivé
résévoua kouròn nan.

Ou minm, limiè ak lanp vil Bondié-a ki sin-an,
— kléré défin nou yo, pou yo régné san rété.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié mizèrikòd tout tan-an, ki limin lafoua pèp la ki konsakré pou ou-a, nan fèt paskal sa-a ki tounin-an, dévlopé gras la ou té bay la, pou tout moun konprann avèk intélizans ki kòrèk, nan ki kalité bingn yo lavé, nan ki kalité éspri yo jouinn nouvo nésans, nan ki kalité san yo rachté. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou voyé moun yo alé, yo di:

Alé ak kè kontan, alélouya, alélouya.

R/. Mèsi Bondié, alélouya, alélouya.

Pou Invitatoua-a

Réf. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Hic est dies verus Dei*, 58.

PSÒM YO

Réf. 1 Mouin minm mouin sé mouin ki égzisté-a, désizion-m pa avèk méchan yo; min volonté-m sé nan laloua Granmèt la, alélouya.

Psòm 1

- ¹ Ala kontantman pou moun ki pa alé nan asanblé méchan yo, †
ki pa kanpé nan chémin péchè yo, *
- ² ki pa chita nan réyinion moun mové plézantri yo,
min sé nan laloua Granmèt la li mét volonté-l, *
- ³ sé nan laloua-l la l-ap kalkilé lajounin kon lannuit.
L-ap tankou yon pié boua ki planté sou bò dlo k-ap kouri, *
k-ap bay frui-l nan sézon-l ;
fèy li pap tonbé, *
ninpòt ki sa l-ap fè ap réyisi.
- ⁴ Méchan yo pa konsa, yo pa konsa, *
min sé tankou pousiè van-an ap broté.
- ⁵ Sé pousa méchan yo pap kanpé nan jijman-an, *
ni péchè yo, nan asanblé sa-k kòrèk yo.
- ⁶ Sèké Granmèt la konnin chémin moun ki kòrèk yo, *
épi rout moun ki pa kòrèk yo ap péri.

Réf. Mouin minm mouin sé mouin ki égzisté-a, désizion-m pa avèk méchan yo; min volonté-m sé nan laloua Granmèt la, alélouya.

Réf. 2 Mouin té mandé Papa-m ; li té ban-m nasion yo kòm éritaj, alélouya.

Psòm 2

- 1 Pouki sa nasion yo ap boulvèsé, *
pèp yo ap fè plan pou bagay ki pa gin konsistans ?
- 2 Roua yo sou tè-a kanpé, †
chèf yo rasanblé fè yon sèl *
kont Granmèt la ak kont Kris li-a :
- 3 « An nou kasé chinn yo, *
an nou jété jouk yo-a sot sou nou ! ».
- 4 Sa-a ki abité nan sièl yo ap ri yo, *
Granmèt-la ap pasé yo nan jouèt.
- 5 Lè sa-a atò li palé ak yo nan kòlè-l, *
nan mové san-l, li boulvèsé yo :
- 6 « Sé mouin minm ki instalé roua-m nan *
sou Siyon, mòn mouin ki sin-an ! ».
- 7 M-ap anonsé désizyon-l nan. †
Granmèt la di-m : « Sé pitit mouin ou yé ; *
sé mouin minm jodi-a ki anfanté-ou.
- 8 Mandé-m, m-ap ba-ou nasion yo kòm éritaj ou, *
propriété-ou sé limit tè-a.
- 9 Ou-ap kòmandé yo ak yon bagèt an fè, *
tankou véso ki fèt ak tè, ou-ap krazé yo ».
- 10 Koulié-a, roua yo, konprann, *
pran léson, nou minm k-ap jijé tè-a.
- 11 Sèvi Granmèt la ak krint, *
fété dévan-l avèk tranbléman.
- 12 Pran disiplîn nan, †
pou-l pa fè kòlè, épi pou nou pa pèdi chémin, *
paské l-apral flanbé nan yon ti moman, kòlè-l la.
Ala kontantman pou tout moun *
ki konfié nan li.

Réf. Mouin té mandé Papa-m ; li té ban-m nasion yo kòm éritaj, alélouya.

Réf. 3 Mouin minm mouin té dòmi, somèy té angoudi-m épi mouin té révéyé, paské Granmèt la té soutni-m.

Psòm 3

² Granmèt, pou kisa yo anpil sa k-ap fè-m pasé tribilasyon-an ? *

Yo anpil ki lévé kont mouin,

³ yo anpil k-ap di nanm mouin : *

« Li pap sovè nan Bondié ».

⁴ Ou minm, Granmèt, ou sèvi-m protèksion, *

gloua mouin, épi ou minm ki lévé tèt mouin.

⁵ Ak voua-m m-ap rélé kot Granmèt la, *

li kouté-m antan-l sou mòn li ki sin-an.

⁶ Mouin minm mouin dòmi, mouin nan profon somèy, *

mouin lévé, paské Granmèt la résévoua-m.

⁷ Mouin pa pè mil pèp k-ap antouré-m. *

Lévé, Granmèt, sovè-m, Bondié mouin ;

⁸ paské ou frapé tout ènmi-m yo nan machoua, *

dan méchan yo, ou krazé yo.

⁹ Pou Granmèt la, sovè-a yé, *

sou pèp ou-a, bédiksion-ou.

Réf. Mouin minm mouin té dòmi, somèy té angoudi-m épi mouin té révéyé, paské Granmèt la té soutni-m.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Lèt apot sin Pòl pou Kolosyin yo

3, 1-17

Nouvo lavi-a

Frè yo : ¹ Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé pou nou chèché bagay ki anro yo, koté Kris la chita adouat Bondié-a : ² sé bagay ki anro yo pou nou gouté, sé pa sa-k sou tè-a. ³ Nou mouri réyèlman, lavi nou kaché avèk Kris la nan Bondié. ⁴ Lè Kris la, lavi nou-an, ap parèt, lè sa-a, nou minm tou n-ap parèt avèk li nan gloua-a.

⁵ Konsa, mété lanmò nan manb nou yo ki sou tè-a : fònikasion, bagay ki pa pròp, mové tandans, mové lidé, avèk rinmin lajan, ki sèvis zidòl. ⁶ Bagay sa yo k-ap provoké kòlè Bondié sou moun ki pa gin lafoua yo, ⁷ nou minm tou nou té konn maché nan yo lontan, lè nou t-ap viv nan yo ; ⁸ Koulié-a minm, nou minm tou, dépozé tout bagay : kòlè, mové san, méchansté, blasfèm, paròl sal sot nan bouch nou ; ⁹ pa fè manti youn bay lòt, nou ouété moun ansyin-an ak tout aksion-l yo ki té abiyé nou-an, ¹⁰ nou abiyé ak moun nouvo-a, ki réfèt tou nèf nan konésans la, dapré pòtré sa-a ki té kréyé-l la ; ¹¹ koté sa-a pa gin nasyon ak Juif, ni sikonsizyon ak pa-sikonsizyon, ni moun sòt ak moun savan, ni ésklav ak moun lib, min sé Kris la ki tout bagay nan tout moun.

¹² Abiyé nou, tankou moun Bondié chouazi, ki sin, li rinmin, abiyé nou ak zantray mizérikòd, ak bon kè, rabésé tèt nou, ak dousè, pran pasians, ¹³ antan youn ap sipòté lòt, sé pou youn padonnin lòt, si youn gin kichòy kont lòt : jan Granmèt la padonnin nou, konsa nou minm tou ; ¹⁴ anlè tout bagay sa yo : charité-a, li minm ki kòd ki maré pou fè fin kòrèk nèt la. ¹⁵ Sé pou lapè Kris la dominé nan kè nou, sé nan li yo rélé nou pou nou fè yon sèl kò. Sé pou nou di mèsì.

¹⁶ Sé pou paròl Kris la abité nan nou jous li plin nou, antan nan tout sa-jès youn ap bay lòt ansègnman, youn ap réprann lòt, avèk Psòm, kantik

avèk chanté spirituèl, antan n-ap chanté nan gras nan kè nou pou Bondié.
¹⁷ Tou sa n-ap fè soua nan paròl, soua nan aksion, sé pou nou fè tout bagay o non Granmèt Jézu-Kri, antan n-ap di Bondié Papa-a mèsi pa lintémédiè-l.

RÉPONS

Kol 3, 1. 2. 3

R/. Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé pou nou chèché bagay ki anro yo, koté Kris la chita adouat Bondié-a: * Sé bagay ki anro yo pou nou gouté, sé pa sa-k sou tè-a, alélouya.

V/. Nou mouri réyèlman, lavi nou kaché avèk Kris la nan Bondié. * Sé bagay ki anro yo.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Ogustin, évèk

(*Sermo 8, in octava Paschæ 1. 4: PL 46, 838. 841*)

Nouvo kréatu-a nan Kris la

Prèch mouin-an sé pou nou, ti bébé yo ki fèk fèt, timoun yo nan Kris la, nouvo pitit Égliz la, gras Papa-a, abondans donn Manman-an, jèm réspè sakré-a, troup ki tou jèn nan, flè onè nou-an ak frui travay nou-an, kè kontan ak kouròn mouin, nou tout ki rét kanpè nan Granmèt la.

M-ap palé ak nou ak paròl Apot yo: *Abiyé ak Granmèt Jézu-Kri, épi nou pap fè dispozision chè-a nan mové atirans yo, pou nou abiyé ak lavi-a tou, sa nou té abiyé ak sakréman-an. Nou chak réyèlman ki batizé nan Kris la, nou abiyé ak Kris la. Pa gin Juif ni Grèk, pa gin ésklav ni moun lib, pa gin gason oubyin fi: nou tout réyèlman sé yon sèl nou yé nan Kris Jézu.*

Fòs sakréman-an li minm gin bagay sa-a: sé réyèlman sakréman lavi nouvo-a, ki kòmansé nan tan sa-a ak padon tout péché ki pasé yo, min l-ap fîn apouin nèt nan rézireksion mò yo. *Nou antéré réyèlman ansanm*

avèk Kris la nan lanmò-a pa lintèmédiè batèm nan, pou minm jan Kris la té résisité sot nan pami mò yo, konsa tou nou minm n-ap maché nan nouvo lavi-a.

N-ap maché pou koulié-a pa lintèmédiè lafoua-a, tout tan nou an pèlerinaj louin Granmèt la nan kò sa-a k-ap mouri-a: min sa-k tounin chémin asiré pou nou kot sa n-ap fè éfò pou nou rivé-a, sé li minm Kris Jézu dapré li sé moun, sa-l té aksépté tounin poutèt nou. Li séré anpil dousè réyèlman pou sa yo ki krinn li yo, k-ap gin pou louvri épi fin apouin pou sa yo ki éspéré nan li-a, lè sa nou résevoua koulié-a nan éspérans, n-ap résevoua-l tou nan réalité-a.

Jodi-a sé uitièm jou nésans nou-an; jodi-a yo akonpli nan nou mak so lafoua-a, sa-k té konn fèt kay ansyin papa yo nan sikonsizyon chè-a yo té konn fè nan uitièm jou apré nésans nan chè-a. Sé pou sa Granmèt la li minm tou lè-l résisité-a antan-l rétiré sou li lanmò chè-a, épi sètènman sé pa yon lòt bagay, min antan li résisité yon kò ki pap gin pou mouri ankò minm, li té maké jou Granmèt la nan réziréksion-l nan, sa ki touazièm apré jou soufrans li-a, min nan numéro jou yo apré saba-a sé uitièm, épi prémié-a minm jan-an.

Sé pou sa nou minm tou, sé pa déjà nan réalité-a, min sé déjà nan éspérans asiré-a, paské an minm tan nou gin sakréman réalité sa-a épi nou té résevoua garanti Éspri-a, *si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé pou nou gouté bagay ki anro yo, koté Kris la yé-a antan-l chita adouat Bondié-a; sé bagay ki anro yo pou nou chèché, sé pa sa-k sou tè-a. Nou mouri réyèlman, épi lavi nou kaché avèk Kris la nan Bondié. Lè Kris la, lavi nou-an, ap parèt, lè sa-a, nou minm tou n-ap parèt avèk li nan gloua-a.*

RÉPONS

Kol 3, 3-4; Rom 6, 11

R/. Nou mouri, épi lavi nou kaché avèk Kris la nan Bondié; * Lè Kris la, lavi nou-an, ap parèt, lè sa-a, nou minm tou n-ap parèt avèk li nan gloua-a, alélouya.

V/. Sé pou nou konsidéré nou mouri aléga péché-a, min n-ap viv pou Bondié nan Kris Jézu Granmèt nou-an. * Lè Kris la.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dimanch Réziréksion-an, 37.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 10, 40-43

Bondié té résisité Jézu touazièm jou-a, li fè-l parèt, non pa dévan tout pèp la, min dévan témouin yo Bondié té chouazi davans yo, nou minm, ki té manjé, ki té bouè avèk li, apré-l té fîn résisité sot nan pami mò yo; li té passé nou lòd pou nou préché pèp la, pou nou sèvi témouin sé li minm Bondié mété kòm jij moun ki vivan yo ak moun ki mouri yo. Tout profèt yo sèvi bagay sa-a témouin tout moun ap résévoua padon péché yo nan non-l, sa yo ki kouè nan li-a.

Nan plas répons kout la, yo di:

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou *Benedictus* la, réf. : Lonjé min-ou, pou-ou rékonèt plas klou yo; épi sispann pa kouè, min sé pou-ou gin lafoua, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié Papa-a gin tout pouvoua, li minm ki té résisité Jézu, chèf nou-an ak sovè nou-an, an nou priyé-l antan n-ap di byin fò :

Kléré nou, Grammèt, ak klété Kris la.

Papa ki sin, ou minm ki té fè Jézu ou rinmin-an travèsé sot nan fènoua lanmò yo al nan limiè gloua-ou la,

— fè nou vîn nan limiè-ou la ki ékstraòdinè-a.

Ou minm ki té sovè nou pa lintèrédiè lafoua-a,

— fè nou viv jodi-a nan lafoua batèm nou-an.

Ou minm ki kòmandé nou pou nou chèché bagay ki anro yo, koté Kris la yé-a antan-l chita adouat ou-a,

— prèzèvé nou sot anba atirans péché-a.

Sé pou lavi nou ki kaché anndan-ou avèk Kris la, vîn kléré sou tè-a,

— pou sièl nouvo-a ak tè nouvo-a vîn anonsé davans.

Papa nou.

Priyé-a

Bondié mizérikòd tout tan-an, ki limin lafoua pèp la ki konsakré pou ou-a, nan fèt paskal sa-a ki tounin-an, dévlopé gras la ou té bay la, pou tout moun konprann avèk intéljans ki kòrèk, nan ki kalité bingn yo lavé, nan ki kalité éspri yo jouinn nouvo nésans, nan ki kalité san yo rachté. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou voyé moun yo alé, yo di:

Alé ak kè kontan, alélouya, alélouya.

R/. Mèsi Bondié, alélouya, alélouya.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs, Sèkst ak Nòn, tout bagay tankou nan dimanch Réziréksion-an, 43, sof priyè-a tankou pi ro-a, pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

Imn nan, réfrin yo, psòm yo ak kantik la, tankou nan dimanch Réziréksion-an, 47.

LÉKTU KOUT

Ébr 10, 12-14

Kris la ofri yon sèl sakrifis pou péché yo, pou tout tan *li té chita adouat Bondié*, antan l-ap tann apré sa, *joustan yo plasé ènmi-l yo kòm machéskalié pou pié-l*; avèk yon sèl ofrann réyéلمان, li té fè moun yo ki vîn sin yo vîn kòrèk nèt pou tout tan.

Nan plas répons la, yo di :

Réf. Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya.

Pou *Magnificat* la, réf. : Paské ou té ouè-m, Toma, ou té kouè; ala kontantman pou moun ki pa-t ouè min ki té kouè, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié Papa-a, li minm ki té résisité Kris la épi ki té lévé-l anlè adouat li, an nou priyé-l antan n-ap sipliyé :

Gras a gloua Kris la, protéjé pèp ou-a, Granmèt.

Papa ki korèk, ou té lévé Jézu anlè sot sou tè-a gras a viktoua lakoua-a,

— fè tout bagay suiv atirans pou y-al jouinn li.
 Gras a Pitit la ou lévé anlè-a, voyé Èspri-Sin-an nan Ègliz la,
 — pou-l vîn tounin sakreman ki fè tout ras moun nan fè yon sèl.
 Nouvo pitit yo, sa-ou té bay nésans nan dlo-a ak nan Èspri-Sin-an,
 — fè yo rét fidèl nan batèm yo pou lavi tout tan-an.
 Gras a Pitit ou-a ki lévé anlè-a, soulajé maléré yo, libéré sa yo kinbé nan
 prizon yo, géri malad yo,
 — fè tout moun dibyin pou kè yo kontan.
 Frè nou yo ki défin yo, sa-ou té bay kò ak san Kris la ki nan gloua-a,
 — fè yo patisipé nan rézireksion-an nan dènié jou-a.
 Papa nou.

Priyè-a

Bondié mizérikòd tout tan-an, ki limin lafoua pèp la ki konsakré pou ou-a, nan fèt paskal sa-a ki tounin-an, dévlopé gras la ou té bay la, pou tout moun konprann avèk intélizans ki kòrèk, nan ki kalité bingn yo lavé, nan ki kalité éspri yo jouinn nouvo nésans, nan ki kalité san yo rachté. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou voyé moun yo alé, yo di:

Alé ak kè kontan, alélouya, alélouya.

R/. Mèsi Bondié, alélouya, alélouya.

Oktav Pak la fini

LINDI DÉZIÈM SÉMÈN PAK

Dézièm sémèn Psòm yo

Pou Ofis léktu-a

V/. Kè-m ak chè-m, alélouya.

R/. Té fété nan Bondié vivan-an, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Kòmansman liv Apokalips apot sin Jan

1, 1-20

Vizion Pitit moun nan

¹ Apokalips Jézu-Kri, sa Bondié ba li-a pou-l dévoualé klè bay sèvitè-l yo « sa-k gin pou rivé byin vit yo », épi antan-l voyé Anj li-a bay sèvitè-l Jan, ² ki rann témouagnaj bay paròl Bondié-a ak témouagnaj Jézu-Kri-a, tou sa-l ouè yo. ³ Ala kontantman pou moun ki li épi ki tandé paròl profési sa-a, épi ki kinbé bagay ki ékri ladan yo : tan-an tou pré réyèlman.

⁴ Jan pou sèt Égliz yo ki nan Azi-a. Gras pou nou ak lapè, sot nan sa-a ki la-a, ki té la-a épi k-ap vini-an, épi sot nan sèt éspri yo, ki dévan trôn li-a, ⁵ épi sot nan Jézu Kri, ki témouin fidèl la, prémié pitit nan pami mò yo, ak chèf roua yo ki sou tè-a, li minm ki rinmin nou, ki lavé nou sot nan péché nou yo nan san-l, ⁶ ki fè nou vîn tounin péyi-roua ak prêt pou Bondié Papa-l ; konpliman pou li ak otorité pou tout tan gin tan. Amèn.

⁷ *Min l-ap vini avèk nuaj yo, tout jé ap ouè-l, minm sa-k té transpèsé-l yo ; tout ras sou tè-a ap plinn sou li. Oui. Amèn.*

⁸ Sé mouin minm *Alfa*-a ak *Oméga*-a, kòmansman-an ak finisman-an, sé sa Granmèt la di, li minm ki la, ki té la, k-ap vini, li minm ki gin tout pouvoua-a.

⁹ Mouin minm, Jan, frè nou, ki patisipé nan tray ak péyi-roua-a ak pasians nan Jézu-Kri, mouin té nan zilé-a yo rélé Patmòs la, poutèt paròl Bondié-a ak témouagnaj Jézu-a. ¹⁰ Mouin té nan éspri-a nan jou Granmèt la, mouin tandé yon gran voua dèyè-m tankou yon troupèt ¹¹ ki t-ap di :

« Sa-ou ouè-a, ékri-l nan liv, voyé-l bay sèt égliz yo ki nan Azi-a : Éfèz, Smirn, Pèrgam, Tiatur, Sard, Filadèlfi ak Laodisé ».

¹² Mouin viré pou-m ouè voua-a ki t-ap palé avèk mouin-an ; lè-m viré, mouin ouè sèt chandélié an lò, ¹³ épi nan mitan sèt chandélié an lò yo sé tankou yon Pitit moun, ki abiyé ak pouvoua, li té gin yon sinti anlò ki té maré rin-l jous nan léstomak li. ¹⁴ tèt li ak chévé-l blan tankou linn, blan tankou lanèj épi jé-l té tankou flanm difé, ¹⁵ pié-l sanblé ak kuiv poli, tankou lè yo fin nétouayé-l nan fouayé difé, voua-l tankou voua gran dlo, ¹⁶ nan min douat li, li gin sèt zétoual épi nan bouch li yon épé filé débò k-ap sòti; figi-l tankou solèy la k-ap kléré nan fòs li-a.

¹⁷ Lè-m ouè-l, mouin tonbé nan pié-l, kòm si-m té mouri, li pozé min douat li sou mouin, li di : « Pa pè ; sé mouin minm premié-a ak dènié-a ; ¹⁸ mouin vivan, mouin té mouri, min m-ap viv pou tout tan gin tan, mouin gin klé lanmò-a ak anba tè-a. ¹⁹ Ékri sa-ou ouè yo ak sa-k la-a ak sa-k gin pou yo rivé apré bagay sa yo. ²⁰ Mistè sèt zétoual yo ou ouè sou min douat mouin-an ak sèt chandélié an lò yo: Sèt zétoual yo, sé Anj sèt Égliz yo, épi sèt chandélié yo, sé sèt Égliz yo ».

RÉPONS

Ap 1, 5. 6b; Kol 1, 18b

R/. Kris la rinmin nou, li lagé nou sot nan péché nou yo nan san-l: *
Pou li gloua ak otorité nan sièk sièk yo, alélouya.

V/. Li sé sous, premié pitit nan pami mò yo, pou-l kapab kinbé premié ran-an nan tout bagay. * Pou li.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli paskal yon moun lontan té ékri
(PG 59, 723-724)

Pak dapré éspri-a

Pak n-ap sélébré-a sé kòz sové tout moun yo sové-a, an kòmansan dépi premié moun nan, li minm yo sové épi yo bay lavi nan yo tout.

Pati sa-k apouin yo minm, ak bagay sa yo ki pou yon tan, pòtré ak modèl sa-k pou tout tan yo, yo té byin pansé yo toudabò, pou yo té kapab trasé lonbraj vérité k-ap lévé koulié-a; min lè vérité-a prézan, modèl la doué disparèt nan tan-an; pou, antan roua-a rivé, pa gin pèsonn ki désidé kite roua vivan-an pou adoré pòtré-l pito.

Sé la-a réyèlman vré sa klè nan ki mézi modèl la bay vérité-a plas, sèké modèl la t-ap sélébré lavi byin kout premié pitit Juif yo té ginyin-an, vérité-a minm lavi san rété tout moun yo ginyin-an.

Ni non plis réyèlman sé pa yon gran bagay pou yon moun chapé sot nan lanmò-a pou yon tan byin kout, si-l gin pou-l mouri yon ti kras tan apré sa, min sé yon gran bagay sètènman pou chapé nèt sot nan lanmò-a; sé sa ki rivé pou nou, nou minm Pak ki sakrifé pou nou-an sé Kris la.

Non fèt la li minm prezanté yon gran inpòtans, si yo ékspliké-l dapré vérité réalité-a. Pak réyèlman vlé di travèsé, paské sa-a ki t-ap rétranché-a té travèsé kite kay Ébré yo, li minm ki t-ap frapé premié pitit yo. Travèsé sa k-ap rétranché-a travèsé-a okontrè bò koté nou-an sé vré, paské li travèsé kite nou intak, nou minm Kris la résisité pou lavi tout tan-an.

Kisa bagay sa-a vlé di, si tousuit yo rapòté-l al nan konsidérasion vérité-a, pou tan sa-a détèminé kòmansman ané-a, koté pak la té rivé-a ak sové premié pitit yo sové-a? Paské pou nou tou sakrifis vré Pak la sé kòmansman lavi pou tout tan-an.

Ané-a sètènman sé sinbòl sièk la, paské antan-l kouri an ron li toujou tounin sou pròp tèt li, épi li pa répozé nan okinn finisman. Épitou Kris la, papa sièk k-ap vini-an, yo ofri-l kòm sakrifis pou nou, épi, antan-l fè lavi nou anvan-an tankou si-l pa-t gin okinn tan, li ba nou kòmansman lòt lavi-a pa lintèmédiè bingn nouvo nésans la, dapré résanblans lanmò ak rézireksion-l nan.

Sé konsa tou ninpòt moun ki té konnin Pak la sakrifé poutèt li, sa vîn mété-l nan kòmansman lavi-a, koté Kris la té sakrifé poutèt li minm nan. Sé lè sa-a minm yo sakrifé-l poutèt li minm, lè li rékonèt gras la, épi li konprann lavi ki anfanté pa lintèmédiè sakrifis sa-a.

Antan asiréman li konnin bagay sa yo, sé pou-l fè éfò pou-l résévoua kòmansman lavi nouvo-a, sé pa pou-l rétonnin ankò nan ansyin lavi-a, sa-l rivé nan finisman-l nan. Paské, *nou minm ki mouri aléga péché-a*, sé sa-l di, *kijan pou nou t-a viv ladan-l jous koulié-a?*

RÉPONS**1 Kor 5, 7-8a; Rom 4, 25**

R/. Ouété vié lévin-an, pou nou kapab yon nouvo pat; réyèlman yo sakrifé Pak nou-an Kris la; * Épi konsa sé pou nou sélébré fèt la, alélouya.

V/. Yo té rinmèt li poutèt fot nou yo, épi li résisité pou nou vîn kòrèk la. * Épi konsa.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin**LÉKTU KOUT****Rom 10, 8b-10**

Paròl la toupré-ou, nan bouch ou ak nan kè-ou ; sé paròl lafoua-a, sa n-ap préché-a. Paské, si-ou rékonèt ak bouch ou: « Jézu sé Granmèt la! », épi nan kè-ou ou kouè Bondié résisité-l sot nan pami mò yo, ou-ap sové. Ak kè-a réyèlman yo kouè pou jistis la, ak bouch la minm déklarasion-an fèt pou sové n-ap sové-a.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Amèn, amèn, mouin di nou: Si yon moun pa fèt yon lòt foua ankò, li pa kapab ouè rouayòm Bondié-a, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié Papa-a, li minm ki jouinn gloua nan lanmò ak réziréksion Pitit li-a, an nou priyé-l avèk konfians :

Granmèt, kléré éspri nou yo.

Bondié, Papa limiè yo, ou minm ki té kléré tè-a ak limiè gloua Kris la ki résisité-a,

— kléré éspri nou yo jodi-a ak limiè lafoua-a.

Ou minm ki té louvri pòt ki bay sou lavi pou tout tan-an pou moun yo gras a Pitit ou-a ki résisité-a,

— nou minm k-ap travay jodi-a, fè nou favè éspérans lavi tout tan-an.

Ou minm ki té voyé Éspri-Sin-an sou tè-a gras a Pitit ou-a ki résisité-a,

— limin kè nou yo ak difé charité spirituèl la.

Ou minm ki té rinmèt Pitit ou-a bay lanmò-a pou té kapab libéré nou,

— sé pou li minm li vîn tounin sovè ak rédanmsion pou nou jodi-a.

Papa nou.

Priyé-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm nou gin odas rélé sou non Papa-a, réalizé éspri pitit adoptif la nèt nan kè nou, pou nou mérité antré nan éritaj ou té promèt la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

IMN, 62-64.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Épi konsa apré sa pandan tout tan paskal la, sof si t-a gin réfrin pròp.

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Cf. Ap 1, 17c-18

Mouin té ouè Pitit moun nan, ki té di-m : Pa pè ! Sé mouin minm prémié-a ak dènié-a, mouin vivan, mouin té mouri épi min m-ap viv pou sièk sièk yo, mouin gin klé lanmò-a ak lanfè-a.

V/. Granmèt la té résisité réyéلمان vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Kol 2, 9. 10a. 12

Nan Kris la, tout plénitud sa Bondié yé-a abité nan fason kò-a, épi nou plin ak sa-k nan li-a, nou antéré avèk li nan batèm nan, nan li nou té résisité tou ansanm ak li pa lintèmediè lafoua nan aksion Bondié-a, li minm ki té résisité-l sot nan pami mò yo.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

2 Tim 2, 8. 11

Sonjé Jézu-Kri résisité sot nan pami mò yo, sot nan ras David, dapré bòn nouvèl mouin-an. Paròl la sètèn : Sèké, si nou mouri ansanm avèk li, n-ap viv ansanm avèk li tou.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Ébr 8, 1b-3a

Nou gin yon kalité prèt an chèf, ki chita adouat trôn Grandè-a nan sièl yo, sèvitè bagay ki sin yo ak vré tant la, sa Bondié té drésé-a, sé pa moun ki drésé-l. Réyèlman tout prèt an chèf, yo instalé-l pou-l ofri kado ak sakrifis.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. : Sa-k fèt sot nan chè-a, sé chè li yé; sa-k fèt sot nan Éspri-a, sé Éspri li yé, alélouya.

PRİYÈ YO

Kris la, Granmèt la, li minm ki té kléré tè-a gras a réziréksion-l nan, an nou priyé-l ak kè kontan :

Jézu-Kri, lavi nou, kouté nou.

Jézu-Kri Granmèt, ou minm ki t-al jouinn disip yo kòm konpagnon yo sou rout la,

— rét prézan nan Égliz ou-a ki an pélérijaj la.

Pa pèmèt pou fidèl ou yo pran réta pou yo kouè,

— min fè yo déklaré ou ranpòté viktoua sou lanmò-a.

Voyé jé ak bon kè sou moun yo ki pa-t rékonèt ou sou rout la,

— fè yo ouè-ou aklè, pou yo résévoua-ou kòm sovè-a.

Ou minm ki rékonsilié tout moun nan kò-ou gras a koua-a,

— fè tout nasion yo viv nan lapè épi fè yon sèl.
 Ou minm ki jij moun k-ap viv yo ak sa ki mouri yo,
 — fè défin yo ki té kouè nan ou yo, jouinn padon péché yo.
 Papa nou.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm nou gin odas rélé sou non Papa-a, réalizé éspri pitit adoptif la nèt nan kè nou, pou nou mérité antré nan éritaj ou té promèt la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MADI DÉZIÈM SÉMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Antan Kris la résisité sot nan pami mò yo li pap mouri ankò, alélouya.

R/. Lanmò pap janm gin pouvoua sou li ankò, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

2, 1-11

Pou Égliz Éfèz ak Smirn

Mouin minm Jan mouin té tandé Granmèt la k-ap di-m: ¹ Pou Anj Égliz nan Éfèz la, ékri:

Min sa-l di, sa-k kinbé sèt zétoual yo nan min douat li-a, li minm k-ap maché nan mitan sèt chandélié an lò yo: ² Mouin konnin aksion-ou yo, ni travay ou, ni pasians ou, épi ou pa kapab sipòté méchan yo : sa yo ki di sé apot yo yé-a épi sé pa sa yo yé, épi ou té dékouvri sé mantè yo yé ; ³ ou gin pasians, ou sipòté poutèt non mouin, ou pa lagé. ⁴ Min mouin gin

kichòy kont ou, sèké ou té abandoné charité ou té ginyin anvan-an.
⁵ Sonjé koté ou soti ou tonbé-a, épi fè pénitans, fè aksion lontan yo ; otréman, m-ap vini koté-ou, m-ap ouété supò-chandèl ou-a sot nan plas li-a, si-ou pa fè pénitans. ⁶ Sèlman, sa-ou ginyin, sèké ou rayi aksion moun Nikola yo, moun sa yo mouin pa vlé ouè-a.

⁷ Sa-k gin zòrèy, sé pou-l kouté ki sa Éspri-a di Égliz yo. Sa-k ranpòté viktoua-a, m-ap ba-l manjé nan pié boua lavi-a, sa ki nan paradi Bondié-a.

⁸ Pou Anj Égliz Smirn nan, ékri :

Min sa-l di, sa-a ki premié ak dènié-a, li minm ki té mouri épi ki vivan-an. ⁹ Mouin konnin tray ou ak jan-ou pòv, min ou rich ; moun yo ki di yo sé Juif la épi sé pa vré-a, yo blasfémé-ou, sé nan sinagòg Satan yo yé. ¹⁰ Pa pè anyin nan sa-ou gin pou-ou soufri yo. Min djab la apral voyé kèk nan nou nan prizon, pou yo tanté nou ; n-ap pasé tray pandan dis jou. Rét fidèl jouskalamò, m-ap ba-ou kouròn lavi-a.

¹¹ Moun ki gin zòrèy, sé pou-l kouté sa Éspri-a di Égliz yo : Moun ki ranpòté viktoua-a, dézièm lanmò-a pap fè-l anyin.

RÉPONS

Ap 2, 10c. 11b; Sir 4, 33

R/. Rét fidèl jouskalamò, m-ap ba-ou kouròn lavi-a. * Moun ki ranpòté viktoua-a, dézièm lanmò-a pap fè-l anyin, alélouya.

V/. Jous lanmò, batay pou jistis la, épi Bondié-a ap batay pou ou kont ènmi-ou yo. * Moun ki ranpòté viktoua-a.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv sin Fuljans de Rusp, évèk, pou Monim

(Lib. 2, 11-12: CCL 91, 46-48)

Sakréman inité-a ak charité-a

Konstriksion kò spirituèl Kris la sa-a, ki fèt nan charité-a (sètadi lè, dapré paròl sin Piè-a, *ròch ki vivan yo y-ap bati yon kay dapré éspri-a*

*avèk yo, nan yon sèvis prèt ki sin, antan y-ap ofri sakrifis dapré éspri-a, sa Bondié ap kapab aksépté yo pa lintèmédiè Jézu-Kri), konstriksion sa-a dapré éspri-a, sé sa-m di, yo pa janm rivé mandé-l yon fason pi konvnab pasé lè sé kò Kris la li minm (ki Égliz la) k-ap ofri nan sakréman pin-an ak kalis la pròp kò ak san Kris la: *Kalis la réyèlman, sa n-ap bouè-a, sé kominion san Kris la, épi pin-an, sa n-ap kasé-a, sé patisipasion nan kò Granmèt la; paské sé yon sèl pin, yon sèl kò anpil nou yé-a, épi nou tout sé nan yon sèl pin-an nou patisipé.**

Épi sé poutèt sa nou mandé, pou asiréman ak gras sa-a, ki fè Égliz la vîn tounin kò Kris la, ak minm gras sa-a sa fèt pou tout manb yo pèsévévé nan inité kò charité-a, antan sa-k kinbé ansanm nan rété.

Sa-a minm sé jan sa mérité nou mandé pou-l fèt nan nou ak kado Éspri-a, li minm ki yon sèl Éspri Papa-a ak Pitit la; paské sint Trinité-a natirèlman sé inité, égalité ak charité, li minm ki yon sèl épi vré Bondié-a, li fè sa yo li adopté-a vîn sin ak yon sèl nanm.

Poutèt sa yo di: *Paské charité Bondié-a gayé nan kè nou yo, pa lintèmédiè Éspri-Sin-an, sa li ba nou-an.*

Éspri-Sin-an sètènman, li minm ki youn pou Papa-a ak pou Pitit la, li réalizé bagay sa-a nan moun sa yo li bay gras adopsion Bondié-a, sa-k té réalizé tou nan moun sa yo ki té résévoua minm Éspri sa-a yo jouinn nan Travay Apot yo. Yo di osijè moun sa yo: *Foul fidèl yo minm té gin yon sèl kè ak yon sèl nanm; li té fè foul moun yo ki kouè nan Bondié-a vîn yon sèl kè ak yon sèl nanm réyèlman, li minm ki yon sèl Éspri Papa-a ak Pitit la, épi avèk Papa-a ak Pitit la li sé yon sèl Bondié-a.*

Sé pou sa Apot la tou di sé pou yo konsèvé avèk souin inité sa-a dapré éspri-a nan chinn lapè-a, antan-l avèti Éfézyin yo konsa: *Sé pou sa mouin sipliyé nou, mouin minm prizonié nan Granmèt la, pou nou maché alarotè vokasion yo rélé nou ladan-l nan, avèk tout umilité épi douse, avèk pasians antan nou youn sipòté lòt nan rinmin-an, antan nou fè éfò pou nou konsèvé éspri ki fè nou fè yon sèl la nan chinn lapè-a, yon sèl kò ak yon sèl Éspri.*

Bondié, réyèlman, pandan l-ap konsèvé charité-l la ki gayé gras a Éspri-Sin-an nan Égliz la, li fè minm Égliz sa-a tounin yon sakrifis ki fè-l plézi, pou minm Égliz la kapab toujou résévoua gras charité spirituèl la, k-ap pèmèt li prezanté tèt li kòm yon sakrifis ki vivan, ki sin, ki fè Bondié plézi san rété.

RÉPONS

Jan 17, 20b. 21a. 22. 18

R/. Mouin priyé pou yo, pou yo tout fè yon sèl, tankou ou minm, Papa, ou nan mouin, épi mouin nan ou; épi mouin minm, mouin té ba yo gloua ou té ban mouin-an; * Pou yo fè yon sèl, tankou nou minm nou fè yon sèl la, alélouya.

V/. Tankou ou té voyé-m sou tè-a, mouin minm tou mouin té voyé yo sou tè-a. * Pou yo fè yon sèl.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Tr Ap 13, 30-33

Bondié té résisité Jézu sot nan pami mò yo ; li parèt pandan anpil jou dévan sa yo ki té monté ansanm avèk li sot Galilé rivé Jérusalèm nan, yo minm ki sèvi-l témouin koulié-a dévan foul la. Kanta nou minm nou anonsé nou promès la yo té fè bay papa nou yo, paské Bondié té réalizé sa pou pitit yo, antan-l résisité Jézu pou nou, jan sa ékri nan Psòm dézièm nan : Ou sé Pitit mouin ; mouin minm jodi-a mouin té anfanté-ou.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Mouin sé alfa ak oméga, premié-a ak dènié-a; mouin sé rasîn ak ras David la, zétoual ki kléré-a épi jous granmatin-an, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié Papa-a, li minm Mouton san tach li-a ouété péché tè-a épi ba nou lavi, an nou mandé-l avèk rékonésans :

Ou minm ki fè lavi-a, fè nou viv.

Bondié, ou minm ki fè lavi-a, sonjé soufrans ak rézéréksion Mouton-an yo té touyé sou koua-a,

— épi kouté-l, li minm ki toujou ap plédé pou nou-an.

Antan ansyin lévin méchansté-a ak riz la fin nétouayé,

— fè nou viv nan pin san lévin sinsérite ak vérité Kris la.

Fè nou favè jodi-a pou nou réjté péché dézakò ak lanvi,

— fè nou pi antantif pou nou ouè sa frè nou yo bézouin.

Mété éspri Évanjil la nan mitan nou,

— pou nou maché nan kòmandman-ou yo ni jodi-a ni tout tan.

Papa nou.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou nou préché puisans Granmèt la ki résisité-a, li minm nou réservoua garanti kado-l la, nou rivé jouinn don li yo ki parèt klè yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Tr Ap 4, 11-12

Sa-a sé ròch la, nou minm k-ap bati yo nou té réjité-a, ki vîn tounin kouin mitan anlè-a. Pa gin sové yo kapab sové nan okinn lòt moun, ni non plis pa gin okinn lòt non anba sièl la yo bay moun yo, koté nou t-a kapab vîn sové.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst**LÉKTU KOUT**

Cf. 1 Piè 3, 21-22a

Nou minm koulié-a batèm nan sové nou, sé pa sa-k sal nan chè-a li ouété, min sé yon bon konsians li mandé nan Bondié pa lintèmediè rézireksion Jézu-Kri-a, li minm ki adouat Bondié.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT**

Kol 3, 1-2

Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé pou nou chèché bagay ki anro yo, koté Kris la chita adouat Bondié-a; sé bagay ki anro yo pou nou gouté, sé pa sa-k sou tè-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

1 Piè 2, 4-5

Antan n-ap proché kot Granmèt la, li minm ròch vivan-an, sa moun yo minm réjité-a, dévan Bondié minm sa-l chouazi-a, sa-k gin valè-a, nou minm tou tankou ròch vivan, sé pou nou kite yo bati nou pou nou vîn tounin yon kay spirituèl nan yon sèvis prèt ki sin, pou nou ofri sakrifis spirituèl, sa Bondié résévoua palintèmediè Jézu-Kri.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou *Magnificat* la, réf. : Èské kè nou pa t-ap boulé anndan nou, pandan Jézu t-ap palé avèk nou sou chémin-an ? alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, li minm ki ak rézireksion-l nan té asiré espérans pèp li-a, an nou rélé-l avèk insistans :

Jézu-Kri, ou minm ki toujou vivan, kouté nou.

Granmèt Jézu, nan bò kòt ou yo té ouvri-a, san ak dlo té koulé,

— fè Égliz la vîn tounin épouz ou ki san tach la.

Ou minm, Gadyin ki anlè nèt la, apré rézireksion-ou nan, ou té rinnèt bann mouton-ou yo nan min Piè pou-l souin yo, li minm ki té déklaré li rinmin-ou nan,

— fè charité ak dévouman Pap nou-an **N.** toujou vîn pi gran.

Ou minm ki té bay disip yo k-ap fè lapèch nan lanmè-a pou yo jouinn yon kantité pouason,

— voyé travayè ki pou kontinué kinbé ròl yo-a kòm apot.

Ou minm ki té préparé pin ak pouason sou bò lanmè-a pou disip ou yo,

— pa kité frè nou yo mouri grangou akòz fot nou.

Jézu, dènié Adan-an épi éspri ki fè viv, fè défin yo vîn pran fòm pòtré-ou,

— pou yo gin kè kontan-ou nan anplin nan yo minm.

Papa nou.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou nou préché puisans Granmèt la ki résisité-a, li minm nou résévoua garanti kado-l la, nou rivé jouinn don li yo ki parèt klè yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MÈKRÉDI DÉZIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié té résisité Kris la sot nan pami mò yo, alélouya.

R/. Pou lafoua nou-an ak éspérans nou sé nan Bondié, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

2, 12-29

Pou Égliz Pèrgam ak Tiatir

Mouin minm Jan, mouin té tandé Granmèt la k-ap di-m:

¹² Pou Anj Égliz nan Pèrgam nan, ékri:

Min sa-l di, sa-k gin épé ki filé débò-a: ¹³ Mouin konnin ki koté ou abité, koté trôn Satan-an. Ou kinbé non-m épi ou pa nié lafoua-m nan, minm nan jou Antipas yo, témouin fidèl mouin sa-a yo té touyé lakay nou-an, koté Satan abité-a. ¹⁴ Min, mouin gin kèk ti bagay kont ou: sèké la-a, ou gin moun ki kinbé ansègnman Balaam nan, sa-k té mandé Balaak pou-l mét antrav dévan pitit Israèl yo pou yo manjé manjé zidòl, épi pou yo fè libètinaj. ¹⁵ Konsa ou minm tou, ou gin moun ki kinbé ansègnman moun Nikola yo minm jan tou. ¹⁶ Konsa sé pou-ou konvèti; otréman m-ap rivé koté-ou byin vit, épi m-ap batay avèk yo ak épé bouch mouin-an.

¹⁷ Sa-k gin zòrèy, sé pou-l kouté ki sa Éspri-a di Égliz yo: sa-k ranpòté viktoua-a, m-ap ba-l lamàn nan ki kaché-a, épi m-ap ba-l yon ti ròch blan; épi sou ti ròch la, gin yon non nouvo ki ékri, pèsonn pa konnin-l sof sa-k résévoua-l la.

¹⁸ Épi pou Anj Égliz nan Tiatir la, ékri:

Min sa Pitit Bondié-a di, li minm ki gin jé-l yo tankou flanm difé-a épi pié-l yo ki sanblé ak kuiv mélé ak lò-a: ¹⁹ Mouin konnin aksion-ou yo, rinmin-ou nan, lafoua-ou la, sèvis ou-a, pèsévérans ou-a épi dènié aksion-ou pi pi plis pasé prémié yo. ²⁰ Min, mouin gin kont ou : Ou kité madanm nan, Jézabèl, sa-k di li sé profèt la épi l-ap bay ésklav mouin yo ansègnman, l-ap tronpé yo, pou yo fè libètinaj, pou yo manjé manjé zidòl. ²¹ Mouin té ba-l yon tan pou-l konvèti épi li pa vlé konvèti sot nan libètinaj li-a. ²² Min m-ap jété-l sou yon kabann ak sa k-ap fè adiltè avèk li yo, pou gran tray, si yo pa konvèti sot nan aksion-l yo. ²³ Pitit li yo tou, m-ap touyé yo nan lanmò, épi Égliz yo ap konnin mouin sé sa k-ap sondé rin yo ak kè yo; épi m-ap rimmèt nou chak dapré aksion nou yo. ²⁴ Kanta nou minm mouin di nou, rès moun yo nan Tiatir la, ki pa gin ansègnman sa-a, ki pa konn profondè Satan yo, jan yo di-a; mouin pap lagé dòt chay sou nou. ²⁵ Sèlman, sa nou ginyin-an, kinbé-l joustann mouin rivé. ²⁶ Épi sa-k ranpòté viktoua-a épi sa-k kinbé aksion-m yo jouskalafin, *m-ap ba-l otorité sou nasion yo,*

²⁷ *épi l-ap kondui yo nan bagèt fè;*

tankou véso tè kuit yo l-ap krazé yo,

²⁸ minm jan mouin minm mouin résévoua kot Papa-m nan, m-ap ba-l zétoual dévan jou-a.

²⁹ Sa-k gin zòrèy, sé pou-l kouté ki sa Éspri-a di Égliz yo.

RÉPONS

Ap 2, 18b. 23b; 22, 12a

R/. Min sa Pitit Bondié-a di, li minm ki gin jé-l yo tankou flanm difé-a: Mouin sé sa k-ap sondé rin yo ak kè yo, * Épi m-ap rinmèt nou chak dapré aksion nou yo, alélouya.

V/. Min m-ap vini, tousuit, épi rékonpans mouin avèk mouin. * Épi m-ap rinmèt.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Léon le Gran, pap

(Sermo 12, De Passione, 3. 6-7: PL 54, 355-357)

Kris la vivan nan Égliz li-a

Pa gin dout, nou minm mouin rinmin anpil la, Pitit Bondié-a pran natu moun nan yon fason ki tèlman séré, pou sé pa sèlman nan moun sa-a, ki prémié pitit nan tout créatu-a, min tou nan tout sin-l yo sé yon sèl ak minm Kris la ki ginyin; épi tankou yo pa kapab séparé tèt la ak manb yo, konsa yo pa kapab séparé manb yo ak tèt la.

Malgré réyèlman sé pa nan lavi sa-a sa yé, min nan lavi pou tout tan-an, pou Bondié tout bagay nan tout moun; poutan minm koulié-a sé li ki abité san-l pa séparé nan tanp li-a ki Égliz la, dapré sa li minm li té

promèt, antan-l di: *Min li, mouin minm mouin avèk nou touléjou jous sièk la fin réalisé.*

Sé poutèt sa tout bagay Pitit Bondié-a té fè épi anségné pou rékonsiliation tè-a, sé pa sèlman nan istoua sa-k pasé yo nou té konnin yo, min nou konprann yo tou nan puisans aksion ki prézan yo.

Sé li minm ki, antan gras a Éspri-Sin-an li soti nan yon Manman ki Vièj, li té fè Égliz li-a ki san tach la vîn donnin ak minm souf inspirasion-an, pou pa lintèmediè akouchman batèm nan yon foul pitit Bondié yo pa kapab konté vîn pran nésans, sa yo di osijè yo: *Yo minm ki pa fèt sot nan san yo, ni nan volonté chè-a, ni nan volonté gason, min ki fèt sot nan Bondié.*

Sé li minm, koté ak adopsion tout tè-a désandans Abraam nan vîn béni-an; épi patriarch la vîn tounin papa nasion yo, pandan pitit promès yo vîn pran nésans dapré lafoua-a, pa dapré chè-a.

Sé li minm ki, antan-l pa limité okinn pèp, li té fòmé yon sèl bann mouton ki sin sot nan tout nasion ki anba sièl la, épi chak jou li akonpli sa-l té promèt la, antan-l di: *Mouin gin dèt mouton tou, ki pa nan patiraj sa-a, yo minm tou mouin gin pou-m minnin yo, y-ap kouté voua-m, épi ap vîn gin yon sèl bann mouton ak yon sèl gadyin.*

Minm si réyéلمان li di sin Piè an premié, *Okipé mouton-m yo*, poutan sé yon sèl Granmèt la k-ap dirijé pròp souin tout gadyin yo ap pran-an, épi sa yo ki vini kot blòk ròch la li nourri yo ak patiraj ki tèlman kontan épi tèlman rouzé, sa fè mouton yo pa kapab konté, ki ranfòsé ak richès rinmin-an, minm jan bon gadyin-an té aksépté dépozé nanm li pou mouton-l yo, konsa tou yo minm yo pa ézité péri poutèt non gadyin-an.

Sé li minm, non sèlman fòs mati yo ki gin gloua-a ap soufri ansanm ak li, min tou lafoua tout moun ki fèt yon lòt foua nan nouvo nésans la minm.

Sé sa yo sélébré jan sa doué fèt avèk Pak Granmèt la nan pin san lévin sinsérité-a ak vérité-a; pandan, lévin ansyin méchansté-a jété byin louin, nouvo kréatu-a vîn bouè épi nourri ak Granmèt la li minm.

Sé pa yon lòt bagay réyèlman patisipasyon kò ak san Kris la fè, pasé pou fè nou travèsè nan sa-a minm nou pran-an; pou konsa nou mouri ansanm ak li, nou antéré ansanm ak li épi nou résisité ansanm ak li, sé li minm n-ap poté toupatou nan tout bagay ni dapré éspri-a ni dapré chè-a.

RÉPONS

Jan 10, 14; Éz 34, 11. 13a

R/. Mouin minm mouin sé bon gadyin-an: * Mouin konnin mouton-m yo, épi sa-k pou mouin yo konnin-m tou, alélouya.

V/. Min li, mouin minm minm m-ap chèché mouton-m yo, m-ap vizité yo, m-ap fè yo soti nan pèp yo, m-ap okipé yo. * Mouin konnin.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin**LÉKTU KOUT**

Rom 6, 8-11

Si nou mouri ansanm avèk Kris la, nou kouè n-ap viv ansanm avèk li tou, antan nou konnin Kris la ki résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, lanmò-a pap gin pouvoua sou li ankò. Sa-k mouri-a réyèlman, li mouri aléga péché-a yon foua pou tout ; sa k-ap viv la minm, sé pou Bondié l-ap viv. Konsa nou minm tou sé pou nou konsidéré nou mouri réyèlman aléga péché-a, antan n-ap viv minm pou Bondié nan Kris Jézu.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Bondié té tèlman rinmin tè-a, jous li bay Pitit li-a, sèl pitit li-a; pou tout moun ki kouè nan li, pa péri, min rivé gin lavi tout tan-an, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié ki té fè Jézu résisité vîn parèt aklè dévan Apot yo, an nou dirijé priyè sa yo koté-l :

Ak gloua Kris la, kléré nou Granmèt.

Bondié, Papa limiè yo, ak rékonésans n-ap fè louanj ou jodi-a, ou minm ki té rélé nou vîn nan limiè ékstraòdinè-ou la,

— pou nou rivé jouinn mizérikòd.

Éfò yo fanmi moun nan ap plédé fè pou-l rivé fè lavi li vîn pi alarotè sa moun nan yé-a,

— nétouayé yo épi ranfòsé yo pa pouvoua Éspri-ou la.

Fè nou konsakré tèt nou nan sèvis moun yo,

— yon fason pou ras moun nan li minm vîn tounin yon ofrann ki fè-ou plézi.

Antan limiè jounin-an déjà parèt, ranpli nou ak mizérikòd ou-a,

— pou antan n-ap fété tout jounin-an, nou jouinn plézi nou san rété nan louanj ou yo.

Papa nou.

Priyè-a

Antan n-ap fè sonjé mistè yo ki tounin chak ané yo ki pèmèt sa moun nan yé nan fin-fon natirèl li jouinn espérans rézirkéksion-an, gras a dignité sous li ki rénouvlé-a, n-ap priyé bon kè-ou, Granmèt, avèk insistans, pou sa n-ap fè sonjé nan lafoua-a, nou résévoua-l nan rinmin tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Cf. Rom 4, 24-25

Nou kouè nan sa-a ki té résisité Jézu Granmèt nou-an sot nan pami mò yo, li minm yo rimmèt pou fot nou yo, épi ki résisité pou fè nou vîn kòrèk la.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

1 Jn 5, 5-6a

Kilès sa-a ki ranpòté viktoua sou tè-a, si sé pa sa-a ki kouè Jézu sé Pitit Bondié-a ? Sa-a sé li minm ki vini nan dlo-a ak san-an, Jézu-Kri ; pa nan dlo-a sèlman, min nan dlo-a ak san-an.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

Cf. Éféz 4, 23-24

Sé pou nou rénouvlé nan éspri pansé nou épi sé pou nou abiyé ak moun nouvo-a, ki kréyé dapré Bondié nan jistis ak sin vérité-a sin-an.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Ébr 7, 24-27

Jézu, paské li rété pou tout tan, li gin sèvis prèt ki pa kapab dépasé, sé pou sa tou sé san rété li kapab sové moun yo ki proché kot Bondié pa lintèmediè-l yo, antan-l toujou vivan pou-l plédé pou yo. Sé kalité sa-a réyèlman épi ki té konv nab, pou-l t-a gran prèt nou, ki sin, ki inosan, ki pa gin tach, ki séparé sot nan péchè yo épi ki vîn pi ro pasé sièl yo, ki pa bézouin chak jou, tankou prèt yo, pou-l ofri sakrifis toudabò pou pròp fot pa-l yo, apré sa pou pèp la ; li té fè sa réyèlman yon sèl foua antan-l ofri pròp tèt li.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. : Moun ki fè vérité-a, li vini kot limiè-a, pou aksion-l yo parèt klè, paské sé nan Bondié yo fèt, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié, li minm ki té louvri lavi pou tout tan-an ba nou nan Pitit li-a ki résisité sot nan lanmò-a, an nou inploré-l antan n-ap di :

Gras a viktoua Kris la, sové sa ou rachté yo.

Bondié papa nou yo, ou minm ki té glorifié Jézu Pitit ou-a lè-ou résisité-l sot nan lanmò-a, minnin nou nan pèféksion pénitans la,

— pou nou maché nan nouvo lavi-a.

Ou minm ki kondui nou al jouinn gadyin ak évèk nanm nou yo, nou minm mouton ki té pèdi rout yo-a,

— fè nou rét fidèl ap obéyi sa gadyin Égliz yo anségné nou.

Ou minm ki chouazi premié disip Pitit ou-a nan pèp Juif la,

— révéle pitit Israèl yo promès la yo té fè bay papa yo-a.

Sonjé tout moun ki pa gin pèsonn pou okipé yo, òfélin yo, vèv yo;

— yo minm Pitit ou-a rékonsilié avèk ou nan lanmò-l la, pa kité yo pou kont yo.

Ou té relé Étièn vîn jouinn ou, li minm ki té déklaré Jézu kanpé adouat ou-a,

— résévoua frè nou yo ki t-ap tann ou nan lafoua-a ak charité-a.

Papa nou.

Priyè-a

Antan n-ap fè sonjé mistè yo ki tounin chak ané yo ki pèmèt sa moun nan yé nan fin-fon natirèl li jouinn espérans rézireksion-an, gras a dignité sous li ki rénouvlé-a, n-ap priyé bon kè-ou, Granmèt, avèk insistans, pou sa n-ap fè sonjé nan lafoua-a, nou résévoua-l nan rinmin tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JÉDI DÉZIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié minm té résisité Granmèt la, alélouya.

R/. L-ap résisité nou tou pa pouvoua-l, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

3, 1-22

Pou Égliz Sard, Filadèlfi épi Laodisé

Mouin minm Jan, mouin té tandé Granmèt la k-ap di-m:

¹ Pou Anj Égliz Sard la, ékri :

Min sa-l di, sa-a ki gin sèt éspri Bondié yo ak sèt zétoual yo : Mouin konnin aksion-ou yo, ou poté non moun ki vivan min ou mouri. ² Sé pou-ou révéyé, épi, rès bagay yo ki prèt pou mouri yo, fè yo répran fòs ; sèké mouin pa jouinn aksion ou yo plin dévan Bondié-m nan. ³ Sonjé kalité sa ou té résévoua-a ak sa ou té tandé-a ; épi kinbé yo, fè pénitans. Si-ou pa véyé, m-ap vini koté-ou tankou yon vòlè, ou pap konnin kilè m-ap vîn koté-ou. ⁴ Min ou gin kèk non nan Sard, ki pa-t sal rad yo, k-ap maché avèk mouin ak rad tou blan, paské yo mérité sa. ⁵ Moun k-ap ranpòtè viktoua-a, sé konsa l-ap abiyé ak rad blan, mouin pap éfase non-l sot nan liv lavi-a, m-ap rékonèt non-l dévan Papa-m ak dévan Anj li yo.

⁶ Moun ki gin zòrèy sé pou-l kouté sa Éspri-a di Égliz yo.

⁷ Épi pou Anj Égliz nan Filadèlfi-a, ékri:

Min sa-l di, Sin-an, Vré- a, sa-k gin *klé David la, sa-k louvri-a épi pèsonn pa fèmin-an, épi sa-k fèmin-an épi pèsonn pa louvri-a*: ⁸ Mouin konnin aksion-ou yo. Min, dévan-ou m-ap mét yon pòtay ki louvri, sa pèsonn pa kapab fèmin-an, paské sé yon ti fòs ou ginyin, épi ou kinbé paròl mouin-an, ou pa nié non mouin. ⁹ Min m-ap rinmèt sot nan sinagòg Satan-an, moun yo ki di yo minm sé Juif yo yé-a épi yo pa sa, min y-ap fè manti; min m-ap fè yo vini, lagé kò yo atè dévan pié-ou épi konnin mouin minm mouin rinmin- ou. ¹⁰ Paské ou té kinbé paròl pèsévérans mouin-an, mouin minm tou m-ap kinbé-ou nan lè tantasion ki gin pou-l rivé sou tout fas tè-a pou tanté moun ki abité sou tè-a. ¹¹ M-ap vini byin vit ; kinbé sa-ou ginyin-an, pou pèsonn pa pran kouròn ou-an. ¹² Sa-k ranpòtè viktoua-a, m-ap fè-l vîn tounin kolòn nan tanp Bondié mouin-an, épi li pap maché déyò ankò ; m-ap ékri sou li non Bondié mouin-an épi non vil Bondié mouin-an, Jérusalèm nouvo-a, sa-k désann sot nan sièl la, sot kot Bondié mouin-an, épi non nouvo mouin-an.

¹³ Sa-k gin zòrèy, sé pou-l tandé sa Éspri-a di Égliz yo.

¹⁴ Épi pou Anj Égliz nan Laodisé-a, ékri:

Min sa-l di, Amèn nan, Témouin ki fidèl la épi ki vré-a, kòmansman kréasion Bondié-a: Min sa-l di, Amèn nan, témouin fidèl la, vré-a, li minm ki kòmansman kréatu Bondié-a : ¹⁵ Mouin konnin aksion-ou yo, ou

pa ni frèt ni cho : pito-ou té frèt oubyin cho ! ¹⁶ Min, paské-ou tièd la épi ou pa ni frèt ni cho-a, m-ap kòmansé vomi-ou sot nan bouch mouin. ¹⁷ Paské-ou di : Mouin rich, mouin anrichi, mouin pa bézouin anyin, épi ou pa konnin ou mizérab, ou maléré, ou pòv, ou avèg, ou nu-kò. ¹⁸ Mouin konséyé-ou pou-ou achté nan min-m ni lò ki pròpté nan difé-a pou-ou kapab vîn rich, ni rad blan pou-ou abiyé, pou laront nu-kò-ou la pa parèt, ni pomad pou-ou froté jé-ou pou-ou kapab ouè. ¹⁹ Mouin minm, moun mouin rinmin yo, mouin réprann yo, mouin korijé yo. Konsa fè éfò, fè pénitans. ²⁰ Min mouin kanpé nan pòt la, m-ap frapé : si yon moun tandé voua-m, li louvri pòt la ban mouin, m-ap antré koté-l, m-ap soupé avèk li, li minm avèk mouin. ²¹ Moun ki ranpòté viktoua-a, m-ap ba-l posibilite pou-l chita avèk mouin sou trôn mouin-an, minm jan mouin minm mouin té ranpòté viktoua-a épi mouin chita avèk Papa-m sou trôn li-an.

²² Moun ki gin zòrèy, sé pou-l tandé sa Éspri-a di Égliz yo.

RÉPONS

Ap 3, 20b; 2, 7b

R/. Si yon moun tandé voua-m épi li louvri pòt la, * M-ap antré koté-l, m-ap soupé avèk li, épi li minm avèk mouin, alélouya.

V/. Sa-k ranpòté viktoua-a, m-ap ba-l manjé nan piéboua lavi-a, sa ki nan paradi Bondié-m nan. * M-ap antré.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv réfléksion sin Godens de Brescia, évèk
(Tract. 2: CSEL 68, 30-32)

Kado éritaj nouvo Téstaman-an

Sakrifis ki sot nan sièl la Kris la té mété-a sé vrè kado éritaj nouvo téstaman-l nan, sa-l té kité pou nou kòm garanti prezans li nan nuit koté yo t-apral rinnèt li pou yo klouré-l sou koua-a.

Sakrifis sa-a sé manjé pou larout pou vouayaj nou-an, sé avèk li yo ba nou manjé épi yo nourri nou nan lavi sa-a, joutan nou rivé koté-l antan nou ralé kò nou sot nan sièk sa-a; sé pou sa minm Granmèt la t-ap di: *Si nou pa manjé chè-m, épi bouè san-m, nou pap gin lavi nan nou minm.*

Li té vlé réyèlman pou byinfè li yo rété bò koté nou, li té vlé pou nanm yo, ki rachté ak san-l ki gin valè-a, toujou vîn sin dapré pòtré pròp soufrans li-a; épi sé poua li kòmandé disip fidèl yo, sa-l té établi kòm premiè prèt Égliz li-a tou, pou yo réalizé mistè lavi pou tant tan-an sa yo san rété, bagay ki nésésè pou tout prèt yo sélébré-l nan chak Égliz tout ronnn tè-a, joutan yon lòt foua Kris la rivé sot nan sièl yo, koté ni prèt yo minm, ni tout pèp fidèl yo ansanm, antan nou gin modèl soufrans Kris la dévan jé nou chak jou, épi antan nou kinbé-l nan min nou, nou pran-l ak bouch nou ak kè nou, nou kinbé souvni rédanmsion nou-an ki pap janm éfasé.

Apré sa, poutèt ak anpil grinn blé ki tounin farîn yo fè pin-an pa lintèmediè dlo-a épi li nésésè pou-l fin réalizé pa lintèmediè difé-a, yon fason ki rézonab yo résévoua nan li fòm kò Kris la, ki fè nou té konnin apati foul tout ras moun nan sé yon sèl kò ki vîn fèt épi ki fin réalizé nèt pa lintèmediè Éspri-Sin-an.

Li pran nésans réyèlman sot nan Éspri-Sin-an épi, paské sé konsa li té konvab pou-l akonpli tout jistis la, li antré nan dlo batèm nan, pou-l konsakré-l, épi li soti ladan-l plin ak Éspri-Sin-an, ki té désann sou li sou fòm yon kolonb, li soti nan Jourdin-an, antan Évanjélis la témouagné: *Jézu minm plin ak Éspri-Sin-an, li tounin sot nan Jourdin-an.*

Nan minm fason-an tou divin san li-a sot nan pliziè grap sètadi grinn pié rézin-an li minm li té planté-a yo ranmasé épi yo krazé nan moulin koua-a, épi dapré kapasité véso moun yo ki pran-l ak kè fidèl, li bouyi ak pròp fòs li.

Sakrifis Pak sa-a k-ap sovè tout moun yo, sa yo ki soti anba pouvoua Éjip la ak Faraon-an ki djab la, sé pou nou résévoua-l ansanm avèk nou ak tout gran souaf yon kè dapré rélijion-an, pou sé Granmèt nou-an minm Jézu-Kri, li minm nou kouè ki la prézan nan sakréman-l yo, ki fè anndan

zantray nou yo vîn sin; li minm pouvoua-l, yo pa kapab kalkilé-a, rété nèt pou tout sièk yo.

RÉPONS

Lk 22, 19; Jan 6, 58

R/. Antan Jézu pran pin-an, li té rann gras, li té kasé-l épi li té ba yo, antan-l di : * Sa-a sé Kò-m, yo bay pou nou-an. Fè sa pou nou fè sonjé-m, alélouya.

V/. Sa-a sé pin-an ki désann sot nan sièl la; moun ki manjé pin sa-a l-ap viv pou tout tan. * Sa-a sé Kò-m.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 8, 10-11

Si Kris la nan nou, kò-a mouri poutèt péché-a sé vré, min éspri-a sé lavi poutèt jistis la. Si Éspri sa-a ki té résisité Jézu sot nan pami mò yo abité nan nou, li minm ki té résisité Kris la sot nan pami mò yo ap fè kò lanmò nou yo viv tou pa lintèmedyè Éspri li-a ki abité nan nou-an.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Papa-a rinmin Pitit la, épi li té rinmèt tout bagay nan min-l, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié Papa-a ki té mété Kris la pou rézireksion pitit li yo, an nou priyé-l avèk konfians antan n-ap di byin fò :

Sé pou Jézu Granmèt la li minm vîn tounin lavi nou.

Ak kolòn difé-a, ou té kléré pèp ou-a nan dézè-a,

— sé pou Kris la vîn tounin limiè lavi-a pou nou jodi-a gras a rézireksion-l nan.

Ak voua Moyiz, ou té bay pèp ou-a ansègnman sou mòn nan,

— sé pou Kris la vîn tounin paròl lavi-a pou nou jodi-a gras a rézireksion-l nan.

Ak kado lamàn nan ou té nourri pèp ou-a ki té an pélérijaj la,

— sé pou Kris la vîn tounin pin lavi-a pou nou jodi-a gras a rézireksion-l nan.

Ou té pasé souaf pèp ou-a, antan ou fè dlo sot nan ròch la,

— ba nou Éspri lavi-a jodi-a gras a rézireksion Pitit ou-a.

Papa nou.

Priyé-a

Bondié mizérikòd, fè nou favè, sa n-ap rapousuiv nan règléman paskal yo, fè nou santi li donnin frui pou nou tout tan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

1 Kor 12, 13

Sé nan yon sèl Éspri-a nou tout nou batizé nan yon sèl kò, soua Juif yo, soua Grèk yo, soua ésklav yo, soua moun lib yo, épi nou tout sé nan yon sèl Éspri-a nou pasé souaf nou.

V/. Granmèt la té résisité réyéلمان vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Tit 3, 5b-7

Bondié té sovè nou pa lintèmediè bingn nouvo nésans la ak fè Éspri-Sin-an fè nou vîn tou nèf la, Éspri sa-a li té vidé sou nou k-ap débòdé-a pa pouvoua Jézu-Kri sovè nou-an, pou lè nou vîn kòrèk ak gras li-a nou rivé éritié lavi pou tout tan-an dapré éspérans la.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

Cf. Kol 1, 12-14

Sé pou nou di Papa-a mèsi, li minm ki té fè nou alarotè nan pòsion éritaj sin yo nan limiè-a ; li minm ki té délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, ki té fè nou travèsé nan rouayòm Pitit li rinmin-an, nan Pitit sa-a nou gin rédanmsion-an, padon pou péché yo.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

1 Piè 3, 18. 21b-22

Kris la mouri yon fouda pou tout poutèt péché yo, li minm ki kòrèk pou sa yo ki pa kòrèk yo, pou-l té kapab minnin nou bay Bondié, li mouri nan

chè-a sé vré, min li vivan nan Éspri-a. Nou minm tou koulié-a li sové nou, sé pa sa-k sal nan chè-a li ouété, min sé yon bon konsians li mandé nan Bondié pa lintèmediè réziréksion Jézu-Kri-a, li minm ki adouat Bondié, li pati nan sièl la, apré-l fin mété anj yo ak pouvoua yo ak otorité yo anba lòd li.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. : Moun ki kouè nan Pitit la, li gin lavi tout tan-an, alélouya.

PRIYÈ YO

An nou fété pou Kris la, li minm Papa-a té mété kòm rézon tout kalité éspérans nou ak réziréksion moun ki mouri yo, antan n-ap di byin fò an nou mandé :

Roua gloua-a, kouté nou.

Granmèt Jézu, ak pròp san-ou épi ak réziréksion-ou nan ou té antré nan sa ki sin-an,

— kondui nou avèk ou nan gloua Papa-a.

Ou minm ki gras a réziréksion-ou nan ou té rafèmi disip yo nan lafoua épi ou té voyé yo sou tè-a,

— fè évèk yo ak prèt yo rété fidèl nan préché Évanjil ou-a.

Ou minm ki gras a réziréksion-ou nan ou vîn tounin lapè nou ak rékonsiliation nou,

— fè moun ki batizé yo asosyé antré yo antan yo fè yon sèl nèt nan kominion lafoua-a ak charité-a.

Ou minm ki gras a réziréksion-ou nan, ou té géri infim nan ki té nan pòt tanp la,

— voyé jé sou malad yo, fè ouè gloua-ou nan yo.

Ou minm ki vîn tounin prémié frui lanmò-a ak réziréksion-an,
 — moun yo ki té éspéré nan ou-a, fè yo patisipé nan gloua-ou la.
 Papa nou.

Priyè-a

Bondié mizérikòd, fè nou favè, sa n-ap rapousuiv nan règléman paskal
 yo, fè nou santi li donnin frui pou nou tout tan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

VANDRÉDI DÉZIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Nan réziréksion-ou nan, ou minm Kris la, alélouya.

R/. Sé pou sièl yo ak tè-a kontan, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

4, 1-11

Vizion Bondié

Mouin minm, Jan, ¹ mouin té ouè : min yon pòt ki louvri nan sièl la, épi prémié voua-a mouin té tandé-a, li té tankou voua foul k-ap palé avèk mouin-an, k-ap di : « Monté isit la, m-ap montré-ou sa k-ap rivé apré bagay sa yo ». ² Minm lè-a mouin antré nan éspri-a : min yon trôn yo instalé nan sièl la, sou trôn nan gin yon pèsonaj ki chita. ³ Sa-k té chita-a, li té tankou aparans piè jasp ak sard, té gin akansièl alantou trôn nan tankou aparans smaragd. ⁴ Alantou trôn nan té gin vinnkat ti trôn, sou trôn yo té gin vinnkat ansyin ki té. chita, yo té abiyé ak rad blan, sou tèt yo té gin kouròn lò ; ⁵ nan trôn nan té gin zéklè ki t-ap soti ak voua ak brui ; sèt lanp té limin dévan trôn nan, sé sèt éspri Bondié yo. ⁶ Dévan

trôn nan, sé té tankou yon lanmè an vit tankou kristal ; nan mitan trôn nan ak alantou trôn nan té gin kat vivan plin jé dévan ak dèyè. ⁷ *Prémié* vivan-an sanblé ak *yon lion*, *dézièm* vivan-an sanblé ak *yon bèf*, *touazièm* vivan-an té gin fas tankou *fas moun*, *katriyèm* vivan-an té sanblé ak *yon ègl* k-ap volé. ⁸ Kat vivan yo, yo *chak* té gin *sis zèl*, alantou ak anndan yo té plin ak jé, yo pa-t gin répo lajounin kon lannuit, yo t-ap di : « *Li sin, li sin, li sin, Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a*, ki té la épi ki la épi k-ap vini-an ».

⁹ Pandan vivan sa yo t-ap bay gloua ak konsidérasion ak konpliman pou sa-a ki chita sou trôn nan, k-ap viv pou tout tan gin tan-an, ¹⁰ vinnkat ansyin yo t-ap bésé dévan sa-a ki chita sou trôn nan, yo t-ap adoré sa-a k-ap viv pou tout tan gin tan-an, yo t-ap voyé kouròn yo dévan trôn nan, yo t-ap di :

¹¹ « Ou mérité sa,
Granmèt Bondié nou,
pou-ou résévoua gloua ak konsidérasion ak otorité,
paské ou té kréyé tout bagay,
épi sé akòz volonté-ou yo té fèt, yo té kréyé ».

RÉPONS

Ap 4, 8c; Iz 6, 3

R/. Li sin, li sin, li sin, Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a, ki té la épi ki la épi k-ap vini-an; * Tout tè-a plin ak gloua li, alélouya.

V/. Sérafin yo youn t-ap rélé bay lòt: Li sin, li sin, li sin, Granmèt lamé yo. * Tout tè-a plin.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Diskou sin Téodòr Stoudit

(Oratio in adorationem crucis: PG 99, 691-694. 695. 698-699)

Koua Kris la gin valè épi li bay lavi

Ala kado koua-a gin anpil valè! Tout bon, ala kalité klèté lè yo ouè-l! Li pa prezanté yon aparans koté gin byin ak mal ki mélanjé, tankou boua sa-a nan Édèn nan, min tout li minm bèl ak bèl aparans ni pou ouè-l ni pou gouté-l.

Réyèlman sé boua k-ap anfanté lavi-a, pa lanmò-a; k-ap kléré-a, ki pap voualé nan fènoua-a; k-ap fè antré nan Édèn nan, ki pap fè soti; boua sa-a, koté Kris la, antan-l monté tankou yon roua sou yon char kat choual ap minnin, li té détrui djab la ki té gin pouvoua lanmò-a, épi li té tiré vanjans pou ras moun nan sot nan ésklavaj tiran-an.

Boua sa-a, koté Granmèt la, tankou yon konbatan ki ékstraòdinè anpil, té blésé nan batay la nan min-l yo, nan pié-l yo ak nan bò kòt ki sot nan Bondié-a, li té géri mak kou sa k-ap fè mal yo, sètadi natu nou-an dragon méchan-an blésé-a.

Anvan, yo té touyé nou pa lintèmédiè boua-a, koulié-a nou té réjouinn lavi pa lintèmédiè boua-a; anvan, boua-a té tronpé nou, nou répousé ansyin sèpan mantè-a ak boua-a. Sètènman chanjman sa yo nouvo épi étranj. Nan plas lanmò-a yo bay lavi-a, nan plas dékonpozision-an impossibilité dékonpozision-an, nan plas dézonè-a gloua-a.

Sé pa san rézon donk sin Apot la té byin déklaré: *Mouin pa gin doua jouinn jouinn gloua, sof nan koua Granmèt nou Jézu-Kri-a, pa lintèmédiè li, tè-a klouré sou koua pou mouin, épi mouin minm tou pou tè-a!* Paské sajès nan pi ro dégré sa-a, ki té kòm fléri sot nan koua-a, démanti grandizè sajès dapré tè-a ak arogans sa-k sòt la. Tout kalité espès byin yo, ki té vîn soti nan koua-a, té koupé jèm ruz la ak méchansté-a.

Sètènman pòtré boua sa-a ak sa-k té signalé-l davans, déjà dépi nan kòmansman tè-a yo té konnin yo ak bagay ki té ékstraòdinè nèt épi ki té indiké yo. Ninpòt moun réyèlman ki gin anvi konnin, li mèt gadé. Èské sé pa ak yon boua toupiti Noé ak pitit li yo ak madanm yo ansanm ak tout espès bèt yo té chapé anba désizyon Bondié pou katastròf délij la?

Kisa réyèlman vré ankò baton Moyiz la té yé? Èské sé pa pòtré koua-a? Soua vrèman antan l-ap chanjé dlo-a pou-l tounin san, soua antan l-ap dévoré fo-sèpan maj yo, koulié-a antan l-ap divizé lanmè-a ak frap k-ap pousé, apré antan-l minnin kous dlo lanmè-a tounin ansanm épi antan-l nouayé ènmi-yo; antan réyèlman vré li konsèvé sa yo ki té pèp dapré laloua-a.

Baton Aaron-an tou sé té yon kalité pòtré koua-a tou, ki té pousé fèy minm jou-a antan-l montré prêt dapré laloua-a.

Sé sa tou Abraam té fè konnin davans, lè li té mété pitit li-a ki maré sou pil boua yo. Ak koua-a yo touyé lanmè-a, épi Adan rétounin gin lavi. Ak koua-a ninpòt apot jouinn gloua, tout mati kouroné épi tout sin sanktifié. Ak koua-a nou abiyé ak Kris la, nou ouété ansyin moun nan. Ak koua-a, nou minm mouton Kris la, nou rasanblé nan yon sèl bann mouton épi déstinasyon nou sé patiraj sièl yo.

RÉPONS

R/. Sa-a sé piéboua ki gin pi plis konsidération-an, sé nan mitan paradi-a li yé, * Koté sé la sa-a ki fè nou sovè-a té ranpòté viktoua ak pròp lanmò pa-l la sou lanmò tout moun yo, alélouya.

V/. Anlè tout pié sèd yo, sé ou minm sèl ki pi ro. * Koté sé la.

Priyé-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Tr Ap 5, 30-32

Bondié papa nou yo té résisité Jézu, li minm nou té touyé-a antan nou té pandié-l sou boua-a; Bondié lévé-l adouat li kòm chèf ak sovè pou-l bay Israèl pénitans ak padon péché yo. Kanta nou minm, nou sèvi paròl sa yo témouin, ak Éspri Sin-an Bondié té bay moun ki obéyi-l yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya.
Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya.
Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou Benedictus la, réf. : Jézu té pran pin yo, épi, lè-l fin rann gras, li té séparé bay moun yo ki té lonjé pou manjé yo, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié Papa-a té résisité Kris la gras a Éspri-a, konsa tou kò nou k-ap mouri yo l-ap fè yo jouinn lavi. Sé poussa an nou di byin fò :

Granmèt, ba nou lavi gras a Éspri Sin-ou nan.

Papa ki sin, ou té aksépté sakrifis antié Pitit ou-a, antan ou résisité-l sot nan pami mò yo,

— résévoua ofrann nou-an jodi-a, kondui nou nan lavi pou tout tan-an.

Tanpri, voyé jé sou travay nou yo jodi-a,

— pou yo fèt pou gloua-ou épi pou yo fè tout moun vîn sin.

Travay nou fè jodi-a, pa kité-l pèdi, min fè-l sèvi pou tout moun;

— épi antan n-ap travay konsa fè nou rivé nan rouayòm ou-an.

Louvri jé nou ak kè nou jodi-a pou frè nou yo,

— pou nou youn rinmin lòt, pou nou youn sèvi lòt.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki té vlé pou Pitit ou-a sibi soufrans koua-a poutèt nou, pou-ou té chasé pouvoua ènmi-an louin nou, tanpri, nou minm ki sèvitè-ou, fè nou rivé jouinn gras rézireksion-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Tr Ap 2, 32-36

Jézu, Bondié té résisité-l, nou tout nou sèvi-l témouin. Sé ak anpil asirans donk pou tout kay Israèl la konnin Bondié té fè-l ni Granmèt ni Kris, Jézu sa-a nou té krisifié-a.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Gal 3, 27-28

Nou tout ki batizé nan Kris la, nou té abiyé ak Kris la ; pa gin Juif ni Grèk, pa gin ésklav ni moun lib, pa gin gason ni fi : nou tout réyèlman sé yon sèl nou fè nan Kris Jézu.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

1 Kor 5, 7-8

Ouété vié lévin-an, pou nou vîn yon nouvo pat, paské nou sé pin san lévin. Réyèlman yo sakrifé Pak nou-an Kris la! Konsa sé pou nou sélébré fèt yo, pa avèk vié lévin, ni avèk lévin méchansté ak movèz foua, min nan pin san lévin sinsérité-a ak vérité-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Ébr 5, 8-10

Malgré Kris la sé Pitit li yé-a, li té aprann obéyisans nan sa-l soufri yo, lè-l fîn akonpli, li vîn tounin pou tout moun k-ap obéyi-l koz sovè yo sovè pou tout tan-an, antan Bondié rélé-l prêt an chèf dapré ran Mèlkisédek.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. : Li té sibi koua ki sin-an, li minm ki té krazé lanfè-a ; li maré senti-l ak pouvoua, li té résisité sou touazièm jou-a, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, sous tout lavi épi kòmansman tout bon kalité, an nou sélébré-l, antan n-ap priyé :

Instalé rouayòm ou-an sou tè-a, Granmèt.

Jézu sovè, ou mouri nan kò-a sé vré, min ou vîn vivan nan Éspri-a;

— fè nou mouri sot nan péché-a, pou nou viv nan Éspri-a.

Ou minm ki voyé disip ou yo sou tout tè-a pou yo préché Évanjil la bay tout créatu,

— moun yo k-ap anonsé Évanjil la, fè yo viv dapré Éspri-ou la.

Ou minm yo rinmèt tout pouvoua nan sièl la ak sou tè-a, pou-ou sèvi vérité-a témouin,

— kè moun yo k-ap komandé nou yo, kinbé yo nan éspri vérité-a.

Ou minm ki fè tout bagay nouvo épi ki pasé nou lòd pou nou tann rouayòm ou-an antan n-ap véyé,

— fè plis n-ap tann sièl nouvo yo ak tè nouvo yo avèk chalè, plis tou n-ap travay tè sa-a avèk souin.
 Ou minm ki désann jous nan bafon anba yo, pou-ou anonsé kè kontan Évanjil la bay mò yo yo minm,
 — vîn tounin ou minm minm kontantman ak éspérans ékstraòdinè pou moun ki mouri yo.
 Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki té vlé pou Pitit ou-a sibi soufrans koua-a poutèt nou, pou-ou té chasé pouvoua ènmi-an louin nou, tanpri, nou minm ki sèvitè-ou, fè nou rivé jouinn gras rézireksion-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

SAMDI DÉZIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié té réfè nou nan éspérans vivan-an, alélouya.

R/. Pa lintèmédiè rézireksion Jézu-Kri sot nan pami mò yo, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

5, 1-14

Vizion Mouton-an

Mouin minm, Jan, ¹ mouin té ouè adouat sa-a ki chita sou trôn nan yon liv ki ékri anndan ak déyò, ki sélé sèt koté. ² Mouin ouè yon anj ki gin fòs k-ap déklaré ak yon gran voua : « Kilès ki mérité louvri liv la, pou-l ouété

sélé-l yo ? »³ Min pèsonn pa-t kapab louvri liv la pou yo li-l, ni nan sièl la, ni sou tè-a, ni anba tè-a.⁴ Mouin minm mouin t-ap kriyé anpil, paské yo pa-t jouinn pèsonn ki mérité louvri liv la ni li-l.⁵ Youn nan ansyin yo di-m : « Pa kriyé : min lion-an ki sot nan ras Juda, rasîn David la, li ranpòté viktoua, pou-l louvri liv la, pou-l ouété sèt sélé-l yo ».

⁶ Mouin ouè, épi nan mitan trôn nan ak kat vivan yo ak nan mitan ansyin yo, min yon Mouton té kanpé tankou si yo té touyé-l, li té gin sèt kòn ak sèt jé, sé sèt éspri Bondié yo, yo voyé sou tout tè-a.⁷ Li rivé, li pran liv la nan min douat sa-a ki té chita sou trôn nan.⁸ Kon-l louvri liv la, kat vivan yo ak vinnkat ansyin yo tonbé dévan Mouton-an, yo chak té gin gita ak véso an lò ki plin losion, sé priyé sin yo.⁹ Yo t-ap chanté yon kantik nouvo, yo t-ap di :

« Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la,
pou-ou ouété sélé-l yo,
paské yo té touyé-ou, épi ou rachté nou pou Bondié nan san-ou
sot nan tout ras, lang, pèp ak nasion,

¹⁰ épi ou fè nou vîn tounin péyi-roua ak prèt pou Bondié nou,
n-ap kòmandé kòm roua sou tè-a ».

¹¹ Mouin té ouè, mouin té tandé voua anpil anj toutalantou trôn nan ak vivan yo ak ansyin yo ; kantité yo sé té mil milié¹² ki t-ap di avèk yon gran voua :

« Li mérité, Mouton-an yo té touyé-a,
pou-l résévoua puisans, divinité, sajès,
fòs, onè, gloua ak bénédikcion ».

¹³ Tout kréatu ki nan sièl la ak sou tè-a ak anba tè-a, ni sa-k nan lanmè-a, ni sa-k anndan-l, yo tout mouin tandé y-ap di : « Pou sa-a ki chita sou trôn nan ak pou Mouton-an bénédikcion, konsidérasion, gloua ak pouvoua pou tout tan gin tan ».

¹⁴ Kat vivan yo t-ap di : « Amèn ». Vinnkat ansyin yo tonbé sou fas yo, yo adoré sa-a k-ap viv pou tout tan gin tan-an.

RÉPONS

Ap 5, 9bcd. 10a

R/. Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la, pou-ou ouété sélé-l yo, paské yo té touyé-ou * Épi ou té rachté nou pou Bondié nan san-ou, alélouya.

V/. Ou té fè nou vîn tounin réyèlman yon rouayòm ak prêt pou Bondié nou-an. * Épi ou té rachté.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Konstitision *Sacrosánctum Concílium* dézièm Konsil Vatikan-an osijè Litiji-a ki sakré-a

(Nn. 5-6)

Osijè prinsip dispozision k-ap sové nou-an

Bondié, *ki vlé pou tout moun sové épi pou yo rivé nan konésans vérité-a, anpil foua ak anpil maniè lontan li té palé ak papa yo nan profèt yo, lè plénitud tan-an rivé, li té voyé Pitit li-a, Paròl la ki vîn tounin chè, ki sakré ak Éspri-Sin-an, pou-l poté bòn nouvèl la bay pòv yo, pou-l géri sa yo ki krazé nan kè-a, médsin pou chè-a ak éspri-a, médiatè ant Bondié ak moun yo. Pròp natu moun li-an réyèlman, ki fè youn ak pèrsòn Paròl la, té instriman pou sové nou-an. Sé pou sa, apèzman ki apouin nèt pou rékonsiliasion nou-an soti nan Kris la, épi plénitud sèvis Bondié-a vîn antré nan nou.*

Min travay rédanmsion moun nan ak gloua ki fîn apouin sa-a y-ap bay Bondié-a, sa mèvèy Bondié yo té préparé davans nan pèp ansyin téstaman-an, Kris la, Granmèt la, té akonpli-l, sitou pa lintèmédiè mistè paskal soufrans li-a ki sin-an, réziréksion-l sot nan lanfè yo ak asansion-l nan gloua-a, sé la li té détrui lanmò nou-an antan-l moura-a, épi li té réparé lavi-a antan-l résisité-a. Paské sot nan bò kòt Kris la k-ap dòmi sou koua-a sakréman ékstraòdinè tout Égliz la vîn soti.

Sé poutèt sa, minm jan Papa-a té voyé Kris la, konsa tou li minm li té voyé Apot yo ki plin ak Èspri-Sin-an, pa sèlman pou antan yo prèché Évanjil la bay tout kréatu, yo anonsé Pitit Bondié-a libéré nou anba pouvoua Satan ak anba lanmò gras a lanmò li-a épi ak rézirkéksion-l nan épi li té transféré nou nan rouayòm Papa-a, min tou pou travay sovè nous ové-a, sa yo t-ap anonsé-a, yo té réalizé-l pa lintèmediè sakrifis la ak sakrèman yo, sa tout lavi litijik la viré alantou-l la.

Konsa, pa lintèmediè Batèm nan, moun yo vîn antré nan mistè paskal Kris la: yo mouri ansanm avèk li, yo antéré ansanm avèk li, yo résisitè ansanm avèk li, yo résévoua Èspri pitit adopsion yo, *nan li n-ap rélé : Abba, Papa*, épi konsa yo vîn tounin vrè moun k-ap adoré yo, sa Papa-a ap chèché yo.

Minm jan-an tou, chak foua yo manjé soupé Granmèt la, y-ap anonsé lanmò-l jous li vini. Sé pou rézon sa-a, jou Pantkot la minm, lè Égliz la té parèt pou tè-a, *moun yo ki té résévoua paròl Piè-a, yo batizé yo*. Épi yo té *pèsévéré nan ansègnman apot yo, nan kominion-an, nan séparé pin-an ak nan priyé yo, antan y-ap fè louanj Bondié ansanm épi antan yo té gin favè tout foul la*.

Dépi lè sa-a Égliz la pa-t janm sispann rasanblé fè youn pou sélébré mistè paskal la: antan l-ap li *nan tout sa-k Ékri yo sa-k té konsèné-l*, antan l-ap sélébré Ékaristi-a koté viktoua lanmò-l ak trionf li-a vîn prézan yon lòt foua, épi an minm tan antan l-ap rann gras *bay Bondié pou kado yo pa kapab palé-a nan Kris Jézu, pou louanj gloua li-a*.

RÉPONS

Cf. Jan 15, 5. 9

R/. Mouin sé véritab pié rézin-an, nou sé branch yo; * Moun ki rét nan mouin, épi mouin minm nan li, moun sa-a donnin anpil frui, alélouya.

V/. Minm jan Papa-a té rinmin-m nan, sé konsa tou mouin té rinmin nou, sé pou nou rété nan rinmin-m nan. * Moun ki rét.

Priyé-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 14, 7-9

Pèsonn nan nou pap viv pou prop tèt li; pèsonn pap mouri pou prop tèt pa li; kit n-ap viv réyèlman, sé pou Granmèt la n-ap viv, kit nou mouri, sé pou Granmèt la nou mouri. Donk kit n-ap viv, kit nou mouri, sé pou Granmèt la nou yé. Sé pou sa réyèlman Kris la mouri épi li té viv tou, sé pou-l té kòmandé ni sa-k mouri yo, ni sa-k vivan yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya.
Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya.
Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Lapè pou nou, sé mouin minm : pa pè, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, li minm ki té montré nou lavi pou tout tan-an, an nou mandé-l avèk tout kè nou, antan n-ap di byin fò :

Sé pou rézireksion-ou nan anrichi nou ak lagras, Granmèt.

Gadyin pou tout tan-an, voyé jé sou bann mouton-ou nan k-ap lève sot nan dòmi-a,

— souin nou ak abondans manjé paròl ou-a ak pin-ou nan.

Pa kité lou-a dévoré nou, pa kité sa k-ap vann sèvis li-a pèdi nou,

— min fè nou rét fidèl pou nou tandé voua-ou.

Ou minm ki travay toupatou avèk moun k-ap préché yo épi ou asiré prèch yo-a,

— fè nou anonsé rézéréksion-ou nan jodi-a nan konduit nou ak nan lavi nou.

Sé pou-ou vîn tounin kè kontan nou, sa pèsonn pa kapab ouèté sot nan nou-an,

— pou nou réjté tristès péché-a, pou nou kité lavi pou tout tan-an atiré nou.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ou minm pa lintèmediè-ou rédanmsion-an rivé pou nou-an épi nou jouinn adopsion-an, voyé jé ak bon kè-ou sou pitit ou rinmin yo, pou sa yo ki kouè nan Kris la, yo jouinn véritab libètè-a ak éritaj tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Rom 5, 10-11

Si malgré nou té ènmi, nou vîn rékonsilié ak Bondié pa lintèmediè lanmò Pitit li-a, sé pi plis toujou antan nou fin rékonsilié-a n-ap sové nan lavi li-a; sé pa sèlman sa, min n-ap jouinn gloua nan Bondié palintèmediè Granmèt nou Jézu-Kri, li minm sé pa lintèmediè-l koulié-a nou té résévoua rékonsiliasion-an.

V/. Granmèt la té résisité réyéلمان vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst**LÉKTU KOUT****1 Kor 15, 20-22**

Kris la té résisité sot nan pami mò yo, prémié frui pami sa-k t-ap dòmi yo. Paské réyèlman sé pa lintèmediè yon moun gin lanmò-a, sé pa lintèmediè yon moun tou gin rézireksion mò yo : minm jan réyèlman tout moun té mouri nan Adan-an, sé konsa tout moun ap gin lavi nan Kris la.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT****2 Kor 5, 14-15**

Rinmin Kris la ap pousé nou ; antan nou konsidéré si yon sèl mouri pou tout moun, konsa tout moun yo mouri ; épi li mouri pou tout moun, pou minm moun k-ap viv yo, sé pa pou yo minm y-ap viv ankò, min pou sa-a ki mouri épi ki té résisité pou yo-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

TOUAZIÈM DIMANCH PAK

Touazièm sémèn Psòm yo

Pou premié Vèp yo

IMN, *Ad cenam Agni*, 54.

Réf. 1 Bondié anlè nèt dépasé tout sièl yo, li té lèvé pòv la sot atè-a, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch touazièm sémèn-nan, 779.

Réf. 2 Ou té kasé chinn mouin yo, Granmèt : m-ap ofri-ou yon sakrifis louanj, alélouya.

Réf. 3 Pitit Bondié-a té aprann obéyisans apati sa-l soufri yo; tout moun ki obéyi-l yo, li vîn tounin kòz sovè yo sovè-a pou tout tan, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Piè 2, 9-10

Nou minm nou sé yon ras chouazi, yon sèvis prèt ki roua, yon nasion ki sin, yon pèp ki gin mèt, pou nou anonsé puisans sa-a ki té rélé nou sot nan fènoua yo vîn nan bèl limiè-l la ; lontan nou pa-t yon pèp, min koulié-a nou sé pèp Bondié-a ; nou pa-t résévoua mizérikòd, min koulié-a nou résévoua mizérikòd.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. :

Ané A

Rét avèk nou, paské asouè ap rivè épi jou-a déjà bésé, alélouya.

Ané B

Jézu li minm té kanpé nan mitan disip yo, épi li di yo : Lapè pou nou, alélouya.

Ané C

Jézu té di disip li yo : Poté nan pouason yo, sa nou sot pran koulié-a. Simon Piè minm té monté, épi li té rédi filè-a monté vîn sou tè-a plin ak gro pouason, alélouya.

PRIYÈ YO

Antan n-ap rélé Kris la, ki lavi nou ak rézireksion nou, an nou di byin fò avèk konfians :

Pitit Bondié vivan, véyé sou pèp ou-a.

N-ap priyé-ou, ou minm Kris la, pou Égliz katolik ou-a,

— fè-l vîn sin, pou ringn ou-an instalé nan nasion yo.

N-ap sipliyé-ou pou moun yo ki krazé ak maladi, ak dèy, ak ésklavaj, ak égzil,

— pou yo jouinn konsolasion ak sékou.

N-ap priyé-ou pou moun ki pèdi rout ou yo,

— pou yo résévoua lagras padon-ou nan ansanm ak kè kontan nouvo lavi-a.

Sovè nou-an, ou minm yo té klouré sou koua-a, ki té résisité-a épi k-ap vîn jijé tè-a,

— padonnin nou, nou minm péchè.

Pou tout moun k-ap viv nan tan sa-a, n-ap priyé-ou,

— ni pou tout moun yo tou ki pati kité nou nan éspérans rézireksion-an.

Papa nou.

Priyè-a

Sé pou pèp ou-a toujou fété, Bondié, ak nanm li ki rénouvlé tou jèn nan, pou, li minm ki kontan koulié-a poutèt yo rimmèt li gloua pítit adoptif la, li tann jou rézireksion-an avèk éspérans rékonpans ki sètin. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Ofis léktu-a

V/. Chè mouin té réfléri, alélouya.

R/. Épi sé volonté-m pou-m fè déklarasion pou Bondié, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

6, 1-17

Liv Bondié-a, Mouton-an ouvri-l

¹ Mouin minm Jan, mouin té ouè. Lè Mouton-an louvri youn nan sèt so yo, mouin té tandé youn nan kat Vivan yo k-ap di tankou avèk yon voua loraj «Vini». ² Épi mouin té ouè: épi min yon choul blan, épi sa-k chita sou li-a gin yon zam pou tiré flèch. Épi yo ba-l yon kouròn. Épi li sòti antan-l ranpòté viktoua épi pou-l ranpòté viktoua.

³ Épi lè-l louvri dézièm so-a, mouin tandé dézièm Vivan-an k-ap di: «Vini». ⁴ Épi yon lòt choul rouj-difé soti. Épi sa-k chita sou li- a, yo ba-l pou-l pran lapè sot sou tè-a, épi pou moun yo, youn touyé lòt ak épé, épi yo ba-l yon gran épé.

⁵ Épi lè-l louvri touazièm so-a, mouin tandé touazièm Vivan-an k- ap di: «Vini». Épi mouin ouè: épi min yon choul noua. Épi sa-k chita sou li-a, li gin yon balans nan min-l. ⁶ Épi mouin tandé tankou yon voua nan mitan kat Vivan yo k-ap di: «Yon mézi blé pou salè yon jounin, épi toua mézi òj pou salè yon jounin, épi luil la ak divin-an, pa gaté yo.»

⁷ Épi lè-l louvri katriyèm so-a, mouin tandé voua katriyèm Vivan- an k-ap di: «Vini». ⁸ Épi mouin ouè: épi min yon choual vèt- fonsé; épi sa-k chita sou li-a, non li sé «Lanmò» épi Adès la t-ap suiv li. Épi yo té ba yo pouvoua sou yon ka tè-a, pou yo touyé nan épé, ak nan grangou, ak nan lanmò, ak anba bèt sovaj tè yo.

⁹ Épi lè yo louvri sinkièm so-a, mouin ouè anba lotèl la nanmoun yo yo té koupé gòj yo poutèt paròl Bondié-a ak poutèt témoua- gnaj la yo té ginyin-an. ¹⁰ Yo rélé ak yon gro voua antan y-ap di: «Jouskilè, ou minm k-ap kòmandé, ou minm ki sin, épi ki vré, ou pap jijé, ou pap vanjé san nou sot nan min sa-k abité sou tè-a?».

¹¹ Épi yo té bay yo chak yon rad blan, épi yo té di yo pou yo pozé ankò yon ti kras tan, joutan yo fîn konplété, ni sa-k ésklav ansanm avèk yo, ni frè yo ki gin pou sibi lanmò minm jan ak yo-a.

¹² Épi mouin ouè. Lè yo louvri sizièm so-a, vîn gin yon gran tranbléman-tè, épi solèy la vîn noua, tankou sak ki fèt avèk krin choual; épi tout lalîn nan vîn tankou san, ¹³ épi zétoual sièl yo, yo tonbé sou tè-a, tankou yon pié figié dous jété frui rabi-l yo, lè-l souké anba yon gro van.

¹⁴ Épi sièl la pati tankou yon liv ki roulé, épi tout mòn ak zilé, yo mouvmané sot nan plas yo. ¹⁵ Épi roua yo sou tè-a ak chèf yo ak kapitèn yo ak rich yo ak sa-k gin fòs yo, ak tout ésklav ak moun lib yo kaché kò yo nan grèt ak nan mòn yo, ¹⁶ *épi yo di mòn yo ak ròch yo: «Tonbé sou nou épi kaché nou sot nan fas sa-k chita sou trôn nan, ak sot nan kòlè Mouton-an, ¹⁷ paské li rivé gran jou kòlè yo-a, épi kilès ki kapab kanpé?».*

RÉPONS

Cf. Ap 6, 9. 10. 11

R/. Anba otèl Bondié-a mouin té tandé voua sa yo té touyé yo k-ap di: Poukisa ou pa défann san nou-an? Épi yo té résévoua répons sot nan Bondié: * Sé pou nou sipoté ankò yon ti kras tan, joutan yo fîn konplété kantité frè nou yo, alélouya.

V/. Épi yo té bay yo chak yon rad blan, épi yo té di yo. * Sé pou nou sipoté ankò.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan premié Apoloji (Défans) sin Justin, mati, pou Krétyin yo
(Cap. 66-67: PG 6, 427-431)

Sélébrasion Ékaristi-a

Ékaristi-a, pèsonn lòt moun pa gin doua patisipé ladan-l, si sé pa moun ki kouè sa nou anségné-a sé vré, épitou yo té lavé-l ak bingn lan pou padon péché yo ak nouvo nésans la, épi li viv nan fason Kris la té transmèt la.

Ni réyèlman sé pa tankou yon pin òdinè, ni tankou yon bouason òdinè nou pran bagay sa yo; min minm jan pa lintèmediè Paròl Bondié-a Jézu-Kri sovè nou-an té vîn tounin chè épi li té gin ni chè ni san pou-l kapab sovè nou; sé konsa tou sa-a, koté pa lintèmediè priyè-a ki gin pròp paròl li yo ladan-l yo rann gras la, nouritu-a, sa san nou yo ak chè nou yo nouru ak yo-a pa lintèmediè chanjman-an, nou aprann sé ni chè ni san Jézu sa-a ki inkarné-a.

Paské Apot yo nan éksplikasyon yo bay yo, sa yo rélé Évanjil yo, sé konsa yo transmèt Jézu té ba yo lòd: sètadi li minm, antan-l pran pin, lè-l fîn rann gras, li té di: *Fè sa pou nou fè sonjé mouin. Sa-a sé kò mouin*; épi pou koup la li pran minm jan-an, lè-l fîn rann gras, li té di: *Sa-a sé san mouin*, épi sé yo minm sèl li té transmèt sa. Dépi tan sa-a nou toujou raplé bagay sa-a nan mémoua nou youn ak lòt; épi nou minm ki ginyin yo, nou poté sékou bay tout pòv yo, nou toujou fè youn. Épitou nan tout ofrann yo nou fè louanj kréatè tout bagay yo pa lintèmediè Jézu-Kri ak pa lintèmediè Espri-Sin-an.

Épitou nan jou-a yo rélé jou Solèy la, tout sa yo ki abité soua nan vil yo soua nan kanpagn yo, yo fè yon rasanbléman nan minm koté-a, épi yo li éksplikasyon Apot yo oubyin sa profèt yo té ékri yo, dapré jan tan-an pèmèt fè sa.

Apré sa, lè léktè-a sispann, moun k-ap prezidè-a apuiyé sou paròl sa yo pou bay avètisman ak ankourajman pou pran modèl pou bagay sa yo ki tèlman bèl.

Apré nou tout ansanm nou lévé, épi nou voyé intansion priyè; épitou, jan nou té déjà di-a, lè nou sispann priyè-a, yo poté pin ak divin ak dlo; épi moun k-ap prezidè-a, li fè tandé priyè ak aksion-d-gras ak tout fòs li yo, épi pèp la rélé byin fò *Amèn*, épi bagay yo té rann gras sou yo-a, yo fè distribision yo ak kominion chak moun ki prézan yo, pou sa ki absan yo yo voyé ba yo pa lintèmédiè diak yo.

Moun ki gin abondans épi ki vlé, dapré libètè désizyon-l, sa chak moun vlé, yo bay li, épi sa yo ranmasé-a yo dépozé-l bò kot sa k-ap prezidè-a, li minm minm li poté sékou bay òfélin yo ak vèv yo, ak sa yo ki nan bézouin soua poutèt maladi oubyin yon lòt kòz, min tou pou sa yo ki nan prizon yo ak étranjé ki vini an vouayaj yo résévoua yo; pou di sa ak yon sèl mo, li pran pran souin tout sa-k nan bézouin yo.

Min sé jou Solèy la nou tout rasanblé an minm tan, soua paské sé premié jou sa-a koté Bondié té chanjé fènoua-yo ak matiè-a pou-l té kréyé tè-a, soua paské Jézu-Kri sovè nou-an té résisité sot pami mò yo nan minm jou sa-a. Sé lavèy jou Saturn nan réyéلمان yo té krisifié-l, épi toua jou apré minm jou sa-a, sètadi jou Solèy la, antan Apot li yo ak disp li yo té ouè-l li té anségné bagay sa yo nou té transmèt pou nou minm tou nou té konsidéré yo-a.

RÉPONS

R/. Lè Jézu té gin pou-l travèsé sot sou tè-a al kot Papa-a, pou fè sonjé lanmò li-a, * Li té kité sakréman kò-l ak san-l, alélouya.

V/. Antan li bay kò-a kòm manjé, san-an kòm bouason: Li di, sé pou nou fè sa pou fè sonjé mouin. * Li té kité.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, *Aurora lucis*, 37.

Réf. 1 Granmèt la té régné, li abiyé ak dékoration, alélouya. †

Psòm yo ak kantik la nan dimanch touazièm sémèn-nan, 786.

Réf. 2 Kréati-a ap vîn libéré nan libèté gloua pitit Bondié yo, alélouya.

Réf. 3 Non Granmèt la lévé anlè plis pasé sièl la ak tè-a, alélouya.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 10, 40-43

Bondié té résisité Jézu touazièm jou-a, li fè-l parèt, non pa dévan tout pèp la, min dévan témouin yo Bondié té chouazi davans yo, nou minm, ki té manjé, ki té bouè avèk li, apré-l té fîn résisité sot nan pami mò yo; li té pasé nou lòd pou nou préché pèp la, pou nou sèvi témouin sé li minm Bondié mété kòm jij moun ki vivan yo ak moun ki mouri yo. Tout profèt yo sèvi bagay sa-a témouin tout moun ap résévoua padon péché yo nan non-l, sa yo ki kouè nan li-a.

RÉPONS KOUT

R/. Ou minm Kris la, Pitit Bondié vivan, pran pitié pou nou. * Alélouya, alélouya. Ou minm Kris la.

V/. Ou minm ki té résisité sot nan pami mò yo * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Ou minm Kris la.

Pou *Benedictus* la, réf. :

Ané A

Kris la té gin pou-l soufri, pou-l résisité sot nan pami mò yo sou touazièm jou-a, alélouya.

Ané B

Gadé min-m yo ak pié-m yo, sé mouin minm minm. Touché-m pou nou ouè, alélouya.

Ané C

Jézu vini, li pran pin-an, li ba yo épi pouason-an tou. Sa-a déja sé touazièm fousa Jézu té parèt dévan disip li yo, lè-l té résisité sot nan pami mò yo, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, ki fè lavi-a, li minm Bondié té résisité-a épi k-ap résisité nou gras a pouvoua li-a, an nou priyé-l antan n-ap di byin fò :

Ou minm Kris la ki lavi nou, sové nou.

Ou minm Kris la, limiè byin kléré k-ap briyé nan fènoua yo, chèf lavi-a, ou minm ki sanktifidé moun ki kapab mouri yo,

— fè nou pasé jounin sa-a ap fè louanj ou.

Granmèt, ou minm ki pasé nan chémin soufrans la ak lakoua-a,

— pèmèt nou, pou antan n-ap soufri épi mouri avèk ou, nou résisité tou ansanm avèk ou.

Pitit Papa-a, mèt nou ak frè nou, ou minm ki fè nou vîn tounin yon rouayòm ak prèt pou Bondié nou-an,

— fè nou ofri-ou sakrifis louanj nan kè kontan.

Roua gloua-a, n-ap tann jou ékstraòdinè-a lè ou-ap parèt la,

— pou nou ouè fas ou, pou nou vîn minm jan avèk ou.

Papa nou.

Priyè-a

Sé pou pèp ou-a toujou fété, Bondié, ak nanm li ki rénouvlé tou jèn nan, pou, li minm ki kontan koulié-a poutèt yo rinmèt li gloua pitit adoptif la, li tann jou réziréksion-an avèk éspérans rékonpans ki sètin. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Cf. 1 Kor 15, 3b-5

Kris la mouri pou péché nou yo, dapré sa-k Ékri yo, yo antéré-l, li résisité sou touazièm jou-a, dapré sa-k Ékri yo, li parèt dévan Séfas, apré sa dévan Douz yo.

V/. Granmèt la té résisité réyéلمان vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Éféz 2, 4-6

Bondié ki rich nan mizérikòd, poutèt gran charité-l la, sa-l té rinmin nou avèk li-a, malgré nou té mouri akòz péché yo, li té fè nou viv nan Kris la, — sé akòz gras la nou sové, — épi li té résisité nou avèk li, li té fè nou chita avèk li nan sièl yo nan Kris Jézu.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT****Rom 6, 4**

Nou antéré ansanm avèk li nan lanmò-a gras a batèm nan, pou minm jan Kris la résisité sot nan pami mò yo gras a gloua Papa-a, konsa tou nou minm n-ap maché nan nouvo lavi-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Ad cenam Agni*, 54.

Réf. 1 Antan li fin nétouayé péché yo, li chita adouat grandè-a nan rotè anlè yo, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch touazièm sémèn-nan, 793.

Réf. 2 Granmèt la té voyé rédanmsion-an bay pèp li-a, alélouya.

Réf. 3 Alélouya, Granmèt nou-an té régné; sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua, alélouya.

LÉKTU KOUT**Ébr 10, 12-14**

Kris la ofri yon sèl sakrifis pou péché yo, pou tout tan *li té chita adouat Bondié*, antan l-ap tann apré sa, *joustan yo plasé ènmi-l yo kòm*

machéskalié pou pié-l; avèk yon sèl ofrann réyèlman, li té fè moun yo ki vîn sin yo vîn kòrèk nèt pou tout tan.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, * Alélouya, Alélouya. Granmèt la.

V/. Li té parèt dévan Simon. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Magnificat* la, réf. :

Ané A

Pandan li té lonjé kò-l avèk yo-a, li té pran pin, li té béni, li té kasé, li t-ap ba yo. Jé yo té vîn louvri, yo té rékonèt li, alélouya.

Ané B

Sé konsa sa té ékri, Kris la té gin pou-l souffri, pou-l résisité sot nan pami mò yo sou touazièm jou-a, pou yo préché pénitans nan non-l ak padon péché yo nan tout nasion, alélouya.

Ané C

Simon pitit Jan, èské-ou rinmin-m ? Granmèt, ou okouran tout bagay, ou konnin mouin rinmin-ou. Jézu di-l : Okipé mouton-m yo, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, Granmèt la, li minm ki té mouri, li té résisité, li toujou ap plédé pou nou; an nou priyé-l avèk konfians :
Roua ki ranpòté viktoua-a, kouté nou.

Ou minm Kris la, limiè ak sovè tout nasion yo,
— vidé difé Éspri-ou la sou nou, nou minm k-ap déklaré rézireksion-ou nan.

Sé pou Israèl rékonèt Kris la, éspérans li-a, nan ou,
— pou tout tè-a vîn plin ak konésans gloua-ou la.

Konsèvé nou nan fè yon sèl avèk sin-ou yo,
— fè nou répozé avèk yo sot nan soufrans nou yo.

Ou minm ki ranpòté viktoua sou lanmò-a ki ènmi-an, krazé ènmi-ou nan, nan nou,

— pou nou viv pou ou ki ranpòté viktoua ki pap janm pasé-a.

Ou minm Kris la, sovè-a, ou minm ki obéyi jous ou mouri, ou minm yo lévé anlè adouat Papa-a,

— tanpri réservoua frè-ou yo nan rouayòm gloua-ou la.

Papa nou.

Priyè-a

Sé pou pèp ou-a toujou fété, Bondié, ak nanm li ki rénouvlé tou jèn nan, pou, li minm ki kontan koulié-a poutèt yo rimmèt li gloua pitit adoptif la, li tann jou rézireksion-an avèk éspérans rékonpans ki sètin. Pa pouvoua Jézu-Kri.

LINDI TOUAZIÈM SÉMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Kè-m ak chè-m, alélouya.

R/. Té fété nan Bondié vivan-an, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

7, 1-17

Yon gran foul ki maké ak so Bondié-a

Mouin minm Jan, ¹ mouin té ouè kat Anj ki kanpé sou kat kouin tè-a, ki kinbé kat van tè-a pou van pa soufflé sou tè-a ni sou lanmè-a ni sou okinn pié boua. ² Mouin ouè yon lòt anj k-ap monté olévan, li té gin sign Bondié vivan-an ; li t-ap rélé byin fò bay kat anj yo ki té résevoua pouvoua pou maltrété tè-a ak lanmè-a, ³ li di : "Pa maltrété tè-a ak lanmè-a, ni pié boua yo, joutan nou maké sèvitè Bondié nou yo nan fron yo". ⁴ Mouin tandé kantité moun ki maké yo : sankarant-kat-mil moun ki maké, nan tout ras pitit Israèl yo. ⁵ Sot nan ras Juda, douz mil té maké; sot nan ras Rubin, douz mil; sot nan ras Gad, douz mil; ⁶ sot nan ras Asè, douz mil; sot nan ras Néftali, douz mil; sot nan ras Manasé, douz mil; ⁷ sot nan ras Siméyon, douz mil; sot nan ras Lévi, douz mil; sot nan ras Izaka, douz mil; ⁸ sot nan ras Zabulon, douz mil; sot nan ras Jozèf, douz mil; sot nan ras Binjamin, douz mil té maké.

⁹ Apré sa, mouin ouè yon gran foul, pèsonn pa-t kapab konté-l, yo té soti nan tout kalité nasion, ras, pèp ak lang, yo té kanpé dévan trôn la ak dévan fas Mouton-an, yo té abiyé ak rad blan, yo té gin branch nan min yo, ¹⁰ yo t-ap rélé byin fò, yo t-ap di : « Sové nou sové-a sé gras a Bondié nou-an, li minm ki chita sou trôn nan, épi gras a Mouton-an ».

¹¹ Tout anj yo té kanpé toutotou trôn nan ak ansyin yo ak kat vivan yo ; yo lagé kò yo sou fas yo dévan trôn nan, yo adoré Bondié, ¹² yo di :

« Amèn. Bénédiksion, gloua, sajès, rémèsiman, konsidérasion, pouvoua ak fòs pou Bondié nou-an pou tout tan k-ap gin tan. Amèn ».

¹³ Youn nan ansyin yo pran laparòl, li di-m : « Sa yo ki abiyé ak rad blan yo, kilès yo yé, épi koté yo soti ? » ¹⁴ Mouin di-l : « Granmèt mouin, ou konnin ». Li di-m : « Sa yo sé sa-k vîn soti nan gran tribilasyon-an, yo lavé ròb yo, yo blanchi yo nan san Mouton-an ». ¹⁵ Yo dévan trôn

Bondié-a, y-ap sèvi-l lajounin kon nannuit nan tanp li-a, sa-a ki chita sou trôn nan ap abité anlè yo. ¹⁶ *Yo pap grangou ni souaf ankò, solèy pap tonbé sou yo, ni okinn chalè,* ¹⁷ paské Mouton-an, ki nan mitan trôn nan, *l-ap kondui yo, l-ap minnin yo nan sous dlo lavi-a, Bondié ap suiyé tout dlo nan jé yo.*

RÉPONS

Ap 7, 13. 14; 6, 9

R/. Sa yo ki abiyé ak rad blan yo, kilès yo yé, épi koté yo té soti? Épi li té di-m: * Sa yo sé sa-k vîn soti nan gran tribilasyon-an, yo té lavé ròb yo, yo té blanchi yo nan san Mouton-an, alélouya.

V/. Mouin té ouè anba lotèl Bondié-a nanm moun yo té touyé yo poutèt paròl Bondié-a ak poutèt témouagnaj la yo té ginyin-an. * Sa yo sé.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Kòmantè sin Bèd le Vénétab, prèt, nan prémié Lèt Piè-a
(Cap. 2: PL 93, 50-51)

Ras yo chouazi, sèvis prèt ki roua

Nou minm minm nou sé yon ras chouazi, yon sèvis prèt ki roua. Témouagnaj louanj sa-a yo té bay li lontan pou ansyin pèp Bondié-a pa lintèmédiè Moyiz, sa koulié-a apot Piè gin rézon bay nasion yo li, paské sa klè yo té kouè nan Kris la, li minm ki tankou ròch mitan anlè-a té rasanblé nasion yo fè youn nan sovè sa-a Israël té gin nan li-a.

Yo minm li rélé *nasion yo chouazi* poutèt lafoua-a, pou-l distingé yo sot nan sa yo ki, antan yo réjité ròch vivan-an, sé pròp tèt yo ki vîn réjité.

Sèvis prèt ki roua minm, paské yo fè youn ak kò sa-a ki roua anlè nèl la ak prèt tout bon vré-a, antan kòm roua li ba yo rouayòm li-an, épi antan kòm prèt an chèf li nétouayé péché yo ak sakrifis pròp san-l nan. Li rélé

yo sèvis prèt *ki roua*, pou yo espéré rouayòm ki pou tout tan-an épitou pou yo sonjé toujou ofri Bondié sakrifis konduit san tach la.

Yo rélé yo tou *nasion ki sin ak pèp ki vîn gin mèt*, dapré sa apot Pòl, antan l-ap ékspozé déklarasion profèt la, té di: *Moun ki kòrèk mouin-an minm, li viv ak lafoua ; si-l ralé kò-l, li pap fè nanm mouin plézi; nou minm minm, sé sa-l di, nou pa moun k-ap ralé kò nou pou nou pèdi, min sé moun lafoua pou nou vîn gin lavi-a*. Épi nan Travay Apot yo, *Nou minm Éspri-Sin-an instalé nou kòm évèk pou nou kondui Égliz Bondié-a, sa-l té vîn ginyin ak san-l nan*.

Konsa nou vîn tounin *pèp ki vîn gin mèt* nan san Rédanmtè nou-an, sa pèp Israèl la té yé lontan-an lè yo té rachté-l ak san ti mouton-an sot Éjip la.

Sé pousa nan vèsè ki suiv la tou yo fè sonjé an mistè ansyin istoua-a, épi li anségné sa tou bay nouvo pèp Bondié-a pou-l akonpli-l dapré éspri-a antan-l di: *Pou nou anonsé puisans li-a*. Minm jan réyèlman sa yo ki té libéré anba ésklavaj Éjip la pa lintèmediè Moyiz, yo t-ap chanté yon kantik viktoua pou Granmèt la apré yo té fîn travèsé lanmè Rouj la épi lamé Faraon-an té nouayé-a, sé konsa nou minm tou apré nou fîn résévoua padon péché yo nan batèm nan nou doué péyé ak aksion-d-gras ki alaroté byinfè ki sot nan sièl yo.

Paksé Éjipsyin yo ki t-ap frapé pèp Bondié-a, yo minm non yo vlé di fènoua ak tribilasion tou, sé yon fason ki adapté yo indiké yo pa lintèmediè péché yo k-ap pèsékité nou-an min ki vîn détrui nan batèm nan.

Libérasion pitit Israèl yo tou, épi minnin yo minnin yo nan patri yo té promèt lontan-an, korésponn ak mistè rédanmsion nou-an, ki fè nou kapab vlé rivé nan limiè koté pou nou rété anlè yo, antan gras Kris la ap kléré nou épi ap kondui nou; sé limiè gras sa-a tout kolòn nuaj la ak difé-a té montré; li minm ki té défann yo tou nan tout vouayaj sa-a kont fènoua lannuit la, éi ki té kondui yo rivé nan plas patri-a yo té promèt yo-a dapré santié yo pa kapab rakonté.

RÉPONS

1 Piè 2, 9; cf. Dét 7, 7-8

R/. Nou minm nou sé yon ras chouazi, yon nasion ki sin, yon pèp ki vîn gin mè; * Pou nou anonsé puisans sa-a ki rélé nou sot nan fènoua yo vîn nan bèl limiè-l la, alélouya.

V/. Granmèt la té chouazi nou épi li té rétiré nou nan kay ésklavaj la. * Pou nou anonsé.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin**LÉKTU KOUT**

Rom 10, 8b-10

Paròl la toupré-ou, nan bouch ou ak nan kè-ou ; sé paròl lafoua-a, sa n-ap préché-a. Paské, si-ou rékonèt ak bouch ou: « Jézu sé Granmèt la! », épi nan kè-ou ou kouè Bondié résisité-l sot nan pami mò yo, ou-ap sové. Ak kè-a réyèlman yo kouè pou jistis la, ak bouch la minm déklarasion-an fèt pou sové n-ap sové-a.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou Benedictus la, réf. : Sé pou nou travay pa pou manjé k-ap disparèt la, min pou sa k-ap duré pou lavi tout tan-an, alélouya.

PRIYÈ YO

Jézu, li minm Papa-a té bay gloua-a épi té mété-l kòm éritié tout nasion yo, an nou lévé-l anlè, antan n-ap priyé-l:

Gras a viktoua-ou la, sové nou, Granmèt.

Ou minm Kris la, ki té krazé pòt lanfè yo gras a viktoua-ou la, antan ou détrui péché-a ak lanmò-a,

— fè nou ranpòté viktoua sou péché-a jodi-a.

Ou minm ki té vidé lanmò-a, antan ou ba nou nouvo lavi-a,

— fè nou maché nan lavi nouvo sa-a jodi-a.

Ou minm ki té bay mò yo lavi, antan ou fè tout ras moun nan tounin sot nan lanmò-a al nan lavi-a,

— tout moun ki rankontré nou, ba yo lavi pou tout tan-an.

Ou minm ki antan ou fè gad kavo yo ront, ou té fè kè disp ou yo kontan,

— bay moun k-ap sèvi-ou yo kè kontan anplin nèt la.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki montré limiè vérité-a, bay sa-k pèdi rout yo, pou yo kapab tounin nan chémin-an, tout moun ki déklaré solanèlman sé krétyin yo yé-a, ba yo favè, pou yo répousé sa-k ènmi non sa-a, épi pou yo suiv sa-k akòdé ak li. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Cf. Ap 1, 17c-18

Mouin té ouè Pitit moun nan, ki té di-m : Pa pè ! Sé mouin minm prémié-a ak dènié-a, mouin vivan, mouin té mouri épi min m-ap viv pou sièk sièk yo, mouin gin klé lanmò-a ak lanfè-a.

V/. Granmèt la té résisité réyéلمان vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst**LÉKTU KOUT****Kol 2, 9. 10a. 12**

Nan Kris la, tout plénitud sa Bondié yé-a abité nan fason kò-a, épi nou plin ak sa-k nan li-a, nou antéré avèk li nan batèm nan, nan li nou té résisité tou ansanm ak li pa lintèmediè lafoua nan aksion Bondié-a, li minm ki té résisité-l sot nan pami mò yo.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT****2 Tim 2, 8. 11**

Sonjé Jézu-Kri résisité sot nan pami mò yo, sot nan ras David, dapré bòn nouvèl mouin-an. Paròl la sètèn : Sèké, si nou mouri ansanm avèk li, n-ap viv ansanm avèk li tou.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo**LÉKTU KOUT****Ébr 8, 1b-3a**

Nou gin yon kalité prèt an chèf, ki chita adouat trôn Grandè-a nan sièl yo, sèvitè bagay ki sin yo ak vré tant la, sa Bondié té drésé-a, sé pa moun ki drésé-l. Réyéلمان tout prèt an chèf, yo instalé-l pou-l ofri kado ak sakrifis.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou *Magnificat* la, réf. : Sa-a sé travay Bondié-a, pou nou kouè nan li minm ki té voyé-m nan, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, li minm Éspri-Sin-an té bay sa-l yé kòm moun nan lavi épi té fè-l kapab bay lavi; ak kè nou kontan an nou mandé-l :

Granmèt, fè tout bagay vîn tou nèf épi ba yo lavi.

Ou minm Kris la, sovè tè-a, roua nouvo kréasion-an, tanpri viré sans nou yo nan diréksion rouayòm ou-an,

— koté ou chita adouat Papa-a.

Granmèt, ou minm ki toujou vivan nan Égliz ou-a,

— dirijé-l nan tout vérité-a gras a Éspri-Sin-an.

Montré jan-ou gin mizérikòd pou malad yo, sa k-ap souffri yo ak sa k-ap mouri yo,

— pou yo tout jouinn fòs avèk asirans gras a bon kè-ou la.

Ou minm Kris la, limiè ki pap étinn, antan jou-a ap bésé déjà, n-ap ofri-ou dévouman nou-an,

— épi n-ap mandé-ou, pou-ou kléré frè nou ki défin yo ak limiè rézirikéksion-ou nan.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki montré limiè vérité-a, bay sa-k pèdi rout yo, pou yo kapab tounin nan chémin-an, tout moun ki déklaré solanèlman sé krétyin yo yé-a, ba yo favè, pou yo répousé sa-k ènmi non sa-a, épi pou yo suiv sa-k akòdé ak li. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MADI TOUAZIÈM SÉMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Antan Kris la résisité sot nan pami mò yo li pap mouri ankò, alélouya.

R/. Lanmò pap janm gin pouvoua sou li ankò, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

8, 1-13

Sèt anj yo ap bay tè-a chatiman

¹ Lè Mouton-an louvri sétièm so-a, vîn gin yon silans nan sièl la apèprè yon démi-è. ² Épi mouin té ouè sèt Anj yo ki té kanpé dévan Bondié-a, épi yo ba yo sèt troupèt. ³ Épi yon lòt Anj rivé; épi li kanpé sou lotèl la antan-l gin yon ansansoua an lò, épi yo ba-l anpil lansan pou-l bay avèk priyè tout sin yo sou lotèl an lò-a ki dévan trôn nan. ⁴ Épi lafimin lansan yo ak priyè sin yo monté sot nan min Anj la dévan Bondié. ⁵ Épi Anj la résévoua ansansoua-a; épi li plin-l ak difé lotèl la, épi li voyé sou tè-a, épi vîn gin loraj ak voua ak zèklè, ak tranbléman-tè.

⁶ Épi sèt Anj yo ki té gin sèt troupèt yo, yo té paré pròp tèt yo pou yo sonnin troupèt.

⁷ Épi prémié-a sonnin troupèt, épi vîn gin lagrèl, ak difé mélé nan san; épi li tonbé sou tè-a, épi yon tiè tè-a boulé, épi yon tiè pié boua yo boulé, épi tout zèb vèt boulé.

⁸ Épi dézièm Anj la sonnin troupèt, épi tankou yon gro mòn k-ap boulé ak difé yo jété nan lanmè-a, épi yon tiè lanmè-a vîn tounin san. ⁹ Épi yon tiè nan kréati ki gin lavi nan lanmè-a yo mouri; épi yon tiè batiman yo détrui.

¹⁰ Épi touazièm Anj la sonnin tronpèt, épi yon gro zétoual tonbé sot nan sièl la, k-ap boulé tankou flanbo. Épi li tonbé sou yon tiè riviè yo ak sou sous dlo yo. ¹¹ Épi zétoual la relé « Absint ». Épi yon tiè dlo yo vîn tounin absint. Épi anpil moun mouri akoz dlo yo, paské yo té vîn anmè.

¹² Épi katriyèm Anj la sonnin tronpèt, épi yon tiè solèy la frapé, ak yon tiè lalîn nan, ak yon tiè zétoual yo, a tèl pouin yon tiè nan yo vîn tou noua, épi jou-a pa kléré yon tiè nan li minm, ni nuit la tou.

¹³ Épi mouin ouè, épi mouin tandé yon èg k-ap volé nan mitan sièl la, k-ap di ak yon gro voua: « Malè, malè, malè pou sa-k abité sou tè-a, apati rès son tronpèt yo, sa toua Anj yo gin pou yo sonninan ».

RÉPONS

Cf. Ap 8, 3-4; 5, 8b

R/. Anj la té kanpé dévan otèl la, antan-l gin yon ansansoua an lò, épi yo té ba-l anpil ansan; * Épi lafimin ansan yo monté dévan Bondié, alélouya.

V/. Chak anj yo té gin yon véso ki plin ansan yo, sé priyè sin yo. * Épi lafimin.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Ogustin, évèk

(Sermo 34, 1-3. 5-6: CCL 41, 424-426)

An nou chanté pou Granmèt la kantik charité-a

Chanté yon kantik nouvo pou Granmèt la, louanj li nan égliz sin yo.

Yo avèti nou pou nou chanté yon kantik nouvo pou Granmèt la. Moun nouvo-a té konnin kantik nouvo-a. Kantik sé bagay kè kontan, épi si nou

konsidéré ak plis atansion, sé bagay rinmin. Konsa moun ki té konnin rinmin nouvo lavi-a, li té konn chanté kantik nouvo-a. Kisa donk lavi nouvo-a yé, y-ap ba nou avètisman poutèt kantik nouvo-a. Sé pou yon sèl rouayòm réyèlman yo tout yé, moun nouvo-a, kantik nouvo-a, téstaman nouvo-a. Donk moun nouvo-a ap ni chanté kantik nouvo-a ni fè pati téstaman nouvo-a.

Pa gin pèsonn ki pa rinmin, min y-ap mandé kisa li rinmin. Yo pa avèti nou donk pou nou pa rinmin, min pou nou chouazi kisa n-ap rinmin-an. Min kisa n-ap chouazi, si toudabò yo pa-t chouazi nou? Paské nou pa rinmin non plis, si yo pa rinmin nou an prémié. Kouté apot Jan: *Nou minm nou rinmin, paské li minm li té rinmin nou an prémié*. Chèché sa-k fè moun nan rinmin Bondié, ou pap jouinn ditou, sof paské Bondié té rinmin-l an prémié. Li té bay pròp tèt li pou nou té rinmin-l, li té bay sa-k pou fè nou vîn rinmin-an. Kisa li té ba nou réyèlman pou fè nou rinmin-an, kouté pi klè pa lintèmediè apot Pòl: *Charité Bondié-a, sé sa-l di, té vidé nan kè nou yo*. Sot ki koté? Poudi sé t-a sot nan nou? Non. Ébyin ki koté? *Pa lintèmediè Éspri-Sin-an, yo ba nou-an*.

Konsa antan nou gin kalité konfians sa-a, sé pou nou rinmin Bondié gras a Bondié. Kouté pi klè Jan li minm: *Bondié sé charité, épi moun ki rété nan charité-a, li rété nan Bondié, épi Bondié rété nan li*. Sa pa asé pou di: *Charité sé nan Bondié li soti*. Kilès nan nou ki t-a ozé di sa yo di-a: *Bondié sé charité?* Li té di-l moun ki té konnin sa-l té ginyin-an.

Bondié ofri pròp tèt li ba nou an rézimé. Li di nou byin fò: Rinmin mouin, épi n-ap ginyin-m, paské nou pap minm kapab rinmin-m, si nou pa ginyin-m.

Nou minm frè yo, nou minm pitit mouin yo, nou minm boujon katolik yo, nou minm sémans ki sin é sot anro, nou minm ki gin nouvo nésans nan Kris la épi ki pran nésans sot anro-a, kouté mouin, pito-m di pa lintèmediè mouin: *Chanté yon kantik nouvo pou Granmèt la*. Min li, sé sa ou-ap di, mouin chanté. Ou chanté, oui ou chanté, mouin tandé. Min pînga lavi-a bay témouagnaj kont lang nan.

Chanté ak voua nou yo, chanté ak kè nou yo, chanté ak bouch nou yo, chanté ak konduit nou yo. *Chanté yon kantik nouvo pou Granmèt la.* N-ap mandé kisa pou nou chanté osijè li minm nou rinmin-an? San dout ou vlé chanté pou li minm ou rinmin-an. Ou-ap chèché louanj li pou chanté yo? Kouté: *Chanté yon kantik nouvo pou Granmèt la.* Ou-ap chèchè louanj? *Louanj li nan égliz sin yo.* Louanj yo doué chanté-a sé chantè-a li minm.

Ou vlé di louanj pou Bondié? Sé nou minm minm ki pou sa n-ap di-a. Nou sé pròp louanj li, si nou viv byin.

RÉPONS

Rom 6, 4b; 1 Jn 3, 23b; cf. Judt 16, 13

R/. Minm jan Kris la résisité sot nan pami mò yo gras a gloua Papa-a, konsa tou nou minm n-ap maché nan nouvo lavi-a. * Épi sé pou nou youn rinmin lòt, jan-l té pasé nou lòd la, alélouya.

V/. An nou chanté imm pou Granmèt la, sé yon imm nouvo pou nou chanté pou Bondié nou-an. * Épi sé pou nou youn rinmin lòt.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Tr Ap 13, 30-33

Bondié té résisité Jézu sot nan pami mò yo ; li parèt pandan anpil jou dévan sa yo ki té monté ansanm avèk li sot Galilé rivé Jérusalèm nan, yo minm ki sèvi-l témoin koulié-a dévan foul la. Kanta nou minm nou anonsé nou promès la yo té fè bay papa nou yo, paské Bondié té réalizé sa pou pitit yo, antan-l résisité Jézu pou nou, jan sa ékri nan Psòm dézièm nan : Ou sé Pitit mouin ; mouin minm jodi-a mouin té anfanté-ou.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya.
Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya.
Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou Benedictus la, réf. : Amèn, amèn mouin di nou, sé pa Moyiz ki té
ba nou pin ki sot nan sièl la, min sé Papa-m ki ba nou vrè pin ki sot nan
sièl la, alélouya.

PRIYÈ YO

An nou fété pou Kris la, li minm ki rébati ak puisans li tanp kò li-a ki té
détrui-a, épi an nou sipliyé-l :

Granmèt, ba nou frui rézireksion-ou nan.

Ou minm Kris la, sovè-a, ki té anonsé kè kontan bay médam yo ak Apot
yo lè-ou résisité-a, antan ou sovè tout ronnn tè-a,

— fè nou sèvi-ou témouin.

Ou minm ki té promèt tout moun rézireksion-an, k-ap fè nou tounin lévé
pou lavi nouvo-a,

— fè nou vîn tounin mésajé Évanjil ou-a.

Ou minm ki té parèt souvan bay Apot yo épi ki té souflé Éspri-Sin-an sou
yo,

— rénouvle Éspri créatè-a nan nou.

Ou minm ki té promèt disip ou yo ou-ap rété avèk yo jous sièk fîn réalisé-
a,

— rété avèk nou jodi-a, toujou prézan avèk nou.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki louvri pòt péyi roua sièl la pou sa yo ki jouinn nouvo nésans nan dlo ak Éspri Sin-an, dévlopé sou sèvitè-ou yo, gras la ou té bay la, pou sa yo ki fi-n pròpté anba tout péché yo, pa manké okinn promès ki sot nan bon kè-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Tr Ap 4, 11-12

Sa-a sé ròch la, nou minm k-ap bati yo nou té réjité-a, ki vîn tounin kouin mitan anlè-a. Pa gin sovè yo kapab sovè nan okinn lòt moun, ni non plis pa gin okinn lòt non anba sièl la yo bay moun yo, koté nou t-a kapab vîn sovè.

V/. Granmèt la té résisité réyéلمان vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Cf. 1 Piè 3, 21-22a

Nou minm koulié-a batèm nan sovè nou, sé pa sa-k sal nan chè-a li ouété, min sé yon bon konsians li mandé nan Bondié pa lintèmediè rézireksion Jézu-Kri-a, li minm ki adouat Bondié.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT****Kol 3, 1-2**

Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé pou nou chèché bagay ki anro yo, koté Kris la chita adouat Bondié-a; sé bagay ki anro yo pou nou gouté, sé pa sa-k sou tè-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo**LÉKTU KOUT****1 Piè 2, 4-5**

Antan n-ap proché kot Granmèt la, li minm ròch vivan-an, sa moun yo minm réjité-a, dévan Bondié minm sa-l chouazi-a, sa-k gin valè-a, nou minm tou tankou ròch vivan, sé pou nou kité yo bati nou pou nou vîn tounin yon kay spirituèl nan yon sèvis prèt ki sin, pou nou ofri sakrifis spirituèl, sa Bondié résévoua palintèmediè Jézu-Kri.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. : Pin Bondié-a sé sa-a ki désann sot nan sièl la épi ki bay tè-a lavi-a, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, ki rété anndan vant tè-a, li té ouè limiè gloua nouvo-a, an nou rélé koté-l ak kè kontan :

Roua gloua-a, kouté nou.

Pou Évèk yo, Pè yo, ak Diak yo, pou yo okipé sèvis yo-a avèk souin,
— pou yo prézanté-ou yon pèp ki paré pou tout kalité bon aksion, n-ap priyé-ou, Granmèt.

Pou sa k-ap anségné yo k-ap fè éfò pou yo sèvi nan Égliz ou-a,
— pou yo chèché vérité-ou la avèk yon kè nèt, n-ap priyé-ou, Granmèt.

Pou fidèl Égliz la, pou yo batay bon batay lafoua-a,
— pou antan yo fin fè tout kous la, yo résévoua rékonpans rouayòm ou-an, n-ap priyé-ou, Granmèt.

Ou minm ki klouré lèt kondanasion nou-an sou koua-a épi ki détrui-l la,
— lagé chinn nou yo, libéré nou sot nan fènoua yo.

Ou minm ki, antan-ou désann nan lanfè yo, ou té louvri pòt yo,
— frè nou yo ki défin yo, résévoua yo nan rouayòm ou-an.

Papa nou.

Priyé-a

Bondié, ou minm ki louvri pòt péyi roua sièl la pou sa yo ki jouinn nouvo nésans nan dlo ak Éspri Sin-an, dévlopé sou sèvitè-ou yo, gras la ou té bay la, pou sa yo ki fi-n pròpté anba tout péché yo, pa manké okinn promès ki sot nan bon kè-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MÈKRÉDI TOU AZIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié té résisité Kris la sot nan pami mò yo, alélouya.

R/. Pou lafoua nou-an ak éspérans nou sé nan Bondié, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

9, 1-12

Chatiman krikèt yo

Mouin minm Jan, mouin té ouè, ¹ épi sinkièm Anj la sonnin tronpèt, épi mouin ouè yon zétoual ki sot nan sièl la, ki tonbé sou tè-a, épi yo ba-l klé pui bafon-an. ² Épi lè-l louvri pui bafon-an, épi yon lafimin monté sot nan pui-a, tankou lafimin gran boukan difé. Épi solèy la vîn tou noua, ni lè-a tou, akoz lafimin pui-a. ³ Épi nan lafimin-an, krikèt soti sou tè-a épi yo ba yo pouvoua tankou pouvoua skòpion tè yo ginyin. ⁴ Épi yo di yo pou yo pa nui zèb tè-a, ni okinn fèy vèt, ni okinn pié boua, sof moun yo ki pa gin mak Bondié-a sou fron yo. ⁵ Épi yo ba yo pou yo pa touyé moun yo, min pou yo toumanté yo pandan sink moua, épi touman yo tankou touman yon skòpion lè-l mòdé yon moun. ⁶ Épi nan jou sa yo, moun yo ap chèché lanmò-a, épi yo pap jouinn li; épi y-ap anvî mouri, épi lanmò-a ap sovè kò-l louin yo.

⁷ Épi aparans krikèt yo sanblé ak choual ki paré pou batay; épi sou tèt yo, tankou aparans kouròn lò; épi fas yo tankou fas moun. ⁸ Épi yo gin chévé tankou chévé médam; épi dan yo té tankou dan lion. ⁹ Épi yo té gin pouatrîn tankou pouatrîn an fè; épi voua zèl yo, tankou voua kabouèt anpil choual k-ap kouri nan lagè. ¹⁰ Épi yo gin ké sanblé ak skòpion, épi

pikan; épi nan ké yo pouvoua yo pou nui moun yo pandan sink moua.
¹¹ Yo gin sou yo yon roua, sé Anj bafon-an. Non-l an ébré: « Abadòn »; épi an grèk, li gin non: « Apolèòn ».

¹² Prèmié malè-a pati. Min dé lòt malè ankò k-ap vini apré bagay sa yo.

RÉPONS

Joèl 3, 3. 5a; Mk 13, 33

R/. M-ap bay prodij nan sièl la ak sou tè-a, san ak difé ak kolòn lafimin. * Épi lè sa-a: tout moun k-ap rélé non Grammèt la, y-ap sové, alélouya.

V/. Gadé, sé pou nou véyé; nou pa konnin réyèlman kilè tan-an ap rivé. * Épi lè sa-a.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan prèmié Apoloji (Défans) sin Justin, mati, pou Krétyin yo
 (Cap. 61: PG 6, 419-422)

Bingn nouvo nésans la

N-ap ékspozé nan ki fason nou konsakré nou bay Bondié, antan nou vîn tou nèf pa lintèmédiè Kris la.

Ninpòt moun ki gin konviksion épi ki kouè sa nou anségné yo ak sa nou di yo sé vérité, épi ki promèt y-ap kapab viv konsa, yo aprann yo mandé Bondié padon pou péché anvan yo ak priyé épi antan yo fè jèn, antan nou minm n-ap priyé, n-ap fè jèn ansanm ak yo.

Apré sa nou minnin yo koté gin dlo-a, épi yo vîn gin nouvo nésans nan minm fason nou minm nou té gin nouvo nésans la. Paské nan non Papa

tout bagay yo ki Granmèt Bondié-a ak sovè nou Jézu-Kri épi Éspri-Sin-an yo résévoua lè sa-a bingn nan dlo-a.

Kris la té di réyèlman: *Si nou pa gin nésans yon lòt foua, nou pap antré nan rouayòm sièl yo.* Min sa pa kapab rivé, pou sa yo ki fèt yon foua pou tout t-a antré nan vant manman yo, sé bagay ki klè pou tout moun.

Profèt Izayi té di tou nan ki fason moun ki té fè péché yo ap ralé kò yo louin péché yo épi y-ap fè pénitans: Sé konsa minm li palé: *Lavé nou, nétouayé nou, ouété méchansté yo sot nan nanm nou yo, aprann fè byin, jijé òfélin-an, défann vèw la; épi vini, épi n-ap diskité nan jijman, sé sa Granmèt la di. Si péché nou yo t-a kon toual rouj, tankou linn y-ap vîn blan, épi si yo t-a rouj tankou vlou, tankou nèj y-ap vîn blan. Min si nou pa kouté mouin, épé-a ap dévoré nou. Sé bouch Granmèt la réyèlman ki palé bagay sa yo.*

Sé konpréansion bagay sa yo minm nou té résévoua nan min Apot yo. Lè vrèman nou pa-t konnin premié nésans nou-an, yon fason ki nésésè nou té pran nésans sot nan sémans ki mouyé-a pa lintèmédiè mélanj paran yo youn ak lòt, épitou yo té élvé nou nan mové konpòtman ak abitud kriminèl; pou nou pa rété pitit nésésité ak ignorans, min pou nou vîn pitit libètè chouazi-a ak konésans la, nan dlo-a nou résévoua padon péché yo, sa nou té fè anvan yo; sou moun nan ki vlé gin nouvo nésans la épi ki té fè pénitans pou péché yo, yo prononsé non Papa tout bagay yo ak Granmèt Bondié-a, épitou nou rélé non sa-a minm sèlman lè n-ap minnin sa-k pral batizé-a nan bingn nan.

Pa gin pèsonn réyèlman ki kapab di non Bondié yo pa kapab ékspliké-a, oubyin si yon moun t-a ozé di non ki nan li-a, sé yon moun ki fou nèt.

Bingn sa-a minm yo rélé-l 'vîn nan limiè' (ilumiasion), poutèt moun ki aprann bagay sa-yo vîn kléré nan éspri-a. Min yo té lavé sa-a ki vîn kléré-a ni nan non Jézu-Kri yo té krisifié sou Pons Pilat, ni nan non Éspri-Sin-an, ki té anonsé davans pa lintèmédiè profèt yo tout sa ki té konsèné Jézu.

RÉPONS**Jan 3, 5-6**

R/. Jézu té di Nikodèm: Amèn, amèn mouin di-ou: * Si yon moun pa fèt sot nan dlo ak Éspri, li pa kapab antré nan rouayòm Bondié-a, alélouya.

V/. Sa-k fèt sot nan chè-a, sé chè li yé, sa-k fèt sot nan Éspri-a, sé éspri li yé. * Si yon moun.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin**LÉKTU KOUT****Rom 6, 8-11**

Si nou mouri ansanm avèk Kris la, nou kouè n-ap viv ansanm avèk li tou, antan nou konnin Kris la ki résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, lanmò-a pap gin pouvoua sou li ankò. Sa-k mouri-a réyèlman, li mouri aléga péché-a yon foua pou tout ; sa k-ap viv la minm, sé pou Bondié l-ap viv. Konsa nou minm tou sé pou nou konsidéré nou mouri réyèlman aléga péché-a, antan n-ap viv minm pou Bondié nan Kris Jézu.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Tout moun ki ouè Pitit la épi ki kouè nan li, li gin lavi pou tout tan-an, épi mouin minm m-ap résisité-l nan dènié jou-a, alélouya.

PRIYÈ YO

Pandan n-ap priyé Kris la, li minm yo rinnèt poutèt fot nou yo épi ki té résisité pou-l fè nou vîn kòrèk, an nou rélé mandé-l :

Gras a viktoua-ou la, sové nou, Granmèt.

Ou minm Kris sovè-a, antan-ou ranpòté viktoua sou lanmò-a ou té fè nou kontan, antan-ou résisité-a ou té lévé nou anlè épi ou té plin nou nèk ak kado,

— touché kè nou yo, fè jou sa-a vîn sin ak kado Éspri-Sin-an.

Ou minm anj yo ap ba-ou gloua nan sièl yo épi moun yo ap adoré-ou sou tè-a, n-ap priyé-ou nan tan rézireksion-ou sa-a,

— pou-ou résévoua adorasion nou-an nan éspri-a ak vérité-a.

Ou minm Kris la Granmèt la, sové nou, vidé mizérikòd ou-a sou pèp ou-a k-ap tann rézireksion-an,

— pran pitié pou nou, présèvé nou jodi-a anba tou sa ki mal.

Roua gloua-a, lavi nou, fè nou favè pou lè ou-ap parèt la,

— lè sa-a nou minm tou nou parèt ansanm avèk ou nan gloua-a.

Papa nou.

Priyè-a

Rét prézan, tanpri, Granmèt, kot fanmi ou-an, épi okipé-l yon fason konvnab, pou, sa yo ou té bay gras lafoua-a, ou rivé fè yo jouinn pòsion tout tan-an nan rézireksion Sèl Pitit ou-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an**Pou Tièrs****LÉKTU KOUT****Cf. Rom 4, 24-25**

Nou kouè nan sa-a ki té résisité Jézu Granmèt nou-an sot nan pami mò yo, li minm yo rinmèt pou fot nou yo, épi ki résisité pou fè nou vîn kòrèk la.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst**LÉKTU KOUT****1 Jn 5, 5-6a**

Kilès sa-a ki ranpòté viktoua sou tè-a, si sé pa sa-a ki kouè Jézu sé Pitit Bondié-a ? Sa-a sé li minm ki vini nan dlo-a ak san-an, Jézu-Kri ; pa nan dlo-a sèlman, min nan dlo-a ak san-an.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT****Cf. Éféz 4, 23-24**

Sé pou nou rénouvlé nan éspri pansé nou épi sé pou nou abiyé ak moun nouvo-a, ki kréyé dapré Bondié nan jistis ak sin vérité-a sin-an.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Ébr 7, 24-27

Jézu, paské li rété pou tout tan, li gin sèvis prèt ki pa kapab dépasé, sé pou sa tou sé san rété li kapab sové moun yo ki proché kot Bondié pa lintèmediè-l yo, antan-l toujou vivan pou-l plédé pou yo. Sé kalité sa-a réyèlman épi ki té konvnab, pou-l t-a gran prèt nou, ki sin, ki inosan, ki pa gin tach, ki séparé sot nan péchè yo épi ki vîn pi ro passé sièl yo, ki pa bézouin chak jou, tankou prèt yo, pou-l ofri sakrifis toudabò pou pròp fot pa-l yo, apré sa pou pèp la ; li té fè sa réyèlman yon sèl foua antan-l ofri pròp tèt li.

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou *Magnificat* la, réf. : Tou sa Papa-a ban mouin, l-ap vîn jouinn mouin; moun ki vîn jouinn mouin, mouin pap jété-l déyò, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, li minm ki té résisité sot nan pami mò yo épi ki chita adouat

Papa-a, an nou inploré-l ak siplikasion, antan n-ap di :

Ou minm Kris la ki toujou vivan, kouté nou.

Sonjé, Granmèt, tout réponsab ki nan sèvis ou yo,

— pou yo prezanté modèl yon vi ki sin bay pèp ou-a.

Moun yo k-ap dirijé nasion-an, ba yo éspri jistis la ak lapè-a,

— pou nou kapab viv byin ansanm nan vil moun yo.

Ranjé jou nou yo pou sové nou gin pou sové-a,

— épi pou édé moun ki nan bézouin yo fè tè-a donnin anpil.

Ou minm Kris sovè-a, ki té kléré tout tè-a épi ki té rélé tout kréasion-an ki anba dékonpozision-an pou-l vîn nan lavi,
— frè nou yo ki défin yo, ba yo limiè ki pou tout tan-an.

Papa nou.

Priyè-a

Rét prézan, tanpri, Granmèt, kot fanmi ou-an, épi okipé-l yon fason konvnab, pou, sa yo ou té bay gras lafoua-a, ou rivé fè yo jouinn pòsion tout tan-an nan réziréksion Sèl Pitit ou-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JÉDI TOUAZIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié minm té résisité Granmèt la, alélouya.

R/. L-ap résisité nou tou pa pouvoua-l, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

9, 13-21

Chatiman lagè-a

Mouin minm Jan, mouin té ouè,¹³ épi sizièm Anj la té sonnin tronpèt, épi mouin té tandé yon voua sot nan kat kòn lotèl an lò-a, sa-k dévan Bondié-a¹⁴ k-ap di sizièm Anj la, sa-k gin tronpèt la: «Lagé kat Anj yo ki té maré sou gran riviè Éfrat la.»¹⁵ Épi yo lagé kat Anj yo ki té paré pou lò-a ak jou-a, ak moua-a, ak ané-a, pou yo touyé yon tiè moun yo.¹⁶ Épi kavalié lamé-a, vin-mil di-mil. Mouin tandé chif kantité yo.¹⁷ Épi konsa mouin ouè choul yo, nan vizion-an, ak sa-k chita sou yo: yo té gin

protèj-pouatrîn koulè difé, jasint ak souf, épi tèt choual yo tankou tèt lion; épi nan bouch yo difé ap soti ak lafimin ak souf.¹⁸ Anba toua chatiman sa yo, yon tiè moun yo mouri, akòz difé-a, ak lafimin-an, ak souf la k-ap soti nan bouch yo-a.¹⁹ Réyèlman, pouvoua choual yo, sé nan bouch yo li yé épi nan ké yo. Réyèlman, ké yo tankou sèpan, antan yo gin tèt, épi sé nan yo, yo fè méchansté.

²⁰ Épi rès moun yo, ki pa-t mouri nan chatiman sa yo, yo pa konvèti sot nan travay min yo, pou yo pa adoré démon yo *ak zidòl lò, ak lajan, ak kuiv, ak ròch, ak boua, ki pa kapab ni ouè, ni tandé, ni maché*.²¹ Épi yo pa konvèti sot nan krim yo, ni sot nan maji yo, ni sot nan libètinaj yo, ni sot nan vòlè yo.

RÉPONS

Tr Ap 17, 30b. 31a; cf. Joèl 1, 13. 14

R/. Sé pou tout moun toupatou fè pénitans, * Poutèl Bondié té fiksé yon jou, koté l-ap gin pou jijé fas tè-a nan jistis, alélouya.

V/. Sèvitè Bondié yo, rasanblé tout moun ki abité tè-a, épi pousé rèl kot Granmèt la. * Poutèt.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Iréné, évèk, Kont érézi yo
(Lib. 5, 2, 2-3: SCh 153, 30-38)

Ékaristi-a, gaj rézéréksion-an

Si chè-a yo pap sovè-l, Granmèt la pa-t rachté nou ak san-l non plis, ni kalis ékaristi-a pa kominion san-l, ni pin nou kasé-a pa kominion kò-l. San-an réyèlman pa égzisté si sé pa sot nan vinn yo ak chè yo épi sot nan rès yo ki dapré moun nan kòm égzistans, sa Paròl Bondié-a té tounin tout bon vré ak san-l li té rachté nou, jan Apot li-a di-a: *Nan li nou gin rédanmsion-an, pa lintèmediè san li-a, padon péché yo.*

Épi poutèt nou sé manb li, yo nourri nou pa lintèmédiè kréatu-a, sé li minm ki ba nou kréatu-a, antan-l fè solèy li-a lévé épi antan-l fè lapli jan-l vlé; kalis li-a, ki sot nan kréatu-a, li déklaré sé san-l, sot nan sa li ogmanté san nou-an, épi pin li-an, ki sot nan kréatu-a, li té asiré sé kò li, sot nan sa li ogmanté kò nou yo.

Konsa lè ni kalis la ki mélanjé-a, ni pin-an ki fèt la, résévoua paròl Bondié-a, épi ékaristi san ak kò Kris la vîn fèt, sot nan yo égzistans chè nou-an ogmanté épi gin konsistans; kijan yo fè nié chè-a gin kapasité pou kado Bondié-a, ki lavi pou tout tan-an, sa-k nourri ak san ak kò Kris la, épi ki manb li-a?

Minm jan Apot la tou nan lèt sa-a ki pou Éfézyin yo di: *Paské nou sé manb kò li, sot nan chè-l ak nan zo-l yo*, sé pa osijè yon moun spirituèl épi invizib li t-ap di sa – *yon éspri réyèlman pa gin ki zo ni chè* – min sé osijè dispozision sa-a ki dapré moun nan tout bon vré-a, ki konpozé apati chè yo ak nè yo ak zo yo, sa ki vîn nourri ak kalis la ki san li, épi ki ogmanté ak pin-an ki kò li.

Épi minm jan boua rézin-an, yo dépozé nan tè-a, li bay frui li nan tan-l, épi grinn blé-a, antan-l tonbé nan tè-a épi li fonn, li lévé pou-l bay anpil pa lintèmédiè Éspri Bondié-a ki kinbé tout bagay yo nan li-a, sa yo ki vini apré pou sèvis moun nan pa lintèmédiè sajès la, épi antan yo résévoua paròl Bondié-a yo vîn tounin ékaristi-a, ki kò ak san Kris la, konsa tou kò nou yo, ki nourri ak yo, ki dépozé nan tè-a épi fonn ladan-l, ap résisité nan tan yo, antan ak Paròl Bondié-a y-ap ba yo rézireksion-an, nan gloua Bondié Papa-a, k-ap vlopé sa-k kapab mouri-a ak inposibilité mouri-a épi sa-k kapab dékonpozé-a l-ap ba li gratis inposibilité dékonpozision-an, paské puisans Bondié-a bay randman-l nèt nan féblès la.

RÉPONS

Jan 6, 48-51ab

R/. Mouin minm mouin sé pin lavi-a. Papa nou yo té manjé lamàn nan dézè-a, épi yo mouri. * Sa-a sé pin k-ap désann sot nan sièl la, pou, si yon moun manjé ladan-l, li pap mouri, alélouya.

V/. Mouin minm mouin sé pin vivan-an ki té désann sot nan sièl la. Si yon moun manjé nan pin sa-a, l-ap viv pou tout tan. * Sa-a sé.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 8, 10-11

Si Kris la nan nou, kò-a mouri poutèt péché-a sé vré, min éspri-a sé lavi poutèt jistis la. Si Éspri sa-a ki té résisité Jézu sot nan pami mò yo abité nan nou, li minm ki té résisité Kris la sot nan pami mò yo ap fè kò lanmò nou yo viv tou pa lintèmédiè Éspri li-a ki abité nan nou-an.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Amèn, amèn mouin di nou : moun ki kouè nan mouin, li gin lavi pou tout tan-an, alélouya.

PRİYÈ YO

Kris la ki té résisité é ki toujou prézan nan Égliz li-a, an nou adoré-l antan n-ap rélé-l :

Rété avèk nou, Granmèt.

Granmèt Jézu, ou ranpòtè viktoua sou péché-a ak lanmò-a,

— rét nan mitan nou, ou minm k-ap viv nan sièk sièk la.

Vîn jouinn nou avèk fòs ou-a ki pap fébli-a,

— montré kè nou yo jan Bondié bon.

Édé tè-a k-ap soufri dézakò,

— ou mmm sèl ki gin pouvoua pou-ou réfè nanm yo épi pou-ou fè yo rékonsilié.

Asiré nou nan lafoua dènié viktoua-a,

— ba nou fòs nan éspérans vini ou-ap vini-an.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, fè nou santi bon kè-ou pi plis nan jou sa yo, koté nou konnin-l pi byin, antan ou-ap vidé gras la, pou sa yo ou té libéré sot nan ténèb érè, ou fè yo kolé kò yo pi fèm nan ansègnman vérité-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

1 Kor 12, 13

Sé nan yon sèl Éspri-a nou tout nou batizé nan yon sèl kò, soua Juif yo, soua Grèk yo, soua ésklav yo, soua moun lib yo, épi nou tout sé nan yon sèl Éspri-a nou pasé souaf nou.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Tit 3, 5b-7

Bondié té sovè nou pa lintèmediè bingn nouvo nésans la ak fè Éspri-Sin-an fè nou vîn tou nèf la, Éspri sa-a li té vidé sou nou k-ap débòdé-a pa pouvoua Jézu-Kri sovè nou-an, pou antan nou vîn kòrèk ak gras li-a nou rivé éritié lavi pou tout tan-an dapré éspérans la.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

Cf. Kol 1, 12-14

Sé pou nou di Papa-a mèsi, li minm ki té fè nou alarotè nan pòsion éritaj sin yo nan limiè-a ; li minm ki té délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, ki té fè nou travèsé nan rouayòm Pitit li rinmin-an, nan Pitit sa-a nou gin rédanmsion-an, padon pou péché yo.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

1 Piè 3, 18. 21b-22

Kris la mouri yon fouda pou tout poutèt péché yo, li minm ki kòrèk pou sa yo ki pa kòrèk yo, pou-l té kapab minnin nou bay Bondié, li mouri nan chè-a sé vré, min li vivan nan Éspri-a. Nou minm tou koulié-a li sové nou, sé pa sa-k sal nan chè-a li ouété, min sé yon bon konsians li mandé nan Bondié pa lintèmediè réziréksion Jézu-Kri-a, li minm ki adouat Bondié, li pati nan sièl la, apré-l fîn mété anj yo ak pouvoua yo ak otorité yo anba lòd li.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. : Mouin minm mouin sé Pin Vivan-an, ki té désann sot nan sièl la. Si yon moun manjé nan Pin sa-a, l-ap viv pou tout tan; épi Pin-an, sa-a m-ap bay la, sé chè-m pou lavi tè-a, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, ki té résisité sot nan pami mò yo, kòm premié frui moun ki t-ap dòmi yo, ak rèl fèt an nou fè louanj li ansanm épi an nou priyé-l :

Ou minm ki résisité sot nan pami mò yo, kouté nou.

Sonjé Égliz ou-a ki sin-an, ou minm Kris la, sa-ou té bati sou fondasyon Apot yo épi ou té déplouayé rivé nan limit ronnn tè-a,
— fè bénédiksion-ou rivé sou tout moun ki kouè nan ou yo.

Ou minm médsin nanm nou ak kò nou,
— vizité nou, sové nou gras a bon kè-ou.

Soulajé malad yo, ba yo fòs,
— dégajé yo sot nan tout soufrans yo.

Édé moun ki krazé ak kè soté ak mové trétman yo,
— antan-ou pran pitié soutni moun k-ap souffri san sékou yo.

Gras a koua-ou la ak rézireksion-ou nan, ou louvri chémin pa janm mouri-a pou tout moun,
— frè nou yo ki défin yo, fè yo favè jouinn kè kontan rouayòm ou-an.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, fè nou santi bon kè-ou pi plis nan jou sa yo, koté nou konnin-l pi byin, antan ou-ap vidé gras la, pou sa yo ou té libéré sot nan ténèb érè, ou fè yo kolé kò yo pi fèm nan ansègnman vérité-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

VANDRÉDI TOUAZIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Nan réziréksion-ou nan, ou minm Kris la, alélouya.

R/. Sé pou sièl yo ak tè-a kontan, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

10, 1-11

Vokasion Moun ki gin vizion-an vîn rafèmi

Mouin minm Jan, ¹ mouin té ouè yon lòt Anj byin fò, k-ap désann sot nan sièl la; ki vlopé ak niaj, épi ak-an-sièl la sou tèt li, épi fas li tankou solèy la, épi pié-l yo tankou kolòn difé, ² épi li gin yon ti liv louvri nan min-l, épi li pozé pié douat li sou lanmè-a, pié goch li minm sou tè-a. ³ Épi li rélé ak yon gro voua, tankou yon lion k-ap pousé rèl, épi lè-l rélé-a, sèt loraj yo palé voua yo. ⁴ Épi lè sèt loraj yo palé, mouin t-apral ékri, épi mouin tandé yon voua sot nan sièl la, k-ap di: « Sélé sa sèt loraj yo déklaré-a épi pa ékri yo ».

⁵ Épi Anj la, mouin té ouè ki kanpé sou lanmè-a ak sou tè-a, *li té lévé min douat li nan sièl la*, ⁶ *épi li té fè sèman sou sa-k vivan pou sièk sièk yo, sa-k té kréyé sièl la ak sa-k ladan-l yo, épi tè-a ak sa-k ladan-l yo, épi lanmè-a ak sa-k ladan-l yo, paské: « Pa gin tan ankò,* ⁷ *min, nan jou voua sètièm Anj la, lè l-apral sonnin tronpèt la, mistè Bondié-a ap fîn réyalizé, jan li té anonsé bòn nouvèl la bay ésklav li yo, profèt yo ».*

⁸ Épi mouin té tandé voua-a ki sot nan sièl la ankò k-ap palé avèk mouin, k-ap di : « Alé, pran liv la ki ouvri-a nan min anj la ki kanpé sou lanmè-a ak sou tè-a ». ⁹ L-alé kot anj la, li di-l pou-l ban-m liv la, li di-m : « Pran liv la, dévoré-l, l-ap fè vant ou vîn anmè, min nan bouch ou l-ap dous tankou siro mièl ». ¹⁰ Mouin pran liv la nan min anj la, mouin dévoré-l ; li té dous tankou siro mièl nan bouch mouin ; min, lè-m fîn dévoré-l, li té anmè nan vant mouin. ¹¹ Li di-m : « Ou gin pou-ou profétizé ankò bay anpil nasion ak pèp ak lang ak roua ».

RÉPONS

Cf. Ap 19, 7; Mt 24, 30

R/. Lè troupèt la ap kòmansé sonnin, mistè Bondié-a ap fîn réalizé, * Jan li té anonsé bòn nouvèl la bay profèt li yo, alélouya.

V/. Lè sa-a atò, sign Pitit moun nan ap parèt nan sièl, épi y-ap ouè Pitit moun nan sou nuaj yo, nan sièl la, ak pouvoua épi anpil gloua. * Jan li té anonsé.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Éfrèm, diak

(Sermo de Domino nostro, 34. 9: Opera edit. Lamy, 1, 152-158. 166-168)

Koua Kris la, sé li ki sové ras moun nan

Granmèt nou-an, lanmò-a foulé-l anba pié, min li minm okontrè li pilé-l tankou yon chémin. Li soumèt pròp tèt li bay lanmò-a épi, antan-l té vlé, li té sibi-l, pou antan lanmò-a pa vlé li krazé-l nèt. Granmèt nou-an té sòti réyèlman antan l-ap poté koua-a, antan lanmò-a té vlé sa; min antan-l té sou koua-a li té rélé byin fò épi li té fè mò yo soti déyò sot nan lanfè yo, minm si lanmò-a pa-t vlé.

Pa lintèmediè kò li té ginyin-an li touyé lanmò-a; ak minm zam yo, li minm li té ranpòté viktoua sou lanmò-a. Kondision Bondié-a té kaché pròp tèt li anba kondision moun nan épi li té rivé kot lanmò-a ki touyé épi yo té touyé-l. Lanmò-a touyé lavi naturèl la, min okontrè lavi surnaturèl la touyé-l.

Paské réyèlman lanmò-a pa-t kapab dévoré-l san kò-a, ni lanfè-a pa-t kapab valé-l san chèn-a, li minm li té vini kot Vièj la, pou apati la, antan-l pran chario-a, yo té poté-l nan lanfè yo. Nan kò-a minm li té pran-an li antré nan lanfè yo, li té raché richès li yo épi li té gayé trézò-l yo.

Li té rivé réyèlman kot Èv, manman tout vivan yo. Sé li minm pié rézin-an, sa lanmò-a té ouvri lantouraj li-a ak pròp min Èv, pou-l té kapab gouté frui li-a; sé poussa Èv, manman tout vivan yo, vîn tounin sous lanmò pou tout vivan yo.

Min Mari té fléri, nouvo pié rézin nan plas pié rézin ansyin Èv la, épi Kris la abité ladan-l kòm nouvo lavi, pou antan lanmò-a ap manjé épi ap proche ak tout konfians jan-l abitué fè-a, li té kaché pou li nan frui k-ap bay lanmò-a Lavi k-ap détrui lanmò-a. Sé poutèt sa, lè lanmò-a té valé-l, antan-l pa pè anyin, li té libéré lavi-a épi avèk lavi-a anpil lòt.

Minm pitit ékstraòdinè bòs chapant la, li minm ki té poté koua li-a anlè lanfè yo k-ap valé tout bagay yo, sé li minm tou ki té tranpòté ras moun nan nan kay lavi-a. Min poutèt sé pa lintèmediè piéboua-a ras moun nan té tonbé nan koté ki anba nèt yo, sou piéboua-a li té travèsé nan kay lavi-a. Sé poutèt sa nan piéboua koté té gin sa-k anmè-a, té vîn gin yon grèf ki dous, pou nou kapab konnin sa-a okinn kréatu pa kapab rézisté-l la.

Gloua pou ou! Ou minm ki té établi koua-ou la tankou yon pon anlè lanmò-a, pou pa lintèmediè-l nanm yo travèsé sot nan réjion lanmò-a al nan réjion lavi-a.

Gloua pou ou! Ou minm ki té abiyé ak kò moun nan k-ap mouri-a épi ki té fè-l tounin sous lavi pou tout moun k-ap mouri yo.

Ou minm vrèman ou vivan; paské sa yo ki té touyé-ou yo té konpòté yo tankou travayè jadin-an aléga lavi-ou la; sètadi yo té simin-l tankou blé-a nan profondè-a, pou-l résisité sot la épi pou-l lévé anpil lòt ansanm ak li.

Vini, an nou ofri rinmin nou-an kòm yon gran sakrifis pou tout moun, an nou vidé ba li kantik ki rich anpil ak priyè pou li minm ki té ofri koua li-a kòm sakrifis bay Bondié, pou sot nan sa li té anrichi nou tout.

RÉPONS

1 Kor 15, 55-56a. 57; cf. 2 Kor 4, 13. 14

R/. Kot viktoua-ou la, lanmò ? Kot pikèt ou-a, lanmò ? Pikèt lanmò-a sé péché-a ; * Pou Bondié minm n-ap di mèsì, li minm ki té ba nou viktoua-a pa lintèmédiè Granmèt nou-an, Jézu-Kri, alélouya.

V/. Antan nou gin éspri lafoua-a, nou kouè poutèt sa-a ki té résisité Jézu-a, l-ap résisité nou tou avèk Jézu. * Pou Bondié minm.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Tr Ap 5, 30-32

Bondié papa nou yo té résisité Jézu, li minm nou té touyé-a antan nou té pandié-l sou boua-a; Bondié lévé-l adouat li kòm chèf ak sovè pou-l bay Israèl pénitans ak padon péché yo. Kanta nou minm, nou sèvi paròl sa yo témouin, ak Ésri Sin-an Bondié té bay moun ki obéyi-l yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya.
Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou Benedictus la, réf. : Moun ki manjé chè-m épi ki bouè san-m, li rét nan mouin épi mouin minm nan li, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié Papa-a, li minm ki té poté nouvo lavi-a pou nou pa lintèmediè rézirkéksion Kris la, an nou priyé-l ak insistans :

Kléré nou ak klèté Kris la.

Bondié, ou minm ki té fè ouè nan aksion-ou yo dispozision dépi lontan-an, ou té kréyé tè-a, ou rét fidèl nan tout jénérasyon yo,

— kouté nou, Papa ki si tèlman bon.

Nétouayé nou ak pròpté vérité-ou la, dirijé pié nou nan sa-k fè nou sin nan kè nou,

— pou nou fè sa ki kòrèk ak sa ki fè-ou plézi.

Kléré fas ou sou nou,

— pou antan nou libéré sot nan péché-a nou plin ak byin lakay ou yo.

Ou minm ki té rékonsilié nou avèk ou pa lintèmediè Kris la,

— ba nou lapè ansanm ak tout moun ki abité sou ronnn tè-a.

Papa nou.

Priyé-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou, nou minm ki té rékonèt gras rézirkéksion Granmèt la, nou minm tou, nou résisité nan nou voté lavi-a pa lantrémiz amou Éspri-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Tr Ap 2, 32. 36

Jézu, Bondié té résisité-l, nou tout nou sèvi-l témouin. Sé ak anpil asirans donk pou tout kay Israèl la konnin Bondié té fè-l ni Granmèt ni Kris, Jézu sa-a nou té krisifié-a.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Gal 3, 27-28

Nou tout ki batizé nan Kris la, nou té abiyé ak Kris la ; pa gin Juif ni Grèk, pa gin èsklav ni moun lib, pa gin gason ni fi : nou tout réyèlman sé youn sèl nou fè nan Kris Jézu.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

1 Kor 5, 7-8

Ouété vié lévin-an, pou nou vîn yon nouvo pat, paské nou sé pin san lévin. Réyèlman yo sakrifié Pak nou-an Kris la! Konsa sé pou nou sélébré fèt yo, pa avèk vié lévin, ni avèk lévin méchansté ak movèz foua, min nan pin san lévin sinsérité-a ak vérité-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Ébr 5, 8-10

Malgré Kris la sé Pitit li yé-a, li té aprann obéyisans nan sa-l soufri yo, lè-l fîn akonpli, li vîn tounin pou tout moun k-ap obéyi-l koz sovè yo sovè pou tout tan-an, antan Bondié rélé-l prêt an chèf dapré ran Mèlkisédèk.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. : Sa-a yo té klouré sou koua-a, li résisité sot nan pami mò yo épi li rachté nou, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, chémin-an, vérité-a ak lavi-a an nou lévé-l anlè, antan n-ap rélé :

Pitit Bondié vivan-an, béni pèp ou-a.

N-ap priyé-ou, ou minm Kris la, pou tout réponsab yo nan Égliz ou-a, pou, antan y-ap séparé pin lavi-a bay frè yo,

— yo minm tou li nourì yo, li ba yo fòs.

N-ap priyé-ou pou tout pèp krétyin-an, pou-l maché ak dignité nan vokasion-l,

— pou-l kinbé éspri fè yon sèl la nan chinn lapè-a.

N-ap priyé-ou pou moun ki gin otorité pou dirijé nou, pou yo fè dévoua yo dapré jistis la ak mizérikòd la,

— joustan sé bon antant ki ranpòté viktoua ak lapè nan pami tout pèp yo.

N-ap priyé-ou, pou-ou fè nou fin alarotè nèt, nou minm k-ap sélébré-ou avèk yon kè sinsè nan fanmi sin yo,
 — ansanm avèk frè nou yo ki défin, yo minm nou rékomandé bay bon kè-ou la.
 Papa nou.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou, nou minm ki té rékonèt gras réziréksion Granmèt la, nou minm tou, nou résisitè nan nouvoité lavi-a pa lantrémiz amou Éspri-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

SAMDI TOUAZIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié té réfè nou nan éspérans vivan-an, alélouya.

R/. Pa lintèmediè réziréksion Jézu-Kri sot nan pami mò yo, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

DÉZIÈM LÉKTU

Nan liv Apokalips

11, 1-19

Dé témouin yo ki pa pèdi batay la

Mouin minm Jan, mouin té ouè, ¹ épi yo ban-m yon règ ki sanblé ak yon bagèt, antan-l di: «Lévé, épi méziré Tanp Bondié-a ak lotèl la ak sa k-ap adoré ladan-l yo. ² Épi lakou ki sou pa déyò Tanp la, jété-l déyò épi pa méziré-l; paské yo rinmèt li bay nasion yo, épi vil sin-an y-ap foulé-l

anba pié karann-dé moua. ³ Épi m-ap bay dé témouin-m yo, épi y-ap profétizé mil-désan-souasant jou, abiyé ak sak. ⁴ *Sa yo sé dé pié oliv ak dé chandélié ki kanpé dévan Granmèt tè-a.* ⁵ Si yon moun vlé nui yo, difé ap soti nan bouch yo, l-ap dévoré ènmi yo ; épi si yon moun vlé fè yo ditò, sé konsa li gin pou-l mourir. ⁶ Yo gin pouvoua pou fèmin sièl la, pou lapli pa tonbé pandan tan profési yo ; yo gin pouvoua sou dlo yo pou fè yo vîn tounin san, pou yo frapé tè-a ak tout kalité chatiman, chak foua yo vlé. ⁷ Lè y-ap fin fè témouagnaj yo-a, bèt la k-ap monté sot nan bafon anba-a, l-ap fè lagè kont yo, l-ap ranpôté viktoua sou yo, l-ap touyé yo. ⁸ Kò yo ap rét sou plas gran vil la, sa-a yo rélé an parabòl Sodòm ak Éjip la, koté yo té klouré Granmèt yo-a sou koua-a. ⁹ Ras, pèp, lang ak nasion ap ouè kò yo pandan toua jou édmi, yo pap kité yo dépozé kò yo nan kavo. ¹⁰ Moun yo ki abité sou tè-a ap kontan sou yo, y-ap fété, youn ap voyé kado bay lòt ; paské dé profèt sa yo té fè moun ki abité sou tè-a sibi touman.

¹¹ Apré toua jou édmi, éspri lavi-a sot nan Bondié, li antré nan yo. Yo kanpé sou pié yo ; gran sézisman tonbé sou moun ki ouè yo. ¹² Yo tandé gran voua-a sot nan sièl la, k-ap di yo : « Monté isit la ». Yo monté nan sièl la nan niaj la ; ènmi yo ouè yo. ¹³ Épi nan lè sa-a, vîn gin yon gran tranbléman-tè épi yon dizième vil la tonbé ; épi nan tranbléman-tè-a gin non sèt mil moun ki mourir épi rès yo vîn pè épi yo bay Bondié sièl la gloua ».

¹⁴ Dézièm malè-a pati. Min touazièm malè-a ap vini byin vit.

¹⁵ Épi sétième Anj la sonnin tronpèt ; épi vîn gin gran voua nan sièl la k-ap di : « Li té rivé, rouayòm Granmèt nou-an ak Kris li-a pou tè-a, épi l-ap kòmandé kòm roua pou tout tan gin tan. » ¹⁶ Épi vinn-kat Ansyin yo ki dévan Bondié-a, ki chita sou trôn yo- a, yo lagé kò yo sou fas yo, épi yo adoré Bondié ¹⁷ antan y-ap di :

« N-ap di ou mési,

Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua-a,

sa-k la- a, ak sa-k té la-a,

paské ou té résévoua gran pouvoua-ou la épi ou té régné.

¹⁸ épi nasion yo té fè kòlè,
 épi min kòlè-ou la rivé, épi moman pou jijé mò yo,
 épi pou rinnèt salè-a bay ésklav ou yo, profèt yo, ak sin yo,
 ak sa-k respékté non-ou yo, piti yo ak gran yo,
 épi pou-ou détrui sa yo k-ap détrui tè-a ».

¹⁹ Tanp Bondié-a louvri nan sièl la. Yo ouè Arch-d-aliens la parèt nan Tanp la. Vîn gin zéklè, voua loraj, tranbléman-tè avèk gro lagrè-l.

RÉPONS

Ap 11, 15b; Dan 7, 27c

R/. Li té rivé, rouayòm Granmèt nou-an ak Kris li-a pou tè-a; * Épi l-ap régné pou sièk sièk yo, alélouya.

V/. Rouayòm li, sé rouayòm k-ap diré tout tan, tout roua yo ap sèvi-l épi y-ap obéyi-l. * Épi l-ap régné.

KTU

Sot nan Kòmantè sin Siril d'Aléksandri, évèk, nan Évanjil Jan-an

(Lib 4, 2: PG 73, 563-566)

Kris la té bay pròp kò-l pou lavi tout moun

M-ap mouri, sé sa Granmèt la di, pou tout moun, pou-m fè yo tout viv gras a mouin minm, épi mouin té rachté chè tout moun ak chè pa-m nan. Sé lanmò-a réyèlman k-ap mouri nan lanmò pa-m nan, épi ansanm avèk mouin, natu moun nan ki té vidé-a, sé sa-l di, l-ap résisité.

Mouin té vîn sanblé réyèlman avèk nou poutèt sa, moun tout bon vré sot nan désandans Abraam, pou-m té kapab sanblé ak frè yo nan tout bagay. Sé sa antan-l byin konprann li tou sin Pòl li minm di: *Paské pitit yo donk té kominiké nan chè-a ak san-an, li minm tou té vlé patisipé nan*

yo minm jan-an, pou, gras a lanmò-a, li té kapab détrui sa-a ki té gin pouvoua lanmò-a, sa vlé di djab la.

Ni réyèlman sé pa yon lòt jan li t-ap janm kapab détrui sa-a ki gin pouvoua lanmò-a, épi konsa tou lanmò-a li minm, si Kris la pa-t bay pròp tèt li pou nou, yon sèl kòm rédanmsion pou tout moun: réyèlman li té anlè tout moun.

Sé konsa tou li di yon koté nan psòm yo, antan-l ofri pròp tèt li pou nou tankou yon osti san tach bay Bondié ak Papa-a: *Sakrifis ak kado, ou pa-t vlé sa, ou fè yon kò pou mouin. Sakrifis antié ak sakrifis pou péché, ou pa-t mandé sa, lè sa-a mouin di : Min m-ap vini.*

Min yo té klouré-l sou koua-a nan plas tout moun ak poutèt tout moun, pou, antan yon sèl mouri pou yo tout, nou tout n-ap viv nan li; sa pa-t kapab fèt réyèlman pou lavi-a ta sibi domaj poutèt lanmò-a oubyin pou-l t-a tonbé anba dékonpozision-an dapré natu-a. Min sa-k fè Kris la té ofri chè-l pou lavi tè-a, nou rékonèt sa sètènman nan paròl li yo: *Papa ki sin réyèlman, sé sa-l di, konsèvé yo. Épi ankò: Pou yo mouin minm mouin sanktifé pròp tèt mouin.*

Mouin sanktifé li di, nan plas mouin konsakré épi mouin ofri tnakou yon sakrifis san tach nan bon lodè. Li té vîn sanktifé réyèlman, sètadi yo té rélé-l sin dapré laloua-a, sa yo té ofri sou lotèl la. Konsa Kris la té bay pròp kò li pou lavi tout moun, épi pa lintèmédiè-l li té rémété lavi-a nan nou; nan ki fason minm, m-ap di-l dapré fòs mouin yo.

Apré réyèlman Paròl Bondié sa-a ki bay lavi-a té abité nan chè-a, li rétabli-l nan byin pa-l la, sètadi nan lavi-a, épi antan-l fè youn avèk li nèt nan fason yon inion yo pa kapab palé, li té fè-l vîn kapab bay lavi, pa yon lòt jan pasé sa li minm li yé dapré natu-a.

Sé sa-k fè kò Kris la bay sa yo lavi, sa-k patisipé nan li yo: réyèlman li mété lanmò-a déyò, lè-l té maré nan lanmò-a, épi li ouété dékonpozision-an, antan li anfanté nan li minm kòz ki kapab détrui dékonpozision-an nèt.

RÉPONS

Jan 10, 14. 15b. 10b

R/. Mouin minm mouin sé bon Gadyin-an, mouin konnin mouton-m yo, * Épi mouin dépozé nanm mouin pou mouton-m yo, alélouya.

V/. Mouin minm mouin vini pou yo jouinn lavi, pou yo jouinn li ak plis abondans. * Épi mouin dépozé nanm mouin.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 14, 7-9

Pèsonn nan nou pap viv pou prop tèt li; pèsonn pap mouri pou prop tèt pa li; kit n-ap viv réyèlman, sé pou Granmèt la n-ap viv, kit nou mouri, sé pou Granmèt la nou mouri. Donk kit n-ap viv, kit nou mouri, sé pou Granmèt la nou yé. Sé pou sa réyèlman Kris la mouri épi li té viv tou, sé pou-l té kòmandé ni sa-k mouri yo, ni sa-k vivan yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Simon Piè té di : Granmèt, kot ki moun pou nou alé ? Ou gin paròl lavi pou tout tan-an; nou minm, nou kouè, nou konnin ou sé Kris la, Pitit Bondié-a, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, pin lavi-a; li minm k-ap résisité moun ki profité tab parol li ak kò li-a nan dènié jou-a, ak gété an nou priyé-l :

Granmèt, ba nou lapè ak kè kontan.

Pitit Bondié-a, ou minm lè-ou résisité sot nan pami mò yo, ou chèf lavi-a,
— béni nou, fè nou vîn sin ansanm ak tout frè-ou yo.

Ou minm ki bay tout moun ki kouè nan ou yo lapè ak kè kontan,
— fè nou maché tankou pitit limiè pou nou kontan nan viktoua ou la.

Dévolpé lafoua Égliz la ki pèlrin sou tè-a,
— pou-l bay moun yo sou tè-a témouagnaj rézireksion-ou nan.

Ou minm ki fîn soufri anpil, épi ou té antré nan gloua Papa-a,
— lapinn moun ki tris yo, fè-l vîn tounin kè kontan.

Papa nou.

Priyé-a

Bondié, ki té rénouvle moun ki kouè nan ou yo, gras a fontèn batèm nan, protéjé sa yo ki jouinn nouvo nésans nan Kris la, pou yo répousé tout atak manti, pou yo kinbé gras bénédiksion-ou nan byin fidèl. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Rom 5, 10-11

Si malgré nou té ènmi, nou vîn rékonsilié ak Bondié pa lintèmediè lanmò Pitit li-a, sé pi plis toujou antan nou fîn rékonsilié-a n-ap sové nan lavi li-a; sé pa sèlman sa, min n-ap jouinn gloua nan Bondié palintèmediè

Granmèt nou Jézu-Kri, li minm sé pa lintèmédiè-l koulié-a nou té résevoua rékonsiliation-an.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

1 Kor 15, 20-22

Kris la té résisité sot nan pami mò yo, prémié frui pami sa-k t-ap dòmi yo. Paské réyèlman sé pa lintèmédiè yon moun gin lanmò-a, sé pa lintèmédiè yon moun tou gin rézireksion mò yo : minm jan réyèlman tout moun té mouri nan Adan-an, sé konsa tout moun ap gin lavi nan Kris la.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

2 Kor 5, 14-15

Rinmin Kris la ap pousé nou ; antan nou konsidéré si yon sèl mouri pou tout moun, konsa tout moun yo mouri ; épi li mouri pou tout moun, pou minm moun k-ap viv yo, sé pa pou yo minm y-ap viv ankò, min pou sa-a ki mouri épi ki té résisité pou yo-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

KATRIYÈM DIMANCH PAK

Katriyèm sémèn Psòm yo

Pou premié Vèp yo

IMN, *Ad cenam Agni*, 54.

Réf. 1 Sé pou lapè Kris la fété nan kè nou, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch katriyèm sémèn-nan, 882.

Réf. 2 Ou té rachté nou pou Bondié nan san-ou, alélouya.

Réf. 3 Èské Kris la pa-t gin pou-l souffri bagay sa yo, pou-l antré konsa nan gloua-l la ? Alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Piè 2, 9-10

Nou minm nou sé yon ras chouazi, yon sèvis prèt ki roua, yon nasion ki sin, yon pèp ki gin mèt, pou nou anonsé puisans sa-a ki té rélé nou sot nan fènoua yo vîn nan bèl limiè-l la ; lontan nou pa-t yon pèp, min koulié-a nou sé pèp Bondié-a ; nou pa-t résévoua mizérikòd, min koulié-a nou résévoua mizérikòd.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. :

Ané A

Amèn, mouin di nou : moun ki antré nan pòt la, sé gadyin mouton yo.
Li soti dévan yo, mouton yo suiv li, paské yo konnin voua-l, alélouya.

Ané **B**

Mouin minm mouin sé bon gadyin-an: bon gadyin-an dépozé nanm li pou mouton-l yo, alélouya.

Ané **C**

Mouton-m yo tandé voua-m, épi mouin minm Granmèt la mouin konnin yo, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, li minm ki antan-l résisité sot nan pami mò yo té détrui lanmò-a épi té réfè lavi-a tou nèf, an nou priyé-l avèk insistans :

Ou minm Kris la ki toujou vivan, kouté nou.

Ou minm, ròch sa-a mason yo té réjité-a, ou vîn tounin tèt kouin mitan anlè-a:

— bati nou nan Égliz ou-a tankou ròch vivan.

Ou minm, témouin fidèl ki vré, prémié pitit nan pami mò yo,

— fè Égliz ou-a sèvi-ou témouin san rété.

Ou minm, sèl épou Égliz la ki soti bò kòt ou-a,

— fè nou sèvi sakréman mariaj sa-a témouin.

Ou minm ki prémié ak dènié, ou té mouri, ou vivan,

— présèvé moun ki batizé yo pou yo fidèl jous nan lanmò, pou yo rivé résévoua kouròn nan.

Ou minm, limiè ak lanp vil Bondié-a ki sin-an,

— kléré défin nou yo, pou yo régné san rété.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, kondui nou nan kominoté kè kontan sièl yo, pou féblès bann mouton yo rivé koté fòs pastè-a té déjà rivé davans-la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Ofis léktu-a

V/. Chè mouin té réfléri, alélouya.

R/. Épi sé volonté-m pou-m fè déklarasion pou Bondié, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

12, 1-18

Sign madanm nan

¹ Yon gran sign parèt nan sièl la : sé yon madanm ki vlopé nan solèy la, lafin nan anba pié-l, yon kouròn douz zétoual sou tèt li. ² Li ansint, l-ap pousé rèl tranché, l-ap soufri ak doulè pandan l-ap anfanté-a. ³ Gin yon lòt sign tou ki parèt nan sièl la : sé yon gro dragon rouj ; li gin sèt tèt ak dis kòn ; li gin sèt ti kouròn sou tèt li yo. ⁴ Ak ké-l, li jété yon tiè nan zétoual yo ki nan sièl la, li voyé yo atè-a. Gro dragon-an rét kanpé dévan madanm nan ki prèské akouché-a. Li paré pou-l valé ti pitit gason-l nan, kon-l fèk ap akouché-l. ⁵ Madanm nan akouché yon ti pitit gason, li minm *ki gin pou-l kondui tout nasyon yo ak bagèt an fè-a*. Min, yo pran ti gason-l nan, yo lévé-l anlè jous kot Bondié, jous kot trôn Bondié-a. ⁶ Madanm

nan sovè kò-l nan dézè-a, koté li té gin yon plas Bondié té paré pou yo nourri-l la pou li mil dé san souasant jou.

⁷ Vîn gin yon gran batay nan sièl la : Michèl ak anj li yo t-ap batay kont dragon-an, épi dragon-an minm li batay tou ni anj pa-l yo tou ; ⁸ min yo pa rézisté, ni yo pa jouinn plas yo nan sièl la ankò. ⁹ Yo voyé gran dragon sa-a jété, sèpan lontan-an, sa yo rélé Djab la épi Satan-an, li minm ki t-ap tronpé tout tè-a ; yo voyé-l jété sou tè-a ; ni anj li yo tou, yo voyé yo ansanm avèk li. ¹⁰ Mouin tandé yon gran voua nan sièl la k-ap di :

« Koulié-a yo sovè, épi sé pouvoua-a ak péyi-roua Bondié nou-an ak otorité Kris li-a,

paské yo jété sa-a ki t-ap akizé frè nou yo,

li minm ki t-ap akizé yo dévan fas Bondié nou-an

lajounin kon lannuit la.

¹¹ Épi yo minm yo ranpòté viktoua sou li poutèt san Mouton-an

épi poutèt paròl témouagnaj li-a ;

yo bliyé tèt yo jous yo mouri.

¹² Sé pou sa sé pou nou kontan, sièl yo,

ak sa yo ki abité nan yo.

Ala malè pou tè-a ak lanmè-a, paské djab la désann koté nou antan-l gin gro kòlè, antan-l konnin byin sé yon ti kras moman li ginyin.»

¹³ Épi lè dragon-an ouè yo jété-l sou tè-a, li pèsékité madanm nan ki té anfanté ti gason-an. ¹⁴ Yo bay madanm nan dé zèl gran ègl la pou-l volé al nan dézè-a, koté yo té paré pou li-a. Sé la y-ap souin-l, pandan yon tan, avèk kèk tan, avèk mouatié yon tan, louin fas sèpan-an. ¹⁵ Sèpan-an voyé tankou yon riviè dlo sot nan bouch li dèyè madanm nan pou-l kapab éseyé nouayé-l. ¹⁶ Min, tè-a poté madanm nan sékou ; tè-a louvri bouch li, li bouè riviè-a, sa gro dragon-an té jété sot nan bouch li-a.

¹⁷ Gro dragon-an faché kont madanm nan. Li pati, l-ap batay kont rèz pitit li yo, sa k-ap obsèvé kòmandman Bondié yo, sa ki gin témouagnaj Jézu-a.

¹⁸ Li kanpé sou sab lanmè-a.

RÉPONS

Ap 12, 11. 12a; 2 Mak 7, 36a

R/. Yo té ranpòté viktoua poutèt san Mouton-an épi poutèt paròl témouagnaj li-a ; épi yo pa-t rinmin nanm yo jous yo mouri. * Sé pou sa sé pou nou kontan, sièl yo, ak sa yo ki abité nan yo, alélouya.

V/. Lè yo fin sipòté yon ti doulè, anba aliens Bondié-a yo jouinn privilèj lavi pou tout tan-an. * Sé pou sa.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli sin Grégoua le Gran, pap, nan Évanjil yo

(Hom. 14, 3-6: PL 76, 1129-1130)

Kris la, bon gadyin-an

Mouin minm mouin sé bon Gadyin-an, mouin konnin mouton-m yo, sètadi mouin rinmin, épi sa-k pou mouin yo konnin-m tou. Sé tankou si-l t-a di byin klè: Sa-k rinmin yo obéyi. Moun nan réyéلمان ki pa-t rinmin vérité-a, li pa-t konnin-l ditou.

Paské konsa nou té tandé, frè yo mouin aprésié anpil la, danjé nou-an, pansé nan paròl Granmèt la sé danjé pou nou tou. Gadé si sé mouton li nou yé, gadé si nou konnin-l, gadé si nou konnin limiè vérité-a. Si nou konnin minm, mouin di, pa gras a lafoua-a, min gras a rinmin-an. Si nou konnin, mouin di, pa poutèt kouayans la, min poutèt aksion-an. Paské minm li minm nan ki di sa, Jan évanjélis la témouagné, antan-l di: *Moun ki di li konnin Bondié, min ki pa kinbé kòmandman-l yo, sé yon mantè.*

Sé pousa nan koté sa-a tou Granmèt la ajouté tousuit: *Minm jan Papa-a konnin-m nan, épi mouin minm mouin konnin Papa-a, épi mouin dépozé nanm mouin pou mouton-m yo.* Tankou si-l t-a di byin klè: Sé nan sa yo

konstaté mouin minm mouin konnin Papa-a, épi Papa-a konnin-m, paské mouin dépozé nanm mouin pou mouton-m yo; sètadi, ak charité sa-a ki fè m-ap mouri pou mouton yo, mouin montré nan ki mézi mouin rinmin Papa-a.

Osijè mouton sa yo sètènman li di ankò: *Mouton-m yo kouté voua-m, mouin konnin yo, épi yo suiv mouin, épi mouin minm mouin ba yo lavi pou tout tan-an.* Osijè yo tou yon ti kras pi ro li di: *Si yon moun antré pa lintèmédiè-m, l-ap sové, l-ap antré, l-ap soti épi l-ap jouinn patiraj.* L-ap antré sètènman al nan lafoua-a, l-ap soti minm sot nan lafoua-a al nan vizion-an, sot nan kouayans la al nan kontanplasion-an, l-ap jouinn patiraj minm nan manjé pou tout tan-an.

Mouton-l yo donk jouinn patiraj, paské ninpòt moun ki suiv li ak yon kè sinp, y-ap nourri-l ak manjé fòs pou tout tan-an. Kisa minm yo yé patiraj mouton sa yo, si sé pa kè kontan paranndan paradi ki toujou vèt la? Patiraj sa yo chouazi yo réyèlman sé vizaj prezans Bondié-a, li minm pandan y-ap gadé-l san défo, éspri-a satisfè san fin ak manjé lavi-a.

Sé pou nou chèchè donk, frè yo nou aprésié anpil la, patiraj sa yo, koté n-ap joi avèk fèt solanèl kantité sitouayin sa yo. Sé pou fèt sa-k kontan yo minm invité. Sé pou nou limin nanm yo konsa, frè yo, sé pou lafoua-a rékòmansé chofé nan sa-a li té kouè-a, sé pou sa nou anvi yo pran difé pou sa ki anro yo, épi konsa rinmin sé déja alé la.

Sé pa pou okinn fòs ki kontrè ralé nou soti nan kè kontan solanité paranndan sa-a, paské si yon moun anvi al koté li té gin projè pou-l alé-a, kèlkésoua difikilté chémin-an pap chanjé anvi li ginyin-an. Pa kité okinn avantaj pran tèt nou antan l-ap karésé nou, paské sé yon vouayajè ki sòt li yé, sa-a ki antan-l ouè yon patiraj ki bèl pandan-l sou chémin-an, li bliyé alé koté-l té vlé rivé-a.

R/. Bon Gadyin-an té résisité, li minm ki té déposé nanm li pou mouton-l yo, * Épi pou bann mouton-l nan li té aksépté mouri, alélouya.

V/. Réyèlman yo té sakrifié Pak nou-an Kris la. * Épi pou.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, *Aurora lucis*, 37.

Réf. 1 Mouin pap mouri, min m-ap viv épi m-ap rakonté aksion Granmèt la, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch katriyèm sémèn-nan, 889.

Réf. 2 Li béni, non gloua-ou la ki sin-an, alélouya.

Réf. 3 Bay Bondié nou-an grandè; sa Bondié fè yo fin apouin nèt, épi tout chémin-l yo sé jijman, alélouya.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 10, 40-43

Bondié té résisité Jézu touazièm jou-a, li fè-l parèt, non pa dévan tout pèp la, min dévan témouin yo Bondié té chouazi davans yo, nou minm, ki té manjé, ki té bouè avèk li, apré-l té fin résisité sot nan pami mò yo; li té pasé nou lòd pou nou préché pèp la, pou nou sèvi témouin sé li minm Bondié mété kòm jij moun ki vivan yo ak moun ki mouri yo. Tout profèt

yo sèvi bagay sa-a témouin tout moun ap résévoua padon péché yo nan non-l, sa yo ki kouè nan li-a.

RÉPONS KOUT

R/. Ou minm Kris la, Pitit Bondié vivan, pran pitié pou nou. * Alélouya, alélouya. Ou minm Kris la.

V/. Ou minm ki té résisité sot nan pami mò yo * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Ou minm Kris la.

Pou *Benedictus* la, réf. :

Ané A

Mouin minm mouin sé pòt la, sé sa Granmèt la di ; si yon mouin antré pa lintèmediè-m, l-ap sovè, l-ap jouinn manjé, alélouya.

Ané B

Mouin minm mouin sé gadyin mouton yo; mouin minm mouin sé chémin-an, vérité-a ak lavi-a; mouin minm mouin sé bon gadyin-an, mouin konnin mouton-m yo, mouton-m yo konnin-m tou, alélouya.

Ané C

Mouin minm mouin bay mouton-m yo lavi pou tout tan-an, yo pap péri pou tout tan, pèsonn pap ouété yo sot nan min-m, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié Papa-a gin tout pouvoua, li minm ki té résisité Jézu, chèf nou-an ak sovè nou-an, an nou priyé-l antan n-ap di byin fò :
Kléré nou, Granmèt, ak klété Kris la.

Papa ki sin, ou minm ki té fè Jézu ou rinmin-an travèsé sot nan fènoua lanmò yo al nan limiè gloua-ou la,

— fè nou vîn nan limiè-ou la ki ékstraòdinè-a.

Ou minm ki té sovè nou pa lintèmédiè lafoua-a,

— fè nou viv jodi-a nan lafoua batèm nou-an.

Ou minm ki kòmandé nou pou nou chèché bagay ki anro yo, koté Kris la yé-a antan-l chita adouat ou-a,

— présèvé nou sot anba atirans péché-a.

Sé pou lavi nou ki kaché anndan-ou avèk Kris la, vîn kléré sou tè-a,

— pou sièl nouvo-a ak tè nouvo-a vîn anonsé davans.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, kondui nou nan kominoté kè kontan sièl yo, pou féblès bann mouton yo rivé koté fòs pastè-a té déjà rivé davans-la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Cf. 1 Kor 15, 3b-5

Kris la mouri pou péché nou yo, dapré sa-k Ékri yo, yo antéré-l, li résisité sou touazièm jou-a, dapré sa-k Ékri yo, li parèt dévan Séfas, apré sa dévan Douz yo.

V/. Granmèt la té résisité réyéلمان vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst**LÉKTU KOUT**

Éféz 2, 4-6

Bondié ki rich nan mizèrikòd, poutèt gran charité-l la, sa-l té rinmin nou avèk li-a, malgré nou té mouri akòz péché yo, li té fè nou viv nan Kris la, — sé akòz gras la nou sovè, — épi li té résisité nou avèk li, li té fè nou chita avèk li nan sièl yo nan Kris Jézu.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT**

Rom 6, 4

Nou antéré ansanm avèk li nan lanmò-a gras a batèm nan, pou minm jan Kris la résisité sot nan pami mò yo gras a gloua Papa-a, konsa tou nou minm n-ap maché nan nouvo lavi-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Ad cenam Agni*, 54.

Réf. 1 Sé bagay ki anro yo pou nou chèché, koté Kris la chita adouat Bondié-a, alélouya.

Pòm yo ak kantik la nan dimanch katriyèm sémèn-nan, 896.

Réf. 2 Li lévé nan fènoua yo, limiè pou sa yo ki douat nan kè-a, alélouya.

Réf. 3 Alélouya, sové nou sové-a, gloua-a ak fòs la pou Bondié nou-an, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ébr 10, 12-14

Kris la ofri yon sèl sakrifis pou péché yo, pou tout tan *li té chita adouat Bondié*, antan l-ap tann apré sa, *joustan yo plasé ènmi-l yo kòm machéskalié pou pié-l*; avèk yon sèl ofrann réyèlman, li té fè moun yo ki vîn sin yo vîn kòrèk nèt pou tout tan.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, * Alélouya, Alélouya. Granmèt la.

V/. Li té parèt dévan Simon. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou Magnificat la, réf. :

Ané **A**

Mouin minm mouin sé bon gadyin-an : mouin minm mouin vini pou yo gin lavi, pou yo ginyin-l an abondans, alélouya.

Ané **B**

Mouin gin dèt mouton ki pa nan pak sa-a, yo minm tou mouin gin pou-m minnin yo, y-ap kouté voua-m, y-ap vîn tounin yon sèl bann mouton, yon sèl gadyin, alélouya.

Ané C

Papa-m ki té ban mouin-an, li pi gran pasé tout bagay, épi pèsonn pa kapab raché sot nan min Papa-m, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié Papa-a, li minm ki té résisité Kris la épi ki té lévé-l anlè adouat li, an nou priyé-l antan n-ap sipliyé :

Gras a gloua Kris la, protéjé pèp ou-a, Granmèt.

Papa ki korèk, ou té lévé Jézu anlè sot sou tè-a gras a viktoua lakoua-a,
— fè tout bagay suiv atirans pou y-al jouinn li.

Gras a Pitit la ou lévé anlè-a, voyé Éspri-Sin-an nan Égliz la,
— pou-l vîn tounin sakréman ki fè tout ras moun nan fè yon sèl.

Nouvo pitit yo, sa-ou té bay nésans nan dlo-a ak nan Éspri-Sin-an,
— fè yo rét fidèl nan batèm yo pou lavi tout tan-an.

Gras a Pitit ou-a ki lévé anlè-a, soulajé maléré yo, libéré sa yo kinbé nan prizon yo, géri malad yo,
— fè tout moun dibyin pou kè yo kontan.

Frè nou yo ki défin yo, sa-ou té bay kò ak san Kris la ki nan gloua-a,
— fè yo patisipé nan rézireksion-an nan dènié jou-a.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, kondui nou nan kominoté kè kontan sièl yo, pou féblès bann mouton yo rivé koté fòs pastè-a té déjà rivé davans-la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

LINDI KATRIYÈM SÉMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Kè-m ak chè-m, alélouya.

R/. Té fété nan Bondié vivan-an, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

13, 1-18

Dé bèt sovaj yo

Mouin minm Jan, ¹ mouin té ouè gin yon bèt sovaj k-ap monté sot nan lanmè-a, ki gin dis kòn ak sèt tèt épi sou kòn li yo, gin dis ti kouròn; épi sou tèt li yo non blasfèm. ² Épi bèt sovaj la mouin té ouè-a, li té sanblé ak yon tig; épi pié-l yo tankou pié ous; épi bouch li tankou bouch lion. Dragon-an ba li pouvoua pa-l la, ni trôn pa-l la épi gran otorité. ³ Épi youn nan tèt li yo, sé kòmsi, yo té koupé kou-l pou lanmò épi blès lanmò-l la, li géri; épi tout tè-a sézi dèyè bèt sovaj la.

⁴ Épi yo adoré dragon-an, paské li té bay bèt sovaj la otorité-a; épi yo adoré bèt sovaj la antan y-ap di: « Kilès ki tankou bèt sovaj la, épi kilès ki kapab batay avèk li ? ».

⁵ Épi yo ba-l yon bouch k-ap di gran bagay, ak blasfèm épi yo ba-l otorité pou aji karann-dé moua. ⁶ Épi li louvri bouch li pou-l blasfémé kont Bondié, pou blasfémé non-l ak Tant li-a, sa-k planté tant yo nan sièl la. ⁷ Épi yo ba-l pouvoua fè lagè kont sin yo, épi ranpòté viktoua sou yo, épi yo ba-l otorité sou tout ras ak pèp ak lang ak nasion. ⁸ Épi tout moun ki abité sou tè-a, y-ap adoré-l, yo minm non yo pa ékri dépi kòmansman tè-a nan liv lavi Mouton-an yo té koupé gòj li-a. ⁹ Si yon moun gin zòrèy, sé pou-l kouté:

¹⁰ *Si yon moun pou prizon,
sé pou-l al nan prizon;*

*si yon moun sé ak épé pou yo touyé-l,
sé ak épé pou yo touyé-l.*

Sé la pèsévérans ak lafoua sin yo yé.

¹¹ Épi mouin ouè yon lòt bèt sovaj k-ap monté sot nan tè-a; épi li té gin dé kòn sanblé ak mouton, min li t-ap palé tankou dragon. ¹² Épi li fè tout otorité premié bèt sovaj la vîn byin instalé dévan-l, épi li fè tè-a ak moun ki abité nan li yo, adoré premié bèt sovaj la, sa-k té géri sot anba blès lanmò-l la. ¹³ Épi li fè gran sign, a tèl pouin ata difé li fè désann sot nan sièl la vîn sou tè-a dévan moun yo. ¹⁴ Épi li tronpé moun yo ki abité sou tè-a akòz sign yo yo té ba-l pouvoua pou-l fè dévan bèt sovaj la, antan-l di moun ki abité sou tè-a pou yo fè pòtré pou bèt sovaj la ki té blésé ak kout épé-a, min k-ap viv la. ¹⁵ Épi yo ba-l pouvoua pou-l mét réspirasion sou pòtré bèt sovaj la, pou pòtré bèt sovaj la kapab palé tou épi pou-l fè yon fason pou ninpòt ki moun ki pa adoré pòtré bèt sovaj la, pou yo touyé-l. ¹⁶ Épi li fè yon fason pou tout moun, ni piti ni gran, ni rich ni pòv, ni lib ni ésklav yo ba yo yon mak sou min douat yo ak sou fron yo. ¹⁷ Épi atèl pouin pèsonn pa kapab achté oubyin vann, si-l pa gin mak la, non bèt sovaj la, oubyin chif non-l. ¹⁸ Sé la sajès la yé. Sa-k gin léspri, sé pou-l kalkilé chif bèt sovaj la; réyèlman, sé chif yon moun li yé; épi chif li-a sé si-san-souasann-sis.

RÉPONS

Ap 3, 5; Mt 10, 22b

R/. Moun k-ap ranpòté viktoua-a, l-ap abiyé ak rad blan; épi mouin pap éfasé non-l sot nan liv lavi-a, * Épi m-ap rékonèt non-l dévan Papa-m ak dévan anj li yo, alélouya.

V/. moun k-ap pèsévéré jouskalafin, sé li minm k-ap sové. * Épi m-ap rékonèt.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv sin Bazil le Gran, évèk, Osijè Éspri Sin-an
(Cap. 15, 35-36: PG 32, 130-131)

Éspri-a bay lavi

Granmèt la ki dispozé lavi nou, té établi kontra batèm nan pou nou, ki gin modèl lanmò-a ak lavi-a: antan dlo-a sètènman konplété pòtré lanmò-a, antan réyèlman vré li bay gaj Éspri lavi-a. Sé poua la-a sa yo t-ap chèche-a vîn byin klè pou nou, pou ki rézon yo té mété dlo-a ansanm ak Éspri-a. Kòm réyèlman yo propozé dé intansion yo vizé nan batèm nan, sètadi pou détrui kò péché-a, pou-l pa donnin lanmò apré sa, nan moman koté l-ap viv dapré Éspri-a, épitou l-ap donnin frui nan sanktifikasion-an; dlo-a, prezanté pòtré lanmò-a, antan li résévoua kò-a tankou nan yon tonm; Éspri-a minm voyé ladan-l fòs k-ap bay lavi-a, antan-l rénouvlé nanm nou yo sot nan lanmò péché-a vîn nan lavi ki té la an premié-a. Sa-a minm sé fèt yon lòt foua sot nan dlo ak nan Éspri-a: poutèt vrèman lanmò-a fîn fèt nan dlo-a, lavi nou-an minm Éspri-a réalizé-l.

Sé poutèt sa sé ak toua plonjé, épi avèk otan invokasion, yo fè gran mistè batèm nan nèt, pou yo éksprimé pòtré lanmò-a, épitou pou pa lintèmediè sians Bondié-a yo transmèt la, nanm moun yo batizé yo vîn kléré. Yon fason pou si gin yon gras nan dlo-a, sé pa nan natu dlo-a minm sa soti, min apati prezans Éspri-a. Batèm nan réyèlman sé pa sa-k sal nan kò-a li ouété, min sé yon bon konsians li mandé bò kot Bondié. Sé sa-k fè antan Bondié ap préparé nou pou lavi sa-a, ki sot nan rézireksion-an, li propozé nou tout konpòtman dapré Évanjil la; antan-l bay lòd pou nou pa fè kòlè, pou nou sipòtè sa-k mal yo épi nou pròp parapò a rinmin plézi yo, pou konpòtman nou lib parapò a souaf lajan-an, yon fason pou sa lòt sièk sa-a posédé dapré natu-a, antan li konséyé nou yo nou rivé fè yo nèt sot nan konviksion nanm nan.

Pa lintèmediè Éspri-Sin-an yo bay tounin nan paradi-a, monté nan rouayòm sièl yo, rétounin nan adopsion kòm pitit yo; yo bay konfians pou rélé Bondié Papa nou, pou yo fè nou gin minm déstiné ak gras Kris la, pou yo rélé nou pitit limiè, pou nou patisipé nan gloua pou tout tan-an, épi pou-m di tout bagay yon sèl foua, pou nou nan tout plénitud

bénédiksion-an, soua nan sièk sa-a ki prézan-an, soua nan sa k-ap vini-an: nan promès byin yo rézèvé pou nou yo, sa pa lintèmediè lafoua-a n-ap tann pou nou joui yo, kòm si yo t-a déjà la, antan n-ap kontanplé gras la tankou nan yon glas. Paské si sé konsa gaj la yé, kijan l-ap yé sa-a ki rivé apouin nèt la? Épi si premié frui yo gin kalité sa-a, kisa réalizasyon toutantié-a ap yé?

RÉPONS

R/. Sou chè nou-an, k-ap lévé sot nan bingn nan apré ansyin fot yo, * Kolonb Éspri-Sin-an volé vini, antan-l ofri lapè Bondié-a, yo voyé sot nan sièl yo, koté Égliz la réprésanté nan arch la, alélouya.

V/. Ala sakréman dlo-a bon, koté yo libéré nou al nan lavi pou tout tan-an. * Kolonb.

Priyé-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 10, 8b-10

Paròl la toupré-ou, nan bouch ou ak nan kè-ou ; sé paròl lafoua-a, sa n-ap préché-a. Paské, si-ou rékonèt ak bouch ou: « Jézu sé Granmèt la! », épi nan kè-ou ou kouè Bondié résisité-l sot nan pami mò yo, ou-ap sové. Ak kè-a réyèlman yo kouè pou jistis la, ak bouch la minm déklarasyon-an fèt pou sové n-ap sové-a.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya.
Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Mouin minm mouin sé bon gadyin-an, mouin souin mouton-m yo, épi mouin dépozé nanm mouin pou mouton-m yo, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié Papa-a, li minm ki jouinn gloua nan lanmò ak réziréksion Pitit li-a, an nou priyé-l avèk konfians :

Granmèt, kléré éspri nou yo.

Bondié, Papa limiè yo, ou minm ki té kléré tè-a ak limiè gloua Kris la ki résisité-a,

— kléré éspri nou yo jodi-a ak limiè lafoua-a.

Ou minm ki té louvri pòt ki bay sou lavi pou tout tan-an pou moun yo gras a Pitit ou-a ki résisité-a,

— nou minm k-ap travay jodi-a, fè nou favè éspérans lavi tout tan-an.

Ou minm ki té voyé Éspri-Sin-an sou tè-a gras a Pitit ou-a ki résisité-a,

— limin kè nou yo ak difé charité spirituèl la.

Ou minm ki té rinnèt Pitit ou-a bay lanmò-a pou té kapab libéré nou,

— sé pou li minm li vîn tounin sovè ak rédanmsion pou nou jodi-a.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki té sèvi ak rabèsman Pitit ou-a pou drésé tè-a ki t-ap tonbé-a, bay fidèl ou yo kè kontan ki sin-an, pou, sa yo ou fîn délivré anba ésklavaj péché-a, ou fè yo joui kè kontan tout tan yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Cf. Ap 1, 17c-18

Mouin té ouè Pitàit moun nan, ki té di-m : Pa pè ! Sé mouin minm prémié-a ak dènié-a, mouin vivan, mouin té mouri épi min m-ap viv pou sièk sièk yo, mouin gin klé lanmò-a ak lanfè-a.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Kol 2, 9. 10a. 12

Nan Kris la, tout plénitud sa Bondié yé-a abité nan fason kò-a, épi nou plin ak sa-k nan li-a, nou antéré avèk li nan batèm nan, nan li nou té résisité tou ansanm ak li pa lintèmediè lafoua nan aksion Bondié-a, li minm ki té résisité-l sot nan pami mò yo.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

2 Tim 2, 8. 11

Sonjé Jézu-Kri résisité sot nan pami mò yo, sot nan ras David, dapré bòn nouvèl mouin-an. Paròl la sètèn : Sèké, si nou mouri ansanm avèk li, n-ap viv ansanm avèk li tou.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Ébr 8, 1b-3a

Nou gin yon kalité prèt an chèf, ki chita adouat trôn Grandè-a nan sièl yo, sèvitè bagay ki sin yo ak vré tant la, sa Bondié té drésé-a, sé pa moun ki drésé-l. Réyéلمان tout prèt an chèf, yo instalé-l pou-l ofri kado ak sakrifis.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. : Mouin gin dèt mouton ki pa nan pak sa-a; yo minm tou mouin gin pou-m minnin yo, y-ap kouté voua-m, ap gin yon sèl bann mouton ak yon sèl gadyin, alélouya.

PRİYÈ YO

Kris la, Granmèt la, li minm ki té kléré tè-a gras a réziréksion-l nan, an nou priyé-l ak kè kontan :

Jézu-Kri, lavi nou, kouté nou.

Jézu-Kri Granmèt, ou minm ki t-al jouinn disip yo kòm konpagnon yo sou rout la,

— rét prézan nan Égliz ou-a ki an pélérijaj la.

Pa pèmèt pou fidèl ou yo pran réta pou yo kouè,

— min fè yo déklaré ou ranpòté viktoua sou lanmò-a.

Voyé jé ak bon kè sou moun yo ki pa-t rékonèt ou sou rout la,
 — fè yo ouè-ou aklè, pou yo résévoua-ou kòm sovè-a.
 Ou minm ki rékonsilié tout moun nan kò-ou gras a koua-a,
 — fè tout nasion yo viv nan lapè épi fè yon sèl.
 Ou minm ki jij moun k-ap viv yo ak sa ki mouri yo,
 — fè défin yo ki té kouè nan ou yo, jouinn padon péché yo.
 Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki té sèvi ak rabèsman Pitit ou-a pou drésé tè-a ki t-ap tonbé-a, bay fidèl ou yo kè kontan ki sin-an, pou, sa yo ou fîn délivré anba ésklavaj péché-a, ou fè yo joui kè kontan tout tan yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MADI KATRIYÈM SÉMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Antan Kris la résisité sot nan pami mò yo li pap mouri ankò, alélouya.

R/. Lanmò pap janm gin pouvoua sou li ankò, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

14, 1-13

Mouton-an déjà ranpòté viktoua

Mouin minm, Jan, ¹ mouin té ouè : sé yon Mouton ki té kanpé sou mòn Siyon, avèk li té gin sankarankat mil ki gin non-l ak non Papa-l ékri nan

fron yo. ² Mouin tandé yon voua ki sot nan sièl la tankou voua gran dlo yo, ak tankou voua gran loraj ; voua-a mouin té tandé-a, sé tankou voua mizisyin k-ap joué mizik sou gita yo. ³ Yo t-ap chanté tankou kantik nouvo dévan trôn nan, ak dévan kat vivan yo ak granmoun yo ; pèsonn pa-t kapab di kantik la, sof karankat mil yo, sa yo té rachté sot sou tè-a. ⁴ Sa yo, sé sa-k pa sal tèt yo avèk médam, réyéلمان, yo vièj. Sé yo minm k-ap suiv mouton-an tout koté l-apralé. Yo minm yo rachté sot nan pami moun yo, kòm premié frui pou Bondié ak Mouton-an, ⁵ nan bouch yo pa gin manti ; sèké yo san tach dévan trôn Bondié-a.

⁶ Épi mouin ouè yon lòt Anj k-ap volé nan mitan sièl la, ki gin yon bòn nouvèl pou tout tan pou-l anonsé moun yo ki abité sou tè-a, épi tout nasion ak ras ak lang ak pèp. ⁷ Li t-ap di ak yon gran voua: « Sé pou nou gin krintif pou Bondié épi sé pou nou ba-l gloua, paské li rivé, lè jijman-l nan, épi sé pou nou adoré sa-k fè sièl la ak tè-a ak lanmè-a ak sous dlo yo ».

⁸ Épi yon dézièm Anj suiv, antan l-ap di: « Li tonbé, li tonbé, gran Babilòn nan, sa ki t-ap fè tout nasion yo bouè kont kò yo nan divin kòlè libètinaj li-a ».

⁹ Épi yon touazièm Anj suiv yo antan l-ap di ak yon gran voua: « Si yon moun adoré bèt sovaj la ak pòtré-l la, épi si-l résévoua mak sou fron-l oubysin sou min-l, ¹⁰ moun sa-a ap bouè nan divin kòlè Bondié-a ki pa mélanjé-a, ki déja vidé nan kalis kòlè-l la, épi l-ap sibi touman nan difé ak souf dévan Anj yo ki sin yo ak dévan Mouton-an, ¹¹ épi lafimin touman yo-a ap monté pou tout tan gin tan; épi yo pap gin répo jou ak nuit, yo minm k-ap adoré bèt sovaj la ak pòtré-l la, épi ninpòt ki moun ki résévoua mak non-l nan ».

¹² Sé la pèsévérans sin yo yé, yo minm ki kinbé kòmand- man Bondié yo ak lafoua Jézu-a. ¹³ Mouin tandé yon voua ki sot nan sièl la, l-ap di : « Ékri : Ala kontantman pou mò yo ki mouri nan Granmèt la. Dépi koulié-a, Éspri-a ap di sé pou yo répozé pou tout fatig yo pran ; sa yo té fè-a ap suiv yo ».

RÉPONS

Cf. Ap 14, 7. 6

R/. Mouin té tandé nan sièl la voua anpil anj k-ap di : * Sé pou nou gin krintif pou Granmèt la épi sé pou nou ba-l gloua, épi sé pou nou adoré sa-k té fè sièl la ak tè-a ak lanmè-a ak sous dlo yo, alélouya.

V/. Mouin té ouè yon anj Bondié ki gin fòs, k-ap volé nan mitan sièl la, k-ap rélé ak yon gran voua épi k-ap di. * Sé pou nou gin krintif.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Piè Krizològ, évèk

(Sermo 108: PL 52, 499-500)

Sé pou-ou vîn tounin sakrifis ak prèt Bondié

Mouin mandé nou avèk pèsistans pa lintèmediè mizérikòd Bondié-a. Pòl mandé, pi plis toujou sé Bondié ki mandé pa lintèmediè Pòl, paské li vlé plis pou yo rinmin-l pasé pou yo krinn li. Bondié mandé paské li pa tèlman vlé Granmèt pasé papa. Bondié mandé pa lintèmediè mizérikòd la, pou-l pa tiré vanjans pa lintèmediè sévè li t-a sévè-a.

Kouté Granmèt la k-ap mandé: Gadé, gadé kò nou-an nan mouin, manb nou yo, zantray nou yo, zo nou yo, san nou yo. Min si sa-k pou Bondié-a nou krinn li, pou kisa minm sa ki pou nou-an nou pa rinmin-l? Si nou ralé kò nou louin Bondié, pou kisa nou pa kouri tounin kot papa-a?

Min pétèt grandè soufrans mouin, sa nou té fè-m sibi-a, fè nou ront. Pa pè. Koua sa-a sé pa pikèt mouin li yé min pikèt lanmò-a. Klou sa yo pap fikse doulè-a nan mouin, min y-ap fikse charité-m pou nou pi fon. Blésu sa yo pap fè jémisman-m yo sòti, min y-ap fè nou antré pi plis nan zantray mouin yo. Détiré yo détiré kò-m nan élaji bra-m pou nou, yo pa fè soufrans mouin ogmanté. San mouin-an pa fè-m dépéri, min li pèyé davans kòm pri pou nou.

Vini donk, rétounin épi antouka konsa rékonèt papa-a nou ouè k-ap rinnèt byin pou mal yo, rinmin pou mank respè yo, kalité charité sa-a pou kalité blésu sa yo.

Mìn déjà sé pou nou tandé sa Apot la mandé ak pèsistans la: *Mouin mandé nou avèk pèsistans*, sé sa li di, *nou minm, pou nou ofri kò nou*. Apot la, antan l-ap mandé konsa, li té transpòté tout moun nan nivo sipériè sèvis prèt la: *Pou nou ofri kò nou tankou sakrifis vivan*.

Ala dévoua gran prèt yo pa-t janm tandé, sa krétyin-an ginyin, lè moun nan li minm sé sakrifis la ak prèt la pou pròp tèt li; lè moun nan pap chèché sa-k andéyò sa Bondié yé-a pou-l imolé; lè moun nan poté avèk li, épi nan li, épi sa-k pou li-a pou-l sakrifyé bay Bondié; lè antan minm sakrifis la rété, sé minm prèt la tou ki rété; lè yo touyé viktim nan épi li vivan, lè prèt la pa kapab touyé sa ki pral fè sakrifis la.

Sakrifis ékstraòdinè, koté yo ofri kò-a san kò-a, san-an san san-an. *Mouin mandé nou avèk pèsistans*, sé sa li di, *nou minm, pa lintèmédiè mizérikòd Bondié-a, pou nou ofri kò nou tankou sakrifis vivan*.

Frè yo, sakrifis sa-a désann sot nan fòm Kris la, ki fè li té sakrifyé kò li pou lavi sièk la yon fason ki té vivan; épi tout bon vré li té fè kò li tounin yon sakrifis vivan, paské li vivan antan yo té touyé-l. Nan kalité sakrifis sa-a donk yo fin dépansé pou lanmò-a, sakrifis la kontinué rété, sakrifis la ap viv, lanmò-a sibi chatiman. La-a mati yo vîn pran nésans ak lanmò-a, yo kòmansé ak finisman-an, yo viv ak touyé yo touyé yo-a, épi sa yo té pansé ki té étinn sou tè-a y-ap kléré nan sièl yo.

Mouin mandé nou avèk pèsistans, sé sa li di, *nou minm, frè yo, pa lintèmédiè mizérikòd Bondié-a, pou nou ofri kò nou tankou sakrifis vivan, ki sin*. Sa-a sé bagay profèt la té chanté-a: *Sakrifis ak ofrann ou pa-t vlé sa, min ou té fè yon kò pou mouin*.

Sé pou vîn tounin, ou minm moun nan, sé pou vîn tounin sakrifis ak prèt Bondié; pa pèdi sa otorité Bondié té ba-ou la épi té pèmèt ou-a; abiyé ak rad sinteté-a, maré rin-ou ak sinti chasteté-a; sé pou Kris la tounin voual tèt ou; sé pou koua-a rété nan fron-ou kòm protéksion; mété sou pouatrin ou sakréman sians Bondié-a; sé pou limin nan odè lansan priyè-

a; pran épé Éspri-a; mété kè-ou tankou yon otèl; épi konsa poté kò-ou byin trankil al nan sakrifis Bondié-a.

Bondié ap chèché lafoua-a, pa lanmò-a; li souaf angajman-an, pa san-an; li kalmé ak volonté-a, pa ak touyé-a.

RÉPONS

Ap 5, 9bcd. 10a

R/. Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la, pou-ou ouété sélé-l yo, paské yo té touyé-ou * Épi ou té rachté nou pou Bondié nan san-ou, alélouya.

V/. Ou té fè nou vîn tounin réyèlman yon rouayòm ak prèt pou Bondié nou-an. * Épi ou té rachté.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Tr Ap 13, 30-33

Bondié té résisité Jézu sot nan pami mò yo ; li parèt pandan anpil jou dévan sa yo ki té monté ansanm avèk li sot Galilé rivé Jérusalèm nan, yo minm ki sèvi-l témouin koulié-a dévan foul la. Kanta nou minm nou anonsé nou promès la yo té fè bay papa nou yo, paské Bondié té réalizé sa pou pitit yo, antan-l résisité Jézu pou nou, jan sa ékri nan Psòm dézièm nan : Ou sé Pitit mouin ; mouin minm jodi-a mouin té anfanté-ou.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Aksion yo, sa mouin minm mouin fè nan non Papa-m nan, yo bay témouagnaj osijè-m, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié Papa-a, li minm Mouton san tach li-a ouété péché tè-a épi ba nou lavi, an nou mandé-l avèk rékonésans :

Ou minm ki fè lavi-a, fè nou viv.

Bondié, ou minm ki fè lavi-a, sonjé soufrans ak réziréksion Mouton-an yo té touyé sou koua-a,

— épi kouté-l, li minm ki toujou ap plédé pou nou-an.

Antan ansyin lévin méchansté-a ak riz la fin nétouayé,

— fè nou viv nan pin san lévin sinsérite ak vérité Kris la.

Fè nou favè jodi-a pou nou réjté péché dézakò ak lanvi,

— fè nou pi antantif pou nou ouè sa frè nou yo bézouin.

Mété éspri Évanjil la nan mitan nou,

— pou nou maché nan kòmandman-ou yo ni jodi-a ni tout tan.

Papa nou.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou, nou minm k-ap sélébré mistè réziréksion Granmèt la, nou mérité résévoua kè kontan rédanmsion nou-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Tr Ap 4, 11-12

Sa-a sé ròch la, nou minm k-ap bati yo nou té réjté-a, ki vîn tounin kouin mitan anlè-a. Pa gin sovè yo kapab sovè nan okinn lòt moun, ni non

plis pa gin okinn lòt non anba sièl la yo bay moun yo, koté nou t-a kapab vîn sové.

V/. Granmèt la té résisité réyéلمان vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Cf. 1 Piè 3, 21-22a

Nou minm koulié-a batèm nan sové nou, sé pa sa-k sal nan chè-a li ouété, min sé yon bon konsians li mandé nan Bondié pa lintèmediè rézirkèksion Jézu-Kri-a, li minm ki adouat Bondié.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

Kol 3, 1-2

Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé pou nou chèché bagay ki anro yo, koté Kris la chita adouat Bondié-a; sé bagay ki anro yo pou nou gouté, sé pa sa-k sou tè-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

1 Piè 2, 4-5

Antan n-ap proché kot Granmèt la, li minm ròch vivan-an, sa moun yo minm réjité-a, dévan Bondié minm sa-l chouazi-a, sa-k gin valè-a, nou minm tou tankou ròch vivan, sé pou nou kite yo bati nou pou nou vîn tounin yon kay spirituèl nan yon sèvis prèt ki sin, pou nou ofri sakrifis spirituèl, sa Bondié résévoua palintèmediè Jézu-Kri.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou *Magnificat* la, réf. : Mouin minm mouin konnin mouton-m yo, épi yo suiv mouin; mouin ba yo lavi pou tout tan-an, alélouya.

PRİYÈ YO

Kris la, li minm ki ak rézireksion-l nan té asiré éspérans pèp li-a, an nou rélé-l avèk insistans :

Jézu-Kri, ou minm ki toujou vivan, kouté nou.

Granmèt Jézu, nan bò kòt ou yo té ouvri-a, san ak dlo té koulé,

— fè Égliz la vîn tounin épouz ou ki san tach la.

Ou minm, Gadyin ki anlè nèt la, apré rézireksion-ou nan, ou té rinmèt bann mouton-ou yo nan min Piè pou-l souin yo, li minm ki té déklaré li rinmin-ou nan,

— fè charité ak dévouman Pap nou-an **N.** toujou vîn pi gran.

Ou minm ki té bay disip yo k-ap fè lapèch nan lanmè-a pou yo jouinn yon kantité pouason,

— voyé travayè ki pou kontinué kinbé ròl yo-a kòm apot.

Ou minm ki té préparé pin ak pouason sou bò lanmè-a pou disip ou yo,

— pa kité frè nou yo mouri grangou akòz fot nou.

Jézu, dènié Adan-an épi éspri ki fè viv, fè défin yo vîn pran fòm pòtré-ou,

— pou yo gin kè kontan-ou nan anplin nan yo minm.

Papa nou.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou, nou minm k-ap sélébré mistè réziréksion Granmèt la, nou mérité résévoua kè kontan rédanmsion nou-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MÈKRÉDI KATRIYÈM SÉMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié té résisité Kris la sot nan pami mò yo, alélouya.

R/. Pou lafoua nou-an ak éspérans nou sé nan Bondié, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

14, 14 — 15, 4

Rékòlt dènié tan-an

Mouin minm, Jan, ^{14,14} mouin té ouè : sé yon niaj blan, épi tankou pòtré yon Pitit moun chita sou niaj la, li gin yon kouròn lò sou tèt li, épi nan min-l li gin yon sèpèt ki byin filé. ¹⁵ Gin yon lòt anj ki soti nan Tanp la, li rélé byin fò bay sa-a ki té chita sou nuaj la : « Voyé sèpèt ou-a, fè rékòlt, paské li rivé lè pou rékòlté-a, paské danré tè-a rivé fîn mi ». ¹⁶ Sa-a ki té chita sou niaj la voyé sèpèt li-a sou tè-a, li rékòlté tè-a.

¹⁷ Yon lòt anj soti nan Tanp la, ki nan sièl la, li minm tou li té gin sèpèt byin filé. ¹⁸ Yon lòt anj soti nan lotèl la, li té gin pouvoua sou difé ; li rélé byin fò bay sa-a ki té gin sèpèt byin filé-a, li di : « Voyé sèpèt ou-a ki byin filé-a, koupé grap pié rézin ki sou tè-a, paské rézin-l yo rivé fin mi ». ¹⁹ Anj la voyé sèpèt li-a ki byin filé-a sou tè-a, li koupé grap pié rézin yo ki sou tè-a, li vidé yo nan gran létan kòlè Bondié-a ; ²⁰ yo foulé létan-an andéyò vil la, san-an monté sot nan létan-an rivé jous nan brid choual yo, sou dé-san-katrévin-sèz kilomèt.

^{15,1} Mouin minm, Jan, mouin ouè yon lòt sign nan sièl la, li gran, li éstraòdinè : sé sèt Anj ki gin sèt dènié chatiman yo, paské sé nan yo kòlè Bondié-a ap fin réalizé.

² Mouin ouè tankou yon lanmè kristal ; li mélanjé ak difé. Épi sa yo ki té ranpòté viktoua sou bèt la ak sou pòtré-l la ak sou chif non-l nan, yo té kanpé sou lanmè kristal la, yo té gin gita Bondié yo, ³ yo t-ap chanté kantik Moyiz, sèvitè Bondié-a, ak kantik Mouton-an ; yo t-ap di :

« Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo,
Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua ;
yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo,
Roua nasion yo !

⁴ Kilès ki pap krinn ou, Granmèt,
épi ki pap fè gloua pou non-ou ?
Paské ou minm sèl ou Sin,
paské tout nasion yo ap vini
y-ap adoré nan fas ou,
paské jijman-ou yo parèt klè ».

RÉPONS

Ap 15, 3; Ex 15, 11

R/. Y-ap chanté kantik Mouton-an antan y-ap di : Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua; * Yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo, Roua nasion yo ! Alélouya.

V/. Kilès ki tankou-ou nan pami dié yo, Granmèt ? Kilès ki tankou-ou, ki gran nan jan-ou sin, k-ap fè mèvèy ? * Yo kòrèk.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Ilèr, évèk, Osijè Trinité-a
(Lib. 8, 13-16: PL 10, 246-249)

*Fidèl yo fè youn dapré natu-a nan Bondié
pa pouvoua Paròl la ki tounin chè-a
ak sakréman Ékaristi-a*

Si sé tout bon vré *Paròl la vîn tounin chè*, épi sé tout bon vré nou pran chè *Paròl la* ak manjé Granmèt la; kòman yo t-a fè konsidéré sé pa natirèlman li rété nan nou, li minm ki té pran natu chè nou-an tou déja yon fason ki pa kapab séparé pou li antan-l pran nésans kòm moun, épi li té mélanjé natu chè li-a pou-l té kominiké ba nou natu chè pou tout tan-an anba sakréman-an? Sé konsa réyéman nou tout nou sé yon sèl, paské Papa-a nan Kris la, épitou Kris la nan nou. Li minm li nan nou donk pa lintèmediè chè-a, épi nou nan li; pandan, ansanm ak li, sa nou yé-a, li nan Bondié.

Min sa-k fè nou nan li pa lintèmediè sakréman-an nan kominion chè-a ak san-an, li minm li bay témouagnaj antan-l di: *Yon ti moman ankò, tè-a pap ouè-m ankò; nou minm minm n-ap ouè-m, paské mouin minm m-ap viv, nou minm tou n-ap viv; paské mouin nan Papa-m, épi nou nan mouin, épi mouin nan nou.* Si-l té vlé yo konprann sé fè youn nan volonté-a sèlman, poukisa li ékspliké kèk dégré ak lòd pou réalizasyon fè youn nan, si sé pa pou yo té kapab koué pandan li minm li nan Papa-a dapré natu Bondié-a, nou minm okontrè nou nan li dapré nésans li té pran nan kò-a, épi ankò li minm li rété nan nou dapré mistè sakréman yo; konsa yo anségné pèfeksion fè youn nan pa lintèmediè Médiatè-a, lè antan nou

minm nou rété nan li, li minm li rété nan Papa-a, épi antan-l rété nan Papa-a, l-ap rété nan nou; épi konsa n-ap fè progrè al nan fè youn ak Papa-a, lè, sa-a ki rété nan li-a natirèlman dapré nésans la, nou minm tou n-ap rété nan li natirèlman, antan li minm li kontinué rété natirèlman nan nou?

Min sa-k fè gin fè youn sa-a natirèlman nan nou, sé li minm ki bay témouagnaj konsa: *Moun ki manjé chè-m, épi ki bouè san-m, li rété nan mouin, épi mouin minm nan li.* Yon moun réyéلمان pap nan li, si sé pa nan sa li minm li té yé-a: sèلمان antan li pran nan li chè sa-a ki té pran pa-l la.

Min sakréman pèféksion fè youn nan li té anségné-l déjà pi ro-a, antan-l di: *Minm jan Papa-a ki vivan-an té voyé-m nan, épi mouin viv pa lintèmediè Papa-a ; konsa tou moun ki manjé chè-m, li minm tou l-ap viv pa lintèmediè-m.* Konsa li viv pa lintèmediè Papa-a; épi nan fason li viv pa lintèmediè Papa-a, sé nan minm fason-an nou minm nou viv pa lintèmediè chè li-a.

Tout konparézon, réyéلمان, yo doué pran-l dapré fòm konpréansion-an, pou sa n-ap palé dé li-a nou rivé suiv li dapré égzanp yo propozé-a. Sé sa-a donk sé kòz lavi nou, sèké nou gin Kris la ki rété pa lintèmediè chè-a nan nou ki dapré chè-a; n-ap gin pou nou viv pa lintèmediè-l dapré kondision sa-a ki fè l-ap viv pa lintèmediè Papa-a.

RÉPONS

Jan 6, 56; cf. Dét 4, 7

R/. Moun ki manjé chè-m épi ki bouè san-m, * Nan mouin li rété, épi mouin minm nan li, alélouya.

V/. Pa gin yon lòt nasion ki tèلمان gran, ki kapab gin dié yo pré-l, tankou Bondié nou-an prézan pou nou-an. * Nan mouin.

Priyé-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 6, 8-11

Si nou mouri ansanm avèk Kris la, nou kouè n-ap viv ansanm avèk li tou, antan nou konnin Kris la ki résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, lanmò-a pap gin pouvoua sou li ankò. Sa-k mouri-a réyèlman, li mouri aléga péché-a yon foua pou tout ; sa k-ap viv la minm, sé pou Bondié l-ap viv. Konsa nou minm tou sé pou nou konsidéré nou mouri réyèlman aléga péché-a, antan n-ap viv minm pou Bondié nan Kris Jézu.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya.
Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya.
Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Mouin minm limiè-a, mouin vîn sou tè-a, pou tout moun ki kouè nan mouin pa rét nan fènoua yo, sé sa Granmèt la di, alélouya.

PRİYÈ YO

Bondié ki té fè Jézu résisité vîn parèt aklè dévan Apot yo, an nou dirijé priyè sa yo koté-l :

Ak gloua Kris la, kléré nou Granmèt.

Bondié, Papa limiè yo, ak rékonésans n-ap fè louanj ou jodi-a, ou minm ki té rélé nou vîn nan limiè ékstraòdinè-ou la,

— pou nou rivé jouinn mizérikòd.

Éfò yo fanmi moun nan ap plédé fè pou-l rivé fè lavi li vîn pi alarotè sa moun nan yé-a,

— nétouayé yo épi ranfòsé yo pa pouvoua Éspri-ou la.

Fè nou konsakré tèt nou nan sèvis moun yo,

— yon fason pou ras moun nan li minm vîn tounin yon ofrann ki fè-ou plézi.

Antan limiè jounin-an déjà parèt, ranpli nou ak mizérikòd ou-a,

— pou antan n-ap fété tout jounin-an, nou jouinn plézi nou san rété nan louanj ou yo.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, lavi fidèl yo, gloua pòv yo, kè kontan jis yo, voyé jé ak byinvéyans sou priyè moun k-ap sipliyé yo, pou yo minm ki souaf promès gras ou-a, yo vîn plin tout tan ak sa ou-ap bay k-ap débòdè yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Cf. Rom 4, 24-25

Nou kouè nan sa-a ki té résisité Jézu Granmèt nou-an sot nan pami mò yo, li minm yo rinmèt pou fot nou yo, épi ki résisité pou fè nou vîn kòrèk la.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst**LÉKTU KOUT**

1 Jn 5, 5-6a

Kilès sa-a ki ranpòté viktoua sou tè-a, si sé pa sa-a ki kouè Jézu sé Pitit Bondié-a ? Sa-a sé li minm ki vini nan dlo-a ak san-an, Jézu-Kri ; pa nan dlo-a sèlman, min nan dlo-a ak san-an.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT**

Cf. Éféz 4, 23-24

Sé pou nou rénouvle nan éspri pansé nou épi sé pou nou abiyé ak moun nouvo-a, ki kréyé dapré Bondié nan jistis ak sin vérité-a sin-an.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo**LÉKTU KOUT**

Ébr 7, 24-27

Jézu, paské li rété pou tout tan, li gin sèvis prèt ki pa kapab dépasé, sé pou sa tou sé san rété li kapab sovè moun yo ki proche kot Bondié pa lintèmédiè-l yo, antan-l toujou vivan pou-l plédé pou yo. Sé kalité sa-a réyèlman épi ki té konvtab, pou-l t-a gran prèt nou, ki sin, ki inosan, ki pa gin tach, ki séparé sot nan péchè yo épi ki vîn pi ro pasé sièl yo, ki pa bézouin chak jou, tankou prèt yo, pou-l ofri sakrifis toudabò pou pròp fot

pa-l yo, apré sa pou pèp la ; li té fè sa réyèlman yon sèl foua antan-l ofri pròp tèt li.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. : Bondié pa-t voyé Pitit li-a sou tè-a, pou-l jijé tè-a, min pou tè-a sovè gras a li, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié, li minm ki té louvri lavi pou tout tan-an ba nou nan Pitit li-a ki résisité sot nan lanmò-a, an nou inploré-l antan n-ap di :

Gras a viktoua Kris la, sovè sa ou rachté yo.

Bondié papa nou yo, ou minm ki té glorifié Jézu Pitit ou-a lè-ou résisité-l sot nan lanmò-a, minnin nou nan pèfèksion pénitans la,

— pou nou maché nan nouvo lavi-a.

Ou minm ki kondui nou al jouinn gadyin ak évèk nanm nou yo, nou minm mouton ki té pèdi rout yo-a,

— fè nou rét fidèl ap obéyi sa gadyin Égliz yo anségné nou.

Ou minm ki chouazi prémié disip Pitit ou-a nan pèp Juif la,

— révéle pitit Israël yo promès la yo té fè bay papa yo-a.

Sonjé tout moun ki pa gin pèsonn pou okipé yo, òfélin yo, vèv yo;

— yo minm Pitit ou-a rékonsilié avèk ou nan lanmò-l la, pa kité yo pou kont yo.

Ou té rélé Étièn vîn jouinn ou, li minm ki té déklaré Jézu kanpé adouat ou-a,

— résévoua frè nou yo ki t-ap tann ou nan lafoua-a ak charité-a.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, lavi fidèl yo, gloua pòv yo, kè kontan jis yo, voyé jé ak byinvéyans sou priyè moun k-ap sipliyé yo, pou yo minm ki souaf promès gras ou-a, yo vîn plin tout tan ak sa ou-ap bay k-ap débòdé yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JÉDI KATRIYÈM SÉMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié minm té résisité Granmèt la, alélouya.

R/. L-ap résisité nou tou pa pouvoua-l, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

15, 5 — 16, 21

Sèt bòl kòlè Bondié-a

Mouin minm, Jan, ^{15,5} mouin té ouè: Tanp Tant témouagnaj la, louvri nan sièl la, ⁶ épi sèt Anj yo soti, sa-k gin sèt chatiman yo, yo sot déyò Tanp la; yo abiyé ak lin bon kalité ki kléré, yo entouré pouatrn yo avèk sinti an lò. ⁷ Épi youn nan kat Vivan yo bay sèt Anj yo sèt bòl an lò plin ak kòlè Bondié ki vivan pou tout tan gin tan-an. ⁸ Épi Tanp la té plin ak lafimin ki sot nan gloua Bondié-a ak nan pouvoua-l la; épi pèsonn pa-t kapab antré nan Tanp la, joutan sèt chatiman sèt Anj yo fîn réyalizé.

^{16,1} Épi mouin tandé yon gran voua nan Tanp la, k-ap di sèt Anj yo: « Alé, vidé sèt bòl kòlè Bondié yo sou tè-a ».

² Épi prémié-a alé, épi li vidé bòl la sou tè-a, épi vîn gin bouton ki mové épi ki grav sou moun yo ki gin mak bèt la ak sa k-ap adoré pòtré-l yo.

³ Épi dézièm nan vidé bòl li-a nan lanmè-a. Vîn gin san tankou san moun mouri. Tout bèt vivan mouri nan lanmè-a.

⁴ Épi touazièm nan vidé bòl la nan riviè yo ak sous dlo yo; épi vîn gin san. ⁵ Épi mouin tandé Anj dlo yo k-ap di: « Ou kòrèk, sa-k té la-a, épi ki la-a, sin-an, paské ou jijé bagay sa yo, ⁶ paské yo té vidé san sin yo ak profèt yo, épi sé san ou ba yo bouè; yo mérité sa ». ⁷ Épi mouin tandé lotèl la k-ap di: « Oui, Granmèt Bondié, ki gin tout pouvoua-a, yo vré, yo kòrèk, jijman-ou yo ».

⁸ Épi katriyèm nan vidé bòl li-a sou solèy la, épi yo ba-l pouvoua pou-l boulé moun yo nan difé. ⁹ Épi moun yo boulé ak gran chalè; yo blasfémé non Bondié-a ki gin pouvoua sou chatiman sa yo, épi yo pa konvèti pou ba li gloua.

¹⁰ Épi sinkièm nan vidé bòl li-a sou trôn bèt sovaj la; épi péyi-roua-l la vîn vlopé ak fènoua, épi yo mòdé lang yo akòz soufrans la. ¹¹ Épi yo blasfémé Bondié sièl la, akòz soufrans yo épi akòz blès yo, min yo pa konvèti sot nan aksion yo.

¹² Épi sizièm nan vidé bòl li-a sou gran riviè Éfrat la; épi li séché dlo riviè-l la, pou-l paré chémin roua yo ki sot nan diréksion solèy lévé-a.

¹³ Épi mouin ouè nan bouch dragon-an ak nan bouch bèt sovaj la ak nan bouch fo-profèt la toua éspri pa-pròp ki sòti, tankou krapo. ¹⁴ Réyèlman sé éspri démon k-ap fè sign, yo minm ki soti al kay roua yo ki sou tout tè-a, pou yo rasanblé yo pou batay gran jou Bondié ki gin tout pouvoua-a.

¹⁵ « Min m-ap vini tankou yon vòlè. Kontantman pou moun k-ap véyé épi ki kinbé ròb li yo, pou-l pa maché san rad, épi pou yo pa ouè ront li-a ».

¹⁶ Li rasanblé yo nan koté yo rélé an ébré-a « Armagédon ».

¹⁷ Épi sétzièm nan vidé bòl li-a nan lè-a; épi yon gro voua soti nan Tanp la, sot nan trôn nan, k-ap di: « Li rivé ». ¹⁸ Épi vîn gin zéklè ak voua ak loraj; épi vîn gin yon gran tranbléman-tè, bagay ki pa-t janm rivé dépi

moun té rivé sou tè-a, pa janm gin tranbléman-tè ki gran konsa. ¹⁹ Épi rivé gran vil la fann nan toua pòsion; épi vil nasion yo tonbé; épi gran Babilòn nan, yo sonjé-l dévan Bondié pou ba-l kalis divin chalè kòlè-l la. ²⁰ Épi tout zilé sovè kò yo, épi mòn yo, yo pa jouinn yo. ²¹ Épi gro lagrèl apéprè katrévin liv tonbé sot nan sièl la sou moun yo; épi moun yo blasfémé Bondié poutèt chatiman lagrèl la, paské chatiman-l nan té gran anpil.

RÉPONS

Mt 24, 43a; Ap 16, 15a; 1 Tés 5, 3a

R/. Si mèt kay la té konnin ki lè vòlè-a t-ap vini, li t-ap véyé sètènman.
* Min m-ap vini tankou yon vòlè, sé sa Granmèt la di, ala kontantman pou sa k-ap véyé-a, alélouya.

V/. Lè moun yo ap di : Lapè ak trankilité, sé lè sa-a, sanzatan, katastròf la ap tonbé sou yo. * Min.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Ogustin, évèk, nan Jan

(Tract. 65, 1-3: CCL 36, 490-492)

Kòmandman nouvo-a

Granmèt Jézu té sèvi témouin li bay disip li yo yon kòmandman nouvo, pou youn rinmin lòt: *Mouin ba nou*, sé sa li di, *yon kòmandman nouvo, pou youn rinmin lòt*.

Èské kòmandman sa-a pa-t déja la nan ansyin laloua Bondié-a, koté yo ékri: *Sé pou rinmin prochèn-ou tankou pròp tèt ou ?* Pou kisa minm Granmèt la rélé nouvo, sa yo kapab démontré ki tèlman ansyin? Èské sé pou sa sé yon kòmandman nouvo, poutèt, antan li rétiré ansyin-an, li té abiyé nou ak moun nouvo-a? Sé pa tout rinmin sètènman ki fè sa k-ap kouté-a, oubyin pi plis sa k-ap obéyi-a, vîn tou nèf, min rinmin sa-a

Granmèt la té ajouté pou-l k-a distingé-l ak rinmin dapré chè-a: *Minm jan mouin té rinmin nou-an.*

Rinmin sa-a fè nou vîn tou nèf, pou nou kapab moun nouvo, éritié téstaman nouvo-a, chantè kantik nouvo-a. Rinmin sa-a, frè yo mouin rinmin anpil la, li té fè yo vîn tou nèf ni moun ki té kòrèk lontan yo, ni patriarch yo ak profèt yo, tankou apré sa sin Apot yo, sé li minm tou kounié-a ki fè nasion yo vîn tou nèf, épi sot nan tout ras moun nan ki gayé sou tout ronnn tè-a, li fè épi li rasanblé yon pèp nouvo, kò épouz nouvo ki marié ak sèl pitit Bondié-a, sa yo di osijè-l nan Kantik dè kantik yo: *Kilès sa-a k-ap monté ak rad blan-an?* Sètènman ak rad blan, paské li vin tou nèf; koté sa soti, si sé pa ak kòmandman nouvo-a?

Sé poutèt sa chak manb nan li youn ap pran souin lòt; épi si youn nan manb yo ap soufri, tout manb yo soufri avèk li, si yon nan manb yo jouinn gloua, tout manb yo kontan avèk li. Yo tandé réyèlman, épi yo kinbé: *Mouin ba nou yon kòmandman nouvo, pou nou youn rinmin lòt*, pa tankou sa-k gaté yo youn rinmin lòt, pa tankou moun yo youn rinmin lòt, paské sé moun yo yé-a; min tankou youn rinmin lòt paské sé dié yo yé ak pitit Sa-k Anro nèt la yo tout, pou yo kapab frè sèl Pitit li-a, antan youn rinmin lòt ak rinmin sa-a li minm li té rinmin yo-a, antan-l gin pou-l fè yo rivé nan sa yo vizé-a k-ap kontanté yo-a, koté y-ap satisfè nan byin yo anvi yo. Lè sa-a réyèlman pap rété kichòy pou yo anvi, lè Bondié ap tout bagay nan tout moun.

Li ba nou rinmin sa-a li minm ki di: *Minm jan mouin té rinmin nou-an, pou nou youn rinmin lòt.* Sé pou sa minm li té rinmin nou, pou nou minm tou youn rinmin lòt; li poté sa ba nou antan li rinmin nou-an, pou ak rinmin youn pou lòt la nou kinbé séré youn ak lòt, épi ak yon chinn ki tèlman dous ki rataché nou ansanm, nou tounin manb yon si gran tèt.

RÉPONS

1 Jn 4, 21; Mt 22, 40

R/. Sé kòmandman sa-a nou ginyin sot nan Bondié-a, * Pou sa-k rinmin Bondié-a, li rinmin frè-l la tou.

V/. Nan dé kòmandman sa yo tout Laloua-a pandié ansanm ak Profèt yo. * Pou sa-k.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 8, 10-11

Si Kris la nan nou, kò-a mouri poutèt péché-a sé vré, min éspri-a sé lavi poutèt jistis la. Si Éspri sa-a ki té résisité Jézu sot nan pami mò yo abité nan nou, li minm ki té résisité Kris la sot nan pami mò yo ap fè kò lanmò nou yo viv tou pa lintèmediè Éspri li-a ki abité nan nou-an.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Disip la pa anlè mèt la; min chak ap rivé apouin nèt, si-l tankou mèt li, alélouya.

PRİYÈ YO

Bondié Papa-a ki té mété Kris la pou rézireksion pitit li yo, an nou priyé-l avèk konfians antan n-ap di byin fò :

Sé pou Jézu Granmèt la li minm vîn tounin lavi nou.

Ak kolòn difé-a, ou té kléré pèp ou-a nan dézè-a,

— sé pou Kris la vîn tounin limiè lavi-a pou nou jodi-a gras a réziréksion-l nan.

Ak voua Moyiz, ou té bay pèp ou-a ansègnman sou mòn nan,

— sé pou Kris la vîn tounin paròl lavi-a pou nou jodi-a gras a réziréksion-l nan.

Ak kado lamàn nan ou té nourri pèp ou-a ki té an pèlérinaj la,

— sé pou Kris la vîn tounin pin lavi-a pou nou jodi-a gras a réziréksion-l nan.

Ou té pasé souaf pèp ou-a, antan ou fè dlo sot nan ròch la,

— ba nou Éspri lavi-a jodi-a gras a réziréksion Pitit ou-a.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki réparé dignité natu moun nan anlè premié orijîn nan, konsidéré sakréman dévouman-ou nan yo pa kapab palé-a, pou sa yo ou té aksépté rénouvle pa lantrémiz mistè nouvo nésans la, ou konsèvé nan yo tou kado gras ou ak bénédiktion-ou nan ki la tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

1 Kor 12, 13

Sé nan yon sèl Éspri-a nou tout nou batizé nan yon sèl kò, soua Juif yo, soua Grèk yo, soua ésklav yo, soua moun lib yo, épi nou tout sé nan yon sèl Éspri-a nou pasé souaf nou.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst**LÉKTU KOUT****Tit 3, 5b-7**

Bondié té sovè nou pa lintèmédiè bingn nouvo nésans la ak fè Éspri-Sin-an fè nou vîn tou nèf la, Éspri sa-a li té vidé sou nou k-ap débòdé-a pa pouvoua Jézu-Kri sovè nou-an, pou antan nou vîn kòrèk ak gras li-a nou rivé éritié lavi pou tout tan-an dapré éspérans la.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT****Cf. Kol 1, 12-14**

Sé pou nou di Papa-a mèsi, li minm ki té fè nou alarotè nan pòsion éritaj sin yo nan limiè-a ; li minm ki té délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, ki té fè nou travèsé nan rouayòm Pitit li rinmin-an, nan Pitit sa-a nou gin rédanmsion-an, padon pou péché yo.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo**LÉKTU KOUT****1 Piè 3, 18. 21b-22**

Kris la mouri yon foua pou tout poutèt péché yo, li minm ki kòrèk pou sa yo ki pa kòrèk yo, pou-l té kapab minnin nou bay Bondié, li mouri nan chè-a sé vré, min li vivan nan Éspri-a. Nou minm tou koulié-a li sovè

nou, sé pa sa-k sal nan chè-a li ouété, min sé yon bon konsians li mandé nan Bondié pa lintèmediè rézirkéksion Jézu-Kri-a, li minm ki adouat Bondié, li pati nan sièl la, apré-l fin mété anj yo ak pouvoua yo ak otorité yo anba lòd li.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. : Mouin minm mouin sé gadyin mouton yo; mouin vini pou yo gin lavi, pou yo ginyin-l ap débòdé, alélouya.

PRIYÈ YO

An nou fété pou Kris la, li minm Papa-a té mété kòm rézon tout kalité éspérans nou ak rézirkéksion moun ki mouri yo, antan n-ap di byin fò an nou mandé :

Roua gloua-a, kouté nou.

Granmèt Jézu, ak pròp san-ou épi ak rézirkéksion-ou nan ou té antré nan sa ki sin-an,

— kondui nou avèk ou nan gloua Papa-a.

Ou minm ki gras a rézirkéksion-ou nan ou té rafèmi disip yo nan lafoua épi ou té voyé yo sou tè-a,

— fè évèk yo ak prèt yo rété fidèl nan préché Évanjil ou-a.

Ou minm ki gras a rézirkéksion-ou nan ou vîn tounin lapè nou ak rékonsiliasion nou,

— fè moun ki batizé yo asosié antré yo antan yo fè yon sèl nèt nan kominion lafoua-a ak charité-a.

Ou minm ki gras a rézirkéksion-ou nan, ou té géri infim nan ki té nan pòt tanp la,

— voyé jé sou malad yo, fè ouè gloua-ou nan yo.
 Ou minm ki vîn tounin premié frui lanmò-a ak réziréksion-an,
 — moun yo ki té espéré nan ou-a, fè yo patisipé nan gloua-ou la.
 Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki réparé dignité natu moun nan anlè premié orijîn nan, konsidéré sakréman dévouman-ou nan yo pa kapab palé-a, pou sa yo ou té aksépté rénouvlé pa lantrémiz mistè nouvo nésans la, ou konsèvé nan yo tou kado gras ou ak bénédiksion-ou nan ki la tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

VANDRÉDI KATRIYÈM SÉMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Nan réziréksion-ou nan, ou minm Kris la, alélouya.

R/. Sé pou sièl yo ak tè-a kontan, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

17, 1-18

Gran Babilòn nan

Mouin minm Jan mouin té ouè, ¹ épi youn nan sèt anj yo ki gin sèt bòl yo rivé, li palé avèk mouin, li di: « Vini, m-ap montré-ou jijman gran libètîn nan, ki chita sou pakèt dlo yo. ² Avèk li roua yo sou tè-a fè libètinaj yo épi moun yo ki abité tè-a, yo vîn sou ak divin libètinaj li-a ». ³ Épi li minnin-m nan yon dézè, nan éspri, épi mouin ouè yon madanm ki

chita sou yon bèt sovaj rouj-vif ki plin non blasfèm, ki gin sèt tèt ak dis kòn. ⁴ Épi madanm nan té abiyé ak poup, ak vlou. Li dékoré ak lò sou lò épi ak bijou bon kalité, épi avèk pèrl. Li té gin yon véso an lò nan min-l ki plin zidòl salté nan libètinaj li-a. ⁵ Épi sou fron-l gin yon non ékri, sé yon mistè : « Gran Babilòn nan, manman libètîn yo avèk zidòl tè-a ».

⁶ Épi mouin ouè madanm nan k-ap sou avèk san sin yo ak san témouin Jézu yo. Épi mouin sézi, lè-m ouè-l la, yon gran sézisman. ⁷ Épi Anj la di-m : « Pouki sa ou sézi-a? Mouin minm m-ap di-ou mistè madanm nan ak bèt sovaj la k-ap poté-l la, ki gin sèt tèt la ak dis kòn nan. ⁸ Bèt sovaj sa-a ou ouè la, li té la épi li pa la épi li gin pou-l monté sot nan bafon-an, min sé nan déstriksion l-apralé. Y-ap sézi, moun yo ki abité sou tè-a, ki pa-t gin non yo ékri nan liv lavi-a dépi nan kòmansman tè-a, antan yo ouè bèt sovaj la, paské li té la épi li pa la, épi li parèt. ⁹ Sé isit sans la yé, sa-k gin sajès la: sèt tèt yo, sé sèt mòn koté madanm nan chita sou yo-a, épi sé sèt roua. ¹⁰ Sink mouri; youn la, yon lòt pa ko vini; min lè-l ap vini, sé yon ti kras tan. ¹¹ Épi bèt sovaj la ki té la épi ki pa la-a, li minm minm li sé uitièm nan, époutan li nan sèt yo, min l-apral nan déstriksion-l. ¹² Épi dis kòn yo ou ouè-a, sé dis roua yo yé ki pa ko résévoua péyi-roua; min y-ap résévoua otorité kòm roua pandan inè-d-tan ansanm avèk bèt sovaj la. ¹³ Yo minm yo gin yon sèl konsantman pou yo rinmèt bèt sovaj la pouvoua yo avèk otorité yo. ¹⁴ Yo minm y-ap batay kont Mouton-an; min Mouton-an ap ranpòtè viktoua sou yo, paské sé Granmèt mèt yo li yé, épi roua roua yo li yé; épi sa-k avèk li yo, yo rélé yo, yo chouazi, yo fidèl ».

¹⁵ Épi li di-m : « Dlo sa yo ou ouè-a, koté libètîn nan chita-a, sé pèp ak foul yo yé, ak nasion ak lang. ¹⁶ Épi dis kòn yo ou ouè-a ak bèt sovaj la, yo minm y-ap rayi libètîn nan épi y-ap fè-l tounin dézè, épi san rad sou li, épi chè-l yo, y-ap manjé yo épi y-ap boulé yo nan difé. ¹⁷ Réyèlman Bondié té mété nan kè yo pou yo fè plan-l nan épi pou yo fè yon sèl konsantman pou yo bay bèt sovaj la péyi-roua yo, joustan paròl Bondié yo fîn rivé nan dènié bout yo. ¹⁸ Épi madanm nan ou té ouè-a, sé gran vil la, sa-k gin pouvoua-roua sou tout roua yo ki sou tè-a ».

RÉPONS

Ap 17, 14; 6, 2b

R/. Roua yo sou tè-a ap batay kont Mouton-an, min Mouton-an ap ranpòté viktoua sou yo; * Paské sé Granmèt mèt yo li yé, épi Roua roua yo li yé, alélouya.

V/. Yo té ba-l yon kouròn, épi li té sòti antan-l ranpòté viktoua épi pou-l ranpòté viktoua. * Paské.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt sin Kléman Prémié, pap, pou Korintyin yo
(Cap. 36, 1-2; 37-38: Funk 1, 107-109)

Anpil santié, yon sèl Chémin-an

Sa-a sé chémin-an, nou minm yo rinmin yo, koté nou jouinn sové nou sové-a, Jézu-Kri, gran prèt ofrann nou yo, sipò ak sékou féblès nou-an.

Sé pa lintèmédiè-l nou viré gadé roté sièl yo; sé pa lintèmédiè-l nou rivé ouè vizaj li ki san tach épi ki anro nèt la; sé pa lintèmédiè-l jé kè nou yo ouvri; sé pa lintèmédiè-l éspri nou-an ki san sajàs épi ki nan fènoua vîn kléré nan limiè-a; sé pa lintèmédiè-l Granmèt la té vlé pou nou gouté konésans ki pa kapab mouri-a, *li minm ki antan li sé klèté grandè Bondié-a, li otan pi gran pasé anj yo, tèlman li éritié yon non ki pi bon anpil.*

Sé poutèt sa, sé pou nou konbat, mésié frè yo, ak tout fòs nou anba lòd li yo ki pa gin fot.

Sé pou nou konsidéré sòlda yo, k-ap fè sèvis militè anba chèf nou yo, kijan sé ak lòd, kijan sé ak obéyisans, kijan sé ak soumision yo égzékité sa yo kòmandé yo. Sé pa yo tout ki préfè, ni ofisié mil sòlda, ni chèf san sòlda, ni sinkant épi konsa an désandan; min yo chak réalizé totalman nan ran yo ak nan plas yo, sa roua-a ak chèf yo kòmandé-a. Sa-k gran yo pa kapab rété kanpé san sa-k piti yo épi sa-k piti yo san sa-k gran yo; yo tout mélanjé, épi sé konsa yo itil.

Kò nou sé yon égzanp pou nou. Tèt la pa anyin san pié yo, minm jan pié yo san tèt la; min manb ki pi piti nan kò nou yo nésèsè épi itil pou tout kò-a; pi plis toujou yo tout mété yo dakò épi yo soumèt yo anba yon sèl, pou tout kò-a kapab sové.

Sé pou tout kò nou konsèvé konsa nan Kris Jézu, épi sé pou chak moun soumèt li bay prochin-l dapré kado lagras la yo rinmèt li-a.

Sa-k fò-a sé pou-l protéjé sa-k fèb la, sa-k fèb la sé pou-l respékté sa-k fò-a; sa-k rich la sé pou-l bay pòv la, sa-k pòv la sé pou-l fè louanj Bondié, paské li té ba-l yon moun pou konplété nan sa-l bézouin-an. Saj la sé pa nan paròl yo, min nan bon aksion yo pou-l montré sa-jé li-a; sa-k gin umilitéé-a sé pa pou-l bay pròp tèt li témouagnaj, min sé pou-l kité yon lòt ba li-l. Sa ki byin réglé nan chè-a, sé pa pou-l bay tèt li gloua, paské li konnin sé yon lòt ki ba li kado kinbé kò-l la.

Sé pou nou konsidéré konsa, frè yo, ak ki matiè nou fèt, kiyès épi ki kalité sa-a ki fè nou antré sou tè-a; sot nan ki tonm épi ki kalité fènoua, sa-a ki fè nou épi ki kréyé nou-an, antan li préparé byinfè-l yo, anvan nou té pran nésans, li té introdui nou nan tè li-a.

Sé poutèt sa antan sé sot nan li nou gin tout bagay sa yo, nou doué rann li gras poutèt tout bagay, li minm gloua-a sé pou li nan sièk sièk yo. Amèn.

RÉPONS

Kol 1, 18; 2, 12b. 9-10. 12a

R/. Li minm sé tèt kò Égliz la, li sé sous, prémié pitit nan pami mò yo;
 * Nan li nou té résisité, antan nou mét lafoua nan aksion Bondié-a, li minm ki té résisité-l sot nan pami mò yo, alélouya.

V/. Nan li minm, tout plénitud sa Bondié yé-a abité dapré kò-a, épi nou plin nan li, lè nou té antéré avèk li nan batèm nan. * Nan li.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Tr Ap 5, 30-32

Bondié papa nou yo té résisité Jézu, li minm nou té touyé-a antan nou té pandié-l sou boua-a; Bondié lévé-l adouat li kòm chèf ak sovè pou-l bay Israël pénitans ak padon péché yo. Kanta nou minm, nou sèvi paròl sa yo témouin, ak Éspri Sin-an Bondié té bay moun ki obéyi-l yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya.
Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya.
Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : M-apral paré yon plas pou nou, après sa m-ap tounin vîn pran nou avèk mouin, pou koté-m yé-a, sé la nou minm tou nou yé, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié Papa-a té résisité Kris la gras a Éspri-a, konsa tou kò nou k-ap mouri yo l-ap fè yo jouinn lavi. Sé poua an nou di byin fò :

Granmèt, ba nou lavi gras a Éspri-Sin-ou nan.

Papa ki sin, ou té aksépté sakrifis antié Pitit ou-a, antan ou résisité-l sot nan pami mò yo,

— résévoua ofrann nou-an jodi-a, kondui nou nan lavi pou tout tan-an.

Tanpri, voyé jé sou travay nou yo jodi-a,

— pou yo fèt pou gloua-ou épi pou yo fè tout moun vîn sin.

Travay nou fè jodi-a, pa kité-l pèdi, min fè-l sèvi pou tout moun;

— épi antan n-ap travay konsa fè nou rivé nan rouayòm ou-an.
 Louvri jé nou ak kè nou jodi-a pou frè nou yo,
 — pou nou youn rinmin lòt, pou nou youn sèvi lòt.
 Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki lotè libèté nou épi ki sové nou, kouté voua sa yo k-ap sipliyé-ou yo, épi yo minm ou té rachté ak san Pitit ou-a ki vidé-a, fè gras a ou yo rivé viv, épi joui konsèvasion ki pap janm fini-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Tr Ap 2, 32. 36

Jézu, Bondié té résisité-l, nou tout nou sèvi-l témouin. Sé ak anpil asirans donk pou tout kay Israèl la konnin Bondié té fè-l ni Granmèt ni Kris, Jézu sa-a nou té krisifié-a.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Gal 3, 27-28

Nou tout ki batizé nan Kris la, nou té abiyé ak Kris la ; pa gin Juif ni Grèk, pa gin ésklav ni moun lib, pa gin gason ni fi : nou tout réyèlman sé yon sèl nou fè nan Kris Jézu.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT**

1 Kor 5, 7-8

Ouété vié lévin-an, pou nou vîn yon nouvo pat, paské nou sé pin san lévin. Réyèlman yo sakrifié Pak nou-an Kris la! Konsa sé pou nou sélébré fèt yo, pa avèk vié lévin, ni avèk lévin méchansté ak movèz foua, min nan pin san lévin sinsérité-a ak vérité-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo**LÉKTU KOUT**

Ébr 5, 8-10

Malgré Kris la sé Pitit li yé-a, li té aprann obéyisans nan sa-l soufri yo, lè-l fîn akonpli, li vîn tounin pou tout moun k-ap obéyi-l koz sovè yo sovè pou tout tan-an, antan Bondié rélé-l prêt an chèf dapré ran Mèlkisédek.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou *Magnificat* la, réf. : Bon gadyin-an té déposé nanm li pou mouton-l yo, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, sous tout lavi épi kòmansman tout bon kalité, an nou sélébré-l, antan n-ap priyé :

Instalé rouayòm ou-an sou tè-a, Grammèt.

Jézu sovè, ou mouri nan kò-a sé vré, min ou vîn vivan nan Éspri-a;

— fè nou mouri sot nan péché-a, pou nou viv nan Éspri-a.

Ou minm ki voyé disip ou yo sou tout tè-a pou yo préché Évanjil la bay tout kréatu,

— moun yo k-ap anonsé Évanjil la, fè yo viv dapré Éspri-ou la.

Ou minm yo rinmèt tout pouvoua nan sièl la ak sou tè-a, pou-ou sèvi vérité-a témouin,

— kè moun yo k-ap komandé nou yo, kinbé yo nan éspri vérité-a.

Ou minm ki fè tout bagay nouvo épi ki pasé nou lòd pou nou tann rouayòm ou-an antan n-ap véyé,

— fè plis n-ap tann sièl nouvo yo ak tè nouvo yo avèk chalè, plis tou n-ap travay tè sa-a avèk souin.

Ou minm ki désann jous nan bafon anba yo, pou-ou anonsé kè kontan Évanjil la bay mò yo yo minm,

— vîn tounin ou minm minm kontantman ak éspérans ékstraòdinè pou moun ki mouri yo.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki lotè libèté nou épi ki sové nou, kouté voua sa yo k-ap sipliyé-ou yo, épi yo minm ou té rachté ak san Pitit ou-a ki vidé-a, fè gras a ou yo rivé viv, épi joui konsèvasion ki pap janm fini-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

SAMDI KATRIYÈM SÉMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié té réfè nou nan éspérans vivan-an, alélouya.

R/. Pa lintèmediè réziréksion Jézu-Kri sot nan pami mò yo, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

18, 1-20

Babilòn chaviré

Mouin minm Jan, ¹ mouin té ouè yon lòt anj k-ap désann sot nan sièl la, ki gin gran otorité épi tè-a té kléré ak gloua-l. ² Épi li té rélé ak yon voua byin fò, antan l-ap di: « Li tonbé, li tonbé, gran Babilòn nan; épi li vîn tounin abitasion démon yo; épi li vîn tounin prizon tout éspri pa-pròp, ak prizon tout zouazo pa-pròp, ak prizon tout bèt sovaj pa-pròp ak sa yo rayi. ³ Paské nan divin kòlè libètinaj li-a li té fè tout nasion yo bouè; épi roua yo sou tè-a té fè libètinaj avèk li épi gro komèsan tè-a té anrichi yo apati pouvoua éstravagans li ».

⁴ Mouin té tandé yon lòt voua sot nan sièl la, k-ap di: « Soti pèp mouin-an, sot nan li, pou nou pa sal tèt nou avèk péché-l yo, épi pou nou pa résévoua nan chatiman-l yo. ⁵ Paské péché-l yo té monté rivé nan sièl la, épi Bondié té sonjé fot li yo. ⁶ Rinmèt li tankou li minm li té bay la. Doublé byin doublé dapré taway li yo. Nan véso li té fè yo bouè-a, fè-l bouè ladan-l. ⁷ Minm jan li té konn ap fè grandizè, ap fè éstravagan, konsa tou ba-l bagay k-ap toumanté-l ak chagrin paské nan kè-l, li di : Mouin chita kòm rènn, épi mouin pa vèv, épi mouin pap ouè chagrin. ⁸ Sé

pou sa nan yon sèl jou chatiman-l yo ap rivé, lanmò ak dèy ak grangou; épi nan difé y-ap boulé-l; paské li fò Granmèt Bondié k-ap jijé-l la ».

⁹ Épi y-ap kriyé, y-ap frapé léstomak yo sou li, roua yo sou tè-a sa-k té konn ap fè libètinaj avèk li yo, épi ki té konn ap fè éstravagans ansanm avèk li yo, lè y-ap ouè lafimin boukan difé-l la. ¹⁰ Antan y-ap kanpé louin poutèt yo pè touman yo, y-ap di: « Malè, malè, gran vil la Babilòn nan, vil fò-a, paské nan inè-d-tan jijman-ou nan rivé ».

¹¹ Épi gro komèsan tè-a ap kriyé, y-ap pran dèy sou li, paské machandiz li-a, pèsonn pap achte-l ankò, ¹² machandiz lò, ak lajan, ak bèl ròch bon kalité, ak pèrl, ak lin fin, ak pou, ak soua, ak vlou rouj, ak tout boua ki gin bon sant, ak tout bèl bagay yo fè avèk ivoua, ak tout bèl bagay yo fè ak boua ki gin anpil valè, ak kuiv, ak fè, ak mab, ¹³ ak kanèl, ak plant ki santi bon, ak losion, ak lamir, ak lansan, ak divin, ak luil, ak farîn, ak blé, ak bèf, ak mouton, ak pou choul, ak pou kabouèt, ak pou kò ak nanm moun. ¹⁴ Épi sézon frui-ou yo nanm ou té anvi-a, li pati louin-ou, épi tout grès yo ak limiè yo, yo fini pou ou, épi ou pap jouinn yo ankò.

¹⁵ Gro komèsan bagay sa yo, yo minm ki té konn ap anrichi sou kont li-a, y-ap kanpé louin-l, akòz y-ap pè touman-l yo, y-ap kriyé, y-ap chagrin, ¹⁶ antan y-ap di: « Malè, malè, gran vil la, ou minm ki té konn abiyé ak lin fin-an ak pou la, ak vlou rouj la, épi ki té brodé ak lò-a, ak bèl ròch bon kalité-a, ak pèrl la, ¹⁷ paské nan inè-d-tan tout richès sa-a vîn tounin dézè ».

Épi tout kaptinn batiman, ak tout moun k-ap fè trafik batiman sot yon koté al yon lòt, ak matlo yo, ak moun k-ap travay sou lanmè, yo té kanpé byin louin. ¹⁸ Épi yo t-ap rélé antan y-ap gadé lafimin boukan difé-l la, y-ap di: « Kilès ki té tankou gran vil sa-a ». ¹⁹ Épi yo t-ap jété poussiè sou tèt yo, épi yo t-ap rélé antan y-ap kriyé, y-ap pran chagrin, y-ap di: « Malè, malè, gran vil la, koté tout moun ki gin batiman sou lanmè-a, anrichi gras a a trézò-l yo, paské nan inè-d-tan li vîn tounin dézè. ²⁰ Fè fèt sou li sièl, ni sin yo, ni apot yo ni profèt yo, paské Bondié jijé kòz nou sou li ! ».

RÉPONS

Iz 52, 11b. 12b; Jér 51, 45 (cf. Ap 18, 4)

R/. Soti nan mitan Babilòn, pròpté nou, nou minm k-ap poté véso Granmèt la; sé dévan nou réyèlman Granmèt la ap maché, * Épi l-ap rasanblé nou, Bondié Israèl la, alélouya.

V/. Sòti nan mitan Babilòn, pèp mouin, pou chak moun sové nanm li dévan chalè kòlè Granmèt la. * Épi l-ap rasanblé nou.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Kòmantè sin Siril d'Aléksandri, évèk, nan Lèt pou Romin yo
(Cap. 15, 7: PG 74, 854-855)

Lè bonté ki sot anro-a gayé nan tout moun, tout tè-a sové

Anpil nou sé yon sèl kò, épi youn sé manb lòt la, jan sa ékri-a, antan Kris la maré nou séré ansanm nan fè youn ak chinn rinmin-an: *Sé li minm réyèlman ki fè toulédé vîn tounin youn sèl la, li krazé miray lantouraj la ki té séparé nou-an, li anulé obligasion laloua kòmandman yo.* Sé poutèt sa nou tout nou doué pansé minm jan-an youn pou lòt; épi si youn manb ap souffri kichòy, sé pou tout manb yo souffri avèk li; si youn manb jouinn gloua, sé pou tout manb yo kontan.

Sé poussa, sé sa-l di, sé pou youn résévoua lòt, minm jan Kris-la té résévoua nou-an pou gloua Bondié. Min nou youn ap résévoua lòt, si nou vlé pansé minm jan-an; antan konsa tou youn poté chaj lòt la, épi antan nou konsèvé *éspri ki fè nou fè youn sèl la nan chinn lapè-a.* Sé konsa tou Bondié té résévoua nou nan Kris la. Paské li vré sa-k té di: *Bondié tèlman rinmin tè-a, joutan li té rinmèt Pitit li-a pou nou.* Yo rinmèt li réyèlman pou rachté lavi nou tout, épi nou té transpòté sot nan lanmò-a, épi nou té rachté sot nan lanmò-a ak nan péché-a. Épitou li mété an limiè sa plan sa-a té vizé-a, antan-l di Kris la té tounin sèvitè sikonsizion-an poutèt vérité-a. Paské poutèt Bondié té promèt papa Juif yo, yo t-ap gin pou yo béni sot nan désandans yo minm, épi pou yo té vîn anpil tankou zétoual nan sièl

yo, sé pou sa li té parèt nan chè-a, épi li té vîn tounin moun, li minm ki té Bondié épi Paròl la *li minm minm*, ki konsèvé tout réalité ki té kréyé-a, épi ki té bay yo tout pou yo rété nan bon kondision antan-l sé Bondié. Min li té vini sou tè sa-a avèk chè-a, poutan sé pa pou yo té kapab sèvi-l, min pito pou li minm, jan-l té di-a, li t-a sèvi épi li t-a rinmèt nanm li pou rachté anpil moun.

Vrèman li t-ap di byin klè li té vini pou-l akonpli sa yo té promèt Israèl yo. Li t-ap di réyèlman: *Yo voyé-m sèlman bò kot mouton yo k-ap péri nan kay Israèl la*. Sé sa-k fè sé san manti Pòl di li té sèvitè sikonsizion-an, pou sa yo té promèt papa yo vîn ratifié, épi sé akòz bagay sa-a Bondié Papa-a té rinmèt li, épitou pou nasion yo té kapab rivé jouinn mizérikòd, ki fè yo minm tou y-ap ba li gloua kòm kréatè ak atizan tout bagay, sovè ak rédanmtè. Sé poutèt sa, lè bonté ki sot anro-a gayé nan tout moun, yo vîn pran nasion yo, épi mistè sajès la nan Kris la pa détounin parapò a sa byinvéyans li-a té vizé-a: sé tout tè-a réyèlman ki sovè, nan plas sa yo ki té tonbé yo, antan Bondié pran pitié.

RÉPONS

Tr Ap 13, 46-47

R/. Sé nou minm nou té gin pou nou palé paròl Bondié-a an prémié, min kòm nou répousé-l, nou montré nou pa mérité lavi pou tout tan-an, * Min li, n-ap viré nan diréksion nasion yo, alélouya.

V/. Sé konsa Granmèt la té pasé nou lòd : Mouin té mété-ou kòm limié nasion yo. * Min li, n-ap viré.

Priyé-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 14, 7-9

Pèsonn nan nou pap viv pou prop tèt li; pèsonn pap mouri pou prop tèt pa li; kit n-ap viv réyèlman, sé pou Granmèt la n-ap viv, kit nou mouri, sé pou Granmèt la nou mouri. Donk kit n-ap viv, kit nou mouri, sé pou Granmèt la nou yé. Sé pou sa réyèlman Kris la mouri épi li té viv tou, sé pou-l té kòmandé ni sa-k mouri yo, ni sa-k vivan yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou Benedictus la, réf. : Lè chèf gadyin yo ap parèt, n-a résévoua kouròn gloua ki pap finnin-an, Alélouya.

PRİYÈ YO

Kris la, li minm ki té montré nou lavi pou tout tan-an, an nou mandé-l avèk tout kè nou, antan n-ap di byin fò :

Sé pou rézireksion-ou nan anrichi nou ak lagras, Granmèt.

Gadyin pou tout tan-an, voyé jé sou bann mouton-ou nan k-ap lévé sot nan dòmi-a,

— souin nou ak abondans manjé paròl ou-a ak pin-ou nan.

Pa kité lou-a dévoré nou, pa kité sa k-ap vann sèvis li-a pèdi nou,

— min fè nou rét fidèl pou nou tandé voua-ou.

Ou minm ki travay toupatou avèk moun k-ap préché yo épi ou asiré prèch yo-a,

— fè nou anonsé rézéréksion-ou nan jodi-a nan konduit nou ak nan lavi nou.

Sé pou-ou vîn tounin kè kontan nou, sa pèsonn pa kapab ouèté sot nan nou-an,

— pou nou réjité tristès péché-a, pou nou kité lavi pou tout tan-an atiré nou.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, fè sakréman paskal la bay tout randman-l nan nou tout tan pi plis, pou sa yo ou té aksépté rénouvle nan sakréman paskal la, yo donnin anpil frui anba sékou protéksion-ou épi fè yo favè rivé nan kè kontan lavi tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Rom 5, 10-11

Si malgré nou té ènmi, nou vîn rékonsilié ak Bondié pa lintèmediè lanmò Pitit li-a, sé pi plis toujou antan nou fin rékonsilié-a n-ap sové nan lavi li-a; sé pa sèlman sa, min n-ap jouinn gloua nan Bondié palintèmediè Granmèt nou Jézu-Kri, li minm sé pa lintèmediè-l koulié-a nou té résévoua rékonsiliation-an.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst**LÉKTU KOUT****1 Kor 15, 20-22**

Kris la té résisité sot nan pami mò yo, prémié frui pami sa-k t-ap dòmi yo. Paské réyèlman sé pa lintèmediè yon moun gin lanmò-a, sé pa lintèmediè yon moun tou gin rézireksion mò yo : minm jan réyèlman tout moun té mouri nan Adan-an, sé konsa tout moun ap gin lavi nan Kris la.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT****2 Kor 5, 14-15**

Rinmin Kris la ap pousé nou ; antan nou konsidéré si yon sèl mouri pou tout moun, konsa tout moun yo mouri ; épi li mouri pou tout moun, pou minm moun k-ap viv yo, sé pa pou yo minm y-ap viv ankò, min pou sa-a ki mouri épi ki té résisité pou yo-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

SINKIÈM DIMANCH PAK

Prémié sémèn Psòm yo

Pou prémié Vèp yo

IMN, *Ad cenam Agni*, 54.

Réf. 1 Lévé min mouin yo lévé-a tankou sakrifis asouè-a, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch prémié sémèn-nan, 571.

Réf. 2 Ou té ouété nanm mouin sot nan prizon pou-m fè déklarasion pou non-ou, alélouya.

Réf. 3 Pitit Bondié-a té aprann obéyisans apati sa-l soufri yo; pou tout moun ki obéyi-l yo, li vîn tounin kòz sovè yo sovè-a pou tout tan, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Piè 2, 9-10

Nou minm nou sé yon ras chouazi, yon sèvis prèt ki roua, yon nasion ki sin, yon pèp ki gin mèt, pou nou anonsé puisans sa-a ki té rélé nou sot nan fènoua yo vîn nan bèl limiè-l la ; lontan nou pa-t yon pèp, min koulié-a nou sé pèp Bondié-a ; nou pa-t résévoua mizérikòd, min koulié-a nou résévoua mizérikòd.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. :

Ané **A**

Lè m-a fîn al préparé plas la pou nou-an, m-a tounin vîn pran nou avèk mouin, pou koté mouin minm mouin yé-a, sé la nou minm tou nou yé, alélouya.

Ané **B**

Mouin minm mouin sé véritab pié rézin-an, Papa-m sé kiltivatè-a. Tout branch ki donnin frui, li nétouayé-l pou-l donnin plis frui, alélouya.

Ané **C**

Koulié-a Pitit moun nan jouinn gloua, épi Bondié jouinn gloua nan li, alélouya.

PRIYÈ YO

Antan n-ap rélé Kris la, ki lavi nou ak réziréksion nou, an nou di byin fò avèk konfians :

Pitit Bondié vivan, véyé sou pèp ou-a.

N-ap priyé-ou, ou minm Kris la, pou Égliz katolik ou-a,

— fè-l vîn sin, pou ringn ou-an instalé nan nasion yo.

N-ap sipliyé-ou pou moun yo ki krazé ak maladi, ak dèy, ak ésklavaj, ak égzil,

— pou yo jouinn konsolasion ak sékou.

N-ap priyé-ou pou moun ki pèdi rout ou yo,

— pou yo résévoua lagras padon-ou nan ansanm ak kè kontan nouvo lavi-a.

Sovè nou-an, ou minm yo té klouré sou koua-a, ki té résisité-a épi k-ap vîn jijé tè-a,

— padonnin nou, nou minm péchè.

Pou tout moun k-ap viv nan tan sa-a, n-ap priyé-ou,
 — ni pou tout moun yo tou ki pati kité nou nan éspérans réziriksiyon-an.
 Papa nou.

Priyé-a

Bondié, ou minm pa lintèmediè-ou rédanmsion-an rivé pou nou-an épi nou jouinn adopsion-an, voyé jé ak bon kè-ou sou pitit ou rinmin yo, pou sa yo ki kouè nan Jézu-Kri-a, yo jouinn véritab libèté-a ak éritaj tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Ofis léktu-a

V/. Chè mouin té réfléri, alélouya.

R/. Épi sé volonté-m pou-m fè déklarasion pou Bondié, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

18, 21 — 19, 10

Nòs Mouton-an anonsé davans

^{18,21} Yon anj ki fò soulvé yon ròch tankou yon gro ròch-moulin, épi li jété-l nan lanmè-a, antan l-ap di: « Konsa, yon sèl kou, y-ap jété Babilòn, gran vil la, épi yo pap jouinn li ankò ». ²² Épi voua moun k-ap joué gita yo ak sa k-ap chanté mizik yo, ak sa k-ap joué flit yo, ak sa k-ap sonnin tronpèt yo, yo pap tandé yo nan ou ankò. Tout ouvriyé ki té gin tout kalité métié, yo pap jouinn yo nan ou ankò, épi voua moulin, yo pap tandé-l nan ou ankò. ²³ Épi limiè lanp pap kléré nan ou ankò, épi voua gason ki fèk marié ak fi ki fèk marié, yo pap tandé-l nan ou ankò. Paské gro komèsan-ou yo té chèf tè-a, paské nan pouazon ou la tout nasion yo té dékontrolé.

²⁴ Épi sé nan li minm yo jouinn san profèt yo ak sin yo ak tout moun yo yo té koupé gòj yo sou tè-a.

^{19,1} Apré bagay sa yo, mouin té tandé tankou gran voua anpil foul nan sièl la k-ap di:

« Alélouya!

Sové-a ak gloua-a ak pouvoua pou Bondié nou-an,

² paské yo vré, yo kòrèk, jijman-l yo;

paské li jijé gran libètîn nan, sa-k t-ap gaté tè-a ak libètinaj li-a épi li tiré vanjans pou san ésklav li yo, li ouété-l sot nan min-! ».

³ Épi yon dézièm foua, yo di: « Alélouya », épi «lafimin-l nan monté pou tout tan gin tan.

⁴ Épi vinn-kat Ansyin yo tonbé atè, ansanm ak kat Vivan yo, épi yo adoré Bondié ki chita sou trôn nan antan y-ap di: « Amèn, Alélouya ».

⁵ Épi yon voua sot nan trôn nan, k-ap di:

« Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout ésklav li yo,

ak sa ki réspékté-l yo, ni piti yo ni gran yo ».

⁶ Épi mouin té tandé tankou voua anpil foul, ak tankou voua anpil dlo, épi tankou voua gro loraj, k-ap di:

« Alélouya,

paské l-ap kòmandé kòm roua, Granmèt Bondié nou-an,

li minm ki gin tout pouvoua-a.

⁷ Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, épi sé pou nou ba-l gloua,

paské li rivé, nòs Mouton-an

épi madanm li-a paré tèt li.

⁸ Épi yo ba-l pou-l abiyé ak lin fin kléré, ki nè. Réyèlman, lin fin-an, sé aksion kòrèk sin yo ».

⁹ Épi li di-m: « Ékri: Kontantman pou sa yo invité nan résépsion nòs Mouton-an », épi li di-m: « Paròl Bondié sa yo, yo vré ». ¹⁰ Épi mouin tonbé dévan pié-l pou-m adoré-l, min li di-m: « Atansyon, non, sé ésklav ansanm avèk ou mouin yé épi ansanm avèk frè-ou yo ki gin témouagnaj Jézu-a. Sé Bondié pou-ou adoré. Réyèlman sé témouagnaj Jézu-a, sé éspri profési-a ».

RÉPONS

Cf. Ap 14, 2; 19, 6; 12, 10; 19, 5

R/. Mouin té tandé yon voua ki sot nan sièl la tankou voua gran loraj: Li roua, Grammèt la, Bondié nou-an pou tout tan, * Paské yo sovè, épi sé pouvoua-a ak otorité Kris li-a, alélouya.

V/. Yon voua té soti nan trôn nan, antan-l di : Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran. * Paské yo sovè, épi sé pouvoua-a ak otorité Kris li-a, alélouya.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Maksim de Turin, évèk

(Sermo 53, 1-2. 4: CCL 23, 214-216)

Kris la sé jou-a

Pa lintèmediè rézireksion Kris la bafon anba-a vîn ouvri, pa lintèmediè nouvo konvèti yo Égliz la vîn rénovlé, sièl la vîn ouvri pa lintèmediè Éspri-Sin-an; bafon anba-a réyèlman ki ouvri-a rimmèt mò yo, tè-a ki rénovlé-a jèmin sa-k résisité yo, sièl la ki ouvri-a résévoua sa-k monté yo.

Anfin bandi-a monté nan paradi-a, kò sin yo antré nan vil ki sin-an, mò yo rétounin al kot vivan yo; épi ak yon progrè nan rézireksion Kris la tout éléman yo transpôtè tèt yo kot sa-k pi ro yo.

Bafon anba-a rimmèt sa-l ginyin yo bay sa-k anro yo, tè-a voyé sa-l té antéré yo al nan sièl, sièl la prézanté sa-l résévoua yo bay Grammèt la; épi yon sèl ak minm aksion soufrans Sovè-a lévé sot nan anba yo, soulvé sot nan sa-k dapré tè-a, mété nan sa-k anro anlè yo.

Rézireksion Kris la réyèlman sé lavi pou défin yo, sé padon pou péchè yo, sé gloua sin yo. Sé poua profèt la ki sin invité tout kréasion-an nan fèt rézireksion Kris la; li di réyèlman sé pou yo fété nan jou sa-a Grammèt la té fè-a épi sé pou yo kontan.

Limiè Kris la sé jou san lannuit, jou san fin. Min sa jou Kris la yé-a, Apot la di-l: *Lannuit la té pasé, jou-a minm té proché. Li té pasé*, sé sa-l di, *nuit la*, sé pa apré li vini, pou kapab konprann, antan limiè Kris la vîn rivé, fènoua djab la ralé kò yo épi lonbraj péché yo pa vini apré; épi ak ékla k-ap toujou diré-a fènoua ki pasé yo répousé, fot k-ap glisé anba yo vîn anpéché.

Sé li minm réyèlman, Kris la, ki jou-a, li minm Papa-a ki jou-a té fè jayi nan sékrè sa-l yé kòm Bondié-a. Sé li minm, mouin di, ki jou-a, li minm ki di pa lintèmediè Salomon: *Mouin minm mouin té fè pou limiè ki pap fèbli-a lèvé nan sièl la.*

Donk minm jan pa gin okinn nuit ki suiv jou sièl la, sé konsa tou fènoua péché yo pa suiv jistis Kris la. Jou sièl la réyèlman toujou kléré, limin épi briyé, épitou pa gin okinn fènoua ki kapab fèmin-l, konsa tou limiè Kris la toujou ap kléré, ap réyoné, ap briyé épi okinn fènoua fot yo pa kapab sézi li, sé pousa évanjélis Jan di: *Épi limiè-a kléré nan fènoua yo, min fènoua yo pa-t sézi li.*

Sé poutèt sa, frè yo, nou tout doué fété nan jou sa-a ki sin-an. Pèsonn pa doué ralé kò-l sot nan kè kontan komin-an poutèt konsians péché yo, pèsonn pa doué rékilé sot nan priyè piblik yo poutèt chaj fot yo! Sé tèlman vré réyèlman péchè-a pa doué dézéspéré osijè padon-an nan jou-a; sé pa ti kras privilèj réyèlman. Si réyèlman bandi-a té mérité paradi-a, poukisa krétyin-an pa t-a mérité padon-an?

RÉPONS

Ps 18 (19), 7a

R/. Tout bèlté Granmèt la lèvé anlè anro zétoual yo: * Ékla li nan nuaj sièl la, épi non-l rété pou tout tan, alélouya.

V/. Nan limit sièl yo li soti, épi kous li jous nan limit yo. * Ékla li.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, *Aurora lucis*, 37.

Réf. 1 Moun ki souaf la ap résévoua dlo lavi-a gratis, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch prémié sémèn-nan, 578.

Réf. 2 Adoré Granmèt la, ki té fè sièl la ak tè-a, lanmè-a ak sous dlo yo, alélouya.

Réf. 3 Sin yo ap fété nan gloua-a, alélouya.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 10, 40-43

Bondié té résisitè Jézu touazièm jou-a, li fè-l parèt, non pa dévan tout pèp la, min dévan témouin yo Bondié té chouazi davans yo, nou minm, ki té manjé, ki té bouè avèk li, apré-l té fîn résisitè sot nan pami mò yo; li té pasé nou lòd pou nou préché pèp la, pou nou sèvi témouin sé li minm Bondié mété kòm jij moun ki vivan yo ak moun ki mouri yo. Tout profèt yo sèvi bagay sa-a témouin tout moun ap résévoua padon péché yo nan non-l, sa yo ki kouè nan li-a.

RÉPONS KOUT

R/. Ou minm Kris la, Pitit Bondié vivan, pran pitié pou nou. * Alélouya, alélouya. Ou minm Kris la.

V/. Ou minm ki té résisitè sot nan pami mò yo * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Ou minm Kris la.

Pou *Benedictus* la, réf. :

Ané A

Mouin minm mouin sé chémin-an, vérité-a ak lavi-a : pèsonn pa vîn kot Papa-a, sof palintèmediè-m, alélouya.

Ané B

Moun ki rét nan mouin, épi mouin minm nan li, moun sa-a donnin anpil frui, sé sa Granmèt la di, alélouya.

Ané C

Mouin ba nou yon kòmandman nouvo : pou nou youn rinmin lòt minm jan mouin té rinmin nou-an, sé sa Granmèt la di, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, ki fè lavi-a, li minm Bondié té résisité-a épi k-ap résisité nou gras a pouvoua li-a, an nou priyé-l antan n-ap di byin fò :

Ou minm Kris la ki lavi nou, sové nou.

Ou minm Kris la, limiè byin kléré k-ap briyé nan fènoua yo, chèf lavi-a, ou minm ki sanktifié moun ki kapab mouri yo,

— fè nou pasé jounin sa-a ap fè louanj ou.

Granmèt, ou minm ki pasé nan chémin souffrans la ak lakoua-a,

— pèmèt nou, pou antan n-ap souffri épi mouri avèk ou, nou résisité tou ansanm avèk ou.

Pitit Papa-a, mèt nou ak frè nou, ou minm ki fè nou vîn tounin yon rouayòm ak prèt pou Bondié nou-an,

— fè nou ofri-ou sakrifis louanj nan kè kontan.

Roua gloua-a, n-ap tann jou ékstraòdinè-a lè ou-ap parèt la,

— pou nou ouè fas ou, pou nou vîn minm jan avèk ou.

Papa nou.

Priyé-a

Bondié, ou minm pa lintèmediè-ou rédanmsion-an rivé pou nou-an épi nou jouinn adopsion-an, voyé jé ak bon kè-ou sou pitit ou rinmin yo, pou

sa yo ki kouè nan Jézu-Kri-a, yo jouinn véritab libèté-a ak éritaj tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Cf. 1 Kor 15, 3b-5

Kris la mouri pou péché nou yo, dapré sa-k Ékri yo, yo antéré-l, li résisité sou touazièm jou-a, dapré sa-k Ékri yo, li parèt dévan Séfas, apré sa dévan Douz yo.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Éféz 2, 4-6

Bondié ki rich nan mizériköd, poutèt gran charité-l la, sa-l té rinmin nou avèk li-a, malgré nou té mouri aköz péché yo, li té fè nou viv nan Kris la, — sé aköz gras la nou sové, — épi li té résisité nou avèk li, li té fè nou chita avèk li nan sièl yo nan Kris Jézu.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

Rom 6, 4

Nou antéré ansanm avèk li nan lanmò-a gras a batèm nan, pou minm jan Kris la résisité sot nan pami mò yo gras a gloua Papa-a, konsa tou nou minm n-ap maché nan nouvo lavi-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Ad cenam Agni*, 54.

Réf. 1 Granmèt la té résisité épi li chita adouat Bondié, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch prémié sémèn nan, 585.

Réf. 2 Li té raché nou sot anba pouvoua fènoua yo, li té fè nou travèsé nan rouayòm Pitit li-a, alélouya.

Réf. 3 Alélouya, Granmèt nou-an té vîn roua ; sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ébr 10, 12-14

Kris la ofri yon sèl sakrifis pou péché yo, pou tout tan *li té chita adouat Bondié*, antan l-ap tann apré sa, *joustan yo plasé ènmi-l yo kòm machéskalié pou pié-l*; avèk yon sèl ofrann réyèlman, li té fè moun yo ki vîn sin yo vîn kòrèk nèt pou tout tan.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, * Alélouya, Alélouya. Granmèt la.

V/. Li té parèt dévan Simon. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Magnificat* la, réf. :

Ané A

Granmèt, montré nou Papa-a, sa kont nou. Jézu di-l : Dépi tout tan sa-a mouin avèk nou, épi ou pa konnin-m Filip ? Moun ki ouè-m, li ouè Papa-a tou, alélouya.

Ané B

Sé nan sa Papa-m jouinn gloua, pou nou donnin anpil frui, pou nou vîn disip mouin, alélouya.

Ané C

Nan sa tout moun ap konnin sé disip mouin nou yé, si rinmin-an n-ap ginyin-l youn pou lòt, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, Granmèt la, li minm ki té mouri, li té résisité, li toujou ap plédé pou nou; an nou priyé-l avèk konfians :

Roua ki ranpôté viktoua-a, kouté nou.

Ou minm Kris la, limiè ak sovè tout nasion yo,

— vidé difé Éspri-ou la sou nou, nou minm k-ap déklaré rézirkéksion-ou nan.

Sé pou Israël rékonèt Kris la, éspérans li-a, nan ou,

— pou tout tè-a vîn plin ak konésans gloua-ou la.

Konsèvé nou nan fè yon sèl avèk sin-ou yo,

— fè nou répozé avèk yo sot nan soufrans nou yo.

Ou minm ki ranpòté viktoua sou lanmò-a ki ènmi-an, krazé ènmi-ou nan, nan nou,

— pou nou viv pou ou ki ranpòté viktoua ki pap janm pasé-a.

Ou minm Kris la, sovè-a, ou minm ki obéyi jous ou mouri, ou minm yo lévé anlè adouat Papa-a,

— tanpri résévoua frè-ou yo nan rouayòm gloua-ou la.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ou minm pa lintèmédiè-ou rédanmsion-an rivé pou nou-an épi nou jouinn adopsion-an, voyé jé ak bon kè-ou sou pitit ou rinmin yo, pou sa yo ki kouè nan Jézu-Kri-a, yo jouinn véritab libèté-a ak éritaj tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

LINDI SINKIÈM SÉMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Kè-m ak chè-m, alélouya.

R/. Té fété nan Bondié vivan-an, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

19, 11-21

Viktoua Paròl Bondié-a

Mouin minm, Jan, ¹¹ mouin té ouè sièl la ouvè, épi min yon choual blan épi sa-k chita sou li-a, yo rélé-l Fidèl, épi Vré, épi sé nan jistis li jijé, épi li batay.

¹² Jé-l yo tankou flanm difé, épi sou tèt li-a gin yon pakèt ti kouròn, li gin yon non ki ékri. Pèsonn pa konnin-l, sof li minm. ¹³ Épi li abiyé ak yon ròb ki tranpé nan san, épi yo rélé non-l Paròl Bondié-a. ¹⁴ Lamé yo ki nan sièl la, yo t-ap suiv li sou choual blan. Yo té abiyé ak lin fin blan, ki nè, ¹⁵ épi nan bouch li, yon épé pouinti soti pou-l kapab frapé nasion yo avèk li, épi li minm l-ap kondui yo ak yon bagèt an fè, épi li minm l-ap foulé présoua divin chalè kòlè Bondié ki gin tout pouvoua-a. ¹⁶ Épi li gin sou rad li ak sou kuis li yon non ki ékri: « Roua roua yo ak Granmèt mèt yo ».

¹⁷ Épi mouin ouè yon Anj ki kanpé nan solèy la, épi li t-ap rélé ak yon gran voua antan l-ap di tout zouazo k-ap volé nan mitan sièl la: « Vini, rasanblé pou gran résépsion Bondié-a, ¹⁸ pou nou manjé chè roua, ak chè kapitèn, ak chè moun ki gin pouvoua, ak chè choual, ak sa-k chita sou yo ak chè tout moun lib kon ésklav, piti kon gran ».

¹⁹ Épi mouin ouè bèt sovaj la ak roua yo sou tè-a, ak lamé yo k-ap rasanblé pou yo fè lagè kont sa-k chita sou choual la ak kont lamé-l la. ²⁰ Épi yo sézi bèt sovaj la épi ansanm avèk li fo-profèt la ki konn fè sign yo dévan-l nan sign sa yo li tronpé sa-k té résévoua mak bèt sovaj la épi ki té adoré pòtré-l la. Tou vivan, yo jété yo toulèdé nan létan difé k-ap boulé ak souf la. ²¹ Épi rès yo, yo touyé yo ak épé sa-k chita sou choual la, sa-k té sot nan bouch li-a, épi tout zouazo yo manjé kont kò yo nan chè yo.

RÉPONS

Ap 19, 13. 15c. 16

R/. Li té abiyé ak yon rad ki tranpé nan san, épi yo rélé non-l Paròl Bondié-a; * Li minm l-ap foulé présoua divin chalè kòlè Bondié ki gin tout pouvoua-a, alélouya.

V/. Li gin sou rad li ak sou kuis li yon non ki ékri: Roua roua yo ak Granmèt mèt yo. * Li minm.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Diskou sin Grégoua de Nis, évèk

(Oratio 1 in Christi resurrectionem: PG 46, 603-606. 626-627)

Prémié pitit nouvo kréasion-an

Rouayòm lavi-a rivé, épi kòmandman lanmò-a défèt. Yon lòt nésans té parèt, yon lòt lavi, yon lòt fason pou viv, chanjman natu nou-an minm. Ki nésans sa-a minm? *Sa-a sé pa sot nan san yo, ni nan volonté gason, ni nan volonté chè-a, min sé sot nan Bondié li fèt.*

Kilès minm ki t-a kapab fè sa? Kouté, paské m-ap ékspliké yon ti kras. Ti bébé sa-a vîn fòmè nan vant pa lintèmediè lafoua-a, pa lintèmediè nouvo nésans batèm nan li vîn soti nan limiè, li gin Égliz la kòm nouris, li sousé ansègnman ak fòmasyon Égliz la tankou si l-ap ba-l tété, pou li pin sièl la sé nouritu; pèfeksion laj la sé fason pou viv ki dépasé rotè-a; nòs la sé frékantasyon sajès la; pitit li sé espérans la; kay li sé rouayòm nan; éritaj li ak richès li, sé dousè paradi-a; finisman-l sé pa lanmò min sé lavi-a, sa-a ki préparé pou sa-k alarotè yo, ki sin anpil la épi ki pou tout tan-an.

Sa-a sé jou-a, sa Granmèt la té fè-a, li diféran anpil parapò a jou sa yo, ki établi ak kòmansman kréasion tè-a, sa yo méziré ak kous tan-an. Kòmansman kréasion sa-a sé yon lòt. Nan jou sa-a réyèlman Bondié fè sièl nouvo-a ak tè nouvo-a, jan Profèt la di-a. Épi ki sièl sa-a? Platfòm solid li sé lafoua nan Kris la. Épi ki tè sa-a? Bon kè-a, mouin di, jan Granmèt la té di-a, tè-a ki té bouè lapli-a ki vini sou li-a, épi ki anfanté anpil zépi-a.

Nan kréasion sa-a, solèy la minm sé lavi ki nèt la; zétoual yo sé bon kalité yo; lè y-ap réspiré-a sé konpòtman ki klè; lanmè-a, *profondè richès sajès la ak sians la*; zèb yo ak jèm yo, bon ansègnman-an ak témouagnaj Bondié yo, sa pèp patiraj la, sètadi bann mouton Bondié-a, pran épi li manjé avèk li; piéboua k-ap donnin frui yo, sé obsèvé kòmandman yo.

Nan jou sa-a, moun tout bon vré-a vîn kréyé dapré pòtré ak résanblans Bondié. Èské pou ou sé pa sa ki tounin kòmansman tè-a, *sa-a sé jou-a Granmèt la té fè-a*? Sa profèt la di ki pa ni yon jou tankou lòt jou yo, ni yon nuit ki sanblé ak lòt nuit yo? Min sa ki pi ékstraòdinè nan gras sa-a, nou pa ko ékspliké-l. Sa-a défèt doulè lanmò yo. Sa-a té bay premié pitit nan pami mò yo.

M-ap monté, sé sa li di, kot Papa-m ak Papa nou-an, kot Bondié-m ak Bondié nou-an. Ala yon nouvèl ki bèl épi ki bon! Li minm ki vîn tounin moun pou nou, kòm li sé Sèl Pitit la, ki fè nou vîn tounin frè-l yo, sé li k-ap minnin moun nan kot vrè Papa-a, pou pa lintèmédiè li minm minm li ralé tout sa-k gin minm nésans avè-l yo.

RÉPONS

1 Kor 15, 21-22; 2 Piè 3, 13a

R/. Pa lintèmédiè yon moun lanmò-a té rivé, épi pa lintèmédiè yon moun tou rézireksion mò yo; * Épi minm jan tout moun té mouri nan Adan-an, sé konsa tout moun ap gin lavi nan Kris la, alélouya.

V/. Sé nouvo sièl yo ak nouvo tè-a n-ap tann dapré promès li-a. * Épi minm jan.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 10, 8b-10

Paròl la toupré-ou, nan bouch ou ak nan kè-ou ; sé paròl lafoua-a, sa n-ap préché-a. Paské, si-ou rékonèt ak bouch ou: « Jézu sé Granmèt la! », épi nan kè-ou ou kouè Bondié résisité-l sot nan pami mò yo, ou-ap sovè. Ak kè-a réyèlman yo kouè pou jistis la, ak bouch la minm déklarasion-an fèt pou sovè n-ap sovè-a.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya.
Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya.
Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Moun ki rinmin-m, Papa-m ap rinmin-l;
mouin minm tou m-ap rinmin-l, m-ap fè-l ouè-m aklè, alélouya.

PRIYÈ YO

Jézu, li minm Papa-a té bay gloua-a épi té mété-l kòm éritié tout nasion
yo, an nou lévé-l anlè, antan n-ap priyé-l:

Gras a viktoua-ou la, sové nou, Granmèt.

Ou minm Kris la, ki té krazé pòt lanfè yo gras a viktoua-ou la, antan ou
détrui péché-a ak lanmò-a,

— fè nou ranpòté viktoua sou péché-a jodi-a.

Ou minm ki té vidé lanmò-a, antan ou ba nou nouvo lavi-a,

— fè nou maché nan lavi nouvo sa-a jodi-a.

Ou minm ki té bay mò yo lavi, antan ou fè tout ras moun nan tounin sot
nan lanmò-a al nan lavi-a,

— tout moun ki rankontré nou, ba yo lavi pou tout tan-an.

Ou minm ki antan ou fè gad kavo yo ront, ou té fè kè disip ou yo kontan,

— bay moun k-ap sèvi-ou yo kè kontan anplin nèt la.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki fè éspri fidèl yo vi-n tounin yon sèl volonté, bay
pèp ou yo favè pou rinmin sa-ou kòmandé-a, pou yo anvi sa-ou promèt la,

pou, nan mitan chanjman réalité tè-a, kè nou fikse koté vré joua yo yé-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Cf. Ap 1, 17c-18

Mouin té ouè Pitit moun nan, ki té di-m : Pa pè ! Sé mouin minm premié-a ak dènié-a, mouin vivan, mouin té mouri épi min m-ap viv pou sièk sièk yo, mouin gin klé lanmò-a ak lanfè-a.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Kol 2, 9. 10a. 12

Nan Kris la, tout plénitud sa Bondié yé-a abité nan fason kò-a, épi nou plin ak sa-k nan li-a, nou antéré avèk li nan batèm nan, nan li nou té résisité tou ansanm ak li pa lintèmediè lafoua nan aksion Bondié-a, li minm ki té résisité-l sot nan pami mò yo.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

2 Tim 2, 8. 11

Sonjé Jézu-Kri résisité sot nan pami mò yo, sot nan ras David, dapré bòn nouvèl mouin-an. Parò la sètin : Sèké, si nou mouri ansanm avèk li, n-ap viv ansanm avèk li tou.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Ébr 8, 1b-3a

Nou gin yon kalité prèt an chèf, ki chita adouat trôn Grandè-a nan sièl yo, sèvitè bagay ki sin yo ak vré tant la, sa Bondié té drésé-a, sé pa moun ki drésé-l. Réyèlman tout prèt an chèf, yo instalé-l pou-l ofri kado ak sakrifis.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou *Magnificat* la, réf. : Éspri-Sin Paraklè-a, sa Papa-a ap voyé on non-m nan, sé li minm k-ap anségné nou épi k-ap fè nou sonjé tou sa-m té di nou yo, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, li minm Éspri-Sin-an té bay sa-l yé kòm moun nan lavi épi té fè-l kapab bay lavi; ak kè nou kontan an nou mandé-l :

Granmèt, fè tout bagay vîn tou nèf épi ba yo lavi.

Ou minm Kris la, sovè tè-a, roua nouvo kréasion-an, tanpri viré sans nou yo nan diréksion rouayòm ou-an,

— koté ou chita adouat Papa-a.

Granmèt, ou minm ki toujou vivan nan Égliz ou-a,

— dirijé-l nan tout vérité-a gras a Éspri-Sin-an.

Montré jan-ou gin mizérikòd pou malad yo, sa k-ap souffri yo ak sa k-ap mouri yo,

— pou yo tout jouinn fòs avèk asirans gras a bon kè-ou la.

Ou minm Kris la, limiè ki pap étinn, antan jou-a ap bésé déjà, n-ap ofri-ou dévouman nou-an,

— épi n-ap mandé-ou, pou-ou kléré frè nou ki défin yo ak limiè rézirkéksion-ou nan.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki fè éspri fidèl yo vi-n tounin yon sèl volonté, bay pèp ou yo favè pou rinmin sa-ou kòmandé-a, pou yo anvè sa-ou promèt la, pou, nan mitan chanjman réalité tè-a, kè nou fiksé koté vré joua yo yé-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MADI SINKIÈM SÉMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Antan Kris la résisité sot nan pami mò yo li pap mouri ankò, alélouya.

R/. Lanmò pap janm gin pouvoua sou li ankò, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

20, 1-15

Dènié batay dragon-an

Mouin minm, Jan, ¹ mouin té ouè yon anj k-ap désann sot nan sièl la, ki gin klé bafon-an avèk yon gran chinn nan min-l. ² Épi li sézi dragon-an, sèpan kòmansman-an, li minm ki djab la, avèk Satan-an, épi li maré-l pou mil ané. ³ Li jété-l nan bafon-an, épi li fèmin a-klé; épi li pozé sélé sou li, pou-l pa troupé nasion yo ankò, joutan mil ané yo fin rivé bout yo. Apré bagay sa yo, yo gin pou lagé li pou yon ti tan. ⁴ Épi mouin ouè trôn, épi yo chita sou yo; épi yo ba yo jijman, épi mouin ouè nanm moun yo yo té koupé tèt yo-a poutèt témouagnaj Jézu-a ak poutèt paròl Bondié-a, ak tout moun ki pa-t adoré bèt sovaj la ni pòtré-l la, épi ki pa-t résévoua mak la sou fron ni sou min yo, épi y-ap viv, épi y-ap kòmandé kòm roua avèk Jézu-Kri mil ané. ⁵ Rès mò yo, yo pap viv, joutan mil ané yo fin rivé nan finisman yo. Sa-a sé premié rézireksion-an. ⁶ Kontantman pou moun sa-a, li sin, sa-k gin pòsion nan premié rézireksion-an, dézièm lanmò-a pa gin pouvoua sou yo, min y-ap prèt Bondié ak Jézu-Kri, épi y-ap kòmandé kòm roua ansanm avèk li mil ané yo.

⁷ Épi lè mil ané yo fin rivé nan finisman yo, y-ap lagé Satan-an sot nan prizon-l nan. ⁸ Épi l-ap soti pou-l troupé nasion yo ki nan kat kouin tè-a, Gòg ak Magòg, pou-l rasanblé yo pou lagè; kantité yo ap tankou sab lanmè-a. ⁹ Épi y-ap monté sou lajè tè-a, épi y-ap ansèklé lamé sin yo ak vil la yo rinmin-an; épi difé ap désann sot nan sièl la, épi l-ap dévoré yo. ¹⁰ Épi djab la ki té troupé yo-a, y-ap jété-l nan létan difé souf la, koté bèt sovaj la ak fo-profèt la yé-a; y-ap toumanté yo lajounin ak lannuit pou tout tan gin tan.

¹¹ Épi mouin ouè yon gran trôn blan, épi sa-k chita sou li, dévan fas li, tè-a ak sièl la sovè kò yo, épi yo pa jouinn plas pou yo ankò. ¹² Épi mouin ouè mò yo, gran yo ak piti yo ki kanpé dévan trôn nan. Épi liv yo ouvri; épi gin yon lòt liv ouvri: sé liv lavi-a; épi yo jijé mò yo apati sa ki ékri nan liv yo dapré aksion yo. ¹³ Épi lanmè-a bay mò yo ki té andan-l yo, épi ni lanmò-a ak Adès la bay mò yo ki té anndan yo-a ; épi yo jijé chak moun dapré aksion yo. ¹⁴ Épi lanmò-a ak Adès la, yo jété yo nan létan

difé-a. Sa-a sé dézièm lanmò-a, létan difé-a. ¹⁵ Épi si yo pa jouinn yon moun nan liv lavi- a, yo jété-l nan létan difé-a.

RÉPONS

1 Kor 15, 25. 26; cf. Ap 20, 13a. 14b

R/. Kris la gin pou-l régné, joutan li mété tout ènmi yo anba pié-l : * Dènié ènmi-an minm, sé lanmò-a k-ap fîn détrui, alélouya.

V/. Lè sa-a lanmò-a ak lanfè-a rimmèt mò pa yo, y-ap voyé lanfè-a ak lanmò-a nan étan difé-a. * Dènié ènmi-an.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Kòmantè sin Siril d'Aléksandri, évèk, nan Évanjil Jan-an
(Lib. 10, 2: PG 74, 331-334)

Mouin minm mouin sé pié rézin-an, nou minm nou sé branch yo

Antan-l té vlé montré sé ak rinmin pou li-a yo doué rété kolé nan li, épi kantité avantaj ki rivé pou nou poutèt nou fè youn ansanm ak li-a, Granmèt la réyèlman di li minm minm li sé youn pié rézin; sa yo minm ki fè youn ak li, ki tankou gréfé nan li épi ki fiksé nan li, épi ki déjà vîn gin minm déstiné ansanm ak natu li-a, sètadi, antan yo patisipé nan Éspri-Sin-an (Éspri Kris la réyèlman ki sin-an fè nou fè youn ansanm ak li), li konparé yo ak branch yo.

Sa yo réyèlman ki rivé kot pié rézin-an, sé ak atachman volonté-a épi désizyon yo-a; min liézon li avèk nou-an sé infliyans ak dispozision. Apati bon désizyon-an minm nou rivé kot Kris la pa lintèmédiè lafoua-a; min nou vîn tounin ras li, antan nou rivé jouinn nan min-l dignité adopsion-an. Réyèlman vré daprè sin Pòl, *moun ki rété kolé sou Granmèt la, sé youn sèl éspri.*

Minm jan donk yon lòt koté pa lintèmédiè voua Profèt la yo rélé-l baz ak fondasion (sé sou li réyèlman yo bati nou, épi yo rélé nou ròch vivan

épi dapré éspri-a nan yon sèvis prèt ki sin, pou nou tounin kay Bondié nan Éspri-a, pa gin lòt fason pou yo t-a bati nou nan sa, sof si Kris la t-a fondasyon pou nou), la-a tou, nan minm sans la, li di li sé pié rézin-an épi branch yo sé sa yo ki sot nan li-a, tankou manman-an ak timoun l-ap nourri-a.

Nou vîn gin nouvo nésans réyèlman apati li é nan li, nan Éspri-a, pou nou donnin frui lavi-a, pa ansyin-an épi ki dépasé-a, min sa ki rété kanpé nan nouvoté lavi li-a ak nan charité pou li-a. Min yo konsèvé nou nan égzistans la, antan sé tankou nou gréfé nan li, épi lè yo transmèt nou nouvo kòmandman-an nou gin pou nou rété kolé sou li-a jous nan lanmò-a, épi antan n-ap fè éfò pou nou kinbé byin ran ki ro-a, sètadi antan nou pa kité ditou pou Éspri-a ki nan nou-an t-a pran changrin pou anyin ditou, li minm pa lintèmediè-l yo konprann Bondié abité nan nou.

Nan ki fason minm nou nan Kris la réyèlman, épi li minm nan nou, Jan ki saj la li minm montré nou sa antan-l di: *Nan sa-a nou konnin nou rété nan li, épi li minm nan nou, paské li té ba nou nan Éspri li-a.*

Minm jan réyèlman rasîn nan bay branch yo kalité natirèl li-a, sé konsa Sèl Pitit Bondié-a, Paròl Bondié Papa-a, li mété natu li-a tankou yon paranté pou sin yo, antan li bay sa yo ki fè youn avèk li pa lintèmediè lafoua-a Éspri-a ki puisan anpil la épi tout kalité sinteté, épitou li nourri yo pou piété-a, antan-l réyalizé nan yo tout bon kalité yo ak konésans bonté-a.

RÉPONS

Jan 15, 4. 16b

R/. Rété nan mouin, épi mouin minm nan nou: * Minm jan branch la pa kapab donnin frui pou kont li-a, si-l pa rété nan pié rézin-an, konsa tou nou minm non plis, si nou pa rété nan mouin, alélouya.

V/. Mouin minm mouin té mété nou, pou nou alé, pou nou donnin frui, pou frui nou-an rété. * Minm jan.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Tr Ap 13, 30-33

Bondié té résisité Jézu sot nan pami mò yo ; li parèt pandan anpil jou dévan sa yo ki té monté ansanm avèk li sot Galilé rivé Jérusalèm nan, yo minm ki sèvi-l témouin koulié-a dévan foul la. Kanta nou minm nou anonsé nou promès la yo té fè bay papa nou yo, paské Bondié té réalizé sa pou pitit yo, antan-l résisité Jézu pou nou, jan sa ékri nan Psòm dézièm nan : Ou sé Pitit mouin ; mouin minm jodi-a mouin té anfanté-ou.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya.
Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya.
Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Sé lapè mouin kité pou nou, alélouya, sé lapè-m nan mouin ba nou, alélouya.

PRİYÈ YO

An nou fété pou Kris la, li minm ki rébati ak puisans li tanp kò li-a ki té détrui-a, épi an nou sipliyé-l :

Granmèt, ba nou frui réziréksion-ou nan.

Ou minm Kris la, sovè-a, ki té anonsé kè kontan bay médam yo ak Apot yo lè-ou résisité-a, antan ou sovè tout ronm tè-a,

— fè nou sèvi-ou témouin.

Ou minm ki té promèt tout moun rézireksion-an, k-ap fè nou tounin lévé pou lavi nouvo-a,

— fè nou vîn tounin mésajé Évanjil ou-a.

Ou minm ki té parèt souvan bay Apot yo épi ki té soufflé Éspri-Sin-an sou yo,

— rénouvle Éspri kréatè-a nan nou.

Ou minm ki té promèt disip ou yo ou-ap rété avèk yo jous sièk fin réalisé-a,

— rété avèk nou jodi-a, toujou prézan avèk nou.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki réparé nou pou lavi tout tan-an nan rézireksion Kris la, bay pèp ou-a pèsévérans lafoua ak éspérans, pou nou pa fè dout promès yo nou konnin ou té fè yo, yo gin pou yo akonpli. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Tr Ap 4, 11-12

Sa-a sé ròch la, nou minm k-ap bati yo nou té réjité-a, ki vîn tounin kouin mitan anlè-a. Pa gin sovè yo kapab sovè nan okinn lòt moun, ni non plis pa gin okinn lòt non anba sièl la yo bay moun yo, koté nou t-a kapab vîn sovè.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst**LÉKTU KOUT**

Cf. 1 Piè 3, 21-22a

Nou minm koulié-a batèm nan sovè nou, sé pa sa-k sal nan chè-a li ouété, min sé yon bon konsians li mandé nan Bondié pa lintèmediè rézireksion Jézu-Kri-a, li minm ki adouat Bondié.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT**

Kol 3, 1-2

Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé pou nou chèché bagay ki anro yo, koté Kris la chita adouat Bondié-a; sé bagay ki anro yo pou nou gouté, sé pa sa-k sou tè-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo**LÉKTU KOUT**

1 Piè 2, 4-5

Antan n-ap proché kot Granmèt la, li minm ròch vivan-an, sa moun yo minm réjité-a, dévan Bondié minm sa-l chouazi-a, sa-k gin valè-a, nou minm tou tankou ròch vivan, sé pou nou kité yo bati nou pou nou vîn

tounin yon kay spirituèl nan yon sèvis prèt ki sin, pou nou ofri sakrifis spirituèl, sa Bondié résévoua palintèmediè Jézu-Kri.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou *Magnificat la, réf.* : Si nou té rinmin-m, nou t-a kontan sètènman, poutèt m-apral kay Papa-a, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, ki rété anndan vant tè-a, li té ouè limiè gloua nouvo-a, an nou rélé koté-l ak kè kontan :

Roua gloua-a, kouté nou.

Pou Évèk yo, Pè yo, ak Diak yo, pou yo okipé sèvis yo-a avèk souin,
— pou yo prezanté-ou yon pèp ki paré pou tout kalité bon aksion, n-ap priyé-ou, Granmèt.

Pou sa k-ap anségné yo k-ap fè éfò pou yo sèvi nan Égliz ou-a,
— pou yo chèché vérité-ou la avèk yon kè nèt, n-ap priyé-ou, Granmèt.

Pou fidèl Égliz la, pou yo batay bon batay lafoua-a,
— pou antan yo fîn fè tout kous la, yo résévoua rékonpans rouayòm ou-an, n-ap priyé-ou, Granmèt.

Ou minm ki klouré lèt kondanasion nou-an sou koua-a épi ki détrui-l la,
— lagé chinn nou yo, libéré nou sot nan fènoua yo.

Ou minm ki, antan-ou désann nan lanfè yo, ou té louvri pòt yo,
— frè nou yo ki défin yo, résévoua yo nan rouayòm ou-an.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki réparé nou pou lavi tout tan-an nan rézireksion Kris la, bay pèp ou-a pèsévérans lafoua ak éspérans, pou nou pa fè dout promès yo nou konnin ou té fè yo, yo gin pou yo akonpli. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MÈKRÉDI SINKIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié té résisité Kris la sot nan pami mò yo, alélouya.

R/. Pou lafoua nou-an ak éspérans nou sé nan Bondié, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

21, 1-8

Jéruzalèm nouvo-a

Mouin minm, Jan, ¹ mouin té ouè yon sièl nouvo ak yon tè nouvo. Réyèlman premié sièl la ak premié tè-a al fè rout yo, épi lanmè-a pa égzisté ankò. ² Épi vil la, sa-k sin-an, Jéruzalèm nouvo-a, mouin ouè-l ap désann sot nan sièl la, kot Bondié, paré tankou yon fi ki fèk marié, ki anbéli pou mesié-l la. ³ Épi mouin tandé yon gro voua sot nan trôn nan, k-ap di: « *Min tant* Bondié-a ak moun yo, *épi l-ap abité avèk yo, épi yo minm y-ap pèp li*; épi li minm, Bondié avèk yo, l-ap Bondié yo. ⁴ *Épi l-ap siyé tout dlo* sot nan jé yo, épi lanmò-a pap ginyin ankò, ni chagrin, ni rèl, ni soufrans, pap ginyin ankò, paské premié bagay yo al fè rout yo ».

⁵ Épi sa-k chita sou trôn nan, di: « *Min m-ap fè tout bagay nouvo* », épi li di: « *Ékri: paské paròl sa yo, yo sètin, yo vré* ». ⁶ Épi li di-m: « *Yo fîn*

réalizé. Mouin minm mouin sé Alfa-a ak Oméga-a, kòmansman-an ak finisman-an. Sa-k souaf la, mouin minm m-ap fè li kado nan sous dlo lavi-a. ⁷ Sa-k ranpòté viktoua- a, l-ap éritié bagay sa yo; *épi m-ap Bondié pou li, épi li minm, l-ap pitit pou mouin.* ⁸ Min, lach yo, épi sa-k pa vlé kouè yo, épi dégoutan yo, épi kriminèl yo, épi sa-k nan libètinaj yo, épi majisyin yo, épi sa-k adoré ziddl yo, épi tout mantè yo, pòsion pa yo sé nan létan difé ak souf k-ap boulé-a. Sa-a sé dézièm lanmò-a ».

RÉPONS

Ap 21, 3b. 4

R/. Min tant Bondié-a avèk moun yo épi l-ap abité avèk yo: * Épi Bondié ap suiyé tout dlo sot nan jé yo, alélouya.

V/. Pap gin lanmò, ni dèy, ni rèl, ni doulè ankò, paské prémié bagay yo pati. * Épi Bondié ap suiyé.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt pou Diognèt la

(Nn. 5-6: Funk 1, 317-321)

Krétyin yo sou tè-a

Krétyin yo pa diféran parapò a lòt moun yo ni dapré réjion, ni dapré langaj, ni dapré òganizasion lavi-a. Paské yo pa abité nan pròp vil pa yo, ni yo pa sèvi ak kèk langaj patikilié, ni yo pap minnin yon lavi yo kapab distingé. Ni non plis ansègnman sa-a sé pa ak kèk lidé épi ak réchèch moun k-ap chèché konnin yo invanté-l, ni non plis yo pap défann yon sistèm doktrîn moun, tankou anpil lòt ap fè.

Min antan yo abité nan vil grèk oubyin sovaj yo, jan sikonstans fè sa rivé pou yo chak, épi antan y-ap suiv fason moun nan koté-a établi nan rad ak manjé ak rèl fason pou viv, y-ap propozé kondision lavi yo-a moun pa kapab kouè-a dapré konsantman tout moun yo. Yo abité nan

pròp patri yo, min tankou étranjé ; yo gin tout bagay an komin avèk lòt yo, tankou sitouayin, épi y-ap soufri tout bagay tankou pèlrin; tout réjion étranjé sé patri yo, épi tout patri sé péyi étranjé. Yo marié tankou tout moun, yo fè pitit; min yo pa jété ti bébé. Yo manjé atab ansanm, min yo pa gin minm kabann.

Yo nan chè-a, min yo pap viv dapré chè-a. Y-ap minnin lavi yo sou tè-a, min sé nan sièl la yo gin vil yo-a. Yo obéyi laloua ki établi yo, min fason y-ap viv la dépasé laloua yo. Yo rinmin tout moun, min tout moun ap pèsékité yo. Yo pa konnin yo, min y-ap kondané yo; y-ap frapé yo ak lanmò, min y-ap bay lavi. Y-ap mandé lacharité, min y-ap anrichi anpil; yo manké tout bagay, min tout bagay dépasé kantité pou yo. Y-ap dézonoré yo, min nan mitan dézonè-a y-ap ba yo gloua; y-ap sal rénomé yo, min y-ap rann témouagnaj pou jistis yo-a. Y-ap fè yo répròch, min yo minm y-ap béni; y-ap trété yo ak jouman, min yo minm y-ap bay onè. Lè yo fè sa-k byin, yo ba yo chatiman tankou malonèt; pandan y-ap ba yo chatiman, yo kontan, tankou si sé lavi y-ap ba yo. Juif yo ap minnin lagè kont yo tankou étranjé épi nasyon yo ap pèsékité yo; épitou moun ki rayi yo pa kapab di pou ki rézon yo pa rinmin yo-a.

Min pou-m kapab di sa tou sinpléman: sa nanm nan yé nan kò-a, sé sa krétyin yo yé sou tè-a. Nanm nan gayé nan tout manb kò-a; konsa tou krétyin yo nan tout vil sou tè-a. Nanm nan rété nan kò-a, min li pa égzisté apati kò-a; konsa tou krétyin yo rété sou tè-a, min yo pa dapré tè-a. Nanm nan yo pa kapab ouè-a yo kinbé-l nan yon kò yo kapab ouè; konsa tou krétyin yo, yo ouè y-ap minnin lavi yo sou tè-a, min piété yo-a moun pa kapab ouè-l. Ak rayisans ak lagè chè-a ap pèsékité nanm nan ki pa fè-l okinn tò, paské l-ap anpéché-l joui plézi yo; konsa tou tè-a rayi krétyin yo ki pa fè-l okinn tò, paské y-ap goumin kont plézi yo.

Nanm nan rinmin chè-a ki rayi-l ni manb yo; konsa tou krétyin yo rinmin moun ki rayi yo. Nanm nan fèmin nan kò-a sé vré, min sé li-minm ki kinbé kò-a; konsa tou yo kinbé krétyin yo sou tè-a sé vré tankou nan yon prizon, min yo minm yo kinbé tè-a. Nanm nan ki pa kapab mouri-a abité yon tant ki kapab mouri; konsa tou krétyin yo ap fè pèlérinaj nan

bagay k-ap défèt yo, antan y-ap tann inposibilité défèt la nan sièl la. Nanm nan vîn pi bon lè yo maltrété-l nan manjé ak bouè; konsa tou krétyin yo y-ap frapé ak touman ap grandi chak jou nan kantité. Bondié té mète yo nan yon sitiasion ki tèlman gran, sé t-a yon malè pou yo t-a pran lafuit.

RÉPONS

Jan 8, 12b; Sir 24, 25

R/. Mouin minm mouin sé limiè tè-a; * Moun k-ap suiv mouin, li pap maché nan fènoua yo, min l-ap gin limiè lavi-a, alélouya.

V/. Nan mouin gin gras tout chémin-an avèk vérité-a, nan mouin gin tout éspérans lavi-a ak bon kalité-a. * Moun k-ap suiv mouin.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 6, 8-11

Si nou mouri ansanm avèk Kris la, nou kouè n-ap viv ansanm avèk li tou, antan nou konnin Kris la ki résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, lanmò-a pap gin pouvoua sou li ankò. Sa-k mouri-a réyèlman, li mouri aléga péché-a yon foua pou tout ; sa k-ap viv la minm, sé pou Bondié l-ap viv. Konsa nou minm tou sé pou nou konsidéré nou mouri réyèlman aléga péché-a, antan n-ap viv minm pou Bondié nan Kris Jézu.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou Benedictus la, réf. : Mouin minm mouin sé véritab pié rézin-an, alélouya, nou minm nou sé branch mouin yo, alélouya.

PRIYÈ YO

Pandan n-ap priyé Kris la, li minm yo rinmèt poutèt fot nou yo épi ki té résisité pou-l fè nou vîn kòrèk, an nou rélé mandé-l :

Gras a viktoua-ou la, sové nou, Granmèt.

Ou minm Kris sovè-a, antan-ou ranpòté viktoua sou lanmò-a ou té fè nou kontan, antan-ou résisité-a ou té lévé nou anlè épi ou té plin nou nèt ak kado,

— touché kè nou yo, fè jou sa-a vîn sin ak kado Éspri-Sin-an.

Ou minm anj yo ap ba-ou gloua nan sièl yo épi moun yo ap adoré-ou sou tè-a, n-ap priyé-ou nan tan rézireksion-ou sa-a,

— pou-ou résévoua adorasion nou-an nan éspri-a ak vérité-a.

Ou minm Kris la Granmèt la, sové nou, vidé mizérikòd ou-a sou pèp ou-a k-ap tann rézireksion-an,

— pran pitié pou nou, prezèvé nou jodi-a anba tou sa ki mal.

Roua gloua-a, lavi nou, fè nou favè pou lè ou-ap parèt la,

— lè sa-a nou minm tou nou parèt ansanm avèk ou nan gloua-a.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki rébay inosans épi ki rinmin, dirijé kè sèvitè-ou yo nan diréksion-ou pou sa yo ou fîn libéré sot nan ténèb inkrédilitéé-a, yo pa janm viré do bay limiè vérité-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Cf. Rom 4, 24-25

Nou kouè nan sa-a ki té résisité Jézu Granmèt nou-an sot nan pami mò yo, li minm yo rinmèt pou fot nou yo, épi ki résisité pou fè nou vîn kòrèk la.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

1 Jn 5, 5-6a

Kilès sa-a ki ranpòté viktoua sou tè-a, si sé pa sa-a ki kouè Jézu sé Pitit Bondié-a ? Sa-a sé li minm ki vini nan dlo-a ak san-an, Jézu-Kri ; pa nan dlo-a sèlman, min nan dlo-a ak san-an.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

Cf. Éféz 4, 23-24

Sé pou nou rénouvlé nan éspri pansé nou épi sé pou nou abiyé ak moun nouvo-a, ki kréyé dapré Bondié nan jistis ak sin vérité-a sin-an.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Ébr 7, 24-27

Jézu, paské li rété pou tout tan, li gin sèvis prèt ki pa kapab dépasé, sé pou sa tou sé san rété li kapab sové moun yo ki proche kot Bondié pa lintèmédiè-l yo, antan-l toujou vivan pou-l plédé pou yo. Sé kalité sa-a réyèlman épi ki té konvnan, pou-l t-a gran prèt nou, ki sin, ki inosan, ki pa gin tach, ki séparé sot nan péchè yo épi ki vîn pi ro pasé sièl yo, ki pa bézouin chak jou, tankou prèt yo, pou-l ofri sakrifis toudabò pou pròp fot pa-l yo, apré sa pou pèp la ; li té fè sa réyèlman yon sèl foua antan-l ofri pròp tèt li.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. : Si nou rété nan mouin minm, épi paròl mouin yo rét nan nou, tou sa n-ap mandé l-ap rivé pou nou, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, li minm ki té résisité sot nan pami mò yo épi ki chita adouat

Papa-a, an nou inploré-l ak siplikasion, antan n-ap di :

Ou minm Kris la ki toujou vivan, kouté nou.

Sonjé, Granmèt, tout réponsab ki nan sèvis ou yo,

— pou yo prezanté modèl yon vi ki sin bay pèp ou-a.

Moun yo k-ap dirijé nasion-an, ba yo éspri jistis la ak lapè-a,

— pou nou kapab viv byin ansanm nan vil moun yo.

Ranjé jou nou yo pou sovè nou gin pou sovè-a,
— épi pou édé moun ki nan bèzouin yo fè tè-a donnin anpil.

Ou minm Kris sovè-a, ki té kléré tout tè-a épi ki té rélé tout kréasion-an ki anba dékonpozision-an pou-l vîn nan lavi,
— frè nou yo ki défin yo, ba yo limiè ki pou tout tan-an.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki rébay inosans épi ki rinmin, dirijé kè sèvitè-ou yo nan diréksion-ou pou sa yo ou fîn libéré sot nan ténèb inkrédilitéé-a, yo pa janm viré do bay limiè vérité-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JÉDI SINKIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié minm té résisité Granmèt la, alélouya.

R/. L-ap résisité nou tou pa pouvoua-l, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

21, 9-27

Vizion Jérusalèm sièl la, épouz Mouton-an

⁹ Youn nan sèt anj yo ki gin sèt bòl yo plin ak sèt dènié chatiman yo, rivé épi li palé avèk mouin, antan l-ap dí: « Vini, m-ap montré-ou madanm nan ki marié avèk Mouton-an ». ¹⁰ Épi li transpòté-m an éspri sou yon mòn ki gran épi ki ro anpil, épi li montré-m vil la ki sin-an, Jérusalèm, k-ap désann sot nan sièl la, kot Bondié, ¹¹ ki gin gloua Bondié-

a; limiè-l la tankou bèl ròch ki gin gran valè, tankou bèl ròch kristal jasp la. ¹² Li té gin miray ki gran épi ki ro anpil; li té gin douz pòtay épi sou pòtay yo douz Anj ak *non* ki ékri sou yo, sé non *douz ras pitit Israèl yo*. ¹³ *Nan diréksion solèy lèvé, toua pòtay, épi nan diréksion nò, toua pòtay, épi nan diréksion sid, toua pòtay, épi nan diréksion solèy kouché toua pòtay*. ¹⁴ Épi miray vil la té gin douz fondasion, épi sou yo douz non douz Apot Mouton-an.

¹⁵ Épi sa-k t-ap palé avèk mouin-an té gin yon rozo pou méziré an lò, pou-l méziré vil la ak pòtay li yo ak miray li-a. ¹⁶ Épi vil la gin fòm yon karé, épi longè-l minm jan avèk lajè-l. Épi li méziré vil la avèk rozo-a sou douz-mil stad, longè-l, ak lajè-l, ak rotè-l, yo égal. ¹⁷ Épi li méziré miray li-a, sankarann-kat koudé, mézi moun, ki mézi Anj. ¹⁸ Matério miray li-a, sé jasp, épi vil la an lò ki nèl, tankou kristal ki nèl. ¹⁹ Fondasion miray vil la, yo dékoré avèk tout kalité bèl ròch ki gin gran valè. Prémie fondasion-an, sé jasp; dézièm nan, sé safir; touazièm nan, sé kalsédouàn; katriyèm nan, sé pèrl. ²⁰ Sinkièm nan, sé sardouàn; sizièm nan, sé sard; sétieèm nan, sé krizolit; uitièm nan, sé béril; névièm nan, sé topaz; dizièm nan, sé krizopaz; onzièm nan, sé iasint; douzièm nan, sé amétis.

²¹ Épi douz pòtay yo, sé douz pèrl. Chak pòtay té fèt ak yon sèl pèrl, épi plas vil la, sé lò ki nèl tankou kristal ki transparan.

²² Épi Tanp, mouin pa ouè nan li; réyèlman, Granmèt la, Bondié ki gin tout pouvoua-a, sé Tanp li épi Mouton-an. ²³ Épi vil la pa bézouin solèy la ni lalîn nan pou kléré-l ; réyèlman, gloua Bondié-a kléré-l épi lanp li sé Mouton-an. ²⁴ Épi nasion yo ap maché gras a limiè-l la; épi roua yo sou tè-a ap poté richès yo ba li. ²⁵ Épi pòt li yo pap fèmin lajounin; réyèlman, pap gin nuit la. ²⁶ Y-ap poté gloua ak konsidérasion nasion yo ba li. ²⁷ Épi okinn bagay ki sal pap antré ladan-l, ni sa k-ap fè bagay ki dégoutan, ni sa k-ap bay manti; sé sèlman sa yo ki ékri nan liv lavi Mouton-an.

RÉPONS

Cf. Ap 21, 21; Tob 13, 17. 18. 11

R/. Plas ou yo, Jérusalèm, ap kouvri ak lò ki nèl, y-ap di kantik kè kontan nan ou ; * Épi nan tout katié-ou yo tout moun ap di : Alélouya.

V/. Ou-ap kléré ak yon bèl limiè, tout kouin tè-a ap adoré-ou. * Épi nan tout katié-ou yo.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Godens de Brescia, évèk
(Tract. 2: CSEL 68, 26. 29-30)

Ékaristi-a, Pak Granmèt la

Yon sèl la mouri pou tout moun; épi minm nan pa lintèmediè chak kay Égliz yo, nan mistè pin-an ak divin-an, ap réparé antan yo imolé-l, ap bay lavi antan yo kouè-l, ap sanktifié sa k-ap konsakré yo antan-l konsakré.

Sa-a sé chè Mouton-an, sa-a sé san li. Pin-an réyèlman, sa-k désann sot nan sièl, té di: *Pin-an, sa mouin minm m-ap bay la, sé chè mouin pou lavi sièk la*. Sé yon fason ki douat tou divin-an éksprimé aparans san-l nan, li minm ki lè-l di nan Évanjil la: *Mouin minm mouin sé vré pié rézin-an*, déklaré asé klè san li-a sé tout divin y-ap ofri nan réprésantasyon soufrans li-a; sé pou sa patriarch Jakòb ki sin anpil t-ap profétizé osijè Kris la, antan-l di: *L-ap lavé rad li nan divin, épi manto-l nan san rézin-an*. Sètènman manto kò nou-an, rad li-a, li té gin pou-l lavé-l nan pròp san-l.

Sé poutèt sa li minm ki kréatè ak mèt natu yo, ki produi pin-an sot nan tè-a, sé ak pin-an tou (paské li kapab épi li té promèt) li té fè pròp kò-l; épi li minm ki té fè dlo tounin divin, li té fè san-l tou apati divin-an.

Sé pak Granmèt la, sé sa-l di: sètadi pasaj Granmèt la; pou pa pansé sé dapré tè-a sa-k fèt dapré sièl la pa lintèmediè li minm ki travèsé ladan-l, épi ki té fè-l tounin kò-l ak san-l.

Sa-ou résévoua-a, sé kò pin sièl sa-a, épi sé san pié rézin sakré sa-a. Paské, lè li t-ap lonjé pin konsakré-a ak divin-an bay disip li yo, sé konsa li di: *Sa-a sé kò mouin; sa-a sé san mouin*. Sé pou nou kouè, m-ap mandé nou, li minm nou té kouè nan li-a; vérité-a pa kapab bay manti.

Sé pou sa, lè li t-ap palé osijè kò-l yo t-ap gin pou manjé ak san-l yo t-ap gin pou bouè-a ak foul yo ki té sézi épi ki t-ap bougonnin: *Paròl sa-a rèd, épi kilès ki kapab tandé-l?* pou-l té kapab nètouayé ak difé sièl la sa yo t-ap pansé yo, sa li té déjà di pou yo évité-a, li té ajouté konsa: *Sé Éspri-a ki bay lavi, paské chè-a pa sèvi anyin. Paròl yo, sa mouin minm m-ap palé ak nou yo, sé éspri ak lavi.*

RÉPONS

Jan 6, 57; Lk 22, 19b

R/. Papa-a ki vivan-an té voyé-m, épi mouin minm mouin viv akòz Papa-a ; * Konsa tou moun ki manjé-m, l-ap viv tou akòz mouin, alélouya.

V/. Sa-a sé Kò-m, yo bay pou nou-an. * Konsa tou.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin**LÉKTU KOUT**

Rom 8, 10-11

Si Kris la nan nou, kò-a mouri poutèt péché-a sé vré, min éspri-a sé lavi poutèt jistis la. Si Éspri sa-a ki té résisité Jézu sot nan pami mò yo abité nan nou, li minm ki té résisité Kris la sot nan pami mò yo ap fè kò lanmò nou yo viv tou pa lintèmediè Éspri li-a ki abité nan nou-an.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Si nou kinbé kòmandman-m yo, n-ap rété nan rinmin-m nan, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la ki té résisité é ki toujou prézan nan Égliz li-a, an nou adoré-l antan n-ap rélé-l :

Rété avèk nou, Granmèt.

Granmèt Jézu, ou ranpòtè viktoua sou péché-a ak lanmò-a,

— rété nan mitan nou, ou minm k-ap viv nan sièk sièk la.

Vîn jouinn nou avèk fòs ou-a ki pap fébli-a,

— montré kè nou yo jan Bondié bon.

Édé tè-a k-ap soufri dézakò,

— ou mmm sèl ki gin pouvoua pou-ou réfè nanm yo épi pou-ou fè yo rékonsilié.

Asiré nou nan lafoua dènié viktoua-a,

— ba nou fòs nan éspérans vini ou-ap vini-an.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ou minm ak gras ou nou vîn jis, antan nou sot nan kondision péchè yo, épi nou vîn sin antan nou sot nan kondision mizérab yo, rété prézan avèk aksion-ou yo, rété prézan avèk kado-ou yo, pou sa yo jistifikasion-an antré nan yo-a, fòs pèsévérans la pa manké yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

1 Kor 12, 13

Sé nan yon sèl Éspri-a nou tout nou batizé nan yon sèl kò, soua Juif yo, soua Grèk yo, soua ésklav yo, soua moun lib yo, épi nou tout sé nan yon sèl Éspri-a nou pasé souaf nou.

V/. Granmèt la té résisité réyéلمان vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Tit 3, 5b-7

Bondié té sovè nou pa lintèmédiè bingn nouvo nésans la ak fè Éspri-Sin-an fè nou vîn tou nèf la, Éspri sa-a li té vidé sou nou k-ap débòdé-a pa pouvoua Jézu-Kri sovè nou-an, pou lè nou vîn kòrèk ak gras li-a nou rivé éritié lavi pou tout tan-an dapré éspérans la.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

Cf. Kol 1, 12-14

Sé pou nou di Papa-a mèsi, li minm ki té fè nou alarotè nan pòsion éritaj sin yo nan limiè-a ; li minm ki té délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, ki té fè nou travèsé nan rouayòm Pitit li rinmin-an, nan Pitit sa-a nou gin rédanmsion-an, padon pou péché yo.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

1 Piè 3, 18. 21b-22

Kris la mouri yon foua pou tout poutèt péché yo, li minm ki kòrèk pou sa yo ki pa kòrèk yo, pou-l té kapab minnin nou bay Bondié, li mouri nan chè-a sé vré, min li vivan nan Éspri-a. Nou minm tou koulié-a li sové nou, sé pa sa-k sal nan chè-a li ouété, min sé yon bon konsians li mandé nan Bondié pa lintèmediè réziréksion Jézu-Kri-a, li minm ki adouat Bondié, li pati nan sièl la, apré-l fin mété anj yo ak pouvoua yo ak otorité yo anba lòd li.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. : Mouin di nou bagay sa yo pou kè kontan-m nan kapab nan nou, épi pou kè kontan nou-an plin nèt, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, ki té résisité sot nan pami mò yo, kòm premié frui moun ki t-ap dòmi yo, ak rèl fèt an nou fè louanj li ansanm épi an nou priyé-l :

Ou minm ki résisité sot nan pami mò yo, kouté nou.

Sonjé Égliz ou-a ki sin-an, ou minm Kris la, sa-ou té bati sou fondasion
Apot yo épi ou té déplouayé rivé nan limit ronm tè-a,
— fè bénédiksion-ou rivé sou tout moun ki kouè nan ou yo.

Ou minm médsin nanm nou ak kò nou,
— vizité nou, sové nou gras a bon kè-ou.

Soulajé malad yo, ba yo fòs,
— dégajé yo sot nan tout soufrans yo.

Édé moun ki krazé ak kè soté ak mové trétman yo,
— antan-ou pran pitié soutni moun k-ap soufri san sékou yo.

Gras a koua-ou la ak rézireksion-ou nan, ou louvri chémin pa janm
mouri-a pou tout moun,
— frè nou yo ki défin yo, fè yo favè jouinn kè kontan rouayòm ou-an.
Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ou minm ak gras ou nou vîn jis, antan nou sot nan kondision
péchè yo, épi nou vîn sin antan nou sot nan kondision mizérab yo, rét
prézan avèk aksion-ou yo, rét prézan avèk kado-ou yo, pou sa yo
jistifikasion-an antré nan yo-a, fòs pèsévérans la pa manké yo. Pa
pouvoua Jézu-Kri.

VANDRÉDI SINKIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Nan rézireksion-ou nan, ou minm Kris la, alélouya.

R/. Sé pou sièl yo ak tè-a kontan, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

22, 1-9

Gran riviè dlo lavi-a

¹ Épi li montré-m yon riviè dlo lavi ki kléré kon kristal k-ap soti nan trôn Bondié-a ak Mouton-an. ² *Nan mitan* plas li-a ak *riviè-a*, *sou bò isit ak sou bò lòt bò*, *pié boua lavi* k-ap fè frui douz fouda *dapré moua yo*. Chak bay *frui-l épi fèy pié boua-a sèvi kòm rémèd* nasion yo. ³ Épi pap gin okinn malédiksyon ankò; épi trôn Bondié-a ak Mouton-an ap nan li; épi sévité-l yo ap fè sèvis adoration pou li. ⁴ Épi y-ap ouè fas li, épi non-l ap sou fron yo. ⁵ Épi pap gin nuit ankò, épi yo pap bézouin limiè lanp ni limiè solèy, paské Granmèt Bondié-a ap kléré sou yo; épi y-ap kòmandé kòm roua pou tout tan gin tan.

⁶ Épi li di-m: « Paròl sa yo fidèl, épi yo vré. Épi Granmèt la, Bondié éspri profèt yo, té voyé Anj li-a pou montré ésklav li yo bagay ki gin pou yo rivé byin vit la. ⁷ Min m-ap vini byin vit; Kontantman pou sa-k kinbé paròl profési liv sa-a ».

⁸ Sé mouin minm Jan ki tandé épi ki ouè bagay sa yo, épi lè-m fîn tandé, épi ouè, mouin tonbé atè pou-m adoré dévan pié Anj la ki té montré-m bagay sa yo. ⁹ Épi li di-m: « Atansyon, non; sé ésklav ansanm avèk ou mouin yé ak frè-ou yo, profèt yo, ak sa-k kinbé paròl liv sa-a. Sé Bondié pou-ou adoré ».

RÉPONS

Ap 22, 5. 3b

R/. Pap gin nannuit ankò, paské Granmèt Bondié ap kléré sou sèvité-l yo; * Épi y-ap régné nan sièk sièk yo, alélouya.

V/. Trôn Bondié ak Mouton-an ap nan vil ki sin-an, épi sèvité-l yo ap sèvi-l. * Épi y-ap régné.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch byinnéré Izaak, abé monastè Étoual la
(Sermo 42: PL 194, 1831-1832)

Prémié pitit nan pami pakèt frè yo

Minm jan tèt ak kò yon sèl moun, sé yon sèl moun nan minm, konsa tou Pitit Vièj la li minm épi manb li yo li chouazi yo, sé yon sèl moun minm épi yon sèl Pitit moun nan. Sa-k Ékri-a di: *Tout Kris la toutantié tèt la ak kò-a*; vrèman tout manb yo ansanm sé yon sèl kò, ki fè yon sèl Pitit moun nan avèk tèt li-a, ki yon sèl Pitit Bondié avèk Pitit Bondié-a, ki li minm tou sé yon sèl Bondié avèk Bondié.

Donk tout kò-a tou avèk tèt la sé Pitit moun nan ak Pitit Bondié-a, épi Bondié. Sé la tou sa-a soti: *Mouin vlé, Papa, pou, minm jan mouin minm avèk ou nou yon sèl la, konsa pou sa yo tou fè yon sèl avèk nou.*

Sé sa-k fè dapré sans sa-a ki tounin souvan nan sa-k Ékri yo, kò-a pa san tèt la, ni tèt la san kò-a; ni tèt ak kò-a pa san Bondié, tout Kris la.

Sé sa-k fè tou yo tout yon sèl Bondié avèk Bondié; min Pitit Bondié-a avèk Bondié dapré natu-a, épi avèk li Pitit moun nan dapré pèrson nan, avèk li kò li-a dapré sakréman-an.

Sé poutèt sa manb Kris yo ki fidèl épi ki gin rézon, kapab di tout bon vré yo sé sa li minm li yé-a, Pitit Bondié tou épi Bondié. Min sa li minm li yé dapré natu-a, sé sa manb yo yé kòm asosié; sa li minm li yé an plénitud, sé sa manb yo yé nan patisipasion-an; anfin sa Pitit Bondié-a yé dapré anfantman-an, sé sa manb li yo yé dapré adopsion-an, jan sa ékri-a: *Nou té résévoua Éspri pitit adoptif yo, nan li n-ap rélé: Abba, Papa!*

Sé dapré Éspri sa-a li té ba yo pouvoua pou yo vîn tounin pitit Bondié, pou patikilièman yo aprann nan min-l, li minm ki *prémié pitit nan pami pakèt frè yo*, pou yo di: *Papa nou, ki nan sièl yo.* Épi yon lòt koté: *M-ap monté al kot Papa mouin ak Papa nou.*

Koté réyèlman ak Èspri-a Pitit moun nan pran nésans sot nan vant Vièj la kòm tèt nou, ak minm Èspri-a nou gin nouvo nésans pitit Bondié yo, sot nan sous batèm nan, kòm kò li. Épi minm jan li minm sé san okinn péché, konsa nou minm tou sé nan padon tout péché yo.

Minm jan réyèlman tout péché kò-a toutantié li té poté yo sou boua-a nan kò chè-a, konsa tou ak kò spirituèl la, pou yo pa konsidéré li koupab okinn péché, li té bay gras la pa lintèmédiè nouvo nésans la, jan sa ékri-a: *Ala kontantman pou moun nan, sa Granmèt la pa-t konsidéré li koupab péché-a*. Moun sa-a ki gin kontantman-an san okinn dout sé Kris la, li minm, dapré Bondié sé tèt Kris la, li padoné péché yo; li minm, dapré li sé tèt kò-a sé yon sèl moun li yé-a, yo pa-t padoné-l anyin; min dapré li sé kò tèt la, kò ki gin pliziè manb, yo pa konsidéré-l koupab anyin.

Li kòrèk nan li minm, épi l-ap fè pròp tèt li kòrèk li minm. Sèl Sovè, li minm sèl ki sovè; li minm ki té sipòté jous nan bout nan kò-l sou boua-a, sa-l té poté louin sot nan kò-l pa lintèmédiè dlo-a. Antan-l sovè an dé foua pa lintèmédiè boua-a épi pa lintèmédiè dlo-a, *Mouton Bondié, ki poté*, ki sipòté jous nan bout, *péché tè-a*, prèt ak sakrifis, épitou Bondié, ki antan li ofri li minm bay pròp tèt li, li té rékonsilié li minm pa lintèmédiè li minm avèk li minm, minm jan avèk Papa-a épi avèk Èspri-Sin-an.

RÉPONS

Rom 12, 5; Kol 2, 9-10a; 1, 18

R/. Atout nou anpil la, sé yon sèl kò nou yé nan Kris la, nou chak minm nou youn sé manb lòt, * Nan li minm, tou plénitud sa Bondié yé-a abité nan fason kò-a, épi nou plin nan li, alélouya.

V/. Li minm sé tèt kò Égliz la, sé li ki sous, premié pitit sot nan pami mò yo, pou-l kapab kinbé premié ran-an nan tout bagay. * Nan li minm.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Tr Ap 5, 30-32

Bondié papa nou yo té résisité Jézu, li minm nou té touyé-a antan nou té pandié-l sou boua-a; Bondié lévé-l adouat li kòm chèf ak sovè pou-l bay Israèl pénitans ak padon péché yo. Kanta nou minm, nou sèvi paròl sa yo témouin, ak Éspri Sin-an Bondié té bay moun ki obéyi-l yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Sa-a sé kòmandman-m nan : pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin té rinmin nou-an, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié Papa-a, li minm ki té poté nouvo lavi-a pou nou pa lintèmédiè réziréksion Kris la, an nou priyé-l ak insistans :

Kléré nou ak klété Kris la.

Bondié, ou minm ki té fè ouè nan aksion-ou yo dispozision dépi lontan-an, ou té kréyé tè-a, ou rét fidèl nan tout jénérasyon yo,

— kouté nou, Papa ki si tèlman bon.

Nétouayé nou ak pròpté vérité-ou la, dirijé pié nou nan sa-k fè nou sin nan kè nou,

— pou nou fè sa ki kòrèk ak sa ki fè-ou plézi.

Kléré fas ou sou nou,
 — pou antan nou libéré sot nan péché-a nou plin ak byin lakay ou yo.
 Ou minm ki té rékonsilié nou avèk ou pa lintèmediè Kris la,
 — ba nou lapè ansanm ak tout moun ki abité sou ronnn tè-a.
 Papa nou.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Granmèt, pou nou adapté konvénabléman nan mistè paskal yo, pou sa n-ap chèché ak kè kontan yo, yo protéjé nou, épi yo sovè nou ak pouvoua tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Tr Ap 2, 32. 36

Jézu, Bondié té résisité-l, nou tout nou sèvi-l témouin. Sé ak anpil asirans donk pou tout kay Israël la konnin Bondié té fè-l ni Granmèt ni Kris, Jézu sa-a nou té krisifié-a.

V/. Granmèt la té résisité réyéلمان vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Gal 3, 27-28

Nou tout ki batizé nan Kris la, nou té abiyé ak Kris la ; pa gin Juif ni Grèk, pa gin ésklav ni moun lib, pa gin gason ni fi : nou tout réyéلمان sé yon sèl nou fè nan Kris Jézu.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

1 Kor 5, 7-8

Ouété vié lévin-an, pou nou vîn yon nouvo pat, paské nou sé pin san lévin. Réyèlman yo sakrifié Pak nou-an Kris la! Konsa sé pou nou sélébré fèt yo, pa avèk vié lévin, ni avèk lévin méchansté ak movèz foua, min nan pin san lévin sinsérité-a ak vérité-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Ébr 5, 8-10

Malgré Kris la sé Pitit li yé-a, li té aprann obéyisans nan sa-l soufri yo, lè-l fîn akonpli, li vîn tounin pou tout moun k-ap obéyi-l koz sovè yo sovè pou tout tan-an, antan Bondié rélé-l prêt an chèf dapré ran Mèlkisédek.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou *Magnificat* la, réf. : Yon charité ki pi gran, pèsonn pa ginyin-l pasé sa-k dépozé nanm li pou zanmi-l yo, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, chémin-an, vérité-a ak lavi-a an nou lévé-l anlè, antan n-ap rélé :

Petit Bondié vivan-an, béni pèp ou-a.

N-ap priyé-ou, ou minm Kris la, pou tout résponsab yo nan Égliz ou-a, pou, antan y-ap séparé pin lavi-a bay frè yo,

— yo minm tou li nourri yo, li ba yo fòs.

N-ap priyé-ou pou tout pèp krétyin-an, pou-l maché ak dignité nan vokasion-l,

— pou-l kinbé éspri fè yon sèl la nan chinn lapè-a.

N-ap priyé-ou pou moun ki gin otorité pou dirijé nou, pou yo fè dévoua yo dapré jistis la ak mizérikòd la,

— joutan sé bon antant ki ranpòté viktoua ak lapè nan pami tout pèp yo.

N-ap priyé-ou, pou-ou fè nou fîn alarotè nèt, nou minm k-ap sélébré-ou avèk yon kè sinsè nan fanmi sin yo,

— ansanm avèk frè nou yo ki défin, yo minm nou rékomandé bay bon kè-ou la.

Papa nou.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Granmèt, pou nou adapté konvénabléman nan mistè paskal yo, pou sa n-ap chèché ak kè kontan yo, yo protéjé nou, épi yo sovè nou ak pouvoua tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

SAMDI SINKIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié té réfè nou nan espérans vivan-an, alélouya.

R/. Pa lintèmédiè réziréksion Jézu-Kri sot nan pami mò yo, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

22, 10-21

Prèy espérans nou-an

¹⁰ Mouin minm Jan, anj la di-m: « Pa pozé sélé sou paròl liv profési sa-a; réyèlman, moman-an tou pré. ¹¹ Sa-k pa kòrèk la, l-ap pa kòrèk ankò; épi sa-k sal la, l-ap sal ankò. Épi sa-k kòrèk la, l-ap fè sa ki kòrèk ankò; épi sa-k sin-an, l-ap sin ankò.

¹² Min m-ap vini byin vit, épi pri travay mouin avèk mouin. M-ap rinnèt chak moun dapré aksion li. ¹³ Mouin minm *Alfa*-a ak *Oméga*-a, prémié-a ak dènié-a, kòmansman-an ak finisman-an. ¹⁴ Kontantman pou sa-k lavé ròb yo pou yo gin pouvoua sou pié boua lavi-a, épi sou pòtay yo pou yo antré nan vil la. ¹⁵ Déyò chyin yo ak majisyin yo, sa-k nan libètinaj yo, ak kriminèl yo, ak sa k-ap sèvi zidòl yo ak tout zanmi manti yo épi k-ap fè manti-a.

¹⁶ Mouin minm Jézu mouin té voyé Anj mouin-an pou-l témouagné nou bagay sa yo sou Égliz yo. Mouin minm mouin sé rasîn ak désandans David la, zétoual la ki kléré granmatin-an ».

¹⁷ Épi Éspri-a ak fi-a ki fè-k marié-a di: « Vini ». Épi sa-k tandé-a, sé pou-l di: « Vini » Épi sa-k souaf la, sé pou-l vini; sa-k vlé, l-ap résévoua dlo lavi gratis.

¹⁸ Mouin minm mouin avèti tou sa-k tandé paròl profési liv sa-a, si yon moun mété an plis sou yo, Bondié ap mété an plis sou li chatiman sa yo ki ékri nan liv sa-a. ¹⁹ Épi si yon moun ouété nan paròl liv profési sa-a, Bondié ap ouété pòsion pa-l la sot nan pié boua lavi-a ak nan vil la ki sin-an, yo minm ki ékri nan liv sa-a.

²⁰ Témouin-an di bagay sa yo: « Oui m-ap vini byin vit ». « Amèn, vini, Granmèt, Jézu ». ²¹ Gras Granmèt la, Jézu, avèk tout moun.

RÉPONS

Ap 22, 16b. 17ab. 20c; Iz 55, 1a. 3a

R/. Mouin minm mouin sé rasîn ak ras David, zétoual ki kléré-a ki lévé granmatin-an; épi Éspri-a ak Épouz la di : Vini; * Épi sa-a ki tandé-a, sé pou-l di: Vini. Amèn. Vini, Granmèt Jézu, alélouya.

V/. Nou tout ki souaf, vîn nan dlo yo; panché zòrèy nou, vîn jouinn mouin. * Épi sa-a.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Éksplikasion détayé sin Ogustin, évèk, nan Psòm yo
(Ps 148, 1-2: CCL 40, 2165-2166)

Alélouya paskal la

Méditation lavi nou-an koulié-a sé nan louanj Bondié li doué yé, paské fèt pou tout tan lavi nou-an k-ap vini-an, sé louanj Bondié l-ap yé; épi pèsonn pap vîn alarotè lavi k-ap vini-an, si-l pa égzèsé pròp tèt li pou sa dépi koulié-a. Dépi koulié-a nou fè louanj Bondié, min n-ap mandé Bondié tou. Louanj nou-an gin kontantman, priyè-a gin jémisman. Yo promèt nou réyèlman kichòy nou poko ginyin; épi paské li vré li minm ki té promèt la, nou kontan nan éspérans la; poutan paské nou poko ginyin-l, nou jémi nan anvî nou anvî-l la. Li bon pou nou pèsévéré nan anvî-a, joutan sa yo promèt la rivé, épi pou jémisman-an pasé, pou sé louanj la sèlman ki vîn apré.

Poutèt dé tan sa yo, youn ki la kounié-a nan tantasion ak tribilasyon lavi sa-a, lòt la k-ap la lè sa-a nan asirans ak fèt san rété, yo mété pou nou sélébré dé tan tou, anvan Pak, épi apré Pak. Sa-a ki anvan Pak la, li vlé di tribilasyon-an nou ladan-l pou koulié-a; min sa n-ap fè koulié-a apré Pak la, li vlé di kontantman n-ap ladan-l apré-a. Anvan Pak la donk sa nou sélébré-a, sé sa n-ap pasé tou; apré Pak la minm ak sa nou sélébré-a, nou vlé di sa nou poko kinbé. Sé poutèt sa prémié tan-an nou égzèsé nou jèn yo ak priyè yo; min tan sa-a antan nou lajé jèn yo nou pasé-l nan louanj yo. Sé sa réyèlman: *Alélouya*, nou chanté-a.

Nan tèt nou-an réyèlman toulèdé prézanté ba nou, toulèdé démontré. Soufrans Granmèt la montré nou lavi nésésité prézan yo, paské nou doué travay épi pasé tray épi alafin mouri; rézireksion-an minm ak glorifikasyon Granmèt la montré nou lavi nou gin pou résévoua-a.

Koulié-a donk, frè yo, n-ap ankourajé nou pou nou fè louanj Bondié; épi sé sa nou tout nou di, lè nou di: *Alélouya*. Fè louanj Grnamèt la, ou di lòt, li minm tou li di-ou; kòm tout ankourajé lòt, tout fè sa y-ap ankourajé yo-a. Min fè louanj ak tout nou minm; sètadi, sé pa sèlman lang ak voua nou ki pou fè louanj Bondié, min sé konsians nou tou, lavi nou, aksion nou yo.

Réyèlman nou fè louanj kounié-a nan légliz la lè nou rasanblé-a; lè chak moun tounin nan pròp afè pa-l, sé kòm si li t-a sispann fè louanj Bondié. Si-l pa sispann viv byin, l-ap toujou fè louanj Bondié tou. Min ki lè ou sispann fè louanj Bondié, sé lè ou viré sot nan jistis la, épi sot nan sa ki fè-l plézi-a. Paské si ou pa janm viré sot nan viv byin-an, lang ou pap palé, min lavi-ou ap rélé; épi zòrèy Bondié ap nan diréksion kè-ou. Minm jan réyèlman zòrèy nou yo nan diréksion voua nou yo, sé konsa zòrèy Bondié nan diréksion sa nou pansé yo.

RÉPONS

Jan 16, 20b

R/. Lapinn nou-an * Ap vîn tounin kè kontan, alélouya.

V/. Tè-a minm ap nan kè kontan, nou minm n-ap gin lapinn; min lapinn nou-an. * Ap vîn tounin.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 14, 7-9

Pèsonn nan nou pap viv pou prop tèt li; pèsonn pap mouri pou prop tèt pa li; kit n-ap viv réyèlman, sé pou Granmèt la n-ap viv, kit nou mouri, sé pou Granmèt la nou mouri. Donk kit n-ap viv, kit nou mouri, sé pou Granmèt la nou yé. Sé pou sa réyèlman Kris la mouri épi li té viv tou, sé pou-l té kòmandé ni sa-k mouri yo, ni sa-k vivan yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus la, réf.* : Sé pou sa Kris la mouri épi li té résisité, pou-l kòmandé ni moun ki mouri yo, ni moun ki vivan yo, alélouya.

PRİYÈ YO

Kris la, pin lavi-a; li minm k-ap résisité moun ki profité tab parol li ak kò li-a nan dènié jou-a, ak gété an nou priyé-l :

Granmèt, ba nou lapè ak kè kontan.

Pitit Bondié-a, ou minm lè-ou résisité sot nan pami mò yo, ou chèf lavi-a,
— béni nou, fè nou vîn sin ansanm ak tout frè-ou yo.

Ou minm ki bay tout moun ki kouè nan ou yo lapè ak kè kontan,
— fè nou maché tankou pitit limiè pou nou kontan nan viktoua ou la.

Dévolpé lafoua Égliz la ki pèlrin sou tè-a,
— pou-l bay moun yo sou tè-a témouagnaj rézireksion-ou nan.

Ou minm ki fîn soufri anpil, épi ou té antré nan gloua Papa-a,
— lapinn moun ki tris yo, fè-l vîn tounin kè kontan.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ki té aksépté ba nou lavi sièl la nan dézièm nésans batèm nan, fè nou favè, tanpri, pou sa yo ou fè vi-n gin kapasité pa mouri-a antan-ou jistifié yo-a, yo rivé jous nan dènié dégré gloua-a, antan ou-ap kondui yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Rom 5, 10-11

Si malgré nou té ènmi, nou vîn rékonsilié ak Bondié pa lintèmediè lanmò Pitit li-a, sé pi plis toujou antan nou fîn rékonsilié-a n-ap sovè nan lavi li-a; sé pa sèlman sa, min n-ap jouinn gloua nan Bondié palintèmediè Granmèt nou Jézu-Kri, li minm sé pa lintèmediè-l koulié-a nou té résévoua rékonsiliation-an.

V/. Granmèt la té résisité réyéلمان vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst**LÉKTU KOUT****1 Kor 15, 20-22**

Kris la té résisité sot nan pami mò yo, prémié frui pami sa-k t-ap dòmi yo. Paské réyèlman sé pa lintèmediè yon moun gin lanmò-a, sé pa lintèmediè yon moun tou gin rézireksion mò yo : minm jan réyèlman tout moun té mouri nan Adan-an, sé konsa tout moun ap gin lavi nan Kris la.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT****2 Kor 5, 14-15**

Rinmin Kris la ap pousé nou ; antan nou konsidé ré si yon sèl mouri pou tout moun, konsa tout moun yo mouri ; épi li mouri pou tout moun, pou minm moun k-ap viv yo, sé pa pou yo minm y-ap viv ankò, min pou sa-a ki mouri épi ki té résisité pou yo-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

SIZIÈM DIMANCH PAK

Dézièm sémèn Psòm yo

Pou premié Vèp yo

IMN, *Ad cenam Agni*, 54.

Réf. 1 Moun ki fè vérité-a, li vîni kot limiè, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch dézièm sémèn-nan, 673.

Réf. 2 Antan soufrans anba tè yo défèt, Granmèt la té résisité, alélouya.

Réf. 3 Èské Kris la pa-t gin pou-l soufri bagay sa yo, pou-l antré konsa nan gloua-l la ? Alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Piè 2, 9-10

Nou minm nou sé yon ras chouazi, yon sèvis prèt ki roua, yon nasion ki sin, yon pèp ki gin mèt, pou nou anonsé puisans sa-a ki té rélé nou sot nan fènoua yo vîn nan bèl limiè-l la ; lontan nou pa-t yon pèp, min koulié-a nou sé pèp Bondié-a ; nou pa-t résévoua mizérikòd, min koulié-a nou résévoua mizérikòd.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou *Magnificat* la, réf. :

Ané **A**

Mouin minm m-ap mandé Papa-a, épi l-ap voyé yon lòt Paraklè pou nou, pou-l rét avèk nou pou tout tan, alélouya.

Ané **B**

Minm jan Papa-a té rinmin-m nan, sé konsa tou mouin minm mouin té rinmin nou ; sé pou nou rété nan rinmin-m nan, alélouya.

Ané **C**

Si yon moun rinmin-m, l-ap kinbé paròl mouin-an, Papa-m ap rinmin-l, n-ap vîn jouinn li, n-ap abité lakay li, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, li minm ki antan-l résisité sot nan pami mò yo té détrui lanmò-a épi té réfè lavi-a tou nèf, an nou priyé-l avèk insistans :

Ou minm Kris la ki toujou vivan, kouté nou.

Ou minm, ròch sa-a mason yo té réjité-a, ou vîn tounin tèt kouin mitan anlè-a:

— bati nou nan Égliz ou-a tankou ròch vivan.

Ou minm, témouin fidèl ki vré, premié pitit nan pami mò yo,

— fè Égliz ou-a sèvi-ou témouin san rété.

Ou minm, sèl épou Égliz la ki soti bò kòt ou-a,

— fè nou sèvi sakréman mariaj sa-a témouin.

Ou minm ki premié ak dènié, ou té mouri, ou vivan,

— prèzèvé moun ki batizé yo pou yo fidèl jous nan lanmò, pou yo rivé résévoua kouròn nan.

Ou minm, limiè ak lanp vil Bondié-a ki sin-an,

— kléré défin nou yo, pou yo régné san rété.

Papa nou.

Priyè-a

Jou fèt sa yo n-ap suiv an lonè Granmèt la ki résisité-a, Bondié ki gin tout pouvoua, fè nou sélébré yo avèk bon jan atansyon, pou sa n-ap kontinié fè sonjé-a, nou kinbé-l tout tan nan aksyon. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Ofis léktu-a

V/. Chè mouin té réfléri, alélouya.

R/. Épi sé volonté-m pou-m fè déklarasyon pou Bondié, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Kòmansman premié Lèt apot sin Jan

1, 1-10

Paròl lavi-a épi limiè Bondié-a

¹ Sa-k té nan kòmansman-an, sa nou té tandé-a, sa nou té ouè ak jé nou yo, sa nou té konsidéré-a, sa min nou té touché-a osijè paròl lavi-a, ² épi lavi-a té manifesté, nou té ouè, nou sèvi témouin, nou anonsé nou lavi tout tan-an, ki té dévan Papa-a épi ki té parèt pou nou-an. ³ Sa nou té ouè-a épi nou té tandé-a, nou anonsé-l ba nou tou, pou nou minm nou gin kominion avèk nou. Kominion pa nou-an minm li avèk Papa-a épi avèk Pitit li-a, Jézu-Kri. ⁴ Épi bagay sa yo nou ékri yo nou minm pou kè kontan nou-an vîn an plin. ⁵ Min mèsaj la, sa nou té tandé sot nan Jézu-Kri-a épi sa nou té anonsé nou-an, sèk Bondié sé limiè, pa gin okinn tènèb nan li.

⁶ Si nou di nou nan kominion avèk li, épi n-ap maché nan tènèb, nou fè manti épi nou pa fè vérité ; ⁷ min si n-ap maché nan limiè, minm jan li minm li nan limiè-a, nou nan kominion youn ak lòt, épi san Jézu-Kri, Pitit li-a, pròpté nou anba tout péché.

⁸ Si nou di nou pa gin péché, nou pran pròp tèt pa nou nan pièj, épi vérité-a pa nan nou. ⁹ Si nou konfésé péché nou yo, li fidèl épi li kòrèk, pou-l padonnin nou péché nou yo épi pou-l nétouayé nou sot nan tout fot. ¹⁰ Si nou di nou pa fè péché, nou fè-l tounin mantè, épi paròl li-a pa nan nou.

RÉPONS

1 Jn 1, 2; 5, 20a.c

R/. Lavi-a té manifésté, nou té ouè, nou sèvi témouin, nou anonsé nou lavi tout tan-an: * Lavi sa-a ki té dévan Papa-a épi ki té parèt pou nou-an, alélouya.

V/. Nou konnin Pitit Bondié-a vini: sé li sa-a ki vré-a, Bondié-a ak lavi tout tan-an. * Lavi.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Kòmantè sin Siril d'Aléksandri, évèk, nan dézièm Lèt pou Korintyin yo

(Cap. 5, 5 — 6, 2: PG 74, 942-943)

*Bondié té rékonsilié nou pa lintèmediè Kris la,
épi li té ba nou sèvis rékonsiliation-an*

Moun ki gin gaj Éspri-a, épi ki gin éspérans réziréksion-an, antan yo kinbé bagay yo éspéré-a kòm si li té prézan, yo di yo pa konnin pèsonn ankò dapré chè-a: nou tout réyèlman nou spirituèl, épi nou étranjé parapò a dékonpozision chè-a. Épi vrèman antan Sèl Pitit la ap kléré nou, nou vîn transfòmé nan Paròl la li minm k-ap bay tout bagay lavi-a. Sètadi minm jan nou té maré nan chinn lanmò-a antan péché-a t-ap régné-a, konsa nou réjté dékonpozision-an antan jistis Kris la vîn antré-a.

Sé pou sa pèsonn pa nan chè-a ankò, sètadi nan féblès dapré chè-a, mòd dékonpozision sa-a sa kòrèk épi sé ak rézon yo konprann li nan pami lòt yo, li ajouté: *Paské minm si nou té konnin Kris la dapré chè-a, koulié-*

a minm nou pa konnin-l konsa ankò. Tankou si li t-a vlé di: Paròl la vîn tounin chè épi li té abité nan nou, épi pou lavi nou tout li té sibi lanmò-a dapré chè-a, épitou sé konsa nou té konnin-l; réyèlman vré koulié-a nou pa konnin-l konsa ankò. Minm si réyèlman li kinbé chè-a, sètènman li minm ki té tounin viv touazièm jou-a épi ki tounin nan sièl yo bò kot Papa-a, poutan yo konprann li anlè chè-a: li mouri yon foua pou tout, li pap mouri ankò, lanmò-a pap gin pouvoua sou li ankò. Sa-k mouri-a réyèlman, li mouri aléga péché-a yon foua pou tout ; sa k-ap viv la minm, sé pou Bondié l-ap viv.

Sé poutèt sa si sé konsa li minm li yé sa-k té fè tèt li tounin sign k-ap anonsé lavi-a pou nou, yo doué vrèman konsidéré nou minm tou k-ap rété nan tras li yo sé pa tèlman nan chè-a nou égzisté, min anlè chè-a. Donk sé yon fason ki douat anpil sin Pòl di: *Si gin yon nouvo créatu nan Kris la, ansyin yo pasé, min li, sé nouvo yo ki fèt.* Nou té vîn kòrèk réyèlman pa lintèmédiè lafoua nan Kris la, épi fòs malédiksion-an sispann. Puisqué li té fè lagras nou-an réviv, antan-l pilé puisans lanmò-a anba pié; nou té konnin vré Bondié-a ak pròp natu li-a, li minm nou pran souin sèvi nan éspri ak vérité, antan Pitit li sé médiatè-a, ki distribué bay tè-a bénédiksion anro yo sot nan Papa-a.

Sé pou rézon sa-a sin Pòl di ak anpil sa-jès: *Min tout bagay vîn sot nan Bondié, li minm ki té rékonsilié nou ak li pa lintèmédiè Kris la.* Rèyèlman tout bon vré mistè inkarnasion-an ak rénouvelman ki suiv li-a pa andéyò volonté Papa-a ditou. Sètènman pa lintèmédiè Kris la nou rivé jouinn antré-a paské pèsonn pa rivé kot Papa-a, jan li minm li di-a: sof si sé pa lintèmédiè li minm. Sé poutèt sa *tout bagay vîn sot nan Bondié, li minm ki té rékonsilié nou pa lintèmédiè Kris la épi ki té ba nou sèvis rékonsiliation-an.*

RÉPONS

Rom 5, 11; Kol 1, 19-20a

R/. N-ap jouinn gloua nan Bondié palintèmédiè Granmèt nou Jézu-Kri,

* Sé pa lintèmédiè-l koulié-a nou résévoua rékonsiliation-an, alélouya.

V/. Sé nan li Bondié pran plézi fè tout plénitud abité, épi nan li, pa lintèmédiè-l rékonsilié tout bagay. * Sé pa lintèmédiè-l.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, *Aurora lucis*, 37.

Réf. 1 Sa-a sé jou Granmèt la té fè-a, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch dézièm sémèn-nan, 680.

Réf. 2 Ou béni nan platfòm sièl la, épi ou mérité louanj nan sièk yo, Bondié nou, alélouya.

Réf. 3 Adoré Bondié ki chita sou trôn nan, antan n-ap di : Amèn, alélouya.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 10, 40-43

Bondié té résisité Jézu touazièm jou-a, li fè-l parèt, non pa dévan tout pèp la, min dévan témouin yo Bondié té chouazi davans yo, nou minm, ki té manjé, ki té bouè avèk li, apré-l té fîn résisité sot nan pami mò yo; li té pasé nou lòd pou nou préché pèp la, pou nou sèvi témouin sé li minm Bondié mété kòm jij moun ki vivan yo ak moun ki mouri yo. Tout profèt yo sèvi bagay sa-a témouin tout moun ap résévoua padon péché yo nan non-l, sa yo ki kouè nan li-a.

RÉPONS KOUT

R/. Ou minm Kris la, Pitit Bondié vivan, pran pitié pou nou. * Alélouya, alélouya. Ou minm Kris la.

V/. Ou minm ki té résisité sot nan pami mò yo * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Ou minm Kris la.

Pou Benedictus la, réf. :

Ané A

Mouin pap kité nou òfélin : m-apralé épi m-ap vîn jouinn nou, kè nou ap kontan, alélouya.

Ané B

Mouin di nou bagay sa yo, pou kè kontan-m nan kapab nan nou, pou kè kontan nou-an réalisé nèt, alélouya.

Ané C

Éspri-Sin-an, sa Papa-a ap voyé o non-m nan, sé li minm k-ap aprann nou tout bagay, l-ap souflé nou tou sa-m té di nou yo, alélouya.

PRİYÈ YO

Bondié Papa-a gin tout pouvoua, li minm ki té résisité Jézu, chèf nou-an ak sovè nou-an, an nou priyé-l antan n-ap di byin fò :

Kléré nou, Granmèt, ak klété Kris la.

Papa ki sin, ou minm ki té fè Jézu ou rinmin-an travèsé sot nan fènoua lanmò yo al nan limiè gloua-ou la,

— fè nou vîn nan limiè-ou la ki ékstraòdinè-a.

Ou minm ki té sovè nou pa lintèmédiè lafoua-a,

— fè nou viv jodi-a nan lafoua batèm nou-an.

Ou minm ki kòmandé nou pou nou chèché bagay ki anro yo, koté Kris la yé-a antan-l chita adouat ou-a,

— présèvé nou sot anba atirans péché-a.

Sé pou lavi nou ki kaché anndan-ou avèk Kris la, vîn kléré sou tè-a,

— pou sièl nouvo-a ak tè nouvo-a vîn anonsé davans.

Papa nou.

Priyè-a

Jou fèt sa yo n-ap suiv an lonè Granmèt la ki résisité-a, Bondié ki gin tout pouvoua, fè nou sélébré yo avèk bon jan atansyon, pou sa n-ap kontinué fè sonjé-a, nou kinbé-l tout tan nan aksyon. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Cf. 1 Kor 15, 3b-5

Kris la mouri pou péché nou yo, dapré sa-k Ékri yo, yo antéré-l, li résisité sou touazièm jou-a, dapré sa-k Ékri yo, li parèt dévan Séfas, apré sa dévan Douz yo.

V/. Granmèt la té résisité réyéلمان vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst**LÉKTU KOUT****Éféz 2, 4-6**

Bondié ki rich nan mizèrikòd, poutèt gran charité-l la, sa-l té rinmin nou avèk li-a, malgré nou té mouri akòz péché yo, li té fè nou viv nan Kris la, — sé akòz gras la nou sovè, — épi li té résisité nou avèk li, li té fè nou chita avèk li nan sièl yo nan Kris Jézu.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT****Rom 6, 4**

Nou antéré ansanm avèk li nan lanmò-a gras a batèm nan, pou minm jan Kris la résisité sot nan pami mò yo gras a gloua Papa-a, konsa tou nou minm n-ap maché nan nouvo lavi-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Ad cenam Agni*, 54.

Réf. 1 Li té résisité Kris la sot nan pami mò yo, épi li té instalé-l adouat li nan sièl yo, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch dézièm sémèn-nan, 687.

Réf. 2 Nou viré do bay zidòl yo, nou viré fas bay Bondié ki vivan-an, alélouya.

Réf. 3 Alélouya, sové nou sové-a, gloua-a ak fòs la pou Bondié nou-an, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ébr 10, 12-14

Kris la ofri yon sèl sakrifis pou péché yo, pou tout tan *li té chita adouat Bondié*, antan l-ap tann apré sa, *joustan yo plasé ènmi-l yo kòm machéskalié pou pié-l*; avèk yon sèl ofrann réyèlman, li té fè moun yo ki vîn sin yo vîn kòrèk nèt pou tout tan.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, * Alélouya, Alélouya. Granmèt la.

V/. Li té parèt dévan Simon. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou Magnificat la, réf. :

Ané A

Moun ki rinmin-m, Papa-m ap rinmin-l; mouin minm tou m-ap rinmin-l, m-ap fè-l ouè-m aklè, alélouya.

Ané B

Sa sé kòmandman-m nan, pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin té rinmin nou-an ; pèsonn pa gin pi gran rinmin pasé sa, pou li dépozé nanm li pou zanmi-l yo, alélouya.

Ané C

Sé lapè mouin kité pou nou, sé lapè-m nan mouin ba nou ; sé pa tankou tè-a bay li-a mouin minm mouin ba nou li. Pa kité kè nou troublé, pa kité-l soté, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié Papa-a, li minm ki té résisité Kris la épi ki té lévé-l anlè adouat li, an nou priyé-l antan n-ap sipliyé :

Gras a gloua Kris la, protéjé pèp ou-a, Granmèt.

Papa ki korèk, ou té lévé Jézu anlè sot sou tè-a gras a viktoua lakoua-a,
— fè tout bagay suiv atirans pou y-al jouinn li.

Gras a Pitit la ou lévé anlè-a, voyé Éspri-Sin-an nan Égliz la,
— pou-l vîn tounin sakréman ki fè tout ras moun nan fè yon sèl.

Nouvo pitit yo, sa-ou té bay nésans nan dlo-a ak nan Éspri-Sin-an,
— fè yo rét fidèl nan batèm yo pou lavi tout tan-an.

Gras a Pitit ou-a ki lévé anlè-a, soulajé maléré yo, libéré sa yo kinbé nan prizon yo, géri malad yo,
— fè tout moun dibyin pou kè yo kontan.

Frè nou yo ki défin yo, sa-ou té bay kò ak san Kris la ki nan gloua-a,
— fè yo patisipé nan rézireksion-an nan dènié jou-a.

Papa nou.

Priyé-a

Jou fèt sa yo n-ap suiv an lonè Granmèt la ki résisité-a, Bondié ki gin tout pouvoua, fè nou sélébré yo avèk bon jan atansyon, pou sa n-ap kontinué fè sonjé-a, nou kinbé-l tout tan nan aksion. Pa pouvoua Jézu-Kri.

LINDI SIZIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Kè-m ak chè-m, alélouya.

R/. Té fété nan Bondié vivan-an, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan premié Lèt apot sin Jan

2, 1-11

Kòmandman nouvo-a

¹ Ti pitit mouin yo, mouin ékri nou bagay sa yo pou nou pa fè péché ; min si yon moun fè péché, nou gin yon avoka bò kot Papa-a, Jézu-Kri ki kòrèk la, ² li minm minm li sé padon pou péché nou yo ; pa pou pa nou yo sèlman, min tou pou pa tout tè-a.

³ Min kijan nou konnin nou rékonèt Jézu, sé si nou obsèvé kòmandman-l yo. ⁴ Moun ki di li konnin-l épi li pa kinbé kòmandman-l yo, li sé mantè, vérité-a pa nan li. ⁵ Min moun ki kinbé paròl li, charité Bondié-a kòrèk nèt nan li, sé konsa nou konnin nou nan li. ⁶ Moun ki di li rété nan li, sé jan-l maché-a pou li minm tou li maché.

⁷ Nou minm mouin rinmin anpil la, sé pa yon kòmandman nouvo mouin ékri nou, min sé yon kòmandman ansyin, sa nou té ginyin dépi kòmansman-an : kòmandman ansyin-an sé paròl la nou té tandé-a. ⁸ Sé yon kòmandman nouvo mouin ékri nou, li vré ni nan li ni nan nou, sèké fènoua yo pati, vré limiè-a déjà ap kléré. ⁹ Moun ki di li nan limiè, épi ki rayi frè-l, li nan fènoua jous koulié-a. ¹⁰ Moun ki rinmin frè-l li rété nan limiè, pa gin bariè nan li. ¹¹ Min moun ki rayi frè-l, li nan fènoua, l-ap maché nan fènoua, li pa konn koté l-apralé, paské fènoua yo fèmin jé-l.

RÉPONS

Jan 13, 34; 1 Jn 2, 10a. 3

R/. Mouin ba nou yon kòmandman nouvo: pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin té rinmin nou-an. * Moun ki rinmin frè-l, li rété nan limiè, alélouya.

V/. Nan sa nou konnin nou rékonèt Kris la, sé si nou obsèvé kòmandman-l yo. * Moun ki rinmin.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion Didim d'Aléksandri Osijè Trinité-a

(Lib. 2, 12: PG 39, 667-674)

Éspri-Sin-an fè nou vîn tou nèf ak batèm nan

Li fè nou vîn tou nèf nan Batèm nan, Éspri-Sin-an kòm Bondié, yon sèl avèk Papa-a ak Pitit la, li tounin minnin nou sot nan yon kondision défòmé al nan prémié bèlté-a, li ranpli nou ak gras li-a, yon fason pou nou pa kapab résévoua okinn bagay an plis, sa yo pa gin pou yo chèché; épi li libéré nou sot nan péché-a ak sot nan lanmò-a; épi sot nan sa yo ki dapré tè-a, sètadi sot nan tè-a ak sann nan, li fè nou spirituèl, ki patisipé nan gloua Bondié-a, pitit épi éritié Bondié ak Papa-a, ki gin minm fòm pòtré Pitit la, éritié ansanm avèk li, épi frè, k-ap jouinn gloua ansanm avèk li, ki gin pou régné ansanm avèk li tou; épi nan plas tè-a li bay sièl la pito, li fè kado paradi-a byin laj; li fè nou déjà gin plis onè pasé anj yo; ak dlo pisîn Bondié-a k-ap koulé yo, li étinn gran flanm difé jèèn nan ki pa kapab étinn nan.

Sé dé fason réyéleman moun yo vîn fèt nan vant, youn sot nan kò nou yo, lòt la sot nan Éspri Bondié-a. Osijè toulèdé mésié ki bay ansègnman yo té ékri yon fason ki kòrèk. Min mouin minm m-ap ékri non yon sèl ak ansègnman-l nan.

Jan: *Min tout moun ki té résévoua-l, li té ba yo pouvoua pou yo vîn tounin pitit Bondié, yo minm ki kouè o non-l, ki pa fèt sot nan san yo, ni nan volonté chè-a, ni nan volonté gason, min ki fèt sot nan Bondié.*

Tout moun, sé sa-l di, ki té kouè nan Kris la, yo té résévoua pouvoua pou yo vîn tounin pitit Bondié, sètadi Éspri Sin-an, pou yo vîn pran nésans ansanm nan Bondié. Réyèlman pou-l kapab montré sa k-ap anfanté-l la Éspri-Sin-an sé Bondié, li té ajouté sot nan Kris la pèsònèlman: *Amèn, amèn mouin di-ou: Si yon moun pa fèt sot nan dlo ak Éspri, li pa kapab antré nan rouayòm Bondié-a*

Yon fason yo kapab ouè réyèlman pisîn nan anfanté kò nou, antan prèt yo ap fè sèvis la; min yon fason spirituèl, antan anj yo ap fè sèvis la, Éspri Bondié-a, li minm okinn intèlijans pa kapab ouè-a, sé li minm ki batizé kò-a ansanm ak nanm nan li minm, épi ki ba-l nouvo nésans.

Paské Batis la tou yon fason ki istorik épi ki an akò ak paròl sa-a: *Sot nan dlo ak Éspri*, li di osijè Kris la: *Li minm l-ap batizé nou nan Éspri Sin-an, ak nan difé-a*. Kòm réyèlman véso moun nan sé tè krich li yé, sé pou sa li bézouin toudabò pou yo nétouayé-l ak dlo-a, apré sa ak difé spirituèl la pou yo rafèmi-l épi fè-l fîn apouin nèt (Bondié réyèlman sé yon difé k-ap boulé); épitou konsa li bézouin Éspri-Sin-an k-ap fè-l vîn apouin nèt épi tou nèf, difé spirituèl la réyèlman konnin rouzé tou, dlo spirituèl la tou konn fòjé yon lòt foua.

RÉPONS

Cf. Iz 44, 3. 4; Jan 4, 14b

R/. M-ap vidé dlo réyèlman sou tè ki souaf la, avèk kouran dlo sou sa k sèk la; m-ap vidé Éspri-m, * Épi y-ap jèmin tankou pié sòl bò dlo k-ap koulé yo, alélouya.

V/. L-ap vîn tounin yon sous dlo k-ap jayi pou lavi tout tan-an. * Épi y-ap jèmin.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 10, 8b-10

Paròl la toupré-ou, nan bouch ou ak nan kè-ou ; sé paròl lafoua-a, sa n-ap préché-a. Paské, si-ou rékonèt ak bouch ou: « Jézu sé Granmèt la! », épi nan kè-ou ou kouè Bondié résisité-l sot nan pami mò yo, ou-ap sové. Ak kè-a réyèlman yo kouè pou jistis la, ak bouch la minm déklarasion-an fèt pou sové n-ap sové-a.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Bondié té réfè nou pou yon éspérans ki vivan, gras a réziréksion Jézu-Kri-a sot nan pami mò yo, pou yon éritaj ki pap détrui, alélouya.

PRİYÈ YO

Bondié Papa-a, li minm ki jouinn gloua nan lanmò ak réziréksion Pitit li-a, an nou priyé-l avèk konfians :

Granmèt, kléré éspri nou yo.

Bondié, Papa limiè yo, ou minm ki té kléré tè-a ak limiè gloua Kris la ki résisité-a,

— kléré éspri nou yo jodi-a ak limiè lafoua-a.

Ou minm ki té louvri pòt ki bay sou lavi pou tout tan-an pou moun yo gras a Pitit ou-a ki résisité-a,

— nou minm k-ap travay jodi-a, fè nou favè éspérans lavi tout tan-an.
 Ou minm ki té voyé Éspri-Sin-an sou tè-a gras a Pitit ou-a ki résisité-a,
 — limin kè nou yo ak difé charité spirituèl la.
 Ou minm ki té rinnèt Pitit ou-a bay lanmò-a pou té kapab libéré nou,
 — sé pou li minm li vîn tounin sovè ak rédanmsion pou nou jodi-a.
 Papa nou.

Priyè-a

Bondié mizérikòd, fè nou favè, sa n-ap rapousuiv nan règléman paskal yo, fè nou santi li donnin frui pou nou tout tan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Cf. Ap 1, 17c-18

Mouin té ouè Pitit moun nan, ki té di-m : Pa pè ! Sé mouin minm premié-a ak dènié-a, mouin vivan, mouin té mouri épi min m-ap viv pou sièk sièk yo, mouin gin klé lanmò-a ak lanfè-a.

V/. Granmèt la té résisité réyéلمان vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Kol 2, 9. 10a. 12

Nan Kris la, tout plénitud sa Bondié yé-a abité nan fason kò-a, épi nou plin ak sa-k nan li-a, nou antéré avèk li nan batèm nan, nan li nou té résisité tou ansanm ak li pa lintèmediè lafoua nan aksion Bondié-a, li minm ki té résisité-l sot nan pami mò yo.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

2 Tim 2, 8. 11

Sonjé Jézu-Kri résisité sot nan pami mò yo, sot nan ras David, dapré bòn nouvèl mouin-an. Paròl la sètin : Sèké, si nou mouri ansanm avèk li, n-ap viv ansanm avèk li tou.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Ébr 8, 1b-3a

Nou gin yon kalité prèt an chèf, ki chita adouat trôn Grandè-a nan sièl yo, sèvitè bagay ki sin yo ak vré tant la, sa Bondié té drésé-a, sé pa moun ki drésé-l. Réyéلمان tout prèt an chèf, yo instalé-l pou-l ofri kado ak sakrifis.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. : Éspri vérité-a, ki sot nan Papa-a, sé li minm k-ap bay témouagnaj osijè-m; nou minm tou n-ap bay témouagnaj, alélouya.

PRİYÈ YO

Kris la, Granmèt la, li minm ki té kléré tè-a gras a réziréksion-l nan, an nou priyé-l ak kè kontan :

Jézu-Kri, lavi nou, kouté nou.

Jézu-Kri Granmèt, ou minm ki t-al jouinn disip yo kòm konpagnon yo sou rout la,

— rét prézan nan Égliz ou-a ki an pélérijaj la.

Pa pèmèt pou fidèl ou yo pran réta pou yo kouè,

— min fè yo déklaré ou ranpòté viktoua sou lanmò-a.

Voyé jé ak bon kè sou moun yo ki pa-t rékonèt ou sou rout la,

— fè yo ouè-ou aklè, pou yo résévoua-ou kòm sovè-a.

Ou minm ki rékonsilié tout moun nan kò-ou gras a koua-a,

— fè tout nasion yo viv nan lapè épi fè yon sèl.

Ou minm ki jij moun k-ap viv yo ak sa ki mouri yo,

— fè défin yo ki té kouè nan ou yo, jouinn padon péché yo.

Papa nou.

Priyé-a

Bondié mizérikòd, fè nou favè, sa n-ap rapousuiv nan règléman paskal yo, fè nou santi li donnin frui pou nou tout tan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MADI SIZIÈM SÉMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Antan Kris la résisité sot nan pami mò yo li pap mouri ankò, alélouya.

R/. Lanmò pap janm gin pouvoua sou li ankò, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan premié Lèt apot sin Jan

2, 12-17

Réspè volonté Bondié-a

¹² Mouin ékri nou, ti pitit mouin yo, paské péché nou yo padonnin poutèt non-l. ¹³ Mouin ékri nou, papa yo, paské nou konnin sa-a ki la dépi nan kòmansman-an. Mouin ékri nou, jèn jan yo, paské nou ranpòté viktoua sou mové-a. ¹⁴ Mouin ékri nou, timoun yo, paské nou konnin Papa-a. Mouin ékri nou, jèn jan yo, paské nou gin fòs, épi paròl Bondié-a rété nan nou, épi nou ranpòté viktoua sou mové-a.

¹⁵ Pa rinmin tè-a, ni bagay ki sou tè-a. Si yon moun rinmin tè-a, charité Papa-a pa nan li. ¹⁶ Sèké tout bagay ki sou tè-a sé mové atirans chè-a, avèk mové atirans jé yo, avèk logèy lavi-a ; sa pa vîn sot nan Papa-a, min sé nan tè-a li soti. ¹⁷ Tè-a ap pasé, ni mové atirans li-a ; min moun ki fè volonté Bondié-a, l-ap diré pou tout tan.

RÉPONS

1 Jn 2, 17. 15b

R/. Tè-a ap pasé, ni mové atirans li-a ; * Moun ki fè volonté Bondié-a, l-ap diré pou tout tan, alélouya.

V/. Si yon moun rinmin tè-a, charité Papa-a pa nan li. * Moun ki fè.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Kòmantè sin Siril d'Aléksandri, évèk, nan Évanjil Jan-an
(Lib. 11, 11: PG 74, 559-562)

Kris la sé chinn unité-a

Nou minm nou rivé fè yon sèl kò ak Kris la, chak foua nou patisipé nan chè li ki sin-an, Pòl bay témouagnaj osijè mistè piété-a antan-l di: *sa nan lòt jénérasyon yo yo pa-t fè pitit moun yo konnin, tankou koulié-a li té révéle bay sin apot li yo ak profèt yo nan Éspri-a, nasion yo, sé minm éritaj, ak minm kò, ak minm patisipasyon promès la nan Kris Jézu.*

Konsa si nou tout sé yon sèl kò youn ansanm ak lòt nan Kris la, sé pa sèlman youn ak lòt, min tou ak li minm sètènman ki nan nou pa lintèmédiè chè li-a; kijan fè nou tout nou pa tèlman fè youn byin aklè, soua youn ak lòt, soua nan Kris la? Kris la réyèlman sé chinn unité-a, paské sé minm nan ki Bondié épi moun.

Osijè fè youn nan spirituèlman-an minm, antan n-ap suiv minm chémin-an, n-ap tounin dí, nou tout, antan nou résévoua yon sèl ak minm Éspri-a, asiréman Éspri-Sin-an, nou vîn fonn nan yon sètin fason youn ak lòt épi ak Bondié. Minm si réyèlman nou anpil pou kont nou, épi nan nou chak Kris la fè Éspri Papa-a ak pa-l la abité, sé yon sèl la poutan li yé épi li pa kapab divizé, nan mézi yo chak égzisté apa, li té rasanblé yo fè youn pa lintèmédiè pròp tèt li, épi li fè yo rékonèt byin klè yo tout tankou yon sèl bagay nan li minm.

Minm jan réyèlman fòs chè-a ki sin-an fè sa li ladan yo-a vîn tounin yon sèl kò ansanm, mouin pansé sé nan minm fason-an tou antan Éspri Bondié-a abité koulié-a yon sèl ki pa kapab divizé nan yo tout, li pousé yo tout vîn fè youn spirituèlman.

Osi jè sa sin Pòl t-ap tounin pousé nou: *Antan nou youn sipòtè lòt nan charité-a, antan nou fè èfò pou nou konsèvé éspri ki fè nou fè youn sèl la nan chinn lapè-a, youn sèl kò ak youn sèl Éspri, tankou yo rélé nou nan youn sèl éspérans vokasion nou-an. Youn sèl Granmèt, youn sèl lafoua, youn sèl batèm, youn sèl Bondié ak Papa tout moun, ki anlè tout moun, ki nan tout bagay épi ki nan nou tout. Ak youn sèl Éspri-a réyèlman k-ap désann nan nou, Bondié ap youn sèl Papa tout moun yo pa lintèmédiè Pitit la, antan-l kondui yo fè youn avèk lòt épi avèk li sa yo ki patisipé nan Éspri-a.*

Min la-a tou, nan youn sètèn fason, sa parèt klè nou fè youn sèl pa lintèmédiè patisipasion nan Éspri-Sin-an. Paské si antan nou kité lavi dapré nanm nan nou obéyi youn foua pou tout laloua éspri-a; èské sa pap klè pou tout moun nou minm, antan nou kité lavi nou nan youn sètèn fason, épi antan Éspri-Sin-an vîn fè youn ak nou, nou rivé gin youn fòm dapré sièl la tankou si nou transfòmé nan youn lòt natu, nou pa moun sèlman ankò, min yo rélé nou pitit Bondié tou épi moun sièl la, poutèt nou vîn tounin asosié ak natu Bondié-a.

Sé poutèt sa sé youn sèl nou tout nou yé nan Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an: youn sèl, mouin di, nan youn dispozision idantik, youn sèl nan gin minm fòm dapré piété-a, soua ak kominion chè Kris la ki sin-an, soua ak patisipasion youn sèl ak minm Éspri-Sin-an.

RÉPONS

Cf. 1 Kor 10, 17; Ps 67 (68), 11b. 7a

R/. Sé youn sèl pin, épi youn sèl kò anpil nou yé: * Nou tout réyèlman sé nan youn sèl pin-an ak nan youn sèl kalis la nou patisipé, alélouya.

V/. Ou té paré pou pòv la nan bon kè-ou, Bondié, ou minm ki fè sa yo abandoné yo abité nan youn kay. * Nou tout.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Tr Ap 13, 30-33

Bondié té résisité Jézu sot nan pami mò yo ; li parèt pandan anpil jou dévan sa yo ki té monté ansanm avèk li sot Galilé rivé Jérusalèm nan, yo minm ki sèvi-l témouin koulié-a dévan foul la. Kanta nou minm nou anonsé nou promès la yo té fè bay papa nou yo, paské Bondié té réalizé sa pou pitit yo, antan-l résisité Jézu pou nou, jan sa ékri nan Psòm dézièm nan : Ou sé Pitit mouin ; mouin minm jodi-a mouin té anfanté-ou.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya.
Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya.
Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou Benedictus la, réf. : Yon ti moman ankò tè-a pap ouè-m ankò; nou minm n-ap ouè-m, paské mouin minm mouin vivan, nou minm tou n-ap vivan, alélouya.

PRİYÈ YO

Bondié Papa-a, li minm Mouton san tach li-a ouété péché tè-a épi ba nou lavi, an nou mandé-l avèk rékonésans :

Ou minm ki fè lavi-a, fè nou viv.

Bondié, ou minm ki fè lavi-a, sonjé soufrans ak réziréksion Mouton-an yo té touyé sou koua-a,

— épi kouté-l, li minm ki toujou ap plédé pou nou-an.

Antan ansyin lévin méchansté-a ak riz la fin nétouayé,

— fè nou viv nan pin san lévin sinsérité ak vérité Kris la.
 Fè nou favè jodi-a pou nou réjité péché dézakò ak lanvi,
 — fè nou pi atantif pou nou ouè sa frè nou yo bézouin.
 Mété éspri Évanjil la nan mitan nou,
 — pou nou maché nan kòmandman-ou yo ni jodi-a ni tout tan.
 Papa nou.

Priyè-a

Sé pou pèp ou-a toujou fété, Bondié, ak nanm li ki rénouvlé tou jèn nan, pou, li minm ki kontan koulié-a poutèt yo rimmèt li gloua pitit adoptif la, li tann jou rézireksion-an avèk éspérans rékonpans ki sètin. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Tr Ap 4, 11-12

Sa-a sé ròch la, nou minm k-ap bati yo nou té réjité-a, ki vîn tounin kouin mitan anlè-a. Pa gin sovè yo kapab sovè nan okinn lòt moun, ni non plis pa gin okinn lòt non anba sièl la yo bay moun yo, koté nou t-a kapab vîn sovè.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Cf. 1 Piè 3, 21-22a

Nou minm koulié-a batèm nan sovè nou, sé pa sa-k sal nan chè-a li ouété, min sé yon bon konsians li mandé nan Bondié pa lintèmediè rézireksion Jézu-Kri-a, li minm ki adouat Bondié.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

Kol 3, 1-2

Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé pou nou chèché bagay ki anro yo, koté Kris la chita adouat Bondié-a; sé bagay ki anro yo pou nou gouté, sé pa sa-k sou tè-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

1 Piè 2, 4-5

Antan n-ap proché kot Granmèt la, li minm ròch vivan-an, sa moun yo minm réjité-a, dévan Bondié minm sa-l chouazi-a, sa-k gin valè-a, nou minm tou tankou ròch vivan, sé pou nou kite yo bati nou pou nou vîn tounin yon kay spirituèl nan yon sèvis prèt ki sin, pou nou ofri sakrifis spirituèl, sa Bondié résévoua palintèmediè Jézu-Kri.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou *Magnificat* la, réf. : Mouin minm sé vérité mouin di nou: Li pi bon pou nou pou-m pati; paské si-m pa alé, Paraklè-a pap vini, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, li minm ki ak rézireksion-l nan té asiré espérans pèp li-a, an nou rélé-l avèk insistans :

Jézu-Kri, ou minm ki toujou vivan, kouté nou.

Granmèt Jézu, nan bò kòt ou yo té ouvri-a, san ak dlo té koulé,

— fè Égliz la vîn tounin épouz ou ki san tach la.

Ou minm, Gadyin ki anlè nèt la, après rézireksion-ou nan, ou té rinmèt bann mouton-ou yo nan min Piè pou-l souin yo, li minm ki té déklaré li rinmin-ou nan,

— fè charité ak dévouman Pap nou-an **N.** toujou vîn pi gran.

Ou minm ki té bay disip yo k-ap fè lapèch nan lanmè-a pou yo jouinn yon kantité pouason,

— voyé travayè ki pou kontinué kinbé ròl yo-a kòm apot.

Ou minm ki té préparé pin ak pouason sou bò lanmè-a pou disip ou yo,

— pa kité frè nou yo mouri grangou akòz fot nou.

Jézu, dènié Adan-an épi éspri ki fè viv, fè défîn yo vîn pran fòm pòtré-ou,

— pou yo gin kè kontan-ou nan anplin nan yo minm.

Papa nou.

Priyè-a

Sé pou pèp ou-a toujou fété, Bondié, ak nanm li ki rénouvlé tou jèn nan, pou, li minm ki kontan koulié-a poutèt yo rinmèt li gloua pitit adoptif la, li tann jou rézireksion-an avèk espérans rékonpans ki sètin. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MÈKRÉDI SIZIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié té résisité Kris la sot nan pami mò yo, alélouya.

R/. Pou lafoua nou-an ak éspérans nou sé nan Bondié, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan premié Lèt apot sin Jan

2, 18-29

Osijè Antikris la

¹⁸ Ti pitit mouin yo, dènié là-a rivé ; jan nou té tandé-a, Antikris la rivé, koulié-a, gin anpil ki vîn tounin Antikris ; sé poua nou konnin dènié là-a rivé. ¹⁹ Sé nan nou yo sòti, min yo pa-t disip nou ; paské, si yo té disip nou, yo t-a rété avèk nou sètènman : min sé pou yo kapab parèt klè sé pa disip nou yo té yé. ²⁰ Min nou minm nou gin konsékrasion-an ki sot nan Sin-an, épi nou konnin tout bagay. ²¹ Mouin pa ékri nou paské nou pa konnin vérité-a, min antan nou konnin-l, épi paské okinn manti pa sot nan vérité-a. ²² Kilès sa-a ki mantè-a, si sé pa sa-a ki nié Jézu sé Kris la ? Sa-a sé Antikris la, li minm ki nié ni Papa-a ni Pitit la. ²³ Tout moun ki nié Pitit la, li pa gin Papa-a non plis ; moun ki rékonèt Pitit la, li gin Papa-a tou.

²⁴ Nou minm, sa nou té tandé dépi nan kòmansman-an, sé pou-l rété nan nou. Si sa nou té tandé dépi nan kòmansman-an rété nan nou, n-ap rété nan Pitit la ak nan Papa-a. ²⁵ Min promès la li ofri nou-an, sé lavi tout tan-an.

²⁶ Mouin ékri nou bagay sa yo osijè moun yo k-ap tronpé nou yo.

²⁷ Nou minm, konsékrasion nou té résévoua nan min-l nan, sé pou-l rété nan nou. Nou pa bézouin pou pèsonn ba nou ansègnman ; min jan

konsèkrasion-l nan ba nou ansègnman sou tout bagay la ; épi li vré, li pa manti, konsa jan-l ba nou ansègnman-an, sé pou-n rété nan li.

²⁸ Koulié-a, ti pitit mouin yo, sé pou nou rété nan li, pou lè-l parèt, nou kapab gin konfians pou nou pa ront dévan-l lè-l rivé-a. ²⁹ Si nou konnin li kòrèk, sé pou nou konnin tou tout moun ki fè sa-k kòrèk, sé nan li li fèt.

RÉPONS

Cf. 1 Jn 2, 27; Joèl 2, 23

R/. Onksion nou té résévoua-a rété nan nou; * Épi nou pa bézouin pou pèsonn ba nou ansègnman ; min onksion-l nan ba nou ansègnman sou tout bagay yo, alélouya.

V/. Sé pou nou fété épi sé pou nou réjoui nan Granmèt la Bondié nou-an, paské li té ba nou lapli jistis la. * Épi nou pa bézouin.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Léon le Gran, pap

(Sermo 1 de Ascensione, 2-4: PL 54, 395-396)

Jou yo ki ant rézireksion ak asansion Granmèt la

Jou sa yo, nou minm mouin rinmin anpil la, sa ki té koulé ant rézireksion ak asansion Granmèt la, pa-t pasé ak déroulman san okipasion; min nan yo gin gran ansègnman sakré ki ranfòsé, gin gran mistè ki révélé.

Nan jou sa yo, krint lanmò ki rèd la yo ouété-l, épi sé pa sèlman nanm nan yo déklaré ki pa kapab mouri, min sé chè-a tou. Nan jou sa yo, pa lintèmediè souflé Granmèt la souflé-a Éspri-Sin-an vidé nan tout Apot yo; épi yo pasé apot sin Piè lòd anlè tout lòt yo, apré yo klé rouayòm nan, pou-l pran souin bann mouton Granmèt la.

Nan jou sa yo, ak dé disip yo Granmèt la vîn ajouté-l an touazièm kòm konpagnon sou rout la, épi, pou-l chasé fènoua tout ézitasion nou yo, li réproché tan sa-k té pè épi ki t-ap tranblé yo té pran tan pou kouè-a. Yo

vîn gin flanm lafoua ki fòmé k-ap kléré kè yo; épi sa-k té tièd yo, antan Granmèt la ouvri Sa-k Ékri yo, vîn byin cho. Nan kasé pin-an tou jé sa-k t-ap manjé ansanm yo vîn ouvri; yo té pi kontan anpil jé sa yo ki té ouvri yo, yo minm gloua natu yo-a té parèt klè pou yo-a pasé prémié sous ras nou-an, ki té plin ak ront péché yo-a.

Konsa pandan tout tan sa-a, nou minm mouin rinmin anpil la, ki té pasé ant rézireksion ak asansion Granmèt la, sé sa prévouayans Bondié-a té pran souin, sé sa li té anségné, sé sa li té fè antré ni nan jé ni nan kè moun pa-l yo, pou yo rékonèt Granmèt Jézu-Kri té vrèman résisité, li minm ki té vrèman pran nésans, ki té soufri épi ki té mourir.

Sé pou sa Apot yo ki sin anpil ak tout disip yo, ki té tranblé osijè finisman lakoua-a, épi ki té ézité osijè lafoua rézireksion-an, yo té tèlman vîn ranfòsè ak vérité ki té klè nèt la, ki fè, antan Granmèt la té alé nan rotè sièl yo, non sèlman sa pa-t frapé yo ak chagrin, min yo té minm vîn plin ak yon gran kè kontan.

Épi réyèlman vré kòz pou gin kè kontan-an té gran épi dépasé sa yo kapab di, lè, dévan foul moun yo ki sin-an, natu ras moun nan té monté anlè dignité tout kréatu sièl yo, li dépasé ran anj yo, épi li lévé pi louin pasé rotè arkanj yo, pou okinn nan rotè sa yo pa gin fason li minm li avansé-a, si sé pa, antan li résévoua pou-l chita avèk Papa pou tout tan-an, li vîn asosié ak gloua li sou trôn nan, li minm li té fè youn avèk natu li-a nan Pitit la.

RÉPONS

Jan 14, 2b. 3b. 16. 18

R/. M-apralé paré yon plas pou nou; m-ap tounin vini; * Épi m-ap pran nou avèk mouin, konsa, koté m-ap yé-a, sé la n-a yé tou, alélouya.

V/. Mouin minm m-ap priyé Papa-a, épi l-ap ba nou yon lòt Avoka, pou-l rété avèk nou pou tout tan. Mouin pap kité nou òfèlin, m-ap vîn jouinn nou. * Épi m-ap pran.

Priyé-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 6, 8-11

Si nou mouri ansanm avèk Kris la, nou kouè n-ap viv ansanm avèk li tou, antan nou konnin Kris la ki résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, lanmò-a pap gin pouvoua sou li ankò. Sa-k mouri-a réyèlman, li mouri aléga péché-a yon foua pou tout ; sa k-ap viv la minm, sé pou Bondié l-ap viv. Konsa nou minm tou sé pou nou konsidéré nou mouri réyèlman aléga péché-a, antan n-ap viv minm pou Bondié nan Kris Jézu.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou Benedictus la, réf. : Mouin gin anpil bagay pou-m di nou ankò, min nou pa kapab sipòté yo koulié-a: min lè li minm Éspri vérité-a ap vini, l-ap aprann nou tout vérité-a, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié ki té fè Jézu résisité vîn parèt aklè dévan Apot yo, an nou dirijé priyè sa yo koté-l :

Ak gloua Kris la, kléré nou Granmèt.

Bondié, Papa limiè yo, ak rékonésans n-ap fè louanj ou jodi-a, ou minm ki té rélé nou vîn nan limiè ékstraòdinè-ou la,

— pou nou rivé jouinn mizérikòd.

Éfò yo fanmi moun nan ap plédé fè pou-l rivé fè lavi li vîn pi alarotè sa moun nan yé-a,

— nétouayé yo épi ranfòsé yo pa pouvoua Éspri-ou la.

Fè nou konsakré tèt nou nan sèvis moun yo,

— yon fason pou ras moun nan li minm vîn tounin yon ofrann ki fè-ou plézi.

Antan limiè jounin-an déjà parèt, ranpli nou ak mizérikòd ou-a,

— pou antan n-ap fété tout jounin-an, nou jouinn plézi nou san rété nan louanj ou yo.

Papa nou.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Granmèt, pou minm jan n-ap fété solanité rézireksion Pitit ou-a an mistè-a, konsa tou nou rivé joui lè-l rivé avèk tout sin yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Cf. Rom 4, 24-25

Nou kouè nan sa-a ki té résisité Jézu Granmèt nou-an sot nan pami mò yo, li minm yo rinmèt pou fot nou yo, épi ki résisité pou fè nou vîn kòrèk la.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

1 Jn 5, 5-6a

Kilès sa-a ki ranpòté viktoua sou tè-a, si sé pa sa-a ki kouè Jézu sé Pitit Bondié-a ? Sa-a sé li minm ki vini nan dlo-a ak san-an, Jézu-Kri ; pa nan dlo-a sèlman, min nan dlo-a ak san-an.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

Cf. Éféz 4, 23-24

Sé pou nou rénouvle nan éspri pansé nou épi sé pou nou abiyé ak moun nouvo-a, ki kréyé dapré Bondié nan jistis ak sin vérité-a sin-an.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

Nan réjion koté yo ranvouayé solanité Asansion Granmèt la nan dimanch k-ap vini-an:

LÉKTU KOUT

Ébr 7, 24-27

Jézu, paské li rété pou tout tan, li gin sèvis prèt ki pa kapab dépasé, sé pou sa tou sé san rété li kapab sové moun yo ki proche kot Bondié pa lintèmédiè-l yo, antan-l toujou vivan pou-l plédé pou yo. Sé kalité sa-a réyèlman épi ki té konvnab, pou-l t-a gran prèt nou, ki sin, ki inosan, ki pa gin tach, ki séparé sot nan péchè yo épi ki vîn pi ro pasé sièl yo, ki pa bézouin chak jou, tankou prèt yo, pou-l ofri sakrifis toudabò pou pròp fot pa-l yo, apré sa pou pèp la ; li té fè sa réyèlman yon sèl foua antan-l ofri pròp tèt li.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. : Éspri-a ap fè ouè gloua-m, paské sé nan mouin l-ap résévoua pou-l anonsé nou, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié, li minm ki té louvri lavi pou tout tan-an ba nou nan Pitit li-a ki résisité sot nan lanmò-a, an nou inploré-l antan n-ap di :

Gras a viktoua Kris la, sovè sa ou rachté yo.

Bondié papa nou yo, ou minm ki té glorifié Jézu Pitit ou-a lè-ou résisité-l sot nan lanmò-a, minnin nou nan pèfèksion pénitans la,

— pou nou maché nan nouvo lavi-a.

Ou minm ki kondui nou al jouinn gadyin ak évèk nanm nou yo, nou minm mouton ki té pèdi rout yo-a,

— fè nou rét fidèl ap obéyi sa gadyin Égliz yo anségné nou.

Ou minm ki chouazi prémié disip Pitit ou-a nan pèp Juif la,

— révéle pitit Israèl yo promès la yo té fè bay papa yo-a.

Sonjé tout moun ki pa gin pèsonn pou okipé yo, òfélin yo, vèv yo;

— yo minm Pitit ou-a rékonsilié avèk ou nan lanmò-l la, pa kité yo pou kont yo.

Ou té rélé Étièn vîn jouinn ou, li minm ki té déklaré Jézu kanpé adouat ou-a,

— résévoua frè nou yo ki t-ap tann ou nan lafoua-a ak charité-a.

Papa nou.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Granmèt, pou minm jan n-ap fété solanité rézirèksion Pitit ou-a an mistè-a, konsa tou nou rivé joui lè-l rivé avèk tout sin yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JÉDI SIZIÈM SÈMÈN PAK

Non réjion koté yo ranvouayé solanité Asansion Granmèt la nan dimanch k-ap vini-an :

Pou Ofis léktu-a

Yo pran vèsè-a, léktu yo ak répons yo nan vandrédi ki vîn apré-a, 441.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 8, 10-11

Si Kris la nan nou, kò-a mouri poutèt péché-a sé vré, min éspri-a sé lavi poutèt jistis la. Si Éspri sa-a ki té résisité Jézu sot nan pami mò yo abité nan nou, li minm ki té résisité Kris la sot nan pami mò yo ap fè kò lanmò nou yo viv tou pa lintèmediè Éspri li-a ki abité nan nou-an.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Yon ti moman ankò, épi nou pap ouè-m, sé sa Granmèt la di; apré sa yon ti moman ankò, épi n-ap ouè-m, paské m-apral kay Papa-a, alélouya.

PRİYÈ YO

Bondié Papa-a ki té mété Kris la pou rézireksion pitit li yo, an nou priyé-l avèk konfians antan n-ap di byin fò :

Sé pou Jézu Granmèt la li minm vîn tounin lavi nou.

Ak kolòn difé-a, ou té kléré pèp ou-a nan dézè-a,

— sé pou Kris la vîn tounin limiè lavi-a pou nou jodi-a gras a réziréksion-l nan.

Ak voua Moyiz, ou té bay pèp ou-a ansègnman sou mòn nan,

— sé pou Kris la vîn tounin paròl lavi-a pou nou jodi-a gras a réziréksion-l nan.

Ak kado lamàn nan ou té nourri pèp ou-a ki té an pèlerinaj la,

— sé pou Kris la vîn tounin pin lavi-a pou nou jodi-a gras a réziréksion-l nan.

Ou té pasé souaf pèp ou-a, antan ou fè dlo sot nan ròch la,

— ba nou Éspri lavi-a jodi-a gras a réziréksion Pitit ou-a.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki té fè pèp ou-a patisipé nan rédanmsion-an, fè nou favè, tanpri, pou nou joui nan réziréksion Granmèt la k-ap diré tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

1 Kor 12, 13

Sé nan yon sèl Éspri-a nou tout nou batizé nan yon sèl kò, soua Juif yo, soua Grèk yo, soua ésklav yo, soua moun lib yo, épi nou tout sé nan yon sèl Éspri-a nou pasé souaf nou.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst**LÉKTU KOUT****Tit 3, 5b-7**

Bondié té sovè nou pa lintèmediè bingn nouvo nésans la ak fè Éspri-Sin-an fè nou vîn tou nèf la, Éspri sa-a li té vidé sou nou k-ap débòdé-a pa pouvoua Jézu-Kri sovè nou-an, pou lè nou vîn kòrèk ak gras li-a nou rivé éritié lavi pou tout tan-an dapré éspérans la.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT****Cf. Kol 1, 12-14**

Sé pou nou di Papa-a mèsi, li minm ki té fè nou alarotè nan pòsion éritaj sin yo nan limiè-a ; li minm ki té délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, ki té fè nou travèsé nan rouayòm Pitit li rinmin-an, nan Pitit sa-a nou gin rédanmsion-an, padon pou péché yo.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo**LÉKTU KOUT****1 Piè 3, 18. 21b-22**

Kris la mouri yon foua pou tout poutèt péché yo, li minm ki kòrèk pou sa yo ki pa kòrèk yo, pou-l té kapab minnin nou bay Bondié, li mouri nan

chè-a sé vré, min li vivan nan Éspri-a. Nou minm tou koulié-a li sové nou, sé pa sa-k sal nan chè-a li ouété, min sé yon bon konsians li mandé nan Bondié pa lintèmediè rézireksion Jézu-Kri-a, li minm ki adouat Bondié, li pati nan sièl la, aprè-l fin mété anj yo ak pouvoua yo ak otorité yo anba lòd li.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou *Magnificat* la, réf. : Tristès nou-an ap vîn tounin kè kontan, pèsonn pap kapab retiré kè kontan nou-an sot nan nou, alélouya.

PRIYÈ YO

An nou fété pou Kris la, li minm Papa-a té mété kòm rézon tout kalité éspérans nou ak rézireksion moun ki mouri yo, antan n-ap di byin fò an nou mandé :

Roua gloua-a, kouté nou.

Granmèt Jézu, ak pròp san-ou épi ak rézireksion-ou nan ou té antré nan sa ki sin-an,

— kondui nou avèk ou nan gloua Papa-a.

Ou minm ki gras a rézireksion-ou nan ou té rafèmi disip yo nan lafoua épi ou té voyé yo sou tè-a,

— fè évèk yo ak prèt yo rété fidèl nan préché Évanjil ou-a.

Ou minm ki gras a rézireksion-ou nan ou vîn tounin lapè nou ak rékonsiliation nou,

— fè moun ki batizé yo asosié antré yo antan yo fè yon sèl nèt nan kominion lafoua-a ak charité-a.

Ou minm ki gras a rézireksion-ou nan, ou té géri infim nan ki té nan pòt tanp la,

— voyé jé sou malad yo, fè ouè gloua-ou nan yo.

Ou minm ki vîn tounin prémié frui lanmò-a ak rézireksion-an,

— moun yo ki té espéré nan ou-a, fè yo patisipé nan gloua-ou la.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki té fè pèp ou-a patisipé nan rédanmsion-an, fè nou favè, tanpri, pou nou joui nan rézireksion Granmèt la k-ap diré tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

NAN ASANSION GRANMÈT LA

Solanité

Pou premié Vèp yo

IMN, *Iesu, nostra redemptio.*

Jézu, rédanmsion nou-an,
rinmin nou-an, anvî nou-an,
Bondié ki kréyé tout bagay,
ki tounin moun nan finisman tan yo,

Ki bon kè ki ranpòté viktoua sou ou
pou-ou poté fot nou yo,
pou-ou sipòte yon lanmò ki rèd,
pou-ou ouété nou sot nan lanmò-a;

Pou, antan-ou antré nan prizon bafon anba-a,
ou rachté prizonié-ou yo;
pou, antan-ou ranpòté viktoua avèk gran trionf,
ou rété chita adouat Papa-a ?

Sé pou minm bon kè-ou la fòsé-ou
pou-ou pasé anlè sa nou fè ki mal yo
antan-ou padonnin nou; pou-ou réalizé sa nou anvî-a,
antan-ou satisfè nou avèk figi-ou.

Sé pou-ou vîn tounin kè kontan nou,
ou minm ki rékonpans k-ap vini-an;
sé nan ou pou gloua nou yé,
pou tout sièk yo tout tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Mouin té soti nan Papa-a épi mouin té vini sou tè-a; m-ap kité tè-a ankò pou-m al kay Papa-a, alélouya.

Psòm 112 (113)

- 1 Fè louanj, ti moun Granmèt la, *
fè louanj non Granmèt la.
- 2 Sé pou non Granmèt la béni *
dépi koulié-a ak pou tout tan.
- 3 Dépi solèy lévé jous koté-l kouché, *
non Granmèt la mérité louanj.
- 4 Granmèt la anlè nèt anro tout nasion yo, *
anlè sièl yo gloua li yé.
- 5 Kilès ki tankou Granmèt Bondié nou-an,
ki abité nan rotè yo, *
- 6 ki panché pou-l voyé jé
nan sièl la ak sou tè-a ?
- 7 Antan-l lévé maléré-a sot atè-a, *
antan li drésé pòv la sot nan fatra-a,
- 8 pou-l fè-l chita avèk chèf yo, *
avèk chèf pèp li-a.
- 9 Li minm ki fè sa-k té stéril la abité nan kay la, *
kòm manman pitit ki gin kè-l kontan.

Réf. Mouin té soti nan Papa-a épi mouin té vini sou tè-a; m-ap kité tè-a ankò pou-m al kay Papa-a, alélouya.

Réf. 2 Granmèt Jézu, lè-l fîn palé avèk disip li yo, li monté nan sièl la épi li chita adouat Bondié, alélouya.

Psòm 116 (117)

¹ Fè louanj Granmèt la, tout nasion yo, *
 † fè louanj li ansanm, tout pèp yo.

² Paské li asiré mizérikòd li sou nou, *
 vérité Granmèt la diré pou tout tan.

Réf. Granmèt Jézu, lè-l fîn palé avèk disip li yo, li monté nan sièl la épi li chita adouat Bondié, alélouya.

Réf. 3 Pèsonn pa monté nan sièl la, sof sa-a ki désann sot nan sièl la, Pitit moun nan, ki nan sièl la, alélouya.

Kantik

Ap 11, 17-18 ; 12, 10 b-12 a

^{11,17} N-ap di ou mèsi, *
 Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua-a,
 sa-k la-a, ak sa-k té la-a, *
 paské ou té résévoua gran pouvoua-ou la épi ou té kòmandé.

¹⁸ Nasion yo té fè kòlè, *
 épi min kòlè-ou la rivé, moman pou jijé mò yo,
 pou rinmèt salè-a bay ésklav ou yo,
 profèt yo, ak sin yo, *
 ak sa-k respékté non-ou yo, piti yo ak gran yo.

^{12,10} Koulié-a yo sovè, épi sé pouvoua-a ak péyi-roua Bondié nou-an *
 ak otorité Kris li-a,
 paské yo jété akizaté frè nou yo, *
 li minm ki t-ap akizé yo dévan fas Bondié nou-an
 lajounin kon lannuit la.

- ¹¹ Épi yo minm yo ranpòté viktoua sou li poutèt san Mouton-an *
 épi poutèt paròl témouagnaj li-a ;
 yo bliyé tèt yo jous yo mouri.
- ¹² Sé pou sa sé pou nou kontan, sièl yo, *
 ak sa yo ki abité nan yo.

Réf. Pèsonn pa monté nan sièl la, sof sa-a ki désann sot nan sièl la, Pitit moun nan, ki nan sièl la, alélouya.

LÉKTU KOUT

Éféz 2, 4-6

Bondié ki rich nan mizérikòd, poutèt gran charité-l la, sa-l té rinmin nou avèk li-a, malgré nou té mouri akòz péché yo, li té fè nou viv nan Kris la, — sé akòz gras la nou sové, — épi li té résisité nou avèk li, li té fè nou chita avèk li nan sièl yo nan Kris Jézu.

RÉPONS KOUT

R/. Bondié monté nan gran rèl fèt, * Alélouya, alélouya. Bondié.

V/. Granmèt la nan mitan kout tronpèt. * Alélouya, alélouya. Viv Papa. Bondié.

Pou *Magnificat* la, réf. : Papa, moun yo ou té ban mouin-an, mouin té fè yo ouè non-ou aklè; koulié-a minm, sé pou yo m-ap priyé, sé pa pou tè-a, paské m-ap vîn jouinn ou, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, ki chita adouat Papa-a; avèk kè kontan éspri nou, an nou di-l byin fò :

Ou sé roua gloua-a, Jézu-Kri.

Roua gloua-a, ou minm ki lévé féblès chè nou-an al anlè yo avèk ou pou-
 ou fè-l jouinn gloua, ouété défo fot lontan yo,
 — épi fè nou tounin alarotè lavi ki té la an premié-a.
 Ou minm ki désann vîn jouinn nou gras a chémin rinmin-an,
 — fè nou monté al jouinn ou tou gras a minm chémin sa-a.
 Ou minm ki té promèt pou-ou rédi tout moun vîn jouinn ou,
 — pa kité pèsonn nan nou séparé sot nan kò-ou.
 Koté-ou té monté nan gloua-a,
 — fè nou suiv ou la ak éspri nou ak kè nou, koté ou déjà pran dévan-an.
 Ou minm n-ap tann koulié-a kòm vré Bondié ki jij la,
 — fè yon jou ansanm avèk défin yo nou fiksé jé sou ou kòm Granmèt
 mizérikòd nan gloua-ou la.
 Papa nou.

Priyè-a

Fè nou joui ak kè kontan ki sin, Bondié ki gin tout pouvoua, épi fè nou
 fété antan n-ap di-ou bon jan mès, paské monté Kris la Pitit ou-a monté-
 a, sé rédi li rédi nou al jouinn li, épi koté gloua tèt la déjà yé-a, kò-a gin
 éspérans sé la tou yo rélé-l. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Alélouya, Kris la, Granmèt la, ki monté nan sièl la, vini, an-n
 adoré-l, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Aeterne rex altissime.*

Roua dépi tout tan ki anlè nèt la,
 rédanmtè fidèl yo tou,
 ou minm ki détrui lanmò-a ki défèt la,
 ou fè gras la trionfé,

Ou monté tribinal adouat Papa-a
 pouvoua ki sot nan sièl la sou tout bagay
 yo rinmèt li ba ou,
 pouvoua ki pa-t soti nan moun,

Pou toua nivo réalité kréasion-an
 sa-k nan sièl yo, sa-k sou tè-a
 ak sa-k anba tè-a,
 plouayé jénou yo antan yo déjà soumèt.

Yo tranblé anj yo antan yo ouè
 sò moun ki t-ap mouri yo chanjé;
 chè-a fè fot, chè-a nétouayé,
 chè-a vîn roua Paròl Bondié.

Ou minm, Kris la, kè kontan nou,
 antan-ou rété rékonpans pou tout tan-an,
 ou minm k-ap kòmandé kréasion tè-a
 ou ranpòtè viktoua sou kè kontan tè-a bay.

Isit la antan n-ap priyé-ou, tanpri,
 padonnin tout fot yo
 épi kè yo lévé yo byin ro
 koté-ou avèk gras ki sot anlè-a.

Pou lè ou-ap kòmansé kléré
 nan nuaj rouj jij la,

ou-ap répousé chatiman yo doué yo,
ou-ap rinnèt kouròn yo té pèdi yo.

Jézu, sé pou gloua-a pou ou,
ou minm ki monté nan sièl la,
avèk Papa-a épi Éspri rékonfò-a,
pou sièk yo pou tout tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Chanté pou Bondié, di psòm pou non-l ; paré rout pou li, li minm y-ap poté sou nuaj yo, alélouya.

Psòm 67 (68)

I

- ² Bondié lévé, sé pou ènmi-l yo gayé ; *
sé pou sa yo ki rayi-l yo sové kò yo dévan fas li.
- ³ Tankou lafimin gayé, ou gayé yo ; †
tankou lasi fonn dévan fas difé, *
konsa péchè yo péri dévan fas Bondié.
- ⁴ Sé pou moun kòrèk yo fè kè yo kontan,
épi sé pou yo fété dévan fas Bondié, *
sé pou yo joui nan kè kontan.
- ⁵ Chanté pou Bondié, di kantik pou non-l ; †
paré rout pou li, li minm y-ap poté sou nuaj yo : *
Granmèt la sé non-l sa.
Fè fèt dévan fas li ; †
- ⁶ papa òfélin yo ak jij vèv yo, *
Bondié nan kay li ki sin-an.

- 7 Bondié ki fè pòv yo abité nan yon kay, †
ki kondui prizonié yo nan richès ; *
min rébèl yo ap rété nan tè ki sèk la.
- 8 Bondié, lè-ou té sòti dévan fas pèp ou-a, *
lè-ou t-ap travèsé nan dézè-a, tè-a té tranblé,
- 9 minm sièl la té fè laplui dévan fas Bondié Sinayi-a, *
dévan fas Bondié Israèl la.
- 10 Sé yon lapli gras ou té vidé, Bondié ; *
éritaj ou-a ki fèb la, ou té réfè-l.
- 11 Vivan-ou yo té abité ladan-l, *
ou té paré-l pou pòv la nan bon kè-ou, Bondié.

Réf. Chanté pou Bondié, di psòm pou non-l ; paré rout pou li, li minm y-ap poté sou nuaj yo, alélouya.

Réf. 2 Antan-l monté nan rotè-a, li té kondui anprizònman-an nan prizon, alélouya.

II

- 12 Granmèt la bay lòd ; *
fi k-ap poté nouvèl yo, sé yon gran lamé :
- 13 « Roua lamé yo sovè kò yo, yo sovè kò yo, *
fi ki rét lakay la, li séparé richès yo pran nan lagè-a.
- 14 Pandan nou kouché nan pòtay pak la : *
zèl toutrèl yo kouvri ak lajan,
plim yo kouvri ak lò koulè jòn fonsé.
- 15 Pandan Sa-k gin tout pouvou-a t-ap chasé roua yo koté sa-a, *
Sèlmon vîn blan tankou lanèj ».
- 16 Mòn Bondié, mòn Bachan, *
mòn ki apik, mòn Bachan.
- 17 Nou minm mòn ki apik yo, pouki sa n-ap koupé kout-jé, †

- sou mòn koté Bondié jouinn plézi-l pou-l abité-a ? *
- Réyèlman sé la Bondié ap abité pou tout tan.
- 18 Chario Bondié yo, sé dis milyon mil : *
- Granmèt la vini sot Sinayi nan kay sakré-a.
- 19 Ou monté sou rotè-a, ou kondui anprizònman nan prizon ; †
ou résevoua moun yo kòm kado, *
- pou minm sa-k rébèl yo abité bò koté Bondié Granmèt la.
- 20 Li béni, Granmèt la, chak jou ; *
- Bondié sovè nou-an ap poté nou.
- 21 Bondié nou, sé Bondié k-ap sovè nou ; *
- épi pou Granmèt la, pou Granmèt la, pèt lanmò-a.
- 22 Vrèman Bondié ap krazé tèt ènmi-l yo, *
- kouròn tèt chévé moun k-ap prominnin nan péché-l yo.
- 23 Granmèt la di : « M-ap fè yo tounin sot Bachan, *
- m-ap fè yo tounin sot nan fon lanmè-a,
- 24 pou-ou lavé pié-ou nan san, *
- pou lang chyin-ou yo jouin pòsion pa-l nan ènmi yo ».

Réf. Antan-l monté nan rotè-a, li té kondui anprizònman-an nan prizon, alélouya.

Réf. 3 Yo té ouè kijan ou-ap maché antré, Bondié, maché antré Bondié mouin-an, roua mouin, nan koté ki sin-an, alélouya.

III

- 25 Yo ouè kijan ou-ap maché antré, Bondié,
maché antré Bondié mouin-an, roua mouin, nan kay sakré-a.
- 26 Moun k-ap chanté yo ap avansé dévan, †
muzisyin yo dèyè, *
- nan mitan sé jèn fi yo k-ap bat tanbou yo.

- 27 « Nan asanblé yo béni Bondié, *
 pou Granmèt la, nou minm dépi nan sous Israèl yo ».
- 28 Benjamin té la, li minm ki dènié pitit, antan l-ap minnin yo, †
 té gin chèf Juda yo, avèk lamé-l la, *
 té gin chèf Zabulon yo, chèf Néftali yo.
- 29 Kòmandé, Bondié, ak fòs ou ; *
 asiré sa, Bondié, sa-ou té réalizé nan nou-an.
- 30 Dépi nan tanp ou-a nan Jérusalèm *
 sé pou roua yo poté kado pou ou.
- 31 Ménasé bèt sovaj ki nan rozo-a, †
 bann toro yo nan ti bèf pèp yo, *
 sé pou yo bésé tèt yo ak piès lajan.
 Gayé pèp yo ki vlé lagè-a. †
- 32 Sé pou sa-k gin pouvoua yo vîn sot Éjip, *
 Sé pou Étiopi kouri lonjé min-l bay Bondié.
- 33 Péyi-roua yo ki sou tè-a, chanté pou Bondié,
 joué psòm pou Granmèt la, †
 chanté kantik pou Bondié,
- 34 li minm ki monté anlè sièl la nan diréksion olévan ; *
 min li lévé voua li, voua pouvoua-l.
- 35 Bay Bondié pouvoua-a. †
 Sou Israèl grandè-l, *
 pouvoua-l nan nuaj yo.
- 36 Ou mérité respè, Bondié, dépi kay sakré-ou la ! †
 Sé Bondié Israèl li minm k-ap bay pèp li-a fòs ak pouvoua. *
 Li béni, Bondié !

Réf. Yo té ouè kijan ou-ap maché antré, Bondié, maché antré Bondié mouin-an, roua mouin, nan koté ki sin-an, alélouya.

V/. Granmèt la té ouvri intélijans la pou yo, alélouya.

R/. Pou yo té konprann Sa-k Ékri yo, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo

4, 1-24

Antan-l monté nan rotè-a, li té kondui anprizònman-an kòm prizonié

Frè yo : ¹ Mouin priyé nou, mouin minm prizonié nan Granmèt la, pou nou maché kòrèk dapré vokasion yo rélé nou ladan-l nan ; ² avèk tout umilité épi dousè, avèk pasians antan nou youn sipòté lòt nan rinmin-an ; ³ antan nou fè éfò pou nou konsèvé éspri ki fè nou fè yon sèl la nan chinn lapè-a. ⁴ Yon sèl kò ak yon sèl Éspri tankou yo rélé nou nan yon sèl éspérans vokasion nou-an ; ⁵ yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ; ⁶ yon sèl Bondié ak Papa tout moun, ki anlè tout moun, ki nan tout bagay épi ki nan nou tout.

⁷ Chak moun nan nou réyèlman yo ba li gras la dapré mézi kado Kris la. ⁸ Sé poua yo di :

« *Antan-l monté nan rotè-a, li té kondui anprizònman-an kòm prizonié, li té bay moun yo kado yo* ».

⁹ Késion « li monté » sa-a, sa sa vlé di, si sé pa paské li té kòmansé désann nan réjion ki anba tè-a ? ¹⁰ Sa-a ki désann nan, sé li minm tou ki té monté anlè tout sièl yo, pou-l plin tout bagay.

¹¹ Sé li minm ki bay kèk moun gras pou yo apot, kèk lòt minm sé profèt, dèt ankò sé sa-k évanjélis, dèt yo minm sé gadyin ak savan sakré : ¹² pou fòmasyon sin nan travay sèvis la, nan konstoui kò Kris la, ¹³ joutan nou tout nou rivé fè yon sèl nan lafoua ak nan konésans Pitit Bondié-a, pou nou vîn tounin moun kòrèk nèt la, nan mézi laj plénitud Kris la. ¹⁴ Konsa nou pap tankou ti moun piti ankò k-ap ézité, nou pap kité yo fè nou fè lavironn nan tout van mové anségnman moun, nan riz moun k-ap toudi nou nan mové chémin ; ¹⁵ okontrè, antan n-ap fè vérité-a nan rinmin, n-a dévlopé nan li minm pa lintèmédiè tout bagay, li minm ki tèt la, Kris la ; ¹⁶ sé nan li tout kò-a fè yon sèl, li maré ak tout kalité jouinti k-

ap transmèt mouvman-an, dapré aktivité ki nan mézi chak manb, pou kò-a dévlopé antan l-ap bati nan charité-a.

¹⁷ Mouin di nou, mouin sètifié nou sa nan Granmèt la, pou nou pa maché ankò tankou moun yo ap maché nan jijman yo ki vid la. ¹⁸ Yo gin intèlijans la ki nan fènoua, yo vîn étranjé parapò a lavi Bondié-a poutèt ignorans ki nan yo-a poutèt kè yo vîn avèg-la, ¹⁹ antan yo fè pròp tèt yo vîn insansib, yo lagé kò yo nan libètinaj nan fè tout kalité sa-k pa pròp nan rinmin lajan.

²⁰ Nou minm sé pa konsa nou té aprann Kris la, ²¹ si omouin nou té tandé-l épi nou té résévoua ansègnman nan li, dapré vérité ki nan Jézu-a. ²² Sé pou nou kité moun ansyin-an ki t-ap aji dapré konduit lontan-an, moun ansyin sa-a gaté antan l-ap suiv anvi k-ap troupé moun. ²³ Min sé pou nou vîn tou nèf nan jan éspri nou jijé tout bagay, ²⁴ sé pou nou abiyé nou ak moun nouvo-a, ki kréyé sèlon Bondié nan jistis la ak vérité-a ki sin-an.

RÉPONS

Éféz 4, 8 (Ps 67 [68], 19); Ps 46 (47), 6

R/. Antan Kris la monté nan rotè-a, li té kondui anprizònman kòm prizonié; * Li té bay moun yo kado yo, alélouya.

V/. Bondié monté nan gran rèl fèt, Granmèt la monté nan son tronpèt.
* Li té bay.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Ogustin, évèk

(Sermo de Ascensione Domini, Mai 98, 1-2: PLS 2, 494-495)

Pèsonn pa monté nan sièl la, sof sa-a ki désann sot nan sièl la

Jodi-a, Granmèt nou Jézu-Kri monté nan sièl la; sé pou kè nou monté avèk li.

Sé pou nou kouté Apot la k-ap di: *Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé pou nou gouté bagay ki anro yo, koté Kris la chita adouat Bondié-a; sé bagay ki anro yo pou nou chèché, sé pa sa-k sou tè-a.* Minm jan réyèlman li minm li té monté, san-l pa kite nou, sé konsa nou minm tou nou déjà avèk li laba-a, minm si sa yo promèt nou-an poko fèt nan kò nou.

Li minm yo déjà lévé-l anlè anro sièl yo; poutan l-ap soufri sou tè-a ninpòt soufrans nou minm nou santi kòm manb li. Li minm li té bay témouagnaj bagay sa-a antan l-ap rélé dépi anlè-a: *Sòl, Sòl, pou kisa ou-ap pèsékité-m? Épi: Mouin té grangou, épi nou té ban-m manjé.*

Poukisa nou minm tou nou pa soufri konsa sou tè-a, pou pa lintèmédiè lafoua-a, éspérans la, charité-a, ki rataché nou ak li, nou répozé déjà avèk li nan sièl yo? Li minm, antan-l laba-a, li avèk nou tou; épi nou minm, antan nou isit la, nou avèk li tou. Li minm li fè sa ni kòm Bondié, ni ak pouvoua, ni ak rinmin-an; min nou minm, minm si nou pa kapab fè sa kòm Bondié minm jan avèk li, poutan nou kapab ak rinmin-an, min nan li minm.

Li minm li pa-t kite sièl la, lè-l té désann vîn jouinn nou; ni li pa-t kite nou, lè-l té tounin monté nan sièl la. Réyèlman paské li té laba-a, lè li té isit la, sé konsa li minm li témouagné: *Pèsonn, sé sa-l di, pa monté nan sièl la, sof sa-a ki désann sot nan sièl la, Pitit moun nan, ki nan sièl la.*

Bagay sa-a yo di-l poutèt unité-a, paské li sé tèt nou, épi nou sé kò-l. Bagay sa-a donk pèsonn sof li minm, paské nou minm tou sé li dapré sa-k fè li minm li sé Pitit moun nan poutèt nou, épi nou minm nou pitit Bondié poutèt li.

Konsa sètènman Apot la di: *Minm jan réyèlman kò-a li yon sèl, min li gin anpil manb; tout manb kò-a réyèlman, malgré yo anpil la, sé yon sèl kò yo fè, sé konsa tou pou Kris la.* Li pa di: sé konsa pou Kris la, min li di: *sé konsa tou pou Kris la.* Kris la donk anpil manb, yon sèl kò.

Li té désann poutèt sa sot nan sièl la pa lintèmédiè mizérikòd la, sé li minm sèl ki monté, pandan nou minm tou nan li pa lintèmédiè gras la. Épi poutèt sa sé Kris la sèlman ki désann, sé sèlman Kris la ki monté; sa pa

vlé di yo konfonn dignité tèt la ak kò-a, min yo pa séparé unité kò-a ak tèt la.

RÉPONS

Cf. Tr Ap 1, 3. 9. 4

R/. Apré soufrans li-a pandan karant jou li té parèt dévan yo, antan l-ap palé yo sou rouayòm Bondié-a; * Épi pandan y-ap gadé-l, li té monté épi yon nuaj kaché-l dévan jé yo, alélouya.

V/. Pandan l-ap manjé ak yo, li pasé yo lòd pou yo pa kité Jérusalèm, min pou yo tann promès Papa-a. * Épi pandan y-ap gadé-l.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, *Optatus votis omnium*.

Jou sakré-a té kléré,
li minm tout moun té anvi ouè-a,
lè Kris la, Bondié, ki éspérans tè-a,
monté nan rotè sièl yo.

Li ranpòté viktoua gran batay la,
chèf tè-a krazé,
gloua chè-a ki ranpòté viktoua-a,
li prezanté-l dévan fas Papa-a.

Yo poté-l nan nuaj ki kléré-a,
li bay moun ki kouè yo éspérans,

antan li déjà ouvri paradi-a,
sa premié paran yo té fèmin-an.

Ala gran kè kontan pou tout moun,
Sa-a Vièj nou-an té anfanté-a,
li chita ansanm ak Papa-a sou trôn nan,
aprè kraché, kout fouèt, aprè koua-a.

Sé pousa fò nou fè aksion-d-gras
pou Sa-a ki tiré vanjans pou-l sové nou-an,
sa-a ki té lévé kò nou-an
anlè nèt nan rouayòm sièl la.

Sé pou nou gin kè kontan ki diré,
ansanm avèk sa yo ki abité nan sièl la,
yo minm, paské li té ofri pròp tèt li,
nou minm, paské li pa-t ralé kò-l.

Koulié-a, Kris la, ou minm ki monté nan sièl la,
lévé kè nou vîn koté-ou,
voyé Éspri-ou la ki Éspri Papa-ou la
sot nan sièl la pou nou. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Mésié Galiléyin yo, pouki sa nou rét ap gadé sièl la ? Jézu sa-a yo pran sot nan min nou al nan sièl la, sé konsa l-ap vini, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch premié sémèn-nan, 578.

Réf. 2 Lévé roua tout roua yo anlè, épi di yon imm pou Bondié, alélouya.

Réf. 3 Pandan y-ap gadé, yo lévé-l anlè, épi yon nuaj pran-l nan sièl la, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ébr 10, 12-14

Kris la ofri yon sèl sakrifis pou péché yo, pou tout tan *li té chita adouat Bondié*, antan l-ap tann apré sa, *joustan yo plasé ènmi-l yo kòm machéskalié pou pié-l*; avèk yon sèl ofrann réyèlman, li té fè moun yo ki vîn sin yo vîn kòrèk nèt pou tout tan.

RÉPONS KOUT

R/. Antan Kris la monté nan rotè-a, * Alélouya, alélouya. Antan Kris la monté.

V/. Li té kondui anprizònman-an kòm prizonié. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Antan Kris la.

Pou *Benedictus* la, réf. : M-ap monté kot Papa-m ak Papa nou-an, Bondié-m nan ak Bondié nou-an, alélouya.

PRIYÈ YO

Granmèt la ki lévé sot sou tè-a, épi k-ap rédi tout bagay vîn jouinn li-a, an nou rélé-l avèk fèt, antan n-ap di byin fò :

Ou sé roua gloua-a, Jézu-Kri.

Roua gloua-a, Jézu Granmèt, ou minm ki ofri tèt ou yon sèl foua kòm sakrifis pou péché yo, épi lè-ou fîn ranpôté viktoua-a ou té monté adouat Papa-a,

— fè nou vîn sin nèt pou tout tan.

Prèt pou tout tan épi minis nouvo téstaman-an, ki toujou vivan pou-ou plédé pou nou,

— sovè pèp la k-ap priyé-a.

Ou minm ki fè ouè ou vivan apré soufrans ou-a, épi ki té parèt pandan karant jou dévan disip ou yo,

— rafèmi lafoua nou jodi-a.

Ou minm ki té promèt Apot yo Éspri-a jodi-a, pou yo sèvi-ou témouin jous nan dènié bout tè-a,

— gras a pouvoua Éspri-a ranfòsé témouyaj nou-an.

Papa nou.

Priyè-a

Fè nou joui ak kè kontan ki sin, Bondié ki gin tout pouvoua, épi fè nou fété antan n-ap di-ou bon jan mès, paské monté Kris la Pitit ou-a monté-a, sé rédi li rédi nou al jouinn li, épi koté gloua tèt la déjà yé-a, kò-a gin éspérans sé la tou yo rélé-l. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

PSÒM YO

Réfrin yo

Pou Tièrs: Grandè-ou la lévé anlè sièl yo, Bondié, alélouya.

Pou Sèkst: Dépi nan rotè anlè sièl la li vîn soti, épi li maché al rankontré jous nan anlè rotè-l la, alélouya.

Pou Nòn: Antan li lévé min-l, li té béni yo, épi yo t-ap poté-l nan sièl la, alélouya.

Nan youn nan Lè sa-a yo di psòm ki vîn apré yo:

Psòm 8

- 2 Granmèt, Granmèt nou, *
 ala gran non-ou gran sou tout tè-a.
 paské grandè-ou ro *
 anlè sièl yo.
- 3 Nan bouch ti moun piti ak sa ki nan tété yo, †
 ou réalizé louanj poutèt ènmi-ou yo, *
 pou-ou détoui ènmi ak sa k-ap tiré vanjans.
- 4 Lè-m ouè sièl ou yo, travay douèt ou yo, *
 lalîn ak zétoual yo ou fiksé,
 5 sa moun nan yé, pou-ou sonjé-l, *
 oubyin pitit moun nan, pou ou vizité-l ?
- 6 Ou fè-l vîn pi ba yon ti kras anba anj yo, †
 ak gloua ak konsidèrasion ou kouronnin-l *
 7 ou instalé-l anlè travay min-ou yo.
 Tout bagay, ou mété yo anba pié-l, †
- 8 ni mouton, ni bèf, yo tout, *
 minm bèt nan rak boua yo,
 9 zouazo sièl yo ak pouason lanmè yo, *
 tou sa k-ap maché nan santié lanmè yo.
- 10 Granmèt, Granmèt nou, *
 ala gran non-ou gran sou tout tè-a.

Psòm 18 A (19 A)

- 2 Sièl yo ap rakonté gloua Bondié, *
 travay min-l, platfòm sièl la ap anonsé-l.
- 3 Jou ap déklaré paròl bay jou, *
 nannuit ap montré sians bay nuit.

- 4 Pa gin langaj ni diskou, *
 pou yo pa konprann voua yo :
- 5 Sou tout tè-a brui voua yo soti, *
 jous nan limit tè-a paròl yo rivé.
- 6 Pou solèy la li té pozé yon tant nan yo, †
 li minm minm, tankou yon épou k-ap sot nan chanm nòs li, *
 li kontan tankou yon jéan pou-l kouri sou rout la.
- 7 Dépi nan bout sièl yo li soti, †
 chémin-l jous nan finisman yo, *
 pa gin anyin ki kaché dévan chalè-l.

Psòm 18 B (19 B)

- 8 Laloua Granmèt la san tach, li réfè nanm, *
 témouagnaj Granmèt la fidèl, li bay ti moun yo sajàs.
- 9 Jistis Granmèt la douat, yo fè kè kontan, *
 kòmandman Granmèt la klèl, li kléré jé yo.
- 10 Krint Granmèt la nèl, li diré pou sièk sièk la, *
 jijman Granmèt la vré, yo kòrèk yo tout ansanm,
- 11 yo mérité yo anvi yo plis pasé lò, ak piè ki gin anpil pri, *
 yo pi dous pasé siro mièl ak réyon siro mièl k-ap koulé.
- 12 Réyèlman sèvitè-ou la jouinn instruksion nan yo ; *
 antan-l obsèvé yo, li jouinn anpil avantaj.
- 13 Ki moun ki kapab konprann fòt yo ? †
 Pròpté-m sot nan sa-k kaché yo, *
- 14 prézèvé sèvitè-ou la pou-l pa lévé tèt li,
 pou sa pa pran pié sou mouin.
 Lè sa-a m-a san tach, *
 m-a pròpté sot nan gran péché-a.
- 15 Sé pou paròl bouch mouin fè-ou plézi, *
 ni réfléksion kè-m dévan fas ou.

Granmèt, ou k-ap poté-m sékou, *
ou k-ap rachté-m.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, p. 1007.

Pou Tièrs

Réf. Grandè-ou la lévé anlè sièl yo, Bondié, alélouya.

LÉKTU KOUT

Cf. Ap 1, 17c-18

Mouin té ouè Pitit moun nan, ki té di-m: Sé mouin minm premié-a ak dènié-a ; mouin vivan, mouin té mouri, épi min li, m-ap viv pou sièk sièk yo, mouin gin klé lanmò-a ak lanfè-a.

V/. Pa kité kè nou troublé, alélouya.

R/. Mouin minm m-apral kay Papa-a, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Dépi nan rotè anlè sièl la li vîn soti, épi li maché al rankontré jous nan anlè rotè-l la, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ébr 8, 1b-3a

Nou gin yon kalité prèt an chèf, ki chita adouat trôn Grandè-a nan sièl yo, sèvitè bagay ki sin yo ak vré tant la, sa Bondié té drésé-a, sé pa moun ki drésé-l. Réyéلمان tout prèt an chèf, yo instalé-l pou-l ofri kado ak sakrifis.

V/. Granmèt la nan sièl la, alélouya.

R/. Li té paré trôn li, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Antan li lévé min-l, li té béni yo, épi yo t-ap poté-l nan sièl la, alélouya.

LÉKTU KOUT**Kol 3, 1-2**

Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé pou nou chèché bagay ki anro yo, koté Kris la chita adouat Bondié-a; sé bagay ki anro yo pou nou gouté, sé pa sa-k sou tè-a.

V/. Lévé roua tout roua yo anlè, alélouya.

R/. Épi di yon imn pou Bondié, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, Iesu, nostra redemptio.

Jézu, rédanmsion nou-an,
rinmin nou-an, anvi nou-an,
Bondié ki kréyé tout bagay,
ki tounin moun nan finisman tan yo,

Ki bon kè ki ranpòté viktoua sou ou
pou-ou poté fot nou yo,
pou-ou sipòte yon lanmò ki rèd,
pou-ou ouété nou sot nan lanmó-a;

Pou, antan-ou antré nan prizon bafon anba-a,
ou rachté prizonié-ou yo;
pou, antan-ou ranpòté viktoua avèk gran trionf,
ou rété chita adouat Papa-a ?

Sé pou minm bon kè-ou la fòsé-ou
 pou-ou pasé anlè sa nou fè ki mal yo
 antan-ou padonnin nou; pou-ou réalizé sa nou anvi-a,
 antan-ou satisfè nou avèk figi-ou.

Sé pou-ou vîn tounin kè kontan nou,
 ou minm ki rékonpans k-ap vini-an;
 sé nan ou pou gloua nou yé,
 pou tout sièk yo tout tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Li monté nan sièl yo, li chita adouat Papa-a, alélouya.

Psòm 109 (110), 1-5. 7

- ¹ Granmèt la té di Granmèt mouin-an : *
 « Chita adouat mouin,
 † joustan mouin pozé ènmi-ou yo *
 kòm éskabo pié-ou yo ».
- ² Baton pouvoua-ou, Granmèt la voyé-l sot nan Siyon : *
 kòmandé nan mitan ènmi-ou yo.
- ³ Pouvoua-a avèk ou nan jou fòs ou-a, †
 nan ékla limiè ki sin yo, *
 sot nan vant anvan granmatin mouin anfanté-ou.
- ⁴ Granmèt la fè sèman, li pap régrèt li : *
 « Ou sé prêt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek ».
- ⁵ Granmèt la bò douat ou, *
 l-ap krazé roua yo nan jou kòlè-l la.
- [6]
- ⁷ L-ap bouè nan riviè-a nan chemin-an, *
 poutèt sa l-ap lévé tèt.

Réf. Li monté nan sièl yo, li chita adouat Papa-a, alélouya.

Réf. 2 Bondié, monté nan gran rèl fèt, Granmèt la nan mitan kout tronpèt, alélouya.

Psòm 46 (47)

- 2 Tout nasion yo, sé pou nou bat bravo, *
fè louanj pou Bondié avèk rèl chanté fèt,
- 3 paské Granmèt la ki anro nèt la, li térib, *
roua ki gran anlè tout tè-a.
- 4 Li mété pèp yo anba lòd nou *
ak nasion yo anba pié nou.
- 5 Li chouazi éritaj nou pou nou, *
gloua Jakòb la, sa-a li rinmin-an.
- 6 Bondié monté nan gran rèl fèt, *
Granmèt la monté nan son kléron.
- 7 Fè louanj pou Bondié, fè louanj ; *
fè louanj pou roua nou-an, fè louanj.
- 8 Paské Bondié sé roua tout tè-a, *
fè louanj avèk sajès.
- 9 Bondié roua sou nasion yo, *
Bondié chita sou trôn li ki sin-an.
- 10 Chèf pèp yo rasanblé *
ansanm ak pèp Bondié Abraam nan,
paské boukliyé tè-a, sé pou Bondié yo yé : *
li lévé byin ro.

Réf. Bondié, monté nan gran rèl fèt, Granmèt la nan mitan kout tronpèt, alélouya.

Réf. 3 Koulié-a Pitit moun nan jouinn gloua, épi Bondié jouinn gloua nan li, alélouya.

Kantik

Ap 11, 17-18 ; 12, 10 b-12 a

- ^{11,17} N-ap di ou mèsi, *
 Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua-a,
 sa-k la-a, ak sa-k té la-a, *
 paské ou té résevoua gran pouvoua-ou la épi ou té kòmandé.
- ¹⁸ Nasion yo té fè kòlè, *
 épi min kòlè-ou la rivé, moman pou jijé mò yo,
 pou rinmèt salè-a bay ésklav ou yo,
 profèt yo, ak sin yo, *
 ak sa-k respékté non-ou yo, piti yo ak gran yo.
- ^{12,10} Koulié-a yo sové, épi sé pouvoua-a ak péyi-roua Bondié nou-an *
 ak otorité Kris li-a,
 paské yo jété akizatè frè nou yo, *
 li minm ki t-ap akizé yo dévan fas Bondié nou-an
 lajounin kon lannuit la.
- ¹¹ Épi yo minm yo ranpòté viktoua sou li poutèt san Mouton-an *
 épi poutèt paròl témouagnaj li-a ;
 yo bliyé tèt yo jous yo mouri.
- ¹² Sé pou sa sé pou nou kontan, sièl yo, *
 ak sa yo ki abité nan yo.

Réf. Koulié-a Pitit moun nan jouinn gloua, épi Bondié jouinn gloua nan li, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Piè 3, 18. 21b-22

Kris la mouri yon foua pou tout poutèt péché yo, li minm ki kòrèk pou sa yo ki pa kòrèk yo, pou-l té kapab minnin nou bay Bondié, li mouri nan

chè-a sé vré, min li vivan nan Éspri-a. Nou minm tou koulié-a li sové nou, sé pa sa-k sal nan chè-a li ouété, min sé yon bon konsians li mandé nan Bondié pa lintèmediè rézirkéksion Jézu-Kri-a, li minm ki adouat Bondié, li pati nan sièl la, apré-l fîn mété anj yo ak pouvoua yo ak otorité yo anba lòd li.

RÉPONS KOUT

R/. M-ap monté kot Papa-m ak Papa nou-an, * Alélouya, alélouya. M-ap monté.

V/. Bondié-m nan ak Bondié nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. M-ap monté.

Pou Magnificat la, réf. : Ou minm roua gloua-a, Granmèt puisans yo, antan-ou ranpòté viktoua ou té monté anlè tout sièl yo jodi-a, pa kité nou ôfélin; min voyé Éspri vérité-a nan nou, sa Papa-a té promèt la, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, ki chita adouat Papa-a; avèk kè kontan éspri nou, an nou di-l byin fò :

Ou sé roua gloua-a, Jézu-Kri.

Roua gloua-a, ou minm ki lévé féblès chè nou-an al anlè yo avèk ou pou-ou fè-l jouinn gloua, ouété défo fot lontan yo,

— épi fè nou tounin alarotè lavi ki té la an premié-a.

Ou minm ki désann vîn jouinn nou gras a chémin rinmin-an,

— fè nou monté al jouinn ou tou gras a minm chémin sa-a.

Ou minm ki té promèt pou-ou rédi tout moun vîn jouinn ou,

— pa kité pèsonn nan nou séparé sot nan kò-ou.

Koté-ou té monté nan gloua-a,

— fè nou suiv ou la ak éspri nou ak kè nou, koté ou déjà pran dévan-an.

Ou minm n-ap tann koulié-a kòm vré Bondié ki jij la,
— fè yon jou ansanm avèk défin yo nou fikse jé sou ou kòm Granmèt
mizérikòd nan gloua-ou la.
Papa nou.

Priyè-a

Fè nou joui ak kè kontan ki sin, Bondié ki gin tout pouvoua, épi fè nou
fété antan n-ap di-ou bon jan mès, paské monté Kris la Pitit ou-a monté-
a, sé rédi li rédi nou al jouinn li, épi koté gloua tèt la déjà yé-a, kò-a gin
éspérans sé la tou yo rélé-l. Pa pouvoua Jézu-Kri.

TAN PAK

II. APRÉ ASANSION GRANMÈT LA

Nan Ofis dimanch ak jou lasèmèn, jous nan premié Vèp dimanch Pantkot la éksklizivman :

Pou Vèp yo

IMN, *Veni, créator Spíritus.*

Vini, Éspri ki kréyé tout bagay,
vizité léspri moun ou yo,
ranpli kè yo ou té kréyé-a
ak lagras anro-a.

Ou minm yo rélé Paraklè,
kado Bondié ki anro nèt la,
sous vivan, difé, rinmin
épi onksion spirituèl la.

Ou minm ki bay sèt kado-a,
ou minm douèt ki nan min Bondié,
ou minm promès Papa-a fè an règ,
ki bay lang nou richès paròl la.

Limin limiè nan intèlijans nou yo,
vidé rinmin nan kè nou yo,
ou minm ki bay féblès kò nou yo asirans
avèk fòs ki pap fini.

Ou chasé ènmi-an byin louin,
épi ou bay lapè-a tousuit;
antan ou-ap kondui nou, ou-ap pran dévan nou,
n-a évité tou sa-k mal.

Gras a ou, sé pou nou konnin Papa-a,
 sé pou nou konnin Pitit la tou;
 ou minm ki Éspri yo toulédé,
 fè nou kouè-ou tout tan.
 Amèn.

Pou Konpli

IMN, Iesu, redemptor sæculi.

Jézu, ou minm rédanmtè sièk la,
 Paròl Papa-a ki anro nèt la,
 limiè ki sot nan limiè yo pa ouè-a,
 k-ap véyé moun pa-ou yo tout nannuit la:

Ou minm ki fè tout bagay,
 épi ki séparé tan yo,
 kò nou fatigé avèk travay la,
 réfè-l avèk répo nannuit la.

Ou minm ki krazé bafon ki pi ba-a,
 délivré nou sot nan min ènmi-an
 pou-l pa rivé tronpé
 sa yo ou rachté ak san-ou nan.

Konsa, pandan n-ap rété yon ti moman
 avèk kò-a ki fatigé-a,
 fè chè nou dòmi yon fason
 pou léspri nou pa angoudi.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
 ou ki ranpòté viktoua sou lanmò-a,
 avèk Papa-a ak Éspri rékonfò-a,
 nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

Yo di Psòm yo avèk yon sèl réfrin : Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la, Granmèt la, ki té promèt nou Éspri-Sin-an, vini, an nou adoré-l, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Ætérne rex altíssime.*

Roua dépi tout tan ki anlè nèt la,
 rédanmètè fidèl yo tou,
 ou minm ki détrui lanmò-a ki défèt la,
 ou fè gras la trionfé,

Ou monté tribinal adouat Papa-a
 pouvoua ki sot nan sièl la sou tout bagay
 yo rimmèt li ba ou,
 pouvoua ki pa-t soti nan moun,

Pou toua nivo réalité kréasion-an
 sa-k nan sièl yo, sa-k sou tè-a
 ak sa-k anba tè-a,
 plouayé jénou yo antan yo déjà soumèt.

Yo tranblé anj yo antan yo ouè
 sò moun ki t-ap mouri yo chanjé;
 chè-a fè fot, chè-a nétouayé,
 chè-a vîn roua Paròl Bondié.

Ou minm, Kris la, kè kontan nou,
 antan-ou rété rékonpans pou tout tan-an,
 ou minm k-ap kòmandé kréasion tè-a
 ou ranpòté viktoua sou kè kontan tè-a bay.

Isit la antan n-ap priyé-ou, tanpri,
 padonnin tout fot yo
 épi kè yo lévé yo byin ro
 koté-ou avèk gras ki sot anlè-a.

Pou lè ou-ap kòmansé kléré
 nan nuaj rouj jij la,
 ou-ap répousé chatiman yo doué yo,
 ou-ap rinmèt kouròn yo té pèdi yo.

Jézu, sé pou gloua-a pou ou,
 ou minm ki monté nan sièl la,
 avèk Papa-a épi Éspri rékonfò-a,
 pou sièk yo pou tout tan. Amèn.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Optátus votis ómnium*).

Jou sakré-a té kléré,
 li minm tout moun té anvi ouè-a,
 lè Kris la, Bondié, ki éspérans tè-a,
 monté nan rotè sièl yo.

Li ranpòté viktoua gran batay la,
 chèf tè-a krazé,
 gloua chè-a ki ranpòté viktoua-a,
 li prezanté-l dévan fas Papa-a.

Yo poté-l nan nuaj ki kléré-a,
li bay moun ki kouè yo éspérans,
antan li déja ouvri paradi-a,
sa premié paran yo té fèmin-an.

Ala gran kè kontan pou tout moun,
Sa-a Vièj nou-an té anfanté-a,
li chita ansanm ak Papa-a sou trôn nan,
aprè kraché, kout fouèt, aprè koua-a.

Sé pousa fò nou fè aksion-d-gras
pou Sa-a ki tiré vanjans pou-l sové nou-an,
sa-a ki té lévé kò nou-an
anlè nè nan rouayòm sièl la.

Sé pou nou gin kè kontan ki diré,
ansanm avèk sa yo ki abité nan sièl la,
yo minm, paské li té ofri pròp tèt li,
nou minm, paské li pa-t ralé kò-l.

Koulié-a, Kris la, ou minm ki monté nan sièl la,
lévé kè nou vîn koté-ou,
voyé Éspri-ou la ki Éspri Papa-ou la
sot nan sièl la pou nou. Amèn.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

(Iam surgit hora tertia)

Koulié-a touazièm lè-a parèt,
Lè Kris la té monté sou koua-a ;
éspri-a pa doué pansé anyin ki déplasé,
sé pou-l mét atansion-l nan santiman priyé yo.

Li minm ki résévoua Kris la nan kè-l,
 ki gin santiman ki san répròch
 ki résévoua Éspri-Sin-an
 ak priyè l-ap ofri san rété.

Lè sa-a ki mét yon limit
 nan somèy mové péché-a ;
 sé apati lè sa-a tan ki sin yo kòmansé
 ak lagras Kris la.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
 ou ki ranpòté viktoua sou lanmò-a,
 avèk Papa-a ak Éspri rékonfò-a,
 nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

Pou Tièrs, Sèkst ak Nòn, yo di Psòm yo ak yon sèl réfrin-an: Alélouya,
 alélouya, alélouya, *sof si t-a gin réfrin pròp.*

Pou Sèkst

(Veníte, servi, súppliques)

Vini, nou minm sèvitè yo, antan n-ap sipliyé,
 lévé non Bondié ki sin-an anlè
 ak éspri nou ak bouch nou
 avèk kantik avèk louanj ki alarotè.

Sé nan tan sa-a minm,
 koté sa-a k-ap jijé sièk yo
 moun ki fèt pou mouri yo rinmèt li bay lanmò
 nan jijman ki pa kòrèk.

Nou minm ak rinmin nou doué-a,
 ak respè ki kòrèk la n-ap obéyi,
 kont tout kalité kou
 ènmi méchan-an ap frapé,

Sé pou nou priyé yon sèl Papa-a
 Bondié ak Pitit la ki roua-a
 ansanm ak Éspri-Sin-an tou,
 Granmèt la nan Trinité-a. Amèn.

Pou Nòn

(Hæc hora, quæ resplénduit)

Sa-a sé là-a, ki té kléré-a
 épi ki té gayé nuaj koua-a,
 antan li ouété tè-a sot nan fènoua-a,
 li rinmèt limiè ki klè yo.

Sé là sa-a minm antan Jézu ap résisité
 kò yo sot nan kavo yo,
 li pasé lòd pou yo sòti lib nan lanmò-a
 antan li vidé éspri nan yo ankò.

Nou kouè sièk yo vîn tou nèf,
 antan laloua lanmò-a fîn détrui,
 kado lavi ki sin-an y-ap kouri
 ak kous k-ap pou tout tan.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
 ou ki ranpòté viktoua sou lanmò-a,
 avèk Papa-a ak Éspri rékonfò-a,
 nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

VANDRÉDI SIZIÈM SÈMÈN PAK

Pou Invitatoua-a

Réf. anvan Asansion [57]: Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

Réf. apré Asansion [436]: Kris la, Granmèt la, ki té promèt nou Éspri-Sin-an, vini, an nou adoré-l, alélouya.

Pou Ofis léktu-a

Nan réjion koté yo transféré solanité Asansion Granmèt la nan dimanch ki vîn apré-a, yo pran vèsè-a, léktu yo ak répons yo nan samdi ki vîn apré-a, 450.

IMN anvan Asansion, *Hic est dies*, 58, oubyin si yo vlé *Lætare cælum*, 59. apré Asansion, *Æterne rex*, 436.

V/. Nan réziréksion-ou nan, ou minm Kris la, alélouya.

R/. Sé pou sièl yo ak tè-a kontan, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan prémié Lèt apot sin Jan

3, 1-10

Nou sé pitit Bondié

Nou minm nou aprésié anpil la : ¹ Gadé ki kalité rinmin Papa-a gin pou nou : yo rélé nou pitit Bondié, épi sé sa nou yé. Sé pou sa tè-a pa rékonèt nou, paské li pa rékonèt li. ² Nou minm mouin rinmin anpil la, koulié-a

nou sé pitit Bondié, min sa n-ap yé-a pa ko parèt. Nou konnin, lè l-ap parèt, n-ap sanblé ak li, paské n-ap ouè-l jan-l yé-a.

³ Tout moun ki gin éspérans sa-a nan li, li vîn sin, minm jan sa-a sin-an. ⁴ Tout moun ki fè péché, li fè fot, paské péché-a sé fot. ⁵ Nou konnin sa-a té parèt pou-l té ouété péché-a, épi pa gin péché nan li. ⁶ Tout moun ki rété nan li, li pa fè péché, tout moun ki fè péché, li pa ouè-l ni li pa konnin-l.

⁷ Ti pitit mouin yo, pa kité pèsonn tronpé nou. Moun ki fè sa-k kòrèk, li kòrèk, minm jan sa-a kòrèk la. ⁸ Moun ki fè péché, sé nan djab la li soti, paské dépi nan kòmansman djab la fè péché. Sé nan sa Pitit Bondié-a parèt, pou-l défèt travay djab la. ⁹ Tout moun ki fèt sot nan Bondié, li pa fè péché, paské sémans sa-a rété nan li ; li pa kapab fè péché, paské sé nan Bondié li soti.

¹⁰ Sé nan sa yo ouè klè sa-k pitit Bondié yo ak sa-k pitit djab yo. Tout moun ki pa kòrèk, épi moun ki pa rinmin frè-l, li pa sot nan Bondié.

RÉPONS

1 Jn 3, 1. 2b

R/. Gadé ki kalité rinmin Bondié Papa-a té ba nou, * Pou sé pitit Bondié yo rélé nou, épi sé sa nou yé, alélouya.

V/. Nou konnin, lè l-ap parèt, n-ap sanblé ak li, paské n-ap ouè-l jan-l yé-a. * Pou sé pitit.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Léon le Gran, pap

(Sermo 2 de Ascensione, 1-4: PL 54, 397-399)

Asansion Granmèt la fè lafoua nou grandi

Minm jan nan solanité Pak la rézireksion Granmèt la té kòz kontantman pou nou, konsa tou asansion-l nan sièl yo sé rézon kè kontan nou yo koulié-a, antan n-ap sonjé jou sa-a épi n-ap vénéré-l jan sa doué

fèt la, koté pòv kondision nou-an té avansé nan Kris la anlè tout lamé sièl la, anlè tout ran anj yo épi byin louin rotè tout puisans yo, pou-l chita ansanm kot Bondié Papa-a. Sé nan lòd aksion Bondié yo nou minm nou jouinn fondasion, yo vîn bati nou, pou gras Bondié-a vîn pi ékstraòdinè, lè yo rétiré aksion yo sot nan sa jé moun yo ap gadé, sa-k té indiké avèk rézon respè yo té santi-a, lafoua-a pa fébli, éspérans la pa souké, charité-a pa étinn.

La-a sé fòs gran éspri yo, épi sé limiè nanm fidèl yo tout bon, pou yo kouè san ézité sa yo pa ouè ak jé kò-a, épi fiksé anvi yo laba-a koté yo pa kapab gadé ak jé yo. Min koté piété sa-a t-a soti pou-l pran nésans nan kè nou yo, oubyin kijan yon moun t-a vîn kòrèk pa lintèmédiè lafoua-a, si sé sèlman nan sa-k tonbé anba jé sovè nou sovè-a t-a yé?

Sé pou sa, sa jé té kapab ouè nan Rédanmèt nou-an, yo té travèsé nan sakréman yo; épi pou lafoua-a kapab vîn pi bon kalité épi pou-l pi solid, ansègnman-an vîn pran plas vizion-an, li minm kè moun ki kouè yo t-a suiv otorité-l antan réyon limiè ki sot anro yo ap kléré yo.

Lafoua sa-a, ki grandi nan asansion Granmèt la épi ki ranfòsé ak kado Éspri-Sin-an, pa-t gin chinn, pa-t gin prizon, pa-t gin égzil, pa-t gin grangou, pa-t gin difé, pa-t gin déchiré bèt fèrès ap déchiré, ni touman byin chouazi méchansté sa k-ap pèsékité yo, ki té kapab fè-l pè. Pou lafoua sa-a sou tout tè-a, sé pa gason sèlman min fi tou, sé pa ti gason ki poko pousé bab sèlman min ti fi vièj frajil tou ki té konbat jous yo vidé san yo. Lafoua sa-a té chasé démon yo, li té répousé maladi yo, li té résisité mò yo.

Sé pou sa sin Apot yo tou, yo minm ki té ranfòsé ak kantité mirak yo, ki té fòmé ak kantité diskou yo, ki té poutan tèlman pè violans soufrans Granmèt la épi sé pa san ézitasion yo té résevoua vérité rézirkéksion-l nan, yo té tèlman fè progrè nan asansion Granmèt la, joutan tout sa ki t-ap fè yo pè anvan, té vîn tounin kè kontan. Yo té lévé réyéleman kontanplasion nanm yo toutantié nan kondision Bondié sa-k chita adouat Papa-a; yo pa-t pèdi tan ap mété vizion jé kò-a dévan ankò, pou omouins yo té dirijé

pouint léspri-a nan bagay sa-a, ki fè ni li pa-t absan kot Papa-a antan-l désann nan, ni li pa-t kité disip yo antan-l monté-a.

Sé poutèt sa, lè sa-a, nou minm mouin rinmin anpil la, Pitit moun nan té fè yo konnin-l kòm Pitit Bondié yon fason ki pi bon, ki pi sakré, lè-l té rétownin nan gloua grandè Papa-a, épi nan yon fason yo pa kapab palé, li té kòmansé pi prézan dapré sa-l yé kòm Bondié-a, li minm ki vîn pi louin dapré li sé moun nan.

Lè sa-a, lafoua-a té kòmansé rivé pi byin instrui ak progrè léspri-a kot Pitit la ki égal ak Papa-a, épi li pa-t bezouin touché égzistans Kris la nan kò-a, ki pi piti pasé Papa-a; paské antan natu kò-a rété nan gloua-a, sa té fè yo rélé lafoua moun ki kouè yo, koté sé pa ak min chè-a, min sé ak intèlijans spirituèl la y-ap touché Sèl Pitit la ki égal ak Papa-a.

RÉPONS

Ébr 8, 1b; 10, 22. 23

R/. Nou gin yon kalité prêt an chèf, ki chita adouat trôn Grandè-a nan sièl yo. * Sé pou nou proché avèk yon kè sinsè nan plénitud lafoua-a, antan kè nou fîn pròpté sot nan mové konsians la, alélouya.

V/. Sé pou nou kinbé déklarasion lafoua nou-an san fébli, li fidèl réyèlman sa-a ki té promèt la. * Sé pou nou proché.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN anvan **Asansion**, *Aurora lucis*, 37, **oubyin si yo vlé** *Chorus novæ*, 61; **apré Asansion**, *Optatus votis*, 437.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 5, 30-32

Bondié papa nou yo té résisité Jézu, li minm nou té touyé-a antan nou té pandié-l sou boua-a; Bondié lévé-l adouat li kòm chèf ak sovè pou-l

bay Israël pénitans ak padon péché yo. Kanta nou minm, nou sèvi paròl sa yo témouin, ak Èspri Sin-an Bondié té bay moun ki obéyi-l yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Nou ouè Jézu kouronnin ak gloua ak onè poutèt soufrans lanmò-a, alélouya.

PRIYÈ YO

Anvan Asansion:

Bondié Papa-a té résisité Kris la gras a Èspri-a, konsa tou kò nou k-ap mouri yo l-ap fè yo jouinn lavi. Sé poua an nou di byin fò :

Granmèt, ba nou lavi gras a Èspri Sin-ou nan.

Papa ki sin, ou té aksépté sakrifis antié Pitit ou-a, antan ou résisité-l sot nan pami mò yo,

— réservoua ofrann nou-an jodi-a, kondui nou nan lavi pou tout tan-an.

Tanpri, voyé jé sou travay nou yo jodi-a,

— pou yo fèt pou gloua-ou épi pou yo fè tout moun vîn sin.

Travay nou fè jodi-a, pa kite-l pèdi, min fè-l sèvi pou tout moun;

— épi antan n-ap travay konsa fè nou rivé nan rouayòm ou-an.

Louvri jé nou ak kè nou jodi-a pou frè nou yo,

— pou nou youn rinmin lòt, pou nou youn sèvi lòt.

Papa nou.

Priyè-a

Kouté priyè nou yo, Granmèt, pou, gras a sanktifikasyon Paròl ou-a, sa yo té promèt la akonpli tout koté pa pouvoua aksion évanjil la, épi

plénitid adopsion-an jouinn sa témouagnaj vérité-a té prédi-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Apré Asansion:

An nou fè ouè ansanm kijan Kris la gran, li minm li monté nan sièl la, pou-l voyé Éspri-Sin-an bay Apot yo, épi an nou priyé-l:

Voyé Éspri-ou la nan nou.

Ou minm Kris la, ki té monté nan sièl la, voyé promès Papa-a nan nou,
— pou nou abiyé ak fòs ki sot anro-a.

Ou minm ki té vlé pou disip ou yo gin ladrès tankou sèpan yo épi sinp tankou kolonb yo,

— gras a Éspri-ou la aprann nou ladrès ak sinplisité.

Ou minm ki chita adouat Papa-a, priyé pou nou kòm Prèt nou,

— priyé nan nou kòm Tèt nou.

Nan lapinn yo fè nou soufri ansanm avèk ou,

— pou nou jouinn gloua ansanm avèk ou tou.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié ki réparé nou pou lavi tout tan-an nan rézirkéksion Kris la, drésé nou pou nou chita adouat ou ansanm ak li minm ki sovè nou-an, pou lè Sovè nou-an ap rivé nan gloua-l la, sa yo ou té fè jouinn nouvo nésans nan batèm nan, ou fè yo abiyé avèk lavi ki pa kapab mouri-a, ki sin-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Jézu, Bondié té résisité-l, nou tout nou sèvi-l témouin. Sé ak anpil asirans donk pou tout kay Israèl la konnin Bondié té fè-l ni Granmèt ni Kris, Jézu sa-a nou té krisifié-a.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Gal 3, 27-28

Nou tout ki batizé nan Kris la, nou té abiyé ak Kris la ; pa gin Juif ni Grèk, pa gin ésklav ni moun lib, pa gin gason ni fi : nou tout réyèlman sé yon sèl nou fè nan Kris Jézu.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

1 Kor 5, 7-8

Ouété vié lévin-an, pou nou vîn yon nouvo pat, paské nou sé pin san lévin. Réyèlman yo sakrifié Pak nou-an Kris la! Konsa sé pou nou sélébré fèt yo, pa avèk vié lévin, ni avèk lévin méchansté ak movèz foua, min nan pin san lévin sinsérité-a ak vérité-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

IMN anvan Asansion, *Ad cenam Agni*, 54, *oubyin si yo vlé, O rex æterne*, 55; *après Asansion, Veni creator Spiritus*, 434.

LÉKTU KOUT

Ébr 5, 8-10

Malgré Kris la sé Pitit li yé-a, li té aprann obéyisans nan sa-l souffri yo, lè-l ffin akonpli, li vîn tounin pou tout moun k-ap obéyi-l koz sovè yo sovè pou tout tan-an, antan Bondié rélé-l prêt an chèf dapré ran Mèlkisédèk.

RÉPONS KOUT

Anvan Asansion:

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Aprés Asansion:

R/. Éspri Paraklè-a, * Alélouya, alélouya. Éspri.

V/. L-ap aprann nou tout bagay. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Éspri.

Pou *Magnificat la*, réf. : Papa nou ki nan sièl la ap bay moun ki mandé-l yo bon Éspri-a, alélouya.

PRIYÈ YO

Anvan Asansion:

Kris la, sous tout lavi épi kòmansman tout bon kalité, an nou sélébré-l, antan n-ap priyé :

Instalé rouayòm ou-an sou tè-a, Granmèt.

Jézu sovè, ou mouri nan kò-a sé vré, min ou vîn vivan nan Éspri-a;

— fè nou mouri sot nan péché-a, pou nou viv nan Éspri-a.

Ou minm ki voyé disip ou yo sou tout tè-a pou yo préché Évanjil la bay tout créatu,

— moun yo k-ap anonsé Évanjil la, fè yo viv dapré Éspri-ou la.

Ou minm yo rinnèt tout pouvoua nan sièl la ak sou tè-a, pou-ou sèvi vérité-a témouin,

— kè moun yo k-ap komandé nou yo, kinbé yo nan éspri vérité-a.

Ou minm ki fè tout bagay nouvo épi ki pasé nou lòd pou nou tann rouayòm ou-an antan n-ap véyé,

— fè plis n-ap tann sièl nouvo yo ak tè nouvo yo avèk chalè, plis tou n-ap travay tè sa-a avèk souin.

Ou minm ki désann jous nan bafon anba yo, pou-ou anonsé kè kontan Évanjil la bay mò yo yo minm,

— vîn tounin ou minm minm kontantman ak éspérans ékstraòdinè pou moun ki mouri yo.

Papa nou.

Priyè-a

Kouté priyè nou yo, Granmèt, pou, gras a sanktifikasyon Paròl ou-a, sa yo té promèt la akonpli tout koté pa pouvoua aksion évanjil la, épi plénitid adopsion-an jouinn sa témouagnaj vérité-a té prédi-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

PRİYÈ YO

Apré Asansion:

An nou fè louanj Kris la, li minm Éspri-Sin-an té sakré-a, an nou priyè-l :

Ou minm ki chita adouat Papa-a, plédé pou nou.

Tout moun ki poté non krétyin-an, voyé jé sou yo, Granmèt,

— pou Éspri-Sin-an rasanblé yo fè yon sèl.

Voyé limiè-ou bay tout moun k-ap sibi pèsékision poutèt non-ou,
 — pou yo konnin ki sa pou yo di dévan moun k-ap pèsékité yo.
 Fè tout moun rékonèt ou, ou minm ki véritab pié rézin-an,
 — pou yo vîn tounin branch k-ap donnin frui Éspri-a.
 Ou minm Kris la, roua tout tè-a, ki monté nan sièl la k-ap éklaté ak rèl fèt,
 — sé pou régné sou tout nasion yo.
 Moun yo ki patisipé nan lanmò-ou la ak réziréksion-ou nan gras a batèm
 nan,
 — fè yo travèsé sot nan lanmò-a al nan lavi-a ansanm avèk ou.
 Papa nou.

Priyè-a

Bondié ki réparé nou pou lavi tout tan-an nan réziréksion Kris la, drésé
 nou pou nou chita adouat ou ansanm ak li minm ki sovè nou-an, pou lè
 Sovè nou-an ap rivé nan gloua-l la, sa yo ou té fè jouinn nouvo nésans
 nan batèm nan, ou fè yo abiyé avèk lavi ki pa kapab mouri-a, ki sin-an. Pa
 pouvoua Jézu-Kri.

SAMDÌ SIZIÈM SÈMÈN PAK

Pou Invitatoua-a

Réf. anvan Asansion [57]: Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

Réf. apré Asansion [436]: Kris la, Granmèt la, ki té promèt nou Éspri-
 Sin-an, vini, an nou adoré-l, alélouya.

Pou Ofis léktu-a

Nan réjion yo koté yo transféré solanité Asansion Granmèt la al nan dimanch qui vîn apré-a, yo pran vèsè-a, léktu yo ak répons yo nan dimanch ki vîn apré-a, 459.

IMN anvan Asansion, *Hic est dies*, 58, oubyin si yo vlé, *Lætare cælum*, 59; apré Asansion, *Aeterne rex*, 436.

V/. Bondié té réfè nou nan éspérans vivan-an, alélouya.

R/. Pa lintèmédiè réziréksion Jézu-Kri sot nan pami mò yo, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan premié Lèt apot sin Jan

3, 11-17

Charité aléga frè yo

Nou minm nou aprésié anpil la: ¹¹ Min nouvèl la, nou té tandé dépi nan kòmansman-an, pou nou youn rinmin lòt. ¹² Sé pa tankou Kayin, ki té sot nan mové-a, ki té touyé frè-l la. Épi pouki sa li té touyé-l ? Paské aksion-l yo té mové, min aksion frè-l yo minm té kòrèk.

¹³ Pa sézi, frè-m yo, si tè-a rayi nou. ¹⁴ Nou minm nou konnin nou travèsé sot nan lanmò al nan lavi-a, paské nou rinmin frè yo. Moun ki pa rinmin, li rété nan lanmò. ¹⁵ Tout moun ki rayi frè-l, li sé kriminèl, nou konnin okinn kriminèl pa gin lavi tout tan-an ki rété nan li.

¹⁶ Sé nan sa nou konnin charité Bondié-a, sèké sa-a té bay lavi-l pou nou, nou minm tou nou doué bay lavi nou pou frè nou yo. ¹⁷ Moun ki gin byin tè sa-a, épi li ouè frè-l ki nan bézouin, malgré sa li fèmin zantray li dévan-l, kijan charité Bondié-a kapab rété nan li ?

RÉPONS

1 Jn 3, 16. 14a

R/. Sé nan sa nou konnin charité Bondié-a, paské li minm li té déposé nanm li pou nou; * Épi nou minm tou nou doué déposé nanm nou yo pou frè nou yo, alélouya.

V/. Nou minm nou konnin nou té travèsé sot nan lanmò al nan lavi-a, paské nou rinmin frè yo. * Épi nou minm tou.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Ogustin, évèk, nan Jan

(Tract. 124, 5. 7: CCL 36, 685-687)

Dé lavi yo

Sé dé lavi Égliz la té konnin yo té préché ba li épi yo té rékòmandé-l sot nan Bondié, youn nan dé yo sé nan lafoua-a, lòt la nan vizion-an; youn nan tan pèlerinaj la, lòt la nan kay pou tout tan-an; youn nan travay la, lòt la nan répo-a; youn sou rout la, lòt la nan patri-a; youn nan travay aksion-an, lòt la nan rékonpans kontaplasyon-an.

Prémié-a sé pa lintèmediè apot Piè yo indiké-l, lòt la pa lintèmediè Jan. Prémié-a réalizé-l toutantié isit la jous nan finisman sièk sa-a, épi sé la tou li jouinn finisman-l; lòt la minm rété ap tann pou-l akonpli apré finisman sièk sa-a, min nan sièk k-ap vini-an li pap gin finisman. Sé pou sa yo di osijè prémié-a: *Suiv mouin*; osijè lòt la minm: *Si sé konsa mouin vlé li rété, joutan m-ap vini, sa sa yé pou ou? Ou minm suiv mouin.*

Ou minm suiv mouin antan ou-ap pran modèl pou sipòté sa-k mal yo ki pou yon tan-an; li minm sé pou-l rété, joutan mouin vini pou rinmèt byin pou tout tan yo. Sa yo t-a kapab di pi klè konsa: Aksion ki fîn bon nèt la ap suiv mouin, antan-l pran modèl sou égzanp souffrans mouin-an; kontanplasyon-an minm ki kòmansé-a ap rété, joutan mouin vini pou-l fè-l fîn bon nèt, lè m-a vini.

L-ap suiv Kris la réyèlman, antan-l rivé jous nan lanmò-a, plénitud pasians ki sin-an; l-ap rété minm, joutan Kris la vini, lè sa-a plénitud

sians la ap parèt klè. Isit la sètènman y-ap sipòté mal yo sou tè-a nan tè sa k-ap mouri yo, laba-a y-ap ouè byin Granmèt la nan tè vivan yo.

Sa-l di-a réyèlman: *Mouin vlé pou-l rété, joutan m-ap vini*, yo pa doué konprann li kòm si li t-a di, rété oubyin kontinué rété; min, tann; paské sa yo vlé di pa lintèmédiè-l la, sètènman sé pa kounié-a, min sé lè Kris la ap vini, l-ap akonpli. Sa yo vlé di-a minm pa lintèmédiè sa-a yo di-l: *Ou minm suiv mouin*, si-l pa fèt kounié-a, li pap rivé nan sa l-ap tann nan.

Poutan pînga pèsonn séparé dé gran Apot sa yo. Épi nan sa Piè té indiké-a, sé sa toulèdé té yé; épi nan sa Jan té signifié-a, sé sa toulèdé ap gin pou yo yé. Antan yo indiké, premié-a t-ap suiv, lòt la t-ap rété; antan yo kouè minm, toulèdé t-ap sipòté mal mizè sa-a ki prézan yo, toulèdé t-ap tann byin kontantman sa-a ki gin pou vini yo.

Sé pa yo minm sèlman, min sé tout Égliz la ki sin-an, épouz Kris la, k-ap fè sa, antan-l l-ap chapé sot anba tantasion sa yo, antan l-ap konsèvé kontantman-an nan lòt la. Dé lavi sa yo, Piè ak Jan té réprézanté yo, youn pou chak; réyèlman vré ni toulèdé té maché nan sa-a ki pou yon tan-an pa lintèmédiè lafoua-a, ni toulèdé pral joui sa-a ki pou tout tan-an pa lintèmédiè vizion-an.

Sé poutèt sa, pou tout sin yo kapab vîn fè pati kò Kris la yon fason ki pa kapab séparé, poutèt gouvènay lavi sa-a ki gin anpil tanpèt, Piè, premié nan Apot yo, té résévoua klé rouayòm sièl yo pou maré épi lagé péché yo; épi pou yo minm tout sin yo, poutèt bòdmè lavi-a ki pi kaché sa-a ki bay anpil répo-a, Jan évanjélis la té lonjé sou pouatrîn Kris la.

Paské sé pa premié-a pou kont li, min sé tout Égliz la ki maré épi lagé péché yo; ni sé pa lòt la sèlman ki té bouè nan sous pouatrîn Granmèt la sa-l té fè sòti antan l-ap préché: nan kòmansman Paròl la Bondié bò kot Bondié, épi tout rèz yo osijè kondision Bondié Kris la, ak osijè sa-k anlè nèt pou Bondié toutantié-a trinité-a ak unité-a, sa y-ap gin pou kontanplé nan rouayòm nan fas a fas la, min kounié-a, joutan Granmèt la vini, sé nan glas ak nan yon fason ki pa klè pou yo apèsi yo; min Granmèt la li

minm té gayé Évanjil la minm sou tout ronnn tè-a, pou tout moun dapré kapasité yo chak kapab bouè.

RÉPONS

Cf. 1 Piè 5, 10; 2 Kor 4, 14

R/. Bondié tout gras la, li minm ki té rélé nou nan gloua tout tan-l nan nan Kris Jézu, * Apré nou fîn soufri yon ti kras, sé li minm k-ap fè nou fîn bon nèt, l-ap asiré nou, l-ap rann nou solid, alélouya.

V/. Li minm ki té résisité Jézu-a, l-ap résisité nou avèk Jézu tou. * Apré nou fîn soufri.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN anvan *Asansion, Aurora lucis*, 37, *oubyin si yo vlé : Chorus novæ*, 61; apré *Asansion, Optatus votis*, 437.

LÉKTU KOUT

Rom 14, 7-9

Pèsonn nan nou pap viv pou prop tèt li; pèsonn pap mouri pou prop tèt pa li; kit n-ap viv réyèlman, sé pou Granmèt la n-ap viv, kit nou mouri, sé pou Granmèt la nou mouri. Donk kit n-ap viv, kit nou mouri, sé pou Granmèt la nou yé. Sé pou sa réyèlman Kris la mouri épi li té viv tou, sé pou-l té kòmandé ni sa-k mouri yo, ni sa-k vivan yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya.
Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Amèn, amèn mouin di nou : Si nou mandé
Papa-a yon bagay o non mouin, l-ap ba nou-l, alélouya.

PRIYÈ YO

Anvan Asansion:

Kris la, li minm ki té montré nou lavi pou tout tan-an, an nou mandé-l
avèk tout kè nou, antan n-ap di byin fò :

Sé pou rézireksion-ou nan anrichi nou ak lagras, Granmèt.

Gadyin pou tout tan-an, voyé jé sou bann mouton-ou nan k-ap lève sot
nan dòmi-a,

— souin nou ak abondans manjé paròl ou-a ak pin-ou nan.

Pa kité lou-a dévoré nou, pa kité sa k-ap vann sèvis li-a pèdi nou,

— min fè nou rét fidèl pou nou tandé voua-ou.

Ou minm ki travay toupataou avèk moun k-ap préché yo épi ou asiré prèch
yo-a,

— fè nou anonsé rézireksion-ou nan jodi-a nan konduit nou ak nan lavi
nou.

Sé pou-ou vîn tounin kè kontan nou, sa pèsonn pa kapab ouèté sot nan
nou-an,

— pou nou réjté tristès péché-a, pou nou kité lavi pou tout tan-an atiré
nou.

Papa nou.

Priyè-a

Kè nou yo, tanpri, Granmèt, toujou dispozé yo pou bon aksion yo, pou
antan n-ap fè éfò tout tan nan diréksion bagay ki pi bon yo, nou chèché
rivé jouinn mistè paskal k-ap diré tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Apré Asansion-an:

Louanj é gloua pou Kris la, li minm ki té promèt fòs Éspri-Sin-an t-ap vini sou Apot yo. Antan n-ap sipliyé-l an nou di byin fò:

Voyé limiè-ou la ak vérité-ou la.

Paròl vérité-a, sajès ak ékla Papa-a, voyé limiè-ou la ak vérité-ou la,

— pou nou rann ou témouagnaj jodi-a ak paròl épi ak aksion dévan frè nou yo.

Fè nou toujou gouté épi médité sa yo ki pou Éspri-a,

— pou nou pa tonbé nan lanmò, min pou nou rivé jgin lavi ak lapè.

Sé pou Éspri-ou la poté féblès nou sékou,

— pou nou rivé konnin kijan nou doué priyé.

Plin nou ak rinmin épi ak tout kalité sians,

— pou nou youn kapab bay lòt avètisman.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ou minm Pitit ou-a k-ap monté nan sièl yo té aksépté promèt Éspri Sin-an bay Apot yo, fè nou favè, tanpri, pou minm jan yo minm yo té résévoua kado ansègnman sièl la kado sa yo ki gin anpil fòm nan, konsa nou minm tou ou ba nou kado Éspri yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an**Pou Tièrs**

Si malgré nou té ènmi, nou vîn rékonsilié ak Bondié pa lintèmediè lanmò Pitit li-a, sé pi plis toujou antan nou fin rékonsilié-a n-ap sové nan lavi li-a; sé pa sèlman sa, min n-ap jouinn gloua nan Bondié palintèmediè Granmèt nou Jézu-Kri, li minm sé pa lintèmediè-l koulié-a nou té résévoua rékonsiliation-an.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

1 Kor 15, 20-22

Kris la té résisité sot nan pami mò yo, prémié frui pami sa-k t-ap dòmi yo. Paské réyèlman sé pa lintèmediè yon moun gin lanmò-a, sé pa lintèmediè yon moun tou gin rézireksion mò yo : minm jan réyèlman tout moun té mouri nan Adan-an, sé konsa tout moun ap gin lavi nan Kris la.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

2 Kor 5, 14-15

Rinmin Kris la ap pousé nou ; antan nou konsidéré si yon sèl mouri pou tout moun, konsa tout moun yo mouri ; épi li mouri pou tout moun, pou minm moun k-ap viv yo, sé pa pou yo minm y-ap viv ankò, min pou sa-a ki mouri épi ki té résisité pou yo-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

SETIÈM DIMANCH PAK

Touazièm sémèn Psòm yo

Pou premié Vèp yo

IMN, *Veni creator Spiritus*, 434.

Réf. 1 Bondié anlè nèt dépasé tout sièl yo, li té lèvé pòv la sot atè-a, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch touazièm sémèn-nan, 779.

Réf. 2 Ou té kasé chinn mouin yo, Granmèt : m-ap ofri-ou yon sakrifis louanj, alélouya.

Réf. 3 Pitit Bondié-a té aprann obéyisans apati sa-l soufri yo; pou tout moun ki obéyi-l yo, li vîn tounin kòz sovè yo sovè-a pou tout tan, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Piè 2, 9-10

Nou minm nou sé yon ras chouazi, yon sèvis prèt ki roua, yon nasion ki sin, yon pèp ki gin mèt, pou nou anonsé puisans sa-a ki té rélé nou sot nan fènoua yo vîn nan bèl limiè-l la ; lontan nou pa-t yon pèp, min koulié-a nou sé pèp Bondié-a ; nou pa-t résévoua mizérikòd, min koulié-a nou résévoua mizérikòd.

RÉPONS KOUT

R/. Disip yo kontan, * Alélouya, alélouya. Disip yo.

V/. Lè yo ouè Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Disip yo.

Pou Magnificat la, réf. :

Ané **A**

Sa-a sé lavi pou tout tan-an, pou yo konnin ou minm, sèl Bondié tout bon vré-a, épi sa-a ou té voyé-a, Jézu-Kri, alélouya.

Ané **B**

Papa ki sin, konsèvé yo nan non-ou, sa ou té ban mouin-an, pou yo fè yon sèl tankou nou minm, alélouya.

Ané **C**

Sé pa pou yo minm sèlman mouin mandé, min pou sa yo tou k-ap kouè nan mouin gras a paròl yo-a, pou yo tout fè yon sèl, alélouya.

PRIYÈ YO

An nou béni Kris la, li minm Éspri-Sin-an désann sou li ak yon aparans kò. An nou rélé-l, épi an nou asiré priyè-a antan n-ap di :

Amèn.

Granmèt, voyé sa-a ou-ap voyé-a,

— pou Égliz ou-a toujou ap rénouvle, pou-l vîn tou jèn.

Sé pou tout nasion yo joué psòm pou ou kòm roua ak Bondié,

— fè Israèl vîn tounin propriété-ou.

Ou minm ki té chasé démon yo,

— sa k-ap fè nou tonbé ak sa k-ap pouri nou, ouété yo sot nan péyi nou yo.

Ou minm ki té ranpòtè viktoua nan Pantkot la sou divizion Babèl la,

— gras a Éspri-ou la fè nou fè yon sèl, fè nou tout gin yon sèl minm lafoua-a.

Sé pou Éspri-ou la abité nan nou,

— pou-l bay kò nou yo k-ap mouri-a lavi.

Papa nou.

Priyè-a

Siplikasyon nou yo, Granmèt, kouté yo ak bon kè, pou, minm jan nou té kouè Sovè ras moun nan avèk ou nan grandè-ou la, konsa tou nou santi li rété avèk nou, jous finisman sièk la, jan li minm li té promèt la. Li minm ki vivan é ki roua ansanm avèk ou.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Aeterne rex*, 436.

Réf. 1 Alélouya, Bondié té résisité Kris la sot nan pami mò yo, li té ba li gloua, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch touazièm sémèn-nan, 782.

Réf. 2 Alélouya, ou lévé anro nè, Granmèt, anlè tout sièl yo, alélouya.

Réf. 3 Alélouya, yo rinmèt mouin tout pouvoua nan sièl ak sou tè-a, alélouya.

V/. Chè mouin té réfléri, alélouya.

R/. Épi sé volonté-m pou-m fè déklarasion pou Bondié, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan prémié Lèt apot sin Jan

3, 18-24

Kòmandman lafoua-a ak charité-a

¹⁸ Ti pitit mouin yo, sé pa nan paròl ak lang pou nou rinmin, min sé nan aksion ak vérité. ¹⁹ Nan sa nou konnin sé nan vérité-a nou yé, épi dévan-l n-a asiré kè nou, ²⁰ si kè nou fè nou répròch, Bondié pi gran pasé kè nou, li konn tout bagay. ²¹ Nou minm mouin rinmin anpil la, si kè nou pa fè nou répròch, nou gin asirans kot Bondié ; ²² ninpòt sa nou mandé, n-ap résévoua-l nan min-l, paské nou kinbé kòmandman-l yo, épi nou fè sa-k fè-l plézi dévan-l.

²³ Sé sa-a ki kòmandman-l nan, sé pou nou kouè o non Pitit li-a Jézu-Kri, épi pou nou youn rinmin lòt, jan-l té pasé nou lòd la. ²⁴ Moun ki kinbé kòmandman-l yo, li rét nan li épi li minm tou li rét nan moun sa-a ; sé konsa nou konnin li rété nan nou, sé gras a Éspri-a li ba nou-an.

RÉPONS

1 Jn 3, 24; Sir 1, 9a. 10ab

R/. Moun ki kinbé kòmandman Bondié yo, li rét nan li épi li minm tou li rét nan moun sa-a: * Épi sé konsa nou konnin li rété nan nou: sé gras a Éspri-a li té ba nou-an, alélouya.

V/. Bondié té kréyé sajès la nan Éspri-Sin-an, li té vidé-l sou tout chè.
* Épi sé konsa.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli sin Grégoua de Nis, évèk, nan Kantik de kantik yo
(Hom. 15: PG 44, 1115-1118)

Gloua-a, sa-ou té ban mouin-an, mouin té ba yo-l

Si rinmin-an chasé krint la nèt alafin, épi lè krint la chanjé li vîn tounin rinmin; lè sa-a minm yo vîn dékouvri sé unité-a ki fè jouinn sové nou sové-a, pou tout moun fè youn antré yo antan yo rasanblé ak youn nan épi sèl byin-an, pa lintèmédiè pèfèksion sa-a ki nan kolonb la.

Paské sé nan fason sa-a nou konprann kichòy sot nan paròl ki suiv yo, lè-l di: *Sé yon sèl li yé kolonb mouin-an, pa-m nan ki fîn apouin nèt la. Sé sèl pitit manman-l, sa-a ki anfanté-l la, sé li-l chouazi.*

Épitou sa vîn déklaré nan Évanjil la pa lintèmédiè voua Granmèt nou-an yon fason pi klè. Réyèlman, li minm, antan l-ap béni, li bay disip li yo tout fòs, soua lè lòt byin yo li té bay sa-k alarotè yo ak paròl li yo, sa yo li sèvi pou-l palé ak Papa-a; soua lè li ajouté sa-a tou, ki tèt ak totalité byin yo, pou yo minm, nan kèk diféran choua y-ap fè, yo pa rivé divizé pi plis an pliziè nan fè jijman osijè byin-an, min pou yo tout vîn fè youn, antan yo rété kolé sou youn sa-a ki sèl byin-an; yon fason pou, pa lintèmédiè unité Éspri-Sin-an (jan Apot la di-a) antan chinn lapè-a kinbé yo ansanm byin séré, yo tout vîn tounin yon sèl kò ak yon sèl éspri, gras a yon sèl éspérans la, sa yo rélé yo ladan-an.

Poutan nou t-ap fè sa pi douat, si nou prézané yo minm motamo tout bon paròl Bondié nan Évanjil la. *Pou yo tout, sé sa-l di, yo fè youn, minm jan ou minm, Papa mouin, ou nan mouin-an, épi mouin minm nan ou; pou yo minm tou yo fè youn nan nou.*

Anchènman ki fè youn sa-a minm sé gloua-a. Éspri-Sin-an minm yo rélé-l gloua, pa gin pèsònn nan sa-k gin sajès yo k-ap nié sa, si li konsidéré paròl Granmèt la yo minm, lè-l di: *Gloua-a, sa-ou té ban mouin-an, mouin té ba yo-l.* Sé tout bon vré réyèlman li té bay disip yo minm gloua-a, lè-l té di yo: *Résévoua Éspri-Sin-an.*

Épitou gloua sa-a, sa poutan li té toujou ginyin-an, minm anvan tè sa-a té égzisté-a, li té résévoua-l nan tan sa-a lè-l té abiyé ak natu moun nan; sa-a sètènman té vîn gin gloua pa lintèmédiè Éspri-Sin-an, tout sa ki té gin nésans ak li té gin gloua, antan-l vîn patisipé nan Éspri-a, antan kòmansman-an fèt apati Apot yo.

Sé pou rézon sa-a li di: *Gloua-a, sa-ou té ban mouin-an, mouin té ba yo-l; pou yo kapab fè youn, minm jan nou fè youn nan; mouin minm nan yo épi ou minm nan mouin, pou yo fîn réalizé nèt nan fè youn nan.* Sé sa-k fè moun sa-a ki té vîn pousé antan-l grandi sot nan timoun vîn yon gason ki fîn fòmé, li té rivé nan mézi laj li-a, sa nou konprann ak léspri-a; alafin

li vîn kapab résévoua gloua Éspri-Sin-an pa lintèmediè yon kondision ki étranjé parapò a tout vis yo, épi pa lintèmediè nètouayé li nètouayé-a; sé poutèt sa li minm li sé kolonb sa-a ki bon nèt la, sa épou-a ap gadé-a, lè-l di: *Kolonb mouin-an sé yon sèl, pa-m nan ki apouin nèt la.*

RÉPONS

Cf. Jan 15, 15; 14, 26; 15, 14

R/. Mouin pap rélé nou sèvitè ankò, min zanmi mouin; paské nou té konnin tout bagay yo, sa-m té fè nan mitan nou yo. * Résévoua Éspri-Sin-an nan nou, Paraklè-a; sé li minm Papa-a ap voyé ba nou, alélouya.

V/. Nou minm nou sé zanmi-m, si nou fè sa mouin kòmandé nou yo. * Résévoua.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, *Optatus votis*, 437.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt la té vîn roua, li abiyé ak dékoration, alélouya. †

Psòm yo ak kantik la nan dimanch touazièm sémèn-nan, 786.

Réf. 2 Kréati-a ap vîn libéré nan libètè gloua pitit Bondié yo, alélouya.

Réf. 3 Non Granmèt la lévé anlè plis pasé sièl la ak tè-a, alélouya.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 10, 40-43

Bondié té résisité Jézu touazièm jou-a, li fè-l parèt, non pa dévan tout pèp la, min dévan témouin yo Bondié té chouazi davans yo, nou minm, ki té manjé, ki té bouè avèk li, apré-l té fin résisité sot nan pami mò yo; li té pasé nou lòd pou nou préché pèp la, pou nou sèvi témouin sé li minm Bondié mété kòm jij moun ki vivan yo ak moun ki mouri yo. Tout profèt yo sèvi bagay sa-a témouin tout moun ap résévoua padon péché yo nan non-l, sa yo ki kouè nan li-a.

RÉPONS KOUT

R/. Ou minm Kris la, Pitit Bondié vivan, pran pitié pou nou. * Alélouya, alélouya. Ou minm Kris la.

V/. Ou minm ki té résisité sot nan pami mò yo * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Ou minm Kris la.

Pou Benedictus la, réf. :

Ané A

Papa, mouin té fè ouè gloua-ou sou tè-a; mouin fin fè travay la, sa-ou té ban-m fè-a, alélouya.

Ané B

Koulié-a m-ap vîn jouinn ou épi m-ap di bagay sa yo sou tè-a, pou yo kapab gin kè kontan-m nan ki réalizé nan yo minm, alélouya.

Ané C

Mouin minm gloua-a ou té ban mouin-an, mouin té ba yo-l, pou yo fè yon sèl tankou nou minm nou fè yon sèl la, alélouya.

PRIYÈ YO

Avèk tout moun yo ki vîn kòrèk nan Éspri Bondié-a, an nou asosié nou nan louanj yo ak priyè-a, antan n-ap di :

Sé pou Éspri-ou la édé nou.

Jézu Granmèt, fè nou kité Éspri Bondié-a kondui nou jodi-a,

— pou nou toujou maché tankou pitit Bondié.

Gras a Éspri-ou la mandé Papa-a avèk insistans,

— pou nou alarotè promès ou yo.

Fè nou gin kè laj, pou nou pa mandé sa-k pou nou sèlman,

— min pou nou pito chèché byin lòt moun yo.

Ba nou sians Bondié-a,

— pou nou fè progrè nan konésans ou ak konésans Papa-a, gras a Éspri-Sin-an.

Papa nou.

Priyè-a

Siplikasion nou yo, Granmèt, kouté yo ak bon kè, pou, minm jan nou té kouè Sovè ras moun nan avèk ou nan grandè-ou la, konsa tou nou santi li rété avèk nou, jous finisman sièk la, jan li minm li té promèt la. Li minm ki vivan é ki roua ansanm avèk ou.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Cf. 1 Kor 15, 3b-5

Kris la mouri pou péché nou yo, dapré sa-k Ékri yo, yo antéré-l, li résisité sou touazièm jou-a, dapré sa-k Ékri yo, li parèt dévan Séfas, apré sa dévan Douz yo.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Éféz 2, 4-6

Bondié ki rich nan mizérikòd, poutèt gran charité-l la, sa-l té rinmin nou avèk li-a, malgré nou té mouri akòz péché yo, li té fè nou viv nan Kris la, — sé akòz gras la nou sovè, — épi li té résisité nou avèk li, li té fè nou chita avèk li nan sièl yo nan Kris Jézu.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

Rom 6, 4

Nou antéré ansanm avèk li nan lanmò-a gras a batèm nan, pou minm jan Kris la résisité sot nan pami mò yo gras a gloua Papa-a, konsa tou nou minm n-ap maché nan nouvo lavi-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Veni creator Spiritus*, 434.

Réf. 1 Antan li fîn nétouayé péché yo, li chita adouat grandè-a nan rotè anlè yo, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch touazièm sémèn-nan, 793.

Réf. 2 Granmèt la té voyé rédanmsion-an bay pèp li-a, alélouya.

Réf. 3 Alélouya, Granmèt nou-an té vîn roua; sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ébr 10, 12-14

Kris la ofri yon sèl sakrifis pou péché yo, pou tout tan *li té chita adouat Bondié*, antan l-ap tann apré sa, *joustan yo plasé ènmi-l yo kòm machéskalié pou pié-l*; avèk yon sèl ofrann réyèlman, li té fè moun yo ki vîn sin yo vîn kòrèk nèt pou tout tan.

RÉPONS KOUT

R/. Éspri Paraklè-a, * Alélouya, alélouya. Éspri.

V/. L-ap aprann nou tout bagay. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Éspri.

Pou Magnificat la, réf. :

Ané A

Lè Paraklè-a ap vini, li minm m-ap voyé ba nou-an, Éspri vérité-a, ki sot nan Papa-a, sé li minm k-ap sèvi-m témouin, alélouya.

Ané B

Minm jan ou té voyé-m sou tè-a, mouin minm tou mouin voyé yo sou tè-a ; mouin konsakré tèt mouin pou yo, pou yo minm tou yo kapab sanktifé nan vérité-a, alélouya.

Ané C

Papa, sa yo ou té ban mouin-an, mouin vlé pou koté-m yé-a sé la yo yé tou avè-m, pou yo ouè gloua-m nan, sa ou té ban mouin-an, alélouya.

PRIYÈ YO

Kijan pou nou priyé jan sa doué fèt la nou pa konnin, min sé Éspri-Sin-an minm k-ap mandé pou nou ak jémisman yo pa kapab rakonté. Sé poua an nou di :

Sé pou Éspri Sin-an mandé pou nou.

Jézu-Kri, gadyin ki sot nan sièl la, bay gadyin nou yo sajès ak konsèy,

— pou yo kondui bann mouton-ou yo pi byin nan sa k-ap sovè yo-a.

Ou minm ki abité nan rotè yo épi ki rich nan mizérikòd,

— voyé jé sou maléré yo ak pòv yo sou tè-a.

Ou minm Mari ki Vièj té poté nan vant lè Éspri-Sin-an té kouvri-l avèk lonbraj li,

— konsèvé vièj ki sakré yo nan éspri konsékration yo-a.

Prèt nou, ou minm ki fè louanj Papa-a nan Éspri-Sin-an,

— fè tout moun asosié avèk ou pou yo fè louanj.

Sé pou défin yo rivé nan libètè gloua pitit Bondié yo,

— épi nan rédanmsion kò yo-a anplin.

Papa nou.

Priyé-a

Siplikasion nou yo, Granmèt, kouté yo ak bon kè, pou, minm jan nou té kouè Sovè ras moun nan avèk ou nan grandè-ou la, konsa tou nou santi li rété avèk nou, jous finisman sièk la, jan li minm li té promèt la. Li minm ki vivan é ki roua ansanm avèk ou.

LINDI SÉTIÈM SÉMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Kè-m ak chè-m, alélouya.

R/. Té fété nan Bondié vivan-an, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan premié Lèt apot sin Jan

4, 1-10

Bondié té rinmin nou

¹ Nou minm mouin rinmin anpil la, pa kouè nan tout kalité éspri, min sé pou nou éséyé éspri yo si sé nan Bondié yo soti ; paské gin anpil fo-profèt ki soti sou tè-a. ² Nan sa yo rékonèt Éspri Bondié-a : tout éspri ki rékonèt Jézu-Kri vini nan chè-a, sé nan Bondié li soti ; ³ tout éspri ki nié Jézu, sé pa nan Bondié li soti ; sa-a sé Antikris la, sa nou té tandé di li t-ap vini-an, koulié-a li déja sou tè-a. ⁴ Nou minm sé nan Bondié nou soti, ti pitit mouin yo, nou ranpòté viktoua sou li : paské sa-a ki nan nou-an li pi gran passé sa-a ki sou tè-a. ⁵ Yo minm sé sou tè-a yo soti ; sé poua sé kozé tè-a y-ap palé, tè-a minm kouté yo. ⁶ Nou minm sé nan Bondié nou soti. Moun ki rékonèt Bondié, li kouté nou ; moun ki pa sot nan Bondié, li pa kouté nou : nan sa nou rékonèt éspri vérité-a ak éspri manti-a.

⁷ Nou minm mouin rinmin anpil la, sé pou nou youn rinmin lòt, paské charité-a sé nan Bondié li soti ; épi tout moun ki rinmin sé nan Bondié li pran nésans, li konnin Bondié. ⁸ Moun ki pa rinmin, li pa konnin Bondié, paské Bondié sé rinmin. ⁹ Nan sa-a charité Bondié-a parèt nan nou : sèké Bondié voyé sèl Pitit li-a sou tè-a, pou nou viv gras a li. ¹⁰ Nan sa-a

charité-a yé : sé pa kòm si sé nou ki té rinmin Bondié, min sé li minm ki té rinmin nou, li voyé Pitit li-a kòm padon pou péché nou yo.

RÉPONS

1 Jn 4, 9; Jan 3, 16

R/. Nan sa-a charité Bondié-a té parèt nan nou, paské Bondié té voyé sèl Pitit li-a sou tè-a, * Pou tout moun ki kouè nan li gin lavi pou tout tan-an, alélouya.

V/. Bondié té tèlman rinmin tè-a, li bay Pitit li-a, sèl Pitit li-a. * Pou tout moun.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Katéchèz sin Siril de Jérusalèm, évèk

(Cat. 16, De Spiritu Sancto 1, 11-12. 16: PG 33, 931-935. 939-942)

Dlo vivan Éspri-Sin-an

Dlo-a, sa m-ap ba li-a, ap vîn tounin nan li sous dlo vivan k-ap jayi nan lavi pou tout tan-an. Yon nouvo kalité dlo, k-ap viv épi ki jayi ; li jayi réyèlman vré sou sa yo ki alarotè yo. Min pou ki rézon Éspri-a té dézignin gras la ak mo dlo-a? Paské sa klè tout bagay yo égzisté pa lintèmédiè dlo-a; paské dlo-a sé kòz zèb yo ak sa-k vivan yo; paské dlo-a désann sot nan laplui sièl yo; paské sé dapré yon sèl fason ak yon sèl fòm li minm li tonbé, min sé nan pliziè fòm li produi rézilta-a: yon fason minm li égzisté nan palmié-a, yon lòt fason nan pié rézin-an, épi nan tout bagay pou tout bagay yo; kòm li sé yon sèl fason-an, li pa égzisté non plis tankou yon lòt diféran ak pròp tèt li; réyèlman sé pa antan laplui-a chanjé pròp tèt li, li désann diféran nan youn ak nan lòt; min, antan li adapté-l ak

dispozision sa k-ap résévoua-l yo, li fè pou chak bagay sa-k korésonn li-a.

Nan minm fason-an tou Éspri-Sin-an, kòm sé yon sèl li yé, épi nan yon sèl fason, épi yo pa kapab divizé-l, li séparé gras la bay chak bagay dapré jan-l vlé-a. Épi minm jan boua-a ki sèk la, antan-l résévoua dlo-a nan li-a, li pousé boujon-l yo; konsa tou nanm ki fè péché-a, pa lintèmediè pénitans la nan kado Éspri Sin-an vlé fè-l la, li produi grap yo. Épi antan li minm sé yon sèl ak minm fason-an li yé, poutan li réalizé pliziè puisans, dapré volonté Bondié nan non Kris la.

Paské nan youn minm li sèvi ak lang nan pou sajès la; nan yon lòt li kléré éspri-a ak profési-a; li bay sa-a pouvoua chasé démon yo; lòt la minm li ba-l kado pou-l intèprété Sa-k Ékri yo. Li ranfòsè tanpérans youn, li anségné yon lòt sa-k korésonn ak mizérikòd la; li aprann youn fè jèn épi sipòté égzèsis lavi ki disipliné-a, yon lòt pou-l méprizé bagay kò-a; li préparé youn pou mati-a; yon lòt bagay nan lòt yo, min li minm minm li pa janm diféran ak pròp tèt pa-l, tankou sa ékri-a: *Min yo bay chak moun maniféstasyon Éspri-a pou sa ki konvnyab la.*

Proché li proché-a dous épi trankil, pèsépsion-l nan agréab épi gin bon lodè, jouk li-a léjè anpil. Anvan li rivé, li voyé réyon sians ak ékla limiè. Li vini antan-l gin zantray yon protèktè tout bon: li vini réyèlman pou-l sové, géri, anségné, avèti, ranfòsé, konsolé, kléré léspri, toudabò sa-a ki résévoua-l la, épi apati la, ak travay sa-k résévoua-l la, lòt yo.

Épi minm jan sa-k té nan fènoua yo anvan, antan solèy la parèt apré sa toudinkou, li résévoua limiè-a nan jé kò-a, épi sa-l pa-t ouè anvan sa li disèné-l byin klè; konsa tou, moun ki byin dispozé alarotè kado Éspri-Sin-an, vîn kléré nan nanm nan, épi, antan-l transpòté anlè moun nan, li ouè sa-l pa-t konnin.

R/. Gin divès kalité aktivité, min sé yon sèl Bondié-a ki fè tout bagay nan tout moun. * Chak moun minm yo ba li manifèstasion Èspri-a pou bézouin-an, alélouya.

V/. Nou minm nou sé kò Kris la, épi nou youn sé manb lòt. * Chak moun.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 10, 8b-10

Paròl la toupré-ou, nan bouch ou ak nan kè-ou ; sé paròl lafoua-a, sa n-ap préché-a. Paské, si-ou rékonèt ak bouch ou: « Jézu sé Granmèt la! », épi nan kè-ou ou kouè Bondié résisité-l sot nan pami mò yo, ou-ap sovè. Ak kè-a réyèlman yo kouè pou jistis la, ak bouch la minm déklarasion-an fèt pou sovè n-ap sovè-a.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Sou tè-a n-ap gin tray; min sé pou nou gin konfians: mouin minm mouin ranpòté viktoua sou tè-a, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, li minm ki té promèt li t-ap voyé Paraklè-a k-ap sot nan Papa-a o non li, an nou béni li, épi an nou rélé-l :

Ba nou Éspri-ou la.

N-ap di-ou mési, ou minm Kris la, épi Papa-a tou pa lintèmediè-ou nan Éspri-Sin-an;

— fè nou fè tout bagay o non-ou jodi-a nan paròl ak nan aksion.

Fè nou gin Éspri-ou la,

— pou nou vîn tounin manb vivan kò-ou.

Fè nou pa janm jijé ni méprizé frè nou yo,

— paské nou tout nou gin pou nou kanpé dévan tribinal ou-a.

Plin nou ak tout kalité kè kontan ak lapè antan nou kouè,

— pou nou débòdé ak éspérans ak fòs Éspri-Sin-an.

Papa nou.

Priyè-a

Sé pou fòs Éspri Sin-an vîn nan nou, tanpri, Granmèt, fòs sa-a k-ap pèmèt nou kinbé volonté-ou avèk kè fidèl, épi sé la dévouman konduit la ap sòti pou nou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Cf. Ap 1, 17c-18

Mouin té ouè Pitit moun nan, ki té di-m : Pa pè ! Sé mouin minm premié-a ak dènié-a, mouin vivan, mouin té mouri épi min m-ap viv pou sièk sièk yo, mouin gin klé lanmò-a ak lanfè-a.

- V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.
 R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Kol 2, 9. 10a. 12

Nan Kris la, tout plénitud sa Bondié yé-a abité nan fason kò-a, épi nou plin ak sa-k nan li-a, nou antéré avèk li nan batèm nan, nan li nou té résisité tou ansanm ak li pa lintèmediè lafoua nan aksion Bondié-a, li minm ki té résisité-l sot nan pami mò yo.

- V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.
 R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

2 Tim 2, 8. 11

Sonjé Jézu-Kri résisité sot nan pami mò yo, sot nan ras David, dapré bòn nouvèl mouin-an. Paròl la sètin : Sèké, si nou mouri ansanm avèk li, n-ap viv ansanm avèk li tou.

- V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.
 R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Rom 8, 14-17

Moun ki kité Éspri Bondié-a kondui yo, sé pitit Bondié yo yé. Nou pa t résévoua éspri ésklavaj la yon lòt foua ankò pou nou nan kè soté, min nou té résévoua Éspri pitit adoptif yo, li minm nan li nou rélé : « Abba, Papa ! »-a. Éspri-a li minm, li té sèvi témouin, ansanm ak éspri pa nou : nou sé pitit Bondié. Si nou sé pitit, nou sé éritié tou: nou sé éritié Bondié sètènman, nou éritié ansanm ak Kris la, min sé si n-ap soufri ansanm avèk li pou nou jouinn gloua-a tou ansanm avèk li.

RÉPONS KOUT

R/. Éspri Paraklè-a, * Alélouya, alélouya. Éspri.

V/. L-ap aprann nou tout bagay. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Éspri.

Pou *Magnificat* la, réf. : Éspri Paraklè-a ap rét koté nou, l-ap anndan nou, alélouya.

PRIYÈ YO

Antan n-ap di Kris la mèsi, li minm ki té plin Apot yo ak tout Égliz la ak konsolasion Éspri-Sin-an, ansanm ak tout fidèl yo, an nou di byin fò :
Konsolé Égliz ou-a, Granmèt.

Médiatè ant Bondié ak moun yo, ou minm ki té chouazi prèt pou travay ansanm avè-ou,

— fè tout moun monté al jouinn Papa-a pa lintèmediè yo.

Fè ni pòv la, ni rich la, youn rankontré lòt, paské ou sé Bondié yo toulédé,

— pa kité rich la mété gloua li nan richès li yo.

Montré tout nasion yo Évanjil ou-a aklè,

— pou yo tout rivé obéyi lafoua-a.

Voyé Éspri-ou la, li minm ki konsolé pi byin-an,

— pou-l suiyé dlo nan jé tout moun ki nan lapinn.

Nétouayé nanm moun ki mouri yo,

— pran yo nan sièl la ansanm ak sin-ou yo ak moun ou chouazi yo.

Papa nou.

Priyè-a

Sé pou fòs Éspri Sin-an vîn nan nou, tanpri, Granmèt, fòs sa-a k-ap pèmèt nou kinbé volonté-ou avèk kè fidèl, épi sé la dévouman konduit la ap sòti pou nou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MADI SÉTIÈM SÉMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Antan Kris la résisité sot nan pami mò yo li pap mouri ankò, alélouya.

R/. Lanmò pap janm gin pouvoua sou li ankò, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan premié Lèt apot sin Jan

4, 11-21

Bondié sé charité

¹¹ Nou minm mouin rinmin anpil la, si Bondié rinmin nou konsa, sé pou nou youn rinmin lòt tou. ¹² Bondié, pèsonn pa janm ouè-l. Si nou youn rinmin lòt, Bondié rété nan nou, charité-l la réalizé nèt nan nou.

¹³ Nan sa nou konnin nou rété nan li épi li minm nan nou, sèké li té ba nou nan Éspri-l la. ¹⁴ Nou minm nou ouè, nou sèvi témouin Papa-a voyé Pitit li-a kòm sovè tè-a. ¹⁵ Tout moun ki rékonèt Jézu sé Pitit Bondié, Bondié rété nan li, épi li minm nan Bondié. ¹⁶ Nou minm nou konnin, nou kouè nan charité-a Bondié ginyin pou nou-an. Bondié sé charité, moun ki rété nan charité-a, li rété nan Bondié, épi Bondié nan li.

¹⁷ Nan sa rinmin Bondié-a kòrèk nèt nan nou, pou nou gin konfians jou jijman-an ; sèké, jan-l yé li minm nan, sé konsa tou nou minm nou yé sou

tè sa-a. ¹⁸ Pa gin krint nan rinmin-an ; min rinmin ki fîn kòrèk nèt la, li voyé krint la déyò, paské krint la gin pinision ; moun ki nan krint, li pa kòrèk nèt nan rinmin-an.

¹⁹ Nou rinmin Bondié, paské Bondié té rinmin nou an premié. ²⁰ Si yon moun di : « Mouin rinmin Bondié », épi li rayi frè-l, li sé yon mantè. Sa-k pa rinmin frè-l la li ouè-a, Bondié li pa ouè-a, kijan li kapab rinmin-l ?

²¹ Sa-a sé kòmandman-an nou té résévoua nan min Bondié-a : pou sa-k rinmin Bondié-a, li rinmin frè-l la tou.

RÉPONS

Cf. 1 Jn 4, 10. 16a; cf. Iz 63, 8c. 9c

R/. Bondié li minm an premié té rinmin nou, li té voyé Pitit li-a kòm padon pou péché nou yo; * Épi nou minm nou té kouè, nou té konnin charité-a Bondié ginyin pou nou-an, alélouya.

V/. Granmèt la vîn tounin sovè pou nou; nan amou li-an li minm minm li té rachté nou. * Épi nou minm.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Bazil le Gran, évèk, Osijè Éspri-Sin-an

(Cap. 9, 22-23: PG 32, 107-110)

Aksion Éspri-Sin-an

Kilès, lè-l tandé kijan yo rélé Éspri-a, ki pap lévé nan nanm li, épi ki pap poté réfléksion-l al kot natu ki anlè nèt la? Paské yo di-l sé Éspri Bondié-a, épi Éspri vérité-a, ki vîn soti nan Papa-a: Éspri douat la, Éspri sipériè-a, Éspri-Sin-an, sé sa-a ki fason pròp épi patikilié pou yo rélé-l la.

Tout sa ki bézouin vîn sin, yo doué viré nan diréksion-l: tout bagay ki vivan ap chèché jouinn li dapré fòs la, sa sé kòm si yo rouzé épi yo jouinn sékou ak souf li-a, pou yo kapab rivé nan pròp natu yo ak pròp finalité yo.

Sous sanktifikasyon-an, limiè pou intèlijans la; li bay sot nan li minm tankou yon ékléraj pou tout puisans rasonèl k-ap chèché vérité-a.

Natu yo pa rivé ladan-l nan, min yo kapab kapté-l poutèt bonté li-a; antan-l ranpli tout bagay sètènman, min li kapab kominiké sèlman bay sa yo ki alarotè yo, sa li pa bay yo pròp tèt li nan minm mézi-a, min sé dapré mézi lafoua-a li distribué fòs li-a.

Li sinp dapré sa-l yé-a, li gin diféran puisans; li minm ki prézan toutantié pou chak, min ki toutantié tout koté. Ki séparé yon fason pou li minm li pa soufri anyin; li minm tout moun patisipé ladan-l yon fason pou li minm li rété toutantié, nan fason réyon solèy la, li minm byinfè li-a prézan pou sa k-ap joui li-a kòm si sé yon sèl, époutan li kléré tè-a ak lanmè-a, épi li mélanjé ak lè-a nou réspiré-a.

Sé konsa tou Éspri-Sin-an, kòm li prézan tankou solèy la pou chak moun ki kapab réservoua-l, li vidé nan yo tout gras la toutantié ki asé-a: koté ninpòt moun ki patisipé nan li ap joui, nan mézi sa bon dapré natu yo minm, pa nan mézi li minm li kapab.

Pa lintèmediè-l, kè yo vîn lévé byin ro, sa-k fèb yo vîn kondui ak min, sa k-ap avansé yo vîn apouin nèt. Li minm antan-l kléré sa yo ki nétouayé sot nan tout kalité salté, pa lintèmediè kominion-an, sa yo ginyin avèk li-a, yo vîn spirituèl.

Épi nan minm fason lè réyon-an touché kò yo, yo vîn klè épi kléré nèt, épi yo minm vîn briyé plis toujou épi yo vidé ékla sot nan yo al sou lòt yo, sé konsa nanm yo ki poté Éspri-a, épi ki vîn kléré gras a Éspri-a, yo vîn tounin spirituèl yo minm tou, épi yo voyé gras la nan lòt yo.

Sé la konésans davans sa-k pral rivé yo, intèlijans mistè yo, konpréansion sa-k kaché yo, distribision don yo, konpòtman dapré sièl la, dans avèk anj yo: sé la kè kontan ki pa doué janm fini-an, sé la pèsévérans nan Bondié-a, sé la résanblans avèk Bondié-a, épi, sa yo pa kapab rivé jouinn anyin ki pi ro pasé-l la, sé la ou vîn tounin yon dié.

RÉPONS

Cf. Jan 14, 27b; 16, 22b; 14, 16a

R/. Pa kité kè nou troublé: mouin minm m-apral jouinn Papa-a, épi lè y-ap pran-m sot koté nou, m-ap voyé ba nou * Éspri vérité-a, épi kè nou ak kontan, alélouya.

V/. Mouin minm m-ap priyé Papa-a, épi l-ap ba nou yon lòt Paraklè. *
Éspri.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Tr Ap 13, 30-33

Bondié té résisité Jézu sot nan pami mò yo ; li parèt pandan anpil jou dévan sa yo ki té monté ansanm avèk li sot Galilé rivé Jérusalèm nan, yo minm ki sèvi-l témouin koulié-a dévan foul la. Kanta nou minm nou anonsé nou promès la yo té fè bay papa nou yo, paské Bondié té réalizé sa pou pitit yo, antan-l résisité Jézu pou nou, jan sa ékri nan Psòm dézièm nan : Ou sé Pitit mouin ; mouin minm jodi-a mouin té anfanté-ou.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya.
Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya.
Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Granmèt la té résisité sot nan pami mò yo, jan-l té di-a; an nou fété, an nou kontan, nou tout, paské li roua pou tout tan, alélouya.

PRİYÈ YO

Antan n-ap bay Kris la, Granmèt la, gloua, li minm ki té promèt li t-ap voyé Éspri-a sot nan Papa-a, konsa an nou priyé-l :

Jézu-Kri, ba nou Éspri-ou la.

Sé pou paròl ou-a, ou minm Kris la, abité nan nou jous l-ap débòdé,
 — pou nou di-ou mèsi avèk psòm, imn ak kantik dapré Éspri-a.
 Ou minm ki té fè nou vîn tounin pitit Bondié pa lintèmédiè Éspri-a,
 — fè nou priyé Bondié Papa-a ansanm avèk ou san rété pa lintèmédiè
 Éspri-a.
 Fè nou aji avèk sajès,
 — pou nou fè tout bagay pou gloua Bondié.
 Ou minm ki gin pasians ki gin anpil mizérikòd,
 — fè nou gin lapè avèk tout moun.
 Papa nou.

Priyè-a

Fè nou favè tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua épi ki gin mizérikòd
 pou antan Éspri Sin-an vini-an, li fè nou vîn tounin tanp gloua li nèt
 antan-l abité nan nou dapré sa ki alarotè-l. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Tr Ap 4, 11-12

Sa-a sé ròch la, nou minm k-ap bati yo nou té réjité-a, ki vîn tounin
 kouin mitan anlè-a. Pa gin sovè yo kapab sovè nan okinn lòt moun, ni non
 plis pa gin okinn lòt non anba sièl la yo bay moun yo, koté nou t-a kapab
 vîn sovè.

V/. Granmèt la té résisité réyéلمان vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Cf. 1 Piè 3, 21-22a

Nou minm koulié-a batèm nan sové nou, sé pa sa-k sal nan chè-a li ouété, min sé yon bon konsians li mandé nan Bondié pa lintèmédiè rézireksion Jézu-Kri-a, li minm ki adouat Bondié.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT**

Kol 3, 1-2

Si nou té résisité ansanm avèk Kris la, sé pou nou chèché bagay ki anro yo, koté Kris la chita adouat Bondié-a; sé bagay ki anro yo pou nou gouté, sé pa sa-k sou tè-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo**LÉKTU KOUT**

Rom 8, 26-27

Éspri-a édé féblès nou-an; sèké nou pa konnin kijan pou nou priyé, jan sa konvnab, min sé Éspri-a li minm k-ap priyé pou nou ak jémisman yo pa kapab palé; min sa-a k-ap sondé kè yo, li konnin sa Éspri-a anvè-a, paské sé dapré Bondié li priyé pou sin yo.

RÉPONS KOUT

R/. Éspri Paraklè-a, * Alélouya, alélouya. Éspri.

V/. L-ap aprann nou tout bagay. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Éspri.

Pou *Magnificat* la, réf. : N-ap résévoua fòs Éspri-Sin-an nan nou, épi n-ap sèvi-m témouin jous nan dènié bout tè-a, alélouya.

PRIYÈ YO

Onè ak gloua pou Kris la, li minm ki té fè fidèl yo patisipé nan Éspri Sin-an. An nou di byin fò :

Jézu-Kri, kouté nou.

Vidé Éspri-Sin-an sot nan Papa-a vîn nan Égliz la,

— pou-l nétouayé-l, pou-l ba-l fòs, épi pou-l dévlopé-l.

Avèk Éspri-ou la, Granmèt, kondui moun k-ap gouvèné nou yo,

— pou yo vîn tounin sèvitè-ou pou byin tout moun.

Voyé Éspri-ou la, ki papa pòv yo,

— pou-l soulajé tout maléré yo antan l-ap édé yo.

N-ap priyé-ou pou tout moun ki résponsab distribiyé mistè-ou yo,

— pou yo toujou rét fidèl.

Fè rédanmsion-ou nan fîn fèt nan nanm ak kò défin yo,

— sa-ou réalizé ak soufrans ou-a, rézirkéksion-ou nan épi asansion-ou nan.

Papa nou.

Priyè-a

Fè nou favè tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua épi ki gin mizérikòd pou antan Éspri Sin-an vini-an, li fè nou vîn tounin tanp gloua li nèl antan-l abité nan nou dapré sa ki alarotè-l. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MÈKRÉDI SÉTIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié té résisité Kris la sot nan pami mò yo, alélouya.

R/. Pou lafoua nou-an ak éspérans nou sé nan Bondié, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan premié Lèt apot sin Jan

5, 1-12

Sa-a sé viktoua-a... lafoua nou-an

Nou minm mouin aprésié anpil la: ¹ Tout moun ki kouè Jézu sé Kris la, sé nan Bondié li fèt ; tout moun, ki rinmin sa-a ki bay nésans la, li rinmin sa-a ki fèt nan li-a tou. ² Sé nan sa nou rékonèt nou rinmin sa yo ki fèt nan Bondié yo, sé lè nou rinmin Bondié épi nou fè kòmandman-l yo. ³ Sa-a réyèlman sé charité Bondié-a, pou nou kinbé kòmandman-l yo : épi kòmandman-l yo pa lou. ⁴ Sèké tout sa ki fèt nan Bondié li ranpòté viktoua sou tè-a, épi min viktoua-a ki ranpòté viktoua sou tè-a : sé lafoua nou.

⁵ Kilès sa-a ki ranpòté viktoua sou tè-a, si sé pa sa-a ki kouè Jézu sé Pitit Bondié-a ? ⁶ Sa-a sé li minm ki vini nan dlo-a ak san-an, Jézu-Kri ; pa nan dlo-a sèlman, min nan dlo-a ak san-an. Épi sé Éspri-a ki sèvi témouin, paské Éspri-a sé vérité. ⁷ Sé yo toua k-ap sèvi témouin : ⁸ Éspri-a ak dlo-a ak san-an, épi toua sa yo, sé yon sèl yo yé. ⁹ Si nou résévoua témouagnaj moun yo, témouagnaj Bondié-a pi gran ; paské min témouagnaj Bondié-a, ki pi gran-an, li sèvi témouin osijè Pitit li-a. ¹⁰ Moun ki kouè nan Pitit Bondié-a, li gin témouagnaj Bondié-a nan li. Moun ki pa kouè nan Pitit la, li fè-l pasé pou mantè, paské li pa kouè nan témouagnaj la, sa Bondié témouagné osijè Pitit li-a. ¹¹ Min témouagnaj la,

Bondié ba nou lavi tout tan-an ; lavi sa-a sé nan Pitit la li yé. ¹² Moun ki gin Pitit la, li gin lavi-a ; moun ki pa gin Pitit la, li pa gin lavi-a.

RÉPONS

1 Jn 5, 6; Zak 13, 1

R/. Sa-a sé li minm ki vini pa lintèmediè dlo-a ak san-an, Jézu-Kri ; pa nan dlo-a sèlman, min nan dlo-a ak san-an. * Sé Éspri-a ki sèvi témouin, paské Éspri-a sé vérité, alélouya.

V/. Jou sa-a ap gin yon fontèn ki louvri pou kay David la ak moun ki abité Jérusalèm yo pou péché yo ak sa ki pa pròp yo. * Sé Éspri-a.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Konstitision dògmatik *Lumen génitium* dézièm Konsil Vatikan-an, osijè Égliz la

(Nn. 4 et 12)

Osijè mission Éspri-Sin-an nan Égliz la

Lè Pitit la fîn réalisé sa Papa-a té voyé-l pou-l fè sou tè-a, yo voyé Éspri-Sin-an jou Pantkot la, pou sanktifié Égliz la san rété, épitou pou konsa moun ki kouè yo kapab rivé kot Papa-a pa lintèmediè Kris la nan yon sèl Éspri-a. Sé li minm ki Éspri lavi-a oubyin sous lavi k-ap jayi nan lavi pou tout tan-an, li minm pa lintèmediè-l, Papa-a bay moun yo lavi, sa yo ki té mouri poutèt péché-a, joutan kò yo k-ap mouri-a li résisité yo nan Kris la.

Éspri-a abité nan Égliz la ak nan kè fidèl yo tankou nan yon tanp, l-ap priyé nan yo épi l-ap ba yo témouagnaj adopsion yo kòm pitit. Égliz la, sa l-ap minnin nan tout vérité-a épi l-ap fè vîn fè youn nan kominion-an ak sèvis la, li fòmé-l épi li dirijé-l ak diféran kado pou gouvènman sakré-a ak pou sèvis la, épi li dékoré-l ak frui-l yo.

Ak fòs Évanjil la, li fè Égliz la vîn jèn, li rénovlé-l tout tan épi li kondui-l nèt pou-l rivé fè youn nèt avèk Épou li-a. Paské Éspri-a ak Épouz la ap di Granmèt Jézu: « Vini! ».

Sé konsa tout Égliz la parèt tankou youn foul ki rasanblé nan youn sèl Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an ki fè youn nan.

Totalité fidèl yo, ki gin onksion-an apati Éspri-Sin-an, pa kapab tronpé-l nan kouè li kouè-a, épi kalité sa-a li ginyin an pròp la, li parèt klè pa lintèmediè intèlijans ki dépasé sa-k naturèl la, lè li montré dépi sot nan évèk yo jous nan dènié fidèl layik yo dakò yo tout dakò osijè bagay ki konsèné lafoua-a ak moral la.

Ak intèlijans lafoua sa-a réyèlman Éspri vérité-a ap révéyé épi ap soutni-a, pèp Bondié-a, antan majistè sakré-a ap kondui-l épi li minm l-ap suiv majistè sa-a ak fidéлитé, sé pa paròl moun ankò, min réyèlman vré sé paròl Bondié-a li résévoua, li rété kolé byin fèm nan lafoua yo *té transmèt youn foua pou tout bay sin yo*, li pénétré ak jijman ki douat pi fon ladan-l épi li mété-l an pratik nan lavi-a youn fason ki pi plin.

Minm jan-an tou, an plis, Éspri-Sin-an sé pa sèlman pa lintèmediè sakréman yo ak sèvis yo li sanktifié épi li kondui pèp Bondié-a épi li anbéli-l ak bon kalité-l yo, min tou *antan li séparé* don yo *bay chak moun jan li vlé*, nan tout ran fidèl yo li distribué gras spésial tou, ki fè yo vîn adapté épi byin dispozé pou aksépté diféran travay ak fonksion, ki nan avantaj rénovèlman ak konstriksion Égliz la youn fason pi laj dapré paròl sa-a: *Yo bay chak moun maniféstasion Éspri-a pou sa-k itil la*.

Karism sa yo, kit yo kléré anpil, kit yo pi sinp épi yo pi komin, kòm yo adapté épi itil toudabò pou nésésité Égliz la, sé pou yo résévoua yo ak aksion-d-gras épi ak konsolasion.

RÉPONS

Jan 7, 37a. 38. 39a

R/. Nan dènié gran jou fèt la, Jézu té rélé byin fò, antan-l di: Moun ki kouè nan mouin, sé riviè dlo lavi k-ap koulé sot nan vant li. * Li t-ap di sa minm osijè Éspri-a moun ki kouè nan li yo té gin pou yo résévoua-a, alélouya.

V/. Moun ki souaf, sé pou-l vîn jouinn mouin pou-l bouè, épi sé dlo lavi k-ap koulé sot nan vant li. * Li t-ap di sa minm.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 6, 8-11

Si nou mouri ansanm avèk Kris la, nou kouè n-ap viv ansanm avèk li tou, antan nou konnin Kris la ki résisité sot nan pami mò yo, li pap mouri ankò, lanmò-a pap gin pouvoua sou li ankò. Sa-k mouri-a réyèlman, li mouri aléga péché-a yon foua pou tout ; sa k-ap viv la minm, sé pou Bondié l-ap viv. Konsa nou minm tou sé pou nou konsidéré nou mouri réyèlman aléga péché-a, antan n-ap viv minm pou Bondié nan Kris Jézu.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya.
Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya.
Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Mèsi Bondié, ki té ba nou viktoua pa lintèmédiè Jézu-Kri Granmèt nou-an, alélouya.

PRIYÈ YO

Éspri-Sin-an sèvi éspri nou témouin sé pitit Bondié nou yé. Sé pou sa antan n-ap di Bondié Papa-a mèsi, an nou priyé :

Papa nou, kouté pitit ou yo.

Bondié pasians ak konsolasion, ba nou pansé minm bagay la youn pou lòt dapré Jézu-Kri,

— pou nou fè louanj ou, nou tout ansanm ak yon sèl bouch.

Pèmèt nou youn fè prochin-l plézi,

— pou fè-l dibyin, pou édé-l monté.

Pa kité sé éspri tè-a ki kondui nou, sa-k rété nan sa-k mal la,
 — min sé Éspri ki vîn sot nan ou-a ki pou kondui nou.
 Ou minm ki sondé kè moun yo,
 — toujou kondui nou nan chémin sinsérité-a ak vérité-a.
 Papa nou.

Priyè-a

Égliz ou-a, Bondié mizérikòd, fè-l favè ak bon kè, pou antan-l rasanblé gras a Éspri Sin-an, li dévoué pou ou ak tout kè-l, épi li akòdé avèk ou nan volonté ki klè. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Cf. Rom 4, 24-25

Nou kouè nan sa-a ki té résisité Jézu Granmèt nou-an sot nan pami mò yo, li minm yo rinmèt pou fot nou yo, épi ki résisité pou fè nou vîn kòrèk la.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

1 Jn 5, 5-6a

Kilès sa-a ki ranpòté viktoua sou tè-a, si sé pa sa-a ki kouè Jézu sé Pitit Bondié-a ? Sa-a sé li minm ki vini nan dlo-a ak san-an, Jézu-Kri ; pa nan dlo-a sèlman, min nan dlo-a ak san-an.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT**

Cf. Éféz 4, 23-24

Sé pou nou rénouvle nan éspri pansé nou épi sé pou nou abiyé ak moun nouvo-a, ki kréyé dapré Bondié nan jistis ak sin vérité-a sin-an.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo**LÉKTU KOUT**

1 Kor 2, 9-10

Sa jé pa-t ouè, ni zòrèy pa-t tandé, sa ki pa-t monté nan kè moun nan, sé sa Bondié té paré pou sa yo ki rinmin-l nan. Kanta nou minm Bondié té révéle-l ba nou pa lintèmediè Éspri-a; sèké Éspri-a sondé tout bagay, jous profondè Bondié.

RÉPONS KOUT

R/. Éspri Paraklè-a, * Alélouya, alélouya. Éspri.

V/. L-ap aprann nou tout bagay. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Éspri.

Pou Magnificat la, réf. : Kris la ap batizé nou nan Éspri Sin-an ak nan difé-a, alélouya.

PRIYÈ YO

Avèk Apot yo ak tout moun ki joui premié frui Éspri-Sin-an, an nou fè louanj Bondié, an nou rélé-l :

Granmèt, kouté nou.

Bondié ki gin tout pouvoua, ki fè ouè gloua Kris la nan sièl la,

— fè tout moun rékonèt li prézan nan Égliz la.

Papa ki sin, ou minm ki té di osijè Kris la : Sa-a sé Pitit mouin-an mouin rinmin-an, kouté-l,

— fè tout moun kouté voua-l pou yo sové.

Voyé Éspri-ou la nan kè fidèl ou yo,

— pou-l lavé sa-k sal, pou-l rouzé sa ki sèk.

Sé pou Éspri-ou la vini pou-l dirijé kous tan yo,

— pou-l réfè fas tè-a tou nèf.

Nou rékòmandé-ou défin yo,

— nou mandé-ou pou-ou drésé éspérans nou nan rézireksion k-ap vini-an.

Papa nou.

Priyè-a

Égliz ou-a, Bondié mizérikòd, fè-l favè ak bon kè, pou antan-l rasanblé gras a Éspri-Sin-an, li dévoué pou ou ak tout kè-l, épi li akòdé avèk ou nan volonté ki klè. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JÉDI SÉTIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié minm té résisité Granmèt la, alélouya.

R/. L-ap résisité nou tou pa pouvoua-l, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan premié Lèt apot sin Jan

5, 13-21

Osijè priyè pou péchè yo

Nou minm mouin aprésié anpil la: ¹³ Mouin ékri nou bagay sa yo, pou nou konnin nou gin lavi tout tan-an, nou minm ki kouè o non Pitit Bondié-a.

¹⁴ Min konfians nou gin nan li-a, sèké tou sa nou kapab mandé, dapré volonté-l li kouté nou. ¹⁵ Nou konnin li kouté nou nan tou sa nou kapab mandé ; nou konnin nou gin démann yo nou mandé-l yo.

¹⁶ Moun ki konnin frè-l fè yon péché ki pa mandé lanmò, sé pou-l priyé épi Bondié ap ba-l lavi pou sa-a ki fè péché ki pa kondui nan lanmò-a. ¹⁷ Tou sa-k pa kòrèk, sé péché li yé, min gin péché ki pa pou lanmò.

¹⁸ Nou konnin tout moun ki fèt sot nan Bondié pa fè péché ; min Pitit Bondié-a fè-l kinbé fèm, mové-a pa touché-l. ¹⁹ Nou konnin sé nan Bondié nou soti, tout tè-a minm instalé nan mové-a. ²⁰ Nou konnin Pitit Bondié-a vini, li ba nou intéljans, pou nou konnin vré Bondié-a, pou nou égzisté nan vré Pitit li-a. Sa-a sé vré Bondié-a ak lavi tout tan-an. ²¹ Ti pitit mouin yo, kinbé kò nou louin zidòl yo!

RÉPONS

1 Jn 5, 20; Jan 1, 18

R/. Nou konnin Pitit Bondié-a vini, * Épi li té ba nou intéljans, pou nou konnin li minm ki vré Bondié-a, alélouya.

V/. Bondié, pèsonn pa-t janm ouè-l ; Sèl Pitit la, Bondié ki nan vant Papa-a, li minm li té montré-l. * Épi li té ba nou.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Kòmanté sin Siril d'Aléksandri, évèk, nan Évanjil Jan-an
(Lib. 10, 16, 6-7: PG 74, 434)

Si mouin pa alé, Paraklè-a pap vîn jouinn nou

Tout plan sa ki té doué fèt sou tè-a té fin réalizé; min té gin pou fè nou vîn asosié toutafè épi patisipé nan natu Bondié Paròl la, sètadi, antan nou kité lavi nou-an, nou vîn transfòmé nan yon lòt jan épi établi nan yon nouvo té konpòtman piété-a; ki pa-t kapab fèt yon lòt jan pasé nan patisipasyon Éspri-Sin-an.

Min tan ki té pi konvab pou mision Éspri-a, épi pou-l té rivé sou nou, sé té sa ki té vini tousuit apré alé Kris la sovè nou-an té alé-a.

Paské tout tan Kris la té prézan nan chè-a avèk fidèl yo toujou, li té parèt tankou sa k-ap ba yo tout byin-an, dapré sa mouin pansé-a; réyèlman vré lè tan-an ak nésésité-a té rivé pou-l té monté-a, kijan pou-l pa-t konvab pou-l t-a prézan kot sa k-ap sèvi-l yo pa lintèmediè Éspri-a, épi abité nan kè nou pa lintèmediè lafoua-a, pou antan nou ginyin li minm nan nou, avèk konfians nou t-a rélé: « Abba, Papa », épi nou t-a kouri byin fasil al nan tout bon kalité, épi an plis pou yo t-a jouinn nou byin fò antan nou ranpòté viktoua kont pièj djab la ak jouman moun yo, poutèt nou gin Éspri ki gin tout pouvoua-a?

Késion réyèlman pou transfòmé nan yon lòt dispozision-an sa yo Éspri-a t-a nan yo épi t-a abité nan yo-a, épi pou rétabli yo nan nouvo té lavi-a, èské li pa fasil pou montré sa bay ninpòt moun apati témouagnaj ni ansyin Ékritu yo ni nouvo yo?

Samuèl sètènman dapré Bondié, lè-l t-ap bay Sayul paròl yo, li té di: *Épi l-ap désann sou ou, Éspri Granmèt la, pou vîn tounin yon lòt gason. Sin Pòl minm: Min nou minm, nou tout, antan n-ap gadé gloua Granmèt la ak fas nou dévoualé, nou vîn transfòmé nan minm pòtré-a sot nan gloua al nan gloua, tankou apati Éspri Granmèt la. Granmèt la minm sé Éspri-a.*

Èské ou ouè kijan Éspri-a transfòmé yon sètèn fason nan yon lòt pòtré sa yo li abité nan yo-a? Li transpòté réyèlman fasilman sot nan sans bagay sou tè yo al konsidéré sèlman sa yo ki nan sièl yo, épi sot nan timidité ki pa kapab batay al nan fòs kouraj ki gran anpil. Pa gin okinn dout réyèlman vré sé fason sa-a nou jouinn disip yo ki tèlman rafèmi pa

lintèmédiè Éspri-a, ki fè yo pa-t janm pèdi batay dévan atak sa-k t-ap pèsékité yo-a, min yo té rété kolé jous nan lanmò ak rinmin Kris la.

Sé poutèt sa sé vré sa Sovè-a di-a: *Li bon pou nou, pou mouin minm mouin rétounin nan sièl yo*. Tan sa-a réyèlman sé té pou Éspri-a désann.

RÉPONS

Jan 16, 7b. 13

R/. Si-m pa alé, Paraklè-a pap vîn jouinn nou ; min si-m alé, m-ap voyé-l vîn jouinn nou. * Min lè Éspri vérité sa-a ap vini, l-ap aprann nou tout vérité-a, alélouya.

V/. Sèké sé pa dapré li minm l-ap palé, min tou sa-l tandé, l-ap déklaré-l, épi sa k-ap vini yo, l-ap anonsé nou yo. * Min lè.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 8, 10-11

Si Kris la nan nou, kò-a mouri poutèt péché-a sé vré, min éspri-a sé lavi poutèt jistis la. Si Éspri sa-a ki té résisité Jézu sot nan pami mò yo abité nan nou, li minm ki té résisité Kris la sot nan pami mò yo ap fè kò lanmò nou yo viv tou pa lintèmédiè Éspri li-a ki abité nan nou-an.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Antan nou alé sou tè-a, anségné tout nasion yo, antan nou batizé yo o non Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an, alélouya.

PRIYÈ YO

Li béni, Kris la, Granmèt la, sé pa lintèmédiè-l nou tout nou gin posibilite
proché kot Papa-a nan Éspri-Sin-an. An nou priyé :

Jézu-Kri, kouté nou.

Voyé Éspri-ou, li minm nanm yo si tèlman anvi résévoua lakay yo,
— fè nou pa janm fè-l lapinn.

Ou minm ki té résisité sot nan pami mò yo épi ki chita adouat Bondié,
— toujou plédé pou nou kot Papa-a.

Gras a Éspri-ou la, asosié nou avèk ou,

— pou tribilasyon, pésékision ak danjé pa janm separé nou sot nan rinmin
ou nan.

Fè nou youn résévoua lòt,

— minm jan ou té résévoua nou pou onè Bondié Papa-a.

Papa nou.

Priyè-a

Sé pou Éspri-ou la, tanpri, Granmèt, vidé kado spirituèl yo nan nou
avèk pouvoua, pou-l ba nou yon dispozision éspri ki fè-ou plézi, épi pou-l
akòdé nou nan volonté-ou ki favorab pou nou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

1 Kor 12, 13

Sé nan yon sèl Éspri-a nou tout nou batizé nan yon sèl kò, soua Juif
yo, soua Grèk yo, soua ésklav yo, soua moun lib yo, épi nou tout sé nan
yon sèl Éspri-a nou pasé souaf nou.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Tit 3, 5b-7

Bondié té sovè nou pa lintèmédiè bingn nouvo nésans la ak fè Éspri-Sin-an fè nou vîn tou nèf la, Éspri sa-a li té vidé sou nou k-ap débòdé-a pa pouvoua Jézu-Kri sovè nou-an, pou antan nou vîn kòrèk ak gras li-a nou rivé éritié lavi pou tout tan-an dapré éspérans la.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

Cf. Kol 1, 12-14

Sé pou nou di Papa-a mèsi, li minm ki té fè nou alarotè nan pòsion éritaj sin yo nan limiè-a ; li minm ki té délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, ki té fè nou travèsé nan rouayòm Pitit li rinmin-an, nan Pitit sa-a nou gin rédanmsion-an, padon pou péché yo.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

1 Kor 6, 19-20

Èské nou pa konnin kò nou-an sé tanp Éspri-Sin-an, li minm ki nan nou-an, li minm nou ginyin sot nan Bondié-a, épi nou pa mèt tèt nou ?

Réyèlman yo achté nou ak gran pri ! Bay Bondié gloua, donk, nan kò nou.

RÉPONS KOUT

R/. Éspri Paraklè-a, * Alélouya, alélouya. Éspri.

V/. L-ap aprann nou tout bagay. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Éspri.

Pou Magnificat la, réf. : Lè Éspri vérité-a ap vini, l-ap aprann nou tout vérité-a, épi l-ap anonsé nou sa k-ap vini yo, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, li minm ki béni nan sièk yo, an nou priyé-l, pou-l voyé Éspri-Sin-an nan tout moun li rachté yo, épi an nou rélé-l :

Grammèt, voyé jé sou tout moun ou rachté yo.

Voyé Éspri k-ap fè nou fè yon sèl la nan Égliz la,

— pou-l ouété dézakò, rayisans ak divizion.

Ou minm ki té libéré moun yo anba pouvoua démon yo,

— libéré tè-a anba tout mal yo k-ap fè-l pasé tray.

Antan ou-ap priyé ou kité Éspri-a aji pou travay sèvis la,

— fè prêt yo, pa lintèmediè priyè-a, kité Éspri-a kondui yo nan réalizé fonksion yo-a.

Sé pou Éspri-ou la dirijé tout dirijan yo,

— pou yo chèché sa-k byin pou tout moun.

Ou minm ki vivan nan gloua Papa-a,

— rélé défin yo vîn nan gloua-ou la.

Papa nou.

Priyè-a

Sé pou Éspri-ou la, tanpri, Grammèt, vidé kado spirituèl yo nan nou avèk pouvoua, pou-l ba nou yon dispozision éspri ki fè-ou plézi, épi pou-l akòdé nou nan volonté-ou ki favorab pou nou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

VANDRÉDI SÉTIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Nan réziréksion-ou nan, ou minm Kris la, alélouya.

R/. Sé pou sièl yo ak tè-a kontan, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Dézièm Lèt sin Jan apot

Moun ki pèsévéré nan doktrîn nan, li minm li gin ni Papa-a ni Pitit la

¹ Ansyin-an; pou Dam sa-a yo chouazi-a épi pou pitit li yo tou, yo minm mouin rinmin nan Vérité-a; épi sé pa mouin minm sèl, min tout moun ki konnin Vérité-a, ² poutèt Vérité-a ki rété nan nou-an épi k-ap avèk nou pou tout tan-an. ³ Sé pou gras, pitié ak lapè avèk nou sot kot Bondié Papa-a ak sot kot Jézu-Kri Pitit Papa-a nan vérité ak rinmin.

⁴ Mouin kontan anpil, paské mouin jouinn nan pitit ou yo k-ap maché nan vérité-a dapré kòmandman nou té résévoua nan min Papa-a. ⁵ Koulié-a, Madanm, sé pa tankou yon kòmandman nouvo m-ap ékri-ou, min sé sa nou té ginyin dépi nan kòmansman-an ; mouin mandé-ou pou nou youn rinmin lòt. ⁶ Min charité-a ; sé pou nou maché dapré kòmandman-l yo. Min kòmandman-an ; jan nou té tandé dépi nan kòmansman-an, sé konsa pou nou maché.

⁷ Réyèlman, anpil moun k-ap chèché tronpé soti vîn sou tè-a, sé sa ki pa rékonèt Jézu-Kri vini nan chè-a ; sa-a sé sa-a k-ap chèché tronpé moun, sé antikris la. ⁸ Fè atansyon pròp tèt nou, pou nou pa pèdi sa nou té

fè, min pou nou résévoua tout rékonpans la.⁹ Ninpòt ki moun ki rékilé, ki pa pèsévéré nan doktrîn Kris la, li pa gin Bondié-a ; min moun ki pèsévéré nan doktrîn nan, li minm li gin ni Papa-a ni Pitit la.

¹⁰ Si yon moun vîn koté nou épi ansègnman sa-a, li pa poté-l, pa résévoua-l nan kay la, épi pa di-l « Sé pou kontan ». ¹¹ Moun ki di-l « Sé pou kontan », li asosié nan mové aksion-l yo.

¹² Mouin gin anpil bagay pou-m ékri nou, mouin pa vlé fè-l avèk papié ak lank; min mouin espéré rivé koté nou épi palé avèk nou bouch ak bouch, pou kè kontan nou-an kapab plin nèt.

¹³ Pitit sè-ou yo sa yo chouazi-a, yo salué-ou.

RÉPONS

Cf. 2 Jn 5. 4b; Dét 5, 33a

R/. Sa-a sé kòmandman nou té résévoua nan min Papa-a, pa tankou yon nouvo, min sé sa nou té ginyin dépi nan kòmansman-an: * Maché nan vérité-a ak charité-a, alélouya.

V/. Nan chémin kot Granmèt Bondié nou-an kòmandé-a, sé pou nou maché, pou nou kapab viv. * Maché.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Ilèr, évèk, Osijè Trinité-a

(Lib. 2, 1. 33. 35: PL 10, 50-51. 73-75)

Kado Papa-a nan Kris la

Granmèt la té pasé lòd batizé nan non Papa-a, ak Pitit la, ak Éspri-Sin-an, sètadi nan déklarasion ni Kréatè-a, ni Sèl Pitit la, ni Kado-a.

Sé yon sèl ki Kréatè-a tout bagay yo. Sé yon sèl réyèlman ki Bondié Papa-a, koté tout bagay yo soti; épi sé yon sèl ki sèl Pitit la, Grammèt nou Jézu-Kri, sé pa lintèmédiè-l tout bagay yo; épi sé yon sèl Éspri-a, kado nan tout moun.

Tout bagay yo donk ranjé dapré fòs li yo ak mérit li vlé ba yo: yon sèl puisans la koté tout bagay yo soti, yon sèl yo anfanté-a sé pa lintèmédiè-l tout bagay yo, yon sèl kado éspérans ki bon nèt la. Ni yo pa rémaké gin anyin ki manké nan kalité pèfèksion sa-a, koté anndan-l gin nan Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an, sa-k san limit la nan étènèl la, ékla-a nan pòtré-a, rélasyon-an nan kado-a.

Sa minm ki fonksion Éspri-a nan nou, an nou tandé-l ak pròp paròl Grammèt la. Li di réyèlman: *Mouin gin anpil pou-m di nou ankò, min nou pa kapab poté yo koulié-a. Li bon pou nou réyèlman pou mouin minm m-alé; si m-alé, m-ap voyé Avoka-a ba nou.*

Épi ankò: *Mouin minm m-ap mandé Papa-a, épi l-ap voyé yon lòt Avoka ba nou, pou-l kapab avèk nou pou tout tan, Éspri vérité-a. Sé li minm k-ap dirijé nou nan tout vérité-a: li pap palé réyèlman apati li minm, min ninpòt sa li tandé, l-ap palé, épi l-ap anonsé nou sa k-ap vini yo. Li minm l-ap ban-m onè, paské l-ap pran nan sa-k pou mouin.*

Yo di bagay sa yo kòm chémin pou konprann pliziè bagay, nan pami yo gin ni volonté sa k-ap bay kado-a, ni rézon ak kondision kado-a; pou lafoua nou-an, ki difisil osijè inkarnasion Bondié-a, paské féblès nou-an pa kapab kinbé ni Papa-a ni Pitit la, kado Éspri-Sin-an minm t-a kléré-l ak aliens intèsésion-l nan.

Yo résévoua-l donk pou konésans la. Minm jan réyèlman natu kò moun nan, li pa fè anyin lè fonksion kòz li yo sispann; paské jé yo, si pa gin limiè jou-a, yo pa itil pou okinn sèvis; tankou zòrèy yo, si yo pa ranvouayé okinn voua oubyin son, yo pa rékonèt sèvis yo-a; tankou nin-an, si-l pa pran sant odè-a, yo pa konnin pou ki fonksion li la; sé pa paské sa yo t-a manké pa lintèmédiè yon kòz nan natu-a, min fòk gin yon kòz pou yo sèvi ak yo; sé konsa tou nanm moun nan, si-l pa tiré kado Éspri-a

pa lintèmédiè lafoua-a, l-ap gin sètènman yon natu ki kapab konprann Bondié, min li pap gin limiè sians la.

Kado-a minm ki nan Kris la, li parèt toutantié kòm yon sèl pou tout moun; épi poutèt li pa manké okinn koté, yo bay li nan mézi otan yon moun vlé pran-l; li rété nan mézi otan yon moun vlé mérité ginyin-l. Li rété avèk nou joutan sièk la fin réalisé, li sé konsolasion tann n-ap tann nan, li sé garanti éspérans k-ap vini-an nan aksion kado yo, li sé limiè léspri yo, li sé klèté nanm yo.

RÉPONS

R/. Tan-an rivé pou-m tounin kot sa-a ki té voyé-m nan, sé sa Granmèt la di; pa pran lapinn, pa kité kè nou trouble; * Mouin mandé Papa-a pou nou, pou li minm li protéjé nou, alélouya.

V/. Si mouin minm mouin pa alé, Paraklè-a pap vini; lè y-ap pran-m anlè-a, m-ap voyé-l ba nou. * Mouin mandé.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Tr Ap 5, 30-32

Bondié papa nou yo té résisité Jézu, li minm nou té touyé-a antan nou té pandié-l sou boua-a; Bondié lévé-l adouat li kòm chèf ak sovè pou-l bay Israël pénitans ak padon péché yo. Kanta nou minm, nou sèvi paròl sa yo témouin, ak Éspri Sin-an Bondié té bay moun ki obéyi-l yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya.
Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya.
Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Kris Jézu mouri épi li té résisité, li minm ki adouat Bondié, antan-l toujou vivan pou-l plédé pou nou, alélouya.

PRIYÈ YO

Sé pou Granmèt la, li minm onè ak gloua pou li pou tout tan-an, pèmèt nou débodé nan éspérans la ak nan fòs Éspri-Sin-an. An nou priyé :

Granmèt, édé nou, sové nou.

Papa ki gin tout pouvoua, ou minm ki konnin nou fèb minm lè n-ap priyé,
— ba nou Éspri-ou la ki pou mandé pou nou.

Voyé Éspri-ou la, ki limiè ki sin anpil la,

— pou-l plin fon kè nou yo.

Granmèt, sé travay min-ou nou yé,

— pa kité nou anba pouvoua péché nou yo.

Moun ki san fòs épi ki fèb nan lafoua-a, fè nou résévoua yo avèk réspè,

— san mové jan ni inpasians, min avèk charité.

Papa nou.

Priyé-a

Bondié, ki té louvri pòt lavi tout tan-an pou nou pa lantrémiz Kris ou-a ki antré nan gloua-a épi Éspri Sin-an ki kléré nou-an, fè nou favè tanpri, pou antan dévouman nou-an patisipé nan kalité kado sa-a li fè progrè épi nou travèsé nan ogmantasion lafoua. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Tr Ap 2, 32. 36

Jézu, Bondié té résisité-l, nou tout nou sèvi-l témouin. Sé ak anpil asirans donk pou tout kay Israèl la konnin Bondié té fè-l ni Granmèt ni Kris, Jézu sa-a nou té krisifié-a.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

Gal 3, 27-28

Nou tout ki batizé nan Kris la, nou té abiyé ak Kris la ; pa gin Juif ni Grèk, pa gin ésklav ni moun lib, pa gin gason ni fi : nou tout réyèlman sé yon sèl nou fè nan Kris Jézu.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

1 Kor 5, 7-8

Ouété vié lévin-an, pou nou vîn yon nouvo pat, paské nou sé pin san lévin. Réyèlman yo sakrifié Pak nou-an Kris la! Konsa sé pou nou sélébré fèt yo, pa avèk vié lévin, ni avèk lévin méchansté ak movèz foua, min nan pin san lévin sinsérité-a ak vérité-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

LÉKTU KOUT

Gal 5, 16. 22-23a. 25

Maché dapré Éspri-a, épi nou pap réalizé anvi chè-a. Frui Éspri-a sé charité, kè kontan, lapè, pasians, bon jan, bon kè, lafoua, sinplisité, réglé plézi kò-a. Si sé Éspri-a k-ap fè nou viv, sé dapré Éspri-a tou pou nou maché.

RÉPONS KOUT

R/. Éspri Paraklè-a, * Alélouya, alélouya. Éspri.

V/. L-ap aprann nou tout bagay. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Éspri.

Pou Magnificat la, réf. : Yo tout t-ap pèsévére ansanm nan priyè avèk Mari manman Jézu, alélouya.

PRIYÈ YO

An nou béni Papa-a, li minm ki té vidé gras Éspri-a nan nasion yo, épi an nou mandé-l pou-l vidé-l an abondans jou apré jou :

Granmèt, sé pou gras Éspri-Sin-an vidé toupatou.

Granmèt, ou minm ki té bay Sa-a ou chouazi-a kòm limiè nasion yo,

— louvri jé avèg yo épi moun ki chita nan fènoua yo, ouété yo sot nan prizon-an.

Ou minm ki té sakré Kris la ak fòs Éspri-Sin-an pou sèvis k-ap sovè nou-an,

— fè-l pasé ankò sou tè-a, antan l-ap fè dibyin épi l-ap géri tout moun.

Voyé Éspri-ou la, ki limiè kè yo,

— pou-l asiré moun yo ki gin dout nan lafoua-a.

Voyé Éspri-ou la, ki bay répo nan travay la,

— pou-l soulajé moun ki fatigé yo ak sa ki dékourajé yo.

Akonpli éspérans défin yo,
 — pou yo rivé jouinn rézirkéksion-an, lè Kris la ap vini-an.
 Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki té louvri pòt lavi tout tan-an pou nou pa lantrémiz Kris ou-a ki antré nan gloua-a épi Éspri Sin-an ki kléré nou-an, fè nou favè tanpri, pou antan dévouman nou-an patisipé nan kalité kado sa-a li fè progrè épi nou travèsé nan ogmantasion lafoua. Pa pouvoua Jézu-Kri.

SAMDI SÉTIÈM SÈMÈN PAK

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié té réfè nou nan éspérans vivan-an, alélouya.

R/. Pa lintèmédiè rézirkéksion Jézu-Kri sot nan pami mò yo, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Touazièm Lèt sin Jan apot

Sé pou nou maché nan vérité-a

¹ Ansyin-an; pou Gayus, sa yo rinmin-an, li minm mouin rinmin nan Vérité-a.

² Ou minm mouin rinmin-an, mouin lapriyè pou-ou fè progrè, épi pou-ou gin santé, minm jan nanm ou ap fè progrè-a. ³ Mouin kontan anpil réyèlman pou frè yo ki rivé-a, yo témouagné sou vérité-ou la, kijan sé nan

vérité ou-ap maché. ⁴ Mouin pa gin pi gran kè kontan pasé bagay sa yo, lè-m tandé pitit mouin yo sé nan Vérité-a y-ap maché.

⁵ Ou minm mouin rinmin anpil la, ou viv dapré lafoua-ou vré nan tou sa ou fè pou frè yo, malgré yo sé étranjé k-ap pasé. ⁶ Yo bay témouayaj sou charité-ou la dévan fas Égliz la. Ou-a fè sa ki bon antan ou-ap édé yo vouayajé yon jan ki korésponn ak sa Bondié vlé-a. ⁷ Paské sé poutèt non-l yo pati, san yo pa pran anyin nan min moun nasion yo. ⁸ Konsa nou minm, nou doué résévoua kalité moun sa yo byin, pou nou vîn antré konsa nan travay y-ap fè pou vérité-a.

⁹ Mouin t-a ékri kichòy pétèt pou Égliz la, min Diotréfès ki rinmin premié plas nan pami yo, li pa résévoua nou. ¹⁰ Sé pou sa, si-m vini, m-ap fè sonjé aksion li yo, sa-l fè yo, li binyin nou ak paròl méchan, épi kòm si sa pa kont li, bagay sa yo, li pa minm résévoua frè yo; moun ki té vlé, li anpéché yo épi li chasé yo sot nan Égliz la.

¹¹ Ou minm mouin rinmin-an, pa imité mal la, min bon-an. Moun k-ap fè sa-k bon, sé nan Bondié li soti; moun k-ap fè sa ki mal, li pa ouè Bondié.

¹² Kanta Démétrius, tout moun sèvi-l témouin; minm Vérité-a sèvi-l témouin. Nou minm tou nou sèvi-l témouin, ou konnin témouagnaj nou-an, li vré.

¹³ Mouin gin anpil bagay pou-m ékri-ou, min mouin pa vlé ékri-ou ak lank, ak plim. ¹⁴ Mouin éspéré ouè-ou byin vit, épi sé bouch ak bouch n-a palé.

¹⁵ Lapè pou ou; zanmi yo salué-ou. salué chak zanmi nou yo, yo chak sou non yo.

RÉPONS

3 Jn 11; 1 Piè 2, 19

R/. Pa imité mal la, min sa-k byin-an. * Moun ki fè byin-an, sé nan Bondié li soti, alélouya.

V/. Sé yon gras sa yé, si poutèt konsians la yon moun sipòté pou-l soufri lapinn. * Moun ki fè byin-an.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch yon Otè afrikin sizièm sièk

(Sermo 8, 1-3: PL 65, 743-744)

Égliz la ki fè youn nan palé tout lang yo

Yo té palé tout lang. Sé konsa sètènman lè sa-a sa té fè Bondié plézi bay sign prézans Éspri-Sin-an, pou, moun ki té résévoua-l, té palé tout lang yo. Sé pou yo konprann réyéلمان, frè yo nou aprésié anpil la, sa-a sé Éspri-Sin-an, sé ak li charité Bondié-a vîn vidé nan kè nou yo.

Épi poutèt charité-a té gin pou rasanblé Égliz Bondié-a sou tout ronnn tè-a, sa yon sèl moun té kapab fè lè sa-a, antan-l résévoua Éspri-Sin-an, pou-l palé tout lang yo, koulié-a, antan Éspri-Sin-an rasanblé-l, Égliz la li minm ki fè yon sèl la palé tout lang yo.

Sé pou sa, si yon moun t-a di youn nan moun nou yo: « Ou té résévoua Éspri-Sin-an, pou kisa ou pa palé tout lang yo? » li doué réponn: « Mouin palé sètènman tout lang yo: paské sé nan kò Kris la mouin yé, sètadi nan Égliz la, ki palé tout lang yo. Lè sa-a èské té gin lòt bagay réyéلمان Bondié té vlé indiké pa lintèmédiè prézans Éspri-Sin-an, si sé pa Égliz li-a t-ap gin pou palé tout lang yo? ».

Nan fason sa-a sa Granmèt la té promèt la té akonpli: *Pèsonn pa mété divin nouvo nan vié véso ki fèt ak po, min divin nouvo-a yo mété-l nan véso ki fèt ak po ki nouvo, épi toulèdé konsèvé.*

Sé ak rézon donk, lè yo té tandé y-ap palé tout lang yo, anpil t-ap di: *Sa yo plin ak divin dou.* Déja réyéلمان yo té vîn tounin véso ki fèt ak po

ki nouvo, antan gras ki fè vîn sin-an té rénouvélé yo, pou, ak divin nouvo-a, sètadi, antan yo ranpli ak Éspri-Sin-an, yo té fèmanté antan yo palé tout lang yo, antan davans yo té bay sign ak mirak sa-a ki té klè anpil la, Égliz katolik la t-ap gayé nan lang tout nasion yo.

Sé poutèt sa sé konsa pou nou sélébré jou sa-a, tankou manb yon sèl kò Kris la. Sé pa san rézon réyèlman n-ap sélébré, si sé sa nou yé-a n-ap sélébré: sa yo antan yo rété kolé ansanm nan Égliz la, sa Granmèt la, antan-l ranpli-l ak Éspri-Sin-an, rékonèt sé pa-l la k-ap grandi sou tout tè-a, épi pa-l la rékonèt li-a. Tankou épou-a pa pèdi pròp épouz li-a, pèsonn pa mété yon fi étranjé nan plas li.

Nou minm réyèlman nou fòmé ak tout nasion yo, sé sa Apot la di Égliz Kris la, manb Kris la, kò Kris la, épouz Kris la: *Antan nou youn sipoté lòt nan rinmin-an, antan nou fè èfò pou nou konsèvé Éspri ki fè nou fè yon sèl la nan chinn lapè-a.*

Nou ouè koté li té bay lòd pou nou youn sipoté lòt la, sé la li té mété rinmin-an; koté li nonmin espérans fè youn nan, sé la li montré chinn lapè-a. Sa-a sé kay Bondié-a, ki fabriké ak ròch vivan yo, sé nan kalité kay sa-a papa fanmi-an pran plézi abité, li minm dékonb divizion-an pa doué blésé jé-l yo.

RÉPONS

Cf. Tr Ap 15, 8-9; 11, 18b

R/. Bondié, ki konnin kè yo, té bay nasion yo Éspri-Sin-an minm jan ak nou minm; * Épi li pa fè okinn distinksion ant nou minm ak yo minm, antan li pròpté kè yo nan lafoua-a, alélouya.

V/. Konsa ni pou nasion yo tou Bondié té ba yo pénitans la pou yo vîn gin lavi-a. * Épi li pa fè okinn.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

LÉKTU KOUT

Rom 14, 7-9

Pèsonn nan nou pap viv pou prop tèt li, épi pèsonn pap mouri pou prop tèt pa li; kit n-ap viv réyèlman, sé pou Granmèt la n-ap viv, kit nou mouri, sé pou Granmèt la nou mouri. Donk kit n-ap viv, kit nou mouri, sé pou Granmèt la nou yé. Sé pou sa réyèlman Kris la mouri épi li té viv tou, sé pou-l té kòmandé ni sa-k mouri yo, ni sa-k vivan yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té résisité sot nan kavo-a, * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Li minm ki té pandié sou boua-a pou nou-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. : Min mouin avèk nou touléjou, joustan sièk la akonpli nèt, alélouya.

PRIYÈ YO

Nou minm ki batizé nan Éspri-Sin-an, an nou bay Granmèt la gloua ansanm avèk tout moun ki batizé yo, épi an nou inploré-l :

Granmèt Jézu, fè nou vîn sin nan Éspri-a.

Voyé Éspri-Sin-ou nan nan nou,

— pou nou déklaré dévan moun yo sé Roua ak Granmèt ou yé.

Fè nou rinmin san fint,

— pou nou youn rinmin lòt ak charité tankou frè.

Dispozé nanm fidèl yo ak gras ou-a k-ap ba yo lavi-a,

— pou yo résévoua kado Éspri-a avèk bon volonté.

Ba nou fòs Éspri-Sin-ou nan,
 — pou sa-k malad nan nou, li géri-l, li ba-l fòs.
 Papa nou.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou nou minm ki fîn fété fèt paskal yo, nou kinbé yo nan konduit nou ak nan lavi nou gras a ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Rom 5, 10-11

Si malgré nou té ènmi, nou vîn rékonsilié ak Bondié pa lintèmediè lanmò Pitit li-a, sé pi plis toujou antan nou fîn rékonsilié-a n-ap sovè nan lavi li-a; sé pa sèlman sa, min n-ap jouinn gloua nan Bondié palintèmediè Granmèt nou Jézu-Kri, li minm sé pa lintèmediè-l koulié-a nou té résévoua rékonsiliation-an.

V/. Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

R/. Li té parèt dévan Simon, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

1 Kor 15, 20-22

Kris la té résisité sot nan pami mò yo, premié frui pami sa-k t-ap dòmi yo. Paské réyèlman sé pa lintèmediè yon moun gin lanmò-a, sé pa lintèmediè yon moun tou gin rézireksion mò yo : minm jan réyèlman tout moun té mouri nan Adan-an, sé konsa tout moun ap gin lavi nan Kris la.

V/. Disip yo té gin kè kontan, alélouya.

R/. Lè yo ouè Granmèt la, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

2 Kor 5, 14-15

Rinmin Kris la ap pousé nou ; antan nou konsidéré si yon sèl mouri pou tout moun, konsa tout moun yo mouri ; épi li mouri pou tout moun, pou minm moun k-ap viv yo, sé pa pou yo minm y-ap viv ankò, min pou sa-a ki mouri épi ki té résisité pou yo-a.

V/. Rété avèk nou, Granmèt, alélouya.

R/. Paské asouè rivé, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

DIMANCH PANTKOT

Solanité

Pou premié Vèp yo

IMN, *Veni creator Spiritus.*

Vini, Éspri ki kréyé tout bagay,
vizité léspri moun ou yo,
ranpli kè yo ou té kréyé-a
ak lagras anro-a.

Ou minm yo rélé Paraklè,
kado Bondié ki anro nèt la,
sous vivan, difé, rinmin
épi onksion spirituèl la.

Ou minm ki bay sèt kado-a,
ou minm douèt ki nan min Bondié,
ou minm promès Papa-a fè an règ,
ki bay lang nou richès paròl la.

Limin limiè nan intèlijans nou yo,
vidé rinmin nan kè nou yo,
ou minm ki bay féblès kò nou yo asirans
avèk fòs ki pap fini.

Ou chasé ènmi-an byin louin,
épi ou bay lapè-a tousuit;
antan ou-ap kondui nou, ou-ap pran dévan nou,
n-a évité tou sa-k mal.

Gras a ou, sé pou nou konnin Papa-a,
sé pou nou konnin Pitit la tou;
ou minm ki Éspri yo toulédé,
fè nou kouè-ou tout tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Lè jou Pantkot yo rivé bout yo, yo tout té ansanm nan minm koté-a, alélouya.

Psòm 112 (113)

- 1 Fè louanj, ti moun Granmèt la, *
fè louanj non Granmèt la.
- 2 Sé pou non Granmèt la béni *
dépi koulié-a ak pou tout tan.
- 3 Dépi solèy lévé jous koté-l kouché, *
non Granmèt la mérité louanj.
- 4 Granmèt la anlè nèt anro tout nasion yo, *
anlè sièl yo gloua li yé.
- 5 Kilès ki tankou Granmèt Bondié nou-an,
ki abité nan rotè yo, *
- 6 ki panché pou-l voyé jé
nan sièl la ak sou tè-a ?
- 7 Antan-l lévé maléré-a sot atè-a, *
antan li drésé pòv la sot nan fatra-a,
- 8 pou-l fè-l chita avèk chèf yo, *
avèk chèf pèp li-a.
- 9 Li minm ki fè sa-k té stéril la abité nan kay la, *
kòm manman pitit ki gin kè-l kontan.

Réf. Lè jou Pantkot yo rivé bout yo, yo tout té ansanm nan minm koté-a, alélouya.

Réf. 2 Yon bann ti moso lang tankou difé té parèt sou Apot yo, épi Éspri-Sin-an té instalé sou yo chak, alélouya.

Psòm 146 (147 A)

- 1 Fè louanj Granmèt la,
paské sa bon pou yo chanté pou Bondié nou-an, *
paské sa bon pou fè louanj.
- 2 Antan Granmèt la bati Jérusalèm, *
l-ap rasanblé moun Israèl yo ki té gayé yo.
- 3 Li minm ki géri kè ki krazé, *
ki pansé koté yo blésé yo ;
- 4 ki konté kantité zétoual yo, *
ki rélé yo tout sou non yo.
- 5 Granmèt nou-an gran, pouvoua-l gran, *
yo pa kapab sondé sajès li.
- 6 Granmèt la soutni moun ki dosil yo, *
min li rabésé péchè yo jous atè.
- 7 Sonnin dévan Granmèt la, nan aklamasion, *
chanté kantik pou Bondié nou-an sou gita.
- 8 Li minm ki kouvri sièl la avèk nuaj yo, *
li préparé laplui pou tè-a.
Li minm ki fè mòn yo pousé zèb *
ak ti plant pou sa k-ap sèvi moun yo.
- 9 Li minm ki bay bèt yo manjé yo, *
pitit gragra yo k-ap rélé yo.
- 10 Sé pa nan fòs yon choual li mét plézi li, *
ni nan jarèt yon moun li gin satisfasion.
- 11 Sa-k bay Granmèt la satisfaksion, sé moun ki krinn li yo, *
épi nan yo, moun ki éspéré sou mizérikòd li-a.

Réf. Yon bann ti moso lang tankou difé té parèt sou Apot yo, épi Éspri-Sin-an té instalé sou yo chak, alélouya.

Réf. 3 Éspri-a, ki sot nan Papa-a, sé li minm k-ap fè ouè gloua mouin-an, alélouya.

Kantik

Ap 15, 3-4

- ³ Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, *
 Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua ;
 yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo, *
 Roua nasion yo !
- ⁴ Kilès ki pap krinn ou, Granmèt, *
 épi ki pap fè gloua pou non-ou ?
 Paské ou minm sèl ou Sin, †
 paské tout nasion yo ap vini
 y-ap adoré nan fas ou, *
 paské jijman-ou yo parèt klè.

Réf. Éspri-a, ki sot nan Papa-a, sé li minm k-ap fè ouè gloua mouin-an, alélouya.

LÉKTU KOUT

Rom 8, 11

Si Éspri Bondié-a ki té résisité Jézu sot nan pami mò yo, abité nan nou, li minm ki té résisité Kris la sot nan pami mò yo ap fè kò nou yo k-ap mouri-a viv tout poutèt Éspri li-a ki abité nan nou-an.

RÉPONS KOUT

R/. Éspri Paraklè-a, * Alélouya, alélouya. Éspri.

V/. L-ap aprann nou tout bagay. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Éspri.

Pou Magnificat la, réf. : Vini, Éspri-Sin, ranpli kè fidèl ou yo, limin difé rinmin-ou nan nan yo, ou minm ki té rasanblé nasion yo nan yon sèl lafoua, malgré diférens tout lang yo, alélouya.

PRIYÈ YO

Antan n-ap sélébré Bondié avèk gran louanj, li minm ki lè jou Pantkot yo rivé bout yo, li té plin Apot yo ak Éspri-Sin-an ki sot nan sièl yo, ak kè ki kontan épi ki dévoué, an nou inploré-l :

Voyé Éspri-ou la pou réfè tè-a.

Ou minm ki té kréyé sièl la ak tè-a nan kòmansman-an épi ki té rédrésé tout bagay pa lintèmediè Kris la nan plénitud tan yo,

— toujou réfè fas tè-a, pa lintèmediè Éspri-ou la, nan sovè nou sovè-a.

Ou minm ki té soufflé souf lavi-a nan fas Adan-an,

— voyé Éspri-ou la nan Égliz la pou-l viv nan li, pou-l fè-l vîn pi jèn, épi pou-l bay tè-a lavi.

Ak limiè Éspri-ou la kléré tout moun yo épi chasé fènoua tan nou-an,

— pou rayisans vîn tounin rinmin, pou doulè vîn tounin kè kontan, pou lagè vîn tounin lapè nou souété-a.

Rouzé ras lèzòm ak dlo Éspri-ou la, k-ap koulé sot nan bò kòt Kris la,

— pou-l libéré tè nou-an sot nan tout pikan mal yo.

Ou minm ki fè moun yo antré nan lavi-a ak nan gloua-a gras a Éspri-Sin-an,

— gras a li tou fè défin yo joui kè kontan rinmin-an nan patri-a.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té vlé pou sakréman paskal la kinbé ansanm an mistè pandan sinkant jou, fè nou favè pou, gayé nasion yo gayé-a, divizion lang yo vi-n rasanblé pou yon

sèl déklarasion lafoua nan non-ou gras a kado sièl la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Alélouya, Éspri Granmèt la té plin ronnn tè yo : vini an-n adoré, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Lux iucúnda, lux insígnis.*

Limiè ki agréab, limiè ki san parèy,
ak li yo voyé difé-a sot nan trôn nan
nan disip Kris yo,

Li ranpli kè yo, li anrichi lang yo,
li invité nou vîn akòdé kè-a
ak mélodi lang yo.

Konsolatè ki rékonfòtan, vini,
dirijé lang yo, adousi kè yo:
pa gin okinn fièl oubyin pouazon
anba prézans ou-a.

Nou vîn nouvo kréatu,
nou fè louanj ou ak éspri ki nèt,
koulié-a nou sé pitit lagras la,
min anvan dapré natu-a pitit kòlè-a.

Ou minm k-ap bay épi ki don-an,
ou sé tout byin kè nou,

fè kè-a dispozé pou louanj la,
 antan ou dispozé son lang nou-an
 nan sa ou-ap anonsé-a.

Ou nétouayé nou sot nan péché yo,
 ou minm minm ki fè bon kè-a,
 épi nou minm ki réfè nan Kris la
 fè nou vîn tou nèf nèf
 plin nou ak kè kontan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Éspri-a souflé koté-l vlé, ou tandé voua-l, min ou pa konnin koté-l soti oubyin koté l-apralé, alélouya.

Psòm 103 (104)

I

- ¹ Béni Granmèt la, nanm mouin, *
 Granmèt Bondié-m, ou gran anpil !
 Ou abiyé ak grandè, ak gloua, *
- ² ou vlopé ak limiè tankou yon rad.
 Ou déplouayé sièl la tankou yon rido, *
- ³ ak dlo yo ou bati chanmèt ou-a.
 Ou fè nuaj la sèvi pou monté, *
 ou déplasé sou zèl van yo.
- ⁴ Ou fè éspri yo anj-mésajé-ou yo, *
 sèvitè-ou yo sé difé k-ap boulé.
- ⁵ Ou té fiksé tè-a sou fondasion-l ki rét an plas, *
 pou-l pa baskulé pou sièk sièk la.
- ⁶ Ou té kouvri-l avèk dlo fon yo tankou yon rad, *
 sou mòn yo dlo yo té rét pozé.

- 7 Kon-ou ménasé, yo sové, *
kon loraj ou grondé, yo tranblé.
- 8 Yo monté mòn yo, yo désann tè fon yo, *
nan plas ou té fiksé pou yo-a.
- 9 Ou té mété limit pou yo pa dépasé, *
pou yo pa rékòmansé kouvri tè-a ankò.
- 10 Ou fè sous yo soti nan riviè yo ; *
yo kouri nan mitan mòn yo,
- 11 tout bèt nan boua yo bouè, *
choual maron yo passé souaf yo.
- 12 Zouazo nan sièl yo vîn abité anlè yo, *
nan mitan branch yo, yo fè tandé voua yo.

Réf. Éspri-a souflé koté-l vlé, ou tandé voua-l, min ou pa konnin koté-l soti oubyin koté l-apralé, alélouya.

Réf. 2 San-zatann, vîn gin yon brui ki sot nan sièl la tankou brui van ki rivé byin fò, alélouya.

II

- 13 Ou rouzé mòn yo, antan-ou nan chanmèt ou yo, *
ou satisfé tè-a kont kò-l ak frui travay ou.
- 14 Ou fè zèb pousé pou bèt yo, *
ak ti plant pou sa-k nan sèvis moun yo,
ou fè pin soti nan tè-a *
- 15 ak divin ki fè kè moun kontan ;
antan-ou mét gété nan fas li ak luil, *
pin-an minm bay kè moun nan fòs.
- 16 Pié boua Granmèt yo jouin satisfaksion, *
pié sèd Liban yo, sa-l té planté yo.

- 17 Sé la ti zouazo yo fè nich yo, *
kay poul-dlo yo anlè yo nèt.
- 18 Mòn ki ro yo, sé pou kabrit maron yo, *
lapin yo jouinn kachèt nan ròch yo.
- 19 Li té fè lalín nan pou maké tan yo, *
solèy la konnin lè pou-l kouché.
- 20 Kon-ou té mété fènoua yo, lannuit la rivé : *
sé lè sa-a tout bèt nan boua kòmansé ranpé,
- 21 ti lion yo pousé rèl pandan y-ap fè lachas, *
y-ap mandé Bondié manjé.
- 22 Kon solèy lévé, yo rasanblé, *
y-al kouché nan kachèt yo.
- 23 Moun nan soti pou-l fè travay li, *
pou-l réglé okipasion-l jous asouè rivé.

Réf. San-zatann, vîn gin yon brui ki sot nan sièl la tankou brui van ki rivé byin fò, alélouya.

Réf. 3 Voyé Éspri-ou, y-ap kréyé, épi ou-ap réfè fas tè-a, alélouya.

III

- 24 Ala anpil travay ou yo anpil, Granmèt ! †
Yo tout sé ak sajès ou fè yo, *
tè-a plin ak sa ou kréyé.
- 25 Gadé lanmè-a, li gran, li laj tout koté : †
gin bèt k-ap glisé ladan-l, yo pa kapab konté yo, *
bèt vivan, ni piti, ni gran ;
- 26 gin batiman k-ap déplasé ladan-l, *
ni Léviatan, sa-ou té fòmé pou joué avèk li-a.

- 27 Yo tout sé ou y-ap tann, *
 pou-ou ba yo manjé nan tan yo.
- 28 Antan-ou ba yo, yo ranmasé, *
 antan-ou louvri min-ou, yo plin ak byin.
- 29 Antan-ou viré fas ou, yo troublé ; †
 ou ouété éspri yo, yo mouri, *
 nan pousiè yo y-ap tounin.
- 30 Ou-ap voyé éspri-ou, y-ap kréyé, *
 ou-ap réfè fas tè-a.
- 31 Sé pou gloua Granmèt la pou tout tan ; *
 sé pou Granmèt la kontan nan travay li yo.
- 32 Li minm ki gadé tè-a, li fè-l tranblé, *
 li touché mòn yo, yo fè lafimin.
- 33 M-ap chanté pou Granmèt la nan lavi mouin, *
 m-ap chanté psòm pou Bondié mouin-an toutotan mouin égzisté.
- 34 Sé pou paròl mouin yo fè-l plézi, *
 mouin minm minm m-ap joui nan Granmèt la.
- 35 Sé pou péchè yo sispann égzisté sou tè-a, †
 pou pa gin moun méchan ankò. *
 Béni Granmèt la, nanm mouin.

Réf. Voyé Éspri-ou, y-ap kréyé, épi ou-ap réfè fas tè-a, alélouya.

V/. Éspri Granmèt la té ranpli ronn tè-a, alélouya.

R/. Épi sa-a ki kinbé tout bagay yo ansanm, li gin sians voua-a, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Lèt apot sin Pòl pou Romin yo

8, 5-27

*Ninpòt moun ki kité Éspri Bondié-a kondui yo,
sé pitit Bondié yo yé*

Frè yo: ⁵ Moun yo ki réglé dapré chè-a, sé bagay chè-a yo gouté, min moun yo ki réglé dapré éspri-a, sé bagay léspri yo yo konprann. ⁶ Sèké sajès chè-a sé lanmò, sajès éspri-a minm sé lavi ak lapè. ⁷ Sèké sajès chè-a li ènmi Bondié, li pa obéyi laloua Bondié-a, ni li pa kapab obéyi-l. ⁸ Moun yo ki réglé dapré chè-a, yo pa kapab fè Bondié plézi.

⁹ Nou minm nou pa réglé nan chè-a, min nan Éspri-a, si réyèlman Éspri Bondié-a abité nan nou. Si yon moun pa gin Éspri Jézu-Kri-a, moun sa-a pa pou li. ¹⁰ Si Jézu-Kri nan nou, kò-a mouri poutèt péché-a, Éspri-a viv poutèt sa-k fè-l vîn sin-an. ¹¹ Si Éspri sa-a ki résisité Jézu sot nan pami mò yo abité nan nou, sa-a ki résisité Jézu-Kri sot nan pami mò yo ap fè kò lanmò nou yo viv tout poutèt Éspri-a ki abité nan nou-an.

¹² Konsa, frè-m yo, nou pa doué chè-a anyin, pou nou viv dapré chè-a. ¹³ Sèké si nou viv dapré chè-a, n-ap mouri ; min si pa lintèmediè Éspri-a nou fè chè-a mouri, n-ap viv. ¹⁴ Moun ki kité Éspri Bondié-a kondui yo, sé pitit Bondié yo yé. ¹⁵ Nou pa-t résévoua éspri ésklavaj la yon lòt foua ankò pou nou nan kè soté, min nou té résévoua éspri pitit adoptif, li minm nan li nou rélé : « Abba, Papa »-a. ¹⁶ Éspri-a li minm, li sèvi témouin, ansanm ak éspri pa nou : nou sé ti pitit Bondié. ¹⁷ Si nou sé ti pitit, nou sé éritié tou. Si nou sé éritié Bondié, nou éritié ansanm ak Kris la, paské n-ap soufri ansanm avèk li pou nou jouinn gloua pouvoua-a ansanm avèk li. ¹⁸ Mouin konsidéré soufrans tan sa-a pa anyin dévan gloua k-ap vini-an k-ap révélé nan nou-an.

¹⁹ Réyèlman kréasion-an ap tann révélation pitit Bondié yo. ²⁰ Kréasion-an té blijé obéyi sa-k pa anyin-an, san-l pa vlé, min poutèt Sa-a ki té rabésé-l konsa-a. Min li gin éspérans. ²¹ Sèké kréasion-an li minm tou ap délivré sot anba ésklavaj dékonpozision-an pou-l antré nan libètè gloua pitit Bondié yo. ²² Nou konnin réyèlman tout créatu ap jémi, ap anfanté jous koulié-a. ²³ Sé pa sèlman yo minm, min nou minm tou ki gin premié kado Éspri-a, n-ap plinn anndan kè nou, antan n-ap tann adopsion

pitit Bondié yo, rédanmsion kò nou-an. ²⁴ Nou sové réyèlman an espérans. Espérans la minm, si yo ouè-l, sé pa espérans li yé, paské sa yon moun ouè, èské l-ap espéré-l ? ²⁵ Min si n-ap espéré sa nou pa ouè, sé nan pasians n-ap tann li.

²⁶ Minm jan tou, Éspri-a édé féblès nou : sèké nou pa konnin kijan pou nou priyé ; min sé Éspri-a li minm k-ap priyé pou nou ak mo yo pa kapab palé. ²⁷ Sa-a k-ap sondé kè yo, li konnin sa Éspri-a anv-i-a, paské sé dapré Bondié li priyé pou sin yo.

RÉPONS

Gal 4, 6; 3, 26; 2 Tim 1, 7

R/. Laprèw nou sé pitit gras a lafoua-a, nan Kris Jézu, * Sèké Bondié té voyé Éspri Pitit li-a nan kè nou, l-ap rélé : Abba, Papa, alélouya.

V/. Sé pa yon Éspri kè soté Bondié té ba nou, min yon Éspri fòs, rinmin ak tanpérans. * Sèké Bondié té voyé.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Iréné, évèk, Kont érézi yo

(Lib. 3, 17, 1-3: SCh 34, 302-306)

Mision Éspri-Sin-an

Granmèt la, antan l-ap bay disip yo pouvoua pou nouvo nésans nan Bondié-a, li t-ap di yo: *Antan nou alé, anségné tout nasion yo, batizé yo nan non Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an.*

Sa-a li té promèt réyèlman pa lintèmédiè profèt yo li t-ap vidé-l nan dènié tan yo sou sèvitè ak sèvant li yo, pou yo profétizé; sé poua li té désann tou sou Pitit Bondié-a ki vîn tounin pitit moun, pou-l té pran abitud avèk li pou-l abité nan ras moun nan épi répozé nan moun yo épi abité nan sa Bondié fòmé-a, antan-l fè volonté Papa-a nan yo épi li rénouvélé yo sot nan sa-k fîn vié-a vîn nan nouvo té Kris la.

Luk di Éspri sa-a té désann apré asansion Granmèt la sou disip yo nan Pantkot la, antan-l gin pouvoua pou fè tout nasion yo antré nan lavi-a épi

pou ouvri nouvo tésaman-an; sé pou sa antan tout lang yo t-ap réspiré ansanm tou yo t-ap di inm pou Bondié, lè Èspri-a t-ap rasanblé group fanmi ki té byin louin vîn fè youn, épi li t-ap ofri premié frui tout nasion yo bay Papa-a.

Sé poua Granmèt la tou té promèt li minm li t-ap voyé Paraklè-a, ki t-ap dispozé nou pou Bondié. Minm jan réyèlman yo pap kapab fè yon sèl pat ak blé ki sèk la san dlo-a, ni yon sèl pin, konsa tou nou minm ki anpil nou pa t-ap kapab vîn fè youn nan Kris Jézu san dlo-a, sa-k sot nan sièl la. Épi minm jan tè ki sèk la, si-l pa résévoua dlo-a, li pap donnin frui, konsa tou nou minm, ki té toudabò yon boua sèk, nou pa t-ap janm donnin frui lavi san lapli yo té vlé fè tonbé sot anro-a.

Kò nou yo réyèlman pa lintèmediè bingn sa-a, ki minnin nan inposibilité gaté-a, yo té résévoua vîn fè youn nan, nanm yo minm pa lintèmediè Èspri-a.

Èspri Bondié-a té désann sou Granmèt la, *Èspri sajès ak intèlijans, Èspri konsèy ak fòs, Èspri sians ak piété, Èspri krint Bondié*, sa li minm li té bay Égliz la ankò, antan-l voyé Paraklè-a sot nan sièl la sou tout tè-a, koté *djab la* tou *tankou yon zèklé yo té voyé-l jété*, sé sa Granmèt la di; sé poutèt sa larouzé Bondié-a nésésè pou nou, pou nou pa boulé ni vîn san frui, épi, koté nou gin sa k-ap akizé nou-an, sé la tou nou gin Paraklè-a, lè Granmèt la voyé Èspri-Sin li-an bay moun nan, sa-k té tonbé nan min bandi yo, sa li minm li té pran pitié pou li-a, li té maré blésé-l yo, antan-l bay dé piès lajan ki gin pòtré roua-a, pou, pa lintèmediè Èspri-a antan nou résévoua pòtré ak inskripsion Papa-a ak Pitit la, nou fè piès lajan yo konfié nou-an donnin frui, épi nou konté-l rinmèt antan-l vîn anpil bay Granmèt la.

RÉPONS

Tr Ap 2, 1-2

R/. Lè jou Pantkot la rivé bout, tout moun té ansanm nan minm koté-a; san-zatann, vîn gin yon brui ki sot nan sièl la, * Tankou yon van byin fò, li té plin tout kay la, alélouya.

V/. Pandan réyéلمان disip yo té rasanblé fè youn, san-zatann yon brui ki sot nan sièl la rivé sou yo. * Tankou.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, *Beáta nobis gáudia*.

Ronn ané-a
fè bon kè kontan-an tounin pou nou,
lè Éspri Paraklè-a
té kléré nan disip yo.

Difé k-ap kléré, k-ap tranblé-a,
té pran fòm lang
pou yo jouinn anpil paròl pou yo di,
pou yo cho ak charité.

Yo palé lang tout moun;
foul nasion yo sézi,
yo kouè sé divin nouvo yo bouè,
moun yo Éspri-a té plin-an.

Bagay sa yo réalizé an mistè,
lè tan Pak la rivé bout li-a,
nan kantité sakré jou yo
koté yo rinmèt dèt yo dapré laloua-a.

Koulié-a Bondié, ou minm ki si tèلمان bon,
n-ap lapriyè-ou avèk fas nou bésé:

kado ki tonbé sot nan sièl la
ba nou yo, ou minm Éspri-a.

Kè sa yo ou fèk sot konsakré-a,
ou plin yo ak lagras ou-a;
koulié-a padonnin fot yo,
ba yo tan ki trankil.

Gras a ou, sé pou nou konnin Papa-a,
sé pou nou konnin Pitit la tou;
ou minm ki Éspri yo toulédé,
fè nou kouè nan ou tout tan. Amèn.

Réf. 1 Granmèt, ala li bon, ala li dous, Éspri-ou la nan nou, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch prémié sémèn-nan, 578.

Réf. 2 Sous yo ak tout sa ki gin mouvman nan dlo yo, di yon imm pou Bondié, alélouya.

Réf. 3 Apot yo t-ap déklaré mèvèy Bondié yo nan divès lang, alélouya.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 5, 30-32

Bondié papa nou yo té résisité Jézu, li minm nou té touyé-a antan nou té pandié-l sou boua-a; Bondié lévé-l adouat li kòm chèf ak sovè pou-l bay Israël pénitans ak padon péché yo. Kanta nou minm, nou sèvi paròl sa yo témouin, ak Éspri Sin-an Bondié té bay moun ki obéyi-l yo.

RÉPONS KOUT

R/. Yo tout vîn plin ak Éspri-Sin-an, * Alélouya, alélouya. Yo tout.

V/. Épi yo té kòmansé palé. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Yo tout.

Pou *Benedictus* la, réf. : Résévoua Éspri-Sin-an: moun nou padonnin péché yo, y-ap rét padonnin pou yo, alélouya.

PRIYÈ YO

Kris la, Granmèt la, li minm ki té rasanblé Égliz li-a pa lintèmédiè Éspri-a, an nou inploré-l ak espérans ki solid :

Granmèt, réfè fas tè-a.

Granmèt Jézu, ou minm lè yo lèvé-ou sou koua-a, ou té vidé lariviè dlo vivan sot bò kòt ou,

— voyé Éspri k-ap bay lavi-a pou nou.

Ou minm, lè-ou nan gloua-a adouat Bondié-a, ou bay disip yo Kado Papa-a,

— voyé Éspri-a, pou-l fè tè-a vîn tou nèf.

Ou minm ki té bay Apot yo pouvoua pou yo padonnin péché, nan Éspri-ou la,

— détrui péché sou tè-a.

Ou minm ki té promèt Éspri-Sin-an, pou-l aprann nou tout bagay, pou-l souflé nou tou sa-ou té di-a,

— voyé Éspri-a k-ap kléré lafoua nou-an.

Ou minm ki té promèt ou t-ap voyé Éspri vérité-a, pou-l sèvi-ou témouin,

— voyé Éspri-a, pou-l fè nou tounin témouin fidèl.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki nan sakréman fèt jodi-a, sanktifié Égliz ou-a ki sou tout fas tè-a nan tout ras ak nasion, vidé kado Éspri Sin yo nan tout lajè tè-a, épi sa-k té réalizé nan kòmansman prèch bòn nouvèl la, kòm kado Bondié-a, vidé-l koulié-a tou nan kè moun ki kouè yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

IMN, *Iam Christus astra ascénderat.*

Déja Kris la té gin pou-l monté nan sièl yo,
 pou-l tounin koté-l té soti-a,
 pou-l té bay sa Papa-a té promèt la,
 kado Éspri-Sin-an,

Lè touazièm lè kontantman-an
 sonnin toudinkou pou tè-a,
 antan Apot yo t-ap priyé
 y-ap anonsé Bondié té vini.

Konsa li sot nan limiè Papa-a
 difé ki bèl rékonfò-a,
 li minm ki ranpli kè ki kouè nan Kris la
 ak chalè paròl la.

Désann, ou minm Éspri-Sin,
 épi dékoré otèl kè nou yo
 ak bon kalité ki pou ou yo,
 épi konsakré tanp yo pou yo.

Gras a ou, sé pou nou konnin Papa-a,
 sé pou nou konnin Pitit la tou;
 ou minm ki Éspri yo toulédé,
 fè nou kouè nan ou tout tan. Amèn.

Réf. Éspri-Sin-an, antan-l soti nan trôn nan, li té antré yon fason invizib nan kè Apot yo, alélouya.

Pou Sèkst

IMN *Venite servi*, 439.

Réf. Dévlopé nan nou, Granmèt, lafoua-ou la, épi limiè Éspri-Sin-an limin-l tout tan nan nou, alélouya.

Pou Nòn

IMN *Hæc hora*, 440.

Réf. Sé pa nou minm réyèlman k-ap palé, sé Éspri Papa nou-an k-ap palé nan nou, alélouya.

Nan youn nan Lè sa yo, yo di psòm ki vîn apré-a:

Psòm 117 (118)**I**

- ¹ Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ² Sé pou Israèl di sa koulié-a, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ³ Sé pou kay Aaron-an di sa koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁴ Sé pou sa yo ki krinn Granmèt la di koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁵ Nan tribilasion-an mouin té rélé Granmèt la, *
Granmèt la té kouté-m antan li fè-m soti nan koté ki laj.
- ⁶ Granmèt la avèk mouin, *

- mouin pa pè sa yon moun kapab fè-m.
 7 Granmèt la avèk mouin kòm sèkou mouin, *
 mouin minm minm m-ap méprizé ènmi-m yo.
 8 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
 pasé pou nou mét konfians nan moun.
 9 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
 pasé pou nou mét konfians nan chèf.

II

- 10 Tout nasion yo antouré-m, *
 o non Granmèt la mouin chasé yo.
 11 Antan yo ansèklé-m byin ansèklé, *
 o non Granmèt la mouin chasé yo.
 12 Yo té ansèklé-m tankou mièl, †
 yo flanbé tankou difé nan pikan, *
 o non Granmèt la mouin chasé yo.
 13 Antan yo pousé-m byin pousé pou-m tonbé, *
 Granmèt la poté-m sèkou.
 14 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, *
 sé li minm ki sové-m.
 15 Voua fèt ak sové nou sové-a *
 nan tant moun ki kòrèk yo :
 16 « Min douat Granmèt la fè mèvèy ! †
 min douat Granmèt la lévé-m byin ro ; *
 min douat Granmèt la fè mèvèy ! »
 17 Mouin pap mouri, min m-ap viv *
 épi m-ap rakonté travay Granmèt la.
 18 Antan Granmèt la té korijé-m byin korijé *
 min li pa lagé-m nan lanmò.

III

- 19 Louvri pòt jistis yo pou mouin ; *
 m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la.
- 20 Sa-a sé pòt Granmèt la ; *
 moun ki kòrèk yo ap antré ladan-l.
- 21 M-ap fè déklarasion pou ou, paské ou kouté-m, *
 ou vîn tounin pou mouin sa-a ki sové-m nan.
- 22 Ròch la bòs mason yo té réjité-a, *
 sé li minm ki vîn tounin mitan kouin anlè-a ;
- 23 sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt, *
 sé yon bagay ékstraòdinè nan jé nou.
- 24 Sa-a sé jou Granmèt la fè-a : *
 sé pou nou fété, sé pou nou kontan nan li.
- 25 Granmèt, o, sové-m ; *
 Granmèt, o, fè nou réyisi !
- 26 Li béni, sa-a k-ap vini o non Granmèt la. *
 Nou béni nou sot nan kay Granmèt la.
- 27 Sé Bondié Granmèt la yé, l-ap kléré nou. *
 Òganizé solanité-a nan ramo ki byin founi,
 jous nan kòn otèl la.
- 28 Sé Bondié-m ou yé, m-ap fè déklarasion pou ou, *
 Bondié mouin, m-ap lévé-ou anlè.
- 29 Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
 poutèt mizérikòd li-a pou tout tan.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Pou Tièrs

Réf. Èspri-Sin-an, antan-l soti nan trôn nan, li té antré yon fason invizib nan kè Apot yo, alélouya.

LÉKTU KOUT**1 Kor 12, 13**

Sé nan yon sèl Éspri-a nou tout nou batizé nan yon sèl kò, soua Juif yo, soua Grèk yo, soua ésklav yo, soua moun lib yo, épi nou tout sé nan yon sèl Éspri-a nou pasé souaf nou.

V/. Éspri Paraklè-a, alélouya.

R/. Ap aprann nou tout bagay, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Dévlopé nan nou, Granmèt, lafoua-ou la, épi limiè Éspri-Sin-an limin-l tout tan nan nou, alélouya.

LÉKTU KOUT**Tit 3, 5b-7**

Bondié té sovè nou pa lintèmediè bingn nouvo nésans la ak fè Éspri-Sin-an fè nou vîn tou nèf la, Éspri sa-a li té vidé sou nou k-ap débòdé-a pa pouvoua Jézu-Kri sovè nou-an, pou antan nou vîn kòrèk ak gras li-a nou rivé éritié lavi pou tout tan-an dapré éspérans la.

V/. Éspri-Sin-an ap aprann nou, alélouya.

R/. Tout sa mouin té di nou, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Sé pa nou minm réyéلمان k-ap palé, sé Éspri Papa nou-an k-ap palé nan nou, alélouya.

LÉKTU KOUT**2 Kor 1, 21-22**

Sa-a ki asiré nou avèk nou minm nan Kris la, li minm ki té sakré nou-an, Bondié, li minm tou ki té maké nou-an, épi ki té mété garanti Éspri-a nan kè nou yo.

V/. Apot yo t-ap déklaré nan divès lang, alélouya.

R/. Mèvèy Bondié yo, alélouya.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou ékla klètè-ou la kléré sou nou épi pou limiè limiè-ou la rafèmi kè moun yo ki jouinn nouvo nésans pa lantrémiz gras ou-a, antan Éspri-Sin-an ap fè yo briyé. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Veni, creátor Spíritus.*

Vini, Éspri ki kréyé tout bagay,
vizité léspri moun ou yo,
ranpli kè yo ou té kréyé-a
ak lagras anro-a.

Ou minm yo rélé Paraklè,
kado Bondié ki anro nèt la,
sous vivan, difé, rinmin
épi onksion spirituèl la.

Ou minm ki bay sèt kado-a,
ou minm douèt ki nan min Bondié,
ou minm promès Papa-a fè an règ,
ki bay lang nou richès paròl la.

Limin limiè nan intèlijans nou yo,
vidé rinmin nan kè nou yo,
ou minm ki bay féblès kò nou yo asirans
avèk fòs ki pap fini.

Ou chasé ènmi-an byin louin,
 épi ou bay lapè-a tousuit;
 antan ou-ap kondui nou, ou-ap pran dévan nou,
 n-a évitè tou sa-k mal.

Gras a ou, sé pou nou konnin Papa-a,
 sé pou nou konnin Pitit la tou;
 ou minm ki Éspri yo toulédé,
 fè nou kouè-ou tout tan.
 Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Éspri Granmèt la té plin ronn tè yo, alélouya.

Psòm 109 (110), 1-5. 7

- ¹ Granmèt la té di Granmèt mouin-an : *
 « Chita adouat mouin,
 joustan mouin pozé ènmi-ou yo *
 kòm éskabo pié-ou yo ».
- ² Baton pouvoua-ou, Granmèt la voyé-l sot nan Siyon : *
 kòmandé nan mitan ènmi-ou yo.
- ³ Pouvoua-a avèk ou nan jou fòs ou-a, †
 nan ékla limiè ki sin yo, *
 sot nan vant anvan granmatin mouin anfanté-ou.
- ⁴ Granmèt la fè sèman, li pap régrèt li : *
 « Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek ».
- ⁵ Granmèt la bò douat ou, *
 l-ap krazé roua yo nan jou kòlè-l la.

7 L-ap bouè nan riviè-a nan chémin-an, *
poutèt sa l-ap lévé tèt.

Réf. Éspri Granmèt la té plin ronnn tè yo, alélouya.

Réf. 2 Asiré travay la, Bondié, sa ou fè nan nou-an, sot nan tanp ou-a ki sin-an, ki nan Jérusalèm nan, alélouya.

Psòm 113 A (114)

1 Lè Israèl t-ap kité Éjip la, *
kay Jakòb la t-ap sot nan pèp étranjé-a,
2 Juda vîn tounin tanp li, *
Israèl vîn tounin propriété-l.
3 Lanmè-a té ouè sa, li ralé kò-l, *
Jourdin-an tounin dèyè ;
4 mòn yo vòltijé tankou kabrit, *
ti rotè yo tankou pitit mouton.
5 Sa-ou ginyin, lanmè, pou-ou ap ralé kò-ou la ? *
Épi ou minm, Jourdin, pou-ou ap tounin dèyè-a ?
6 Mòn yo, pouki sa n-ap vòltijé tankou kabrit la, *
ti rotè yo, tankou pitit mouton-an ?
7 Dévan fas Granmèt la, tranblé, tè-a, *
dévan fas Bondié Jakòb la,
8 li minm ki fè ròch la vîn tounin létan dlo yo, *
épi ròch ki di-a sous dlo yo.

Réf. Asiré travay la, Bondié, sa ou fè nan nou-an, sot nan tanp ou-a ki sin-an, ki nan Jérusalèm nan, alélouya.

Réf. 3 Yo tout vîn plin ak Êspri-Sin-an, épi yo té kòmansé palé, alélouya.

Kantik sa-a, yo di-l avèk Alélouya, jan sa indiké isit la, lè y-ap chanté-l; min si yo pa chanté-l, yo mèt di Alélouya-a sèlman nan kòmansman avèk finisman chak stròf.

Kantik

Cf. Ap 19, 1-2. 5-7

Alélouya.

¹ Sové-a, gloua-a ak otorité-a sé pou Bondié nou-an, *

(R/. Alélouya.)

² paské yo vré, yo kòrèk, jijman-l yo.

R/. Alélouya (alélouya).

⁵ Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo *

(R/. Alélouya.)

ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran !

R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

⁶ Paské li roua, Granmèt la,

Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. *

(R/. Alélouya.)

⁷ Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua.

R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

Paské nòs Mouton-an rivé, *

(R/. Alélouya.)

épi madanm li té préparé tèt li.

R/. Alélouya (alélouya).

Réf. Yo tout vîn plin ak Éspri-Sin-an, épi yo té kòmansé palé, alélouya.

LÉKTU KOUT

Éféz 4, 3-6

Sé pou nou fè éfò pou nou konsèvé éspri ki fè nou fè yon sèl la nan chinn lapè-a; yon sèl kò ak yon sèl Éspri tankou yo rélé nou nan yon sèl éspérans vokasion nou-an; yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm; yon sèl Bondié ak Papa tout moun, ki anlè tout moun, ki nan tout bagay épi ki nan nou tout.

RÉPONS KOUT

R/. Éspri Granmèt la vîn plin fas tè yo, * Alélouya, alélouya. Éspri Granmèt la.

V/. Sa-a ki kinbé tout bagay yo, li gin sians voua-a. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Éspri Granmèt la.

Pou *Magnificat* la, réf. : Jodi-a jou Pantkot yo rivé bout yo, alélouya; jodi-a Éspri-Sin-an té parèt sou disip yo nan difé-a, li té ba yo don kado spésial yo; li té voyé yo sou tout tè-a pou yo préché, pou yo sèvi témouin : Moun ki kouè épi ki batizé, l-ap sové, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié Papa-a, li minm ki té rasanblé Égliz li-a pa lintèmédiè Kris la, antan n-ap fè fèt an nou priyé-l, antan n-ap di :

Voyé Éspri-Sin-ou nan, nan Égliz ou-a.

Ou minm ki vlé rasanblé tout moun ki poté bèl mak non Kris la, gras a yon sèl batèm nan Éspri-a,

— fè moun ki kouè yo vîn tounin yon sèl kè ak yon sèl nanm.

Ou minm ki té désidé plin ronnn tè-a ak Éspri-a,

— fè tout moun bati tè-a nan jistis ak lapè.

Bondié Granmèt, Papa tout moun, ou minm ki vlé rasanblé pitit ki gayé yo, nan yon sèl lafoua,

— kléré ronnn tè-a ak gras Éspri-Sin-an.

Ou minm ki réfè tout bagay pa lintèmédiè Éspri-Sin-an,

— géri malad yo, konsolé moun ki nan lapinn yo, bay tout moun sové yo sové-a.

Ou minm ki té résisité Pitit ou-a sot nan pami mò yo gras a Éspri-a,

— bay kò k-ap mouri yo lavi pou tout tan-an.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki nan sakréman fèt jodi-a, sanktifié Égliz ou-a ki sou tout fas tè-a nan tout ras ak nasion, vidé kado Éspri Sin yo nan tout lajè tè-a, épi sa-k té réalizé nan kòmansman prèch bòn nouvèl la, kòm kado Bondié-a, vidé-l koulié-a tou nan kè moun ki kouè yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou voyé moun yo alé, yo di :

Alé ak kè kontan, alélouya, alélouya.

R/. Mèsi Bondié, alélouya, alélouya.

Tan Pak la Fini.

Apré dimanch Pantkot la tan nan kouran ané-a kòmansé (vol IV). Cf. Tablo-a tankou pi ro-a, 13. Konpli-a tankou pi ba-a, 987.

**DÉROULMAN ÒRDINÈ LITIJI LÈ YO
KI DOUÉ AKONPLI
NAN TAN PAK LA**

Pou Invitatoua-a

Invitatoua-a gin plas li nan kòmansman déroulman priyè chak jou-a toutantié, sètadi sé pou yo mété-l soua anvan Ofis léktu-a, soua anvan Louanj yo nan matin, nan mézi youn oubyin lòt aksion litijik kòmansé jounin-an.

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

R/. Bouch mouin ap anonsé louanj ou.

Apré sa yo di psòm 94 (95), 541, avèk réfrin li-a, nan fason réponsorial. Yo propozé réfrin-an tousuit épi yo répété-l, épi yo réprann li ankò apré chak stròf.

Lè sé yon moun pou kont li k-ap résité-l, li kapab di réfrin-an sèlman nan kòmansman psòm nan, ni sa pa nésésè pou-l répété-l apré chak stròf.

Réfrin pou Invitatoua-a nan solanité yo ak fèt yo, yo jouinn li nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, imn nan, sof si gin youn ki pròp, yo pran-l jan yo vlé soua nan Komin-an soua nan jou lasémèn nan.

Pou Ofis dimanch épi jou lasémèn tan Pask la, dépi lindi anndan oktav Pak la jous nan Asansion inklizivman:

Granmèt la té résisité réyèlman vré, alélouya.

Nan jou ant Asansion Granmèt la ak dimanch Pantkot:

Kris la Granmèt la, ki té promèt nou Éspri-Sin-an, vini, an nou adoré-l, alélouya.

Psòm 94 (95)

Invitasion pou louanj Bondié

Sé pou nou ankourajé tèt nou, chak jou, toutotan yo kapab di « jodi-a »
(Ébr 3, 13).

Yo prézanté réfrin-an épi yo répété-l

- ¹ Vini, an nou fété pou Granmèt la ;
an nou fè fèt pou Bondié sovè nou-an.
- ² An nou proché dévan fas li avèk louanj,
avèk kantik, an nou fè fèt pou li.
(Yo répété réfrin-an)
- ³ Paské sé Bondié ki gran Granmèt la yé,
yon roua ki gran anlè tout dié yo.
- ⁴ Sèké bafon tè-a sé nan min-l yo yé,
rotè mòn yo sé pou li.
- ⁵ Paské sé pou li lanmè-a yé, sé li minm ki fè-l,
tè sèk la, sé min-l yo ki fòmé-l.
(Yo répété réfrin-an)
- ⁶ Vini, an nou adoré-l, an nou bésé atè,
an nou ajénou dévan Granmèt la ki fè nou-an,
- ⁷ sèké sé li minm ki Bondié nou,
nou sé pèp pak li ak mouton min-l.
(Yo répété réfrin-an)
- ⁸ Si jodi-a nou té kapab tandé voua-l :
« Pa fèmin kè nou,
- ⁹ tankou nan Mériba, dapré jou Masa nan dézè-a,
koté papa nou yo té tanté-m nan :
yo té chèché-m kont, malgré yo té ouè travay mouin yo.
(Yo répété réfrin-an)
- ¹⁰ Pandan karantan jénérasion sa-a dégouté-m, *
mouin té di : Pèp la, kè yo pèdi chémin.
- ¹¹ Yo minm yo pa-t konnin chémin-m yo ;
sé poua mouin té fè sèman nan kòlè-m nan :
Yo pap antré nan répo-m nan ».
(Yo répété réfrin-an)
- Viv Papa-a, ak Pitit la, ak Éspri-Sin-an. [Gloua pou Papa-a, ak Pitit la...]
Tankou nan kòmansman, ni koulié-a, ni tout tan,
ak pou tout tan gin tan. Amèn.
(Yo répété réfrin-an)

Nan plas psòm 94 (95), yo kapab anplouayé psòm 99 (100), 653, oubyin 66 (67), 734, oubyin 23 (24), 608, si psòm sa yo déjà la nan Ofis k-ap fèt la, nan plas yo y-ap di psòm 94 (95).

Psòm nan avèk réfrin li-an, dapré sikonstans, yo kapab pa fè-l lè yo doué mété Invitatoua-a anvan Louanj yo nan matin.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin,

R/. Granmèt, fè vit, poté-m sékou.

Viv Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an. [Gloua pou Papa-a, ak Pitit la...]
 Tankou nan kòmansman, ni koulié-a, ni tout tan
 ak pou tout tan gin tan. Amèn. Alélouya.

Tout sa yo sot di la-a yo siprimé yo lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN

Apré sa, tousuit, yo di Imn ki korésponn nan.

Pou Ofis soua dimanch soua jou sémèn, yo indiké Imn nan o kòmansman tan-an.

Pou solanité yo ak fèt yo, y-ap jouinn imn nan nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, imn nan, sof si gin youn ki pròp, yo pran-l jan yo vlé soua nan Komin-an soua nan jou lasémèn nan.

PSÒM YO

Apré imn nan, sé psòm yo ki suiv koté gin toua psòm oubyin moso psòm, yo di yo avèk réfrin ki korésponn yo.

Pou jou anndan oktav Pak la, épitou solanité yo ak fèt yo, psòm yo ak réfrin yo pròp.

Pou dimanch yo minm ak jou lasémèn yo, yo pran psòm yo ak réfrin yo nan Déroulman psòm yo ki korésponn nan. Dimanch Pak yo gin pròp réfrin yo ki nan minm plas la.

Pou mémoua Sin yo, minm jan-an, sé nan Déroulman psòm yo ki korésponn nan yo pran psòm yo avèk réfrin yo, sof si pétèt t-a gin psòm oubyin réfrin ki pròp.

VÈSÈ-A

Anvan léktu yo gin yon vèsè pou yo di, ki fè priyè-a pasé sot nan psòm yo al nan kouté paròl Bondié-a. Yo indiké vèsè sa-a anvan premié léktu-a.

LÉKTU YO

Sé dé léktu ki pou ginyin. Premié-a sé yon léktu bibliik avèk répons li, dapré sa Ofis y-ap fè-a mandé, épi yo pran-l nan Pròp pou Tan-an, sof nan solanité yo ak fèt yo, koté yo pran yo nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Dézièm léktu-a gin rapò ak lavi sin-an nan sélébrasion Sin yo, kit sé solanité, kit sé fèt, kit sé mémoua. Nan lòt Ofis yo, dézièm léktu-a sé nan travay Pèr-Égliz yo oubyin Ékrivin ékléziastik yo, épi yo pran yo soua nan liv Litiji Lè yo, minm koté léktu bibliik la yé-a, soua nan Léksionè ochoua-a. Yon répons ki korésponn suiv léktu-a.

IMN *TE DEUM*

Nan jou anndan oktav Pak la, dimanch Pak yo, nan solanité yo ak fèt yo, apré dézièm léktu-a ak répons li, yo di imn sa-a ki suiv la-a:

Te Deum laudamus : * te Dominum confitemur.

Te aeternum Patrem, * omnis terra veneratur.

Tibi omnes angeli,

* tibi caeli et universae potestates:

tibi cherubim et seraphim *
incessabili voce proclamant:
Sanctus, * Sanctus, * Sanctus *
Dominus Deus Sabaoth.
Pleni sunt caeli et terra * maiestatis gloriae tuae.

Te gloriosus * Apostolorum chorus,
te prophetarum * laudabilis numerus,
te martyrum candidatus * laudat exercitus.
Te per orbem terrarum *
sancta confitetur Ecclesia,
Patrem * immensae maiestatis;
venerandum tuum verum * et unicum Filium;
Sanctum quoque * Paraclitum Spiritum.

Tu rex gloriae, * Christe.
Tu Patris * sempiternus es Filius.
Tu, ad liberandum suscepturus hominem, *
non horruisti Virginis uterum.
Tu, devicto mortis aculeo, *
aperuisti credentibus regna caelorum.
Tu ad dexteram Dei sedes, * in gloria Patris.
Iudex crederis * esse venturus.
Te ergo quaesumus, tuis famulis subveni, *
quos pretioso sanguine redemisti.
Aeterna fac cum sanctis tuis * in gloria numerari.

¶ Salvum fac populum tuum, Domine, *
et benedic hereditati tuae.
Et rege eos, * et extolle illos usque in aeternum.
Per singulos dies * benedicimus te;

et laudamus nomen tuum in saeculum, *
et in saeculum saeculi.


Dignare, Domine, die isto *
sine peccato nos custodire.

Miserere nostri, Domine, * miserere nostri.
Fiat misericordia tua, Domine, super nos, *
quemadmodum speravimus in te.

In te, Domine, speravi: *
non confundar in aeternum.

¶ Haec ultima pars hymni ad libitum omitti potest:


HYMNUS TE DEUM




[III] Te De-um laudámus: * te Dóminum confi-témur. Te




æ-térnum Patrem, omnis terra vene-rá-tur. Ti-bi omnes




ánge-li, ti-bi cæ-li et uni-vérsæ po-testá-tes: Ti-bi ché-




rubim et sé-raphim incessá-bi-li voce proclámant: Sanc-




tus, Sanctus, Sanctus, Dóminus De-us Sába-oth. Pleni




sunt cæ-li et terra ma-iestá-tis gló-ri-æ tu-æ. Te glo-ri-



ósus Apосто-lórum cho-rus. Te prophe-tá-rum laudábi-




lis núme-rus. Te mártýrum candidátus laudat exércitus.



Te per orbem terrá-rum sancta confi-té-tur Ecclé-si-a,




Pa-trem imménsæ ma-iestá-tis; Ve-ne-rándum tu-um ve-



rum et ú-nicum Fí-li-um; Sanctum quoque Pa-rácli-tum




Spí-ri-tum. Tu rex gló-ri-æ, Christe. Tu Patris sempí-




térnus es Fí-li-us. Tu, ad li-be-rándum susceptúrus hó-



mí-nem, non horru-ísti Vírgi-nis ú-te-rum. Tu, devícto




mortis acú-le o, aperu- ísti credéntibus regna cæ-lórum.




Tu ad dèxte-ram De- i se-des in gló-ri- a Patris. Iudex



cré-de-ris esse ventúrus. Te ergo quæsumus, tu- is fá-mu-




lis súbveni, quos pre-ti- óso sánguine redemísti. Æ-tér-




na fac cum sanctis tu- is in gló-ri- a nume-rá- ri.

Hæc ultima pars hymni ad libitum omitti potest:




Salvum fac pópu-lum tu- um, Dómine, et bé-ne-dic he-




re-di-tá-ti tu- æ. Et re-ge e- os, et ex-tól-le



il-los us-que in æ-tér- num. Per síngu-los di- es, benedí-




cimus te; Et laudámus nomen tu-um in sácu-lum et in




sácu-lum sácu-li. Digná-re, Dómine, di-e isto si-ne




peccá-to nos custo-dí-re. Mi-se-ré-re nostri, Dómine, mise-



ré-re nostri. Fi-at mi-se-ri-córdi-a tu-a, Dómine, super



nos quemádmódum spe-rá-vimus in te. In te, Dómine,



spe-rá-vi: non confúndar in æ-tér-num.

IMN « OU MINM BONDIÉ N-AP FÈ LOUANJ OU »

Ou minm Bondié n-ap fè louanj ou :
 ou minm Granmèt n-ap déklaré rékonèt ou.

Ou minm, Papa pou tout tan-an,
 tout tè-a ap vénéré-ou.

Pou ou, tout anj yo,
 pou ou, sièl yo épi tout puisans yo :
 pou ou, chéribin yo ak sérafin yo
 ak voua ki pa sispann ap proklamé :

Sin,

Sin,

Sin, Granmèt Bondié lamé yo.

Sièl yo ak tè-a plin ak grandè gloua-ou la.

Ou minm, troup Apot yo ki nan gloua-a,
 ou minm, kantité profèt yo ki mérité louanj la,
 ou minm, lamé mati yo ki tou blan-an
 ap fè louanj ou.

Ou minm, sou ronnn tè yo
 Égliz la ki sin-an ak déklaré rékonèt-ou,
 Papa grandè san limit la ;
 vérité ak sèl Pitit ou-a ki mérité yo vénéré-l la ;
 Sint-Éspri Paraklè-a tou.

Ou minm, roua gloua-a, Kris la,
 ou minm ou sèl Pitit Papa pou tout tan-an,
 ou minm, ki té gin pou pran moun nan pou libéré-l,
 ou pa-t pè zantray Vièj la.

Ou minm, ki té ranpòté viktoua sou pikèt lanmò-a,
 ou té louvri péyi-roua sièl yo bay moun yo ki kouè yo.

Ou minm ki chita adouat Bondié nan gloua Papa-a,
sé jij yo kouè ou yé ki gin pou vini-an.

Ou minm konsa tanpri, vîn édé sèvitè-ou yo,
yo minm ou té rachté ak san ki gin anpil valè-a.
Fè yo konté yo
avèk sin-ou yo nan gloua tout tan-an.

¶ Sové, pèp ou-a, Granmèt,
épi béni éritaj ou-a.
Épi sé pou kòmandé yo kòm roua
épi lévé pou tout tan.
Chak jou n-ap béni-ou ;
épi n-ap fè louanj pou non-ou nan sièk ak nan sièk sièk la.
Aksépté, Granmèt, jou sa-a,
san péché pou-ou véyé sou nou.
Pran pitié pou nou, Granmèt,
pran pitié pou nou.
Sé pou mizérikòd ou-a, Granmèt, sou nou
tankou nou té espéré nan ou-a.
Nan ou, Granmèt, mouin té espéré :
mouin pap ront pou tout tan.

¶ Dènié pati sa-a nan imn nan, si yo vlé, yo kapab pa di-l:

PRIYÈ FINAL LA

Apré imn *Te Deum* nan oubyin, si yo pa ginyin-l la-a, apré dézièm répons la, yo di priyè final la, sa yo pran soua nan Pròp pou Tan-an soua nan Pròp oubyin Komin Sin yo, dapré diféran Ofis yo.

Anvan priyè-a yo mété invitation An nou lapriyè-a épi yo ajouté konklizyon ki koréponn nan, sa vlé di:

Si priyè-a adrésé bay Papa-a:

Pa pouvoua Jézu-Kri, Granmèt nou, Pitit ou, li vivan, li roua, li Bondié, ansanm avèk ou, ansanm avèk Éspri-Sin-an, dépi tout tan é pou tout tan.

Si li adrésé bay Papa-a min alafin yo mansoné Pitit la:

Li minm ki vivan, ki roua, ki Bondié, ansanm avèk ou, ansanm avèk Éspri-Sin-an, dépi tout tan é pou tout tan.

Si li adrésé bay Pitit la:

Ou minm ki vivan, ki roua, ki Bondié, ansanm ak Papa-a, ansanm avèk Éspri-Sin-an, dépi tout tan é pou tout tan.

Épi yo réponn:

Amèn.

Apré sa, omouin nan sélébrasion an komin-an, yo ajouté aklamasion-an:

An nou fè louanj pou Granmèt la. [An nou béni Granmèt la.]

R/. N-ap di Bondié mèsì.

¶ Nan sélébrasion prolonjé vijil dimanch yo ak solanité yo, anvan immn *Te Deum* nan yo di kantik yo épi yo li Évanjil la, jan sa indiké nan Apindis la, 1527.

Si yo di Ofis léktu-a tousuit anvan yon lòt Lè, nan ka sa-a anvan kòmansman Ofis léktu-a yo kapab mété immn ki korésponn ak Lè-a ; apré sa, alafin yo siprimé priyè-a ak aklamasion-an, épi nan kòmansman Lè ki suiv la yo siprimé vèsè introdiksion-an avèk Viv Papa-a.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin,

R/. Granmèt, fè vit, poté-m sékou.

Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Yo siprimé tout sa, lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN

Apré sa, tousuit, yo di Imn ki korésponn nan.

Pou Ofis soua dimanch soua jou lasémèn, épitou nan jou anndan oktav Pak la, yo indiké Imn nan o kòmansman tan-an.

Pou Tridiòm paskal la, solanité yo ak fèt yo, y-ap jouinn imn nan nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, imn nan, sof si gin youn ki pròp, yo pran-l jan yo vlé soua nan Komin-an soua nan jou lasémèn nan.

PSÒM YO

Apré imn nan, sé psòm yo ki suiv koté gin yon psòm pou matin, apré sa yon kantik sot nan Ansyin Téstaman-an épi yon lòt psòm louanj, yo di yo avèk réfrin ki korésponn yo.

Pou Ofis dimanch yo ak jou lasémèn yo, yo di psòm yo ak kantik la nan Déroulman psòm yo avèk réfrin yo. Min dimanch tan Pak la, épitou jou lasémèn tan Pak la gin pròp réfrin yo.

Pou jou anndan oktav Pak la, solanité yo ak fèt yo, yo pran psòm yo ak kantik la nan dimanch premié sémèn Distribision psòm yo, min réfrin yo sé nan Pròp la oubyin Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, psòm yo, kantik la épi réfrin yo sé nan jou lasémèn k-ap déroulé-a, sof si pétèt t-a gin psòm oubyin réfrin ki pròp.

Lè yo fin priyé psòm yo, yo fè léktu-a, soua kout, soua pi long.

LÉKTU KOUT

Pou Ofis dimanch ak jou lasémèn nan tan Pak la, yo mété léktu kout la nan Pròp pou Tan-an.

Pou solanité yo ak fèt yo, gin léktu kout la nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, léktu kout la, sof si t-a gin youn ki pròp, yo pran-l si yo vlé soua nan Komin-an soua nan jou lasémèn nan.

LÉKTU PI LONG

Min si yo vlé, épi sitou nan sélébrasion avèk pèp la, yo kapab chouazi yon léktu ki pi long dapré régléman n. 46 nan Dispozision jénéral la.

Nan sélébrasion ak pèp la, lè sa konvnab, yo kapab ajouté yon oméli kout pou ékspliké léktu yo sot di-a.

RÉPONS POU PARÒL BONDIÉ-A

Apré léktu-a oubyin oméli-a, lè sa konvnab, yo kapab obsèvé kèk moman silans.

An plis yo prezanté yon chan réponsorial oubyin yon répons kout, yo jouinn minm koté ak léktu kout la.

Poutan yo kapab mété nan plas li kèk lòt chan ki gin minm karaktè-a, dépi Konfèrans Évèk yo aprouvé yo pou sa.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 1, 68-79

Apré sa, yo di kantik évanjélik-la ki suiv la avèk réfrin ki koréspon li-an.

Réfrin pou *Benedictus*-la yo pran-l nan Pròp la. Min pou sélébrasion Sin yo, si pa gin ki pròp, yo pran-l nan Komin-an; pou mémoua yo minm, yo kapab pran-l tou si yo vlé nan jou lasémèn nan ki tonbé-a.

Osijè Mési-a ak moun k-ap vini anvan-l nan

- ⁶⁸ *Li béni, Granmèt la, Bondié Israèl la, **
 paské li té vizité pèp li-a, li té rachté-l,
⁶⁹ li té drésé yon kòn pou sovè nou *
 nan kay David sèvitè-l la,
⁷⁰ jan-l té palé nan bouch sin yo, *

- ki té la dépi sièk yo, profèt li yo,
 71 sové li sové nou sot nan min ènmi nou yo *
 ak nan min tout moun ki rayi nou yo ;
 72 pou-l fè mizérikòd avèk papa nou yo, *
 pou-l fè sonjé aliens li-a ki sin-an,
 73 sèman-an li té sèmanté bay Abraam papa nou-an, *
 pou-l té fè nou favè,
 74 pou antan nou libéré sot nan min ènmi nou yo, *
 nou sèvi-l san nou pa bézouin pè
 75 antan nou sin, nou kòrèk dévan-l *
 pandan tout jou nou yo.
 76 Kanta ou minm, ti pitit, y-ap rélé-ou profèt Sa-a ki Anro nèt la : *
 sé ou minm k-ap maché *dévan fas Granmèt la*
pou-ou paré rout li yo,
 77 pou-ou bay pèp li-a konésans sové li sové-a, *
 pou padon péché-l yo,
 78 gras a zantray mizérikòd Bondié nou-an, *
 sé nan yo solèy lévé-a ap vîn vizité nou sot anro-a,
 79 *l-ap kléré moun ki chita nan fènoua ak lonbraj lanmò,* *
 pou-l dirijé pié nou yo nan chémin lapè-a.
 Viv Papa-a ak Pitit la, * [Gloua pou Papa-a, ak Pitit la...]
 ak Éspri-Sin-an.
 Tankou nan kòmansman, ni koulié-a, ni tout tan, *
 ak pou tout tan gin tan. Amèn.

Vèsè sa-a Viv Papa-a [Gloua pou Papa-a] yo di-l alafin tout kantik yo, sof si yo t-a indiké otréman.

Épi yo répété réfrin-an abituèlman.

PRİYÈ YO POU KONSAGRÉ JOU-A AK TRAVAY LA BAY GRANMÈT LA

Lè yo fini kantik la, yo fè priyè yo.

Pou Ofis dimanch épi jou lasémèn nan, y-ap jouinn priyè yo nan Pròp pou Tan-an.

Pou jou anndan oktav Pak la, épitou pou solanité yo ak fèt yo, priyè yo nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, yo pran priyè yo, si yo vlé, soua nan Komin-an soua nan jou sémèn nan.

Apré priyè yo sot indiké yo, tout moun di Priyè Granmèt la [Papa nou], antan yo mété anvan, si sa konvnab, yon avètisman kout, tankou nan Apindis la, 1564.

Papa nou ki nan sièl la,
 sé pou yo réspékté non ou,
 sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,
 sé pou volonté-ou fet sou tè-a tankou nan sièl la.
 Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a;
 padonnin sa nou fè-ou
 tankou nou padonnin moun ki fè nou kichòy.
 Pa kité nou pran nan pièj
 min délivré nou ak sa ki mal.

Tousuit apré Papa nou-an, san yo pa di An nou lapriyè, yo di priyè final la, sa y-ap jouinn nan Pròp la épi y-ap fè konklizyon-l nan fason yo té indiké pi ro-a, 552.

Apré sa, si sé yon prèt oubyin yon diak k-ap présidè, l-ap ranvouayé pèp la, antan-l di:

Granmèt la avèk nou tout.

R/. É avèk ou minm tou.

Bondié ki gin tout pouvoua Papa-a ak Pitit-la ak Éspri-Sin-an
 béni nou byin béni.

R/. Amèn.

Oubyin yon lòt fòmul bédiksion, tankou nan Mès la (cf. Apindis, 1565).
 Épi, si yo fè ranvoua-a, invitasion sa-a suiv:

Alé ak kè kontan.

R/. Mèsi, Bondié, mèsi.

Dépi dimanch Réziréksion-an jous nan dézièm dimanch Pak la inklizivman:

Alé ak kè kontan, alélouya, alélouya.

R/. Mèsi Bondié, alélouya, alélouya.

Si pa gin ni prèt ni diak ki prézan, épi lè sé yon sèl moun k-ap priyé-a, yo fè konklizyon-an konsa:

Sé pou Granmèt la béni nou, sé pou-l défann nou anba tout mal, sé pou-l fè nou rivé nan lavi ki pap janm fini-an. **R/.** Amèn.

Pou Tièrs, Sèkst épi Nòn sètadi pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin,

R/. Granmèt, fè vit, poté-m sékou.

Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Apré sa yo di inm ki korésponn nan, jan sa indiké nan kòmansman chak tan.

Yo pa fè anyin nan Lè sa yo osijè mémoua Sin yo.

PSÒM YO

Apré inm nan yo fè psòm yo avèk réfrin ki korésponn yo.

Gin dé séri psòm yo propozé nan Déroulman psòm yo: youn pou jou k-ap déroulé-a, yon lòt ki konplémentè.

Psòm pou jou k-ap déroulé-a gin toua psòm oubyin moso psòm nan Déroulman psòm yo.

Psòm konplémantè yo gin psòm ki pa chanjé, yo chouazi yo nan sa yo rélé graduèl yo, 1007.

Moun k-ap di yon sèl Lè, li pran psòm yo nan Déroulman jou-a, minm pou fèt yo.

Moun k-ap di pliziè Lè, nan yon Lè li pran psòm yo nan Déroulman jou-a, nan lòt Lè yo li plan nan konplémantè-a.

Pou solanité yo y-ap di psòm yo nan konplémantè-a pou toua Lè yo. Min si sé jou dimanch yo rivé, y-ap pran psòm yo nan dimanch premié sémèn nan, 582.

Pou jou yo anndan oktav Pak la, épitou pou kèk solanité Grammèt la yo prezanté psòm spésial.

Konsa tou nan solanité yo, gin réfrin pròp.

Andéyò solanité yo, y-ap pran réfrin yo nan tan k-ap déroulé-a.

LÉKTU KOUT

Apré psòm yo, sé léktu kout la yo fè.

Pou Ofis dimanch ak jou lasémèn tan Pak la, yo mété léktu kout la nan Pròp pou Tan-an.

Pou solanité yo minm épi fèt yo, y-ap jouinn léktu kout la nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Apré léktu kout la, jan sa konvnab, yo kapab obsèvé kèk moman silans. An plis, yo ofri yon répons ki kout anpil oubyin vèsè, yo indiké minm koté ak léktu kout la.

PRIYÈ FINAL LA

Apré sa yo di priyè ki pròp pou jou-a, anvan-l yo mété invtasion An nou lapriyè-a épi yo ajouté konklizyon ki korésponn nan, sa vlé di:

Si priyè-a adrésé bay Papa-a:

Pa pouvoua Jézu-Kri, Grammèt nou-an.

Si li adrésé bay Papa-a min alafin yo mansoné Pitit la:

Li minm ki vivan, ki roua, dépi tout tan é pou tout tan.

Si li adrésé bay Pitit la:

Ou minm ki vivan é ki roua, dépi tout tan é pou tout tan.

Épi yo réponn:

Amèn.

Apré sa, sof nan sélébrasion an komin, yo ajouté aklamasyon-an:

An nou béni Granmèt la.

R/. N-ap di Bondié mèsi.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin,

R/. Granmèt, fè vit, poté-m sékou.

Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

HYMNUS

Apré sa, yo di Imn ki koréponn nan.

Pou Ofis dimanch ak jou lasémèn, épitou nan jou anndan oktav Pak la, yo indiké Imn nan o kòmansman tan-an.

Pou solanité yo ak fèt yo, y-ap jouinn imn nan nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, imn nan, sof si gin youn ki pròp, yo pran-l jan yo vlé soua nan Komin-an soua nan jou sémèn nan.

PSÒM YO

Apré imn nan, sé psòm yo ki suiv koté gin dé psòm oubyin moso psòm, épi yon kantik sot nan Nouvo Téstaman-an, yo di yo avèk réfrin ki koréponn yo.

Pou Ofis dimanch yo ak jou lasémèn yo, yo di psòm yo ak kantik la nan Déroulman psòm yo, avèk réfrin yo. Min dimanch tan Pak la, épitou jou lasémèn tan Pak la, yo gin pròp réfrin yo.

Pou jou anndan oktav Pak la, pou solanité yo ak fèt yo, yo pran psòm yo, kantik la ak réfrin yo nan Pròp la oubyin Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, psòm yo, kantik la épi réfrin yo sé nan jou sémèn k-ap déroulé-a, sof si pétèt t-a gin psòm oubyin réfrin ki pròp.

Lè yo fin priyé psòm yo, yo fè léktu-a, soua kout, soua pi long.

LÉKTU KOUT

Pou Ofis dimanch ak jou lasémèn tan Pak la, yo mété léktu kout la nan Pròp pou Tan-an.

Pou solanité yo ak fèt yo, gin léktu kout la nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, léktu kout la, sof si t-a gin youn ki pròp, yo pran-l si yo vlé soua nan Komin-an soua nan jou lasémèn nan.

LÉKTU PI LONG

Min si yo vlé, épi sitou nan sélébrasion avèk pèp la, yo kapab chouazi yon léktu ki pi long dapré régléman n. 46 nan Dispozision jénéral la.

Nan sélébrasion ak pèp la, lè sa konvnab, yo kapab ajouté yon oméli kout pou ékspliké léktu yo sot di-a.

RÉPONS POU PARÒL BONDIÉ-A

Apré léktu-a oubyin oméli-a, lè sa konvnab, yo kapab obsèvé kèk moman silans.

An plis yo prezanté yon chan réponsorial oubyin yon répons kout, yo jouinn minm koté ak léktu kout la.

Poutan yo kapab mété nan plas li kèk lòt chan ki gin minm karaktè-a, dépi Konfèrans Évèk yo aprouvé yo pou sa.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 1, 46-55

Apré sa, yo di kantik évanjélik-la ki suiv la avèk réfrin ki korèspon li-an.

Réfrin pou *Magnificat*-la yo pran-l nan Pròp la. Min pou sélébrasion Sin yo, si pa gin youn ki pròp, yo pran-l nan Komin-an; pou mémoua yo minm, yo kapab pran-l tou si yo vlé nan jou sémèn nan ki tonbé-a.

Nanm nan ap fété nan Granmèt la

- 46 *Nanm mouin ap chanté **
 jan *Granmèt la gran,*
- 47 *léspri-m ap fété **
 nan Bondié ki sové-m nan,
- 48 *paské li té konsidéré rabésman sèvant li-a. **
 Réyèlman dépi koulié-a tout jénérasyon ap di
 ala kontantman pou mouin,
- 49 *paské li té fè gran mèvèy pou mouin, sa-a ki gin pouvoua-a, **
 épi non li sin,
- 50 *mizérikòd li sot nan jénérasyon al nan jénérasyon **
 pou moun ki krinn li yo.
- 51 *Li té mété fòs nan bra-l, **
 li té gayé sa-k t-ap fè grandizè nan kè yo-a ;
- 52 *li té dépozé sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, **
 épi li té lévé sa-k rabésé yo anlè ;
- 53 *li té plin moun ki grangou yo ak byin, **
 li té voyé rich yo alé min vid.
- 54 *Li té poté Israèl, sèvitè-l, sékou, **
 li té sonjé mizérikòd la,
- 55 *jan-l té palé ak papa nou yo, **
 Abraam ak désandans li pou tout tan.
 Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.

Épi yo répété réfrin-an abituèlman.

PRIYÈ YO SÈTADI INTÈSÉSION YO

Lè yo fini kantik la, yo fè priyè yo sètadi intèsésion yo.

Pour Ofis dimanch épi jou lasémèn nan, y-ap jouinn priyè yo nan Pròp pou Tan-an.

Pou solanité yo ak fèt yo, priyè yo nan Pròp la oubyin nan Komin-an.

Pou mémoua Sin yo, yo pran priyè yo, si yo vlé, soua nan Komin-an soua nan jou lasémèn nan, sof si gin sa ki pròp.

Apré priyè yo sot indiké yo, tout moun di Priyè Granmèt la [Papa nou-an], antan yo mété anvan, si sa konvnab, yon avètisman kout, tankou nan Apindis la, 1564.

Papa nou ki nan sièl la,
 sé pou yo réspékté non ou,
 sé pou yo rékonèt sé ou ki roua,
 sé pou volonté-ou fèt sou tè-a tankou nan sièl la.
 Pin nou bézouin chak jou-a, ba nou li jodi-a;
 padonnin sa nou fè-ou
 tankou nou padonnin moun ki fè nou kichòy.
 Pa kité nou pran nan pièj
 min délivré nou ak sa ki mal.

Tousuit apré Papa nou-an, san yo pa di An nou lapriyè, yo di priyè final la, sa y-ap jouinn nan Pròp la épi y-ap fè konklizion-l nan fason yo té indiké pi ro-a, 552.

Apré sa, si sé yon prèt oubyin yon diak k-ap présidé, l-ap ranvouayé pèp la, antan-l di:

Granmèt la avèk nou tout.

R/. É avèk ou minm tou.

Bondié ki gin tout pouvoua Papa-a ak Pitit-la ak Éspri-Sin-an
béni nou byin béni.

R/. Amèn.

Oubyin yon lòt fòmul bénédiksyon, tankou nan Mès la (cf. Apindis, 1565).

Épi, si yo fè ranvoua-a, invitasyon sa-a suiv:

Alé ak kè kontan.

R/. Mèsi, Bondié, mèsi.

Dépi dimanch Rézireksyon-an jous nan dézièm dimanch Pak la inklizivman,
épitou pou dézièm Vèp dimanch Pantkot:

Alé ak kè kontan, alélouya, alélouya.

R/. Mèsi Bondié, alélouya, alélouya.

Si pa gin ni prèt ni diak ki prézan, épi lè sé yon sèl moun k-ap priyé-a, yo
konkli konsa:

Sé pou Granmèt la béni nou, sé pou-l défann nou anba tout mal, sé
pou-l fè nou rivé nan lavi ki pap janm fini-an. **R/.** Amèn.

Pou Konpli

V/. Bondié, vîn édé mouin,

R/. Granmèt, fè vit, poté-m sékou.

Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Apré sa, li bon pou fè égzamin konsians la, nan sélébrasion an komin-an yo kapab mété-l nan yon akt pénitansièl, dapré fòmul yo anplouayé nan Mès la (cf. Apindis, 1572).

IMN (*Iesu, redemptor sæculi*)

Jézu, ou minm rédanmtè sièk la,
Paròl Papa-a ki anro nèt la,
limiè ki sot nan limiè yo pa ouè-a,
k-ap véyé moun pa-ou yo tout nannuit la:

Ou minm ki fè tout bagay,
épi ki séparé tan yo,
kò nou fatigé avèk travay la,
réfè-l avèk répo nannuit la.

Ou minm ki krazé bafon ki pi ba-a,
délivré nou sot nan min ènmi-an
pou-l pa rivé tronpé
sa yo ou rachté ak san-ou nan.

Konsa, pandan n-ap rété yon ti moman
avèk kò-a ki fatigé-a,
fè chè nou dòmi yon fason
pou léspri nou pa angoudi.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou ki ranpòté viktoua sou lanmò-a,
avèk Papa-a ak Éspri rékonfò-a,
nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Apré premié Vèp dimanch yo ak solanité yo, y-ap di psòm 4 épi 133 (134), 984; apré dézièm Vèp yo, psòm 90 (91), 987. Yo kapab di youn ou lòt nan Konpli dimanch la tou anndan oktav Pak la.

Lòt jou yo, y-ap jouinn psòm yo ak réfrin yo nan Déroulman psòm yo. Yo pèmèt poutan pou yo réprann youn ou lòt nan Konpli dimanch yo.

LÉKTU KOUT

Apré psòm yo yo fè léktu kout la, sa yo pran minm koté psòm yo yé-a nan Déroulman psòm yo. Apré sa sé répons kout la ki vini.

RÉPONS KOUT

R/. Nan min-ou yo, Granmèt, mouin rinmèt éspri mouin. * Alélouya, alélouya. Nan min-ou yo.

V/. Ou té rachté nou, Granmèt, Bondié vérité. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Nan min-ou yo.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 2, 29-32

Apré sa yo di kantik la:

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè, alélouya.

Kris la, limiè nasion yo ak gloua Israël

²⁹ Koulié-a, Granmèt, ou mèt kité sèvitè-ou la pati, *

dapré paròl ou-a, nan lapè,

³⁰ paské jé-m yo té ouè *

sové ou-ap sové nou-an,
 31 sa-ou té préparé-a *
 dévan fas tout pèp yo,
 32 limiè pou révélasion nasion yo, *
 épi gloua Israèl, pèp ou-a.
 Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.

Épi yo répété réfrin-an abituèlman.

PRIYÈ FINAL LA

Apré sa yo di priyè-a tankou nan Distribision psòm yo, antan yo mété anvan invitasion An nou lapriyè-a. Épi yo réponn Amèn.

Apré, minm si sé yon sèl moun k-ap priyé, yo di bédiksion-an:

Sé pou Granmèt la ki gin tout pouvoua-a fè nou favè pou nou pasé yon nuit trankil koulié-a, épi pou nou rivé nan dènié dégré rinmin-an lè n-ap mourir.

[Sé pou Granmèt la ki gin tout pouvoua-a pèmèt nou pasé yon nuit trankil épi rivé nan finisman ki bon nèt la.]

R/. Amèn.

Dènié réfrin an lonè Sint Vièj Mari

Apré sa, yo di:
 (*Regina caeli, laetare*)

Regina caeli, laetare, alleluia.
 Quia quem meruisti portare, alleluia.
 Resurrexit, sicut dixit, alleluia.
 Ora pro nobis Deum, alleluia.

Rèn sièl la, fè kè-ou kontan, alélouya,
paské Sila-a ou té mérité poté-a, alélouya,
li lévé vivan jan-l té di-a, alélouya,
lapriyè Bondié pou nou, alélouya.

Oubyin kèk lòt réfrin Konfèrans Évèk yo aksépté.

DISTRIBISION PSÒM AK KANTIK YO SOU KAT SÉMÈN

Ronn kat sémèn Psòm ak Kantik yo rataché ak ané litijik la yon fason pou, apré oktav Pak la fini, apati lindi apré dézièm dimanch Pak la yo réprann dézièm sémèn Distribision psòm yo.

Sign – sa-a anba yon kolòn indiké stròf psòm nan fini.

SÉMÈN I DIMANCH

Pou prémié Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Sinkièm dimanch Pak: Mouin lévé min-m yo tankou sakrifis nan asouè-a, alélouya.

Psòm 140 (141), 1-9 Priyè nan danjè yo

Épi lafimin lansan yo monté sot nan priyè sin yo sot nan min anj la, dévan Bondié (Ap 8, 4).

- ¹ Granmèt, mouin rélé koté-ou, fè vit vîn koté-m ; *
kouté voua-m, lè-m rélé koté-ou la.
- ² Sé pou priyè-m nan dirijé
tankou lansan dévan fas ou, *
min-m yo k-ap lévé-a
tankou sakrifis asouè-a.
- ³ Mété yon bariè nan bouch mouin, Granmèt, *
ak santinèl nan pòtay po bouch mouin yo.
- ⁴ Pa kitè-m panché kè-m nan mové paròl, *
pou-m fè konbinézon tranzaksion nan krim,
ansanm ak moun k-ap fè injistis yo ; *

- épi mouin pap manjé nan résépsion yo.
- 5 Sé pou moun ki kòrèk la frapé-m nan mizérikòd,
sé pou-l korijé-m ; †
luil péchè yo minm pa doué grésé tèt mouin, *
paské m-ap kontinué priyè-m nan nan méchansté yo-a.
- 6 Y-ap jété jij yo anba nan min ki rèd, *
y-ap tandé paròl mouin yo, paské yo gin bon sans.
- 7 Tankou lè y-ap koupé, lè y-ap fann boua sou tè-a, *
sé pou zo yo gayé sou bouch bafon yo.
- 8 Paské sé koté-ou, Granmèt, Granmèt, jé-m yo fiksé ; *
koté-ou mouin kaché, pa vidé nanm mouin.
- 9 Protéjé-m sot nan pièj yo paré pou mouin-an, *
sot nan konplo moun k-ap fè krim yo.
- Viv Papa-a, ak Pitit la, ak Éspri-Sin-an. [Gloua pou Papa-a, ak Pitit la...]
Tankou nan kòmansman, ni koulié-a, ni tout tan,
ak pou tout tan gin tan. Amèn.

Vèsè Viv Papa-a [Gloua pou Papa-a] sa-a nòmalmàn yo di-l alafin tout psòm
yo ak kantik yo, sof si yo t-a indiké otréman.

Sinkième dimanch Pak: Réf. Mouin lévé min-m yo tankou sakrifis nan
asouè-a, alélouya.

Réfrin 2

Sinkième dimanch Pak: Ou té ouété nanm mouin sot nan prizon pou-m
fè déklarasion pou non-ou, alélouya.

Psòm 141 (142) Ou sé kachèt mouin

Tout bagay sa yo réalizé nan Granmèt la nan tan soufrans li-a (S. Ilèr).

- 2 Avèk voua-m kot Granmèt la mouin rélé, *
avèk voua-m kot Granmèt la mouin priyé ;
- 3 mouin vidé plint mouin dévan-l, *
épi tribilasion mouin,
dévan-l mouin fè konnin-l.
- 4 Pandan éspri-m t-ap fébli nan mouin, *
ou té konnin santié-m yo.
Nan chémin-an, koté m-t-ap maché-a, *
yo té kaché pièj pou mouin.
- 5 Mouin té égzaminé adouat épi mouin té ouè, *
pa-t gin pèsonn ki té konnin-m.
Mouin pa-t kapab sovè kò-m, *
pa-t gin pèsonn ki t-ap réklamé nanm mouin.
- 6 Mouin té rélé koté-ou, Granmèt ; †
mouin té di : « Sé ou minm ki kachèt mouin, *
pòsion pa-m sou tè vivan yo.
- 7 Panché sou priyè-m nan, *
paské yo rabésé-m tròp.
Libéré-m anba sa k-ap pèsékité-m yo, *
paské yo vîn pi ranfòsé pasé-m.
- 8 Fè nanm mouin soti nan prizon-an *
pou-l déklaré non-ou ;
sa-k kòrèk yo y-a antouré-m, *
lè ou-ap ban-m rékonpans la ».

Sinkiem dimanch Pak: Réf. Ou té ouété nanm mouin sot nan prizon pou-m fè déklarasion pou non-ou, alélouya.

Réfrin 3

Sinkiem dimanch Pak: Pitit Bondié-a té aprann obéyisans apati sa-l soufri yo; tout moun ki obéyi-l yo, li vîn tounin kòz sovè yo sovè-a pou tout tan, alélouya.

Kantik

Fil 2, 6-11

Osijè Kris la, sèvitè Bondié-a

- 6 Kris Jézu, étan nan kondision Bondié, *
 pa-t konsidéré égal li égal ak Bondié-a,
 tankou yon richès pou-l kinbé apa pou li,
- 7 min li vidé pròp tèt li
 antan-l pran kondision ésklav, †
 li vîn pran résanblans moun ; *
 épi dapré konpòtman-l yo ouè li sé yon moun,
- 8 li rabésé pròp tèt li, †
 antan li vîn obéyisan jous nan lanmò, *
 lanmò lakoua-a minm.
- 9 Sé pou sa tou Bondié lévé-l anlè, †
 li ba-l yon non, *
 ki anlè tout non,
- 10 konsa, o non Jézu, tout jénou fèt pou plouayé *
 nan sièl la, sou tè-a ak anba tè yo,
- 11 épi tout lang pou déklaré : *
 « Sé Granmèt Jézu-Kri yé ! »,
 nan gloua Bondié Papa-a.

Sinkiem dimanch Pak: Réf. Pitit Bondié-a té aprann obéyisans apati sa-l soufri yo; tout moun ki obéyi-l yo, li vîn tounin kòz sovè yo sovè-a pou tout tan, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésonn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN, ki korésonn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Sinkièm dimanch Pak: Alélouya, ròch la roulé sot nan bouch kavo-a,
alélouya.

Psòm 1

Osijè dé chémin moun-nan

*Ala kontantman pou moun yo ki, antan yo espéré nan koua-a, té désann
nan dlo-a (Yon ékrivin dézièm sièk).*

- ¹ Ala kontantman pou moun ki pa alé nan asanblé méchan yo, †
ki pa kanpé nan chémin péchè yo, *
- ² min sé nan laloua Granmèt la li mét volonté-l, *
sé nan laloua-l la l-ap kalkilé lajounin kon lannuit.

- 3 L-ap tankou yon pié boua ki planté sou bò dlo k-ap kouri, *
 k-ap bay frui-l nan sèzon-l ;
 fèy li pap tonbé, *
 ninpòt ki sa l-ap fè ap réyisi.
- 4 Méchan yo pa konsa, yo pa konsa, *
 min sé tankou pousiè van-an ap broté.
- 5 Sé pousa méchan yo pap kanpé nan jijman-an, *
 ni péchè yo, nan asanblé sa-k kòrèk yo.
- 6 Sèké Granmèt la konnin chémin moun ki kòrèk yo, *
 épi rout moun ki pa kòrèk yo ap péri.

Sinkième dimanch Pak: Réf. Alélouya, ròch la roulé sot nan bouch kavo-a, alélouya.

Réfrin 2

Sinkième dimanch Pak: Alélouya, Madanm, kilès ou-ap chèché ?
 Vivan-an avèk mò yo, alélouya.

Psòm 2

Mési-a roua épi sé li-k ranpòté viktoua

Yo rasanblé tout bon vré kont pitit ou-a, Jézu, li minm ou té konsakré-a
 (Tr Ap 4, 27).

- 1 Pouki sa nasion yo ap boulvèsé, *
 pèp yo ap fè plan pou bagay ki pa gin konsistans ?
- 2 Roua yo sou tè-a kanpé, †
 chèf yo rasanblé fè yon sèl *
 kont Granmèt la ak kont Kris li-a :
- 3 « An nou kasé chinn yo, *
 an nou jété jouk yo-a sot sou nou ! ».
- 4 Sa-a ki abité nan sièl yo ap ri yo, *
 Granmèt-la ap passé yo nan jouèt.

- 5 Lè sa-a atò li palé ak yo nan kòlè-l, *
nan mové san-l, li boulvèsé yo :
- 6 « Sé mouin minm ki instalé roua-m nan *
sou Siyon, mòn mouin ki sin-an ! ».
- 7 M-ap anonsé désizyon-l nan. †
Granmèt la di-m : « Sé pitit mouin ou yé ; *
sé mouin minm jodi-a ki anfanté-ou.
- 8 Mandé-m, m-ap ba-ou nasion yo kòm éritaj ou, *
propriété-ou sé limit tè-a.
- 9 Ou-ap kòmandé yo ak yon bagèt an fè, *
tankou véso ki fèt ak tè, ou-ap krazé yo ».
- 10 Koulié-a, roua yo, konprann, *
pran léson, nou minm k-ap jijé tè-a.
- 11 Sèvi Granmèt la ak krint, *
fété dévan-l avèk tranbléman.
- 12 Pran disiplîn nan, †
pou-l pa fè kòlè, épi pou nou pa pèdi chémin, *
paské l-apral flanbé nan yon ti moman, kòlè-l la.
Ala kontantman pou tout moun *
ki konfié nan li.

Sinkiem dimanch Pak: Réf. Alélouya, Madanm, kilès ou-ap chèché ?
Vivan-an avèk mò yo, alélouya.

Réfrin 3

Sinkiem dimanch Pak: Alélouya, pa kriyé, Mari : Granmèt la té
résisité, alélouya.

Psòm 3

Granmèt la sé protéksion mouin

*Li té dòmi épi somèy té pran-l épi li résisité, paské Granmèt la té pran-l
antan-l lévé-l (S. Iréné).*

- 2 Granmèt, pou kisa yo anpil sa k-ap fè-m pasé tribilasyon-an ? *
- Yo anpil ki lévé kont mouin,
 3 yo anpil k-ap di nanm mouin : *
- « Li pap sovè nan Bondié ».
- 4 Ou minm, Granmèt, ou sèvi-m protèksion, *
 gloua mouin, épi ou minm ki lévé tèt mouin.
- 5 Ak voua-m m-ap rélé kot Granmèt la, *
 li kouté-m antan-l sou mòn li ki sin-an.
- 6 Mouin minm mouin dòm, mouin nan profon somèy, *
 mouin lévé, paské Granmèt la résévoua-m.
- 7 Mouin pa pè mil pèp k-ap antouré-m. *
 Lévé, Granmèt, sovè-m, Bondié mouin ;
- 8 paské ou frapé tout ènmi-m yo nan machoua, *
 dan méchan yo, ou krazé yo.
- 9 Pou Granmèt la, sovè-a yé, *
 sou pèp ou-a, bédiksyon-ou.

Sinkiem dimanch Pak: Réf. Alélouya, pa kriyé, Mari : Granmèt la té résisité, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki koréponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Sinkièm dimanch Pak: Moun ki souaf la ap résévoua dlo lavi-a gratis, alélouya.

Psòm 62 (63), 2-9

Nanm ki souaf Grammèt la

L-ap véyé tann Bondié, moun ki réjité zèw lannuit la.

- ² Bondié, sé Bondié-m ou yé, *
sé koté-ou m-ap véyé dépi granmatin.
Nanm mouin souaf ou, *
chè mouin anvi-ou.
Nan tè dézè-a, ki sèk la, ki san dlo-a, †
- ³ sé konsa mouin té parèt dévan-ou nan tanp la, *
pou-m ouè puisans ou ak gloua ou.
- ⁴ Sèké mizérikòd ou pi bon pasé lavi yo, *
po-bouch mouin yo ap fè louanj ou.
- ⁵ Konsa m-ap béni-ou nan lavi-m, *
o non-ou m-ap lévé min-m yo.
- ⁶ Tankou ak viann ak bon manjé gra nanm mouin plin, *
ak paròl fèt bouch mouin ap fè louanj ou.
- ⁷ Lè m-ap sonjé-ou sou kabann mouin, *
granmatin m-ap médité sou ou,
- ⁸ Paské ou té poté-m sékou, *
anba voual zèl ou m-ap fété.
- ⁹ Nanm mouin té kolé apré-ou, *
min douat ou té soutni-m.

Sinkièm dimanch Pak: Réf. Moun ki souaf la ap résévoua dlo lavi-a gratis, alélouya.

Réfrin 2

Sinkiem dimanch Pak: Adoré Granmèt la, li minm ki té fè sièl la ak tè-a, lanmè-a ak sous dlo yo, alélouya.

Kantik

Dan 3, 57-88. 56

Sé pou tout créatu fè louanj Granmèt la

Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo (Ap 19, 5).

- 57 Béni Granmèt la, tout travay Granmèt la, *
fè louanj li, lévé-l anlè dépasé sa-k anro nan sièk yo.
- 58 Béni Granmèt la, sièl yo, *
- 59 béni Granmèt la, anj Granmèt la.
- 60 Béni Granmèt la, tout dlo yo ki anlè sièl yo, *
béni Granmèt la, tout pouvoua Granmèt la.
- 61 Béni Granmèt la, solèy ak lafin nan, *
62 béni Granmèt la, zétoual sièl la.
- 63 Béni Granmèt la, tout lapli ak larouze, *
64 béni Granmèt la, tout van k-ap souflé yo.
- 65 Béni Granmèt la, difé ak chalè, *
66 béni Granmèt la, frédi ak chalè.
- 67 Béni Granmèt la, larouze ak farinaj glasé, *
68 béni Granmèt la, grèl ak frédi.
- 69 Béni Granmèt la, glas ak lanèj, *
70 béni Granmèt la, nuit yo ak jou yo.
- 71 Béni Granmèt la, limiè ak fènoua yo, *
72 béni Granmèt la, zèklè avèk nuaj.
- 73 Sé pou tè-a béni Granmèt la, *
74 fè louanj li, lévé-l anlè dépasé sa-k anro nan sièk yo.
- 75 Béni Granmèt la, mòn yo ak ti rotè yo, *
76 béni Granmèt la, tout plant sou tè-a.

- 77 Béni Granmèt la, lanmè yo ak riviè yo, *
- 78 béni Granmèt la, sous yo.
- 79 Béni Granmèt la, balèn
ak tou sa ki an mouvman nan dlo yo, *
- 80 béni Granmèt la, tout zouazo sièl yo.
- 81 Béni Granmèt la, tout bèt boua ak bèt gadinaj, *
- 82 béni Granmèt la, pitit moun yo.
- 83 Sé pou Israèl béni Granmèt la, *
fè louanj li, lévé-l anlè dépasé sa-k anro nan sièk yo.
- 84 Béni Granmèt la, prèt Granmèt yo, *
- 85 béni Granmèt la, sèvitè Granmèt yo.
- 86 Béni Granmèt la, éspri ak nanm ki kòrèk yo, *
- 87 béni Granmèt la, sin yo ak sa ki pòv nan kè yo.
- 88 Béni Granmèt la, Ananias, Azarias, Misaèl, *
fè louanj li, lévé-l anlè dépasé sa-k anro nan sièk yo.
An nou béni Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an ; *
an nou fè louanj li, an nou lévé-l anlè
dépasé sa-k anro nan sièk yo.
- 56 Ou béni nan platfòm sièl la, *
ou mérité louanj, ou mérité gloua nan sièk yo.

Alafin kantik sa-a yo pa di Viv Papa-a.

Sinkiem dimanch Pak: Réf. Adoré Granmèt la, li minm ki té fè sièl la ak tè-a, lanmè-a ak sous dlo yo, alélouya.

Réfrin 3

Sinkiem dimanch Pak: Sin yo ap fè fèt nan gloua-a, alélouya.

Psòm 149

Fèt sin yo ap fè fèt

Pitit Égliz la, pitit nouvo pèp la ap fè fèt pou roua yo-a, pou Kris la (Ésikius).

- ¹ Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo ; *
louanj li nan asanblé sin yo.
- ² Sé pou Israèl kontan nan sa-a ki fè-l la, *
sé pou pitit Siyon yo fété pou roua li-a.
- ³ Sé pou yo fè louanj pou non-l avèk dans, *
sou tanbou ak gita sé pou yo chanté pou li,
- ⁴ paské Granmèt la jouinn plézi nan pèp li-a, *
l-ap fè pòv yo jouinn konsidèrasion nan sovè li sovè yo-a.
- ⁵ Sé pou sin yo pousé rèl fèt nan gloua-a, *
sé pou yo kontan sou kabann yo.
- ⁶ Louanj Bondié yo nan gòj yo, *
épé ki filé dé bò-a nan min yo,
- ⁷ pou yo tiré vanjans sou nasion yo, *
pou yo réglé pèp yo,
- ⁸ pou yo maré roua yo ak chinn, *
gran pèsonaj yo ak ménòt fè,
- ⁹ pou yo égzékité jijman ki ékri-a sou yo-a : *
gloua sa-a pou tout sin-l yo.

Sinkiem dimanch Pak: Réf. Sin yo ap fè fèt nan gloua-a, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 117 (118)

Voua rèl fèt ak sové-a

Sa-a sé ròch la, nou minm bòs mason yo nou té réjité-a, ki vîn tounin mitan kouin anlè-a (Tr Ap 4, 11).

I

- 1 Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 2 Sé pou Israèl di sa koulié-a, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 3 Sé pou kay Aaron-an di sa koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 4 Sé pou sa yo ki krinn Granmèt la di koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 5 Nan tribilasion-an mouin té rélé Granmèt la, *
Granmèt la té kouté-m antan li fè-m soti nan koté ki laj.
- 6 Granmèt la avèk mouin, *
mouin pa pè sa yon moun kapab fè-m.
- 7 Granmèt la avèk mouin kòm sékou mouin, *
mouin minm minm m-ap méprizé ènmi-m yo.
- 8 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan moun.

- 9 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
 pasé pou nou mét konfians nan chèf.

II

- 10 Tout nasion yo antouré-m, *
 o non Granmèt la mouin chasé yo.
 11 Antan yo ansèklé-m byin ansèklé, *
 o non Granmèt la mouin chasé yo.
 12 Yo té ansèklé-m tankou mièl, †
 yo flanbé tankou difé nan pikan, *
 o non Granmèt la mouin chasé yo.
 13 Antan yo pousé-m byin pousé pou-m tonbé, *
 Granmèt la poté-m sékou.
 14 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, *
 sé li minm ki sovè-m.
 15 Voua fèt ak sovè nou sovè-a *
 nan tant moun ki kòrèk yo :
 16 « Min douat Granmèt la fè mèvèy ! †
 min douat Granmèt la lévé-m byin ro ; *
 min douat Granmèt la fè mèvèy ! »
 17 Mouin pap mouri, min m-ap viv *
 épi m-ap rakonté travay Granmèt la.
 18 Antan Granmèt la té korijé-m byin korijé *
 min li pa lagé-m nan lanmò.

III

- 19 Louvri pòt jistis yo pou mouin ; *
 m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la.
 20 Sa-a sé pòt Granmèt la ; *
 moun ki kòrèk yo ap antré ladan-l.

- 21 M-ap fè déklarasion pou ou, paské ou kouté-m, *
ou vîn tounin pou mouin sa-a ki sovè-m nan.
- 22 Ròch la bòs mason yo té réjité-a, *
sé li minm ki vîn tounin mitan kouin anlè-a ;
- 23 sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt, *
sé yon bagay ékstraòdinè nan jé nou.
- 24 Sa-a sé jou Granmèt la fè-a : *
sé pou nou fété, sé pou nou kontan nan li.
- 25 Granmèt, o, sovè-m ; *
Granmèt, o, fè nou réyisi !
- 26 Li béni, sa-a k-ap vini o non Granmèt la. *
Nou béni nou sot nan kay Granmèt la.
- 27 Sé Bondié Granmèt la yé, l-ap kléré nou. *
Òganizé solanité-a nan ramo ki byin founi,
jous nan kòn otèl la.
- 28 Sé Bondié-m ou yé, m-ap fè déklarasion pou ou, *
Bondié mouin, m-ap lévé-ou anlè.
- 29 Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li-a pou tout tan.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm komplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou dézièm Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Sinkièm dimanch Pak: Granmèt la té résisité épi li chita adouat Bondié, alélouya.

Psòm 109 (110), 1-5. 7

Kris la roua é prêt

Li gin pou-l kòmandé, joutan li mété tout ènmi yo anba pié-l (1 Ko 15, 25).

- 1 Granmèt la té di Granmèt mouin-an : *
« Chita adouat mouin,
joutan mouin pozé ènmi-ou yo *
kòm éskabo pié-ou yo ».
- 2 Baton pouvoua-ou, Granmèt la voyé-l sot nan Siyon : *
kòmandé nan mitan ènmi-ou yo.
- 3 Pouvoua-a avèk ou nan jou fòs ou-a, †
nan ékla limiè ki sin yo, *
sot nan vant anvan granmatin mouin anfanté-ou.
- 4 Granmèt la fè sèman, li pap régrèt li : *
« Ou sé prêt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek ».
- 5 Granmèt la bò douat ou, *
l-ap krazé roua yo nan jou kòlè-l la.
- [6]
- 7 L-ap bouè nan riviè-a nan chémin-an, *
poutèt sa l-ap lévé tèt.

Sinkiem dimanch Pak: Réf. Granmèt la té résisité épi li chita adouat Bondié, alélouya.

Réfrin 2

Sinkiem dimanch Pak: Li té raché nou sot anba pouvoua fènoua yo épi li té fè nou travèsé nan rouayòm Pitit li-a, alélouya.

Psòm 113 A (114) Israèl libéré sot Éjip

Sé pou nou konnin nou minm tou nou pati sot Éjip, nou ki rénonse sièk sa-a (S. Ogustin).

- ¹ Lè Israèl t-ap kité Éjip la, *
- kay Jakòb la t-ap sot nan pèp étranjé-a,
- ² Juda vîn tounin tanp li, *
- Israèl vîn tounin propriété-l.
- ³ Lanmè-a té ouè sa, li ralé kò-l, *
- Jourdin-an tounin dèyè ;
- ⁴ mòn yo vòltijé tankou kabrit, *
- ti rotè yo tankou pitit mouton.
- ⁵ Sa-ou ginyin, lanmè, pou-ou ap ralé kò-ou la ? *
- Épi ou minm, Jourdin, pou-ou ap tounin dèyè-a ?
- ⁶ Mòn yo, pouki sa n-ap vòltijé tankou kabrit la, *
- ti rotè yo, tankou pitit mouton-an ?
- ⁷ Dévan fas Granmèt la, tranblé, tè-a, *
- dévan fas Bondié Jakòb la,
- ⁸ li minm ki fè ròch la vîn tounin létan dlo yo, *
- épi ròch ki di-a sous dlo yo.

Sinkiem dimanch Pak: Réf. Li té raché nou sot anba pouvoua fènoua yo épi li té fè nou travèsé nan rouayòm Pitit li-a, alélouya.

Réfrin 3

Sinkiem dimanch Pak: Alélouya, Granmèt nou-an té régné; sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua, alélouya.

Kantik sa-a, yo di-l avèk Alélouya, jan sa indiké isit la, lè y-ap chanté-l; min si yo pa chanté-l, yo mèt di Alélouya-a sèlman nan kòmansman avèk finisman chak stròf.

Kantik

Cf. Ap 19, 1-2. 5-7

Osijè nòs Mouton-an

Alélouya.

¹ Sové-a, gloua-a ak otorité-a sé pou Bondié nou-an, *

(R/. Alélouya.)

² paské yo vré, yo kòrèk, jijman-l yo.

R/. Alélouya (alélouya).

⁵ Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo *

(R/. Alélouya.)

ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran !

R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

⁶ Paské li roua, Granmèt la,

Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. *

(R/. Alélouya.)

⁷ Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua.

R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

Paské nòs Mouton-an rivé, *

(R/. Alélouya.)

épi madanm li té préparé tèt li.

R/. Alélouya (alélouya).

Sinkièm dimanch Pak: Réf. Alélouya, Granmèt nou-an té régné; sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

LINDI SÉMÈN I

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Sové-m, Granmèt, poutèt mizèrikòd ou-a, alélouya.

Psòm 6

Moun y-ap maltréte-a ap sipliyé bon kè Bondié

Koulié-a nanm mouin troublé... Papa, sové-m sot nan lè sa-a ? (Jan 12, 27).

² Granmèt, pa réproché-m nan mové san-ou, *
ni pa korijé-m nan kòlè-ou.

³ Pitié pou mouin, Granmèt, paské mouin fèb ; *
géri-m, Granmèt, paské zo-m yo ffin krazé.

⁴ Nanm mouin troublé anpil, *
min ou minm, Granmèt, jouskilè ?

- 5 Tounin, Granmèt, délivré nanm mouin, *
 sovè-m poutèt mizèrikòd ou-a.
- 6 Sèké pa gin pèsonn nan lanmò, k-ap sonjé-ou ; *
 anba tè-a minm kilès k-ap fè déklarasion pou ou ?
- 7 Mouin té rédi nan jémisman mouin, †
 mouin t-ap lavé kabann mouin chak nuit ; *
 ak dlo k-ap sot nan jé-m yo
 mouin t-ap rouzé koté mouin té kouché-a.
- 8 Jé-m troublé ak chagrin, *
 mouin té viéyi nan pami ènmi-m yo.
- 9 Ralé kò nou sot sou mouin, nou tout k-ap fè sa-k pa kòrèk, *
 paské Granmèt la kouté voua dlo jé-m.
- 10 Granmèt la kouté démann mouin-an, *
 Granmèt la résévoua priyè-m nan.
- 11 Sé pou yo ront épi sé pou yo troublé anpil, tout ènmi-m yo ; *
 sé pou yo tounin épi sé pou yo ront byin vit.

Réf. Sové-m, Granmèt, poutèt mizèrikòd ou-a, alélouya.

Réf. 2 Granmèt la vîn tounin kachèt pòv la nan tribilasion-an, alélouya.

Psòm 9 A (9)
Aksion-d-gras pou viktoua-a

Li gin pou-l rétounin pou-l jijé ni moun k-ap viv ni moun ki mouri.

I

- 2 M-ap fè déklarasion pou ou, Granmèt ak tout kè-m ; * x
 m-ap rakonté tout mèvèy ou yo.
- 3 M-ap kontan, m-ap fété nan ou, *
 m-ap chanté pou non-ou, ou minm ki anlè nèl la.

- 4 Lè ènmi-m yo ap viré dèyè, * ב
 yo fébli, yo péri dévan fas ou.
- 5 Paské ou té fè jijman-m ak kòz mouin.
 Ou té chita sou trôn antan ou-ap jijé jistis.
- 6 Ou té ménasé nasion yo, ou té détoui méchan an, * ג
 non yo, ou té éfasé yo pou tout tan épi pou sièk sièk la.
- 7 Ènmi yo krazé, *
 yo tounin dézè pou tout tan ;
 épi vil yo, ou démoli yo : *
 souvni yo péri ansanm avèk yo.
- 8 Granmèt la minm ap instalé pou tout tan, * ד
 li paré trôn li pou jijman-an,
- 9 sé li minm k-ap jijé fas tè-a nan jistis, *
 l-ap jijé pèp yo nan sa ki douat.
- 10 Granmèt la ap sèvi kachèt pou moun y-ap maltrété-a, * ה
 kachèt nan tan yo bézouin-l nan, nan tribilasion-an.
- 11 Y-ap éspéré sou ou, sa yo ki konnin non-ou yo, *
 paské ou pap lagé sa yo k-ap chèché-ou la, Granmèt.

Réf. Granmèt la vîn tounin kachèt pòv la nan tribilasion-an, alélouya.

Réf. 3 M-ap anonsé louanj ou yo nan pòt pitit fi Siyon-an, alélouya.

II

- 12 Chanté pou Granmèt la, ki abité nan Siyon-an ; * ו
 anonsé aktivité li yo nan pami nasion yo.
- 13 Sèké li minm k-ap mandé kont pou san-an,
 li sonjé yo, *
 li pa bliyé rèl pòv yo.
- 14 Fè-m gras, Granmèt ; † ז
 gadé rabésman-m akòz sa-k rayi-m yo, *

- ou minm ki lévé-m sot nan pòt lanmò yo,
 15 pou-m rakonté tout louanj ou yo
 nan pòt pitit fi Siyon-an, *
 m-ap fété nan sové ou sové-m nan.
- 16 Nasion yo fonsé nan fos la yo té fouyé-a ; †
 nan pièj sa-a yo té kaché-a, *
 pié yo pran ladan-l.
- 17 Granmèt la fè konnin-l, antan li fè jijman ; *
 nan mové aksion min-l yo,
 méchan-an antravé.
- 18 Y-ap tounin, méchan yo, nan bafon mò yo, *
 tout nasion yo ki bliyé Bondié-a,
- 19 Sèké sé pa pou tout tan ou-ap bliyé pòv la ; *
 éspérans pòv la pap péri pou tout tan.
- 20 Lévé, Granmèt, moun pa doué fè fòs ; *
 sé pou nasion yo jijé dévan fas ou.
- 21 Instalé Granmèt, sa k-ap fè yo tranblé-a anlè yo, *
 sé pou nasion yo konnin sé moun yo yé.

Réf. M-ap anonsé louanj ou yo nan pòt pitit fi Siyon-an, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
 Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Y-ap jouin gloua nan ou, tout moun ki rinmin non-ou yo, alélouya.

Psòm 5, 2-10. 12-13

Lapriyè granmatin pou mandé sèkou

Moun yo ki résévoua Paròl la ki abité anndan yo-a, sé tout tan y-ap fété.

- ² Kouté paròl mouin yo ak zòrèy ou, Granmèt ; *
konprann plint mouin-an.
- ³ Panché sou voua rèl mouin, *
roua mouin, Bondié mouin.
- ⁴ Sé koté-ou m-ap lapriyè, Granmèt, †
dépi granmatin ou tandé voua mouin, *
dépi granmatin mouin kanpé dévan-ou m-ap tann.
- ⁵ Sèké ou pa yon Bondié ki rinmin méchansté, †
méchan-an pa abité koté-ou, *
moun ki pa kòrèk yo pa rété dévan jé-ou.
- ⁷ Ou rayi tout moun k-ap fè sa-k pa kòrèk, †
moun k-ap rakonté manti, ou-ap fè yo péri ; *
moun k-ap fè krim, k-ap tronpé,
Granmèt la pa vlé ouè-l.
- ⁸ Mouin minm nan pakèt mizérikòd ou-a, †
m-ap antré nan kay ou-a ; *
m-ap adoré-ou nan tanp ou-a ki sin-an
nan krint ou.
- ⁹ Granmèt, kondui-m nan jistis ou poutèt ènmi-m yo, *
drésé rout ou-a dévan-m.
- ¹⁰ Sèké nan pouin anyin ki sinsè nan bouch yo, *
kè yo sé yon fos ;

gòj yo sé tonbo ki louvri, *
bouch yo minm ap flaté.

[11]

¹² Tout moun ki éspéré nan ou, y-ap gin kè kontan, *
pou tout tan y-ap fété.

Ou-ap kouvri yo ak lonbraj ou, y-ap jouinn gloua yo nan ou, *
moun sa yo ki rinmin non-ou nan ;

¹³ paské ou béni moun ki fidèl la, Granmèt, *
tankou yon boukliyé, bòn volonté ou ap kouronnin-l.

Réf. Y-ap jouin gloua nan ou, tout moun ki rinmin non-ou yo, alélouya.

Réf. 2 Sé pou ou ringn nan, Granmèt, ou anlè tout chèf, alélouya.

Kantik

1 Kr 29, 10-13

Sé pou Bondié sèl konsidèrasion-an ak gloua-a

Li béni, Bondié, Papa Granmèt nou Jézu-Kri (Éféz 1, 3).

¹⁰ Ou béni, Granmèt Bondié Israèl, papa nou, *
dépi tout tan ak pou tout tan.

¹¹ Sé pou ou, Granmèt, grandè ak pouvoua, *
gloua, bèlté ak majésté.

Tout bagay réyèlman ki nan sièl la ak sou tè-a, sé pou ou yo yé, *
sé pou ou, Granmèt, péyi roua-a yé,
ou lévé anlè tankou chèf sou tout bagay.

¹² Richès ak gloua sé pou ou sé nan ou yo soti, *
ou-ap kòmandé sou tout bagay.

Nan min-ou sé fòs ak pouvoua, *
sé nan min-ou grandè ak solidité tout bagay yé.

¹³ Koulié-a minm, Bondié nou, n-ap fè déklarasion pou ou *
épi n-ap fè louanj non-ou ki pa gin parèy la.

Réf. Sé pou ou ringn nan, Granmèt, ou anlè tout chèf, alélouya.

Réf. 3 Granmèt la ap chita kòm roua pou tout tan, alélouya.

Psòm 28 (29)

Louanj pou Paròl Granmèt la

Min yon voua sot nan sièl yo, k-ap di : « Sa-a sé Pitit mouin-an mouin rinmin-an (Mt 3, 17).

- ¹ Poté bay Granmèt la, pitit Bondié yo, *
poté bay Granmèt la gloua ak puisans,
- ² poté bay Granmèt la gloua non-l,
adoré Granmèt la nan ékla bèlté ki sin-an.
- ³ Voua Granmèt la sou dlo yo ; †
Bondié grandè-a fè tandé voua-l, *
Granmèt la sou dlo yo ki anpil yo.
- ⁴ Voua Granmèt la nan pouvoua, *
voua Granmèt la nan grandè.
- ⁵ Voua Granmèt la krazé sèd yo ; *
Granmèt la krazé sèd Liban yo.
- ⁶ Li fè Liban galopé tankou ti toro, *
épi Sarion tankou pitit rinoséròs.
- ⁷ Voua Granmèt la fann flannm difé yo, †
- ⁸ voua Granmèt la fè dézè-a tranblé, *
Granmèt la fè dézè Kadès la tranblé.
- ⁹ Voua Granmèt la k-ap fè sèrf yo fè pitit pi vit, †
épi l-ap dézabiyé pié boua ki gin anpil fèy yo ; *
- ¹⁰ Granmèt la abité anlè délij la, *
Granmèt la ap chita kòm roua pou tout tan.

- ¹¹ Granmèt la ap bay pèp li fòs;
Granmèt la ap béni pèp li-a nan lapè.

Réf. Granmèt la ap chita kòm roua pou tout tan, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 18 B (19 B)

Louanj Bondié, Granmèt laloua-a

Sé pou nou kòrèk nèt, tankou Papa nou ki nan sièl la li kòrèk nèt (Mt 5, 48).

- ⁸ Laloua Granmèt la san tach, li réfè nanm, *
témouagnaj Granmèt la fidèl, li bay ti moun yo sajès.
- ⁹ Jistis Granmèt la douat, yo fè kè kontan, *
kòmandman Granmèt la klè, li kléré jé yo.

- 10 Krint Granmèt la nèt, li diré pou sièk sièk la, *
 jijman Granmèt la vré, yo kòrèk yo tout ansanm,
 11 yo mérité yo anvì yo plis pasé lò, ak piè ki gin anpil pri, *
 yo pi dous pasé siro mièl ak réyon siro mièl k-ap koulé.
 12 Réyèlman sèvitè-ou la jouinn instruksion nan yo ; *
 antan-l obsèvé yo, li jouinn anpil avantaj.
 13 Ki moun ki kapab konprann fòt yo ? †
 Pròpté-m sot nan sa-k kaché yo, *
 14 prezèvé sèvitè-ou la pou-l pa lèvé tèt li,
 pou sa pa pran pié sou mouin.
 Lè sa-a m-a san tach, *
 m-a pròpté sot nan gran péché-a.
 15 Sé pou paròl bouch mouin fè-ou plézi, *
 ni réfléksion kè-m dévan fas ou.
 Granmèt, ou k-ap poté-m sékou, *
 ou k-ap rachté-m.

Psòm 7

Priyè moun kòrèk la k-ap souffri poutèl y-ap palé-l mal

Min jij la dévan pòt la li kanpé (Jk 5, 9).

I

- 2 Granmèt Bondié-m, nan ou mouin éspéré ; *
 sové-m sot nan min tout moun k-ap pèsékité-m yo, délivré-m,
 3 pou-l pa pran lavi-m tankou lion, *
 k-ap déchiré, san pa gin pèsonn pou sové.
 4 Granmèt, Bondié mouin, si-m té fè bagay sa-a, *
 si gin krim sou min mouin yo,
 5 si mouin té rinmèt mal bay zanmi-m, *
 épi mouin té pran tout byin ènmi-m antan-m lagé-l min vid,
 6 sé pou ènmi rapousuiv nanm mouin, épi sé pou-l sézi-l, †

- épi sé pou-l foulé lavi-m atè-a, *
- épi gloua mouin, nan poussiè-a pou-l fè-l abité.
- 7 Lévé Granmèt nan kòlè-ou, *
- soulvé kont raj ènmi-m yo.
- Lévé Bondié mouin, *
- nan jijman-an ou té kòmandé-a.
- 8 Épi sé pou asanblé pèp yo antouré-ou, †
- épi anlè li, nan rotè-a, rétownin : *
- 9 Granmèt la ap jijé pèp yo.
- Jijé-m, Granmèt, dapré jistis mouin *
- dapré inosans mouin ki nan mouin.
- 10 sé pou méchansté péchè yo boulé ; †
- asiré sa-a ki kòrèk la, *
- ou minm k-ap sondé kè ak rin, Bondié ki kòrèk.

II

- 11 Sékou-m kot Bondié, *
- li minm ki sové moun ki douat nan kè yo.
- 12 Bondié jij kòrèk la, *
- Fò-a, y-ap fè faché chak jou.
- 13 Èské li pap tounin filé épé-l, *
- dirijé ark li épi préparé-l ?
- 14 épi l-ap préparé instriman lanmò, *
- flèch li yo, l-ap fè yo flanm difé.
- 15 Min, li gin doulè tranché injistis, *
- li ansint mové aksion, épi li anfanté méchansté ;
- 16 Fòs li té fouyé épi li té fè-l vîn fon-an, *
- li té tonbé nan trou-a li té fè-a.
- 17 Mové aksion li-an ap rétownin sou tèt li, *
- épi anlè pouint tèt li méchansté li-a ap désann.
- 18 M-ap fè déklarasion pou Granmèt la dapré jistis li, *
- épi m-ap chanté non Granmèt anlè nèt la.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Gin konfians, mouin té ranpòté viktoua sou tè-a, alélouya.

Psòm 10 (11)

Granmèt la, konfians moun kòrèk la

Ala kontantman pou moun ki grangou, ki souaf jistis la, paské y-ap jouinn satisfaksion (Mt 5, 6).

- ¹ Sé nan Granmèt la mouin kaché kò-m; kòman nou fè di-m : *
« Sové kò-ou nan mòn nan tankou irondèl la » ?
- ² Sèké méchan yo gin tan drésé zam pou tiré flèch yo, †
yo ajisté flèch yo sou kòd la, *
pou yo tiré an kachèt sou moun ki gin kè yo douat.

- 3 Si fondasyon yo fin démoli, *
sa pou moun ki kòrèk la fè ?
- 4 Granmèt la nan tanp li-a ki sin-an, *
Granmèt la gin trôn li nan sièl la.
Jé-l ap gadé sou pòv la,
pòpiè-l ap pozé pitit moun yo késion.
- 5 Granmèt la ap pozé moun ki kòrèk la ak méchan-an késion ; *
moun ki rinmin péché-a, li rayi nanm li.
- 6 L-ap fè chabon difé tonbé sou méchan yo ; *
sé difé, souf ak van cho k-ap pòsion éritaj yo.
- 7 Sèké Granmèt la kòrèk, li rinmin jistis, *
moun ki douat yo ap ouè fas li.

Réf. Gin konfians, mouin té ranpòté viktoua sou tè-a, alélouya.

Réf. 2 L-ap abité nan tant ou-a, l-ap répozé sou mòn ou-an ki sin-an, alélouya.

Psòm 14 (15)

Kilès ki akséptab dévan Bondié ?

Nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an (Ébr 12, 22).

- 1 Granmèt, ki moun k-ap abité nan tant ou-a ? *
- Ki moun k-ap répozé sou mòn ou-an ki sin-an ?
- 2 Moun k-ap maché san fot, k-ap fè jistis, *
- k-ap palé vérité nan kè-l,
- 3 ki pa chèché tronpé ak lang li, †
ki pa fè prochin-l méchansté, *
- ki pa fè prochin-l afron.
- 4 Li konsidéré méchan-an kòm anyin dévan jé-l, *
min li fè louanj pou sa yo ki krinn Granmèt la.
Li fè sèman pou dézavantaj li épi li pa chanjé, †

5 li pa prété lajan-l ak intèrè, *
 li pa aksépté kado sou do inosan.
 Moun ki aji konsa, *
 li pap souké pou tout tan.

Réf. L-ap abité nan tant ou-a, l-ap répozé sou mòn ou-an ki sin-an, alélouya.

Réf. 3 Mouin minm, lè y-a lèvé-m anlè sot sou tè-a, m-ap rédi tout bagay vîn jouinn mouin, alélouya.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

3 Li béni, Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki té béni nou nan tout bédiksyon Éspri-a
 nan sièl la nan Kris la,
 4 sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
 5 li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
 pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
 6 pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
 7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès

- ⁹ pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
dapré bon plézi-l,
sa-l té ranjé davans nan li, *
- ¹⁰ pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Mouin minm, lè y-a lévé-m anlè sot sou tè-a, m-ap rédi tout bagay vîn jouinn mouin, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

MADI SÉMÈN I

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésonn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésonn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt la ap jijé pòv yo nan jistis, alélouya.

Psòm 9 B (10)

Aksion-d-gras

Ala kontanman pou nou minm ki pòv, paské péyi-roua Bondié-a pou nou.
(Lk 6, 20).

I

¹ Pouki sa, Granmèt, ou kanpé byin louin, *

ou kaché lè pou-ou t-a parèt la, nan tray la ?

² Pandan méchan-an ap lévé tèt li, l-ap pèsékité pòv la ; *
yo pri nan pièj yo kalkilé-a.

↳

- 3 Sèké péchè-a ap lévé tèt li
nan anvi nanm li anvi-a, *
- 4 sa-k rinmin lajan-an ap fè konpliman pou tèt li.
Péchè-a méprizé Granmèt la nan arogans li-a : * 1
- 5 « Li pap mandé kont, pa gin Bondié ».
Sé sa ki tout lidé-l yo ; *
- chémin-l yo réyisi nan tout moman.
jijman-ou yo trò ro dévan-l ; *
- 6 tout ènmi-l yo, li méprizé yo.
Li di nan kè-l: « Mouin pa gin doua tranblé, *
pou jénérasyon ak jénérasyon mouin pap nan malè ».
- 7 Bouch li plin ak madichon ak riz, ak manti, * 5
anba lang li sé tranzaksion ak méchansté.
- 8 Li posté nan kachèt pièj bò kay yo, *
an kachèt, li touyé inosan-an.
- 9 Jé-l yo sou maléré-a, yo rét kaché ap véyé ; * 3
Li fè anbiskad nan kachèt la, tankou yon lion nan trou ròch li.
Li fè anbiskad pou-l pran pòv ; *
- 10 li pran pòv la, pandan-l trinnin-l nan filè-l.
Li plouayé kò-l, li panché, épi maléré-a tonbé
nan fòs ponyèt li yo.
- 11 Li di nan kè-l : « Bondié bliyé, *
li viré fas li, pou-l pa ouè jouskalafin ».

Réf. Granmèt la ap jijé pòv yo nan jistis, alélouya.

Réf. 2 Ou minm, Granmèt, ou konsidéré travay la ak soufrans la, alélouya.

- ¹² Lévé, Granmèt Bondié ; soulvé min ou, * ק
 pa bliyé pòv yo.
- ¹³ Pouki sa méchan-an ap méprizé Bondié-a ? *
 L-ap di nan kè-l : « Ou pap réklamé ».
- ¹⁴ Ou ouè : † ר
 ou égzaminé tray ak doulè, *
 pou-ou pran yo nan min-ou.
 Pòv la lagé sou kont ou, *
 sé ou minm ki sékou òfélin-an.
- ¹⁵ Krazé bra péchè-a ak méchan-an ; * ש
 ou-a chèché péché-l la, san-ou pa jouinn.
- ¹⁶ Granmèt la roua tout tan épi nan sièk sièk la : *
 nasyon yo ap détoui sot sou tè-l la.
- ¹⁷ Anvi pòv yo, ou tandé, Granmèt ; * ת
 ou paré kè yo, ou panché zòrèy ou,
- ¹⁸ pou ou jijé òfélin ak mizérab, *
 pou moun pa kontinié ap fè grandizè sou tè-a ankò.

Réf. Ou minm, Granmèt, ou konsidéré travay la ak soufrans la, alélouya.

Réf. 3 Langaj Granmèt la sé langaj fidèl ; lajan nétouayé nan difé, alélouya.

Psòm 11 (12)

Rèl kont ògèyé yo

Poutèt nou minm pòv yo, Papa-a té aksépté voyé Pitit li-a (S. Ogustin).

- ² Sové-m, Granmèt, paské sin disparèt, *
 paské fidèl yo diminué sot nan pitit moun yo.
- ³ Sé bagay ki pa vo anyin chak moun ap palé ak prochin-l ; *
 sé ak bouch riz, ak dé kè y-ap palé.

- 4 Granmèt la ap gayé tout bouch riz *
ak lang grandizè.
- 5 K-ap di : « Ak lang nou nou jouinn konsidèrasion, †
po bouch nou yo, sé pou nou yo yé ; *
ki moun ki mèt nou ? »
- 6 « Poutèt mizè pòv yo, poutèt plint maléré yo, †
koulié-a m-ap lévé, sé sa Granmèt la di ; *
m-ap instalé-l nan sovè-a, sa yo té gadé ak mépri-a.
- 7 Promès Granmèt la sé promès ki intak, *
lajan ki sondé nan difé, séparé sot nan tè,
nétouayé sèt foua.
- 8 Ou minm, Granmèt, ou-ap prezèvé nou, ou-ap protéjé nou *
sot anba jénérasion sa-a pou tout tan.
Toutalantou, méchan yo ap déplasé,
lè y-ap lévé dégradasion anlè pami pitit moun yo

Réf. Langaj Granmèt la sé langaj fidèl ; lajan nétouayé nan difé, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Sa-a ki té désann nan, sé li minm tou ki té monté anlè tout sièl yo, alélouya.

Lè psom ki suiv la yo anplouayé-l pou Invitatoua-a, nan plas li yo di psòm 94 (95), 541.

Psòm 23 (24)

Granmèt la ap antré nan tanp la

Pòt sièl yo ouvri pou Kris la poutèt monté yo fè chè li monté-a (S. Iréné).

- 1 Pou Granmèt la tè-a ak sa-k plin-l, *
ronn tè-a ak sa yo ki abité ladan-l nan.
- 2 Sèké sé li minm ki té fiksé-l sou lanmè yo, *
épi ki té rann li solid sou gran riviè yo.
- 3 Kilès k-ap monté sou mòn Granmèt la, *
oubyin kilès k-ap kanpé sou plas li ki sin-an ?
- 4 Sa-a ki gin min-l inosan ak kè-l nèt, †
ki pa lévé nanm li nan bagay ki pa anyin yo, *
ki pap fè sèman pou tronpé.
- 5 Moun sa-a ap résévoua Bénédikcion nan min Granmèt la *
ak jistikasyon nan min Bondié Sovè-l la.
- 6 Sa-a sé jénérasyon moun k-ap chèché-l yo, *
k-ap chèché fas Bondié Jakòb la.
- 7 Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.
- 8 Kilès sa-a ki roua gloua-a ? *
Sé Granmèt la ki fò, ki gin pouvoua,
sé Granmèt la, ki gin pouvoua nan batay.
- 9 Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.

¹⁰ Kilès sa-a, ki roua gloua-a ? *
Sé Granmèt lamé yo, sé li minm ki roua gloua-a.

Réf. Sa-a ki té désann nan, sé li minm tou ki té monté anlè tout sièl yo, alélouya.

Réf. 2 Fè kè nou kontan nan jou sa yo épi fè déklarasion pou Granmèt la, alélouya.

Kantik

Tob 13, 2-8

Bondié k-ap korijé épi k-ap sové

Li béni, Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki té réfè nou dapré gran mizérikòd li-a (1 Piè 1, 3).

² Li béni, Bondié ki vivan pou tout tan, †
ak pou péyi roua li-a, *
sèké sé li minm ki pini, ki pran pitié,
ki kondui jous nan bafon yo anba †
ki ramné sot nan déstriksion-an ak grandè-l, *
pèsonn pa chapé nan min-l.

³ Fè déklarasion pou li, pitit Israèl yo, dévan nasion yo, †
sèké li minm li té gayé nou nan yo, *

⁴ épi la-a li montré grandè-l.
Lévé-l anlè dévan tout sa-k vivan, †
paské sé Granmèt nou, épi li minm li sé papa nou, *
li minm li sé Bondié nou pou tout sièk tan yo.

⁵ L-ap korijé nou pou péché nou yo, *
min l-ap gin pitié pou nou tout,
l-ap rasanblé nou sot nan tout nasion yo, *
ninpòt koté nou té gayé-a.

⁶ Lè n-a tounin koté-l †
ak tout kè ou épi ak tout nanm nou, *

pou nou fè vérité dévan-l,
 lè sa-a l-ap rétownin koté nou, *
 li pap kaché fas li louinj nou ankò.
 Koulié-a gadé, sa-l té fè avèk nou, *
 fè déklarasion pou li ak tout bouch nou.
 Béni Granmèt jistis la, *
 lévé roua sièk yo anlè.
 Mouin minm nan péyi koté-m égzilé-a, m-ap fè louanj li, *
 m-ap montré fòs li ak grandè-l bay nasion péchè yo.
 Konsa sé pou nou konvèti, péchè yo, †
 fè jistis dévan fas li. *
 Sa-k konnin si-l rinmin nou
 épi l-ap fè mizérikòd pou nou ?
 7 Mouin minm ak nanm mouin n-ap di kontantman roua sièl la, *
 épi nanm mouin ap kontan tout jou lavi-l.
 8 Béni Granmèt la, nou tout li chouazi yo, †
 nou tout fè louanj grandè li. *
 Òganizé jou kontantman, fè louanj pou li.

Réf. Fè kè nou kontan nan jou sa yo épi fè déklarasion pou Granmèt la, alélouya.

Réf. 3 Tè-a plin ak mizérikòd Granmèt la, alélouya.

Psòm 32 (33)

Louanj pou Granmèt la k-ap voyé jé sou nou

Tout bagay té fèt palintèmediè-l (Jan 1, 3).

- ¹ Fété nan Granmèt la, nou minm ki kòrèk yo ; *
 louanj la alé ak moun ki douat yo.
² Fè déklarasion pou Granmèt la sou gita, *
 sou instriman dis kòd la, chanté pou li.

- 3 Chanté yon kantik nouvo pou li, *
- 4 joué mizik byin pou li avèk gran bravo,
sèké paròl Granmèt la douat, *
- 5 tout aksion-l yo nan fidélité.
Li rinmin jistis ak jijman ; *
- 6 mizérikòd Granmèt la plin tè-a.
Ak paròl Granmèt la sièl yo fèt, *
- 7 ak souf bouch li tout lamé yo.
Li ranmasé dlo lanmè-a tankou nan yon kalbas, *
- 8 bafon lanmè yo, li séré yo nan ja.
Sé pou tout tè-a respékté Granmèt la, *
- 9 dévan fas li sé pou tout moun sou tè-a tranblé.
Paské li minm li palé, épi bagay yo fèt, *
- 10 li kòmandé, yo kréyé.
Granmèt la gayé plan nasion yo, *
- 11 li bloké kalkil pèp yo.
Min plan Granmèt la rété pou tout tan, *
- 12 kalkil kè-l pou jénérasyon ak jénérasyon.
Ala kontantman pou nasion-an,
- 13 ki gin Granmèt la pou Bondié-l, *
- 14 pèp la li chouazi kòm éritaj li-a.
Antan-l nan sièl la Granmèt la voyé jé-l, *
- 15 li ouè tout pitit moun yo.
Antan-l nan koté li abité-a li voyé-jé-l *
- 16 sou tout moun ki abité tè-a.
li minm ki fòmé kè yo chak, *
- 17 ki égzaminé tout travay yo.
Roua-a pap sové gras a yon kantité lamé, *
- 18 sòlda vanyan-an pap délivré gras a kantité fòs li.
Sé pa vré choual ap sèvi pou sové, *
- ak kantité fòs li, li pap sové.
Min jé Granmèt la sou moun ki krinn li yo, *

- sou moun ki espéré sou mizérikòd li-a,
¹⁹ pou-l délivré nanm yo sot nan lanmò, *
 pou-l ba yo manjé nan grangou.
²⁰ Nanm nou ap tann Granmèt la, *
 paské sékou nou ak protéksion nou sé li minm ;
²¹ paské nan li kè nou ap kontan, *
 épi nan non-l ki sin-an n-ap espéré.
²² Sé pou mizérikòd ou vîn sou nou, Granmèt, *
 tankou nou té espéré sou ou.

Réf. Tè-a plin ak mizérikòd Granmèt la, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki koréponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 1-8

I (N Alèf)

Méditation paròl Granmèt la nan laloua-a

Sa-a sé charité Bondié-a, pou nou kinbé kòmandman-l yo (1 Jn 5, 3).

- 1 Ala kontantman pou moun ki san tach nan chémin-an, *
k-ap maché nan laloua Granmèt la.
- 2 Ala kontantman pou moun yo ki kinbé témouagnaj li yo, *
k-ap chèché-l ak tout kè yo.
- 3 Yo pa fè péché réyèlman, *
nan chémin-l yo y-ap maché.
- 4 Ou té pasé lòd *
pou yo obsèvé kòmandman-ou yo.
- 5 Mouin souété pou chémin-m yo dirijé, *
pou-m kinbé désizion-ou yo !
- 6 Lè sa-a mouin pap ront, *
lè y-ap gadé nan tout kòmandman-m yo.
- 7 M-ap fè déklarasion pou ou nan kè ki douat, *
paské mouin aprann jijman-ou yo ki kòrèk yo.
- 8 M-ap kinbé désizion-ou yo, *
pa lagé-m nan okinn moman.

Psòm 12 (13)

Plint moun kòrèk la antan-l gin konfians nan Granmèt la
Sé pou Bondié éspérans la plin nou ak tout kè kontan (Rom 15, 13).

- 2 Jouskilè Granmèt, ou-ap bliyé-m pou jous lafin ? *
Jouskilè ou-ap viré fas ou louin mouin ?
- 3 Jouskilè ou-ap mété révòlt nan nanm mouin, †
doulè nan kè-m chak jou ? *
- Jouskilè ènmi-m nan ap monté sou mouin ?
- 4 Gadé, kouté-m, Granmèt Bondié mouin. *
- Kléré jé-m, pou-m pa dòmi nan lanmò,
5 pou ènmi-m pa di : †

« Mouin ranpòté viktoua sou li » ; *
 pou sa yo k-ap pèsékité-m yo pa fété, si-m souké.
 6 Kanta mouin minm sé nan mizérikòd ou-a mouin espéré. †
 Kè-m ap fété nan sovè ou sovè-m nan, *
 m-ap chanté pou Granmèt la, ki fè-m jouinn byin yo.

Psòm 13 (14)

Foli méchan yo

Koté fot la minm té vîn anpil la, gras la té débòdé pi plis (Rom 5, 20).

1 Moun fou-a di nan kè-l : « Pa gin Bondié ». †
 Yo pèvèti, yo rann aksion pèvèti ; *
 pa gin pèsonn k-ap fè sa-k bon.
 2 Granmèt la antan-l nan sièl yo, ap obsèvé sou pitit moun yo, *
 pou-l ouè si ginyin ki konprann oubysin k-ap chèché Bondié.
 3 Yo tout yo rébèl ansanm, yo pa vo anyin ; *
 pa gin pèsonn k-ap fè sa-k bon, pa minm yon sèl.
 4 Èské yo pa konnin, tou sa k-ap fè méchansté yo, *
 k-ap manjé pèp mouin-an tankou si y-ap manjé pin ?
 Granmèt la, yo pa rélé-l, †
 5 koté sa-a y-ap tranblé byin tranblé, *
 paské Bondié avèk jénèrasion kòrèk la.
 6 Plan pòv la nou fè-l ront, *
 min Granmèt la sé espérans li.
 7 Kilès k-ap bay sovè Israël la sot nan Siyon ? †
 Lè Granmèt la ap ramné bann égzilé pèp li-a, *
 Jakòb ap fété, Israël ap kontan.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Lékto kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Koulié-a sé ringn Bondié nou-an ki rivé, ak pouvoua Kris li-a, alélouya.

Psòm 19 (20)

Priyè pou roua-a ranpòté viktoua

Épi tout moun k-ap rélé non Granmèt la, l-ap sové (Tr Ap 2, 21).

- ² Sé pou Granmèt la réponn ou, jou tray la, *
sé pou non Bondié Jakòb la protéjé-ou.
- ³ Sé pou-l voyé sékou ba ou, antan-l nan kay sakré-l la, *
antan-l nan Siyon, sé pou-l soutni-ou.
- ⁴ Sé pou-l sonjé tout sakrifis ou-a, *
sakrifis antié-ou la, sé pou-l fè-l plézi.
- ⁵ Sé pou-l ba ou dapré kè ou, *
tou sa-ou désidé, sé pou-l réalizé-l.

- 6 Sé pou nou kontan nan sovè ou sovè nou-an, †
o non Bondié nou-an n-ap lèvé drapo yo ; *
tou sa-ou mandé, sé pou Granmèt la réalisé yo.
- 7 Koulié-a mouin konnin : Granmèt la sovè sa-a li sakré-a : †
li réponn li nan sièl li ki sin-an, *
nan puisans sovè min douat li-a.
- 8 Sa yo sé machîn ak choul, *
min nou minm sé non Bondié Granmèt nou-an n-ap rélé.
- 9 Yo minm yo plouayé, yo tonbé, *
min nou minm nou lèvé, nou rét kanpé fèm.
- 10 Granmèt, sovè roua-a, *
réponn nou, jou n-ap rélé-ou la.

Réf. Koulié-a sé ringn Bondié nou-an ki rivé, ak pouvoua Kris li-a, alélouya.

Réf. 2 Ou té réservoua pouvoua-ou la épi ou té régné, alélouya.

Psòm 20 (21), 2-8. 14

Rékonésans pou viktoua roua-a

Li té réservoua lavi-a, pou-l résisité, épi longè jou yo pou tout tan gin tan
(S. Iréné).

- 2 Granmèt, roua-a ap kontan nan pouvoua-ou, *
sou sovè ou sovè nou-an l-ap fété anpil.
- 3 Ou ba li sa kè-l té anvî-a, *
ou pa réfizé sa bouch li té mandé-a.
- 4 Ou pran dévan-l nan bénédiksion dousè-a ; *
ou mété sou tèt li yon kouròn lò ki gin anpil valè.
- 5 Li té mandé-ou lavi, ou ba li-l, *
longè jou yo pou sièk la ak pou sièk sièk la.
- 6 Gloua li-a gran nan sovè ou sovè nou-an, *

- ou mété grandè ak bèlté sou li ;
⁷ paské ou fè-l sèvi Bénédiksyon pou sièk sièk la, *
 ou fè-l kontan anpil dévan fas ou.
⁸ Paské roua-a éspéré sou Granmèt la, *
 nan mizérikòd Sa-k anro nèt la, li pap chaviré.
^[9 - 13]
¹⁴ Lévé, Granmèt, nan fòs ou; *
 n-a chanté épi n-a fè louanj puisans ou.

Réf. Ou té résévoua pouvoua-ou la épi ou té régné, alélouya.

Réf. 3 Tout kréasyon-ou nan ap sèvi-ou, paské ou té di épi yo té fèt, alélouya.

Kantik

Ap 4, 11 ; 5, 9. 10. 12

Kantik sa yo rachté yo

- ^{4,11} Ou mérité sa, Granmèt ak Bondié nou, *
 pou-ou résévoua gloua ak konsidérasyon ak otorité,
 paské ou té kréyé tout bagay, *
 épi sé akòz volonté-ou yo té fèt, yo té kréyé.
^{5,9} Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la, *
 pou-ou ouété sélé-l yo,
 paské yo té touyé-ou, †
 épi ou rachté nou pou Bondié nan san-ou *
 sot nan tout ras, lang, pèp ak nasion
¹⁰ épi ou fè nou vîn tounin péyi-roua ak prèt pou Bondié nou, *
 n-ap kòmandé kòm roua sou tè-a.
¹² Li mérité, Mouton-an yo té touyé-a, †
 pou-l résévoua puisans, richès, sajès, *
 fòs, onè, gloua ak Bénédiksyon.

Réf. Tout kréasion-ou nan ap sèvi-ou, paské ou té di épi yo té fèt, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

MÈKRÉDI SÉMÈN I

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Mouin rinmin-ou, Granmèt, fòs mouin, alélouya.

Psòm 17 (18), 2-30

Aksion-d-gras pou sovè-a ak viktoua-a

Nan lè sa-a, vîn gin yon gran tranbléman-tè (Ap 11, 13).

I

² Mouin rinmin-ou, Granmèt, fòs mouin. *

³ Granmèt, kay défans mouin kachèt mouin,
ak libératè-m nan ;

Bondié mouin, sékou-m m-ap éspéré nan li ; *
protéktè-m, kòn k-ap sovè-m,
li minm k-ap soutni-m.

- 4 M-ap rélé Granmèt la ki mérité louanj la, *
l-ap sové-m sot nan min énmí-m yo.
- 5 Lanm dlo lanmò yo té vlopé-m, *
épi ravîn Béalial yo té troublé-m ;
- 6 kòd lanfè yo té antouré-m, *
filè lanmò yo té sènin-m.
- 7 Nan tribilasyon mouin-an, mouin té rélé Granmèt la, *
mouin té rélé kot Bondié-m nan ;
li té kouté voua-m, antan-l nan tanp li-a, *
rèl mouin té rivé dévan fas li, nan zòrèy li.

Réf. Mouin rinmin-ou, Granmèt, fòs mouin, alélouya.

Réf. 2 Granmèt la té sové-m paské li té rinmin-m, alélouya.

II

- 8 Tè-a té sézi, li té tranblé ; †
fondasyon mòn yo té frissonnin, yo té sézi, *
paské li té an kòlè.
- 9 Lafimin té monté sot nan nin-l, †
difé sot nan bouch li ap dévoré ; *
chabon difé té limin sot nan li.
- 10 Li té panché sièl yo épi li té désann, *
épi yon nuaj noua anba pié-l yo.
- 11 Li té monté sou yon chéribin, épi li té volé, *
li t-ap plané sou zèl van yo.
- 12 Li té instalé fènoua-a kòm kachèt li, †
toutalantou-l tankou tant li, *
dlo fènoua, nuaj yo ki anlè yo.
- 13 Akòz klèté dévan-l nan,

- nuaj yo té travèsé, *
lagrèl ak chabon difé.
- 14 Granmèt la té grondé sot nan sièl la, †
Sa-k anro nèt la té fè tandé voua-l : *
lagrèl ak chabon difé.
- 15 Li té voyé flèch li yo épi li té gayé yo, *
li té jété zèklè épi li té troublé yo.
- 16 Sous dlo yo té parèt, *
épi fondasion fas tè yo té dévoualé
dévan ménas ou, Granmèt, *
dévan souf van kòlè-ou la.
- 17 Li té voyé antan-l anro-a, li té pran-m, *
li té rétiré-m sot nan gran dlo yo ;
- 18 li té délivré-m sot nan min ènmi-m yo ki gin anpil fòs, †
ak nan min sa-k rayi-m yo, *
paské yo pi fò pasé-m.
- 19 Yo té fonsé sou mouin jou malè-m nan, *
min Granmèt la té sèvi yon apui pou mouin ;
- 20 li té fè-m soti nan éspas laj, *
li té sové-m paské li té rinmin-m.

Réf. Granmèt la té sové-m paské li té rinmin-m, alélouya.

Réf. 3 Ou minm, Granmèt, limin lanp mouin-an ; ou-ap kléré fènoua mouin yo, alélouya.

III

- 21 Granmèt la ap rékonpansé-m
dapré jistis mouin, *
dapré pròpté min-m
l-ap rinnèt mouin.

- 22 sèké mouin kinbé chémin Granmèt la, *
épi mouin pa fè péché sot kot Bondié-m nan.
- 23 Paské tout jijman-l yo dévan-m, *
épi désizion-l yo, mouin pa viré yo sot koté-m ;
- 24 mouin rét intak avèk li, *
épi mouin kinbé tèt mouin louin méchansté-a.
- 25 Granmèt la rinmèt mouin dapré jistis mouin, *
dapré pròpté min-m dévan jé-l yo.
- 26 Avèk sin-an ou-ap sin *
épi avèk moun inosan-an ou-ap inosan
- 27 avèk sa-k nèt la ou-ap nèt *
min ak moun ki pèvèti-a ou-ap gin ladrès.
- 28 Paské pèp pòv la, ou minm minm ou-ap sovè-l, *
épi jé moun yo k-ap fè grandizè yo, ou-ap rabésé yo.
- 29 Paské ou minm minm ou-ap kléré lanp mouin-an, Granmèt ; *
Bondié mouin kléré fènoua mouin yo.
- 30 Paské nan ou m-ap kouri sou bann ènmi yo, *
épi nan Bondié-m nan m-ap travèsé miray la.

Réf. Ou minm, Granmèt, limin lanp mouin-an ; ou-ap kléré fènoua mouin yo, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Sé koté-ou, Granmèt, sous lavi-a yé, alélouya.

Psòm 35 (36)

Méchansté péchè-a, bonté Granmèt la

Moun k-ap suiv mouin, li pap maché nan fènoua, min l-ap gin limiè lavi-a (Jn 8, 12).

- ² Méchansté-a palé tou ba ak péchè-a nan mitan kè-l ; *
 pa gin krint Bondié dévan jé-l yo.
- ³ Paské l-ap flaté pròp tèt li nan fas li, *
 pou-l pa jouinn péché-l la épi pou-l pa rayi-l.
- ⁴ Paròl bouch li sé méchansté ak manti, *
 li pa vlé konpran pou-l aji byin.
- ⁵ L-ap kalkilé méchansté sou kabann li, †
 li kanpé nan tout chémin ki pa bon, *
 sa-k mal la minm, li pa rayi-l.
- ⁶ Granmèt, mizérikòd ou nan sièl la, *
 vérité-ou jous nan nuaj yo ;
- ⁷ jistis ou tankou mòn Bondié yo, †
 jijman-ou yo sé anpil bafon : *
 ni moun yo ni bèt chay yo, ou-ap sové yo, Granmèt.
- ⁸ Ala valè mizérikòd ou-a ginyin, Bondié ! *
 Pitit moun yo ap espéré anba protéksion zèl ou yo ;
- ⁹ Y-ap plin ak richès kay ou, *
 nan riviè plézi-ou, ou-ap fè yo bouè.
- ¹⁰ Paské koté-ou sé sous lavi, *
 nan limiè-ou nou ouè limiè.
- ¹¹ Lonjé mizérikòd ou pou moun ki konnin-ou yo *
 ak jistis ou-a pou sa yo ki gin kè yo douat yo.

- ¹² Sé pa pou pié ògèyé-a rivé koté-m, *
sé pa pou min péchè-a souké-m.
- ¹³ Y-ap tonbé la, sa yo k-ap fè méchansté-a, *
yo chasé yo, yo pa kapab rété.

Réf. Sé koté-ou, Granmèt, sous lavi-a yé, alélouya.

Réf. 2 Ou té voyé Éspri ou la, Granmèt, épi yo té kréyé, alélouya.

Kantik

Jdt 16, 1-2. 13-15

Granmèt la, ki kréyé tè-a, ap protéjé pèp li-a

Y-ap chanté yon kantik nouvo (Ap 5, 9).

- ¹ Bay signal chanté pou Bondié-m nan sou tanbou yo, *
chanté pou Bondié-m nan ak sinbal yo,
joué mélodi yon kantik nouvo pou li, *
lévé non-l anlè, rélé non-l.
- ² Ou sé Bondié k-ap krazé lagè yo, †
ki pozé kanpman nan mitan pèp ou-a, *
pou délivré-m sot nan min sa k-ap pèsékité-m yo.
- ¹³ M-ap chanté yon kantik nouvo pou Bondié-m nan : †
Granmèt, ou gran, ou briyé, *
ou ékstraòdinè nan fòs ou, yo pa kapab dépasé-ou.
- ¹⁴ Tou sa-ou kréyé, sé pou yo sèvi-ou, *
paské ou té palé épi yo té fèt,
ou té voyé léspri-ou, épi yo té kréyé, *
anyin pa kapab rézisté voua-ou.
- ¹⁵ Mòn yo réyèlman ap tranblé sou fondasion yo,
ansanm ak dlo yo, *
ròch yo minm ap fonn tankou lasi dévan fas ou.
Min pou moun ki réspékté-ou yo, *
jous koulié-a ou-ap gin pitié.

Réf. Ou té voyé Éspri ou la, Granmèt, épi yo té kréyé, alélouya.

Réf. 3 Roua tout tè-a sé Bondié; joué psòm avèk sajès, alélouya.

Psòm 46 (47)

Granmèt la roua tout bagay

Li chita adouat Papa-a, é li va roua pou tout tan.

- 2 Tout nasion yo, sé pou nou bat bravo, *
 fè louanj pou Bondié avèk rèl chanté fèt,
 3 paské Granmèt la ki anro nèt la, li térib, *
 roua ki gran anlè tout tè-a.
 4 Li mété pèp yo anba lòd nou *
 ak nasion yo anba pié nou.
 5 Li chouazi éritaj nou pou nou, *
 gloua Jakòb la, sa-a li rinmin-an.
 6 Bondié monté nan gran rèl fèt, *
 Granmèt la monté nan son kléron.
 7 Fè louanj pou Bondié, fè louanj ; *
 fè louanj pou roua nou-an, fè louanj.
 8 Paské Bondié sé roua tout tè-a, *
 fè louanj avèk sajès.
 9 Bondié roua sou nasion yo, *
 Bondié chita sou trôn li ki sin-an.
 10 Chèf pèp yo rasanblé *
 ansanm ak pèp Bondié Abraam nan,
 paské boukliyé tè-a, sé pou Bondié yo yé : *
 li lévé byin ro.

Réf. Roua tout tè-a sé Bondié; joué psòm avèk sajès, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 9-16

II (2 Bèt)

- ⁹ Kòman pou yon jènòm kapab nèt nan chémin-l ? *
- Antan-l kinbé paròl ou yo.
- ¹⁰ Ak tout kè-m mouin té chèché-ou, *
- pa kité-m pèdi rout louin kòmandman-ou yo.
- ¹¹ Nan kè-m mouin kaché promès ou yo, *
- pou-m pa fè péché kont ou.
- ¹² Ou béni, Granmèt ; *
- apwann mouin désizion-ou yo.
- ¹³ Nan po-bouch mouin yo *
- mouin détayé tout jijman bouch ou yo.
- ¹⁴ Nan rout témouagnaj ou yo mouin jouinn plézi-m, *
- tankou nan tout kalité richès.

- ¹⁵ Nan kòmandman-ou yo m-ap médité, *
m-ap obsèvé chémin-ou yo.
- ¹⁶ Nan désizion-ou yo mouin jouinn plézi-m, *
mouin pa bliyé paròl ou-a.

Psòm 16 (17)

Granmèt, sovè-m anba méchan yo

Nan jou li té pasé nan chè-a... antan-l ofri priyè épi li té ékzosé (Ébr 5, 7).

I

- ¹ Kouté jistis mouin, Granmèt, *
panché sou priyè-m.
Paré zòrèy ou nan priyè-m, *
ki pa sot nan bouch manti.
- ² Sé pou jijman-m nan soti nan fas ou ; *
sé pou jé-ou ouè sa ki douat yo.
- ³ Sondé kè-m, vizité-m nan nuit ; †
éséyé-m avèk difé, *
ou pap jouinn méchansté nan mouin.
- ⁴ Bouch mouin pa pasé akoté, nan aksion moun, *
poutèt paròl bouch ou
mouin kinbé tèt mouin louin chémin sa k-ap fè violans yo.
- ⁵ Kinbé plant pié-m nan santié-ou yo, *
pou démach mouin pa tranblé.
- ⁶ Mouin minm sé koté-ou mouin rélé, paské ou kouté-m, Bondié ; *
panché zòrèy ou sou mouin, kouté paròl mouin yo.
- ⁷ Fè mèvèy mizérikòd ou yo parèt, *
ou minm ki sovè moun ki éspéré nan ou yo anba sa k-ap ataké yo,
nan min douat ou.
- ⁸ Protéjé-m tankou grinn jé, †
anba lonbraj zèl ou, protéjé-m *
- ⁹ sot nan fas méchan yo, yo minm k-ap pèsékité-m nan.

II

- Ènmi-m yo ap fè vironn mouin nan kòlè, †
 10 yo fèmin nan gra yo gra-a ; *
 bouch yo ap palé avèk arogans.
- 11 Y-ap avansé koulié-a, y-ap antouré-m, *
 yo désidé jé yo pou yo blayi moun nan tè-a.
- 12 Yo sanblé ak lion ki paré pou dévoré sa-l pran, *
 épi ak pitit lion ki instalé nan kachèt yo.
- 13 Kanpé Granmèt, pran dévan fas li, chiré-l ; *
 raché nanm mouin sot nan min méchan-an, avèk épé ou,
- 14 sot nan mitan mò yo ak min-ou, Granmèt, *
 sot nan mitan mò yo, sa yo ki manké pòsion lavi yo-a.
 Ak rézèv ou yo ki kaché ou plin vant yo, *
 yo gin kont pitit,
 yo kité rèz yo pou désandans yo.
- 15 Kanta mouin minm, nan jistis m-ap ouè fas ou, *
 lè m-ap révéyé, m-ap satisfè dévan fas ou.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Lékту kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Bondié té lèvé-l anlè kòm chèf ak sovè avèk min douat li,
alélouya.

Psòm 26 (27)
Konfians nan danjé yo

I

Min tant Bondié-a avèk moun yo (Ap 21, 3).

- ¹ Granmèt la sé klèté-m, sé sa-k sové-m nan, *
kilès pou-m pè ?
† Granmèt la sé protéksion lavi-m, *
dévan kilès pou-m tranblé ?
- ² Lè moun k-ap chèché fè-m ditò yo proche sou mouin, *
pou yo manjé chè-m ;
sa yo k-ap fè-m pasé tray la ak ènmi-m yo, *
sé yo minm ki fébli, épi ki tonbé.
- ³ Si lamé kanpé anfas mouin, *
kè-m pa gin doua pè ;
si batay lèvé kont mouin,
sé nan sa mouin minm m-ap espéré.
- ⁴ Yon sèl bagay mouin mandé Granmèt la, sé sa m-ap chèché : *
abité kay Granmèt la tout tan lavi-m,

- pou-m ouè dousè Granmèt la, *
 pou-m vizité tanp li-a.
 5 Sèké l-ap kaché-m nan tant li, *
 nan jou malè yo.
 L-ap kaché-m nan kachèt tant li, *
 nan ròch la l-ap lévé-m.
 6 Koulié-a minm, tèt mouin lévé *
 anro ènmi-m yo ki antouré-m yo.
 M-ap ofri sakrifis nan tant li-a, sakrifis louanj, *
 m-ap chanté, m-ap joué mizik pou Granmèt la.

Réf. Bondié té lévé-l anlè kòm chèf ak sovè avèk min douat li, alélouya.

Réf. 2 Mouin kouè m-ap ouè byin Granmèt yo sou tè vivan yo, alélouya.

II

Gin kèk ki lévé antan y-ap bay fo-témouagnaj kont Jézu (Mk 14, 57)

- 7 Granmèt, kouté voua-m k-ap rélé, *
 pitié pou mouin, kouté-m.
 8 Sé sou ou kè-m té di : †
 « Chèché fas mouin ». *
 Sé fas ou, Granmèt, m-ap chèché.
 9 Pa viré fas ou louin-m, *
 pa viré do bay sèvitè-ou la nan kòlè.
 Sé sékou-m ou yé, pa lagé-m, *
 pa abandoné-m, Bondié sovè-m.
 10 Sèké papa-m ak manman-m lagé-m, *
 Granmèt la minm résévoua-m.

- 11 Montré-m chémin-ou nan, Granmèt, *
dirijé-m nan santié douat la poutèt ènmi-m yo.
- 12 Pa rinmèt mouin nan pouvoua bouro-m yo ; †
paské témouin-manti lévé kont mouin; *
sé fè britalité y-ap respiré.
- 13 Mouin kouè m-ap ouè byin Granmèt la *
nan péyi vivan yo.
- 14 Tann Granmèt la, aji avèk kouraj, *
asiré kè-ou, sé pou-ou tann Granmèt la.

Réf. Mouin kouè m-ap ouè byin Granmèt yo sou tè vivan yo, alélouya.

Réf. 3 Sé sot nan li, sé pa lintèrédiè-l, sé nan li, tout bagay égzisté :
gloua pou li nan sièk yo, alélouya.

Kantik

Cf. Kol 1, 12-20

**Kris la, prémié anfanté anvan tout créati
ak prémié anfanté sot nan pami mò yo**

- 12 N-ap di Bondié Papa-a mèsì, *
li minm ki fè nou mérité jouinn pòsion
nan éritaj sin yo nan limiè-a ;
- 13 li minm ki délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, *
ki fè nou travèsé nan péyi-roua Pitit li rinmin-an,
14 sé nan li nou jouinn rédanmsion, *
padon pou péché yo ;
- 15 li minm ki pòtré Bondié yo pa kapab ouè-a, *
sé prémié pitit anvan tou créatu,
16 paské sé nan li tout bagay té kréyé †
nan sièl yo ak sou tè-a, *
sa yo kapab ouè ak sa yo pa kapab ouè yo,

soua trôn, soua pouvoua yo, *
soua gouvènman, soua otorité.

- 17 Tout bagay sé pa pouvoua-l, sé nan li yo kréyé, †
li minm li anvan tout bagay,
tout bagay kanpé nan égzistans nan li.
- 18 Li minm sé tèt kò Égliz la ; †
li sé sous, prémié pitit ki sot nan pami mò yo, *
pou-l kapab kinbé prémié ran-an nan tout bagay,
19 sèké sé nan li Bondié té pran plézi
fè tout bagay nèt abité, *
- 20 épi pa pouvoua-l, l-ap rékonsilié tout bagay nan li,
antan-l fè lapè pa pouvoua san-l ki koulé sou koua-a, *
ni pou sa-k sou tè-a, ni pou sa-k nan sièl yo.

Réf. Sé sot nan li, sé pa lintèmediè-l, sé nan li, tout bagay égzisté :
gloua pou li nan sièk yo, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la,
dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

JÉDI SÉMÈN I

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Paròl Granmèt la sé yon boukliyé li yé, pou tout moun ki espéré nan li yo, alélouya.

Psòm 17 (18), 31-51

Aksion-d-gras

Si Bondié pou nou, kilès k-ap kont nou ? (Rom 8, 31).

IV

³¹ Bondié, rout li san tach, †
paròl Granmèt la sondé nan difé ; *

li protéjé tout moun ki espéré nan li yo.

³² Paské kilès ki Bondié andéyò Granmèt la ? *

Oubyin kilès ki miray-défans, éksépté Bondié nou-an ?

- 33 Bondié ki té maré rin-m ak fòs la, *
 épi ki té mété chémin-m san répròch la ;
- 34 ki té ranjé pié-m tankou pa sèrf yo *
 épi ki té instalé-m sou rotè yo ;
- 35 ki drésé min-m pou batay, *
 épi bra-m pou plouayé ark ki fèt ak bronz la.

Réf. Paròl Granmèt la sé yon boukliyé li yé, pou tout moun ki éspéré nan li yo, alélouya.

Réf. 2 Min douat ou, Granmèt, té soutni-m, alélouya.

V

- 36 Ou té ban-m boukliyé sovè-ou la, †
 épi min douat ou té soutni-m, *
 kouté ou kouté-a, sa grandi-m.
- 37 Ou té laji démach mouin anba pié-m, *
 épi plat pié-m pa tranblé.
- 38 M-ap rapousuiv ènmi-m yo, épi m-ap sézi yo, *
 mouin pap tounin joutan yo détrui.
- 39 M-ap frapé yo, yo pap kapab kanpé, *
 y-ap tonbé anba pié-m yo.
- 40 Ou té maré rin-m ak fòs pou batay la, *
 ou té fè ènmi-m yo plouayé anba-m.
- 41 Ènmi-m yo, ou té fè yo ban-m do, *
 épi sa-k rayi-m yo, ou té gayé yo.
- 42 Yo té rélé, pa-t gin pèsonn pou sovè yo, *
 kot Granmèt la, épi li pa réponn yo.
- 43 Mouin té krazé yo tankou pousiè dévan fas van, *
 tankou labou nan lari, mouin foulé yo.
- 44 Ou délivré-m anba sa pèp la t-ap di kont mouin yo, *

ou mété-m kòm tèt nasion yo.

45 Yon pèp mouin pa-t konnin t-ap sèvi-m, *
kon zòrèy tandé yo té kouté-m.

46 Pitit étranjé yo té flaté-m, †
pitit étranjé yo dépéri, *
épi y-ap tranblé sot nan kachèt yo.

Réf. Min douat ou, Granmèt, té soutni-m, alélouya.

Réf. 3 Sé pou Granmèt la viv, sé pou yo lévé Bondié ki sové-m nan anlè, alélouya.

VI

47 Viv Granmèt la, épi li béni, Sa-a k-ap poté-m sékou-a, *
sé pou yo lévé Bondié Sovè mouin-an anlè.

48 Bondié-a ki ban-m vanjans la, †
épi li plouayé pèp yo anba-m, *
ou minm ki delivré-m anba ènmi-m yo ki an kòlè ;

49 anba sa-k drésé kont mouin yo, ou lévé-m, *
anba moun violans la ou dégajé-m.

50 Sé poua m-ap fè déklarasion pou ou nan nasion ou, Granmèt, *
o non-ou m-ap chanté kantik,

51 antan l-ap fè roua-l la ranpòté gran viktoua, †
antan-l fè mizérikòd pou Kris li-a, *
David ak désandans li pou tout tan.

Réf. Sé pou Granmèt la viv, sé pou yo lévé Bondié ki sové-m nan anlè, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Lévé monté anlè sièl yo, Bondié, alélouya.

Psòm 56 (57)

Priyè granmatin nan mové trétman

Sé soufrans Granmèt la psòm sa-a ap chanté (S. Ogustin).

- 2 Pitié pou mouin, Bondié, pitié pou mouin, *
paské sé nan ou nanm mouin kaché ;
anba lonbraj zèl ou mouin chèché kachèt, *
joustan malè-a pasé.
- 3 Mouin rélé kot Bondié ki Anro nèt la, *
Bondié ki fè-m dibyin-an.
- 4 Sé pou-l voyé sot nan sièl la, pou-l délivré-m ; †
sé pou-l fè sa k-ap krazé-m yo ront. *
Sé pou Bondié voyé mizérikòd li ak vérité-l.
- 5 Nanm mouin kouché nan mitan pitit lion yo *
y-ap dévoré pitit moun yo.
Dan yo sé zam ak flèch, *
lang yo sé épé byin filé.
- 6 Lévé monté anlè sièl yo, Bondié, *
anlè tout tè-a, gloua-ou la.

- 7 Yo té ranjé pièj pou lè m-ap pasé, *
 nanm mouin té répliyé sou li ;
 Yo té fouyé yon fos dévan fas mouin, *
 sé yo ki té tonbé ladan-l.
- 8 Kè-m paré, Bondié, †
 kè-m paré ; *
- 9 m-ap chanté, épi m-ap joué mizik.
 Lévé, gloua mouin, †
 lévé, mandolîn ak bandjo, *
 m-ap révéyé dévan jou-a.
- 10 M-ap fè déklarasion pou ou nan pèp yo, Granmèt, *
 m-ap joué mizik pou ou nan nasion yo,
- 11 paské ou gran, mizérikòd ou rivé jous nan sièl yo, *
 fidélité-ou rivé jous nan nuaj yo.
- 12 Lévé monté anlè sièl yo, Bondié, *
 anlè tout tè-a, gloua-ou la.

Réf. Lévé monté anlè sièl yo, Bondié, alélouya.

Réf. 2 Granmèt la té rachté pèp li-a, alélouya.

Kantik

Jér 31, 10-14

Kontantman pèp la ki libéré-a

Jézu té gin pou-l té mouri... pou pitit Bondié yo, ki té gayé yo, pou yo té kapab rasanblé fè yon sèl (Jan 11, 51. 52).

- 10 Kouté paròl Granmèt la, nasion yo, *
 anonsé sa nan zilé yo ki louin yo, épi di :
 « Sa-a ki té gayé Israèl la, l-ap rasanblé-l, *
 l-ap véyé sou li tankou yon gadyin fè pou bann mouton-l ».
- 11 Sèké Granmèt la rachté Jakòb, *
 li délivré-l sot nan min sa-k pi fò.

- 12 Y-ap rivé, y-ap fè louanj sou mòn Siyon, *
 y-ap vîn ansanm nan byin Granmèt yo,
 sou blé ak divin ak luil, *
 sou ti mouton ak bèf ;
 nanm yo ap tankou jadin ki rouzé, *
 yo pap rékòmansé grangou ankò.
- 13 Lè sa-a vièj la ap kontan nan dans la, *
 ni jèn jan ni granmoun ansanm.
 « M-ap fè dèy yo-a vîn tounin kè kontan, *
 m-ap konsolé yo, m-ap fè réjoui nan plas souffrans yo-a.
- 14 M-ap plin nanm prèt yo ak grès, *
 épi pèp mouin-an ap plin ak byin-m yo ».

Réf. Granmèt la té rachté pèp li-a, alélouya.

Réf. 3 Min Bondié nou-an pou tout tan, alélouya.

Psòm 47 (48)

Aksion-d-gras pou sovè pèp la sovè-a

Li soulvé-m nan éspri anlè yon mòn ki gran... li montré-m vil sin-an Jérusalèm (Ap 21, 10).

- 2 Granmèt la gran, li mérité anpil louanj *
 nan vil Bondié nou-an.
- 3 † Mòn li-a sin, ti mòn li-a bèl, *
 kontantman tout tè-a.
 Mòn Siyon-an, nan bout réjion nò-a, *
 vil gran roua-a.
- 4 Bondié nan kay li yo, yo konnin-l byin, *
 li vîn tounin kachèt.
- 5 Sèké min roua yo rasanblé, *
 yo fè konplo ansanm.

- 6 Kon yo ouè, yo sézi, *
yo trublé, yo pran lafuit ;
- 7 la-a, tranbléman pran yo, *
doulè tankou doulè fi k-ap akouché.
- 8 Nan van olévan *
ou krazé batiman Tarsis yo.
- 9 Jan nou té tandé-a, sé konsa nou ouè
nan vil Granmèt lamé yo, †
nan vil Bondié nou-an ; *
- Bondié instalé-l fèm pou tout tan.
- 10 N-ap kalkilé mizérikòd ou-a, Bondié, *
nan mitan tanp ou-a.
- 11 Dapré non-ou, Bondié, †
konsa louanj ou jous nan bout tè-a ; *
- jistis ou plin min douat ou.
- 12 Mòn Siyon-an ap kontan, †
piti fi Juda yo ap fété, *
- poutèt jijman-ou yo.
- 13 Fè ronn Siyon, épi fè tout tou-l, *
konté sitadèl li yo.
- 14 Mété kè nou nan fòs li, †
égzaminé palè-l yo, *
- pou nou rakonté bay jénérasyon k-ap vini-an.
- 15 Paské sa-a, sé Bondié, Bondié nou-an †
pou tout tan épi pou sièk sièk la ; *
- li minm l-ap kondui nou nan sièk yo.

Réf. Min Bondié nou-an pou tout tan, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 17-24

III (♫ Gimèl)

- 17 Fè sèvitè-ou dibyin, épi m-a viv, *
m-a kinbé paròl ou-a.
- 18 Dèvoualé jé-m yo, *
m-a konsidéré mèvèy nan laloua-ou la.
- 19 Sé étranjé mouin yé sou tè-a, *
pa kaché kòmandman-ou yo ban mouin.
- 20 Nanm mouin ap dépéri tèlman mouin anvi jijman-ou yo, *
pandan tout tan.
- 21 Ou réproché ògèyé yo ; *
yo madichonnin, sa-k kité kòmandman-ou yo.
- 22 Ouété laront ak mépri sot sou mouin, *
paské mouin obsèvé témouagnaj ou yo.
- 23 Minm si chèf yo chita, y-ap palé kont mouin, *
sèvitè-ou la minm ap refléchi sou désizion-ou yo.
- 24 Sèké témouagnaj ou yo sé plézi-m, *
désizion-ou yo sé konsèy mouin.

Psòm 24 (25)

Siplikasyon pou padon-an ak sovè-a

Éspérans la pa fè ront (Rom 5, 5).

I

- | | | |
|----|---|----|
| 1 | Sé koté-ou, Granmèt, mouin lévé nanm mouin, * | א |
| 2 | Bondié mouin, nan ou mouin mét konfians mouin :
mouin pap ront. | ב |
| 3 | Pa kitè ènmi-m yo fè fèt sou mouin, *
réyèlman tout moun ki konté sou ou, yo pap jouinn désépsion.
Sa k-ap pran désépsion yo sé sa k-ap aji san fidélimité yo *
poutèt bagay san konsistans. | ג |
| 4 | Chémin-ou yo, Granmèt, montré-m yo, *
santié-ou yo, aprann mouin yo. | ד |
| 5 | Dirijé-m nan vérité-ou la, ban-m léson, †
paské ou sé Bondié sovè mouin, *
sé ou minm m-ap tann tout lajounin. | ה |
| 6 | Sonjé bon kè-ou yo, Granmèt, *
ak mizérikòd ou yo, paské dépi sièk yo égzisté. | ו |
| 7 | Fòt jèn laj mouin yo, épi péché-m yo, pa sonjé yo ; †
dapré mizérikòd ou, sonjé-m, *
poutèt bon kè-ou, Granmèt. | ז |
| 8 | Granmèt la bon, li kòrèk, *
poutèt sa, li aprann péchè yo chémin-l ; | ח |
| 9 | l-ap dirijé moun ki dosil yo nan jijman-an, *
l-ap aprann moun ki dou yo chémin-l yo. | ט |
| 10 | Tout chémin Granmèt la sé mizérikòd ak vérité *
pou moun ki obsèvé téstaman-l
nan ak témouagnaj li yo. | י |
| 11 | Poutèt non-ou, Granmèt, | יא |

ou-ap padonnin péché-m nan : *
sèké li anpil.

II

- 12 Kilès moun sa-a, ki krinn Granmèt la ? * מ
L-ap aprann li chémin-an, pou-l chouazi-a.
- 13 Nanm li ap rété nan byin yo, * נ
épi désandans li ap éritié tè-a.
- 14 Granmèt la ap aji kòm zanmi avèk moun ki krinn li yo, * ס
pou-l montré yo téstaman-l nan.
- 15 Jé-m tout tan kot Granmèt la, * ע
paské li minm li dégajé pié-m yo sot nan pièj la.
- 16 Voyé jé sou mouin, pran pitié pou mouin, * פ
paské mouin pou kont mouin, mouin pòn.
- 17 Louvri pòt kè-m ki fèmin * צ
déga-jé-m sot nan malè mouin yo.
- 18 Gadé rabésman-m ak fatig mouin, *
padonnin tout fot mouin yo.
- 19 Gadé ènmi-m yo, paské yo vîn anpil, * ר
épi avèk rayisans méchan yo rayi-m.
- 20 Protéjé nanm mouin, déga-jé-m ; * ש
mouin pap ront, paské mouin éspéré sou ou.
- 21 Sé pou-m san fot, sé pou-m douat pou-m jouinn protéksion, * ת
paské mouin konté sou ou.
- 22 Libéré Israèl, Bondié, * פ
anba tout tribilasion-l yo.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm komplémentè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Ou fè dèy mouin-an vîn tounin kè kontan pou mouin, alélouya.

Psòm 29 (30)

Aksion-d-gras poutèt délivrans anba lanmò-a

Kris la, apré réziréksion nan gloua-a, li di Papa-a mèsi (Kasiodòr).

- ² M-ap lévé-ou anlè, Grammèt, paské ou té délivré-m, *
ni ou pa-t kitè ènmi-m yo pran plézi yo sou mouin.
- ³ Grammèt, Bondié mouin, mouin té plinn koté-ou, *
épi ou té géri-m.
- ⁴ Grammèt, ou té ouété lavi-m sot anba tè-a, *
ou té fè-m viv, pou-m pa désann nan fòs la.
- ⁵ Chanté pou Grammèt la, sin-l yo, *
fè déklarasion pou souvni-l ki sin.
- ⁶ Sèké pou yon moman kòlè-l rivé, *
min sé pou lavi volonté-l diré.
Nan asouè gin dlo nan jé, *
nan matin sé kè kontan.

- 7 Mouin minm minm mouin t-ap di nan asirans mouin-an :
« Mouin pap janm tranblé ».
- 8 Granmèt, nan volonté-ou, *
ou té bay garanti fòs pou bèlté mouin-an ;
ou té kaché fas ou louin-m, *
mouin vîn boulvèsé.
- 9 Koté-ou, Granmèt, mouin rélé, *
épi kot Bondié-m nan mouin mandé épagné-m.
- 10 Sa ou-ap jouinn nan san-m, *
lè-m désann nan fòs la ?
Èské pousiè-a ap fè déklarasion pou ou ?
Èské l-ap anonsé vérité-ou la ?
- 11 Kouté, Granmèt, pran pitié pou mouin, *
Granmèt, sé ou k-ap poté-m sékou.
- 12 Ou té chanjé plint mouin-an nan chanté dans, *
ou chiré rad sak mouin-an, ou abiyé-m ak kè kontan,
- 13 pou-m chanté pou ou gloua mouin san rété, *
Granmèt Bondié-m, pou tout tan m-ap fè déklarasion pou ou.

Réf. Ou fè dèy mouin-an vîn tounin kè kontan pou mouin, alélouya.

Réf. 2 Nou rékonsilié ak Bondié gras a lanmò Pitit li-a, alélouya.

Psòm 31 (32)

Ala kontantman pou moun yo padonnin fot li

David di kijan moun sa-a gin kontantman, sa Bondié résévoua-a, li ba-l jistis la san travay yo (Rom 4, 6).

- 1 Ala kontantman pou moun yo padonnin fot li, *
yo kouvri péché-l la.
- 2 Ala kontantman pou moun Granmèt la pa konsidéré kòm koupab la, *
ki pa gin riz nan léspri-l la.

- 3 Poutèt mouin té pé bouch mouin, zo-m t-ap viéyi, *
pandan mouin t-ap rélé tout lajounin.
- 4 Sèké lajounin kon lannuit min-ou té lou sou mouin, *
fòs mouin chanjé nan chalè tan cho-a.
- 5 Mouin fè-ou konnin péché-m nan, *
mouin pa kaché fot mouin-an.
Mouin di : « M-ap déklaré fot mouin-an dévan Granmèt la ». *
- 6 Ou minm ou padonnin fot péché-m nan.
Poutèt sa tout sin ap priyé ou *
nan tan favorab la. *
- Épi nan délij anpil dlo yo *
yo pap proche koté-l.
- 7 Ou sé kachèt mouin, ou-ap protéjé-m sot nan tray la ; *
ou-ap vlopé-m ak fèt sovè ou sovè-m nan.
- 8 M-ap ba-ou intèlijans
épi m-ap aprann ou nan ki rout pou-ou maché ; *
m-ap fiksé jé-m sou ou.
- 9 Pa vîn tounin tankou choual ak milèt, *
ki pa gin intèlijans ;
avèk brid épi mò si-ou avansé pou-ou kinbé yo, *
- yo pap proche koté-ou.
- 10 Anpil doule pou péchè-a, *
sa-k éspéré nan Granmèt la nan mizèrikòd li vlopé-l.
- 11 Fè kè nou kontan nan Granmèt la, fété, nou minm ki kòrèk. *
Lévè tèt nou, nou tout ki gin kè nou douat.

Réf. Nou rékonsilié ak Bondié gras a lanmò Pitit li-a, alélouya.

Réf. 3 Kilès ki kapab konparé avèk ou nan sa-k gin fòs yo, Granmèt ?
Kilès ki kapab konparé avèk ou, ou minm ki gran dépasé tou sa ki sin ?
Alélouya.

Kantik

Ap 11, 17-18 ; 12, 10 b-12 a
Osijè jijman Bondié-a

- 11,17 N-ap di ou mèsi, *
 Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua-a,
 sa-k la-a, ak sa-k té la-a, *
 paské ou té résévoua gran pouvoua-ou la épi ou té kòmandé.
- 18 Nasion yo té fè kòlè, *
 épi min kòlè-ou la rivé, moman pou jijé mò yo,
 pou rinmèt salè-a bay ésklav ou yo,
 profèt yo, ak sin yo, *
 ak sa-k réspèkté non-ou yo, piti yo ak gran yo.
- 12,10 Koulié-a yo sové, épi sé pouvoua-a ak péyi-roua Bondié nou-an *
 ak otorité Kris li-a,
 paské yo jété akizatè frè nou yo, *
 li minm ki t-ap akizé yo dévan fas Bondié nou-an
 lajounin kon lannuit la.
- 11 Épi yo minm yo ranpòté viktoua sou li poutèt san Mouton-an *
 épi poutèt paròl témouagnaj li-a ;
 yo bliyé tèt yo jous yo mouri.
- 12 Sé pou sa sé pou nou kontan, sièl yo, *
 ak sa yo ki abité nan yo.

Réf. Kilès ki kapab konparé avèk ou nan sa-k gin fòs yo, Granmèt ?
 Kilès ki kapab konparé avèk ou, ou minm ki gran dépasé tou sa ki sin ?
 Alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la,
 dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

VANDRÉDI SÉMÈN I

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Lévé, Granmèt, pou poté-m sékou, alélouya.

Psòm 34 (35), 1-2. 3 c. 9-19. 22-23. 27-28

Granmèt la sovè nan pèsékision

Yo té rasanblé... épi yo té fè konplo pou yo té kinbé Jézu nan riz (Mt, 26, 3. 4).

I

¹ Granmèt, jijé sa k-ap jijé-m yo ; *
batay ak sa k-ap fè-m lagè yo.

² Pran zam ak boukliyé, †
épi lévé nan sékou-m, *

^{3c} di nanm mouin : « Sové-ou la sé mouin minm ».

[3 a b ; 4 - 8]

- 9 Nanm mouin minm, ap fété nan Granmèt la ; *
 m-ap mété kontantman-m nan sovè-m nan.
- 10 Tout zo-m ap di : *
 « Granmèt, kilès ki tankou ou ?
 Ou minm ki délivré pòv la sot anba pouvoua sa-k pi fò pasé-l ; *
 pòv la ak maléré-a sot anba min sa k-ap piyé-l la ».
- 11 Fo-témouin lévé, *
 sé sa-m pa konnin y-ap mandé-m ;
- 12 Yo rinmèt mal nan plas byin, *
 san pitié pou nanm mouin.

Réf. Lévé, Granmèt, pou poté-m sékou, alélouya.

Réf. 2 Jijé kòz mouin-an ; défann mouin, paské ou gin pouvoua, Granmèt, alélouya.

II

- 13 Époutan, mouin minm nan maladi yo-a, *
 mouin té abiyé ak sak,
 mouin t-ap rabésé nanm mouin avèk jèn, *
 épi lapriyé-m andan zantray mouin t-ap viré tounin.
- 14 Tankou pou zanmi-m, tankou pou frè-m mouin t-ap maché *
 tankou dèy yon manman, chagrin té dékonpozé-m.
- 15 Lè-m tonbé-a minm, yo kontan, épi yo rasanblé ; *
 yo rasanblé kont mouin antan y-ap frapé-m,
 épi mouin pa-t konnin.
- 16 Yo déchiré-m épi yo pa sispann ; †
 yo tanté-m, yo jouré-m byin jouré, *
 y-ap manjé dan kont mouin.

Réf. Jijé kòz mouin-an ; défann mouin, paské ou gin pouvoua, Granmèt, alélouya.

Réf. 3 Lang mouin, tout jounin, ap médité jistis ou-a, alélouya.

III

- 17 Granmèt mouin, jouskilè ou-ap rét ap gadé ? †
Réprann nanm mouin sot nan méchansté yo, *
sèl sa-m ginyin-an sot anba lion yo.
- 18 M-a fè déklarasion pou ou nan gran asanblé-a, *
nan foul pèp m-ap fè louanj ou.
- 19 Pa kité yo fè fèt sou do-m, ènmi-m yo ki nan manti, *
sa-k rayi-m san rézon yo, k-ap fè sign ak jé yo-a.
- [20 - 21]
- 22 Ou ouè, Granmèt, pa rét an silans ; *
Granmèt mouin, pa rét louin mouin.
- 23 Révéyé-ou épi souké kò-ou pou jijman-m nan ; *
Bondié mouin, Granmèt mouin, pou prosè-m nan.
- [24 - 26]
- 27 Sé pou yo fété, sé pou yo kontan, sa-k rinmin jistis mouin-an,
sé pou yo di tout tan: « Granmèt la gran,
li minm ki vlé lapè sèvitè-l la ».
- 28 Lang mouin ap kalkilé jistis ou-a, *
tout jounin, louanj ou-a.

Réf. Lang mouin, tout jounin, ap médité jistis ou-a, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Sonjé-m, Granmèt Bondié, lè ou-ap vini nan ringn ou-an, alélouya.

Psòm 50 (51)

Bondié, pitié pou mouin

Sé pou nou vîn tou nèf nan jan éspri nou jijé tout bagay épi sé pou nou abiyé nou ak moun nouvo-a (Éféz 4, 23-24).

- 3 Pitié pou mouin, Bondié, *
dapré mizérikòd ou-a ;
dapré kantité pitié-ou, *
éfasé fòt mouin-an.
- 4 Lavé-m nèt sot nan fot mouin-an *
pròpté-m sot nan péché-m nan.
- 5 Sèké fot mouin-an sé mouin minm ki konnin-l, *
péché-m nan dévan-m tout tan.
- 6 Kont ou, kont ou sèl mouin fè péché *
épi sa-k mal dévan-ou la, mouin fè-l,
sé pou yo jouinn ou kòrèk nan désizion-ou, *
douat nan jijman-ou.

- 7 Gadé, nan fot mouin pran nésans, *
nan péché manman-m té poté-m nan vant.
- 8 Gadé, sé vérité ou rinmin nan kè, *
nan sékrè ou fè-m ouè sajàs.
- 9 Nétouayé-m avèk izòp, m-ap vîn pròp ; *
lavé-m, m-a vîn blan pasé lanèj.
- 10 Ou-ap fè-m tandé kontantman ak lajoua, *
épi y-ap fété zo yo ou té krazé yo.
- 11 Viré fas ou louin péché-m yo *
tout fot mouin yo, éfasé yo.
- 12 Kréyé yon kè pròp nan mouin, Bondié, *
réfè yon éspri fèm nan zantray mouin yo.
- 13 Pa jété-m louin fas ou, *
éspri sin-ou nan, pa ouété-l sot nan mouin.
- 14 Rinmèt mouin kè kontan sovè ou sovè nou-an, *
asiré-m ak éspri ki pi vif la.
- 15 M-ap aprann péchè yo chémin-ou yo, *
méchan yo ap tounin vîn jouinn ou.
- 16 Libéré-m sot nan san yo, Bondié, Bondié sovè mouin, *
lang mouin ap chanté jistis ou.
- 17 Granmèt, louvri po bouch mouin, *
bouch mouin ap anonsé louanj ou.
- 18 Ou pap pran plézi nan sakrifis, *
sakrifis antié, si-m ofri-l, li pap fè-ou plézi.
- 19 Sakrifis pou Bondié, sé yon éspri krazé, *
yon kè krazé, rabésé, Bondié pap méprizé-l.
- 20 Aji ak bon kè pou Siyon, Granmèt, nan bòn volonté ou, *
pou miray Jérusalèm yo kapab rébati.
- 21 Lè sa-a ou-a aksépté sakrifis jistis,
kado avèk sakrifis antié ; *
lè sa-a y-a mété ti toro sou otèl ou-a.

Réf. Sonjé-m, Granmèt Bondié, lè ou-ap vini nan ringn ou-an, alélouya.

Réf. 2 Réyèlman vré, ou sé Bondié ki kaché, Bondié Israèl, Sovè, alélouya. †

Kantik

Iz 45, 15-25

Tout nasion yo ap tounin vîn jouinn Granmèt la
O non Jézu, tout jénou fèt pou plouayé (Fil 2, 10).

- ¹⁵ Réyèlman vré, ou sé yon Bondié ki kaché, *
Bondié Israèl, sovè nou.
- ¹⁶ † Yo tout té ront, yo té blijé bésé tèt yo, *
yo t-alé ansanm byin ront, moun k-ap fè zidòl yo.
- ¹⁷ Sé Granmèt la qui sovè Israèl, li sovè-l pou tout tan ; *
nou pap ront ankò, nou pap blijé bésé tèt nou
jous nan sièk sièk la.
- ¹⁸ Paské min sa Granmèt la di, †
li minm ki kréyé sièl yo, li minm Bondié, *
ki fòmé tè-a, épi ki fè-l, li minm ki pozé fondasion-l ;
sé pa pou-l té vid li té kréyé-l, †
sé pou yo té kapab abité-l li té fòmé-l : *
« Sé mouin minm Granmèt la, épi pa gin lòt.
- ¹⁹ Sé pa an kachèt mouin té palé, *
nan yon réjion ki fènoua sou tè-a ;
mouin pa-t di ras Jakòb la :
“Chèché-m pou pèdi tan”. *
Sé mouin minm Granmèt la ki di sa ki kòrèk,
ki anonsé sa ki douat.
- ²⁰ Rasanblé, vini, proche ansanm, *
nou minm ki té sovè sot nan pami nasion yo.

- Yo pa konprann, moun sa yo k-ap poté zidòl boua yo, *
- k-ap priyé yon dié ki pa kapab sovè-a.
- 21 Anonsé, vini, an nou réfléchi ansanm. *
- Kilès ki té fè konnin sa dépi nan kòmansman,
ki té dévoualé-l dépi lè sa-a ?
- Èské sé pa mouin minm Granmèt la, †
pa gin dèt Bondié an déyò-m ? *
- Bondié ki kòrèk, épi k-ap sovè moun, pa gin sa andéyò-m.
- 22 Tounin vîn jouinn mouin, épi n-a sovè,
nou tout limit tè-a, *
- paské sé mouin minm Bondié, épi pa gin lòt.
- 23 Sé sou pròp tèt mouin mouin té fè sèman : †
Jistis la soti nan bouch mouin, *
- paròl la ki pap tounin-an :
paské dévan-m tout jénou ap plouayé, *
- épi tout lang ap fè sèman ».
- 24 Konsa sé pou yo di : « Sé nan Granmèt la sèlman *
ki gin jistis ak fòs ! ».
- Koté-l y-ap vini épi y-ap ront †
tou moun ki té répousé-l yo : *
- 25 nan Granmèt la l-ap jouinn jistis ak louanj
tout désandans Israèl la.

Réf. Réyéلمان vré, ou sé Bondié ki kaché, Bondié Israèl, Sovè, alélouya.

Réf. 3 Sèvi Granmèt la ak kè kontan, alélouya.

Lè psòm ki suiv la yo té anplouayé-l pou Invitatoua-a, nan plas li y-ap di psòm 94 (95), 541.

Psòm 99 (100)

Kè kontan sa yo k-ap antré nan tanp la

Sa li rachté yo, Granmèt la ba yo lòd pou yo chanté chan viktoua (S. Atanaz).

- ² Pousé rèl fèt pou Granmèt la, tout tè-a, *
 sèvi Granmèt la nan kè kontan ;
 antré dévan fas li *
 avèk gran fèt.
- ³ Konnin Granmèt la sé li minm ki Bondié ; †
 sé li minm ki fè nou, sé pou li nou yé, *
 pèp li ak mouton pak li.
- ⁴ Antré nan pòtay li yo avèk louanj, †
 nan lakou-l yo avèk kantik, *
 fè déklarasion pou li, béni non-l.
- ⁵ Sèké Granmèt la bon ; †
 pou tout tan mizérikòd li, *
 jous nan jénérasyon ak jénérasyon vérité-l la.

Réf. Sèvi Granmèt la ak kè kontan, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 25-32

IV (7 Dalèt)

- 25 Nanm mouin kolé nan pouziè-a ; *
fè-m viv dapré paròl ou-a.
- 26 Mouin rakonté chémin-m yo, ou kouté-m ; *
apranm mouin désizion-ou yo.
- 27 Fè-m konprann chémin kòmandman-ou yo, *
m-a réfléchi sou mèvèy ou yo.
- 28 Nanm mouin ap kriyé ak lapinn ; *
fè-m kanpé daprén paròl ou-a.
- 29 Viré chémin manti-a louin-m, *
ban-m laloua-ou la avèk bon kè-ou.
- 30 Mouin chouazi chémin vérité-a, *
mouin mété jijman-ou yo dévan-m.
- 31 Mouin kolé nan témouagnaj ou yo, Granmèt ; *
pa kité mouin ront.
- 32 Nan chémin kòmandman-ou yo m-ap kouri, *
paské ou fè kè-m vîn laj.

Psòm 25 (26)

Konfians ak priyè sa-k inosan-an

Bondié té chouazi nou nan Kris la, pou nou té kapab sin épi san tach

(Éféz 1, 4).

¹ Jijé-m, Granmèt, †
paské sé nan inosans mouin m-ap maché *

- épi antan-m éspéré nan Granmèt la mouin pap fébli.
 2 Éséyé-m, Granmèt, sondé-m ; *
 boulé rin-m ak kè-m.
 3 Paské mizérikòd ou-a li dévan jé-m, *
 mouin maché nan vérité-ou la.
 4 Mouin pa-t chita ak moun vanité *
 épi moun k-ap aji an kachèt yo mouin pa-t antré koté yo.
 5 Mouin té rayi asanblé méchansté yo *
 épi avèk péchè yo mouin pap chita.
 6 M-ap lavé min-m nan inosans *
 épi m-ap fè tout tou lotèl ou-a, Granmèt,
 7 pou-m fè tandé voua louanj *
 épi pou-m rakonté tout mèvèy ou yo.
 8 Granmèt, mouin té rinmin chanm kay ou-a *
 épi koté gloua-ou la abité-a.
 9 Pa ranmasé nanm mouin ansanm avèk méchan yo *
 épi lavi-m avèk moun san yo,
 10 nan min yo sé péché, *
 min douat yo plin kado.
 11 Mouin minm minm sé nan inosans mouin m-ap maché, *
 rachté-m, pran pitié pou mouin.
 12 Pié-m kanpé nan sa ki douat, *
 nan asanblé yo m-ap béni Granmèt la.

Psòm 27 (28), 1-3. 6-9

Siplikasion ak aksion-d-gras

Papa, mouin di ou mèsì poutèt ou kouté-m (Jan 11, 41).

- 1 Sé koté-ou, Granmèt, mouin rélé ; *
 Bondié mouin, pa rét soud vizavi mouin.
 Poutèt si-ou pa kouté-m, *
 m-ap sanblé ak sa k-ap désann nan fòs yo.

2 Kouté voua priyè-m, pandan m-ap rélé koté-ou, *
pandan m-ap lonjé min-m kot tanp ou-a ki sin-an.

3 Pa trinnin-m avèk koupab yo, *
épi avèk sa k-ap fè injistis yo.
Y-ap palé lapè avèk zanmi yo, *
épi mal nan kè yo.

[4-5]

6 Li béni, Granmèt la, †
paské li kouté voua lapriyè-m ; *
7 Granmèt sékou-m ak protéksion-m,
nan li kè-m éspéré, mouin jouinn sékou, †
kè-m ap fété, *
m-ap fè déklarasion pou li ak kantik mouin.

8 Granmèt la sé fòs pèp li-a, *
sé kachèt pou Kris li-a sové.

9 Sové pèp ou-a, béni éritaj ou-a, *
souin yo, poté yo sékou jous pou tout tan.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Poutèt nou Kris la vîn pòv, pou nou té kapab vîn rich, alélouya.

Psòm 40 (41)
Priyè yon malad

Youn nan nou ap trayi-m, youn k-ap manjé ansanm avèk mouin (Mk 14, 18).

- ² Ala kontantman pou moun ki fè atansyon pòv la, *
jou malè-a Granmèt la ap délivré-l.
- ³ Granmèt la ap kinbé-l, l-ap ba-l lavi, †
l-ap fè-l jouinn kontantman sou tè-a, *
li pap lagé-l nan nanm ènmi-l yo.
- ⁴ Granmèt la ap poté-l sékou sou kabann doulè-l la ; *
tout kabann li-an, ou-ap viré-l nan maladi-l la.
- ⁵ Mouin minm mouin té di : « Granmèt, pitié pou mouin ; *
géri nanm mouin, paské mouin fè péché kont ou ».
- ⁶ Ènmi-m yo ap palé mal sou mouin : *
« Kilè pou-l mouri, épi pou non-l disparèt ? ».
- ⁷ Si youn vini, pou-l ouè, sé bagay san konsistans kè-l ap palé ; †
l-ap rasanblé méchansté pou li, *
kon-l soti déyò, li kòmansé palé.
- ⁸ Yo fè yon sèl kont mouin, y-ap palé tou ba tout ènmi-m yo, *
kont mouin y-ap kalkilé malè pou mouin:
- ⁹ « Mové chatiman tonbé sou li, *
koté-l kouché-a, li pa gin doua lévé ankò ».
- ¹⁰ Minm moun lapè mouin, sa konfians mouin nan li, *
k-ap manjé pin mouin,
li lévé talon kont mouin.

- 11 Min ou minm, Granmèt, pitié pou mouin, *
épi fè-m lévé, épi m-ap korésponn ak yo.
- 12 Nan sa m-a rèkonèt ou rinmin-m, *
paské ènmi-m nan pap gin kè kontan sou mouin ;
- 13 kanta mouin minm poutèt inosans mouin, ou té résévoua-m, *
ou té fè-m kanpé dévan fas ou pou tout tan.
- 14 Li béni, Granmèt Bondié Israèl la *
dépi sièk é jous nan sièk. Amèn, amèn.

Réf. Poutèt nou Kris la vîn pòv, pou nou té kapab vîn rich, alélouya.

Réf. 2 Fòs kouran gran riviè-a réjoui vil Bondié-a, alélouya.

Psòm 45 (46)

Bondié sé kachèt ak fòs

Y-ap rélé non-l Émanuèl, sa vlé di “Bondié avèk nou” (Mt 1, 23).

- 2 Bondié sé kachèt nou ak fòs nou, *
li poté nou anpil sékou nan tribilasyon nou yo.
- 3 Sé poussa nou pap pè, minm si tè-a chanjé, *
minm si mòn yo travèsé nan fon lanmè-a.
- 4 Dlo lanmè yo mèt grondé, yo mèt gonflé, *
mòn yo mèt tranblé lè lanmè-a ap soulvé-a.
- 5 Kouran riviè yo mét kè kontan nan vil Bondié-a, *
nan tant Sa-a ki anro nèt la, tant ki sin yo.
- 6 Bondié nan mitan-l, li pap souké ; *
Bondié ap poté-l sékou granmatin dévan jou.
- 7 Nasion yo grondé, péyi-roua yo souké ; *
li lévé voua-l, tè-a fonn.
- 8 Granmèt lamé yo avèk nou, *
kachèt pou nou, Bondié Jakòb la.

- 9 Vini, n-a ouè travay Granmèt la, *
li mété prodij sou tè-a.
Li fè lagè sispann jous nan limit tè-a, †
- 10 ark la, li kasé-l épi li krazé lans la, *
boukliyé yo, li boulé yo nan difé.
- 11 Rét trankil, épi rékonèt mouin minm mouin Bondié : *
mouin lévé anlè nasion yo, mouin lévé anlè tè-a.
- 12 Granmèt lamé yo avèk nou, *
kachèt pou nou, Bondié Jakòb la.

Réf. Fòs kouran gran riviè-a réjoui vil Bondié-a, alélouya.

Réf. 3 An nou chanté pou Granmèt la: sé ak gloua réyèlman li montré jan li gran, alélouya.

Kantik

Ap 15, 3-4

Kantik adorasion

- 3 Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, *
Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua ;
yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo, *
Roua nasion yo !
- 4 Kilès ki pap krinn ou, Granmèt, *
épi ki pap fè gloua pou non-ou ?
Paské ou minm sèl ou Sin, †
paské tout nasion yo ap vini
y-ap adoré nan fas ou, *
paské jijman-ou yo parèt klè.

Réf. An nou chanté pou Granmèt la: sé ak gloua réyèlman li montré jan li gran, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

SAMDI SÉMÈN I

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Chanté pou Granmèt la, sonjé mèvèy li té fè yo, alélouya.

Psòm 104 (105)

Granmèt la fidèl nan promès li yo

Apot yo montré nasion yo mèvèy Bondié yo lè-l vini-an (S. Atanaz).

I

- ¹ Fè déklarasion pou Granmèt la, rélé non-l, *
anonsé travay li nan pami nasion yo.
- ² Chanté pou li, joué mizik pou li, *
médité sou tout mèvèy li yo.
- ³ Fè louanj nou nan non-l ki sin-an, *
sé pou kè moun yo k-ap chèche Granmèt la kontan.

- 4 Chèché Granmèt la ak puisans li, *
chèché fas li tout tan.
- 5 Sonjé mèvèy li fè yo, *
prodij li ak jijman bouch li :
- 6 ras Abram, sèvitè-l, *
pitit Jakòb, sa-a li chouazi-a.
- 7 Sé li minm Granmèt Bondié nou-an ; *
sou tout tè-a jijman-l yo.
- 8 Li té sonjé téstaman-l nan pou tout tan, *
paròl li té kòmandé bay mil jénérasyon yo,
- 9 sa-l té pasé avèk Abraam nan, *
sèman li té fè bay Izaak la.
- 10 Li instalé-l pou Jakòb kòm yon désizion, *
pou Israèl kòm yon téstaman pou tout tan
- 11 antan-l di : « M-ap ba ou tè Kanaan-an *
kòm pòsion éritaj nou-an ».
- 12 Lè yo té yo nan ti kantité, *
yo pa-t anpil, sé étranjé yo té yé nan koté-a,
- 13 yo déplasé sot nan yon nasion al nan yon lòt nasion, *
sot nan yon péyi-roua al nan yon lòt pèp,
- 14 li pa pèmèt pèsonn maltrété yo, *
li korijé roua yo poutèt li :
- 15 « Pa touché sa-m sakré yo, *
profèt mouin yo, pa fè yo anyin ki mal ».

Réf. Chanté pou Granmèt la, sonjé mèvèy li té fè yo, alélouya.

Réf. 2 Moun kòrèk la yo té vann nan, Granmèt la pa-t lagé-l, min anba péchè yo li té libéré-l, alélouya.

- 16 Li té rélé grangou sou tè-a, *
épi li té kasé tout baton pin.
- 17 Li té voyé yon moun dévan yo, *
sé Jozèf yo té vann kòm ésklav la.
- 18 Yo té fiksé pié-l yo nan chinn, *
yo té pasé kou-l nan fè,
- 19 joustan paròl li-a rivé, *
promès Granmèt la té nètouayé-l.
- 20 Roua-a té voyé lagé-l, *
chèf pèp yo, épi li té ranvouayé-l ;
- 21 li té instalé-l kòm mèt kay li, *
kòm chèf sou tou sa-l posédé,
- 22 pou-l fòmé chèf li yo tankou pròp tèl li, *
pou-l aprann ansyin yo bon jijman.

Réf. Moun kòrèk la yo té vann nan, Granmèt la pa-t lagé-l, min anba péchè yo li té libéré-l, alélouya.

Réf. 3 Granmèt la té sonjé paròl li ki sin-an, épi li té fè pèp li-a soti nan fèt, alélouya.

III

- 23 Israèl té antré nan Éjip, *
Jakòb vîn étranjé nan péyi Kam nan.
- 24 Li té fè pèp li-a dévlopé anpil, *
li té asiré-l ak fòs anro ènmi-l yo.
- 25 Li té viré kè yo, pou yo rayi pèp li-a, *
pou yo fè riz avèk sèvitè-l yo.
- 26 Li té voyé Moyiz sèvitè-l la, *
Aaron sa-a li té chouazi-a.

- 27 Li té mété paròl sign li yo nan yo *
ak prodij li yo nan péyi Kam nan.
- 28 Li té voyé fènoua, vîn gin fènoua vré, *
yo fè rébèl ak paròl li-a.
- 29 Li té fè dlo yo vîn tounin san, *
li té fè pouason yo mouri.
- 30 Li té manjé péyi yo-a ak krapo, *
jous nan chanm roua yo.
- 31 Li té pasé lòd, moustik rivé, *
yon pakèt maringouin nan tout réjion yo-a.
- 32 Li té voyé lagrèl nan plas laplui yo, *
difé k-ap boulé nan péyi yo-a.
- 33 Li té frapé jadin rézin yo ak pié fig yo, *
li té krazé pié boua réjion yo-a,
- 34 Li té pasé lòd, krikèt vini, *
gro krikèt yo pa kapab konté,
- 35 li té dévoré tout plant nan péyi yo-a, *
li té dévoré sa tè yo fîn produi-a.
- 36 Li té frapé tout prémié pitit nan péyi yo-a, *
prémié pitit tout fòs yo.
- 37 Li té fè yo soti avèk lajan ak lò ; *
pa-t gin malad nan ras pa yo-a.
- 38 Éjip kontan poutèt yo pati-a, *
paské yo té fè sézisman tonbé sou yo.
- 39 Li louvri yon nuaj kòm protéksion, *
avèk yon difé pou kléré yo nannuit.
- 40 Yo mandé, pintad rivé, *
li té satisfè yo ak pin ki sot nan sièl la.
- 41 Li té fann ròch la, dlo koulé, *
lariviè yo koulé nan tè sèk la.
- 42 Paské li té sonjé paròl li ki sin-an, *
sa-l bay Abraam sèvitè-l la.

- ⁴³ Li té minnin pèp li-a soti ak nan fèt, *
sa yo li chouazi-a nan kè kontan.
- ⁴⁴ Li té ba yo péyi nasion yo, *
yo pran frui travay pèp yo kòm pròp byin pa yo,
- ⁴⁵ pou yo obsèvé désizyon-l yo, *
pou yo kinbé laloua-l la.

Réf. Granmèt la té sonjé paròl li ki sin-an, épi li té fè pèp li-a soti nan fèt, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Dapré mizérikòd ou-a fè-m viv, Granmèt, alélouya.

Psòm 118 (119), 145-152

XIX (ᵂ Kòf)

- ¹⁴⁵ Mouin té rélé ak tout kè-m, kouté-m, Granmèt ; *
m-ap obsèvé désizyon-ou yo.

- ¹⁴⁶ Mouin té rélé koté-ou, sovè-m, *
m-ap kinbé témouagnaj ou-a.
- ¹⁴⁷ Mouin té lévé anvan dévan-jou, mouin té rélé, *
nan paròl ou yo mouin té éspéré byin éspéré.
- ¹⁴⁸ Jé-m té louvri anvan vijil yo, *
pou-m médité promès ou yo.
- ¹⁴⁹ Kouté voua-m dapré mizérikòd ou-a, Granmèt, *
dapré jijman-ou nan fè-m viv.
- ¹⁵⁰ Yo t-ap proche, sa yo k-ap pèsékité-m nan méchansté yo, *
min yo rét louin laloua-ou la.
- ¹⁵¹ Ou tou pré, Granmèt, *
tout lòd ou yo sé vérité.
- ¹⁵² Dépi nan kòmansman mouin té konnin osijè témouagnaj ou yo, *
sé dépi tout tan ou fiksé yo.

Réf. Dapré mizérikòd ou-a fè-m viv, Granmèt, alélouya.

Réf. 2 Sa yo ki té ranpòté viktoua-a t-ap chanté kantik Moyiz la, sèvitè Bondié-a, ak kantik Mouton-an, alélouya.

Kantik

Égz 15, 1-4 b. 8-13. 17-18

Imn viktoua apré pasaj lanmè Rouj la

Sa yo ki té ranpòté viktoua sou bèt la, yo t-ap chanté kantik Moyiz, sèvitè Bondié-a (Cf. Ap 15, 2-3).

- ¹ An nou chanté pou Granmèt la : †
paské li tiré gloua anpil : *
choual ak kavalié, li jété yo nan lanmè.
- ² Fòs mouin ak rézistans mouin, sé Granmèt la, *
li vîn tounin pou mouin sa-a ki sovè-m nan.
Li minm sé Bondié-m, *
m-ap fè louanj li ;

- Bondié papa-m nan, *
 m-ap lévé-l anlè !
- 3 Granmèt la tankou yon gason k-ap batay ; *
 Granmèt sé non-l sa !
- 4 Chario faraon ak lamé-l la *
 li jété yo nan lanmè-a.
- 8 Nan van kòlè-ou dlo yo rasanblé ; †
 sa-k konn koulé-a, li kanpé tankou yon dig, *
 bafon dlo yo rasanblé nan mitan lanmè-a.
- 9 Ènmi-an té di : « M-ap rapousuiv, m-ap sézi ; †
 m-ap séparé piyay, min mouin ap plin : *
 m-ap ouété épé-m, min-m ap touyé yo ! ».
- 10 Souf ou souflé, lanmè-a kouvri yo ; *
 yo plonjé tankou plon nan dlo yo ki gin fòs yo.
- 11 Kilès ki tankou-ou nan pami dié yo, Granmèt ? †
 Kilès ki tankou-ou, ki gran nan jan-ou sin, *
 ki tèrib épi ki mérité louanj, antan ou-ap fè mèvèy ?
- 12 Ou té lonjé min-ou, tè-a dévoré yo. *
- 13 avèk mizérikòd ou,
 ou kondui pèp sa-a ou té rachté-a,
 avèk fòs ou, ou minnin-l *
 nan kay ou ki sin-an.
- 17 Ou-ap fè yo antré, ou-ap planté yo *
 sou mòn éritaj ou-a,
 kay ou-a ki solid la, †
 sa-ou fè-a, Granmèt, *
 sanktuè-a, Granmèt,
 sa min-ou té instalé fèm nan.
- 18 Granmèt la ap roua *
 pou tout tan san rété.

Réf. Sa yo ki té ranpòté viktoua-a t-ap chanté kantik Moyiz la, sèvitè Bondié-a, ak kantik Mouton-an, alélouya.

Réf. 3 Mizérikòd li-a asiré sou nou, alélouya.

Psòm 116 (117)

Louanj Granmèt la ki pran pitié

Mouin di... nasion yo minm sé poutèt mizérikòd la y-ap bay Bondié gloua (Éb 13, 15).

- ¹ Fè louanj Granmèt la, tout nasion yo, *
† fè louanj li ansanm, tout pèp yo.
- ² Paské li asiré mizérikòd li sou nou, *
vérité Granmèt la diré pou tout tan.

Réf. Mizérikòd li-a asiré sou nou, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 33-40

V (𐤅 Hé)

- 33 Pozé laloua-a pou mouin, Granmèt, chémin désizion-ou yo, *
m-a obsèvé-l tout tan.
- 34 Ban-m intélijans, m-a obsèvé laloua-ou la, *
m-a kinbé-l ak tout kè-m.
- 35 Kondui-m nan santié kòdmanman-ou yo, *
paské sé sa mouin vlé.
- 36 Panché kè-m nan témouagnaj ou yo, *
pa nan rinmin lajan.
- 37 Viré jé-m yo pou yo pa ouè sa-k pa vo anyin-an ; *
nan chémin-ou yo ban-m lavi.
- 38 Kinbé promès ou fè sèvitè-ou la, *
pou yo kapab krinn ou.
- 39 Ouété mank-déga y-ap fè-m yo, sa-m pè yo, *
paské jijman-ou yo sé kontantman.
- 40 Mouin anvi kòmandman-ou yo ; *
nan jistis ou-a, fè mouin viv.

Psòm 33 (34)

Granmèt la sové moun kòrèk yo

Nou gouté kijan Granmèt la bon (1 Piè 2, 3).

I

- 2 M-ap béni Granmèt la nan tout tan, * Ⲁ
louanj li toujou nan bouch mouin.
- 3 Nan Granmèt la nanm mouin ap jouinn konsidérasion-l, * Ⲃ
sé pou sa-k dou yo tandé, pou yo kontan.

- 4 Fè louanj Granmèt la avèk mouin, * ג
sé pou nou lévé non-l anlè ansanm.
- 5 Mouin chèché Granmèt la, li réponn mouin ; * 7
anba tou sa k-ap fè-m pè, li délivré-m.
- 6 Gadé nan diréksion-l, n-ap kléré, * 7
fas nou pap ront.
- 7 Pòv sa-a rélé, † 7
Granmèt la kouté-l, *
anba tout tribilasyon li li sovè-l.
- 8 Anj Granmèt la ap monté lagad alantou moun ki krinn li yo * 7
épi l-ap délivré yo.
- 9 Gouté, épi n-a ouè jan Granmèt la bon ; * 8
ala kontantman pou moun ki espéré nan li.
- 10 Krinn Granmèt la, nou minm sin-l yo, * 9
paské pa gin grangou pou moun ki krinn li yo.
- 11 Rich yo nan bézouin, yo grangou, * 8
sa k-ap chèché Granmèt la minm,
yo pap manké okinn byin.

II

- 12 Vini, pitit mouin yo, kouté-m : * 7
m-ap aprann nou krint Granmèt la.
- 13 Kilès moun sa-a ki vlé lavi-a, * 7
ki rinmin jou pou-l ouè byin-an ?
- 14 Pa kité lang ou fè sa-k mal, * 7
pa kité po bouch ou palé manti.
- 15 Viré do bay mal, fè byin, * 8
chèché lapè, rapousuiv li.
- 16 Jé Granmèt la sou moun ki kòrèk yo, * 7
zòrèy li sou rèl yo.

- 17 Fas Granmèt la minm sou moun k-ap fè mal yo, * פ
 pou-l fè souvni yo disparèt sot sou tè-a.
- 18 Yo rélé, Granmèt la tandé, * צ
 anba tout tribilasyon yo li délivré yo.
- 19 Granmèt la tou pré moun ki gin kè yo krazé yo, * ק
 l-ap sovè sa-k gin éspri yo boulvèsé yo.
- 20 Moun ki kòrèk yo jouinn anpil tribilasyon, * ר
 min Granmèt la ap délivré yo sot nan tout.
- 21 L-ap protéjé tout zo yo, * ש
 youn nan yo pap krazé.
- 22 Méchansté-a ap touyé méchan-an, * ת
 moun ki rayi sa-k kòrèk la, y-ap jouinn pinision.
- 23 Granmèt la ap rachté nanm sèvitè-l yo, * פ
 li pap pini tout moun ki éspéré nan li yo.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm komplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

SÉMÈN II DIMANCH

Pou Prèmié Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Sizièm dimanch Pak: Moun ki fè vérité-a, li vîni kot limiè, alélouya.

Psòm 118 (119), 105-112

XIV (J Nûn)

- ¹⁰⁵ Lanp pou pié mouin yo paròl ou-a, *
limiè pou santié-m yo.
- ¹⁰⁶ Mouin fè sèman, mouin rété fidèl *
pou-m kinbé jijman jistis ou-a.
- ¹⁰⁷ Mouin rabésé jous nan fon, Granmèt ; *
fè-m viv dapré paròl ou-a.
- ¹⁰⁸ Ofrann bouch mouin-an, sé pou yo fè-ou plézi, Granmèt, *
jijman-ou yo, aprann mouin yo.
- ¹⁰⁹ Nanm mouin nan min-m tout tan, *
laloua-ou la, mouin pa bliyé-l.
- ¹¹⁰ Péchè yo pozé pièj pou mouin, *
mouin pa dévié sot nan kòmandman-ou yo.
- ¹¹¹ Éritaj mouin sé témouagnaj ou yo pou tout tan, *
paské sé kontantman kè-m yo yé.

¹¹² Mouin panché kè-m pou fè jistis ou yo *
pou tout tan, jouskalafin.

Sizièm dimanch Pak: Réf. Moun ki fè vérité-a, li vîni kot limiè,
alélouya.

Réfrin 2

Sizièm dimanch Pak: Antan soufrans anba tè yo défèt, Granmèt la té
résisité, alélouya.

Psòm 15 (16)

Granmèt la sé pòsion éritaj mouin

*Bondié fè Jézu lévé antan-l dégajé-l sot nan soufrans lanmò-a (Tr Ap 2,
24).*

- ¹ Prézèvé-m, Bondié, *
paské mouin éspéré nan ou.
- ² Mouin di Granmèt la : « Sé Granmèt mouin mouin ou yé, *
byin pou mouin, pa gin sa, sof ou minm ».
- ³ Sin yo sou tè-a, moun ki mérité respè yo, *
tout plézi-m sé nan yo li yé.
- ⁴ Yo fè soufrans yo vîn anpil, *
sa yo k-ap kouri dèyè dié étranjé yo.
Mouin pap vidé likè sakrifis sot nan san ba yo, *
mouin pap kité non yo monté nan bouch mouin
- ⁵ Granmèt, pòsion éritaj mouin ak kalis mouin : *
sé ou minm ki kinbé déstiné mouin.
- ⁶ Chinn apantè yo tonbé pou mouin nan koté ki fè-m plézi, *
réyèlman vré éritaj mouin-an satisfè-m.
- ⁷ M-ap béni Granmèt la ki ban-m intéljans ; *
minm nannuit rin-m ban-m léson.

- 8 Mouin té mété Granmèt la dévan fas mouin tout tan ; *
paské li adouat mouin, mouin pap tranblé.
- 9 Sé poussa kè-m kontan, †
tout anndan fon kè-m ap fété ; *
minm chè-m pozé nan éspérans.
- 10 Paské ou pap lagé nanm mouin nan lanfè-a, *
ni ou pap kité sin-ou nan ouè dékonpozision.
- 11 Ou-ap fè-m konnin rout lavi yo, †
kè kontan an plin avèk fas ou, *
plézi adouat ou jouskalafin.

Sizièm dimanch Pak: Réf. Antan soufrans anba tè yo défèt, Granmèt la té résisité, alélouya.

Réfrin 3

Sizièm dimanch Pak: Èské Kris la pa-t gin pou-l souffri bagay sa yo, pou-l antré konsa nan gloua-l la ? Alélouya.

Kantik

Fil 2, 6-11

Osijè Kris la, sèvitè Bondié-a

- 6 Kris Jézu, étan nan kondision Bondié, *
pa-t konsidéré égal li égal ak Bondié-a,
tankou yon richès pou-l kinbé apa pou li,
- 7 min li vidé pròp tèt li
antan-l pran kondision ésklav, †
li vîn pran résanblans moun ; *
épi dapré konpòtman-l yo ouè li sé yon moun,
- 8 li rabésé pròp tèt li, †
antan li vîn obéyisan jous nan lanmò, *
lanmò lakoua-a minm.

- ⁹ Sé pou sa tou Bondié lévé-l anlè, †
 li ba-l yon non, *
 ki anlè tout non,
- ¹⁰ konsa, o non Jézu, *tout jénou fèt pou plouayé* *
 nan sièl la, sou tè-a ak anba tè yo,
- ¹¹ *épi tout lang pou déklaré* : *
 « Sé Granmèt Jézu-Kri yé ! »,
 nan gloua Bondié Papa-a.

Sizièm dimanch Pak: Réf. Èské Kris la pa-t gin pou-l soufri bagay sa yo, pou-l antré konsa nan gloua-l la ? Alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Sizièm dimanch Pak: Alélouya, ròch la roulé sot nan bouch kavo-a, alélouya.

Psòm 103 (104)

Kantik pou Granmèt la, kréatè-a

Si yon moun nan Kris la, sé yon nouvo kréati ; ansyin yo pati, min nouvo yo rivé (2 Ko 5, 17).

I

- 1 Béni Granmèt la, nanm mouin, *
Granmèt Bondié-m, ou gran anpil !
Ou abiyé ak grandè, ak gloua, *
- 2 ou vlopé ak limiè tankou yon rad.
Ou déplouayé sièl la tankou yon rido, *
- 3 ak dlo yo ou bati chanmòt ou-a.
Ou fè nuaj la sèvi pou monté, *
ou déplasé sou zèl van yo.
- 4 Ou fè éspri yo anj-mésajé-ou yo, *
sèvitè-ou yo sé difé k-ap boulé.
- 5 Ou té fiksé tè-a sou fondasion-l ki ré t an plas, *
pou-l pa baskulé pou sièk sièk la.
- 6 Ou té kouvri-l avèk dlo fon yo tankou yon rad, *
sou mòn yo dlo yo té ré pozé.
- 7 Kon-ou ménasé, yo sové, *
kon loraj ou grondé, yo tranblé.
- 8 Yo monté mòn yo, yo désann tè fon yo, *
nan plas ou té fiksé pou yo-a.

- 9 Ou té mété limit pou yo pa dépasé, *
 pou yo pa rékòmansé kouvri tè-a ankò.
- 10 Ou fè sous yo soti nan riviè yo ; *
 yo kouri nan mitan mòn yo,
- 11 tout bèt nan boua yo bouè, *
 choul maron yo pasé souaf yo.
- 12 Zouazo nan sièl yo vîn abité anlè yo, *
 nan mitan branch yo, yo fè tandé voua yo.

Sizièm dimanch Pak: Réf. Alélouya, ròch la roulé sot nan bouch kavoua, alélouya.

Réfrin 2

Sizièm dimanch Pak: Alélouya, kilès ou-ap chèché, madanm ? Vivan-an avèk mò yo, alélouya.

II

- 13 Ou rouzé mòn yo, antan-ou nan chanmòt ou yo, *
 ou satisfé tè-a kont kò-l ak frui travay ou.
- 14 Ou fè zèb pousé pou bèt yo, *
 ak ti plant pou sa-k nan sèvis moun yo,
 ou fè pin soti nan tè-a *
- 15 ak divin ki fè kè moun kontan ;
 antan-ou mét gété nan fas li ak luil, *
- 16 Pin-an minm bay kè moun nan fòs.
 16 Pié boua Granmèt yo jouin satisfaksion, *
 pié sèd Liban yo, sa-l té planté yo.
- 17 Sé la ti zouazo yo fè nich yo, *
 kay poul-dlo yo anlè yo nè.
- 18 Mòn ki ro yo, sé pou kabrit maron yo, *
 lapin yo jouinn kachèt nan ròch yo.

- 19 Li té fè lalîn nan pou maké tan yo, *
solèy la konnin lè pou-l kouché.
- 20 Kon-ou té mété fènoua yo, lannuit la rivé : *
sé lè sa-a tout bèt nan boua kòmansé ranpé,
- 21 ti lion yo pousé rèl pandan y-ap fè lachas, *
y-ap mandé Bondié manjé.
- 22 Kon solèy lévé, yo rasanblé, *
y-al kouché nan kachèt yo.
- 23 Moun nan soti pou-l fè travay li, *
pou-l réglé okipasion-l jous asouè rivé.

Sizièm dimanch Pak: Réf. Alélouya, kilès ou-ap chèché, madanm ?
Vivan-an avèk mò yo, alélouya.

Réfrin 3

Sizièm dimanch Pak: Alélouya, pa kriyé, Mari : Granmèt la té résisité,
alélouya.

III

- 24 Ala anpil travay ou yo anpil, Granmèt ! †
Yo tout sé ak sajès ou fè yo, *
tè-a plin ak sa ou kréyé.
- 25 Gadé lanmè-a, li gran, li laj tout koté : †
gin bèt k-ap glisé ladan-l, yo pa kapab konté yo, *
bèt vivan, ni piti, ni gran ;
- 26 gin batiman k-ap déplasé ladan-l, *
ni Léviatan, sa-ou té fòmé pou joué avèk li-a.
- 27 Yo tout sé ou y-ap tann, *
pou-ou ba yo manjé nan tan yo.
- 28 Antan-ou ba yo, yo ranmasé, *
antan-ou louvri min-ou, yo plin ak byin.

- 29 Antan-ou viré fas ou, yo troublé ; †
ou ouété éspri yo, yo mouri, *
nan pousiè yo y-ap tounin.
- 30 Ou-ap voyé éspri-ou, y-ap kréyé, *
ou-ap réfè fas tè-a.
- 31 Sé pou gloua Granmèt la pou tout tan ; *
sé pou Granmèt la kontan nan travay li yo.
- 32 Li minm ki gadé tè-a, li fè-l tranblé, *
li touché mòn yo, yo fè lafimin.
- 33 M-ap chanté pou Granmèt la nan lavi mouin, *
m-ap chanté psòm pou Bondié mouin-an toutotan mouin égzisté.
- 34 Sé pou paròl mouin yo fè-l plézi, *
mouin minm minm m-ap joui nan Granmèt la.
- 35 Sé pou péchè yo sispann égzisté sou tè-a, †
pou pa gin moun méchan ankò. *
Béni Granmèt la, nanm mouin.

Sizièm dimanch Pak: Réf. Alélouya, pa kriyé, Mari : Granmèt la té résisité, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Sizièm dimanch Pak: Sa-a sé jou Granmèt la té fè-a, alélouya.

Psòm 117 (118)

Voua rèl fèt ak sové-a

Sa-a sé ròch la, nou minm bès mason yo nou té réjité-a, ki vîn tounin mitan kouin anlè-a (Tr Ap 4, 11).

- 1 Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 2 Sé pou Israèl di sa koulié-a, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 3 Sé pou kay Aaron-an di sa koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 4 Sé pou sa yo ki krinn Granmèt la di koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 5 Nan tribilasion-an mouin té rélé Granmèt la, *
Granmèt la té kouté-m antan li fè-m soti nan koté ki laj.
- 6 Granmèt la avèk mouin, *
mouin pa pè sa yon moun kapab fè-m.
- 7 Granmèt la avèk mouin kòm sékou mouin, *
mouin minm minm m-ap méprizé ènmi-m yo.
- 8 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan moun.
- 9 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan chèf.
- 10 Tout nasyon yo antouré-m, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 11 Antan yo ansèklé-m byin ansèklé, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 12 Yo té ansèklé-m tankou mièl, †

- yo flanbé tankou difé nan pikan, *
- o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 13 Antan yo pousé-m byin pousé pou-m tonbé, *
- Granmèt la poté-m sékou.
- 14 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, *
- sé li minm ki sové-m.
- 15 Voua fèt ak sové nou sové-a *
- nan tant moun ki kòrèk yo :
- 16 « Min douat Granmèt la fè mèvèy ! †
- min douat Granmèt la lévé-m byin ro ; *
- min douat Granmèt la fè mèvèy ! »
- 17 Mouin pap mouri, min m-ap viv *
- épi m-ap rakonté travay Granmèt la.
- 18 Antan Granmèt la té korijé-m byin korijé *
- min li pa lagé-m nan lanmò.
- 19 Louvri pòt jistis yo pou mouin ; *
- m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la.
- 20 Sa-a sé pòt Granmèt la ; *
- moun ki kòrèk yo ap antré ladan-l.
- 21 M-ap fè déklarasion pou ou, paské ou kouté-m, *
- ou vîn tounin pou mouin sa-a ki sové-m nan.
- 22 Ròch la bòs mason yo té réjité-a, *
- sé li minm ki vîn tounin mitan kouin anlè-a ;
- 23 sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt, *
- sé yon bagay ékstraòdinè nan jé nou.
- 24 Sa-a sé jou Granmèt la fè-a : *
- sé pou nou fété, sé pou nou kontan nan li.
- 25 Granmèt, o, sové-m ; *
- Granmèt, o, fè nou réyisi !
- 26 Li béni, sa-a k-ap vini o non Granmèt la. *
- Nou béni nou sot nan kay Granmèt la.

- 27 Sé Bondié Granmèt la yé, l-ap kléré nou. *
 Òganizé solanité-a nan ramo ki byin founi,
 jous nan kòn otèl la.
- 28 Sé Bondié-m ou yé, m-ap fè déklarasion pou ou, *
 Bondié mouin, m-ap lévé-ou anlè.
- 29 Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
 poutèt mizérikòd li-a pou tout tan.

Sizièm dimanch Pak: Réf. Sa-a sé jou Granmèt la té fè-a, alélouya.

Réfrin 2

Sizièm dimanch Pak: Ou béni nan platfòm sièl la, épi ou mérité louanj nan sièk yo, Bondié nou, alélouya.

Kantik

Dan 3, 52-57

Sé pou tout créatu fè louanj Granmèt la

Kreatè-a ... li béni pou tout tan (Rom 1, 25).

- 52 Ou béni, Granmèt, Bondié papa nou yo, *
 ou mérité louanj, ou lévé anlè nèt nan sièk yo ;
 épi li béni, non gloua-ou la ki sin-an, *
 li mérité louanj anlè nèt ak gloua anlè nèt nan sièk yo.
- 53 Ou béni nan tanp gloua-ou la ki sin-an, *
 ou mérité louanj anlè nèt ak gloua anlè nèt nan sièk yo.
- 54 Ou béni sou trôn péyi-roua-ou la, *
 ou mérité louanj anlè nèt, ou anlè nèt nan sièk yo.
- 55 Ou béni, ou minm ki sondé bafon yo, †
 antan-ou chita anlè chéribin yo, *
 ou mérité louanj, ou anlè nèt nan sièk yo.
- 56 Ou béni nan platfòm sièl la, *
 ou mérité louanj ak gloua nan sièk yo.

⁵⁷ Béni Granmèt la, tout travay Granmèt la, *
fè louanj li, lévé-l anlè nèt nan sièk yo.

Sizièm dimanch Pak: Réf. Ou béni nan platfòm sièl la, épi ou mérité louanj nan sièk yo, Bondié nou, alélouya.

Réfrin 3

Sizièm dimanch Pak: Adoré Bondié ki chita sou trôn nan, antan n-ap di : Amèn, alélouya.

Psòm 150

Fè louanj Granmèt la

Chanté kantik ak éspri, joué ak intèlijans, sètadi : bay Bondié gloua ni ak nanm nou ni ak kò nou (Ésikius).

- ¹ Fè louanj Granmèt la nan sanktuè li-a, *
fè louanj li nan sièl puisans li-a.
- ² Fè louanj li nan gran mèvèy li yo, *
fè louanj li dapré kantité grandè-l.
- ³ Fè louanj li nan son tronpèt, *
fè louanj li sou bandjo ak gita,
- ⁴ fè louanj li sou tanbou ak dans, *
fè louanj li sou instriman a kòd avèk flit,
- ⁵ fè louanj li ak sinbal k-ap sonnin byin, †
fè louanj li ak sinbal fèt : *
tou sa k-ap réspiré, sé pou-l fè louanj Granmèt la.

Sizièm dimanch Pak: Réf. Adoré Bondié ki chita sou trôn nan, antan n-ap di : Amèn, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 22 (23) Bon gadyin-an

Mouton-an ap kondui yo, l-ap minnin yo nan sous dlo lavi-a (Ap 7, 17).

- ¹ Granmèt la ap souin-m, anyin pap manké-m : *
- ² nan patiraj byin vèt li instalé-m,
sou bò dlo trankil li minnin-m, *
- ³ li réfè nanm mouin.
Li kondui-m nan santié jistis *
poutèt non-l.
- ⁴ Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,
mouin pap pè malè, *
paské ou avèk mouin.
Baton-ou ak bagèt ou, *
sé yo k-ap konsolé-m.
- ⁵ Ou paré yon tab dévan fas mouin *
kont sa yo k-ap fè-m sibi tribilasyon-an ;

ou grésé tèt mouin ak luiil, *
kalis mouin ap débòdé.

- 6 Réyèlman bon kè ak mizèrikòd ap rapousuiv mouin *
tout tan lavi-m,
m-ap abité nan kay Granmèt la *
nan longè tan yo.

Psòm 75 (76)

Aksion-d-gras pou viktoa-a

Y-ap ouè Pitit moun nan k-ap vini sou nuaj yo, nan sièl la (Mt 24, 30).

I

- 2 Yo rékonèt Bondié nan Juda, *
non-l gran nan Israèl.
3 Nan Salèm, sé la tant li yé, *
sé nan Siyon li abité.
4 Sé la li krazé zéklè zam pou tiré flèch la, *
ni boukliyé, ni épé, ni lagè.
5 Antan ou kléré, Ou-k mérité konsidérasion, *
sot nan mòn yo pran yo.
6 Sa yo té gin pouvoua nan kè, yo piyé yo, †
yo t-ap dòmi nan fon somèy yo, *
nan pouin gason vanyan ki jouinn kouraj ak min yo.
7 Lè ou ménasé, Bondié Jakòb, *
ni sa k-ap kondui chario ni choual yo pran dòmi.

II

- 8 Ou minm ou mérité respè épi kilès k-ap rézisté dévan-ou ? *
Dépi lè sa-a kòlè ou-a.
9 Antan ou nan sièl la, ou fè jijman-an ; *

- tè-a té tranblé épi li té rét trankil,
¹⁰ lè Bondié lévé pou jijman-an, *
 pou-l sové tout pòv yo sou tè-a.
¹¹ Paské gro kòlè moun nan ap fè déklarasion pou ou, *
 épi réstan gro kòlè-a ap fè jou fèt pou ou.
¹² Fè promès épi réglé-l bay Granmèt Bondié nou-an ; *
 nou tout ki antouré-l, poté kado pou sa-k Mérité respè-a,
¹³ li minm ki koupé souf chèf yo, *
 roua yo sou tè-a ap ba-l respè.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou dézièm Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Sizièm dimanch Pak: Li té résisité Kris la sot nan pami mò yo, épi li té instalé-l adouat li nan sièl yo, alélouya.

Psòm 109 (110), 1-5. 7

Kris la roua é prèt

Li gin pou-l kòmandé, joustan li mété tout ènmi yo anba pié-l (1 Ko 15, 25).

- ¹ Granmèt la té di Granmèt mouin-an : *
 « Chita adouat mouin,
 joustan mouin pozé ènmi-ou yo *
 kòm éskabo pié-ou yo ».
- ² Baton pouvoua-ou, Granmèt la voyé-l sot nan Siyon : *
 kòmandé nan mitan ènmi-ou yo.
- ³ Pouvoua-a avèk ou nan jou fòs ou-a, †
 nan ékla limiè ki sin yo, *
 sot nan vant anvan granmatin mouin anfanté-ou.
- ⁴ Granmèt la fè sèman, li pap régrèt li : *
 « Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek ».
- ⁵ Granmèt la bò douat ou, *
 l-ap krazé roua yo nan jou kòlè-l la.
- [6]
- ⁷ L-ap bouè nan riviè-a nan chémin-an, *
 poutèt sa l-ap lévé tèt.

Sizièm dimanch Pak: Réf. Li té résisité Kris la sot nan pami mò yo, épi li té instalé-l adouat li nan sièl yo, alélouya.

Réfrin 2

Sizièm dimanch Pak: Nou viré do bay zidòl yo, nou viré fas bay Bondié ki vivan-an, alélouya.

Psòm 113 B (115)
 Louanj vrè Bondié-a

Nou té konvèti sot nan zidòl yo vîn jouinn Bondié, pou nou sèvi Bondié ki vivan-an, ki vré-a (1 Tés 1, 9).

- 1 Sé pa nou minm, Granmèt, sé pa nou minm, †
min sé non-ou pou-ou bay gloua-a *
anlè mizérikòd ou ak vérité-ou la.
- 2 Pouki sa pou nasion yo t-a di : *
« Koté Bondié yo-a ? ».
- 3 Bondié nou-an nan sièl la, *
tou sa-l vlé, li fè-l.
- 4 Zidòl nasion yo sé lajan ak lò, *
travay min moun yo.
- 5 Yo gin bouch, min yo pap palé, *
yo gin jé, min yo pap ouè.
- 6 Yo gin zòrèy, min yo pap tandé, *
yo gin nin, min yo pap santi.
- 7 Yo gin min, min yo pap touché, †
yo gin pié, min yo pap maché ; *
yo pa pousé rèl nan gòj yo.
- 8 Sé pou yo vîn tounin tankou yo, moun ki fè yo-a, *
ak tout moun ki mét konfians yo nan yo.
- 9 Kay Israèl la té espéré nan Granmèt la : *
li sé sékou yo ak boukliyé yo.
- 10 Kay Aaron-an té espéré nan Granmèt la : *
li sé sékou yo ak boukliyé yo.
- 11 Moun ki krinn Granmèt la, yo espéré nan Granmèt la : *
li sé sékou yo ak boukliyé yo.
- 12 Granmèt la sonjé nou, *
l-ap béni nou :
l-ap béni kay Israèl la, *
l-ap béni kay Aaron-an,

- 13 I-ap béni tout moun ki krinn Granmèt la, *
ni piti, ni gran.
- 14 Sé pou Granmèt la ap ajouté sou nou, *
sou nou ak sou pitit nou yo.
- 15 Sé Granmèt la ki béni nou, *
li minm ki fè sièl la ak tè-a.
- 16 Sièl yo sé sièl Granmèt la, *
tè-a minm, li bay pitit moun yo.
- 19 Sé pa mò yo k-ap fè louanj ou, Granmèt, *
ni tout moun yo k-ap désann nan silans la,
- 18 min nou minm, ki vivan yo, n-ap béni Granmèt la, *
dépi koulié-a jous pou tout tan.

Sizièm dimanch Pak: Réf. Nou viré do bay zidòl yo, nou viré fas bay Bondié ki vivan-an, alélouya.

Réfrin 3

Sizièm dimanch Pak: Alélouya, sové nou sové-a, gloua-a ak fòs la pou Bondié nou-an, alélouya.

Kantik

1 Piè 2, 21-24

Osijè soufrans volontè Kris la, sèvitè Bondié-a

- 21 Kris la tou té soufri pou nou, †
antan li kité yon modèl pou nou, *
pou nou suiv tras li yo ;
- 22 li minm ki pa-t fè péché, *
yo pa-t jouinn tronpri nan bouch li ;
- 23 li minm, lè yo t-ap ba-l madichon, li pa-t bay madichon, †
lè li t-ap soufri, li pa-t fè ménas, *
okontrè li té rinmèt tèt li bay moun ki t-ap jijé-l avèk injistis ;

²⁴ li minm ki poté péché nou yo *
nan kò-l sou boua-a,
pou, antan nou mouri parapò a péché yo,
nou viv parapò a jistis la : *
li minm ki géri nou avèk blès li yo.

Sizièm dimanch Pak: Alélouya, sové nou sové-a, gloua-a ak fòs la pou Bondié nou-an, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

LINDI SÉMÈN II

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Panché zòrèy ou sou mouin, Granmèt, pou-ou délivré-m.

Psòm 30 (31), 2-17. 20-25

Moun k-ap souffri-a ap sipliyé avèk konfians

Papa, nan min-ou mouin rinmèt éspri mouin (Lk 23, 46).

I

² Sé nan ou, Granmèt, mouin éspéré, pou-m pa ront pou tout tan ; *
nan jistis ou, délivré-m.

³ Panché zòrèy ou sou mouin, *
fè vit, pou-ou sové-m.

Sé pou-ou sèvi-m yon ròch kachèt épi yon kay-sitadèl *
pou-ou sové-m.

- 4 Paské fòs mouin ak kachèt mouin sé ou minm, *
poutèt non-ou, ou-a kondui-m, ou-a souin-m.
- 5 Ouété-m sot nan pièj la, sa yo té kaché pou mouin-an, *
paské sé ou minm ki fòs mouin.
- 6 Sé nan min-ou mouin rinmèt éspri mouin ; *
ou rachté-m, Granmèt, Bondié vérité-a.
- 7 Ou rayi sa k-ap kinbé vid-anyin, *
mouin minm sé nan Granmèt la mouin mét éspérans mouin.
- 8 M-ap fété épi m-ap kontan nan mizérikòd ou-a, *
paské ou gadé rabèsman-m nan ;
ou konnin tray nanm mouin yo, †
- 9 épi ou pa fèmin-m nan min ènmi-an; *
ou fè pié-m kanpé fèm nan éspas ki laj.

Réf. Panché zòrèy ou sou mouin, Granmèt, pou-ou délivré-m.

Réf. 2 Kléré fas ou sou sèvitè-ou la, Granmèt, alélouya.

II

- 10 Pran pitié pou mouin, Granmèt, paské mouin nan tribilasyon ; †
jé-m troublé ak chagrin, *
ni nanm mouin, ni vant mouin.
- 11 Paské lavi-m dépéri nan doulè *
épi ané-m yo fébli nan plint ;
nan mizè mouin, fòs mouin fébli, *
tout zo-m ap tranblé.
- 12 Dévan tout ènmi-m yo mouin vîn tounin dézonè, †
ni pou vouazin-m yo minm, sézisman pou zanmi-m yo : *
sa-k té konn ouè-m déyò, yo sové pou mouin.
- 13 Yo bliyé-m nan kè, tankou yon moun mouri ; *
mouin tankou yon véso ki pèdi.

- 14 Paské mouin tandé jouman anpil moun : *
 katastròf toutalantou ;
 lè y-ap fè bann ansanm kont mouin, *
 sé pou pran nanm mouin, y-ap fè plan,
- 15 Min mouin minm sé nan ou mouin espéré, Granmèt ; †
 mouin di : « Sé Bondié-m ou yé, *
 16 nan min-ou destiné-m yé ».
 Délivré-m sot nan min ènmi-m yo *
 ak sa k-ap pèsékité-m yo ;
- 17 kléré fas ou sou sèvitè ou-a, *
 sové-m nan mizérikòd ou-a.

Réf. Kléré fas ou sou sèvitè-ou la, Granmèt, alélouya.

Réf. 3 Li béni, Granmèt la, paské li té montré mèvèy mizérikòd li-a pou mouin, alélouya.

III

[18 -19]

- 20 Ala anpil yo anpil kantité dousè-ou, Granmèt, *
 sa-ou kaché pou moun ki krinn ou yo.
 Ou réalizé yo pou sa yo ki espéré nan ou yo, *
 dévan fas pitit moun yo.
- 21 Ou kaché yo nan kachèt fas ou-a, *
 dévan tranzaksion moun yo ;
 ou protéjé yo nan tant la, *
 louin lang yo k-ap démanti yo.
- 22 Li béni, Granmèt la, *
 paské li montré mèvèy mizérikòd li pou mouin
 nan yon vil ki byin protéjé.
- 23 Kanta mouin minm mouin té di nan trò présé-m nan : *
 « Ou ouété-m sot dévan jé-ou yo ».

Vréman ou kouté voua priyè-m nan, *
pandan mouin rélé koté ou.

24 Rinmin Granmèt la, tou sin-l yo : †
Granmèt la protèjé fidèl yo, *
l-ap pini moun k-ap lèvé tèt yo byin pini.

25 Pran kouraj, sé pou kè nou gin fòs, *
nou tout ki éspéré nan Granmèt la.

Réf. Li béni, Granmèt la, paské li té montré mèvèy mizérikòd li-a pou mouin, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Tankou yon sèrf anvi al nan sous dlo yo, nanm mouin anvi al koté-ou, Bondié alélouya.

Psòm 41 (42)

Anvi Granmèt la ak tanp li-a

Sa-k souaf la sé pou-l vini ; sa-k vlé, l-ap résévoua dlo lavi-a (Ap 22, 17).

- 2 Tankou yon sèrf anvi al nan sous dlo yo, *
konsa nanm mouin anvi al koté-ou, Bondié.
- 3 Nanm mouin souaf Bondié, Bondié vivan-an ; *
kilè m-apral parèt dévan fas Bondié ?
- 4 Sé dlo k-ap koulé sot nan jé-m ki té pin-m lajounin kon lannuit, *
pandan yo t-ap di-m chak jou : « Koté Bondié-ou la ? ».
- 5 Mouin sonjé bagay sa yo, nanm mouin fonn anndan mouin ; †
paské mouin té konn travèsé al kot tant ki mérité yo kontanplé-l la, *
jous nan kay Bondié-a,
nan chanté fèt avèk louanj, *
fèt foul la k-ap fè louanj la.
- 6 Poukisa ou chagrin, nanm mouin, *
épi poukisa ou troublé anndan mouin ?
Espéré nan Bondié paské m-ap fè déklarasion pou li ankò, *
sovè fas mouin épi Bondié mouin.
- 7 Anndan mouin nanm mouin chagrin ; †
sé pousa mouin sonjé-ou *
dépi sot nan tè Jourdin-an ak Èrmon-an,
sot nan mòn Misa-a.
- 8 Bafon-an rélé bafon-an, nan voua kaskad ou yo ; *
tout lanm ou yo ak vag ou-a travèsé anlè mouin.
- 9 Lajounin Granmèt la voyé mizérikòd li-a, †
épi nannuit kantik li-a bò koté-m : *
priyè bay Bondié lavi mouin.
- 10 M-ap di Bondié : *
« Sé ou minm ki protéksion-m.
Poukisa ou bliyé-m nan, †
épi poukisa m-ap maché tou chagrin, *
pandan ènmi-m nan ap trakasé-m nan ? ».
- 11 Pandan zo-m yo ap krazé-a, †
y-ap jouré-m, sa k-ap fè-m pasé tribilasion yo, *
pandan y-ap di-m chak jou : « Koté Bondié-ou la ? ».

- ¹² Poukisa ou chagrin, nanm mouin, *
 épi poukisa ou troublé anndan mouin ?
 Espéré nan Bondié, paské m-ap fè déklarasyon pou li ankò, *
 sovè fas mouin épi Bondié mouin.

Réf. Tankou yon sèf anvi al nan sous dlo yo, nanm mouin anvi al koté-ou, Bondié alélouya.

Réf. 2 Plin Siyon ak paròl ou yo, Granmèt, pou yo rakonté mèvèy ou yo, alélouya.

Kantik

Sir 36, 1-7. 13-16

Siplikasyon pou vil ki sin-an Jérusalèm

Sa-a sé lavi tout tan-an, pou yo konnin ou minm, sèl Bondié tout bon vré-a épi, sa-a ou voyé-a, Jézu-Kri (Jan 17, 3).

- ¹ Pran pitié pou nou, Bondié tout bagay, voyé jé gadé nou, *
 montré nou limiè pitié-ou yo ;
- ² voyé krint ou sou nasion yo, *
 ki pa t-ap chèche ou yo,
 pou yo rékonèt pa gin dèt Dié sof ou minm, *
 pou yo rakonté mèvèy ou yo.
- ³ Lévé min-ou sou nasion étranjé yo, *
 pou yo ka ouè pouvoua-ou.
- ⁴ Minm jan nan fas yo ou té montré ou sin nan nou-an, *
 konsa nan fas nou ou-ap fè ouè ou gran nan yo,
- ⁵ pou yo rékonèt ou, minm jan nou minm nou té rékonèt, *
 nan pouin Bondié andéyò-ou, Granmèt.
- ⁶ Fè dot mèvèy, fè dèt bagay ékstraodinè, *
 montré gloua min ak rafèmi bra douat ou.
- ⁷
- ¹³ Rasanblé tout fanmi Jakòb yo, *
 ba yo éritaj la tankou nan kòmansman.

- 14 Pran pitié pou pèp ou-a,
sé non-ou yo té rélé sou li, *
épi Israèl ou adopté pou premié pitit ou-a.
- 15 Pran pitié pou vil ou-a ki sin-an, *
Jérusalèm, koté ou pran répo-ou la.
- 16 Plin Siyon ak grandè-ou la *
épi tanp ou-a ak gloua-ou la.

Réf. Plin Siyon ak paròl ou yo, Granmèt, pou yo rakonté mèvèy ou yo, alélouya.

Réf. 3 Klèté Bondié kléré vil la, épi lanp li-a sé Mouton-an, alélouya.

Psòm 18 A (19 A)

Louanj Granmèt la ki kréyé tout bagay

Li vîn vizité nou kòm Solèy k-ap lévé sot anro-a... pou-l dirijé pié nou nan chémin lapè (Lk 1, 78. 79).

- 2 Sièl yo ap rakonté gloua Bondié, *
travay min-l, platfòm sièl la ap anonsé-l.
- 3 Jou ap déklaré paròl bay jou, *
nannuit ap montré sians bay nuit.
- 4 Pa gin langaj ni diskou, *
pou yo pa konprann voua yo :
- 5 Sou tout tè-a brui voua yo soti, *
jous nan limit tè-a paròl yo rivé.
- 6 Pou solèy la li té pozé yon tant nan yo, †
li minm minm, tankou yon épou k-ap sot nan chanm nès li, *
li kontan tankou yon jéan pou-l kouri sou rout la.
- 7 Dépi nan bout sièl yo li soti, †
chémin-l jous nan finisman yo, *
pa gin anyin ki kaché dévan chalè-l.

Réf. Klèté Bondié kléré vil la, épi lanp li-a sé Mouton-an, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 41-48

VI (1 Ouaou)

- ⁴¹ Sé pou mizérikòd ou-a rivé sou mouin, Granmèt, *
sové ou sové nou-an dapré promès ou-a.
- ⁴² M-ap réponn yon paròl bay sa k-ap manké-m déga yo, *
paské mouin éspéré nan paròl ou yo.
- ⁴³ Pa ouété paròl vérité-a sot nan bouch mouin ditou, *
paské mouin éspéré nan jijman-ou yo anlè tout bagay.
- ⁴⁴ M-ap kinbé laloua-ou la tout tan, *
pou sièk épi sièk sièk la.
- ⁴⁵ M-ap maché nan gran chémin, *
paské mouin té chèché kòmandman-ou yo.

- ⁴⁶ M-ap palé sou témouagnaj ou yo dévan roua yo *
épi mouin pap ront.
- ⁴⁷ M-ap jouinn kontantman nan lòd ou yo, *
yo minm mouin rinmin-an.
- ⁴⁸ M-ap lévé min-m nan diréksion lòd ou yo,
mouin rinmin-an ; *
m-ap réfléchi sou désizion-ou yo.

Psòm 39 (40), 2-14. 17-18
Rémèsiman ak démann sékou

Sakrifis ak kado, ou pa-t vlé sa, sé yon kò ou té paré pou mouin (Ébr 10, 5).

I

- ² Sé pa ti kras tann mouin t-ap tann, Granmèt la, *
li panché sou mouin.
- ³ Li kouté rèl mouin, *
li ouété-m sot nan fos mizè-a ak nan labou ki sal la ;
li mété pié-m kanpé sou ròch, *
li fè plant pié-m asiré.
- ⁴ Li mété yon kantik nouvo nan bouch mouin, *
yon chanté pou Bondié nou-an.
Anpil moun ap ouè, y-ap sézi, *
y-ap éspéré nan Granmèt la.
- ⁵ Ala kontantman pou moun ki mété éspérans li nan Granmèt la, *
ki pa gadé moun k-ap fè logèy, k-ap panché nan manti.
- ⁶ Ou té fè yo anpil, Granmèt Bondié mouin, mèvèy ou yo, †
épi pansé-ou yo pou nou : *
pa gin ki sanblé avèk ou.
Si mouin t-a vlé déklaré yo, pibliyé yo, *
yo dépasé chif.

- 7 Sakrifis ak kado, ou pa-t vlé sa, *
ou louvri zòrèy mouin.
Sakrifis antié ak sakrifis pou péché, ou pa-t mandé sa, *
- 8 lè sa-a mouin di : « Min m-ap vini.
Nan roulo liv la yo ékri osijè-m, *
- 9 pou-m fè volonté-ou.
Bondié mouin, mouin dakò ; *
laloua-ou la nan zantray mouin ».

II

- 10 Mouin anonsé jistis ou-a nan gran asanblé-a ; *
min mouin pa fèmin bouch mouin, Granmèt, ou konnin.
- 11 Jistis ou-a mouin pa kaché-l nan kè-m, *
vérité-ou la ak sékou-ou la, mouin di-l.
Mouin pa kaché mizérikòd ou-a *
ak vérité-ou, bay gran rasanbléman-an.
- 12 Kanta ou minm Granmèt,
pa ouété pitié-ou yo soti sou mouin ; *
sé pou mizérikòd ou-a ak vérité-ou la
toujou soutni mouin,
- 13 paské mal yo antouré-m, sa yo pa kapab konté yo ; †
yo vlopé-m, péché-m yo, *
mouin pa kapab ouè.
Yo multiplié pi plis pasé chévé tèt mouin, *
épi kè-m lagé-m.
- 14 Sé pou sa fè-ou plézi, Granmèt, pou dégajé-m ; *
Granmèt, présé vîn poté-m sékou.
- [15 - 16]
- 17 Sé pou yo fété, sé pou yo kontan nan ou tout sa k-ap chèché-ou yo, *
épi y-ap di tout tan : « Sé pou ouè jan Granmèt la gran »,
sa yo ki rinmin sové ou sové nou-an.

- ¹⁸ Kanta mouin minm mouin maléré épi pòv ; *
 sé Granmèt la k-ap okipé-m.
 Sékou-m ak libératè-m sé ou minm ; *
 Bondié mouin, pa mizé.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
 Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Li béni, sa-a k-ap vini o non Granmèt la, alélouya.

Psòm 44 (45)

Nòs Roua-a

Min mésié k-ap marié-a, soti al rankontré-l (Mt 25, 6).

- 2 Yon bon paròl monté sot nan kè-m, †
m-ap di sa-m fè-a bay roua-a. *
- Lang mouin sé plim yon moun k-ap ékri vit.
- 3 Sé ou minm ki pi bèl nan pitit moun yo, †
gras ap koulé sot nan po bouch ou, *
sé pou sa Bondié béni-ou pou tout tan.
- 4 Pасé épé-ou nan sinti-ou, vanyan sòlda, *
kouraj ou, épi bèlté-ou.
- 5 Ak bèlté-ou, avansé, monté sou chario *
pou kòz vérité-a, ni bonté-a, ni jistis.
Min douat ou ap aprann ou fè mèvèy : †
- 6 flèch pouinti-ou yo, – pèp yo anba-ou yo tonbé – *
nan kè ènmi roua yo.
- 7 Trôn ou, Bondié, pou sièk sièk la ; *
baton douati, baton péyi roua-ou la.
- 8 Ou té rinmin jistis, épi ou té rayi méchansté ; †
sé pou sa li sakré-ou, Bondié, Bondié-ou la, *
ak luil kè kontan nan mitan konpagnon-ou yo.
- 9 Lamir ak aloès, kanèl, nan tout rad ou ; *
nan palè ki fèt avèk défans éléfan yo, yo fè kè-ou kontan.
- 10 Pitit fi roua nan pami sa-ou aprésié yo ; *
rèn-nan kanpé adouat ou, li dékoré ak lò ki sot nan péyi Ofir.

Réf. Li béni, sa-a k-ap vini o non Granmèt la, alélouya.

Réf. 2 Ala kontantman pou sa yo ki invité vîn nan soupé nòs Mouton-an, alélouya.

II

- 11 Kouté, pitit fi, épi gadé, †
épi paré zòrèy ou *

- épi bliyé pèp ou ak kay papa-ou.
 12 Roua-a anvì bèlté-ou. *
 Paské sé Granmèt ou li yé, sé pou-ou adoré-l.
 13 Pitit fi Tir la ak kado-l yo ; *
 moun yo ki pi rich nan pèp la, y-ap salué ou.
 14 Ak tout bèlté-l, pitit fi roua-a ap avansé al anndan-an, *
 ak toual ki koud avèk fil lò li abiyé.
 15 Ak rad brodé, yo minnin-l bay roua-a ; *
 fi vièj yo dèyè-l, zanmi-l yo, yo fè yo antré vîn jouinn ou.
 16 Yo fè yo antré ak kè kontan, épi fèt, *
 yo minnin yo nan palè roua-a.
 17 Nan plas papa-ou yo sé pitit ou yo k-ap vini ; *
 ou-ap mété yo kòm chèf nan tout tè-a.
 18 Sé pou-m fè sonjé non ou *
 nan tout jénérasyon ak jénérasyon ;
 sé pou sa pèp yo ap fè déklarasyon pou ou tout tan *
 épi nan sièk sièk la.

Réf. Ala kontantman pou sa yo ki invité vîn nan soupé nòs Mouton-an, alélouya.

Réf. 3 Nan sa-l plin-an nou tout nou résévoua, épi gras sou gras, alélouya.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- 3 Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bénédikcion Éspri-a
 nan sièl la nan Kris la,

- 4 sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
- 5 li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
 pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
- 6 pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
- 7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
- 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
- 9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
 sa-l té ranjé davans nan li, *
- 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tè nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Nan sa-l plin-an nou tout nou résévoua, épi gras sou gras, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

MADI SÉMÈN II

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésonn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésonn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Rinnèt Granmèt la chémin-ou nan, sé li minm k-ap aji,
alélouya.

Psòm 36 (37)

Déstiné sa-k mové yo ak sa-k korèk yo

Ala kontantman pou moun ki dou yo, paské sé yo minm k-ap posédé tè-a
(Mt 5, 5).

I

- ¹ Pa éksité kont méchan yo, *
ou pa bézouin fè jalouzi pou sa k-ap fè krim yo,
² paské tankou zèb byin vit y-ap séché, *
y-ap finnin tankou fèy ti plant.

- 3 Éspéré nan Granmèt la, fè sa-k bon, * ב
ou-ap abité tè-a, ou-ap manjé ak konfians.
- 4 Joui nan Granmèt la, *
I-ap ba ou sa kè-ou mandé yo.
- 5 Rinmèt Granmèt la chémin-ou nan, épi éspéré sou li, * ג
sé li minm k-ap aji ;
- 6 I-ap fè jistis ou-a soti tankou limiè, *
épi jijman-ou nan tankou klèté midi.
- 7 Rét dosil sou kont Granmèt la, rété tann li ; † ד
ou pa bézouin éksité kont sa k-ap réyisi nan chémin-l nan, *
kont moun k-ap plédé mété pièj la.
- 8 Sispann fè kòlè, épi kité mové san-an, * ה
pa éksité-ou, sé nan sa-k mal sa kondui,
- 9 paské méchan yo, y-ap détoui yo, *
min sa-k mét éspérans yo nan Granmèt la,
yo minm y-ap éritié tè-a.
- 10 Nan yon ti moman ankò pap gin péchè, * ו
ou-ap chèché rékonèt plas li, épi ou pap jouinn li.
- 11 Moun ki dosil yo minm ap éritié tè-a *
y-ap mét kontantman yo nan gran lapè.

Réf. Rinmèt Granmèt la chémin-ou nan, sé li minm k-ap aji, alélouya.

Réf. 2 Viré do bay sa-k mal épi fè sa-k byin ; Granmèt la soutni sa-k kòrèk yo, alélouya.

II

- 12 Péchè-a ap mété pièj kont sa-k kòrèk la, * ז
I-ap manjé dan kont li.
- 13 Granmèt la minm ap ri-l, *
paské davans li ouè jou-l ap rivé.

- 14 Péchè yo ouét épé sot nan fourò, * π
 yo ajisté ark yo,
 pou jété pòv la ak maléré-a, *
 pou touyé sa k-ap maché douat yo sou rout la.
- 15 Épé yo ap antré nan kè yo, *
 épi ark yo, ap krazé.
 [16 - 17] σ
- 18 Ti kras pa sa ki kòrèk la * ρ
 pi bon pasé anpil richès péchè yo,
 17 paské bra péchè yo ap krazé, *
 min Granmèt la soutni sa-k kòrèk yo.
- 18 Granmèt la konnin jou moun ki san tach yo, *
 éritaj yo ap la pou tout tan.
- 19 Yo pap ront nan tan malè-a, *
 nan jou grangou y-ap konblé.
- 20 Sèké méchan yo ap péri, † κ
 épi ènmi Granmèt la minm
 tankou flè savann y-ap disparèt, *
 tankou lafimin y-ap disparèt.
- 21 Péchè-a prété, épi li pa rinmèt, * λ
 min sa-k kòrèk la pran pitié, li bay.
- 22 Paské sa-l béni yo, y-ap éritié tè-a, *
 épi sa-l madichonnin yo, y-ap détrui.
- 23 Sé Granmèt la ki asiré démach yon moun, * μ
 ki vlé chémin-l.
- 24 Lè-l tonbé, li pap krazé, *
 paské Granmèt la soutni min-l.
- 25 Mouin té ti moun, koulié-a mouin fin vié, † ν
 mouin pa ouè sa-k korèk la abandoné, *
 ni désandans li ap mandé pin.
- 26 Tout jounin l-ap pran pitié, l-ap prété, *
 désandans li ap nan bénédihsion.

- 27 Viré do bay sa-k mal, fè sa-k byin, * 5
ou-ap abité pou sièk sièk la.
- 28 Paské Granmèt la rinmin jijman, *
li pa lagé sin-l yo. 5
Moun ki pa kòrèk yo ap péri pou tout tan, *
ras méchan yo ap détoui.
- 29 Moun kòrèk yo ap érité tè-a, *
y-ap abité sou li pou sièk sièk la.

Réf. Viré do bay sa-k mal épi fè sa-k byin ; Granmèt la soutni sa-k kòrèk yo, alélouya.

Réf. 3 Tann Granmèt la, épi kinbé chémin-l nan, alélouya.

III

- 30 Bouch moun ki kòrèk la ap kalkilé sajès, * 5
lang li ap palé jijman ;
- 31 laloua Bondié-l la nan kè-l, *
pié-l pap tranblé.
- 32 Péchè-a ap sivéyé sa-k kòrèk la * 5
épi l-ap chèché touyé-l ;
- 33 Granmèt la pap abandoné-l nan min-l, *
épi li pap kité yo kondané-l, lè y-ap jijé-l.
- 34 Rété tann Granmèt la, épi kinbé chémin-l nan, † 7
l-ap lévé-ou anlè pou-ou pran tè-a kòm éritaj ; *
- 35 Mouin té ouè méchan-an plin fòs, * 7
li instalé tankou yon pié sèd byin dévlopé ;
- 36 mouin pasé, épi gadé, li pa la, *
mouin chèché-l, épi mouin pa jouinn li.

- 37 Obsèvé sa-k san répròch la, épi gadé sa-k douat la, * w
 paské gin yon désandans pou moun lapè-a.
- 38 Méchan yo ap péri ansanm, *
 désandans méchan yo y-ap détoui-l.
- 39 Sové moun ki kòrèk yo sovè-a, sé nan Granmèt la sa soti, * n
 li sèvi yo protéksion nan tan tribilasyon-an.
- 40 Granmèt la ap édé yo, l-ap libéré yo, †
 l-ap délivré yo sot nan min péchè yo, épi l-ap sové yo, *
 paské yo té éspéré nan li.

Réf. Tann Granmèt la, épi kinbé chémin-l nan, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
 Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an,
 alélouya.

Psòm 42 (43)

Anvi tanp la

Mouin limiè-a mouin vîn sou tè-a (Jan 12, 46).

- ¹ Jijé-m, Bondié, †
égzaminé kòz mouin sot nan min nasyon ki pa sin ; *
anba min moun méchan-an ak rizèz la, sovè-m.
- ² Paské ou sé Bondié kachèt mouin ; †
pouki sa ou té répousé-m nan, *
pouki sa m-ap maché tou tris, pandan ènmi-m ap fè-m pasé tray ?
- ³ Voyé limiè-ou la ak vérité-ou la ; *
pou yo kondui-m, pou yo minnin-m
sou mòn ou-a ki sin-an, ak nan tant ou-a.
- ⁴ M-ap antré kot lotèl Bondié-a, †
kot Bondié kè kontan chanté fèt mouin-an. *
M-ap fè déklarasion pou ou sou gita, Bondié, Bondié mouin.
- ⁵ Poukisa ou chagrin, nanm mouin, *
épi poukisa ou troublé anndan mouin ?
Éspéré nan Bondié, paské m-ap fè déklarasion pou li ankò, *
sovè fas mouin épi Bondié mouin.

Réf. Nou té proche kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an, alélouya.

Réf. 2 Ou minm, Granmèt, ou té libéré nanm mouin, pou-l pa péri, alélouya.

Kantik

Iz 38, 10-14. 17-20

Kè séré moun k-ap mouri-a, kè kontan sa-k géri-a

Sé mouin vivan-an, mouin té mouri... min mouin gin klé lanmò-a (Ap 1, 17-18).

- ¹⁰ Mouin té di : Nan mitan jou mouin yo †
m-apral nan pòt anba tè-a ; *
mouin té mandé rès ané-m yo.

- 11 Mouin té di : Mouin pap ouè Granmèt Bondié
 sou tè vivan yo, †
 mouin pap ouè moun ankò *
 pami sa yo ki abité gras tè-a.
- 12 Abitasion-m nan yo té raché-l,
 yo détaché-l minnin-l louin-m *
 tankou tant gadyin mouton yo ;
 yo té roulé lavi-m tankou moun k-ap fè toual ; *
 pandan m-ap trésé fil la li té koupé-l sèk pou mouin.
 Sot matin rivé nan asouè *
 ou té gin tan fini avèk mouin.
- 13 Mouin kouché plat jous nan matin, *
 tankou yon lion, sé konsa li krazé tout zo mouin yo ;
 sot matin rivé nan asouè *
 ou gin tan fini avèk mouin.
- 14 Tankou ti irondèl sé konsa m-ap plinyin, *
 m-ap médité tankou toutrèl ;
 jé-m yo ap fébli *
 antan y-ap lévé gadé nan diréksion anro-a.
- 17 Ou minm ou té ralé nanm mouin *
 sot nan trou dékonpozision-an,
 sèké ou té jété dèyè do-ou *
 tout péché mouin yo.
- 18 Paské sé pa bafon-an k-ap fè déklarasion pou ou, *
 lanmò pap fè louanj pou ou ;
 moun k-ap désann nan fòs la, *
 yo pap éspéré sou vérité-ou la.
- 19 Sé vivan-an, vivan-an minm k-ap fè déklarasion pou ou,
 tankou mouin minm jodi-a ; *
 papa ap fè pitit yo konnin vérité-ou la.

²⁰ Granmèt, vîn sovè-m, †
 n-a chanté ak son gita touléjou lavi nou *
 nan kay Granmèt la.

Réf. Ou minm, Granmèt, ou té libéré nanm mouin, pou-l pa péri, alélouya.

Réf. 3 Ou vizité tè-a, ou satisfè-l kont kò-l, alélouya.

Psòm 64 (65)

Aksion-d-gras solanèl

Nan Siyon, sa vlé di vil sièl la (Orijèn).

² Ou mérité kantik, Bondié, nan Siyon ; *
 † y-ap rimmèt ou vé nan Jérusalèm.

³ Ou minm ki kouté priyè, *
 koté-ou tout chè vini poutèt péché-a.

⁴ Minm si fot nou yo dépasé anlè nou, *
 ou minm ou pran pitié pou yo.

⁵ Ala kontantman pou sa-a ou chouazi-a épi ou pran-an ; *
 l-ap abité nan lakou-ou yo.
 N-ap plin ak byin kay ou-a, *
 ak sinteté tanp ou-a.

⁶ Ou ékstraòdinè nan jistis,
 ou kouté nou, Bondié ki sovè nou-an, *
 éspérans tout limit tè-a ak lanmè ki louin-an.

⁷ Antan ou bay mòn yo solidité nan puisans ou-a, *
 lè-ou maré rin-ou avèk pouvoua.

⁸ Antan-ou métrizé brui lanmè-a, brui lanm li yo *
 ak grondman pèp yo.

⁹ Y-ap krinn, sa-k abité limit tè-a, dévan sign ou yo ; *
 koté olévan ak okouchan soti ou-ap pran plézi ou.

- ¹⁰ Ou vizité tè-a, ou rouzé-l ; *
ou fè-l vîn rich anpil.
Lariviè Bondié-a plin ak dlo ; †
ou paré blé yo, *
paské sé konsa ou paré-l.
- ¹¹ Ou fè dlo koulé nan kannal li yo,
ou égalizé bit tè-l yo ; *
ou fè-l vîn mòl ak gro lapli, ou béni boujon-l yo.
- ¹² Ou kouronnin ané-a ak bon kè-ou, *
tras pié-ou ap dégouté ak grès.
- ¹³ Pak zèb savann yo ap dégouté, *
ti mòn yo vlopé ak fèt.
- ¹⁴ Pak zèb yo abiyé ak mouton, †
plinn yo ap poté anpil kantité blé ; *
y-ap rélé, réyèlman y-ap chanté kantik.

Réf. Ou vizité tè-a, ou satisfè-l kont kò-l, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 49-56

VII († Zayîn)

- 49 Sonjé paròl ou-a ou bay sèvitè-ou la, *
li minm ou té ban-m éspérans nan li-a.
- 50 Sé li-k konsolé-m nan rabésman-m, *
paské paròl ou-a té fè-m viv.
- 51 Ògèyé yo té pasé-m nan jouèt ak fòs ; *
min mouin pa-t dévié sot nan laloua-ou la.
- 52 Mouin sonjé jijman-ou yo, sa-k té la dépi sièk la, Granmèt, *
épi mouin konsolé.
- 53 Laront sézi-m, *
poutèt péchè yo k-ap abandoné laloua-ou la.
- 54 Sé kantik yo yé pou mouin, volonté-ou yo, *
nan péyi pélérijaj mouin-an.
- 55 M-ap sonjé non-ou nan nuit, Granmèt, *
m-ap kinbé laloua-ou la.
- 56 Sa-a réalizé pou mouin, *
paské mouin kinbé kòmandman-ou yo.

Psòm 52 (53)

Foli méchan yo

Tout moun fè péché, yo pa gin gloua Bondié-a (Rom 3, 23).

- 1 Moun fou-a di nan kè-l : « Pa gin Bondié ». †
- 2 Yo pèvèti, yo fè krim ki lèd ; *
pa gin pèsonn k-ap fè sa-k bon.
- 3 Bondié antan-l nan sièl la, té panché gadé sou pitit moun yo, *
pou-l ouè si ginyin ki konprann oubyin k-ap chèché Bondié.

- 4 Yo tout yo viré do, yo pèvèti ansanm ; *
pa gin pèsonn k-ap fè sa-k bon, pa minn yon sèl.
- 5 Èské yo pa konnin, tou sa k-ap fè méchansté yo, *
k-ap manjé pèp mouin-an tankou si y-ap manjé pin ?
Granmèt la, yo pa rélé-l ; *
- 6 koté sa-a y-ap tranblé byin tranblé, san pa gin rézon pou tranblé.
Paské Bondié gayé zo sa-k t-ap ataké-ou yo, *
yo té ront, paské Bondié voyé yo jété.
- 7 Kilès k-ap bay sovè Israël la sot nan Siyon ? †
Lè Bondié ap ramné pèp li-a ki té prizonié-a, *
Jakòb ap fété, Israël ap kontan.

Psòm 53 (54), 3-6. 8-9

Démann sékou

Profèt la priyé pou li délivré o non Granmèt la anba méchansté pèsékité yo (Cassiodorus).

- 3 Bondié, o non-ou sovè-m, *
nan pouvoua-ou, jijé-m.
- 4 Bondié, kouté priyé-m, *
panché zòrèy ou pou-ou kouté paròl bouch mouin !
- 5 Paské arogan yo lévé kont mouin, †
sa-k gin pouvoua yo ap chèché nanm mouin, *
yo pa kité plas pou Bondié dévan fas yo.
- 6 Min, Bondié ap édé-m, *
Granmèt la ap soutni nanm mouin.
- [7]
- 8 M-ap ofri-ou sakrifis ak tout kè-m, *
m-ap fè déklarasion pou non-ou, Granmèt, paské ou bon ;
- 9 Paské ou té sovè-m sot nan tout tribilasion, *
jé-m té ouè ènmi-m yo anba ak mépri.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm komplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Sé bagay ki anro yo pou nou chèché, sé pa sa-k sou tè-a, alélouya.

Psòm 48 (49)

Richès yo pap diré

L-ap difisil pou yon rich antré nan péyi-roua sièl yo (Mt 19, 23).

I

² Kouté sa, tout nasion yo, *

louvre zòrèy nou, nou tout ki abité sou tè-a :

³ ni moun ki ba ni moun ki nan gran kondision, *
ni rich ni pòv ansanm !

- 4 Bouch mouin ap palé sajàs, *
kè-m ap reflèchi intèlijans.
- 5 M-ap panché zòrèy mouin sou provèb, *
m-ap éspliké dévinèt mouin-an sou mandolîn.
- 6 Pouki pou-m pè nan jou malè yo, *
lè méchansté profitè yo ap antouré-m nan ?
- 7 Yo minm ki mét konfians nan fòs yo, *
yo minm k-ap bay tèt yo gloua poutèt pakèt richès yo ?
- 8 Sèké yon moun pa rachté pròp tèt li ; *
li pap bay Bondié sa k-ap fè-l jouinn padon-an.
- 9 Pri rédanmsion nanm li trò chè : †
nan dènié bout, l-ap manké, *
- 10 pou-l t-a viv jouskalafin, pou-l pa t-a ouè lanmò.
- 11 L-ap ouè sa j yo k-ap mouri ; †
ni moun san konprann ni moun sòt ap péri ansanm, *
y-ap kité richès yo bay lòt.
- 12 Tonm yo, kay yo pou tout tan ; †
tant yo pou jénérasyon ak jénérasyon, *
minm si yo rélé tè yo dapré non yo.
- 13 Époutan yon moun, lè-l t-a nan gran situasion, li pap rété nè ; †
li tankou bèt labatoua k-ap péri yo, *
li vîn sanblé avèk yo.

Réf. Sé bagay ki anro yo pou nou chèché, sé pa sa-k sou tè-a, alélouya.

Réf. 2 Granmèt la té rachté nanm mouin sot nan min lanfè-a, alélouya.

II

- 14 Sa-a sé chémin moun yo ki mét konfians nan pròp tèt yo-a, *
ak finisman sa yo ki mét plézi yo nan bouch yo-a.
- 15 Tankou mouton ki instalé nan bafon-an, *

- lanmò-a ap gadiyin yo ;
 Y-ap désann tèt bésé nan kavou-a, †
 pòtré yo ap disparèt : *
 bafon-an sé rézidans pou yo.
- 16 Min Bondié ap déliyé nanm mouin, *
 anba min bafon-an l-ap soulvé-m.
- 17 Pa pè, lè yon moun vîn rich, *
 lè gloua lakay li ap vîn anpil,
- 18 paské, lè l-ap mouri, li pap poté tout bagay sa yo, *
 gloua li pap désann avèk li.
- 19 Pandan l-ap fè konpliman pou nanm li nan lavi-l : *
 « Y-ap fè louanj ou, paské ou té réglé afè-ou byin »,
- 20 sèlman l-ap antré al jouinn fanmi zansèt li yo, *
 ki pap janm ouè limiè-a.
- 21 Yon moun, lè-l t-a nan gran situasyon, li pa konprann ; †
 li tankou bèt labatoua k-ap péri yo, *
 li vîn sanblé avèk yo.

Réf. Granmèt la té rachte nanm mouin sot nan min lanfè-a, alélouya.

Réf. 3 Grandè-a sé pou ou, Granmèt, ni pouvoua-a, ni gloua-a, ni viktoua-a, alélouya.

Kantik

Ap 4, 11 ; 5, 9. 10. 12

Kantik sa yo rachte yo

- 4,11 Ou mérité sa, Granmèt ak Bondié nou, *
 pou-ou résévoua gloua ak konsidération ak otorité,
 paské ou té kréyé tout bagay, *
 épi sé akòz volonté-ou yo té fèt, yo té kréyé.
- 5,9 Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la, *
 pou-ou ouété sélé-l yo,

paské yo té touyé-ou, †

épi ou rachté nou pou Bondié nan san-ou *

sot nan tout ras, lang, pèp ak nasion

¹⁰ épi ou fè nou vîn tounin péyi-roua ak prèt pou Bondié nou, *

n-ap kòmandé kòm roua sou tè-a.

¹² Li mérité, Mouton-an yo té touyé-a, †

pou-l résevoua puisans, richès, sajès, *

fòs, onè, gloua ak bénédiksion.

Réf. Grandè-a sé pou ou, Granmèt, ni pouvoua-a, ni gloua-a, ni viktoua-a, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

MÈKRÉDI SÉMÈN II

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésonn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésonn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Nou minm n-ap plinn anndan nou, antan n-ap tann rédanmsion kò nou-an.

Psòm 38 (39)

Siplikasion yon moun ki malad

Kréasion-an té blijé obéyi sa-k pa anyin-an... poutèt Sa-a ki té mété-l anba lòd la nan éspérans (Rom 8, 20).

I

² Mouin té di : « M-ap véyé sou rout mouin yo, *
pou-m pa fè fot nan lang mouin ;
m-ap mété yon santinèl sou bouch mouin, *
toutotan péchè-a kanpé an fas mouin ».

- 3 Antan mouin té pé bouch mouin, mouin pa-t palé,
épi mouin té fè silans san anyin ki bon, *
épi doulè mouin-an rékòmansé.
- 4 Kè-m chofé anndan mouin, *
épi nan méditation-m nan difé-a flanbé.
- 5 Mouin palé nan lang mouin : *
« Fè-m konnin Granmèt, finisman mouin ;
épi kantité jou mouin yo, ki sa-l yé, *
pou-m konnin kijan li kout lavi mouin ».
- 6 Min sé kèk pla min ou té fè jou mouin yo, *
épi éspas lavi mouin tankou anyin dévan-ou.
Réyèlman sé vanité toutantié tout moun yé. *
- 7 Réyèlman tankou yon pòtré moun nan pasé.
réyèlman sé vanité li yé épi l-ap éksité ; *
l-ap ranmasé épi li pa konnin kilès k-ap rasanblé.

Réf. Nou minm n-ap plinn anndan nou, antan n-ap tann rédanmsion kò nou-an.

Réf. 2 Kouté priyè-m nan, Granmèt ; konsidéré dlo k-ap sot nan jé-m yo.

II

- 8 Épi koulié-a, sa m-ap tann, Granmèt ? *
Éspérans mouin sé lakay ou li yé.
- 9 Anba tout fot mouin yo dégajé-m, *
pa mété-m tankou on répròch pou moun ki san sajès la.
- 10 Mouin pap palé épi mouin pap louvri bouch mouin, *
paské sé ou minm ki té aji.
- 11 Rétiré sot nan mouin mak kou-ou yo : *
anba frap min-ou nan mouin tonbé.

- 12 Nan répròch poutèt fot, ou té korijé moun nan, †
ou fè sa-l anvì yo dékonpozé tankou larouy. *
Réyèlman tout moun sé vanité.
- 13 Kouté priyè-m nan, Granmèt, *
épi rèl mouin-an résévoua-l ak zòrèy ou.
Dévan dlo k-ap koulé sot nan jé-m yo, pa rété soud, †
paské sé étranjé mouin yé koté-ou, *
pèlrin tankou tout papa mouin yo.
- 14 Viré sot koté-m, pou-m ka rafréchi, *
anvan m-alé épi mouin pa égzisté ankò.

Réf. Kouté priyè-m nan, Granmèt ; konsidéré dlo k-ap sot nan jé-m yo.

Réf. 3 Kanta mouin minm, mouin té éspéré nan mizérikòd Bondié-a pou tout tan, alélouya.

Psòm 51 (52)

Kont médizan yo

Moun k-ap lévé tèt li, sé nan Granmèt la pou-l lévé tèt li (1 Kor 1, 31).

- 3 Kijan pou fè louanj pròp tèt ou pou méchansté-a, *
ou minm ki vyanan nan péché-a ?
- 4 Tout lajounin ou-ap kalkilé konplo ; *
lang ou tankou yon razoua byin filé, l-ap bay manti.
- 5 Ou pi rinmin mal pasé byin, †
manti pli pasé palé sa-k douat. *
- 6 Ou rinmin tout paròl déstriksion, lang manti.
- 7 Sé poussa, Bondié ap krazé-ou pou tout tan ; †
l-ap sézi-ou, l-ap raché-ou sot nan tant la, *
l-ap dérasinin-ou sot nan tè vivan yo.
- 8 Moun kòrèk yo ap ouè, y-ap sézi, *
y-ap ri sou do-l :

- ⁹ « Min moun ki pa-t pran Bondié kòm kachèt li, †
li té mété konfians li sou kantité richès li yo, *
li té mété fòs li nan konplo-l yo ».
- ¹⁰ Mouin minm, mouin tankou yon pié oliv tou vèt nan kay Bondié. †
Mouin espéré nan mizérikòd Bondié *
pou tout tan épi nan sièk sièk la.
- ¹¹ M-ap fè déklarasion pou ou nan sièk la, paské ou aji, †
m-ap espéré non-ou paské ou bon, *
dévan fas fidèl ou yo.

Réf. Kanta mouin minm, mouin té espéré nan mizérikòd Bondié-a pou tout tan, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Dlo yo ouè-ou, Bondié; ou té kondui pèp ou-a nan lanmè-a, alélouya.

Psòm 76 (77)

Souvni travay Granmèt la fè yo

Nan tout okazion sé tribilasion n-ap pasé, min nou pa krazé (2 Kor 4, 8).

- 2 Ak voua-m kot Bondié, mouin té rélé ; *
- ak voua-m kot Bondié, li panché zòrèy li sou mouin.
- 3 Nan jou tribilasyon-m nan mouin té chèché Bondié, †
lannuit min-m yo rét lévé, *
- yo pa angoudi.
- Nanm mouin réfizé konsolasyon ; †
- 4 mouin sonjé Bondié, m-ap plinn, *
- m-ap trakasé, léspri-m fébli.
- 5 Ou kinbé pòpiè jé-m san somèy ; *
- mouin troublé mouin pa palé.
- 6 M-ap kalkilé jou lontan yo, *
- ané lontan lontan yo té nan léspri-m.
- 7 Avèk kè-m mouin t-ap médité lannuit. *
- mouin t-ap trakasé, léspri-m t-ap chèché.
- 8 Èské sé pou tout tan Bondié réjté nou, *
- oubyin li pap proche pou-l jouinn plézi-l nan nou ankò ?
- 9 Èské mizérikòd li-a fini pou tout tan, *
- èské li sispann palé pou jénérasyon ak jénérasyon ?
- 10 Èské Bondié bliyé pran pitié, *
- oubyin nan kòlè li-a, li té fèmin mizérikòd li yo ?
- 11 Mouin té di : « Sa sa-k blésé mouin, *
- Sa-a ki anlè nèt la, li viré min douat li ».
- 12 M-ap sonjé travay Granmèt yo, *
- m-ap sonjé mèvèy ou yo dépi nan kòmansman.
- 13 M-ap médité sou tout travay ou yo, *
- m-ap réfléchi sou sa-ou jouinn pou mété yo.
- 14 Bondié, chémin-ou nan sin ; *
- kilès dié ki gran tankou Bondié nou-an ?
- 15 Ou sé Bondié ki fè mèvèy, *
- ou fè konnin pouvoua-ou nan pèp yo.

- ¹⁶ Ou rachté pèp ou-a ak fòs bra-ou, *
piti Jakòb ak Jozèf yo.
- ¹⁷ Dlo yo té ouè-ou, Bondié, †
dlo yo té ouè-ou, yo té tranblé ; *
minm trou san fon yo frissonnin.
- ¹⁸ Nuaj yo té vidé dlo yo, †
nuaj yo té fè tandé voua yo, *
minm flèch ou yo t-ap vòltijé.
- ¹⁹ Voua loraj ou-a k-ap roulé ; †
zèklè-ou yo té kléré fas tè-a, *
tè-a frissonnin, li tranblé.
- ²⁰ Nan lanmè-a chémin-ou nan, santié-ou yo nan gran dlo yo ; *
pèsonn pa rékonèt tras ou yo.
- ²¹ Ou té kondui pèp ou-a tankou mouton, *
nan min Moyiz avèk Aaron.

Réf. Dlo yo ouè-ou, Bondié; ou té kondui pèp ou-a nan lanmè-a, alélouya.

Réf. 2 Granmèt la fè moun mouri, li fè moun viv, alélouya.

Kantik

1 Sam 2, 1-10

Fèt pòv yo nan Bondié

Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lèvé sa-k toupiti yo anlè ; li plin sa-k grangou yo ak byin (Lk 1, 52-53).

- ¹ Kè-m té fété nan Granmèt la, *
épi kòn mouin lèvé nan Bondié-m nan ;
bouch mouin louvri laj kont ènmi-m yo, *
paské mouin kontan nan sovè ou sovè-m nan.
- ² Nan pouin sin tankou Granmèt la ; †
reyèlman nan pouin lòt sof ou minm sèl, *

- nan pouin ki fò tankou Bondié nou.
- 3 Pa rét ap plédé palé pou n-ap monté tèt nou. *
Rétiré arogans sot nan bouch nou,
paské Bondié sians yo sé Granmèt la, *
sé li minm ki pézé aksion yo sou balans.
- 4 Zam-flèch sa-k fò yo té kasé, *
épi fèb yo té maré rin-yo ak fòs.
- 5 Sa-k té plin lontan yo pou pin yo loué tèt yo, *
épi sa-k té grangou yo pap nan bézouin ankò.
Sa-k té stéril la té anfanté anpil, *
sa-k té gin anpil pitit la minm li finnin.
- 6 Granmèt la fè mouri, li fè viv, *
li té fè désann anba tè épi li té fè rémonté.
- 7 Granmèt la fè vîn pòv, épi li fè vîn rich, *
li rabésé, épi li lévé anlè ;
- 8 li lévé maléré-a sot nan pousiè-a, *
épi li lévé pòv la sot nan fatra-a,
pou-l chita avèk prins yo, *
pou-l kinbé trôn gloua-a.
Paské sé pou Granmèt la fondasion tè-a yo yé, *
sé sou yo li pozé tè-a.
- 9 Li véyé sou pié sin-l yo, †
méchan yo sé nan fènoua y-ap disparèt, *
paské sé pa sou fòs li yon moun ap rivé rézisté.
- 10 Granmèt la krazé sa k-ap chèché-l kont yo ; *
nan sièl yo li grondé anlè yo.
Granmèt la jijé bout tè-a, †
li bay roua li-a kòmandman-an *
li lévé kòn Kris li-a.

Réf. Granmèt la fè moun mouri, li fè moun viv, alélouya.

Réf. 3 Limiè-a lévé pou sa-k kòrèk la, épi kontantman pou sa-k gin kè douat yo, alélouya.

Psòm 96 (97)

Gloua Granmèt la nan jijman-an

Psòm sa-a ap montré sovè tè-a sovè-a ak lafoua tout nasion yo nan li (S. Atanaz).

- 1 Granmèt la roua ! Tè-a ap fété, *
† pakèt zilé yo kontan.
- 2 Nuaj yo ak brouya entouré-l, *
jistis ak jijman sé platfòm trôn li.
- 3 Difé ap maché dévan-l, *
l-ap boulé ènmi-l yo toutalantou.
- 4 Zéklè-l yo ap kléré fas tè-a : *
tè-a ouè, li sézi.
- 5 Mòn yo fonn tankou lasi dévan fas Granmèt la, *
dévan fas Granmèt tout tè-a.
- 6 Sièl yo anonsé jistis li, *
tout pèp yo ouè gloua li.
- 7 Y-ap ront, tout moun k-ap adoré zidòl yo, †
sa yo k-ap mété fièté yo nan zidòl yo. *
Adoré-l, tout anj li yo.
- 8 Siyon té tandé sa, li té fè kè-l kontan, †
pitit fi Juda yo fété, *
poutèt jijman-ou yo, Granmèt.
- 9 Paské ou minm Granmèt, Ou anro nèt anlè tout tè-a, *
ou lévé byin ro anlè tout dié yo.
- 10 Nou minm ki rinmin Granmèt la, sé pou nou rayi sa-k mal ; †
li protéjé nanm sin-l yo, *
li délivré yo sot nan min péchè yo.
- 11 Limiè-a lévé pou moun ki kòrèk la, *

ak kè kontan pou kè ki douat yo.

¹² Sé pou kè nou kontan nan Granmèt la, nou minm ki kòrèk yo, *
fè déklarasyon pou souvni-l ki sin-an.

Réf. Limiè-a lèvé pou sa-k kòrèk la, épi kontantman pou sa-k gin kè douat yo, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyé yo ak priyé final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 57-64

VIII (¶ Hèt)

⁵⁷ Pòsion pa-m, Granmèt : *
mouin té di sé kinbé paròl ou yo.

⁵⁸ Mouin priyé fas ou ak tout kè-m ; *
pran pitié pou mouin dapré promès ou-a.

- 59 Mouin té kalkilé chémin-m yo, *
mouin té viré pié-m nan témouagnaj ou-a.
- 60 Mouin té fè vit, mouin pa-t trinnin, *
pou-m kinbé kòmandman-ou yo.
- 61 Kòd péchè yo té maré-m, *
min mouin pa-t bliyé laloua-ou la.
- 62 Nan mitan nannuit mouin lévé pou-m fè déklarasion pou ou, *
sou jijman jistis ou-a.
- 63 Mouin asosié ak tout moun ki krinn ou, *
k-ap kinbé kòmandman-ou yo.
- 64 Mizérikòd ou-a, Granmèt, plin tè-a ; *
aprann mouin volonté-ou yo.

Psòm 54 (55), 2-15. 17-24

Kont yon zanmi ki trèt

Jézu kòmansé sézi, kè-l séré (Mk 14, 33).

I

- 2 Bondié, panché zòrèy ou nan lapriyè-m nan, †
pa kaché pou-ou pa tandé jan m-ap insisté koté-ou ; *
- 3 Fè-t-atansion pou-ou kouté-m, pou-ou kapab réponn mouin.
M-ap dépalé tèlman mouin gin chagrin, m-ap plinn,
- 4 poutèt voua ènmi-an ak poutèt tribilasion péchè-a.
Yo té roulé-m nan méchansté, *
sé ak raj yo té fè-m lapinn.
- 5 Kè-m ap tòdé anndan-m, *
krint lanmò té tonbé sou mouin.
- 6 Krint ak tranbléman rivé sou mouin, *
sézisman vlopé-m.

- 7 Mouin té di : « Kilès k-ap ban-m zèl tankou toutrèl, *
m-a volé, m-a répozé ?
8 Min, m-ap sové kò-m byin louin, *
m-ap rété nan dézè-a ».
9 M-ap tann sa-a k-ap sové-m nan, *
anba souf loraj la ak tanpèt la.

II

- 10 Granmèt, gayé, divizé lang yo, *
paské mouin ouè méchansté ak jalouzi nan lavil la.
11 Lajounin ak lannuit, y-ap fè ronm li sou muray li yo, †
12 sé méchansté, sé soufrans, sé konplo ki anndan-l ; *
ruz ak manti pa sispann sou laplas li yo.
13 Paské si yon ènmi-m t-a madichonnin-m, *
mouin t-a kapab sipòté-l kanminm ;
si moun ki rayi-m nan t-a fè arogan sou mouin, *
mouin t-a kaché kò-m pétèt sot koté-l.
14 Min sé ou minm, moun ki égal mouin-an, *
ki abitué avèk mouin, ki zanmi mouin,
15 ki konn gin bon jan rélasyon ansanm antré nou, *
nan kay Bondié-a nou té konn maché ansanm nan asanblé-a.
[16]
17 Mouin minm, sé kot Bondié m-ap rélé, *
épi Granmèt la ap sové-m.
18 Asouè, granmatin, a midi, m-ap médité épi m-ap plinn, *
l-ap kouté voua-m.
19 Li rachté nanm mouin nan lapè
sot kot sa yo k-ap batay kont mouin-an, *
paské yo anpil, sa ki kanpé kont mouin yo.
20 Bondié ap tandé, l-ap fè yo bésé tèt yo, *
li minm ki égzisté anvan sièk yo.

- Nan pouin chanjman pou yo, *
 yo pa-t réspékté Bondié.
- 21 Li lonjé min-l sou asosié-l yo ; *
 li trayi kontra-l la.
- 22 Bouch li pi délika pasé krèm, *
 époutan, kè-l sé lagè :
 paròl li pi dous pasé lui, *
 époutan yo sé épé ki soti nan fourò-l.
- 23 Jété tèt chajé-ou sou Granmèt la, †
 sé li minm k-ap okipé-ou ; *
 li pap kité moun kòrèk la nan boulvès tout tan.
- 24 Ou minm, Bondié, fè yo désann *
 nan pui déskriksion-an.
 Moun k-ap fè san koulé, k-ap bay manti yo,
 yo pap jouinn mouatié nan jou ki pou yo-a ; *
 kanta mouin minm, sé nan ou mouin éspéré, Granmèt.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm komplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
 Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Pa kité kè nou troublé, kouè nan mouin sèlman, alélouya.

Psòm 61 (62)

Lapè nan Bondié

Sé pou Bondié éspérans la plin nou ak tout lapè nan kouè nou kouè-a
(Rom 15, 13).

- ² Sé nan Bondié sèlman pou-ou répozé, nanm mouin, *
sèké sé nan li délivrans mouin soti.
- ³ Vrèman sé li minm ki kachèt mouin ak délivrans mouin, *
protéksion-m, mouin pap souké ankò.
- ⁴ Jouskilè n-ap fonsé sou moun, †
pou nou krazé-l nou tout ansanm, *
tankou yon miray ki panché,
yon lantouraj k-ap tonbé ?
- ⁵ Réyèlman vré, y-ap kalkilé pou yo jété-l sot nan roté li yé-a ; †
sé nan manti yo pran plézi yo. *
Ak bouch yo y-ap fè konpliman,
min nan kè yo, y-ap madichonnin.
- ⁶ Nan Bondié sèlman pou-ou pozé, nanm mouin, *
paské sé nan li pasians mouin soti.
- ⁷ Vrèman sé li minm ki Bondié-m ak délivrans mouin, *
protéksion-m, mouin pap souké.
- ⁸ Nan Bondié délivrans mouin ak gloua mouin ; *
Bondié fòs mouin,
kachèt mouin sé nan Bondié li yé.
- ⁹ Éspéré nan li, tout fanmi pèp la, †
vidé kè nou dévan li ; *
Bondié sé kachèt pou nou.

- ¹⁰ Réyèlman vré, pitit Adan yo pa vo anyin, *
 pitit moun yo sé manti.
 Si yo monté sou yon balans, *
 yo tout ansanm y-ap pi léjé pasé lafinin.
- ¹¹ Pa mét éspoua nou nan violans †
 pa tronpé nou nan piyaj ; *
 si richès nou ap ogmanté, pa instalé kè nou ladan-l.
- ¹² Bondié di yon bagay, *
 sé dé bagay sa yo mouin tandé :
 sèké sé Bondié ki gin pouvoua, †
- ¹³ sé pou ou, Granmèt, mizérikòd la ; *
 paské ou rinmèt chak moun dapré aksion-l.

Réf. Pa kité kè nou troublé, kouè nan mouin sèlman, alélouya.

Réf. 2 Sé pou pèp yo fè déklarasion pou ou, Bondié, sé pou yo fété nan sovè ou sovè yo-a, alélouya.

Psòm 66 (67)

Sé pou tout nasion yo fè déklarasion pou Granmèt la

Sé pou nou konn sa, sovè Bondié sovè nou sa-a sé bay nasion yo yo voyé-l (Tr Ap 28, 28).

- ² Sé pou Bondié pran pitié pou nou, sé pou-l béni nou ; *
 sé pou-l fè figi-l kléré sou nou,
- ³ Sé pou yo rékonèt chémin-ou yo sou tè-a, *
 sovè ou sovè nou-an nan tout nasion yo.
- ⁴ Sé pou pèp yo fè déklarasion pou ou, Bondié ; *
 sé pou tout pèp yo fè déklarasion pou ou.
- ⁵ Sé pou nasion yo kontan, sé pou yo fété, †
 paské ou jijé pèp yo nan fason ki douat, *
 ou dirijé nasion yo sou tè-a.

- 6 Sé pou pèp yo fè déklarasion pou ou, Bondié, *
 sé pou tout pèp yo fè déklarasion pou ou.
- 7 Tè-a té bay frui-l ; *
 Bondié béni nou, Bondié nou-an,
- 8 sé pou Bondié nou-an béni ou, *
 sé pou tout limit tè-a réspékté-l.

Réf. Sé pou pèp yo fè déklarasion pou ou, Bondié, sé pou yo fété nan sovè ou sovè yo-a, alélouya.

Réf. 3 Li té vlopé sièl yo ak gloua li-a, épi tè-a plin ak louanj li-a, alélouya.

Kantik

Cf. Kol 1, 12-20

**Kris la, prémié anfanté anvan tout créati
 ak prémié anfanté sot nan pami mò yo**

- 12 N-ap di Bondié Papa-a mèsì, *
 li minm ki fè nou mérité jouinn pòsion
 nan éritaj sin yo nan limiè-a ;
- 13 li minm ki délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, *
 ki fè nou travèsé nan péyi-roua Pitit li rinmin-an,
- 14 sé nan li nou jouinn rédanmsion, *
 padon pou péché yo ;
- 15 li minm ki pòtré Bondié yo pa kapab ouè-a, *
 sé prémié pitit anvan tou créatu,
- 16 paské sé nan li tout bagay té kréyé †
 nan sièl yo ak sou tè-a, *
 sa yo kapab ouè ak sa yo pa kapab ouè yo,
 soua trôn, soua pouvoua yo, *
 soua gouvènman, soua otorité.

- 17 Tout bagay sé pa pouvoua-l, sé nan li yo kréyé, †
 li minm li anvan tout bagay,
 tout bagay kanpé nan égzistans nan li.
 18 Li minm sé tèt kò Égliz la ; †
 li sé sous, premié pitit ki sot nan pami mò yo, *
 pou-l kapab kinbé premié ran-an nan tout bagay,
 19 sèké sé nan li Bondié té pran plézi
 fè tout bagay nèt abité, *
 20 épi pa pouvoua-l, l-ap rékonsilié tout bagay nan li,
 antan-l fè lapè pa pouvoua san-l ki koulé sou koua-a, *
 ni pou sa-k sou tè-a, ni pou sa-k nan sièl yo.

Réf. Li té vlopé sièl yo ak gloua li-a, épi tè-a plin ak louanj li-a, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

JÉDI SÉMÈN II

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Ou té sové nou, Granmèt, épi nan non-ou, n-ap fè déklarasion pou tout tan, alélouya.

Psòm 43 (44)

Dézas pèp la

Nan tout bagay sa yo, nou ranpòté viktoua dépasé mézi poutèt sa-a ki rinmin nou-an (Rom 8, 37).

I

² Bondié, ak zòrèy nou nou té tandé ; †
papa nou yo té rakonté nou *

aksion ou fè nan jou yo, nan jou lontan yo.

³ Ou minm, ak min-ou, ou té chasé nasion yo épi ou té planté yo, *
ou té maltrété pèp yo épi ou té élaï yo.

- 4 Sé pa nan épé yo réyèlman yo té posédé tè-a, *
 épi bra yo pa-t sové yo ;
 min sé min douat ou ak bra-ou, ak limiè fas ou, *
 paské ou té jouinn plézi-ou nan yo.
- 5 Sé ou minm sa, roua mouin, Bondié mouin, *
 ki té kòmandé sové Jakòb yo.
- 6 Nan ou ènmi nou yo té résévoua kou, *
 nan non-ou n-ap foulé anba pié nou
 sa-k lévé kont nou yo.
- 7 Sèké sé pa nan ark mouin mouin mét konfians mouin, *
 épi épé-m pa sové mouin.
- 8 Ou minm ou té sové nou anba sa k-ap frapé nou yo *
 épi sa-k rayi nou yo, ou té fè yo ront.
- 9 Nan Bondié n-ap jouinn gloua tout jounin *
 épi nan non-ou, n-ap fè déklarasion pou tout tan.

Réf. Ou té sové nou, Granmèt, épi nan non-ou, n-ap fè déklarasion pou tout tan, alélouya.

Réf. 2 Pitié, Granmèt, pa rinmèt éritaj ou-a nan dézonè.

II

- 10 Koulié-a minm, ou té répousé nou, ou té fè nou ront *
 épi ou pa-t soti ak lamé nou yo, Bondié.
- 11 Ou té fè nou tounin dèyè, dévan ènmi nou yo, *
 sa-k rayi nou yo té piyé nou.
- 12 Ou té rinmèt nou tankou mouton pou labatoua *
 épi nan nasion yo ou té gayé nou.
- 13 Ou té vann pèp ou-a pou anyin, *
 épi ou pa-t tiré avantaj nan pri yo té ba ou pou li-a.
- 14 Ou té fè nou sèvi répròch pou vouazin nou yo, *

- rizib ak méri pou sa-k entouré nou yo.
 15 Ou té fè nou vîn tounin provèb nan nasion yo, *
 pèp yo ap souké tèt sou nou.
 16 Tout jounin ront mouin-an la dévan-m, *
 épi avilisman fas mouin kouvri-m *
 17 dévan voua k-ap réproché, k-ap déréspékté, *
 dévan fas ènmi ak sa k-ap tiré vanjans.

Réf. Pitié, Granmèt, pa rimmèt éritaj ou-a nan dézonè.

Réf. 3 Lévé, Granmèt, rachté nou poutèt mizérikòd ou-a, alélouya.

III

- 18 Tout bagay sa-a té rivé nou, †
 épi nou pa-t bliyé-ou ; *
 épi nou pa-t trayi aliens ou-a.
 19 Nou pa-t fè kè nou rèkilé déyé, *
 épi nou pa-t fè pié nou viré sot nan rout ou-a ;
 20 min ou té krazé nou nan koté ki gin mangous yo *
 épi ou té kouvri nou ak lonbraj lanmò.
 21 Si nou té bliyé non Bondié nou-an, *
 épi nou té lonjé min nou kot yon dié étranjé,
 22 èské Bondié pa t-ap dékouvri sa ? *
 sèké li minm li konnin sa-k kaché nan kè.
 23 Paské poutèt ou y-ap touyé nou tout jounin, *
 yo konsidéré nou tankou mouton labatoua.
 24 Révéyé, pouki sa ou-ap dòm, Granmèt ? *
 Lévé, pa lagé nou pou tout tan.
 25 Pouki sa ou-ap viré fas ou-a, *
 ou bliyé povreté nou ak tribilasyon nou yo ?

- ²⁶ Paské nanm nou ap drivé nan pousiè, *
épi vant nou kolé atè-a.
- ²⁷ Lévé, Granmèt, poté nou sékou, *
rachté nou poutèt mizérikòd ou-a.

Réf. Lévé, Granmèt, rachté nou poutèt mizérikòd ou-a, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Mouin sé pié rézin-an, nou sé branch yo, alélouya.

Psòm 79 (80)

Granmèt, vizité jadin rézin-ou nan

Vini, Granmèt Jézu (Ap 22, 20).

- ² Ou minm k-ap kondui Israèl, fè atansyon, *
ou minm k-ap kondui Jozèf tankou mouton-an.
Ou minm ki chita anlè Chéribin yo, kléré, *
- ³ dévan Éfrayim, Benjamin ak Manasé.
Drésé pouvoua-ou, épi vini, *
pou-ou sovè nou.

- 4 Bondié, fè nou tounin, *
kléré fas ou, épi n-a sové.
- 5 Granmèt Bondié lamé yo, *
jouskilè ou-ap fè kòlè sou priyè pèp ou-a ?
- 6 Ou té fè nou manjé pin dlo ki sot nan jé nou, *
ou té ba nou bouè nan dlo ki sot nan jé nou kont kò nou.
- 7 Ou té fè nou vîn tounin kontradiksion pou vouazin nou yo, *
ènmi nou yo t-ap pasé nou nan jouèt.
- 8 Bondié lamé-yo, fè nou tounin, *
kléré fas ou, épi n-a sové.
- 9 Ou té transplanté pié rézin-an sot Éjip, *
ou té chasé nasion yo, ou té planté-l.
- 10 Ou té égalizé térin dévan-l, *
ou té planté rasîn li, li té anvayi péyi-a.
- 11 Li té kouvri mòn yo ak lonbraj li, *
branch li té pié sèd Bondié ;
- 12 li té lonjé branch li yo jous nan diréksion lanmè-a, *
ak boujon-l yo jous nan diréksion gran riviè-a.
- 13 Pouki sa ou krazé miray li-a, *
épi tout moun k-ap pasé sou chémin-an ap kéyi grap li yo ?
- 14 Kochon maron ki nan rak boua-a fini avèk li, *
tout bèt sovaj manjé-l.
- 15 Bondié lamé yo, viré, *
gadé antan-ou nan sièl la, pou-ou ouè, vizité pié rézin sa-a.
- 16 Épi protéjé sa-a min douat ou té planté-a, *
épi sou pitit moun nan ou té asiré pou ou-a.
- 17 Yo boulé-l nan difé, yo raché-l ; *
sé pou yo péri, lè fas ou ap ménasé.
- 18 Sé pou min-ou sou moun min douat ou-a, *
sou pitit moun nan ou té asiré pou ou-a.
- 19 Épi nou pap viré do ba ou, ou-a fè nou viv, *
épi n-ap rélé non-ou.

²⁰ Granmèt Bondié lamé yo, fè nou tounin,
fè fas ou kléré, épi n-a sovè.

Réf. Mouin sé pié rézin-an, nou sé branch yo, alélouya.

Réf. 2 N-ap tiré dlo ak kè kontan sot nan sous Sovè-a, alélouya.

Kantik

Iz 12, 1-6

Rèl fèt pèp yo rachté-a

Si yon moun souaf, sé pou-l vîn jouinn mouin pou-l bouè (Jan 7, 37).

- ¹ M-ap fè déklarasion pou ou, Granmèt,
paské lè-ou té an kòlè kont mouin, *
ou détounin kòlè-ou, ou konsolé-m.
- ² Min Bondié sovè-m nan, *
mouin gin konfians, mouin pap pè,
paské fòs mouin ak louanj mouin, sé Granmèt la, *
sé li minm ki vîn sovè-m.
- ³ N-ap tiré dlo ak kè kontan *
sot nan sous Sovè-a.
- ⁴ N-ap di nan jou sa-a : *
« Fè louanj Granmèt la, rélé non li,
fè konnin mèvèy li yo nan pèp yo ; *
fè sonjé kijan non-l anlè nè.
- ⁵ Chanté pou Granmèt la, paské li fè mèvèy ; *
sé pou yo konn sa sou tout tè-a.
- ⁶ Fété, fè louanj, ou ki abité nan Siyon, *
paské li gran nan mitan-ou, Sin Israël la ».

Réf. N-ap tiré dlo ak kè kontan sot nan sous Sovè-a, alélouya.

Réf. 3 Granmèt la té ba nou manjé nan blé ki gra, alélouya.

Psòm 80 (81)
Rénouvèlman aliens la chak ané

Fè atansyon, pou nan youn nan nou pa gin yon kè mové, san lafoua (Éb 3. 12).

- 2 Fété pou Bondié sékou nou, *
† pousé rèl fèt pou Bondié Jakòb la.
- 3 Pran kantik, frapé tanbou, *
bon gita-a avèk bandjo-a.
- 4 Sonnin tronpèt la nan fèt nouvèl lîn nan, *
nan jou plinn-lîn nan, nan gran fèt chak ané nou-an.
- 5 Paské sé yon kòdmanman pou Israèl sa yé, *
sé yon jijman pou Bondié Jakòb la.
- 6 Li té mété-l kòm témouagnaj nan Jozèf, †
lè-l t-ap soti nan péyi Éjip la ; *
mouin té tandé yon paròl mouin pa-t konnin :
- 7 « Mouin ouété chaj yo sot sou do-l ; *
min-l té sispann poté kòbèy la.
- 8 Nan tribilasyon-an ou té rélé-m, mouin té libéré-ou, †
mouin réponn ou nan kachèt mové tan-an, *
mouin sondé-ou bò dlo Mériba-a.
- 9 Kouté, pèp mouin, m-ap pozé-ou késion ; *
Israèl, pa pito-ou kouté-m !
- 10 Pap gin dié étranjé nan ou, *
ou pap adoré dié étranjé.
- 11 Sé mouin minm ki Granmèt Bondié-ou, †
ki té fè-ou soti nan péyi Éjip la ; *
ouvri bouch ou blin laj, pou-m kapab plin-l.
- 12 Pèp mouin-an pa-t kouté voua-m, *
Israèl pa fè atansyon ban mouin.

- ¹³ Mouin té lagé yo dapré kè yo ki rèd la, *
y-ap maché nan pròp lidé yo.
- ¹⁴ Si pèp mouin-an té kouté-m, *
si Israèl té maché nan chémin-m yo !
- ¹⁵ Yon ti moman mouin t-a krazé ènmi-l yo, *
mouin t-a lonjé min-m sou sa yo k-ap fè-l pasé tray yo.
- ¹⁶ Ènmi Granmèt yo t-a flaté-l, *
sò yo t-a réglé pou sièk yo ;
- ¹⁷ mouin t-a fè yo manjé nan blé ki gra, *
mouin t-a plin vant yo ak mièl ròch la.

Réf. Granmèt la té ba nou manjé nan blé ki gra, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 65-72

IX (🕒 Tèt)

- 65 Ou té fè sèvitè-ou dibyin, Granmèt, *
dapré paròl ou-a.
- 66 Aprann mouin sa-k bon, ni intélijans, ni sians, *
paské nan kòmandman-ou yo mouin té mété konfians mouin.
- 67 Anvan mouin té rabésé-a, mouin té pèdi chémin ; *
koulié-a minm mouin kinbé promès ou-a.
- 68 Ou bon, ou fè dibyin, *
aprann mouin désizyon ou yo.
- 69 Ògéyé yo kalkilé manti kont mouin, *
mouin minm minm ak tout kè-m
mouin kinbé kòmandman-ou yo.
- 70 Kè yo gro tankou grès, *
kanta mouin minm sé nan laloua-ou la
mouin jouinn plézi mouin.
- 71 Sa bon pou mouin poutèt mouin té umilié, *
pou-m aprann désizyon-ou yo.
- 72 Li bon pou mouin, laloua bouch ou-a, *
plis pasé milion lò ak lajan.

Psòm 55 (56), 2-7 b. 9-14

Mété konfians nan paròl Granmèt la

Sé Kris la nan soufrans li-a y-ap montré (S. Jéròm).

- 2 Pitié pou mouin, Bondié,
paské moun nan ap foulé-m anba pié, *
tout jounin sa k-ap fè-m lagè-a ap krazé-m.
- 3 Ènmi-m yo ap foulé-m anba pié tout jounin, *
paské yo anpil sa k-ap batay kont mouin yo, ou minm ki Anlè nèt la.
- 4 Nan ninpòt jou mouin t-a pè, *
m-ap éspéré nan ou.
- 5 Nan Bondié sa-a m-ap chanté paròl li-a, †

- nan Bondié mouin espéré ; *
- mouin pa pè : ki sa pou chè-a fè-m ?
- ⁶ Tout jounin, y-ap défòmè paròl mouin, *
- kont mouin tout lidé yo sé pou sa-k mal.
- ⁷ Y-ap éksité goumin, yo kaché ap mété pièj, *
- yo minm y-ap véyé tras mouin.
- [7c - 8]
- ⁹ Ou konté démach mouin yo : †
- mété dlo ki sot nan jé-m yo nan véso-ou la ; *
- èské ou pa konté yo ?
- ¹⁰ Lè sa-a ènmi-m yo ap viré dèyè, †
- nan ninpòt ki jou m-ap rélé : *
- min, mouin konnin sé Bondié-m ou yé.
- ¹¹ Nan Bondié, li minm m-ap fè louanj paròl li-a, *
- nan Granmèt la, li minm m-ap fè louanj paròl li-a,
- ¹² nan Bondié mouin espéré ; *
- mouin pap pè : ki sa pou moun fè-m ?
- ¹³ Yo sou mouin, Bondié, promès mouin fè-ou yo ; *
- m-ap rinnèt louanj yo ba ou,
- ¹⁴ paské ou délivré nanm mouin sot nan lanmò, †
- ak pié-m sot nan pièj, *
- pou-m maché dévan Bondié nan limiè vivan yo.

Psòm 56 (57)

Priyè granmatin nan mové trétman

Sé soufrans Granmèt la psòm sa-a ap chanté (S. Ogustin).

- ² Pitié pou mouin, Bondié, pitié pou mouin, *
- paské sé nan ou nanm mouin kaché ;
- anba lonbraj zèl ou mouin chèché kachèt, *
- joustan malè-a pasé.

- 3 Mouin rélé kot Bondié ki Anro nèt la, *
Bondié ki fè-m dibyin-an.
- 4 Sé pou-l voyé sot nan sièl la, pou-l délivré-m ; †
sé pou-l fè sa k-ap krazé-m yo ront. *
Sé pou Bondié voyé mizérikòd li ak vérité-l.
- 5 Nanm mouin kouché nan mitan pitit lion yo *
y-ap dévoré pitit moun yo.
Dan yo sé zam ak flèch, *
lang yo sé épé byin filé.
- 6 Lévé monté anlè sièl yo, Bondié, *
anlè tout tè-a, gloua-ou la.
- 7 Yo té ranjé pièj pou lè m-ap passé, *
nanm mouin té réplyé sou li ;
Yo té fouyé yon fos dévan fas mouin, *
sé yo ki té tonbé ladan-l.
- 8 Kè-m paré, Bondié, †
kè-m paré ; *
- 9 m-ap chanté, épi m-ap joué mizik.
Lévé, gloua mouin, †
lévé, mandolîn ak bandjo, *
m-ap révéyé dévan jou-a.
- 10 M-ap fè déklarasion pou ou nan pèp yo, Granmèt, *
m-ap joué mizik pou ou nan nasion yo,
- 11 paské ou gran, mizérikòd ou rivé jous nan sièl yo, *
fidélitè-ou rivé jous nan nuaj yo.
- 12 Lévé monté anlè sièl yo, Bondié, *
anlè tout tè-a, gloua-ou la.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm komplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Li minm, Bondié instalé-l jij ni vivan yo ni mò yo, alélouya.

Psòm 71 (72)

Pouvoua Mési-a kòm roua

Antan yo louvri trézò yo, yo té ofri-l kado, lò, épi lansan, épi lamir (Mt 2, 11).

I

- ¹ Bondié, bay roua-a jijman-ou, *
bay pitit roua-a jistis ou ;
- ² l-ap jijé pèp ou-a nan jistis, *
ak pòv ou yo nan jijman.
- ³ Sé pou mòn yo poté lapè-a pou pèp la, *
épi ti rotè yo jistis la.
- ⁴ L-ap jijé pòv yo nan pèp la, †
l-ap sovè pitit maléré yo *
l-ap krazé sa k-ap fè profitè-a.

- 5 L-ap diré ansanm avèk solèy la épi dévan lalîn-nan, *
pou jénérasyon ak jénérasyon.
- 6 L-ap désann tankou laplui sou gazon, *
tankou farinaj k-ap tranpé tè-a.
- 7 Nan tan-l yo jistis ap fléri ak lapè an kantité, *
joustan lalîn nan disparèt.
- 8 Épi l-ap kòmandé sot nan lanmè al nan lanmè, *
épi sot nan gran riviè-a jous nan bout fas tè yo.
- 9 Dévan-l, moun yo ki rété nan dézè-a ap plouayé, *
ènmi-l yo ap niché atè-a.
- 10 Roua Tarsis yo ak zilé yo ap ofri richès, *
roua Arabi yo ak Saba ap poté kado.
- 11 Tout roua yo ap adoré-l, *
tout nasion yo ap sèvi-l.

Réf. Li minm, Bondié instalé-l jij ni vivan yo ni mò yo, alélouya.

Réf. 2 Y-ap béni nan li, tout group fanmi tè-a, alélouya.

II

- 12 Sèké l-ap libéré maléré-a k-ap rélé-a, *
ak pòv la ki pa gin moun pou poté-l sékou.
- 13 L-ap pran pitié pou pòv la ak maléré-a, *
nanm pòv yo l-ap sové yo.
- 14 L-ap délivré yo sot nan injistis ak violans, *
san yo ap gin gran valè dévan-l.
- 15 Sé pou-l viv, sé pou yo ba-l nan lò Arabi-a, †
sé pou yo lapriyé pou li tout tan ; *
- 16 Sé pou gin kantité blé sou tè-a, *
sé pou-l frisonnin sou tèt mòn yo ;

- sé pou frui-l tankou Liban, *
 sé pou yo lévé nan vil la tankou zèb tè-a.
- 17 Sé pou non-l béni pou sièk yo, *
 dévan solèy la, sé pou non-l diré.
 Sé pou tout fanmi tè-a béni nan non-l, *
 sé pou tout nasion di jan-l gran.
- 18 Li béni, Granmèt Bondié, Bondié Israël, *
 li minm ki fè mèvèy pou kont li.
- 19 Épi non grandè li-a béni pou tout tan ; *
 épi tout tè-a ap plin ak grandè-l. Amèn, amèn.

Réf. Y-ap béni nan li, tout group fanmi tè-a, alélouya.

Réf. 3 Jézu-Kri yè ak jodi-a, sé minm nan, ni pou sièk yo, alélouya.

Kantik

Ap 11, 17-18 ; 12, 10 b-12 a

Osijè jijman Bondié-a

- 11,17 N-ap di ou mèsì, *
 Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua-a,
 sa-k la-a, ak sa-k té la-a, *
 paské ou té résévoua gran pouvoua-ou la épi ou té kòmandé.
- 18 Nasion yo té fè kòlè, *
 épi min kòlè-ou la rivé, moman pou jijé mò yo,
 pou rimmèt salè-a bay ésklav ou yo,
 profèt yo, ak sin yo, *
 ak sa-k réspékté non-ou yo, piti yo ak gran yo.
- 12,10 Koulié-a yo sové, épi sé pouvoua-a ak péyi-roua Bondié nou-an *
 ak otorité Kris li-a,
 paské yo jété akizatè frè nou yo, *

li minm ki t-ap akizé yo dévan fas Bondié nou-an
lajounin kon lannuit la.

- ¹¹ Épi yo minm yo ranpòté viktoua sou li poutèt san Mouton-an *
épi poutèt paròl témouagnaj li-a ;
yo bliyé tèt yo jous yo mouri.
- ¹² Sé pou sa sé pou nou kontan, sièl yo, *
ak sa yo ki abité nan yo.

Réf. Jézu-Kri yè ak jodi-a, sé minm nan, ni pou sièk yo, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la,
dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

VANDRÉDI SÉMÈN II

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Pa korijé-m nan kòlè-ou la, Granmèt.

Psòm 37 (38)

Démann péchè-a ap fè avèk insistans antan li nan yon gran danjé
Tout zanmi-l yo té kanpé louin-l (Lk 23, 49).

I

- ² Granmèt, pa fè-m éksplikasyon nan kòlè-ou, *
épi nan mové san-ou pa korijé-m,
- ³ paské flèch ou yo anfonse nan mouin, *
épi min-ou désann sou mouin.
- ⁴ Pa gin koté ki an-santé nan chè-m dévan kontrariété-ou, *
pa gin lapè nan zo-m yo dévan péché-m yo.

- 5 Sèké fot mouin yo dépasé tèt mouin *
épi tankou yon poua lou yo pézé-m anpil.

Réf. Pa korijé-m nan kòlè-ou la, Granmèt.

Réf. 2 Granmèt, dévan-ou tout anvi-m, alélouya.

II

- 6 Foua-m pouri épi dékonpozé *
dévan mank-sajès mouin-an.
- 7 Mouin plouayé épi mouin koubé anpil ; *
tout jounin m-ap maché ak chagrin.
- 8 Sèké rin-m plin ak chalè, *
épi pa gin koté ki an-santé nan chè-m.
- 9 Mouin nan lapinn épi mouin rabésé anpil, *
mouin t-ap rélé poutèt jémisman kè-m.
- 10 Granmèt, dévan-m tout anvi-m, *
jémisman-m pa kaché pou ou.
- 11 Kè-m ap bat, fòs mouin abandoné-m, *
épi limiè jé-m,
épi li minm li pa avè-m.
- 12 Zanmi-m yo épi prochin mouin yo
sé louin blès mouin yo kanpé, *
pròch mouin yo sé byin louin yo kanpé.
- 13 Yo té mété pièj sa ki t-ap chèché nanm mouin yo, †
épi s-ak t-ap chèché mal pou mouin yo, yo t-ap palé pièj *
épi sé riz tout jounin yo t-ap médité.

Réf. Granmèt, dévan-ou tout anvi-m, alélouya.

Réf. 3 Fot mouin-an m-ap fè-ou konnin li ; pa lagé-m, Granmèt, sovè mouin, alélouya.

III

- 14 Mouin minm minm tankou yon moun ki soud mouin pa-t kouté *
épi tankou moun ki bèbè ki pa louvri bouch li ;
- 15 Mouin té tankou yon moun ki pa tandé, *
épi ki pa gin réplik nan bouch li.
- 16 Paské nan ou, Granmèt, mouin té espéré, *
ou minm ou té kouté Granmèt Bondié mouin.
- 17 Sèké mouin té di : « Pînga lè y-ap pran plézi osijè-m nan ; *
pandan pié-m ap tranblé,
y-ap fè grandizè sou tèt mouin ».
- 18 Paské mouin minm mouin prèt pou-m tonbé, *
épi doulè mouin-an li dévan-m tout tan.
- 19 Paské fot mouin-an m-ap anonsé-l *
épi mouin pran tèt chajé osijè péché-m.
- 20 Ènmi-m yo minm, y-ap viv épi yo gin asirans, *
épi yo multiplié, sa yo ki rayi-m yo avèk méchansté.
- 21 Antan y-ap rinmèt mal pou byin, yo t-ap palé-m mal, *
poutèt mouin t-ap suiv sa ki bon-an.
- 22 Pa lagé-m, Granmèt ; *
Bondié mouin, pa alé louin-m.
- 23 Fè vit poté-m sékou, *
Granmèt, sovè mouin.

Réf. Fot mouin-an m-ap fè-ou konnin li ; pa lagé-m, Granmèt, sovè mouin, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Konfians, pitit, péché-ou yo padonnin, alélouya.

Psòm 50 (51)

Bondié, pitié pou mouin

Sé pou nou vîn tou nèf nan jan éspri nou jijé tout bagay épi sé pou nou abiyé nou ak moun nouvo-a (Éféz 4, 23-24).

- ³ Pitié pou mouin, Bondié, *
dapré mizérikòd ou-a ;
dapré kantité pitié-ou, *
éfasé fòt mouin-an.
- ⁴ Lavé-m nèt sot nan fot mouin-an *
pròpté-m sot nan péché-m nan.
- ⁵ Sèké fot mouin-an sé mouin minm ki konnin-l, *
péché-m nan dévan-m tout tan.
- ⁶ Kont ou, kont ou sèl mouin fè péché *
épi sa-k mal dévan-ou la, mouin fè-l,
sé pou yo jouinn ou kòrèk nan désizion-ou, *
douat nan jijman-ou.
- ⁷ Gadé, nan fot mouin pran nésans, *
nan péché manman-m té poté-m nan vant.

- 8 Gadé, sé vérité ou rinmin nan kè, *
nan sékrè ou fè-m ouè sajàs.
- 9 Nétouayé-m avèk izòp, m-ap vîn pròp ; *
lavé-m, m-a vîn blan pasé lanèj.
- 10 Ou-ap fè-m tandé kontantman ak lajoua, *
épi y-ap fété zo yo ou té krazé yo.
- 11 Viré fas ou louin péché-m yo *
tout fot mouin yo, éfasé yo.
- 12 Kréyé yon kè pròp nan mouin, Bondié, *
réfè yon éspri fèm nan zantray mouin yo.
- 13 Pa jété-m louin fas ou, *
éspri sin-ou nan, pa ouété-l sot nan mouin.
- 14 Rinnèt mouin kè kontan sovè ou sovè nou-an, *
asiré-m ak éspri ki pi vif la.
- 15 M-ap aprann péchè yo chémin-ou yo, *
méchan yo ap tounin vîn jouinn ou.
- 16 Libéré-m sot nan san yo, Bondié, Bondié sovè mouin, *
lang mouin ap chanté jistis ou.
- 17 Granmèt, louvri po bouch mouin, *
bouch mouin ap anonsé louanj ou.
- 18 Ou pap pran plézi nan sakrifis, *
sakrifis antié, si-m ofri-l, li pap fè-ou plézi.
- 19 Sakrifis pou Bondié, sé yon éspri krazé, *
yon kè krazé, rabésé, Bondié pap méprizé-l.
- 20 Aji ak bon kè pou Siyon, Granmèt, nan bòn volonté ou, *
pou miray Jérusalèm yo kapab rébati.
- 21 Lè sa-a ou-a aksépté sakrifis jistis,
kado avèk sakrifis antié ; *
lè sa-a y-a mété ti toro sou otèl ou-a.

Réf. Konfians, pitit, péché-ou yo padonnin, alélouya.

Réf. 2 Ou sòti pou sovè pèp ou-a, Granmèt, avèk Kris ou-a, alélouya.

Kantik

Abak 3, 2-4. 13 a. 15-19

Bondié parèt pou-l jijé

Lévé tèt nou, paské rédanmsion nou toupré (Lk 21, 28).

- 2 Granmèt, mouin té tandé sa y-ap di sou ou, *
 Granmèt, mouin krinn sa-ou fè.
 Nan mitan ané yo, fè-l viv, *
 nan mitan ané yo, fè rékonèt li.
 Lè ou t-a nan kòlè, *
 sonjé mizérikòd la.
- 3 Bondié rivé sot Téman, *
 Sin-an rivé sot sou mòn Faran-an.
 Li kouvri sièl yo ak gloua li, *
 tè-a plin avèk louanj li.
- 4 Klètè-l la ap tankou limiè-a, †
 dé réyon sot nan min-l yo : *
 sé la fòs li kaché.
- 13 Ou té sòti pou-ou sovè pèp ou-a, *
 pou-ou sovè Kris ou-a.
- 15 Ou té fè yon chémin nan lanmè-a pou choual ou yo, *
 nan labou pakèt gran dlo yo.
- 16 Mouin té tandé sa, zantray mouin frisonnin, *
 nan voua sa-a po-bouch yo mouin tranblé,
 Dékonpozision antré nan zo-m yo, *
 épi mouin tranblé sou plas.
 M-ap rété trankil pou jou tribilasyon-an, *
 k-ap monté kont pèp sa-a k-ap piyé nou-an.
- 17 Sèké pié fig la pap boujonnin, *
 pap gin frui nan pié rézin yo ;
 frui pié oliv la ap rabougri, *

- jadin yo pap bay manjé ;
 mouton yo disparèt sot nan pak la, *
 pa gin bèf ankò nan krèch yo.
 18 Mouin minm m-ap kontan nan Granmèt la, *
 m-ap fè fèt nan Bondié ki sovè-m nan,
 19 Granmèt la sé fòs mouin, †
 li pozé pié-m tankou kabrit, *
 li fè-m maché sou rotè-m yo.

Réf. Ou sòti pou sovè pèp ou-a, Granmèt, avèk Kris ou-a, alélouya.

Réf. 3 Fè louanj Bondié-ou la, Siyon, li minm ki té instalé limit ou yo nan lapè, alélouya.

Psòm 147 (147 B)
Rétablisman Jérusalèm

Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an (Ap 21, 9).

- 12 [1] Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ; *
 fè louanj Bondié-ou ansanm, Siyon.
 13 [2] Paské li ranfòsé krochèt pòtay ou yo, *
 li béni pitit ou yo nan ou.
 14 [3] Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè, *
 li ba-ou kont blé ki gra.
 15 [4] Li minm ki voyé promès li sou tè-a, *
 avèk vitès paròl li-a kouri.
 16 [5] Li minm ki bay lanèj tankou linn, *
 li simin larouzé tankou sann.
 17 [6] Li voyé ti moso glas li-a tankou ti bouché ; *
 dévan fas frédi-l la kilès k-ap kanpé ?
 18 [7] Li voyé paròl li-a épi li fonn yo, *
 li souflé souf li, dlo yo koulé.

¹⁹ [8] Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb, *
jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.

²⁰ [9] Li pa-t aji konsa avèk tout nasion, *
li pa-t montré yo jijman-l yo.

Réf. Fè louanj Bondié-ou la, Siyon, li minm ki té instalé limit ou yo nan lapè, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 73-80

X (° Yòd)

⁷³ Min-ou yo fè-m, yo fòmé-m ; *

ban-m intèlijans, m-a aprann lòd ou yo.

⁷⁴ Sa-k krinn ou yo, y-ap ouè-m, y-ap kontan, *

paské nan paròl ou yo mouin té éspéré byin éspéré.

- 75 Mouin té konnin, Granmèt, jijman-ou yo kòrèk, *
sé nan vérité ou té umilié-m.
- 76 Sé pou mizèrikòd ou-a rivé pou-l konsolé-m, *
dapré promès ou bay sèvitè-ou la.
- 77 Sé pou pitié-ou yo vîn sou mouin pou-m viv, *
paské laloua-ou la sé plézi-m li yé.
- 78 Sé pou yo ront, ògèyé yo, paské yo plouayé-m ak manti, *
mouin minm minm m-ap médité nan kòmandman-ou yo.
- 79 Moun ki krinn ou yo ap viré koté-m *
ni sa-k aprann témouagnaj ou yo.
- 80 Fè kè-m vîn san tach nan désizion-ou yo, *
pou-m pa ront.

Psòm 58 (59), 2-5. 10-11. 17-18

Priyè kont sa k-ap chèché kont yo

Paròl sa yo ap aprann tout moun dévouman Sovè-a aléga Papa-l (Euzèb moun Sézaré).

- 2 Délivré-m sot nan min ènmi-m yo, Bondié mouin, *
anba min sa yo ki lévé kont mouin yo, protéjé-m.
- 3 Délivré-m sot nan min sa yo k-ap fè méchansté yo, *
anba min moun k-ap fè san koulé yo, sovè-m.
- 4 Sèké min yo fè konplo kont nanm mouin, *
yo fonsé sou mouin avèk fòs.
- 5 Pa gin fot, ni péché nan mouin, Granmèt ; *
San-m pa fè méchansté, yo kouri, yo pran pozision.
Lévé pou-ou vîn rankontré-m, pou-ou ouè ; †
- [6-9]
- 10 Fòs mouin, sé ou minm m-ap tann ; *
paské, Bondié, sé protéksion-m ou yé.

- 11 Bondié mouin, sé pou mizérikòd li pran dévan-m. *
Bondié ap fè pou-m méprizé ènmi-m yo.
[12 - 16]
- 17 Mouin minm m-ap chanté fòs ou, *
m-ap fété granmatin mizérikòd ou-a,
paské ou vîn tounin protéksion-m *
ak kachèt mouin nan jou tribilasion-m nan.
- 18 Fòs mouin, m-ap chanté pou ou, †
paské, Bondié, sé protéksion-m ou yé : *
Bondié mouin, mizérikòd mouin.

Psòm 59 (60)

Priyè apré dézas la

Sou tè-a n-ap gin tray, min, konfians, mouin ranpòté viktoua sou tè-a (Jan 16, 33).

- 3 Bondié, ou té réjité nou, ou té détoui nou. *
Ou faché. Tounin vîn jouinn nou !
- 4 Ou té souké tè-a, ou té sakajé-l ; *
géri blès li yo, paské li krazé.
- 5 Ou té fè pèp ou-a ouè bagay ki rèd, *
ou fè nou bouè divin vètij.
- 6 Ou té bay moun ki respékté-ou yo yon signal, *
pou yo pran lafuit louin zam k-ap tiré flèch la.
- 7 Pou moun ou rinmin yo kapab délivré, *
lonjé min douat ou pou-ou sovè nou, réponn nou.
- 8 Bondié palé nan kay sakré-l la : †
« M-ap fè fèt, m-ap séparé Sikèm, *
m-ap mézuré tè-fon Soukòt la.
- 9 Galaad, sé pou mouin, Manasé sé pou mouin, *
Éfrayim sé fòs pou tèt mouin.
Juda, sé baton kòmandman-m, *

- ¹⁰ Moab sé kuvèt pou-m lavé.
Sou Édòm, m-ap lagé sapat mouin, *
sou Filisti mouin pousé rèl viktoua ».
- ¹¹ Kilès k-ap minnin-m nan vil ki byin protéjé-a ? *
Kilès k-ap kondui-m jous nan Édòm ?
- ¹² Èské ou minm, Bondié, sé pa ou ki té réjité nou,
épi ou pa-t soti avèk lamé nou yo, Bondié ?
Ba nou sékou nan tribilasyon-an, *
paské sovè ki sot nan moun, sa pa vo anyin.
- ¹³ Nan Bondié n-ap fè prodij, *
épi li minm l-ap foulé anba pié sa k-ap fè nou pasé tray yo.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Anba kè séré lanfè-a Granmèt la té délivré nanm mouin,
alélouya.

Psòm 114 (116 A)

Aksion-d-gras

Nou gin pou nou pasé anpil tray pou nou antré nan péyi-roua Bondié-a (Tr Ap 14, 22).

- ¹ Mouin té rinmin, paské Granmèt la té kouté *
voua priyè-m nan.
- ² Paské li té panché zòrèy li sou mouin, *
lè nan jou-m yo mouin t-ap rélé-a.
- ³ Pièj lanmò yo té antouré-m, *
kè séré lanfè yo té rivé sou mouin.
Tribilasion ak doulè, sé sa mouin té jouinn †
- ⁴ épi sé non Granmèt la mouin té rélé : *
« Granmèt, o, délivré nanm mouin ».
- ⁵ Granmèt la gin mizérikòd, li kòrèk, *
épi Bondié nou-an pran pitié.
- ⁶ Antan Granmèt la protéjé ti piti yo ; *
mouin rabésé, l-ap sovè-m.
- ⁷ Tounin, nanm mouin, nan répo-ou, *
paské Granmèt la fè-ou dibyin ;
- ⁸ Paské li té délivré nanm mouin sot nan lanmò, †
jé-m yo sot nan dlo, *
pié-m yo sot nan fo-pa.
- ⁹ M-ap maché dévan Granmèt la *
nan réjion vivan yo.

Réf. Anba kè séré lanfè-a Granmèt la té délivré nanm mouin, alélouya.

Réf. 2 Tankou grinn jé-l, Granmèt la té protéjé pèp li-a, alélouya.

Psòm 120 (121)

Gadyin k-ap véyé sou pèp la

Yo pap grangou ni souaf ankò, solèy pap tonbé sou yo, ni okinn chalè (Ap 7, 16).

- ¹ M-ap lévé jé-m nan mòn yo : *
koté sékou-m ap soti ?
- ² Sékou-m ap vîn sot nan Granmèt la, *
ki té fè sièl la ak tè-a.
- ³ Li pap kité pié-ou bité, *
li pap pran somèy, li minm k-ap véyé sou ou-a.
- ⁴ Gadé li pap pran somèy, ni li pap dòmi, *
li minm k-ap véyé sou Israèl la.
- ⁵ Granmèt la ap véyé sou ou, †
Granmèt la sé lonbraj ou, *
li sou bò min douat ou.
- ⁶ Lajounin solèy pap frapé-ou, *
ni lalîn pandan lannuit.
- ⁷ Granmèt la ap véyé sou ou kont tout malè ; *
Granmèt la ap véyé sou nanm ou.
- ⁸ Granmèt la ap véyé sou antré-ou ak sòti-ou, *
dépi koulié-a jous pou tout tan.

Réf. Tankou grinn jé-l, Granmèt la té protéjé pèp li-a, alélouya.

Réf. 3 Fòs mouin ak sovè mouin sovè-a sé Granmèt la, sé li minm ki sovè-m, alélouya.

Kantik

Ap 15, 3-4

Kantik adoration

- ³ Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, *
Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua ;

yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo, *

Roua nasion yo !

⁴ Kilès ki pap krinn ou, Granmèt, *
épi ki pap fè gloua pou non-ou ?

Paské ou minm sèl ou Sin, †

paské tout nasion yo ap vini

y-ap adoré nan fas ou, *

paské jijman-ou yo parèt klè.

Réf. Fòs mouin ak sové mouin sové-a sé Granmèt la, sé li minm ki sové-m, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

SAMDI SÉMÈN II

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésonn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésonn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Sonjé nou, Granmèt, vizité nou nan sové ou sové nou-an,
alélouya.

Psòm 105 (106)

Bonté Granmèt la épi infidélité pèp la

*Yo ékri bagay sa yo pou édikasion nou, nou minm ki rivé nan finisman
sièk tan yo (1 Ko 10, 11).*

I

¹ Fè déklarasion pou Granmèt la, paské li bon, *
paské pou sièk tan mizérikòd li.

² Kilès k-ap rakonté puisans Granmèt la, *
k-ap fè tandé tout louanj li yo ?

- 3 Ala kontantman pou moun ki kinbé jijman-an, *
épi ki fè jistis nan tout okazion.
- 4 Sonjé nou, Granmèt, nan bon kè-ou pou pèp ou-a, *
vizité nou nan sovè ou sovè nou-an,
5 pou nou kapab ouè byin moun ou chouazi yo, †
pou nou kontan nan kontantman nasion-ou nan, *
pou nou jouinn gloua avèk éritaj ou-a.
- 6 Nou fè péché avèk papa nou yo, *
nou aji yon jan ki pa korèk, nou fè fot.
- 7 Papa nou yo nan Éjip la,
yo pa-t konprann mèvèy ou yo, †
yo pa-t sonjé pakèt mizèrikòd ou yo, *
yo té fè-ou fè kòlè, antan y-ap monté nan lanmè-a,
nan lanmè Rouj la.
- 8 Li té sovè yo poutèt non li, *
pou-l fè konnin puisans li.
- 9 Li té ménasé lanmè Rouj la, li séché, *
li té kondui yo nan bafon dlo yo tankou nan yon dézè.
- 10 Li té sovè yo sot anba min sa-k rayi yo-a, *
li té rachté yo anba min ènmi-an.
- 11 Dlo-a té kouvri sa-k t-ap fè yo pasé tray la : *
pa gin youn nan yo ki té chapé.
- 12 Yo té mét lafoua nan paròl li yo, *
yo té chanté louanj li.
- 13 Byin vit, yo bliyé aksion-l yo, *
yo pa konté sou désizyon-l nan ;
- 14 yo mété lidé yo sou anvè yo té ginyin nan dézè-a, *
yo tanté Bondié nan tè san dlo-a.
- 15 Li té ba yo sa yo mandé-a, *
li té fè nanm yo plin.
- 16 Yo té éksité jalouzi Moyiz nan kanpman-an, *
ni Aaron, sin Granmèt la.

- 17 Tè-a té louvri, li té valé Datan, *
li té kouvri group Abiram nan.
- 18 Difé té limin kont group yo-a, *
yon flanm dévoré péchè yo.

Réf. Sonjé nou, Granmèt, vizité nou nan sové ou sové nou-an, alélouya.

Réf. 2 Fè atansyon anpil pou-ou pa bliyé kontra Granmèt la Bondié-ou la.

II

- 19 Yo té fè yon ti toro nan Orèb, *
yo adoré yon pòtré ;
- 20 yo chanjé gloua yo-a *
pou pòtré yon toro k-ap manjé zèb.
- 21 Yo té bliyé Bondié ki té sové yo-a, *
li minm ki té fè bagay ékstraòdinè nan Éjip la,
- 22 mèvèy nan péyi Kam nan, *
prodij nan lanmè Rouj la.
- 23 Li té di li t-ap détrui yo, *
si Moyiz, sa-l té chouazi-a, pa-t kanpé dévan-l :
li té kanpé nan moman déstriksion-an dévan fas li, *
pou-l fè-l kitè kòlè-l, pou-l pa détrui yo.
- 24 Yo té méprizé yon péyi yo kapab anvi, *
yo pa-t mét lafoua nan paròl li.
- 25 Yo té bougonnin nan tant yo, *
yo pa-t kouté voua Granmèt la.
- 26 Li té lévé min-l kont yo, *
pou-l té fè yo tonbé nan dézè-a,

- 27 pou-l té fè désandans yo tonbé nan pami nasion yo, *
 pou-l té gayé yo nan péyi yo.
- 28 Yo té rinnèt tèt yo bay Baal-Péòr, *
 yo manjé sakrifis mò ;
- 29 avèk konduit yo, yo té provoké kòlè-l la, *
 li minm li té plonjé sou yo pou ravaj.
- 30 Pinas té kanpé, li réglé kòz la, *
 konsa, krazé-brizé-a té sispann,
- 31 yo konsidéré sa kòm jistis pou li, *
 pou jénérasion ak jénérasion jous pou tout tan.
- 32 Yo té éksité kòlè-a bò dlo Mériba yo, *
 malè rivé Moyiz akòz yo,
- 33 sèké yo té fè rébèl kont éspri li, *
 li minm li kité bouch li palé san konsidérasion.

Réf. Fè atansyon anpil pou-ou pa bliyé kontra Granmèt la Bondié-ou la.

Réf. 3 Sové nou, Granmèt, rasanblé nou sot nan pami nasion yo, alélouya.

III

- 34 Yo pa-t gayé nasion yo, *
 sa Granmèt la té di yo-a.
- 35 Yo té mélanjé avèk nasion yo, *
 yo té aprann aksion yo.
- 36 Yo té sèvi zidòl yo, *
 ki vîn tounin antrav pou yo.
- 37 Yo té sakrifyé pitit gason yo *
 ak pitit fi yo bay démon yo.
- 38 Yo té vidé san inosan, †

- san pròp pitit gason yo ak pitit fi yo, *
yo té ofri yo kòm sakrifis bay zidòl Kanaan yo.
Yo té sal péyi-a ak san sa yo, †
39 yo té kontaminé nan aksion yo, *
yo té fè fònikasyon nan konduit yo.
40 Kolè Granmèt la té boulé kont pèp li-a, *
li vîn gin dégou éritaj li-a.
41 li té lagé yo nan min nasion yo, *
sa-k rayi yo té kòmandé yo.
42 Ènmi yo té maltrété yo, *
yo blijé bésé tèt yo anba min yo.
43 Li té délivré yo anpil foua ; †
min yo minm yo éksité-l nan désizyon-l, *
yo té blijé bésé tèt yo akoz pròp fòt yo.
44 Li té ouè tribilasyon yo, *
lè-l té tandé rèl yo.
45 Li té sonjé téstaman-l nan, *
li té pran pitié pou yo, akoz anpil mizérikòd li yo.
46 Li té ba yo pou yo jouinn pitié *
dévan tout moun ki t-ap minnin yo kòm prizonié yo.
47 Granmèt, Bondié nou, sové nou, *
rasanblé nou sot nan pami nasion yo,
pou nou kapab fè déklarasyon pou non-ou ki sin-an, *
pou nou jouinn gloua nan fè louanj ou.
48 Li béni, Granmèt la, Bondié Israèl la, †
dépi sièk la épi jous nan sièk la. *
Sé pou tout pèp la di : « Amèn, amèn ».

Réf. Sové nou, Granmèt, rasanblé nou sot nan pami nasion yo, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Ou té fè kè-m kontan, Granmèt, épi nan aksion min-ou yo m-ap fété, alélouya.

Psòm 91 (92)

Louanj Granmèt la, kréatè-a

Y-ap déklaré louanj pou aksion Sèl Pitit la (S. Atanaz).

- 2 Sa bon pou fè déklarasion pou Granmèt la, *
pou chanté pou non-ou, Ou minm ki Anro nèt la,
- 3 pou anonsé mizérikòd ou-a dépi granmatin, *
ak vérité-ou la tout nannuit,
- 4 sou instriman dis kòd la, sou gita, *
avèk akonpagnman bas.
- 5 Paské ou ban-m kontantman, Granmèt, avèk sa-ou fè yo, *
m-ap fété pou aksion min-ou fè yo.
- 6 Ala gran yo gran, sa-ou fè yo, Granmèt : *
sa-ou kalkilé yo, yo fon anpil.
- 7 Moun sòt pa konnin sa, *
moun san léspri pa konprann sa.

- 8 Péchè yo mèt pousé tankou zèb, *
 tout moun k-ap fè méchansté yo mèt fléri,
 sé pou yo kapab détrui pou sièk sièk la ; *
- 9 min, ou minm, Granmèt, ou anlè pou tout tan.
- 10 Paské, gadé, ènmi-ou yo, Granmèt, †
 gadé ènmi-ou yo k-ap détrui, *
 tout moun k-ap fè méchansté yo, y-ap gayé yo.
- 11 Ou fè-m lévé kòn mouin byin ro tankou bèt yon sèl kòn la, *
 yo vidé luil sou mouin an kantité.
- 12 Jé-m ap méprizé ènmi-m yo, *
 méchan yo ki té konn lévé kont mouin-an,
 zòrèy mouin yo ap tandé yo.
- 13 Moun ki kòrèk la, sé tankou pié palm l-ap fléri, *
 tankou pié sèd Liban l-ap grandi.
- 14 Yo planté nan kay Granmèt la, *
 nan lakou Bondié nou-an y-ap fléri.
- 15 Y-ap donnin frui toujou nan viyéyès la, *
 y-ap donnin an kantité, y-ap byin vèt,
- 16 pou yo anonsé kijan Granmèt la douat,
 kachèt mouin-an, *
 pa gin défo nan li.

Réf. Ou té fè kè-m kontan, Granmèt, épi nan aksion min-ou yo m-ap fété, alélouya.

Réf. 2 Mouin minm m-ap touyé épi m-ap fè viv; m-ap frapé épi mouin minm m-ap géri, alélouya.

Kantik

Dét 32, 1-12

Byinfè Bondié nan pèp la

Konbyin fous mouin té vlé rasanblé pitit ou yo, minm jan yon poul rasanblé ti poulèt li yo anba zèl (Mt 23, 37).

- 1 Kouté, sièl yo, m-apral palé, *
sé pou tè-a tandé paròl bouch mouin !
- 2 Sé pou ansègnman-m nan dégouté tankou lapli, *
sé pou paròl mouin koulé tankou larouzé
tankou farinaj sou zèb *
tankou ti lapli sou gazon.
- 3 Sèké m-ap rélé non Granmèt la : *
bay grandè pou Bondié nou-an !
- 4 Blòk Ròch la, aksion-l réyisi nèt, *
paské tout chémin-l sé jistis.
Bondié vérité, pa gin okinn manti, *
li kòrèk, li douat.
- 5 Yo té péché kont li, sé pa pitit li yo nan salté yo-a, *
jénérasion ki tòdié, ki pèvèti.
- 6 Èské sé bagay sa-a ou rinmèt bay Granmèt la, *
pèp fou, ki san sajàs ?
Èské sé pa li minm ki papa-ou, *
ki achté-ou, li minm ki fè-ou, ki té pozé-ou byin solid ?
- 7 Sonjé jou lontan yo, *
réfléchi sou chak jénérasion yo ;
pozé papa-ou késion, l-ap ba-ou nouvèl, *
granmoun ou yo, y-a di-ou.
- 8 Lè Sa-a ki anro nèt la t-ap séparé nasion yo, *
lè-l t-ap séparé pitit Adan yo,
li té instalé frontiè pèp yo *
dapré kantité pitit Israël yo ;
- 9 min pòsion Granmèt la, sé pèp li-a, *
Jakòb sé kòd éritaj li-a.
- 10 Li té jouinn li nan péyi dézè-a, *
nan koté ki fè tranblé ak nan rèl sovaj dézè-a ;
li té antouré-l, li té pran souin-l *

li té véyé sou li tankou mitan grinn jé-l.

- 11 Tankou malfini k-ap pousé ti pitit li yo pou yo volé *
 épi k-ap plané anlè yo,
 li té déplouyé zèl li, li té pran-l, *
 li poté-l anlè zèl li yo.
- 12 Sé Granmèt la sèl ki té kondui-l, *
 pa-t gin dié étranjé avèk li.

Réf. Mouin minm m-ap touyé épi m-ap fè viv; m-ap frapé épi mouin minm m-ap géri, alélouya.

Réf. 3 Ak gloua ak onè ou té kouronnin Kris ou-a, alélouya.

Psòm 8

Grandè Bondié, konsidérasion moun

Li mété tout bagay anba pié-l, li bay li kòm tèt sou tout Égliz la (Éféz 1, 22).

- 2 Granmèt, Granmèt nou, *
 ala gran non-ou gran sou tout tè-a.
 paské grandè-ou ro *
 anlè sièl yo.
- 3 Nan bouch ti moun piti ak sa ki nan tété yo, †
 ou réalizé louanj poutèt ènmi-ou yo, *
 pou-ou détoui ènmi ak sa k-ap tiré vanjans.
- 4 Lè-m ouè sièl ou yo, travay douèt ou yo, *
 lafin ak zétoual yo ou fiksé,
- 5 sa moun nan yé, pou-ou sonjé-l, *
 oubyin pitit moun nan, pou ou vizité-l ?
- 6 Ou fè-l vîn pi ba yon ti kras anba anj yo, †
 ak gloua ak konsidérasion ou kouronnin-l *
 ou instalé-l anlè travay min-ou yo.

8 Tout bagay, ou mété yo anba pié-l, †
 ni mouton, ni bèf, yo tout, *
 minm bèt nan rak boua yo,
 9 zouazo sièl yo ak pouason lanmè yo, *
 tou sa k-ap maché nan santié lanmè yo.
 10 Granmèt, Granmèt nou, *
 ala gran non-ou gran sou tout tè-a.

Réf. 3 Ak gloua ak onè ou té kouronnin Kris ou-a, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 81-88

XI (↷ Kaf)

81 Nanm mouin rivé jous nan bout nan sové ou sové-m nan, *
 nan paròl ou-a mouin éspéré byin éspéré.

- 82 Jé-m yo rivé jous nan bout nan promès ou-a, *
antan y-ap di : « Kilè ou-ap konsolé-m ? ».
- 83 Mouin tankou yon véso po-bèt nan lafinim ; *
volonté-ou yo, mouin pa bliyé yo.
- 84 Konbyin yo yé, jou sèvitè-ou yo ? *
Kilè ou-ap fè jijman osijè pèsékité-m yo ?
- 85 Ògèyé yo fouyé fòs pou mouin, *
yo minm ki pa dapré laloua-ou la.
- 86 Tout lòd ou yo sé vérité ; *
y-ap pèsékité-m ak manti : poté-m sékou.
- 87 Yon ti kras ankò yo t-ap fini avèk mouin sou tè-a, *
mouin minm minm mouin pa kité kòmandman-ou yo.
- 88 Dapré mizérikòd ou-a fè mouin viv, *
m-ap kinbé témouagnaj bouch ou-a.

Psòm 60 (61)

Priyè égzilé-a

Priyè moun kòrèk la ki espéré lavi pou tout tan-an (S. Ilè).

- 2 Kouté démann mouin, Bondié, *
panché sou priyè-m.
- 3 Dépi nan bout tè-a m-ap rélé koté-ou, †
pandan kè-m séré. *
- Sou ròch yo pa kapab monté-a, kondui-m !
- 4 Paské ou sé espérans mouin, *
sitadèl fòs an fas ènmi-an.
- 5 M-ap abité nan tant ou-a pou sièk yo, *
m-ap jouinn protéksion nan voual zèl ou yo,
- 6 paské ou minm, Bondié mouin, ou kouté voua-m, *
ou bay éritaj pou moun ki krinn non-ou yo.
- 7 Ou ajouté jou sou jou roua-a, *
sé pou ané-l yo jous nan jou jénérasyon ak jénérasyon.

- 8 Sé pou-l chita pou tout tan dévan fas Bondié ; *
sé pou mizérikòd ak vérité prezèvé-l.
- 9 Konsa m-ap chanté psòm ou non-ou pou sièk sièk la, *
pou-m rimmèt vé-m yo jou apré jou.

Psòm 63 (64)

Prièrè kont ènmi yo

Plis pasé tout bagay yo montré valè soufrans Granmèt la nan psòm sa-a
(S. Ogustin).

- 2 Bondié, kouté voua-m k-ap plinn ; *
prezèvé nanm mouin sot nan krint ènmi-an.
- 3 Protéjé-m sot nan rasanbléman méchan yo, *
sot foul moun yo k-ap fè méchansté-a.
- 4 Yo té filé lang yo tankou yon épé, †
yo té ajusté flèch yo, sé paròl anpouazonnin, *
- 5 pou yo t-a tiré flèch an kachèt kont sa-k san répròch la.
San-z-atann yo t-ap tiré flèch sou li, épi yo pa pè, *
- 6 youn té soutni lòt nan mové kòz la.
Yo té antann yo pou yo kaché pièj yo, *
yo t-ap di : « Kilès k-ap ouè yo ? ».
- 7 Yo té kalkilé méchansté, †
yo réalizé plan yo fin kalkilé-a. *
Anndan moun nan ak kè-l sé yon trou san fon.
- 8 Sèlman Bondié tiré flèch sou yo ; †
san-z-atann, yo pran gro kou, *
- 9 pròp lang yo fè yo fébli.
Tout moun k-ap ouè yo, y-ap souké tèt yo, *
- 10 tout moun ap vîn pè ;
y-ap déklaré sa Bondié fè, *
y-ap konprann aksion-l yo.

- ¹¹ Moun ki kòrèk la ap kontan nan Granmèt la, l-ap éspéré nan li, *
tout moun ki douat nan kè yo ap jouinn gloua.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

SÉMÈN III DIMANCH

Pou Prèmié Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Touazièm ak sètièm dimanch Pak: Bondié anlè nèt dépasé tout sièl yo,
li té lévé pòv la sot atè-a, alélouya.

Psòm 112 (113)

Non Granmèt la mérité louanj

*Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lévé sa-k tou piti yo anlè
(Lk 1, 52).*

- ¹ Fè louanj, ti moun Granmèt la, *
fè louanj non Granmèt la.
- ² Sé pou non Granmèt la béni *
dépi koulié-a ak pou tout tan.
- ³ Dépi solèy lévé jous koté-l kouché, *
non Granmèt la mérité louanj.
- ⁴ Granmèt la anlè nèt anro tout nasion yo, *
anlè sièl yo gloua li yé.
- ⁵ Kilès ki tankou Granmèt Bondié nou-an,
ki abité nan rotè yo, *

- 6 ki panché pou-l voyé jé
nan sièl la ak sou tè-a ?
- 7 Antan-l lévé maléré-a sot atè-a, *
- 8 antan li drésé pòv la sot nan fatra-a,
pou-l fè-l chita avèk chèf yo, *
- 9 avèk chèf pèp li-a.
Li minm ki fè sa-k té stéril la abité nan kay la, *
kòm manman pitit ki gin kè-l kontan.

Touazièm ak sétièm dimanch Pak: Réf. Bondié anlè nèt dépasé tout sièl yo, li té lévé pòv la sot atè-a, alélouya.

Réfrin 2

Touazièm ak sétièm dimanch Pak: Ou té kasé chinn mouin yo, Granmèt : m-ap ofri-ou yon sakrifis louanj, alélouya.

Psòm 115 (116 B)

Aksion-d-gras nan tanp la

Pa lintèmediè-l (Jézu-Kri), sé pou nou ofri yon sakrifis louanj pou tout tan bay Bondié (Éb 13, 15).

- 10 [1] Mouin té gin konfians, minm lè-m di : *
« Mouin rabésé anpil ».
- 11 [2] Mouin té di nan trò présé-m nan : *
« Tout moun sé mantè ».
- 12 [3] Ki sa pou-m rinnèt Granmèt la *
pou tou sa li rinnèt mouin ?
- 13 [4] M-ap pran kalis ki sovè nou-an, *
m-ap rélé non Granmèt la.
- 14 [5] M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
dévan tout pèp li-a.
- 15 [6] Li gin anpil valè dévan jé Granmèt la *
lanmò sin-l yo.

- ¹⁶[7] Granmèt, o, mouin sé sèvitè-ou, *
mouin sé sèvitè-ou ak pitit sèvant ou.
Ou té kasé chinn mouin yo : †
- ¹⁷[8] m-ap sakrifé sakrifis louanj ba ou, *
m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁸[9] M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
dévan tout pèp li-a.
- ¹⁹[10] nan lakou kay Granmèt la, *
nan mitan-ou, Jérusalèm.

Touazièm ak sètièm dimanch Pak: Réf. Ou té kasé chinn mouin yo, Granmèt : m-ap ofri-ou yon sakrifis louanj, alélouya.

Réfrin 3

Touazièm ak sètièm dimanch Pak: Pitit Bondié-a té aprann obéyisans apati sa-l souffri yo; tout moun ki obéyi-l yo, li vîn tounin kòz sovè yo sovè-a pou tout tan, alélouya.

Kantik

Fil 2, 6-11

Osijè Kris la, sèvitè Bondié-a

- ⁶ Kris Jézu, étan nan kondision Bondié, *
pa-t konsidéré égal li égal ak Bondié-a,
tankou yon richès pou-l kinbé apa pou li,
- ⁷ min li vidé pròp tèt li
antan-l pran kondision ésklav, †
li vîn pran résanblans moun ; *
épi dapré konpòtman-l yo ouè li sé yon moun,
- ⁸ li rabésé pròp tèt li, †
antan li vîn obéyisan jous nan lanmò, *
lanmò lakoua-a minm.

- ⁹ Sé pou sa tou Bondié lévé-l anlè, †
 li ba-l yon non, *
 ki anlè tout non,
- ¹⁰ konsa, o non Jézu, *tout jénou fèt pou plouayé* *
 nan sièl la, sou tè-a ak anba tè yo,
- ¹¹ *épi tout lang pou déklaré* : *
 « Sé Granmèt Jézu-Kri yé ! »,
 nan gloua Bondié Papa-a.

Touazièm ak sétièm dimanch Pak: Réf. Pitit Bondié-a té aprann obéyisans apati sa-l soufri yo; tout moun ki obéyi-l yo, li vîn tounin kòz sovè yo sovè-a pou tout tan, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Touazièm dimanch Pak: Alélouya, ròch la roulé sot nan bouch kavo-a, alélouya.

Sétièm dimanch Pak: Alélouya, Bondié té résisité Kris la sot nan pami mò yo, li té ba li gloua, alélouya.

Psòm 144 (145)

Louanj grandè Bondié

Ou kòrèk, ou minm ki égzisté, épi ki té égzisté, Sin-an (Ap 16, 5).

I

- | | | |
|---|--|---|
| 1 | M-ap lévé-ou anlè, Bondié mouin ki roua, †
m-ap béni non-ou *
pou sièk épi pou sièk sièk la. | 8 |
| 2 | Chak jou m-ap béni-ou, †
m-ap fè louanj pou non-ou *
pou sièk épi pou sièk sièk la. | 2 |
| 3 | Granmèt la gran, li mérité anpil louanj, *
yo pa kapab sondé grandè-l. | 3 |
| 4 | Yon jénérasyon ap fè louanj pou travay li
bay yon lòt jénérasyon, *
y-ap rakonté pouvoua-ou. | 7 |
| 5 | Grandè gloua majésté-ou, y-ap déklaré-l, *
mèwèy ou yo, y-ap rakonté yo. | 7 |
| 6 | Y-ap di puisans sa-ou fè yo ki bay krint *
épi y-ap rakonté grandè-ou. | 1 |
| 7 | Y-ap déklaré souvni dousè-ou k-ap débòdé, *
y-ap fété poutèt jistis ou. | 7 |

- 8 Granmèt la gin pitié, li gin mizérikòd, * π
 li gin pasians, li gin anpil mizérikòd.
- 9 Granmèt la bon pou tout moun, * υ
 pitié li yo sou tou sa-l fè yo.

Touazièm dimanch Pak: Réf. Alélouya, ròch la roulé sot nan bouch kavo-a, alélouya.

Sétièm dimanch Pak: Réf. Alélouya, Bondié té résisité Kris la sot nan pami mò yo, li té ba li gloua, alélouya.

Réfrin 2

Touazièm dimanch Pak: Alélouya, kilès ou-ap chèché, madanm ?
 Vivan-an avèk mò yo, alélouya.

Sétièm dimanch Pak: Alélouya, ou lévé anro nèt, Granmèt, anlè tout sièl yo, alélouya.

II

- 10 Sé pou yo fè déklarasion pou ou, Granmèt, tou sa-ou fè yo ; * ϑ
 sé pou sin-ou yo béni-ou.
- 11 Gloua péyi-roua-ou la, sé pou yo déklaré-l, * ϑ
 pouvoua-ou, sé pou yo anonsé-l,
- 12 pou yo fè pitit moun yo konnin mèvèy ou yo, * ϑ
 ak gloua grandè péyi-roua-ou la.
- 13 Péyi-roua-ou la, sé péyi-roua tout sièk yo, * ϑ
 kòmandman-ou nan pou jénérasyon ak jénérasyon.

Touazièm dimanch Pak: Réf. Alélouya, kilès ou-ap chèché, madanm ?
 Vivan-an avèk mò yo, alélouya.

Sétièm dimanch Pak: Réf. Alélouya, ou lévé anro nèt, Granmèt, anlè tout sièl yo, alélouya.

Réfrin 3

Touazièm dimanch Pak: Alélouya, pa kriyé, Mari : Granmèt la té résisité, alélouya.

Sétièm dimanch Pak: Alélouya, yo rinmèt mouin tout pouvoua nan sièl ak sou tè-a, alélouya.

III

- | | | |
|-----------------|--|----|
| 13 ^b | Granmèt la fidèl nan tout paròl li yo, * | ג |
| | épi li sin nan tout aksion li yo. | |
| 14 | Granmèt la soulajé tout moun ki tonbé, * | ד |
| | li drésé tout moun ki fébli. | |
| 15 | Jé yo tout ap espéré sou ou, * | ה |
| | ou minm ou ba yo manjé nan tan konvnab. | |
| 16 | Ou louvri min-ou, * | ו |
| | ou plin tout vivan nan byinvéyans. | |
| 17 | Granmèt la kòrèk nan tout chémin-l yo, * | ז |
| | li sin nan tout aksion-l yo. | |
| 18 | Granmèt la toupré tout moun k-ap rélé-l yo, * | ח |
| | tout moun yo k-ap rélé-l nan vérité-a. | |
| 19 | L-ap fè volonté moun ki krinn li yo, † | ט |
| | l-ap kouté priyé yo, * | |
| | l-ap sové yo. | |
| 20 | Granmèt la prezèvé tout moun ki rinmin-l yo, * | י |
| | min l-ap gayé tout péchè yo. | |
| 21 | Sé pou bouch mouin fè louanj Granmèt la, † | יא |
| | sé pou tout chè béni non-l ki sin-an * | |
| | pou sièk épi pou sièk sièk la. | |

Touazièm dimanch Pak: Réf. Alélouya, pa kriyé, Mari : Granmèt la té résisité, alélouya.

Sétièm dimanch Pak: Réf. Alélouya, yo rinmèt mouin tout pouvoua nan sièl ak sou tè-a, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Touazièm ak sétièm dimanch Pak: Granmèt la té kòmandé kòm roua, li abiyé ak dékoration, alélouya. †

Psòm 92 (93)

Grandè Granmèt la, kréatè-a

Li roua, Granmèt la, Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua (Ap 19, 6. 7).

¹ Granmèt la roua ! Li vlopé ak bèlté ; *
 † Granmèt la vlopé, li maré rin-l ak fòs.
 Réyéلمان li rann fas tè-a solid, *

- pou-l pa souké.
- 2 Trôn ou solid dépi lontan, *
dépi sièk la ou égzisté.
- 3 Gran riviè yo lévé, Granmèt, †
gran riviè yo lévé voua yo, *
Gran riviè yo lévé éklatman yo.
- 4 Anlè voua dlo ki anpil yo, †
anlè dlo lanmè yo ki monté avèk puisans yo, *
Granmèt la puisan nan rotè yo.
- 5 Témouagnaj ou yo mérité konfians nèt ; *
kay ou-a mérité sin li sin-an, Granmèt,
pou longè tan yo.

Touazièm ak sétièm dimanch Pak: Réf. Granmèt la té kòmandé kòm roua, li abiyé ak dékoration, alélouya.

Réfrin 2

Touazièm ak sétièm dimanch Pak: Kréati-a ap vîn libéré nan libètè gloua pitit Bondié yo, alélouya.

Kantik

Dan 3, 57-88. 56

Sé pou tout créatu fè louanj Granmèt la

Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo (Ap 19, 5).

- 57 Béni Granmèt la, tout travay Granmèt la, *
fè louanj li, lévé-l anlè dépasé sa-k anro nan sièk yo.
- 58 Béni Granmèt la, sièl yo, *
- 59 béni Granmèt la, anj Granmèt la.
- 60 Béni Granmèt la, tout dlo yo ki anlè sièl yo, *
- 61 béni Granmèt la, tout pouvoua Granmèt la.
- 62 Béni Granmèt la, solèy ak lalîn nan, *
- 63 béni Granmèt la, zétoual sièl la.

- 64 Béni Granmèt la, tout lapli ak larouzé, *
- 65 béni Granmèt la, tout van k-ap souflé yo.
- 66 Béni Granmèt la, difé ak chalè, *
- 67 béni Granmèt la, frédi ak chalè.
- 68 Béni Granmèt la, larouzé ak farinaj glasé, *
- 69 béni Granmèt la, grèl ak frédi.
- 70 Béni Granmèt la, glas ak lanèj, *
- 71 béni Granmèt la, nuit yo ak jou yo.
- 72 Béni Granmèt la, limiè ak fènoua yo, *
- 73 béni Granmèt la, zèklè avèk nuaj.
- 74 Sé pou tè-a béni Granmèt la, *
- fè louanj li, lévé-l anlè dépasé sa-k anro nan sièk yo.
- 75 Béni Granmèt la, mòn yo ak ti rotè yo, *
- 76 béni Granmèt la, tout plant sou tè-a.
- 77 Béni Granmèt la, lanmè yo ak riviè yo, *
- 78 béni Granmèt la, sous yo.
- 79 Béni Granmèt la, balèn
- ak tou sa ki an mouvman nan dlo yo, *
- 80 béni Granmèt la, tout zouazo sièl yo.
- 81 Béni Granmèt la, tout bèt boua ak bèt gadinaj, *
- 82 béni Granmèt la, pitit moun yo.
- 83 Sé pou Israèl béni Granmèt la, *
- fè louanj li, lévé-l anlè dépasé sa-k anro nan sièk yo.
- 84 Béni Granmèt la, prèt Granmèt yo, *
- 85 béni Granmèt la, sèvitè Granmèt yo.
- 86 Béni Granmèt la, éspri ak nanm ki kòrèk yo, *
- 87 béni Granmèt la, sin yo ak sa ki pòv nan kè yo.
- 88 Béni Granmèt la, Ananias, Azarias, Misaèl, *
- fè louanj li, lévé-l anlè dépasé sa-k anro nan sièk yo.
- An nou béni Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an ; *
- an nou fè louanj li, an nou lévé-l anlè
- dépasé sa-k anro nan sièk yo.

⁵⁶ Ou béni nan platfòm sièl la, *
ou mérité louanj, ou mérité gloua nan sièk yo.

Alafin kantik sa-a yo pa di Viv Papa-a.

Touazièm ak sétièm dimanch Pak: Réf. Kréati-a ap vîn libéré nan libèté gloua pitit Bondié yo, alélouya.

Réfrin 3

Touazièm ak sétièm dimanch Pak: Non Granmèt la lévé anlè sièl la ak tè-a, alélouya.

Psòm 148

Proklamasion Granmèt la kréatè-a

Pou sa-a ki chita sou trôn nan ak pou Mouton-an bénédiksion, konsidérasion, gloua ak pouvoua pou tout tan gin tan (Ap 5, 13).

- ¹ Fè louanj Granmèt la dépi sot nan sièl yo, *
† fè louanj li nan anro anlè yo.
- ² Fè louanj li, tout anj li yo, *
fè louanj li, tout puisans li yo.
- ³ Fè louanj li, solèy ak lalîn, *
fè louanj li, tout zétoual yo k-ap kléré-a.
- ⁴ Fè louanj li, sièl sièl yo, *
épi tout dlo yo ki anlè sièl yo.
- ⁵ Sé pou yo fè louanj non Granmèt la, *
paské li minm li kòmandé, épi yo té kréyé ;
- ⁶ li fiksé yo pou tout tan épi pou sièk sièk la ; *
li té bay lòd, li pap néglijé.
- ⁷ Fè louanj pou Granmèt la dépi sot sou tè-a, *
nou minm gro bèt lanmè yo ak tout bafon dlo yo,
- ⁸ difé, lagrèl, lanèj, brouya, *
van tanpèt k-ap égzékité paròl li,

- 9 mòn yo ak tout ti rotè yo, *
 pié boua ki bay frui ak tout pié sèd yo,
 10 bèt boua yo ak tout bèt gadinaj yo, *
 sèpan yo ak tout zouazo zèl yo.
 11 Roua yo sou tè-a ak tout pèp yo, *
 chèf yo ak tout jij yo sou tè-a,
 12 jèn jan yo ak vièj yo, *
 granmoun yo ak timoun yo,
 13 sé pou yo fè louanj pou non Granmèt la, *
 paské sé non-l sèl ki anlè nèt.
 Grandè li anlè sièl la ak tè-a, *
 14 li lévé kòn pèp li-a.
 Imn pou tout sin-l yo, *
 pou pitit Israël yo, pèp ki toupré li-a.

Touazièm ak sétièm dimanch Pak: Réf. Non Granmèt la lévé anlè sièl la ak tè-a, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 117 (118)

Voua rèl fèt ak sové-a

Sa-a sé ròch la, nou minm bès mason yo nou té réjité-a, ki vîn tounin mitan kouin anlè-a (Tr Ap 4, 11).

I

- ¹ Fè louanj Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ² Sé pou Israèl di sa koulié-a, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ³ Sé pou kay Aaron-an di sa koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁴ Sé pou sa yo ki krinn Granmèt la di koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁵ Nan tribilasion-an mouin té rélé Granmèt la, *
Granmèt la té kouté-m antan li fè-m soti nan koté ki laj.
- ⁶ Granmèt la avèk mouin, *
mouin pa pè sa yon moun kapab fè-m.
- ⁷ Granmèt la avèk mouin kòm sékou mouin, *
mouin minm minm m-ap méprizé ènmi-m yo.
- ⁸ Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan moun.
- ⁹ Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan chèf.

II

- 10 Tout nasion yo antouré-m, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 11 Antan yo ansèklé-m byin ansèklé, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 12 Yo té ansèklé-m tankou mièl, †
yo flanbé tankou difé nan pikan, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 13 Antan yo pousé-m byin pousé pou-m tonbé, *
Granmèt la poté-m sékou.
- 14 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, *
sé li minm ki sové-m.
- 15 Voua fèt ak sové nou sové-a *
nan tant moun ki kòrèk yo :
- 16 « Min douat Granmèt la fè mèvèy ! †
min douat Granmèt la lévé-m byin ro ; *
min douat Granmèt la fè mèvèy ! »
- 17 Mouin pap mouri, min m-ap viv *
épi m-ap rakonté travay Granmèt la.
- 18 Antan Granmèt la té korijé-m byin korijé *
min li pa lagé-m nan lanmò.

III

- 19 Louvri pòt jistis yo pou mouin ; *
m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la.
- 20 Sa-a sé pòt Granmèt la ; *
moun ki kòrèk yo ap antré ladan-l.
- 21 M-ap fè déklarasion pou ou, paské ou kouté-m, *
ou vîn tounin pou mouin sa-a ki sové-m nan.
- 22 Ròch la bòs mason yo té réjité-a, *
sé li minm ki vîn tounin mitan kouin anlè-a ;
- 23 sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt, *

- sé yon bagay ékstraòdinè nan jé nou.
 24 Sa-a sé jou Granmèt la fè-a : *
 sé pou nou fété, sé pou nou kontan nan li.
 25 Granmèt, o, sovè-m ; *
 Granmèt, o, fè nou réyisi !
 26 Li béni, sa-a k-ap vini o non Granmèt la. *
 Nou béni nou sot nan kay Granmèt la.
 27 Sé Bondié Granmèt la yé, l-ap kléré nou. *
 Òganizé solanité-a nan ramo ki byin founi,
 jous nan kòn otèl la.
 28 Sé Bondié-m ou yé, m-ap fè déklarasion pou ou, *
 Bondié mouin, m-ap lévé-ou anlè.
 29 Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
 poutèt mizérikòd li-a pou tout tan.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm komplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou dézièm Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Touazièm ak sétièm dimanch Pak: Antan li fin nétouayé péché yo, li chita adouat grandè-a nan rotè anlè yo, alélouya.

Psòm 109 (110), 1-5. 7

Kris la roua é prèt

Li gin pou-l kòmandé, joutan li mété tout ènmi yo anba pié-l (1 Ko 15, 25).

- ¹ Granmèt la té di Granmèt mouin-an : *
« Chita adouat mouin,
† joutan mouin pozé ènmi-ou yo *
kòm éskabo pié-ou yo ».
- ² Baton pouvoua-ou, Granmèt la voyé-l sot nan Siyon : *
kòmandé nan mitan ènmi-ou yo.
- ³ Pouvoua-a avèk ou nan jou fòs ou-a, †
nan ékla limiè ki sin yo, *
sot nan vant anvan granmatin mouin anfanté-ou.
- ⁴ Granmèt la fè sèman, li pap régrèt li : *
« Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek ».
- ⁵ Granmèt la bò douat ou, *
l-ap krazé roua yo nan jou kòlè-l la.
- [6]
- ⁷ L-ap bouè nan riviè-a nan chémin-an, *
poutèt sa l-ap lévé tèt.

Touazièm ak sétièm dimanch Pak: Réf. Antan li fin nétouayé péché yo, li chita adouat grandè-a nan rotè anlè yo, alélouya.

Réfrin 2

Touazièm ak sétièm dimanch Pak: Granmèt la té voyé rédanmsion-an bay pèp li-a, alélouya.

Psòm 110 (111)
Gran aksion Granmèt la

Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua (Ap 15, 3).

1	M-ap fè déklarasion pou Granmèt la ak tout kè-m, *	א
	nan konsèy moun kòrèk yo ak asanblé-a.	ב
2	Travay Granmèt yo gran, *	ג
	yo mérité tout moun ki anvi yo chèché yo.	ד
3	Travay li sé gloua ak grandè, *	ה
	jistis li diré pou sièk sièk la.	ו
4	Li fè sonjé mèvwèy li yo, *	ז
	Granmèt la gin mizérikòd, li pran pitié.	ח
5	Li bay moun ki krinn li yo manjé ; *	ט
	li sonjé aliens li pou tout tan.	י
6	Li anonsé pèp li-a fòs travay li yo, †	כ
	pou-l ba yo éritaj nasion yo ; *	ל
7	travay min-l, sé vérité ak jijman.	מ
	Tout kòmandman-l yo fidèl, †	נ
8	yo asiré pou sièk sièk la, *	ס
	yo fèt nan vérité ak jistis.	ע
9	Li voyé rédanmsion pou pèp li-a, *	פ
	li kòmandé aliens li-a pou tout tan.	צ
	Non-l sin, li térib. *	ק
10	Kòmansman sajès la sé krint Granmèt la, *	ר
	sé bon intélijans pou tout moun ki fè-l ; *	ש
	louanj li diré pou sièk sièk la.	ת

Touazièm ak sétièm dimanch Pak: Réf. Granmèt la té voyé rédanmsion-an bay pèp li-a, alélouya.

Réfrin 3

Touazièm ak sètièm dimanch Pak: Alélouya, Granmèt nou-an té régné; sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua, alélouya.

Kantik sa-a, yo di-l avèk Alélouya, jan sa indiké isit la, lè y-ap chanté-l; min si yo pa chanté-l, yo mèt di Alélouya-a sèlman nan kòmansman avèk finisman chak stròf.

Kantik

Cf. Ap 19, 1-2. 5-7

Osijè nòs Mouton-an

Alélouya.

¹ Sové-a, gloua-a ak otorité-a sé pou Bondié nou-an, *
(R/. Alélouya.)

² paské yo vré, yo kòrèk, jijman-l yo.
R/. Alélouya (alélouya).

⁵ Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo *
(R/. Alélouya.)
ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran !
R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

⁶ Paské li roua, Granmèt la,
Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. *
(R/. Alélouya.)

⁷ Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua.
R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

Paské nòs Mouton-an rivé, *
(R/. Alélouya.)

épi madanm li té préparé tèt li.

R/. Alélouya (alélouya).

Touazièm ak sétièm dimanch Pak: Réf. Alélouya, Granmèt nou-an té régné; sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

LINDI SÉMÈN III

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésonn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésonn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Bondié nou-an ap vini aklè, épi li pap rét an silans, alélouya.

Psòm 49 (50)

Véritab dévosion nan Granmèt la

Mouin pa vini pou-m défèt laloua-a, min pou-m akonpli-l (Cf. Mt 5, 17).

I

¹ Bondié dié yo Granmèt la palé, *

li rélé tè-a dépi olévan jous okouchan.

² Dépi Siyon Granmèt la kléré avèk bèl dékoration, *

³ Sé pou Bondié nou-an vini, épi sé pa pou-l rét an silans :

difé dévan fas li ap dévoré, *

épi alantou li gro tanpèt.

- 4 Li invité sièl la antan-l anro-a *
 épi tè-a pou jijé pèp li-a :
 5 « Rasanblé sin-m yo ban mouin, *
 yo minm ki té pasé aliens mouin-an nan sakrifis la ».
 6 Sièl yo ap anonsé jistis li, *
 paské Bondié sé jij la.

Réf. Bondié nou-an ap vini aklè, épi li pap rét an silans, alélouya.

Réf. 2 Ofri bay Bondié yon sakrifis louanj, alélouya.

II

- 7 « Kouté, pèp mouin, m-ap palé ; †
 Israèl, m-ap déklaré témouagnaj kont ou : *
 Sé Bondié, Bondié-ou mouin yé.
 8 Sé pa poutèt sakrifis ou yo m-ap réprann ou ; *
 sakrifis antié-ou yo dévan fas mouin tout tan.
 9 Mouin pap aksépté ti bèf ki sot lakay ou, *
 ni kabrit ki sot nan pak ou yo.
 10 Paské tout bèt boua yo sé pou mouin, *
 mil bèt nan mòn yo.
 11 Mouin konnin tout zouazo sièl la, *
 épi sa ki an mouvman nan jadin sé pou mouin li yé.
 12 Si-m grangou, mouin pap di-ou ; *
 fas tè-a réyéman sé pou mouin ak sa-k plin-l.
 13 Èské m-ap manjé chè toro yo, *
 oubyin san kabrit yo, èské m-ap bouè-l ?
 14 Sakrifé sakrifis louanj pou Bondié, *
 rinmèt Sa-a ki anro nèt la sa-ou té promèt yo ;
 15 rélé-m nan jou tribilasyon-an : *
 m-ap délivré-ou, ou-a fè-m jouinn konsidération ».

Réf. Ofri bay Bondié yon sakrifis louanj, alélouya.

Réf. 3 Sé mizérikòd mouin té vlé, sé pa sakrifis : épi sé konésans Bondié plis pasé sakrifis antié, alélouya.

III

- 16 Kanta pou péchè-a, Bondié di : †
 « Pouki sa ou-ap résité kòmandman-m yo, *
 épi ou-ap mété téstaman-m nan nan bouch ou ?
- 17 Ou minm poutan ou té rayi disiplin,
 épi ou té réjité paròl mouin yo dèyè do-ou.
- 18 Si-ou té ouè yon vòlè, ou t-ap kouri ansanm avèk li ; *
 épi sé avèk adiltè-a pòsion-ou yé.
- 19 Bouch ou, ou té lagé-l bay méchansté, *
 lang ou t-ap plédé kozé riz.
- 20 Antan-ou chita kont frè-ou ou t-ap palé, *
 épi kont pitit manman-ou
 ou t-ap di bagay pou avili-l.
- 21 Sé bagay sa yo ou té fè, épi mouin té pé bouch mouin. †
 Ou té konprann mouin té sanblé avèk ou. *
 M-ap fè-ou ésplikasion,
 épi m-ap drésé bagay sa yo kont fas ou.
- 22 Konprann bagay sa yo, nou minm ki bliyé Bondié-a, *
 pou-m pa sézi, épi pa gin pèsonn ki délivré.
- 23 Moun ki ofri sakrifis louanj, l-ap fè-m jouinn gloua, †
 moun ki san tach nan chémin-an, *
 m-ap montré-l sové Bondié sové nou-an.

Réf. Sé mizérikòd mouin té vlé, sé pa sakrifis : épi sé konésans Bondié plis pasé sakrifis antié, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Kè-m ak chè-m t-ap fété nan Bondié vivan-an, alélouya.

Psòm 83 (84)

Anvi tanp Granmèt la

Nou pa gin isit la yon vil k-ap diré, min sé sa k-ap vini-an n-ap chèché
(Ébr 13, 14).

- ² Ala rinmin yo mérité yo rinmin yo, tant ou yo, Granmèt puisans yo ! *
- ³ Nanm mouin anvi, li t-ap dépéri pou kay Granmèt la.
Kè-m ak chè-m *
t-ap fété nan Bondié vivan-an.
- ⁴ Minm ti zouazo-a jouinn yon kay pou li, †
toutrèl la jouinn yon nich, koté li dépozé ti pitit li yo : *
lotèl ou yo, Granmèt puisans yo, roua-m ak Bondié-m.
- ⁵ Ala kontantman pou moun ki abité nan kay ou-a : *
pou tout tan y-ap fè louanj ou.
- ⁶ Ala kontantman pou moun sa-a ki jouinn sékou-l nan ou-a, *
li dispozé monté pou-l monté yo nan kè-l.

- 7 Lè y-ap pasé nan bafon souaf la, y-ap fè-l tounin yon sous, *
 réyèlman laplui nan matin-an ap vlopé-l ak bénédiksion.
- 8 Y-ap maché sot nan puisans al nan puisans, *
 Bondié dié yo ap fè yo ouè-l nan Siyon.
- 9 Granmèt, Bondié puisans yo, kouté priyè-m ; *
 panché zòrèy ou, Bondié Jakòb.
- 10 Protéktè nou, gadé, Bondié, *
 voyé jé sou fas Kris ou-a.
- 11 Sèké yon jou nan kay ou yo pi bon pasé mil, †
 mouin chouazi rét sou papòt nan kay Bondié-m nan, *
 plis pasé pou-m abité nan tant péchè yo.
- 12 Sèké Granmèt Bondié-a sé solèy ak boukliyé, †
 Granmèt la ap bay gras ak gloua ; *
 li pap anpéché sa yo jouinn byin
 yo minm k-ap maché nan inosans la.
- 13 Granmèt puisans yo, *
 ala kontantman pou moun sa-a ki éspéré nan ou.

Réf. Kè-m ak chè-m t-ap fété nan Bondié vivan-an, alélouya.

Réf. 2 Kay Granmèt la lévé anlè, tout nasion yo ap kouri vîn jouinn li
 tankou lariviè, alélouya.

Kantik

Iz 2, 2-5

Mòn kay Granmèt la anlè tèt mòn yo

Tout nasion yo ap vini, y-ap adoré nan fas ou (Ap 15, 4).

- 2 Ap rivé nan dènié jou yo, *
 mòn kay Granmèt la ap paré anlè tèt mòn yo,
 épi l-ap lévé anlè ti mòn yo, *
 tout nasion yo ap koulé vîn jouinn li.

- ³ Anpil pèp ap vini épi y-ap di : †
 « Vini, épi an nou monté sou mòn Granmèt la, *
 ak nan kay Bondié Jakòb la,
 l-ap aprann nou chémin-l yo, *
 n-ap maché nan santié-l yo » ;
 paské sé nan Siyon laloua-a ap soti, *
 épi paròl Granmèt la ap vîn sot nan Jérusalèm.
- ⁴ L-ap jijé nasion yo, *
 l-ap korijé anpil pèp,
 y-ap fonn épé yo nan pikoua, *
 lans yo nan sèpèt ;
 nasion pap lévé épé kont nasion, *
 ni yo pap aprann fè lagè ankò.
- ⁵ Kay Jakòb, vini, *
 an nou maché nan limiè Granmèt la.

Réf. Kay Granmèt la lévé anlè, tout nasion yo ap kouri vîn jouinn li tankou lariviè, alélouya.

Réf. 3 Sé pou nou di nan nasion yo : Granmèt la té régné, alélouya.

Psòm 95 (96)

Granmèt la roua épi jij tout tè-a

Yo t-ap chanté tankou kantik nouvo dévan trôn nan, dévan fas Mouton-an (Cf. Ap 14, 3).

- ¹ Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo, *
 chanté pou Granmèt la, tout tè-a.
- ² Chanté pou Granmèt la, béni non li, *
 anonsé jou an jou sové li sové nou-an.
- ³ Anonsé gloua li pami nasion yo, *
 nan tout pèp yo mèvèy li yo.

- 4 Paské Granmèt la gran, li mérité anpil louanj, *
li térib anlè tout dié yo.
- 5 Paské tout dié nasion yo yo pa égzisté, *
min sé Granmèt la ki fè sièl yo.
- 6 Louanj ak bèlté dévan fas li, *
otorité ak dékoration nan kay sakré-l la.
- 7 Poté bay Granmèt la, fanmi pèp yo, †
poté bay Granmèt la gloua ak puisans, *
- 8 poté bay Granmèt la gloua non-l nan.
Poté kado, antré nan lakou-l yo, *
- 9 adoré Granmèt la nan klèté-l ki sin-an.
Tranblé dévan fas li, tout tè-a, *
- 10 di nan nasion yo : « Granmèt la roua ! ».
Réyèlman l-ap drésé fas tè-a pou-l pa souké ; *
- 11 l-ap jijé pèp yo nan jistis.
Sé pou sièl yo kontan, pou tè-a fété, †
pou lanmè-a sonnin ansanm ak tou sa-k plin-l ; *
- 12 jadin yo ap kontan ansanm ak tou sa-k nan yo.
Lè sa-a tout boua nan rak yo ap fété †
- 13 dévan fas Granmèt la, sèké l-ap vini, *
paské l-ap vini pou-l jijé tè-a.
L-ap jijé fas tè-a nan jistis *
ak pèp yo nan vérité-l la.

Réf. Sé pou nou di nan nasion yo : Granmèt la té régné, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 89-96

XII (↷ Lamèd)

Méditation paròl Granmèt la nan laloua-a

*Mouin ba nou youn kòmandman nouvo, pou nou youn rinmin lòt minm jan
mouin rinmin nou-an (Cf. Jan 13, 34).*

- ⁸⁹ Pou tout tan, Granmèt, *
paròl ou-a fiksé nan sièl la.
- ⁹⁰ Pou jénérasyon ak jénérasyon vérité-ou la ; *
ou té fiksé tè-a, li rété kanpé.
- ⁹¹ Daprè jijman-ou yo, yo diré jodi-a, *
paské tout bagay sèvi-ou.
- ⁹² Si laloua-ou la pa-t jouisans mouin, *
mouin t-a pétèt péri nan rabèsman-m nan.
- ⁹³ Pou tout tan mouin pap bliyé kòmandman-ou yo, *
paské sé nan yo ou fè mouin viv.
- ⁹⁴ Sé pou ou mouin yé, sové-m, *
paské sé kòmandman-ou yo mouin té rét ap chèché.
- ⁹⁵ Péchè yo ap tann mouin, pou yo détrui-m ; *
mouin konprann témouagnaj ou yo.

- ⁹⁶ Mouin ouè bout tout sa ki kòrèk nèt, *
lòd ou-a laj anpil.

Psòm 70 (71)

Granmèt, ou sé éspérans mouin dépi-m tou jèn

Sé pou nou kontan nan éspérans la, sé pou nou gin pasians nan tribilasion-an (Rom 12, 12).

I

- ¹ Sé nan ou, Granmèt, mouin éspéré, *
pa kité-m ront pou tout tan.
- ² Nan jistis ou-a libéré-m, épi délivré-m ; *
panché zòrèy ou sou mouin, sové-m.
- ³ Sé pou-ou sèvi-m yon ròch sitadèl ak yon kay défans, *
pou-ou sové-m,
paské fòs mouin-an *
ak kachèt mouin-an sé ou minm.
- ⁴ Bondié mouin, ouété-m, nan min péchè-a.
sot nan min moun k-ap trayi laloua-a, k-ap fè profitè-a.
- ⁵ Paské sé sou ou mouin konté, Granmèt ; *
Granmèt, ou sé éspérans mouin dépi-m tou jèn.
- ⁶ Sé sou ou mouin apuiyé dépi-m nan vant, †
dépi nan vant manman-m sé ou minm ki poté-m ; *
sé nan ou louanj mouin yé tout tan.
- ⁷ Mouin tankou yon prodij pou anpil moun, *
sé ou minm sékou ki bay fòs.
- ⁸ Sé pou bouch mouin plin ak louanj ou, *
tout jounin ak grandè-ou.
- ⁹ Pa jété-m nan tan viyéyès mouin-an ; *
lè fòs mouin fin fébli-a, pa lagé-m.

- 10 Sèké ènmi-m yo ap palé sou mouin, †
sa yo k-ap sivéyé nanm mouin yo, *
y-ap fè konplo ansanm
- 11 antan y-ap di : « Bondié lagé-l ! †
An nou rapousuiv li, an nou sézi-l, *
paské nan pouin pèsonn k-ap délivré-l ».
- 12 Bondié, pa rété louin-m ; *
Bondié mouin, fè vit poté-m sékou.
- 13 Sé pou yo ront, sé pou yo disparèt, sa-k rayi nanm mouin yo ; *
sé pou mank-déga ak ront kouvri yo,
yo minm k-ap chèché pou malè rivé-m nan.

II

- 14 Kanta mouin minm tout tan m-ap éspéré, *
épi m-ap ajouté sou tout louanj ou-a.
- 15 Bouch mouin ap anonsé jistis ou, †
tout jounin sové ou sové nou-an : *
pou-m t-a konté-l, mouin pa kapab.
- 16 M-ap rivé kot puisans Granmèt la ; *
Granmèt, m-ap fè sonjé jistis ou-a ki pa gin parèy la.
- 17 Bondié, ou ban-m ansègnman dépi-m tou jèn ; *
jous koulié-a m-ap anonsé mèvèy ou yo.
- 18 Minm lè-m fîn vié, lè-m gin chévé blan, *
Bondié, pa lagé-m,
pou-m kapab déklaré fòs bra-ou la *
bay tout jénérasyon-an k-ap vini-an.
Pouvoua-ou ¹⁹ ak jistis ou, Bondié, †
ki jous anro-a, sé gras a li ou té fè mèvèy yo : *
Bondié, kilès ki tankou-ou?
- 20 Ou fè-m ouè anpil tray ak malè ; †
ou-a rékòmansé fè-m viv ankò, *

ou-a fè-m rémonté sot anba fon tè-a ankò.

- 21 Fè-m jouinn plis konsidèrasion, *
 rétownin vîn konsolé-m.
- 22 Oui mouin minm tou m-ap fè déklarasion pou ou, †
 nan instriman pou joué mizik psòm yo vérité-ou la, Bondié mouin ; *
 m-ap chanté pou ou nan gita-a, Sin Israël la.
- 23 Po-bouch mouin yo ap fè fèt, lè m-a chanté pou ou, *
 ni nam mouin-an ou té délivré-a ;
- 24 tout jounin lang mouin ap médité jistis ou-a, *
 lè y-ap ront, y-ap dézonoré,
 sa k-ap chèché pou malè rivé-m yo.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, yo pran psòm konplémantè yo nan séri I épi III, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
 Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt la ap sèvi-ou limiè pou tout tan, Bondié-ou la ap
 gloua-ou, alélouya.

Psòm 122 (123)

Granmèt la, konfians pèp la

Dé avèg... yo té rélé : « Pitié pou nou, Granmèt, pitit David » (Mt 20, 30).

- ¹ Koté-ou mouin té lévé jé-m yo, *
ou minm ki abité nan sièl yo.
- ² Min sé tankou jé sèvitè yo
kot min mèt yo, *
tankou jé sèvant la kot min mètrès li,
sé konsa jé nou kot Granmèt Bondié nou-an, *
joustan li pran pitié pou nou.
- ³ Pitié pou nou, Granmèt, pitié pou nou, *
paské nou plin ak mépri ;
- ⁴ Paské nanm nou plin anpil *
ak dérizion moun ki rich yo,
ak mépri arogan yo.

Réf. Granmèt la ap sèvi-ou limiè pou tout tan, Bondié-ou la ap gloua-ou, alélouya.

Réf. 2 Pièj la kasé, épi nou minm nou libéré, alélouya.

Psòm 123 (124)

Sékou nou nan non Granmèt la

Granmèt la té di Pòl: « Pa pè... paské mouin avèk ou » (Tr Ap 18, 9-10).

- ¹ Si Granmèt la pa-t nan nou,
sé pou Israèl di sa koulié-a, †
- ² si Granmèt la pa-t nan nou, *
lè moun yo lévé kont nou-an :

- ³ pétèt sé tou vivan yo t-ap valé nou, *
 lè raj yo t-ap boulé kont nou-an.
⁴ Pétèt dlo-a t-ap nouayé nou, †
 riviè-a t-ap pasé anlè nanm nou ; *
⁵ pétèt yo t-ap pasé anlè nanm nou,
 dlo yo k-ap bouyi yo.
⁶ Li béni, Granmèt la, *
 li minm ki pa rinmèt nou kòm manjé anba dan yo.
⁷ Nanm nou tankou zouazo ki chapé *
 sot nan pièj chasè yo :
 pièj la krazé, *
 nou minm minm nou chapé.
⁸ Sékou nou o non Granmèt la, *
 ki fè sièl la ak tè-a.

Réf. Pièj la kasé, épi nou minm nou libéré, alélouya.

Réf. 3 Mouin minm, lè y-a lévé-m anlè sot sou tè-a, m-ap rédi tout bagay vîn jouinn mouin, alélouya.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- ³ Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bédiksion Éspri-a
 nan sièl la nan Kris la,
⁴ sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
⁵ li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †

pa lintèmédiè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
 6 pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pità li rinmin-an,
 7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
 9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
 sa-l té ranjé davans nan li, *
 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Mouin minm, lè y-a lévé-m anlè sot sou tè-a, m-ap rédi tout bagay vîn jouinn mouin, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

MADI SÉMÈN III

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Bondié lévé, épi sa-k rayi-l yo sové kò yo dévan fas li, alélouya.

Psòm 67 (68)

Kòtèj viktoua Granmèt la ap antré

*Antan-l monté nan rotè-a, li minnin anprizònman nan prizon, li bay moun
yo kado yo (Éféz 4, 8).*

I

- ² Bondié lévé, sé pou ènmi-l yo gayé ; *
sé pou sa yo ki rayi-l yo sové kò yo dévan fas li.
- ³ Tankou lafimin gayé, ou gayé yo ; †
tankou lasi fonn dévan fas difé, *
- ⁴ konsa péchè yo péri dévan fas Bondié.
Sé pou moun kòrèk yo fè kè yo kontan,

- épi sé pou yo fété dévan fas Bondié, *
 sé pou yo joui nan kè kontan.
- 5 Chanté pou Bondié, di kantik pou non-l ; †
 paré rout pou li, li minm y-ap poté sou nuaj yo : *
 Granmèt la sé non-l sa.
- Fè fèt dévan fas li ; †
- 6 papa òfélin yo ak jij vèv yo, *
 Bondié nan kay li ki sin-an.
- 7 Bondié ki fè pòv yo abité nan yon kay, †
 ki kondui prizonié yo nan richès ; *
 min rébèl yo ap rété nan tè ki sèk la.
- 8 Bondié, lè-ou té sòti dévan fas pèp ou-a, *
 lè-ou t-ap travèsé nan dézè-a, tè-a té tranblé,
- 9 minm sièl la té fè laplui dévan fas Bondié Sinayi-a, *
 dévan fas Bondié Israèl la.
- 10 Sé yon lapli gras ou té vidé, Bondié ; *
 éritaj ou-a ki fèb la, ou té réfè-l.
- 11 Vivan-ou yo té abité ladan-l, *
 ou té paré-l pou pòv la nan bon kè-ou, Bondié.

Réf. Bondié lévé, épi sa-k rayi-l yo sové kò yo dévan fas li, alélouya.

Réf. 2 Bondié nou-an, sé Bondié k-ap sové nou ; épi pou Granmèt la, pòt lanmò-a, alélouya.

II

- 12 Granmèt la bay lòd ; *
 fi k-ap poté nouvèl yo, sé yon gran lamé :
- 13 « Roua lamé yo sové kò yo, yo sové kò yo, *
 fi ki rét lakay la, li séparé richès yo pran nan lagè-a.
- 14 Pandan nou kouché nan pòtay pak la : *

- zèl toutrèl yo kouvri ak lajan,
 plim yo kouvri ak lò koulè jòn fonsé.
- 15 Pandan Sa-k gin tout pouvoua-a t-ap chasé roua yo koté sa-a, *
 Sèlmon vîn blan tankou lanèj ».
- 16 Mòn Bondié, mòn Bachan, *
 mòn ki apik, mòn Bachan.
- 17 Nou minm mòn ki apik yo, pouki sa n-ap koupé kout-jé, †
 sou mòn koté Bondié jouinn plézi-l pou-l abité-a ? *
- Réyèlman sé la Bondié ap abité pou tout tan.
- 18 Chario Bondié yo, sé dis millon mil : *
 Granmèt la vini sot Sinayi nan kay sakré-a.
- 19 Ou monté sou rotè-a, ou kondui anprizònman nan prizon ; †
 ou résévoua moun yo kòm kado, *
 pou minm sa-k rébèl yo abité bò koté Bondié Granmèt la.
- 20 Li béni, Granmèt la, chak jou ; *
 Bondié sovè nou-an ap poté nou.
- 21 Bondié nou, sé Bondié k-ap sovè nou ; *
 épi pou Granmèt la, pou Granmèt la, pòt lanmò-a.
- 22 Vrèman Bondié ap krazé tèt ènmi-l yo, *
 kouròn tèt chévé moun k-ap prominnin nan péché-l yo.
- 23 Granmèt la di : « M-ap fè yo tounin sot Bachan, *
 m-ap fè yo tounin sot nan fon lanmè-a,
- 24 pou-ou lavé pié-ou nan san, *
 pou lang chyin-ou yo jouin pòsion pa-l nan ènmi yo ».

Réf. Bondié nou-an, sé Bondié k-ap sovè nou ; épi pou Granmèt la, pòt lanmò-a, alélouya.

Réf. 3 Péyi-roua yo ki sou tè-a, chanté pou Bondié ; joué psòm pou Granmèt la, alélouya.

III

- 25 Yo ouè kijan ou-ap maché antré, Bondié,
maché antré Bondié mouin-an, roua mouin, nan kay sakré-a.
- 26 Moun k-ap chanté yo ap avansé dévan, †
muzisyin yo dèyè, *
nan mitan sé jèn fi yo k-ap bat tanbou yo.
- 27 « Nan asanblé yo béni Bondié, *
pou Granmèt la, nou minm dépi nan sous Israèl yo ».
- 28 Binjamin té la, li minm ki dènié pitit, antan l-ap minnin yo, †
té gin chèf Juda yo, avèk lamé-l la, *
té gin chèf Zabulon yo, chèf Néftali yo.
- 29 Kòmandé, Bondié, ak fòs ou ; *
asiré sa, Bondié, sa-ou té réalizé nan nou-an.
- 30 Dépi nan tanp ou-a nan Jérusalèm *
sé pou roua yo poté kado pou ou.
- 31 Ménasé bèt sovaj ki nan rozo-a, †
bann toro yo nan ti bèf pèp yo, *
sé pou yo bésé tèt yo ak piès lajan.
Gayé pèp yo ki vlé lagè-a. †
- 32 Sé pou sa-k gin pouvoua yo vîn sot Éjip, *
Sé pou Étiopi kouri lonjé min-l bay Bondié.
- 33 Péyi-roua yo ki sou tè-a, chanté pou Bondié,
joué psòm pou Granmèt la, †
chanté kantik pou Bondié,
- 34 li minm ki monté anlè sièl la nan diréksion olévan ; *
min li lévé voua li, voua pouvoua-l.
- 35 Bay Bondié pouvoua-a. †
Sou Israèl grandè-l, *
pouvoua-l nan nuaj yo.
- 36 Ou mérité respè, Bondié, dépi kay sakré-ou la ! †

Sé Bondié Israèl li minm k-ap bay pèp li-a fòs ak pouvoua. *
Li béni, Bondié !

Réf. Péyi-roua yo ki sou tè-a, chanté pou Bondié ; joué psòm pou Granmèt la, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Bondié, ou-ap tounin vîn ba nou lavi; épi pèp ou-a ap kontan nan ou, alélouya.

Psòm 84 (85)

Li tou pré nou sovè n-ap sovè-a

Lè Sovè nou-an tonbé nan tè-a, Bondié béni tè li-a (Orijèn).

- ² Ou jouinn jouisans ou, Granmèt, nan tè-ou la, *
ou fè prizonié Jakòb yo tounin.
- ³ Ou padonnin fot pèp ou-a, *
ou kouvri tout péché-l yo.
- ⁴ Ou réfoulé tout kòlè-ou la, *
ou tounin sot nan chalè mové san-ou nan.

- 5 Fè nou tounin, Bondié sovè nou, *
viré kòlè-ou la sot sou nou.
- 6 Èské sé pou tout tan ou-ap faché kont nou, *
oubyin ou-ap blayi kòlè-ou la
sot nan jénérasyon al nan jénérasyon ?
- 7 Èské sé pa ou minm ki pou tounin vîn ba nou lavi, *
épi pèp ou-a ap kontan nan ou ?
- 8 Montré nou mizérikòd ou-a, Granmèt, *
sové ou sové nou-an ba nou li.
- 9 M-ap kouté sa Granmèt Bondié ap di, †
sé lapè l-ap palé pou pèp li-a ak sin-l yo, *
avèk pou sa yo ki chanjé nan kè yo.
- 10 Réyéلمان li tou pré moun ki krinn li yo, sové li sové nou-an, *
pou gloua-a abité sou tè nou-an.
- 11 Mizérikòd ak vérité rankontré, *
jistis ak lapè anbrasé.
- 12 Vérité-a lévé sot sou tè-a, *
jistis la panché sot nan sièl la.
- 13 Oui, Granmèt la ap bay bon kè-a, *
tè nou-an ap bay frui li.
- 14 Jistis ap maché dévan-l, *
l-ap pozé pié-l sou rout la.

Réf. Bondié, ou-ap tounin vîn ba nou lavi; épi pèp ou-a ap kontan nan ou, alélouya.

Réf. 2 Nou té espéré nan Granmèt la; li té ba nou lapè, alélouya.

Kantik

Iz 26, 1-4. 7-9. 12

Kantik apré viktoua sou ènmi yo

Miray vil la gin douz fondasyon (Cf. Ap 21, 14).

- ¹ Vil fò nou-an ap sové nou ;
li té mété miray ak avan-miray.
- ² Ouvri pòt yo, épi l-ap antré nasion kòrèk la, *
sa k-ap kinbé vérité-a.
- ³ Projè li-a solid ; *
ou-ap kinbé lapè-a,
paské nan ou li té éspéré.
- ⁴ Sé pou nou éspéré nan Granmèt la pou sièk tout tan yo,
Granmèt la ki blòk ròch tout tan-an.
- ⁷ Santié moun ki kòrèk la, li douat ; *
ou égalizé rout douat moun ki kòrèk la.
- ⁸ Nan rout jijman-ou yo, Granmèt, nou té éspéré nan ou ; *
sé non-ou ak souvni-ou nanm nou anvi.
- ⁹ Nanm mouin anvi-ou nan nuit, *
min tou anndan fon kè-m ak éspri mouin m-ap chèché-ou.
Lè-ou fè jijman-ou yo kléré sou tè-a, *
moun yo ki abité fas tè-a aprann jistis.
- ¹² Granmèt, ou-ap ba nou lapè ; *
paské tout aksion nou yo, sé ou minm ki fè yo pou nou.

Réf. Nou té éspéré nan Granmèt la; li té ba nou lapè, alélouya.

Réf. 3 Tè-a té bay frui-l; sé pou nasion yo kontan, sé pou yo fété, alélouya.

Psòm 66 (67)

Sé pou tout nasion yo fè déklarasion pou Granmèt la

Sé pou nou konn sa, sové Bondié sové nou sa-a sé bay nasion yo yo voyé-l (Tr Ap 28, 28).

- ² Sé pou Bondié pran pitié pou nou, sé pou-l béni nou ; *
sé pou-l fè figi-l kléré sou nou,

- ³ Sé pou yo rékonèt chémin-ou yo sou tè-a, *
sové ou sové nou-an nan tout nasion yo.
- ⁴ Sé pou pèp yo fè déklarasion pou ou, Bondié ; *
sé pou tout pèp yo fè déklarasion pou ou.
- ⁵ Sé pou nasion yo kontan, sé pou yo fété, †
paské ou jijé pèp yo nan fason ki douat, *
ou dirijé nasion yo sou tè-a.
- ⁶ Sé pou pèp yo fè déklarasion pou ou, Bondié, *
sé pou tout pèp yo fè déklarasion pou ou.
- ⁷ Tè-a té bay frui-l ; *
Bondié béni nou, Bondié nou-an,
- ⁸ sé pou Bondié nou-an béni ou, *
sé pou tout limit tè-a respékté-l.

Réf. Tè-a té bay frui-l; sé pou nasion yo kontan, sé pou yo fété, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 97-104

XIII (ᵹ Mèm)

- ⁹⁷ Sé pa ti kras rinmin mouin rinmin laloua-ou la, Granmèt ; *
tout jounin li sé méditation-m.
- ⁹⁸ Anlè ènmi-m yo lòd ou-a fè mouin saj, *
paské pou tout tan sé pou mouin li yé.
- ⁹⁹ Plis pasé sa k-ap anségné-m yo mouin té vîn gin ladrès, *
paské témouagnaj ou yo sé méditation-m.
- ¹⁰⁰ Plis pasé ansyin yo mouin té gin intélijans, *
paské kòmandman-ou yo, mouin obsèvé yo.
- ¹⁰¹ Mouin té anpéché pié-m al nan okinn mové chémin, *
pou-m kinbé paròl ou yo.
- ¹⁰² Mouin pa-t dévié sot nan jijman-ou yo, *
paské ou té mété laloua-a dévan-m.
- ¹⁰³ Ala dous paròl ou yo dous nan palèt mouin, *
plis pasé siro mièl nan bouch mouin.
- ¹⁰⁴ Akòz kòmandman-ou yo mouin té gin intélijans ; *
sé pousa mouin té rayi tout chémin manti.

Psòm 73 (74)

Lamantasion poutèt tanp la ki dévasté

Pa pè sa yo k-ap touyé kò-a (Mt 10, 28).

I

- ¹ Poukisa, Bondié, ou té réjité jouskalafin, *
ou té faché ak gro kòlè sou mouton pak ou yo ?
- ² Sonjé asanblé-ou la, *

- sa-ou té posédé dépi nan kòmansman-an.
 Ou té rachté ti plant éritaj ou-a, *
 mòn Siyon koté ou abité-a.
- 3 Lévé pié-ou, vîn nan dékonb tout tan yo : *
 ènmi-an té démoli tout bagay nan tanp la.
- 4 Yo té pousé gro rèl, sa yo ki té rayi-ou yo,
 nan mitan asanblé-ou la ; *
 yo té plasé sign pa yo kòm sign.
- 5 Yo té parèt tankou moun k-ap voyé kout rach sou tèt mòn,
 nan rak plin piéboua.
- 6 Yo té fann pèt li yo nan li ; *
 ak rach, ak mas, yo té jété-l.
- 7 Yo té boulé tanp ou-a ak difé, *
 yo té sal tant non-ou nan atè ;
- 8 Yo té di nan kè yo : « N-ap krazé yo ansanm ». *
 N-ap boulé tout koté yo konn réyini pou Bondié sou tè-a ».
- 9 Nou pa ouè sign nou yo, †
 nan pouin profèt ankò, *
 pèsonn nan nou pa konnin pou jouskilè.
- 10 Jouskilè, Bondié, ènmi-an ap kontinué madichonnin, *
 ènmi-an ap déréspékté non-ou san rété ?
- 11 Pouki sa ou ralé min-ou, *
 ou kinbé min douat ou anndan pouatrîn ou ?
- 12 Bondié, sé ou ki roua nou dépi tout tan, *
 sé ou minm ki té sovè nou nan mitan péyi-a.

II

- 13 Sé ou minm ki té gayé lanmè-a avèk fòs ou, *
 ou té krazé tèt gro koulèv-zèl la sou dlo yo.
- 14 Ou té krazé tèt Léviatan, *
 ou té rinnèt li kòm manjé bay gro bèt lanmè yo.

- 15 Sé ou minm ki té pèsé ni sous ni riviè ; *
ou minm ki té séché gro lariviè ki t-ap rété nèt yo.
- 16 Lajounin sé pou ou, ni lannuit sé pou ou, *
sé ou minm ki té fiksé ni limiè nan sièl yo ni solèy la.
- 17 Sé ou minm ki té pozé tout limit tè-a, *
ni tan chalè ni tan frèt sé ou minm ki fè yo.
- 18 Sonjé sa : †
ènmi-an ap madichonnin Granmèt la, *
yon pèp san konprann ap dérépékté non-ou.
- 19 Pa rinmèt nanm ki gin konfians nan ou yo bay bèt sovaj yo, *
nanm pòv ou yo, pa bliyé-l san rété.
- 20 Voyé jé sou téstaman-an, *
paské kachèt péyi-a plin ak tant violans.
- 21 Pa kité sa-k rabésé-a tounin ak laront ; *
pòv la ak maléré-a ap fè louanj pou non-ou.
- 22 Bondié, lévé pou-ou plédé kòz ou-a ; †
sonjé mank-déga kont ou yo, *
sa moun fou-a ap fè-ou tout jounin.
- 23 Pa bliyé rèl ènmi-ou yo ap pousé ; *
sa-k kanpé kont ou yo, sé tout tan y-ap fè brui voua yo monté.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, y-ap pran psòm konplémantè yo nan séri I épi III, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Lapè pou nou, sé mouin minm : pa pè, alélouya.

Psòm 124 (125)

Granmèt la ap véyé sou pèp li-a

Lapè sou Israël Bondié-a (Gal 6, 16).

- ¹ Moun yo ki mét konfians nan Granmèt la, yo tankou mòn Siyon : *
li pap janm souké, l-ap rété pou tout tan.
- ² Jérusalèm, mòn yo antouré-l, †
konsa Granmèt la antouré pèp li-a *
dépi koulié-a jous pou tout tan.
- ³ Baton méchansté-a pap pozé sou éritaj moun ki kòrèk yo, *
pou moun ki kòrèk yo pa lonjé min yo nan méchansté.
- ⁴ Fè dibyin Granmèt, pou moun ki bon yo, *
moun kè yo douat yo.
- ⁵ Sa yo minm ki panché nan chémin krochi yo, †
sé pou Granmèt la minnin yo ansanm ak sa k-ap fè méchansté yo. *
Lapè sou Israël !

Réf. Lapè pou nou, sé mouin minm : pa pè, alélouya.

Réf. 2 Sé pou Israël espéré nan Granmèt la, alélouya.

Psòm 130 (131)

Konfians nan Granmèt la tankou yon ti moun

Pran léson nan min-m, paské mouin tou dou, mouin pitit na kè-m (Mt 11, 29).

- ¹ Granmèt, kè-m pa gonflé, *
 ni jé-m pa lévé,
 mouin pa maché nan grandè, *
 ni nan mèvèy ki anlè-m.
- ² Byin trankil, an répo *
 mouin pozé nanm mouin ;
 tankou yon ti bébé nan bra manman-l, *
 tankou yon ti bébé, sé konsa nanm mouin yé nan mouin.
- ³ Sé pou Israèl espéré nan Granmèt la, *
 dépi koulié-a jous pou tout tan.

Réf. Sé pou Israèl espéré nan Granmèt la, alélouya.

Réf. 3 Tout kréasion-ou nan ap sèvi-ou, paské ou té di épi yo fèt, alélouya.

Kantik

Ap 4, 11 ; 5, 9. 10. 12

Kantik sa yo rachté yo

- ^{4,11} Ou mérité sa, Granmèt ak Bondié nou, *
 pou-ou résévoua gloua ak konsidération ak otorité,
 paské ou té kréyé tout bagay, *
 épi sé akòz volonté-ou yo té fèt, yo té kréyé.
- ^{5,9} Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la, *
 pou-ou ouété sélé-l yo,
 paské yo té touyé-ou, †
 épi ou rachté nou pou Bondié nan san-ou *
 sot nan tout ras, lang, pèp ak nasion

- ¹⁰ épi ou fè nou vîn tounin péyi-roua ak prèt pou Bondié nou, *
n-ap kòmandé kòm roua sou tè-a.
- ¹² Li mérité, Mouton-an yo té touyé-a, †
pou-l résvoua puisans, richès, sajès, *
fòs, onè, gloua ak bédiksion.

Réf. Tout kréasion-ou nan ap sèvi-ou, paské ou té di épi yo fèt, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

MÈKRÉDI SÉMÈN III

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Mizérikòd ak vérité ap maché dévan fas ou, Granmèt, alélouya.

Psòm 88 (89), 2-38

Mizérikòd Granmèt la sou kay David la

Sé nan ras David, dapré promès la, Bondié fè Jézu soti kòm Sovè (Tr Ap 13, 22. 23).

I

² Mizérikòd Granmèt la sé tout tan m-ap chanté yo, *
pou jénérasion ak jénérasion
m-ap anonsé vérité-ou nan bouch mouin.

³ Paské mouin té di : †

- « Pou tout tan mizérikòd la bati », *
- nan sièl yo vérité-ou la asiré.
- 4 « Mouin té réglé aliens avèk sa-a mouin chouazi-a, *
- mouin té fè sèman bay David, sèvitè-m nan :
- 5 Pou tout tan m-ap asiré désandans ou-a, *
- m-ap drésé trôn ou pou jénérasyon ak jénérasyon ».
- 6 Sièl yo ap fè déklarasion pou mèvèy ou, Granmèt, *
- ni vérité-ou la nan Égliz sin yo.
- 7 Paské kilès nan nuaj yo ki égal ak Granmèt la, *
- k-ap sanblé ak Granmèt la nan pitit Bondié yo ?
- 8 Bondié ki mérité respè nan réyinion sin yo, *
- li gran, li térib plis pasé tou sa-k entouré-l yo.
- 9 Granmèt, Bondié puisans yo, kilès ki tankou-ou ? *
- Ou plin pouvoua, Granmèt, vérité-ou la vlopé-ou.
- 10 Sé ou minm ki kòmandé lanmè-a lè l-ap gonflé-a, *
- lè lanm li yo monté-a, sé ou minm ki kalmé yo.
- 11 Sé ou minm ki krazé Raab, lè-ou fin frapé-l, *
- avèk fòs bra-ou ou gayé ènmi-ou yo.
- 12 Sièl yo sé pou ou, tè-a sé pou ou, *
- fas tè-a ak sa ki ranpli-l, sé ou minm ki fiksé-l.
- 13 Nan-nò ak nan-sud, sé ou minm ki kréyé yo, *
- ni Tabòr ni Èrmon, y-ap fété pou non-ou.
- 14 Ou gin yon bra ki gin fòs ; *
- min-ou asiré, ou lévé min douat ou.
- 15 Jistis ak jijman sé solidité trôn ou-a. *
- mizérikòd ak vérité ap maché dévan fas ou.
- 16 Ala kontantman pou pèp la ki konn pousé rèl fèt la. *
- Granmèt, nan limiè figi-ou y-ap maché,
- 17 o non-ou y-ap fété tout jounin, *
- épi nan jistis ou-a y-ap lévé tèt yo,
- 18 paské sé ou minm ki bèlté pouvoua yo, *
- sé nan bon plézi-ou kòn nou lévé.

¹⁹ Paské zam défans nou sé pou Granmèt la, *
pou Sin Israël la, roua nou-an.

Réf. Mizérikòd ak vérité ap maché dévan fas ou, Granmèt, alélouya.

Réf. 2 Pitit Bondié-a vîn fèt sot nan désandans David la dapré chè-a, alélouya.

II

²⁰ Lè sa-a ou té palé nan vizion avèk sin-ou yo, ou té di : †
« Mouin té mété sékou-a nan yon moun ki fò, *
mouin lévé yon moun mouin chouazi nan pèp la.

²¹ Mouin té jouinn David sèvitè-m nan ; *
ak luil mouin ki sin-an mouin sakré-l.

²² Min-m ap rét fèm avèk li, *
bra-m ap ba li fòs.

²³ Ènmi-an pap pran pié sou li ditou, *
pitit méchansté-a pap kapab nui li.

²⁴ M-ap krazé ènmi-l yo dévan fas li, *
sa-k rayi-l yo, m-ap frapé yo.

²⁵ Vérité-m ak mizérikòd mouin ap avèk li, *
o non-m l-ap lévé kòn li.

²⁶ M-ap instalé min-l sou lanmè-a, *
min douat li sou riviè yo.

²⁷ Li minm l-ap rélé-m : “Sé Papa-m ou yé, *
Bondié-m ak kachèt k-ap sové-m nan”.

²⁸ Mouin minm m-ap mété-l kòm premié pitit, *
pi ro pasé roua yo sou tè-a.

²⁹ Pou tout tan m-ap kinbé mizérikòd mouin pou li, *
alians mouin-an ap fidèl pou li.

³⁰ M-ap mété désandans li pou sièk sièk la, *
ak trôn li-a tankou jou sièl yo.

Réf. Pitit Bondié-a vîn fèt sot nan désandans David la dapré chè-a, alélouya.

Réf. 3 Mouin fîn fè sèman yon foua bay David, sèvitè-m nan :
Désandans li ap rété pou tout tan, alélouya.

III

³¹ Min si pitit li yo lagé laloua-m nan, *
si yo pa maché nan jijman-m yo,
³² si yo profané désizion-m yo, *
si yo pa obsèvé kòmandman-m yo,
³³ m-ap vizité fot yo avèk fouèt, *
ni péché yo avèk répròch.
³⁴ Min mizèrikòd mouin-an, mouin pap ouété-l sot sou li, *
mouin pap bay manti nan vérité-m nan.
³⁵ Mouin pap dérespékté kontra-m nan, *
sa-k fîn sot nan bouch mouin-an, mouin pap chanjé-l.
³⁶ Mouin fîn fè sèman yon foua sou mouin minm ki sin : *
mouin pap bay David manti.
³⁷ Désandans li ap kanpé pou tout tan, *
trôn li ap dévan-m tankou solèy la,
³⁸ tankou lalîn nan l-ap solid pou tout tan, *
témoins fidèl nan sièl la ».

Réf. Mouin fîn fè sèman yon foua bay David, sèvitè-m nan :
Désandans li ap rété pou tout tan, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Tout nasion yo ap vini, épi y-ap adoré dévan-ou, Granmèt, alélouya.

Psòm 85 (86)

Priyè pòv la nan kontrariété

Li béni, Bondié, li minm ki konsolé nou nan tout tray tribilasyon nou (2 Ko 1, 3. 4).

- ¹ Panché zòrèy ou, Granmèt, kouté-m, *
paské mouin maléré, mouin pòv.
- ² Prézèvé nanm mouin, paské mouin sin ; *
sovè sèvitè-ou la, Bondié mouin, k-ap éspéré nan ou.
- ³ Pitié pou mouin, Granmèt, *
paské m-ap rélé koté-ou tout lajounin.
- ⁴ Fè nanm sèvitè-ou la kontan, *
paské sé koté-ou, Granmèt mouin té lévé nanm mouin.
- ⁵ Paské Granmèt, ou bon, ou dou, *
ou gin mizèrikòd anpil pou tout moun k-ap rélé-ou.
- ⁶ Kouté priyè-m, Granmèt ak zòrèy ou, *
tandé voua priyè-m nan.

- 7 Nan jou tribilasyon mouin-an, mouin rélé-ou, *
paské ou kouté mouin.
- 8 Nan pouin tankou-ou pami dié yo, Granmèt, *
nan pouin anyin tankou sa ou fè yo.
- 9 Tout nasion yo, ninpòt nan sa ou fè yo, y-ap vini †
épi y-ap adoré dévan-ou, Granmèt, *
épi y-ap fè louanj non ou,
- 10 paské ou gran épi ou fè mèvèy : *
ou minm sèl ki Bondié.
- 11 Aprann mouin chémin-ou nan, Granmèt, *
m-a maché nan vérité-ou la ;
fè kè-m vîn tou sinp, *
pou-l krinn non ou.
- 12 M-a fè déklarasyon pou ou, Granmèt Bondié mouin,
ak tout kè mouin, *
m-a montré grandè non-ou pou tout tan,
- 13 paské mizérikòd ou-a gran sou mouin, *
ou délivré nanm mouin anba bafon ki anba nèt la.
- 14 Bondié, ògèyé yo té soulvé kont mouin, †
asanblé puisan yo t-ap chèché nanm mouin, *
yo pa-t mété-ou dévan fas yo.
- 15 Ou minm, Granmèt Bondié ki pran pitié épi ki gin mizérikòd, *
ki gin pasians épi anpil mizérikòd ak vérité,
- 16 voyé jé sou mouin épi pran pitié pou mouin ; †
bay sèvitè-ou fòs ou, *
sové pitit sèvant ou-a.
- 17 Fè yon sign avèk mouin nan sa-k bon-an, †
pou yo ouè, sa-k rayi-m yo, pou yo ront, *
paské ou minm, Granmèt, ou té poté-m sèkou
ou té konsolé-m.

Réf. Tout nasion yo ap vini, épi y-ap adoré dévan-ou, Granmèt, alélouya.

Réf. 2 Jé nou ap ouè Roua-a nan bèlté-l, alélouya.

Kantik

Iz 33, 13-16

Bondié ap jijé nan jistis

Sé pou nou promès la yé, ansanm ak pitit nou yo, ak tout moun ki louin yo (Tr Ap 2, 39).

- ¹³ Kouté, nou minm ki louin yo, sa mouin té fè, *
nou minm ki pré yo, sé pou nou konnin fòs mouin.
- ¹⁴ Nan Siyon, péchè yo pran sézisman, *
yon frison sézi méchan yo.
Kilès nan pami nou k-ap kapab abité avèk difé k-ap dévoré-a ? *
- ¹⁵ Sé moun k-ap maché avèk jistis, *
moun k-ap di sa ki douat,
moun ki réfizé avantaj ki sot nan vòlè *
ki souké min-l pou-l pa résévoua favè,
ki bouché zòrèy li pou-l pa tandé paròl san, *
ki fèmin jé-l yo pou-l pa ouè sa-k mal :
- ¹⁶ sé moun sa-a k-ap abité sou rotè yo, *
kachèt li sé kay-défans sou blòk ròch yo ;
y-ap ba li pin, *
dlo yo ap asiré pou li.

Réf. Jé nou ap ouè Roua-a nan bèlté-l, alélouya.

Réf. 3 Tout chè ap ouè fason Bondié nou-an sové nou, alélouya.

Psòm 97 (98)

Granmèt la ranpòté viktoua nan jijman-an

Psòm sa-a ap montré premié fousa Granmèt la té vini-an épi lafousa tout nasion yo (S. Atanaz).

- 1 Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo, *
paské li fè mèvèy.
Min douat li sové pou li, *
épi bra li ki sin-an.
- 2 Granmèt la fè konnin sové li sové-a, *
nan fas nasion yo li révéle jistis li-a.
- 3 Li sonjé mizérikòd li-a *
épi vérité-l la pou kay Israèl la.
Tout limit tè-a ap ouè *
sové Bondié nou-an sové nou-an.
- 4 Pousé rèl fèt pou Bondié, tout tè-a, *
éklaté, fété, chanté psòm.
- 5 Chanté psòm pou Granmèt la sou gita, *
sou gita ak voua psòm ;
- 6 nan troupèt métal épi ak voua troupèt kòn, *
pousé rèl fèt nan fas Granmèt la ki roua-a.
- 7 Sé pou lanmè-a sonnin ak sa-k plin-l nan, *
fas tè-a ak sa ki abité nan li yo.
- 8 Sé pou riviè yo bat bravo, †
sé pou tout mòn yo fété⁹ dévan fas Granmèt la, *
paské l-ap vîn jijé tè-a.
L-ap jijé fas tè yo nan jistis *
ak pèp yo nan sa ki douat.

Réf. Tout chè ap ouè fason Bondié nou-an sové nou, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 105-112

XIV (J Nûn)

Méditation paròl Granmèt la nan laloua-a

Sa-a sé kòmandman-m nan, sé pou nou youn rinmin lòt (Jan 15, 12).

¹⁰⁵ Lanp pou pié mouin yo paròl ou-a, *
limiè pou santié-m yo.

¹⁰⁶ Mouin fè sèman, mouin rété fidèl *
pou-m kinbé jijman jistis ou-a.

¹⁰⁷ Mouin rabésé jous nan fon, Granmèt ; *
fè-m viv dapré paròl ou-a.

¹⁰⁸ Ofrann bouch mouin-an, sé pou yo fè-ou plézi, Granmèt, *
jijman-ou yo, aprann mouin yo.

¹⁰⁹ Nanm mouin nan min-m tout tan, *
laloua-ou la, mouin pa bliyé-l.

¹¹⁰ Péchè yo pozé pièj pou mouin, *
mouin pa dévié sot nan kòmandman-ou yo.

- ¹¹¹ Éritaj mouin sé témouagnaj ou yo pou tout tan, *
paské sé kontantman kè-m yo yé.
- ¹¹² Mouin panché kè-m pou fè jistis ou yo *
pou tout tan, jouskalafin.

Psòm 69 (70)

Bondié, vîn édé mouin

Granmèt, sové nou, n-ap péri (Mt 8, 25).

- ² Bondié, tanpri vîn édé mouin ; *
Granmèt, fè vit pou-ou poté-m sékou.
- ³ Sé pou yo ront, sé pou yo dézonoré, *
sa k-ap chèché pran nanm mouin yo.
Sé pou yo ralé kò yo dèyè, sé pou yo ront, *
sa-k anvî pou malè rivé-m yo.
- ⁴ Sé pou yo tounin avèk désépsion yo-a, *
yo minm k-ap di-m : « Sé bon, sé bon ».
- ⁵ Sé pou yo fété, sé pou yo tout gin kè kontan nan ou,
sa k-ap chèché-ou yo, *
tout tan, sé pou yo di : « Bondié gran »,
sa-k rinmin sové ou sové yo-a.
- ⁶ Mouin minm mouin sé yon pòv, yon maléré ; *
Bondié, fè vit pou mouin.
Sé ou minm k-ap édé-m, sé ou minm k-ap délivré-m ; *
Granmèt, pa fè réta.

Psòm 74 (75)

Granmèt la jij ki pi ro-a

*Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lévé sa-k tou piti yo anlè
(Lk 1, 52).*

- 2 N-ap fè déklarasion pou ou, Bondié ; †
n-ap fè déklarasion épi n-ap rélé non-ou : *
n-ap rakonté mèvèy ou yo.
- 3 Lè m-a fiksé tan-an, *
sé mouin minm k-ap jijé nan jistis yo.
- 4 Si tè-a ak tou sa-k abité ladan-l yo fonn, *
mouin minm mouin té fiksé kolòn li yo byin solid.
- 5 Moun k-ap fè arogan yo, mouin té di yo :
« Sispann bay tèt nou gloua ! » *
kanta pou méchan yo : « Sispann lévé kòn nou !
- 6 Sispann lévé kòn nou anlè ; *
sispann palé kont Bondié avèk arogans ».
- 7 Sèké sé pa sot olévan ni sot okouchan *
ni sot nan dézè-a lévé tèt la yé.
- 8 Paské sé Bondié k-ap jijé : *
li fè youn désann, li lévé yon lòt anlè.
- 9 Sèké kalis nan min Granmèt la, *
sé divin ki troublé, ki plin mélanj.
Li panché sot sou sa-a al nan sa-a ; †
réyéلمان vré y-ap gin pou bouè ata ma-a ki nan fon-an, *
- 10 Mouin minm, m-ap anonsé pou tout tan, *
m-ap chanté pou Bondié Jakòb la.
- 11 Tout kòn méchan yo, m-ap krazé yo, *
sa ki kòrèk la, kòn li ap lévé.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, y-ap pran psòm konplémantè yo nan séri I épi III, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Chagrin nou-an ap vîn tounin kè kontan, alélouya.

Psòm 125 (126)

Kè kontan ak éspérans nan Bondié

Minm jan nou patisipé nan soufrans nou yo, konsa tou n-ap patisipé nan konsolasion-an (2 Kor 1, 7).

- ¹ Lè Granmèt la té fè prizonié Siyon yo tounin-an, *
nou té tankou nan rèv.
- ² Lè sa-a bouch nou té plin ak kè kontan, *
épi lang nou ak fèt.
Lè sa-a yo t-ap di nan pami nasion yo : *
« Granmèt la té fè gran mèvèy avèk yo ».
- ³ Granmèt la té fè gran mèvèy avèk nou ; *
nou vîn gin kè kontan.
- ⁴ Granmèt, fè prizonié nou yo tounin, *
tankou ravîn nan sid yo.
- ⁵ Moun ki simin ak dlo nan jé, *
yo ranmasé ak fèt.

- 6 Yo t-apralé, yo t-ap kriyé, *
 antan y-ap poté sémans pou simin-an ;
 min antan y-ap vini, y-ap vini nan fèt, *
 pandan y-ap poté zépi yo.

Réf. Chagrin nou-an ap vîn tounin kè kontan, alélouya.

Réf. 2 Kit nou vivan, kit nou mouri, sé pou Granmèt la nou yé, alélouya.

Psòm 126 (127)

Travay la pa sèvi anyin san Granmèt la

Nou sé kay Bondié ap bati (1 Kor 3, 9).

- 1 Si Granmèt la pa bati kay la, *
 sé pou granmési y-ap travay moun k-ap bati-l yo.
 Si Granmèt la pa véyé sou vil la, *
 sé pou anyin li pa dòmi moun k-ap véyé sou li-a.
- 2 Sé pou granmési ou-ap lévé anvan limiè-a,
 n-ap kouché byin ta, †
 n-ap manjé pin fatig, *
 sèké l-ap bay moun li rinmin yo dòmi.
- 3 Gadé, pitit yo, sé éritaj Granmèt la, *
 frui ki sot nan vant la, sé rékonpans.
- 4 Tankou flèch yo nan min vanyan sòlda, *
 konsa pitit moun ki jèn.
- 5 Ala kontantman pou gason ki plin rézèv li avèk yo : *
 li pap ront, lè l-ap plédé avèk ènmi-l yo nan pòtay la.

Réf. Kit nou vivan, kit nou mouri, sé pou Granmèt la nou yé, alélouya.

Réf. 3 Sé sot nan li, sé pa lintèmédiè-l, sé nan li, tout bagay égzisté :
gloua pou li nan sièk yo, alélouya.

Kantik

Cf. Kol 1, 12-20

Kris la, prémié anfanté anvan tout kréati
ak prémié anfanté sot nan pami mò yo

- 12 N-ap di Bondié Papa-a mèsi, *
li minm ki fè nou mérité jouinn pòsion
nan éritaj sin yo nan limiè-a ;
- 13 li minm ki délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, *
ki fè nou travèsé nan péyi-roua Pitit li rinmin-an,
- 14 sé nan li nou jouinn rédanmsion, *
padon pou péché yo ;
- 15 li minm ki pòtré Bondié yo pa kapab ouè-a, *
sé prémié pitit anvan tou kréatu,
- 16 paské sé nan li tout bagay té kréyé †
nan sièl yo ak sou tè-a, *
sa yo kapab ouè ak sa yo pa kapab ouè yo,
soua trôn, soua pouvoua yo, *
soua gouvènman, soua otorité.
- Tout bagay sé pa pouvoua-l, sé nan li yo kréyé, †
- 17 li minm li anvan tout bagay,
tout bagay kanpé nan égzistans nan li.
- 18 Li minm sé tèt kò Égliz la ; †
li sé sous, prémié pitit ki sot nan pami mò yo, *
pou-l kapab kinbé prémié ran-an nan tout bagay,
- 19 sèké sé nan li Bondié té pran plézi
fè tout bagay nèt abité, *
- 20 épi pa pouvoua-l, l-ap rékonsilié tout bagay nan li,
antan-l fè lapè pa pouvoua san-l ki koulé sou koua-a, *
ni pou sa-k sou tè-a, ni pou sa-k nan sièl yo.

Réf. Sé sot nan li, sé pa lintèmédiè-l, sé nan li, tout bagay égzisté :
gloua pou li nan sièk yo, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la,
dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

JÉDI SÉMÈN III

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Gadé byin, Granmèt, épi konsidéré dézonè nou-an.

Psòm 88 (89), 39-53

Plint sou déstriksion kay David la

Li drésé kòn sovè-a pou nou nan kay David la (Lk 1, 69).

IV

³⁹ Époutan, ou té réjité, ou té méprizé, *

ou fè kòlè ak sa-a ou té sakré-a ;

⁴⁰ kontra sèvitè-ou la ou té kasé-l, *

ou jété kouròn li jous atè.

⁴¹ Ou krazé tout lantouraj li yo, *

ou fè miray li yo vîn tounin débri.

- 42 Tout moun k-ap pasé sou chémin-an yo piyé-l, *
ou fè-l tounin yon ront pou vouazin-l yo.
- 43 Ou té lévé min sa k-ap krazé-l yo, *
ou té fè tout ènmi-l yo kontan.
- 44 Ou té blijé-l rantré pouint épé-l la, *
ou pa-t soutni-l nan batay la.
- 45 Ou té détrui bèlté li, *
ou té jété fotèy li-a jous atè.
- 46 Ou té rakousi jou lè-l té jèn yo, *
ou té vlopé-l ak ront.

Réf. Gadé byin, Granmèt, épi konsidéré dézonè nou-an.

Réf. 2 Mouin minm mouin sé rasîn ak ras David, zétoual ki byin kléré épi jous nan matin, alélouya.

V

- 47 Jouskilè, Granmèt, ou-ap rét kaché san rété, *
jouskilé kòlè-ou ap flanbé tankou difé ?
- 48 Sonjé kijan lavi-m kout. *
Pou ki vid ou té kréyé tout pitit moun yo ?
- 49 Ki moun k-ap viv san-l pa ouè lanmò, *
pou-l délivré nanm li sot nan min anba tè-a ?
- 50 Koté mizèrikòd ou té gin lontan yo, Granmèt, *
tankou té fè sèman bay David sou vérité-ou la ?
- 51 Sonjé, Granmèt, laront sèvitè-ou yo, *
sé nan léstomak mouin mouin poté sa, pou pakèt nasion yo,
- 52 sa ènmi-ou yo t-ap manké déga, Granmèt, *
sa yo ki t-ap manké tras sa-ou sakré-a déga
- 53 Li béni, Granmèt la pou tout tan. *
Amèn, amèn.

Réf. Mouin minm mouin sé rasîn ak ras David, zétoual ki byin kléré épi jous nan matin, alélouya.

Réf. 3 Ané nou yo ap pasé tankou zèb : dépi sièk, ou minm Bondié, ou égzisté, alélouya.

Psòm 89 (90)

Sé pou klété Granmèt la sou nou

Yon sèl jou kot Granmèt la tankou mil ané, épi mil ané tankou yon sèl jou (2 Piè 3, 8).

- ¹ Granmèt, ou sèvi nou kachèt, *
sot nan jénérasyon al nan jénérasyon.
- ² Anvan mòn yo té fèt †
oubyin tè-a ak fas tè-a gin nésans, *
dépi sièk épi jous nan sièk ou sé Bondié.
- ³ Ou fè moun nan tounin nan pousié ; *
ou té di : « Tounin, pitit moun yo ».
- ⁴ Paské mil ané dévan jé-ou sé tankou jounin yè-a ki pasé, *
ak yon vèy nan nuit.
- ⁵ Ou poté yo alé, dòm pràn yo : *
- ⁶ nan matin, y-ap tankou zèb k-ap pousé,
nan matin li fléri, li grandi, *
nan asouè, li finnin, li séché.
- ⁷ Sèké nou té fini nan kòlè-ou la, *
nan kout-san-ou nan nou té troublé.
- ⁸ Ou té mété fot nou yo dévan fas ou, *
sa nou fè ki kaché yo, ou mété yo nan limiè fas ou-a.
- ⁹ Paské tout jou nou yo disparèt nan kòlè-ou la, *
nou fini ané nou yo tankou yon ti souf.
- ¹⁰ Jou ané nou yo sé sousanndizan, *
oubyin nan santé sé katrévinzan,

- min pi fò pòsion nan yo sé tray ak soufrans, *
- paské yo pasé byin vit, épi nou volé.
- 11 Kilès ki konnin puisans kolè-ou *
- épi antan-l gin krint ou, ki konnin lè-ou faché ?
- 12 Konsa aprann nou konté jou nou yo, *
- pou nou kondui kè nou nan sajès la.
- 13 Tounin, Granmèt, jouskilè ? *
- Pran pitié pou sèvitè-ou yo.
- 14 Plin nou granmatin ak mizèrikòd ou-a, *
- n-a fété, n-a joui tout jou lavi nou.
- 15 Fè kè nou kontan pou jou yo ou té rabésé nou-an, *
- pou ané yo nou té ouè malè yo.
- 16 Sé pou travay ou-a parèt pou sèvitè-ou yo, *
- ak grandè-ou pou pitit yo.
- 17 Sé pou klèté Granmèt Bondié nou-an sou nou, †
- asiré travay min nou yo sou nou, *
- travay min nou yo, asiré-l.

Réf. Ané nou yo ap pasé tankou zèb : dépi sièk, ou minm Bondié, ou égzisté, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 N-ap chanté tankou moun k-ap kondui group dans : tout sous mouin yo nan ou, vil Bondié, alélouya.

Psòm 86 (87)

Jéruزالèm, manman tout nasion yo

Jéruزالèm anro-a minm, li lib, sé li ki manman nou (Gal 4, 26).

- ¹ Fondasion-l yo sou mòn yo ki sin yo ; †
- ² Granmèt la rinmin pòt Siyon yo *
pasé tout tant Jakòb yo.
- ³ Y-ap di bèl bagay sou ou, *
vil Bondié-a !
- ⁴ M-ap sonjé Raab ak Babilòn pami sa yo ki konnin-m yo ; †
min Filisti ak Tir avèk Étiopi : *
sa yo fèt isit la.
- ⁵ Sou Siyon minm, y-ap di : « Sa-a ak sa-a fèt ladan-l ; *
Sa-a ki anro nèt la rann li fèm ».
- ⁶ Granmèt la ékri nan liv pèp yo : *
« Sa yo fèt isit la ».
- ⁷ Y-ap chanté tankou moun k-ap kondui group dans : *
« Tout sous mouin yo nan ou ».

Réf. N-ap chanté tankou moun k-ap kondui group dans : tout sous mouin yo nan ou, vil Bondié, alélouya.

Réf. 2 Tankou gadyin, l-ap rasanblé mouton yo, épi sé sou léstonmak li l-ap lévé yo, alélouya.

Kantik

Iz 40, 10-17

Bon gadyin-an : Bondié ki anlè nèt la é ki konn tout bagay nèt la

Min m-ap vini, tousuit, épi rékonpans mouin avèk mouin (Ap 22, 12).

- 10 Min Granmèt Bondié-a k-ap vini ak fòs, *
 épi bra-l ap kòmandé :
 min pri travay li avèk li, *
 épi rékonpans li dévan-l.
- 11 Tankou yon gadyin ap okipé bann mouton-l, †
 nan bra-l l-ap rasanblé mouton yo,
 épi nan dé bral-l l-ap lévé yo ; *
 sa-k plinn yo, li minm minm l-ap poté yo.
- 12 Kilès ki té méziré dlo yo ak ponyin li,
 épi ki té dispozé sièl yo ak pla min-l, †
 ki té kinbé pousiè tè-a nan barik,
 ki té pézé mòn yo nan balans, *
 ak ti rotè yo nan plato balans ?
- 13 Kilès ki té dirijé éspri Granmèt la ? *
 Oubyin kilès ki té konn fè-l ouè désizion pou-l pran ?
- 14 Kot ki moun li t-ap pran konsèy, ki pou té instrui-l, *
 ki pou té aprann li santié jijman,
 ki pou aprann li sians *
 épi fè-l ouè chémin bon désizion ?
- 15 Min nasion yo tankou yon gout dlo ki sot nan yon so, †
 tankou yon ti pousiè, sé sa yo vo sou balans ; *
 min zilé yo tankou yon ti kras pousiè.
- 16 Liban-an pap kont pou fè difé, *
 bèt li yo pap kont pou sakrifis antié.
- 17 Tout nasion yo kòm pa égzisté dévan-l ; *
 tankou anyin, sé vid, sé sa yo vo pou li.

Réf. Tankou gadyin, l-ap rasanblé mouton yo, épi sé sou léstonmak li l-ap lévé yo, alélouya.

Réf. 3 Granmèt la gran nan Siyon, li lévé anlè nèt anro tout pèp yo, alélouya.

Psòm 98 (99)

Li sin Granmèt Bondié nou-an

Ou anlè Chéribin yo, ou minm ki chanjé mové kondision tè-a, lè ou té vîn fèt dapré résanblans nou-an (S. Atanaz).

- ¹ Granmèt la roua ! Pèp yo ap frissonn ; *
li chita anlè chéribin yo, tè-a ap tranblé.
- ² Granmèt la gran nan Siyon, *
li lévé byin ro anlè tout pèp yo.
- ³ Sé pou yo fè louanj pou non-ou ki gran, ki mérité respè, *
paské li sin.
- ⁴ Roua ki gin fòs la, li rinmin jistis : †
sé ou minm ki fiksé sa ki douat yo, *
jijman ak jistis, sé ou minm ki fè-l nan Jakòb.
- ⁵ Fè louanj Granmèt Bondié nou-an, †
adoré dévan éskabo pié-l, *
paské li sin.
- ⁶ Moyiz avèk Aaron, nan pami prèt li yo *
ak Samuèl nan pami yo, sa-k rélé non-l yo.
Yo té rélé Granmèt la, li minm li té réponn yo, *
- ⁷ nan kolòn nuaj la li t-ap palé avèk yo.
Yo té kinbé témouagnaj li yo, *
ak kòmandman li té ba yo-a.
- ⁸ Granmèt Bondié nou, ou té konn kouté yo ; †
Bondié, ou té konn padonnin yo, *
antan-ou té korijé lidé yo té fè.
- ⁹ Fè louanj Granmèt Bondié nou-an, †
adoré-l sou mòn li ki sin-an, *
paské li sin, Granmèt Bondié nou-an.

Réf. Granmèt la gran nan Siyon, li lévé anlè nèt anro tout pèp yo, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 113-120

XV (D Samèk)

- ¹¹³ Mouin té rayi sa-k gin kè doub yo, *
min mouin té rinmin laloua-ou la.
- ¹¹⁴ Kachèt mouin ak boukliyé-m sé ou minm, *
nan paròl ou-a mouin éspéré byin éspéré.
- ¹¹⁵ Viré sot koté-m, méchan yo, *
m-ap obsèvé lòd Bondié-m nan.
- ¹¹⁶ Résévoua-m dapré promès ou-a, épi m-ap viv ; *
pa kité-m ront nan sa m-ap tann nan.

- 117 Soutni-m, m-a sové, *
 m-a joui tout tan nan désizion-ou yo.
- 118 Ou té chaviré tou sa-k viré do yo sot nan désizion-ou yo, *
 paské sé manti kalkil yo yé.
- 119 Ou té lagé tout péchè tè yo tankou larouy ; *
 sé poussa mouin té rinmin témouagnaj ou yo.
- 120 Chè-m t-ap tranblé anba krint ou ; *
 dévan jijman-ou yo minm mouin té pè.

Psòm 78 (79), 1-5. 8-11. 13
 Lamantasion sou Jérusalèm

Si-ou té konnin ou minm tou... sa k-ap ba-ou lapè ! (Lk 19, 42).

- 1 Bondié, nasion yo té rivé nan éritaj ou-a, †
 yo sal tanp ou-a ki sin-an, *
 yo fè Jérusalèm tounin débri.
- 2 Yo té rinmèt kadav sèvitè-ou yo kòm manjé bay zouazo sièl yo, *
 chè sin-ou yo bay bèt tè yo.
- 3 Yo té vidé san yo tankou dlo alantou Jérusalèm, *
 pa gin pèsonn pou antéré.
- 4 Nou sèvi laront pou vouazin nou yo, *
 yo pasé nou nan jouèt, yo pran plézi sou do nou,
 sa yo ki entouré nou yo.
- 5 Jouskilè, Granmèt ? †
 Èské ou-ap faché pou tout tan ? *
 Èské jalouzi-ou la ap flanbé tankou difé ?
- [6-7]
- 8 Pa sonjé méchansté papa nou yo, †
 dépéché-ou, fè mizérikòd ou-a pran dévan nou, *
 paské nou vîn pòv anpil.
- 9 Édé nou, Bondié sovè nou, *
 poutèt gloua non-ou, épi libéré nou ; *

padonnin péché nou yo *
poutèt kòz non-ou.

¹⁰ Pouki pou y-ap di nan nasion yo : « Koté Bondié yo-a ? ». †

Sé pou sa vîn klè nan nasion yo dévan jé nou, *
vanjans poutèt san sèvitè-ou yo ki té koulé-a.

¹¹ Sé pou-l antré dévan fas ou, rèl prizonié yo ; †
dapré grandè bra ou *

kité rèl pitit lanmò yo.

[12]

¹³ Nou minm minm, pèp ou-a ak mouton pak ou-a, *
n-ap fè déklarasion pou ou tout tan ;
pou jénérasion ak jénérasion, *
n-ap anonsé louanj ou.

Psòm 79 (80)

Granmèt, vizité jadin rézin-ou nan

Vini, *Granmèt Jézu* (Ap 22, 20).

² Ou minm k-ap kondui Israël, fè atansion, *
ou minm k-ap kondui Jozèf tankou mouton-an.

Ou minm ki chita anlè Chéribin yo, kléré, *

³ dévan Éfrayim, Benjamin ak Manasé.

Drésé pouvoua-ou, épi vini, *

pou-ou sové nou.

⁴ Bondié, fè nou tounin, *

kléré fas ou, épi n-a sové.

⁵ Granmèt Bondié lamé yo, *

jouskilè ou-ap fè kòlè sou priyè pèp ou-a ?

⁶ Ou té fè nou manjé pin dlo ki sot nan jé nou, *

ou té ba nou bouè nan dlo ki sot nan jé nou kont kò nou.

⁷ Ou té fè nou vîn tounin kontradiksion pou vouazin nou yo, *

ènmi nou yo t-ap pasé nou nan jouèt.

- 8 Bondié lamé-yo, fè nou tounin, *
kléré fas ou, épi n-a sové.
- 9 Ou té transplanté pié rézin-an sot Éjip, *
ou té chasé nasion yo, ou té planté-l.
- 10 Ou té égalizé térin dévan-l, *
ou té planté rasîn li, li té anvayi péyi-a.
- 11 Li té kouvri mòn yo ak lonbraj li, *
branch li té pié sèd Bondié ;
- 12 li té lonjé branch li yo jous nan diréksion lanmè-a, *
ak boujon-l yo jous nan diréksion gran riviè-a.
- 13 Pouki sa ou krazé miray li-a, *
épi tout moun k-ap pasé sou chémin-an ap kéyi grap li yo ?
- 14 Kochon maron ki nan rak boua-a fini avèk li, *
tout bèt sovaj manjé-l.
- 15 Bondié lamé yo, viré, *
gadé antan-ou nan sièl la, pou-ou ouè, vizité pié rézin sa-a.
- 16 Épi protéjé sa-a min douat ou té planté-a, *
épi sou pitit moun nan ou té asiré pou ou-a.
- 17 Yo boulé-l nan difé, yo raché-l ; *
sé pou yo péri, lè fas ou ap ménasé.
- 18 Sé pou min-ou sou moun min douat ou-a, *
sou pitit moun nan ou té asiré pou ou-a.
- 19 Épi nou pap viré do ba ou, ou-a fè nou viv, *
épi n-ap rélé non-ou.
- 20 Granmèt Bondié lamé yo, fè nou tounin,
fè fas ou kléré, épi n-a sové.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt Bondié té ba-l fotèy David papa-l la, alélouya.

Psòm 131 (132)

Promès Bondié fè bay bay Davi la

Granmèt Bondié ap ba li trôn David papa-l (Lk 1, 32).

I

- ¹ Sonjé David, Granmèt, *
ak tout bon kè-l,
- ² sèké li té fè sèman bay Granmèt la, *
yon vé li té fè bay Sa-a ki gin pouvoua nan Jakòb la :
- ³ « Mouin pap antré nan tant lakay mouin-an, *
mouin pap monté sou kabann koté-m kouché-a,
- ⁴ mouin pap bay jé-m yo somèy, *
ni pòpiè-m yo yon ti répo,
- ⁵ joutan mouin jouinn yon plas pou Granmèt la, *
yon tant pou Sa-a ki gin pouvoua nan Jakòb la ».

- 6 Min nou tandé li nan Éfrata, *
nou jouinn li nan boua Yaar yo.
- 7 An nou antré nan tant li-a, *
an nou adoré nan éskabo pié-l yo.
- 8 Lévé, Granmèt, nan répo-ou, *
ou minm ak arch fòs ou-a.
- 9 Prèt ou yo, sé pou abiyé ak jistis, *
sin-ou yo, sé pou yo fété.
- 10 Poutèt David, sèvitè-ou la *
pa viré fas Kris ou-a.

Réf. Granmèt Bondié té ba-l fotèy David papa-l la, alélouya.

Réf. 2 Jézu-Kri sèl gin pouvoua, li roua tout roua yo, li Granmèt tout chèf yo, alélouya.

II

- 11 Granmèt la fè sèman bay David, sé vérité, *
li pap démanti-l :
« Sé nan frui vant ou *
m-ap mété sou trôn ou-an ».
- 12 Si pitit li yo kinbé téstaman-m nan, *
ak témouagnaj mouin yo m-ap aprann yo-a,
pitit yo pou tout tan *
ap chita sou trôn ou-an ».
- 13 Paské Granmèt la chouazi Siyon, *
li té anvi-l kòm kay pou li :
- 14 « Sa-a sé répo-m pou sièk sièk la ; *
sé isit la m-ap abité, paské mouin té anvi-l ».
- 15 Manjé-l yo, m-ap béni yo byin béni, *
pòv li yo m-ap plin yo ak pin.

- ¹⁶ Prèt li yo m-ap abiyé yo ak sovè mouin sovè yo-a, *
sin-l yo, y-ap fété ak kontantman.
- ¹⁷ Sé la m-ap fè kòn David jèmin, *
m-ap paré yon lanp pou Kris mouin-an.
- ¹⁸ M-ap fè ènmi-l yo ront, *
min sou li sé kouròn li k-ap fléri ».

Réf. Jézu-Kri sèl gin pouvoua, li roua tout roua yo, li Granmèt tout chèf yo, alélouya.

Réf. 3 Kilès ki kapab konparé avèk ou nan sa-k gin fòs yo, Granmèt ? Kilès ki kapab konparé avèk ou, ou minm ki gran dépasé tou sa ki sin ? Alélouya.

Kantik

Ap 11, 17-18 ; 12, 10 b-12 a

Osijè jijman Bondié-a

- ^{11,17} N-ap di ou mèsì, *
Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua-a,
sa-k la-a, ak sa-k té la-a, *
paské ou té résévoua gran pouvoua-ou la épi ou té kòmandé.
- ¹⁸ Nasion yo té fè kòlè, *
épi min kòlè-ou la rivé, moman pou jijé mò yo,
pou rinmèt salè-a bay ésklav ou yo,
profèt yo, ak sin yo, *
ak sa-k respékté non-ou yo, piti yo ak gran yo.
- ^{12,10} Koulié-a yo sovè, épi sé pouvoua-a ak péyi-roua Bondié nou-an *
ak otorité Kris li-a,
paské yo jété akizatè frè nou yo, *
li minm ki t-ap akizé yo dévan fas Bondié nou-an
lajounin kon lannuit la.

- ¹¹ Épi yo minm yo ranpòté viktoua sou li poutèt san Mouton-an *
épi poutèt paròl témouagnaj li-a ;
yo bliyé tèt yo jous yo mouri.
- ¹² Sé pou sa sé pou nou kontan, sièl yo, *
ak sa yo ki abité nan yo.

Réf. Kilès ki kapab konparé avèk ou nan sa-k gin fòs yo, Granmèt ?
Kilès ki kapab konparé avèk ou, ou minm ki gran dépasé tou sa ki sin ?
Alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la,
dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

VANDRÉDI SÉMÈN III

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésonn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésonn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Mouin té soufri antan m-ap rélé, pandan m-ap éspéré nan Bondié mouin-an, alélouya.

Psòm 68 (69), 2-22. 30-37

Jalouzi kay ou-a dévoré-m

Yo ba-l divin pou-l bouè ki mélé avèk fièl (Mt 27, 34).

I

² Sové-m, Bondié, *

paské dlo yo rivé jous nan kou-m.

³ M-ap fonsé nan labou ki fon-an, pa gin solidité ; *

mouin rivé nan fon dlo yo, lanm nan ap nouyé-m.

⁴ Mouin bouké tèlman mouin rélé, gòj mouin vîn anroué ; *

jé-m fîn étinn, a fòs m-ap éspéré nan Bondié mouin-an.

⁵ Yo vîn pi plis pasé chévé tèt mouin, *

- sa yo ki rayi-m pou granmési yo.
 Yo fò, sa yo k-ap pèsékité-m yo, ènmi-m yo k-ap bay manti yo ; *
 sa-m pa-t pran, koulié-a mouin blijé rinmèt.
- 6 Bondié, ou konnin foli mouin-an, *
 fot mouin yo, yo pa kaché louin-ou.
- 7 Pa kité yo ront sou kont mouin, sa k-ap éspéré-ou yo, *
 Granmèt, ou minm Granmèt lamé yo.
 Pa kité yo pran afron sou kont mouin, *
 sa k-ap chèché-ou yo, ou minm Bondié Israèl la.
- 8 Paské sé poutèt ou mouin sipòté afron, *
 laront kouvri fas mouin ;
- 9 mouin vîn tounin étranjé pou frè-m yo *
 ak moun déyò pou pitit manman-m yo.
- 10 Paské jalouzi kay ou-a dévoré-m, *
 afron moun k-ap manké-ou déga yo, sé sou mouin yo tonbé.
- 11 Nanm mouin té kriyé nan fè jèn, *
 sa tounin yon mank-déga pou mouin.
- 12 Mouin mété yon rad sak, *
 y-ap pozé késion sou mouin.
- 13 Y-ap fè tripotaj kont mouin, sa-k chita nan pòtay yo, *
 y-ap chanté sou mouin, sa k-ap bouè divin yo.

Réf. Mouin té soufri antan m-ap rélé, pandan m-ap éspéré nan Bondié mouin-an, alélouya.

Réf. 2 Yo té mété fièl nan manjé-m, épi nan souaf mouin-an yo té ban-m bouè vinèg.

II

- 14 Mouin minm priyé-m ap monté koté-ou, Granmèt, *
 nan tan byinvéyans la, Bondié.
 Nan pakèt mizérikòd ou-a kouté-m, *

- nan vérité sové ou sové nou-an.
- 15 Délivré-m sot nan labou-a, pou-m pa fonsé, †
délivré-m anba min sa yo ki rayi-m yo, *
sot nan fon dlo yo.
- 16 Pa kité lanm dlo yo nouayé-m, †
pa kité bafon-an valé-m, *
pa kité fos la séré bouch li sou mouin.
- 17 Kouté-m, Granmèt, paské mizérikòd ou-a gin bon jan ; *
dapré pakèt pitié-ou yo, voyé jé sou mouin.
- 18 Pa viré fas ou louin sèvitè-ou la ; *
paské m-ap sibi tribilasyon, fè vit réponn mouin.
- 19 Proché kot nanm mouin, vanjé-l, *
akòz ènmi-m yo, rachté mouin.
- 20 Ou konnin afron mouin-an, *
laront mouin-an ak krint mouin-an.
Sa k-ap fè-m pasé tribilasyon yo, yo tout dévan fas ou ; *
- 21 afron-an krazé kè-m, mouin fébli.
Mouin t-ap tann moun ki pou pran lapinn avèk mouin, pa ginyin, *
- 22 Yo mété fièl nan manjé-m, *
nan souaf mouin yo ban-m bouè vinèg.

Réf. Yo té mété fièl nan manjé-m, épi nan souaf mouin-an yo té ban-m bouè vinèg.

Réf. 3 Chèché Granmèt la, épi nanm nou ap viv, alélouya.

III

[23 - 29]

- 30 Mouin minm mouin pòv, m-ap plinn ; *
sové ou sové nou-an, Bondié, li té résévoua-m.

- 31 M-ap fè louanj non Bondié avèk kantik, *
épi m-ap di jan-l gran nan louanj.
- 32 Sé sa k-ap fè Granmèt la plézi plis pasé yon toro, *
pasé yon ti bèf k-ap pousé kòn ak sabo.
- 33 Sé pou pòv yo ouè, pou yo kontan ; *
chèché Bondié, sé pou kè nou viv.
- 34 Paské Granmèt la kouté pòv yo, *
li pa méprizé prizonié-l yo.
- 35 Sièl la ak tè-a ap fè louanj li, *
lanmè-a ak tout bèt k-ap glisé ladan-l.
- 36 Paské Bondié ap sové Siyon, †
l-ap bati vil Juda yo ; *
y-ap abité la, y-ap posédé-l.
- 37 Ras sèvitè-l yo ap éritié-l *
épi moun ki rinmin non-l yo, y-ap abité ladan-l.

Réf. Chèché Granmèt la, épi nanm nou ap viv, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Lavé-m byin lavé, Granmèt, sot nan sa-k fè-m pa kòrèk la, alélouya.

Psòm 50 (51)

Bondié, pitié pou mouin

Sé pou nou vîn tou nèf nan jan éspri nou jijé tout bagay épi sé pou nou abiyé nou ak moun nouvo-a (Éféz 4, 23-24).

- ³ Pitié pou mouin, Bondié, *
dapré mizérikòd ou-a ;
dapré kantité pitié-ou, *
éfasé fòt mouin-an.
- ⁴ Lavé-m nèt sot nan fot mouin-an *
pròpté-m sot nan péché-m nan.
- ⁵ Sèké fot mouin-an sé mouin minm ki konnin-l, *
péché-m nan dévan-m tout tan.
- ⁶ Kont ou, kont ou sèl mouin fè péché *
épi sa-k mal dévan-ou la, mouin fè-l,
sé pou yo jouinn ou kòrèk nan désizyon-ou, *
douat nan jijman-ou.
- ⁷ Gadé, nan fot mouin pran nésans, *
nan péché manman-m té poté-m nan vant.
- ⁸ Gadé, sé vérité ou rinmin nan kè, *
nan sékrè ou fè-m ouè sajàs.
- ⁹ Nétouayé-m avèk izòp, m-ap vîn pròp ; *
lavé-m, m-a vîn blan pasé lanèj.
- ¹⁰ Ou-ap fè-m tandé kontantman ak lajoua, *
épi y-ap fété zo yo ou té krazé yo.
- ¹¹ Viré fas ou louin péché-m yo *
tout fot mouin yo, éfasé yo.
- ¹² Kréyé yon kè pròp nan mouin, Bondié, *
réfè yon éspri fèm nan zantray mouin yo.

- 13 Pa jété-m louin fas ou, *
 éspri sin-ou nan, pa ouété-l sot nan mouin.
- 14 Rinmèt mouin kè kontan sovè ou sovè nou-an, *
 asiré-m ak éspri ki pi vif la.
- 15 M-ap aprann péchè yo chémin-ou yo, *
 méchan yo ap tounin vîn jouinn ou.
- 16 Libéré-m sot nan san yo, Bondié, Bondié sovè mouin, *
 lang mouin ap chanté jistis ou.
- 17 Granmèt, louvri po bouch mouin, *
 bouch mouin ap anonsé louanj ou.
- 18 Ou pap pran plézi nan sakrifis, *
 sakrifis antié, si-m ofri-l, li pap fè-ou plézi.
- 19 Sakrifis pou Bondié, sé yon éspri krazé, *
 yon kè krazé, rabésé, Bondié pap méprizé-l.
- 20 Aji ak bon kè pou Siyon, Granmèt, nan bòn volonté ou, *
 pou miray Jérusalèm yo kapab rébati.
- 21 Lè sa-a ou-a aksépté sakrifis jistis,
 kado avèk sakrifis antié ; *
 lè sa-a y-a mété ti toro sou otèl ou-a.

Réf. Lavé-m byin lavé, Granmèt, sot nan sa-k fè-m pa kòrèk la, alélouya.

Réf. 2 Kris la té poté péché nou yo nan kò-l sou boua-a, alélouya.

Kantik

Jér 14, 17-21

Lamantasion pèp la nan tan grangou ak lagè

Péyi-roua Bondié-a proché ; fè pénitans épi kouè nan Bòn nouvèl la (Mk 1, 15).

- 17 Jé-m yo ap koulé dlo
 tout lannuit ak tout lajounin, *

- yo pa doué sispann,
 paské doulè vièj la pitit pèp mouin-an gran anpil, *
 kou ki blésé-l la rèd anpil.
- 18 Si-m soti nan jadin yo,
 min sé moun yo touyé ak épé ; *
 si-m antré nan vil la,
 min sé moun k-ap mouri grangou :
 profèt la ak prèt la *
 apralé nan yon péyi yo pa-t konnin.
- 19 Èské ou té réjité Juda louin-ou, *
 oubyin èské nanm ou dégouté ak Siyon ?
 Pouki sa ou frapé nou-an, *
 pou pa gin okinn gérizon ?
 Nou t-ap tann lapè-a, min pa gin anyin ki bon, *
 nou t-ap tann tan gérizon-an, min sé tray.
- 20 Granmèt, nou rékonèt méchansté nou, †
 fot papa nou yo, *
 paské nou fè péché kont ou.
- 21 Pa fè nou pran ront poutèt non-ou, *
 pa fè trôn gloua-ou la sibi afron ;
 sé pou sonjé, *
 pa kasé aliens ou-a avèk nou.

Réf. Kris la té poté péché nou yo nan kò-l sou boua-a, alélouya.

Réf. 3 Antré dévan fas Granmèt la avèk fèt, alélouya.

Lè yo anplouayé psòm ki suiv la nan Invitatoua-a, nan plas li yo di psòm 94 (95), 541.

Psòm 99 (100)

Kè kontan sa yo k-ap antré nan tanp la

Sa li rachté yo, Granmèt la ba yo lòd pou yo chanté chan viktoua (S. Atanaz).

- ² Pousé rèl fèt pou Granmèt la, tout tè-a, *
sèvi Granmèt la nan kè kontan ;
antré dévan fas li *
avèk gran fèt.
- ³ Konnin Granmèt la sé li minm ki Bondié ; †
sé li minm ki fè nou, sé pou li nou yé, *
pèp li ak mouton pak li.
- ⁴ Antré nan pòtay li yo avèk louanj, †
nan lakou-l yo avèk kantik, *
fè déklarasion pou li, béni non-l.
- ⁵ Sèké Granmèt la bon ; †
pou tout tan mizérikòd li, *
jous nan jénérasyon ak jénérasyon vérité-l la.

Réf. Antré dévan fas Granmèt la avèk fèt, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 21 (22)

Soufrans moun kòrèk la épi kouté yo kouté-l

Jézu té rélé byin fò : « Éli, Éli lama sabaktani ? » (Mt 27, 46).

I

- ² Bondié, Bondié mouin, pou ki sa ou lagé-m nan ? *
Yo rét louin sové-m nan, paròl rèl mouin yo.
- ³ Bondié mouin, m-ap rélé tout jounin, ou pa kouté, *
tout lannuit, pa gin répo pou mouin.
- ⁴ Épi ou minm ou sin, *
ou ki abité nan louanj Israèl yo.
- ⁵ Nan ou papa nou yo té espéré, *
yo té espéré épi ou té libéré yo ;
- ⁶ koté-ou yo té rélé épi yo té sové, *
nan ou yo té espéré épi yo pa-t ront.
- ⁷ Mouin minm minm sé yon vè-tè mouin yé ; sé pa yon moun, *
laront moun yo, réjé pèp la.
- ⁸ Tout moun ki ouè-m yo pasé-m nan jouèt ; *
yo tiré lang, yo souké tèt :
- ⁹ « Li té espéré nan Granmèt la : sé pou-l délivré-l ; *
sé pou-l sové-l, paské li rinmin-l ».
- ¹⁰ Sèké, sé ou minm ki té ouété-m sot nan vant, *
espérans mouin sou sin manman-m.
- ¹¹ Sou ou yo té jété-m dépi sot nan zantray, *
dépi sot nan vant manman-m, Bondié-m sé ou minm.

- 12 Pa rét louin-m, †
 paské tray la ap proché, *
 paské pa gin sékou.

II

- 13 Yon bann jénis antouré-m, *
 toro Bachan yo ansèklé-m.
- 14 Yo louvri bouch yo sou mouin, *
 tankou lion k-ap déchiré épi k-ap rélé byin fò.
- 15 Tankou dlo mouin vidé, *
 épi tout zo-m ap déplasé.
 Kè-m vîn tankou lasi, *
 l-ap fonn anndan zantray mouin yo.
- 16 Gòj mouin séché tankou yon moso krich, †
 épi lang mouin kolé nan palèt mouin, *
 épi sé nan pousiè lanmò-a ou dépozé-m.
- 17 Sèké anpil chyin ansèklé-m, *
 yon bann méchan ap fè lavironn mouin.
 Yo pèsé min-m ak pié-m yo, *
- 18 m-ap konté tout zo mouin yo.
 Yo minm y-ap voyé jé y-ap gadé-m ; †
- 19 yo séparé rad mouin yo antré yo, *
 yo tiré manto-m nan osò.
- 20 Ou minm, Granmèt, pa rét louin, *
 fòs mouin, fè vit vîn édé mouin.
- 21 Délivré nanm mouin sot anba épé-a *
 sèl sa-m ginyin-an sot anba pat chyin-an.
- 22 Sové-m sot nan bouch lion-an, *
 anba kòn sa-k gin sèl kòn nan sové rabésman-m nan.
- 23 M-ap rakonté non-ou bay frè mouin yo,
 nan mitan asanblé-a m-ap fè louanj ou.

III

- 24 Nou minm ki krinn Granmèt la, sé pou nou fè louanj li, *
tout ras Jakòb, déklaré gloua li.
Sé pou tout ras Israèl krinn li, *
- 25 sèké li pa méprizé ni li pa néglijé soufrans pòv la,
li pa viré fas li sot koté-l, *
lè li rélé koté-l, li kouté-l.
- 26 Louanj mouin koté-ou, Granmèt, nan foul fidèl yo ; *
m-ap réglé sa-m té promèt yo dévan moun ki krinn li yo.
- 27 Sé pou pòv yo manjé, sé pou yo rasazié, †
y-ap fè louanj Granmèt la, sa yo k-ap chèché-l yo : *
« Sé pou kè yo viv pou sièk sièk la ! ».
- 28 Y-ap sonjé, y-ap tounin kot Granmèt la
tout limit tè-a, *
y-ap adoré dévan-l tout fanmi nasion yo.
- 29 Paské péyi roua-a sé pou Granmèt la, *
l-ap kòmandé nasion yo.
- 30 Sé li minm sèl y-ap adoré,
tou sa k-ap dòmi nan tè-a ; *
dévan-l y-ap plouayé, tou sa k-ap désann nan pousiè-a.
Nanm mouin ap viv pou li, *
- 31 épi ras mouin ap sèvi-l.
Y-ap palé sou Granmèt la bay jénérasyon k-ap vini-an, †
- 32 y-ap anonsé jistis li-a bay pèp la k-ap fèt la : *
« Sé bagay yo Granmèt la té fè ! ».

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé moun. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Sé moun minm, Granmèt la, k-ap sovè-ou épi ki rédanmèt-ou, alélouya.

Psòm 134 (135)

Louanj Granmèt la k-ap fè mèvèy

Pèp Bondié posédé... anonsé puisans sa-a ki rélé nou sot nan fènoua yo vîn nan bèl limiè-l la (Cf. 1 Piè 2, 9).

I

- ¹ Fè louanj pou non Granmèt la, *
fè louanj, sèvitè Granmèt la,
- ² nou minm ki kanpé nan kay Granmèt la, *
nan lakou kay Bondié nou-an.
- ³ Fè louanj Granmèt la, paské Granmèt la bon ; *
chanté kantik pou non-l, poutèt li bon.
- ⁴ Paské Granmèt la té chouazi Jakòb pou li, *
Israèl kòm pòsion spésial li.
- ⁵ Sèké moun konnin Granmèt la gran, *
Bondié nou-an anlè tout dié yo.

- 6 Tout bagay, ninpòt sa li vlé, †
Granmèt la fè-l nan sièl la ak sou tè-a, *
nan lanmè-a ak nan tout bafon yo.
- 7 Antan-l soulvé nuaj yo sot jous nan bout tè-a, †
li fè zéklè pou laplui, *
li fè van soti nan rézèv li yo.
- 8 Li minm ki té frapé premié pitit gason yo nan Éjip la, *
dépi moun rivé jous sou bèt.
- 9 Li té voyé sign ak prodij nan mitan-ou, Éjip, *
bay faraon ak tout sèvitè-l yo.
- 10 Li té frapé anpil nasion, *
li touyé roua ki gin fòs :
- 11 Séyon, roua Amorit yo, avèk Òg, roua Bachan-an, *
ni tout péyi-roua Kanaan yo.
- 12 Li té rinmèt péyi yo kòm éritaj, *
kòm éritaj bay Israèl, pèp li-a.

Réf. Sé mouin minm, Granmèt la, k-ap sové-ou épi ki rédanmèt-ou, alélouya.

Réf. 2 Li béni, sa-a k-ap vini-an, ringn papa nou David la, alélouya.

II

- 13 Granmèt, non-ou pou tout tan ; *
Granmèt, souvni-ou pou jénèrasion ak jénèrasion.
- 14 Paské Granmèt la ap jijé pèp li-a, *
l-ap pran pitié pou sèvitè-l yo.
- 15 Zidòl nasion yo sé lajan ak lò, *
travay min moun yo :
- 16 yo gin bouch, yo pa palé ; *
yo gin jé, yo pa ouè ;

- 17 yo gin zòrèy, yo pa tandé ; *
ni non plis pa gin souf nan bouch yo.
- 18 Sé tankou yo y-ap vini, moun yo ki fè yo-a, *
tout moun ki mét konfians yo nan yo.
- 19 Kay Israèl, béni Granmèt la ; *
kay Aaron, béni Granmèt la ;
- 20 kay Lévi, béni Granmèt la ; *
nou minm ki krinn Granmèt la, béni Granmèt la.
- 21 Li béni, Granmèt la dépi sot nan Siyon, *
li minm ki abité Jérusalèm.

Réf. Li béni, sa-a k-ap vini-an, ringn papa nou David la, alélouya.

Réf. 3 An nou chanté pou Granmèt la: sé ak gloua réyèlman li montré jan li gran, alélouya.

Kantik

Ap 15, 3-4

Kantik adorasion

- 3 Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, *
Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua ;
yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo, *
- Roua nasion yo !
- 4 Kilès ki pap krinn ou, Granmèt, *
épi ki pap fè gloua pou non-ou ?
Paské ou minm sèl ou Sin, †
paské tout nasion yo ap vini
y-ap adoré nan fas ou, *
paské jijman-ou yo parèt klè.

Réf. An nou chanté pou Granmèt la: sé ak gloua réyèlman li montré jan li gran, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

SAMDI SÉMÈN III

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésonn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésonn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Sé pou yo fè déklarasion pou Granmèt la poutèt mizérikòd li-a ak mèvèy li yo pou pitit moun yo, alélouya.

Psòm 106 (107)

Aksion-d-gras poutèt délivrans la

Bondié voyé paròl la bay pitit Israèl yo, li anonsé lapè pa lintèmediè Jézu-Kri (Tr Ap 10, 36).

I

- ¹ Fè déklarasion pou Granmèt la, paské li bon, *
paské pou sièk tan mizérikòd li.
- ² Sé pou yo di, sa-a yo Granmèt la rachté-a, *
yo minm li rachté sot nan min ènmi-an,
- ³ sa li rasanblé yo sot nan péyi yo, †

- sot kot solèy lévé ak koté-l kouché, *
- sot nan nò ak nan lanmè.
- 4 Yo t-ap alé-vini nan dézè-a, nan tè sèk la, *
- yo pa-t jouinn rout vil ki abité.
- 5 Yo té grangou, yo té souaf, *
- nanm yo t-ap dépéri nan yo.
- 6 Yo té pousé rèl kot Granmèt la, lè yo té nan tribilasyon-an, *
- li délivré yo sot nan traka yo-a.
- 7 Li kondui yo sou yon rout ki douat, *
- pou yo alé nan vil ki abité.
- 8 Sé pou yo fè déklarasyon pou Granmèt la poutèt mizérikòd li, *
- ak mèvèy li pou pitit moun yo,
- 9 paské li kalmé nanm ki té souaf la, *
- nanm ki té grangou-a, li plin-l ak byin.
- 10 Antan yo té chita nan fènoua ak lonbraj lanmò, *
- yo té prizonié nan mizè ak nan chinn,
- 11 paské yo té fè rebèl ak promès Bondié yo, *
- yo té méprizé désizyon Sa-a ki anlè nèt la.
- 12 Li té rabésé kè yo ak soufrans, *
- yo té fébli, pa-t gin pèsonn pou édé yo.
- 13 Yo té pousé rèl kot Granmèt la, lè yo té nan tribilasyon-an, *
- li té délivré yo sot nan traka yo-a.
- 14 Li té konduit yo sot nan fènoua yo ak lonbraj lanmò-a, *
- li kasé chinn yo.
- 15 Sé pou yo fè déklarasyon pou Granmèt la poutèt mizérikòd li, *
- ak pou mèvèy li yo pou pitit moun yo,
- 16 sèkè li krazé pòt an bronz yo, *
- li kasé krochèt an fè yo.

Réf. Sé pou yo fè déklarasyon pou Granmèt la poutèt mizérikòd li-a ak mèvèy li yo pou pitit moun yo, alélouya.

Réf. 2 Yo minm yo té ouè travay Granmèt la, ak mèvèy li yo, alélouya.

II

- 17 Yo té vîn sòt nan chémin méchansté yo-a, *
yo té soufri poutèt pròp injistis yo ;
- 18 tout manjé té dégouté nanm yo, *
yo té rivé jous nan pòtay lanmò,
- 19 Yo té pousé rèl kot Granmèt la, lè yo té nan tribilasyon-an, *
li délivré yo sot nan traka yo-a.
- 20 Li té voyé paròl li, li géri yo, *
li raché yo anba déstriksion yo-a.
- 21 Sé pou yo fè déklarasyon pou Granmèt la, poutèt mizérikòd li-a, *
ak pou mèvèy li yo pou pitit moun yo,
- 22 sé pou yo ofri sakrifis louanj, *
sé pou yo rakonté sa-l fè antan y-ap fété.
- 23 Sa yo ki désann sou lanmè-a nan batiman yo, *
k-ap fè komès sou gran dlo yo,
- 24 yo minm yo té ouè travay Granmèt la, *
ak mèvèy li yo nan bafon-an.
- 25 Li té palé, épi li té lévé yon van tanpèt, *
lanm li yo té gonflé.
- 26 Yo té monté jous nan sièl yo †
épi yo désann jous nan bafon dlo yo ; *
- 27 Yo baskilé, yo san pozision, tankou moun ki sou, *
tout sajès yo té disparèt.
- 28 Yo té pousé rèl kot Granmèt la, lè yo t-ap sibi tribilasyon-an, *
li fè yo soti nan traka yo-a.
- 29 Li té fè tanpèt li-a vîn tounin yon ti van léjè, *
épi lanm li yo té fè silans.
- 30 Yo té kontan, poutèt yo té vîn fè kalmi, *
li té kondui yo nan pò-a koté yo té vlé alé-a.

- 31 Sé pou yo fè déklarasion pou Granmèt la poutèt mizérikòd li-a, *
 ak pou mèvèy li yo pou pitit moun yo,
 32 sé pou yo lévé-l anlè nan asanblé pèp la *
 sé pou yo fè louanj li nan réyinion ansyin yo.

Réf. Yo minm yo té ouè travay Granmèt la, ak mèvèy li yo, alélouya.

Réf. 3 Sa ki douat yo ap ouè, y-ap kontan, y-ap konprann mizérikòd Granmèt la, alélouya.

III

- 33 Li té fè gran riviè vîn tounin dézè, *
 sous dlo vîn tounin souaf,
 34 tè k-ap donnin frui vîn tounin lasalîn, *
 akòz méchansté moun ki abité ladan-l yo.
 35 Li té fè dézè-a vîn tounin ma dlo, *
 tè san dlo-a minm vîn yon sous dlo.
 36 Li té fè moun ki grangou yo abité la, *
 yo té instalé yon vil koté yo abité.
 37 Y-ap simin jadin, y-ap planté rézin, *
 y-ap fè frui nan rékòlt yo.
 38 Li té béni yo, yo té vîn anpil anpil, *
 bèt yo pap diminué.
 39 Sèlman yo vîn diminué, yo vîn krazé, *
 akòz tribilasion malè yo ak soufrans la.
 40 Li té vidé mépri sou chèf yo, *
 li fè yo pèdi nan yon dézè ki pa gin chémin.
 41 Li lévé pòv la sot nan mizè-a, *
 li fè fanmi yo vîn tankou bann mouton.
 42 Moun ki douat yo ap ouè, y-ap kontan, *
 tout méchansté fèmin bouch li.

⁴³ Kilès ki saj, ki obsèvé bagay sa yo, *
pou-l konprann mizèrikòd Granmèt la ?

Réf. Sa ki douat yo ap ouè, y-ap kontan, y-ap konprann mizèrikòd Granmèt la, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Paròl yo mouin palé avèk nou-an, sé éspri ak lavi yo yé, alélouya.

Psòm 118 (119), 145-152

XIX (7 Kòd)

¹⁴⁵ Mouin té rélé ak tout kè-m, kouté-m, Granmèt ; *
m-ap obsèvé désizyon-ou yo.

¹⁴⁶ Mouin té rélé koté-ou, sové-m, *
m-ap kinbé témouagnaj ou-a.

¹⁴⁷ Mouin té lévé anvan dévan-jou, mouin té rélé, *
nan paròl ou yo mouin té espéré byin espéré.

- ¹⁴⁸ Jé-m té louvri anvan vijil yo, *
pou-m médité promès ou yo.
- ¹⁴⁹ Kouté voua-m dapré mizérikòd ou-a, Granmèt, *
dapré jijman-ou nan fè-m viv.
- ¹⁵⁰ Yo t-ap proche, sa yo k-ap pèsékité-m nan méchansté yo, *
min yo rét louin laloua-ou la.
- ¹⁵¹ Ou tou pré, Granmèt, *
tout lòd ou yo sé vérité.
- ¹⁵² Dépi nan kòmansman mouin té konnin osijè témouagnaj ou yo, *
sé dépi tout tan ou fiksé yo.

Réf. Paròl yo mouin palé avèk nou-an, sé éspri ak lavi yo yé, alélouya.

Réf. 2 Ou bati yon tanp ak yon lotèl sou mòn ou-an ki sin-an, Granmèt, alélouya.

Kantik

Saj 9, 1-6. 9-11

Granmèt, ba mouin sajàs la

M-ap ba nou yon bouch ak sajàs, ki fè yo pap kapab rézisté nou... okinn ènmi nou yo (Lk 21, 15).

- ¹ Bondié papa mouin yo ak Granmèt mizérikòd la, *
ki fè tout bagay nan paròl ou,
- ² épi nan sajàs-ou ou fòmé moun, *
pou-l kòmandé kréati yo, sa-ou té fè yo,
- ³ pou-l dirijé fas tè yo nan fason ki sin, ki kòrèk, *
pou-l jijé jijman nan douati kè-a,
- ⁴ ban-m sajàs la ki kanpé bò trôn ou yo *
épi pa réjité-m sot nan pami pitit ou yo,
- ⁵ paské mouin sé sèvitè-ou épi pitit sèvant ou-a, †
yon moun ki fèb, ki pa viv lontan, *
épi ki piti nan konprann jistis la ak laloua-a.
- ⁶ Minm si réyèlman yon moun t-a kòrèk nèt
nan pami pitit moun yo, †

sajès la ki sot nan ou-a, si-l pa ginyin-l, *
sé kòm anyin y-ap konsidéré-l.

- ⁹ Avèk ou sajès la yé, li minm ki konnin aksion-ou yo, *
épi ki té la lè-ou t-ap fè fas tè yo,
ki té konnin sa-k fè plézi nan jé-ou yo, *
sa ki douat nan lòd ou yo.
- ¹⁰ Voyé-l sot nan sièl ou yo ki sin, *
épi voyé-l sot nan trôn grandè-ou la,
pou-l kapab rét avèk mouin épi pou-l travay avèk mouin, *
pou-m konnin sa-k aksétab koté-ou.
- ¹¹ Li konnin tout bagay réyéلمان, li konprann, †
l-a kondui-m avèk prudans nan aksion-m yo, *
l-ap konsèvé-m nan gloua li-a.

Réf. Ou bati yon tanp ak yon lotèl sou mòn ou-an ki sin-an, Granmèt, alélouya.

Réf. 3 Mouin sé chémin-an ak vérité-a ak lavi-a, alélouya.

Psòm 116 (117)

Louanj Granmèt la ki pran pitié

Mouin di... nasion yo minm sé poutèt mizérikòd la y-ap bay Bondié gloua
(Éb 13, 15).

- ¹ Fè louanj Granmèt la, tout nasion yo, *
fè louanj li ansanm, tout pèp yo.
- ² Paské li asiré mizérikòd li sou nou, *
vérité Granmèt la diré pou tout tan.

Réf. Mouin sé chémin-an ak vérité-a ak lavi-a, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 121-128

XVI (V Ayîn)

- ¹²¹ Mouin té fè jijman ak jistis ; *
 pa lagé-m bay sa k-ap fè manti sou mouin yo.
- ¹²² Sèvi garanti pou sèvitè-ou la nan byin-an ; *
 pa kité ògèyé yo fè manti sou mouin.
- ¹²³ Jé-m yo té rivé jous nan bout
 antan-m anvi ouè sovè ou sovè-m nan *
 avèk promès jistis ou-a.
- ¹²⁴ Aji avèk sévitè-ou la dapré mizérikòd ou-a, *
 apran mouin désizion-ou yo.
- ¹²⁵ Sé sèvitè-ou mouin yé ; *
 ban-m intéljans, pou-m konnin témouagnaj ou yo.

- ¹²⁶ Li tan pou-ou aji, Granmèt ; *
yo gayé laloua-ou la.
- ¹²⁷ Sé poua mouin té rinmin kòmandman-ou yo, *
plis pasé lò avèk piè-bijou.
- ¹²⁸ Sé poua m-ap pran diréksion tout kòmandman-ou yo, *
tout chémin manti mouin té rayi-l.

Psòm 33 (34)

Granmèt la sové moun kòrèk yo

Nou gouté kijan Granmèt la bon (1 Piè 2, 3).

I

- | | | |
|---------------|---|---|
| ² | M-ap béni Granmèt la nan tout tan, * | א |
| | louanj li toujou nan bouch mouin. | |
| ³ | Nan Granmèt la nanm mouin ap jouinn konsidérasion-l, * | ב |
| | sé pou sa-k dou yo tandé, pou yo kontan. | |
| ⁴ | Fè louanj Granmèt la avèk mouin, * | ג |
| | sé pou nou lévé non-l anlè ansanm. | |
| ⁵ | Mouin chèché Granmèt la, li réponn mouin ; * | ד |
| | anba tou sa k-ap fè-m pè, li délivré-m. | |
| ⁶ | Gadé nan diréksion-l, n-ap kléré, * | ה |
| | fas nou pap ront. | |
| ⁷ | Pòv sa-a rélé, † | ו |
| | Granmèt la kouté-l, * | |
| | anba tout tribilasion li li sové-l. | |
| ⁸ | Anj Granmèt la ap monté lagad alantou moun ki krinn li yo * | ז |
| | épi l-ap délivré yo. | |
| ⁹ | Gouté, épi n-a ouè jan Granmèt la bon ; * | ח |
| | ala kontantman pou moun ki éspéré nan li. | |
| ¹⁰ | Krinn Granmèt la, nou minm sin-l yo, * | ט |
| | paské pa gin grangou pou moun ki krinn li yo. | |
| ¹¹ | Rich yo nan bézouin, yo grangou, * | י |

sa k-ap chèché Granmèt la minm,
yo pap manké okinn byin.

II

- 12 Vini, pitit mouin yo, kouté-m : * ל
m-ap aprann nou krint Granmèt la.
- 13 Kilès moun sa-a ki vlé lavi-a, * מ
ki rinmin jou pou-l ouè byin-an ?
- 14 Pa kité lang ou fè sa-k mal, * נ
pa kité po bouch ou palé manti.
- 15 Viré do bay mal, fè byin, * ס
chèché lapè, rapousuiv li.
- 16 Jé Granmèt la sou moun ki kòrèk yo, * ע
zòrèy li sou rèl yo.
- 17 Fas Granmèt la minm sou moun k-ap fè mal yo, * פ
pou-l fè souvni yo disparèt sot sou tè-a.
- 18 Yo rélé, Granmèt la tandé, * צ
anba tout tribilasyon yo li délivré yo.
- 19 Granmèt la tou pré moun ki gin kè yo krazé yo, * ק
l-ap sové sa-k gin éspri yo boulvèsé yo.
- 20 Moun ki kòrèk yo jouinn anpil tribilasyon, * ר
min Granmèt la ap délivré yo sot nan tout.
- 21 L-ap protéjé tout zo yo, * ש
youn nan yo pap krazé.
- 22 Méchansté-a ap touyé méchan-an, * ת
moun ki rayi sa-k kòrèk la, y-ap jouinn pinision.
- 23 Granmèt la ap rachté nanm sèvitè-l yo, * פ
li pap pini tout moun ki éspéré nan li yo.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, y-ap pran psòm konplémantè yo nan séri II épi III, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

SÉMÈN IV DIMANCH

Pou Prèmié Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Katriyèm dimanch Pak: Sé pou lapè Kris la fété nan kè nou, alélouya.

Psòm 121 (122)

Vil ki sin-an Jérusalèm

Nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an, Jérusalèm sièl la (Éb 12, 22).

- ¹ Mouin kontan, lè yo té di-m : *
« Nan kay Granmèt la n-apralé ».
- ² Antan pié nou déja kanpé *
nan pòt ou yo, Jérusalèm.
- ³ Jérusalèm ki bati tankou yon vil, *
koté tout bagay fè blòk nan yon sèl.
- ⁴ Sé la réyèlman fanmi yo ap monté, fanmi Granmèt la, *
témouagnaj Israèl, pou fè déklarasion pou non Granmèt la.
- ⁵ Paské sé la trôn yo ap pozé pou jijman-an, *
trôn kay David la.
- ⁶ Mandé sa-k pou lapè Jérusalèm : *
« Sé pou yo gin sékirité, sa yo ki rinmin-ou nan !

- 7 Sé pou gin lapè nan miray ou yo, *
ak sékirité nan sitadèl ou yo ! ».
- 8 Poutèt frè-m yo ak prochin-m yo, *
m-ap di : « Lapè nan ou ! ».
- 9 Poutèt kay Granmèt Bondié nou-an, *
m-ap mandé byin pou ou.

Katriyèm dimanch Pak: Réf. Sé pou lapè Kris la fété nan kè nou, alélouya.

Réfrin 2

Katriyèm dimanch Pak: Ou té rachté nou pou Bondié nan san-ou, alélouya.

Psòm 129 (130)

Nan bafon yo mouin té rélé

Sé li minm k-ap sovè pèp li-a sot nan péché yo-a (Mt 1, 21).

- 1 Nan bafon yo mouin té rélé koté-ou, Granmèt ; *
- 2 Granmèt, kouté voua-m.
Sé pou zòrèy ou yo panché *
nan voua priyè-m nan.
- 3 Si-ou kinbé fot yo, Granmèt, *
Granmèt, ki moun k-ap kanpé ?
- 4 Paské koté-ou sé padon, *
épi n-ap krinn ou.
- 5 Mouin t-ap tann ou, Granmèt, *
nanm mouin t-ap tann nan paròl li ;
- 6 nanm mouin espéré nan Granmèt la *
plis pasé yon santinèl k-ap espéré dévan-jou.
Plis pasé yon santinèl k-ap espéré dévan-jou *
- 7 sé pou Israèl espéré nan Granmèt la,
Paské kot Granmèt la sé mizérikòd, *

sé rédanmsion an kantité koté-l.

- 8 Sé li minm k-ap rachté Israèl *
sot nan tout fot li yo.

Katriyèm dimanch Pak: Réf. Ou té rachté nou pou Bondié nan san-ou, alélouya.

Réfrin 3

Katriyèm dimanch Pak: Èské Kris la pa-t gin pou-l soufri bagay sa yo, pou-l antré konsa nan gloua-l la ? Alélouya.

Kantik

Fil 2, 6-11

Osijè Kris la, sèvitè Bondié-a

- 6 Kris Jézu, étan nan kondision Bondié, *
pa-t konsidéré égal li égal ak Bondié-a,
tankou yon richès pou-l kinbé apa pou li,
- 7 min li vidé pròp tèt li
antan-l pran kondision ésklav, †
li vîn pran résanblans moun ; *
épi dapré konpòtman-l yo ouè li sé yon moun,
- 8 li rabésé pròp tèt li, †
antan li vîn obéyisan jous nan lanmò, *
lanmò lakoua-a minm.
- 9 Sé pou sa tou Bondié lévé-l anlè, †
li ba-l yon non, *
ki anlè tout non,
- 10 konsa, o non Jézu, *tout jénou fèt pou plouayé* *
nan sièl la, sou tè-a ak anba tè yo,
- 11 *épi tout lang pou déklaré* : *
« Sé Granmèt Jézu-Kri yé ! »,
nan gloua Bondié Papa-a.

Katriyèm dimanch Pak: Réf. Èské Kris la pa-t gin pou-l soufri bagay sa yo, pou-l antré konsa nan gloua-l la ? Alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésponn ak Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Katriyèm dimanch Pak: Alélouya, ròch la roulé sot nan bouch kavo-a, alélouya.

Lè psòm ki suiv la yo anplouayé-l nan Invitatoua-a, nan plas li yo di psòm 94 (95), 541.

Psòm 23 (24)

Granmèt la ap antré nan tanp la

Pòt sièl yo ouvri pou Kris la pouètè monté yo fè chè li monté-a (S. Iréné).

- 1 Pou Granmèt la tè-a ak sa-k plin-l, *
ronn tè-a ak sa yo ki abité ladan-l nan.
- 2 Sèké sé li minm ki té fiksé-l sou lanmè yo, *
épi ki té rann li solid sou gran rivè yo.
- 3 Kilès k-ap monté sou mòn Granmèt la, *
oubyin kilès k-ap kanpé sou plas li ki sin-an ?
- 4 Sa-a ki gin min-l inosan ak kè-l nèl, †
ki pa lévé nanm li nan bagay ki pa anyin yo, *
ki pap fè sèman pou tronpé.
- 5 Moun sa-a ap résévoua bénédikcion nan min Granmèt la *
ak jistikasion nan min Bondié Sovè-l la.
- 6 Sa-a sé jénérasyon moun k-ap chèché-l yo, *
k-ap chèché fas Bondié Jakòb la.
- 7 Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.
- 8 Kilès sa-a ki roua gloua-a ? *
Sé Granmèt la ki fò, ki gin pouvoua,
sé Granmèt la, ki gin pouvoua nan batay.
- 9 Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.
- 10 Kilès sa-a, ki roua gloua-a ? *
Sé Granmèt lamé yo, sé li minm ki roua gloua-a.

Katriyèm dimanch Pak: Réf. Alélouya, ròch la roulé sot nan bouch kavou-a, alélouya.

Réfrin 2

Katriyèm dimanch Pak: Alélouya, kilès ou-ap chèché, madanm ?
Vivan-an avèk mò yo, alélouya.

Psòm 65 (66)

Imn pou sakrifis aksion-d-gras

Osijè réziréksion Granmèt la ak konvèsion nasion yo (Ésikius).

I

- ¹ Pousé rèl fèt pou Bondié, tout tè-a, †
- ² chanté kantik gloua non-l, *
fè gloua louanj li.
- ³ Di Bondié : « Ala krint travay ou yo mérité. *
Poutèt kantité fòs ou, ènmi-ou yo ap flaté-ou.
- ⁴ Tout tè-a ap adoré-ou, l-ap chanté pou ou, *
l-ap chanté pou non ou ».
- ⁵ Vini, n-a ouè travay Bondié yo, *
li mérité respè nan aksion li fè pou pitit moun yo.
- ⁶ Li fè lanmè-a vîn tounin tè sèk, †
épi y-ap pasé riviè-a apié ; *
n-ap kontan nan li koté sa-a.
- ⁷ Li minm k-ap kòmandé nan pouvoua-l pou tout tan, †
jé-l rét ap gadé sou nasion yo ; *
rébèl yo pap lévé pròp tèt yo anlè.
- ⁸ Béni Bondié nou-an, nasion yo, *
fè tandé voua louanj li ;
- ⁹ li minm ki té mété nanm nou nan lavi, *
épi ki pa-t kité pié nou tranblé.
- ¹⁰ Paské ou té sondé nou, Bondié ; *
ou té nétouayé nou nan difé, tankou yo nétouayé lajan nan difé.
- ¹¹ Ou té fè nou pri nan pièj ; *
ou té mété tribilasyon sou do nou.

- 12 Ou té instalé moun sou tèt nou, †
nou té pasé nan difé ak nan dlo, *
min ou té fè nou soti nan fréchè.

Katriyèm dimanch Pak: Réf. Alélouya, kilès ou-ap chèché, madanm ?
Vivan-an avèk mò yo, alélouya.

Réfrin 3

Katriyèm dimanch Pak: Alélouya, pa kriyé, Mari : Granmèt la té résisité, alélouya.

II

- 13 M-ap antré lakay ou avèk sakrifis antié ; *
m-ap réglé ba ou sa-m té promèt yo,
14 lè-m té louvri po bouch mouin, *
épi bouch mouin té palé nan tribilasyon mouin-an.
15 Sé sakrifis antié ki byin gra m-ap ofri ba ou,
ansanm ak lafimin bélié yo, *
m-ap ofri ou bèf ak kabrit.
16 Vini, kouté, †
m-ap rakonté nou tout ki krinn Bondié, *
tou sa-l fè pou nanm mouin.
17 Koté-l mouin rélé ak bouch mouin, *
mouin lévé-l anlè ak lang mouin.
18 Si-m té ouè méchansté nan kè-m, *
Granmèt la pa t-ap kouté-m.
19 Sé pou sa Bondié kouté, *
li fè-t-atansion pou-l tandé voua-m k-ap lapriyé.
20 Li béni, Bondié, li minm ki pa voyé priyé-m nan louin, *
mizérikòd li-a pa sot sou mouin.

Katriyèm dimanch Pak: Réf. Alélouya, pa kriyé, Mari : Granmèt la té résisité, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Katriyèm dimanch Pak: Mouin pap mouri, min m-ap viv épi m-ap rakonté aksion Granmèt la, alélouya.

Psòm 117 (118)

Voua rèl fèt ak sovè-a

Sa-a sé ròch la, nou minm bòs mason yo nou té réjité-a, ki vîn tounin mitan kouin anlè-a (Tr Ap 4, 11).

- ¹ Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ² Sé pou Israèl di sa koulié-a, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ³ Sé pou kay Aaron-an di sa koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.

- 4 Sé pou sa yo ki krinn Granmèt la di koulié-a, *
poutèt mizèrikòd li pou tout tan.
- 5 Nan tribilasyon-an mouin té rélé Granmèt la, *
Granmèt la té kouté-m antan li fè-m soti nan koté ki laj.
- 6 Granmèt la avèk mouin, *
mouin pa pè sa yon moun kapab fè-m.
- 7 Granmèt la avèk mouin kòm sékou mouin, *
mouin minm minm m-ap méprizé ènmi-m yo.
- 8 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan moun.
- 9 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan chèf.
- 10 Tout nasion yo entouré-m, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 11 Antan yo ansèklé-m byin ansèklé, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 12 Yo té ansèklé-m tankou mièl, †
yo flanbé tankou difé nan pikan, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 13 Antan yo pousé-m byin pousé pou-m tonbé, *
Granmèt la poté-m sékou.
- 14 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, *
sé li minm ki sovè-m.
- 15 Voua fèt ak sovè nou sovè-a *
nan tant moun ki kòrèk yo :
- 16 « Min douat Granmèt la fè mèvèy ! †
min douat Granmèt la lévé-m byin ro ; *
min douat Granmèt la fè mèvèy ! »
- 17 Mouin pap mouri, min m-ap viv *
épi m-ap rakonté travay Granmèt la.
- 18 Antan Granmèt la té korijé-m byin korijé *
min li pa lagé-m nan lanmò.

- 19 Louvri pòt jistis yo pou mouin ; *
 m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la.
- 20 Sa-a sé pòt Granmèt la ; *
 moun ki kòrèk yo ap antré ladan-l.
- 21 M-ap fè louanj ou, paské ou kouté-m, *
 ou vîn tounin pou mouin sa-a ki sovè-m nan.
- 22 Ròch la bòs mason yo té réjité-a, *
 sé li minm ki vîn tounin mitan kouin anlè-a ;
- 23 sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt, *
 sé yon bagay ékstraòdinè nan jé nou.
- 24 Sa-a sé jou Granmèt la fè-a : *
 sé pou nou fété, sé pou nou kontan nan li.
- 25 Granmèt, o, sovè-m ; *
 Granmèt, o, fè nou réyisi !
- 26 Li béni, sa-a k-ap vini o non Granmèt la. *
 Nou béni nou sot nan kay Granmèt la.
- 27 Sé Bondié Granmèt la yé, l-ap kléré nou. *
 Òganizé solanité-a nan ramo ki byin founi,
 jous nan kòn otèl la.
- 28 Sé Bondié-m ou yé, m-ap fè louanj ou, *
 Bondié mouin, m-ap fè bèl louanj pou ou.
- 29 Fè louanj Granmèt la, poutèt li bon, *
 poutèt mizérikòd li-a pou tout tan.

Katriyèm dimanch Pak: Réf. Mouin pap mouri, min m-ap viv épi m-ap rakonté aksion Granmèt la, alélouya.

Réfrin 2

Katriyèm dimanch Pak: Li béni, non gloua-ou la ki sin-an, alélouya.

Sé pou tout kréatu fè louanj Granmèt la

Kreatè-a ... li béni pou tout tan (Rom 1, 25).

- 52 Ou béni, Granmèt, Bondié papa nou yo, *
ou mérité louanj, ou lévé anlè nèt nan sièk yo ;
épi li béni, non gloua-ou la ki sin-an, *
li mérité louanj anlè nèt ak gloua anlè nèt nan sièk yo.
- 53 Ou béni nan tanp gloua-ou la ki sin-an, *
ou mérité louanj anlè nèt ak gloua anlè nèt nan sièk yo.
- 54 Ou béni sou trôn péyi-roua-ou la, *
ou mérité louanj anlè nèt, ou anlè nèt nan sièk yo.
- 55 Ou béni, ou minm ki sondé bafon yo, †
antan-ou chita anlè chéribin yo, *
ou mérité louanj, ou anlè nèt nan sièk yo.
- 56 Ou béni nan platfòm sièl la, *
ou mérité louanj ak gloua nan sièk yo.
- 57 Béni Granmèt la, tout travay Granmèt la, *
fè louanj li, lévé-l anlè nèt nan sièk yo.

Katriyèm dimanch Pak: Réf. Li béni, non gloua-ou la ki sin-an, alélouya.

Réfrin 3

Katriyèm dimanch Pak: Bay Bondié nou-an grandè; sa Bondié fè yo fîn apouin nèt, épi tout chémin-l yo sé jijman, alélouya.

Psòm 150

Fè louanj Granmèt la

Chanté kantik ak éspri, joué ak intèlijans, sètadi : bay Bondié gloua ni ak nanm nou ni ak kò nou (Ésikius).

- ¹ Fè louanj Granmèt la nan sanktuè li-a, *
fè louanj li nan sièl puisans li-a.
- ² Fè louanj li nan gran mèvèy li yo, *
fè louanj li dapré kantité grandè-l.
- ³ Fè louanj li nan son troupèt, *
fè louanj li sou bandjo ak gita,
- ⁴ fè louanj li sou tanbou ak dans, *
fè louanj li sou instriman a kòd avèk flit,
- ⁵ fè louanj li ak sinbal k-ap sonnin byin, †
fè louanj li ak sinbal fèt : *
tou sa k-ap réspiré, sé pou-l fè louanj Granmèt la.

Katriyèm dimanch Pak: Réf. Bay Bondié nou-an grandè; sa Bondié fè yo fîn apouin nèt, épi tout chémin-l yo sé jijman, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 22 (23)
Bon gadyin-an

Mouton-an ap kondui yo, l-ap minnin yo nan sous dlo lavi-a (Ap 7, 17).

- 1 Granmèt la ap souin-m, anyin pap manké-m : *
- 2 nan patiraj byin vèt li instalé-m,
sou bò dlo trankil li minnin-m, *
- 3 li réfè nanm mouin.
Li kondui-m nan santié jistis *
- poutèt non-l.
- 4 Sèké minm si m-ap maché nan bafon lonbraj lanmò,
mouin pap pè malè, *
- paské ou avèk mouin.
Baton-ou ak bagèt ou, *
- sé yo k-ap konsolé-m.
- 5 Ou paré yon tab dévan fas mouin *
kont sa yo k-ap fè-m sibi tribilasyon-an ;
ou grésé tèt mouin ak luil, *
- kalis mouin ap débòdé.
- 6 Réyèlman bon kè ak mizérikòd ap rapousuiv mouin *
tout tan lavi-m,
m-ap abité nan kay Granmèt la *
nan longè tan yo.

Psòm 75 (76)
Aksion-d-gras pou viktoua-a

Y-ap ouè Pitit moun nan k-ap vini sou nuaj yo, nan sièl la (Mt 24, 30).

I

- 2 Yo rékonèt Bondié nan Juda, *
non-l gran nan Israèl.

- 3 Nan Salèm, sé la tant li yé, *
sé nan Siyon li abité.
- 4 Sé la li krazé zéklè zam pou tiré flèch la, *
ni boukliyé, ni épé, ni lagè.
- 5 Antan ou kléré, Ou-k mérité konsidérasion, *
sot nan mòn yo pran yo.
- 6 Sa yo té gin pouvoua nan kè, yo piyé yo, †
yo t-ap dòmi nan fon somèy yo, *
nan pouin gason vanyan ki jouinn kouraj ak min yo.
- 7 Lè ou ménasé, Bondié Jakòb, *
ni sa k-ap kondui chario ni choual yo pran dòmi.

II

- 8 Ou minm ou mérité respè épi kilès k-ap rézisté dévan-ou ? *
Dépi lè sa-a kòlè ou-a.
- 9 Antan ou nan sièl la, ou fè jijman-an ; *
tè-a té tranblé épi li té rét trankil,
- 10 lè Bondié lévé pou jijman-an, *
pou-l sové tout pòv yo sou tè-a.
- 11 Paské gro kòlè moun nan ap fè déklarasion pou ou, *
épi réstan gro kòlè-a ap fè jou fèt pou ou.
- 12 Fè promès épi réglé-l bay Granmèt Bondié nou-an ; *
nou tout ki antouré-l, poté kado pou sa-k Mérité respè-a,
- 13 li minm ki koupé souf chèf yo, *
roua yo sou tè-a ap ba-l respè.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyé final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou dézièm Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réfrin 1

Katriyèm dimanch Pak: Sé bagay ki anlè yo pou nou chèché, koté Kris la chita adouat Bondié-a, alélouya.

Psòm 109 (110), 1-5. 7

Kris la roua é prèt

Li gin pou-l kòmandé, joutan li mété tout ènmi yo anba pié-l (1 Ko 15, 25).

- ¹ Granmèt la té di Granmèt mouin-an : *
« Chita adouat mouin,
joutan mouin pozé ènmi-ou yo *
kòm éskabo pié-ou yo ».
- ² Baton pouvoua-ou, Granmèt la voyé-l sot nan Siyon : *
kòmandé nan mitan ènmi-ou yo.
- ³ Pouvoua-a avèk ou nan jou fòs ou-a, †
nan ékla limiè ki sin yo, *
sot nan vant anvan granmatin mouin anfanté-ou.

- ⁴ Granmèt la fè sèman, li pap régrèt li : *
« Ou sé prèt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek ».
- ⁵ Granmèt la bò douat ou, *
l-ap krazé roua yo nan jou kòlè-l la.
- [6]
- ⁷ L-ap bouè nan riviè-a nan chémin-an, *
poutèt sa l-ap lévé tèt.

Katriyèm dimanch Pak: Réf. Sé bagay ki anlè yo pou nou chèché, koté Kris la chita adouat Bondié-a, alélouya.

Réfrin 2

Katriyèm dimanch Pak: Li lévé nan fènoua yo, limiè-a pou sa-k gin kè douat yo, alélouya.

Psòm 111 (112)

Kontantman mésié ki kòrèk la

Sé pou nou maché kòm pitit limiè ; frui limiè-a li nan tout bon kè, jistis ak vérité (Éféz 5, 8-9).

- | | | |
|--------------|---|---|
| ¹ | Ala kontantman pou moun ki krinn Granmèt la, * | א |
| | nan lòd li yo li mét anpil anvì. | ב |
| ² | Désandans li ap gin pouvoua sou tè-a, * | ג |
| | ras moun ki douat yo ap béni. | ד |
| ³ | Gloua ak richès nan kay li, * | ה |
| | jistis li ap rété pou sièk sièk la. | ו |
| ⁴ | Limière-a ap lévé nan fènoua, pou moun ki douat yo, * | ז |
| | li gin mizérikòd, li pran pitié, li kòrèk. | ח |
| ⁵ | Sé plézi pou moun sa-a ki pran pitié, ki prété, † | ט |
| | ki réglé afè-l yo kòrèk, * | י |
| ⁶ | paské pou tout tan li pap souké. | כ |

	Tout tan y-ap sonjé moun kòrèk la, *	ל
7	lè-l tandé mové nouvèl, li pap pè.	מ
	Kè-l paré antan-l espéré nan Granmèt la, †	נ
8	kè-l asiré, li pap pè, *	ס
	joustan li méprizé ènmi-l yo.	ע
9	Li té distribué, li té bay pòv yo ; †	פ
	jistis li rété pou sièk sièk la, *	צ
	kòn li ap lévé nan gloua-a.	ק
10	Péchè-a ap ouè sa, l-ap fè kòlè, †	ר
	l-ap manjé dan, l-ap dépéri. *	ש
	Anvi péchè yo ap détrui.	ת

Katriyèm dimanch Pak: Réf. Li lévé nan fènoua yo, limiè-a pou sa-k gin kè douat yo, alélouya.

Réfrin 3

Katriyèm dimanch Pak: Alélouya, sovè nou sovè-a, gloua-a ak fòs la pou Bondié nou-an, alélouya. †

Kantik sa-a, yo di-l avèk Alélouya, jan sa indiké isit la, lè y-ap chanté-l; min si yo pa chanté-l, yo mèt di Alélouya-a sèlman nan kòmansman avèk finisman chak stròf.

Kantik

Cf. Ap 19, 1-2. 5-7

Alélouya.

¹ Sovè-a, gloua-a ak otorité-a sé pou Bondié nou-an, *

(R/. Alélouya.)

² † paské yo vré, yo kòrèk, jijman-l yo.

R/. Alélouya (alélouya).

⁵ Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo *

(R/. Alélouya.)

ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran !

R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

⁶ Paské li roua, Granmèt la,

Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. *

(R/. Alélouya.)

⁷ Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua.

R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

Paské nòs Mouton-an rivé, *

(R/. Alélouya.)

épi madanm li té préparé tèt li.

R/. Alélouya (alélouya).

Katriyèm dimanch Pak: Réf. Alélouya, sové nou sové-a, gloua-a ak fòs la pou Bondié nou-an, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

LINDI SÉMÈN IV

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésonn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésonn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Ala Bondié Israèl la bon pou sa yo ki gin kè yo douat, alélouya.

Psòm 72 (73)

Pou kisa yo pèsékité moun kòrèk la

Ala kontantman pou moun sa-a ki pa skandalizé nan mouin (Mt 11, 6).

I

- ¹ Ala bon Bondié bon pou sa ki douat yo, *
Bondié pou sa yo ki gin kè pròp yo !
- ² Kanta mouin minm minm ti kras pié-m t-ap souké, *
yon ti kras plant pié-m t-ap glisé,
- ³ paské mouin té anvì sa k-ap fè gloua pou pròp tèt pa yo-a, *
antan-m ouè lapè péchè yo.

- 4 Paské yo pa jouinn anpèchman, *
vant yo an santé, li gra.
- 5 Yo pa nan traka sa k-ap mouri yo, *
avèk moun yo, yo pa résévoua kou.
- 6 Sé poua tankou yon kolié, ògèy la yé pou yo, *
tankou yon rad, violans la kouvri yo.
- 7 Méchansté yo-a soti tankou nan grès, *
pansé kè-yo ap soti.
- 8 Y-ap pasé nan rizib, y-ap palé méchansté, *
fot la, sé anlè yo palé-l.
- 9 Yo mété bouch yo nan sièl, *
lang yo minm ap travèsè tè-a.
- 10 Sé poua yo chita anro, *
dlo ki plin yo pap rivé koté yo.
- 11 Y-ap di : « Kòman Bondié ap konnin, *
èské gin sians nan Sa-a ki anro nèt la ? ».
- 12 Min yo minm péchè yo, yo plin nan sièk la, *
yo mété richès pil sou pil.

Réf. Ala Bondié Israèl la bon pou sa yo ki gin kè yo douat, alélouya.

Réf. 2 Ri y-ap ri-a ap tounin rèl dèy, kè kontan yo-a ap tounin lapinn.

II

- 13 Mouin té di : « Sé san rézon mouin té chanjé kè-m, *
mouin té lavé min-m nan inosans ;
- 14 mouin té pran kou tout lajounin, *
ak koréksion nan matin ».
- 15 Si-m t-a di : « M-ap palé tankou sa yo », *
min, ras pitit ou yo mouin t-a trayi-l.
- 16 Mouin t-ap kalkilé pou-m konnin bagay sa-a ; *

- sé té lapinn nan jé-m,
 17 joutan mouin antré nan tanp Bondié-a *
 épi mouin konprann finisman yo.
 18 Réyèlman ou mété yo koté ki glisé, *
 ou jété yo nan dékonb yo.
 19 Kijan yo fè rivé nan dézolation ! *
 Yon kou yo fini, yo péri avèk sézisman.
 20 Tankou rèv jé klè, Granmèt, *
 antan-ou révéyé, ou méprizé pòtré yo.

Réf. Ri y-ap ri-a ap tounin rèl dèy, kè kontan yo-a ap tounin lapinn.

Réf. 3 Sa ki ralé kò yo sot koté-ou la, y-ap péri ; kanta pou mouin, kolé kò-m sou Bondié, sa bon, alélouya.

III

- 21 Paské kè-m t-ap soté, *
 rin-m té krazé ;
 22 mouin minm mouin té vîn tou sòt, mouin pa-t konnin : *
 mouin té vîn tounin tankou yon milèt koté-ou.
 23 Mouin minm poutan mouin tout tan avèk ou ; *
 ou kinbé min douat mouin.
 24 Nan konsèy ou, ou kondui-m *
 épi apré sa, avèk gloua, ou résévoua-m.
 25 Kilès ki pou mouin nan sièl la ? *
 Avèk ou mouin pa anvî anyin sou tè-a.
 26 Chè-m fini, ni kè-m ; *
 Bondié kè-m, pòsion mouin Bondié tout tan-an.
 27 Sèké min, sa ki ralé kò yo sot koté-ou la, y-ap péri, *
 ou pèdi tout moun ki nan mové rélasyon louin-ou.
 28 Kanta pou mouin, kolé kò-m sou Bondié, sa bon, *

mété nan Granmèt Bondié éspérans mouin,
 pou-m anonsé tout aksion-ou yo *
 nan pòtay pitit fi Siyon yo.

Réf. Sa ki ralé kò yo sot koté-ou la, y-ap péri ; kanta pou mouin, kolé kò-m sou Bondié, sa bon, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki korésponn pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Sé pou ékla Granmèt Bondié nou-an sou nou, alélouya.

Psòm 89 (90)

Sé pou klèté Granmèt la sou nou

Yon sèl jou kot Granmèt la tankou mil ané, épi mil ané tankou yon sèl jou (2 Piè 3, 8).

¹ Granmèt, ou sèvi nou kachèt, *
 sot nan jénérasyon al nan jénérasyon.

² Anvan mòn yo té fèt †
 oubyin tè-a ak fas tè-a gin nésans, *
 dépi tout tan épi jous pou tout tan ou sé Bondié.

- 3 Ou fè moun nan tounin nan pousiè ; *
ou té di : « Tounin, pitit moun yo ».
- 4 Paské mil ané dévan jé-ou sé tankou jounin yè-a ki pasé, *
ak yon vèy nan nuit.
- 5 Ou poté yo alé, dòmni pran yo : *
6 nan matin, y-ap tankou zèb k-ap pousé,
nan matin li fléri, li grandi, *
nan asouè, li finnin, li séché.
- 7 Sèké nou té fini nan kòlè-ou la, *
nan kout-san-ou nan nou té troublé.
- 8 Ou té mété fot nou yo dévan fas ou, *
sa nou fè ki kaché yo, ou mété yo nan limiè fas ou-a.
- 9 Paské tout jou nou yo disparèt nan kòlè-ou la, *
nou fini ané nou yo tankou yon ti souf.
- 10 Jou ané nou yo sé sousanndizan, *
oubyin nan santé sé katrévinzan,
min pi fò pòsion nan yo sé tray ak soufrans, *
paské yo pasé byin vit, épi nou volé.
- 11 Kilès ki konnin puisans kolè-ou *
épi antan-l gin krint ou, ki konnin lè-ou faché ?
- 12 Konsa aprann nou konté jou nou yo, *
pou nou kondui kè nou nan sajès la.
- 13 Tounin, Granmèt, jouskilè ? *
Pran pitié pou sèvitè-ou yo.
- 14 Plin nou granmatin ak mizérikòd ou-a, *
n-a fété, n-a joui tout jou lavi nou.
- 15 Fè kè nou kontan pou jou yo ou té rabésé nou-an, *
pou ané yo nou té ouè malè yo.
- 16 Sé pou travay ou-a parèt pou sèvitè-ou yo, *
ak grandè-ou pou pitit yo.
- 17 Sé pou klèté Granmèt Bondié nou-an sou nou, †

asiré travay min nou yo sou nou, *
travay min nou yo, asiré-l.

Réf. Sé pou ékla Granmèt Bondié nou-an sou nou, alélouya.

Réf. 2 M-ap fè fènoua yo tounin limiè dévan yo, alélouya.

Kantik

Iz 42, 10-16

Kantik osijè Bondié ki ranpòté viktoua épi ki sovè

Y-ap chanté tankou kantik nouvo dévan trôn nan (Ap 14, 3).

- ¹⁰ Chanté yon kantik nouvo pou Granmèt la, *
sé pou louanj li vîn sot nan bout tè-a ;
† sa k-ap désann sou lanmè-a ak sa ki plin-l nan, *
zilé yo ak sa-k abité nan yo,
- ¹¹ Sé pou dézè-a ak vil li yo fété, *
lakou yo koté Kédar abité-a.
Sé pou pousé rèl fèt, sa-k abité Pétra yo, *
sou tèt mòn yo, sé pou yo pousé rèl.
- ¹² Sé pou yo mété gloua pou Granmèt la, *
pou yo anonsé louanj li nan zilé yo.
- ¹³ Granmèt la ap sòti tankou vanyan-sòlda, *
tankou gason k-ap fè lagè, l-ap éksité jalouzi-l ;
l-ap pousé rèl li, li fè voual-l éklaté, *
sou ènmi-l yo li ranpòté viktoua.
- ¹⁴ « Mouin té toujou pé bouch mouin, mouin té fè silans,
mouin té pran pasians ; †
tankou sa k-ap akouché, mouin t-ap pousé rèl piké, *
mouin t-ap plinn, mouin t-ap grondé an minm tan.
- ¹⁵ M-ap fè mòn yo ak ti rotè yo vîn dézè, *
m-ap fè tout zèb yo séché ;
m-ap fè riviè yo tounin zilé, *

m-ap fè ma dlo yo vîn sèch.

- ¹⁶ M-ap kondui avèg yo sou rout yo pa konnin, *
 nan santié yo pa-t konnin, m-ap fè yo maché ;
 m-ap fè fènoua tounin limiè dévan jé yo, *
 m-ap fè sa-k tòdé yo vîn douat ».

Réf. M-ap fè fènoua yo tounin limiè dévan yo, alélouya.

Réf. 3 Tou sa Granmèt la té vlé, li té fè-l, alélouya.

Psòm 134 (135), 1-12

Louanj Granmèt la k-ap fè mèvèy

Pèp Bondié posédé... anonsé puisans sa-a ki rélé nou sot nan fènoua yo vîn nan bèl limiè-l la (Cf. 1 Piè 2, 9).

- ¹ Fè louanj pou non Granmèt la, *
 fè louanj, sèvitè Granmèt la,
² nou minm ki kanpé nan kay Granmèt la, *
 nan lakou kay Bondié nou-an.
³ Fè louanj Granmèt la, paské Granmèt la bon ; *
 chanté kantik pou non-l, poutèt li bon.
⁴ Paské Granmèt la té chouazi Jakòb pou li, *
 Israèl kòm pòsion spésial li.
⁵ Sèké mouin konnin Granmèt la gran, *
 Bondié nou-an anlè tout dié yo.
⁶ Tout bagay, ninpòt sa li vlé, †
 Granmèt la fè-l nan sièl la ak sou tè-a, *
 nan lanmè-a ak nan tout bafon yo.
⁷ Antan-l soulvé nuaj yo sot jous nan bout tè-a, †
 li fè zéklè pou laplui, *
 li fè van soti nan rézèv li yo.

- ⁸ Li minm ki té frapé prémié pitit gason yo nan Éjip la, *
dèpi moun rivé jous sou bèt.
- ⁹ Li té voyé sign ak prodij nan mitan-ou, Éjip, *
bay faraon ak tout sèvitè-l yo.
- ¹⁰ Li té frapé anpil nasion, *
li touyé roua ki gin fòs :
- ¹¹ Séyon, roua Amorit yo, avèk Òg, roua Bachan-an, *
ni tout péyi-roua Kanaan yo.
- ¹² Li té rinnèt péyi yo kòm éritaj, *
kòm éritaj bay Israèl, pèp li-a.

Réf. Tou sa Granmèt la té vlé, li té fè-l, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, dapré sa diféran Ofis yo mandé.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 129-136

XVII (D Pé)

Méditation paròl Granmèt la nan laloua-a

Akonplisman laloua-a sé rinmin-an (Rom 13, 10).

- ¹²⁹ Témouagnaj ou yo ékstraòdinè, *
sé poua nanm mouin té kinbé yo.
- ¹³⁰ Déklarasion paròl ou yo kléré *
épi li bay ti moun yo intélijans.
- ¹³¹ Mouin louvri bouch mouin, épi mouin aspiré Éspri-a, *
paské mouin té anvi kòmandman-ou yo.
- ¹³² Viré koté-m, pran pitié pou mouin, *
dapré jijman-ou avèk sa yo ki rinmin non-ou nan.
- ¹³³ Dirijé démach mouin dapré promès ou-a, *
pou okinn péché pa kòmandé sou mouin.
- ¹³⁴ Délivré-m sot nan kalomni moun yo, *
pou-m kinbé kòmandman-ou yo.
- ¹³⁵ Fè fas ou kléré sou sèvitè-ou la *
épi aprann mouin désizion-ou yo.
- ¹³⁶ Rigòl dlo koulé sot nan jé-m yo, *
paské yo pa obsèvé laloua-ou la.

Psòm 81 (82)

Kont jij malonèt yo

Pa jijé anvan tan-an, joutan Granmèt la rivé (1 Ko 4, 5).

- ¹ Bondié kanpé nan réyinion Bondié-a, *
nan mitan dié yo li prononsé jijman.
- ² « Jouskilè n-ap fè jijman malonèt, *
n-ap pran pati aparans figi péchè yo ?
- ³ Jijé maléré-a ak òfélin-an, *
sa-k rabésé-a ak pòv la, rann yo jistis.
- ⁴ Délivré pòv la, *
dégajé maléré-a sot nan min péchè-a ».

- 5 Yo pa rékonèt, yo pa konprann,
sé nan fènoua y-ap maché ; *
- 6 Mouin té di : « Nou sé dié, *
épi nou tout sé pitit Sa-a ki anro nèt la ».
- 7 Nou tout poutan n-ap mouri tankou moun, *
n-ap tonbé tankou youn nan chèf yo.
- 8 Lévé, Bondié, jijé tè-a, *
paské sé ou minm k-ap gin tout nasion kòm éritaj ou.

Psòm 119 (120)

Anvi lapè

Sé pou nou gin pasians nan tribilasyon-an, sé pou nou pèsévéré nan priyè-a (Rom 12, 12).

- 1 Lè-m nan tribilasyon, mouin té rélé kot Granmèt la, *
li réponn mouin.
- 2 Granmèt, délivré nanm mouin anba bouch manti, *
anba lang tronpri.
- 3 Sa y-ap ba ou, sa y-ap ajouté ba ou, *
lang tronpri ?
- 4 Flèch vanyan-sòlda ki byin pouinti yo *
ak chabon difé pikan rajé.
- 5 Malè pou mouin, paské mouin fè ladésant nan Méchèk, *
mouin abité nan tant Kédar yo !
- 6 Sa fè lontan nanm mouin abité *
avèk moun ki rayi lapè yo.
- 7 Mouin minm mouin t-ap mété lapè ; *
kon-m palé, yo minm sé pou lagè.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, y-ap pran psòm konplémantè yo nan séri II épi III, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Si yon moun nan Kris la, sé yon nouvo créati, alélouya.

Psòm 135 (136)

Kantik fèt pak

Rakonté sa Granmèt la fè, sé fè louanj li (Kasiodòr).

I

- ¹ Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ² Fè déklarasion pou Bondié dié yo, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ³ Fè déklarasion pou Granmèt mèt yo, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁴ Li minm ki fè gran mèvèy pou kont li, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁵ Li minm ki té fè sièl yo nan intéljans, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁶ Li minm ki té éljaji tè-a sou dlo yo, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.

- ⁷ Li minm ki té fè gran sous limiè yo, *
 poutèt mizérikòd li pou tout tan ;
- ⁸ solèy la, pou-l kòmandé jou-a, *
 poutèt mizérikòd li pou tout tan ;
- ⁹ lalîn ak zétoual yo, pou yo kòmandé nuit la, *
 poutèt mizérikòd li pou tout tan.

Réf. Si yon moun nan Kris la, sé yon nouvo kréati, alélouya.

Réf. 2 Nou minm, sé pou nou rinmin Bondié, paské sé li minm ki té rinmin nou an prémié, alélouya.

II

- ¹⁰ Li minm ki té frapé Éjip nan prémié pitit li yo, *
 poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ¹¹ Li minm ki té fè Israèl soti nan mitan yo,
 poutèt mizérikòd li pou tout tan ;
- ¹² ak min fò, ak bra lévé, *
 poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ¹³ Li minm ki té séparé lanmè Rouj la an dé moso, *
 poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ¹⁴ Li té fè Israèl travèsé nan mitan-l, *
 poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ¹⁵ Li té chaviré Faraon ak lamé-l la nan lanmè Rouj la, *
 poutèt mizérikòd li pou tout tan.

Réf. Nou minm, sé pou nou rinmin Bondié, paské sé li minm ki té rinmin nou an prémié, alélouya.

Réf. 3 Nan sa-l plin-an nou tout nou té résévoua, épi gras sou gras, alélouya.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- ³ Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bédiksyon Espri-a
 nan sièl la nan Kris la,
⁴ sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
⁵ li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
 pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
⁶ pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
⁷ nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
⁸ sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
⁹ pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
 sa-l té ranjé davans nan li, *
¹⁰ pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Nan sa-l plin-an nou tout nou té résévoua, épi gras sou gras, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

MADI SÉMÈN IV

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Rèl mouin-an, Granmèt, sé pou-l rivé koté-ou ; pa kaché fas ou louin-m.

Psòm 101 (102)

Vé ak priyè moun ki égzilé-a

Bondié konsolé nou nan tout tribilasyon nou (2 Ko 1, 4).

I

- ² Granmèt, kouté priyè-m, *
fè rèl mouin-an rivé koté-ou.
- ³ Pa kaché fas ou louin-m ; †
nan ninpòt jou m-ap passé tray la, *
panché zòrèy ou koté-m.

- Nan ninpòt jou mouin rélé-ou, *
 fè vit réponn mouin.
- 4 Sèké jou-m yo ap disparèt tankou lafimin, *
 zo-m yo ap boulé tankou boua sèk.
- 5 Tankou zèb yo fîn bat, kè-m vîn sèk, *
 mouin minm bliyé manjé pin mouin.
- 6 Mouin tèlman rélé afòs m-ap plinn, *
 zo-m kolé ak kò-m.
- 7 Mouin sanblé ak krabié nan savann, *
 mouin tankou yon frizé nan vié miray.
- 8 Mouin rét san somèy, *
 tankou yon zouazo pou kont li sou tèt kay.
- 9 Tout jounin ènmi-m yo ap déréspékté-m, *
 antan y-ap chofé kont mouin, y-ap fè sèman sou non mouin.
- 10 Sèké sé sann mouin t-ap manjé kòm pin, *
 sa m-ap bouè-a, li mélé ak dlo ki sot nan jé-m,
- 11 dévan kòlè-ou ak mové san-ou, *
 sèké antan-ou lévé-m anlè ou fésé-m atè.
- 12 Jou-m yo ap désann tankou lonbraj, *
 épi mouin minm tankou zèb m-ap séché.

Réf. Rèl mouin-an, Granmèt, sé pou-l rivé koté-ou ; pa kaché fas ou lounin-m.

Réf. 2 Voyé jé-ou, Granmèt, sou priyè sa-k rabésé yo.

II

- 13 Kanta ou minm, Granmèt, sé tout tan ou diré, *
 souvni-ou pou jénérasyon ak jénérasyon.
- 14 Ou-ap lévé pou-ou pran pitié pou Siyon, †
 sèké li tan pou-ou pran pitié pou li, *

- sèké tan-an rivé,
 15 paské sèvitè-ou yo rinmin ròch li yo, *
 yo pran lapinn pou pousiè-l la.
 16 Nasion yo ap krinn non-ou, Granmèt, *
 tout roua yo sou tè-a ap krinn gloua-ou la, *
 17 sèké Granmèt la ap bati Siyon, *
 l-ap parèt nan gloua li-a.
 18 Li té voyé jé sou priyè pòv yo, *
 li pa-t méprizé priyè yo-a.
 19 Sé pou yo ékri bagay sa yo pou lòt jénèrasion-an, *
 pèp k-ap kréyé-a, l-ap fè louanj Granmèt la.
 20 Sèké li panché sot nan tanp li-a anro-a, *
 Granmèt la gadé sou tè-a antan-l nan sièl la,
 21 pou-l kouté rèl prizonié yo, *
 pou-l lagé pitit lanmò yo ;
 22 pou yo anonsé non Granmèt la nan Siyon, *
 avèk louanj li nan Jérusalèm,
 23 lè pèp yo ap rasanblé pou yo fè yon sèl, *
 avèk péyi-roua yo, pou yo sèvi Granmèt la.

Réf. Voyé jé-ou, Granmèt, sou priyè sa-k rabésé yo.

Réf. 3 Ou minm, Granmèt, ou té plasé tè-a sou fondasion-l, épi sièl yo sé travay min-ou, alélouya.

III

- 24 Li té rabésé fòs mouin nan chémin-an, *
 li rakousi jou mouin yo.
 Mouin di : « Bondié mouin, †
 25 pa ouété-m nan mouatié jou mouin yo ; *
 ané-ou yo sé pou jénèrasion ak jénèrasion.

- ²⁶ Nan kòmansman ou té plasé tè-a sou fondasyon-l ; *
sièl yo sé travay min-ou.
- ²⁷ Yo minm y-ap péri, ou minm minm ou-ap rété ; †
yo tout tankou yon rad y-ap viéyi, *
tankou yon manto ou-ap chanjé yo épi y-ap chanjé.
- ²⁸ Ou minm minm ou rété minm jan-an, *
ané-ou yo pa fini.
- ²⁹ Pitit sèvitè-ou yo ap abité, *
ras yo ap asiré dévan fas ou ».

Réf. Ou minm, Granmèt, ou té plasé tè-a sou fondasyon-l, épi sièl yo sé travay min-ou, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Sa-a ki fè volonté Papa-m, sé li minm k-ap antré nan rouayòm sièl yo, alélouya.

Psòm 100 (101)

Déklarasion lafoua yon prins ki kòrèk

Si nou rinmin-m, n-ap kinbé kòmandman-m yo (Jan 14, 15).

- ¹ M-ap chanté mizèrikòd ak jijman-an ; *
pou ou, Granmèt, m-ap chanté psòm.
- ² M-ap chèché konprann nan chémin ki san tach la ; *
kilè ou-ap vini koté-m ?
M-ap maché nan inosans kè-m, *
nan mitan kay mouin-an.
- ³ Mouin pap mété bagay ki pa kòrèk dévan jé-m, †
mouin rayi moun k-ap fè fo-akizasion yo, *
mouin pap kité-l kolé sou mouin.
- ⁴ Kè ki pèvéti-a, l-ap rékilé louin-m, *
mouin pa vlé konnin méchansté.
- ⁵ Moun k-ap fè tripotaj an sékrè kont prochin-l nan, *
moun sa-a m-ap fè-l sispann ;
moun k-ap lévé jé-l, k-ap gonflé kè-l, *
moun sa-a, mouin pap sipòté-l.
- ⁶ Jé-m sou fidèl yo ki sou tè-a, pou yo chita avèk mouin ; *
moun k-ap maché nan chémin ki san tach,
sé li minm k-ap sèvi-m.
- ⁷ Li pap rété anndan kay mouin, moun k-ap fè arogans la ; *
sa k-ap palé sa-k pa kòrèk, li pap rét kanpé dévan jé-m yo.
- ⁸ Chak matin m-ap fè tout pèchè yo sou tè-a sispann, *
pou-m dérasinin sot nan vil Granmèt la
tout moun k-ap fè injistis.

Réf. Sa-a ki fè volonté Papa-m, sé li minm k-ap antré nan rouayòm sièl yo, alélouya.

Réf. 2 Sé pou nasion yo aprann nan min nou mizèrikòd ou-a, Granmèt, alélouya.

Priyè Azarias nan founèz la

Sé pou nou fè pénitans, sé pou nou chanjé konduit, pou péché nou yo éfasé (Tr Ap 3, 19).

- 26 Ou béni, Granmèt, Bondié papa nou yo, *
non-ou mérité louanj ak gloua nan sièk yo,
- 27 paské ou kòrèk nan tout bagay, *
nan tou sa ou fè nou yo.
- 29 Nou fè péché réyèlman, nou fè sa-k pa kòrèk,
nou viré do ba ou, *
nou fè gro péché nan tout bagay.
- 34 Tanpri, pa lagé nou pou tout tan poutèt non-ou, *
pa kasé téstaman-ou nan,
- 35 pa ouété mizérikòd ou-a sot nan nou, †
poutèt Abraam, sa-a ou rinmin-an, *
ak Izaak, sèvitè-ou la, ak Israèl, sin-ou nan.
- 36 Yo minm ou té palé ak yo,
ou té promèt ou t-ap fè ras yo vîn anpil, *
tankou zétoual sièl la ak tankou sab ki sou bò lanmè-a,
- 37 sèké, Granmèt, nou vîn pi piti pasé tout nasion yo, *
nou rabésé sou tout tè-a jodi-a poutèt péché nou yo ;
- 38 épi pa ginyin nan tan sa-a †
ni prins, ni profèt, ni chèf, *
ni sakrifis antié, ni sakrifis,
ni kado, ni lansan, †
ni koté pou yo poté premié frui dévan-ou, *
pou nou jouinn mizérikòd ;
- 39 min sé ak nanm nou krazé,
ak léspri nou rabésé ou-ap résévoua nou, †
tankou ak sakrifis antié bouk ak toro yo, *
- 40 épi tankou avèk mil mouton gra,
sé konsa pou sakrifis nou yé dévan-ou jodi-a, †

épi fè moun k-ap suiv ou yo fîn réalisé, *
paské pa gin ront pou moun ki mét konfians nan ou.

41 Koulié-a n-ap suiv ou ak tout kè nou, *
n-ap krinn ou, n-ap chèché fas ou.

Réf. Sé pou nasion yo aprann nan min nou mizérikòd ou-a, Granmèt, alélouya.

Réf. 3 Granmèt la sé kachèt mouin ak libératè mouin, alélouya.

Psòm 143 (144), 1-10

Pou viktoua-a ak lapè-a

Mouin kapab tout bagay nan sa-a ki ban-m fòs la (Fil 4, 13).

- 1 Li béni, Granmèt la, sékou mouin-an, †
li minm ki antréné min-m pou batay *
ak douèt mouin pou lagè.
- 2 Mizérikòd mouin ak fòs mouin, *
kachèt mouin ak libératè mouin ;
boukliyé-m, nan li mouin éspéré, *
li minm ki pliyé pèp mouin-an anba-m.
- 3 Granmèt, ki sa moun nan yé, pou-ou rékonèt li, *
oubyin pitit moun nan, pou-ou konsidéré-l ?
- 4 Moun nan sanblé ak vid, *
jou-l yo tankou lonbraj k-ap pasé.
- 5 Granmèt, bésé sièl ou yo pou-ou désann ; *
touché mòn yo pou yo fè lafimin.
- 6 Limin zèklè-ou pou-ou gayé yo ; *
voyé flèch ou pou-ou fè yo kouri.
- 7 Voyé min-ou, pandan-ou anro-a ; *
délivré-m, libéré-m sot nan gran dlo yo,
sot nan min pitit pèp étranjé yo, †

- 8 bouch yo ap palé vid la, *
min douat yo, sé min douat manti.
- 9 Bondié, sé yon kantik nouvo m-ap chanté pou ou, *
nan instriman dis kòd la m-ap joué pou ou,
- 10 ou minm ki sovè roua yo, *
ki rachté David sèvitè-ou la anba épé méchan-an.

Réf. Granmèt la sé kachèt mouin ak libèratè mouin, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 137-144

XVIII (X Tsadé)

- 137 Ou kòrèk, Granmèt, *
jijman-ou nan douat.
- 138 Ou té kòmandé témouagnaj ou-a nan jistis *
épi nan anpil vérité.

- 139 Jalouzi-m nan fini avèk mouin, *
paské ènmi-m yo bliyé paròl ou yo.
- 140 Promès ou-a pasé nan difé byin pasé, *
sèvitè-ou la rinmin-l.
- 141 Mouin tou jèn, yo méprizé-m ; *
kòmandman-ou yo mouin pa bliyé yo.
- 142 Jistis ou-a sé jistis pou tout tan, *
laloua-ou la sé vérité.
- 143 Tribilasion ak kè séré anvayi-m ; *
lòd ou yo sé plézi-m.
- 144 Jistis témouagnaj ou yo pou tout tan ; *
ban-m intélijans, épi m-a viv.

Psòm 87 (88)

Prièrè yon moun ki malad grav

Min sa-a sé lè pa nou, ak pouvoua fènoua yo (Lk 22, 53).

I

- 2 Granmèt, Bondié sovè mouin, *
lajounin mouin té rélé, ni nannuit dévan-ou.
- 3 Sé pou priyè-m nan antré dévan fas ou ; *
panché zòrèy ou nan diréksion priyè-m nan.
- 4 Paské nanm mouin plin malè, *
lavi-m t-ap proche anba tè-a.
- 5 Mouin té tankou moun k-ap désann nan fos la, *
mouin té vîn tankou yon moun ki san sékou.
- 6 Lagé nan pami mò yo, *
tankou moun ki blésé yo, k-ap dòmi nan kavo yo ;
yo minm yo pa sonjé yo ankò, *
yo minm ou ouété sot nan min-ou.

7 Ou té mété-m nan fos anba tè-a, *
nan fènoua yo ak nan lonbraj lanmò-a.

8 Sou mouin kòlè-ou la té pézé, *
tout lanm ou yo té vlopé-m.

II

9 Ou té fè zanmi-m yo pati louin mouin, *
ou té fè-m vîn tounin yon dégotans pou yo ;
mouin fèmin, mouin pa kapab soti. *

10 Jé-m fîn dépéri nan soufrans la.
Tout lajounin mouin t-ap rélé-ou, Granmèt, *
mouin t-ap lonjé min-m koté-ou.

11 Èské pou mò yo ou-ap fè mèvèy, *
oubyin èské lonbraj yo ap lévé épi y-ap fè déklarasion pou ou ?

12 Èské yon moun nan kavo-a ap rakonté mizérikòd ou-a, *
ak vérité-ou la nan koté yo pèdi-a ?

13 Èské yo konnin mèvèy ou yo nan fènoua yo, *
ak jistis ou-a nan tè yo bliyé-a ?

14 Mouin minm, sé koté-ou, Granmèt, mouin té rélé, *
granmatin priyè-m ap rivé koté-ou.

15 Pouki sa, Granmèt, ou répousé nanm mouin-an, *
ou kaché fas ou louin-m ?

16 Mouinn minm sé yon pòv mouin yé,
dépi-m tou piti m-ap dépéri ; *
mouin t-ap poté kè soté-ou yo, mouin té troublé.

17 Kòlè-ou yo té pasé sou mouin, *
sézisman-ou yo té fîn koupé souf mouin.

18 Tout jounin yo t-ap ansèklé-m tankou dlo, *
yo t-ap vlopé-m ansanm.

19 Zanmi-m ak sa-k viv avèk mouin, ou té mété yo louin-m, *
sé fènoua yo ki rékonèt mouin.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Chanté yon imn pou nou sot nan kantik Siyon yo, alélouya.

Psòm 136 (137), 1-6 Sou bò riviè Babilòn yo

*Anprizònman sa-a ki maré kò pèp la yo doué rapòté-l kòm imaj
anprizònman spirituèl la (S. Ilèr).*

- ¹ Sou bò gran riviè Babilòn yo,
sé la nou té chita épi nou t-ap kriyé, *
- ² Nan pié banbou nan mitan-l yo, *
nou té pandié gita nou yo.

- 3 Sèké sé la sa yo ki té fè nou prizonié yo *
 té mandé nou paròl kantik
 épi sa yo ki t-ap pèsékité nou yo, kè kontan : *
 « Chanté pou nou nan kantik Siyon yo ».
- 4 Kijan pou nou t-a chanté kantik Granmèt la *
 nan tè étranjé ?
- 5 Si-m bliyé-ou, Jérusalèm, *
 sé pou min douat mouin bliyé-m ;
- 6 sé pou lang mouin kolé nan palèt mouin, *
 si-m pa sonjé-ou,
 si-m pa mété Jérusalèm dévan *
 nan tèt kè kontan-m.

[7 - 9]

Réf. Chanté yon imn pou nou sot nan kantik Siyon yo, alélouya.

Réf. 2 Nan mitan tribilasyon yo, ou té fè-m viv, alélouya.

Psòm 137 (138)

Aksion-d-gras

Roua yo sou tè-a ap poté gloua li-a ak onè nan vil ki sin-an (Cf. Ap 21, 24).

- 1 M-ap fè déklarasyon pou ou, Granmèt, ak tout kè-m, *
 paské ou tandé paròl bouch mouin.
 Dévan fas anj yo m-ap chanté pou ou, *
- 2 m-ap adoré nan tanp ou-a ki sin-an ;
 m-ap fè déklarasyon pou non-ou †
 poutèt mizérikòd ou ak vérité-ou, *
 paské ou té fè promès ou-a gran dépasé tou non.
- 3 Nan ninpòt ki jou mouin t-a rélé-ou, réponn mouin ; *
 ou-ap multiplié fòs nan nanm mouin.

- 4 Y-ap fè déklarasion pou ou, Granmèt, tout roua sou tè-a, *
paské yo té tandé promès bouch ou.
- 5 Y-ap chanté chémin Granmèt la, *
paské gloua Granmèt la gran ;
- 6 paské Granmèt la ro anlè-a, †
li té voyé jé sou pòv la, *
li rékonèt arogan-an dépi byin louin.
- 7 Si m-ap maché nan mitan tribilasion,
ou-ap fè-m jouinn lavi ; †
ou-ap lonjé min-ou kont kòlè ènmi-m yo, *
min douat ou ap sové-m.
- 8 Granmèt la ap fini travay la pou mouin ; †
Granmèt, mizérikòd ou pou tout tan : *
travay min-ou yo, pa lagé-l.

Réf. Nan mitan tribilasion yo, ou té fè-m viv, alélouya.

Réf. 3 Grandè-a sé pou ou, Granmèt, ni pouvoua-a, ni gloua-a, ni viktoua-a, alélouya.

Kantik

Ap 4, 11 ; 5, 9. 10. 12

Kantik sa yo rachté yo

- 4,11 Ou mérité sa, Granmèt ak Bondié nou, *
pou-ou résévoua gloua ak konsidérasion ak otorité,
paské ou té kréyé tout bagay, *
épi sé akòz volonté-ou yo té fèt, yo té kréyé.
- 5,9 Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la, *
pou-ou ouété sélé-l yo,
paské yo té touyé-ou, †
épi ou rachté nou pou Bondié nan san-ou *
sot nan tout ras, lang, pèp ak nasion

- ¹⁰ épi ou fè nou vîn tounin péyi-roua ak prèt pou Bondié nou, *
n-ap kòmandé kòm roua sou tè-a.
- ¹² Li mérité, Mouton-an yo té touyé-a, †
pou-l résevoua puisans, richès, sajès, *
fòs, onè, gloua ak bédiksyon.

Réf. Grandè-a sé pou ou, Granmèt, ni pouvoua-a, ni gloua-a, ni viktoua-a, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

MÈKRÉDI SÉMÈN IV

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Béni Granmèt la, nanm mouin, pa bliyé tout byin l-ap plédé fè pou ou yo, alélouya.

Psòm 102 (103)

Louanj Granmèt la ki pran pitié-a

Gras a zantray mizérikòd Bondié-a, Solèy k-ap lévé sot anro-a té vizité nou (Cf. Lk 1, 78).

I

¹ Béni Granmèt la, nanm mouin, *
 tou sa-k anndan-m yo, pou non-l ki sin.

² Béni Granmèt la, nanm mouin, *
 pa bliyé tout rékonpans li yo.

- 3 Li minm ki padonnin tout fot ou yo, *
 ki géri tout maladi-ou yo ;
- 4 li minm ki rachté lavi-ou sot nan déstriksion-an, *
 ki kouronnin-ou ak mizérikòd, ak pitié ;
- 5 li minm ki plin tout tan-ou ak byin : *
 pou-l fè-ou vîn tou jèn ankò tankou yon ègl.
- 6 Granmèt la fè jistis *
 ak jijman pou tout moun k-ap soufri afron yo.
- 7 Li fè Moyiz konnin chémin-l yo, *
 li fè pitit Israèl yo konnin sa-l rivé fè yo.

Réf. Béni Granmèt la, nanm mouin, pa bliyé tout byin l-ap plédé fè pou ou yo, alélouya.

Réf. 2 Tankou yon papa gin pitié pou pitit li yo, Granmèt la gin pitié pou sa ki krinn li yo, alélouya.

II

- 8 Granmèt la pran pitié, li gin mizérikòd, *
 li pran pasians, li gin anpil mizérikòd.
- 9 Sé pa pou tout tan l-ap fè diskision, *
 sé pa pou tout tan li faché.
- 10 Sé pa dapré péché nou yo li aji avèk nou, *
 ni dapré fot nou yo li rimmèt nou.
- 11 Paské otan sièl la ro anlè tè-a, *
 mizérikòd li débòdé sou sa yo ki krinn li yo ;
- 12 otan olévan louin okouchan, *
 li ranvouayé péché nou yo louin nou.
- 13 Tankou yon papa gin pitié pou pitit li yo, *
 Granmèt la gin pitié pou moun ki krinn li yo.

- 14 Paské li minm li konnin kijan nou fèt, *
li sonjé sé pou siè nou yé.
- 15 Moun nan sé tankou zèb chèch jou-l yo yé, *
tankou flè jadin konsa-l fléri.
- 16 Van-an souflé sou li, li pa rézisté, *
koté-l té yé-a pa rékonèt li ankò.

Réf. Tankou yon papa gin pitié pou pitit li yo, Granmèt la gin pitié pou sa ki krinn li yo, alélouya.

Réf. 3 Béni Granmèt la, tout sa-l fè égzisté yo, alélouya.

III

- 17 Mizérikòd Granmèt la minm sé dépi tout tan, †
épi jous pou tout tan pou moun ki krinn li yo ; *
jistis li nan pitit pitit yo,
- 18 nan sa yo ki kinbé aliens li-a *
épi ki sonjé kòmandman-l yo pou réalizé yo.
- 19 Granmèt la té paré trôn li nan sièl la, *
ringn li ap kòmandé sou tout bagay.
- 20 Béni Granmèt la, tout anj li yo, †
ki gin pouvoua ak fòs pou réalizé paròl li-a. *
lè nou tandé voua paròl li-a.
- 21 Béni Granmèt la, nou tout puisans li yo, *
nou minm sèvitè-l yo k-ap réalizé volonté-l la.
- 22 Béni Granmèt la, nou tout li fè yo, †
nan tout koté li kòmandé. *
Béni Granmèt la, nanm mouin.

Réf. Béni Granmèt la, tout sa-l fè égzisté yo, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Sé pou-ou lévé anlè tout sièl yo, Bondié, alélouya.

Psòm 107 (108)

Louanj Granmèt la épi démann sèkou

*Paské Pitit Bondié-a lévé dépasé anlè sièl yo, anlè tout tè-a gloua li-a
préché (Arnòb).*

- ² Kè-m paré, Bondié, †
kè-m paré, *
† m-ap chanté, m-ap joué muzik : An nou ouè, gloua mouin !
- ³ Lévé, mandolîn ak gita, *
m-ap révéyé gran-matin-an.
- ⁴ M-ap fè déklarasion pou ou nan pèp yo, Granmèt, *
m-ap chanté ak muzik pou ou nan nasion yo,
- ⁵ sèké mizèrikòd ou-a gran jous nan sièl yo, *
vérité-ou rivé jous nan nuaj yo.
- ⁶ Bondié, sé pou-ou lévé dépasé anlè sièl yo *
épi gloua-ou la dépasé anlè tout tè-a.

- 7 Pou sa yo ou rinmin yo délivré, *
fè min douat ou sovè-m, réponn mouin.
- 8 Bondié palé nan kay sakré-l la : †
« M-ap fè fèt, m-ap séparé Sikèm, *
m-ap méziré tè-fon Soukòt la ;
- 9 Galaad, sé pou mouin, Manasé sé pou mouin, †
Éfrayim sé fòs tèt mouin, *
Juda, sé baton kòmandman-m.
- 10 Moab sé kivèt pou-m lavé kò-m ; †
sou Édòm, m-ap lagé sapat mouin, *
sou Filisti m-ap pousé rèl viktoua ».
- 11 Kilès k-ap minnin-m nan vil ki byin protéjé-a ? *
Kilès k-ap kondui-m jous nan Édòm ?
- 12 Èské sé t-a ou, Bondié, ki t-a répousé-n ? *
Ou pa soti ankò, Bondié, avèk lamé nou yo ?
- 13 Poté nou sékou nan tribilasyon-an, *
sèké konté sou moun pou nou sovè sé pèdi tan.
- 14 Nan Bondié n-ap fè fòs, *
li minm l-ap foulé ènmi nou yo anba pié.

Réf. Sé pou-ou lévé anlè tout sièl yo, Bondié, alélouya.

Réf. 2 Granmèt la té fè jistis la jèmin ak louanj la dévan tout nasion yo, alélouya.

Kantik

Iz 61, 10 - 62, 5

Rèl fèt profèt la osijè nouvo Jérusalèm nan

Mouin ouè vil ki sin-an, Jérusalèm nouvo-a... ki abiyé tankou yon fi k-ap marié ki anbéli pou mari-l (Cf. Ap 21, 2).

- 61,10 Kanta kontan, mouin kontan nan Granmèt la, *
nanm mouin ap fété nan Bondié-m nan,

- paské li abiyé-m ak rad ki sovè-m nan, *
- li vlopé-m nan manto jistis la,
 tankou yon mesié k-ap marié dékoré ak kouròn, *
- 11 épi tankou yon fi k-ap marié, ki bèl ak bijou-l yo.
 Réyèlman, minm jan tè-a fè sémans li pousé-a, †
 minm jan yon jadin fè sémans li jèmin-an, *
 sé konsa tou Granmèt la Bondié ap fè jistis la jèmin,
 ni louanj la tou dévan tout nasion yo.
- 62.1 Poutèt Siyon mouin pap pé bouch mouin, *
 épi poutèt Jérusalèm mouin pap rét trankil,
 joutan moun jistis li-a soti tankou klèté, *
 épi sovè-l la kléré tankou lanp.
- 2 Nasion yo ap ouè jistis ou-a *
 épi tout roua yo ap ouè gloua-ou la ;
 y-ap rélé-ou ak yon non nouvo, *
 sé bouch Granmèt la k-ap nonmin-l.
- 3 Ou-ap vîn tounin yon kouròn gloua nan min Granmèt la, *
 yon kouròn roua nan min Bondié-ou la.
- 4 Yo pap rélé-ou « Abandoné » ankò, *
 yo pap rélé tè-ou la « Dézolé » ankò ;
 min y-ap rélé-ou « Bòn volonté-m nan li », *
 épi tè-ou la « Sa yo marié avèk li-a »,
 paské Granmèt la jouinn plézi-l nan ou, *
 épi tè-ou la ap madan marié.
- 5 Sèké minm jan yon jèn gason chouazi yon vièj pou-l marié, *
 sé konsa pitit ou yo ap chouazi-ou ;
 minm jan épou-a ap kontan poutèt épouz la, *
 sé konsa Bondié-ou la ap kontan poutèt ou.

Réf. Granmèt la té fè jistis la jèmin ak louanj la dévan tout nasion yo, alélouya.

Réf. 3 Granmèt la ap régné nan sièk yo, Bondié-ou la, Siyon, alélouya.

Psòm 145 (146)

Kontantman moun yo ki espéré nan Granmèt la

Nou fè louanj Granmèt la nan lavi nou, sètadi nan konpòtman nou (Arnòb).

- 1 Fè louanj Granmèt la, nanm mouin ; †
- 2 m-ap fè louanj Granmèt la nan lavi-m, *
- 3 m-ap chanté kantik pou Bondié-m nan, tout tan m-ap viv.
- 4 Pa mét konfians nou nan chèf, *
- 5 nan pitit moun yo, nan yo minm ki pa kapab sové nou.
- 6 Souf li ap pati, l-ap tounin nan tè-l la ; *
- 7 jou sa-a pansé-l yo ap péri.
- 8 Ala kontantman pou sa-a Bondié Jakòb la poté-l sékou-a, *
- 9 sa-a ki gin espérans li nan Granmèt Bondié-l la,
- 10 li minm ki fè sièl la ak tè-a, *
- 11 lanmè-a ak tou sa-k nan yo ;
- 12 li minm ki kinbé vérité-a pou tout tan, †
- 13 li fè jijman pou moun y-ap maltrété yo, *
- 14 li bay sa-k grangou yo manjé.
- 15 Granmèt la défèt chinn yo, *
- 16 Granmèt la kléré avèg yo,
- 17 Granmèt la luvé sa-k tonbé yo, *
- 18 Granmèt la rinmin moun ki kòrèk yo,
- 19 Granmèt la protéjé étranjé yo, †
- 20 òfélin-an ak vèv la, li soutni yo, *
- 21 min rout péchè yo, li gayé-l.
- 22 Granmèt la ap roua pou sièk yo, *
- 23 Bondié-ou la, Siyon,
- 24 pou jénérasyon ak jénérasyon.

Réf. Granmèt la ap régné nan sièk yo, Bondié-ou la, Siyon, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 145-152

XIX (P Kòf)

- ¹⁴⁵ Mouin té rélé ak tout kè-m, kouté-m, Granmèt ; *
m-ap obsèvé désizion-ou yo.
- ¹⁴⁶ Mouin té rélé koté-ou, sové-m, *
m-ap kinbé témouagnaj ou-a.
- ¹⁴⁷ Mouin té lévé anvan dévan-jou, mouin té rélé, *
nan paròl ou yo mouin té espéré byin espéré.
- ¹⁴⁸ Jé-m té louvri anvan vijil yo, *
pou-m médité promès ou yo.
- ¹⁴⁹ Kouté voua-m dapré mizérikòd ou-a, Granmèt, *
dapré jijman-ou nan fè-m viv.
- ¹⁵⁰ Yo t-ap proche, sa yo k-ap pèsékité-m nan méchansté yo, *
min yo rét louin laloua-ou la.
- ¹⁵¹ Ou tou pré, Granmèt, *
tout lòd ou yo sé vérité.
- ¹⁵² Dépi nan kòmansman mouin té konnin osijè témouagnaj ou yo, *
sé dépi tout tan ou fiksé yo.

Psòm 93 (94)

Granmèt la tiré vanjans pou sa-k kòrèk yo

Granmèt la tiré vanjans sou tout bagay sa yo : ... Sèkè Bondié pa rélé nou pou bagay ki pa pròp, min pou nou vîn sin (Cf. 1 Tés 4. 6-7).

I

- 1 Ou minm Bondié k-ap tiré vanjans la, Granmèt, *
ou minm Bondié k-ap tiré vanjans la, parèt.
- 2 Monté anlè, ou minm k-ap jijé tè-a, *
rinmèt arogan yo sa yo mérité-a.
- 3 Jouskilè péchè yo, Granmèt, *
jouskilè péchè yo ap fè fèt ?
- 4 Y-ap bouyonnin paròl arogan, *
y-ap bay tèt yo gloua, yo tout k-ap fè méchansté-a.
- 5 Pèp ou-a Granmèt, yo rabésé-l, *
éritaaj ou-a, yo fè-l pasé tray.
- 6 Vèv la ak étranjé-a, yo touyé yo, *
òfélin yo, yo touyé yo.
- 7 Yo té di : « Granmèt la pap ouè, *
Bondié Jakòb la pap konprann ».
- 8 Chèché konprann, nou minm ki san konprann nan pèp la, *
nou minm ki sòt yo, kilè n-a gin sajàs ?
- 9 Sa-a ki planté zòrèy la, li pa t-a tandé, *
oubyin sa-a ki fiksé jé-a, li pa t-a gadé ?
- 10 Li minm ki korijé nasion yo, li pa t-a fè répròch, *
li minm ki aprann moun sians la ?
- 11 Granmèt la konnin sa-k nan lidé moun yo *
sé van yo yé.

II

- 12 Ala kontantman pou moun sa-a, ou korijé-a, Granmèt, *
ou aprann li laloua-ou la,
- 13 pou-ou fè-l ré-t an pè nan mové jou yo, *
pandan y-ap fouyé fòs pou péchè-a.
- 14 Sèké Granmèt la pap répousé pèp li-a, *
li pap lagé éritaj li-a.
- 15 Sèké sé dapré jistis la jijman-an ap tounin, *
y-ap suiv li, tout moun ki gin kè yo douat yo.
- 16 Ki moun k-ap lévé kanpé pou mouin kont méchan yo, *
oubyin ki moun k-ap pran pozision pou mouin,
kont sa k-ap fè méchansté yo ?
- 17 Si Granmèt la pa-t poté-m sékou, *
yon ti kras ankò nanm mouin t-ap abité nan koté silans la.
- 18 Si-m t-a di : « Pié-m ap souké », *
mizérikòd ou-a, Granmèt, ta soutni-m.
- 19 Nan pakèt tèt chajé-m yo ki nan kè-m nan, *
konsolasion-ou yo fè nanm mouin kontan.
- 20 Èské ou fè bann avèk tribunal méchansté, *
k-ap instalé abi nan plas jistis ?
- 21 Y-ap plonjé sou nanm moun ki kòrèk la *
épi san moun ki inosan-an, yo kondané-l.
- 22 Granmèt la sèvi-m kòm protéksion, *
Bondié-m nan sé trou ròch kachèt mouin ;
- 23 l-ap rinmèt yo méchansté yo-a, †
l-ap détrui yo nan fè mal yo-a, *
- 24 Bondié Granmèt nou-an ap détrui yo.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Lannuit la ap kléré tankou lajounin, alélouya.

Psòm 138 (139), 1-18. 23-24

Granmèt la ki ouè tout bagay

Ki moun ki té konnin éspri Granmèt la ? Oubyin ki moun ki té ba-l konsèy ? (Rom 11, 34).

I

- ¹ Granmèt, ou té sondé-m, ou té konnin-m, *
- ² ou té konnin chita-m ak lévé-m.
Ou té sézi pansé-m yo dépi byin louin, *
- ³ koté-m maché ak koté-m kouché, ou fouyé yo.
Tout rout mouin yo, ou ouè yo klè, †
- ⁴ paské paròl la pa ko sou lang mouin, *
gadé, Granmèt, ou té konnin tout bagay.
- ⁵ Dèyè kon dévan ou té séré-m, *
ou pozé min-ou sou mouin.

- 6 Sé mèvèy ékstraòdinè sians ou-a yé anlè-m, *
li ro, mouin pa kapab touché-l.
- 7 Ki koté pou-m alé louin éspri-ou, *
ki koté pou-m sové kò-m louin fas ou ?
- 8 Si-m monté nan sièl la, ou la ; *
si-m désann anba tè-a, ou prézan.
- 9 Si-m pran zèl dévan jou-a, *
pou-m al abité nan dènié bout lanmè-a,
- 10 minm la, min-ou ap kondui-m, *
min douat ou kinbé-m.
- 11 Si-m t-a di : « Pètèt fènoua yo ap fèmin-m, *
épi pap gin klèté alantou-m »,
- 12 minm fènoua yo pa fènoua dévan-ou, †
lannuit la ap kléré tankou lajounin *
– tankou fènoua li yo konsa limiè li-a tou –.

Réf. Lannuit la ap kléré tankou lajounin, alélouya.

Réf. 2 Mouin konnin mouton-m yo, mouton-m yo tou yo konnin-m, alélouya.

II

- 13 Paské sé ou minm ki té fòmé rin-m yo, *
ou té tréyé-m nan vant manman-m.
- 14 M-ap fè déklarasion pou ou,
paské ou té fòmé-m yon fason ékstraòdinè ; †
aksion-ou yo ékstraòdinè, *
nanm mouin konnin anpil.
- 15 Zo-m pa-t kaché louin-ou, †
lè mouin té fèt nan sékrè, *
tréyé nan fon tè-a.

- 16 Mouin pa-t ko fîn fèt, jé-ou té déjà ouè-m, †
épi nan liv ou-a tout jou yo té ékri : *
yo té an fòmasyon, épi yon sèl nan yo pa-t ko égzisté.
- 17 Kanta pou mouin minm, pansé-ou gin tròp valè, Bondié ; *
li trò lou kantité yo-a.
- 18 Si-m konté yo,
y-ap multipliye plis pasé sab ; *
si-m rivé nan finisman, mouin toujou avèk ou.
- [19 - 22]
- 23 Égzaminé-m, Bondié, konnin kè-m ; *
sondé-m, konnin tras rout mouin yo
- 24 épi gadé, si gin rout ki pa vo anyin nan mouin ; *
kondui-m nan chémin tout tan-an.

Réf. Mouin konnin mouton-m yo, mouton-m yo tou yo konnin-m, alélouya.

Réf. 3 Li té vlopé sièl yo ak gloua li-a, épi tè-a plin ak louanj li-a, alélouya.

Kantik

Cf. Kol 1, 12-20

**Kris la, premié anfanté anvan tout créati
ak premié anfanté sot nan pami mò yo**

- 12 N-ap di Bondié Papa-a mési, *
li minm ki fè nou mérité jouinn pòsion
nan éritaj sin yo nan limiè-a ;
- 13 li minm ki délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, *
ki fè nou travèsé nan péyi-roua Pitit li rinmin-an,
- 14 sé nan li nou jouinn rédanmsion, *
padon pou péché yo ;

- 15 li minm ki pòtré Bondié yo pa kapab ouè-a, *
 sé prémié pitit anvan tou créatu,
- 16 paské sé nan li tout bagay té kréyé †
 nan sièl yo ak sou tè-a, *
 sa yo kapab ouè ak sa yo pa kapab ouè yo,
 soua trôn, soua pouvoua yo, *
 soua gouvènman, soua otorité.
 Tout bagay sé pa pouvoua-l, sé nan li yo kréyé, †
- 17 li minm li anvan tout bagay,
 tout bagay kanpé nan égzistans nan li.
- 18 Li minm sé tèt kò Égliz la ; †
 li sé sous, prémié pitit ki sot nan pami mò yo, *
 pou-l kapab kinbé prémié ran-an nan tout bagay,
- 19 sèké sé nan li Bondié té pran plézi
 fè tout bagay nèt abité, *
- 20 épi pa pouvoua-l, l-ap rékonsilié tout bagay nan li,
 antan-l fè lapè pa pouvoua san-l ki koulé sou koua-a, *
 ni pou sa-k sou tè-a, ni pou sa-k nan sièl yo.

Réf. Li té vlopé sièl yo ak gloua li-a, épi tè-a plin ak louanj li-a, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

JÉDI SÉMÈN IV

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésponn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Bra yo pa-t sové yo, min sé min douat ou ak limiè fas ou, alélouya.

Psòm 43 (44)

Dézas pèp la

Nan tout bagay sa yo, nou ranpòté viktoua dépasé mézi poutèt sa-a ki rinmin nou-an (Rom 8, 37).

I

² Bondié, ak zòrèy nou nou té tandé ; †
papa nou yo té rakonté nou *
aksion ou fè nan jou yo, nan jou lontan yo.

- ³ Ou minm, ak min-ou, ou té chasé nasion yo épi ou té planté yo, *
ou té maltrété pèp yo épi ou té élaï yo.
- ⁴ Sé pa nan épé yo réyèlman yo té posédé tè-a, *
épi bra yo pa-t sové yo ;
min sé min douat ou ak bra-ou, ak limiè fas ou, *
paské ou té jouinn plézi-ou nan yo.
- ⁵ Sé ou minm sa, roua mouin, Bondié mouin, *
ki té kòmandé sové Jakòb yo.
- ⁶ Nan ou ènmi nou yo té résévoua kou, *
nan non-ou n-ap foulé anba pié nou
sa-k lévé kont nou yo.
- ⁷ Sèké sé pa nan ark mouin mouin mét konfians mouin, *
épi épé-m pa sové mouin.
- ⁸ Ou minm ou té sové nou anba sa k-ap frapé nou yo *
épi sa-k rayi nou yo, ou té fè yo ront.
- ⁹ Nan Bondié nou konsidérasion nou tout jounin *
épi nan non-ou, pou tout tan n-ap fè louanj.

Réf. Bra yo pa-t sové yo, min sé min douat ou ak limiè fas ou, alélouya.

Réf. 2 Granmèt la pap viré fas li louin nou, si nou tounin vîn jouinn li, alélouya.

II

- ¹⁰ Koulié-a minm, ou té répousé nou, ou té fè nou ront *
épi ou pa-t soti ak lamé nou yo, Bondié.
- ¹¹ Ou té fè nou tounin dèyè, dévan ènmi nou yo, *
sa-k rayi nou yo té piyé nou.
- ¹² Ou té rinmèt nou tankou mouton pou labatoua *
épi nan nasion yo ou té gayé nou.

- 13 Ou té vann pèp ou-a pou anyin, *
épi ou pa-t tiré avantaj nan pri yo té ba ou pou li-a.
- 14 Ou té fè nou sèvi répròch pou vouazin nou yo, *
rizib ak méri pou sa-k entouré nou yo.
- 15 Ou té fè nou vîn tounin provèb nan nasion yo, *
pèp yo ap souké tèt sou nou.
- 16 Tout jounin ront mouin-an la dévan-m, *
épi avilisman fas mouin kouvri-m *
- 17 dévan voua k-ap reproché, k-ap dérespékté, *
dévan fas ènmi ak sa k-ap tiré vanjans.

Réf. Granmèt la pap viré fas li louin nou, si nou tounin vîn jouinn li, alélouya.

Réf. 3 Lévé, Granmèt, pa répousé nou jouskalafin.

III

- 18 Tout bagay sa-a té rivé nou, †
épi nou pa-t bliyé-ou ; *
épi nou pa-t trayi aliens ou-a.
- 19 Nou pa-t fè kè nou rèkilé déyé, *
épi nou pa-t fè pié nou viré sot nan rout ou-a ;
- 20 min ou té krazé nou nan koté ki gin mangous yo *
épi ou té kouvri nou ak lonbraj lanmò.
- 21 Si nou té bliyé non Bondié nou-an, *
épi nou té lonjé min nou kot yon dié étranjé,
- 22 èské Bondié pa t-ap dékouvri sa ? *
sèké li minm li konnin sa-k kaché nan kè.
- 23 Paské poutèt ou y-ap touyé nou tout jounin, *
yo konsidéré nou tankou mouton labatoua.

- ²⁴ Révéyé, pouki sa ou-ap dòmi, Granmèt ? *
- Lévé, pa lagé nou pou tout tan.
- ²⁵ Pouki sa ou-ap viré fas ou-a, *
- ou bliyé povreté nou ak tribilasyon nou yo ?
- ²⁶ Paské nanm nou ap drivé nan pousiè, *
- épi vant nou kolé atè-a.
- ²⁷ Lévé, Granmèt, poté nou sékou, *
- rachté nou poutèt mizérikòd ou-a.

Réf. Lévé, Granmèt, pa répousé nou jouskalafin.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Poutèt non-ou, Granmèt, ou-ap fè-m viv, alélouya.

Psòm 142 (143), 1-11

Priyè nan kè séré yo

Moun pa vîn kòrèk poutèt aksion laloua-a, min gras a lafoua nan Jézu-Kri (Gal 1, 16).

- 1 Granmèt, kouté priyè-m, †
 sé pou zòrèy ou sansib pou démann mouin
 nan vérité-ou la ; *
- 2 kouté-m nan jistis ou-a.
 Pa antré nan jijman avèk sèvitè-ou la, *
- 3 paské nan fas ou okinn vivan pa an règ.
 Sèké ènmi-an t-ap pèsékité nanm mouin, †
 li té krazé lavi-m jous atè, *
- 4 li té instalé-m nan fènoua yo,
 tankou moun ki mouri dépi sièk la.
- 5 Souf mouin t-ap dépéri nan mouin, *
 kè-m vîn rèdi anndan mouin.
- 6 Mouin sonjé jou lontan yo, †
 m-ap médité sou tout aksion-ou yo, *
 sou travay min-ou yo m-ap réfléchi.
- 7 Mouin lonjé min-m yo koté-ou, *
 nanm mouin tankou tè san dlo pou ou.
- 8 Fè vit réponn mouin, Granmèt ; *
 éspri-m ap fébli.
 Pa kaché fas ou louin mouin, *
 pou-m pa sanblé ak moun k-ap désann nan fòs yo.
- 9 Fè-m tandé mizérikòd ou granmatin, *
 paské sé nan ou mouin éspéré.
 Fè-m konnin nan ki chémin pou-m maché, *
 paské sé koté-ou mouin lévé nanm mouin.
- 10 Délivré-m anba ènmi-m yo, *
 Granmèt, sé koté-ou mouin té kaché.
- 11 Aprann mouin fè volonté ou, *
 paské sé Bondié-m ou yé.
 Sé pou bon éspri-ou la kondui-m nan tè ki douat ; *
 poutèt non-ou, Granmèt, ou-a ban-m lavi.

Nan jistis ou-a *
ou-a kondui nanm mouin sot nan tribilasyon-an.

Réf. Poutèt non-ou, Granmèt, ou-ap fè-m viv, alélouya.

Réf. 2 M-ap ouè nou ankò, épi kè nou ap kontan, alélouya.

Kantik

Iz 66, 10-14 a

Konsolasyon ak kè kontan nan vil ki sin-an

Lòt la minm, Jérusalèm ki anlè-a, li lib, sé li ki manman nou (Gal 4, 26).

- ¹⁰ Sé pou nou réjoui avèk Jérusalèm, fété nan li, *
nou tout ki rinmin-l ;
fè kè nou kontan anpil, *
nou tout ki té pran lapinn sou li,
- ¹¹ pou nou bouè lèt kont kò nou *
nan sin-l k-ap ba nou konsolasyon,
pou nou sousé lèt ak délikatès k-ap koulé an kantité *
nan tout kalité gloua li.
- ¹² Sèké sé sa Granmèt la di : †
« Min m-ap fè tankou yon riviè lapè vidé sou li, *
tankou yon ravîn k-ap débòdé, gloua nasion yo sou li.
N-ap sousé lèt, y-ap poté nou sou koté, *
y-ap karésé nou sou jénou.
- ¹³ Tankou yon ti moun manman-l ap konsolé, †
konsa mouin minm m-ap konsolé nou ; *
épi n-ap konsolé nan Jérusalèm.
- ¹⁴ N-ap gadé, kè nou ap kontan, *
zo nou ap jèmin tankou zèb ».

Réf. M-ap ouè nou ankò, épi kè nou ap kontan, alélouya.

Réf. 3 Granmèt la bati Jérusalèm, li géri kè ki krazé, alélouya.

Psòm 146 (147 A)

Puisans ak bonté Granmèt la

Ou minm n-ap fè louanj ou Bondié, ou minm n-ap déklaré ou Granmèt.

- 1 Fè louanj Granmèt la,
paské sa bon pou yo chanté pou Bondié nou-an, *
- 2 Antan Granmèt la bati Jérusalèm, *
l-ap rasanblé moun Israèl yo ki té gayé yo.
- 3 Li minm ki géri kè ki krazé, *
ki pansé koté yo blésé yo ;
- 4 ki konté kantité zétoual yo, *
ki rélé yo tout sou non yo.
- 5 Granmèt nou-an gran, pouvoua-l gran, *
yo pa kapab sondé sajès li.
- 6 Granmèt la soutni moun ki dosil yo, *
min li rabésé péchè yo jous atè.
- 7 Sonnin dévan Granmèt la, nan aklamasyon, *
chanté kantik pou Bondié nou-an sou gita.
- 8 Li minm ki kouvri sièl la avèk nuaj yo, *
li préparé laplui pou tè-a.
Li minm ki fè mòn yo pousé zèb *
ak ti plant pou sa k-ap sèvi moun yo.
- 9 Li minm ki bay bèt yo manjé yo, *
pitit gragra yo k-ap rélé yo.
- 10 Sé pa nan fòs yon choual li mét plézi li, *
ni nan jarèt yon moun li gin satisfasyon.
- 11 Sa-k bay Granmèt la satisfaksion, sé moun ki krinn li yo, *
épi nan yo, moun ki éspéré sou mizérikòd li-a.

Réf. Granmèt la bati Jérusalèm, li géri kè ki krazé, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 153-160

XX (7 Rèsh)

- ¹⁵³ Gadé jan-m rabésé, dégajé-m, *
paské mouin pa bliyé laloua-ou la.
- ¹⁵⁴ Jijé kòz mouin-an, rachté-m ; *
poutèt promès ou-a fè-m viv.
- ¹⁵⁵ Li louin péchè yo, sové ou sové nou-an, *
paské yo pa-t chèché désizion-ou yo.
- ¹⁵⁶ Mizérikòd ou yo anpil, Granmèt ; *
dapré jijman-ou yo, fè mouin viv.
- ¹⁵⁷ Yo anpil, sa yo k-ap pèsékité-m yo, k-ap fè-m pasé tray yo ; *
mouin pa dévié sot nan témouagnaj ou yo.

- 158 Mouin ouè sa yo k-ap fè fo-akizasion yo, sa dégoté-m, *
paské yo pa kinbé promès ou yo.
- 159 Gadé jan mouin rinmin kòmandman-ou yo, Granmèt ; *
dapré mizérikòd ou-a, fè mouin viv.
- 160 Kòmansman paròl ou yo sé vérité, *
sé pou tout tan tout jijman jistis ou yo.

Psòm 127 (128)

Lapè kay la nan Granmèt la

« Sé pou Granmèt la béni-ou sot nan Siyon », sètadi : sot nan Égliz li-a (Arnòb).

- 1 Ala kontantman pou tout moun ki krinn Granmèt la, *
k-ap maché nan chémin-l yo.
- 2 Sé frui travay min-ou ou-ap manjé, *
ala kontantman pou ou, l-ap bon pou ou.
- 3 Madanm ou ap tankou yon jadin rézin ki byin donnin *
sou bò lakay ou ;
pitit ou yo ap tankou jinn plant pié oliv *
alantou tab ou-a.
- 4 Gadé sé konsa moun nan ap béni, *
sa-k krinn Granmèt la.
- 5 Sé pou Granmèt la béni-ou sot Siyon, *
sé pou-ou ouè byin Jérusalèm
touléjou lavi-ou ;
- 6 sé pou-ou ouè pitit pitit ou yo. *
Lapè pou Israël !

Psòm 128 (129)

Konfians pèp ki nan soufrans la ap rénouvlé

Égliz la ap palé osijè sa-l sipòté yo (S. Ogustin).

- ¹ Anpil foua yo fè-m violans dépi-m té tou jèn, *
sé pou Israèl di sa.
- ² Anpil foua yo fè-m violans dépi-m té tou jèn, *
min yo pa-t gin pouvoua kont mouin.
- ³ Travayè jadin yo pasé chari sou do-m, *
yo lonjé rigòl yo fouyé yo.
- ⁴ Granmèt la minm li kòrèk, *
li té kasé kou péchè yo.
- ⁵ Sé pou yo ront, sé pou yo ralé kò yo déyé, *
tout moun ki rayi Siyon yo.
- ⁶ Sé pou yo vîn tankou zèb pou tèt kay yo, *
ki gin tan séché anvan yo raché-l ;
- ⁷ moun k-ap rékòlté-a, pa jouinn pou-l plin min-l avè-l, *
ni dé bra-l, moun k-ap maré pakèt yo.
- ⁸ Moun k-ap pasé yo, yo pap di : †
« Bénédiksyon Granmèt la sou nou, *
n-ap béni nou o non Granmèt la ».

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, y-ap pran psòm konplémantè yo nan séri I épi II, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt la résévoua-m, li libéré-m, alélouya.

Psòm 143 (144)

Pou viktoua-a ak lapè-a

*Min-l yo té antréné pou lagè-a, lè-l té ranpòté viktoua sou sièk la :
« Mouin minm, réyèlman, li té di, mouin té ranpòté viktoua sou tè-a » (S.
Ilèr).*

I

- ¹ Li béni, Granmèt la, sékou mouin-an, †
li minm ki antréné min-m pou batay *
ak douèt mouin pou lagè.
- ² Mizérikòd mouin ak fòs mouin, *
kachèt mouin ak libèratè mouin ;
boukliyé-m, nan li mouin éspéré, *
li minm ki pliyé pèp mouin-an anba-m.
- ³ Granmèt, ki sa moun nan yé, pou-ou rékonèt li, *
oubyin pitit moun nan, pou-ou konsidéré-l ?
- ⁴ Moun nan sanblé ak vid, *
jou-l yo tankou lonbraj k-ap pasé.
- ⁵ Granmèt, bésé sièl ou yo pou-ou désann ; *
touché mòn yo pou yo fè lafimin.
- ⁶ Limin zèklè-ou pou-ou gayé yo ; *
voyé flèch ou pou-ou fè yo kouri.
- ⁷ Voyé min-ou, pandan-ou anro-a ; *
délibré-m, libéré-m sot nan gran dlo yo,
sot nan min pitit pèp étranjé yo, †

- 8 bouch yo ap palé vid la, *
min douat yo, sé min douat manti.

Réf. Granmèt la résévoua-m, li libéré-m, alélouya.

Réf. 2 An-n di Bondié mèsi, li minm ki té ba nou viktoua pa lintèmédiè Jézu-Kri Granmèt nou-an, alélouya.

II

- 9 Bondié, sé yon kantik nouvo m-ap chanté pou ou, *
nan instriman dis kòd la m-ap joué pou ou,
10 ou minm ki sové roua yo, *
ki rachté David sèvitè-ou la anba épé méchan-an.
11 Délivré-m, libéré-m, *
sot anba min pitit pèp étranjé yo,
bouch yo ap palé vid, *
min douat yo sé min douat manti.
12 Pitit gason nou yo, sé pou yo tankou plant k-ap pousé *
dépi yo tou jèn ;
pitit fi nou yo, sé pou yo tankou poto-kouin, *
yo tayé tankou pou konstriksion tanp.
13 Sé pou galita nou yo plin, *
pou yo débòdé ak tout kalité danré ;
sé pou mouton nou yo rapòté mil foua, †
pou yo fè pitit-pitit nan jadin nou yo, *
14 sé pou bèf nou yo gra.
Fò nan pouin trou nan miray ni nan pouin kouri, *
nan pouin rèl lapinn sou laplas nou yo.
15 Ala kontantman pou pèp sa-a ki gin bagay sa yo ; *
ala kontantman pou pèp sa-a ki gin Granmèt la kòm Bondié-l.

Réf. An-n di Bondié mèsì, li minm ki té ba nou viktoua pa lintèmédiè Jézu-Kri Granmèt nou-an, alélouya.

Réf. 3 Jézu-Kri yè ak jodi-a, sé minm nan, ni pou sièk yo, alélouya.

Kantik

Ap 11, 17-18 ; 12, 10 b-12 a

Osijè jijman Bondié-a

- ^{11,17} N-ap di ou mèsì, *
 Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua-a,
 sa-k la-a, ak sa-k té la-a, *
 paské ou té résévoua gran pouvoua-ou la épi ou té kòmandé.
- ¹⁸ Nasion yo té fè kòlè, *
 épi min kòlè-ou la rivé, moman pou jijé mò yo,
 pou rinmèt salè-a bay ésklav ou yo,
 profèt yo, ak sin yo, *
 ak sa-k respékté non-ou yo, piti yo ak gran yo.
- ^{12,10} Koulié-a yo sové, épi sé pouvoua-a ak péyi-roua Bondié nou-an *
 ak otorité Kris li-a,
 paské yo jété akizatè frè nou yo, *
 li minm ki t-ap akizé yo dévan fas Bondié nou-an
 lajounin kon lannuit la.
- ¹¹ Épi yo minm yo ranpòté viktoua sou li poutèt san Mouton-an *
 épi poutèt paròl témouagnaj li-a ;
 yo bliyé tèt yo jous yo mouri.
- ¹² Sé pou sa sé pou nou kontan, sièl yo, *
 ak sa yo ki abité nan yo.

Réf. Jézu-Kri yè ak jodi-a, sé minm nan, ni pou sièk yo, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

VANDRÉDI SÉMÈN IV

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésonn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésonn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Papa nou yo té rakonté nou, puisans Granmèt la ak mèvèy li yo, sa li té fè yo, alélouya.

Psòm 77 (78), 1-39

Bonté Granmèt la épi infidélité pèp la nan istoua sové-a
Bagay sa yo minm, sé nan pòtré yo rivé pou nou (1 Kor 10, 6).

I

- ¹ Pèp mouin, konsidéré ansègnman-m nan ; *
panché zòrèy nou sou paròl yo nan bouch mouin-an.
- ² M-ap louvri bouch mouin nan parabòl, *
m-ap palé bagay ki té kaché dépi tan lontan.

- 3 Ala anpil bagay nou té tandé, nou konnin, †
épi papa nou yo té rakonté nou, *
- 4 nou pap kaché bay pitit yo,
antan y-ap rakonté-l bay yon lòt jénérasyon,
louanj Granmèt la ak puisans li yo *
ak mèvèy li yo, sa li té fè yo.
- 5 Li instalé témouagnaj nan Jakòb, *
épi li mété laloua-a nan Israèl ;
li pasé papa nou yo lòd †
pou yo fè pitit yo konnin yo, *
- 6 pou jénérasyon k-ap vini-an kapab konnin sa,
pitit yo k-ap vîn fèt yo.
Sé pou yo lévé, pou yo rakonté pitit yo, *
- 7 pou yo mété éspérans yo nan Bondié,
pou yo pa bliyé aksion Bondié yo, *
pou yo kinbé kòmandman-l yo.
- 8 Pou yo pa vîn tankou papa yo, *
jénérasyon rébèl, k-ap révòlté ;
jénérasyon ki pa gin kè-l solid, *
ki pa gin éspri-l fidèl pou Bondié.
- 9 Pitit Éfrayim yo, yo minm ki konn tiré flèch byin-an, *
yo viré do jou batay la.
- 10 Yo pa kinbé kontra Bondié-a, *
yo réfizé maché nan laloua-l la.
- 11 Yo bliyé aksion ékstraòdinè-l yo, *
ni mèvèy li yo li té fè yo ouè-a.
- 12 Dévan pròp papa yo li té fè mèvèy, *
nan tè Éjip la, nan kanpman Tanis la.
- 13 Li té fann lanmè-a, li fè yo pasé, *
li fè dlo yo kanpé tankou nan véso po-bèt.
- 14 Li té kondui yo lajounin avèk yon nuaj, *
épi tout nan nuit avèk yon limiè difé.

- 15 Li té fann ròch yo nan dézè-a, *
li té fè yo pasé souaf yo, tankou ak gran dlo nan trou san fon yo.
- 16 Li fè dlo koulé sot nan ròch la, *
sé tankou lariviè dlo li fè désann.

Réf. Papa nou yo té rakonté nou, puisans Granmèt la ak mèvèy li yo, sa li té fè yo, alélouya.

Réf. 2 Pitit Israèl yo té manjé mèn nan, yo té bouè bouason éspri-a, nan ròch ki t-ap suiv yo-a, alélouya.

II

- 17 Min yo té rékòmansé fè péché kont li, *
nan tè sèk la yo éksité nan kòlè Sa-a ki Anlè nèt la.
- 18 Yo té tanté Bondié nan kè yo, *
antan y-ap mandé manjé pou nanm yo ;
- 19 yo té palé kont Bondié, *
yo té di : « Èské Bondié kapab
paré yon tab nan dézè-a ? ».
- 20 Li fi-n frapé ròch la, dlo yo té koulé, *
lariviè yo té gayé.
« Koulié-a èské li kapab bay pin tou, *
oubyin èské-l kapab préparé viann pou pèp li-a ? ».
- 21 Granmèt la tandé, li faché, †
difé limin kont Jakòb, *
kòlè-a monté kont Israèl.
- 22 Sèké yo pa-t kouè nan Bondié, *
ni yo pa-t éspéré nan li kapab sovè yo-a.
- 23 Réyèlman li té pasé nuaj yo anro-a lòd, *
li té louvri pòt sièl yo ;
- 24 li té fè lapli lamàn tonbé pou yo pou yo manjé, *

- li té ba yo pin sièl la :
- 25 Moun nan té manjé pin anj yo ; *
- li té voyé manjé pou yo an kantité.
- 26 Li lévé van nan sid nan sièl la, *
- li minnin van sot nan Afrik ak tout fòs li ;
- 27 sé tankou pousiè viann ki tonbé sou yo kon lapli, *
- tankou sab lanmè, zouazo zèl yo :
- 28 yo tonbé nan mitan kan yo-a, *
- alantou tant yo-a.
- 29 Yo manjé, yo satisfè kont kò yo, *
- sa yo té anvi-a li poté-l ba yo.
- 30 Yo pa viré kité lanvi yo-a, *
- manjé yo-a té nan bouch yo toujou,
- 31 lè kòlè Bondié monté kont yo, †
- li touyé sa-k pi vanyan nan pami yo, *
- li détrui jèn jan Israël yo.

Réf. Pitit Israël yo té manjé mèn nan, yo té bouè bouason éspri-a, nan ròch ki t-ap suiv yo-a, alélouya.

Réf. 3 Yo té vîn sonjé sé Bondié k-ap poté yo sékou épi sé rédanmètè yo, alélouya.

III

- 32 Malgré tou sa, yo fè péché toujou, *
- yo pa kouè nan mèvèy li yo ;
- 33 li fè jou yo disparèt ak yon souf, *
- ané yo disparèt byin vit.
- 34 Lè-l t-ap touyé yo-a, yo té vîn ap chèché-l, *
- yo konvèti, yo vîn koté-l granmatin ;
- 35 yo vîn sonjé sé Bondié k-ap poté yo sékou, *

- Bondié ki Anro nèt la, sé rédanmtè yo.
 36 Épi yo té éséyé konvink li ak bouch yo, *
 ak lang yo sé manti yo té ba li ;
 37 kè yo minm pa-t douat avèk li, *
 ni yo pa-t fidèl nan aliens li-a.
 38 Li minm minm li té gin mizérikòd, *
 li padonnin péché-a, li pa gayé yo.
 Anpil foua li viré kòlè-l, *
 li pa limin tout gro kòlè-l.
 39 Épi li té sonjé sé chè yo yé, *
 souf k-ap pati ki pap tounin.

Réf. Yo té vîn sonjé sé Bondié k-ap poté yo sékou épi sé rédanmtè yo, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Kris la té rinmèt tèt li pou nou kòm ofrann ak sakrifis bay Bondié, alélouya.

Psòm 50 (51)

Bondié, pitié pou mouin

Sé pou nou vîn tou nèf nan jan éspri nou jijé tout bagay épi sé pou nou abiyé nou ak moun nouvo-a (Éféz 4, 23-24).

- 3 Pitié pou mouin, Bondié, *
dapré mizérikòd ou-a ;
dapré kantité pitié-ou, *
éfasé fòt mouin-an.
- 4 Lavé-m nèt sot nan fot mouin-an *
pròpté-m sot nan péché-m nan.
- 5 Sèké fot mouin-an sé mouin minm ki konnin-l, *
péché-m nan dévan-m tout tan.
- 6 Kont ou, kont ou sèl mouin fè péché *
épi sa-k mal dévan-ou la, mouin fè-l,
sé pou yo jouinn ou kòrèk nan désizion-ou, *
douat nan jijman-ou.
- 7 Gadé, nan fot mouin pran nésans, *
nan péché manman-m té poté-m nan vant.
- 8 Gadé, sé vérité ou rinmin nan kè, *
nan sékrè ou fè-m ouè sajàs.
- 9 Nétouayé-m avèk izòp, m-ap vîn pròp ; *
lavé-m, m-a vîn blan pasé lanèj.
- 10 Ou-ap fè-m tandé kontantman ak lajoua, *
épi y-ap fété zo yo ou té krazé yo.
- 11 Viré fas ou louin péché-m yo *
tout fot mouin yo, éfasé yo.
- 12 Kréyé yon kè pròp nan mouin, Bondié, *
réfè yon éspri fèm nan zantray mouin yo.
- 13 Pa jété-m louin fas ou, *
éspri sin-ou nan, pa ouété-l sot nan mouin.
- 14 Rinmèt mouin kè kontan sovè ou sovè nou-an, *
asiré-m ak éspri ki pi vif la.

- 15 M-ap aprann péchè yo chémin-ou yo, *
méchan yo ap tounin vîn jouinn ou.
- 16 Libéré-m sot nan san yo, Bondié, Bondié sovè mouin, *
lang mouin ap chanté jistis ou.
- 17 Granmèt, louvri po bouch mouin, *
bouch mouin ap anonsé louanj ou.
- 18 Ou pap pran plézi nan sakrifis, *
sakrifis antié, si-m ofri-l, li pap fè-ou plézi.
- 19 Sakrifis pou Bondié, sé yon éspri krazé, *
yon kè krazé, rabésé, Bondié pap méprizé-l.
- 20 Aji ak bon kè pou Siyon, Granmèt, nan bòn volonté ou, *
pou miray Jérusalèm yo kapab rébati.
- 21 Lè sa-a ou-a aksépté sakrifis jistis,
kado avèk sakrifis antié ; *
lè sa-a y-a mété ti toro sou otèl ou-a.

Réf. Kris la té rinmèt tèt li pou nou kòm ofrann ak sakrifis bay Bondié, alélouya.

Réf. 2 Jérusalèm, vil Bondié-a, ou-ap kléré ak limiè ki éklatan, alélouya.

Kantik

Tob 13, 8-11. 13-14 a b. 15-16 a b

Aksion-d-gras pou libérasion pèp la

Li montré-m vil ki sin-an Jérusalèm... ki gin klète Bondié-a (Ap 21, 10-11).

- 8 Béni Granmèt la, nou tout li chouazi yo, *
nou tout, fè louanj grandè-l.
Òganizé jou fèt, *
fè louanj pou li.

- 9 Jérusalèm vil ki sin-an, *
li té frapé-ou poutèt aksion min-ou yo.
- 10 Fè déklarasion pou Granmèt la nan bon aksion *
épi béni Roua sièk yo,
pou tant li-a kapab tounin vîn rébati nan ou avèk kè kontan, *
pou-l fè tout égzilé yo kontan nan ou,
pou-l rinmin tout maléré yo nan ou *
pou tout sièk sièk yo.
- 11 Yon bèl limiè ap kléré *
nan tout kouin tè-a ;
anpil nasion ap soti byin louin vîn koté-ou, †
ni moun ki abité tout bout tè-a,
y-ap vîn dévan non sin ou-a *
y-ap gin kado nan min yo pou roua sièl la.
Pou jénérasyon ak jénérasyon y-ap ba-ou kè kontan, *
non dam yo chouazi-a ap pou sièk sièk yo.
- 13 Lè sa-a sé pou kontan sé pou fété poutèt pitit moun ki kòrèk yo, †
paské yo tout ap rasanblé, *
y-ap béni Granmèt la pou tout tan-an.
- 14 Sé chans pou moun ki rinmin-ou yo, *
sé chans pou sa yo k-ap kontan nan lapè-ou la.
- 15 Nanm mouin, béni Granmèt la, gran roua-a, *
16 paské nan Jérusalèm y-ap bati tankou yon vil
kay li-a *
pou tout sièk yo.

Réf. Jérusalèm, vil Bondié-a, ou-ap kléré ak limiè ki éklatan, alélouya.

Réf. 3 Mouin té ouè Jérusalèm nouvo-a k-ap désann sot nan sièl la, alélouya.

Rétablisman Jérusalèm

Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an (Ap 21, 9).

- 12 [1] Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ; *
fè louanj Bondié-ou ansanm, Siyon.
- 13 [2] Paské li ranfòsé krochèt pòtay ou yo, *
li béni pitit ou yo nan ou.
- 14 [3] Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè, *
li ba-ou kont blé ki gra.
- 15 [4] Li minm ki voyé promès li sou tè-a, *
avèk vitès paròl li-a kouri.
- 16 [5] Li minm ki bay lanèj tankou linn, *
li simin larouzé tankou sann.
- 17 [6] Li voyé ti moso glas li-a tankou ti bouché ; *
dévan fas frédi-l la kilès k-ap kanpé ?
- 18 [7] Li voyé paròl li-a épi li fonn yo, *
li souflé souf li, dlo yo koulé.
- 19 [8] Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb, *
jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.
- 20 [9] Li pa-t aji konsa avèk tout nasion, *
li pa-t montré yo jijman-l yo.

Réf. Mouin té ouè Jérusalèm nouvo-a k-ap désann sot nan sièl la, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 161-168

XXI (Ψ Sîn)

- ¹⁶¹ Chèf yo té pèsékité-m san rézon, *
min sé nan paròl ou yo kè-m té tranblé.
- ¹⁶² M-ap kontan mouin minm osijè promès ou yo, *
tankou yon moun ki jouinn anpil richès.
- ¹⁶³ Mouin té rayi manti, mouin pa vlé ouè-l ; *
sé laloua-ou la mouin té rinmin.
- ¹⁶⁴ Sèt foua chak jou mouin té di louanj pou ou, *
osijè jijman jistis ou-a.
- ¹⁶⁵ Anpil lapè pou sa yo ki rinmin laloua-ou la, *
pou yo, li pa sèvi bariè.
- ¹⁶⁶ Mouin t-ap tann sovè ou sovè-m nan, Granmèt, *
mouin té réalizé lòd ou yo.
- ¹⁶⁷ Nanm mouin té kinbé témouagnaj ou yo, *
mouin rinmin yo anpil.
- ¹⁶⁸ Mouin kinbé kòmandman-ou yo ak témouagnaj ou yo, *
paské tout rout mouin yo dévan fas ou.

Psòm 132 (133)

Plézi bòn antant ant frè yo

Sé pou nou youn rinmin lòt, paské charité-a sé nan Bondié li soti (1 Jnn 4, 7).

- ¹ Gadé kijan sa bon, kijan sa fè plézi, *
pou frè yo abité ansanm :
- ² sé tankou pi bon losion sou tèt, †
k-ap désann sou bab, bab Aaron, *
k-ap désann sou kòl rad li ;
- ³ sé tankou larouzé Èrmon, *
k-ap désann sou mòn Siyon yo,
Paské sé la Granmèt la pasé lòd pou bédiksion-an rivé, *
lavi-a jous pou tout tan,

Psòm 139 (140), 2-9. 13-14

Ou sé kachèt mouin

Y-ap rinmèt Pitit moun nan nan min péchè yo (Mt 26, 45).

- ² Délivré-m, Granmèt, sot anba moun méchan-an, *
kont moun brutal la, protéjé-m.
- ³ Yo minm k-ap kalkulé méchansté nan kè yo, *
tout jounin y-ap òganizé bagay.
- ⁴ Yo filé lang yo tankou sèpan, *
pouazon sèpan aspik anba po bouch yo.
- ⁵ Prézèvé-m, Granmèt, sot anba min péchè-a, †
protéjé-m kont moun brutal la, *
y-ap kalkulé pou yo fè pié-m glisé.
- ⁶ Arogan yo té kaché yon pièj pou mouin, †
yo té tann kòd ak filè, *
bò santié-a yo té pozé pièj pou mouin.
- ⁷ Mouin té di Granmèt la : « Sé Bondié-m ou yé ; *
Granmèt, panché zòrèy ou sou voua lapriyé-m nan ».
- ⁸ Granmèt, Granmèt, sé ou minm ki fòs k-ap sové-m nan, *

ou kouvri tèt mouin nan jou lagè-a.

⁹ Pa kitè méchan-an réyusi sa-l anvè-a, Granmèt ; *
pa kitè mové plan-l nan réyisi.

[10 - 12]

¹³ Mouin té rékonèt kijan Granmèt la fè jijman maléré-a *
épi vanjans pòv yo.

¹⁴ Vrèman, moun ki kòrèk yo ap fè déklarasion pou non-ou, *
moun ki douat yo, y-ap abité dévan fas ou.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Vèp yo

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Bondié té tèlman rinmin tè-a, jous li bay Pitit li-a, sèl pitit li-a,
alélouya.

Psòm 144 (145)
Louanj grandè Bondié

Ou kòrèk, ou minm ki égzisté, épi ki té égzisté, Sin-an (Ap 16, 5).

I

- | | | |
|----|---|---|
| 1 | M-ap lévé-ou anlè, Bondié mouin ki roua, †
m-ap béni non-ou *
pou tout tan ak tout tan gin tan. | א |
| 2 | Chak jou m-ap béni-ou, †
m-ap fè louanj pou non-ou *
pou tout tan ak tout tan gin tan. | ב |
| 3 | Granmèt la gran, li mérité anpil louanj, *
yo pa kapab sondé grandè-l. | ג |
| 4 | Yon jénérasyon ap fè louanj pou travay li
bay yon lòt jénérasyon, *
y-ap rakonté pouvoua-ou. | ד |
| 5 | Grandè gloua majésté-ou, y-ap déklaré-l, *
mèvèy ou yo, y-ap rakonté yo. | ה |
| 6 | Y-ap di puisans sa-ou fè yo ki bay krint *
épi y-ap rakonté grandè-ou. | ו |
| 7 | Y-ap déklaré souvni dousè-ou k-ap débòdé, *
y-ap fété poutèt jistis ou. | ז |
| 8 | Granmèt la gin pitié, li gin mizérikòd, *
li gin pasians, li gin anpil mizérikòd. | ח |
| 9 | Granmèt la bon pou tout moun, *
pitié li yo sou tou sa-l fè yo. | ט |
| 10 | Sé pou yo fè déklarasyon pou ou, Granmèt, tou sa-ou fè yo ; *
sé pou sin-ou yo béni-ou. | י |
| 11 | Gloua péyi-roua-ou la, sé pou yo déklaré-l, *
pouvoua-ou, sé pou yo anonsé-l, | כ |
| 12 | pou yo fè pitit moun yo konnin mèvèy ou yo, *
ak gloua grandè péyi-roua-ou la. | ל |

¹³ Péyi-roua-ou la, sé péyi-roua tout tan yo, * ד
kòmandman-ou nan pou jénérasion ak jénérasion.

Réf. Bondié té tèlman rinmin tè-a, jous li bay Pitit li-a, sèl pitit li-a, alélouya.

Réf. 2 Pou roua sièk yo, li minm ki pa kapab mouri, li minm yo pa kapab ouè, tout onè ak gloua, alélouya.

III

- ^{13b} Granmèt la fidèl nan tout paròl li yo, * ג
épi li sin nan tout aksion li yo.
- ¹⁴ Granmèt la soulajé tout moun ki tonbé, * ד
li drésé tout moun ki fébli.
- ¹⁵ Jé yo tout ap éspéré sou ou, * ע
ou minm ou ba yo manjé nan tan konvnab.
- ¹⁶ Ou louvri min-ou, * פ
ou plin tout vivan nan byinvéyans.
- ¹⁷ Granmèt la kòrèk nan tout chémin-l yo, * צ
li sin nan tout aksion-l yo.
- ¹⁸ Granmèt la toupré tout moun k-ap rélé-l yo, * ק
tout moun yo k-ap rélé-l nan vérité-a.
- ¹⁹ L-ap fè volonté moun ki krinn li yo, † ר
l-ap kouté priyè yo, *
l-ap sové yo.
- ²⁰ Granmèt la présèvé tout moun ki rinmin-l yo, * ש
min l-ap gayé tout péchè yo.
- ²¹ Sé pou bouch mouin fè louanj Granmèt la, † ת
sé pou tout chè béni non-l ki sin-an *
pou tout tan ak tout tan gin tan.

Réf. Pou roua sièk yo, li minm ki pa kapab mouri, li minm yo pa kapab ouè, tout onè ak gloua, alélouya.

Réf. 3 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, sé li minm ki sovém, alélouya.

Kantik

Ap 15, 3-4

Kantik adorasion

- ³ Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, *
 Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua ;
 yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo, *
 Roua nasion yo !
- ⁴ Kilès ki pap krinn ou, Granmèt, *
 épi ki pap fè gloua pou non-ou ?
 Paské ou minm sèl ou Sin, †
 paské tout nasion yo ap vini
 y-ap adoré nan fas ou, *
 paské jijman-ou yo parèt klè.

Réf. Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, sé li minm ki sovém, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Magnificat* la, priyè yo ak priyè final la, tankou nan Pròp pou Tan-an.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

SAMDI SÉMÈN IV

Pou Invitatoua-a

V/. Granmèt, louvri bouch mouin.

Psòm invitatoua-a, 541, avèk réfrin ki korésonn pou Ofis la.

Pou Ofis léktu-a

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman.
Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésonn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt la té rachté yo sot nan min sa-k t-ap fè yo pasé tray yo, alélouya.

Psòm 77 (78), 40-72

Bonté Granmèt la épi infidélité pèp la nan istoua sové-a
Bagay sa yo minm, sé nan pòtré yo rivé pou nou (1 Kor 10, 6).

IV

⁴⁰ Konbyin foua, yo té provoké-l nan dézè-a, *
yo té pousé-l fè kòlè nan tè san dlo-a !

⁴¹ Yo té rékòmansé, yo té tanté Bondié, *
yo té provoké Sin Israël la.

⁴² Yo pa-t sonjé min-l, *
jou li té délivré yo sot nan min sa-k t-ap fè yo pasé tray yo.

- 43 Lè-l té bay sign li yo nan Éjip la *
avèk prodij li yo nan kanpman Tanis la.
- 44 Lè-l té fè gran lariviè yo-a tounin san-an, *
joustan yo pa-t kapab bouè dlo yo ki t-ap koulé-a.
- 45 Li té voyé moustik sou yo ki dévoré yo, *
ak krapo ki té gaté sa yo ginyin.
- 46 Li fè krikèt kado jadin yo, *
frui travay yo té pou gro krikèt.
- 47 Li té touyé jadin rézin yo ak kout lagrèl, *
pié fig yo ak laglas.
- 48 Li té rinnèt bèt chaj yo bay lagrèl, *
bann mouton yo bay flanm difé.
- 49 Li té voyé chalè kòlè-l sou yo, †
mové san, raj, kè séré, *
yon détachman anj malè.
- 50 Li té égalizé santié pou kòlè-l ; †
li pa-t prezèvé nanm yo anba lanmò, *
li té lagé lavi yo bay épidémi ki rèd.
- 51 Li té frapé tout prémié pitit nan tè Éjip, *
prémié frui fòs nan tant Kam yo.

Réf. Granmèt la té rachté yo sot nan min sa-k t-ap fè yo pasé tray yo, alélouya.

Réf. 2 Granmèt la té kondui yo sou mòn koté li fè vîn sin-an, alélouya.

V

- 52 Li té kondui pèp li-a tankou mouton, *
li dirijé yo tankou yon troupo nan dézè-a.
- 53 Li té kondui yo nan éspérans, yo pa tranblé, *
lanmè-a kouvri ènmi yo.
- 54 Li té kondui yo jous nan péyi-l ki sin-an, *

- sou mòn nan min douat li té réyisi pran-an.
- 55 Li té chasé nasion sot dévan yo, †
li té séparé éritaj la ba yo avèk apantaj, *
li té instalé fanmi Israèl yo nan tant yo.
- 56 Yo té tanté Bondié ki Anro nèt la, yo té éksité-l, *
yo pa-t kinbé témouagnaj li yo.
- 57 Yo té viré do ba li, yo té fè rébèl, †
tankou papa yo, *
yo té viré an-ariè tankou yon mové zam pou tiré flèch.
- 58 Yo té éksité kòlè-l sou ti rotè yo, *
yo fè-l fè jalouzi avèk ziddòl yo.
- 59 Bondié té tandé, li faché, *
li té méprizé Israèl byin méprizé.
- 60 Li té pati kité kay Silo-a, *
tant koté li té abité avèk moun yo.
- 61 Li té rinnèt puisans li kòm prizonié, *
épi bèlté-l la nan min ènmi-an.
- 62 Li té fèmin pèp li-a nan épé, *
li té fè kòlè kont éritaj li-a.
- 63 Difé té dévoré jèn jan-l yo, *
jèn fi li yo pa gin fèt nòs.
- 64 Prèt li yo tonbé anba kout épé, *
vè yo pa gin sérémoni dèy.

Réf. Granmèt la té kondui yo sou mòn koté li fè vîn sin-an, alélouya.

Réf. 3 Sé group fanmi Juda-a li té chouazi, épi David, sévitè-l, pou-l okipé Israèl éritaj li-a, alélouya.

- 65 Épi Granmèt la té lévé tankou moun ki sot nan dòmi, *
tankou sòlda divin éksité.
- 66 Li té frapé ènmi-l yo pa déyè, *
li té lagé yo nan laront pou tout tan.
- 67 Li té pati kité tant Jozèf la, *
li pa-t chouazi ras Éfrayim nan,
- 68 sé ras Juda-a li té chouazi, *
mòn Siyon-an li té rinmin.
- 69 Li té bati kay sakré-l la tankou sa-k pi ro-a,
tankou tè li té pozé fondasion-l pou sièk yo.
- 70 Li té chouazi David, sévitè-l, †
li té pran-l sot nan pak mouton yo, *
- 71 pandan-l t-ap suiv manman mouton yo, li fè-l vini :
pou-l kondui Jakòb, pèp li-a, *
ak Israèl éritaj li-a.
- 72 Li té kondui yo avèk yon kè san répròch, *
li té dirijé yo avèk min ki gin ladrès.

Réf. Sé group fanmi Juda-a li té chouazi, épi David, sévitè-l, pou-l okipé Israèl éritaj li-a, alélouya.

Vèsè-a, léktu yo épi priyè-a ki koréspon pou chak Ofis yo.

Pou Louanj yo nan matin

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

Poutan yo soté sa-a lè Invitatoua-a vini tousuit anvan.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. 1 Ala gran yo gran, aksion-ou yo, Granmèt, alélouya.

Psòm 91 (92)

Louanj Granmèt la, kréatè-a

Y-ap déklaré louanj pou aksion Sèl Pitit la (S. Atanaz).

- 2 Sa bon pou fè louanj Granmèt la, *
 pou chanté pou non-ou, Ou minm ki anro nèt la,
 3 pou anonsé mizérikòd ou-a dépi granmatin, *
 ak vérité-ou la tout nannuit,
 4 sou instriman dis kòd la, sou gita, *
 avèk akonpagnman bas.
 5 Paské ou ban-m kontantman, Granmèt, avèk sa-ou fè yo, *
 m-ap fété pou aksion min-ou fè yo.
 6 Ala gran yo gran, sa-ou fè yo, Granmèt : *
 sa-ou kalkilé yo, yo fon anpil.
 7 Moun sòt pa konnin sa, *
 moun san léspri pa konprann sa.
 8 Péchè yo mèt pousé tankou zèb, *
 tout moun k-ap fè méchansté yo mèt fléri,
 sé pou yo kapab détrui pou tout tan ; *
 9 min, ou minm, Granmèt, ou anlè pou tout tan.
 10 Paské, gadé, ènmi-ou yo, Granmèt, †
 gadé ènmi-ou yo k-ap détrui, *
 tout moun k-ap fè méchansté yo, y-ap gayé yo.
 11 Ou fè-m lévé kòn mouin byin ro tankou bèt yon sèl kòn la, *
 yo vidé luil sou mouin an kantité.
 12 Jé-m ap méprizé ènmi-m yo, *
 méchan yo ki té konn lévé kont mouin-an,
 zòrèy mouin yo ap tandé yo.

- 13 Moun ki kòrèk la, sé tankou pié palm l-ap fléri, *
 tankou pié sèd Liban l-ap grandi.
- 14 Yo planté nan kay Granmèt la, *
 nan lakou Bondié nou-an y-ap fléri.
- 15 Y-ap donnin frui toujou nan viyéès la, *
 y-ap donnin an kantité, y-ap byin vèt,
- 16 pou yo anonsé kijan Granmèt la douat,
 kachèt mouin-an, *
 pa gin défo nan li.

Réf. Ala gran yo gran, aksion-ou yo, Granmèt, alélouya.

Réf. 2 M-ap vidé yon dlo pròp sou nou, alélouya.

Kantik

Éz 36, 24-28

Granmèt la ap rénouvélé pèp li-a

Y-ap pèp li, li minm Bondié avèk yo l-ap Bondié yo (Ap 21, 3).

- 24 M-ap pran nou sot nan nasion yo, †
 m-ap rasanblé nou sot nan tout péyi yo, *
 m-ap minnin nou nan péyi nou-an ;
- 25 m-ap vidé yon dlo pròp sou nou, †
 n-ap nétouayé sot nan tou sa-k té sal nou, *
 anba tout zidòl nou yo m-ap nétouayé nou.
- 26 M-ap ba nou yon kè nouvo, *
 m-ap mété yon éspri nouvo nan mitan nou,
 m-ap ouété kè ròch la sot nan chè nou, *
 m-ap ba nou yon kè chè ;
- 27 m-ap mété éspri-m nan mitan nou, †
 m-ap fè nou maché nan lòd mouin yo, *
 pou nou kinbé jijman-m yo, pou nou réalizé yo.

28 N-ap abité nan tè-a, sa-m té bay papa nou yo, †
 n-ap yon pèp ki pou mouin, *
 mouin minm m-ap Bondié nou.

Réf. M-ap vidé yon dlo pròp sou nou, alélouya.

Réf. 3 Tout bagay sé pou nou, nou minm minm nou pou Kris la, Kris la li minm minm li pou Bondié, alélouya.

Psòm 8

Grandè Bondié, konsidèrasion moun

Li mété tout bagay anba pié-l, li bay li kòm tèt sou tout Égliz la (Éféz 1, 22).

2 Granmèt, Granmèt nou, *
 ala gran non-ou gran sou tout tè-a.
 paské grandè-ou ro *
 anlè sièl yo.

3 Nan bouch ti moun piti ak sa ki nan tété yo, †
 ou réalizé louanj poutèt ènmi-ou yo, *
 pou-ou détoui ènmi ak sa k-ap tiré vanjans.

4 Lè-m ouè sièl ou yo, travay douèt ou yo, *
 lalîn ak zétoual yo ou fiksé,
 5 sa moun nan yé, pou-ou sonjé-l, *
 oubyin pitit moun nan, pou ou vizité-l ?

6 Ou fè-l vîn pi ba yon ti kras anba anj yo, †
 ak gloua ak konsidèrasion ou kouronnin-l *

7 ou instalé-l anlè travay min-ou yo.
 Tout bagay, ou mété yo anba pié-l, †

8 ni mouton, ni bèf, yo tout, *
 minm bèt nan rak boua yo,

⁹ zouazo sièl yo ak pouason lanmè yo, *
 tou sa k-ap maché nan santié lanmè yo.

¹⁰ Granmèt, Granmèt nou, *
 ala gran non-ou gran sou tout tè-a.

Réf. Tout bagay sé pou nou, nou minm minm nou pou Kris la, Kris la li minm minm li pou Bondié, alélouya.

Léktu kout la, répons la, réfrin pou *Benedictus* la, priyè yo ak priyè final la dapré sa divèsité Ofis la mandé-a.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

Pou Lè nan mitan-an

V/. Bondié, vîn édé mouin. Viv Papa-a. Tankou nan kòmansman. Alélouya.

IMN ki korésponn pou Ofis la.

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 118 (119), 169-176

XVII (⌈ Taou)

¹⁶⁹ Sé pou priyè-m nan proche nan fas ou, Granmèt ; *
 dapré paròl ou-a, ban-m intèlijans.

¹⁷⁰ Sé pou démann mouin-an antré nan fas ou, *
 dapré promès ou-a libéré-m.

- 171 Bouch mouin déklaré kantik, *
lè ou-ap aprann mouin désizion-ou yo.
- 172 Lang mouin chanté promès ou, *
paské tout lòd ou yo sé jistis.
- 173 Sé pou min-ou vîn poté-m sékou, *
paské mouin chouazi kòmandman-ou yo.
- 174 Mouin anvi délivrans ou-a, Granmèt, *
laloua-ou la sé plézi-m.
- 175 Sé pou nanm mouin viv, l-ap fè louanj ou, *
jijman-ou yo ap poté-m sékou.
- 176 Mouin pèdi rout tankou mouton, k-ap pèri ; *
chèché sèvitè-ou la, paské mouin pa bliyé lòd ou yo.

Psòm 44 (45)

Nòs Roua-a

Min mésié k-ap marié-a, soti al rankontré-l (Mt 25, 6).

I

- 2 Yon bon paròl monté sot nan kè-m, †
m-ap di sa-m fè-a bay roua-a. *
- Lang mouin sé plim yon moun k-ap ékri vit.
- 3 Sé ou minm ki pi bèl nan pitit moun yo, †
gras ap koulé sot nan po bouch ou, *
sé pou sa Bondié béni-ou pou tout tan.
- 4 Pasé épé-ou nan sinti-ou, vanyan sòlda, *
kouraj ou, épi bèlté-ou.
- 5 Ak bèlté-ou, avansé, monté sou chario *
pou kòz vérité-a, ni bonté-a, ni jistis.
- Min douat ou ap aprann ou fè mèvèy : †
- 6 flèch pouinti-ou yo, – pèp yo anba-ou yo tonbé – *
nan kè ènmi roua yo.

- 7 Trôn ou, Bondié, tout tan san rété ; *
baton douati, baton péyi roua-ou la.
- 8 Ou té rinmin jistis, épi ou té rayi méchansté ; †
sé pou sa li sakré-ou, Bondié, Bondié-ou la, *
ak luil kè kontan nan mitan konpagnon-ou yo.
- 9 Lamir ak aloès, kanèl, nan tout rad ou ; *
nan palè ki fèt avèk défans eléfan yo, yo fè kè-ou kontan.
- 10 Pitit fi roua nan pami sa-ou aprésié yo ; *
rèn-nan kanpé adouat ou, li dékoré ak lò ki sot nan péyi Ofir.

II

- 11 Kouté, pitit fi, épi gadé, †
épi paré zòrèy ou *
épi bliyé pèp ou ak kay papa-ou.
- 12 Roua-a anvi bèlté-ou. *
- Paské sé Granmèt ou li yé, sé pou-ou adoré-l.
- 13 Pitit fi Tir la ak kado-l yo ; *
- moun yo ki pi rich nan pèp la, y-ap salué ou.
- 14 Ak tout bèlté-l, pitit fi roua-a ap avansé al anndan-an, *
ak toual ki koud avèk fil lò li abiyé.
- 15 Ak rad brodé, yo minnin-l bay roua-a ; *
fi vièj yo dèyè-l, zanmi-l yo, yo fè yo antré vîn jouinn ou.
- 16 Yo fè yo antré ak kè kontan, épi fèt, *
yo minnin yo nan palè roua-a.
- 17 Nan plas papa-ou yo sé pitit ou yo k-ap vini ; *
ou-ap mété yo kòm chèf nan tout tè-a.
- 18 Sé pou-m fè sonjé non ou *
nan tout jénérasyon ak jénérasyon ;
sé pou sa pèp yo ap fè louanj ou tout tan *
ak pou tout tan san rété.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Pou lòt Lè yo, psòm konplémantè yo, 1007.

Léktu kout la, vèsè-a ak priyè final la, dapré sa divèsité Ofis la mandé-a.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

POU KONPLI

APRÈ PRÉMIÉ VÈP DIMANCH ÉPI SOLANITÉ YO

Tout bagay yo tankou nan Òrdinè-a, 564, éksépté sa-k vîn apré la-a:

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 4

Aksion-d-gras

Granmèt la té fè bèl mèvèy, lè-l té résisité-l pami mò yo (S. Ogustin).

- ² Lè-m té rélé ou té kouté-m, Bondié jistis mouin. *
nan tribilasyon-an ou té dégajé-m ;
pran pitié pou mouin, *
kouté priyè mouin.
- ³ Pitit moun yo, jouskilè n-ap lou nan kè nou ? *
- Pouki sa nou rinmin sa-k pa vo anyin, n-ap chèché paròl manti ?
- ⁴ Sé pou nou konnin Granmèt la fè mèvèy pou sin-l nan ; *
- Granmèt la ap kouté, lè m-ap rélé koté-l.
- ⁵ Fè kòlè, min pa fè péché ; †
palé nan kè nou, *
sou kabann nou, rété trankil.
- ⁶ Sakrifié sakrifis kòrèk, *
épi éspéré nan Granmèt la.
- ⁷ Anpil moun ap di : « Kilès k-ap montré nou byin yo ? ». *
- Lévé limiè fas ou sou nou tankou yon sign, Granmèt !
- ⁸ Ou mété plis kè kontan nan kè-m, *
pasé lè blé ak divin yo vîn anpil.

- ⁹ Nan lapè byin vit m-ap dòmi, m-ap répozé, *
paské ou minm, Granmèt,
ou instalé-m nan éspérans yon fason spésial.

Psòm 133 (134)

Priyè asouè nan tanp la

Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran (Ap 19, 5).

- ¹ Gadé, béni Granmèt la,
nou tout sèvitè Granmèt la, *
ki kanpé nan kay Granmèt la, tout nannuit la.
² Lévé min nou nan diréksion sanktuè-a, *
épi béni Granmèt la.
³ Sé pou Granmèt la béni-ou antan-l nan Siyon, *
li minm ki fè sièl la ak tè-a.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

LÉKTU KOUT

Dét 6, 4-7

Kouté, Israël : Granmèt la Bondié nou-an sé yon sèl Granmèt la. Sé pou-ou rinmin Granmèt la Bondié-ou la ak tout kè-ou ak tout nanm ou, ak tout fòs ou. Sé pou paròl sa yo mouin kòmandé-ou jodi-a, rét nan kè-ou, sé pou-ou rakonté yo bay pitit ou yo, sé pou-ou médité sou yo antan-ou chita nan kay ou épi antan ou-ap maché nan chémin, antan ou-ap dòmi épi antan ou-ap lévé.

Pandan oktav Pak la, nan pla répons la yo di réfrin Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya, **tankou nan Pròp pou Tan-an.**

RÉPONS KOUT

R/. Nan min-ou yo, Granmèt, mouin rinmèt éspri mouin, * Alélouya, alélouya. Nan min-ou yo.

V/. Ou té rachté nou, Granmèt, Bondié vérité-a. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Nan min-ou yo.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 2, 29-32

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè, alélouya.

Kantik évanjélik

Lk 2, 29-32

Kris la, limiè nasion yo ak gloua Israèl

- ²⁹ Koulié-a, Granmèt, ou mèt kité sèvitè-ou la pati, *
daprè paròl ou-a, nan lapè,
³⁰ paské jé-m yo ouè *
sové ou-ap sové nou-an,
³¹ sa-ou té préparé-a *
dévan fas tout pèp yo,
³² limiè pou révélasion nasion yo, *
épi gloua Israèl, pèp ou-a.

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè, alélouya.

Priyè

Vizité nou, tanpri, Granmèt, nan nuit sa-a koulié-a, pou antan nou lèvé dévanjou gras a pouvoua-ou, n-ap kapab réjoui osijè rézéréksion Kris ou-a. Li minm ki vivan.

Oubyin, nan solanité ki pa tonbé jou dimanch :

Vizité kay sa-a, tanpri, Granmèt, épi voyé tout pièj ènmi-an byin louin-l; sé pou anj-ou yo ki sin abité ladan-l, yo minm k-ap protéjé nou nan lapè; épi sé pou bénédiksion-ou toujou sou nou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Konklizion Lè-a épi réfrin an lonè Trè Sint Vièj Mari, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 567.

APRÉ DÉZIÈM VÈP DIMANCH ÉPI SOLANITÉ YO

Tout bagay yo tankou nan Òrdinè-a, 564, éksépté sa-k vîn apré la-a:

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 90 (91)

Anba protéksion Sa-a ki anro nèt la

Min mouin ba nou pouvoua pou nou maché sou sèpan ak skòpion (Lk 10, 19).

- ¹ Moun ki abité nan protéksion Sa-a ki anro nèt la, *
l-ap rété anba lonbraj Sa-a ki gin tout pouvoua-a.
- ² L-ap di Granmèt la : †
« Kachèt mouin, ak fòs mouin, *
Bondié mouin, m-ap éspéré nan ou ».
- ³ Paské li minm l-ap libéré-ou sot nan pièj chasè yo *
ak nan paròl méchan.
- ⁴ Ak zèl li yo l-ap kouvri-ou, †
anba plim zèl li ou-ap kaché ; *
boukliyé ak protéksion, sé vérité-l la.
- ⁵ Ou pap pè bagay k-ap fè moun pè nannuit,
dévan flèch k-ap volé lajounin, †
- ⁶ dévan épidémi k-ap maché nan fènoua, *
dévan déstriksion k-ap fè ravaj gro midi.
- ⁷ Mil ap tonbé bò koté-ou, †
di-mil adouat ou ; *
kanta ou minm, li pap touché-ou.

- 8 Réyèlman ou-ap égzaminé byin ak jé-ou, *
ou-ap ouè péchè yo jouinn sa yo mérité.
- 9 Paské ou minm, Granmèt, ou sé kachèt mouin. *
Ou té mété abitasion-ou anlè nèt.
- 10 Malè pap proche koté-ou, *
chatiman pap proche nan tant ou,
- 11 paské l-ap pasé anj li yo lòd osijè-ou, *
pou yo véyé sou ou nan tout chémin-ou yo.
- 12 Sé sou min yo y-ap poté-ou, *
pou pié-ou pa riské frapé sou ròch.
- 13 Sou sèpan aspik ak roua sèpan yo ou-ap maché, *
ou-ap foulé lion ak dragon anba pié-ou.
- 14 Paské li kolé kò-l sou mouin, m-ap libéré-l ; *
m-ap résévoua-l, paské li konnin non-m.
- 15 L-ap rélé-m, m-ap kouté-l ; †
m-ap avèk li nan tribilasion-an, *
m-ap libéré-l, m-ap fè-l jouinn gloua.
- 16 M-ap plin-l ak kantité jou, *
m-ap fè-l ouè sové mouin sové-l la.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ap 22, 4-5

Y-ap ouè fas Granmèt la, épi non-l ap nan fron yo. Pap gin nannuit ankò, yo pap bézouin limiè lanp, ni limiè solèy, paské Granmèt Bondié ap kléré sou yo, y-ap régné nan sièk sièk yo.

Pandan oktav Pak la, nan pla répons la yo di réfrin Jou sa-a Granmèt la té fè-a: an nou fété, an nou kontan ladan-l, alélouya, **tankou nan Pròp pou Tan-an.**

RÉPONS KOUT

R/. Nan min-ou yo, Granmèt, mouin rinmèt éspri mouin, * Alélouya, alélouya. Nan min-ou yo.

V/. Ou té rachté nou, Granmèt, Bondié vérité-a. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Nan min-ou yo.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 2, 29-32

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè, alélouya.

Kantik évanjélik

Lk 2, 29-32

Kris la, limiè nasion yo ak gloua Israèl

²⁹ Koulié-a, Granmèt, ou mèt kité sèvitè-ou la pati, *

dapré paròl ou-a, nan lapè,

³⁰ paské jé-m yo ouè *

sové ou-ap sové nou-an,

³¹ sa-ou té préparé-a *

dévan fas tout pèp yo,

³² limiè pou révélasion nasion yo, *

épi gloua Israèl, pèp ou-a.

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè, alélouya.

Priyè

Voua nou, Granmèt, ap priyé-ou avèk umilitéé, pou antan mistè rézireksion Granmèt la sélébré nan jou sa-a, nou répozé nan lapè-ou la san okinn mal pa troublé nou, épi nou lèvé nan louanj ou ak kè kontan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin, nan solanité ki pa tonbé dimanch :

Vizité kay sa-a, tanpri, Granmèt, épi voyé tout pièj ènmi-an byin louin-l; sé pou anj ou yo ki sin abité ladan-l, yo minm k-ap protéjé nou nan lapè; épi sé pou bédiksion-ou toujou sou nou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Konklizyon Lè-a épi réfrin an lonè Trè Sint Vièj Mari, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 567.

LINDI

Tout bagay yo tankou nan Òrdinè-a, 564, éksépté sa-k vîn apré la-a:

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 85 (86)**Priyè pòv la nan kontrariété**

Li béni, Bondié, li minm ki konsolé nou nan tout tray tribilasyon nou (2 Ko 1, 3. 4).

- ¹ Panché zòrèy ou, Granmèt, kouté-m, *
paské mouin maléré, mouin pòv.
- ² Prézèvé nanm mouin, paské mouin sin ; *
sové sèvitè-ou la, Bondié mouin, k-ap espéré nan ou.
- ³ Pitié pou mouin, Granmèt, *
paské m-ap rélé koté-ou tout lajounin.
- ⁴ Fè nanm sèvitè-ou la kontan, *
paské sé koté-ou, Granmèt mouin té lévé nanm mouin.
- ⁵ Paské Granmèt, ou bon, ou dou, *
ou gin mizérikòd anpil pou tout moun k-ap rélé-ou.
- ⁶ Kouté priyè-m, Granmèt ak zòrèy ou, *
tandé voua priyè-m nan.
- ⁷ Nan jou tribilasyon mouin-an, mouin rélé-ou, *
paské ou kouté mouin.
- ⁸ Nan pouin tankou-ou pami dié yo, Granmèt, *
nan pouin anyin tankou sa ou fè yo.
- ⁹ Tout nasion yo, ninpòt nan sa ou fè yo, y-ap vini †
épi y-ap adoré dévan-ou, Granmèt, *
épi y-ap fè louanj non ou,

- 10 paské ou gran épi ou fè mèvèy : *
ou minm sèl ki Bondié.
- 11 Aprann mouin chémin-ou nan, Granmèt, *
m-a maché nan vérité-ou la ;
fè kè-m vîn tou sinp, *
pou-l krinn non ou.
- 12 M-a fè déklarasion pou ou, Granmèt Bondié mouin,
ak tout kè mouin, *
m-a montré grandè non-ou pou tout tan,
- 13 paské mizérikòd ou-a gran sou mouin, *
ou délivré nanm mouin anba bafon ki anba nèl la.
- 14 Bondié, ògèyé yo té soulvé kont mouin, †
asanblé puisan yo t-ap chèché nanm mouin, *
yo pa-t mété-ou dévan fas yo.
- 15 Ou minm, Granmèt Bondié ki pran pitié épi ki gin mizérikòd, *
ki gin pasians épi anpil mizérikòd ak vérité,
- 16 voyé jé sou mouin épi pran pitié pou mouin ; †
bay sèvitè-ou fòs ou, *
sové pitit sèvant ou-a.
- 17 Fè yon sign avèk mouin nan sa-k bon-an, †
pou yo ouè, sa-k rayi-m yo, pou yo ront, *
paské ou minm, Granmèt, ou té poté-m sékou
ou té konsolé-m.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Tés 5, 9-10

Bondié té mété nou pou nou jouinn sové li sové nou-an, pa pouvoua Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki mouri pou nou, pou, soua n-ap véyé, soua n-ap dòmi, nou viv ansanm avèk li.

RÉPONS KOUT

R/. Nan min-ou yo, Granmèt, mouin rinmèt éspri mouin, * Alélouya, alélouya. Nan min-ou yo.

V/. Ou té rachté nou, Granmèt, Bondié vérité-a. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Nan min-ou yo.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 2, 29-32

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè, alélouya.

Kantik évanjélik

Lk 2, 29-32

Kris la, limiè nasion yo ak gloua Israèl

²⁹ Koulié-a, Granmèt, ou mèt kité sèvitè-ou la pati, *

daprè paròl ou-a, nan lapè,

³⁰ paské jé-m yo ouè *

sové ou-ap sové nou-an,

³¹ sa-ou té préparé-a *

dévan fas tout pèp yo,

³² limiè pou révélasion nasion yo, *

épi gloua Israèl, pèp ou-a.

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè, alélouya.

Priyè

Répo-a, Granmèt, sa-k bon pou santé-a, fè kò nou yo jouinn li, épi sémans nou planté jodi-a gras a travay nou-an, fè-l jèmin pou rékòlt k-ap pou tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Konklizion Lè-a épi réfrin an lonè Trè Sint Vièj Mari, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 567.

MADI

Tout bagay yo tankou nan Òrdinè-a, 564, éksépté sa-k vîn apré la-a:

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 142 (143), 1-11

Priyè nan kè séré yo

Moun pa vîn kòrèk poutèt aksion laloua-a, min gras a lafoua nan Jézu-Kri (Gal 1, 16).

- ¹ Granmèt, kouté priyè-m, †
sé pou zòrèy ou sansib pou démann mouin
nan vérité-ou la ; *
kouté-m nan jistis ou-a.
- ² Pa antré nan jijman avèk sèvitè-ou la, *
paské nan fas ou okinn vivan pa an règ.
- ³ Sèké ènmi-an t-ap pèsékité nanm mouin, †
li té krazé lavi-m jous atè, *
li té instalé-m nan fènoua yo,
tankou mouin ki mouri dépi sièk la.
- ⁴ Souf mouin t-ap dépéri nan mouin, *
kè-m vîn rèdi anndan mouin.
- ⁵ Mouin sonjé jou lontan yo, †
m-ap médité sou tout aksion-ou yo, *
sou travay min-ou yo m-ap réfléchi.
- ⁶ Mouin lonjé min-m yo koté-ou, *
nanm mouin tankou tè san dlo pou ou.
- ⁷ Fè vit réponn mouin, Granmèt ; *
éspri-m ap fébli.

- Pa kaché fas ou louin mouin, *
- pou-m pa sanblé ak moun k-ap désann nan fòs yo.
- 8 Fè-m tandé mizérikòd ou granmatin, *
- paské sé nan ou mouin espéré.
- Fè-m konnin nan ki chémin pou-m maché, *
- paské sé koté-ou mouin lévé nanm mouin.
- 9 Délivré-m anba ènmi-m yo, *
- Granmèt, sé koté-ou mouin té kaché.
- 10 Aprann mouin fè volonté ou, *
- paské sé Bondié-m ou yé.
- Sé pou bon éspri-ou la kondui-m nan tè ki douat ; *
- 11 poutèt non-ou, Granmèt, ou-a ban-m lavi.
- Nan jistis ou-a *
- ou-a kondui nanm mouin sot nan tribilasyon-an.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Piè 5, 8-9 a

Kontrolé tèt nou, rét ap véyé. Ènmi nou-an, djab la, tankou yon lion k-ap pousé rèl l-ap fè lavironn, l-ap chèché moun pou-l dévoré. Rézisté-l avèk fòs nan lafoua-a.

RÉPONS KOUT

R/. Nan min-ou yo, Granmèt, mouin rinmèt éspri mouin, * Alélouya, alélouya. Nan min-ou yo.

V/. Ou té rachté nou, Granmèt, Bondié vérité-a. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Nan min-ou yo.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 2, 29-32

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè, alélouya.

Kantik évanjélik

Lk 2, 29-32

Kris la, limiè nasion yo ak gloua Israèl

- 29 Koulié-a, Granmèt, ou mèt kitè sèvitè-ou la pati, *
 dapré paròl ou-a, nan lapè,
 30 paské jé-m yo ouè *
 sovè ou-ap sovè nou-an,
 31 sa-ou té préparé-a *
 dévan fas tout pèp yo,
 32 limiè pou révélasion nasion yo, *
 épi gloua Israèl, pèp ou-a.

Réf. Sovè nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè, alélouya.

Priyè

Nuit sa-a, tanpri, Granmèt, kléré-l pou jan-ou bon, épi nou minm sèvitè-ou yo fè nou dòmi nan lapè yon fason pou o non-ou nou kontan révéyé al nan klèté jou nouvo-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Konklizion Lè-a épi réfrin an lonè Trè Sint Vièj Mari, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 567.

MÈKRÉDI

Tout bagay yo tankou nan Òrdinè-a, 564, éksépté sa-k vîn apré la-a:

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 30 (31), 1-6**Moun k-ap souffri-a ap sipliyé avèk konfians**

Papa, nan min-ou mouin rinmèt éspri mouin (Lk 23, 46).

- ² Sé nan ou, Granmèt, mouin éspéré, pou-m pa ront pou tout tan ; *
nan jistis ou, délivré-m.
- ³ Panché zòrèy ou sou mouin, *
fè vit, pou-ou sovè-m.
Sé pou-ou sèvi-m yon ròch kachèt épi yon kay-sitadèl *
pou-ou sovè-m.
- ⁴ Paské fòs mouin ak kachèt mouin sé ou minm, *
poutèt non-ou, ou-a kondui-m, ou-a souin-m.
- ⁵ Ouété-m sot nan pièj la, sa yo té kaché pou mouin-an, *
paské sé ou minm ki fòs mouin.
- ⁶ Sé nan min-ou mouin rinmèt éspri mouin ; *
ou rachté-m, Granmèt, Bondié vérité-a.

Psòm 129 (130)**Nan bafon yo mouin té rélé**

Sé li minm k-ap sovè pèp li-a sot nan péché yo-a (Mt 1, 21).

- ¹ Nan bafon yo mouin té rélé koté-ou, Granmèt ; *
- ² † Granmèt, kouté voua-m.
Sé pou zòrèy ou yo panché *
nan voua priyè-m nan.

- 3 Si-ou kinbé fot yo, Granmèt, *
Granmèt, ki moun k-ap kanpé ?
- 4 Paské koté-ou sé padon, *
épi n-ap krinn ou.
- 5 Mouin t-ap tann ou, Granmèt, *
nanm mouin t-ap tann nan paròl li ;
- 6 nanm mouin éspéré nan Granmèt la *
plis pasé yon santinèl k-ap éspéré dévan-jou.
Plis pasé yon santinèl k-ap éspéré dévan-jou *
- 7 sé pou Israèl éspéré nan Granmèt la,
Paské kot Granmèt la sé mizérikòd, *
sé rédanmsion an kantité koté-l.
- 8 Sé li minm k-ap rachté Israèl *
sot nan tout fot li yo.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

LÉKTU KOUT

Éféz 4, 26-27

Pa fè péché ; pa kite solèy la kouché sou kòlè nou, épi pa bay djab la plas.

RÉPONS KOUT

R/. Nan min-ou yo, Granmèt, mouin rinmèt éspri mouin, * Alélouya, alélouya. Nan min-ou yo.

V/. Ou té rachté nou, Granmèt, Bondié vérité-a. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Nan min-ou yo.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 2, 29-32

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè, alélouya.

Kantik évanjélik

Lk 2, 29-32

Kris la, limiè nasion yo ak gloua Israèl

- 29 Koulié-a, Granmèt, ou mèt kitè sèvitè-ou la pati, *
daprè paròl ou-a, nan lapè,
30 paské jé-m yo ouè *
sové ou-ap sové nou-an,
31 sa-ou té préparé-a *
dévan fas tout pèp yo,
32 limiè pou révélasion nasion yo, *
épi gloua Israèl, pèp ou-a.

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè, alélouya.

Priyè

Granmèt Jézu-Kri, ou minm ki tou dou épi tou sinp, ou prézané bay moun k-ap suiv ou yo yon jouk ki fasil ak yon chaj ki léjé, aksépté résévoua angajman ak travay jounin sa-a, épi ba nou répo-a k-ap fè nou pi byin dispozé pou sèvis la. Ou minm ki vivan.

Konklizion Lè-a épi réfrin an lonè Trè Sint Vièj Mari, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 567.

JÉDI

Tout bagay yo tankou nan Òrdinè-a, 564, éksépté sa-k vîn apré la-a:

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 15 (16)**Granmèt la sé pòsion éritaj mouin**

Bondié fè Jézu lévé antan-l dégajé-l sot nan soufrans lanmò-a (Tr Ap 2, 24).

- ¹ Prézèvé-m, Bondié, *
paské mouin espéré nan ou.
- ² Mouin di Granmèt la : « Sé Granmèt mouin mouin ou yé, *
byin pou mouin, pa gin sa, sof ou minm ».
- ³ Sin yo sou tè-a, moun ki mérité respè yo, *
tout plézi-m sé nan yo li yé.
- ⁴ Yo fè soufrans yo vîn anpil, *
sa yo k-ap kouri dèyè dié étranjé yo.
Mouin pap vidé likè sakrifis sot nan san ba yo, *
mouin pap kité non yo monté nan bouch mouin
- ⁵ Granmèt, pòsion éritaj mouin ak kalis mouin : *
sé ou minm ki kinbé déstiné mouin.
- ⁶ Chinn apantè yo tonbé pou mouin nan koté ki fè-m plézi, *
réyèlman vré éritaj mouin-an satisfè-m.
- ⁷ M-ap béni Granmèt la ki ban-m intélijans ; *
minm nannuit rin-m ban-m léson.
- ⁸ Mouin té mété Granmèt la dévan fas mouin tout tan ; *
paské li adouat mouin, mouin pap tranblé.

- 9 Sé poussa kè-m kontan, †
 tout anndan fon kè-m ap fété ; *
 minm chè-m pozé nan éspérans.
- 10 Paské ou pap lagé nanm mouin nan lanfè-a, *
 ni ou pap kité sin-ou nan ouè dékonpozision.
- 11 Ou-ap fè-m konnin rout lavi yo, †
 kè kontan an plin avèk fas ou, *
 plézi adouat ou jouskalafin.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Tés 5, 23

Bondié lapè-a minm, sé pou-l fè nou vîn sin nan tout bagay, pou-l kinbé éspri nou intak, ni nanm nou, ni kò nou san répròch pou lè Granmèt nou Jézu-Kri ap rivé-a.

RÉPONS KOUT

R/. Nan min-ou yo, Granmèt, mouin rinmèt éspri mouin, * Alélouya, alélouya. Nan min-ou yo.

V/. Ou té rachté nou, Granmèt, Bondié vérité-a. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Nan min-ou yo.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 2, 29-32

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè, alélouya.

Kantik évanjélik

Lk 2, 29-32

Kris la, limiè nasion yo ak gloua Israël

- 29 Koulié-a, Granmèt, ou mèt kité sèvitè-ou la pati, *
 dapré paròl ou-a, nan lapè,

- ³⁰ paské jé-m yo ouè *
sové ou-ap sové nou-an,
³¹ sa-ou té préparé-a *
dévan fas tout pèp yo,
³² limiè pou révélasion nasion yo, *
épi gloua Israèl, pèp ou-a.

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè, alélouya.

Priyè

Granmèt Bondié nou, travay lajounin-an fatigé nou, réfè fòs nou ak répo somèy la, pou gras a sékou-ou k-ap toujou la pou fè nou réviv, n-a dévoué pou ou ni ak kò nou ni ak léspri nou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Konklizion Lè-a épi réfrin an lonè Trè Sint Vièj Mari, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 567.

VANDRÉDI

Tout bagay yo tankou nan Òrdinè-a, 564, éksépté sa-k vîn apré la-a:

PSÒM YO

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

Psòm 87 (88)

Priyè yon moun ki malad grav

Min sa-a sé lè pa nou, ak pouvoua fènoua yo (Lk 22, 53).

- 2 Granmèt, Bondié sovè mouin, *
lajounin mouin té rélé, ni nannuit dévan-ou.
- 3 Sé pou priyè-m nan antré dévan fas ou ; *
panché zòrèy ou nan diréksion priyè-m nan.
- 4 Paské nanm mouin plin malè, *
lavi-m t-ap proche anba tè-a.
- 5 Mouin té tankou moun k-ap désann nan fos la, *
mouin té vîn tankou yon moun ki san sékou.
- 6 Lagé nan pami mò yo, *
tankou moun ki blésé yo, k-ap dòmi nan kavo yo ;
yo minm yo pa sonjé yo ankò, *
yo minm ou ouété sot nan min-ou.
- 7 Ou té mété-m nan fos anba tè-a, *
nan fènoua yo ak nan lonbraj lanmò-a.
- 8 Sou mouin kòlè-ou la té pézé, *
tout lanm ou yo té vlopé-m.
- 9 Ou té fè zanmi-m yo pati louin mouin, *
ou té fè-m vîn tounin yon dégoutans pou yo ;
mouin fèmin, mouin pa kapab soti. *
- 10 Jé-m fîn dépéri nan soufrans la.

- Tout lajounin mouin t-ap rélé-ou, Granmèt, *
 mouin t-ap lonjé min-m koté-ou.
- 11 Èské pou mò yo ou-ap fè mèvèy, *
 oubyin èské lonbraj yo ap lévé épi y-ap fè déklarasion pou ou ?
- 12 Èské yon moun nan kavo-a ap rakonté mizérikòd ou-a, *
 ak vérité-ou la nan koté yo pèdi-a ?
- 13 Èské yo konnin mèvèy ou yo nan fènoua yo, *
 ak jistis ou-a nan tè yo bliyé-a ?
- 14 Mouin minm, sé koté-ou, Granmèt, mouin té rélé, *
 granmatin priyè-m ap rivé koté-ou.
- 15 Pouki sa, Granmèt, ou répousé nanm mouin-an, *
 ou kaché fas ou louin-m ?
- 16 Mouinn minm sé yon pòv mouin yé,
 dépi-m tou piti m-ap dépéri ; *
 mouin t-ap poté kè soté-ou yo, mouin té troublé.
- 17 Kòlè-ou yo té pasé sou mouin, *
 sézisman-ou yo té fîn koupé souf mouin.
- 18 Tout jounin yo t-ap ansèklé-m tankou dlo, *
 yo t-ap vlopé-m ansanm.
- 19 Zanmi-m ak sa-k viv avèk mouin, ou té mété yo louin-m, *
 sé fènoua yo ki rékonèt mouin.

Réf. Alélouya, alélouya, alélouya.

LÉKTU KOUT

Cf. Jér 14, 9

Ou minm, Granmèt, ou nan mitan nou, épi non-ou, sou nou yo rélé-l; pa lagé nou, Granmèt Bondié nou.

RÉPONS KOUT

R/. Nan min-ou yo, Granmèt, mouin rinmèt éspri mouin, * Alélouya, alélouya. Nan min-ou yo.

V/. Ou té rachté nou, Granmèt, Bondié vérité-a. * Alélouya, alélouya.
Viv Papa-a. Nan min-ou yo.

KANTIK ÉVANJÉLIK LA

Lk 2, 29-32

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap
dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè, alélouya.

Kantik évanjélik

Lk 2, 29-32

Kris la, limiè nasion yo ak gloua Israèl

- ²⁹ Koulié-a, Granmèt, ou mèt kité sèvitè-ou la pati, *
dapré paròl ou-a, nan lapè,
³⁰ paské jé-m yo ouè *
sové ou-ap sové nou-an,
³¹ sa-ou té préparé-a *
dévan fas tout pèp yo,
³² limiè pou révélasion nasion yo, *
épi gloua Israèl, pèp ou-a.

Réf. Sové nou, Granmèt, pandan n-ap véyé, protéjé nou pandan n-ap
dòmi, pou nou véyé avèk Kris la épi pou nou pozé nan lapè, alélouya.

Priyè

Pèmèt nou, Bondié ki gin tout pouvoua, pou nou rété kolé byin fidèl ak
Sèl Pitit ou-a yo té antéré-a yon fason pou mérité résisité ansanm avèk li
nan lavi tou nèf la. Li minm ki vivan.

Konklizion Lè-a épi réfrin an lonè Trè Sint Vièj Mari, tankou nan déroulman
Òrdinè-a, 567.

**PSÒM KONPLÉMANTÈ
POU TIÈRS, SÈKST AK NÒN**

Apré V/. Bondié, vîn édé mouin épi imm nan, yo di psòm graduèl ki vîn apré yo, avèk réfrin yo tankou nan Pròp la.

Séri I (Pou Tièrs)

Psòm 119 (120)

Anvi lapè

Sé pou nou gin pasians nan tribilasyon-an, sé pou nou pèsévéré nan priyè-a (Rom 12, 12).

- ¹ Lè-m nan tribilasyon, mouin té rélé kot Granmèt la, *
li réponn mouin.
- ² Granmèt, délivré nanm mouin anba bouch manti, *
anba lang tronpri.
- ³ Sa y-ap ba ou, sa y-ap ajouté ba ou, *
lang tronpri ?
- ⁴ Flèch vanyan-sòlda ki byin pouinti yo *
ak chabon difé pikan rajé.
- ⁵ Malè pou mouin, paské mouin fè ladésant nan Méchèk, *
mouin abité nan tant Kédar yo !
- ⁶ Sa fè lontan nanm mouin abité *
avèk moun ki rayi lapè yo.
- ⁷ Mouin minm mouin t-ap mété lapè ; *
kon-m palé, yo minm sé pou lagè.

Psòm 120 (121)

Gadyin k-ap véyé sou pèp la

Yo pap grangou ni souaf ankò, solèy pap tonbé sou yo, ni okinn chalè (Ap 7, 16).

- ¹ M-ap lévé jé-m nan mòn yo : *
koté sékou-m ap soti ?
- ² Sékou-m ap vîn sot nan Granmèt la, *
ki té fè sièl la ak tè-a.
- ³ Li pap kité pié-ou bité, *
li pap pran somèy, li minm k-ap véyé sou ou-a.
- ⁴ Gadé li pap pran somèy, ni li pap dòmi, *
li minm k-ap véyé sou Israèl la.
- ⁵ Granmèt la ap véyé sou ou, †
Granmèt la sé lonbraj ou, *
li sou bò min douat ou.
- ⁶ Lajounin solèy pap frapé-ou, *
ni lalîn pandan lannuit.
- ⁷ Granmèt la ap véyé sou ou kont tout malè ; *
Granmèt la ap véyé sou nanm ou.
- ⁸ Granmèt la ap véyé sou antré-ou ak sòti-ou, *
dépi koulié-a jous pou tout tan.

Psòm 121 (122)

Vil ki sin-an Jérusalèm

Nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an, Jérusalèm sièl la (Éb 12, 22).

- ¹ Mouin kontan, lè yo té di-m : *
« Nan kay Granmèt la n-apralé ».
- ² Antan pié nou déjà kanpé *
nan pòt ou yo, Jérusalèm.
- ³ Jérusalèm ki bati tankou yon vil, *
koté tout bagay fè blòk nan yon sèl.
- ⁴ Sé la réyèlman fanmi yo ap monté, fanmi Granmèt la, *
témouagnaj Israèl, pou fè louanj pou non Granmèt la.

- 5 Paské sé la trôn yo ap pozé pou jijman-an, *
trôn kay David la.
- 6 Mandé sa-k pou lapè Jérusalèm : *
« Sé pou yo gin sékirité, sa yo ki rinmin-ou nan !
- 7 Sé pou yo gin lapè nan miray ou yo, *
ak sékirité nan sitadèl ou yo ! ».
- 8 Poutèt frè-m yo ak prochin-m yo, *
m-ap di : « Lapè nan ou ! ».
- 9 Poutèt kay Granmèt Bondié nou-an, *
m-ap mandé byin pou ou.

Séri II (Pou Sèkst)

Psòm 122 (123)

Granmèt la, konfians pèp la

Dé avèg... yo té rélé : « Pitié pou nou, Granmèt, pitit David » (Mt 20, 30).

- 1 Koté-ou mouin té lévé jé-m yo, *
ou minm ki abité nan sièl yo.
- 2 Min sé tankou jé sèvitè yo
kot min mèt yo, *
tankou jé sèvant la kot min mètrès li,
sé konsa jé nou kot Granmèt Bondié nou-an, *
- 3 joutan li pran pitié pou nou.
Pitié pou nou, Granmèt, pitié pou nou, *
- 4 paské nou plin ak mépri ;
Paské nanm nou plin anpil *
ak dérizion moun ki rich yo,
ak mépri arogan yo.

Psòm 123 (124)

Sékou nou nan non Granmèt la

Granmèt la té di Pòl: « Pa pè... paské mouin avèk ou » (Tr Ap 18, 9-10).

- ¹ Si Granmèt la pa-t nan nou,
 sé pou Israèl di sa koulié-a, †
- ² si Granmèt la pa-t nan nou, *
 lè moun yo lévé kont nou-an :
- ³ pétèt sé tou vivan yo t-ap valé nou, *
 lè raj yo t-ap boulé kont nou-an.
- ⁴ Pétèt dlo-a t-ap nouayé nou, †
 riviè-a t-ap pasé anlè nanm nou ; *
- ⁵ pétèt yo t-ap pasé anlè nanm nou,
 dlo yo k-ap bouyi yo.
- ⁶ Li béni, Granmèt la, *
 li minm ki pa rinmèt nou kòm manjé anba dan yo.
- ⁷ Nanm nou tankou zouazo ki chapé *
 sot nan pièj chasè yo :
 pièj la krazé, *
 nou minm minm nou chapé.
- ⁸ Sékou nou o non Granmèt la, *
 ki fè sièl la ak tè-a.

Psòm 124 (125)

Granmèt la ap véyé sou pèp li-a

Lapè sou Israèl Bondié-a (Gal 6, 16).

- ¹ Moun yo ki mét konfians nan Granmèt la, yo tankou mòn Siyon : *
 li pap janm souké, l-ap rété pou tout tan.
- ² Jérusalèm, mòn yo antouré-l, †
 konsa Granmèt la antouré pèp li-a *
 dépi koulié-a jous pou tout tan.

- ³ Baton méchansté-a pap pozé sou éritaj moun ki kòrèk yo, *
 pou moun ki kòrèk yo pa lonjé min yo nan méchansté.
- ⁴ Fè dibyin Granmèt, pou moun ki bon yo, *
 moun kè yo douat yo.
- ⁵ Sa yo minm ki panché nan chémin krochi yo, †
 sé pou Granmèt la minnin yo ansanm ak sa k-ap fè méchansté yo. *
 Lapè sou Israël !

Séri III (Pou Nòn)

Psòm 125 (126)

Kè kontan ak éspérans nan Bondié

Minm jan nou patisipé nan soufrans nou yo, konsa tou n-ap patisipé nan konsolasion-an (2 Kor 1, 7).

- ¹ Lè Granmèt la té fè prizonié Siyon yo tounin-an, *
 nou té tankou nan rèv.
- ² Lè sa-a bouch nou té plin ak kè kontan, *
 épi lang nou ak fèt.
 Lè sa-a yo t-ap di nan pami nasion yo : *
 « Granmèt la té fè gran mèvèy avèk yo ».
- ³ Granmèt la té fè gran mèvèy avèk nou ; *
 nou vîn gin kè kontan.
- ⁴ Granmèt, fè prizonié nou yo tounin, *
 tankou ravîn nan sid yo.
- ⁵ Moun ki simin ak dlo nan jé, *
 yo ranmasé ak fèt.
- ⁶ Yo t-apralé, yo t-ap kriyé, *
 antan y-ap poté sémans pou simin-an ;
 min antan y-ap vini, y-ap vini nan fèt, *
 pandan y-ap poté zépi yo.

Psòm 126 (127)

Travay la pa sèvi anyin san Granmèt la

Nou sé kay Bondié ap bati (1 Kor 3, 9).

- 1 Si Granmèt la pa bati kay la, *
sé pou granmèsi y-ap travay moun k-ap bati-l yo.
Si Granmèt la pa véyé sou vil la, *
sé pou anyin li pa dòmi moun k-ap véyé sou li-a.
- 2 Sé pou granmèsi ou-ap lévé anvan limiè-a,
n-ap kouché byin ta, †
n-ap manjé pin fatig, *
sèké l-ap bay moun li rinmin yo dòmi.
- 3 Gadé, pitit yo, sé éritaj Granmèt la, *
frui ki sot nan vant la, sé rékonpans.
- 4 Tankou flèch yo nan min vanyan sòlda, *
konsa pitit moun ki jèn.
- 5 Ala kontantman pou gason ki plin rézèv li avèk yo : *
li pap ront, lè l-ap plédé avèk ènmi-l yo nan pòtay la.

Psòm 127 (128)

Lapè kay la nan Granmèt la

« *Sé pou Granmèt la béni-ou sot nan Siyon* », sètadi : *sot nan Égliz li-a* (Arnòb).

- 1 Ala kontantman pou tout moun ki krinn Granmèt la, *
k-ap maché nan chémin-l yo.
- 2 Sé frui travay min-ou ou-ap manjé, *
ala kontantman pou ou, l-ap bon pou ou.
- 3 Madanm ou ap tankou yon jadin rézin ki byin donnin *
sou bò lakay ou ;

pitit ou yo ap tankou jinn plant pié oliv *
alantou tab ou-a.

4 Gadé sé konsa moun nan ap béni, *
sa-k krinn Granmèt la.

5 Sé pou Granmèt la béni-ou sot Siyon, *
sé pou-ou ouè byin Jérusalèm
touléjou lavi-ou ;

6 sé pou-ou ouè pitit pitit ou yo. *
Lapè pou Israël !

PRÒP POU SIN YO

MARS

19 mars

S. JOZÈF
ÉPOU LA TRÈ SINT VIÈJ MARI
Solانيتé

Pou premié Vèp yo

IMN (*Te, Ioseph, célèbrent ágmina caelitim*)

Ou minm, Jozèf, lamé sièl yo ap sélébré-ou,
ou minm tout krétyin yo ap fè tandé non-ou,
antan-ou kléré ak mérit, ou ataché avèk Vièj ékstraòdinè-a,
nan yo alians respè nèt.

Dout la touché-ou, kè-ou soté, lè-ou sézi ouè
madanm ou ki ansint ak jèm ki sin-an ;
anj la aprann ou pitit la fèt nan vant
gras a souf Éspri-a ki anro nèt la.

Ou minm, ou anbrasé Granmèt la ki fèt la,
ou pati nan péyi étranjé antan-ou sovè kò-ou Éjip ;
lè-ou pèdi pitit la, Jérusalèm, ou chèché-l, ou jouinn li,
antan kè kontan mélé ak dlo nan jé.

Lòt moun Bondié chouazi yo, yon lanmò ki sin konsakré yo,
sa-k mérité branch viktoua-a, gloua-a résévoua yo ;
ou minm pandan ou-ap viv, ou-ap joui Bondié, tankou sa-k nan sièl yo,
ak déstiné éstraòdinè-ou la, ou gin plis kontantman.

Trinité ki anlè nèt la, pran pitié pou nou k-ap priyé ;
fè nou monté nan sièl la gras a mérit Jozèf,

pou nou kapab rivé chanté
kantik pou di-ou mèsi tout tan. Amèn.

Réf. 1 Jakòb té anfanté Jozèf, mésié Mari-a, sé nan Mari Jézu pran nésans, li minm yo rélé Kris la, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan **Komin Mésié ki sin yo**, 1400.

Réf. 2 Bondié té voyé anj Gabrièl nan yon vil Galilé yo rélé Nazarèt, kot yon vièj ki té fiancé avèk yon mésié yo té rélé Jozèf, alélouya.

Réf. 3 Pandan Mari, manman Jézu, té fiancé ak Jozèf, anvan yo vîn abité ansanm, rivé li vîn ansint gras a Éspri-Sin-an, alélouya.

LEKTU KOUT

Kol 3, 23-24

Ninpòt ki sa n-ap fè, sé pou nou fè-l ak tout kè nou tankou sé pou Granmèt la, pa pou moun yo, antan nou konnin sé nan min Granmèt la n-ap résévoua rékonpans éritaj la. Sé Granmèt la, Kris la, pou nou sèvi.

REPONS KOUT

R/. Moun ki kòrèk la ap jèmin tankou flè lis. * Alélouya, alelouya. Moun ki kòrèk la.

V/. Épi l-ap fléri pou tout tan dévan Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Moun ki kòrèk la.

Pou *Magnificat* la, réf. Min sèvitè ki fidèl la, ki gin prévouayans la, sé li minm Granmèt la instalé sou fanmi li-a, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié, li minm sé sot nan li yo bay tout papa non sa-a nan sièl la ak sou tè-a, antan n-ap sipliyé an nou inploré-l:

Papa nou ki nan sièl la, kouté nou.

Papa ki sin, ou minm ki té louvri bay sin Jozèf mistè Kris la, sa-k té kaché dépi tout tan yo,

— fè nou rékonèt pi klè Pitit ou-a sé Bondié épi li sé moun tou.

Papa ki nan sièl la, ki bay zouazo sièl yo manjé épi ki abiyé zèb jadin yo,
— fè tout moun jouinn pin yo bézouin chak jou-a, pin sa-a ki dépasé pin yo nan sa-l yé sou pa anndan-an.

Ou minm ki kréyé tout moun, ki rinmèt travay ou nan min nou,

— fè travayè yo favè pou yo joui frui travay yo yon fason kòrèk.

Bondié tout jistis, ou minm ki vlé pou tout moun vîn kòrèk,

— gras a sin Jozèf, fè nou konpòté tèt nou nan tout bagay, antan nou fè-ou plézi.

Moun k-ap travèsé lanmò yo ak sa-k mouri déja yo, fè yo favè pou, gras a Pitit ou-a, ansanm avèk Mari, Manman-l, épi ak sin Jozèf,

— yo résévoua mizérikòd ou-a.

Papa nou.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou mistè sové moun yo sové-a, sa-ou té konfié prémié jèm yo bay sin Jozèf pou-l pran souin yo ak fidélité-a, Égliz ou-a, gras a intèsésion-l, sèvi tout tan pou réalizé yo nèt. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. An nou fè louanj Kris la, Granmèt la, nan solanité sin Jozèf la.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Iste, quem laeti cólimus, fidéles*)

Li minm, n-ap fété ak kontantman-an, nou minm fidèl yo,
li minm n-ap chanté viktoua-l yo ki anlè nèl,
jou sa-a Jozèf té mérité kè kontan
lavi pou tout tan-an.

Ou minm ki réyisi nèl, ou minm ki gin kontantman nèl,
ou minm nan dènié lè-a pou véyé sou ou
Kris la ak Vièj la té la ansanm
ak vizaj byin trankil.

Ou minm ki kòrèk yon fason spésial,
antan kòd chè-a lagé, ou travèsé ak somèy lapè
al nan plas ki pou tout tan yo, épi ou mété yon kouròn
k-ap briyé sou tan yo.

Konsa sa k-ap régné-a an nou tout mandé-l ak insistans,
pou antan-l jouinn padon pou péché nou yo,
li prézan pou ba nou kado lapè
ki sot anro-a.

Bravo sé pou ou, onè yo sé pou ou,
ou minm Bondié ki toua k-ap régné,
épi ki bay fidèl sèvitè-a kouròn lò yo
pou tout tan. Amèn.

Réf. 1 Anj Granmèt la té parèt bay Jozèf, antan-l di : Jozèf, pitit David,
pa pè résévoua Mari, madanm ou-an ; l-ap anfanté yon pitit gason, ou-ap
rélé non-l Jézu.

Psòm yo nan Komin Mésié ki sin yo, 1408.

Réf. 2 Antan Jozèf lévé sot nan dòmi, li té aji jan Anj Granmèt la té
pasé-l lòd la, épi li té résévoua Mari madanm li-an.

Réf. 3 Jozèf té monté sot nan Nazarèt al nan vil David la, sa yo té rélé Bétlèèm nan, pou-l té fè yo résansé-l ansanm avèk Mari.

V/. Moun kòrèk la ap jèmin tankou flè lis.

R/. Épi l-ap fléri pou tout tan dévan Granmèt la.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Lèt pou Ébré yo

11, 1-16

Lafoua papa ki sin yo

Frè yo : ¹ Lafoua-a sé garanti sa n-ap éspéré yo, prèv sa-k pa parèt yo. ² Sé pousa ansyin yo té jouinn témouagnaj.

³ Gras a lafoua nou konnin sé paròl Bondié-a ki té réglé sièk yo, konsa sé nan sa nou pa kapab ouè sa nou ouè yo fèt.

⁴ Gras a lafoua Abèl ofri Bondié yon sakrifis ki pi bon pasé pa Kayin-an, akoz sa, yo rann li témouagnaj di li kòrèk, sé Bondié ki t-ap sèvi témouin pou kado-l yo ; gras a lafoua, malgré li mouri l-ap palé toujou.

⁵ Gras a lafoua yo transpòté Énòk pou-l pa ouè lanmò ; yo pa-t jouinn li, paské Bondié té transpòté-l. Anvan yo transpòté-l la, li té jouinn témouagnaj li té fè Bondié plézi. ⁶ Sèké san lafoua-a yo pa kapab fè Bondié plézi ; moun k-ap proche kot Bondié doué kouè li égzisté, li rékonpansé moun k-ap chèché-l.

⁷ Gras a lafoua, lè Noé jouinn avètisman sou sa-l pa-t ko ouè, li vîn pè, li paré ach la pou sovè kay li-a ; konsa li kondané tè-a, yo fè-l éritié jistis la ki réalizé nan lafoua-a.

⁸ Gras a lafoua, Abraam obéyi sa-a ki té rélé-l la pou-l pati nan yon koté li té gin pou-l résévoua kòm éritaj, li pati san-l pa konnin ki koté l-apralé.

⁹ Gras a lafoua, li abité nan tè promès la tankou yon étranjé, li abité nan tant avèk Izaak ak Jakòb ki té éritié minm promès la. ¹⁰ Sèké li t-ap tann vil la ki gin fondasion yo, Bondié sé injéniè ak mason-l nan.

¹¹ Gras a lafoua, Sara li minm tou résévoua pouvoua pou-l gin pitit nan vant, malgré laj granmoun li, paské li té kouè sa-a ki té promèt la li té fidèl ; ¹² sé poua nan yon sèl moun ki déjà tou mouri sé tankou zétoual sièl la an kantité ki fèt, épi tankou sab ki sou bò lanmè, sa yo pa kapab konté.

¹³ Sé nan lafoua yo tout yo mouri, san yo pa résévoua réalisasion promès la, min sé byin louin yo ouè-l, yo salué-l, yo té déklaré sé pèlrin ak étranjé yo té yé sou tè-a. ¹⁴ Yo minm ki di sa-a, yo vlé di sé yon patri y-ap chèche. ¹⁵ Si yo té rét ap sonjé patri sa-a koté yo soti-a, yo t-a gin tan tounin déjà. ¹⁶ Min o kontrè sé yon pi bon patri y-ap chèche, sé patri sièl la. Sé poua Bondié pa ront rélé pròp tèt li Bondié yo ; réyèlman li paré yon vil pou yo.

RÉPONS

Rom 4, 20. 22; Jak 2, 22

R/. Nan promès Bondié-a, li pa-t fè dout, min li té pran fòs nan lafoua-a, antan-l bay Bondié gloua; * Sé poua yo konté sa pou li kòm jistis.

V/. Lafoua-a jouinn konkou travay li yo, épi sé apati travay yo lafoua-a fîn rivé nan dènié degré-l. * Sé poua.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Bèrnardin de Sièn, prèt

(Sermo 2, de S. Ioseph: Opera 7, 16. 27-30)

Li fidèl kòm papa k-ap nourir épi kòm gadyin k-ap protéjé

Règ jénéral pou kominiké tout gras patikilié yo bay yon kréatu rasionèl, sèké chak foua gras Bondié-a chouazi yon moun pou kèk gras patikilié, oubyin pou kèk pozision ki ro dépasé, li bay tout don ki nésésè pou moun sa-a yo chouazi konsa-a ak pou fonksion-an, épi yo dékoré-l an abondans.

Sa vérifié nan pi ro degré nan Jozèf ki sin anpil, yo té konsidéré kòm papa Granmèt Jézu-Kri épi ki té vrè épou rèn tè-a ak patròn anj yo, li

minm Papa pou tout tan-an té chouazi pou-l fidèl ap nourì épitou protèjé pi gran trézò li yo, sètadi Pitit li-a épi épouz li-a; ròl sa-a li té akonpli-l yon fason ki fidèl anpil. Li minm sé poutèt sa Granmèt la di-l: *Sèvitè ki bon ki fidèl, antré nan kè kontan Granmèt ou-a.*

Si-ou t-a konparé Jozèf ak tout Égliz Kris la, èské sé pa moun sa-a yo chouazi-a é ki spésial la Kris la té ranjé anba lòd li pou-l vîn antré sou tè-a? Konsa, si tout sint Égliz la gin dèt pou Vièj la ki Manman-an, paské pa lintèmédiè-l li té jouinn favè résévoua Kris la; konsa tou sètènman apré Vièj la, li doué sin Jozèf yon rékonésans ak yon respè spésial.

Li minm réyèlman li sé finisman ansyin téstaman-an, koté dignité yo té promèt patriarch yo ak profèt yo rivé jouinn frui li. An plis sé li minm sèl ki posédé nan fason kò-a sa bonté Bondié té promèt lòt yo.

Sètènman yo pa doué douté kalité rapròchman an fanmi, respè épi dignité ki dépasé anlè nèt, sa Kris la té montré lè-l t-ap aji kòm moun tankou pitit papa-l, li pa nié yod itou nan sièl yo, pi plis minm li té konplété-l épi fîn réalisé-l.

Sé pou sa, sé ak rézon Granmèt la ajouté: *Antré nan kè kontan Granmèt ou-a.* Sé pou sa malgré kontantman pou tout tan-an antré nan kè moun nan, poutan Granmèt la pito di-l: *Antré nan kè kontan,* pou-l signalé yon fason an mistè kontantman sa-a pa sèlman anndan-l, min antan-l vlopé-l alantou épi li kouvri-l nèt épi tankou nan yon basin san limit li plonjé ladan-l.

Sé poutèt sa, sonjé nou, sin Jozèf, épi intèsédé ak sipò priyè ou la bò kot sa-k té konsidé ré pròp tèt li kòm Pitit ou-a; min tou fè Trè Sint Vièj la, épouz ou-a, favorab pou nou, li minm ki manman sa-a k-ap viv épi k-ap régné avèk Papa-a ak Éspri-Sin-an pou sièk ki pap fini yo. Amèn.

RÉPONS

Cf. Sir 51, 2-3

R/. Bondié té fè-m vîn tankou papa roua-a épi mèt tout kay li-a; * Li té lévé-m anlè, pou-l sovè anpil pèp.

V/. Granmèt la sèvi-m sékou ak protèkté pou sovè-m. * Li té lévé-m anlè.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou mistè sovè moun yo sovè-a, sa-ou té konfié prémié jèm yo bay sin Jozèf pou-l pran souin yo ak fidèlité-a, Égliz ou-a, gras a intèsésion-l, sèvi tout tan pou réalizé yo nèt. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Cælitum, Ioseph, decus atque nostræ*)

Jozèf, bèlté sièl la avèk éspérans lavi nou ki sètèn,
épi kolòn k-ap soutni tè-a,
ak bon kè-ou, résévoua louanj yo
n-ap chanté pou ou ak kè kontan-an.

Ou minm ki fèt nan ras David, Kréatè-a té instalé-ou
kòm mari Vièj la, épi li té vlé
pou yo rélé-ou papa Paròl la,
li té fè-ou vîn sèvitè sovè nou sovè-a.

Rédanmtè-a, ki kouché nan krèch la,
li minm troup profèt yo té anonsé li t-ap vini-an,
ou minm, ou-ap gadé-l ak kè kontan, ansanm ak Manman-l,
ou prémié ap adoré-l.

Bondié Roua tout roua yo, k-ap kòmandé ronnn tè-a,
li minm, nan yon sign li fè, foul lanfè yo tranblé dévan-l nan,
li minm sièl la bésé pou-l sèvi-l la,
li minm minm, li obéyi-ou.

Louanj ki pap fini pou Trinité ki anro nèt la,
li minm ki ba ou onè ékstraòdinè,
sé pou-l konsidéré mérit ou yo pou-l fè nou favè
jouinn kè kontan lavi kontantman tout tan-an. Amèn.

Réf. 1 Gadyin yo té rivé byin vit, épi yo té jouinn Mari ak Jozèf, ak ti Bébé-a ki kouché nan krèch la.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch prémié sémèn nan, 578.

Réf. 2 Jozèf ak Mari, manman Jézu, té sézi poutèt sa yo t-ap di sou li, épi Siméon té béni yo.

Réf. 3 Antan Jozèf lévé, li té pran Pitit la ak manman-l nan nuit la, li té pati an Éjip, épi li té rété la joutan Eròd mouri.

LEKTU KOUT

2 Sam 7, 28-29

Granmèt Bondié, sé ou minm ki Bondié, paròl ou yo vré ; réyèlman vré ou déklaré bon bagay sa yo bay sèvitè-ou la, sé poutèt sa tanpri aksépté béni kay sèvitè-ou la, pou-l toujou rét dévan-ou, paské sé ou minm, Granmèt Bondié, ki palé, sé pou kay sèvitè-ou la béni ak bénédiksion-ou nan pou tout tan.

RÉPONS KOUT

R/. Li té instalé-l * Kòm Mèt kay li-a. Li té instalé-l.

V/. Ak chèf tou sa-l posédé. * Kòm Mèt kay li-a. Viv Papa-a. Li té instalé-l.

Pou *Benedictus* la, réf. Jozèf té abité nan vil Nazarèt la, pou sa profèt yo té di sou Kris la té rivé akonpli : Y-ap rélé-l Nazaréyin.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Granmèt la ki té fè moun yo vîn kòrèk la, antan n-ap sipliyé an nou priyé-l :

Nan jistis ou, fè nou viv, Granmèt.

Granmèt Bondié, sé ou minm minm ki té rélé papa nou yo nan lafoua-a, pou yo té maché dévan ou avèk yon kè ki bon nèt,

— fè pou antan nou suiv tras yo, nou kapab vîn bon nèt jan-ou kòmandé-a.

Ou minm ki té chouazi Jozèf, Mésié ki kòrèk la, pou-l té okipé Pitit ou-a, lè-l té ti moun ak lè-l té kòmansé grandi,

— fè nou sèvi Kò Kris la nan frè nou yo.

Ou minm ki rinmèt tè-a nan min moun yo, pou yo plin-l, pou yo mété-l anba lòd yo,

— aprann nou travay nan tan sa-a san nou pa fè régadan, antan nou fikse jé nou tout tan sou gloua-ou la.

Papa tout moun, sonjé travay min-ou yo,

— fè tout moun favè pou nan travay ak trankilité yo jouinn kondision lavi ki alarotè dignité yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou mistè sovè moun yo sovè-a, sa-ou té konfié premié jèm yo bay sin Jozèf pou-l pran souin yo ak fidélitè-a, Égliz ou-a, gras a intèsésion-l, sèvi tout tan pou réalizé yo nèt. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Psòm komplémentè yo, 1007.

Pou Tièrs

Réf. Paran Jézu yo té konn alé chak ané Jérusalèm nan jou fèt solanèl Pak la.

LÉKTU KOUT

Prov 2, 7-8

L-ap ranmasé trézò ladrès pou sa k-ap dirijé yo, l-ap yon boukliyé pou sa k-ap maché tou sinp yo antan-l prezèvé santié jistis yo épi li konsèvé chémin sin yo.

R/. Li té instalé-l kòm mèt kay li-a.

V/. Ak chèf tou sa-l posédé.

Pou Sèkst

Réf. Lè yo té tounin, ti Jézu té rét Jérusalèm, san paran-l yo pa-t konnin.

LÉKTU KOUT

Cf. Saj 10, 10

Moun kòrèk la ki t-ap sové kò-l Sajès la té kondui-l nan chémin ki douat yo, li té montré-l ringn Bondié-a épi li té ba-l sians sin yo ; li té ba-l konsidérasion nan fatig yo, li té fîn réalizé travay li yo.

V/. Gloua ak richès nan kay li.

R/. Épi jistis li ap rété pou sièk sièk la.

Pou Nòn

Réf. Antan yo pa jouinn Jézu, paran-l yo té tounin Jérusalèm antan y-ap chèché-l.

LEKTU KOUT

Sir 2, 18-19

Moun ki krinn Granmèt la yo pa réfizé kouè paròl li-a; épi moun ki rinmin-l yo, y-ap kinbé chémin-l. Moun ki krinn Granmèt la, yo chèché sa-k fè-l plézi, épi moun ki rinmin-l yo, yo ranpli yo ak laloua li-a.

V/. Gloua li-a gran nan sovè ou sovè nou-an.

R/. Ou mété gloua ak dékoration sou li.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou mistè sovè moun yo sovè-a, sa-ou té konfié prémié jèm yo bay sin Jozèf pou-l pran souin yo ak fidélité-a, Égliz ou-a, gras a intèsésion-l, sèvi tout tan pou réalizé yo nèt. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou dézièm Vèp yo

IMN *Te, Ioseph célebrent*, 1017.

Réf. 1 Paran Jézu yo té jouinn li nan tanp la, li chita nan mitan savan yo, l-ap kouté yo, l-ap pozé yo késion.

Psòm yo ak kantik la nan Komin Mésié ki sin yo, 1424.

Réf. 2 Manman Jézu té di li : Pitit mouin ki sa ou fè nou konsa-a ? Gadé, papa-ou ak mouin minm, n-ap chèché-ou ak kè séré.

Réf. 3 Jézu té désann avèk yo, li rivé Nazarèt, épi li té rét obéyisan vizavi yo.

LÉKTU KOUT

Kol 3, 23-24

Ninpòt ki sa n-ap fè, sé pou nou fè-l ak tout kè nou tankou sé pou Granmèt la, pa pou moun yo, antan nou konnin sé nan min Granmèt la n-ap résévoua rékonpans éritaj la. Sé Granmèt la, Kris la, pou nou sèvi.

RÉPONS KOUT

R/. Moun ki kòrèk la ap jèmin * Tankou flè lis. Moun ki kòrèk la.

V/. Épi l-ap fléri pou tout tan dévan Granmèt la. * Tankou flè lis. Viv Papa-a. Moun ki kòrèk la.

Pou Magnificat la, réf. Li minm Jézu lè li t-ap kòmansé, li té gin anviron trant-an, yo té konprann sé pitit Jozèf li té yé.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié, li minm sé sot nan li yo bay tout papa non sa-a nan sièl la ak sou tè-a, antan n-ap sipliyé an nou inploré-l:

Papa nou ki nan sièl la, kouté nou.

Papa ki sin, ou minm ki té louvri bay sin Jozèf mistè Kris la, sa-k té kaché dépi tout tan yo,

— fè nou rékonèt pi klè Pitit ou-a sé Bondié épi li sé moun tou.

Papa ki nan sièl la, ki bay zouazo sièl yo manjé épi ki abiyé zèb jadin yo,

— fè tout moun jouinn pin yo bézouin chak jou-a, pin sa-a ki dépasé pin yo nan sa-l yé sou pa anndan-an.

Ou minm ki kréyé tout moun, ki rimmèt travay ou nan min nou,

— fè travayè yo favè pou yo joui frui travay yo yon fason kòrèk.

Bondié tout jistis, ou minm ki vlé pou tout moun vîn kòrèk,

— gras a sin Jozèf, fè nou konpòté tèt nou nan tout bagay, antan nou fè-ou plézi.

Moun k-ap travèsé lanmò yo ak sa-k mouri déjà yo, fè yo favè pou, gras a Pitit ou-a, ansanm avèk Mari, Manman-l, épi ak sin Jozèf,

— yo résévoua mizérikòd ou-a.

Papa nou.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou mistè sovè moun yo sovè-a, sa-ou té konfié premié jèm yo bay sin Jozèf pou-l pran souin yo ak fidélitè-a, Égliz ou-a, gras a intèsésion-l, sèvi tout tan pou réalizé yo nèt. Pa pouvoua Jézu-Kri.

23 mars

S. TURIB DE MOGROVÉJO, ÉVÈK

Pou rapèl

Li fèt an Éspagn, vè ané 1538, li étudié doua nan Salamank. Lè yo chouazi-l kòm évèk Lima nan ané 1580, li alé an Amérik. Li té cho ak dévouman Apot yo, li fè anpil Sinòd ak Konsil, ki fè lavi rélijijé tout réjion-an fè progrè nan pi ro dégré. Li défann doua Égliz la yon fason séré ; bann mouton yo té konfié-l la, li té okipé-l avèk fidélité, antan li vizité yo souvan, pandan l-ap déplouayé aktivité tou pou pran souin moun yo ki fèt nan péyi-a. Li mouri nan ané 1606.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Dékrè *Christus Dóminus* dézièm Konsill Vatikan-an osijè fonksion pastoral évèk yo nan Égliz la

(Nn. 12-13. 16)

Yo paré pou tout bon travay

Nan égzèsé fonksion yo ginyin pou yo anségné-a, yo anonsé Bòn Nouvèl Kris la bay moun yo, nan pami fonksion prinsipal évèk yo sa-a dépasé lòt yo, antan yo rélé moun yo nan lafoua ak fòs Éspri-a oubyin antan yo rafèmi yo nan yon lafoua vivan; yo prezanté mistè Kris la toutantié bay moun yo, sètadi vérité sa yo si yo pa konnin yo-a sé Kris la yo pa konnin, épi minm jan-an tou yo prezanté yo chémin Bondié révélé-a k-ap minnin nan fè gloua pou Bondié-a épitou poutèt sa minm nan rivé ginyin kontantman pou tout tan-an.

Yo montré an plis kijan sé dapré désizion Bondié kréatè-a réalité tè-a yo minm ak bagay yo moun nan établi doué ranjé pou sovè moun yo épi sé poussa yo kapab poté konkou ki pa piti pou bati kò Kris la.

Sé poutèt sa y-ap anségné kijan dapré doktrîn Égliz la sé pou yo aprésié moun nan kòm moun, avèk libètè li épi minm ak lavi kò-a; fason fanmi-an doué fè youn épi fiksé, fason pou yo fè pitit yo épi édiké yo; fason pou sosiété sivil la fòmé ak laloua yo ak métié yo; fason pou aprésié travay la ak détant la, sians yo ak téknik yo invanté yo; povreté-a ak abondans richès la; anfin sé pou yo ékspozé prinsip yo k-ap pèmèt rézoud késion posédé byin matérièl yo, ogmanté yo épi distribiyé yo yon fason kòrèk, késion osijè lapè ak lagè, késion ki inpòtan anpil osijè konpòtman tout pèp yo tankou frè.

Yo prezanté ansègnman krétyin-an antan yo adapté-l an fonksion nésésité tan yo, sètadi sa ki korésponn ak difikilté épi problèm k-ap pézé moun yo pi plis épi k-ap fè kè yo séré; yo protéjé minm ansègnman sa-a tou antan yo aprann minm fidèl yo pou yo défann li épi fè konnin-l. Nan transmèt li-a, y-ap démontré préokipasion Égliz la ginyin kòm manman pou tout moun yo, kit yo gin lafoua kit yo pa ginyin-l, épi ak yon atansion patikilié y-ap akonpagné pòv yo ak sa-k pi pitit yo, yo minm Granmèt la voyé yo poté bòn nouvèl la ba yo-a.

Antan y-ap égzèsé fonksion papa-a ak gadyin-an, sé pou évèk yo nan mitan moun pa li yo tankou sa k-ap sèvi, bon gadyin ki konnin mouton-l yo épi mouton-l yo konnin-l tou, sé pou yo tounin vrè papa k-ap montré éspri rinmin-an ak pran souin-an pou tout moun, épi tout moun avèk nanm rékonésan ranjé pròp tèt yo anba lòd otorité Bondié mété nan yo-a. Sé pou yo rasanblé totalité fanmi bann mouton yo-a épi sé pou yo sèvi-l modèl yon fason pou tout moun byin konnin dévoua yo, viv épi travay nan kominion charité-a.

Pou yo kapab rivé fè sa yon fason ki réyisi, sé pou évèk yo, *paré pou tout bon aksion, épi sé pou yo sipòté tout bagay poutèt sa yo chouazi yo*, yo doué réglé lavi yo yon fason ki akodé ak nésésité tan yo.

RÉPONS

Cf. 1 Piè 5, 2-4; Tr Ap 20, 28

R/. Okipé bann mouton Bondié-a, antan nou vîn tounin modèl pou bann mouton-an; * Konsa, lè Chèf gadyin yo ap parèt, n-a rèsévoua kouròn gloua ki pap finnin-an.

V/. Fè atansyon tout bann mouton-an, sa Éspri-Sin-an instalé nou kòm évèk sou li-a pou nou kondui égliz Bondié-a. * Konsa, lè.

Pou Louanj yo nan matin

Réf. Sé pa nou minm k-ap palé, min sé Éspri Papa nou-an k-ap palé nan nou minm.

Priyè-a

Bondié ki okipé Égliz ou-a épi ki fè-l dévlopé gras a dévouman évèk sin Turib pou vérité-a sou modèl Apot yo, fè nou favè pou pèp ki konsakré ba ou-a rèsévoua tout tan nouvo dévlopman lafoua ak sinteté. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Vèp yo

Réf. Sa-a sé intandan fidèl la épi ki gin prévouayans la, li minm Granmèt la instalé sou fanmi li-an, pou-l ba yo pòsion blé-a nan tan-an.

25 mars

ANONSIASION GRANMÈT LA
Solanité

Pou premié Vèp yo

IMN (*Agnóscat omne sæculum*)

Tout sièk doué rékonèt
rékonpans lavi-a rivé ;
apré ésklavaj ènmi ki rèd la
rédiànmsion-an parèt.

Sa Izayi té anonsé davans
yo réalisé nan Vièj la ;
anj la té anonsé-l sa,
Éspri-Sin-an té plin-l.

Mari ansint nan vant
apati sémans Paròl ki fidèl la ;
Sa-a tout tè-a pa kapab kinbé-a,
zantray ti fi-a poté li.

Sa ansyin Adan-an té sal la,
nouvo Adan-an lavé-l ;
sa lòt la té fè tonbé antan-l té gonflé kè-l la,
Sa-a drésé-l antan-l rabésé tèt li.

Tout gloua sé pou Kris la,
Pitit Bondié Papa-a,
li minm Vièj la té kontan poté anndan-l
anba lonbraj Éspri-Sin-an. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Yon ti branch ap soti nan rasîn Jésé-a, épi yon flè ap monté sot nan rasîn li-a, épi Éspri Granmèt la ap pozé sou li.

Psòm 112 (113)

Non Granmèt la mérité louanj

Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lévé sa-k tou piti yo anlè (Lk 1, 52).

- ¹ Fè louanj, ti moun Granmèt la, *
fè louanj non Granmèt la.
- ² Sé pou non Granmèt la béni *
dépi koulié-a ak pou tout tan.
- ³ Dépi solèy lévé jous koté-l kouché, *
non Granmèt la mérité louanj.
- ⁴ Granmèt la anlè nèt anro tout nasion yo, *
anlè sièl yo gloua li yé.
- ⁵ Kilès ki tankou Granmèt Bondié nou-an,
ki abité nan rotè yo, *
- ⁶ ki panché pou-l voyé jé
nan sièl la ak sou tè-a ?
- ⁷ Antan-l lévé maléré-a sot atè-a, *
antan li drésé pòv la sot nan fatra-a,
- ⁸ pou-l fè-l chita avèk chèf yo, *
avèk chèf pèp li-a.
- ⁹ Li minm ki fè sa-k té stéril la abité nan kay la, *
kòm manman pitit ki gin kè-l kontan.

Réf. Yon ti branch ap soti nan rasîn Jésé-a, épi yon flè ap monté sot nan rasîn li-a, épi Éspri Granmèt la ap pozé sou li.

Réf. 2 Granmèt la ap ba li fotèy David papa-l la, épi l-ap kòmandé pou tout tan.

**Psòm 147 (147 B)
Rétablisman Jérusalèm**

Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an (Ap 21, 9).

- ¹²[1] Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ; *
fè louanj Bondié-ou ansanm, Siyon.
- ¹³[2] Paské li ranfòsé krochèt pòtay ou yo, *
li béni pitit ou yo nan ou.
- ¹⁴[3] Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè, *
li ba-ou kont blé ki gra.
- ¹⁵[4] Li minm ki voyé promès li sou tè-a, *
avèk vitès paròl li-a kouri.
- ¹⁶[5] Li minm ki bay lanèj tankou linn, *
li simin larouzé tankou sann.
- ¹⁷[6] Li voyé ti moso glas li-a tankou ti bouché ; *
dévan fas frédi-l la kilès k-ap kanpé ?
- ¹⁸[7] Li voyé paròl li-a épi li fonn yo, *
li souflé souf li, dlo yo koulé.
- ¹⁹[8] Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb, *
jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.
- ²⁰[9] Li pa-t aji konsa avèk tout nasion, *
li pa-t montré yo jijman-l yo.

Réf. Granmèt la ap ba li fotèy David papa-l la, épi l-ap kòmandé pou tout tan.

Réf. 3 Paròl ki anro nèt la, sa Papa-a anfanté anvan tan yo, jodi-a li tounin chè pou nou, li té vidé pròp tèt li.

Kantik

Fil 2, 6-11

Osijè Kris la, sèvitè Bondié-a

- 6 Kris Jézu, étan nan kondision Bondié, *
 pa-t konsidéré égal li égal ak Bondié-a,
 tankou yon richès pou-l kinbé apa pou li,
- 7 min li vidé pròp tèt li
 antan-l pran kondision ésklav, †
 li vîn pran résanblans moun ; *
 épi dapré konpòtman-l yo ouè li sé yon moun,
- 8 li rabésé pròp tèt li, †
 antan li vîn obéyisan jous nan lanmò, *
 lanmò lakoua-a minm.
- 9 Sé pou sa tou Bondié lévé-l anlè, †
 li ba-l yon non, *
 ki anlè tout non,
- 10 konsa, o non Jézu, tout jénou fèt pou plouayé *
 nan sièl la, sou tè-a ak anba tè yo,
- 11 épi tout lang pou déklaré : *
 « Sé Granmèt Jézu-Kri yé ! »,
 nan gloua Bondié Papa-a.

Réf. Paròl ki anro nèt la, sa Papa-a anfanté anvan tan yo, jodi-a li tounin chè pou nou, li té vidé pròp tèt li.

LÉKTU KOUT

1 Jn 1, 1-2

Sa-k té nan kòmansman-an, sa nou té tandé-a, sa nou té ouè ak jé nou yo, sa nou té konsidéré-a épi sa min nou té touché-a osijè paròl lavi-a; épi lavi-a té parèt, nou té ouè, nou sèvi témouin, nou anonsé nou lavi tout tan-an, ki té dévan Papa-a épi ki té parèt pou nou-an.

RÉPONS KOUT

R/. Rasîn Jésé-a té jèmin, * Zétoual la parèt sot nan Jakòb. Rasîn Jésé-a.

V/. Vièj la té anfanté Sovè-a. * Zétoual la parèt sot nan Jakòb. Viv Papa-a. Rasîn Jésé-a.

Pou *Magnificat* la, réf. Éspri-Sin-an ap désann nan ou, Mari, épi pouvoua Sa-a ki Anro nèt la ap kouvri-ou anba lonbraj li.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Papa pou tout tan-an, li minm ki té anonsé sovè l-ap sovè nou-an jodi-a pa lintèmediè Anj li-a, ak tout konfians nanm nou, an nou mandé-l :

Ba nou lagras ou-a an abondans, Granmèt.

Ou minm ki té chouazi Vièj Mari, pou-l té vîn tounin Manman Pitit ou-a, — pran pitié pou tout moun k-ap tann rédanmsion li-a.

Ou minm ki té anonsé Mari lapè ak kè kontan nan bouch Gabrièl, — bay tout tè-a an abondans kè kontan sovè nou sovè-a ak vrè lapè-a.

Ou minm ki té fè Paròl ou-a abité nan mitan nou, gras a konsantman sèvant ou-a avèk aksion Éspri-Sin-an,

— préparé kè nou pou yo résévoua Kris la, tankou Vièj Mari té résévoua-l la.

Ou minm ki voyé jé sou sa-k rabésé yo épi ki plin sa-k grangou yo ak byin,

— sa-k dékourajé yo, soulvé yo ; sa-k nan bézouin yo, poté yo sékou ; sa k-ap mouri yo, édé yo.

Bondié, ou minm anyin pa inposib pou ou, ou minm sèl ki fè mèvèy,

— sovè nou, lè ou-a fè mò yo lévé nan dènié jou-a.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki té vlé pou Paròl ou-a résévoua véritab chè moun nan vant Vièj Mari, fè nou favè, tanpri, pou nou minm ki déklaré Rédanmtè nou-an Bondié épi moun, nou mérité gin minm destiné avèk natu Bondié-l la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Paròl la vîn tounin chè : Vini, an-n adoré-l.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Iam cæca vis mortálium*)

Lontan fòs avèg moun k-ap mouri yo
t-ap adoré bagay inital ki vid,
soua van-an, soua bout ròch ki tou frèt,
soua bout boua yo té kouè ki Bondié.

Lè yo t-ap suiv bagay sa yo san lafoua-a,
yo té rivé nan pouvoua piyajè-a
épi yo té plonjé nan lavi ésklavaj
bafon lafimin-an anba-a.

Min Kris la pa-t sipòté masak sa-a
koté nasion yo t-ap tonbé-a;
pou sé pa san domaj sa t-a péri pétèt
sa Papa-l té travay pou kréyé-a,

Li té abiyé ak yon kò ki kapab mouri
pou, lè kò-a résisité,

li té kasé chinn lanmò-a
épi li té poté moun nan bay Papa-a.

Sa-a sé jou nésans la,
koté Kréatè ki anro anlè-a
té soufflé-ou épi té mété-ou anndan labou-a,
antan-l kolé chè-a ak Paròl la ansanm.

Ala kantité kè kontan pou bagay yo
vant réspéktab la kinbé ladan-l,
sé la koté nouvo sièk la
vîn soti ak limiè doré-a!

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou minm ki pran nésans sot nan Vièj la,
pou Papa-a tou ak Éspri rékonfò-a,
nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Lè tan-an rivé bout li, Bondié té voyé Pitit li-a ki fèt sot nan madanm nan, pou nou té kapab vîn tounin pitit adoptif.

Psòm 2

Mési-a roua épi sé li-k ranpòté viktoua

Yo rasanblé tout bon vré kont pitit ou-a, Jézu, li minm ou té konsakré-a (Tr Ap 4, 27).

- ¹ Pouki sa nasion yo ap boulvèsé, *
pèp yo ap fè plan pou bagay ki pa gin konsistans ?
- ² Roua yo sou tè-a kanpé, †
chèp yo rasanblé fè yon sèl *
kont Granmèt la ak kont Kris li-a :

- 3 « An nou kasé chinn yo, *
an nou jété jouk yo-a sot sou nou ! ».
- 4 Sa-a ki abité nan sièl yo ap ri yo, *
Granmèt-la ap pasé yo nan jouèt.
- 5 Lè sa-a atò li palé ak yo nan kòlè-l, *
nan mové san-l, li boulvèsé yo :
- 6 « Sé mouin minm ki instalé roua-m nan *
sou Siyon, mòn mouin ki sin-an ! ».
- 7 M-ap anonsé désizyon-l nan. †
Granmèt la di-m : « Sé pitit mouin ou yé ; *
sé mouin minm jodi-a ki anfanté-ou.
- 8 Mandé-m, m-ap ba-ou nasion yo kòm éritaj ou, *
propriété-ou sé limit tè-a.
- 9 Ou-ap kòmandé yo ak yon bagèt an fè, *
tankou véso ki fèt ak tè, ou-ap krazé yo ».
- 10 Koulié-a, roua yo, konprann, *
pran léson, nou minm k-ap jijé tè-a.
- 11 Sèvi Granmèt la ak krint, *
fété dévan-l avèk tranbléman.
- 12 Pran disiplîn nan, †
pou-l pa fè kòlè, épi pou nou pa pèdi chémin, *
paské l-apral flanbé nan yon ti moman, kòlè-l la.
Ala kontantman pou tout moun *
ki konfié nan li.

Réf. Lè tan-an rivé bout li, Bondié té voyé Pitit li-a ki fèt sot nan madanm nan, pou nou té kapab vîn tounin pitit adoptif.

Réf. 2 Lè l-ap antré sou tè-a, li di : Sé yon kò ou té paré pou mouin ; min m-ap vini, Bondié, pou-m fè volonté-ou.

Psòm 18 A (19 A)

Louanj Granmèt la ki kréyé tout bagay

Li vîn vizité nou kòm Solèy k-ap lévé sot anro-a... pou-l dirijé pié nou nan chémin lapè (Lk 1, 78. 79).

- ² Sièl yo ap rakonté gloua Bondié, *
travay min-l, platfòm sièl la ap anonsé-l.
- ³ Jou ap déklaré paròl bay jou, *
nannuit ap montré sians bay nuit.
- ⁴ Pa gin langaj ni diskou, *
pou yo pa konprann voua yo :
- ⁵ Sou tout tè-a brui voua yo soti, *
jous nan limit tè-a paròl yo rivé.
- ⁶ Pou solèy la li té pozé yon tant nan yo, †
li minm minm, tankou yon épou k-ap sot nan chanm nòs li, *
li kontan tankou yon jéan pou-l kouri sou rout la.
- ⁷ Dépi nan bout sièl yo li soti, †
chémin-l jous nan finisman yo, *
pa gin anyin ki kaché dévan chalè-l.

Réf. Lè l-ap antré sou tè-a, li di : Sé yon kò ou té paré pou mouin ; min m-ap vini, Bondié, pou-m fè volonté-ou.

Réf. 3 Nan sa charité Bondié-a parèt nan nou : sèké Bondié voyé sèl Pitit li-a sou tè-a, pou nou viv gras a li.

Psòm 44 (45)

Nòs Roua-a

Min mésié k-ap marié-a, soti al rankontré-l (Mt 25, 6).

- 2 Yon bon paròl monté sot nan kè-m, †
m-ap di sa-m fè-a bay roua-a. *
- Lang mouin sé plim yon moun k-ap ékri vit.
- 3 Sé ou minm ki pi bèl nan pitit moun yo, †
gras ap koulé sot nan po bouch ou, *
sé pou sa Bondié béni-ou pou tout tan.
- 4 Pасé épé-ou nan sinti-ou, vanyan sòlda, *
kouraj ou, épi bèlté-ou.
- 5 Ak bèlté-ou, avansé, monté sou chario *
pou kòz vérité-a, ni bonté-a, ni jistis.
Min douat ou ap aprann ou fè mèvèy : †
- 6 flèch pouinti-ou yo, – pèp yo anba-ou yo tonbé – *
nan kè ènmi roua yo.
- 7 Trôn ou, Bondié, pou sièk sièk la ; *
baton douati, baton péyi roua-ou la.
- 8 Ou té rinmin jistis, épi ou té rayi méchansté ; †
sé pou sa li sakré-ou, Bondié, Bondié-ou la, *
ak luil kè kontan nan mitan konpagnon-ou yo.
- 9 Lamir ak aloès, kanèl, nan tout rad ou ; *
nan palè ki fèt avèk défans eléfan yo, yo fè kè-ou kontan.
- 10 Pitit fi roua nan pami sa-ou aprésié yo ; *
rèn-nan kanpé adouat ou, li dékoré ak lò ki sot nan péyi Ofir.
- 11 Kouté, pitit fi, épi gadé, †
épi paré zòrèy ou *
épi bliyé pèp ou ak kay papa-ou.
- 12 Roua-a anvi bèlté-ou. *
Paské sé Granmèt ou li yé, sé pou-ou adoré-l.
- 13 Pitit fi Tir la ak kado-l yo ; *
moun yo ki pi rich nan pèp la, y-ap salué ou.
- 14 Ak tout bèlté-l, pitit fi roua-a ap avansé al anndan-an, *
ak toual ki koud avèk fil lò li abiyé.

- ¹⁵ Ak rad brodé, yo minnin-l bay roua-a ; *
fi vièj yo dèyè-l, zanmi-l yo, yo fè yo antré vîn jouinn ou.
- ¹⁶ Yo fè yo antré ak kè kontan, épi fèt, *
yo minnin yo nan palè roua-a.
- ¹⁷ Nan plas papa-ou yo sé pitit ou yo k-ap vini ; *
ou-ap mété yo kòm chèf nan tout tè-a.
- ¹⁸ Sé pou-m fè sonjé non ou *
nan tout jénérasyon ak jénérasyon ;
sé pou sa pèp yo ap fè déklarasion pou ou tout tan *
épi nan sièk sièk la.

Réf. Nan sa charité Bondié-a parèt nan nou : sèké Bondié voyé sèl Pitit li-a sou tè-a, pou nou viv gras a li.

V/. Paròl la té vîn tounin chè.

R/. Épi li té abité nan nou.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan premié liv Kronik yo

17, 1-15

Profési osijè pitit David la

Nan jou sa yo: ¹ Kòm David té abité nan kay li-a, li té di Natan profèt la: « Gadé mouin minm mouin abité nan kay ki fèt ak boua-sèd, arch aliens Granmèt la la minm li anba yon tant po-bèt yo ». ¹ Natan di David: « Tout sa ki nan kè-ou yo, fè yo; réyèlman Bondié avèk ou ».

³ Sé poutèt sa nan nuit sa-a paròl Bondié-a vîn rivé kot Natan antan-l di: ⁴ « Alé épi palé ak David sèvitè-m nan: Min sa Granmèt la di: Ou minm ou pap bati yon kay pou mouin pou-m abité; ⁵ ni réyèlman mouin pa-t rété nan yon kay dépi tan sa-a, lè-m té fè Israèl sòti-a jous jodi-a, min mouin té toujou ap vouyajé sot nan tant al nan tant, sot nan yon koté

pou-m rété al nan yon lòt koté. ⁶ Ninpòt koté mouin t-ap maché nan tout Israël, èské té palé ak youn nan jij Israël yo, sa mouin té pasé lòd pou yo okipé pèp mouin-an, épi mouin té di: Pouki sa nou pa-t bati yon ka yak boua-sèd ou mouin? ⁷ Koulié-a poutèt sa, ou-ap palé konsa kot sèvitè-m nan David: Min sa Granmèt lamé yo di: Mouin té pran-ou, lè-ou t-ap suiv bann mouton-an nan patiraj yo, pou vîn chèf pèp mouin-an Israël; ⁸ épi mouin té avèk ou, tout koté ou t-ap maché alé, mouin té touyé tout ènmi-ou yo dévan-ou épi mouin té fè yon non pou yo tankou pa youn nan pi gran yo anpil moun ap nonmin sou tè-a. ⁹ Mouin té bay pèp mouin-an Israël yon koté épi mouin té planté-l, pou-l abité ladan-l, san-l pa souké anko, ni pitit péché yo pa fè-l tranblé ankò tankou nan kòmansman-an ¹⁰ épi dépi jou yo koté té mété jij yo pou pèp mouin-an Israël épi mouin té rabésé tout ènmi-ou yo. Konsa m-ap anonsé-ou Granmèt la ap gin pou bati yon kay pou ou. ¹¹ Lè ou-ap fîn plin jou-ou yo, pou-ou alé kot papa-ou yo, m-ap fè yon désandans lévé apré ou, k-ap sot nan pitit ou yo, épi m-ap kinbé ringn li-an solid. ¹² Li minm l-ap bati yon kay pou mouin, épi m-ap asiré fotèy li-a jous pou tout tan. ¹³ Mouin minm m-ap yon papa pou li, épi li minm l-ap yon pitit pou mouin; mouin pap ouété mizérikòd mouin-an sot sou li, tankou mouin té ouété-l sot nan sa-a ki té anvan-ou nan. ¹⁴ M-ap instalé-l nan kay mouin-an ak nan rouayòm mouin-an jous pou tout tan, épi trôn li ap solid anpil pou tout tan ».

¹⁵ Dapré tout paròl sa yo épi dapré tout vizion sa-a, sé konsa Natan palé ak David.

RÉPONS

Cf. Lk 1, 26-32

R/. Yo té voyé anj Gabrièl kot Mari ki Vièj, ki té fiancé ak Jozèf, pou anonsé-l paròl la ; épi Vièj la té sézi poutèt limiè-a. Pa pè, Mari, ou té jouinn gras kot Granmèt la : * Min ou-ap ansint, épi ou-ap anfanté, épi y-ap rélé-l Pitit Sa-a ki Anro nèt la

V/. Mouin salué-ou, Mari, plin-Gras, Granmèt la avèk ou. * Min.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt sin Léon le Gran, pap

(Epist. 28, ad Flavianum, 3-4: PL 54, 763-767)

Sakréman rékonsiliation nou-an

Grandè-a pran kondision rabésman-an, fòs la pran kondision féblès la, étènitè-a pran kondision lanmò-a; épi pou défèt dèt kondision nou-an, natu yo pa kapab maltréte-a vîn fè youn ak natu ki kapab soufri-a, pou, sa-k té konvnab kòm rémèd pou nou yo, yon sèl ak minm médiatè ant Bondié ak moun yo, moun nan Jézu-Kri, té kapab mouri poutèt youn, épi pa-t kapab mouri poutèt lòt la.

Konsa sé nan yon natu moun tout bon vré toutantié épi ki apouin nèt, Bondié tout bon vré-a té pran nésans, toutantié nan sa-k pou li yo, toutantié nan sa-k pou nou yo. Nou di pou nou, sa Kréatè-a té kréyé nan nou dépi kòmansman-an, épi té pran pou-l réparé-l la.

Réyèlman sa mantè-a té pran-an épi sa moun nan yo tronpé-a té pèdi-a, pa-t gin okinn tras nan Sovè-a. Épi sé pa paské li té antré anba féblès moun yo, li t-a patisipé pou sa nan fot nou yo.

Li pran kondision ésklav la san salté péché-a, antan-l fè kondision moun nan ogmanté, antan-l pa diminué kondision Bondié-a: paské vidé li té vidé tèt li-a, sa-k té fè li minm yo pa kapab ouè-a té vîn prezanté-l pou yo ouè-l, épi Kréatè ak Grammèt tout bagay yo té vlé fè youn ak sa-k kapab mouri yo, sé panché pitié-a té panché, sé pa-t défèt puisans la té défèt. Konsékans la sèké, li minm ki antan-l rété nan kondision Bondié-a té fè-l moun nan, sé minm nan ki vîn tounin moun nan kondision ésklav la.

Donk Pitit Bondié-a té antré nan sa-k pi ba sou tè-a, antan-l désann sot nan plas li gin nan sièl la; épi antan li pa séparé louin ak gloua Papa-a, yo anfanté-l ak yon nouvo lòd, ak yon nouvo nésans.

Nouvo lòd paské, li minm yo pa kapab ouè nan sa-k pou li yo, yo vîn kapab ouè-l nan sa-k pou nou yo; yo pa kapab konprann li, li té vlé yo konprann li; antan-l rété anvan tan-an, li té kòmansé vîn sot nan tan-an; Granmèt tout sa-k égzisté-a té pran kondision ésklav la, antan-l voualé grandè li-a ki pa gin mézi-a; Bondié ki pa kapab soufri-a pa-t réfizé vîn tounin yon moun ki kapab soufri, épi li ki pa kapab mouri-a vîn anba laloua lanmò-a.

Sa-a réyèlman ki Bondié tout bon vré-a, sé minm nan ki moun tout bon vré-a, épi pa gin okinn manti nan yon sèl li yon sèl la, pandan youn pou lòt, ni rabèsman moun nan ni rotè Bondié-a.

Minm jan réyèlman Bondié pa chanjé ak pitié li pran pitié-a, konsa tou moun nan pa détrui ak dignité-a. Toulèdé kondision yo réyèlman ap aji, an kominion ansanm avèk lòt la, sa-k pròp pou li-a: sa vlé di ak Paròl la k-ap fè sa-k pou Paròl la, épi antan l-ap égzékité ak chè-a sa-k pou chè-a.

Youn nan yo ap kléré ak mirak yo, lòt la ap sibi mank déga yo. Épi minm jan Paròl la pa séparé ak égalité gloua Papa-a, konsa chè-a pa alé kité natu ras nou-an.

Sé yon sèl la réyèlman épi minm nan, sé sa yo doué di souvan, ki vrè Pitit Bondié-a, ak vrè pitit moun nan. Bondié poutèt *nan kòmansman sé té Paròl la, épi Paròl la té koté Bondié, épi paròl la té Bondié*; moun paské *Paròl la vîn tounin chè, épi li té abité nan nou.*

RÉPONS

R/. Résévoua paròl la, Vièj Mari, sa Granmèt la transmèt ou pa lintèmédiè Anj la : ou-ap ansint épi ou-ap anfanté Bondié ki moun tou, * Pou yo di ou béni nan pami tout médam yo.

V/. Ou-ap anfanté yon pitit gason, épi ou pap sibi déga nan virjinité-ou la : ou-ap ansint épi ou-ap manman ki toujou intak. * Pou yo di ou béni.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*O lux, salútis núnntia*)

Ou minm limiè-a, mèsajé sové nou sové-a,
koté Anj la poté bay Vièj la
promès k-apral réalizé tousuit yo
épi poté bay tè-a kè kontan ki gin valè yo.

Li minm Pitit pou tout tan-an ki gin nésans
anndan Papa pou tout tan-an,
li vîn anba lòd tan-an,
li chouazi yon manman sou tè-a.

Pou nou minm ki té gin pou nou ofri sakrifis,
li fèmin pròp tèt li kòm viktim nan manm moun nou yo,
pou-l lavé krim koupab yo
ak yon san inosan.

Vérité ki fòmé nan vant ak chè-a,
ki kouvri anba voual Vièj la,
ki kité kè ki nèt yo ouè-l,
plin nou ak limiè-ou la !

Kanta ou minm ki di ou sé sèvant Bondié-a,
avèk kè-ou rabésé-a,
ou minm ki rèn sièl yo koulié-a,
sé pou-ou tounin protéksion fidèl yo !

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou minm ki pran nésans sot nan Vièj la,
pou Papa-a tou ak Éspri rékonfò-a,
nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

Réf. 1 Yo té voyé anj Gabrièl kot Mari ki Vièj, ki fiancé ak Jozèf.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch prémié sémèn nan, 578.

Réf. 2 Ou béni pami médam yo, épi frui vant ou-a béni.

Réf. 3 Vièj la té vîn ansint gras a paròl la, li té toujou rété vièj ; Vièj la té anfanté Sovè-a.

LÉKTU KOUT

Fil 2, 6-7

Malgré li té nan kondision Bondié, Kris Jézu pa-t konsidéré égal li égal avèk Bondié-a tankou yon bagay li kinbé pou pròp tèt pa-l, min li vidé pròp tèt li antan li pran kondision ésklav, li vîn tankou tout moun, épi dapré konpòtman-l yo ouè li sé yon moun.

RÉPONS KOUT

R/. Mouin salué-ou, Mari, Plin-lagras ; * Granmèt la avèk ou. Mouin salué-ou.

V/. Ou béni pami médam yo, épi frui vant ou-a béni. * Granmèt la. Viv Papa-a. Mouin salué-ou.

Pou *Benedictus* la, réf. Poutèt charité-l la ki dépasé mézi-a, sa Bondié té rinmin nou ak li-a, li té voyé Pitit li-a nan résanblans chè péché-a.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Nou minm k-ap fété kòmansman sovè nou sovè-a jodi-a, nan Anonsiasion Granmèt la, an nou priyé ak kè kontan :

Manman Bondié, ou minm ki sin, intèsédé pou nou.

Minm jan Vièj Mari té résévoua mèsaj kè kontan nan min Anj la, — fè nou favè, Bondié, pou konsa tou nou résévoua Sovè nou-an avèk rékonésans.

Minm jan ou té voyé jé sou sèvant ou-a ki pòv la,

— Papa mizèrikòd, sonjé nou, nou minm ak tout moun, pran pitié pou nou.

Minm jan Nouvo Èv la té obéyi Paròl ou-a, ki Bondié-a,

— konsa tou sé pou sa fèt pou nou dapré volonté-ou la.

Sé pou sint Mari poté pòv yo sékou, sé pou-l édé sa-k fèb yo, sé pou-l konsolé sa-k nan lapinn yo,

— sé pou-l priyé pou pèp la, sé pou-l soutni klèjé-a, sé pou-l plédé pou médam yo ki konsakré yo.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki té vlé pou Paròl ou-a résévoua véritab chè moun nan vant Vièj Mari, fè nou favè, tanpri, pou nou minm ki déklaré Rédanmtè nou-an Bondié épi moun, nou mérité gin minm déstiné avèk natu Bondié-l la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Psòm konplémantè yo, 1007.

Pou Tièrs

Réf. Nan désandans Jésé-a Vièj Mari vîn soti, li minm nan chanm nòs li-a Éspri Sa-a ki Anro nèt la té antré-a.

LEKTU KOUT

Éféz 1, 9b-10

Bondié té ranjé davans, nan distribision plénitud tan yo: pou réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, sa yo ki nan sièl yo ak sa yo ki sou tè-a.

V/. Anj Granmèt la té anonsé Mari.

R/. Épi li té vîn ansint sot nan Éspri-Sin-an.

Pou Sèkst

Réf. Min Vièj la ap ansint, l-ap anfanté yon pitit gason, y-ap rélé non-l Émanuèl.

LEKTU KOUT

1 Jn 4, 10

Nan sa-a charité-a yé, sé pa kòm si sé nou ki té rinmin Bondié, min sé li minm ki té rinmin nou, épi li té voyé Pitit li-a kòm padon pou péché nou yo.

V/. Min sèvant Granmèt la.

R/. Sé pou sa fèt pou mouin dapré paròl ou-a.

Pou Nòn

Réf. L-ap vîn gran jous nan bout tè-a, épi li minm l-ap lapè-a.

LEKTU KOUT

1 Tim 2, 5-6a

Yon sèl Bondié, yon sèl tou ki intèmediè ant Bondié ak moun yo, yon moun ki Kris la, Jézu, li minm ki té rinmèt pròp tèt li rédanmsion pou tout moun.

V/. Paròl la té vîn tounin chè.

R/. Épi li té abité nan nou.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN *Ave, maris stella*, nan **Komin Sint Vièj Mari**, 1243.

PSÒM YO

Réf. 1 Anj Granmèt la té anonse Mari, épi li té vîn ansint sot nan Éspri-Sin-an.

Psòm 109 (110), 1-5. 7

Kris la roua é prêt

Li gin pou-l kòmandé, joutan li mété tout ènmi yo anba pié-l (1 Ko 15, 25).

- ¹ Granmèt la té di Granmèt mouin-an : *
« Chita adouat mouin,
joutan mouin pozé ènmi-ou yo *
kòm éskabo pié-ou yo ».
- ² Baton pouvoua-ou, Granmèt la voyé-l sot nan Siyon : *
kòmandé nan mitan ènmi-ou yo.
- ³ Pouvoua-a avèk ou nan jou fòs ou-a, †
nan ékla limiè ki sin yo, *
sot nan vant anvan granmatin mouin anfanté-ou.
- ⁴ Granmèt la fè sèman, li pap régrèt li : *
« Ou sé prêt pou tout tan dapré ran Mèlkisédek ».
- ⁵ Granmèt la bò douat ou, *
l-ap krazé roua yo nan jou kòlè-l la.
- [6]
- ⁷ L-ap bouè nan riviè-a nan chémin-an, *
poutèt sa l-ap lévé tèt.

Réf. Anj Granmèt la té anonsé Mari, épi li té vîn ansint sot nan Éspri-Sin-an.

Réf. 2 Pa pè, Mari ; ou té jouinn gras kot Granmèt la : min ou-ap ansint, ou-ap anfanté, épi y-ap rélé-l Pitit Sa-a ki Anro nèt la.

Psòm 129 (130)

Nan bafon yo mouin té rélé

Sé li minm k-ap sové pèp li-a sot nan péché yo-a (Mt 1, 21).

- ¹ Nan bafon yo mouin té rélé koté-ou, Granmèt ; *
- ² Granmèt, kouté voua-m.
Sé pou zòrèy ou yo panché *
- nan voua priyè-m nan.
- ³ Si-ou kinbé fot yo, Granmèt, *
- Granmèt, ki moun k-ap kanpé ?
- ⁴ Paské koté-ou sé padon, *
- épi n-ap krinn ou.
- ⁵ Mouin t-ap tann ou, Granmèt, *
- nanm mouin t-ap tann nan paròl li ;
- ⁶ nanm mouin espéré nan Granmèt la *
- plis pasé yon santinèl k-ap espéré dévan-jou.
- Plis pasé yon santinèl k-ap espéré dévan-jou *
- ⁷ sé pou Israël espéré nan Granmèt la,
- Paské kot Granmèt la sé mizérikòd, *
- sé rédanmsion an kantité koté-l.
- ⁸ Sé li minm k-ap rachté Israël *
- sot nan tout fot li yo.

Réf. Pa pè, Mari ; ou té jouinn gras kot Granmèt la : min ou-ap ansint, ou-ap anfanté, épi y-ap rélé-l Pitit Sa-a ki Anro nèt la.

Réf. 3 Min sèvant Granmèt la : sé pou sa fèt pou mouin dapré paròl ou-a.

Kantik

Cf. Kol 1, 12-20

Kris la, premié anfanté anvan tout kréati
ak premié anfanté sot nan pami mò yo

- 12 N-ap di Bondié Papa-a mèsi, *
li minm ki fè nou mérité jouinn pòsion
nan éritaj sin yo nan limiè-a ;
- 13 li minm ki délivré nou sot anba pouvoua fènoua yo, *
ki fè nou travèsé nan péyi-roua Pitit li rinmin-an,
- 14 sé nan li nou jouinn rédanmsion, *
padon pou péché yo ;
- 15 li minm ki pòtré Bondié yo pa kapab ouè-a, *
sé premié pitit anvan tou kréatu,
- 16 paské sé nan li tout bagay té kréyé †
nan sièl yo ak sou tè-a, *
sa yo kapab ouè ak sa yo pa kapab ouè yo,
soua trôn, soua pouvoua yo, *
soua gouvènman, soua otorité.
- Tout bagay sé pa pouvoua-l, sé nan li yo kréyé, †
- 17 li minm li anvan tout bagay,
tout bagay kanpé nan égzistans nan li.
- 18 Li minm sé tèt kò Égliz la ; †
li sé sous, premié pitit ki sot nan pami mò yo, *
pou-l kapab kinbé premié ran-an nan tout bagay,
- 19 sèké sé nan li Bondié té pran plézi
fè tout bagay nèt abité, *
- 20 épi pa pouvoua-l, l-ap rékonsilié tout bagay nan li,
antan-l fè lapè pa pouvoua san-l ki koulé sou koua-a, *
ni pou sa-k sou tè-a, ni pou sa-k nan sièl yo.

Réf. Min sèvant Granmèt la : sé pou sa fèt pou mouin dapré paròl ou-a.

LÉKTU KOUT

1 Jn 1, 1-2

Sa-k té nan kòmansman-an, sa nou té tandé-a, sa nou té ouè ak jé nou yo, sa nou té konsidéré-a épi sa min nou té touché-a osijè paròl lavi-a; épi lavi-a té parèt, nou té ouè, nou sèvi témouin, nou anonsé nou lavi tout tan-an, ki té dévan Papa-a épi ki té parèt pou nou-an.

RÉPONS KOUT

R/. Paròl la té vîn tounin chè, * Épi li té abité nan nou. Paròl la.

V/. Li minm li té nan kòmansman-an bò kot Bondié. * Épi li té abité nan nou. Viv Papa-a. Paròl la.

Pou *Magnificat* la, réf. Anj Gabrièl palé ak Mari, antan-l di: Mouin salué-ou, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou ; ou béni nan médam yo.

PRIYE YO

Papa pou tout tan-an, li minm ki té anonsé sovè l-ap sovè nou-an jodi-a pa lintèmediè Anj li-a, ak tout konfians nanm nou, an nou mandé-l :

Ba nou lagras ou-a an abondans, Granmèt.

Ou minm ki té chouazi Vièj Mari, pou-l té vîn tounin Manman Pitit ou-a,
— pran pitié pou tout moun k-ap tann rédanmsion li-a.

Ou minm ki té anonsé Mari lapè ak kè kontan nan bouch Gabrièl,
— bay tout tè-a an abondans kè kontan sovè nou sovè-a ak vrè lapè-a.

Ou minm ki té fè Paròl ou-a abité nan mitan nou, gras a konsantman sèvant ou-a avèk aksion Éspri-Sin-an,

— préparé kè nou pou yo résévoua Kris la, tankou Vièj Mari té résévoua-l la.

Ou minm ki voyé jé sou sa-k rabésé yo épi ki plin sa-k grangou yo ak byin,

— sa-k dékourajé yo, soulvé yo ; sa-k nan bézouin yo, poté yo sékou ; sa k-ap mouri yo, édé yo.

Bondié, ou minm anyin pa inposib pou ou, ou minm sèl ki fè mèvèy,

— sové nou, lè ou-a fè mò yo lévé nan dènié jou-a.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki té vlé pou Paròl ou-a résévoua véritab chè moun nan vant Vièj Mari, fè nou favè, tanpri, pou nou minm ki déklaré Rédanmtè nou-an Bondié épi moun, nou mérité gin minm déstiné avèk natu Bondié-l la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

AVRIL

2 avril

S. FRANSOUA DE PAOLA, ÈRMIT Pou rapèl

Li fèt Paola nan Kalab, nan ané 1416. Li établi yon kongrégasyon èrmit, apré sa li chanjé-l, li fè-l vîn tounin Òrd Minim yo, sa Sièj Apostolik la té rékonèt nan ané 1506. Li mouri Tour, an Frans, nan ané 1507.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt sin Fransoua de Paola

(Epistola a. 1486: A. Galuzzi, *Origini dell'Ordine dei Minimi, Romæ, 1967, pp. 121-122*)

Konvèti ak yon kè sinsè

Granmèt nou-an Jézu-Kri, li minm ki bay rékonpans ak kè ki gran anpil nè, sé pou-l péyé nou salè travay la nè.

Pati louin sa-k mal, répousé danjé yo. Nou minm minm ak tout frè nou yo, minm si nou pa alarotè sa, n-ap priyé Bondié Papa-a san rété ak Pitit li-a Jézu-Kri épitou Mari ki Vièj é ki Manman, pou yo minm yo pa kite nou sispann chèché sovè nanm nou ak kò nou.

Sé poutèt sa nou minm, frè yo, m-ap ankourajé nou ak fòs pou nou travay pou sovè nanm nou yo ak ladrès épi ak atansyon. Lanmò-a asiré, lavi-a kout, sé tankou lafimin li disparèt.

Sé poutèt sa sé pou nou fiksé éspri nou nan soufrans Granmèt nou Jézu-Kri, li minm ki limin ak difé pou nou, li désann sot nan sièl la pou-l

vîn rachté nou; li minm ki té poté tout touman nanm nan ak kò-a poutèt nou épi ki pa-t évité okinn chatiman. Li minm li té prezanté nou égzanp pasians ak rinmin ki apouin nèt la; konsa nou minm tou nou doué gin pasians nan kontrariété yo.

Sé pou nou mété rayisans ak fè ènmi akoté; avèk prévouayans kinbé nou louin paròl ki pi rèd yo, yo minm si yo soti nan bouch nou, nou pa doué régrèt prezanté rémèd la sot nan bouch nou, koté yo té fè blésé yo: konsa tou sé pou youn épagné lòt pou apré sa nou pa sonjé mank respè yo. Sonjé sa-k mal la réyèlman sé yon mank respè, konpléman violans la, konsèvasion péché-a, rayisans jistis la, flèch rouyé, pouazon nanm nan, gaspiyaj fòs yo, vè k-ap pouri éspri-a, dézòd nan priyè-a, déchiré démann y-ap fè Bondié yo, réfouadisman charité-a, klou ki fiksé nan nanm nan, éksè ki pa janm dòmi, péché ki pa janm disparèt épi lanmò chak jou.

Rinmin lapè-a, trézò ki gin anpil valè-a, sa yo doué souété anpil anpil la. Nou déjà konnin péché nou yo soulvè kòlè Bondié: konsa nou minm nou doué fè pénitans, pou Bondié mizérikindè la épagné nou. Sa nou kaché pou moun yo, li aklè pou Bondié; poutèt sa, sé pou nou konvèti ak yon kè sinsè. Konsa sé pou nou viv pou nou ranmasé bénédikcion Granmèt la épi sé pou lapè Bondié Papa nou-an toujou avèk nou.

RÉPONS KOUT

2 Kor 4, 11. 16

R/. Tout tan nou minm ki vivan yo, yo mété nou nan lanmò poutèt Jézu, * Pou lavi Jézu-a tou parèt nan chè nou k-ap mourir-a.

V/. Malgré moun nou sa-a ki sou pa déyò-a ap dékonpozé, poutan sa-a ki sou pa anndan-an ap réfèt tou nèf chak jou pi plis. * Pou lavi.

Pou Louanj yo nan matin

Réf. Min mouin kanpé nan pòtay la, m-ap frapé: si yon moun tandé voua-m épi li louvri pòt la pou mouin, m-ap antré lakay, m-ap soupé avèk li épi li minm avèk mouin.

1058

2 avril

Priyè-a

Bondié, grandè sa-k rabésé tèt yo, ou minm ki lèvé sin Fransoua nan gloua sin-ou yo, fè nou favè, tanpri, pou, gras a mérit ak égzanp li, nou résévoua ak kè kontan rékonpans yo promèt moun ki rabésé tèt yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Vèp yo

Réf. Si yon moun ta bay tout byin lakay li pou rinmin-an, sé kòm anyin li t-ap méprizé-l.

4 avril

S. IZIDÒR, ÉVÈK É SAVAN ÉGLIZ LA

Pou rapèl

Li fèt vè ané 560, nan Sévil, an Éspagn ; apré lanmò papa-l, frè-l Léandr té asiré édikasion-l. Yo chouazi-l kòm évèk lavil li-a, li ékri anpil liv savan, li rasanblé épi li dirijé pliziè konsil an Éspagn, koté li òganizé anpil bagay avèk sajès. Li mouri nan ané 636.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan liv Santans sin Izidòr, évèk

(Lib. 3, 8-10: PL 83, 679-682)

Skríb ki vîn savan nan rouayòm sièl yo

Ak priyè yo nou vîn nétouayé, ak léktu yo nou vîn instrui; toulèdé bon, si sa posib, si sa pa posib, li pi bon pou priyé pasé fè léktu.

Moun ki vlé toujou avèk Bondié, li doué priyé souvan, épi fè léktu souvan tou. Paské lè n-ap priyé, sé avèk Bondié li minm n-ap palé; min lè n-ap li, sé Bondié k-ap palé avèk nou.

Tout progrè soti nan léktu ak méditation. Sa nou pa konnin réyèlman, nou aprann li ak léktu-a, min sa nou té aprann nan, nou konsèvé-l ak méditation yo.

Léktu sint Ékritu yo bay doub kado sa yo: soua paské li fòmé intèlijans éspri-a, soua paské moun nan li ralé sot nan bagay vid yo li kondui-l al nan rinmin Bondié-a.

Doub éfò léktu-a: toudabò, kijan pou yo konprann Ékritu yo; apré sa, ki sa sa itil pou yo di yo épi ak ki kalité dignité. Sé pou moun nan réyèlman dispozé anvan pou konprann sa l-ap li-a, ansuit sé pou-l alarotè kapab proklamé sa-l aprann nan.

Léktè-a doué pi présé pito pou-l akonpli sa-l li-a, pasé pou-l byin dispozé anpil pou-l konnin. Chatiman-an pi piti réyèlman lè-ou pa konnin sa-ou anvi ginyin-an, pasé chatiman pou pa akonpli sa-ou konnin-an. Minm jan réyèlman nou anvi konnin antan n-ap li-a, sé konsa nou doué akonpli antan nou konnin bagay ki douat yo nou aprann yo.

Pèsonn pa kapab konnin sans sint Ékritu-a, si sé pa nan frékantasion sa yo doué li-a, jan yo ékri-a: *Rinmin-l épi l-ap lévé-ou anlè; l-ap ba-ou gloua, lè ou-ap anbrasé-l.*

Plis yon moun ap pi ataché nan paròl sakré yo, sé otan l-ap pran plis abondans konpréansion sot ladan yo; tankou yon tè, pi plis yo travay li, sé plis li donnin frui ak plis abondans.

Gin moun ki gin kapasité konprann, min yo néglijé éfò léktu-a; épi sa yo té kapab konprann antan yo li-a, yo méprizé-l antan yo néglijé-a. Gin moun minm ki gin amou pou konésans la, min yo anbarasé ak réta intèlijans la; yo minm poutan yo konnin ak pèsistans léktu-a, sa sa-k gin kapasité yo pa-t konnin poutèt parès la.

Minm jan sa ki rétradé nan konprann nan, min poutèt intansion bon éfò-a li rivé pran rékonpans la, konsa tou moun ki néglijé kapasité Bondié

ba li pou-l konprann nan, li vîn koupab kondanasion, paské kado li té résévoua-a, li té méprizé-l épi nan parès la li té abandoné-l.

Ansègnman-an san sékou lagras la, minm si yo vidé-l nan zòrèy yo, li pa janm désann nan kè-a; sou déyò sètènman l-ap fè brui, min sou anndan li pa profité nan anyin. Tandiské paròl Bondié-a ki vidé nan zòrèy yo, li rivé nan fon kè-a, lè lagras Bondié-a touché éspri-a sou anndan pou-l konprann.

RÉPONS

Mt 13, 52; cf. Prov 14, 33

R/. Tout skrib ki vîn savan nan rouayòm sièl yo, * Li sanblé ak yon moun ki papa fanmi, ki retiré sot nan trézò li sa-k nouvo yo ak sa-k ansyin yo.

V/. Nan yon kè ki gin ladrès sajès la répozé, épi ninpòt sa-k ignoran yo li fòmé yo. * Li sanblé.

Pou Louanj yo nan matin

Réf. Sa ki té anségné yo, y-ap briyé tankou ékla sièl la, épi sa yo ki aprann anpil lòt kijan pou yo vîn kòrèk, y-ap tankou zétoual yo nan tan ki pap janm fini yo.

Priyè-a

Kouté priyè nou yo, tanpri, Granmèt, sa n-ap ofri nan souvni sint-Izidòr-a pou Égliz ou-a jouinn sékou gra a intèsésion-l, li minm ki résévoua fòmasyon nan ansègnman-l yo ki sot nan sièl la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Vèp yo

Réf. O Anségnan ki bon anpil la, limiè sint Égliz la, ou minm sin Grégoua, ki rinmin laloua Bondié-a, priyé Pitit Bondié-a pou nou.

5 avril

S. VINSAN FÉRIÉ, PRÈT

Pou rapèl

Li fèt Valans, an Éspagn, nan ané 1350 ; li antré pami Frè Prèchè yo, li anségné téoloji. Antan li fè travay préché, li déplasé al nan anpil réjion, li ranmasé anpil frui antan l-ap défann vré lafoua-a épi antan l-ap korijé konpòtman moun yo. Li mouri Vàn, an Frans, nan ané 1419.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Vinsan Férié Osijè lavi spirituèl la
(Cap. 13: ed. Garganta-Forcada, pp. 513-514)

Osijè fason pou yo préché-a

Nan prèch yo ak ankourajman yo, sé pou yo sèvi ak yon langaj ki simp épi konvèsasion tankou lakay, pou déklaré aksion patikilié yo; épi, nan mézi ou kapab, sé pou insisté ak égzanp yo, pou ninpòt péchè ki t-a gin péché sa-a, vîn ouè yo frapé-l, épitou kòm si sé pou li sèlman ou-ap préché-a; min sé pou fè-l yon fason pou yo ouè paròl yo soti nan nanm nan, pa nan ògèy oubyin nan kòlè poutèt répignans, min pi plis sot nan zantray charité-a ak tandrès yon papa, tankou yon papa gin doulè pou pitit yo k-ap fè péché, oubyin ki malad grav, oubyin ki tonbé nan yon gro trou, koté l-ap fè éfò pou-l ralé yo soti, pou-l libéré yo, pou-l chofé yo tankou yon manman; épi tankou yon moun ki kontan poutèt progrè yo ak éspérans gloua paradi-a.

Kalité fason sa-a réyèlman abitué profitab pou moun k-ap kouté yo. Paské palé an jénéral osijè bon kalité yo ak vis yo, sa pa asé pou révéyé moun k-ap kouté yo.

Konsa tou nan konfèsion yo, pou kapab soua ranfòsé timid yo ak dousè, soua fè sa-k vîn di yo tranblé ak fèmté, sé pou-ou toujou montré zantray charité-a, pou péchè-a toujou santi paròl ou yo ap désann sot nan charité-a sèlman. Épi sé poutèt sa paròl charité ak dousè doué toujou vini anvan sa k-ap piké yo.

Ou minm minm ki anvî itil nanm prochin yo, sé pou toudabò ou alé kot Bondié ak tout kè-ou épi fè-l démann sa-a ak simplisité, pou-l aksépté vidé charité sa-a nan ou, sé ladan-l tout bon kalité yo rasanblé, sé pa lintèmediè-l ou-ap kapab réalisé sa-ou souété-a.

RÉPONS

2 Tim 4, 2; cf. Tr Ap 26, 20b

R/. Préché paròl la, insisté nan bon moman, nan mové moman ; démontré, réproché, sipliyé, * Nan tout pasians ak ansègnman.

V/. Mouin t-ap anonsé pèp yo pou yo té fè pénitans épi pou yo té konvèti vîn jouinn Bondié. * Nan tout.

Pou Louanj yo nan matin

Réf. Sé pa nou minm k-ap palé, min sé Éspri Papa nou-an k-ap palé nan nou minm.

Priyè-a

Bondié ki té chouazi prêt sin Vinsan kòm sèvitè prédikasion Bòn Nouvèl la, fè nou favè tanpri, pou jij la k-ap vini-an li té anonsé sou tè-a, nou ouè-l ap kòmandé kòm roua nan sièl la, antan nou sin. Li minm ki vivan.

Pou Vèp yo

Réf. Mouin fè-m tout bagay ak tout moun pou-m rivé sovè tout moun.

7 avril

S. JAN-BATIS DE LA SAL, PRÈT**Pou rapèl**

Li fèt Rins, an Frans, nan ané 1651. Li antré nan ran prèt yo, li konsakré tèt li nèt spésialman pou édiké ti moun yo, antan li òganizé lékòl pou pòv yo. Li rasanblé moun k-ap travay avèk li yo nan yon Kongrégasyon, li sipòtè anpil tribilasyon pou sa kapab fèt. Li mouri Rouan, nan ané 1719.

Pou Ofis léktu-a**DÉZIÈM LÉKTU**

Sot nan Méditation sin Jan Batis de la Sal, prèt
(*Meditatio 201*)

Sé pou charité Bondié-a pousé nou

Ak nanm nou réfléchi sou sa apot Pòl di-a, sètadi Bondié mété nan Égliz la Apot yo, profèt yo ak anségnan yo, épi sé pou nou gin konviksion sé li minm tou ki mété nou nan dévoua sèvis nou-an. Osijè sa, minm sin-an ba nou témouagnaj, antan-l di gin divès sèvis ak divès travay épi sé minm Éspri-Sin-an ki vîn parèt aklè nan chak kalité don sa yo pou sa-k itil an komin-an, sa vlé di pou utilité Égliz la.

Sé pou sa nou pa doué douté yo ba nou kalité gras sa-a, sètadi pou nou anségné ti moun yo, pou nou anonsé yo Évanjil la épi pou nou fòmé yo nan éspri rélijion-an, sé yon gran kado Bondié, ki té rélé nou pou sèvis sa-a ki sin-an.

Sé poutèt sa, nan tout ansègnman nou-an, sé pou timoun yo rinmèt nou pou nou pran souin yo-a, yo ouè nou minm sé sèvitè Bondié nou yé, antan n-ap fè dévoua nou nan charité san fint épi ak souin tout bon vré.

An plis, sa ki pou kinbé nou pi plis nan dévoua sèvis nou-an, sé pa sèlman paské nou sé minis Bondié, min tou minis Jézu-Kri ak Égliz la.

Sé sa réyèlman sin Pòl di, antan l-ap invité pou yo konsidéré kòm minis Kris la tout moun k-ap anonsé bòn nouvèl la, k-ap ékri yo lèt Kris la ap dikté-a, pa avèk lank min ak Éspri Bondié vivan-an, pa sou adouaz ki fèt ak ròch min nan adouaz kè chè yo, ki kè timoun yo. Sé poutèt sa, sé pou charité Bondié-a pousé nou, paské Jézu-Kri té mouri pou tout moun, pou sa yo k-ap viv yo tou yo pa viv pou pròp tèt yo, min pou li minm ki ki mouri épi ki té résisité pou yo-a. Sé pou sa tou, élèv nou yo, antan atansion nou ak souin nou-an touché yo, y-ap santi sé tankou sé Bondié k-ap akourajé yo pa lintèmediè nou, paské n-ap joué ròl délégé pou Kris la.

An plis, nou doué manifésté ki kalité charité k-ap boulé nou pou Égliz la épi n-ap fè ouè-l ak prèv atansion nou-an. Sé pou Égliz la réyèlman ki Kò Jézu-Kri, n-ap travay. Ak aktivité nou-an donk n-ap montré nou rinmin sa yo Bondié rinmèt nou yo, minm jan Kris la té rinmin Égliz la.

Sé pou nou fè éfò pou timoun yo antré vrèman nan konstriksion tanp sa-a épitou pou konsa yo rivé vîn alarotè yon lè pou yo kanpé dévan tribinal Jézu-Kri-a nan gloua, antan yo pa gin tach ni rid ni okinn bagay konsa; pou yo vîn montré nan sièk k-ap vini yo abondans richès gras la, sa Bondié té ba yo-a, antan-l ba yo sékou nan ansègnman-an, nou minm minm pou anségné yo épi édiké yo, pou yo kapab gin éritaj la nan rouayòm Bondié ak Jézu-Kri Granmèt nou-an.

RÉPONS

Cf. Mk 10, 13-14. 16

R/. Yo t-ap prézanté timoun piti bay Jézu, pou-l té touché yo. Disip yo minm t-ap ménasé moun yo ki t-ap vîn prézanté yo-a; lè Jézu ouè sa, li di yo: * Kité timoun yo vîn jouinn mouin, pa anpéché yo: sé pou sa-k sanblé ak yo réyèlman rouayòm Bondié-a yé.

V/. Épi antan li anbrasé yo, li t-ap béni yo antan-l pozé min sou yo. * Kité.

Pou Louanj yo nan matin

Réf. Moun ki gin mizèrikòd la, li anségné épi li fòmé bann mouton-l nan tankou yon gadyin.

Priyè-a

Bondié, ki té chouazi sin Jan-Batis pou-l bay jèn jan yo yon édikasyon krétyin, mété profèsè nan Égliz ou-a, pou fòmasyon jèn jan yo kòm moun ak kòm krétyin. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Vèp yo

Réf. Kité ti moun piti yo vîn jouinn mouin ; réyéلمان, sé pou moun ki tankou yo rouayòm sièl yo yé.

11 avril

S. STANISLAS, ÉVÈK É MATI

Pou rapèl

Li fèt nan vil Sépanòv, an Pològn, vè ané 1036, li té étidié Lièj. Li vîn prèt, li té ranplasè Lanbèr, évèk Krakovi nan ané 1072. Li té dirijé Égliz la tankou yon bon gadyin, li té édé pòv yo, li té vizité prèt yo chak ané. Roua Boléslas touyé-l nan ané 1079 poutèt li t-ap réproché-l konduit li.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt sin Sipriyin, évèk é mati

(Ep. 58, 8-9. 11: CSEL 3, 663-666)

Antan sa lafoua-a rasanblé yo ap goumin

Antan nou minm n-ap batay épi antan sa lafoua-a rasanblé yo ap goumin, Bondié ap gadé, anj li yo ap gadé, Kris la tou ap gadé. Ala kantité dignité gloua sa yé, épi ala kantité kontantman pou nou rasanblé antan Bondié ap kòmandé épi pou sé Kris la ki jij la k-ap kouroné nou!

Sé pou nou ékipé ak tout fòs yo, frè yo mouin rinmin anpil la, épi sé pou nou paré pou konba-a ak éspri ki pa gaté, ak lafoua ki toutantié, ak bon kalité ki dévoué. Nan batay la yo indiké nou-an, sé pou sòlda Bondié yo avansé.

Sin Apot la aprann nou pou nou ékipé épi paré antan-l di: *Avèk rin nou maré nan vérité-a, antan nou abiyé ak protèj-pouatrîn jistis la, antan sandal ki nan pié nou sé paré nou tou paré pou-n anonsé Bòn Nouvèl lapè-a, antan nou pran boukliyé lafoua-a, sé nan li nou kapab étinn tout flèch anflamé sa-k méchan anpil la lansé, épi kask sovè nou sovè-a, ak épé éspri-a, ki paròl Bondié-a.*

Sé pou nou pran zam sa yo, sé pou nou protéjé ak protéksion spirituèl sa yo pou nan jou k-ap mové anpil la nou kapab rézisté ménas djab la épi défann nou.

An nou abiyé ak protèj-pouatrîn jistis la, pou pouatrîn nou protéjé épi alabri kont flèch ènmi-an lansé yo. Sé pou pié yo gin sandal ansègnman évanjil la épi yo ékipé, pou lè nou kòmansé pilé sèpan-an anba pié nou épi krazé-l, li pa kapab mòdé épi fè nou tonbé atè.

Sé ak fòs pou nou poté boukliyé lafoua-a, pou antan-l protéjé, li kapab étinn ninpòt sa ènmi-an lansé.

Sé pou nou pran tou kòm kouvèti tèt la kask spirituèl la, pou zòrèy yo protéjé, pou yo pa tandé déklarasion fo-dié yo, sé pou jé yo protéjé pou yo pa ouè imaj yo doué répousé yo, sé pou fron-an protéjé, pou-l konsèvé sign Bondié-a san domaj, sé pou bouch la protéjé, pou li déklaré ak lang nan viktoua Kris la Granmèt li-a.

Sé pou nou ékipé min douat la tou ak épé spirituèl la, pou-l répousé sakrifis madichon yo ak fòs, pou li sonjé Ékaristi-a ki fè-l résévoua Kò Granmèt la, li minm ki té anbrasé-l, apré sa li gin pou-l résévoua nan min Granmèt la rékonpans kouròn sièl yo.

Sé pou kè nou yo, frè yo mouin rinmin anpil la, rété kolé sou bagay sa yo. Si antan n-ap kalkilé épi n-ap médité bagay sa yo, jou pèsékision-an t-a rivé sou nou, sòlda Kris la, ki instrui ak kòmandman yo ak avètisman-l yo, li pap pè pou-l al batay, min l-ap paré pou-l al pran kouròn nan.

RÉPONS

R/. Sin sa-a té batay pou laloua Bondié-l la jous nan lanmò, épi dévan paròl méchan yo li pa-t pè; * Fondasion-l té pozé réyèlman sou ròch ki solid la.

V/. Sé li minm sa-a ki méprizé lavi tè-a, épi ki rivé nan rouayòm sièl yo. * Fondasion-l.

Pou Louanj yo nan matin

Réf. Moun ki rayi nanm li sou tè sa-a, l-ap konsèvé-l pou lavi tout tan-an.

Priyè-a

Bondié, ou minm évèk sin Stanislas té mouri anba épé pèsékité yo, pou ouè-ou, fè nou favè, tanpri, pou nou réyisi pèsévéré antan nou rété fò nan lafoua jous nan lanmò. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Vèp yo

Réf. Nan rouayòm sièl yo, sin yo abité, épi sé pou tout tan y-ap répozé.

13 avril

S. MARTIN PRÉMIÉ, PAP É MATI

Pou rapèl

Li fèt Todi, nan Onbri, li antré nan group prèt Ròm yo, yo chouazi-l pou trôn ansègnman Piè-a nan ané 649. Nan minm ané-a, li té rasanblé yon Konsil, koté li kondané mové ansègnman monotélit yo. Anpèrè Konstan fè-l prizonié nan ané 653, li dépòté-l Konstantinòpl, li fè-l pasé anpil mizè ; alafin li égzilè-l Kèrsonèz, sé la li mouri nan ané 656.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt sin Martin I, pap

(Epist. 17: PL 87, 203-204)

Grammèt la toupré, kisa ki pou inkiété-m

Nou toujou gin tout kalité anvi ak lèt nou yo pou nou konsolé charité nou-an épi pou nou soulajé nou sot nan préokipasion nou minm nou ginyin osijè nou-an: ansanm avèk nou minm réyèlman vré épi tout sin yo ak frè nou yo k-ap pran souin nou poutèt Grammèt la. Min li, pou koulié-a tou, mouin ékri nou sa k-ap fè présion sou nou. M-ap di vérité nan non Kris la, Bondié nou-an.

Antan réyèlman nou louin sot nan tout boulvès tè-a épi nou débarasé ak péché nou yo, min tou nou té santi nou manké minm lavi-a. Puisqué sa yo ki rété nan réjion sa-a tout sé payin yo yé épi sa yo ki abité la-a sé konpòtman payin yo té résévoua-a yo konnin, antan yo pa gin okinn

charité ditou, sa natu moun yo san rété démontré minm pami sovaj yo tou ak anpil konpasion.

Mouin té sézi minm épi jous koulié-a mouin sézi, mank sajès ak mank konpasion tout sa yo ki té pou mouin yo lontan, épi zanmi-m yo ak pròch mouin yo, pou jan yo tèlman bliyé malè mouin-an jous nan fon joutan yo pa minm vlé konnin, jan mouin dékouvri-a, si-m sou tè-a oubyin si-m pa la.

Ki kalité konsians, ou pansé, nou ginyin pou nou prézanté dévan tribinal Kris la, antan n-ap akizé tout moun lè sa-a épi antan n-ap bay moun yo rézon, ki kanpé ansanm sot nan minm labou-a ak pat la? Ki kalité pè sa-a ki té tonbé sou moun yo pou yo pa fè sa Bondié kòmandé yo ditou, oubyin ki kalité krint sa-a, koté pa gin krint? Èské ak ralé y-ap ralé nou pa anba-a jous koulié-a éspri malin yo kouvri nou? Èské konsa ènmi tout Égliz la anplin té parèt ak sa k-ap konbat li-a?

Min poutan Bondié, ki vlé pou tout moun vîn sové épi rivé nan konésans vérité-a, pa lintèmediè intèsésion sin Piè, sé pou-l fiksé kè yo nan lafoua ki douat la épi sé pou-l ranfòsé-l kont tout érétyk yo ak moun k-ap konbat Égliz nou-an, épi sé pou-l konsèvé yo san yo pa souké, sitou pastè-a, li minm yo montré k-ap dirijé yo koulié-a, pou yo pa tonbé nan anyin ditou, oubyin panché, oubyin lagé sa yo té déklaré nan sa yo ékri yo dévan fas Granmèt la ak sin anj yo, jous nan sa-k pi piti-a, ansanm avèk rabèsman-m nan, sé pou yo résévoua kouròn jistis lafoua douat la nan min Granmèt ak Sovè nou-an Jézu-Kri.

Pou pòv kò pa-m sa-a réyèlman, sé Granmèt la li minm k-ap pran souin-l, jan sa fè-l plézi pou-l minnin-l, soua nan tribilasyon yo san rété, soua nan yon ti rékonfò. Granmèt la réyèlman toupré, épi pou kisa pou-m ap inkiété-m? Mouin espéré avèk asirans nan pitié-l yo, li pap fè réta koulié-a pou-l fini kous mouin-an li té kòmandé-m nan.

Tout moun ki fè pati fanmi nou yo poutèt Granmèt la, salué yo épi tout moun ki gin konpasion pou chinn mouin yo, poutèt rinmin Bondié-a. Sé pou Bondié ki anro anlè-a protéjé nou ak min-l ki gin pouvoua-a sot nan tout tantasion épi sé pou-l sové nou nan rouayòm li-an.

RÉPONS

2 Tim 4, 7-8a; Fil 3, 8b. 10

R/. Sé bon konba-a mouin té konbat, mouin té rivé nan bout kous la, mouin té kinbé lafoua-a: * Sa-k rété-a sé kouròn jistis la ki rézèvé pou mouin-an.

V/. Mouin fè tout bagay vîn tounin fatra parapò a rivé konnin Kris la, épi pou-m patisipé nan soufrans li-a, antan mouin konfòmé-m ak lanmò li-a. * Sa-k rété-a.

Pou Louanj yo nan matin

Réf. Moun ki rayi nanm li sou tè sa-a, l-ap konsèvé-l pou lavi tout tan-an.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou nou sipòté kontrariété tè-a avèk pèsévérans éspri ki pap pèdi batay, ou minm ki pa kité sin Martin pap ak mati, ni pè dévan ménas, ni sédé dévan soufrans. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Vèp yo

Réf. Nan rouayòm sièl yo, sin yo abité, épi sé pou tout tan y-ap répozé.

21 avril

S. ANSÈLM, ÉVÈK É SAVAN ÉGLIZ LA

Li fèt Aosta, nan réjion Piémon-an, nan ané 1033. Li antré nan monastè Bénédictin yo nan Bèk, an Frans. Li té anségné frè-l yo sians téoloji-a, pandan li minm li t-ap fè anpil progrè nan chemin pèfeksion-an. Li travèsé nan Anglètè, yo chouazi-l kòm évèk Kantòbéri. Li batay séré pou libeté Égliz la, li sibi égzil dé foua. Li té ekri anpil bèl bagay sou téoloji mistik. Li mouri nan ané 1109.

Nan Komin pastè yo: pou évèk yo, 1323, épi savan Égliz la, 1361.

Pou Ofis léktu-a**DÉZIÈM LÉKTU**

Sot nan liv *Proslógion (Konvèsasion)* sin Ansèlm, évèk
(Cap. 14. 16. 26: *Opera omnia*, edit. Schmitt, Seccovii, 1938, 1, 111-113.
121-122)

Sé pou-m konnin-ou, pou-m rinmin-ou, pou kè-m kontan nan ou

Èské ou jouinn, nanm mouin, sa-ou t-ap chèché-a? Ou t-ap chèché Bondié, épi ou té dékouvri li sé yon réalité ki pi ro pasé tout bagay, sa yo pa kapab pansé anyin ki pi bon pasé-l; épi li sé lavi-a minm, limiè-a, sajàs la, bonté-a, kontantman pou tout tan-an ak étènitè kontantman-an; épi li tout koté tout tan.

Granmèt Bondié mouin, ou minm ki fòmé-m épi ki réfè-m, di nanm mouin ki anvi-ou la, kilès lòt bagay ou yé pasé sa-l té ouè, pou-l kapab ouè tou, byin klè, sa-l anvi-a. L-ap fè éfò pou-l kapab ouè plis; épi li pa ouè anyin pi louin pasé sa-l té ouè-a, sof fènoua yo. Oubyin pito li pa ouè

fènoua-yo, paské pa gin sa ditou nan ou; min li ouè li minm li pa kapab ouè plis, poutèt pròp fènoua li yo.

Vrèman, Granmèt, sa-a sé limiè yo pa kapab rivé ladan-l nan, koté ou abité-a; vrèman réyèlman pa gin lòt, k-ap pénétré limiè sa-a, pou la-a li ouè-ou nèt. Vrèman sé poua mouin pa ouè-l, paské li trò gran pou mouin; époutan tout sa mouin ouè sé pa lintèmédiè-l mouin ouè-l, tankou yon jé ki fèb, sa-l ouè-a, sé pa lintèmédiè limiè solèy la li ouè-l, paské li pa kapab gadé nan solèy la minm.

Intèlijans mouin pa kapab al ladan-l; li briyé tròp, intèlijans la pa kapté-l, épi jé nanm mouin pa sipòté pi lontan pou-l fè èfò gadé ladan-l. Ak ékla-a li vîn répousé, ak lajè-a li vîn dépasé, ak sa-k san mézi-a li vîn krazé, ak sa-k plin-an li vîn mélé.

Ou minm limiè ki pi ro épi yo pa kapab rivé ladan-l! Ou minm vérité toutantié-a épi ki kontantman-an, ala ou louin-m, mouin minm ki tèlman pré-ou la! Ala ou louin sa-m rivé ouè-a, mouin minm ki prézan konsa dévan jé-ou!

Tout koté ou prézan toutantié, épi mouin pa ouè-ou. Sé nan ou mouin fè mouvman, sé nan ou mouin égzisté, épi mouin pa kapab rivé koté-ou. Ou anndan-m épi ou alantou-m, min mouin pa santi-ou.

Mouin priyé, Bondié, pou-m konnin-ou, pou-m rinmin-ou, pou kè-m kontan nan ou. Min si-m pa kapab rivé an plin nan lavi sa-a, sé pou-m fè progrè chak jou, jous lè sa ap rivé an plin; sé pou konésans ou fè progrè isit la nan mouin, pou lòt bo-a li vîn an plin; sé pou rinmin-ou nan grandi, pou lòt bè-a li an plin, pou isit la kè kontan-m nan sé nan yon gran éspérans, épi lòt bè-a nan réalité-a an plin.

Granmèt, pa lintèmédiè Pitit ou-a, ou pasé lòd, pi plis minm ou désidé, pou nou mandé, épi ou promèt n-ap résévoua, pou kè kontan nou-an kapab an plin. M-ap mandé, Granmèt, sa-ou désidé-a pa lintèmédiè konséyé nou-an ki ékstraòdinè-a; sé pou-m résévoua sa-ou promèt la pa lintèmédiè vérité-ou la, pou kè kontan-m nan kapab an plin. Bondié ki vré, m-ap mandé; sé pou-m résévoua, pou kè kontan-m nan kapab an plin.

Sé pou éspri-m médité apati sa an atandan; sé pou lang mouin palé sou sa. Sé pou kè mouin rinmin sa; sé pou bouch mouin fè konvèsasion sou sa. Sé pou nanm mouin grangou sa, sé pou chè mouin souaf sa, sé pou sa-m yé toutantié anvi sa, joutan mouin antré nan kè kontan Granmèt la, li minm ki toua épi yon sèl Bondié-a, ki béni nan sièk yo. Amèn.

REPONS

R/. Sa-a sé Ansèlm, anségnan ékstraòdinè, ki fòmé anba disiplîn Lanfran; li minm, antan li té yon papa mouàn yo té rinmin, yo rélé-l pou-l pran insign gran prèt la, * Épi pou libète sint Égliz la li té batay ak kouraj, alélouya.

V/. Épouz Kris la pa yon ésklav min li lib, sé sa li t-ap déklaré ak voua ki pa fébli. * Épi pou libète.

Priyè-a

Bondié ki té bay évèk sint-Ansèlm favè pou-l chèché épi anségné profondé sajès ou-a, fè lafoua-ou la édé intèlijans nou yon fason pou kè yo gouté avèk dousè sa-ou kòmandé nou pou nou kouè yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

23 avril

S. JÒRJ, MATI

Dépi nan katriyèm sièk la déjà yo té konsidéré-l kòm sin nan Diospolis, nan Paléstîn, koté sa-a yo té bati yon légliz tou an lonè li. Pran souin fè sonjé-l gayé an orian ak an oksidan dépi nan tan lontan déjà.

Nan Komin yon sèl mati, 1295.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Piè Damyin, évèk

(Sermo 3, De sancto Georgio: PL 144, 567-571)

Ak drapo koua-a li protéjé davans yon fason li pa kapab pèdi batay

Fèt jodi-a, nou minm mouin rinmin anpil la, li rédouble kontantman gloua paskal la, épi, tankou yon piè bijou ki gin pri, li kléré nan lò-a koté yo apliké-l la ak bèlté pròp ékla li-a.

Sa klè yo fè-l pasé sot nan lamé al nan lamé, paské li té chanjé fonksion kòmandé sòlda li té okipé sou tè-a, pou angajman lamé krétyin-an, épi, tankou sòlda ki gin kouraj réyèlman vré, antan toudabò li té distribué bay pòv yo tout sa-l té ginyin, li té réjté chaj mouayin tè-a bay, pou konsa lib épi léjé, antan-l kouvri ak protèj-pouatrin lafoua-a, li té plonjé pròp tèt li ak chalè nan batay la minm tankou sòlda Kris la nan konba séré.

Ak paròl sa yo sètènman yo anségné nou klèman li pa posib pou ak fòs épi jan sa konvnab yo konbat pou défann lafoua-a, sa yo ki krinn toujou pou yo pèdi mouayin tè-a bay yo.

Sin Jòrj minm, antan difé Éspri-Sin-an limin nan li épi li protéjé davans ak drapo koua-a yon fason pou-l pa pèdi batay, konsa li kòmansé batay ak roua méchan-an, pou-l ranpòté viktoua sou chèf tout méchan yo nan konplis li-a, épi pou-l kapab pousé nanm sòlda Kris la pou yo aji ak fòs.

Jij ki anlè nèt la, sa yo pa kapab ouè-a, té prézan sètènman, li minm ki, dapré libèté dispozision-l, té pèmèt min méchan yo déchinnin la-a. Li minm ki, minm si-l té rinmèt manb mati li-a nan min bouro-a, poutan nanm nan, antan-l apuiyé nan sitadèl yon lafoua ki pap pèdi batay, li té konsèvé-l ak miray protéksion-l nan ki pap sispann.

Kalité sòlda lamé sièl la sa-a, frè yo mouin rinmin anpil la, sé pa admiré pou nou admiré-l sèlman, min sé pou nou pran modèl sou li; sé pou éspri-a déjà lévé nan rékonpans gloua sièl la, pou, pandan nou fiksé kè-a nan kontanplé-l, nou pa ébranlé, kit tè-a k-ap vann libètinaj la ap ri, kit ménas asiré ap grondé opozision.

Sé pou nou nétouayé nou poutèt sa, dapré lòd Pòl pasé-a, sot anba tout kontaminasion chè-a ak éspri-a, pou nan tanp kontantman sa-a, koté koulié-a nou dirijé pouint éspri-a, nou mérité antré tou yon jou.

Ninpòt moun réyèlman k-ap éseyé sakrifé pròp tèt li bay Bondié nan tant Kris la ki Égliz la, sa nésésè pou apré yo fin lavé-l ak bingn sous sakré-a, li abiyé tou ak diféran rad bon kalité yo, jan sa ékri-a: *Sé pou prèt ou yo abiyé ak jistis la*; nan mézi, sa-a ki réfèt kòm moun nouvo nan Kris la pa lintèmediè batèm nan, li pa poté rad k-ap indiké l-ap mouri-a ankò, min, antan-l dépozé ansyin moun nan, li abiyé ak nouvo-a, épi li viv ladan-l, antan li rénovlé pa lintèmediè éfò conduit ki nèt.

Konsa avèk asirans, antan nou pròpté anba salté ansyin péché-a épi n-ap kléré ak ékla nouvo conduit la, n-ap sélébré mistè paskal la jan sa doué fèt, épi n-ap suiv égzanp sin mati yo tout bon vré.

RÉPONS

R/. Sin sa-a té batay pou laloua Bondié-l la jous nan lanmò, épi dévan paròl méchan yo li pa-t pè; * Fondasion-l té pozé réyèlman sou ròch ki solid la, alélouya.

V/. Sé li minm sa-a ki té méprizé lavi tè-a, épi ki té rivé nan rouayòm sièl yo. * Fondasion-l.

Priyè-a

Antan n-ap fè ouè grandè-ou, Granmèt, ak tout kè nou n-ap priyé pou minm jan sin Jòrj té imité soufrans Granmèt la, konsa tou li paré pou édé frajilité nou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Minm jou 23 avril la

S. ADALBÈR, ÈVÈK É MATI

Li fèt Vòjtèch nan Boèm (Libice) vè ané 956, li té fè étud li yo Magdebourg épi sé la tou li té pran non Adalbèr la lè l-ap konfirmé. Lè li tounin nan péyi-l, li vîn prêt épi nan ané 983 yo mété-l kòm dézièm évèk Prag, li té travay ak kouraj pou-l dérasinin abitud payin yo. Lè li konstaté sé ti kras progrè li té fè, li té alé Ròm épi li vîn tounin mouàn. Alafin pou-l kapab vîn gin nanm pou Kris la, li té pati pou Prussia. Min antan yo mal résévoua-l, li kouroné ak mati-a jou 23 avril 997.

Nan Komin yon sèl mati, 1295, oubyin pastè yo: pou yon évèk, 1323.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan lavi li yon moun minm épòk la té ékri

(Acta Sanctorum, Aprilis, III, pp. 186-187)

Li anbrasé koua-a ak tout kò-l

Yon foul ki pa konn anyin té rasanblé sot tout koté, épi yo t-ap tann kisa mèt vil la t-apral fè ak sin Adalbèr, ak voua ki déchinnin épi bouch ouvri tankou chyin. Lè sa-a yo mandé mésié sa-a ki sin-an kilès li yé, koté-l soti épi pou ki rézon li té vini, li réponn bagay sa yo okontrè ak yon voua tou dou: « Mouin sé Boémyin dapré nésans, yo rélé-m Adalbèr, kondision-m sé mouàn, ran-m lontan sé Èvèk, travay mouin koulié-a sé apot nou. Rézon vouayaj nou-an sé pou nou kapab sové, pou antan nou kité zidòl ki soud é ki bèbè yo, nou rékonèt Kréatè nou-an, li minm sèl ki Bondié épi pa gin lòt andéyò li; pou antan nou kouè nan non-l nou kapab gin lavi, épi nou mérité résévoua rékonpans kè kontan sièl yo nan palè ki

pap défèt yo ». Sé sa sin Adalbèr di. Yo minm minm ki té revòlté dépi lontan, épi antan y-ap déklaré paròl blasfèm kont li ak gran rèl, yo t-ap ménasé-l ak lanmò.

Alafin té vîn gin yon raj payin ki pran yo, yo fonsé sou li ak konpagnon-l yo ak gran fòs épi yo mété yo tout nan chinn. Antan sin Adalbèr kanpé, an fas Godens ak yon lòt frè ki maré, « Frè yo – sé sa-l di – sé pa pou nou chagrin! Nou konnin sé pou non Granmèt la n-ap soufri bagay sa-a, li minm ki gin pouvoua dépasé tout pouvoua, bèlté anlè tout dékoration, puisans yo pa kapab rakonté, bon kè san parèy: kisa réyéلمان ki pi fò, ki pi bèl, pasé vidé lavi ki dous la pou Jézu ki dou anpil la ? »

Siggo ki pran difé soté an avan sot nan foul ki déchinnin-an, épi antan l-ap déplasé ak tout fòs li yon lans ki gran anpil, li té transpèsé fon kè-l. Yon san byin rouj té koulé soti atravè trou toulèdé bò yo. Li minm li kanpé antan l-ap priyé nan diréksion sièl la ak jé-l ak min-l. Yon riviè rouj té soti nan richès vinn nan, épi lans yo rétiré yo louvri sèt blésu ki gran anpil.

Li minm, antan yo lagé chinn yo, li té louvri min-l tankou yon koua épi antan l-ap sipliyé ak priyé l-ap vidé li rélé kot Granmèt la pou ni li minm ni sa k-ap pèsékité-l yo sové. Sé konsa nanm ki sin sa-a volé sot nan prizon-l nan, sé konsa kalité kò sa-a ak Koua-a ki lonjé-a pran posésion tè-a: sé konsa tou antan-l vidé lavi-l ak anpil san, l-ap joui anfin plas ki sin yo ak Kris la li aprésié anpil la pou tout tan.

REPONS

1 Tés 2, 8b; Gal 4, 19

R/. Avèk pasion, sé pa Bòn Nouvèl Bondié-a sèلمان nou té vlé rinmèt nou, min ata nanm nou yo tou: * Paské nou té aprésié nou anpil, alélouya.

V/. Ti pitit mouin yo, sa yo m-ap anfanté yon lòt foua-a joustan Kris la vîn fòmé nan nou. * Paské.

Priyè-a

Bondié, ki té kouronnin évèk sint-Adalbèr avèk mati-a, li minm ki té kité dévouman nanm yo boulé-l, fè nou favè, gras a intèvansion priyè-l,

pou ni pastè yo pa manké obéyisans bann mouton yo, ni bann mouton yo pa manké souin pastè yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

24 avril

S. FIDÈL DE SIGMARINGÉN, PRÈT É MATI

Li fèt nan vil Sigmaringén, nan Almag, nan ané 1578. Li antré nan Frè Minè Kapusin yo, li té minnin yon vi ki rèd nan vèy ak priyè. Li fidèl nan préché paròl Bondié-a. Sakré Kongrégasion Propagann Lafoua-a ba-l lòd pou-l asiré ansègnman ki douat la nan Rétia (Grizon). Min nan ané 1622 érétik yo chèché pou touyé-l nan Sivis, an Suis, li té sibi mati.

Nan Komin yon sèl mati, 1295, oubyin pastè yo: pou yon prèt, 1323.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Élòj sin Fidèl, prèt é mati

Gason ki Fidèl dapré non-l ak dapré réalité-a

Pap Benoua XIV té sélébré ak paròl sa yo sin Fidèl kòm défansè lafoua Katolik la.

« Antan li fè plénitud charité-l la lonjé rivé nan soulajé épi édé bézouin prochin yo ginyin sou déyò, li anbrasé tout malè yo nan bra-l tankou yon papa, li t-ap soutni anpil bann pòv ak lacharité li té ranmasé tout koté.

Li t-ap soulajé òfèlin yo ak vèv yo ki té pou kont yo, antan-l rivé jouinn mouayin pou yo kot sa-k gin pouvoua yo ak chèf yo; li pa-t sispann asisté tout sa-k fèmin nan prizon yo, nan mézi-l té kapab ak rékonfò spirituèl épi kòporèl, vizité ninpòt ki malad avèk souin, ba yo distraksion épi rékonsilié yo ak Bondié pou-l ékipé yo pou sipòté dènié konba-a.

Nan mòd fason sa-a minm li t-ap janm gin rékòlt mérit ki donnin plis, pasé lè antan-l té gin lamé otrichyin-an ki té kanpé nan réjion Rétia (Grizon), ki té tonbé prèské tout anba yon épidémi maladi, antan-l ofri tèt li bay malad yo ak lanmò-a tankou yon nouritu ki pran pitié ».

Ansanm ak charité sa-a, gason ki Fidèl ni ak non-l ni réyèlman, li té bon nèt nan éfò pou défann lafoua katolik la, sa-l té préché san parès épi, kèk jou anvan li té rafèmi sa ak san-l, nan dènié diskou piblik li té fè-a, tankou yon téstaman li té kité paròl sa yo:

« Ou minm, lafoua katolik la, ala ou kanpé fèm, ala ou solid, ala ou byin anrasinnin, al fondasion-ou byin pozé sou yon blòk ròch ki solid! Sièl la ak tè-a ap pasé, ou minm pou pap janm kapab pasé. Tout ronnn tè-a dépi nan kòmansman té kont ou, min ou trionfé sou tout ak anpil puisans.

Sa-a sé viktoua-a réyèlman, ki ranpòté viktoua sou tè-a, lafoua nou-an; sé li ki té soumèt roua ki té puisan yo anba kòmandman Kris la, sé li ki té pran pèp yo ak obéyisans Kris la.

Kisa ki té fè sin Apot yo ak mati yo sibi konba ki térib yo ak chatiman ki rèd anpil yo, si sé pa lafoua-a, sitou nan rézéréksion-an?

Kisa ki té fè sa-k té ralé kò yo pou kont yo-a, antan yo viré do bay plézi yo, yo méprizé onè yo, yo pilé richès yo anpa pié, yo minnin lavi séliba-a nan dézè-a, si sé pa lafoua ki vivan-an?

Kisa ki fè jodi-a, vrè disip Kris la réjité bagay ki mou yo, kité bagay ki dous yo, sibi bagay ki rèd yo, sipòté bagay ki difisil yo?

Lafoua vivan-an, k-ap travay pa lintèmédiè charité-a. Sé li minm ki fè kité byin ki prézan yo nan éspérans sa k-ap vini yo; épi chanjé sa k-ap vini yo nèt nan plas sa-k prézan yo ».

RÉPONS

2 Tim 4, 7-8a; Fil 3, 8b. 10

R/. Sé bon konba-a mouin té konbat, mouin té rivé nan bout kous la, mouin té kinbé lafoua-a: * Sa-k rété-a sé kouròn jistis la ki rézèvé pou mouin-an, alélouya.

V/. Mouin té fè tout bagay vîn tounin fatra parapò a rivé konnin Kris la, épi pou-m patisipé nan soufrans li yo, antan mouin konfòmé-m ak lanmò li-a. * Sa-k rété-a.

Priyè-a

Bondié, ki té aksépté dékoré sin Fidèl ak branch palm mati-a nan dévlopman lafoua-a, li minm ki té boulé ak amou-ou nan, gras a intèvansion-l, fè nou favè pou, antan nou instalé fèm sou fondman charité-a, nou mérité konnin ansanm avèk li puisans rézireksion Jézu-Kri-a. Li minm ki vivan.

25 avril

S. MARK, ÉVANJÉLIS**Fèt**

Li sé kouzin Barnabé. Li té asosié ak apot Pòl nan premié vouayaj la épi li té suiv li a Ròm tou. Li té disip Piè, li té transmèt lidé-l yo nan Évanjil li-a. Yo té konsidèrè sé li minm ki té pozé fondasyon Égliz Aléksandri-a.

Nan Komin Apot yo, 1250, sof sa ki suiv yo:

Pou Invitatoua-a

Réf. Grammèt la k-ap palé nan Évanjil la, vini, an-n adoré-l, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *O vir beáte, Apóstolis*

Ou minm gason ki sin, ki sinsè
konpagnon travay Apot yo
épi ki édé yo poté chaj la,
résévoua louanj yo ak priyé yo.

Gras a yo k-ap anonsé Kris la
sièk yo kòmansé lévé
ak anpil kontantman vérité-a
ni lapè-a ni kè kontan-an.

Antan yo pran-ou tou nan sièl la
nan minm déstiné kantité otorité sa yo,
ou kléré ak minm kalité gloua
ou parèt dévan ak puisans.

Ou minm k-ap simin limiè-a,
fè pou ak solèy Kris la ki vivan-an
tout koté sémans yo pousé ak fòs
pou ffin plin dépo sièl la.

Épi ansanm ak premié yo
ki kanpé bò kot Jij ki anro nèt la,
fè sa nou doué yo ffin péyé,
fè nou vîn chofé ak gras la.

Gloua-a sé pou Trinité-a,
li minm ki garanti nan sièl yo
pou-l fè nou joui rékonpans li yo
ansanm avèk ou pou tout tan. Amèn.

V/. Granmèt la ap bay sa yo k-ap anonsé bòn nouvèl la paròl la, alélouya.

R/. Ak anpil puisans, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo

4, 1-16

Distribision gras yo nan yon sèl kò-a

Frè yo : ¹ Mouin priyé nou, mouin minm prizonié nan Granmèt la, pou nou maché kòrèk dapré vokasyon yo rélé nou ladan-l nan ; ² avèk tout umilité épi dousè, avèk pasians antan nou youn sipòté lòt nan rinmin-an ; ³ antan nou fè éfò pou nou konsèvé éspri ki fè nou fè yon sèl la nan chinn lapè-a. ⁴ Yon sèl kò ak yon sèl Éspri tankou yo rélé nou nan yon sèl éspérans vokasyon nou-an ; ⁵ yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ; ⁶ yon sèl Bondié ak Papa tout moun, ki anlè tout moun, ki nan tout bagay épi ki nan nou tout.

⁷ Chak moun nan nou réyéلمان yo ba li gras la dapré mézi kado Kris la. ⁸ Sé poua yo di :

« *Antan-l monté nan rotè-a, li té kondui anprizònman-an kòm prizonié, li té bay moun yo kado yo* ».

⁹ Késion li monté sa-a, sa sa vlé di, si sé pa paské li té kòmansé désann nan réjion ki anba tè-a ? ¹⁰ Sa-a ki désann nan, sé li minm tou ki té monté anlè tout sièl yo, pou-l plin tout bagay.

¹¹ Sé li minm ki bay kèk moun gras pou yo apot, kèk lòt minm sé profèt, dòt ankò sé sa-k évanjélis, dòt yo minm sé gadyin ak sava sakré : ¹² pou fòmasyon sin nan travay sèvis la, nan konstoui kò Kris la, ¹³ joutan nou tout nou rivé fè yon sèl nan lafoua ak nan konésans Pitit Bondié-a, pou nou vîn tounin moun kòrèk nèt la, nan mézi laj plénitud Kris la.

¹⁴ Konsa nou pap tankou ti moun piti ankò k-ap ézité, nou pap kite yo fè nou fè lavironn nan tout van mové anségnman moun, nan riz moun k-ap toudi nou nan mové chémin ; ¹⁵ okontrè, antan n-ap fè vérité-a nan rinmin, n-a dévlopé nan li minm pa lintèmédiè tout bagay, li minm ki tèt la, Kris la ; ¹⁶ sé nan li tout kò-a fè yon sèl, li maré ak tout kalité jouinti k-ap transmèt mouvman-an, dapré aktivité ki nan mézi chak manb, pou kò-a dévlopé antan l-ap bati nan charité-a.

RÉPONS

Cf. 2 Piè 1, 21; Prov 2, 6

R/. Sé pa ak volonté moun profési janm rivé; * Sé antan Éspri-Sin-an té soufflé nan moun yo, yo té palé gras a Bondié, alélouya.

V/. Granmèt la bay sajès, sé nan bouch li konésans bon konduit la soti.
* Sé antan Éspri-Sin-an.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Iréné, évèk, Kont érézi yo
(Lib. 1, 10, 1-3: PG 7, 550-554)

Prèch vérité-a

Égliz la, ki gayé sou tout ronnn tè-a jous nan limit yo, té résévoua nan min Apot yo épi nan min disip yo lafoua sa-a nan yon sèl Bondié-a, Papa ki gin tout pouvoua, ki té fè sièl la ak tè-a, ak lanmè-a, ak tout sa ki ladan yo; épi nan yon sèl Pitit Bondié-a, Jézu-Kri, ki vîn tounin chè pou nou kapab sovè; épi nan Éspri-Sin-an, ki té préché davans désizyon Bondié pran yo pa lintèmédiè profèt yo, ni vini li t-ap vini-an, ni anfantman-l nan ki fè sot nan Vièj la, ni souffrans la, ni rézireksion sot nan pami mò yo, ni monté Jézu-Kri, Granmèt nou-an yo rinmin-an, monté nan chè-a nan sièl yo, ni vini li gin pou vini sot nan sièl yo nan gloua Papa-a, pou-l *meté tout bagay yo anba yon sèl tèt*, ni résisité tout chè ras moun nan gin pou résisité-a, pou dapré sa-k fè Papa-a plézi, li minm yo pa kapab ouè-a, dévan Kris Jézu, Granmèt nou-an, Bondié, sovè ak roua, *tout jénou fèt*

pou plouayé nan sièl la, sou tè-a ak anba tè yo, épi tout lang pou déklaré-l, épi pou-l fè jijman kòrèk nan tout bagay.

Prèch sa-a ak lafoua sa-a, jan nou té déjà di-a, lè Égliz la minm ki gayé nan tout tè-a té résévoua-l, li té konsèvé-l avèk souin, tankou si sé nan yon sèl kay li abité; épi li kouè yo minm jan-an, prèské tankou si-l t-a ginyin yon sèl nanm ak yon sèl kè, épi li préché sa yon fason byin akòdé, épi li anségné-l, li transmèt li, kòm si sé yon sèl bouch li posédé. Paské, minm si sou tè-a langaj yo pa sanblé, poutan fòs tradision-an sé yon sèl la ak minm nan.

Épi Égliz yo fondé an Almagn yo pa kouè bagay sa yo yon lòt jan ni transmèt yon lòt jan, ni sa yo ki an Éspagn yo, ni sa ki kay Sèlt yo, ni sa ki an Orian yo, ni sa ki an Éjip yo, ni sa ki nan Libi yo, ni sa ki établi nan mitan tè-a; min, minm jan solèy la, kréatu Bondié-a, sé yon sèl la ak minm nan sou tout tè-a, sé konsa anons vérité-a briyé toupatou, épi li kléré tout moun yo ki vlé rivé nan konésans vérité-a.

Épi sa-a ki vrèman gin plis valè nan palé-a, pami sa yo k-ap prézidé Égliz yo, sé pa lòt bagay pasé sa yo l-ap di (pèsonn réyèlman pa anlè mèt la); ni sa ki fèb nan palé-a pa diminué tradision-an. Kòm réyèlman sé yon sèl ak minm lafoua-a li yé, sa-a ki kapab di anpil bagay osijè-l la pa ogmanté-l, ni sa ki t-a di mouins la pa diminué-l.

RÉPONS

1 Kor 1, 17-18. 21

R/. Kris la té voyé-m préché Bòn Nouvèl la, pa nan sajàs paròl la, pou koua Kris la pa vidé. * Paròl koua-a réyèlman sé yon foli sètènman pou sa k-ap péri yo, min pou sa yo k-ap sovè yo, sé pouvoua Bondié, alélouya.

V/. Paské tè-a pa konnin Bondié pa lintèmediè sajàs la, Bondié té désidé sovè moun ki kouè yo pa lintèmediè foli prèch la. * Paròl.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyé-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, *Méntibus lætis tua festa, Marce*

Ak kè kontan, ak kè ki gin rékonésans,
nou tout n-ap fété fèt ou-a, Mark,
nou minm ou-ap fè sonjé kijan
ou té bay pèp Kris la anpil bagay.

Sou égzanp manman-ou, ou gin konsidérasion pou Piè,
avèk yon rinmin ki cho, ou suiv li byin fidèl,
sé nan min-l ou ranmasé paròl
ki té soti nan bouch Kris la.

Antan Éspri-a limin-ou,
aksion éstraòdinè Mèt ki anro nèt la,
ou montré yo nan yon ti liv,
ou rakonté yo tou ak paròl ki sèvi-l pou-l bay tout tè-a ansègnman.

Pòl té aprésié-ou tou, ou té fidèl
pou-ou pran modèl sou chalè kè-l, ou travay,
ou soufri anpil pou Jézu,
ou vidé san-ou avèk rinmin.

Louanj, konsidérasion, bèlté ak otorité pou Kris la,
li minm nou souété mérité vîn tounin témouin-l la,
épi, antan nou réfè ak manjé-ou yo,
pou nou ouè fas li pou tout tan. Amèn.

Réf. 1 Évanjélis yo ki sin té fouyé sajès ansyin yo, épi ak paròl profèt
yo té di, yo té asiré sa yo rakonté-a, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch prémié sémèn nan, 578.

Réf. 2 Nan lafoua vérité-a Bondié té rélé nou pa lintèmediè Évanjil la, pou nou rivé jouinn gloua Granmèt nou-an, Jézu-Kri, alélouya.

Réf. 3 Anpil moun ap fè louanj sajès yo-a, épi jous nan sièk la li pap éfasé, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Kor 15, 1-2a. 3-4

Mouin fè nou konnin, frè yo, Évanjil la mouin té anonsé nou-an, li minm nou té résévoua-a tou, nan li nou rété-a tou, palintèmediè-l nou sové-a tou. Réyèlman mouin té transmèt nou toudabò sa mouin minm tou mouin té résévoua-a : Kris la mouri pou péché nou yo, dapré Sa-k Ékri yo, yo antéré-l, li résisité sou touazièm jou-a, dapré Sa-k Ékri yo.

RÉPONS KOUT

R/. Yo té rakonté louanj Granmèt la ak pouvoua li yo. * Alélouya, alélouya. Yo té rakonté.

V/. Épi mèvèy li yo, sa-l té fè yo. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Yo té rakonté.

Pou *Benedictus* la, réf. Pa pouvoua lagras Jézu-Kri-a, yo té voyé anségnan yo ak évanjélis yo nan sèvis lafoua-a pou pèp yo kapab kouè, alélouya.

PRIYÈ YO

Sovè nou-an, li minm ki antan-l détrui lanmò-a, li té kléré lavi-a ak impossibilité dékonpozision-an, pa lintèmediè Évanjil la, an nou sélébré-l ak louanj li mérité yo, antan n-ap priyé-l avèk umilité :

Asiré Égliz ou-a nan lafoua-a ak nan charité-a.

Ou minm ki té léré Égliz ou-a yon fason ékstraòdinè pa lintèmediè ansègnan ki sin épi san parèy yo,

— fè krétyin yo toujou kontan ak minm klété sa-a.

Ou minm ki padonnin péché pèp la, lè, tankou Moyiz, gadyin ki sin yo ap priyé-ou,

— pa lintèmediè intèsésion yo, fè Égliz ou-a vîn sin antan ou-ap pròpté-l san rété.

Ou minm ki té sakré sin-ou yo nan mitan frè yo épi ki té dirijé Éspri-ou la nan yo,

— fè Éspri-Sin-an plin tout moun yo k-ap dirijé pèp ou-a.

Ou minm minm ki té sa gadyin ki sin yo té posédé-a,

— pa kité youn nan sa yo ou té rivé ginyin ak san-ou nan rété louin-ou.

Papa nou.

Priyé-a

Bondié, ki té lévé évanjélis ou-a sin Mark avèk gras prèch Bòn Nouvèl la, fè nou favè tanpri, pou nou tèlman profité ansègnman li nou suiv tras Jézu-Kri yo yon fason fidèl. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pèsòm yo nan jou lasémèn ki tonbé-a avèk réfrin yo nan Tan-an.

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Rom 1, 16-17

Mouin pa ront Bòn Nouvèl la: sé puisans Bondié li yé réyèlman pou sovè tout sa-k kouè, Juif dabò, épi Grèk. Jistis Bondié réyèlman dévlo pé nan li minm sot nan lafoua al nan lafoua jan sa ékri-a: Moun ki kòrèk la, apati lafoua l-ap viv.

V/. Sou tout tè-a son voua yo té soti, alélouya.

R/. Épi jous nan limit ronnn tè-a paròl yo, alélouya.

Pou Sèkst

LÉKTU KOUT

1 Tés 2, 2b-4a

Nou té gin konfians nan Bondié nou-an, pou nou anonsé nou Bòn Nouvèl Bondié-a avèk anpil souin. Paròl ankourajman nou-an réyèlman pa-t soti nan érè, ni nan inpurté, ni nan riz, min, tankou moun Bondié fîn vérifié pou-l konfié nou Bòn Nouvèl la, sé konsa nou palé, sé pa tankou moun k-ap chèché fè moun plézi.

V/. Yo té kinbé témouagnaj Bondié yo, alélouya.

R/. Ak kòmandman-l yo, alélouya.

Pou Nòn

LÉKTU KOUT

2 Tim 1, 8b-9

Poté konkou pou Bòn Nouvèl la dapré fòs Bondié-a, li minm ki té sovè nou, ki té rélé nou nan vokasion pou nou vîn sin, sé pa dapré aktivité pa nou, min dapré désizion pa-l ak gras la li té ba nou-an nan Kris Jézu.

V/. Fè kè nou kontan épi fété, alélouya.

R/. Paské non nou yo ékri nan sièl yo, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo

IMN *Méntibus lætis tua festa, Marce*, 1085.

Réf. 1 Mouin vîn tounin sèvitè Bòn Nouvèl la, dapré kado lagras Bondié-a, alélouya.

Réf. 2 Mouin fè tout bagay poutèt Évanjil la, pou-m kapab jouinn pòsion pa-m ladan-l, alélouya.

Ant. 3 Mouin minm yo ban-m gras sa-a : pou-m anonsé nan nasion yo bòn nouvèl richès Kris la yo pa kapab sondé-a, alélouya.

LÉKTU KOUT

Kol 1, 3-6

Nou di Bondié, Papa Granmèt nou Jézu-Kri mési, antan tout tan n-ap priyé pou nou, lè-n tandé lafoua nou nan Kris Jézu ak rinmin nou ginyin pou tout sin yo poutèt éspérans la k-ap tann nou nan sièl la, sa nou té tandé anvan-an nan paròl vérité Bòn Nouvèl la, ki té rivé jous koté nou, minm jan sou tout tè-a tou l-ap donnin, l-ap dévlo pé.

RÉPONS KOUT

R/. Anonsé nan pami nasion yo gloua Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Anonsé.

V/. Mèvèy li yo nan mitan tout pèp yo. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Anonsé.

Ad Magnificat, ant. Paròl Granmèt la diré pou tout tan: sé paròl sa-a minm yo té anonsé nou-an, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié, Papa limiè yo, té rélé nou vîn nan lafoua vérité-a pa lintèmediè Évanjil Pitit li-a. An nou priyé-l pou pèp li-a ki sin-an, antan n-ap di :

Sonjé Égliz ou-a, Granmèt.

Papa, ou minm ki ouété Pitit ou-a, gran gadyin mouton yo, sot nan pami mò yo,

— fè nou sèvi-l témouin jous nan dèniè bout tè-a.

Ou minm ki voyé Pitit ou-a, sou tè-a pou-l anonsé bòn nouvèl la bay sin yo,

— fè nou préché Évanjil la bay tout créatu.

Ou minm ki voyé Pitit ou-a pou-l simin sémans paròl la,

— fè, antan nou simin paròl la nan difikilté, nou rékòlté frui yo ak kè kontan.

Ou minm ki voyé Pitit ou-a rékonsilié tè-a avèk ou pa pouvoua san-l,

— fè nou tout nou bay konkou nan rékonsiliation-an.

Ou minm ki instalé Pitit ou-a adouat ou nan sièl yo,

— résévoua défin yo nan rouayòm kontantman-an.

Papa nou.

Priyé-a

Bondié, ki té lévé évanjélis ou-a sin Mark avèk gras prèch Bòn Nouvèl la, fè nou favè tanpri, pou nou tèlman profité ansègnman li nou suiv tras Jézu-Kri yo yon fason fidèl. Pa pouvoua Jézu-Kri.

28 avril

S. PIÈ CHANÈL, PRÈT É MATI

Li fèt nan vil Kouèt (*Cuet*), an Frans, nan ané 1803 ; li antré nan klèjé-a, li té okipé souin fidèl yo pandan kèk ané. Li antré nan Sosiété Mari-a, li pati pou-l al

préché Évanjil la Oséani. Li rankontré anpil difikilté ki jinnin rout li, malgré sa li fè anpil moun chanjé konduit vîn nan lafoua-a. Sé pou sa, nan rayisans lafoua-a, kèk asasin touyé-l nan zilé Foutouna, nan ané 1841.

Nan Komin yon sèl mati, 1295.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Élòj sin Piè, prèt é mati

San mati yo, sémans krétyin yo

Tousuit apré li fîn anbrasé lavi rélijyé-a nan Sosiété Mari-a, yo té voyé Piè nan mision Oséani paské li té mandé sa épi li té débaké nan zilé Foutouna ki nan oséan Pasifik la, koté yo pa-t ankò anonsé non Kris la. Rélijyé layik la, ki té toujou asisté-l, rakonté lavi misionè li-a ak paròl sa yo:

« Nan travay li yo antan chalè solèy la boulé-l, grangou fatigé-l anpil foua, li té tounin lakay bingnin ak suè, ronpi ak fatig, minm toujou ak minm fòs nanm nan, byin dipozé épi kontan, kòm si sé nan yon koté pou pran plézi li té soti; sé té konsa pa yon sèl foua, minm prèské chak jou.

Li pa-t abitué réfizé Foutounyin yo anyin, minm pa pou sa yo ki t-ap plédé pèsékité-l yo, li té toujou ékskizé yo épi li pa-t janm réjté yo, minm si yo té san édikasion épi dézagréab. Li té plin ak yon dousè san parèy pou tout moun épi nan tout fason, san okinn éksépsion ».

Sé sa-k fè sa pa étonan ditou pou moun ki té rété la yo té rélé-l « gason bon kè nè » , li minm ki t-ap di konfrè-l yo kèk foua: « Nan yon mision ki tèlman difisil nou doué sin ».

Ofi-a-mézi, li t-ap anonsé Kris la ak Évanjil la, min sé ti kras frui li t-ap ranmasé. Poutan ak pèsévérans ki pa-t pèdi bagay li t-ap kontinué

travay misionè li-a sou plan moun nan ak sou plan rélijyé-a, antan-l apuiyé sou égzanp ak paròl Kris la: *Youn simin, lòt la rékòlté*, épitou antan l-ap mandé ak insistans konkou Manman Bondié-a, li minm li té vénéré yon fason ékstraòdinè.

Préché li t-ap préché rélijyon krétyin-an té détrui vénérasion mové éspri yo, sa Foutounyin inpòtan yo t-ap ankourajé moun ki anba dominasion yo pou yo té sèvi yo. Sé poutèt sa yo fè-l mouri yon fason ki rèd, antan yo apuiyé sou éspoua pou yon fouda Piè mouri, sémans rélijyon krétyin-an li té simin-an t-ap détrui.

Mín lavèy mati li-a, li minm li t-ap di: « Sa pap fè anyin si mouin minm mouin mouri, rélijyon Kris la rété kolé yon fason sou zilé-a ki fè ak lanmò mouin yo pap poté-l alé ».

San mati li-a té nan avantaj moun ki té abité Foutouna yo toudabò, ki kèk ané apré yo tout té résévoua lafouda Kris la, min tou rèd zilé Oséani yo, koté gin Égliz krétyin ki kanpé k-ap fléri koulié-a, ki gin Piè épi ki konsidéré-l kòm prémié mati yo-a.

RÉPONS

Lk 10, 2; Tr Ap 1, 8

R/. Rékòlt la anpil sé vré, min ouvriyé yo sé yon ti kras yo yé; * Priyé donk Granmèt rékòlt la, pou-l voyé ouvriyé nan rékòlt li-a.

V/. N-apral résévoua yon fòs ; sé Éspri-Sin-an k-ap vîn désann sou nou, épi n-ap sèvi-m témouin jous nan bout tè-a. * Priyé.

Priyé-a

Bondié ki té kouronnin sin Piè ak mati pou dévlopté Égliz ou-a, fè nou favè, pou, nan kè kontan Pak sa yo nou frékannté mistè Jézu-Kri yo ki mouri é résisité pou nou mérité sèvi nouvo lavi-a témouin. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Minm jou 28 avril la

S. LOUI MARI GRIGNION DE MONFÒR, PRÈT

Loui Mari Grignon fèt nan vilaj Monfò nan Bretagn épi li vîn tounin pè nan Pari. Lè Pap Kléman XI té nonmin-l misionè apostolik, li té travèsé réjion oksidantal la Frans yo, antan l-ap anonsé bòn nouvèl mistè Sajès étènèl la, Kris la ki inkarné-a é yo krisifié-a, antan l-ap anségné chémin pou vîn sin-an nan al jouinn Jézu pa lintèmediè Mari, antan li asosié nan travay li-a prèt, frè épi, ansanm ak byinnérez Marie Louise Trichet, sè yo tou. Li mouri nan vil *Saint-Laurent-sur-Sèvre*, nan diosèz Luson, jou 28 avril 1716, antan-l kité anpil liv li ékri, sitou osijè plas Mari nan lavi spirituèl la [spiritualité marial la].

Nan Komin pastè yo: pou prèt yo, 1323, oubyin mésié ki sin yo, 1400.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion « Osijè vrè dévotion aléga Sint Vièj la » sa sin Loui M. Grignon de Montfort, prèt, té ékri-a

(Nn. 120-121. 125-126: *Œuvres complètes*,
Seuil, Paris 1966, pp. 562-563. 566-567)

Toutantié pou ou

Kòm tout pèfeksion nou-an sé nan sa li yé, pou nou vîn gin minm fòm ak Jézu-Kri, pou nou fè youn ak li épitou pou nou konsakré ba li, dévotion k-ap nan pi ro dégré-a san ézitation sé sa-a k-ap fè nou vîn konfòm ak Jézu-Kri ak plis pèfeksion-an, k-ap fè nou fè youn ak li épi k-ap konsakré nou ba li-a. Kòm réyèlman vré nan pami tout kréatu yo sé Mari ki konfòm an plin nèt ak Pitit li-a, sé sa-k fè plis pasé lèt dévotion yo, sa ki konsakré yon nanm épi fè-l vîn konfòm ak Granmèt nou-an nan

pi ro dégré-a sé dévotion aléga Trè Sint Vièj la ki Manman-l la; épi plis yon nanm ap konsakré bay Mari, sé plis l-ap konsakré bay Jézu-Kri.

Sé konsa konsékration ki pi apouin-an bay Jézu-Kri sé pa anyin dòt pasé yon konsékration pròp tèt nou ki total épi anplin bay Trè Sint Vièj la, épi sa-a sé dévotion mouin anségné-a.

Fòm dévotion sa-a minm yo kapab rélé-l nan pi bon fason-an yon rénovasion angajman oubyin promès Batèm nan ki sin-an yon jan ki bon nèt. Ladan-l réyéلمان krétyin-an bay Trè Sint Vièj la pròp tèt li toutantié, pou konsa li vîn toutantié pou Kris la pa lintèmediè Mari.

Sot nan sa, sa-k rivé sèké moun nan konsakré-l an minm tan bay Trè Sint Vièj la épi Jézu-Kri: bay la Vièj Mari minm, paské li sé chémin ki pi adapté nèt Jézu li minm té chouazi pou-l té vîn fè youn avèk nou épi pou-l fè nou vîn fè youn avèk li-minm; bay Jézu Granmèt nou-an réyéلمان vré paské li sé dènié finalité nou, li minm nou doué tout sa nou yé, paské sé Rédanmèt nou ak Bondié nou li yé.

An plis, yo doué konsidéré tout moun, lè yo batizé-l, ak pròp bouch li oubyin bouch parinn li ak marinn li, li rénonse Satan solanèلمان ni tantasion-l yo, ni zèv li yo, épi li té chouazi Jézu-Kri kòm Mèt li ak Granmèt li nèt, pou-l obéyi-l tankou yon ésklav poutèt rinmin-an. Sé sa minm ki fèt réyéلمان vré nan dévotion sa-a: krétyin-an rénonse démon-an, tè-a, péché-a épi pròp tèt li, épitou li bay Jézu-Kri tèt li toutantié pa lintèmediè min Mari.

Nan Batèm nan moun nan, pa bay Jézu-Kri pròp tèt li pa lintèmediè min Mari, antouka pa yon fason éksplisit, ni li pa bay mérit bon aksion-l yo. Minm apré Batèm nan, krétyin-an lib toutafè pou-l apliké mérit sa yo pou lòt yo oubyin kinbé yo pou pròp tèt li. Nan dévotion sa-a réyéلمان vré, yon fason éksplisit, krétyin-an bay Granmèt nou-an pròp tèt li pa lintèmediè min Mari épitou li konsakré ba li valè aksion-l yo toutantié.

RÉPONS

Ps 115 (116), 16b. 17a. 18

R/. Granmèt, mouin minm sèvitè-ou ak pitit sèvant ou. * M-ap sakrifé sakrifis louanj ba ou, alélouya.

V/. M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, dévan tout pèp li-a. *
M-ap sakrifié.

Priyè-a

Bondié ki té vlé dirijé pié prèt sin Loui-Mari nan chémin sové-a ak rinmin Kris la, antan sint Vièj la t-ap akonpagné-l, fè nou favè pou, sou égzanp li, antan n-ap médité mistè amou-ou yo, nou fè éfò bati Égliz ou-a san nou pa fébli. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin:

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té fè prèt sin Loui-Mari vîn tounin yon témouin ak yon mèt ekstraòdinè konsékration total bay Jézu-Kri Pitit ou-a, pa lintèmediè min Manman-l ki sin, fè nou favè, pou antan nou suiv minm chémin spirituèl la, nou rivé fè rouayòm ou-an dévlopé tout tan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

29 avril

S. KATRÎN DE SIÈN, VIÈJ É SAVAN ÉGLIZ LA

Mémoua

Li fèt Sièn nan ané 1347 ; dépi-l té jèn fi, antan li t-ap chèchè sa-k pi bon yo, li té bay non-l nan asosiasion tièrzòrd sin Dominik la. Antan l-ap boulé ak rinmin pou Bondié ak prochin-an, li té asiré lapè ak bòn antant ant vil yo, li défann doua ak libèté Pontif Romin-an yon fason séré, li té travay pou fè lavi rélijijé la vîn pi nèf. Li té dikté liv tou ki gin ansègnman douat, koté Éspri-Sin-an souflé. Li té mouri nan ané 1380.

Nan Komin vièj yo, 1374, sof sa ki vîn apré-a:

Pou Ofis léktu-a

IMN *Virgo prudentum comitata cœtum*

Vièj la ki akonpagné ak group sa-k gin ladrès yo
ap vîn rankontré Épou-a tou paré,
li ouété fènoua lannuit ki fè moun tranblé-a
ak lanp ki nèt la.

Épou-a té lonjé yon bag ékstraòdinè
k-ap briyé ak bèl piè-bijou ki kléré
bay vièj la antan-l di: «Mouin rinmèt ou
garanti rinmin ki sin-an».

Pousé ak pikan flanm chalè-a
li transpòté anpil foua andéyò léspri-l,
pandan Katrîn ap poté gravé nan manb li yo
mak blésu Kris la.

Toua foua li réyisi, kat foua li jouinn kontantman
pou-l té répozé nan bra rékonfò épou-a,
sé la nan pami nanm ki kléré yo
nouvo limiè sièl la poté-l.

Sé pou Bondié ki rété nan rotè sièl la,
ki toua épi yon sèl ki béni-an,
ki gin pouvoua k-ap gouvèné
tout tè-a ak lòd byin fèm. Amèn.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Dialòg sint Katrîn de Sièn, vièj, Osijè Providans Bondié-a
 (Cap. 167, *Gratiarum actio ad Trinitatem*: ed. lat., Ingolstadii, 1583, f.
 290v-291)

Mouin té gouté épi mouin té ouè

Ou minm Bondié pou tout tan-an, ou minm Trinité pou tout tan-an, ki té fè san sèl Pitit ou-a vîn tèlman gin valè pa lintèmediè youn li fè youn ak natu Bondié-a! Ou minm, Trinité pou tout tan-an, ou tankou youn lanmè ki fon, koté plis mouin chèché, plis mouin jouinn; épi otan mouin joun plis, otan mouin chèché-ou plis. Ou minm ou satisfè nanm nan youn fason pou-l pa janm satisfè; paské nan profondè-ou la ou satisfè nanm nan youn fason l-ap toujou rété grangou épi tankou san manjé, antan li souété épi li anvi ouè-ou limiè nan limiè-ou la, ou minm, Trinité pou tout tan-an.

Mouin té gouté épi mouin té ouè avèk limiè intèlijans la, nan limiè-ou la profondè-ou la, Trinité pou tout tan-an, épitou kijan créatu-ou la bèl: sé poutèt sa antan mouin ouè pròp tèt mouin nan ou, mouin té ouè sé pòtré-ou mouin yé: sa vlé di antan ou té ban mouin, Papa pou tout tan, sot nan puisans ou-a ak sot nan sajès ou-a, sajès sa-a ki pròp pou Sèl Pitit ou-a. Éspri-Sin-an réyèlman vré, ki soti nan ou Papa ak nan Pitit ou-a, té ba mouin volonté-a, pou-l fè-m kapab rinmin.

Paské ou minm, Trinité pou tout tan-an, ou sa ki fè-a, épi mouin minm sa yo fè-a: sé sa-k fè mouin té konnin, antan ou t-ap kléré-m, nan nouvo kréasion ou té fè-m vîn tounin-an pa lintèmediè san sèl Pitit ou-a, ou prizonié ak rinmin pou jan sa ou fè-a bèl la.

Ou minm profondè, ou minm Trinité pou tout tan-an, ou minm Bondié, ou minm lanmè ki fon: épi ki sa ki pi gran ou té kapab ban mouin pasé ou minm minm? Ou sé difé ki toujou ap boulé épi ki pa fîn boulé; sé

ou minm ki fîn boulé ak chalè-ou la kèlkésoua rinmin nanm nan ginyin pou tèt pa-l. Ou sé yon lòt foua difé k-ap ouété tout frédi, épi ou kléré éspri yo ak limiè-ou la, nan limiè sa-a ou té fè-m konnin vérité-ou la.

Nan glas limiè sa-a mouin konnin ou sé byin ki pi ro-a, byin ki anlè tout byin, byin kontantman-an, byin yo pa kapab konprann nan, byin yo pa kapab kalkilé-a: bèlté ki anlè tout bèlté, sajès ki anlè tout sajès: paské sé ou minm ki sajès la minm, ou minm nouritu anj yo, ki té bay moun yo pròp tèt ou ak difé charité-a.

Ou minm ki rad ki kouvri kò-m, ou ba nou manjé ak dousè-ou la nou minm ki grangou yo, paské ou dou san anyin ki anmè. Ou minm Trinité pou tout tan-an!

RÉPONS

R/. Ouvri pou mouin, sè mouin, ou minm ki vîn tounin éritié rouayòm mouin-an ansanm avè-m; zanmi mouin, ki té konnin vérité kaché mouin yo; * Ak kado Éspri mouin-an ou anrichi, ak san-m ki vidé-a ou nétouayé sot anba tout tach, alélouya.

V/. Soti nan répo kontanplasion-an, épi dépansé-ou san rété pou sèvi vérité mouin-an témouin. * Ak kado Éspri mouin-an.

Pou Louanj yo nan matin

IMN *Te, Catharina, máximis*

Ou minm, Katrîn, limiè tout Égliz la,
ou minm ki dékoré avèk anpil très flè,
koulié-a n-ap montré konsidérasion
nou gin pou ou avèk gran louanj.

Ou grandi avèk gran kalité,
 ou fléri ak lavi ékstraòdinè,
 ak éspri ki pòv épi ki gin kouraj,
 ou maché nan santié koua-a.

Ou parèt kòm yon zétoual pou pèp la,
 yon mèsajé lapè k-ap sové moun nan ;
 ou réfè konpòtman moun yo pou yo vîn pi bon,
 sa-k gin santiman sovaj yo, ou fè yo vîn dou.

Éspri-Sin-an pousé-ou,
 ou palé paròl difé
 ki té mété limiè sajàs
 ak chalè rinmin.

Nou mét konfians nan priyè-ou yo,
 vièj Granmèt la rinmin,
 fè nou chèché rouayòm Épou-a
 antan charité-a rasanblé nou.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
 ou minm ki pran nésans sot nan Vièj la,
 pou Papa-a tou ak Éspri rékonfò-a,
 nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

Pou *Benedictus* la, réf. Katrîn ki vièj, ki sin, pa-t sispann rélé kot Granmèt la, pou-l té fè lapè-a tounin nan Égliz li-a ki sin-an. Alélouya.

Priyè-a

Bondié, ki té fè sint Katrîn anflamé avèk rinmin Bondié-a nan kontanplasion soufrans Granmèt la, ak nan sèvis Égliz ou-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou pèp ou-a, ki asosié mistè Kris la, jouinn kontantman tout tan nan kontanplasion gloua li. Li minm ki vivan.

Pou Vèp yo

IMN, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Magnificat la, réf. Tout tan ak tout koté Katrîn t-ap chèché Bondié ; li té jouinn li, épi li té posédé-l antan-l mét sansibilité-l an aksion épi antan-l fè yon sèl avèk li nan rinmin-an. Alélouya.

30 avril

S. PI SINK, PAP

Li fèt toupré Aléksandri, an Itali, nan ané 1504. Li antré nan pami Frè Préchè yo, li té anségné téoloji. Yo chouazi-l kòm évèk épi kòm kardinal, yo fè-l monté sou fotèy Piè-a nan ané 1566. Rénouvèlman Égliz la, sa Konsil Trant la té kòmansé-a, li kontinué-l avèk kouraj, li té travay pou fè lafoua-a gayé, li té òganizé sèvis Bondié-a nan litiji-a. Li mouri jou premié Mé ané 1572.

Nan Komin pastè yo: pou yon pap, 1323.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Ogustin, évèk, nan Jan
(Tract. 124, 5: CCL 36, 684-685)

*Égliz la gin fondasion-l sou blòk Ròch la,
sa Piè té fè déklarasion pou li-a*

An plis lòt soulajman malè yo, sa Bondié pa sispann ofri ras moun yo, nan plénitud tan yo, koté li minm li té konnin sa té gin pou fèt, li té voyé

sèl Pitit li-a, sa-l té kréyé tout bagay yo pa lintèmédiè-l la, pou antan-l rété Bondié li té vîn tounin moun épi pou-l té *médiatè Bondié ak moun yo, moun Kris Jézu.*

Sa yo ki kouè nan li pa lintèmédiè bingn nouvo nésans la yo détaché sot anba akizasion tout péché yo, yo t-a libéré anba kondanasion pou tout tan-an épi viv nan lafoua, éspérans ak charité, antan yo an pèlerinaj nan sièk sa-a épitou nan tantasion-l yo ki bay soufrans épi ki pot danjé, yo maché poutan al dévan fas Bondié ak konsolasion l-ap ba yo ni pou kò-a ni pou éspri-a, antan yo kinbé chémin Kris la vîn tounin pou yo-a.

Épi paské antan y-ap maché nan li minm nan tou yo pa san péché, k-ap glisè antré sot nan féblès lavi sa-a, li té bay rémèd lacharité yo k-ap édé pou sové-a, yo minm priyè-a ap poté yo sékou, koté li té aprann yo di: *Padonnin nou sa nou doué tankou nou minm nou padonnin sa-k doué nou yo.*

Sé sa Égliz la ap fè ak sint éspérans la nan lavi sa-a ki plin mizè-a, Égliz sa-a apot Piè, poutèt premié plas kondision apot li-a, t-ap joué ròl li an pèrson dapré yon réprézantasion jénéral.

Sèké pou sa ki té konsèné li minm pèsònèlman, sé yon sèl moun li té yé natirèlman, yon sèl krétyin dapré gras la, ak plis abondans gras yon sèl épi minm premié Apot la; min lè yo di-l: *M-ap ba-ou klé péyi-roua sièl yo ; tou sa ou-ap maré sou tè-a, l-ap maré nan sièl yo, tou sa ou-ap lagé sou tè-a, l-ap lagé nan sièl yo tou,* sé tout Égliz la sa té indiké, li minm ki sékoué nan sièk sa-a ak diféran tantasion yo tankou lapli yo, gran rivière yo, tanpèt yo, min ki pa tonbé, paské li gin fondasion-l sou blòk ròch la, koté Piè té résévoua non-l nan.

Sé poutèt sa minm Granmèt la di: *Sou ròch sa-a m-ap bati Égliz mouin-an,* paské Piè té di: *Ou sé Kris la, Pitit Bondié vivan-an.* Sou ròch sa-a donk, li di-l, sa ou déklaré-a, m-ap bati Égliz mouin-an. *Ròch la réyèlman sé té Kris la;* sé sou fondman sa-a tou yo té bati Piè. *Dòt fondasion, réyèlman, pèsonn pa kapab instalé akoté sa-k pozé-a, sètadi Kris Jézu.*

Donk, Égliz la ki gin fondasion nan Kris la, sot nan Kris la li té rèsévoua klé rouayòm sièl yo nan Piè, sa vlé di pouvoua pou-l maré ak lagé péché yo. Sé poutèt sa Égliz sa-a, antan-l rinmin Kris la épi l-ap suiv li, li libéré anba sa-k mal yo. Min li suiv li pi plis nan sa yo ki batay pou vérité-a jous nan lanmò.

REPONS

Éz 3, 21; 1 Tim 4, 16

R/. Si ou té anonsé moun kòrèk la pou-l pa fè péché, épi li pa-t fè péché, sé viv l-ap viv; * Épi ou minm ou té libéré nanm ou, alélouya.

V/. Fè atansion pròp tèt ou ak ansègnman-an; ou-ap sové pròp tèt ou, ni sa yo k-ap kouté-ou la. * Épi ou minm.

Priyè-a

Bondié, ki té fè pap sin Pi sink lévé nan Égliz ou-a pou protéjé lafoua-a épi pou sèvi-ou nan litiji-a avèk plis dignité, gras a providans ou, antan l-ap intèsédé pou nou, fè nou patisipé mistè-ou yo avèk yon lafoua byin vivan épi yon charité ki donnin frui. Pa pouvoua Jézu-Kri.

MÉ

1 é mé

S. JOZÈF, TRAVAYÈ

Koté yo fété mémoua sa-a yon fason pi spésial, yo sèvi ak sa ki ginyin isit la, épi sa ki manké, yo jouinn li nan fèt 19 mars la, 1017.

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la, Granmèt la, ki aksépté pasé pou pitit ouvriyé-a, vini an-n adoré-l, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN *Te, pater Ioseph, ópifex colénde*

Ou minm, Jozèf ki papa, ouvriyé nou doué respékté,
antan ou kaché byin kontan nan lonbraj Nazarèt,
nou tout n-ap chanté-ou ak voua ki kontan
ak kè ki tou piti.

Ou poté manjé délika pou désandan roua-a
ak éspri trankil épi an silans,
pandan ou-ap nourri garanti sakré-a
ak anpil travay min yo.

Ou minm travayè-a, glas ki sin pou travayè yo,
ala kantité léson lavi ou bay pèp la,
pou-l antan travay la ap fè-l sué
konsa tou atélié yo vîn sin.

Sa yo ki manké manjé, mizérab yo, réchofé yo;
 kalmé sa-k déchinnin yo épi éliminé batay yo;
 Kris la ap grandi an mistè
 anba lonbraj kay papa-a.

Ou minm Bondié ki toua épi yon sèl ansanm,
 ou minm ki papa tout moun épi ki fè tout bagay,
 fè nou pran modèl sou papa-ou Jozèf nan aksion nou,
 pou nou pran modèl sou lanmò li. Amèn.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Konstitision pastoral *Gáudium et spes* dézièm Konsil Vatikan-an,
 osijè Égliz la sou tè-a nan tan sa-a

(Nn. 33-34)

Osijè aktivité moun nan sou tout tè-a

Ak travay li épitou ak kapasité intèlijans li, moun nan ap fè éfò pou-l
 toujou dévlopé lavi li pi plis; jodi-a minm, sitou ak mouayin sians la épi
 disiplîn téknik la, li té élaje kontròl li sou prèské tout natu-a épi l-ap élaje-l
 san rété, toudabò ak sékou ogmantasion diféran mouayin échanj ant
 nasion yo, fanmi moun nan ofiamézi vîn rékonèt li tankou yon sèl
 kominoté sou tout tè-a épi sé sa li té vîn tounin. Sé sa ki fè, anpil byin
 moun nan t-ap tann k-ap sot nan min fòs ki anlè yo sitou, jodi-a li déjà
 kapab rivé jouinn yo pou pròp tèt li ak pròp aktivité-l.

Dévan éfò sa-a ki san mézi, ki déjà anvayi tout ras moun nan, gin anpil
 késion k-ap lévé nan pami moun yo. Ki signifikasion épi ki valè kalité
 travay sa-a ginyin minm? Kijan pou yo sèvi ak tout bagay sa yo? Pou al
 nan ki finalité éfò chak moun oubyin sosisié yo ap bat pou rivé?

Égliz la, ki konsèvé dépo paròl Bondié-a, koté yo tiré prinsip yo sou
 plan rélijion-an ak moral la, minm si li pa toujou gin répons tou paré osijè

chak késion yo, li vlé mété limiè révélation-an ansanm ak ékspérians tout moun, pou chémin-an kapab kléré, sa moun nan antré ladan-l dépi kèk tan-an.

Sé bagay ki ratifié pou moun ki kouè yo, aktivité moun nan pou kont li épi ansanm ak lòt, sètadi éfò sa-a ki gran anpil la, koté moun yo ap éséyé amélioré kondision lavi yo nan déroulman sièk yo, lè yo konsidéré sa nan li minm, li korésponn a projè Bondié-a.

Moun nan, réyèlman, ki kréyé dapré pòtré Bondié, li té résevoua lòd pou antan li mété tè-a ak tout sa ki ladan-l yo anba lòd li, li dirijé tè-a nan jistis ak sinteté, épi pou antan li rékonèt Bondié kréatè tout bagay yo, li rapòtè pròp tè li ak tout réalité yo bay Bondié, yon fason pou antan tout bagay yo soumèt bay moun nan, yo admiré non Bondié sou tout tè-a.

Sé sa tou travay chak jou-a ap konsidéré toutafè. Gason yo ak fi yo ki réyèlman égzèsé aktivité yo yon fason pou yo byin sèvi sosiété-a, pandan y-ap chèché jouinn sa-k pou soutni lavi yo ak lavi fanmi yo, gin doua konsidéré ak travay yo-a y-ap dévlopé travay Kréatè-a, y-ap okipé byinnèt pròp frè yo, épi y-ap poté konkou ak pròp aktivité pèsònèl yo pou réalizé projè Bondié-a nan istoua-a.

Sé poutèt sa krétyin yo pa doué pansé ditou sa moun yo té rivé fè ak kapasité intèlijans yo épi ak fòs yo, t-a an kontradiksyon ak puisans Bondié, kòm si kréatu rasionèl la t-a tankou yon rival Kréatè-a, okontrè yo gin konviksyon viktoua ras moun nan sé sign grandè Bondié yo yé épi frui désizyon-l yo pa kapab palé-a.

Plis puisans moun nan ap dévlopé, réyèlman vré, responsabilité yo ap vîn pi laj, ni pa chak moun, ni pa kominoté yo.

Sé sa ki montré, ak anons krétyin-an, moun yo pa détounin parapò a konstrui tè-a, ni sa pa pousé-l pou-l néglijé byin pròp tè li ak parèy li yo, min okontrè li vîn oblijé pi séré pou-l réalizé dévoua sa-a.

RÉPONS

Cf. Jén 2, 15

R/. Granmèt Bondié té mété moun nan li té fòmé-a nan paradi Édèn nan, * Pou-l travay li, pou-l gadé-l, alélouya.

V/. Sé sa-k té kondision moun-nan nan kòmansman-an. * Pou-l travay li.

Priyè-a

Ou minm ki kréyé tout bagay, Bondié, ki té instalé laloua travay pou ras moun, fè nou favè ak bon kè-ou, pou gras a égzanp ak protéksion sin Jozèf, nou réalizé travay ou kòmandé yo, épi nou rivé jouinn rékonpans ou promèt yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Louanj yo nan matin

Imn *Auróra solis nuntia*

Dévanjou-a ki sèvi mèsajé solèy la,
k-ap révéyé travay tè-a,
li salué kay Nazarèt la
k-ap sonnin ak kout mato ouvriyé-a.

Salu, chèf kay la,
Ouvriyé ki anlè nèl la anba pouvoua-ou,
li tranpé ak suè salé,
antan l-ap fè métié papa-l.

Ou minm ki instalé sou trôn ki anro yo,
épi ki toupré Épouz la ki nan sièl la,
koulié-a édé sila yo ki anba protéksion-ou yo,
yo minm k-ap pasé mizè antan yo nan bézoum.

Ouété mové trétman ak diskision
ak tout kalité movèz foua nan késion pri travay la,
sé pou kantité provizion ak manjé
jouinn mézi yo nan yon sèl fason nou séparé yo.

Gloua pou Trinité-a,
 gras a priyè-ou, sé pou tout tan
 l-ap dirijé pié nou
 ak rout tout moun nan lapè. Amèn.

LÉKTU KOUT

2 Sam 7, 28-29

Granmèt Bondié, sé ou minm ki Bondié, épi paròl ou yo ap réalizé vré: kòm ou té déklaré sèvitè-ou la bon paròl sa yo, tanpri sé poutèt sa aksépté béni kay sèvitè-ou la, pou-l toujou rété dévan-ou, paské ou minm, Granmèt Bondié, ou té palé, sé pou kay sèvitè-ou la béni ak bédiksyon-ou nan pou tout tan.

RÉPONS KOUT

R/. Li té instalé-l kòm mèt lakay li. * Alélouya, alélouya. Li té instalé-l.

V/. Épi kòm chèf tou sa-l ginyin. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Li té instalé-l.

Pou *Benedictus* la, réf. Antan l-ap fè métié ouvriyé-a jan li doué fèt nèt, sin Jozèf kléré yon fason ékstraòdinè kòm modèl travay, alélouya.

PRIYÈ YO

Granmèt la, ki fè moun yo vîn kòrèk la, an nou priyé-l antan n-ap sipliyé :

Nan jistis ou, fè nou viv, Granmèt.

Granmèt Bondié, ou minm pèsonèlman ki rélé papa nou yo nan lafoua-a, pou yo maché dévan-ou avèk yon kè ki kòrèk nèt.

— fè nou suiv tras yo, pou nou vîn kòrèk nèt jan-ou té pasé lòd la.

Ou minm ki té chouazi Jozèf, mésié sa-a ki kòrèk la, pou-l té okipé Pitit ou-a lè-l té piti épi lè-l t-ap grandi,

— fè nou sèvi kò Kris la nan frè nou yo.

Ou minm ki té rinnèt tè-a nan min moun yo, pou yo té plin-l épi pou yo té mété-l anba lòd yo,

— aprann nou travay nan tan sa-a san nou pa fè régadan, antan n-ap gadé nan diréksion gloua-ou la san rété.

Papa tout moun, sonjé travay min-ou yo,

— fè tout moun jouinn kondision pou yo viv nan dignité antan yo travay avèk trankilité.

Papa nou.

Priyè-a

Ou minm ki kréyé tout bagay, Bondié, ki té instalé laloua travay pou ras moun, fè nou favè ak bon kè-ou, pou gras a égzanp ak protéksion sin Jozèf, nou réalizé travay ou kòmandé yo, épi nou rivé jouinn rékonpans ou promèt yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Vèp yo

IMN (*Te, Ioseph, célebrent ágmina caelitim*)

Ou minm, Jozèf, lamé sièl yo ap sélébré-ou,
ou minm tout foul krétyin yo ap fè tandé non-ou,
antan-ou kléré ak mérit, ou ataché avèk Vièj ékstraòdinè-a,
nan yo alians respè nèt.

Dout la touché-ou, kè-ou soté, lè-ou sézi ouè
madanm ou ki ansint ak jèm ki sin-an ;
anj la aprann ou pitit la fèt nan vant
gras a souf Éspri-a ki anro nèt la.

Ou minm, ou anbrasé Granmèt la ki fèt la,
ou pati nan péyi étranjé antan-ou sovè kò-ou Éjip ;

lè-ou pèdi pitit la, Jérusalèm, ou chèché-l, ou jouinn li,
antan kè kontan mélé ak dlo nan jé.

Lòt moun Bondié chouazi yo, yon lanmò ki sin konsakré yo,
sa-k mérité branch viktoua-a, gloua-a résévoua yo ;
ou minm pandan ou-ap viv, ou-ap joui Bondié, tankou sa-k nan sièl yo,
ak déstiné éstraòdinè-ou la, ou gin plis kontantman.

Trinité ki anlè nèt la, pran pitié pou nou k-ap priyé ;
fè nou monté nan sièl la gras a mérit Jozèf,
pou nou kapab rivé chanté
kantik pou di-ou mèsi tout tan. Amèn.

LÉKTU KOUT

Kol 3, 23-24

Ninpòt ki sa n-ap fè, sé pou nou fè-l ak tout kè nou tankou sé pou
Granmèt la, pa pou moun yo, antan nou konnin sé nan min Granmèt la n-
ap résévoua rékonpans éritaj la. Sé Granmèt la, Kris la, pou nou sèvi.

RÉPONS KOUT

R/. Moun ki kòrèk la ap jèmin tankou pié lis. * Alélouya, alélouya.
Moun ki kòrèk la.

V/. Épi l-ap fléri pou tout tan dévan Granmèt la. * Alélouya, alélouya.
Viv Papa-a. Moun ki kòrèk la.

Pou *Magnificat* la, réf. Kris la, Granmèt la, asépté pasé pou pitit
ouvriyé-a, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié, koté tout papa nan sièl la ak sou tè-a jouinn non yo-a, an nou
inploré-l antan n-ap siplié :

Papa nou ki nan sièl yo, kouté nou.

Papa ki sin, ou minm ki té dévoualé bay sin Jozèf mistè Kris la ki té kaché nan tan dépi tout tan yo,

— fè nou rékonèt pi klè Pitit ou-a sé Bondié épi li sé moun tou.

Papa ki nan sièl la, ou minm ki bay zouazo sièl yo manjé épi ki abiyé zèb nan rak boua yo,

— pin nou bézouin chak jou-a épi sa-k fè nou kanpé fèm nan lavi ki anlè-a, bay tout moun li.

Ou minm ki kréyé tout bagay, ou minm ki rinmèt travay ou-a nan min nou,

— fè travayè yo joui frui travay yo nan dignité.

Bondié tout jistis, ou minm ki vlé pou moun yo vîn kòrèk,

— gras a sin Jozèf, fè nou maché yon fason ki fè-ou plézi nan tout bagay.

Moun k-ap mouri yo ak défin yo pèmèt nan bon kè-ou, pou, gras a Pitit tou-a, avèk Mari manman-l épi sin Jozèf,

— yo rivé jouinn mizérikòd ou-a.

Papa nou.

Priyè-a

Ou minm ki kréyé tout bagay, Bondié, ki té instalé laloua travay pou ras moun, fè nou favè ak bon kè-ou, pou gras a égzanp ak protéksion sin Jozèf, nou réalizé travay ou kòmandé yo, épi nou rivé jouinn rékonpans ou promèt yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

2 mé

S. ATANAZ, ÉVÈK É SAVAN ÉGLIZ LA

Mémoua

Li fèt Aléksandri nan ané 295, li té édé évèk Aléksand nan konsil Nisé-a épi li té ranplasé-l apré. Li batay avèk kouraj kont Aryin yo, sé poua li pasé anpil tray épi yo égzilé-l pliziè foua. Li té ékri bèl travay pou-l mété lafoua ki douat la nan limiè épi pou-l défann li. Li mouri nan ané 373.

Nan Komin pastè yo: pou évèk yo, 1323, épi savan Égliz la, 1361.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Diskou sin Atanaz, évèk

(Oratio de incarnatione Verbi, 8-9: PG 25, 110-111)

Osiyè Paròl la ki tounin chè-a

Paròl Bondié-a ki pa gin kò épi ki pa gin koripsion ak matiè, té vini nan réjion nou-an, minmsi anvan sa li pa-t louin: okinn pati tè-a réyèlman pa-t jan vid parapò a li, min antan-l fè youn avèk Papa-l li té ranpli tout bagay tout koté.

Li té vini réyèlman vré ak bon kè-l aléga nou, épi li té fè nou ouè-l klèman dapré sé sa-l yé-a. Li minm li té pran pitié pou ras nou-an ak féblès nou-an, li té vîn an mouvman poutèt dékonpozision nou-an, épi antan li pa-t sipòté pou lanmò-a dominé sou nou, pou konsa sa-k té fèt-la t-a péri, épi pou travay Papa-l la nan fòmé moun nan pa t-a vîn vid, li

minm li pran yon kò pou pròp tèt li, youn ki parèy ak pa nou-an; épi réyèlman li pa-t vlé sèlman pou-l té nan yon kò, oubyin pou-l ta gin aparans la sèlman.

Paské si-l té vlé gin aparans la sèlman, li t-a kapab vrèman pran yon lòt kò ki pi sipériè; sé kò nou-an tout bon vré li pran.

Li té bati yon tanp pou li nan Vièj la, sètadi yon kò, li té fè-l tounin tankou pròp instriman pa-l, koté li t-a fè konnin-l épi li t-a abité: konsa donk antan li résévoua yon kò ki minm jan-an sot nan nou, paské yo tout té anba dékonpozision lanmò-a, li té rimmèt li bay lanmò pou nou tout, li té ofri-l bay Papa-a ak anpil bon kè; soua pou antan tout moun mouri nan li, laloua dékonpozision yo té bay kont moun yo té vîn défèt, nan mézi li té rivé bout fòs li nan kò Granmèt la, pou apati sa li pa-t gin plas ankò kont moun yo ki sanblé ak li-a; soua pou moun yo ki tonbé nan dékonpozision-an, li té tounin fè yo pa kapab dékonpozé ankò, épi li té rélé yo sot nan lanmò vîn nan lavi, ak kò li té pran pou li minm nan épi ak gras rézireksion-an li té ouété lanmò-a toutafè sot nan yo, pa yon lòt jan pasé lè difé boulé pay.

Sé pou sa li té pran pou li yon kò ki kapab mouri, pou kò sa-a, ki vîn patisipé nan Paròl la ki chèf tout bagay yo, t-a asé pou lanmò-a pou tout moun, épitou poutèt Paròl la ki abité nan li-a, li rété san dékonpozision, épi anfin, apré sa, ak gras rézireksion-an dékonpozision-an rékilé sot sou tout moun.

Kò sa-a, li minm li té pran pou pròp tèt li-a, antan-l ofri-l bay lanmò-a kòm osti épi viktim ki pròp anba tout tach, tousuit li té répousé lanmò-a sot nan tout sa-k sanblé ak li yo, antan sa-k pou li-a li ofri-l pou lòt yo.

Konsa réyèlman Paròl Bondié-a, ki égzisté pi ro pasé tout bagay, tanp li-a ak instriman kò li-a, jan li t-ap di-a, antan li konsakré-l épi antan li ofri-l pou tout moun, sa yo té doué-a li té péyé-l nan lanmò-a, épi konsa, pou tout moun ki fè youn ak li poutèt minm kò-a, Pitit Bondié-a ki pa dékonpozé-a té tounin bay tout moun doua ak mérit pou yo pa dékonpozé gras a promès rézireksion-an.

Sé pou sa dékonpozision lanmò-a li minm pa gin okinn fòs ankò kont moun yo poutèt Paròl la ki abité nan yo pa lintèmédiè yon sèl kò-a.

RÉPONS

Jér 15, 19. 29; 2 Piè 2, 1

R/. Ou-ap tankou bouch mouin, m-ap mété-ou dévan pèp sa-a tankou yon miray bronz ki fò; * Épi y-ap batay kont ou, min yo pap ranpòté viktoua, paské mouin minm mouin avèk ou, alélouya.

V/. Ap gin mèt k-ap bay manti, ki pral fè group pèdision antré; épi li minm ki té achte yo-a, Mèt k-ap kòmandé-a, yo pap rékonèt li. * Épi y-ap batay.

Priyè-a

Bondié, ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ki té chouazi évèk sint Atanaz kòm yon défansè éstraòdinè divinité Pitit ou-a, fè nou favè, tanpri, pou, antan nou kontan ansègnman-l ak protékision-l, nou grandi san rété nan konésans-ou ak nan rinmin pou ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

3 mé

SS. FILIP AK JAK, APOT

Fèt

Filip fèt Bétseyid, li té disip Jan-Batis anvan, apré sa, li suiv Kris la. Jak, sé té kouzin Granmèt la, pitit Alfé-a, li té dirijé Égliz Jéruzaièm nan ; li té ékri yon lèt ; li té minnin yon lavi ki rèd épi li fè anpil Juif chanjé vîn nan lafoua-a. Li kouronnin ak mati nan ané 62.

Nan Komin Apot yo, 1250, sof sa-k suiv la-a:

Pou Ofis léktu-a**IMN** (*Philippe, summæ honoribus*)

Filip, antan-ou briyé ak onè
 vokasion ki anlè nèt la,
 avèk konsitouayin-ou Piè ki chèf
 sé ak éspri sa-a ou rinmin Kris la!

Li minm minm li rétounin ba ou
 garanti rinmin ki pi fon-an,
 épi li té ékspliké-ou Papa-a
 ak ansègnman fondamantal lavi li-a.

Ni ou minm tou Jak, charité Kris la,
 pa anbrasé-ou mouins,
 ou minm yo té di ki frè-l la
 min tou kolòn Égliz la.

Ou minm ki dirijé nan Sion ki manman
 an premié bann mouton ki gin anpil gloua-a,
 jous koulié-a ak sa-ou ékri ki prévouayan
 ou-ap aprann nou paròl ki sovè nou-an.

Nou toulédé, nou sin, yo byin konnin
 sé avèk san-an nou déklaré Jézu,
 fè nou kouri ak éspérans ak lafoua-a
 al nan patri ki anro-a,

Pou lè sé nan kay Papa-a
 n-ap déjà abité,
 nou chanté ansanm san rété
 pou gloua Trinité-a. Amèn.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion Tèrtulyin, prèt, osijè prètèks éréтик yo
(Cap. 20, 1-9; 21, 3; 22, 8-10: CCL 1, 201-204)

Osijè prèch Apot yo

Kris Jézu, Granmèt nou-an, sa li yé, sa li té yé, ki volonté Papa-a li t-ap fè pou nou, sa li té détèminé li gin pou fè pou moun-nan, konbyin tan li t-ap aji sou tè-a, sé li minm ki té anonsé sa soua aklè pou pèp la, soua apa pou disip yo, nan pami yo li té ataché douz sitou bò koté-l, ki té déstiné kòm anségnan nasion yo.

Sé pou sa, apré youn nan yo tonbé, antan l-ap alé kot Papa-a apré rézireksion-an, li té pasé rès onz yo lòd pou yo alé épi anségné nasion yo, antan yo batizé yo nan Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an.

Sé poutèt sa tousuit Apot yo – fason yo rélé yo-a vlé di ‘sa yo voyé yo’ – antan yo pran Matias kòm douzièm apré tiraj osò nan plas Juda apati otorité profési ki nan psòm David la, yo résévoua fòs Éspri-Sin-an sa yo té promèt yo-a pou yo kapab gin pouvoua ak langaj, toudabò nan Judé-a pou yo témouagné lafoua nan Jézu-Kri épi pou yo établi Égliz yo, apré sa antan yo pati sou ronnn tè-a yo té proklamé minm ansègnman-an ak minm lafoua-a bay nasion yo.

Minm jan-an tou yo té bati Égliz yo nan chak vil, koté apati yo lafoua yo té transmèt la ak sémans rès ansègnman-an lòt Égliz vîn pran tou épi chak jou y-ap pran pou yo vîn tounin Égliz. Épi sé poutèt sa yo minm tou yo konsidéré yo kòm apostolik tankou désandans Égliz apostolik yo.

Li nésésé pou yo aprésié tout kalité ras dapré orijîn li. Sé pou sa tout kantité Égliz yo sé yon sèl premié-a apati Apot yo koté yo tout soti. Konsa yo tout premié épi yo tout apostolik, pandan yo tout yon sèl. Sa ki prouvé yo fè yon sèl la sé kominion lapè-a ak rélé youn rélé lòt frè-a ak

échanj sign idantité yo pou youn résévoua lòt. Pa gin lòt rézon ki réglé doua sa yo pasé yon sèl transmission minm sakréman-an.

Kisa minm Apot yo té préché, sètadi kisa Kris la té révélé yo, pa gin lòt fason yo doué prouvé-l sof pa lintèmediè minm Égliz sa yo, sa Apot yo minm té konstrui yo, antan yo préché yo soua ak voua vivan-an, sa yo té di-a, soua pa lintèmediè lèt yo apré sa.

Yon foua Granmèt la té di byin klè: *Mouin gin anpil bagay ankò pou-m di nou ; min nou pa kapab poté yo koulié-a ; poutan antan li ajouté: Lè Éspri vérité sa-a ap vini, li minm l-ap aprann nou tout vérité-a*, li montré yo minm yo pa ignoré, y-ap gin pou rivé konnin *tout vérité-a* pa lintèmediè Éspri vérité-a li té promèt la. Épi vrèman li té akonpli promès la, antan Travay Apot yo prouvé désann Éspri-Sin-an désann nan.

REPONS

Jan 12, 21-22; Rom 9, 26 (cf. Os 2, 1b)

R/. Kèk moun nasion yo té rivé kot Filip, yo t-ap mandé-l, antan y-ap di : Mèt, nou vlé ouè Jézu. * Filip vini, li di André sa; André minm ak Filip di Jézu sa, alélouya.

V/. Épi nan plas pou yo té rélé yo: « Sé pa pèp mouin nou yé-a », sé la y-ap rélé yo pitit Bondié vivan-an. * Filip vini.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN *Claro pascháli nan Komin Apot yo*, 1260.

Réf. 1 Granmèt, montré nou Papa-a, n-a satisfè, alélouya.

Sòm yo ak kantik la nan dimanch prémié sémèn nan, 578.

Réf. 2 Dépi tout tan sa-a mouin avèk nou, épi nou pa-t rékonèt mouin ? Filip, moun ki ouè-m, li ouè Papa-m tou, alélouya.

Réf. 3 Pa kite kè nou troublé, pa pè ; nou kouè nan Bondié, sé pou nou kouè nan mouin minm tou ; nan kay Papa-m nan gin anpil koté pou rété, alélouya.

LÉKTU KOUT

Éféz 2, 19-22

Nou pa ni étranjé ni moun vini ankò, min nou sé sitouayin vil sin yo, nou sé moun kay Bondié, nou bati sou fondasion Apot yo ak profèt yo, ròch kouin ki nan mitan anlè nèt la, sé Kris Jézu ; sé nan li tout kay la ki bati-a ap monté vîn tounin yon tanp ki sin nan Granmèt la ; nan li nou minm tou yo bati nou pou nou vîn tounin kay Bondié nan Éspri-a.

RÉPONS KOUT

R/. Ou instalé yo kòm chèf sou tout tè-a. * Alélouya, alélouya. Ou instalé yo.

V/. Y-ap fè sonjé non-ou Granmèt. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Ou instalé yo.

Pou *Benedictus* la, réf. Filip jouinn Natanayèl, li di li : Nou jouinn Jézu, pitit Jozèf la, moun Nazarèt la, sa-a Moyiz té ékri sou li nan laloua-a épi profèt yo, alélouya.

PRIYÈ YO

Frè yo mouin aprésié anpil la, antan nou gin éritaj sièl la sot nan min Apot yo, an nou di Papa nou-an mèsi pou tout kado-l yo :

Troup Apot yo ap fè louanj ou, Granmèt.

Louanj pou ou, Granmèt, pou tab kò-ou ak san-ou Apot yo tranmèt nou-an,

— ki réfè nou, ki fè nou viv.

Troup Apot yo ap fè louanj ou, Granmèt.

Pou tab paròl ou-a, Apot yo té paré pou non-ou,

— koté yo ba nou limiè ak kè kontan-an,

Troup Apot yo ap fè louanj ou, Granmèt.

Pou Égliz ou-a ki sin-an, ki bati sou Apot yo,

— koté nou fè yon sèl kò nou tout ansanm nan.

Troup Apot yo ap fè louanj ou, Granmèt.

Pou bingn batèm nan ak pénitans la, yo rinmèt Apot yo,

— koté nou lavé anba tout péché nou yo.

Troup Apot yo ap fè louanj ou, Granmèt.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki fè kè nou kontan nan fèt apot Filip ak Jak n-ap fété chak ané-a, fè nou favè, gras a priyè yo, pou nou patisipé nan soufrans ak rézirkision Sèl Pitit ou-a, pou nou mérité rivé ouè-ou tout tan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Psòm yo nan jou lasémèn ki tonbé-a ak réfrin yo nan Tan-an. Léktu kout la nan Komin Apot yo, 1262. Priyè-a tankou pi ro-a.

Pou Vèp yo

IMN *Tristes erant Apóstoli*, nan **Komin Apot yo**, 1250.

Réf. 1 Filip, moun ki ouè-m, li ouè Papa-m tou, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan Komin Apot yo, 1264.

Réf. 2 Si nou té konnin-m, nou t-a konnin Papa-m tou ; koulié-a nou konnin-l épi nou té ouè li, alélouya.

Réf. 3 Si nou rinmin-m, kinbé kòmandman-m yo, alélouya.

LÉKTU KOUT

Éféz 4, 11-13

Kris la té bay kèk moun réyèlman pou yo apot, kèk lòt minm sé profèt, dèt ankò sé évanjélis yo, dèt yo minm sé gadyin ak anségnan : pou fòmasyon sin yo nan travay sèvis la, nan konstoui kò Kris la, joutan nou tout nou rivé fè yon sèl nan lafoua ak nan konésans Pitit Bondié-a, nan moun ki apouin nèt la, nan mézi laj plénitud Kris la.

RÉPONS KOUT

R/. Anonsé gloua Granmèt la nan pami nasion yo. * Alélouya, alélouya. Anonsé.

V/. Nan tout pèp yo mèvèy li yo. * Alélouya, alélouya. VivPapa-a. Anonsé.

Ad Magnificat, ant. Si nou rét nan mouin, épi paròl mouin yo rét nan nou, tou sa n-ap mandé l-ap rivé pou nou, alélouya.

PRIYÈ YO

Antan nou bati sou fondasyon Apot yo, frè yo, an nou priyé Papa-a ki gin tout pouvoua-a pou pèp li-a ki sin-an, antan n-ap di :

Sonjé Égliz ou-a, Granmèt.

Papa, ou minm ki té vlé pou Pitit ou-a ki lévé sot nan pami mò yo parèt an premié bay Apot yo,

— fè nou favè, pou nou sèvi-l témouin jous nan dènié bout tè-a.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a sou tè-a pou-l té poté bòn nouvèl la bay pòv yo,

— fè nou préché Bòn Nouvèl la bay tout créati.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a simin sémans paròl la,

— pèmèt pou antan nou simin paròl la avèk fatig, nou rékòlté frui yo nan kè kontan.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a rékonsilié moun yo sou tè-a gras a san li,

— fè nou favè pou nou tout nou travay ansanm pou rékonsiliation-an.

Ou minm ki té mété Pitit ou-a adouat ou-a nan sièl yo,

— résévoua défin yo nan rouayòm kontantman-an.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié, ki fè kè nou kontan nan fèt apot Filip ak Jak n-ap fété chak ané-a, fè nou favè, gras a priyè yo, pou nou patisipé nan soufrans ak rézireksion Sèl Pitit ou-a, pou nou mérité rivé ouè-ou tout tan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

10 mé

S. JAN DE AVILA, PRÈT É SAVAN ÉGLIZ LA

Li fèt nan *Almodovar del Campo*, an Éspagn, vè ané 1500. Lè li vîn pè, li té travèsé tout réjion Andalouzi-a antan l-ap préché Kris la. Ak anpil liv li ékri, li démontré prèt yo kisa Konsil Trant la té yé épi gran inpòtans li té ginyin, li té yon voua ékstraòdinè pou rénouvèlman sa té mandé. Poutèt yo sipozé san rézon li tonbé nan défo érézi-a, li pa ralé kò-l ni pou yo késioné-l ni pou yo mété-l nan prizon, antan l-ap ékspliké ansègnman katolik la an détay ak plis chalè toujou. Nan dènié ané li té viv yo, li té pran rétrèt li Montila, nan diosèz Kòrdou, sé la li répozé nan Granmèt la 10 mé 1569.

Nan Komin pastè yo: pou prèt yo, 1323, oubyin savan Égliz la, 1361.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv sin Jan de Avila, prèt é savan Égliz la

(*Tractatus de amore Dei erga nos*, l. 2. 4: Madrid 2004)

*Charité Kris la,
fas li té toujou viré nan diréksion Papa-a*

Sous ki plis atiré kè nou al nan charité Bondié-a, sé gadé charité ki ro anpil la, sa li minm li té boulé pou nou avèk li-a, épi, ansanm avèk li, Pitit li-a ki tèlman béni, Granmèt nou-an. Sa-a, plis pasé byinfè yo, atiré kè-a pou-l rinmin, pandan byinfète-a bay sa-l posédé ki yon lòt pasé li minm, sa-k rinmin-an minm sé pròp tèt li li ofri ak tout sa-l posédé, épi pa gin anyin dòt ki rété pou-l ofri.

Sé pou nou gadé koulié-a, Granmèt, èské ou té rinmin nou épi, si ou té rinmin nou, ki grandè rinmin-ou nan aléga nou.

Paran yo rinmin pitit yo toutafè, min èské pètèt ou té rinmin nou tankou yon papa? Fon kè-ou, Bondié mouin, nou poko antré ladan-l li minm, pou nou t-a kapab égzaminé tout sa; min Sèl Pitit ou-a, ki désann sot nan profondè sa-a, té poté sign yo épi li té kòmandé nou, pou akòz charité infini ou té rinmin nou avèk li-a, nou té rélé-ou Papa, paské ou minm ou tèlman bon poutèt byinvéyans ou-a kòm Granmèt ki dépasé tout bagay, konsa tou sé ou minm sèl ki Papa, épi sé konsa ou tèlman fè, pou dévan zantray ou ginyin kòm papa pa gin pèsonn yo kapab rélé ak minm paròl la yon fason égal.

Épi si malgré sa ou pa t-a gin konfians poutèt kantité charité sa-a, égzaminé tout byinfè yo, sa Bondié té ba ou yo, paské yo tout sé prèv ak témouagnaj minm charité-a yo yé. Konsidéré anba rézon-ou ki kantité yo yé tout byinfè sa yo épi ou-ap ouè tout sa ki nan sièl yo ak sou tè-a, tankou tout zo ak ògàn sans yo ki nan kò-ou épi chak lè ak intèval tan lavi-ou, tout bagay sa yo sé byinfè Granmèt la. Égzaminé tou kantité bon konsèy ou té résévoua épi byin ou té posédé nan lavi sa-a, épitou tout danjé ou té évité nan lavi sa-a ak maladi ak masak ki té kapab kouinsé-ou nèt, si li minm li pa-t libéré-ou: yo tout yo sé sign byin klè charité-l la. Épi anfin viré jé-ou yo sou tout tè sa-a, ki kréyé sèlman pou byin ou épi ansanm ak tout créatu yo ki anndan-l l-ap indiké épi l-ap rakonté charité-a épi l-ap patisipé ladan-l avèk ou.

Épi koulié-a an nou ouè tou ki kantité charité Pitit la isit la t-ap boulé pou-l ba nou sot nan li minm. Pa gin lang ki alarotè pou palé sou sa! Gin kèk moun ki pa konnin ak kèk ki pa konsian ki pa konprann rinmin sa-a jous koulié-a, sa dapré sa yo minm yo di-a, sé nan pèfèksion sa yo rinmin yo li soti-a.

Charité Kris la minm pa soti nan pèfèksion ki la anndan nou, min nan sa-a li minm li posédé-a, sètadi antan fas li toujou viré nan dirèksion Papa-a.

RÉPONS

Cf. Éféz 3, 18-19; Jan 3, 16

R/. Sé pou nou konnin rinmin Kris la ki dépasé tout sians la, * Pou nou kapab plin ak tou sa Bondié plin-an, alélouya.

V/. Bondié réyèlman té tèlman rinmin tè-a, li bay Pitit li-a, sèl Pitit li-a, pou tout moun ki kouè nan li pa péri, min pou-l gin lavi tout tan-an: * Pou nou kapab plin.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki té bay klèjé-a ak pèp ou-a sin Jan de Avila kòm yon mèt ékstraòdinè akòz fason li té viv sin épi dévoué, tanpri, n-ap mandé-ou, pou nan tan pa nou yo tou Égliz la grandì nan vîn sin-an poutèt minis ou yo ap dévoué ak tout kè yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

12 mé

SS. NÉRÉ AK ACHIL, MATI

Yo té sòlda. Kòm yo té fèk konvèti vîn nan lafoua-a, yo té minnin yo nan tribinal la ; yo abandoné sèvis lamé-a. Sé pousa yo kondané yo a mò, probablèman nan tan Diokléysin. Yo konsèvé kavo yo nan simitiè-a ki sou rout Ardéatina-a, sé la yo té bati yon bazilik an lonè yo.

Nan Komin pliziè mati, 1269.

Pou Ofis léktu-a**DÉZIÈM LÉKTU**

Sot nan Éksplikasion an détay sin Ogustin, évèk, nan psòm yo

(Ps 61, 4: CCL 39, 773-775)

Soufrans Kris la pa sèlman nan Kris la

Sé yon sèl moun nan avèk tèt li épi kò li Jézu-Kri yé, sovè kò-a, épi manb kò-a, dé nan yon sèl chè-a, ki fè yon sèl ni nan voua-a ni nan

soufrans la; épi lè péché-a fîn dépasé, yon sèl nan répo-a. Soufrans Kris yo konsa sé pa sèlman nan Kris la; poutan soufrans Kris la sé sèlman nan Kris la.

Si réyèlman ou konprann Kris la kòm tèt ak kò, soufrans Kris la sé sèlman nan Kris la; min si ou konprann Kris la sèlman kòm tèt, soufrans Kris la pa sèlman nan Kris la. Si réyèlman soufrans Kris la nan Kris la sèlman, plis ankò nan tèt la sèlman, kòman fè apot Pòl, yon manb li, di: *Pou-m konplété sa-k manké nan soufrans Kris la nan chè mouin?*

Donk si ou nan manb Kris la, kèlkésoua moun nan, ninpòt moun k-ap tandé sa-a, ninpòt moun ki pa tandé sa-a koulié-a (min poutan ou tandé, si ou nan manb Kris la), ninpòt sa ou-ap soufri nan min sa yo ki pa nan manb Kris la, té manké nan soufrans Kris la.

Sé pou sa yo ajouté-l, paské li té manké; ou ranpli mézi-a, pa pou fè-l débòdé; ou-ap soufri otan mézi soufrans ou yo ki té gin pou yo poté nan tout soufrans Kris la, li minm ki soufri kòm tèt nou, épi k-ap soufri nan manb li yo, sètadi nan nou minm minm.

Pou sa ki komin nan sa ki tankou sosiété nou-an chak moun dapré mézi pa nou, nou akonpli sa nou doué-a, épi dapré fòs sa nou posédé sé tankou yon inpo soufrans nou poté. Règléman définitif anplin soufrans tout moun yo pap fèt, sof lè sièk la ap fini-an.

Konsa nou pa sipozé, frè yo, tout moun kòrèk ki té soufri pèsékision méchan yo, minm sa-k té vini yo anvan Granmèt la té vini-an yo té voyé pou anonsé davans Granmèt la gin pou vini-an, yo pa t-a fè pati manb Kris la. Sa pa kapab fèt pou-l pa t-a fè pati manb Kris la, sa ki fè pati vil ki gin Kris la kòm roua-a.

Donk sé vil sa-a toutantié k-ap palé, dépi san Abèl moun kòrèk la jous san Zakari. Sot la épi apati la dépi san Jan, passé nan san Apot yo, passé nan san mati yo, passé nan san fidèl Kris yo, sé yon sèl vil la k-ap palé.

REPONS

Ap 21, 4; 7, 16 (Iz 49, 10)

R/. Bondié ap suiyé tout dlo sot nan jé sin yo; épi pap gin lanmò, ni dèy, ni rèl, ni doulè ankò, * Paské premié bagay yo pati, allélouya.

V/. Yo pap grangou ni souaf ankò, solèy pap tonbé sou yo, ni okinn chalè. * Paské.

Priyè-a

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou nou minm ki rékonèt mati Néré ak Achil ki nan gloua-a, yo fò nan déklarasion lafoua yo-a, nou santi yo bò koté-ou antan y-ap intèsédé pou nou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Minm jou 12 mé-a

S. PANKRAS, MATI

Li mouri mati a Ròm, probabléman nan pèsékision Diokléysin-an. Yo konsèvé kavo-l sou rout Orélia-a, Pap Simak té bati yon légliz sou li.

Nan Komin yon sèl mati, 1295.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Bèrnar, abé

(Sermo 17 in psalmum Qui habitat, 4, 6: Opera omnia 4, 489-491)

Mouin avèk li nan tribilasion-an

Mouin avèk li nan tribilasion-an, sé sa Bondié di; épi mouin minm m-ap réklamé yon lòt bagay antréan passé tribilasion-an? Kanta pou mouin, kolé kò-m sou Bondié, sa bon, poutan sé pa sa sèlman, min tou mété nan Granmèt Bondié éspérans mouin, paské m-ap libéré-l, sé sa-l di, épi m-ap fè-l jouinn gloua.

Mouin avèk li nan tribilasion-an. Plézi-m, sé sa-l di, sé rété avèk pitit moun yo. Émanuèl, Bondié avèk nou. Li té désann pou-l kapab toupré moun ki gin kè-l krazé, pou-l kapab avèk nou nan tribilasion-an. Min gin yon lè k-ap vini y-ap pran nou nan nuaj yo al rankontré Kris la nan lè-a, épi konsa n-ap toujou avèk Granmèt la, poutan sé si antrétan nou pran souin pou-n ginyin-l avèk nou, pou-l konpagnon rout la, li minm ki gin pou rimèt nou patri-a, plis toujou li minm k-ap patri-a lè sa-a, koulié-a sé chémin-an.

Sa bon pou mouin, Granmèt, pou-m nan tribilasion, dépi ou minm minm ou avèk mouin, pasé pou-m t-a régné san ou, byin manjé san ou, jouinn gloua san ou. Sa bon pou mouin, Granmèt, pou-m anbrasé-ou pi plis nan tribilasion-an, pou-m ginyin-ou avèk mouin nan chémin-an, pasé pou-m ta san ou minm nan sièl la, *Kilès réyèlman ki pou mouin nan sièl la, épi san ou kisa mouin té vlé sou tè-a? Lò sé founèz ki égzaminé-l, moun ki kòrèk yo minm sé tantasion tribilasion-an.* La-a, la-a kòm ou avèk yo, Granmèt; la-a ou kanpé nan mitan sa yo ki rasanblé nan non-ou nan, tankou lontan avèk toua timoun yo.

Poukisa nou tranblé, poukisa nou ézité, poukisa nou réfizé difé founèz sa-a? Difé-a déchinnin, min Granmèt la avèk nou nan tribilasion-an. *Si Bondié avèk nou, kilès ki kapab kont nou?* Pa mouins tou si li minm li délivré, kilès ki kapab pran sot nan min-l? Kilès ki kapab raché sot nan min-l? Anfin, si li minm li bay gloua, kilès lòt minm k-ap rétiré gloua-a? Si li minm li bay gloua, kilès k-ap rabésé?

M-ap plin-l ak longè jou yo. Kòm si li t-a di pi klè: Mouin konnin kisa li anvi, mouin konnin kisa li souaf, mouin konnin kisa li gouté. Sé pa lòt oubyin lajan li gouté, sé pa plézi, sé pa anvi konnin, sé pa okinn dignité sièk la. Li fè tout bagay yo tounin dézavantaj, li répousé tout bagay yo épi li konsidéré yo kòm fatra. Li vidé pròp tèl li nèt, li pa minm kité pou-l ta souffri poutèt bagay sa yo li té konnin ki pa kapab ranpli-l. Li pa ignoré dapré pòtré kilès yo kréyé-l, pou ki kalité grandè li gin kapasité, ni li pa aksépté grandi osijè ti kras, pou-l t-a diminué osijè sa-k pi gran-an.

Sé poussa *m-ap plin-l ak longè jou yo*, li minm sé sèlman vrè limiè-a ki réfè-l, sé sèlman bagay pou tout tan yo ki kapab plin-l; poutèt longè sa-a pa gin fin, ni klèté sa-a pa gin bésé, ni rasazié sa-a pa gin dégou.

RÉPONS

R/. Sin sa-a té batay pou laloua Bondié-l la jous nan lanmò, épi dévan paròl méchan yo li pa-t pè; * Fondasion-l té pozé réyèlman sou ròch ki solid la, alélouya.

V/. Sé li minm sa-a ki té méprizé lavi tè-a, épi ki té rivé nan rouayòm sièl yo. * Fondasion-l.

Priyè-a

Sé pou Égliz ou-a kontan, Bondié, antan-l mét konfians nan mérit mati sin Pankras, épi gras a priyè li yo nan gloua-a, sé pou Égliz-la rét fidèl nan sèvis ou, épi sé pou-l kanpé fèm. Pa pouvoua Jézu-Kri.

13 mé

S. MARI VIÈJ DE FATIMA

Nan Komin Sint Vièj Mari, 1220.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Éfrèm, diak

(Sermo 3 de diversis: Opera omnia, III syr. et lat., Romæ 1743, 607)

*Li minm tout ronnn tè-a pa kapab kinbé,
Mari pou kont li anbrasé-l nèt*

Mari réyèlman vré vîn tounin sièl pou nou antan li poté sa Bondié yé-a, poutèt Kris la ki kité gloua Papa-a, té fèmin nan limit séré vant li-a, pou-l té lévé moun yo al nan yon dignité ki pi ro. Sé li minm sèl li té chouazi sot nan tout group vièj yo, pou-l té sèvi instriman pou sovè nou sovè-a.

Nan li minm tout prévizion moun kòrèk yo ak tout profèt vîn gin finisman yo. Sot nan li zétoual sa-a ki kléré anpil la té soti, pou antan l-ap gidé, pèp ki t-ap maché nan fènoua yo, té ouè yon gran limiè.

Yo kapab rélé Mari ak diféran non ki konv nab anpil. Réyèlman vré li sé tanp Pitit Bondié-a, ki sot nan li yon lòt fason nèt pasé jan-l té antré-a; paské réyèlman li té antré nan vant la san yon kò, li té sòti antan li abiyé ak yon kò.

Mari sé sièl nouvo mistik sa-a, koté Roua tout roua yo té abité tankou sou fotèy li, sé la li soti pou-l tonbé sou tè-a, antan-l poté nan li tankou aspè ak résanblans sa-k sou tè-a.

Mari sé pié rézin-an k-ap donnin frui bon lodè-a, frui li-a minmsi li diféran parapò a natu piéboua-a yon fason, li té nésèsé pou li té pran résanblans li sot nan piéboua-a.

Mari sé sous k-ap soti nan kay Granmèt la, koté dlo vivan yo té koulé soti pou moun ki souaf yo, dlo sa yo si yon moun t-a gouté yo sèlman ak pouint bouch li, li pap souaf pou tout tan.

Min li pèdi rout, nou minm mouin rinmin anpil la, ninpòt ki moun ki t-a pansé yo kapab konparé jou réparasion Mari-a ak lòt kréasion-an. Nan kòmansman réyèlman yo té kréyé tè-a, pa lintèmediè Mari li vîn tou nèf. Nan kòmansman poutèt fot Adan-an tè-a té madichonnin nan travay li-a, pa lintèmediè Mari minm lapè ak sékirité vîn tounin pou li. Nan kòmansman ak mankman prémié paran yo lanmò-a té travèsé nan tout moun yo, koulié-a minm yo transpòté nou sot nan lanmò al nan lavi. Nan kòmansman sèpan-an té plin zòrèy Èv yo, sé la pouazon-an gayé nan tout kò-a, koulié-a Mari té résévoua ak zòrèy li yo sa-k déklaré kontantman pou tout tan-an. Konsa sa-k té mouri-a, vîn tounin an minm tan tou instriman lavi.

Sa-a ki chita sou Chérubin yo, min koulié-a sé yon madam k-ap poté-l nan bra-l yo; sa tout ronnn tè-a pa kapab kinbé-a, Mari pou kont li anbrasé-l nè; sa-a Trôn yo ak Dominasion yo gin krintif pou li-a, sé yon jèn fi k-ap chofé-l; sa-a fotèy li nan sièk sièk la, min li chita sou jénou yon vièj; sa-a tè-a sé machéskalié pou pié-l yo, l-ap pilé minm tè sa-a ak tras pié yon timoun.

RÉPONS

R/. Kè Vièj la byin fèm: nan anons anj la li vîn gin mistè ki sot nan Bondié-a nan li; lè sa-a nan vant li ki rézèvé-a li té réservou sa-a ki pi bèl nan pitit moun yo * épi antan-l béni pou tout tan li té ba nou Bondié ki vîn tounin moun.

V/. Plas vant ki nè la vîn tounin tanp Bondié tousuit: ak aksion paròl la, vièj yo pa touché-a té vîn gin Pitit la nan li * épi antan-l béni.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki té fè Manman Pitit ou-a vîn tounin Manman nou tou, fè nou favè pou, nan pénitans ak lapriyè antan nou pèsévéré pou tè-a sové, nou rivé fè jou an jou ringn Kris la dévlo pé pi byin. Pa pouvoua Jézu-Kri.

14 mé

S. MATIAS, APOT

Fèt

Apot yo mété-l nan plas Juda, pou-l té sèvi témouin rézirikéksion Granmèt la, yo konté-l nan group Douz yo, jan yo li nan Travay Apot yo (1, 15-26).

Nan Komin Apot yo, 1250, sof sa-k vîn apré-a:

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Matthía, sacratíssimo*)

Matias, ala yon sajàs ékstraòdinè
ki fè Bondié mété-ou
nan group Apot yo,
group sa-a ki si tèlman sakré-a !

Disip la té viré do-l,
antan li té trayi rinmin Kris la,
li kòz malè-l antan-l pann tèt li ak chagrin
lè-l grinpé yon koté ki ro anpil.

Mín rinmin Kris la
fè-ou travèsé nan glouia-l la,
antan Éspri-Sin-an dirijé po bouch Piè
épi antan-l dirijé sa-k sèvi pou yo tiré osò-a.

Ou konsakré ak tèlman kado,
ou révélé limiè-a bay nasion yo

jous ou mouri avèk kouraj
ou déklaré Jézu ak san-ou.

Fè nou favè, Apot ki sin,
pou kè nou kontan épi byin présé
suiv ninpòt ki rout
Éspri-Sin-an montré nou.

Gloua-a sé pou Trinité-a,
sé pou-l fè nou favè
monté nan sièl la pa lintèmediè-ou
pou nou chanté inn tout tan yo. Amèn.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli sin Jan Krizostòm, évèk, nan Travay Apot yo
(Hom. 3, 1. 2. 3: PG 60, 33-36. 38)

Montré, Granmèt, kilès ou chouazi

Nan jou sa yo, antan Piè l'évé nan mitan disip yo li té di. Jan sa nòmral pou li minm ki té cho, sa-a Kris la té konfié-l bann mouton-an, épitou kòm prémié nan troup la, sé li minm ki toujou pran laparòl an prémié: Mésié frè yo, li bon pou nou chouazi nan pami nou. Li pèmèt foul la pran désizyon-an, antan-l fè yo vîn mérité respè yo tout ansanm ki té gin pou chouazi yo, antan li libéré pròp tèt li anba jalouzi ki t-a kapab l'évé pa anba. Paské gran bagay sa yo abitué anpil foua anfanté mové bagay.

Kisa minm? Èské Piè li minm pa-t gin doua chouazi? Li té gin doua sètènman; min pou sa pa t-a sanblé sé favè l-ap fè, li pito pa fè-l. Otréman vrèman Éspri-a pa t-ap déjà patisipé. *Épi yo té prezanté dé, sé sa-l di, Jozèf sa yo rélé Barsabas la, ki gin ti non Kòrèk la (Justus), avèk Matias. Sé pa li minm ki prezanté yo, min sé tout moun yo. Li té bay konsèy*

réyèlman vré, antan-l montré sé pa konsèy pa-l, min yo té bay li dépi lontan nan profési-a. Konsa li té intèprèt, li pa-t sa k-ap bay lòd.

Sé poutèt sa li bon, sé sa-l di, nan mésié sa yo ki rasanblé avèk nou yo. Gadé, kijan li vlé pou sé ak jé yo té témouin, minm si Éspri-a té gin pou vini; poutan li té pran gran souin pou bagay sa-a.

Nan mésié sa yo, sé sa-l di, ki rasanblé avèk nou yo, pandan tout tan Granmèt Jézu té konn antré-sòti nan pami nou-an. Sa vlé di yo té abité avèk li, yo pa-t disip tou sinpléman. Sètènman dépi nan kòmansman anpil moun t-ap suiv li. Gadé poutèt sa kijan li di: *Sé youn nan dé yo ki té tandé Jan, épi yo suiv Jézu.*

Pandan tout tan, sé sa-l di, Granmèt Jézu té konn antré-sòti nan pami nou-an, kòmansé dépi sou batèm Jan-an. Sa kòrèk réyèlman, moun ki té la nan prémié aktivité yo, sé pa nan min pèsonn moun li aprann yo, min sé Éspri-a ki té anségné yo.

Jous jou, sé sa-l di, li monté kité nou-an, sé pou youn nan yo vîn sèvi témouin réziréksion-l nan ansanm avèk nou. Li pa-t di: Témouin lòt bagay yo; min: *Témouin réziréksion-an sèlman.* Paské li té mérité plis konfians sa-a ki té kapab di: Li minm ki té manjé, ki té boué épi yo té krisifié-a, sé li minm minm ki té résisité-a. Sé pou sa li pa-t bézouin témouin sa-k té pasé anvan yo, ni sa k-ap suiv nan tan-an, ni mirak yo, min réziréksion-an sèlman. Lòt bagay yo réyèlman té klè épi déklaré; Réziréksion-an minm sé an sékrè li té fèt, sé yo minm sèl ki té konnin-l.

Épi yo tout ansanm yo priyé, antan y-ap di, *Ou minm Granmèt, ki konnin kè tout moun, montré.* Ou minm, pa nou minm. Jan sa doué fèt la yo rélé sa-a ki konnin kè yo: sé li minm réyèlman ki pou té fè choua-a, pa lòt moun yo. Konsa ak konfians yo t-ap palé, paské sé youn sèlman yo té doué chouazi. Ni yo pa-t di: Chouazi, min *montré* sa-k chouazi-a, – *sa-a ou chouazi*, sé sa-l di –, antan yo konnin Bondié fiksé tout bagay davans. *Yo tiré osò sou yo.* Yo pa-t déjà konsidéré réyèlman yo té alaroté pou yo t-a chouazi apati yo minm minm, sé pou sa yo té anvi pou yo vîn montré yo sa ak kèk sign.

RÉPONS

Tr Ap 1, 24. 25b. 26

R/. Ou minm Granmèt, ki konnin kè tout moun, * Montré sa-a ou chouazi-a pou-l pran plas ministè sa-a avèk apostola-a, alélouya.

V/. Yo té tiré osò sou yo, épi sò-a tonbé sou Matias, épi yo mété-l nan group Onz Apot yo. * Montré.

IMN *Te Deum*, 544.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, tankou pou Ofis léktu-a.

Pou *Benedictus* la, réf. Nan mésié sa yo ki rasanblé avèk nou yo pandan tout tan Granmèt Jézu té konn antré-sòti nan pami nou-an, sé pou youn nan yo vîn sèvi témouin réziréksion-l nan ansanm avèk nou, alélouya.

Priyè-a

Bondié, ki té asosié apot sin Matias nan group Apot yo, fè nou favè, gras a intèvansion-l pou antan nou kontan déstiné rinmin-ou nan nou mérité yo konté nou ansanm ak sa yo chouazi yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Psòm yo nan jou lasémèn ki tonbé-a ak réfrin yo nan Tan-an. Léktu kout la nan Komin Apot yo, 1262. Priyè-a tankou pi ro-a.

Pou Vèp yo

Pou *Magnificat* la, réf. Sé pa nou minm ki té chouazi-m, min sé mouin minm ki té chouazi nou, épi mouin té mété nou, pou nou alé, pou nou poté frui, pou frui nou-an diré, alélouya.

S. JAN PRÉMIE, PAP É MATI

Li fèt nan Tuscia, yo chouazi-l kòm évèk Égliz Ròm nan, nan ané 523. L-al Konstantinòpl kot anpèrè Justinyin, sé roua Téodorik ki té voyé-l ; lè-l tounin sot la, roua-a fè-l prizonié, paské rézilta démach la té vîn tounin yon afron pou roua-a. Li mété-l nan prizon Ravèn, sé la Pap la mouri nan ané 526.

Nan Komin yo sèl mati, 1295, oubyin Pastè yo: pou Pap yo, 1323.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt sin Jan de Avila, prèt

(Ep. ad amicos, 58: Opera omnia, edit. B.A.C. 1, 533-534)

Sé pou lavi Jézu-a parèt aklè nan nou

Li béni, Bondié ak Papa Granmèt nou-an Jézu-Kri, Papa mizérikòd yo ak Bondié tout konsolasion-an, li minm ki konsolé nou nan tout tribilasion nou-an; pou nou minm tou nou kapab konsolé sa yo k-ap pasé tout kalité tray yo, pa lintèmédiè ankourajman-an, sa Bondié ankourajé nou minm minm ak li-a. Paské, minm jan soufrans Kris yo anpil nan nou-an, konsa tou konsolasion nou-an anpil pa lintèmédiè Kris la.

Sa yo sé paròl apot sin Pòl. Toua foua yo kalé-l ak fouèt, sink foua yo bat li ak baton, yon foua yo kalonnin-l ak ròch, yo lagé-l tankou li mouri, li soufri pèsékision nan min tout kalité moun, épi yo toumanté-l ak tout kalité touman épi soufrans, sé pa yon sèl foua oubyin dé foua, min jan li

minm li di yon lòt koté: *Tout tan yo rinmèt nou nan lanmò poutèt Jézu, pou lavi Jézu-a tou parèt nan nou.*

Épi nan tout mizè sa yo non sèlman li pa bougonnin ni plinyin osijè Bondié, jan sa-k fèb yo abitué fè; ni li pa chagrin, jan moun ki rinmin pròp gloua yo ak plézi yo konn fè; ni li pa réklamé Bondié avèk insistans pou-l libéré-l anba yo, tankou moun ki pa konn bagay sa yo épi poutèt sa yo réfizé asosié ladan yo; li pa fè kòm si yo piti, tankou sa yo ki éstimé yo pa anyin; min antan li mété tout ignorans ak féblès léspri akoté, li béni Bondié nan mizè li yo minm, antan-l di Sa-k bay la mèsì tankou si sé t-a pou yon byinfè ékstraòdinè, antan-l konsidéré sé kontantman pou li, lè-l kapab soufri kichòy pou onè sa-k té soufri kantité dézonè yon fason ékstraòdinè-a, pou li kapab libéré nou anba dézonè koté péché-a té maré nou séré-a, épi li té dékoré nou épi onoré nou ak éspri li-a ak adopsion kòm pitit Bondié-a; li té bay garanti ak sign kè kontan sièl la nan li épi pa lintèmédiè-l.

Frè moun yo nou minm yo tèlman rinmin-an! Sé pou Bondié ouvri jé nou yo, pou nou kapab ouè kantité rékonpans ki gin pou nou nan sa tè-a konsidéré kòm méprizab, épi ki kalité onè ki dékoré nou nan dézonè-a, lè sé gloua Bondié n-ap chèché, épi ki kantité gloua ki rézèvé pou nou sot nan kou n-ap pran koulié-a, épi ki jan yo atiran, yo zanmi, yo dous, bra Bondié yo ki ouvri ba nou, pou-l résévoua sa-k blésé yo nan batay li yo, sa-k bay sètènman plis dousè pasé tout kalité mièl, yo t-a kapab fabriké isit la ak tout fatig yo. Si nou té konn sa, nou t-ap anvi bra sa yo anpil; kilès réyéman ki pa anvi sa yo kapab rinmin épi anvi toutantié-a, si sé pa yon moun ki pa konnin kèlkésoua anvi-a.

Konsa si nou souété ouè épi joui kè kontan sa yo ki fè nou plézi yo, sé pou nou konnin pa gin lòt chémin ki pi konplè pasé soufri. Sa-a sé santié koté Kris la ak tout moun pa-l yo té pasé-a. Li rélé-l chémin jinnin, min sé li ki minnin tou douat nan lavi-a. Épi sé konsa li aprann nou, si nou vlé rivé koté-l, sé chémin li minm li té avansé ladan-l nan pou nou suiv. Sa pa konvna réyéman, lè Pitit Bondié-a té avansé sou santié dézonè-a, pou

pitit moun yo ap chèché chemin onè yo, paské *disip la pa pi gran pasé mèt la, ni sèvitè-a pa pi gran pasé patron li.*

Sé pou Bondié fè pou nanm nou pa répozé okinn koté, ni pa chèché okinn lòt nouritu sou tè sa-a, si sé pa nan soufrans yo pou n-al nan koua Granmèt la.

RÉPONS

2 Kor 4, 11. 16

R/. Tout tan nou minm ki vivan yo, yo mété nou nan lanmò poutèt Jézu, * Pou lavi Jézu-a tou parèt nan chè nou k-ap mouri-a, alélouya.

V/. Malgré moun nou sa-a ki sou pa déyò-a ap dékonpozé, poutan sa-a ki sou pa anndan-an ap réfèt tou nèf chak jou pi plis. * Pou lavi.

Priyè-a

Bondié, ki rékonpansé nanm fidèl yo, ou minm ki té konsakré jou sa-a pou mati pap sin Jan, kouté priyè pèp ou-a, épi fè nou favè pou li minm nou onoré mérit li yo, nou imité pèsévérans lafoua-l la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

20 mé

S. BÈRNARDIN DE SIÈN, PRÈT

Li fèt Masa Maritim nan Tuscia nan ané 1380 ; li antré nan pami Frè Minè yo, li vîn prèt, li préché nan tout Itali avèk gran frui pou nanm yo. Li dévlo pé atachman pou trè sin Non Jézu ; li gin anpil mérit antan-l dévlo pé étud ak disiplîn nan fanmi rélijjié-l la. Li té ékri liv téoloji tou. Li mouri Akila nan ané 1444.

Nan Komin pastè yo: pou prèt yo, 1323, oubyin mésié ki sin yo: pou rélijjié yo, 1458.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Bèrnardin de Sièn, prèt

(Sermo 49, De glorioso Nomine Iesu Christi, cap. 2: Opera omnia, 4, 505-506)

Non Jézu-a, ékla prédikatè yo

Non Jézu sé ékla prédikatè yo, paské li fè anonsé épi tandé paròl li-a ak yon ékla limiè. Ki koté-ou pansé sou tout ronnn tè-a kantité ak kalité limiè lafoua-a vîn soti toudinkou épi ak chalè, si sé pa nan Jézu yo préché-a? Èské sé pa ak limiè épi gou non sa-a Bondié té rélé nou *nan limiè-l la ki san parèy la*? Pou sa yo ki vîn kléré yo, épi ki ouè limiè-a nan limiè sa-a, sé ak rézon Apot la di: *Lontan nou té fènoua, koulié-a minm nou sé limiè nan Granmèt la : sé pou nou maché kòm pitit limiè.*

Kòm konsékans yo doué déklaré non sa-a pou-l kléré, yo pa doué kaché-l. Ni non plis yo pa doué prononsé-l lè y-ap préché ak yon kè ki sal oubyin yon bouch ki pa pròp, min sé pou yo konsèvé-l épi proklamé-l nan yon véso chouazi.

Sé pou sa Granmèt la di osijè Apot la: *Sa-a sé yon véso chouazi, sé sa-l di, pou mouin, pou-l poté non mouin dévan nasion yo ak roua yo, ak pitit Israèl yo. Véso chouazi, sé sa-l di, koté yon likè ki dous anpil ékspozé pou yo vann li, pou-l fè anvi bouè-l, antan l-ap briyé épi l-ap kléré nan véso chouazi yo: pou-l poté, sé sa-l di, non mouin.*

Paské minm jan ak difé ki limin, lè jadin yo pròpté, sa-k sèk yo boulé ni rajé ak pikan ki pa itil yo, épi minm jan lè réyon solèy yo lévé, fènoua yo répousé, vòlè yo ak vagabon lannuit yo ak sa k-ap kasé kay yo al kaché; sé konsa tou ak lang Pòl k-ap préché pèp yo, tankou yon gran kout loraj k-ap grondé, tankou yon difé k-ap anvayi ak plis fòs, tankou yon

solèy k-ap lèvé pi klè, mank lafoua-a té rivé bout, manti-a té gayé, vérité-a té kléré, tankou lasi ki fonn nan flann difé ki pran byin fò.

Sé non Jézu réyèlman li t-ap poté toupatou ak paròl yo, ak lèt yo, ak mirak yo épi ak égzanp yo. Li t-ap fè louanj *non* Jézu réyèlman *san rété* épi li t-ap fè louanj li ansanm *nan déklarasion*.

An plis Apot la t-ap poté non sa-a *dévan roua yo ak nasion yo ak pitit Israèl yo* tankou yon limiè épi li t-ap kléré péyi yo, épi li t-ap rélé tout koté: *Lannuit la pati, jou-a minm ap proché. Konsa sé pou nou kité aksion fènoua yo, épi sé pou nou abiyé avèk zam limiè yo. Tankou nan lajounin, sé yon fason onèt pou nou maché. Épi li t-ap montré tout moun lanp k-ap boulé épi k-ap kléré sou chandélié-a, antan l-ap anonsé nan tout koté Jézu, épi sa-a ki klouré sou koua-a.*

Kòm konsékans Égliz la, épouz Kris la, antan-l toujou apuiyé sou témouagnaj li-a, ap pousé rèl fèt avèk Profèt la, antan-l di: *Bondié, ou té ban-m ansègnman dépi-m tou jèn, épi jous koulié-a m-ap anonsé mèvèy ou yo, sètadi tout tan, Profèt la tou ap ankourajé fè sa, antan-l di: Chanté pou Granmèt la, béni non li, anonsé jou an jou sovè li sovè nou-an, sètadi Jézu sovè-a.*

RÉPONS

Sir 51, 15ab; Ps 9, 3

R/. M-ap fè louanj non-ou san rété, * Épi m-ap fè louanj li nan déklarasion, alélouya.

V/. M-ap kontan, m-ap fété nan ou, m-ap chanté pou non-ou, ou minm ki Anlè nèt la. * Épi m-ap fè louanj li.

Priyè-a

Bondié, ki té bay prêt sin Bèrnardin amou éstraòdinè sin non Jézu-a, fè nou favè gras a mérit li yo épi priyè li yo, pou éspri rinmin-ou nan toujou anflamé nou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

21 mé

S. KRISTÒF MAGALAN, PRÈT,
AK KONPAGNON-L YO, MATI

Sin Kristòf fèt nan katié *Sin Rafaèl Totatiché* nan Méksiko nan ané 1869. Antan pèsékision kont Égliz katolik la t-ap fè ravaj, sé ansanm ak vinnkat lòt prèt épi fidèl layik ki té akonpagné-l, sot nan diféran réjion Méksik épi ki té gin diféran laj, li té sibi mati akòz rayisans non krétyin-an antan l-ap fè déklarasion pou Kris Roua-a tankou konpagnon-l yo, nan ané 1927.

Nan Komin pliziè mati, 1269.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Sézèr d’Arl, évèk

(Sermo 225, 1-2: CCL 104, 888-889)

Moun ki té rann témouagnaj pou vérité-a, sé mati Kris la l-ap yé

Chak foua n-ap sélébré solanité mati yo, frè yo nou aprésié anpil la, nou doué pansé sé anba minm Roua-a n-ap fè sèvis militè nou-an, sé anba-l yo minm tou yo té mérité goumin épi ranpòté viktoua: nou doué pansé sé ak minm batèm nan nou sové, sa-k té sové yo minm tou; sé ak minm sakréman yo nou sèvi oubyin nou ranfòsé sa yo minm yo té mérité résévoua yo; sé minm sign Anpèrè-a nou poté nan fron nou, sa yo minm tou té poté ak siksè.

Sé poutèt sa, chak foua nou anvi sélébré anivèsè nésans mati yo, sin mati yo doué rékonèt nan nou kichòy nan bon kalité yo té ginyin yo, pou sa fè yo plézi sipliyé mizérikòd Bondié-a pou nou. Tout nanm réyèlman rinmin sa-k sanblé ak li. Konsa si sa-k sanblé-a asosié ak sa-k sanblé-l la,

sa-k pa sanblé yo séparé louin youn lòt. Min li, sin nou-an an patikilié, sa nou anvi frékanté fèt li-a ak kè kontan, li pa-t rinmin bouason: kijan sa-k sou-a t-a kapab réyini ansanm avèk li? Ki asosiasion ki t-a kapab ginyin ant sa-k bésé tèt li ak sa-k lévé tèt li-a, sa-k gin bon jan-an ak sa-k anvié sò lòt yo, sa-k rinmin bay la ak sa-k chich la, sa-k tou dou-a ak sa k-ap fè kòlè-a? Sin mati-a san dout té rézèvé kò-l: kijan adiltè-a ap kapab asosyé avèk li? Épi lè mati yo ki nan gloua-a, frè yo nou aprésié anpil la, té distribiyé bay pòv yo sa yo té ginyin pèsònèlman tou, kijan yo t-a kapab fè zanmi avèk yo, moun k-ap piyé sa-k pou lòt yo? Sin mati yo t-ap fè éfò pou yo té rinmin minm ènmi yo: kijan y-ap fè gin patisipasion avèk yo, moun sa yo ki pafoua pa vlé dépanse rinmin youn pou lòt la minm pou zanmi yo? Sé pa pou nou chagrin, frè yo nou aprésié anpil la, oubyin pito nan mézi nou kapab pran modèl sou sin mati yo, pou ak mérit yo épi ak priyé yo nou mérité jouinn padon pou tout péché yo.

Min yon moun kapab di: Kilès ki kapab suiv modèl sin mati yo? Minm si sé pa nan tout bagay yo, poutan kanminm nan anpil bagay, ak sékou Bondié, nou kapab épi nou doué suiv modèl yo.

Ou pa kapab sipòté flanm difé-a? Ou kapab évité libètinaj la. Ou pa kapab sipòté zong k-ap déchiré-a? Méprizé rinmin lajan-an k-ap konvink ou pou fè afè ki pa kòrèk ak avantaj malonèt. Paské si sa-k mou yo ranpòté viktoua sou ou, kijan pou sa-k di yo pa kasé ou? Lapè-a tou gin mati pa-l yo: paské ranpòté viktoua sou kòlè-a, réjité anvié sò lòt yo tankou pouazon yon sèpan, répousé ògèy la, chasé rayisans la sot nan kè-a, frinnin éksè apéti manjé-a, pa fè rinmin bouason-an konfians la, sé yon gran pati mati-a.

Épi chak fousa oubyin ninpòt koté yo t-a ouè ou-ap souffri pou yon kòz ki kòrèk, si ou té bay témouagnaj pou li, sé mati ou-ap yé. Épi poutèt Kris la sé jistis ak vérité, ninpòt koté jistis la oubyin vérité-a oubyin chasteté-a ap souffri, si ou défann yo ak mézi fòs ou ginyin, ou-ap résévoua rékonpans mati yo. Épi poutèt ‘mati’ vlé di « témouin » (*testis*) an latin, moun ki t-a bay témouagnaj pou vérité-a, pou Kris la sètènman ki vérité-a, sé mati l-ap yé.

RÉPONS

Fil 1, 21; Gal 6, 14

R/. Pou mouin minm viv sé Kris la, épi mouri sé yon avantaj. * Mouin pa gin doua jouinn gloua, sof nan koua Grammèt nou Jézu-Kri-a.

V/. Pa lintèmediè li, tè-a klouré sou koua pou mouin, épi mouin minm tou pou tè-a. * Mouin pa gin doua.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ki té fè prèt sin Kristòf ak konpagnon-l yo, rét fidèl pou Kris-Roua jous nan mati, gras a priyè yo fè nou favè, pou nou rivé toujou kolé nan kòmandman rinmin-ou nan, antan nou pèsévére nan déklarasion vré lafoua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

22 mé

S. RITA DE KASIA, RÉLIJIEZ

Li grandi nan Onbri nan kinzièm sièk la. Toudabò li té marié ak yon mésié ki té fè kòlè anpil, li sipòté violans mésié-a t-ap fè yo avèk pasians épi li té rivé raproché-l kot Bondié; aprè sa, lè-l pèdi mari-l ak pitit li yo, li antré kòm rélijijé nan monastè Òrd Sin Ogustin-an, antan-l bay tout moun égzanp pasians ak pénitans ki ro anpil, sé la li té répozé anvan ané 1457.

Nan Komin médam ki sin yo: pou rélijijé yo, 1458.

Pou Ofis léktu-a**DÉZIÈM LÉKTU**

Sot nan Liv Réfléksion sin Ogustin, évèk, nan Jan

(Tractatus 81, 4: CCL 36, 531-532)

Sé pou paròl Kris la rété nan nou

« Si nou rété nan mouin – sé sa-l di – épi paròl mouin yo rété nan nou, nou mèt mandé ninpòt sa nou vlé, l-ap rivé pou nou ». Antan yo rété vrèman nan Kris la, kisa yo kapab vlé si sé pa sa-k korésponn ak Kris la? Kisa yo kapab vlé antan yo rété nan Sovè-a, si sé pa sa-k pa étranjé parapò a sovè nou sovè-a? Sètènman nou vlé tèl bagay paské nou nan Kris la, épi nou vlé tèl lòt bagay, paské nou nan sièk sa-a toujou. Nan rété nou rété réyèlman nan sièk sa-a sa glisé anba nou pafoua pou nou mandé bagay nou pa konnin ki pa bon pou nou. Min sa pa doué fèt nan nou, si nou rété nan Kris la, li minm ki pa fè lè nou mandé, sof sa ki bon pou nou.

Nou rété donk nan li, lè paròl li yo rété nan nou. Ninpòt sa nou t-a vlé nou mandé-l, épi l-ap rivé pou nou. Paské si nou mandé épi li pa rivé, nou pa mandé sa ki rété nan li, ni sa paròl li yo ginyin yo ki rété nan nou, min sa ki gin anvi ak féblès chè-a, ki pa nan li épi koté paròl li yo pa rété. Paské sètènman priyè sa-a li té montré-a fè pati paròl li yo, koté nou di: « Papa nou, ki nan sièl yo ». Sé pa pou nou rékilé sot nan paròl ak signifikasyon priyè sa-a ak démann nou yo, épi ninpòt sa n-ap mandé, l-ap rivé pou nou.

Lè sa-a réyèlman yo doué di paròl li yo rété nan nou, lè nou fè sa-l kòmandé, épi nou rinmin sa-l promèt; lè okontrè paròl li yo rété nan mémoua-a, min yo pa jouinn yo tou nan lavi-a, yo pa konsidéré branch la nan pié rézin-an, paské li pa pran lavi sot nan rasîn nan. Diférans sa-a valab parapò a sa-k ékri-a: Sa yo ki kinbé kòmandman-l yo nan mémoua-a, sé pou yo fè yo tou. Anpil moun réyèlman kinbé yo nan mémoua-a, pou yo méprizé yo, oubyin minm pasé yo nan jouèt épi konbat yo. Nan moun sa yo paròl Kris la pa rété, li minm yo rivé touché nan yon fason, san yo pa rété kolé; épi sé pou sa yo pap yon bénéfis pou yo, min yon témouagnaj. Épi paské yo nan yo konsa, pou yo pa rété nan yo, sé nan sa y-ap kinbé yo, pou yo jijé nan yo.

RÉPONS

Cf. Sir 4, 17ac

R/. Protéjé pié-ou antan ou-ap antré nan kay Bondié-a, * Épi proche pou-ou kouté.

V/. Obéyisans la pi bon pasé sakrifis moun sòt yo ap ofri. * Épi proche.

Priyè-a

Ak anpil kantité, tanpri, Granmèt, vidé sajès koua-a ak fòs sa-a ou té aksépté anrichi sint Rita-a, pou, antan nou gin pasians nan tribilasyon ansanm avèk Kris la, nou rivé patispé pi fon nan mistè Pak li-a. Li minm ki vivan.

S. BÈD LE VÉNÉRAB, PRÈT É SAVAN ÉGLIZ LA

Li fèt nan téritoua monastè Wéarmout nan ané 673 ; li résévoua édikasion nan min sin Benoua Biskòp, li té bay non-l nan monastè-a, li suiv chémin pou-l vîn prèt, li anségné épi li ékri, sé konsa li té réalizé sèvis li. Li té konpozé liv téoloji ak istoua, li suiv tradision Pèr yo épi li ékspliké sint Ékritu-a. Li mouri nan ané 735.

Nan Komin savan Égliz la, 1361, oubyin mésié ki sin yo: pou rélijyé yo, 1458.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt Kutbèrtus osijè lanmò sin Bèd le Vénétab

(Nn. 4-6: PL 90, 64-66)

Mouin anvî ouè Kris la

Lè madi anvan Asansion Granmèt la té rivé, Bèd té kòmansé malad ak plis fòs nan réspirasion-an, épi yon ti anflé té parèt nan pié yo. Min tout jounin sa-a li t-ap anségné épi ak kè kontan li t-ap dikté; épi kèk foua pami lòt bagay li té di: « Aprann vit, mouin pa konnin pou konbyin tan m-ap rété toujou, épi si apré yon ti moman Kréatè-m nan pap poté-m alé ». Min pou nou sa té sanblé li té byin konnin kilè l-apralé; épi sé konsa li té pasé nuit la ap véyé nan aksion-d-gras.

Pandan matin-an ap kléré, sètadi, mèkrédi, li bay lòd pou nou ékri avèk souin, sé sa nou kòmansé fè; épi nou té fè sa jouska névè-a. A névè nou t-ap maché avèk rélik sin yo, dapré sa abitud jou sa-a té mandé-a; min youn nan nou té avèk li, li té di-l: « Jous koulié-a, mèt mouin rinmin anpil la, manké yon chapit nan liv ou t-ap dikté-a; èské ou ouè sa sanblé difisil pou yo pa pozé kèsion ankò? ». Min li minm: « Sa fasil, sé sa-l di, pran plim ou-an épi fè pouint li, épi byin vit ékri ». Sé sa li té fè.

A touazè minm li té di-m: « Mouin gin nan ti bouat mouin-an kèk bagay ki gin valè, sètadi, pouav, mouchoua ak lansan; kouri byin vit, épi minnin prêt monastè nou-an koté-m, pou mouin minm tou kèk ti kado, jan Bondié té bay yo, mouin distribiyé-l ba yo ». Lè yo té prézan li té palé avèk yo, antan-l avèti yo chak épi antan-l sipliyé pou yo sélébré Mès pou li, épi pou yo fè priyè yo avèk souin, yo té promèt li sa avèk plézi.

Min yo tout té chagrin épi yo t-ap kriyé, sitou paské li té di li té konsidéré yo pa t-ap ouè figi-l plis tan ankò nan sièk sa-a. Min yo té kontan poutèt li té di: « Li tan (si sé konsa Kréatè-m nan ouè sa) pou-m tounin kot li minm ki té fè-m nan, ki té kréyé-m nan, ki té fòmé-m sot nan anyin lè-m pa-t égzisté. Mouin té viv anpil tan, pou byin mouin jij ki gin bon kè-a té prévoua lavi mouin: *tan pou-m lagé-a toupré*, paské *mouin anvì lagé sa pou-m avèk Kris la*; réyèlman nanm mouin anvì ouè roua mouin-an Kris la nan bèlté-l ». Min li té palé anpil lòt bagay tou pou instrui nou, li té pasé jounin-an nan kontantman jous asouè.

Épi Wibèrt, timoun yo té palé dé li déja-a té di ankò: « Mèt mouin rinmin-an, gin yon fraz toujou ki poko ékri ». Épi li minm li di: « Ékri tousuit ». Apré yon ti moman, timoun nan té di: « Koulié-a fraz la fin ékri ». Li minm minm li di: « Byin, ou té di vérité: *li fin réalisé*. Pran tèt mouin nan min-ou yo, paské sa fè-m anpil plézi pou-m chita anfas plas sin mouin-an, koté mouin té abitué priyé, pou mouin minm tou antan-m chita mouin kapab rélé Papa-m ».

Épi konsa sou ròch plat atè yo nan ti chanm li-a antan l-ap chanté: « Gloua pou Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an », lè-l nonmin Éspri-Sin-an, li lagé dènié souf la sot nan kò-a; épitou (jan yo doué kouè sa san ézité) poutèt isit la li té toujou travay pou louanj Bondié ak anpil dévouman, li té vouayajé al nan kè kontan sa-l té anvì yo nan sièl yo.

RÉPONS

R/. Pandan mouin té pasé tout tan lavi mouin nan kay monastè-a, mouin té mété tout éfò-m nan médité Ékritu yo; épi nan kinbé disiplin règléman-an ak nan pran souin chak jou pou-m chanté nan légliz la; * Sa

té toujou dous pou mouin soua pou-m aprann, soua pou-m anségné, soua pou-m ékri, alélouya.

V/. Moun k-ap fè épi k-ap anségné, sa-a sé gran y-ap rélé-l nan rouayòm sièl yo. * Sa té toujou.

Priyè-a

Bondié, ki kléré Égliz ou-a ak sians prèt sin Bèd fè sèvitè-ou yo favè ak bon kè, pou yo toujou jouinn limiè nan sajès la, épi pou yo jouinn sékou nan mérit li yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Minm jou 25 mé-a

S. GRÉGOUA VII, PAP

Ildébran fèt nan Tuscìa vè ané 1028 ; li résévoua édikasion a Ròm, li té minnin lavi mouàn ; anpil foua li réprézanté Pap yo ki t-ap viv nan tan-l nan, li édé konsa pou fè Égliz la vîn pi nèf, li kontinué travay sa-a avèk kouraj lè-l fin monté sou trôn ansègnman Piè-a nan ané 1073 sou non Grégoua VII. Roua Anri IV sitou té konbat li. Antan-l sovè kò-l Salèrn, li mouri nan ané 1085.

Nan Komin pastè yo: pou Pap yo, 1323.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt sin Grégoua VII, pap

(Ep. 64 extra Registrum: PL 148, 709-710)

Égliz la lib, chast, katolik

N-ap mandé épi n-ap sipliyé nan Granmèt Jézu, li minm ki té rachté nou ak lanmò li-a, pou antan nou fouyé avèk souin nou rivé konprann pou kisa épi nan ki fason n-ap soufri tribilasyon ak kè séré anba ènmi rélijion krétyin-an.

Réyèlman dépi apati dispozision Bondié-a Égliz la ki manman-an té mété-m sou trôn apostolik la, mouin minm ki pa mérité sa ditou épi, Bondié témouin, mouin pa-t vlé, mouin té pran souin ak tout fòs pou antan sint Égliz la, épouz Bondié-a, patròn ak manman nou, té tounin nan pròp dignité-l, li té rété lib, chast épi katolik. Min, paské bagay sa yo pa-t fè ansyin ènmi-an plézi ditou, li té ékipé manb li yo kont nou, pou tout bagay chaviré nan kontrè-a.

Sé poutèt sa nan nou, plis toujou nan Sièj Apostolik la, li té fè tèlman bagay, plis pasé sa li pa-t kapab fè nan tan anpèrè Konstantin le Gran. Sa pa étranj ditou, paské plis tan-an ap proché, sé plis l-ap chèché étinn rélijion krétyin-an.

Koulié-a minm, frè mouin yo mouin rinmin anpil la, kouté sa m-ap di nou-an ak atansion. Tout moun ki résansé ak non krétyin-an sou tout ronn tè-a épi ki vrèman gin konésans lafoua krétyin-an, yo konnin épi yo kouè sin Piè, chèf Apot yo, sé papa tout krétyin yo, ak premié pasté apré Kris la, épi sint Égliz Romèn nan sé manman ak anségnan tout Égliz yo.

Konsa si nou kouè sa épi nou kinbé-l san nou pa douté, mouin mandé nou épi mouin pasé nou lòd mouin minm, tankou yon frè épi anségnan nou ki pa alarotè, pa lintèmediè Bondié ki gin tout pouvoua-a, édé épi poté sékou pou papa nou-an ak manman nou-an nou sot di-a, si pa lintèmediè yo nou anvè gin padon pou tout péché yo épi bédiksion ak gras nan sièk sa-a ak nan sa k-ap vini-an.

Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a, li minm koté tout sa ki byin yo soti-a, toujou kléré éspri nou épi fè-l donnin frui nan rinmin pou li ak pou prochin-an, pou nou kapab mérité fè papa ak manman nou-an nou sot di-a vîn gin dèt dévouman asiré-a pou nou, épi pou nou rivé asosié ak yo san nou pa ront. Amèn.

RÉPONS

Sir 45, 3; Ps 77 (78), 70a. 71bc

R/. Grammèt la té ba li gloua dévan fas roua yo, li té ba li doua an favè pèp li-a: * Épi li té montré-l gloua li-a, alélouya.

V/. Granmèt la té chouazi sévité-l la, pou-l kondui Israèl éritaj li-a al manjé. * Épi li té montré-l.

Priyè-a

Bay Égliz ou-a, tanpri, Granmèt, éspri fòs sa-a ak dévouman jistis sa-a ou té vlé anbéli pap sin Grégoua avèk yo-a, pou, antan-l réjé péché-a, li réalizé tou sa ki douat nan yon charité ki lib. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Minm jou 25 mé-a

S. MARI MADLÈN DE PAZI, VIÈJ

Li fèt Florans nan ané 1566; li résévoua yon édikasion ki fè-l rinmin Bondié, li inskri pami Sè Karmélit yo, li minnin yon lavi ki kaché nan priyè ak rénonman, li té priyé ak fòs pou Égliz la té kapab chanjé, épi li té dirijé sè yo pou yo vîn apouin nèt. Li té résévoua anpil don nan min Bondié, li mouri nan ané 1607.

Nan Komin vièj yo, 1374, oubyin médam ki sin yo: pou rélijyé yo, 1458.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan sa sint Mari Madlèn de Pazzi, vièj, té ékri osijè Révélation-an ak Éprèv la

(Mss. III, 186. 264; IV, 716: Opere di S. M. Maddalena de' Pazzi, Firenze, 1965, 4, pp. 200. 269; 6, p. 194)

Vini, Éspri-Sin

Vrèman ou ékstraòdinè, ou minm Paròl la, nan Éspri-Sin-an, antan-ou fè li vidé-ou konsa nan nanm nan, pou-l kapab vîn fè youn avèk Bondié,

pou-l vîn gin Bondié nan li, pou-l gouté Bondié, pou-l pa pran gou anyin an déyò Bondié.

Épi Éspri-Sin-an vini nan nanm nan, antan-l maké ak so ki gin valè-a, so san Paròl la, sètadi Mouton-an yo touyé-a; byin okontrè, minm san-an pousé-l pou-l vini, minm si Éspri-a mét pròp tèt li an mouvman épi li anvî vini.

Sa-k mété Éspri-a an mouvman nan li minm sé substans ni Papa-a ni Pitit la, épitou sé nan sa Papa-a yé-a li soti ak nan bon plézi Paròl la, li vini tankou yon sous nan nanm nan ki plonjé nan li-a. Épitou minm jan dé riviè ki lansé déyò mélanjé yon fason pou sa-k pi piti-a pèdi non-l épi pran non sa-k pi gran-an, sé nan minm fason-an Éspri Bondié-a aji, lè-l vini nan nanm nan, pou-l vîn soudé ak li. Min pou sa, nanm nan ki pi piti doué pèdi non pa-l la pou-l rété ak pa Éspri-a; l-ap fè sa si li viré al nan Éspri-a yon fason pou-l fè youn ak li.

Éspri sa-a minm, ki distribiyé trézò ki nan kè Papa-a épi ki véyé sou désizyon yo Papa-a ak Pitit la pran ansanm, li vidé yon fason ki tèlman dous nan nanm nan, pou yo pa rémaké-l épi pròp grandè li-a sé ti kras moun ki aprésié-l.

Ak poua li pézé-a épitou ak léjé li léjé-a li déplasé nan tout koté ki préparé épi ki dispozé pou résévoua-l. Anpil foua sa-l palé-a ak gran silans tout moun tandé-l; ak fòs rinmin-an, li minm yo pa mété an mouvman épi ki an mouvman anpil, li jété pròp tèt li nan tout moun.

Ou pa rété kanpé, ou minm Éspri-Sin-an, nan Papa-a yo pa mét an mouvman-an ni nan Paròl la, époutan ou toujou nan Papa-a, épi nan Paròl la, épi nan ou minm minm, épi nan tout éspri ki sin yo ak nan kréatu yo. Ou nésèsè pou kréatu-a poutèt san ki té vidé-a, san sèl Paròl yo anfanté-a, li minm ki sot nan fòs rinmin-an pou-l té fè tèt li nésèsè pou kréatu-a. Ou pran répo nan kréatu yo, ki dispozé yo yon fason pou yo résévoua pròp résanblans ou-a nan yo ak kominikasion kado-ou yo antan yo nétouayé. Ou répozé nan sa yo ki résévoua rézilta san Paròl la nan yo minm épi ki fè pròp tèt yo vîn tounin yon abitasion ki alaroté pou ou.

Vini, Éspri-Sin. Sé pou vini sa-k fè youn ak Papa-a, bon plézi Paròl la. Ou minm, Éspri vérité-a, ou sé rékonpans sin yo, fréchè nanm yo, limiè fènoua yo, richès pòv yo, trézò sa-k rinmin yo, satisfaksion sa-k grangou yo, konsolasion pèlrin yo; sé ou minm sa-a anfin, koté tout trézò yo rété ansanm.

Vini, ou minm ki antan-ou désann nan Mari ou té fè pou Paròl la té pran chè, épi pa lintèmédiè gras la réalizé nan nou sa-ou té réalizé nan li pa lintèmédiè gras la ak natu-a.

Vini, ou minm ki nouritu tout pansé ki byin réglé, sous tout bon kè, antasman tout sa-k nèt.

Vini, épi ouété nèt nan nou ninpòt sa ki anpéché ou pran nou nèt nan ou.

RÉPONS

1 Kor 2, 9-10a

R/. Jé pa-t ouè, ni zòrèy pa-t tandé, ni sa pa-t monté nan kè moun nan, * Bagay yo Bondié té préparé pou sa ki rinmin-l yo, alélouya.

V/. Kanta pou nou Bondié té révéle palintèmédiè Éspri-a, * Bagay yo Bondié té préparé.

Priyè-a

Bondié, ki rinmin virjinité-a, ou minm ki té anbéli vièj sint Mari Madlèn ak kado sièl yo, antan-l té boulé ak rinmin-ou, fè li minm n-ap onoré jodi-a, nou imité égzanp purté-l ak charité-l. Pa pouvoua Jézu-Kri.

26 mé

S. FILIP NÉRI, PRÈT

Mémoua

Li fèt Florans nan ané 1515 ; li pati al a Ròm, li té kòmansé okipé jèn jan yo, pandan l-ap dévlopé lavi krétyin-an épi l-ap pozé fondasion asosiasion pou pòv ki malad yo. Li òdoné prèt nan ané 1551, li té pozé fondasion Oratoua-a, koté yo té fè léktu spirituèl, yo chanté, yo fè aktivité charité. Li té kléré ak rinmin prochin-an, sinplisité Évanjil la, sèvis Bondié nan kè kontan. Li mouri nan ané 1595.

Nan Komin pastè yo: pou prèt yo, 1323, oubyin mésié ki sin yo: pou rélijyé yo, 1458.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Ogustin, évèk

(Sermo 171, 1-3. 5: PL 38, 933-935)

Sé pou nou toujou kontan nan Granmèt la

Apot la pasé nou lòd pou nou kontan, min nan Granmèt la, pa nan sièk la. *Ninpòt moun réyèlman ki t-a vlé zanmi tè sa-a, jan Ékritu-a di-a, y-ap konsidéré-l kòm ènmi Bondié.* Minm jan yon moun pa kapab sèvi dé mèt, konsa tou pèsonn pa kapab kontan ni nan sièk la ni nan Granmèt la.

Konsa sé pou kè kontan nan Granmèt la ranpòté viktoua, joutan kè kontan nan sièk la fini. Sé pou kè kontan nan Granmèt la toujou ap

grandi; kè kontan nan sièk la minm sé pou-l toujou ap diminué, joutan li fini. Yo pa di bagay sa yo, paské, kòm sé nan sièk sa-a nou yé, nou pa doué kontan; min pou, minm si sé nan sièk sa-a nou yé, sé déjà nan Granmèt la nou kontan.

Min yon moun ap di: Mouin nan sièk la; sé poutèt sa, si mouin kontan, mouin kontan la-a koté-m yé-a. Kisa sa yé réyèlman? Paské ou nan sièk la, ou pa nan Granmèt la? Kouté minm Apot la k-ap palé ak moun Atèn yo, épi nan Travay Apot yo l-ap di sa-k osijè Bondié ak osijè Granmèt la kréatè nou-an: *Sé nan li nou viv, nou fè mouvman épi nou égzisté. Li minm ki toupatou, ki koté li pa yé? Èské sé pa pou sa yo t-ap ankourajé nou? Granmèt la toupré, pa pran tèt chajé pou anyin.*

Sa-a gran, sa-a ki monté anlè tout sièl yo épi ki toupré sa yo k-ap viré-tounin sou tè-a. Kilès sa-a ki louin épi toupré-a, si sé pa sa-k fè mizérikòd pou nou-an ki toupré-a?

Tout ras moun nan réyèlman sé moun sa-a, ki té lagé sou rout la bandi yo té kité mouatié vivan-an, sa prèt la ak lévité té méprizé antan y-ap pasé-a, épi Samaritin ki t-ap pasé-a té proche koté-l pou-l pran souin-l épi poté-l sékou-a. Sé konsa lè sa ki pa kapab mouri-a épi ki kòrèk la té louin nou, tankou li louin sa k-ap mouri yo ak péchè yo, li désann vîn jouinn nou, pou-l vîn tounin prochain pou nou, li minm ki louin-an.

Li pa-t trété nou réyèlman dapré péché nou yo. Nou sé pitit réyèlman. Ki koté nou jouinn prèv pou sa? Sèl Pitit la té mouri pou nou, pou-l pa-t rété li minm sèl. Li pa-t vlé yon sèl, li minm sèl ki mouri-a. Sél Pitit Bondié-a réyèlman té fè anpil pitit Bondié. Li achte frè pou li ak san-l, li aprouvé sa-k réprouvé-a, li rachte sa yo vann nan, li onoré sa yo dézonoré-a, li bay sa yo touyé-a lavi.

Donk, frè yo, *sé pou nou kontan nan Granmèt la*, pa nan sièk la: sètadi, sé pou nou kontan nan vérité-a, pa nan injistis la; sé pou nou kontan nan éspérans sa-k pou tout tan-an, pa nan flè sa-k vid la. Sé konsa pou nou kontan: épi tout koté épi tout tan n-ap isit la, *Granmèt la toupré, pa pran tèt chajé pou anyin.*

RÉPONS

2 Kor 13, 11; Rom 15, 13a

R/. Frè yo, sé pou nou fè kè nou kontan, sé pou nou kòrèk nèt, sé pou nou jouinn ankourajman, sé pou nou gin minm santiman, sé pou nou gin lapè; * Épi Bondié rinmin-an ak lapè-a ap avèk nou, alélouya.

V/. Bondié éspérans la minm, sé pou-l ranpli nou ak tout kalité kè kontan épi lapè nan kouè nou kouè-a. * Épi Bondié.

Priyè-a

Bondié ki pa sispann anbéli sèvitè fidèl ou yo ak gloua sinteté-a, fè nou favè ak bon kè-ou, pou Éspri-Sin-an anflamé nou ak difé sa-a li té antré avèk li nan kè sin Filip la yon fason ékstraòdinè-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

27 mé

S. OGUSTIN DE KANTÒRBÉRI, ÉVÈK

Antan Ogustin té nan monastè sin André-a a Ròm, nan ané 597, Grégoua le Gran voyé-l an Anglètè pou-l préché Évanjil la. Roua Étèlbèr édé-l. Li vîn évèk Kantòrbéri, li fè anpil moun chanjé vîn gin lafoua-a. Li òganizé anpil Égliz, spésyalman nan rouayòm Kent la. Li mouri 26 mé vè ané 605.

Nan Komin pastè yo: pou évèk yo, 1323.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt sin Grégoua le Gran, pap

(Lib. 11, 36: MGH, 1899, Epistolæ, 2, 305-306)

Nasion Anglè yo vîn plonjé nan limiè lafoua ki sin-an

Gloua pou Bondié nan rotè anlè yo, épi lapè sou tè-a pou moun bòn volonté-a, paské grinn blé-a mouri antan-l tonbé nan tè-a, pou-l pa régné pou kont li nan sièl la, li minm nou viv gras a lanmò li-a, li minm nou vîn gin fòs gras a féblès li-a, li minm nou vîn délivré sot nan souffrans la gras a souffrans li-a, li minm gras a rinmin li-an nou té chèché frè nou pa-t konnin yo nan Bretagn, li minm gras a kado li-a, sa yo nou t-ap chèché san nou pa konnin yo-a, nou té jouinn yo.

Kilès minm k-ap rivé kapab rakonté kantité kontantman sa-a ki lèvé nan kè tout fidèl yo, pou nasion Anglè yo, antan gras Bondié ki gin tout pouvoua-a ap travay épi antan ou-ap fatigé tankou yon frè, lè fènoua èrè yo chasé, nasion-an vîn plonjé nan limiè lafoua ki sin-an, ki fè ak léspri ki san répròch nèt li déjà pasé zidòl yo anba pié, sa anvan li té krazé anba yo ak krint ki pa gin sans, ki fè li prostèné ak kè ki nèt dévan Bondié ki gin tout pouvoua-a, ki fè li sot nan tonbé li té tonbé nan mové aksion yo pou-l vîn maré ak règléman prèch ki sin-an, ki fè li soumèt nanm li anba sa Bondié kòmandé yo épi li soulvé ak intèlijans la, ki fè li bésé tèt li jous atè nan priyè-a, pou-l pa lagé nan tè-a ak éspri li. Travay kilès sa yé, si sé pa sa-a ki di: *Papa-m ap travay jous kounié-a, épi mouin minm m-ap travay tou?*

Li minm pou-l montré sé pa ak sajès moun yo, min sé avèk puisans li tè-a konvèti, prédikatè-l yo, sa-l té voyé sou tè-a, li té chouazi yo san instriksion, antan-l fè minm fason-an, paské nan nasion Anglè yo li té vlé réalizé sa-k fò yo pa lintèmediè sa-k fèb yo. Min sé nan kado sièl sa-a, frè mouin aprésie anpil, ki fè ansanm ak gran kè kontan-an yo doué krinn anpil anpil.

Mouin konnin réyéلمان Bondié ki gin tout pouvoua-a, pa lintèmediè rinmin-ou nan, té montré gran mirak nan nasion li té vlé chouazi-a. Sé pou sa li nésésè pou, osijè minm kado sièl la, antan-ou krinn ou kontan, épi antan kontan ou krinn pi plis: sètadi pou kontan, paské pa lintèmediè mirak sou déyò yo nanm Anglè yo té vîn atiré jous nan gras sou anndan-an; min pou krinn pi plis, pou nan mitan sign yo ki rivé yo, nanm ki fèb la

pa lévé tèt li nan pròp asirans li, épi, koté yo lévé-l nan konsidérasion sou déyò, sé la li tonbé sou anndan poutèt gloua ki vid la.

Sé pou nou sonjé réyéman lè disip yo té tounin sot préché ak kè kontan, antan y-ap di mèt ki sot nan sièl la: *Granmèt, nan non-ou minm démon yo té soumèt dévan nou, tousuit yo té tandé: Pa kontan poutèt sa, min kontan pito paské non nou yo ékri nan sièl la.*

RÉPONS

Fil 3, 17; 4, 9; 1 Kor 1, 10a

R/. Frè yo, pran modèl sou mouin, gadé sa yo k-ap maché dapré modèl nou minm nou ba nou-an: * Sa nou té aprann, sa nou té résévoua, sa nou té tandé, sa nou té ouè nan mouin, sé sa pou nou fè, konsa Bondié lapè-a ap avèk nou, alélouya.

V/. Mouin mandé nou avèk insistans, o non Granmèt nou Jézu-Kri, pou nou tout nou gin minm santiman. * Sa nou.

Priyè-a

Bondié ki té minnin nasion Anglè yo nan Bòn Nouvèl la, gras a prédikasion évèk sint Ogustin, fè nou favè, tanpri, pou frui travay li yo, pèsisté nan Égliz ou-a antan yo dévlopé tout tan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

29 mé

S. PÒL VI, PAP

Jan Batis Montini, fèt 26 séptanm 1897 nan katié Konsésio toupré Brescia. Li vîn prèt 29 mé 1920, li té bay sèvis li nan Sièj Apostolik la, joutan yo nomé-l Archevèk Milan. Lè yo mété-l sou trôn ansègnman Piè-a 21 juin 1963, li té réyisi fîn réalizé dézièm Konsil Vatikan-an, li té dévlopé rénouvèlman lavi Égliz la, sitou nan Litiji-a, dialòg ékuménik la épi anons Évanjil la bay moun sou tè-a nan dènié épòk la. Jou 6 out 1978 li té rinmèt éspri li bay Bondié.

Nan Komin pastè yo: pou Pap yo, 1323.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli sin Pòl VI, pap

(In ultima Concilii Œcumenici Vaticani secundi publica Sessione, die 7 decembris 1965: AAS 58 [1966] 53. 55-56. 58-59)

Yo bézouin konnin moun nan, pou yo kapab konnin Bondié

Ak travay Konsil sa-a, ansègnman ki santré sou Bondié épi ki téolojik, jan yo di-a, osijè natu moun nan ak osijè tè-a, li viré gadé éspri moun yo, tankou si-l t-a provoké sa yo ki sipozé ansègnman sa-a pa gin rapò ak rézònman épòk nou-an épi li an déyò li; épitou li ralé bagay yo sou li yon fason, ki fè toudabò moun sou tè-a jijé sa kòm si li pa gin sans, min apré, jan nou gin konfians sa kapab rivé, tè-a ap rékonèt sa korésponn ak moun nan, dapré sajès-la épi pi louin toujou dapré sa k-ap sové moun nan : sètadi Bondié égzisté. Sètènman gin Bondié; réyéلمان li égzisté; li vivan, sé yon pèrsòn li yé; li prévouayan, li gin bonté ki infini, épi sètènman li bon non sèلمان nan li minm, min pi plis toujou pou nou tou; li sé Kraté nou, vérité nou, kontantman nou; sé pou sa, lè moun nan fè éfò pou-l fikse éspri li ak kè li nan Bondié, antan-l okipé kontanplasyon-an, li fè nanm li éksprimé aktivité ki pi élvé nèt épi ki gin plis pèféksion nèt pami tout lòt yo; aktivité nou di, koté domèn okipasyon moun nan tou, sa yo pa kapab konté nan tan nou yo, kapab pran épi doué pran degré dignité pa yo.

Sé vré, réyéلمان vré, Égliz la ki rasanblé nan Konsil la, té pran souin viré konsidasyon-l – non sèلمان sou pròp tèt pa-l épitou sou rélasyon ki fè-l fè youn ak Bondié-a – sou moun nan tou, sou moun nan jan-l parèt réyéلمان nan tan sa-a pou yo ouè-l la: nou di moun nan k-ap viv la; moun nan ki angajé-l pou-l pousé tèt li an avan li minm sèl; moun nan ki pa sèلمان konsidéré li gin yon dignité sé nan li minm sèl pou tout éfò rapòté

tankou yon pouin santral, min tou ki pa ront déklaré, sé li minm ki sous ak rézon ninpòt bagay. Tout moun nan kòm fénomèn, sètadi ki parèt ak tout dispozision nanm yo pa kapab konté yo, sa-l rivé pou-l prezanté avèk yo-a, té kanpé pròp tèt li dévan Pèr yo nan Konsil la, yo minm tou sé moun yo yé, pi plis toujou yo tout sé Pastè épi frè yo yé, ki panché pou pran souin épi ki gin charité tankou zanmi: moun nan, k-ap plinyin avèk kouraj sikonstans ki bay chagrin yo; moun nan ki konsidéré lòt yo pi ba pasé-l nan tan ki pasé-a ak nan pa nou-an, sé poutèt sa li toujou frajil épi ap fè sanblan, égozis épi san pitié; moun nan ki pa kontan pròp tèt li, k-ap ri épi k-ap kriyé; moun nan ki viré nan tout diréksion, nan ninpòt koté sa pi fasil pou fèt; moun nan ki pran diréksion yon sèl réchèch siantifik ak pèsistans; moun nan jan-l yé-a ki pansé, ki rinmin, k-ap sué nan travay, ki toujou intéresé nan kichòy; moun nan yo doué konsidéré kòm yon réalité sakré ansanm ak rélijion-an, poutèt inosans li ginyin lè-l timoun, poutèt mistè bézouin li ginyin yo, poutèt bon kè-a maladi-l yo révéyé; moun nan pafoua k-ap okipé pròp tèt li sèlman, pafoua k-ap favorizé sosiété-a; moun nan ki an minm tan *ap fè louanj tan ki pasé-a*, an minm tan k-ap tann tan k-ap vîn apré yo, épi k-ap révé yon tan k-ap pi bon pasé sa-k pasé yo; moun nan ki maré ak mové zak yo sou yon bò, ki dékoré ak konpòtman ki sin yo sou yon lòt bò; épi kontinué konsa. Éfò moun nan sa-a kòm réalité layik épi profàn, ki gran dépasé mézi, alafin té avansé kèk foua, li minm minm pou-l konbat, pou nou t-a di sa konsa, li té bay Konsil la défi. Rélijion-an, sètadi sèvis Bondié-a, ki vlé tounin moun, épi rélijion-an – sé konsa réyèlman pou yo konsidéré-l – sètadi sèvis moun nan, ki vlé tounin Bondié, youn té rankontré lòt. Kisa ki rivé minm? Konba, batay, kondanasion? Sa té kapab rivé sètènman, min réyèlman sa pa-t rivé. Ansyin istoua sa-a osijè bon Samaritin-an té sèvi égzanp ak règ, pou dirijé prinsip spirituèl Konsil nou-an. Réyèlman vré, yon rinmin san limit pou moun yo té anvayi Konsil la nèt. Nésésité moun yo ki té parèt épi yo té konstaté chak foua, k-ap vîn pi difisil plis pitit tè sa-a ap grandi, té okipé tout atansyon Sinòd nou sa-a. Bay Konsil la louanj sa-a omouin, nou minm, k-ap okipé moun nan kòm moun nan tan sa-a, nou minm ki

réfizé vérité ki dépasé réalité natirèl yo, rékonèt nouvo éfò n-ap fè pou moun nan ka moun: paské nou minm tou, nou minm plis pasé tout lòt yo, n-ap pran souin sèvis moun nan.

Kòm sé konsa bagay yo yé, yo doué déklaré réyèlman vré, rélijion katolik la ak lavi moun nan youn soudé ak lòt nan yon aliens tankou zanmi, épi toulèdé mété dakò ansanm pou vizé yon sèl byin moun nan: sètadi rélijion katolik la sé an favè ras moun nan li yé, li tankou lavi ras moun nan. Yo doué di sètènman li sé lavi poutèt ansègnman ki anlè nèt épi ki fin apouin nan tout pati l-ap transmèt osijè moun nan (èské moun nan, lè yo kite-l pou kont li, pa yon réalité kaché pou pròp tèt li?); ansègnman sa-a l-ap transmèt osijè sa klè, paské li tiré-l sot nan konésans sa-a li ginyin osijè Bondié-a. Réyèlman vré pou nou minm nou kapab konnin moun nan nèt, moun tout bon vré-a, moun toutantié-a, li nésésè pou nou konnin Bondié li minm anvan.

Si nou tout ki prézan la-a isit la, nou sonjé nan vizaj ninpòt moun, sitou si dlo nan jé ak doulé fè-l vîn transparan, nou doué rékonèt vizaj Kris la, Pitit moun nan; épi si nan vizaj Kris la yo doué rékonèt vizaj Papa-a ki nan sièl la, dapré paròl sa-a: *Moun ki kouè-m, li ouè Papa-a tou*, fason nou konsidé réalité moun nan (umanism) ap chanjé pou-l vîn Kristianism, ki santré totalman nan Bondié; koulié-a nou kapab di réalité sa-a konsa tou: sètadi yo bézouin konnin moun nan, pou yo kapab konnin Bondié.

Rinmin moun nan, sé sa nou di, pa tankou yon instriman, min tankou premié finalité, koté n-ap rivé nan finalité ki pi ro nèt la, sa-k dépasé réalité moun yo kòm moun.

RÉPONS

Cf. Fil 4, 8

R/. Tou sa-k vré, tou sa-k pròp, tou sa-k kòrèk, tou sa-k san tach, tou sa-k mérité rinmin, tou sa-k gin bon rénomé, * Sé sa pou nou kalkilé, alélouya.

V/. Si gin yon bon kalité, si gin yon louanj, * Sé bagay sa yo pou nou kalkilé, alélouya.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki té rinnèt Égliz ou-a bay sin pap Pòl VI pou-l dirijé-l, kòm apot anprésé pou Évanjil Pitit ou-a, tanpri, n-ap mandé-ou, pou antan nou kléré ak ansègnman-l yo, nou rivé travay ansanm avèk ou pou nou fè sivilizasion rinmin-an dévlopé sou tè-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

31 mé

VIZITASON SINT VIÈJ MARI**Fèt****Pou Invitatoua-a**

Réf. Antan n-ap sélébré vizitasion sint Vièj Mari-a, an nou pousé rèl fèt nan Granmèt la, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN *Veni, præcélisa Dómina*

Vini, Rèn ki anlè anpil;
 Mari, vizité nou,
 ou minm ki té poté kay kouzîn ou-an
 kalité kè kontan sa-a lontan.

Vini, sékou sièk la,
 ouété salté yo ki mérité chatiman,
 épi antan-ou vizité pèp la
 poté danjé lapinn nan alé.

Vini, étoual, limiè lanmè yo,
vidé réyon lapè-a;
drésé tou sa ki krochi,
bay sa-k inosan yo lavi.

Vini, n-ap priyé-ou, vizité nou
épi rafèmi fòs nou yo
ak pouvoua élan sakré-a,
sé pou santiman-an pa ézité.

Vini, bagèt kòmandman roua yo,
ramné ajitasion sa-k pèdi rout yo
nan yon sèl lafoua-a,
koté yo sovè sa-k pou sièl yo.

Vini, épi Pitit ou-a avèk ou,
sé pou nou fè louanj nou san rété,
avèk Papa-a ak Éspri-Sin-an,
k-ap ba nou sékou. Amèn.

Réfrin yo ak psòm yo nan Komin Sint Vièj Mari, 1231.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Kantik dè kantik la

2, 8-14; 8, 6-7

Vini sa yo rinmin-an vini-an

^{2,8} Voua rinmin-m nan : min l-ap vini, antan l-ap vòltijé nan mòn yo, l-ap soté sou ti rotè yo. ⁹ Rinmin-m nan tankou yon kabrit, yon pitit mouton. Min li, li kanpé dèyè miray nou-an, antan l-ap gadé nan fénèt yo, antan l-ap obsèvé nan pèsien yo.

¹⁰ Min rinmin-m nan ap palé avèk mouin : « Lévé, fè vit, zanmi-m, kolonb mouin, bèlté-m. ¹¹ Tan frèt la réyèlman déja pasé, lapli-a pati, épi l-al fè rout li. ¹² Flè yo parèt sou tè nou-an, tan romans yo rivé ; nou tandé voua toutrèl la sou tè nou-an ; ¹³ pié figié-a té donnin premié frui-l yo, pié rézin yo antan yo fléri, yo té bay bon lodè yo. Lévé, zanmi-m, bèlté-m, épi vini, ¹⁴ kolonb mouin, nan fant ròch yo, nan trou falèz la. Montré-m fas ou, voua-ou sonnin nan zòrèy mouin ; voua-ou réyèlman li dous, épi fas ou, li bèl ».

^{8.6} Pozé-m tankou yon sign sou kè-ou, tankou yon sign sou bra-ou, paské rinmin-an fò tankou lanmò, jalouzi-a rèd tankou chalè bafon-an, zéklè-l sé zéklè difé ak flanm yo.

⁷ Gran dlo yo pa kapab étinn rinmin-an, ni gran riviè pa kapab nouayé-l. Si yon moun t-a bay tout richès lakay li pou rinmin-an, sé tankou anyin yo t-ap méprizé-l.

RÉPONS

Lk 1, 41b-43. 44

R/. Élizabèt vîn plin ak Ésprî-Sin-an épi li rélé byin fò : Ou béni pasé tout fi, épi frui vant ou-a, li béni tou; * Épi koté sa soti pou mouin, pou manman Granmèt mouin-an vîn koté-m ? Alélouya.

V/. Gadé, réyèlman, kon voua salutation-ou nan touché zòrèy mouin yo, ti pitit la soté ak kontantman nan vant mouin. * Épi koté.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli sin Bèd le Vénétab, prèt

(Lib. 1, 4: CCL 122, 25-26. 30)

Mari chanté grandè Granmèt la k-ap aji nan li-a

Nanm mouin ap chanté jan Granmèt la gran, épi lésprî-m té fété nan Bondié ki sové-m nan. Avèk paròl sa yo sètènman l-ap déklaré toudabò

kado yo fè-l yo yon fason patikilié, apré sa li dénonbré byinfè Bondié yo an jénéral, sa-l pa janm sispann pran souin ras moun nan avèk yo-a.

Nanm li-a minm ap chanté grandè Granmèt la, moun sa-a ki konsakré tout dispozision anndan-l pou louanj ak sèvis Bondié-a, sa ki démontré antan-l respékté lòd Bondié yo li toujou ap kalkilé puisans grandè li-a.

Éspri li-a ap fété nan Bondié ki sovè-l la, moun sa-a ki pa pran plézi nan anyin sou tè-a, okinn abondans bagay k-ap pasé yo pa ramoli-l, okinn kontrariété pa kasé-l, min li jouinn plézi-l sèlman nan sonjé sa-a ki kréyé-l la, sa-a li espéré sovè pou tout tan-an nan min-l nan.

Minm si paròl sa yo konvnbab tout bon pou tout moun ki kòrèk yo, poutan sa té bon nan pi ro dégré pou Manman Bondié ki sin-an té prononsé yo, li minm ki ak privilèj mérit spésial, t-ap anflamé ak rinmin spirituèl pou sa-a li té gin kè kontan pou-l fòmé nan kò li-a.

Li minm, jan sa doué fèt la, nan Jézu, sètadi nan sovè li-a, li té kapab fété ak yon kè kontan spésial plis pasé lòt sin yo, paské, sa-l té konnin kòm lotè sovè-a dépi tout tan-an, sé li minm minm li té konnin ki té gin pou pran nésans ak yon orijîn tanporèl sot nan chè li-a, nan mézi nan yon sèl minm pèrson nan, sé tout bon vré li t-ap ni pitit li ni Granmèt li.

Paské li té fè gran mèvèy pou mouin, sa-a ki gin pouvoua-a, épi non li sin. Konsa li pa mété anyin sou kont pròp mérit li yo, li minm ki rapòté grandè li-a toutantié nan kado sa-a ki, antan li puisan épi gran ésansièlman, abitué fè fidèl li yo sot nan piti ak fèb vîn fò épi gran.

Min li té byin ajouté: *Épi non li sin,* pou-l avèti sa k-ap tandé yo, pi plis minm tout moun yo paròl li yo ap rivé koté yo-a, pou-l instrui yo pou yo kouri proche nan lafoua ak invokasion non li-a, nan mézi yo minm tou kapab patisipé nan sinteté pou tout tan-an ak véritab sovè nou sovè-a, dapré paròl profétik sa-a: *Sèké, ninpòt ki moun k-ap rélé non Granmèt la, l-ap sovè.* Sé non sa-a minm réyèlman li té di osijè-l pi ro-a: *Épi léspri-m té fété nan Bondié ki sovè-m nan.*

Sé pou sa tousuit nan sint Égliz la vîn gin abitud ki bon anpil épi ki bay anpil avantaj, pou imn sa-a minm tout moun chanté-l chak jou avèk psòm louanj asouè-a, nan mézi apati sa pi souvan souvni inkarnasion

Granmèt la ap limin nanm fidèl yo pou aféksion dévotion-an, épi tounin yo tounin sonjé anpil foua égzanp Manman li-a ap rafèmi yo nan solidité bon kalité yo. Épi bagay sa-a li té bon pou sé nan vèp yo sa fèt ak rézon, pou natirèlman antan léspri nou ki té fatigé pandan jounin-an épi ki pran distans ak diféran lidé okipasyon yo, anvan-l pran tan répo-a, kapab rasanblé pròp tèt li nan yon sèl konsidération-an.

RÉPONS

Cf. Lk 1, 45-46; Ps 65 (66), 16

R/. Ala kontantman pou ou ki té kouè, paské y-ap réalizé nan ou, sa yo té di-ou yo sot nan Granmèt la. Épi Mari di : * Nanm mouin ap chanté jan Granmèt la gran, alélouya.

V/. Vini, kouté, épi m-ap rakonté tou sa Bondié fè pou nanm mouin. * Nanm mouin.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN *Véniens, mater ínclita*

Manman ki san parèy,
 antan-ou vini avèk kado Éspri-Sin-an,
 vizité nou tankou Jan
 nan kay chè sa-a.

Avansé, antan ou-ap poté ti pitit la,
 pou tè-a kapab kouè
 épi pou tout moun kapab fè louanj
 pou dignité ròl ou kinbé-a.

Koulié-a salué Égliz la,
 pou antan-l tandé voua-ou
 li soulvé nan kè kontan,
 antan-l santi Kris la k-ap vini-an.

Mari, antan-ou lévé jé-ou,
 gadé pèp yo ki kouè yo :
 y-ap chèché-ou ak bon kè,
 poté tou moun sa yo sékou.

Ou minm, véritab éspérans kontantman-an,
 k-ap viv koté mizè nou-an chèché rivé-a,
 asosié nou ak foul sièl la,
 dékoré nou ak rad gloua-a.

Avèk ou ki Vièj la sé pou nanm nan
 chanté grandè Granmèt la,
 li minm ki fè konnin-ou avèk louanj
 ni moun yo ni sa-k nan sièl yo. Amèn.

Réf. 1 Antan Mari lévé, li té alé nan mòn nan byin vit, nan yon vil
 Juda, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch premié sémèn nan, 578.

Réf. 2 Lè Élizabèt tandé Mari salué-l, ti pitit la soté nan vant li,
 Élizabèt vîn plin ak Éspri-Sin-an, alélouya.

Réf. 3 Ala kontantman pou ou Mari, ou minm ki té kouè ; y-ap akonpli
 nan ou sa yo té di-ou sot nan Granmèt la, alélouya.

LÉKTU KOUT

Joël 2, 27 — 3, 1

N-ap konnin sé mouin minm ki nan mitan Israèl la, sé mouin minm Granmèt la ki Bondié nou, nan pouin lòt ; épi pèp mouin-an pap ront pou tout tan. Épi ap rivé apré sa : m-ap vidé Éspri-m sou tout chè, pitit gason nou yo ak pitit fi nou yo ap profétizé.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té chouazi-l, li té chouazi-l davans. Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Nan tant li-a li fè-l abité. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus la, réf.* Lè Elizabèt tandé Mari salué-l, li lévé voua-l byin fò, li di : Koté sa soti pou mouin, pou manman Granmèt mouin-an vîn vizité-m, alélouya.

PRIYÈ YO

Sovè nou-an, pandan n-ap sélébré-l, li minm ki té aksépté pran nésans sot nan Vièj Mari, an nou sipliyé-l antan n-ap di :

Sé pou manman-ou intèsédé pou nou, Granmèt.

Ou minm Solèy jistis la, sa Vièj Imakilé-a té pran dévan-l tankou limiè dévanjou-a,

— fè nou favè pou nou toujou maché nan limiè vizit ou-a.

Fè nou pran modèl, Granmèt, sou Mari manman-ou, ki té chouazi pi bon pòsion-an,

— antan n-ap chèchè manjé k-ap rété nan lavi pou tout tan-an.

Sovè tè-a, ou minm ki té présévé Manman-ou anba tout tach péché gras a pouvoua rédanmsion-ou nan,

— kinbé nou pròp sot nan péché-a.

Rédanmtè nou, ou minm ki té fè Vièj Mari vîn tounin chanm ki pròp nèt koté ou abité épi kay sakré Éspri-Sin-an,
— fè nou tounin tanp Éspri-ou la pou tout tan.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té mété nan éspri Sint Vièj Mari, antan-l t-ap poté Pitit ou-a nan vant la, pou-l t-al vizité Élizabèt, fè nou favè, tanpri, pou, antan nou obéyi souf Éspri-a, nou kapab fè louanj ou avèk li tout tan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Réfrin yo ak psòm yo nan jou lasémèn ki tonbé-a. Pou psòm konplémantè yo, nan plas psòm 121 (122) yo kapab di 128 (129), 951. épi nan plas 126 (127) yo kapab di 130 (131), 823.

Pou Tièrs

LÉKTU KOUT

Judt 13, 18-19

Ou béni, ma fi, sot nan Bondié ki anro nèt la, plis pasé tout médam yo ki sou tè-a. Épi li béni, Granmèt, Bondié nou-an, ki té kréyé sièl la ak tè-a, ki té dirijé-ou nan blésé tèt chèf ènmi nou yo. Paské louanj ou pap sispann sot nan kè moun yo k-ap sonjé puisans Bondié jous pou tout tan.

V/. Ala kontantman pou moun ki kouté paròl Bondié-a, alélouya.

R/. Épi ki kinbé-l, alélouya.

Pou Sèkst**LÉKTU KOUT****Tob 12, 6b**

Béni Bondié, épi fè déklarasion pou li dévan tout vivan yo, paské li té fè sa-k byin yo avèk nou, pou nou kapab béni non-l épi chanté-l san rété.

V/. Ala kontantman pou zantray Vièj Mari yo, alélouya.

R/. Ki té poté Pitit Papa dépi tout tan-an, alélouya.

Pou Nòn**LÉKTU KOUT****Saj 7, 27b-28**

Sajès la antan-l toujou rété nan li minm, li réfè tout bagay, épi antan-l transpòté tèt li nan nanm ki sin yo atravè jénérasyon yo li té fè yo vîn tounin zanmi Bondié ak profèt. Bondié pa rinmin anyin réyéلمان, sof moun ki abité avèk sajès la.

V/. Ou béni pami médam yo, alélouya.

R/. Épi frui vant ou-a béni, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Vèp yo**IMN** *Cóncito gressu petis alta montis*

Ak yon démach présé ou-ap chèché diréksion rotè mòn nan ou minm, Vièj, Bondié fè vîn tounin manman, pou-ou montré granmoun nan ki vîn tounin manman-an kijan ou rinmin-l avèk dévouman.

Lè Élizabèt tandé voua-a k-ap salué-l,
 ti pitit la ki kaché-a vòltijé pou-l dansé ak kè kontan ;
 manman-an rélé-ou Manman Granmèt la,
 li salué-ou antan-l di-ou ou gin kontantman.

Li déklaré davans ou-ap gin kontantman
 antan li plin ak Éspri-a k-ap palé nan fon kè-l ;
 ou fè louanj Bondié nan yon bèl kantik,
 Bondié sa-a ki fè gran mèvèy la.

Sou tout tè-a, Manman, pèp yo tout tan
 ap déklaré ou gin chans, antan y-ap fè louanj ou,
 épi yo kouè ou sé sèvant
 favè Granmèt la.

Ou minm ki poté Kris la, toujou poté kado nouvo,
 poté sékou k-ap sovè nou-an pou nou,
 nou minm k-ap fè louanj Trinité ki anlè nèt la,
 ak bon kè nou ansanm avèk ou. Amèn.

Réf. 1 Mari té antré kay Zakari, épi li té salué Élizabèt, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan Komin Sint Vièj Mari, 1243.

Réf. 2 Kon voua salutation-ou nan rivé nan zorèy mouin yo, ti bébé-a té fété nan vant mouin, alélouya.

Réf. 3 Ou minm ou béni nan pami médam yo, épi frui vant ou-a béni tou, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Piè 5, 5b-7

Nou tout, sé pou nou rabésé tèt nou nan rélasyon nou ginyin youn pa rapò a lòt, paské Bondié rézisté moun ki konprann yo plis pasé lòt, min

moun ki rabésé tèt yo, sé yo minm li bay lagras li. Konsa sé pou nou rabésé tèt nou anba pouvoua min Bondié, pou-l lévé nou nan tan vizit li-a, antan nou lagé tout tèt chajé nou sou li, paské sé li minm k-ap okipé nou.

RÉPONS KOUT

R/. Mouin salué ou Mari, Plin-lagras ; Granmèt la avèk ou. *
Alélouya, alélouya. Mouin salué ou.

V/. Ou minm ou béni pami médam yo, épi frui zantray ou-a béni. *
Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Mouin salué ou.

Pou Magnificat la, réf. Tout jénérasyon ap di ala kontantman pou mouin, paské Bondié té viré gadé pòv ti sèvant li-a, alélouya.

PRIYÈ YO

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua, an nou lévé-l anlè avèk gran louanj, li minm ki té vlé pou tout jénérasyon sélébré Mari, Manman Pitit li-a, an nou mandé-l antan n-ap sipliyé :

Sé pou Plin-lagras la intèsédé pou nou.

Oubyin: Konsidéré sa-a ki Plin-lagras la épi kouté nou.

Ou minm ki té ba nou Mari kòm manman, antan l-ap plédé kòz nou, bay malad yo gérizon, konsolé sa-k nan lapinn yo, padonin péchè yo,
— bay tout moun sové yo sové-a ak lapè.

Fè, Granmèt, pou Égliz ou-a vîn yon sèl kè ak yon sèl nanm nan charité-a,

— épi krétyin yo pèsévéré ansanm nan priyè-a avèk Mari, manman Jézu.

Ou minm ki té fè Mari vîn tounin manman mizérikòd la,

— moun ki an danjé yo, fè yo santi jan-l rinmin yo tankou yon manman.

Ou minm ki té vlé Mari vîn tounin manman fanmi nan kay Jézu ak Jozèf,
— gras a intèsésion-l, fè tout manman édé fanmi yo rinmin pi plis épi vîn
pi sin.

Ou minm ki kouronnin Mari rèn sièl la,
— fè défin yo joui pou tout tan nan rouayòm ou-an avèk foul sin yo.

Papa nou.

Priyè-a

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té mété
nan éspri Sint Vièj Mari, antan-l t-ap poté Pitit ou-a nan vant la, pou-l t-al
vizité Élizabèt, fè nou favè, tanpri, pou, antan nou obéyi souf Éspri-a, nou
kapab fè louanj ou avèk li tout tan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

JUIN

Prémié juin

S. JUSTIN, MATI

Mémoua

Justin, filozòf épi mati, tè fèt Naplouz, nan Samari, nan kòmansman dézièm sièk la, nan yon fanmi payin. Lè li konvèti vîn nan lafoua-a, li té ekri anpil bagay pou défann rélijion-an ; sé dé « *Apoloji* » (défans) sèlman ki rété, épi « *Dialòg avèk Trifon* »-an, konvèsasion ak yon Juif yo té rélé Trifon. Li té louvri yon lékòl a Ròm, yo té diskité problèm yo an piblik. Avèk konpagnon-l yo li sibi mati nan tan Mark-Orèl, vè ané 165.

Nan Komin yon sèl mati, 1295.

Pou Ofis léktu-a**DÉZIÈM LÉKTU**

Sot nan Prosè-vèbal mati sin Justin ak konpagnon-l yo
(Cap. 1-5: cf. PG 6, 1566-1571)

Mouin té anbrasé véritab ansègnman krétyin yo

Antan yo pran sin yo, yo minnin yo kot préfè Ròm nan ki rélé Rustikus. Antan yo kanpé dévan tribinal la, préfè Rustikus té di Justin: « Anvan tout lòt bagay yo sé pou kouè nan dié yo épi respékté anpèrè yo ». Justin té di: « Yo pa kapab akizé nou oubyin mét min sou nou poutèt n-ap obéyi lòd sovè nou-an Jézu-Kri ».

Rustikus té di: « Ki kalité ansègnman ou déklaré? ». Justin té di: « Mouin fè éfò sètènman pou-m aprann tout ansègnman yo, min mouin té anbrasé véritab ansègnman krétyin yo, minm si moun ki prizonié èrè yo pa aprouvé yo ».

Préfè Rustikus té di: « Èské ansègnman sa yo ou aprouvé yo, pòv maléré? ». Justin té di: « Sé konsa, puiské mouin suiv yo ak kouayans ki kòrèk la ».

Préfè Rustikus té di: « Ki kalité kouayans sa-a? ». Justin té di: « Nou sèvi Bondié krétyin yo, sa nou konsidéré ki yon sèl la ki kréyé nan kòmansman-an épi ki fè tout kréasion-an, ni sa yo kapab ouè ni sa yo pa kapab ouè yo, épi Granmèt Jézu-Kri, Pitit Bondié-a, li minm tou profèt yo té anonsé davans li t-ap gin pou vini pou préché ras moun nan sové li sové-a épi ki té fòmé disip li yo yon fason spésyal. Épitou mouin minm, kòm sé moun mouin yé, sé yon ki kras mouin sipozé mouin kapab di parapò a sa-l yé kòm Bondié ki san limit la, antan-m rékonèt kalité fòs profési-a, paské yo té anonsé-l davans, li minm mouin sot di li sé Pitit Bondié-a. Mouin konnin réyèlman sé sot anro profèt yo té fè prédikcion osijè vini li t-ap vini kot moun yo ».

Rustikus té di: « Donk èské sé pa krétyin ou yé? ». Justin té di: « Sé sa, sé krétyin mouin yé ».

Préfè-a té di Justin: « Kouté, ou minm yo ki di savan épi ki sipozé ou konnin véritab ansègnman yo; si yo kalé-ou ak fouèt épi yo koupé tèt ou, èské ou gin konvikcion ou-ap monté nan sièl la? ». Justin té di: « Mouin espéré m-ap gin pou-m abité kay li-a, si mouin sipòtè sa; mouin konnin réyèlman pou tout moun ki té viv douat, lagras Bondié-a rézèvé jous nan finisman tout tè-a ».

Préfè Rustikus té di: « Ou minm donk ou sipozé ou-ap gin pou monté nan sièl yo, pou résévoua kèk rékonpans ki korésponn? ». Justin té di: « Mouin pa sipozé, min mouin konnin yon fason byin démontré épi mouin sètèn sa nèt ».

Préfè Rustikus té di: « Kité sa pou nou rivé nan bagay yo prézanté-a, ki nésèsè épi présé. Konsa antan nou mété nou dakò ansanm ak yon sèl kè

fè sakrifis pou dié yo ». Justin té di: « Pa gin pèsonn ki gin tèt douat k-ap kité vrè piété-a pou inpiété-a ».

Préfè Rustikus té di: « Si nou pa fè sa yo kòmandé-a, y-ap toumanté nou san pitié ». Justin té di: « Nou souété sa pou nou sovè lè yo fè nou sibi toumant poutèt Granmèt nou Jézu-Kri, paské sé sa k-ap ba nou sovè n-ap sovè-a ak konfians dévan tribinal ki pi rèd la épi pou tout moun nan, tribinal Granmèt nou-an ak Sovè nou-an ».

Nan minm fason-an tou rès mati yo té di: « Fè sa-ou vlé; nou minm réyèlman sé krétyin nou yé épi nou pap fè sakrifis pou ziddòl yo ».

Préfè Rustikus té prononsé santans la antan-l di: « Sa yo ki pa-t vlé fè sakrifis pou dié yo épi obéyi kòmandman anpèrè-a, sé pou yo minnin yo pou yo kalé yo ak fouèt, épi pou yo sibi chatiman koupé tèt la dapré prinsip laloua-a ». Antan sin mati yo t-ap bay Bondié gloua, yo té soti al nan koté sa té konn fèt la, yo koupé tèt yo épi yo réalizé mati yo-a nan fè déklarasion pou Sovè-a.

REPONS

Cf. Tr Ap 20, 21. 24; Rom 1, 16

R/. Antan m-ap témouagné lafoua nan Granmèt nou Jézu-Kri, mouin pa pè anyin; * Ni mouin pa fè nanm mouin pi chè pasé pròp tèt mouin, yon foua mouin fini kous mouin-an ak sèvis la mouin té résévoua, pou-m témouagné Bòn Nouvèl lagras Bondié-a, alélouya.

V/. Mouin pa ront Bòn Nouvèl la réyèlman, sé fòs Bondié li yé réyèlman pou tout moun ki kouè yo sovè, pou Juif la toudabò, épi pou Grèk la. * Ni mouin pa fè.

Pou Louanj yo nan matin

Pou *Benedictus* la, réf. Nan tout ofrann yo nou fè louanj pou Kréatè tout bagay yo palintèmediè Pitit li-a Jézu-Kri épi palintèmediè Éspri-Sin-an.

Priyè-a

Bondié ki té aprann mati sin Justin yon fason ékstraòdinè sians Jézu-Kri ki dépasé tout bagay la, atravè foli koua-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l pou, antan nou chasé èrè yo ki entouré nou-an, nou rivé jouinn solidité lafoua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Vèp yo

Pou Magnificat la, réf. Pou mouin tousuit difé pran nan nanm nan, épi amou profèt yo avèk moun sa yo ki zanmi Kris la té anvayi-m.

2 juin

SS. MARSLIN AK PIÈ, MATI

Pap Damaz bay témouagnaj yo sibi mati nan pèsékision Diokléysin-an. Sé nan bouch bouro-a minm Pap la té aprann sa. Yo té koupé tèt yo nan yon rak boua, min yo té transpòté kò yo épi yo té antéré yo nan simitiè « Dé lorié yo » (*Ad duas lauros*) sou rout Labikana-a ; koté sa-a yo bati yon bazilik sou tonbo yo apré Égliz la té fin jouinn lapè.

Nan Komin pliziè mati, 1269.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Paròl Ankourajman Orijèn, prèt, pou al nan mati-a
(Nn. 41-42: PG 11, 618-619)

Konpagnon soufrans Kris la, y-ap konpagnon konsolasion-an tou

Si *nou té travèsé sot nan lanmò-a al nan lavi-a*, poutèt nou té travèsé sot nan mank lafoua-a vîn nan lafoua-a, nou pa doué sézi si tè-a rayi nou. Pèsonn réyèlman ki pa-t travèsé sot nan lanmò al nan lavi-a, min ki té rété nan lanmò-a, pa kapab rinmin sa yo ki té travèvé sot nan kay fènoua lanmò-a, jan-m t-a di sa, al nan konstriksion limiè lavi-a, ki fèt ak ròch vivan yo.

Jézu *té dépozé nanm li pou nou*, épi sé poutèt sa nou minm nou dépozé-l tou, mouin pa di poutèt li minm, min pou nou minm, min mouin pansé tou sé pou sa yo ki pral instrui ak mati nou-an.

Tan-an la pou nou, ou minm krétyin, pou nou jouinn gloua. Li di réyèlman: *Sé pa sa sèlman, min nou jouinn gloua tou nan tribilasyon yo, antan nou konnin tribilasyon-an donnin pasians; pasians la minm donnin andirans; andirans la minm donnin éspérans; éspérans la pa fè ront. Tèlman charité Bondié-a gayé nan kè nou yo pa lintèmédiè Éspri-Sin-an.*

Si, *minm jan soufrans Kris yo anpil, konsa tou konsolasyon-an anpil pa lintèmédiè Kris la*, sé ak anpil anprésman pou nou résévoua soufrans Kris la, épi y-ap anpil nan nou, si nou anvî jouinn konsolasyon an abondans, sa tout moun k-ap kriyé yo ap rivé jouinn; pétèt pa nan minm mézi-a: si réyèlman konsolasyon-an t-ap égal, yo pa t-a ékri: *Minm jan soufrans Kris yo anpil, konsa tou konsolasyon nou-an ap anpil.*

Moun ki konpagnon soufrans yo, nan mézi soufrans y-ap souffri avèk Kris la, y-ap konpagnon konsolasyon-an tou. Nou té aprann sa nan min-l, li minm ki té di avèk konfians: *Antan nou konnin minm jan nou konpagnon nan soufrans nou yo, konsa tou nan konsolasyon-an.*

Min Bondié di pa lintèmédiè Profèt la: *Nan tan yo aksépté-a mouin té kouté-ou, épi nan jou pou sovè-a mouin té poté-ou sékou.* Sé poutèt sa kilès lòt tan minm ki t-a pi aksépté pasé lè, poutèt respè sakré nou-an aléga Bondié nan Kris la, antan n-ap avansé an kòtèj sou tè-a anba sivéyans, min y-ap minnin nou plis kòm moun ki trionfé pasé kòm moun yo trionfé sou yo?

Mati Kris yo réyèlman ansanm avèk li yo piyé chèf yo ak sa-k gin pouvoua yo, ansanm avèk li yo trionfé sou yo, pou minm jan yo té asosié ak soufrans li yo, konsa tou yo gin pòsion nan sa-l té sipòté avèk fòs antan l-ap soufri-a. Min èské gin yon lòt jou minm jan-an pou sovè-a tankou sa-a koté nou soti isit la nan fason sa-a?

Min, m-ap mandé ak insistans, *pa bay pèsonn okazion tonbé, pou yo pa kritiké ministè nou-an, min, nan tout bagay, sé pou nou montré pròp tèt nou tankou sèvitè Bondié, avèk anpil pasians, antan n-ap di: Épi koulié-a, sa m-ap tann, èské sé pa Granmèt la ?*

RÉPONS

Éféz 6, 12. 14a. 13

R/. Sé pa kont chè ak san n-ap batay, min sé kont chèf yo, kont pouvoua yo, kont mové éspri yo nan sièl yo. * Konsa sé pou nou rét kanpé avèk rin nou maré nan vérité-a, alélouya.

V/. Sé pou nou pran ékipman Bondié-a, pou nou kapab rézisté nan jou malè-a, épi pou nou kapab rét kanpé yon fason ki bon nèt nan tout bagay.

* Konsa.

Priyè-a

Bondié, ki vlopé nou épi ki protèjé nou, gras a bèl déklarasion lafoua mati sin Marslin ak Piè, fè nou profité égzanp yo, épi apuiyé sou priyè yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

3 juin

S. CHARL LOUANGA AK KONPAGNON-L YO, MATI

Mémoua

Nan ané 1885-1887 nan Ouganda, roua Mouanga touyé anpil krétyin poutèt li té rayi rélijion-an ; kèk nan yo, sé nan palè roua-a minm yo t-ap travay oubyin sé roua-a minm pèsonèlman yo t-ap sèvi. Nan pami yo Charl Louanga avèk

vintéyin lòt ki té avèk li, yo té bay yon témouagnaj ékstraòdinè, antan yo té kolé sou lafoua katolik la avèk kouraj, yon pòsion yo touyé yo ak kout épé, yon pòsion yo boulé yo nan difé, paské yo pa-t vlé sédé bay anvi malonèt roua-a té ginyin aléga yo.

Nan Komin pliziè mati, 1269.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli pap Pòl VI té fè nan kanonizasion mati Ouganda yo
(AAS 56 [1964], 905-906)

Gloua mati yo, sign nouvo nésans la

Mati Afrikin sa yo, ajouté yon paj nan albòm moun ki ranpòté viktoua yo, sètadi Martirolòj la, ki rapòté bagay ki rèd anpil épi ki gran an minm tan: nou di yon paj ki vrèman alarotè ki vîn ajouté sou ansyin istoua ékstraòdinè sa yo ki té pasé an Afrik, bagay nou minm, k-ap viv nan tan koulié-a, tankou moun lafoua fèb yo, nou té sipozé ki pa t-ap janm kapab gin sa-k égal ki vîn apré yo.

Kilès ki t-a janm kapab sipozé, pou nou bay yon égzanp, sou aksion sa yo ki boulvèsé nanm yo, mati Kartaj yo, mati « Massa candida » nan Utik yo, sa sint Ogustin ak Prudans rapòté souvni yo-a, mati Éjip yo, sa nou jouinn louanj ki gran anpil nan sa Jan Krizostòm ékri, mati pèsékision Vandal yo, t-ap gin nouvo istoua ki t-a vîn rivé, ki pa t-a gin mouins bagay ki mandé kouraj, mouins bagay ki gin ékla pou yo rakonté?

Kilès ki t-a kapab gin présantiman nan nanm li, t-ap vîn gin tankou sin mati ak témouin Afrikin ki ékstraòdinè yo, souvni bagay yo konnin, tankou pou Sipriyin, Félisité ak Pèrpétu épi pou Ogustin, gason ki anlè

anpil, yon jou nou t-a ajouté Charl Louanga, Matias Mouloumba Kalemba, nou aprésié non yo anpil ansanm ak vin konpagnon yo-a? Épi gin lòt tou ki mérité yo signalé yo tou, yo minm ki antan yo té déklaré fòmasyon rélijyon Anglikan-an, yo té sibi lanmò pou non Kris la.

Mati Afrikin sa yo sètènman mété kòmansman yon nouvo etap. Poutan, sé pa nan diréksion pèsékision ak konba rélijyon y-ap dirijé éspri nou, min nan diréksion yon nouvo nésans krétyin épi sosial.

Afrik la réyèlman, ki rouzé ak san mati sa yo, ki prémié nan nouvo etap sa-a (épi ala sa t-a bon, si Bondié vlé, pou yo t-a dènié tou, poutèt sakrifis yo-a ki boulé toutantié-a tèlman gran épi tèlman gin pri!), Afrik la ki lib épi ki vîn indépandan ap gin yon nouvo nésans.

Krim sa-a, koté yo té krazé yo-a, té tèlman répousan épi vlé di tèlman bagay, ki fè li bay kòz sifizan épi li montré yo aklè pou yo kapab sèvi pou fòmasyon nouvo pèp la sou plan moral la, pou nouvo konpòtman spirituèl kapab pran fòs pou yo transmèt yo bay sa k-ap vîn apré yo, pou tankou yon fason sinbolik yo éksprimé épi yo favorizé pasaj sot nan yon fòmasyon lavi sinp épi ki manké konésans, koté pa-t manké kèk bon kalité moun nan ki ékstraòdinè min ki té avili, afébli épi ki té tankou kinbé nan pròp ésklavaj li, pou rivé nan yon mòd òganizasyon sitouayin yo, koté y-ap chèché rivé jouinn indikasyon éspri moun nan ki pi gran yo épi kondision lavi sosial ki pi ro yo.

RÉPONS

R/. Antan nou minm n-ap batay épi antan sa lafoua-a rasanblé yo ap goumin, Bondié ap égzaminé, anj li yo ap égzaminé, Kris la tou ap égzaminé. * Ala kantité dignité gloua sa yé, épi ala kantité kontantman pou nou rasanblé ant prezans Bondié épi pou nou kouroné nan min Kris la, jij la, alélouya.

V/. Sé pou nou pran zam ak tout fòs épi sé pou nou paré pou konba-a avèk yon léspri ki pa gaté, yon lafoua intak, yon ènèji ki tou paré. * Ala kantité.

Priyè-a

Bondié, ou minm ki té fè san mati yo vîn tounin sémans krétyin yo, fè nou favè, tanpri, pou jadin Égliz ou-a sa sin Charl ak konpagnon-l té rouzé ak san yo-a vîn donnin tout tan ba ou nan anpil rékòlt. Pa pouvoua Jézu-Kri.

5 juin

S. BONIFAS, ÉVÈK É MATI

Mémoua

Li fèt an Anglètè vè ané 673 ; li minnin lavi mouàn nan monastè Éksètèr ; nan ané 719 li pati al an Almagn pou-l préché lafoua-a, épi li rékòlté anpil frui nan sèvis sa-a. Yo sakré-l évèk, li té dirijé Égliz Minz, li té rasanblé konpagnon bò koté-l ki travay avèk li pou pozé fondasion oubyin òganizé Égliz yo nan Baviè, Turinj ak Frankoni, antan li rasanblé konsil épi li mété règléman. Pandan li t-ap préché Évanjil la nan réjion Friz yo, payin yo touyé-l nan ané 754 ; yo dépozé kò-l nan monastè Foulda.

Nan Komin yon sèl mati, 1295, oubyin pastè yo: pou évèk yo, 1323.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt sin Bonifas, évèk é mati

(Ep. 78: MGH, Epistolæ, 3, 352. 354)

Pastè ki pran souin-an, ap véyé sou bann mouton Kris la

Égliz la, ki tankou yon gran bato k-ap vouayajé sou lanmè tè-a, ki gin diféran vag tantasion yo k-ap frapé-l nan lavi sa-a, yo pa doué lagé-l, min dirijé-l.

Kòm égzanp pou bagay sa-a nou gin premié Pèr yo Kléman ak Kònèy épi anpil lòt yo nan vil Ròm nan, Sipriyin nan Kartaj, Atanaz nan Aléksandri, yo minm ki anba anpèrè payin yo t-ap gouvènin bato Kris la, pi plis épouz li-a li aprésié anpil la, sètadi Égliz la, antan yo anségné, yo défann, yo travay épi yo pran pasians jous san yo koulé.

Mouin pè anpil antan m-ap konsidéré yo ak lòt ki sanblé avèk yo, épi *krint ak tranbléman té rivé sou mouin, fènoua péché-m yo té vlopé-m nèt*, épi yon fouda mouin pran gouvènay Égliz la mouin té anvè épi mouin té plis vlé lagé-l nèt, si-m té rivé jouinn sa-k t-a dakò ak sa soua nan égzanp Pèr yo soua nan sint Ékritu yo.

Osi jè sa, paské tout bagay sa yo sé konsa yo yé épi yo pa kapab fatigé vérité-a, ni yo pa kapab ranpôté viktoua sou li ni tronpé-l, sé pou éspri nou ki fatigé-a pati al séré kot sa-a ki té di pa lintèmediè Salomon-an: *Mét konfians nan Granmèt la ak tout kè-ou, pa apuiyé sou intèlijans ou. Nan tout chémin-ou yo, sé li pou ap pansé, sé li minm k-ap rann santié-ou douat. Épi yon lòt koté: Kay défans ki gin anpil fòs sé non Granmèt la. Moun kòrèk la kouri al ladan-l, épi l-ap sovè.*

Sé pou nou rété kanpé nan jistis la épi préparé nanm nou yo pou tantasion-an, pou nou kapab tann soutni Bondié ap soutni-an épi pou nou di-l: *Granmèt, sé yon kachèt ou yé pou nou, pou jénérasyon ak jénérasyon.*

Sé pou nou mét konfians nou nan li, li minm ki té mété chaj la sou nou. Sa nou pa kapab poté ak fòs nou, sé pou nou poté-l ak fòs li minm ki gin tout pouvoua-a, ki di: *Jouk mouin-an fasil pou poté, chaj mouin-an léjé.*

Sé pou nou rété kanpé nan batay la nan jou Granmèt la, paské *jou kè séré ak tribilasyon té rivé sou nou. Sé pou nou mouri*, si Bondié t-a vlé, *pou laloua ki sin papa nou yo*, pou nou kapab mérité rivé jouinn éritaj pou tout tan-an avèk yo.

Nou pa kapab chyin ki bèbè, nou pa kapab spékstatè ki pé bouch, nou pa kapab salarié k-ap pati poutèt lou-a, min pastè ki pran souin, k-ap veyé sou bann mouton Kris la, antan n-ap préché pi gran-an ak pi piti-a, rich la ak pòv la, tout désizion Bondié-a, bay tout nivo oubyin laj, nan mézi Bondié kapab bay, lè sa fè plézi, lè sa pa fè plézi, nan fason sin Grégoua té ékri sa nan liv Pastoral li-a.

RÉPONS

1 Tés 2, 8; Gal 4, 19

R/. Avèk pasion, sé pa Bòn Nouvèl Bondié-a sèlman nou té vlé rinmèt nou, min ata nanm nou yo tou: * Paské nou té aprésié nou anpil, alélouya.

V/. Ti pitit mouin yo, sa yo m-ap anfanté yon lòt foua-a joutan Kris la vîn fòmé nan nou. * Paské.

Priyè-a

Sé pou mati sin Bonifas drésé kòm médiatè pou nou, Granmèt, pou lafoua sa-a li té anségne ak bouch li-a, épi li té signin ak san-l nan, nou kinbé-l fèm, épi nou déklaré-l avèk asirans nan aksion nou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

6 juin

S. NÒRBÈR, ÉVÈK

Li fèt vè ané 1080 nan péyi Rénani. Li vîn chanouàn Égliz Ksantin, li chanjé konduit pou-l pa viv dapré prinsip tè-a, li kòmansé viv dapré règléman mouàn yo nan pénitans, li vîn prêt nan ané 1115. Li minnin lavi nan apostola, li té aksépté travay préché-a, sitou an Frans avèk an Almagn. Li rasanblé moun pou viv avèk li, li pozé fondasion fanmi rélijyé Prémontré, li instalé anpil monastè. Yo chouazi-l kòm archévèk Magdebour an 1126, li té travay pou lavi krétyin yo vîn pi nèf épi li té gayé lafoua-a nan nasion payin yo ki té vouazin yo. Li mouri nan ané 1134.

Nan Komin pastè yo: pou évèk yo, 1323.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lavi sin Nòrbèr, évèk

(Verba, virgulis inclusa, deprompta sunt e Vita S. Norberti, ab auctore canonico regulari Præmonstratensi æquali conscripta: PL 170, 1262. 1269. 1294. 1295; Litteræ Apostolicæ ab Innocentio II ad S. Norbertum II non. iun. 1133 sub plumbo datæ: Acta Sanctorum, 21, in Appendice, p. 50)

Li té gran nan pami sa-k gran yo, épi toupiti nan pami sa-k piti yo

Nòrbèr, yo gin rézon konté-l nan pami moun ki té dépansé tèt yo ak plis rézilta nan réfòm pap Grégoua t-ap fè-a, tankou sa ki té vlé toudabò fòmé klèjé-a, pou-l dévoué nan doub lavi ki an minm tan dapré évanjil la épi pou apostola-a, nan chasteté ak provrété, ki té vlé résévoua « an minm tan rad moun nouvo-a ak dékoration-l tou: premié-a minm nan rad rélijjié-a, lòt la minm nan dignité prèt la », épi li t-ap chèché rivé « suiv sint Ékritu yo épi gin Kris la kòm gid ». Paské sé toua bagay li té abitué rékòmandé: « inosans bò lotèl la ak nan ofis priyé Bondié-a, koréksion éksè yo ak néglijans yo nan chapit la, pran souin pòv yo ak résévoua vouayajé yo ».

Sou prèt yo minm, ki t-ap joué ròl Apot yo nan kominoté-a, li té ajouté tankou nan Égliz premié tan-an yon si gran kantité foul moun layik ak médam ki kouè yo, sa té fè anpil moun té déklaré dépi nan tan Apot yo pa-t gin okinn établisman ki té rivé ginyin kantité moun k-ap pran modèl sou pèféksion lavi Kris la nan yon tan ki tèlman kout.

Lè-l vîn tounin archèvèk, li rélé konfrè-l yo pou yo kondui réjion Vandé yo vîn nan lafoua-a; klèjé diosèz li-a minm, malgré dézòd ak ajitasion pèp la, li fè èfò pou-l minnin-l nan yon lavi tou nèf.

Anfin èfò prinsipal li sé té pou-l té ranfòsé épi ogmanté bòn antant ant Sièj Apostolik la ak Anpir la, antan poutan li konsèvé libèté éléksion ékléziastik yo, jan Pap Inosan II té ékri-l la: « Sièj Apostolik la ap di mèsì ak tout zantray li osijè-ou, ou minm ki yon pitit tèlman dévoué », épi anpèrè-a té mété-l kòm chèf chansélié Anpir la.

Li té asiré tout bagay sa yo ak yon lafoua ki gin kouraj nèt, yo té konn di: « Nan Nòrbèr sa-k parèt anlè sé lafoua-a, tankou charité-a nan Bèrnar de Klèrvo »; apré sa finès nan konpòtman-l, « vrèman li minm ki té gran nan pami gran yo épi toupiti nan pami pòv yo, li té prézanté-l bay tout moun yon fason pou yo rinmin-l »; anfin li té vrèman konn palé byin: « paròl Bondié-a té anflamé-l, antan-l boulé mové kalité yo, antan-l pèfeksioné bon kalité yo, antan-l anrichi ak sajès nanm ki gin byinvéyans yo », bagay Bondié yo li t-ap médité yo antan-l kontanplé yo san rété épi li t-ap vidé yo toupatou san krint.

RÉPONS

2 Tim 4, 2. 5; cf. Tr Ap 20, 28

R/. Préché paròl la, insisté nan bon moman, nan mové moman ; démontré, réproché, sipliyé nan tout pasians ak ansègnman; * Nan tout sikonstans, sé pou-ou travay, fè aksion évanjélis, alélouya.

V/. Fè atansion tout bann mouton-an, sa Éspri-Sin-an té instalé ou kòm évèk sou li-a pou nou kondui Égliz Bondié-a. * Nan tout sikonstans.

Priyè-a

Bondié, ki té fè évèk sin Nòrbèr vîn tounin yon sèvitè éstraòdinè Égliz ou-a nan priyè ak dévouman pou nanm yo, fè nou favè, tanpri, pou, gras a intèvansyon rékòmandasion-l, bann fidèl yo toujou jouinn pastè dapré kè-ou, ak manjé k-ap sovè yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

9 juin

S. ÉFRÈM, DIAK É SAVAN ÉGLIZ LA

Li fèt Nizib vè ané 306 nan fanmi krétyin. Yo òdoné-l diak, li travay nan péyi-l ak nan Édès, koté li té instalé fondasion yon lékòl téoloji. Li bay témouagnaj yon lavi koté li donté mové tandans li, min li pa réfizé sèvis la nan prèché épi ékri liv pou-l korijé mové ansègnman ki té égzisté nan tan-l.

Nan Komin savan Égliz la, 1361.

Pou Ofis léktu-a**DÉZIÈM LÉKTU**

Sot nan Prèch sin Éfrèm, diak

(Sermo 3, De fine et admonitione, 2. 4-5: ed. Lamy, 3, 216-222)

Dispozision plan Bondié-a sé modèl réalité spirituèl la

Ak limiè jounin sians ou-a, Granmèt, chasé fènoua lannuit éspri nou-an, pou éspri nou-an ki kléré sèvi-ou nan rénovèlman nètouyaj nou-an. Kous solèy la ki parèt la sé kòmansman travay la pou moun k-ap mouri yo; dékoré, Granmèt, kay jounin sa-a ki pa kapab fini-an nan éspri nou. Fè nou rivé ouè nan nou minm minm lavi réziréksion-an, épi sé pa pou anyin déplasé éspri nou yo sot nan sa-k fè-ou plézi yo. Jounin sa-a ki pa kòmansé nan mouvman ak kous solèy la, gravé sign li-an, Granmèt, nan nou minm minm pa lintèmédiè atachman nou nan ou san rété-a.

Nan sakrèman-ou yo chak jou nou anbrasé-ou épi nou résévoua-ou nan kò nou-an; fè nou vîn alarotè pou nou fè ékspérians réziréksion-an nan

nou minm minm, sa nou espéré-a. Nou séré trézò-ou la nan kò nou-an ak gras batèm nan; minm trézò sa-a li ogmanté nan tab sakréman-ou yo; fè nou kontan nan gras ou-a. Nou gin souvni-ou la, Granmèt, nan nou minm minm sot sou tab spirituèl ou-a; sé pou nou posédé-l nan réalité-a nan rénouvèlman k-ap vini-an.

Nou konprann ki kantité bèl nou bèl pa lintèmédiè bèlté spirituèl sa-a, sa volonté-ou la ki pa kapab mouri-a révéyé nan mouri n-ap mouri-a minm.

Klouré yo té klouré-ou sou kou-a, ou minm Sovè nou-an, té finisman lavi dapré kò-a; fè nou klouré éspri nou-an sou koua-a nan fòm lavi spirituèl la. Sé pou rézireksion-ou nan, ou minm Jézu, bay grandè moun nou yé spirituèlman-an; sé pou vizion sakréman-ou yo tankou yon glas pou nou rivé konnin-l.

Dispozision plan Bondié-a, ou minm Sovè nou-an, sé modèl réalité spirituèl la; fè nou kouri ladan-l tankou moun spirituèl la.

Pa kité éspri nou-an, Granmèt, manké maniféstasion spirituèl ou-a, épi pa ouété sot nan manb nou yo chalè dousè-ou la. Kapasité mouri-a antan-l kaché nan kò nou-an vidé dékonpozision-an nan nou; rouzé ou rouzé nou ak rinmin spirituèl ou-a sé pou-l éfasé rézilta kapasité mouri-a nan kè nou-an. Fè nou fè vit, Granmèt, pou-n alé nan vil nou-an épi, tankou Moyiz dépi sou tèt mòn nan, sé pou nou posédé-l sot nan révélasion-an.

REPONS

Sir 47, 10-11. 12cd

R/. Ak tout kè-l li té fè louanj Granmèt la, li té rinmin Bondié, ki té fè-l la; * Li té fè chant kanpé dévan lotèl la, épi ak voua yo li té fè kadans mizik yo vîn dou, alélouya.

V/. Pandan y-ap fè louanj non Granmèt la ki sin-an, épi fè sanktuè-a rézonnin anvan granmatin. * Li té fè chant kanpé.

Priyè-a

Nan kè nou, tanpri, Granmèt, vidé Éspri Sin-an avèk byinvéyans, li minm gras a souf li-a diak sint Éfrèm té kité kè-l transpôté antan l-ap

1186

9 juin

chanté louanj ou yo, épi gras a fòs li-a li té sèvi ou minm sèl la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

11 juin

S. BARNABÉ, APOT

Mémoua

Li fèt nan zilé Chip, li té nan group premié fidèl Jérusalèm yo, li té préché Évanjil la Antiòch, li té asosié ak Apot Pòl, li té akonpagné-l nan premié vouyaj la. Li té patisipé nan Konsil Jérusalèm nan. Lè li tounin nan péyi-l, li té gayé Évanjil la, sé la tou li mouri.

Tankou nan fèt S. Mark, 25 avril, 1080, sof yo ki vîn apré la-a:

Pou Invitatoua-a

Réf. Éspri-Sin-an, li minm ki palé ak nou pa lintèmediè profèt yo ak anségnan yo, vini, an nou adoré-l, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *O vir beáte, Apóstolis*

Ou minm gason ki sin, ki sinsè
konpagnon travay Apot yo
épi ki édé yo poté chaj la,
résévoua louanj yo ak priyé yo.

Gras a yo k-ap anonsé Kris la
sièk yo kòmansé lévé
ak anpil kontantman vérité-a
ni lapè-a ni kè kontan-an.

Antan yo pran-ou tou nan sièl la
nan minm déstiné kantité otorité sa yo,
ou kléré ak minm kalité gloua
ou parèt dévan ak puisans.

Ou minm k-ap simin limiè-a,
fè pou ak solèy Kris la ki vivan-an
tout koté sémans yo pousé ak fòs
pou ffin plin dépo sièl la.

Épi ansanm ak premié yo
ki kanpé bò kot Jij ki anro nèt la,
fè sa nou doué yo ffin péyé,
fè nou vîn chofé ak gras la.

Gloua-a sé pou Trinité-a,
li minm ki garanti nan sièl yo
pou-l fè nou joui rékonpans li yo
ansanm avèk ou pou tout tan. Amèn.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Kromas d'Akilé, évèk, nan Évanjil Matié-a
(Tract. 5, 1. 3-4: CCL 9, 405-407)

Nou sé limiè tè-a

Nou sé limiè tè-a. Yon vil ki pozé sou yon mòn pa kapab kaché, ni yo pa limin yon lanp, pou yo mété-l anba mamit ; min sou yon étajè, pou-l kléré tout moun ki nan kay la. Granmèt la té rélé disip li yo sèl tè-a, paské kè ras moun nan ki té vîn sòt poutèt djab la, yo té asézonnin yo pa lintèmédiè sajès la ki sot nan sièl la. Koulié-a tou li rélé yo limiè tè-a, paské, yo vîn kléré gras a li minm ki vrè limiè pou tout tan-an, yo minm tou yo vîn tounin limiè fènoua yo.

Réyèlman paské li minm sé solèy jistis la li yé, sé pa san rézon li rélé disip li yo limiè tè-a; paské pa lintèmédiè yo, tankou pa lintèmédiè kèk réyon k-ap briyé, li té vidé limiè konésans li-a nan tout ronnn tè-a; fènoua manti yo ralé kò yo réyèlman sot nan kè moun yo, lè yo montré limiè vérité-a.

Pa lintèmédiè yo réyèlman nou minm tou nou vîn kléré, sot nan fènoua yo nou vîn tounin limiè, antan Apot la di: *Lontan réyèlman nou té fènoua, koulié-a minm nou sé limiè nan Granmèt la; sé pou nou maché kòm pitit limiè. Épi yon lòt foua: Nou pa pitit lannuit ni fènoua yo, min nou sé pitit limiè-a ak pitit lajounin-a.*

Sé ak rézon sin Jan tou sèvi témouin nan lèt li-a antan-l di: *Bondié sé limiè, épi moun ki rété nan Bondié, li nan limiè, minm jan li minm tou li nan limiè-a. Sé pou sa, paské nou kontan yo libéré nou sot nan fènoua èrè yo, nou doué toujou maché nan limiè tankou pitit limiè. Sé pou sa, Apot la di: Koté nan mitan yo n-ap kléré tankou sous limiè sou tè sa-a, antan nou poté paròl lavi-a.*

Si nou pa t-a fè sa, n-ap vîn ouè itilité limiè-a ki tèlman nésésè-a, pou kondanasion ni nou minm ni lòt yo, ki vîn kouvri épi bouché ak mank lafoua nou-an tankou ak kèk voual. Sé poutèt sa, lòt la tou, li minm ki té résévoua yon talan-an pou avantaj kòmès sièl la, ki té pito kaché-l plis pasé mété-l nan tab moun k-ap chanjé lajan yo, li té tonbé nan chatiman li té mérité-a sé sa nou konnin épi nou li.

Épi sé poutèt sa lanp sa-a ki kléré-a, sa yo limin pou sèvis sovè n-ap sovè-a, li doué toujou kléré nan nou. Nou gin réyèlman lanp kòmandman sièl la ak gras spirituèl la, sa David té rapòtè osijè-l la: *Kòmandman-ou la*

sé lanp pié mouin yo, épi limiè santié-m yo. Osijè-l tou Salomon di: Paské sé yon lanp sa laloua-a kòmandé-a.

Sé pou sa lanp laloua sa-a ak lafoua-a nou pa doué kaché-l, min antan li toujou instalé nan Égliz la tankou sou yon chandélié pou sové anpil moun, pou limiè vérité-l la nou minm nou joui-l épi tout moun ki kouè yo vîn kléré avè-l.

RÉPONS

Tr Ap 11, 23-24

R/. Lè Barnabé rivé Antiòch épi li ouè gras Bondié-a, li kontan; * Paské sé té yon mésié ki bon, ki té plin ak Éspri-Sin ak lafoua, alélouya.

V/. Épi li t-ap ankourajé tout moun pou yo rété nan bon dispozision kè yo nan Granmèt la. * Paské.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN *Bárnabæ clarum còlimus tropæum*

N-ap chanté bèl viktoua Barnabé-a,
viktoua sa-a ki pèmèt li kléré nan sièl la ak kouròn li mérité,
li sibi anpil tray avèk kouraj jouskalafin,
poutèt rinmin Kris la.

Li kité jadin, li bay sa-l ginyin ak bon kè,
li mét aktivité pou nouvo pèp la ki poté non krétyin-an
kapab dévlopé ak kè kontan,
antan-l viv nan lafoua-a, gras a charité-a.

Ak bon kè-l, li fè konésans Pòl ki gran anpil la,
l-al chèché-l, li minnin-l, li asosié ak li nan travay la,
li obéyi lòd Éspri-a,
li travèsé anpil péyi sou bò lanmè-a.

Li pa ménajé pròp tèt pa-l minm, antan-l rinmin Kris la,
 li minnin anpil moun ba li, li okipé yo ak bon kè,
 joustan li vidé san-l pou-l bay prèv
 li mérité ramo viktoua-a ki tou rouj la.

Bondié, gras a kalité sèvitè sa-a k-ap lapriyè-a,
 ba nou kouraj pou nou suiv rout k-ap sovè nou-an,
 pou nan kay ki pou tout tan-an,
 nou chanté kantik louanj pou ou ansanm. Amèn.

Pou *Benedictus* la, réf. Barnabé pati al Tars pou-l al chèché Sòl ; lè-l jouinn li, li té minnin-l Antiòch ; yo rété la nan Égliz la, épi yo té anségné anpil foul, alélouya.

Priyè-a

Bondié, ki té pasé lòd pou mété sin Barnabé apa pou konvèsion nasion yo, li minm ki plin lafoua ak Éspri Sin-an, fè nou favè pou Bòn Nouvèl Jézu-Kri-a li té préché avèk fòs la, yo anonsé-l avèk fidéлитé ni nan bouch ni nan aksion. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Vèp yo

IMN *Bárnabæ clarum còlimus tropæum*, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou *Magnificat* la, réf. Tout foul la fè silans, yo t-ap kouté Barnabé ak Pòl ki t-ap rakonté tout kalité sign ak prodij Bondié té fè nan nasion yo pa lintèmediè yo, alélouya.

KOMIN YO

Réfrin pou *Magnificat* la, sa yo indiké pou premié Vèp yo, yo kapab aplouayé yo tou, si yo vlé, nan mémoua Sin yo pou dézièm Vèp yo.

KOMIN DÉDIKAS LÉGLIZ

Pou premié Vèp yo

IMN, *Urbs Ierúsalem beáta*, tankou nan dézièm Vèp yo, 1212.

PSÒM YO

Réf. 1 Plas Jérusalèm yo ap gin kè kontan, épi tout vouazinaj yo ap di kantik kontantman: Alélouya.

Psòm 146 (147 A) Puisans ak bonté Granmèt la

Ou minm n-ap fè louanj ou Bondié, ou minm n-ap déklaré ou Granmèt.

- ¹ Fè louanj Granmèt la,
paské sa bon pou yo chanté pou Bondié nou-an, *
paské sa bon pou fè louanj.
- ² Antan Granmèt la bati Jérusalèm, *
l-ap rasanblé moun Israèl yo ki té gayé yo.
- ³ Li minm ki géri kè ki krazé, *
ki pansé koté yo blésé yo ;
- ⁴ ki konté kantité zétoual yo, *
ki rélé yo tout sou non yo.
- ⁵ Granmèt nou-an gran, pouvoua-l gran, *
yo pa kapab sondé sajès li.
- ⁶ Granmèt la soutni moun ki dosil yo, *
min li rabésé péchè yo jous atè.
- ⁷ Sonnin dévan Granmèt la, nan aklamasion, *
chanté kantik pou Bondié nou-an sou gita.
- ⁸ Li minm ki kouvri sièl la avèk nuaj yo, *

li préparé laplui pou tè-a.

Li minm ki fè mòn yo pousé zèb *

ak ti plant pou sa k-ap sèvi moun yo.

9 Li minm ki bay bèt yo manjé yo, *

pitit gragra yo k-ap rélé yo.

10 Sé pa nan fòs yon choual li mét plézi li, *

ni nan jarèt yon moun li gin satisfaksion.

11 Sa-k bay Granmèt la satisfaksion, sé moun ki krinn li yo, *

épi nan yo, moun ki éspéré sou mizérikòd li-a.

Réf. Plas Jérusalèm yo ap gin kè kontan, épi tout vouazinaj yo ap di kantik kontantman: Alélouya.

Réf. 2 Granmèt la té ranfòsé kròchèt pòtay ou yo, li té béni pitit ou yo anndan-ou, alélouya.

Psòm 147 (147 B)

Rétablisman Jérusalèm

Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an (Ap 21, 9).

12 [1] Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ; *

fè louanj Bondié-ou ansanm, Siyon.

13 [2] Paské li ranfòsé kròchèt pòtay ou yo, *

li béni pitit ou yo nan ou.

14 [3] Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè, *

li ba-ou kont blé ki gra.

15 [4] Li minm ki voyé promès li sou tè-a, *

avèk vitès paròl li-a kouri.

16 [5] Li minm ki bay lanèj tankou linn, *

li simin larouzé tankou sann.

17 [6] Li voyé ti moso glas li-a tankou ti bouché ; *

dévan fas frédi-l la kilès k-ap kanpé ?

- ¹⁸ [7] Li voyé paròl li-a épi li fonn yo, *
li souflé souf li, dlo yo koulé.
- ¹⁹ [8] Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb, *
jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.
- ²⁰ [9] Li pa-t aji konsa avèk tout nasion, *
li pa-t montré yo jijman-l yo.

Réf. Granmèt la té ranfòsé kròchèt pòtay ou yo, li té béni pitit ou yo anndan-ou, alélouya.

Réf. 3 Nan vil Bondié-a lamé sin yo kontan, épi anj yo ap chanté imn dévan trôn Bondié-a, alélouya.

Kantik sa-a, yo di-l avèk Alélouya, jan sa indiké isit la, lè y-ap chanté-l; min si yo pa chanté-l, yo mèt di Alélouya-a sèlman nan kòmansman avèk finisman chak stròf.

Kantik

Cf. Ap 19, 1-2. 5-7

Osijè nòs Mouton-an

Alélouya.

- ¹ Sové-a, gloua-a ak otorité-a sé pou Bondié nou-an, *
(R/. Alélouya.)
- ² paské yo vré, yo kòrèk, jijman-l yo.
R/. Alélouya (alélouya).
- ⁵ Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo *
(R/. Alélouya.)
ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran !
R/. Alélouya (alélouya).
- Alélouya.
- ⁶ Paské li roua, Granmèt la,

Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. *

(R/. Alélouya.)

⁷ Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua.

R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

Paské nòs Mouton-an rivé, *

(R/. Alélouya.)

épi madanm li té préparé tèt li.

R/. Alélouya (alélouya).

Réf. Nan vil Bondié-a lamé sin yo kontan, épi anj yo ap chanté imm dévan trôn Bondié-a, alélouya.

LÉKTU KOUT

Éféz 2, 19-22

Nou pa ni étranjé ni moun vini ankò, min nou sé sitouayin vil sin yo, nou sé moun kay Bondié, nou bati sou fondasion Apot yo ak profèt yo, ròch kouin ki nan mitan anlè nèt la, sé Kris Jézu ; sé nan li tout kay la ki bati-a ap monté vîn tounin yon tanp ki sin nan Granmèt la ; nan li nou minm tou yo bati nou pou nou vîn tounin kay Bondié nan Éspri-a.

RÉPONS KOUT

R/. Kay ou-a, Granmèt, * Sin li sin-an, sa alé byin avèk li. Kay ou-a.

V/. Pou longè jou yo, * Sin li sin-an, sa alé byin avèk li. Viv Papa-a.
Kay ou-a

Pou *Magnificat* la, réf. : Sé pou nou réjoui avèk Jérusalèm épi fété nan li, nou tout ki rinmin-l, pou tout tan, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÈSION YO

Sovè nou-an ki dépozé nanm li pou pitit Bondié yo ki té gayé yo, li rasanblé yo fè youn, antan n-ap sipliyé an nou inploré-l :

Sonjé Égliz ou-a, Granmèt.

Granmèt Jézu, ou minm ki bati kay ou-a sou ròch la,

— asiré Égliz ou-a ak lafoua ki solid la épi ak konfians la.

Granmèt Jézu, ou minm san-an ak dlo-a té koulé sot nan kòt ou-a,

— fè Égliz ou-a vîn tou nèf ak sakréman téstaman ki nouvo-a é ki la pou tout tan-an.

Granmèt Jézu, ou minm ki prézan nan mitan moun yo ki rasanblé nan non-ou nan,

— réponn priyè Égliz la ap fè ak yon sèl kè-a.

Granmèt Jézu, ou minm ki vîn abité ansanm ak Papa-a kay moun ki rinmin-ou yo,

— fè Égliz ou-a vîn apouin nèf nan rinmin ki soti nan Bondié-a.

Granmèt Jézu, ou minm ki pa jété moun ki vîn jouinn ou-an déyò,

— fè tout défin yo antré nan kay Papa-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Nan légliz konsakré-a minm :

Bondié, ou minm ki chak ané, fè jou konsékration tanp ou sa-a ki sin-an tounin, kouté priyè pèp ou-a, épi fè nou favè pou isit la, toujou gin yon sèvis ki nèf, épi fè nou jouinn rédanmsion total la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

An déyò légliz konsakré-a :

Bondié, ou minm ki apati ròch ki vivan épi ki byin chouazi ou préparé yon kay tout tan pou grandè-ou, fè gras ou té bay la vîn pi plis pou Égliz ou-a, pou pèp la ki fidèl parapò-ou la, li toujou vîn pi plis nan kay Jérusalèm sièl la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, ou minm ki aksépté rélé pèp ou-a Égliz, fè nou favè pou foul la ki rasanblé nan non-ou nan li krinn ou, li rinmin ou, li suiv ou, épi li rivé nan promès sièl yo antan ou-ap kondui-l. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la, Épou Égliz la, an nou adoré-l ladan-l, alélouya.

Oubyin : Kris la, li minm ki té rinmin Égliz la, vini, an-n adoré-l, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Christe, cunctórum dominátor alme*).

Ou minm Kris la, k-ap dominé tout bagay yo ak byinvéyans,
pèp ou-a k-ap sipliyé ap fè éko nan palè-a,
chak ané lè tan yo rétownin
pou sélébré fèt yo.

Koté sa-a yo rélé, sé vré, palè roua-a
pòt sièl san mézi épi k-ap briyé
pou sa yo k-ap chèché patri lavi-a
li résévoua yo tout.

Kay sa-a ki sakré-a rasanblé pèp ou-a,
sé la piété-a anrichi ak sakréman yo san rété,

li nourri ak manjé sièl yo pou tout tan
kado lavi-a.

Sé pou sa, Bondié n-ap mandé-ou pou aksépté ak vizaj trankil
sèvitè-ou yo antan ou-ap gouvènin yo,
yo minm k-ap fété ak rinmin ki pi gran-an
kè kontan tanp ou-a.

Sé pou yon louanj égal sélébré Papa ki anlè nèt la
ou minm tou, Sovè-a, roua ki gin bon kè, pou tout tan-an;
sé pou gloua Éspri-Sin-an rézoné
sou tout tè-a. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Lévé tèt nou, pòt yo, sé pou yo soulvé nou, pòt pou tout tan yo,
alélouya.

Lè psòm ki suiv la yo té anplouayé-l pou Invitatoua-a, nan plas li y-ap di
psòm 94 (95), 541.

Psòm 23 (24)

Granmèt la ap antré nan tanp la

Pòt sièl yo ouvri pou Kris la poutèt monté yo fè chè li monté-a (S. Iréné).

- ¹ Pou Granmèt la tè-a ak sa-k plin-l, *
ronn tè-a ak sa yo ki abité ladan-l nan.
- ² Sèké sé li minm ki té fiksé-l sou lanmè yo, *
épi ki té rann li solid sou gran rivière yo.
- ³ Kilès k-ap monté sou mòn Granmèt la, *
oubyin kilès k-ap kanpé sou plas li ki sin-an ?
- ⁴ Sa-a ki gin min-l inosan ak kè-l nèt, †
ki pa lévé nanm li nan bagay ki pa anyin yo, *

- ki pap fè sèman pou tronpé.
- 5 Moun sa-a ap résévoua Bénédikcion nan min Granmèt la *
ak jistifikasion nan min Bondié Sovè-l la.
- 6 Sa-a sé jénérasion moun k-ap chèché-l yo, *
k-ap chèché fas Bondié Jakòb la.
- 7 Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.
- 8 Kilès sa-a ki roua gloua-a ? *
Sé Granmèt la ki fò, ki gin pouvoua,
sé Granmèt la, ki gin pouvoua nan batay.
- 9 Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.
- 10 Kilès sa-a, ki roua gloua-a ? *
Sé Granmèt lamé yo, sé li minm ki roua gloua-a.

Réf. Lévé tèt nou, pòt yo, sé pou yo soulvé nou, pòt pou tout tan yo, alélouya.

Réf. 2 Ala rinmin yo rinmin tant ou yo, Granmèt puisans yo, alélouya. †

Psòm 83 (84)

Anvi tanp Granmèt la

Nou pa gin isit la yon vil k-ap diré, min sé sa k-ap vini-an n-ap chèché (Ébr 13, 14).

- 2 Ala rinmin yo mérité yo rinmin yo, tant ou yo, Granmèt puisans yo ! *
- 3 Nanm mouin anvi, li t-ap dépéri pou kay Granmèt la.
Kè-m ak chè-m *
t-ap fété nan Bondié vivan-an.

- 4 Minm ti zouazo-a jouinn yon kay pou li, †
 toutrèl la jouinn yon nich, koté li dépozé ti pitit li yo : *
 lotèl ou yo, Granmèt puisans yo, roua-m ak Bondié-m.
- 5 Ala kontantman pou moun ki abité nan kay ou-a : *
 pou tout tan y-ap fè louanj ou.
- 6 Ala kontantman pou moun sa-a ki jouinn sékou-l nan ou-a, *
 li dispozé monté pou-l monté yo nan kè-l.
- 7 Lè y-ap pasé nan bafon souaf la, y-ap fè-l tounin yon sous, *
 réyèlman laplui nan matin-an ap vlopé-l ak bénédiksyon.
- 8 Y-ap maché sot nan puisans al nan puisans, *
 Bondié dié yo ap fè yo ouè-l nan Siyon.
- 9 Granmèt, Bondié puisans yo, kouté priyè-m ; *
 panché zòrèy ou, Bondié Jakòb.
- 10 Protéktè nou, gadé, Bondié, *
 voyé jé sou fas Kris ou-a.
- 11 Sèké yon jou nan kay ou yo pi bon pasé mil, †
 mouin chouazi rét sou papòt nan kay Bondié-m nan, *
 plis pasé pou-m abité nan tant péchè yo.
- 12 Sèké Granmèt Bondié-a sé solèy ak boukliyé, †
 Granmèt la ap bay gras ak gloua ; *
 li pap anpéché sa yo jouinn byin
 yo minm k-ap maché nan inosans la.
- 13 Granmèt puisans yo, *
 ala kontantman pou moun sa-a ki éspéré nan ou.

Réf. Ala rinmin yo rinmin tant ou yo, Granmèt puisans yo, alélouya.

Réf. 3 Yo di bagay gloua osijè-ou, vil Bondié-a, alélouya.

Psòm 86 (87)

Jérusalèm, manman tout nasion yo

Jérusalèm anro-a minm, li lib, sé li ki manman nou (Gal 4, 26).

- ¹ Fondasion-l yo sou mòn yo ki sin yo ; †
² Granmèt la rinmin pòt Siyon yo *
 pasé tout tant Jakòb yo.
³ Y-ap di bèl bagay sou ou, *
 vil Bondié-a !
⁴ M-ap sonjé Raab ak Babilòn pami sa yo ki konnin-m yo ; †
 min Filisti ak Tir avèk Étiopi : *
 sa yo fèt isit la.
⁵ Sou Siyon minm, y-ap di : « Sa-a ak sa-a fèt ladan-l ; *
 Sa-a ki anro nèt la rann li fèm ».
⁶ Granmèt la ékri nan liv pèp yo : *
 « Sa yo fèt isit la ».
⁷ Y-ap chanté tankou moun k-ap kondui group dans : *
 « Tout sous mouin yo nan ou ».

Réf. Yo di bagay gloua osijè-ou, vil Bondié-a, alélouya.

V/. M-ap adoré nan tanp ou-a ki sin-an, alélouya.

R/. Épi m-ap fè déklarasion pou non-ou, Granmèt, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

21, 9-27

Vizion Jérusalèm sièl la

⁹ Youn nan sèt anj yo ki gin sèt bòl yo plin ak sèt dènié chatiman yo, rivé épi li palé avèk mouin, antan l-ap di: « Vini, m-ap montré-ou madanm nan ki marié avèk Mouton-an ». ¹⁰ Épi li transpòté-m an éspri sou yon mòn ki gran épi ki ro anpil, épi li montré-m vil la ki sin-an, Jérusalèm, k-ap désann sot nan sièl la, kot Bondié, ¹¹ ki gin gloua

Bondié-a; limiè-l la tankou bèl ròch ki gin gran valè, tankou bèl ròch kristal jasp la. ¹² Li té gin miray ki gran épi ki ro anpil; li té gin douz pòtay épi sou pòtay yo douz Anj ak *non* ki ékri sou yo, sé non *douz ras pittit Israèl yo*. ¹³ *Nan diréksion solèy lévè, toua pòtay, épi nan diréksion nò, toua pòtay, épi nan diréksion sid, toua pòtay, épi nan diréksion solèy kouché toua pòtay*. ¹⁴ Épi miray vil la té gin douz fondasion, épi sou yo douz non douz Apot Mouton-an.

¹⁵ Épi sa-k t-ap palé avèk mouin-an té gin yon rozo pou méziré an lò, pou-l méziré vil la ak pòtay li yo ak miray li-a. ¹⁶ Épi vil la gin fòm yon karé, épi longè-l minm jan avèk lajè-l. Épi li méziré vil la avèk rozo-a sou douz-mil stad, longè-l, ak lajè-l, ak rotè-l, yo égal. ¹⁷ Épi li méziré miray li-a, sankarann-kat koudé, mézi moun, ki mézi Anj. ¹⁸ Matério miray li-a, sé jasp, épi vil la an lò ki nè, tankou kristal ki nè. ¹⁹ Fondasion miray vil la, yo dékoré avèk tout kalité bèl ròch ki gin gran valè. Prémie fondasion-an, sé jasp; dézièm nan, sé safir; touazièm nan, sé kalsédouàn; katriyèm nan, sé pèrl. ²⁰ Sinking nan, sé sardouàn; sizièm nan, sé sard; sétièm nan, sé krizolit; uitièm nan, sé béril; névièm nan, sé topaz; dizièm nan, sé krizopaz; onzièm nan, sé iasint; douzièm nan, sé amétis.

²¹ Épi douz pòtay yo, sé douz pèrl. Chak pòtay té fèt ak yon sèl pèrl, épi plas vil la, sé lò ki nè tankou kristal ki transparan.

²² Épi Tanp, mouin pa ouè nan li; réyèlman, Granmèt la, Bondié ki gin tout pouvoua-a, sé Tanp li épi Mouton-an. ²³ Épi vil la pa bézouin solèy la ni lalîn nan pou kléré-l; réyèlman, gloua Bondié-a kléré-l épi lanp li sé Mouton-an. ²⁴ Épi nasion yo ap maché gras a limiè-l la; épi roua yo sou tè-a ap poté richès yo ba li. ²⁵ Épi pòt li yo pap fèmin lajounin; réyèlman, pap gin nuit la. ²⁶ Y-ap poté gloua ak konsidérasion nasion yo ba li. ²⁷ Épi okinn bagay ki sal pap antré ladan-l, ni sa k-ap fè bagay ki dégoutan, ni sa k-ap bay manti; sé sèlman sa yo ki ékri nan liv lavi Mouton-an.

RÉPONS

Cf. Ap 21, 21; Tob 13, 17. 18. 11

R/. Plas ou yo, Jérusalèm, ap kouvri ak lò ki nè, y-ap di kantik kè kontan nan ou ; * Épi nan tout katié-ou yo tout moun ap di : Alélouya.

V/. Ou-ap kléré ak yon bèl limiè, tout kouin tè-a ap adoré-ou. * Épi nan tout katié-ou yo.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli Orijèn, prèt, sou Jozué pitit Nûn
(Homilia 9, 1-2: PG 12, 871-872)

Tankou ròch vivan y-ap bati nou nan kay ak lotèl Granmèt la

Nou tout ki kouè nan Kris Jézu, yo di sé *ròch vivan* nou yé, dapré sa Ékri-tu-a déklaré antan-l di: *Nou minm sé ròch vivan nou yé, ki bati kòm kay spirituèl nan yon sasèrdòs ki sin, pou nou ofri sakrifis spirituèl, ki akséptab pou Bondiè pa lintèmediè Jézu-Kri.*

Minm jan réyèlman nan *ròch* sou tè-a nou konn obsèvé *ròch* sa yo minm ki pi valab yo épi pi pisan yo, sé yo an premié yo mété kòm fondasyon pou kapab konfié yo épi dépozé anlè yo tout poua konstriksion-an, sé konsa pou-ou konprann tou osijè *ròch vivan* yo, gin kèk ki nan fondasyon kay spirituèl sa-a. Kilès minm yo yé, sa yo mété nan fondasyon yo? *Apot yo ak profèt yo.* Sé konsa réyèlman Pòl li minm té di sa antan l-ap anségné: *Yo bati nou, sé sa-l di, sou fondasyon Apot yo ak profèt yo, antan ròch mitan kouin anlè-a sé Kris Jézu Granmèt nou-an.*

Min pou-ou kapab préparé-ou pi byin, ou minm k-ap kouté-a, pou konstriksion kay sa-a, pou yo jouinn ou kòm yon *ròch* ki pi pré fondasyon-an, aprann sé Kris la li minm ki fondasyon kay sa-a n-ap dékri koulié-a. Sé konsa réyèlman apot Pòl di: *Pèsonn réyèlman pa kapab mété yon lòt fondasyon pasé sa-k té pozé-a ki Kris Jézu.* Ala kontantman donk pou sa yo ki té konstrui kay rélijion-an, kay sin-an, sou kalité fondasyon sa-a yo byin konnin-an.

Min nan kay légliz sa-a doué gin lotèt tou. Sé sa-k fè donk mouin pansé ninpòt nan nou ki *ròch vivan* ki adapté pou sa épi ki dispozé pou

okipé priyè yo, pou lajounin ak nannuit yo ofri démann bay Bondié épi yo sakrifé sakrifis siplikasion yo, sé yo minm avèk yo Jézu bati lotèl la.

Min gadé byin ki kalité louanj yo inskri an plis pou ròch lotèl yo minm. *Jan Moyiz ki fè laloua-a té di-a*, sé sa-l di, *pou yo bati lotèl la apati ròch ki toutantié, sa fè-a pa pasé nan yo*. Kilès ki ròch toutantié sa yo? Pètèt kalité ròch toutantié sa yo ki pa kontaminé yo, t-a kapab sin Apot yo, antan yo tout an minm tan fè yon sèl lotèl, poutèt yon sèl nanm nan ak akò-a. Sé konsa réyèlman yo rapòté, yo tout t-ap priyé ansanm ak yon sèl nanm épi antan yo té ouvri bouch la, yo té di: *Ou minm, Granmèt, ki konnin kè tout moun*.

Sa yo donk ki té kapab priyé ak yon sèl nanm, yon sèl voua épitou yon sèl éspri, sé yo minm pètèt ki dign, ki doué konstrui tout ansanm yon sèl lotèl, koté anlè-l Jézu t-a ofri sakrifis la bay Papa-a.

Poutan nou minm tou sé pou nou éséyé travay pou nou tout nou t-a di minm bagay la ak yon sèl nanm, antan nou pansé yon sèl bagay la, antan nou pa fè anyin poutèt rivalité ni poutèt gloua ki vid, min antan nou rété nan yon sèl santiman épi nan minm pansé-a, pou si pètèt nou minm tou nou t-a kapab vîn tounin ròch pou lotèl la.

RÉPONS

Cf. Iz 2, 2. 3; Ps 125 (126), 6

R/. Kay Granmèt la gin fondasion sou tèt mòn yo, épi li lévé anlè tout ti rotè yo: * Épi tout nasion yo ap koulé vîn jouinn li, y-ap di : Gloua pou ou, Granmèt.

V/. Antan y-ap vini minm, yo vini avèk fèt, antan y-ap poté zépi yo. * Épi tout nasion yo ap koulé vîn jouinn li.

Oubyin yon lòt:

Sot nan Prèch sin Ogustin, évèk

(Sermon 336, 1. 6: PL 38 [edit. 1861], 1471-1472. 1475)

Konstriksion épi dédikas kay Bondié-a nan nou

Solanité foul rasanbléman sa-a, sé konsékrasyon kay priyé-a. Konsa kay priyé nou yo sé sa-a, kay Bondié-a sé nou minm minm. Si kay Bondié-a sé nou minm minm, nou minm minm nan sièk sa-a yap bati nou pou nan finisman sièk la yo dédié nou. Kay la, pi plis ankò konstriksion-an gin travay, dédikas la gin fèt.

Sa yo t-ap fè la-a lè sa yo t-ap lévé-a, sé sa ki fèt konsa lè yo rasanblé sa ki kouè yo nan Kris la. Antan yo kouè-a réyèlman, sé kòmsi nan forè yo ak nan mòn-yo yo tayé boua yo ak ròch yo; min lè yo katéchizé, yo batizé, yo fòmé, sé kòmsi nan min atizan yo ak ouvriyé yo, yo dégrosi, yo aligné, yo ékari.

Poutan yo pa fè kay Bondié-a, si sé pa ak charité-a yo asanblé. Boua sa yo ak ròch yo, si yo pa kolé youn sou lòt ak yon sètin lòd, si yo pa maré ansanm anpè, si antan yo kolé ansanm youn pa-t rinmin lòt yon sètin fason, pèsonn pa t-ap antré isit la. Anfin, lè ou ouè nan kèk konstriksion ròch ak boua yo byin anbouaté ansanm, ou antré avèk sékirité, ou pa pè pou-l tonbé.

Antan konsa Granmèt la Kris la vlé antré, épi abité nan nou, kòmsi antan l-ap bati li t-ap di: *Sé yon kòmandman nouvo mouin ba nou, pou nou youn rinmin lòt. Yon kòmandman, li di, mouin ba nou.* Nou té ansyin réyèlman, nou pa-t ko fòmé yon kay pou mouin, sé nan dékonb nou yo nou té lagé. Konsa, pou nou kapab soti nan ansyin dékonb nou-an, sé pou youn rinmin lòt.

Konsa sé pou charité-ou konsidé ré kay sa-a yo gin pou bati toujou sou tout ronn tè-a, jan yo té anonsé davans la épi yo té promèt la. Lè réyèlman yo t-ap bati kay la apré kaptivité-a, jan gin sa nan yon lòt psòm, yo t-ap di: *Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo; chanté pou Granmèt la tout tè-a.* Sa yo té di la-a: *Yon kantik nouvo; sé sa Granmèt la té di: Yon kòmandman nouvo.* Ki sa réyèlman ki gin kantik nouvo, si sé pa rinmin ki nouvo-a? Chanté sé pou sa-k rinmin-an. Voua chanté sa-a sé chalè rinmin ki sin-an.

Sa donk nou ouè ki fèt la-a yon fason kòporèl nan miray yo, sé pou-l fèt yon fason spirituèl nan éspri yo; épi sa nou konstaté ki fèt nèt la-a nan ròch yo ak boua yo, sé sa ki pou fèt nèt nan kò nou yo antan sé gras Bondié-a k-ap bati.

Konsa an premié sé pou nou rann Granmèt Bondié nou-an gras, li minm koté tout sa yo bay ki pi bon-an soti épi tout kado ki bon nèt, épi sé pou nou fè louanj ak tout élan kè nou pou jan li bon, paské pou konstrui kay priyè sa-a, li té vizité nanm fidèl li yo, li té révéyé santiman-an, li té bay sékou, li té inspiré sa yo ki pa-t ko vlé yo, pou yo vlé, li té édé éfò bòn volonté-a pou yo té fè; épi palintèmediè gras Bondié *ki travay* nan moun pa-l yo *ni vlé-a ni réalizé nèt la pou bòn volonté-a* tout bagay sa yo sé li minm ki kòmansé yo, li minm ki té réalizé yo nèt.

RÉPONS

Ps 83 (84), 2-3. 5

R/. Ala rinmin yo rinmin tant ou yo, Granmèt puisans yo: nanm mouin té anvi, li té défayi * Nan lakou Granmèt la.

V/. Moun ki abité nan kay ou-a, Granmèt, pou tout tan y-ap fè louanj ou. * Nan lakou Granmèt la.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN, (*Anguláris fundaméntum*)

Fondasion ròch kouin,
 sé sa Kris la yé, sé mision-l sa,
 li minm ki fè ròch miray yo
 fè yon sèl konstriksion nan ni youn ni lòt,
 li minm Siyon ki sin-an résévoua-a,
 li minm moun ki kouè-a rét nan li-a.

Tout vil sa-a ki sakré-a,
 li minm Bondié rinmin-an,
 li minm ki plin ak kantik louanj
 ak rèl chanté fèt,
 l-ap déklaré ak chalè nan kè-l
 Bondié toua, li yon sèl.

Bondié ki anlè nèt, vini nan tanp sa-a,
 ou minm y-ap lapriyè-a,
 épi ak bon kè-ou ki sansib la
 résévoua démann moun k-ap lapriyè yo;
 vidé lajè bénédiksjon-an
 tout tan isit la.

Isit la sé pou tout moun mérité
 résévoua sa yo mandé yo
 épi posédé sa yo réyisi jouinn yo,
 ansanm ak sin yo tout tan,
 sé pou yo mérité antré nan paradi-a,
 antan yo travèsé nan répo-a.

Gloua ak onè pou Bondié tout koté,
 li minm ki anlè nèt la,
 yon sèl minm nan pou Papa-a ak Pitit la
 ak Éspri-Sin-an,
 louanj ak otorité pou yo
 pou sièk pou tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Kay mouin-an sé kay priyè y-ap rélé-l, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch sémèn I, 578.

Réf. 2 Ou béni, Granmèt, nan tanp ou-an ki sin-an, alélouya.

Réf. 3 Fè louanj Granmèt la nan asanblé sin yo, alélouya.

LÉKTU KOUT

Iz 56, 7

M-ap minnin yo sou mòn mouin-an ki sin-an, épi m-ap fè kè yo kontan nan kay priyè-m nan: sakrifis antié yo ak bèt yo sakrifé yo ap fè-m plézi sou lotèl mouin-an, paské kay mouin-an sé kay priyè y-ap rélé-l pou tout pèp yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la gran épi li mérité anpil louanj, * Alélouya, alélouya. Granmèt la gran.

V/. Nan vil Bondié nou-an, sou mòn li ki sin-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la gran.

Pou *Benedictus*, réf. Zaché, fè vit désann, paské jodi-a sé lakay ou mouin gin pou-m rété. Kanta li minm antan-l fè vit, li té désann épi li té résévoua-l lakay li ak kè kontan. Jodi-a, Bondié fè kay sa-a sové, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Nou minm, ròch vivan, ki bati sou ròch ki chouazi-a, Kris la, an nou priyé Papa-a ki gin tout pouvoua-a pou Égliz li-a li rinmin-an, épi an nou déklaré lafoua nou nan Égliz sa-a antan n-ap di :

Sa-a sé kay Bondié-a épi sé pòt sièl la.

Papa ou minm k-ap fè jadin-an, nètouayé pié rézin-ou nan, véyé sou li,
fè-l vîn anpil,

— pou dévan fas ou li plin tout tè-a.

Gadyin pou tout tan-an, protéjé bann mouton-ou nan épi fè-l dévlopé,

— pou tout mouton yo rasanblé fè yon sèl anba yon sèl gadyin-an, Pitit ou-a.

Ou minm k-ap simin-an ki gin tout pouvoua-a, simin paròl la nan jadin-ou nan,

— pou-l donnin frui san foua plis nan rékòlt pou tout tan-an.

Ou minm Sajès la k-ap bati-a, fè kay ou-a ak fanmiy ou-a vîn sin,

— pou vil ki sot nan sièl la, Jérusalèm nouvo-a, parèt pou tout moun kòm Épouz la ki nan gloua-a.

Papa nou.

Priyè-a

Nan légliz konsakré-a minm :

Bondié, ou minm ki chak ané, fè jou konsékrasion tanp ou sa-a ki sin-an tounin, kouté priyè pèp ou-a, épi fè nou favè pou isit la, toujou gin yon sèvis ki nèt, épi fè nou jouinn rédanmsion total la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

An déyò légliz konsakré-a :

Bondié, ou minm ki apati ròch ki vivan épi ki byin chouazi ou préparé yon kay tout tan pou grandè-ou, fè gras ou té bay la vîn pi plis pou Égliz ou-a, pou pèp la ki fidèl parapò-ou la, li toujou vîn pi plis nan kay Jérusalèm sièl la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, ou minm ki aksépté rélé pèp ou-a Égliz, fè nou favè pou foul la ki rasanblé nan non-ou nan li krinn ou, li rinmin ou, li suiv ou, épi li rivé nan promès sièl yo antan ou-ap kondui-l. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou psòm graduèl yo (p. 1007), nan plas psòm 121 (122), yo kapab di 128 (129), 951.

Pou Tièrs

Réf. Tanp Granmèt la sin, sé jadin Bondié, sé kay Bondié bati, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Kor 3, 16-17

Èské nou pa konnin sé tanp Bondié-a nou yé, épi Éspri Bondié-a abité nan nou ? Si yon moun détrui tanp Bondié-a, Bondié ap détrui moun sa-a; tanp Bondié-a réyèlman li sin, tanp sa-a sé nou minm.

V/. Granmèt, mouin té rinmin bèlté kay ou-a, alélouya.

R/. Épi koté tant gloua-ou la yé-a, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Sa alé byin ak kay ou-a, Granmèt, sin li sin-an pou longè jou yo, alélouya.

LÉKTU KOUT

2 Kor 6, 16

Nou minm réyèlman, sé tanp Bondié vivan-an nou yé; jan Bondié té di-a: « M-ap abité nan yo épi m-ap maché, m-ap Bondié yo, épi yo minm y-ap pèp mouin ».

V/. Mandé sa-k pou lapè Jérusalèm, alélouya.

R/. Sé pou yo gin sékirité, sa yo ki rinmin-ou nan, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Sa-a sé kay Granmèt la, ki bati byin solid; ki gin bon fondasyon sou ròch solid la, alélouya.

LÉKTU KOUT

Jér 7, 2 b. 4-5 a. 7 a

Kouté paròl Granmèt la, nou minm k-ap antré nan pòt sa yo, pou nou adoré Granmèt la. Pa mét konfians nan paròl manti, antan n-ap di : « Tanp Granmèt la, tanp Granmèt la, tanp Granmèt la ki la ». Paské si nou dirijé rout nou yo épi aksion nou yo byin, m-ap fè nou abité nan koté sa-a.

Oubyin :

Aj 2, 6 a. 7. 9

Mín paròl Granmèt lamé yo : M-ap souké tout nasion yo, épi trézò tout nasion yo ap rivé, m-ap plin kay sa-a ak gloua, sé sa Granmèt lamé yo di. Gloua dènié kay sa-a ap pi gran pasé prémié-a, sé sa Granmèt lamé yo di; épi nan koté sa-a, m-ap bay lapè, sé sa Granmèt lamé yo di.

V/. Antré nan pòtay Granmèt yo avèk déklarasion, alélouya.

R/. Épi nan lakou-l yo avèk imn, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN (*Urbs Ierúsalem beáta*)

Vil Jérusalèm ki sin-an,
 sa yo rélé Vizion Lapè-a,
 li minm ki bati nan sièl la
 ak ròch vivan,
 li minm ki kouronnin ak anj yo
 tankou éskòt pou épouz la,

Li tou nèf, l-ap vîn sot nan sièl la,
 li paré pou chanm nòs la,
 pou li minm ki san tach,
 li fè yon sèl kò ak Granmèt la.
 Plas li yo ak miray li yo
 fèt ak lò ki san mélanj nè;

Pòt li yo kléré ak bèl bijou
 kè kay sakré-a louvri tou gran,
 épi tout moun ki té pasé tray sou tè-a
 poutèt non Kris la,
 yo fè yo antré ladan-l
 poutèt sa yo mérité-a.

Ròch yo ki vîn byin lis
 anba kou, anba chaj,
 ak min li, bòs mason-an
 ranjé yo nan plas yo;
 li mété yo pou yo reté
 nan kay sakré yo.

Gloua ak onè pou Bondié tout koté,
 li minm ki anlè nèt la,
 yon sèl minm nan pou Papa-a ak Pitit la
 ak Éspri-Sin-an,
 louanj ak otorité pou yo
 pou sièk pou tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt la té fè tant li-a vîn sin : Bondié nan mitan-l, li pap souké, alélouya.

Psòm 45 (46)

Bondié sé kachèt ak fòs

Y-ap rélé non-l Émanuèl, sa vlé di “Bondié avèk nou” (Mt 1, 23).

- 2 Bondié sé kachèt nou ak fòs nou, *
li poté nou anpil sékou nan tribilasyon nou yo.
- 3 Sé poussa nou pap pè, minm si tè-a chanjé, *
minm si mòn yo travèsé nan fon lanmè-a.
- 4 Dlo lanmè yo mèt grondé, yo mèt gonflé, *
mòn yo mèt tranblé lè lanmè-a ap soulvé-a.
- 5 Kouran riviè yo mét kè kontan nan vil Bondié-a, *
nan tant Sa-a ki anro nèt la, tant ki sin yo.
- 6 Bondié nan mitan-l, li pap souké ; *
Bondié ap poté-l sékou granmatin dévan jou.
- 7 Nasion yo grondé, péyi-roua yo souké ; *
li lévé voua-l, tè-a fonn.
- 8 Granmèt lamé yo avèk nou, *
kachèt pou nou, Bondié Jakòb la.
- 9 Vini, n-a ouè travay Granmèt la, *
li mété prodij sou tè-a.
Li fè lagè sispann jous nan limit tè-a, †
- 10 ark la, li kasé-l épi li krazé lans la, *
boukliyé yo, li boulé yo nan difé.
- 11 Rét trankil, épi rékonèt mouin minm mouin Bondié : *
mouin lévé anlè nasion yo, mouin lévé anlè tè-a.

¹² Granmèt lamé yo avèk nou, *
kachèt pou nou, Bondié Jakòb la.

Réf. Granmèt la té fè tant li-a vîn sin : Bondié nan mitan-l, li pap souké, alélouya.

Réf. 2 Nan kay Granmèt la n-apralé antan nou kontan, alélouya.

Psòm 121 (122)
Vil ki sin-an Jérusalèm

Nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an, Jérusalèm sièl la (Éb 12, 22).

- ¹ Mouin kontan, lè yo té di-m : *
« Nan kay Granmèt la n-apralé ».
- ² Antan pié nou déjà kanpé *
nan pòt ou yo, Jérusalèm.
- ³ Jérusalèm ki bati tankou yon vil, *
koté tout bagay fè blòk nan yon sèl.
- ⁴ Sé la réyèlman fanmi yo ap monté, fanmi Granmèt la, *
témouagnaj Israèl, pou fè louanj pou non Granmèt la.
- ⁵ Paské sé la trôn yo ap pozé pou jijman-an, *
trôn kay David la.
- ⁶ Mandé sa-k pou lapè Jérusalèm : *
« Sé pou yo gin sékirité, sa yo ki rinmin-ou nan !
- ⁷ Sé pou gin lapè nan miray ou yo, *
ak sékirité nan sitadèl ou yo ! ».
- ⁸ Poutèt frè-m yo ak prochain-m yo, *
m-ap di : « Lapè nan ou ! ».
- ⁹ Poutèt kay Granmèt Bondié nou-an, *
m-ap mandé byin pou ou.

Réf. Nan kay Granmèt la n-apralé antan nou kontan, alélouya.

Réf. 3 Sé pou nou di louanj pou Bondié, nou tout sin-l yo, alélouya.

Kantik sa-a, yo di-l avèk Alélouya, jan sa indiké isit la, lè y-ap chanté-l; min si yo pa chanté-l, yo mèt di Alélouya-a sèlman nan kòmansman avèk finisman chak stròf.

Kantik

Cf. Ap 19, 1-2. 5-7

Osijè nòs Mouton-an

Alélouya.

¹ Sové-a, gloua-a ak otorité-a sé pou Bondié nou-an, *

(R/. Alélouya.)

² paské yo vré, yo kòrèk, jijman-l yo.

R/. Alélouya (alélouya).

⁵ Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo *

(R/. Alélouya.)

ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran !

R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

⁶ Paské li roua, Granmèt la,

Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. *

(R/. Alélouya.)

⁷ Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua.

R/. Alélouya (alélouya).

Alélouya.

Paské nòs Mouton-an rivé, *

(R/. Alélouya.)

épi madanm li té préparé tèt li.

R/. Alélouya (alélouya).

Réf. Sé pou nou di louanj pou Bondié, nou tout sin-l yo, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ap 21, 1 a. 2-3. 22. 27

Mouin té ouè vil ki sin-an, Jérusalèm nouvo-a, k-ap désann sot nan sièl la kot Bondié, paré tankou yon épouz ki anbéli pou mesié-l la. Épi mouin té tandé yon gran voua sot nan trôn nan, k-ap di: « Min tant Bondié-a avèk moun yo! L-ap abité avèk yo, épi yo minm y-ap pèp li; épi li minm, Bondié avèk yo, l-ap Bondié yo ». Épi mouin pa-t ouè tanp nan li: réyèlman, Granmèt la, Bondié ki gin tout pouvoua-a, sé tanp li, épi Mouton-an. Okinn bagay ki sal pap antré ladan-l, ni sa k-ap fè bagay ki dégoutan, ni sa k-ap bay manti, sé sèlman sa yo ki ékri nan liv lavi Mouton-an.

RÉPONS KOUT

R/. Ala kontantman pou moun yo ki abité nan kay ou-a, Granmèt * Alélouya, alélouya. Ala kontantman.

V/. Pou sièk sièk yo y-ap fè louanj-ou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Ala kontantman.

Pou *Magnificat* la, réf. Granmèt la té fè tant li-a vîn sin : sa-a sé kay Bondié-a, koté yo rélé non-l nan, sé sou li yo té ékri : Non-m ap isit la, sé sa Granmèt la di, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Sovè nou-an ki dépozé nanm li pou pitit Bondié yo ki té gayé yo, li rasanblé yo fè youn, antan n-ap sipliyé an nou inploré-l :

Sonjé Égliz ou-a, Granmèt.

Granmèt Jézu, ou minm ki bati kay ou-a sou ròch la,

— asiré Égliz ou-a ak lafoua ki solid la épi ak konfians la.

Granmèt Jézu, ou minm san-an ak dlo-a té koulé sot nan kòt ou-a,

— fè Égliz ou-a vîn tou nèf ak sakréman téstaman ki nouvo-a é ki la pou tout tan-an.

Granmèt Jézu, ou minm ki prézan nan mitan moun yo ki rasanblé nan non-ou nan,

— réponn priyè Égliz la ap fè ak yon sèl kè-a.

Granmèt Jézu, ou minm ki vîn abité ansanm ak Papa-a kay moun ki rinmin-ou yo,

— fè Égliz ou-a vîn apouin nèt nan rinmin ki soti nan Bondié-a.

Granmèt Jézu, ou minm ki pa jété moun ki vîn jouinn ou-an déyò,

— fè tout défin yo antré nan kay Papa-a.

Papa nou.

Priyè-a

Nan légliz konsakré-a minm :

Bondié, ou minm ki chak ané, fè jou konsékrasion tanp ou sa-a ki sin-an tounin, kouté priyè pèp ou-a, épi fè nou favè pou isit la, toujou gin yon sèvis ki nèt, épi fè nou jouinn rédanmsion total la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

An déyò légliz konsakré-a :

Bondié, ou minm ki apati ròch ki vivan épi ki byin chouazi ou préparé yon kay tout tan pou grandè-ou, fè gras ou té bay la vîn pi plis pou Égliz ou-a, pou pèp la ki fidèl parapò-ou la, li toujou vîn pi plis nan kay Jérusalèm sièl la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, ou minm ki aksépté rélé pèp ou-a Égliz, fè nou favè pou foul la ki rasanblé nan non-ou nan li krinn ou, li rinmin ou, li suiv ou, épi li rivé nan promès sièl yo antan ou-ap kondui-l. Pa pouvoua Jézu-Kri.

KOMIN SINT VIÈJ MARI**Pou premié Vèp yo****IMN** (*María, quæ mortálium*)

Mari, ou minm ki sèvi ak tout rinmin ki nan kè-ou
 pou-ou résévoua lapriyè moun ki gin pou yo mourir yo,
 min n-ap mandé-ou antan n-ap sipliyé,
 rét koté nou tout tan.

Rét prézan, si chinn lèd péché yo
 maré nou byin séré;
 fè vit défèt antrav yo
 ki maré kè yo ak péché yo.

Poté nou sékou, si pòtré sièk sa-a k-ap tronpé-a
 atiré nou ak riz li,
 pou kè nou pa kite santié k-ap sové nou-an
 antan-l bliyé sièl la.

Poté-n sékou, si minm pou kò-a
 sa-k rivé ki kontrè t-a ménasé-l;
 fè tan yo vîn trankil,
 pandan étènitè-a ap kléré.

Protéjé pitit ou yo tou
 lè tan lanmò-a rivé,
 pou, antan ou-ap édé yo,
 yo ba yo rékonpans k-ap diré-a.

Gloua pou Papa-a ak Paraklè-a,
 ak pou Sa-a ou Anfanté-a,
 yo minm ki vlopé-ou
 ak rad gras la ki ékstraòdinè-a. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Ala kontantman pou ou, Vièj Mari, ou minm ki té poté Kréatè tout bagay yo, alélouya.

Psòm 112 (113)

Non Granmèt la mérité louanj

Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lévé sa-k tou piti yo anlè (Lk 1, 52).

- ¹ Fè louanj, ti moun Granmèt la, *
fè louanj non Granmèt la.
- ² Sé pou non Granmèt la béni *
dépi koulié-a ak pou tout tan.
- ³ Dépi solèy lévé jous koté-l kouché, *
non Granmèt la mérité louanj.
- ⁴ Granmèt la anlè nèt anro tout nasion yo, *
anlè sièl yo gloua li yé.
- ⁵ Kilès ki tankou Granmèt Bondié nou-an,
ki abité nan rotè yo, *
- ⁶ ki panché pou-l voyé jé
nan sièl la ak sou tè-a ?
- ⁷ Antan-l lévé maléré-a sot atè-a, *
antan li drésé pòv la sot nan fatra-a,
- ⁸ pou-l fè-l chita avèk chèf yo, *
avèk chèf pèp li-a.
- ⁹ Li minm ki fè sa-k té stéril la abité nan kay la, *
kòm manman pitit ki gin kè-l kontan.

Réf. Ala kontantman pou ou, Vièj Mari, ou minm ki té poté Kréatè tout bagay yo, alélouya.

Réf. 2 Ou té anfanté Sa-a ki fè-ou la, épi pou tout tan ou rété Vièj, alélouya.

**Psòm 147 (147 B)
Rétablisman Jérusalèm**

Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an (Ap 21, 9).

- ¹²[1] Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ; *
fè louanj Bondié-ou ansanm, Siyon.
- ¹³[2] Paské li ranfòsé krochèt pòtay ou yo, *
li béni pitit ou yo nan ou.
- ¹⁴[3] Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè, *
li ba-ou kont blé ki gra.
- ¹⁵[4] Li minm ki voyé promès li sou tè-a, *
avèk vitès paròl li-a kouri.
- ¹⁶[5] Li minm ki bay lanèj tankou linn, *
li simin larouzé tankou sann.
- ¹⁷[6] Li voyé ti moso glas li-a tankou ti bouché ; *
dévan fas frédi-l la kilès k-ap kanpé ?
- ¹⁸[7] Li voyé paròl li-a épi li fonn yo, *
li souflé souf li, dlo yo koulé.
- ¹⁹[8] Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb, *
jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.
- ²⁰[9] Li pa-t aji konsa avèk tout nasion, *
li pa-t montré yo jijman-l yo.

Réf. Ou té anfanté Sa-a ki fè-ou la, épi pou tout tan ou rété Vièj, alélouya.

Réf. 3 Granmèt la béni-ou, pitit fi, paské pa lintèmédiè-ou nou té jouinn frui lavi-a, alélouya.

Kantik

Éfèz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- 3 Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bédiksyon Espri-a
 nan sièl la nan Kris la,
 4 sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
 5 li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
 pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
 6 pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
 7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
 9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
 sa-l té ranjé davans nan li, *
 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tè nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Granmèt la béni-ou, pitit fi, paské pa lintèmediè-ou nou té jouinn frui lavi-a, alélouya.

LÉKTU KOUT

Gal 4, 4-5

Lè plénitud tan-an té rivé, Bondié té voyé Pitit li-a ki fèt sot nan yon madanm, ki fèt anba laloua-a, pou sa yo ki té anba laloua-a, li té rachté yo, pou nou té kapab vîn tounin pitit adoptif.

RÉPONS KOUT

R/. Ou minm ki Vièj, apré ou fin anfanté, ou toujou rété Vièj * Alélouya, alélouya. Ou minm.

V/. Manman Bondié, intèsédé pou nou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Ou minm.

Pou *Magnificat* la, réf. Granmèt la té viré gadé rabèsman-m, épi Sa-a ki gin pouvoua-a té fè gran mèvèy nan mouin, alélouya.

Oubyin:

Tout jénérasyon ap di ala kontantman pou mouin, paské Bondié té viré gadé sou pòv ti sèvant li-a, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, an nou lévé-l anlè avèk gran louanj, li minm ki té vlé pou tout jénérasyon yo sélébré Mari, Manman Pitit li-a, épi antan n-ap sipliyé an nou mandé-l :

Sé pou Plin-lagras la intèsédé pou nou.

Oubyin: *Konsidéré Plin-lagras la, épi kouté nou.*

Bondié, ou minm ki konn fè mèvèy, ou minm ki té fè Mari Vièj Imakilé-a asosié, nan kò-l ak nan nanm li, nan gloua Kris la ki nan sièl la,
— kondui kè pitit ou yo nan minm gloua sa-a.

Ou minm ki té ba nou Mari kòm manman, antan l-ap intèsédé, géri malad yo, bay sa-k nan lapinn yo soulajman, padonnin péchè yo,
— bay tout moun sovè yo sovè-a épil lapè-a.

Ou minm ki té fè Mari plin lagras,
— fè tout moun jouinn richès kontantman lagras ou-a.

Sé pou Égliz ou-a vîn tounin yon sèl kè ak yon sèl nanm nan charité-a,
— épi fidèl yo pèsévéré ak yon sèl nanm nan priyè-a avèk Mari, manman Jézu.

Ou minm ki té kouronin Mari rèn sièl la,
— fè défin yo joui pou tout tan nan rouayòm ou-a ansanm avèk fowl sin yo.

Oubyin yon lòt :

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, an nou lévé-l anlè avèk gran louanj, li minm ki té vlé pou tout jénérasyon yo sélébré Mari, Manman Pitit li-a, épi antan n-ap sipliyé an nou mandé-l :

Sé pou Plin-lagras la intèsédé pou nou.

Oubyin: *Konsidéré Plin-lagras la, épi kouté nou.*

Ou minm ki té fè Mari vîn tounin manman mizérikòd la,
— moun ki an danjé yo, fè yo santi rinmin manman-an li gin pou yo-a.

Ou minm ki té vlé Mari vîn tounin manman fanmiy nan kay Jézu ak Jozèf la,
— gras a lapriyè-l, fè tout manman yo édé chofé rinmin-an épi vîn sin-an nan fanmiy yo.

Ou minm ki té bay Mari fòs lè-l té kanpé tou kolé koua-a épi ou té plin-l ak kontantman nan rézireksion Pitit ou-a,
— moun ki nan tribilasyon yo, ba yo soulajman épi asiré éspérans yo-a.

Ou minm ki té fè Mari fikse atansyon-l sou paròl ou-a épi ou té fè-l tounin sèvant ou ki fidèl,

— gras a lapriyè-l, fè nou vîn tounin sèvitè ak disp Pitit ou-a.

Ou minm ki kouronnin Mari rèn sièl la,

— fè défin yo joui pou tout tan nan rouayòm ou-a ansanm avèk foul sin yo.

Papa nou.

Priyè-a

Priyè ki pròp la; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Fè nou favè, nou minm sèvitè-ou yo, tanpri, Granmèt Bondié, pou nou joui santé éspri ak kò tout tan, épi, gras a Sint Mari ki toujou rété Vièj k-ap intèsédé nan gloua-a, pou nou libéré anba tristès koulié-a épi pou nou joui kontantman tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Sèvitè-ou yo, tanpri, Granmèt, pa gadé sou fot yo, pou, nou minm ki pa kapab fè-ou plézi avèk aksyon nou yo, nou sovè gras a intèsésion Manman Pitit ou-a Granmèt nou-an. Li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la, Pitit Mari-a, vini, an-n adoré-l, alélouya.

Oubyin : Antan n-ap sélébré fèt sint Vièj Mari-a, an nou fè kè nou kontan pou Granmèt la, alélouya.

Psòm inviatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Quem terra, pontus, æthera*)

Li minm tè-a, lanmè-a, lè-a
ap sèvi, adoré, proklamé
k-ap kòmandé toua nivo-a,
kay fèmin Mari-a ap poté-l.

Li minm lalîn nan, solèy la épi tout bagay
ap sèvi dapré tan yo,
antan gras sièl la vidé
zantray jèn fi-a ap transpòté-l.

Ala kontantman pou manman-an ak kado
ki fè, kréatè ki anlè-a,
antan-l kinbé tè-a nan min-l,
nan kòf vant la li fèmin.

Ala kontantman pou mésajé sièl la,
lè Éspri-Sin-an fékondé-l,
sa nasion yo t-ap tann nan
yo vidé-l nan matris la.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou minm ki pran nésans sot nan Vièj la,
pou Papa-a tou ak Éspri rékonfò-a,
nan sièk yo pou tout tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Mari résévoua bénédiksion nan min Granmèt la ak mizérikòd nan min Bondié Sovè-l la, alélouya.

Lè psòm ki suiv la yo té anplouayé-l pou Invitatoua-a, nan plas li y-ap di psòm 94 (95), 541.

Psòm 23 (24)

Granmèt la ap antré nan tanp la

Pòt sièl yo ouvri pou Kris la poutèt monté yo fè chè li monté-a (S. Iréné).

- ¹ Pou Granmèt la tè-a ak sa-k plin-l, *
ronn tè-a ak sa yo ki abité ladan-l nan.
- ² Sèké sé li minm ki té fiksé-l sou lanmè yo, *
épi ki té rann li solid sou gran rivière yo.
- ³ Kilès k-ap monté sou mòn Granmèt la, *
oubyin kilès k-ap kanpé sou plas li ki sin-an ?
- ⁴ Sa-a ki gin min-l inosan ak kè-l nè, †
ki pa lévé nanm li nan bagay ki pa anyin yo, *
ki pap fè sèman pou tronpé.
- ⁵ Moun sa-a ap résévoua bénédiksion nan min Granmèt la *
ak jistikasyon nan min Bondié Sovè-l la.
- ⁶ Sa-a sé jénération moun k-ap chèché-l yo, *
k-ap chèché fas Bondié Jakòb la.
- ⁷ Pòt yo, lévé tèt nou, †
drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.
- ⁸ Kilès sa-a ki roua gloua-a ? *
Sé Granmèt la ki fò, ki gin pouvoua,
sé Granmèt la, ki gin pouvoua nan batay.

- 9 Pòt yo, lévé tèt nou, †
 drésé nou, pòt ki la dépi sièk tan yo, *
 pou-l kapab antré, sa-a ki roua gloua-a.
- 10 Kilès sa-a, ki roua gloua-a ? *
 Sé Granmèt lamé yo, sé li minm ki roua gloua-a.

Réf. Mari résévoua bénédiksion nan min Granmèt la ak mizérikòd nan min Bondié Sovè-l la, alélouya.

Réf. 2 Sa-a ki Anro nèt la té fè tant li-a vîn sin, alélouya.

Psòm 45 (46)

Bondié sé kachèt ak fòs

Y-ap rélé non-l Émanuèl, sa vlé di “Bondié avèk nou” (Mt 1, 23).

- 2 Bondié sé kachèt nou ak fòs nou, *
 li poté nou anpil sékou nan tribilasyon nou yo.
- 3 Sé poua nou pap pè, minm si tè-a chanjé, *
 minm si mòn yo travèsé nan fon lanmè-a.
- 4 Dlo lanmè yo mèt grondé, yo mèt gonflé, *
 mòn yo mèt tranblé lè lanmè-a ap soulvé-a.
- 5 Kouran riviè yo mét kè kontan nan vil Bondié-a, *
 nan tant Sa-a ki anro nèt la, tant ki sin yo.
- 6 Bondié nan mitan-l, li pap souké ; *
 Bondié ap poté-l sékou granmatin dévan jou.
- 7 Nasion yo grondé, péyi-roua yo souké ; *
 li lévé voua-l, tè-a fonn.
- 8 Granmèt lamé yo avèk nou, *
 kachèt pou nou, Bondié Jakòb la.
- 9 Vini, n-a ouè travay Granmèt la, *
 li mété prodij sou tè-a.

- Li fè lagè sispann jous nan limit tè-a, †
 10 ark la, li kasé-l épi li krazé lans la, *
 boukliyé yo, li boulé yo nan difé.
 11 Rét trankil, épi rékonèt mouin minm mouin Bondié : *
 mouin lévé anlè nasion yo, mouin lévé anlè tè-a.
 12 Granmèt lamé yo avèk nou, *
 kachèt pou nou, Bondié Jakòb la.

Réf. Sa-a ki Anro nèt la té fè tant li-a vîn sin, alélouya.

Réf. 3 Yo di bagay gloua osijè-ou, Vièj Mari, alélouya.

Psòm 86 (87)

Jérusalèm, manman tout nasion yo

Jérusalèm anro-a minm, li lib, sé li ki manman nou (Gal 4, 26).

- 1 Fondasion-l yo sou mòn yo ki sin yo ; †
 2 Granmèt la rinmin pòt Siyon yo *
 pasé tout tant Jakòb yo.
 3 Y-ap di bèl bagay sou ou, *
 vil Bondié-a !
 4 M-ap sonjé Raab ak Babilòn pami sa yo ki konnin-m yo ; †
 min Filisti ak Tir avèk Étiopi : *
 sa yo fèt isit la.
 5 Sou Siyon minm, y-ap di : « Sa-a ak sa-a fèt ladan-l ; *
 Sa-a ki anro nèt la rann li fèm ».
 6 Granmèt la ékri nan liv pèp yo : *
 « Sa yo fèt isit la ».
 7 Y-ap chanté tankou moun k-ap kondui group dans : *
 « Tout sous mouin yo nan ou ».

Réf. Yo di bagay gloua osijè-ou, Vièj Mari, alélouya.

V/. Mari t-ap konsèvé tout paròl sa yo, alélouya.

R/. Antan-l t-ap kalkilé yo nan kè-l, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

11, 19 – 12, 17

Batay Michèl kont dragon-an

Nan jou sa yo: ^{11,19} Tanp Bondié-a louvri nan sièl la, épi yo ouè Arch-d-aliens li-a parèt nan Tanp li-a; vîn gin zéklè, voua loraj, tranbléman-tè avèk gro lagrè-l.

^{12,1} Yon gran sign té parèt nan sièl la : sé yon madanm ki vlopé nan solèy la, lalîn nan anba pié-l, yon kouròn douz zétoual sou tèt li. ² Li ansint, l-ap pousé rèl tranché, l-ap soufri ak doulé pandan l-ap anfanté-a. ³ Gin yon lòt sign tou ki parèt nan sièl la : sé yon gro dragon rouj ; li gin sèt tèt ak dis kòn ; li gin sèt ti kouròn sou tèt li yo. ⁴ Ak ké-l, li jété yon tiè nan zétoual yo ki nan sièl la, li voyé yo atè-a. Gro dragon-an rét kanpé dévan madanm nan ki prèské akouché-a. Li paré pou-l valé ti pitit gason-l nan, kon-l fèk ap akouché-l. ⁵ Madanm nan akouché yon ti pitit gason, li minm *ki gin pou-l kondui tout nasion yo ak bagèt an fè-a*. Min, yo pran ti gason-l nan, yo lévé-l anlè jous kot Bondié, jous kot trôn Bondié-a. ⁶ Madanm nan sovè kò-l nan dézè-a, koté li té gin yon plas Bondié té paré pou yo nouril la pou li mil dé san sousant jou.

⁷ Vîn gin yon gran batay nan sièl la : Michèl ak anj li yo t-ap batay kont dragon-an, épi dragon-an minm li batay tou ni anj pa-l yo tou ; ⁸ min yo pa rézisté, ni yo pa jouinn plas yo nan sièl la ankò. ⁹ Yo voyé gran dragon sa-a jété, sèpan lontan-an, sa yo rélé Djab la épi Satan-an, li minm ki t-ap tronpé tout tè-a ; yo voyé-l jété sou tè-a ; ni anj li yo tou, yo voyé yo ansanm avèk li. ¹⁰ Mouin tandé yon gran voua nan sièl la k-ap di :

« Koulié-a yo sovè, épi sé pouvoua-a ak péyi-roua Bondié nou-an ak otorité Kris li-a,

paské yo jété sa-a ki t-ap akizé frè nou yo,
li minm ki t-ap akizé yo dévan fas Bondié nou-an
lajounin kon lannuit la.

¹¹ Épi yo minm yo ranpòté viktoua sou li poutèt san Mouton-an
épi poutèt paròl témouagnaj li-a ;
yo bliyé tèt yo jous yo mouri.

¹² Sé pou sa sé pou nou kontan, sièl yo,
ak sa yo ki abité nan yo.

Ala malè pou tè-a ak lanmè-a, paské djab la désann koté nou antan-l
gin gro kòlè, antan-l konnin byin sé yon ti kras moman li ginyin ».

¹³ Épi lè dragon-an ouè yo jété-l sou tè-a, li pèsékité madanm nan ki té
anfanté ti gason-an. ¹⁴ Yo bay madanm nan dé zèl gran ègl la pou-l volé
al nan dézè-a, koté yo té paré pou li-a. Sé la y-ap souin-l, pandan yon tan,
avèk kèk tan, avèk mouatié yon tan, louin fas sèpan-an. ¹⁵ Sèpan-an voyé
tankou yon riviè dlo sot nan bouch li dèyè madanm nan pou-l kapab
éséyé nouayé-l. ¹⁶ Min, tè-a poté madanm nan sékou ; tè-a louvri bouch
li, li bouè riviè-a, sa gro dragon-an té jété sot nan bouch li-a.

¹⁷ Gro dragon-an faché kont madanm nan. Li pati, l-ap batay kont rès
pitit li yo, sa k-ap obsèvé kòmandman Bondié yo, sa ki gin témouagnaj
Jézu-a.

RÉPONS

1 Kor 15, 54. 57; Ap 12, 1

R/. Lè kò sa-a k-ap mouri-a ap abiyé ak impossibilité mouri-a, lè sa-a
paròl ki ékri-a ap réalizé : Lanmò-a anglouti nan viktoua-a. * Granmèsi
Bondié ki ba nou viktoua pa pouvoua Granmèt nou Jézu-Kri, alélouya.

V/. Yon gran sign té parèt nan sièl la : sé yon madanm ki vlopé nan
solèy la, lafin nan anba pié-l, yon kouròn douz zétoual sou tèt li. *
Granmèsi Bondié.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Diskou sin Sofronius, évèk

(Oratio 2, In sanctissimæ Deiparæ Annuntiatione, 21-22. 26: PG 87, 3, 3242.
3250)

*Bénédition Papa-a té parèt antan l-ap kléré moun yo
pa lintèmediè Mari*

Mouin salué-ou, plin lagras, Grammèt la avèk ou. Épi kisa ki t-a kapab pi ro anlè pasé kè kontan sa-a, ou minm Vièj Manman? Oubyin ki sa ki t-a kapab pi sipériè pasé gras sa-a Bondié té chouazi pou ou minm sèl la? Oubyin ki sa yo t-a kapab pansé ki pi agréab épi pi kléré pasé-l? Tout bagay rété louin parapò a mirak la yo kapab ouè nan ou-a, tout bagay rété plat anba gras ou-a; tout bagay kinbé dézièm plas minm sa yo konsidéré anpil, épi yo vîn gin yon gloua ki vrèman pi ba.

Grammèt la avèk ou; épi kilès ki t-a gin odas konparé avèk ou? Bondié sot nan ou; èské li t-a kapab ralé kò-l sot nan tras ou, épi pou-l pa t-a ba ou pi plis ak kè kontan premié plas la épi sipériorité-a? Sé poutèt sa, antan mouin konsidéré privilèj ou yo ki dépasé anlè tout créatu yo, ak konpliman ki pi ro yo m-ap rélé pou ou: *Mouin salué-ou, plin lagras, Grammèt la avèk ou.* Sot nan ou réyèlman sé pa sèlman pou moun yo, yo té bay kè kontan, min yo té bay li tou pou puisans ki anro yo.

Réyèlman vré *ou béni nan pami médam yo,* paské malédikcion Èv la ou chanjé-l an bénédikcion; paské Adan, li minm ki té blayi anvan ak madichon ki té frapé-l la, ou té fè pou pa lintèmediè-ou li vîn béni.

Réyèlman vré *ou béni nan pami médam yo,* paské pa lintèmediè-ou bénédikcion Papa-a té parèt antan-l kléré moun yo, épi li té libéré yo anba ansyin malédikcion-an.

Réyèlman vré *ou béni nan pami médam yo,* paské pa lintèmediè-ou zansèt ou yo té jouinn sovè yo sovè yo-a; ou minm puiské ou té gin pou anfanté Sovè-a, li minm ki té préparé pou zansèt yo sovè Bondié t-ap sovè yo-a.

Réyèlman vré *ou béni nan pami médam yo*, paské san sémans ou té donnin-l kòm frui, li minm k-ap bay ronnn tè-a bénédiksionn-an an kantité, épi li té rachté-l sot nan malédiksion k-ap jèmin pikan-an.

Réyèlman vré *ou béni nan pami médam yo*, paské malgré ou sé yon madanm nan kondision natirèl la, poutan ou vîn tounin Manman Bondié tout bon vré. Réyèlman si sa-a ki té gin pou pran nésans sot nan ou-a, dapré vérité-a, sé Bondié ki pran chè-a, ou minm minm dapré doua-a ak rézon-an yo di-ou Manman Bondié, ou minm sètènman sé tout bon vré ou anfanté Bondié.

Ou minm réyèlman, anndan vant ou ki fèmin-an, sé Bondié li-minm minm ou ginyin, antan li rété nan ou dapré chè-a, épi sot nan ou antan-l soti tankou yon épou, épi l-ap préparé kè kontan pou tout moun, antan li kominiké limiè Bondié-a bay tout moun.

Nan ou minm réyèlman, ou minm Vièj la, tankou nan yon sièl ki klè anpil épi k-ap briyé, Bondié *té pozé tant li-a; épi li soti nan ou tankou épou-a sot nan chanm nòs la*; épi antan-l imité kous jéan-an, nan lavi li-a li kouri rout la, pou-l vîn sovè tout vivan yo, épi antan li laji tèt li dépi sot nan rotè sièl yo al jous nan rotè sièl yo, li ranpli tout bagay ak chalè Bondié-a épitou an minm tan ak yon ékla ki bay lavi.

RÉPONS

R/. Réyèlman vré ou béni nan pami médam yo, paské ou té chanjé malédiksion Èv la an bénédiksion. * Bénédiksion Papa-a té parèt antan-l kléré pou moun yo, alélouya.

V/. Pa lintèmediè-ou zansèt ou yo té jouinn sovè yo sovè yo-a.
* Bénédiksion.

Oubyin yon lòt:

Sot nan Prèch sin Èlèrèd, abé

(Sermo 20, In Nativitate beatæ Mariæ: PL 195, 322-324)

Mari, manman nou

An nou proché kot épouz li-a, an nou proché kot manman li-a, an nou proché kot pi bon sèvant li-a. Tout sa sé sint Mari.

Min kisa n-apral fè pou li? Ki kalité kado n-ap ofri-l? Sa t-a tèlman bon si omouin nou t-a kapab rémèt li sa nou doué-l la poutèt dèt la? Nou minm minm nou doué-l onè-a, nou minm minm nou doué-l sèvis la, nou minm minm nou doué-l rinmin-an, nou minm minm nou doué-l louanj la. Nou minm minm nou doué-l onè-a, paské sé Manman Granmèt nou-an. Réyéلمان moun ki pa onoré manman-an, pa gin dout nan sa, li dézonoré pitit la. Yon lòt foua Ékritu-a di: *Onoré papa-ou ak manman-ou.*

Kisa donk n-ap di, frè yo? Èské li minm minm sé pa manman nou li yé? Sètènman, frè yo, li minm minm réyéلمان vré sé manman nou. Pa lintèmediè-l réyéلمان nou pran nésans, pa pou tè-a min pou Bondié.

Nou tout, jan nou kouè-a épi nou konnin-an, nou té nan lanmò-a, nan viyéisman-an, nan fènoua yo, nan mizè-a. Nan lanmò-a paské nou té nan dékonpozision-an; nan fènoua yo, paské limiè sajès la té manké nou, épi konsa toutafè nou t-ap péri.

Min pa lintèmediè Sint Mari nou vîn gin yon nésans ki pi bon anpil pasé pa lintèmediè Èv la, poutèt Kris la té pran nésans sot nan li. Nan plas viyéisman-an nou té tounin jouinn nouvoité-a, nan plas dékonpozision-an imposibilité dékonpozision-an, nan plas fènoua yo limiè-a.

Li minm minm li sé manman nou, manman lavi nou, manman imposibilité dékonpozision nou-an, manman limiè nou-an. Apot la di osijè Granmèt nou-an: *Li minm Bondié fè vîn tounin sajès épi jistis épi sanktifikasion épi rédanmsion pou nou.*

Li minm donk ki manman Kris la, li manman sajès nou-an, li manman jistis nou-an, li manman sanktifikasion nou-an, li manman rédanmsion nou-an. Sé pou sa li pi manman nou pasé manman chè nou-an. Konsa nésans nou sot nan li-a sé li ki pi bon paské sé nan li minm sin nou vîn

sin-an soti, sajès nou-an, jistis nou-an, sanktifikasyon nou-an, rédanmsion nou-an.

Ékritu-a di: *Fè louanj Granmèt la nan sin-l yo*. Si yo doué fè louanj Granmèt nou-an nan sin sa yo li fè puisans ak mirak pa lintèmediè yo-a, sé pi plis ankò yo doué fè louanj pou li nan sa-a koté li fè pròp tèt li-a, li minm ki admirab anlè tout sa ki admirab yo.

RÉPONS

R/. Kontantman pou ou, sint Vièj Mari, épi ou mérité tout louanj: * Nan li solèy jistis la té soti, Kris la, Bondié nou-an, li minm pa lintèmediè-l nou sovè épi nou rachté, alélouya.

V/. An nou sélébré fèt sint Vièj Mari ak kè kontan. * Nan li.

Oubyin yon lòt:

Sot nan Konstitisyon dògmatik *Lumen géntium* dézièm Konsil Vatikan-an osijè Égliz la

(Nn. 61-62)

Matènitè Mari-a nan dispozisyon distribisyon gras la

Sint Vièj la, dépi tout tan, dapré désizyon Providans Bondié-a, té destiné davans kòm manman Bondié ansanm avèk inkarnasyon Paròl Bondié-a, sou tè sa-a li té vénérab Manman Bondié Rédanmte-a, yon fason spésial plis pasé lòt yo li té yon asosyé ki gin gran kè épi yon sèvant Granmèt la ki gin umilité. Antan li poté Kris la nan vant li, li ba li nésans, li nouril, li ofri-l nan tanp la bay Papa-a, épi antan li soufri ansanm ak Pitit li-a k-ap mouri sou koua-a, li té kolaboré yon fason ki vrèman spésial nan travay Sovè-a, ak obéyisans, ak lafoua, ak éspérans épi ak

charité k-ap bay flann pou réfè lavi surnaturèl nanm yo. Sé pou rézon sa-a li vîn tounin manman nou nan dispozision gras la.

Min matènitè Mari sa-a nan dispozision distribision gras la ap diré san rété, dépi apati konsantman li té bay ak fidèlité nan anonsiasion-an, sa-l té kinbé tou san ézité anba koua-a, jous nan akonplisman définitif tout sa yo chouazi yo. Nan sièl yo réyèlman koté yo té pran-l nan, li pa-t sispann ròl sa-a, ki sèvi pou sovè-a, min gras a intèsèsion-l nan ki vîn pi plis la, li réyisi fè nou jouinn kado k-ap sovè nou pou tout tan-an.

Ak charité li ginyin kòm manman-an, li pran souin frè Pitit li-a, yo minm ki an pèlérinaj toujou épi k-ap panché nan danjé ak nan kè séré, jous yo fè yo fin rivé nan patri kè kontan-an.

Sé pou sa nan Égliz la yo invoké Sint Vièj Mari ak tit: Avoka, Oksiliatris, Sékourab, Médiatris. Poutan sé pou yo konprann sa yon fason pou nan dignité avèk éfikasité Kris la kòm sèl Médiatè-a sa pa rétiré anyin, sa pa ajouté anyin.

Pa gin okinn kréatu ki t-a kapab janm konsidéré sou minm nivo avèk Paròl ki pran chè-a épi ak Rédanmtè-a, min minm jan sasèrdòs Kris la sé nan diféran fason ni minis yo ni pèp fidèl la patisipé ladan-l, épi minm jan yon sèl bonté Bondié-a sé nan diféran fason li vîn koulé réyèlman nan kréatu yo, konsa sèl médiasion Rédanmtè-a li pa anpéché min li fè diféran kolaborasion ki patisipé sot nan yon sèl sous la lévé kanpé kay kréatu yo.

Min kalité ròl an dépendans sa-a Mari ginyin-an, Égliz la pa ézité déklaré-l, sé san rété li ékspérimanté-l épi rékòmandé-l bay kè fidèl yo, pou yo kolé kè yo pi séré sou Médiatè-a ak Sovè-a, antan yo apuiyé sou sékou manman sa-a.

RÉPONS

Cf. Lk 1, 42

R/. Virjinité ki sin épi ki san tach, ak ki louanj pou-m lévé-ou anlé, mouin pa konnin; * Paské li minm sièl yo pa kapab kinbé-a, ou té poté-l nan vant ou, alélouya.

V/. Ou béni nan médam yo épi frui vant ou-a béni. * Paské li minm.

Nan solanité ak fèt, *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*O gloriósa dómina*)

Ou minm Rèn ki nan gloua-a,
ki anlè nèt dépasé zétoual yo,
Sa-a ki té kréyé-ou avèk prévouayans la,
ou nourì-l ak lèt nan sin-ou ki sakré-a.

Sa Èv té détrui-a antan-l vîn tris,
ou minm ou rinmèt li ak ti moun ou-ap nourì-a;
pou zétoual ki t-ap kriyé yo té antré,
ou nivlé santié-a ak bon kè-ou.

Ou sé pòtay roua-a ki anlè-a,
ak pòt limiè-a ki kléré kon zèklè-a;
lavi-a yo ba nou pa lintèmédié Vièj la,
nasion ki rachté yo, sé pou nou bat bravo pou li.

Gloua pou Papa-a ak Paraklè-a,
ak pou Sa-a ou Anfanté-a,
yo minm ki vlopé-ou
ak rad gras la ki ékstraòdinè-a. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Ala kontantman pou ou, Mari, paské pa lintèmédiè ou-minm sovè tè-a sovè-a li rivé ; kòm ou déjà nan gloua-a ou kontan dévan Granmèt la ; intèsédé pou nou kot Pitit la, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch sémèn I, 578 :

Réf. 2 Ou sé gloua Jérusalèm, ou sé kontantman Israèl, ou sé onè pèp nou-an, alélouya.

Réf. 3 Mari ki Vièj, sé pou-ou toujou kontan, ou minm ki té mérité poté Kris la, sovè-a, alélouya.

LÉKTU KOUT

Cf. Iz 61, 10

Mouin kontan anpil nan Granmèt la, nanm mouin ap fété nan Bondié-m nan, paské li abiyé-m ak rad sovè mouin sovè-a épi li vlopé-m nan manto jistis la, tankou yon épouz ki dékoré ak bijou-l yo.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la té chouazi-l, épi li té chouazi-l davans * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Nan tant li-a li fè-l abité. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Benedictus* la, réf. Pòt paradi-a té fèmin pou tout moun akòz Èv, épi gras a Mari ki Vièj li vîn louvri byin laj, alélouya.

PRİYÈ INTÈSÉSION YO

Sovè nou-an, pandan n-ap sélébré-l, li minm ki té aksépté pran nésans sot nan Vièj Mari, an nou sipliye-l antan n-ap di :

Sé pou manman-ou intèsédé pou nou, Granmèt.

Ou minm Solèy jistis la, sa Vièj Imakilé-a té pran dévan-l tankou limiè dévanjou-a,

— fè nou favè pou nou toujou maché nan limiè vizit ou-a.

Paròl pou tout tan-an, ou minm ki té chouazi Mari kòm kòf kontra-a ki pap gaté-a pou-ou abité-a,

— libéré nou anba péché-a k-ap gaté nou-an.

Sovè nou, ou minm ki té gin manman-ou toupré koua-a,

— fè nou favè, antan l-ap intèsédé kòz nou, pou nou gin kè kontan nan patisipasion soufrans ou yo.

Jézu, ou minm ki byinvéyan anpil, ou minm ki antan-ou té pandié sou koua-a ou té rinmèt Mari bay Jan kòm manman,

— fè nou viv yon fason pou yo rékonèt nou kòm pitit li.

Oubyin yon lòt :

Sovè nou-an, pandan n-ap sélébré-l, li minm ki té aksépté pran nésans sot nan Vièj Mari, an nou sipliyé-l antan n-ap di :

Sé pou manman-ou intèsédé pou nou, Granmèt.

Sovè tè-a, ou minm ki té présévé Manman-ou anba tout tach péché gras a pouvoua rédanmsion-ou nan,

— kinbé nou pròp sot nan péché-a.

Rédanmèt nou, ou minm ki té fè Vièj Mari vîn tounin chanm ki pròp nèt koté ou abité épi kay sakré Éspri-Sin-an,

— fè nou tounin tanp Éspri-ou la pou tout tan.

Paròl pou tout tan-an, ou minm ki té aprann manman-ou chouazi pi bon pòsion-an pou li,

— fè nou favè pou nou pran modèl sou li, antan n-ap chèché manjé-a k-ap diré pou lavi tout tan-an.

Roua tout roua yo, ki té vlé pran manman-ou nan sièl la avèk ou, ak kò-l épi ak nanm li,
— fè nou toujou ap réfléchi sou bagay ki anro yo.
Granmèt sièl la ak tè-a, ou minm ki té fè Mari kanpé kòm rèn adouat ou,
— fè nou favè mérité asosié nan minm gloua li-a.

Papa nou.

Priyè-a

Priyè ki pròp la; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Fè nou favè, nou minm sèvitè-ou yo, tanpri, Granmèt Bondié, pou nou joui santé éspri ak kò tout tan, épi, gras a Sint Mari ki toujou rété Vièj k-ap intèsédé nan gloua-a, pou nou libéré anba tristès koulié-a épi pou nou joui kontantman tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Sèvitè-ou yo, tanpri, Granmèt, pa gadé sou fot yo, pou, nou minm ki pa kapab fè-ou plézi avèk aksion nou yo, nou sovè gras a intèsésion Manman Pitit ou-a Granmèt nou-an. Li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.

Pou Lè nan mitan-an

Pou psòm graduèl yo (p. 1007), nan plas psòm 121 (122), yo kapab di 128 (129), 951, épi nan plas 126 (127), yo kapab di 130 (131), 823.

Pou Tièrs

Réf. Yo tout t-ap pèsévéré ansanm nan priyè avèk Mari manman Jézu, alélouya.

LÉKTU KOUT

Sof 3, 14. 15 b

Fè louanj, pitit fi Siyon; pousé rèl, Israèl ! Réjoui, fété ak tout kè, pitit fi Jérusalèm ! Roua Israèl la Granmèt la nan mitan-ou.

V/. Ala kontantman pou moun ki kouté paròl Bondié-a, alélouya.

R/. Épi ki kinbé-l, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Manman Jézu té di : Ninpòt sa li di nou, sé pou nou fè li, alélouya.

LÉKTU KOUT

Zak 9, 9

Fété kont kò-ou, pitit fi Siyon; éklaté ak fèt, pitit fi Jérusalèm. Min Roua-ou la ap vîn jouinn ou, li minm ki kòrèk la, li minm ki sovè-a.

V/. Ala kontantman pou zantray Vièj Mari yo, alélouya.

R/. Ki té poté Pitit Papa dépi tout tan-an, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Granmèt la té di manman-l : Madanm, min pitit ou. Apré sa li té di disip la : Min manman-ou, alélouya.

LÉKTU KOUT

Judt 13, 18-19

Ou béni, ma fi, sot nan Bondié ki anro nèt la, plis pasé tout médam yo ki sou tè-a. Épi li béni, Granmèt, Bondié nou-an, ki té kréyé sièl la ak tè-a, ki té dirijé-ou nan blésé tèt chèf ènmi nou yo. Paské louanj ou pap sispann sot nan kè moun yo k-ap sonjé puisans Bondié jous pou tout tan.

V/. Ou béni pami médam yo, alélouya.

R/. Épi frui vant ou-a béni, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN (*Ave, maris stella*)

Mouin salué-ou, zétoual lanmè-a,
manman ki anfanté Bondié,
ou minm ki toujou rété vièj,
kè-ou kontan, ou minm, pot sièl la.

Ou minm ki résévoua « Avé » sa-a
nan bouch Gabrièl,
instalé nou fèm nan lapè-a,
antan-ou chanjé non « Éva »-a.

Défèt chinn koupab yo,
poté limiè pou avèg yo,
chasé mal nou yo,
fè nou jouinn tou sa ki bon.

Montré ou sé manman,
sé pou-l résévoua priyè-a pa lintèmédiè-ou,
li minm ki té pran nésans pou nou-an
li té konpòté-l kòm sa-k pou ou.

Vièj ki san parèy,
ki dou pasé tout moun,
fè nou dégajé sot nan fot nou yo,
fè nou tou dou, fè nou kinbé kò nou pròp.

Ba nou lavi ki nèt la,
 paré chémin ki asiré,
 pou antan nou ouè Jézu,
 nou kontan ansanm tout tan.

Louanj pou Bondié Papa-a,
 konsidérasion pou Kris la ki anlè nèt la,
 onè pou Léspri Sin-an,
 pou toua yo ki yon sèl la. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Mouin salué-ou, Mari, Plin-lagras; Granmèt la avèk ou, alélouya.

Psòm 121 (122)

Vil ki sin-an Jérusalèm

Nou té proche kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an, Jérusalèm sièl la (Éb 12, 22).

- ¹ Mouin kontan, lè yo té di-m : *
 « Nan kay Granmèt la n-apralé ».
- ² Antan pié nou déjà kanpé *
 nan pòt ou yo, Jérusalèm.
- ³ Jérusalèm ki bati tankou yon vil, *
 koté tout bagay fè blòk nan yon sèl.
- ⁴ Sé la réyèlman fanmi yo ap monté, fanmi Granmèt la, *
 témouagnaj Israèl, pou fè déklarasion pou non Granmèt la.
- ⁵ Paské sé la trôn yo ap pozé pou jijman-an, *
 trôn kay David la.
- ⁶ Mandé sa-k pou lapè Jérusalèm : *
 « Sé pou yo gin sékirité, sa yo ki rinmin-ou nan !

- 7 Sé pou gin lapè nan miray ou yo, *
ak sékirité nan sitadèl ou yo ! ».
- 8 Poutèt frè-m yo ak prochin-m yo, *
m-ap di : « Lapè nan ou ! ».
- 9 Poutèt kay Granmèt Bondié nou-an, *
m-ap mandé byin pou ou.

Réf. Mouin salué-ou, Mari, Plin-lagras; Granmèt la avèk ou, alélouya.

Réf. 2 Min sèvant Granmèt la: sé pou sa fèt pou mouin dapré paròl ou-a, alélouya.

Psòm 126 (127)

Travay la pa sèvi anyin san Granmèt la

Nou sé kay Bondié ap bati (1 Kor 3, 9).

- 1 Si Granmèt la pa bati kay la, *
sé pou granmési y-ap travay moun k-ap bati-l yo.
Si Granmèt la pa véyé sou vil la, *
sé pou anyin li pa dòmi moun k-ap véyé sou li-a.
- 2 Sé pou granmési ou-ap lévé anvan limiè-a,
n-ap kouché byin ta, †
n-ap manjé pin fatig, *
sèké l-ap bay moun li rinmin yo dòmi.
- 3 Gadé, pitit yo, sé éritaj Granmèt la, *
frui ki sot nan vant la, sé rékonpans.
- 4 Tankou flèch yo nan min vanyan sòlda, *
konsa pitit moun ki jèn.
- 5 Ala kontantman pou gason ki plin rézèv li avèk yo : *
li pap ront, lè l-ap plédé avèk ènmi-l yo nan pòtay la.

Réf. Min sèvant Granmèt la: sé pou sa fèt pou mouin dapré paròl ou-a, alélouya.

Réf. 3 Ou béni pami médam yo, épi frui vant ou-a béni, alélouya.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- ³ Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bénédiksion Éspri-a
 nan sièl la nan Kris la,
- ⁴ sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
- ⁵ li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
 pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
- ⁶ pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
- ⁷ nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
- ⁸ sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
- ⁹ pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
 sa-l té ranjé davans nan li, *
- ¹⁰ pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Ou béni pami médam yo, épi frui vant ou-a béni, alélouya.

LÉKTU KOUT

Gal 4, 4-5

Lè plénitud tan-an té rivé, Bondié té voyé Pitit li-a ki fèt sot nan yon madanm, ki fèt anba laloua-a, pou sa yo ki té anba laloua-a, li té rachté yo, pou nou té kapab vîn tounin pitit adoptif.

RÉPONS KOUT

R/. Mouin salué-ou, Mari, Plin-lagras, Granmèt la avèk ou, * Alélouya, alélouya. Mouin salué-ou.

V/. Ou béni pami médam yo, épi frui vant ou-a béni. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Mouin salué-ou.

Pou *Magnificat* la, réf. Ala kontantman pou ou, Mari, ou minm ki té kouè : y-ap fèt nèt nan ou, sa yo té di-ou sot nan Granmèt la, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, an nou lévé-l anlè avèk gran louanj, li minm ki té vlé pou tout jénérasyon yo sélébré Mari, Manman Pitit li-a, épi antan n-ap sipliyé an nou mandé-l :

Sé pou Plin-lagras la intèsédé pou nou.

Oubyin: *Konsidéré Plin-lagras la, épi kouté nou.*

Bondié, ou minm ki konn fè mèvèy, ou minm ki té fè Mari Vièj Imakilé-a asosié, nan kò-l ak nan nanm li, nan gloua Kris la ki nan sièl la,

— kondui kè pitit ou yo nan minm gloua sa-a.

Ou minm ki té ba nou Mari kòm manman, antan l-ap intèsédé, géri malad yo, bay sa-k nan lapinn yo soulajman, padonnnin péchè yo,

— bay tout moun sovè yo sovè-a épil lapè-a.

Ou minm ki té fè Mari plin lagras,

— fè tout moun jouinn richès kontantman lagras ou-a.

Sé pou Égliz ou-a vîn tounin yon sèl kè ak yon sèl nanm nan charité-a,
 — épi fidèl yo pèsévéré ak yon sèl nanm nan priyè-a avèk Mari, manman Jézu.

Ou minm ki té kouronnin Mari rèn sièl la,
 — fè défin yo joui pou tout tan nan rouayòm ou-a ansanm avèk foul sin yo.

Oubyin yon lòt :

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, an nou lévé-l anlè avèk gran louanj,
 li minm ki té vlé pou tout jénérasion yo sélébré Mari, Manman Pitit li-a,
 épi antan n-ap sipliyé an nou mandé-l :

Sé pou Plin-lagras la intèsédé pou nou.

Oubyin: *Konsidéré Plin-lagras la, épi kouté nou.*

Ou minm ki té fè Mari vîn tounin manman mizérikòd la,
 — moun ki an danjé yo, fè yo santi rinmin manman-an li gin pou yo-a.
 Ou minm ki té vlé Mari vîn tounin manman fanmiy nan kay Jézu ak Jozèf la,
 — gras a lapriyè-l, fè tout manman yo édé chofé rinmin-an épi vîn sin-an nan fanmiy yo.
 Ou minm ki té bay Mari fòs lè-l té kanpé tou kolé koua-a épi ou té plin-l ak kontantman nan rézireksion Pitit ou-a,
 — moun ki nan tribilasion yo, ba yo soulajman épi asiré éspérans yo-a.
 Ou minm ki té fè Mari fikse atansion-l sou paròl ou-a épi ou té fè-l tounin sèvant ou ki fidèl,
 — gras a lapriyè-l, fè nou vîn tounin sèvitè ak disip Pitit ou-a.
 Ou minm ki kouronnin Mari rèn sièl la,
 — fè défin yo joui pou tout tan nan rouayòm ou-a ansanm avèk foul sin yo.

Papa nou.

Priyè-a

Priyè ki pròp la; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Fè nou favè, nou minm sèvitè-ou yo, tanpri, Granmèt Bondié, pou nou joui santé éspri ak kò tout tan, épi, gras a Sint Mari ki toujou rété Vièj k-ap intèsédé nan gloua-a, pou nou libéré anba tristès koulié-a épi pou nou joui kontantman tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Sèvitè-ou yo, tanpri, Granmèt, pa gadé sou fot yo, pou, nou minm ki pa kapab fè-ou plézi avèk aksion nou yo, nou sové gras a intèsésion Manman Pitit ou-a Granmèt nou-an. Li minm ki vivan é ki roua dépi tout tan é pou tout tan.

KOMIN APOT YO

Pou premié Vèp yo

IMN (*Tristes erant Apóstoli*)

Apot yo té chagrin
poutèt moun san zavé, san kè,
té asasinin Granmèt yo-a,
apré yo kondané-l pou lanmò ki té pi rèd la.

Avèk paròl ki dous, Anj Bondié-a
anonsé médam yo davans :
« Talè konsa, nan Galilé,
y-ap gin pou ouè Granmèt la ».

Pandan médam yo tout éksité
ap maché al di Apot yo sa,
yo ouè li tou vivan,
yo bo pié Granmèt la.

Dépi yo konn sa, disip yo
pati byin vit al nan Galilé-a
pou y-al ouè fas Granmèt la
yo si tèlman anvi ouè-a.

Jézu, sé pou kè kontan pak la
rété tout tan pou nanm nou;
épi nou minm ou réfè ak lagras la,
fè nou antré nan kòtèj viktoua-ou la.

Gloua-a sé pou ou, Kris la,
ou minm ki fîn krazé ringn lanmò-a,
ou té louvri chémin lavi-a ak limiè-a
pa lintèmédiè Apot yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Jézu té rélé disip li yo, li té chouazi douz nan yo, yo minm li té minm bay non Apot, alélouya.

Psòm 116 (117)

Louanj Granmèt la ki pran pitié

Mouin di... nasion yo minm sé poutèt mizérikòd la y-ap bay Bondié gloua (Éb 13, 15).

- ¹ Fè louanj Granmèt la, tout nasion yo, *
fè louanj li ansanm, tout pèp yo.
- ² Paské li asiré mizérikòd li sou nou, *
vérité Granmèt la diré pou tout tan.

Réf. Jézu té rélé disip li yo, li té chouazi douz nan yo, yo minm li té minm bay non Apot, alélouya.

Réf. 2 Antan yo kité filè yo, yo suiv Granmèt la, Rédanmètè-a, alélouya.

Psòm 147 (147 B)

Rétablisman Jérusalèm

Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an (Ap 21, 9).

- ¹²[1] Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ; *
fè louanj Bondié-ou ansanm, Siyon.
- ¹³[2] Paské li ranfòsé krochèt pòtay ou yo, *
li béni pitit ou yo nan ou.
- ¹⁴[3] Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè, *
li ba-ou kont blé ki gra.

- 15 [4] Li minm ki voyé promès li sou tè-a, *
avèk vitès paròl li-a kouri.
- 16 [5] Li minm ki bay lanèj tankou linn, *
li simin larouzé tankou sann.
- 17 [6] Li voyé ti moso glas li-a tankou ti bouché ; *
dévan fas frédi-l la kilès k-ap kanpé ?
- 18 [7] Li voyé paròl li-a épi li fonn yo, *
li soufflé souf li, dlo yo koulé.
- 19 [8] Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb, *
jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.
- 20 [9] Li pa-t aji konsa avèk tout nasion, *
li pa-t montré yo jijman-l yo.

Réf. Antan yo kité filè yo, yo suiv Granmèt la, Rédanmtè-a, alélouya.

Réf. 3 Nou sé zanmi-m, paské nou té kinbé fèm nan rinmin-m nan, alélouya.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- 3 Li béni, Bondié,
Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
li minm ki béni nou nan tout bénédiksion Éspri-a
nan sièl la nan Kris la,
- 4 sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
pou nou té kapab sin, san tach *
dévan fas li nan rinmin-an,
- 5 li minm ki té déstiné nou davans
pou nou té vîn tounin pitit adoptif †

pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
 6 pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
 7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
 9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
 sa-l té ranjé davans nan li, *
 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Nou sé zanmi-m, paské nou té kinbé fèm nan rinmin-m nan, alélouya.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 2, 42-45

Yo tout t-ap pèsévéré nan ansègnman apot yo ak nan kominion-an, nan séparé pin-an ak nan priyé yo. Krint la minm té rivé nan tout nanm ; anpil prodij ak sign t-ap fèt tou pa lintèmediè apot yo. Tout moun yo minm ki té kouè yo té égal épi yo té gin tout bagay an komin, yo té vann propriété yo ak byin yo, yo té séparé yo pou tout moun, dapré sa chak moun té bézouin.

RÉPONS KOUT

Jan 13, 35

R/. Nan sa tout moun ap konnin, nou sé disip mouin, * Alélouya, alélouya. Nan sa.

V/. Si rinmin-an n-ap ginyin-l youn pou lòt. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Nan sa.

Pou *Magnificat* la, réf. Sé pa nou minm ki té chouazi-m, min sé mouin minm ki té chouazi nou, mouin té mété nou pou nou alé épi pou nou poté frui épi pou frui nou-an diré, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Antan nou bati sou fondasyon Apot yo, frè yo, an nou priyé Papa-a ki gin tout pouvoua-a pou pèp li-a ki sin-an, antan n-ap di :

Sonjé Égliz ou-a, Granmèt.

Papa, ou minm ki té vlé pou Pitit ou-a ki lévé sot nan pami mò yo parèt an premié bay Apot yo,

— fè nou favè, pou nou sèvi-l témouin jous nan dènié bout tè-a.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a sou tè-a pou-l té poté bòn nouvèl la bay pòv yo,

— fè nou préché Bòn Nouvèl la bay tout kréati.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a simin sémans paròl la,

— pèmèt pou antan nou simin paròl la avèk fatig, nou rékòlté frui yo nan kè kontan.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a rékonsilié moun yo sou tè-a gras a san li,

— fè nou favè pou nou tout nou travay ansanm pou rékonsiliation-an.

Ou minm ki té mété Pitit ou-a adouat ou-a nan sièl yo,

— résévoua défin yo nan rouayòm kontantman-an.

Papa nou.

Priyè-a, tankou nan Pròp pou Sin yo.

Pou Invitatoua-a

Réf. Alélouya, Roua Apot yo, Granmèt la, vini, an-n adoré-l, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN, tankou nan Pròp pou Sin yo.

PSÒM YO

Réf. 1 Nan tout tè-a son yo té soti, épi paròl yo jous nan limit ronnn tè-a, alélouya.

Psòm 18 A (19 A)

Louanj Granmèt la ki kréyé tout bagay

Li vîn vizité nou kòm Solèy k-ap lévé sot anro-a... pou-l dirijé pié nou nan chémin lapè (Lk 1, 78. 79).

- 2 Sièl yo ap rakonté gloua Bondié, *
travay min-l, platfòm sièl la ap anonsé-l.
- 3 Jou ap déklaré paròl bay jou, *
nannuit ap montré sians bay nuit.
- 4 Pa gin langaj ni diskou, *
pou yo pa konprann voua yo :
- 5 Sou tout tè-a brui voua yo soti, *
jous nan limit tè-a paròl yo rivé.
- 6 Pou solèy la li té pozé yon tant nan yo, †
li minm minm, tankou yon épou k-ap sot nan chanm nòs li, *
li kontan tankou yon jéan pou-l kouri sou rout la.
- 7 Dépi nan bout sièl yo li soti, †
chémin-l jous nan finisman yo, *
pa gin anyin ki kaché dévan chalè-l.

Réf. Nan tout tè-a son yo té soti, épi paròl yo jous nan limit ronnn tè-a, alélouya.

Réf. 2 Yo té anonsé sa Bondié fè, yo té konprann aksion-l yo, alélouya.

Psòm 63 (64)

Prièrè kont ènmi yo

Plis pasé tout bagay yo montré valè soufrans Granmèt la nan psòm sa-a (S. Ogustin).

- ² Bondié, kouté voua-m k-ap plinn ; *
 prézèvé nanm mouin sot nan krint ènmi-an.
- ³ Protéjé-m sot nan rasanbléman méchan yo, *
 sot foul moun yo k-ap fè méchansté-a.
- ⁴ Yo té filé lang yo tankou yon épé, †
 yo té ajusté flèch yo, sé paròl anpouazonnin, *
- ⁵ pou yo t-a tiré flèch an kachèt kont sa-k san répròch la.
 San-z-atann yo t-ap tiré flèch sou li, épi yo pa pè, *
- ⁶ youn té soutni lòt nan mové kòz la.
 Yo té antann yo pou yo kaché pièj yo, *
 yo t-ap di : « Kilès k-ap ouè yo ? ».
- ⁷ Yo té kalkilé méchansté, †
 yo réalizé plan yo fîn kalkilé-a. *
 Anndan moun nan ak kè-l sé yon trou san fon.
- ⁸ Sèlman Bondié tiré flèch sou yo ; †
 san-z-atann, yo pran gro kou, *
- ⁹ pròp lang yo fè yo fébli.
- ¹⁰ Tout moun k-ap ouè yo, y-ap souké tèt yo, *
 tout moun ap vîn pè ;
 y-ap déklaré sa Bondié fè, *
 y-ap konprann aksion-l yo.

¹¹ Moun ki kòrèk la ap kontan nan Granmèt la, l-ap éspéré nan li, *
tout moun ki douat nan kè yo ap jouinn gloua.

Réf. Yo té anonsé sa Bondié fè, yo té konprann aksion-l yo, alélouya.

Réf. 3 Yo té anonsé jistis li, tout pèp yo té ouè gloua li, alélouya.

Psòm 96 (97)

Gloua Granmèt la nan jijman-an

Psòm sa-a ap montré sovè tè-a sovè-a ak lafoua tout nasion yo nan li (S. Atanaz).

- ¹ Granmèt la roua ! Tè-a ap fété, *
† pakèt zilé yo kontan.
- ² Nuaj yo ak brouya antouré-l, *
jistis ak jijman sé platfòm trôn li.
- ³ Difé ap maché dévan-l, *
l-ap boulé ènmi-l yo toutalantou.
- ⁴ Zéklè-l yo ap kléré fas tè-a : *
tè-a ouè, li sézi.
- ⁵ Mòn yo fonn tankou lasi dévan fas Granmèt la, *
dévan fas Granmèt tout tè-a.
- ⁶ Sièl yo anonsé jistis li, *
tout pèp yo ouè gloua li.
- ⁷ Y-ap ront, tout moun k-ap adoré zidòl yo, †
sa yo k-ap mété fièté yo nan zidòl yo. *
Adoré-l, tout anj li yo.
- ⁸ Siyon té tandé sa, li té fè kè-l kontan, †
pitit fi Juda yo fété, *
poutèt jijman-ou yo, Granmèt.
- ⁹ Paské ou minm Granmèt, Ou anro nèl anlè tout tè-a, *
ou lévé byin ro anlè tout dié yo.

- ¹⁰ Nou minm ki rinmin Granmèt la, sé pou nou rayi sa-k mal ; †
li protéjé nanm sin-l yo, *
li délivré yo sot nan min péchè yo.
- ¹¹ Limiè-a lévé pou moun ki kòrèk la, *
ak kè kontan pou kè ki douat yo.
- ¹² Sé pou kè nou kontan nan Granmèt la, nou minm ki kòrèk yo, *
fè déklarasion pou souvni-l ki sin-an.

Réf. Yo té anonsé jistis li, tout pèp yo té ouè gloua li, alélouya.

V/. Yo té rakonté louanj Granmèt la ak puisans li yo, alélouya.

R/. Ak mèvèy li yo, sa li té fè yo, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Travay Apot yo

5, 12-32

Apot yon an Égliz prémié tan-an

Nan jou say o : ¹² Pa pouvoua min Apot yo té gin anpil sign ak prodij ki t-ap fèt nan pèp la ; yo tout té rété ansanm nan pòtay Salomon-an.

¹³ Pèsonn dèt moun pa-t pran chans vîn jouinn yo, min pèp la t-ap fè louanj yo. ¹⁴ Foul gason ak fi ki té kouè nan Granmèt la t-ap vîn pi plis tout tan ; ¹⁵ atèl pouin yo t-ap poté malad yo sou plas yo, yo té pozé yo sou kabann yo ak sou nat yo, pou lè Piè rivé, o mouin lonbraj li té kouvri kèk nan yo. ¹⁶ Ata foul ki té soti nan vil tou pré Jérusalem yo, yo té vini, yo té poté moun ki malad ak moun éspri papròp t-ap maltrété ; yo tout té géri.

¹⁷ Gran-prèt la lévé, ansanm ak tout moun ki té avèk li yo, sé group Sadiséyin yo, yo té plin ak raj ; ¹⁸ yo mét min sou Apot yo, yo mété yo nan prizon bibliik la. ¹⁹ Anj Granmèt la louvri pòt prizon-an nannuit, li fè yo soti, li di : ²⁰ « Alé, kanpé, palé nan Tanp la ak pèp la tout paròl lavi

sa-a ». ²¹ Lè yo tandé sa, yo antré byin bonè nan tanp la, yo t-ap bay ansègnman.

Gran prèt la rivé, ni sa yo ki té avèk li yo, yo fè yon réyinion, ni tout ansyin pitit Israël yo ; yo voyé nan prizon-an pou yo kondui yo vini. ²² Lè sèvitè yo rivé, yo louvri pòt la, yo pa jouinn yo, yo tounin, yo poté nouvèl, ²³ yo di : « Nou jouinn pòt prizon-an byin fèmin avèk tout kalité prékosion, gad yo té kanpé dévan pòt yo ; min lè nou louvri, nou pa jouinn pèsonn anndan-l ». ²⁴ Lè yo tandé paròl sa yo, majistra Tanp la, ak gran prèt yo, yo t-ap mandé antré yo ki sa sa vlé di. ²⁵ Gin yon moun ki rivé li anonsé yo : « Min mesié yo nou té mété nan prizon-an, yo kanpé nan Tanp la, y-ap bay pèp la ansègnman ».

²⁶ Lè sa-a atò majistra-a avèk sèvitè yo pati, yo minnin yo san maltrété yo ; sèké yo té pè pèp la, pou yo pa-t kalonnin yo ak kout ròch. ²⁷ Lè sèvitè yo kondui Apot yo, yo fè yo kanpé nan tribinal la ; gran prèt la pozé kèsion, ²⁸ li di : « Nou té pasé nou lòd sévè pou nou pa-t bay ansègnman o non sa-a ; épi gadé nou plin Jérusalèm ak ansègnman nou-an, nou vlé fè san mesié sa-a tonbé sou nou ». ²⁹ Piè minm réponn ak Apot yo, yo di : « Nou doué obéyi Bondié plis pasé lézòm. ³⁰ Bondié papa nou yo té résisité Jézu, li minm nou té touyé-a antan nou té pandié-l sou boua-a. ³¹ Bondié lévé-l adouat li kòm chèf ak sovè pou-l bay Israël pénitans ak délivrans péché yo. ³² Kanta nou minm, nou sèvi paròl sa yo témouin, ak Éspri Sin-an Bondié bay tout moun ki obéyi-l yo ».

RÉPONS

Cf. Tr Ap 4, 33. 31b

R/. Avèk gran fòs, Apot yo t-ap sèvi rézireksion Jézu-Kri-a témouin, * Té gin gran gras nan yo tout, alélouya.

V/. Antan yo plin ak Éspri-Sin-an, yo t-ap palé paròl Bondié-a avèk asirans, * Té gin gran gras.

DÉZIÈM LÉKTU-a yo pran-l nan Pròp pou Sin yo.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou nan Pròp pou Sin yo.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Claro pascháli gáudio*)

Yon solèy tou plin ak kè kontan Pak la
vîn kléré tè-a ak yon limiè byin klè,
lè Apot yo ouè Kris la
ak jé kò yo la minm.

Nan chè Kris la, mak koté yo té blésé-l yo
parèt tankou limiè zèklè,
yo anonsé ak yon sèl voua
Granmèt la résisité.

Jézu-Kri, Roua ki bon nèt,
vîn mèt kè nou, ou minm minm,
pou nou fè louanj pou ou
nan tout tan, jan ou mérité-l.

Jézu, sé pou kè kontan pak la
rété tout tan pou nanm nou;
épi nou minm ou réfè ak lagras la,
fè nou antré nan kòtèj viktoua-ou la.

Gloua-a sé pou ou, Kris la,
ou minm ki fîn krazé ringn lanmò-a,
ou té louvri chémin lavi-a ak limiè-a
pa lintèmediè Apot yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Sa sé komandman-m nan : sé pou nou youn rinmin lòt, minm jan mouin té rinmin nou, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch sémèn I, 578.

Réf. 2 Yon charité ki pi gran, pèsonn pa ginyin-l pasé sa-k t-a dépozé nanm li pou zanmi-l yo, alélouya.

Réf. 3 Nou minm nou sé zanmi-m, si nou fè sa-m kòmandé nou, sé sa Granmèt la di, alélouya.

LÉKTU KOUT

Éféz 2, 19-22

Nou pa ni étranjé ni moun vini ankò, min nou sé situayin vil sin yo, nou sé moun kay Bondié, nou bati sou fondasion Apot yo ak profèt yo, ròch kouin ki nan mitan anlè nèt la, sé Kris Jézu ; sé nan li tout kay la ki bati-a ap monté vîn tounin yon tanp ki sin nan Granmèt la ; nan li nou minm tou yo bati nou pou nou vîn tounin kay Bondié nan Éspri-a.

RÉPONS KOUT

R/. Ou instalé yo kòm chèf sou tout tè-a * Alélouya, alélouya. Ou instalé.

V/. Y-ap fè sonjé non-ou, Granmèt. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Ou mété yo.

Pou *Benedictus* la, réf. Nan fondasion vil ki sin-an, Jérusalèm, gin non douz Apot Mouton-an; épi lanp li-a sé Mouton-an, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Frè yo mouin aprésié anpil la, antan nou résévoua éritaj sièl la nan min Apot yo, an nou rann Papa nou-an gras pou tout kado-l yo, antan n-ap di byin fò :

Troup Apot yo fè louanj ou, Granmèt.

Louanj pou ou, Granmèt, pou tab kò-a ak san-an, sa Apot yo transmèt nou-an,

— sé li minm ki réfè nou, épi ki fè nou viv.

Troup Apot yo fè louanj ou, Granmèt.

Pou tab paròl ou-a, sa Apot yo paré pou nou-an,

— koté yo ba nou limiè-a ak kè kontan-an.

Troup Apot yo fè louanj ou, Granmèt.

Pou Égliz ou-a ki sin-an, ki bati sou Apot yo,

— li minm koté nou vîn fòmé yon sèl kò ansanm nan.

Troup Apot yo fè louanj ou, Granmèt.

Pou bingn batèm nan ak pénitans la ou konfié Apot yo,

— li minm ki lavé nou sot nan tout péché yo.

Troup Apot yo fè louanj ou, Granmèt.

Papa nou.

Priyè-a, tankou nan Pròp pou Sin yo.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Antan nou alé, préché, Bòn Nouvèl péyi-roua-a : nou té résévoua gratis, sé pou nou bay gratis, alélouya.

LÉKTU KOUT

2 Kor 5, 19b-20

Bondié té mété paròl rékonsiliation-an nan nou. Pou Kris la donk nou sèvi komisionè, sé tankou si sé Bondié k-ap bay ankourajman pa lintèmédiè nou : n-ap insisté pou Kris la, kité yo rékonsilié nou avèk Bondié.

V/. Nan tout tè-a son yo té soti, alélouya.

R/. Jous nan limit ronnn tè-a paròl yo rivé, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Min mouin avèk nou touléjou, joustann sièk la akonpli nèt, alélouya.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 5, 12a. 14

Pa lintèmediè min Apot yo té gin anpil sign ak prodij ki t-ap fèt nan pèp la. Yo t-ap vîn pi plis minm, foul gason ak fi ki té kouè nan Granmèt la.

V/. Yo té kinbé témouagnaj Bondié yo, alélouya.

R/. Ak kòmandman-l yo, alélouya.

Pou Nòn

Pou psòm graduèl yo (p. 1007), nan plas psòm 125 (126), yo kapab di 128 (129), 951.

Réf. Nan pasians nou n-ap posédé nanm nou, alélouya.

LÉKTU KOUT

Tr Ap 5, 41-42

Apot yo té pati tou kontan sot dévan tribinal la, paské yo té konsidéré yo alarotè pou yo soufri mové trétman pou non-an; épi chak jou nan tanp la ak alantou kay yo pa-t sispann ap bay ansègnman épi ap anonsé bòn nouvèl Jézu sé Kris la.

V/. Sé pou nou kontan épi sé pou fété, sé sa Granmèt la di, alélouya.

R/. Paské non nou yo ékri nan sièl yo, alélouya.

Priyè-a, tankou nan Pròp pou Sin yo.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Tristes erant Apostóli*, 1250.

PSÒM YO

Réf. 1 Sé nou minm ki té rété avèk mouin nan éprèv mouin yo, alélouya.

Psòm 115 (116 B)

Aksion-d-gras nan tanp la

Pa lintèmediè-l (Jézu-Kri), sé pou nou ofri yon sakrifis louanj pou tout tan bay Bondié (Éb 13, 15).

- ¹⁰[1] Mouin té gin konfians, minm lè-m di : *
« Mouin rabésé anpil ».
- ¹¹[2] Mouin té di nan trò présé-m nan : *
« Tout moun sé mantè ».
- ¹²[3] Ki sa pou-m rinnèt Granmèt la *
pou tou sa li rinnèt mouin ?
- ¹³[4] M-ap pran kalis ki sovè nou-an, *
m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁴[5] M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
dévan tout pèp li-a.
- ¹⁵[6] Li gin anpil valè dévan jé Granmèt la *
lanmò sin-l yo.
- ¹⁶[7] Granmèt, o, mouin sé sèvitè-ou, *
mouin sé sèvitè-ou ak pitit sèvant ou.
Ou té kasé chinn mouin yo : †

- ¹⁷ [8] m-ap sakrifié sakrifis louanj ba ou, *
 m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁸ [9] M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
 dévan tout pèp li-a.
- ¹⁹ [10] nan lakou kay Granmèt la, *
 nan mitan-ou, Jérusalèm.

Réf. Sé nou minm ki té rété avèk mouin nan éprèv mouin yo, alélouya.

Réf. 2 Mouin minm mouin nan mitan nou tankou sa-a k-ap sèvi-a, alélouya.

Psòm 125 (126)

Kè kontan ak éspérans nan Bondié

Minm jan nou patisipé nan soufrans nou yo, konsa tou n-ap patisipé nan konsolasion-an (2 Kor 1, 7).

- ¹ Lè Granmèt la té fè prizonié Siyon yo tounin-an, *
 nou té tankou nan rèv.
- ² Lè sa-a bouch nou té plin ak kè kontan, *
 épi lang nou ak fèt.
 Lè sa-a yo t-ap di nan pami nasion yo : *
 « Granmèt la té fè gran mèvèy avèk yo ».
- ³ Granmèt la té fè gran mèvèy avèk nou ; *
 nou vîn gin kè kontan.
- ⁴ Granmèt, fè prizonié nou yo tounin, *
 tankou ravîn nan sid yo.
- ⁵ Moun ki simin ak dlo nan jé, *
 yo ranmasé ak fèt.
- ⁶ Yo t-apralé, yo t-ap kriyé, *
 antan y-ap poté sémans pou simin-an ;

min antan y-ap vini, y-ap vini nan fèt, *
pandan y-ap poté zépi yo.

Réf. Mouin minm mouin nan mitan nou tankou sa-a k-ap sèvi-a, alélouya.

Réf. 3 Mouin pap rélé nou sèvitè ankò, min m-ap rélé nou zanmi mouin, paské tou sa-m té tandé kot Papa-m, mouin té fè nou konnin yo, alélouya.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- ³ Li béni, Bondié,
Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
li minm ki béni nou nan tout bénédiksion Éspri-a
nan sièl la nan Kris la,
- ⁴ sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
pou nou té kapab sin, san tach *
dévan fas li nan rinmin-an,
- ⁵ li minm ki té déstiné nou davans
pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
dapré bon plézi volonté-l la,
- ⁶ pou louanj gloua gras li-a, *
sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
- ⁷ nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
padon péché yo,
dapré richès gras li-a, †
- ⁸ sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
nan tout kalité sajès ak ladrès

- ⁹ pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
daprè bon plézi-l,
sa-l té ranjé davans nan li, *
- ¹⁰ pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Mouin pap rélé nou sèvitè ankò, min m-ap rélé nou zanmi mouin, paské tou sa-m té tandé kot Papa-m, mouin té fè nou konnin yo, alélouya.

LÉKTU KOUT

Éféz 4, 11-13

Kris la té bay kèk moun gras pou yo apot, kèk lòt minm sé profèt, dèt ankò sé sa-k évanjélis, dèt yo minm sé gadyin ak anségnan pou fòmasyon sin nan travay sèvis la, nan konstoui kò Kris la, joustan nou tout nou rivé fè yon sèl nan lafoua ak nan konésans Pitit Bondié-a, pou nou vîn tounin moun apouin nèt la, nan mézi laj plénitud Kris la.

RÉPONS KOUT

R/. Anonsé nan pami nasion yo gloua Granmèt la * Alélouya, alélouya. Anonsé.

V/. Mèvèy li yo nan mitan tout pèp yo. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Anonsé.

Pou *Magnificat* la, réf. Nan jénération k-ap réfèt la, lè Pitit moun nan ap chita sou fotèy grandè-l la, n-ap chita nou minm tou, pou nou jijé douz group fanmi Israèl yo, alélouya.

PRİYÈ INTÈSÉSION YO

Antan nou bati sou fondasyon Apot yo, frè yo, an nou priyé Papa-a ki gin tout pouvoua-a pou pèp li-a ki sin-an, antan n-ap di :

Sonjé Égliz ou-a, Granmèt.

Papa, ou minm ki té vlé pou Pitit ou-a ki lévé sot nan pami mò yo parèt an premié bay Apot yo,

— fè nou favè, pou nou sèvi-l témouin jous nan dènié bout tè-a.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a sou tè-a pou-l té poté bòn nouvèl la bay pòv yo,

— fè nou préché Bòn Nouvèl la bay tout kréati.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a simin sémans paròl la,

— pèmèt pou antan nou simin paròl la avèk fatig, nou rékòlté frui yo nan kè kontan.

Ou minm ki té voyé Pitit ou-a rékonsilié moun yo sou tè-a gras a san li,

— fè nou favè pou nou tout nou travay ansanm pou rékonsiliation-an.

Ou minm ki té mété Pitit ou-a adouat ou-a nan sièl yo,

— résévoua défin yo nan rouayòm kontantman-an.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a, tankou nan Pròp pou Sin yo.

KOMIN MATI YO

POU PLIZIÈ MATI

Pou premié Vèp yo

IMN (*Sanctorum méritis ínclita gáudia*)

Antan nou asosié ak mérit sin yo,
n-ap chanté kè kontan ékstraòdinè yo,
ni aksion yo fè ki mandé anpil kouraj,
sèké gras a kantik yo nanm nou anvi jouinn favè
ras bon kalité moun sa yo ki ranpòté viktoua-a.

Pou mésié ki mati yo :

Sé yo minm tè-a té vlé kinbé-a antan-l t-ap ménasé yo,
min yo méprizé-l nèt, tè sa-a ki pa kapab donnin anyin-an
ak flè li ki pa kapab bay frui-a,
épi yo suiv ou, ou minm Kris la, bon roua sièl la.

Pou médam ki mati yo :

Sé yo minm fi sa yo tè-a té vlé kinbé-a antan-l t-ap ménasé yo,
min yo méprizé-l nèt, tè sa-a ki pa kapab donnin anyin-an
ak flè li ki pa kapab bay frui-a,
épi fi sa yo suiv ou, Jézu-Kri, bon roua sièl la.

Sé yo minm ki sipòté kòlè ak mové trétman poutèt ou;
yo pa fè tandé rèl babié ni plinyin,
min antan kè yo rété an silans,
éspri yo byin dakò pa sispann gin pasians.

Ki voua, ki lang, ki kapab kaché
kado ou préparé pou mati yo ?
Yo tou rouj ak san k-ap koulé,
yo anrichi ak kouròn lorié ki byin kléré.

Bondié ki toua, ki yon sèl, n-ap priyé-ou,
pou-ou lavé fot yo, pou-ou ouété sa k-ap fè nou ditò,
pou-ou bay sèvitè-ou yo lapè, pou nou minm tou
ou ba nou gloua-a pou tout sièk yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Sin yo té sibi anpil soufrans pou yo rivé ranpoté viktoua mati-a avèk asirans, alélouya.

Psòm 117 (118)

Voua rèl fèt ak sovè-a

Sa-a sé ròch la, nou minm bès mason yo nou té réjité-a, ki vîn tounin mitan kouin anlè-a (Tr Ap 4, 11).

I

- ¹ Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ² Sé pou Israèl di sa koulié-a, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ³ Sé pou kay Aaron-an di sa koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁴ Sé pou sa yo ki krinn Granmèt la di koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- ⁵ Nan tribilasion-an mouin té rélé Granmèt la, *
Granmèt la té kouté-m antan li fè-m soti nan koté ki laj.

- 6 Granmèt la avèk mouin, *
mouin pa pè sa yon moun kapab fè-m.
- 7 Granmèt la avèk mouin kòm sèkou mouin, *
mouin minm minm m-ap méprizé ènmi-m yo.
- 8 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan moun.
- 9 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan chèf.
- 10 Tout nasion yo antouré-m, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 11 Antan yo ansèklé-m byin ansèklé, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 12 Yo té ansèklé-m tankou mièl, †
yo flanbé tankou difé nan pikan, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 13 Antan yo pousé-m byin pousé pou-m tonbé, *
Granmèt la poté-m sèkou.
- 14 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, *
sé li minm ki sovè-m.
- 15 Voua fèt ak sovè nou sovè-a *
nan tant moun ki kòrèk yo :
- 16 « Min douat Granmèt la fè mèvèy ! †
min douat Granmèt la lévé-m byin ro ; *
min douat Granmèt la fè mèvèy ! »
- 17 Mouin pap mouri, min m-ap viv *
épi m-ap rakonté travay Granmèt la.
- 18 Antan Granmèt la té korijé-m byin korijé *
min li pa lagé-m nan lanmò.

Réf. Sin yo té sibi anpil soufrans pou yo rivé ranpoté viktoua mati-a avèk asirans, alélouya.

Réf. 2 Avèk ramo viktoua-a sin yo rivé nan rouayòm nan, yo mérité résévoua kouròn onè yo nan min Bondié, alélouya.

II

- 19 Louvri pòt jistis yo pou mouin ; *
 m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la.
- 20 Sa-a sé pòt Granmèt la ; *
 moun ki kòrèk yo ap antré ladan-l.
- 21 M-ap fè louanj ou, paské ou kouté-m, *
 ou vîn tounin pou mouin sa-a ki sovè-m nan.
- 22 Ròch la bòs mason yo té réjité-a, *
 sé li minm ki vîn tounin mitan kouin anlè-a ;
- 23 sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt, *
 sé yon bagay ékstraòdinè nan jé nou.
- 24 Sa-a sé jou Granmèt la fè-a : *
 sé pou nou fété, sé pou nou kontan nan li.
- 25 Granmèt, o, sovè-m ; *
 Granmèt, o, fè nou réyisi !
- 26 Li béni, sa-a k-ap vini o non Granmèt la. *
 Nou béni nou sot nan kay Granmèt la.
- 27 Sé Bondié Granmèt la yé, l-ap kléré nou. *
 Òganizé solanité-a nan ramo ki byin founi,
 jous nan kòn otèl la.
- 28 Sé Bondié-m ou yé, m-ap fè déklarasion pou ou, *
 Bondié mouin, m-ap lévé-ou anlè.
- 29 Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
 poutèt mizérikòd li-a pou sièk la.

Réf. 2 Avèk ramo viktoua-a sin yo rivé nan rouayòm nan, yo mérité résévoua kouròn onè yo nan min Bondié, alélouya.

Réf. 3 Mati yo té mouri pou Kris la, épi y-ap viv pou tout tan, alélouya.

Kantik

1 Piè 2, 21-24

Osijè soufrans volontè Kris la, sèvitè Bondié-a

- ²¹ Kris la tou té soufri pou nou, †
 antan li kitè yon modèl pou nou, *
 pou nou suiv tras li yo ;
- ²² li minm ki pa-t fè péché, *
 yo pa-t jouinn tronpri nan bouch li ;
- ²³ li minm, lè yo t-ap ba-l madichon, li pa-t bay madichon, †
 lè li t-ap soufri, li pa-t fè ménas, *
 okontrè li té rinmèt tèt li bay moun ki t-ap jijé-l avèk injistis ;
- ²⁴ li minm ki poté péché nou yo *
 nan kò-l sou boua-a,
 pou, antan nou mouri parapò a péché yo,
 nou viv parapò a jistis la : *
 li minm ki géri nou avèk blès li yo.

Réf. Mati yo té mouri pou Kris la, épi y-ap viv pou tout tan, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ap 3, 10-12

Paské ou té kinbé paròl pasians mouin-an, mouin minm tou m-ap kinbé-ou nan lè tantasion ki gin pou-l rivé sou tout ronnn tè-a pou tanté moun ki abité sou tè-a. M-ap vini byin vit ; kinbé sa-ou ginyin-an, pou pèsonn pa pran kouròn ou-an. Sa-k ranpòté viktoua-a, m-ap fè-l vîn tounin kolòn nan tanp Bondié mouin-an, épi li pap maché déyò ankò ; m-ap ékri sou li non Bondié mouin-an épi non vil Bondié mouin-an, Jérusalèm nouvo-a, sa-k désann sot nan sièl la, sot kot Bondié mouin-an, épi non nouvo mouin-an.

RÉPONS KOUT

R/. Sin yo ak moun ki kòrèk yo, fè kè nou kontan nan Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Sin yo.

V/. Bondié té chouazi nou pou li kòm éritaj. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Sin yo.

Pou *Magnificat* la, réf. Limiè san rété-a ap kléré pou sin-ou yo, Granmèt, ak étènité tan yo, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Nan lè sa-a, koté Roua mati yo té ofri lavi-l nan soupé-a épi li té dépozé-l sou koua-a, an nou rann li gras, antan n-ap di :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou, paské ou té rinmin nou jouskalafin, sovè nou, sous ak modèl tout mati :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské tout péchè yo ki fè pénitans, ou rélé yo nan rékonpans lavi-a :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské san téstaman ki nouvo-a é ki la pou tout tan-an, ki vidé pou padon péché yo, ou rinmèt Égliz la li pou-l ofri-l :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské pandan jounin sa-a, pa pouvoua lagras ou-a, nou té pèsévéré nan lafoua-a :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské jodi-a, ou té fè anpil frè vîn asosié avèk ou, nan lanmò-ou la :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Papa nou.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di tankou pi louin-an:

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té bay sin **N.** ak **N.** favè pou yo soufri pou Kris la, bay frajilité nou-an tou sékou ki sot nan Bondié-a, pou minm jan yo minm yo pa-t ézité mouri pou ou-a, konsa nou minm tou nou réyisi viv ak fòs antan nou déklaré solanèlman nou rékonèt ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Sé pou priyè mati yo **N.** ak **N.** ki fè-ou plézi-a, Granmèt, li rékòmandé nou koté-ou, épi sé pou-l asiré nou nan déklarasion solanèl vérité-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin pou pliziè fi ki vièj épi ki sibi mati :

Bondié, ou minm ki fè kè nou kontan jodi-a nan komémorasion anuèl sint **N.** ak **N.** la, fè nou favè ak bon kè-ou, pou nou jouinn sékou gras a mérit yo, yo minm ki kléré nou gras a égzanp chasteté-a ak fòs la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin pou pliziè médam ki sin épi ki sibi mati :

Bondié, ou minm gras a ou fòs la réalizé yon fason kòrèk nan féblès la, tout moun k-ap fè sonjé gloua sint **N.** ak **N.** yo, ba yo favè pou yo minm ki té pran rézistans nan ou pou yo té ranpôté viktoua-a, sé nan ou tou pou yo toujou jouinn gras pou nou ranpôté viktoua. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Roua mati yo, Granmèt la, vini an-n adoré-l, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a**IMN**, (*Rex glorióse mártýrum*)

Ou minm roua mati yo ki nan gloua-a,
 kouronnin sa-k déklaré rékonèt ou yo,
 yo minm ki antan yo méprizé sa-k sou tè-a
 ou minnin yo nan sa-k nan sièl yo.

Sé yon zòrèy byinvéyan tousuit
 pou mété sou voua nou yo;
 n-ap chanté trionf sakré-a,
 pa konsidéré sa nou manké yo.

Ou minm ou ranpòté viktoua nan mati yo
 antan ou-ap padoné ak sa-k déklaré rékonèt ou yo;
 ou minm ranpòté viktoua sou péché nou yo
 antan ou bay padon-an.

Ba nou sa, Papa ki gin bon kè anpil la,
 épi Sèl Sa-a ki parèy ak Papa-a,
 avèk Éspri Paraklè-a
 antan ou-ap régné pou tout sièk. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 San sin mati yo sé pou Kris la yo vidé-l sou tè-a; sé poutèt sa yo
 té résévoua rékonpans ki la pou tout tan-an, alélouya.

Psòm 2

Mési-a roua épi sé li-k ranpòté viktoua

Yo rasanblé tout bon vré kont pitit ou-a, Jézu, li minm ou té konsakré-a
(Tr Ap 4, 27).

- 1 Pouki sa nasion yo ap boulvèsé, *
- pèp yo ap fè plan pou bagay ki pa gin konsistans ?
- 2 Roua yo sou tè-a kanpé, †
- chèf yo rasanblé fè yon sèl *
- kont Granmèt la ak kont Kris li-a :
- 3 « An nou kasé chinn yo, *
- an nou jété jouk yo-a sot sou nou ! ».
- 4 Sa-a ki abité nan sièl yo ap ri yo, *
- Granmèt-la ap pasé yo nan jouèt.
- 5 Lè sa-a atò li palé ak yo nan kòlè-l, *
- nan mové san-l, li boulvèsé yo :
- 6 « Sé mouin minm ki instalé roua-m nan *
- sou Siyon, mòn mouin ki sin-an ! ».
- 7 M-ap anonsé désizyon-l nan. †
- Granmèt la di-m : « Sé pitit mouin ou yé ; *
- sé mouin minm jodi-a ki anfanté-ou.
- 8 Mandé-m, m-ap ba-ou nasion yo kòm éritaj ou, *
- propriété-ou sé limit tè-a.
- 9 Ou-ap kòmandé yo ak yon bagèt an fè, *
- tankou véso ki fèt ak tè, ou-ap krazé yo ».
- 10 Koulié-a, roua yo, konprann, *
- pran léson, nou minm k-ap jijé tè-a.
- 11 Sèvi Granmèt la ak krint, *
- fété dévan-l avèk tranbléman.
- 12 Pran disiplîn nan, †
- pou-l pa fè kòlè, épi pou nou pa pèdi chémin, *
- paské l-apral flanbé nan yon ti moman, kòlè-l la.
- Ala kontantman pou tout moun *
- ki konfié nan li.

Réf. San sin mati yo sé pou Kris la yo vidé-l sou tè-a; sé poutèt sa yo té résvoua rékonpans ki la pou tout tan-an, alélouya.

Réf. 2 Sa-k kòrèk yo sé pou tout tan y-ap viv, épi sé kot Granmèt la rékonpans yo yé, alélouya.

Psòm 32 (33)

Louanj pou Granmèt la k-ap voyé jé sou nou

Tout bagay té fèt palintèmediè-l (Jan 1, 3).

I

- ¹ Fété nan Granmèt la, nou minm ki kòrèk yo ; *
- louanj la alé ak moun ki douat yo.
- ² Fè déklarasion pou Granmèt la sou gita, *
- sou instriman dis kòd la, chanté pou li.
- ³ Chanté yon kantik nouvo pou li, *
- joué mizik byin pou li avèk gran bravo,
- ⁴ sèké paròl Granmèt la douat, *
- tout aksion-l yo nan fidélimité.
- ⁵ Li rinmin jistis ak jijman ; *
- mizérikòd Granmèt la plin tè-a.
- ⁶ Ak paròl Granmèt la sièl yo fèt, *
- ak souf bouch li tout lamé yo.
- ⁷ Li ranmasé dlo lanmè-a tankou nan yon kalbas, *
- bafon lanmè yo, li séré yo nan ja.
- ⁸ Sé pou tout tè-a respékté Granmèt la, *
- dévan fas li sé pou tout moun sou tè-a tranblé.
- ⁹ Paské li minm li palé, épi bagay yo fèt, *
- li kòmandé, yo kréyé.
- ¹⁰ Granmèt la gayé plan nasion yo, *

li bloké kalkil pèp yo.

- 11 Min plan Granmèt la rété pou tout tan, *
kalkil kè-l pou jénérasyon ak jénérasyon.

Réf. Sa-k kòrèk yo sé pou tout tan y-ap viv, épi sé kot Granmèt la rékonpans yo yé, alélouya.

Réf. 3 Sin mouin yo, nou minm ki té batay nan sièk sa-a, mouin minm m-ap rinnèt nou rékonpans travay yo, alélouya.

II

- 12 Ala kontantman pou nasion-an,
ki gin Granmèt la pou Bondié-l, *
pèp la li chouazi kòm éritaj li-a.
- 13 Antan-l nan sièl la Granmèt la voyé jé-l, *
li ouè tout pitit moun yo.
- 14 Antan-l nan koté li abité-a li voyé-jé-l *
sou tout moun ki abité tè-a.
- 15 li minm ki fòmé kè yo chak, *
ki égzaminé tout travay yo.
- 16 Roua-a pap sovè gras a yon kantité lamé, *
sòlda vanyan-an pap délivré gras a kantité fòs li.
- 17 Sé pa vré choual ap sèvi pou sovè, *
ak kantité fòs li, li pap sovè.
- 18 Min jé Granmèt la sou moun ki krinn li yo, *
sou moun ki éspéré sou mizérikòd li-a,
- 19 pou-l délivré nanm yo sot nan lanmò, *
pou-l ba yo manjé nan grangou.
- 20 Nanm nou ap tann Granmèt la, *
paské sékou nou ak protéksion nou sé li minm ;
- 21 paské nan li kè nou ap kontan, *

épi nan non-l ki sin-an n-ap éspéré.

²² Sé pou mizèrikòd ou vîn sou nou, Granmèt, *
tankou nou té éspéré sou ou.

Réf. Sin mouin yo, nou minm ki té batay nan sièk sa-a, mouin minm m-ap rinmèt nou rékonpans travay yo, alélouya.

V/. Nanm nou ap tann Granmèt la, alélouya.

R/. Paské sékou nou ak protéksion nou sé li minm, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

7, 9-17

Vizion gran foul moun yo chouazi yo

Nan jou sa yo: ⁹ Mouin minm Jan, mouin té ouè yon gran foul, pèsonn pa-t kapab konté-l, yo té soti nan tout kalité nasion, ras, pèp ak lang, yo té kanpé dévan trôn la ak dévan fas Mouton-an, yo té abiyé ak rad blan, yo té gin branch nan min yo, ¹⁰ yo t-ap rélé byin fò, yo t-ap di : « Sové nou sové-a sé gras a Bondié nou-an, li minm ki chita sou trôn nan, épi gras a Mouton-an ».

¹¹ Tout anj yo té kanpé toutotou trôn nan ak ansyin yo ak kat vivan yo ; yo lagé kò yo sou fas yo dévan trôn nan, yo adoré Bondié, ¹² yo di :

« Amèn. Bénédiksion, gloua, sajès, rémèsiman, konsidérasion, pouvoua ak fòs pou Bondié nou-an pou tout tan k-ap gin tan. Amèn ».

¹³ Youn nan ansyin yo pran laparòl, li di-m : « Sa yo ki abiyé ak rad blan yo, kilès yo yé, épi koté yo soti ? » ¹⁴ Mouin di-l : « Granmèt mouin, ou konnin ». Li di-m : « Sa yo sé sa-k vîn soti nan gran tribilasion-an, yo lavé ròb yo, yo blanchi yo nan san Mouton-an ». ¹⁵ Yo dévan trôn Bondié-a, y-ap sèvi-l lajounin kon nannuit nan tanp li-a, sa-a ki chita sou trôn nan ap abité anlè yo. ¹⁶ *Yo pap grangou ni souaf ankò, solèy pap*

tonbé sou yo, ni okinn chalè, ¹⁷ paské Mouton-an, ki nan mitan trôn nan, *l-ap kondui yo, l-ap minnin yo nan sous dlo lavi-a, Bondié ap suiyé tout dlo nan jé yo.*

RÉPONS

Cf. Saj 10, 17-20

R/. Sin-ou yo, Granmèt, suiv yon chémin ékstraòdinè, antan yo kinbé kòmandman-ou yo. * Pou yo té vîn jouinn yo san domaj nan dlo yo ki té gin fòs yo: tè sèk la té parèt, épi nan lanmè Rouj la yon chémin san antrav, alélouya.

V/. Min-ou ki ranpòtè viktoua-a, yo té fè louanj li yo tout ansanm, épi yo té chanté kantik pou non ou ki sin-an, Granmèt. * Pou yo té vîn jouinn yo.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Lèt sin Sipriyin, évèk épi mati

(Ep. 6, 1-2: CSEL 3, 480-482)

*Nou minm ki anvè rivé nan sa Granmèt la promèt yo
nou doué imité Granmèt la nan tout bagay*

Mouin salué nou, frè yo mouin rinmin anpil la, antan mouin souété tou joui prezans pròp fas nou, si kondision koté-a t-a pèmèt mouin rivé lakay nou. Kisa réyèlman ki t-a kapab rivé-m ki pi souétab épi ki fè kè pi kontan pasé rété koté nou koulié-a, pou-m t-a anbrasé min sa yo ki pròp épi inosan épi antan yo kinbé lafoua Granmèt la, yo té répousé obéyisans sakrilèj la.

Kisa ki pi agréab épi ki pi ro pasé salué bouch nou yo koulié-a ki té fè déklarasion pou Granmèt la ak voua ki gin gloua, pou jé nou tou gadé-m prézan, yo minm ki, lè yo té méprizé sièk la, antan yo té gadé Bondié, yo té rété ak dignité.

Min paské yo pa bay posibilite pou kè kontan sa-a vîn égzisté, mouin voyé lèt sa-a bay zòrèy nou ak jé nou an ranplasman pou mouin; nan lèt sa-a mouin di mèsì épi mouin ankourajé an minm tan pou nou pèsévéré avèk fòs épi fèmté nan déklarasion gloua sièl la, épi antan nou antré nan chémin konsidérasion ki sot nan Granmèt la, pou nou rivé résévoua kouròn nan, gras a puisans spirituèl la, antan nou gin Granmèt la k-ap protéjé nou épi k-ap kondui nou, li minm ki té di: *Min li, mouin avèk nou toujou joutan tè-a fîn rivé bout li.*

Ala chans pou prizon sa-a, li minm prezans nou té kléré-a! Ala chans pou prizon sa-a, ki té voyé moun Bondié yo nan sièl la! Ala fènoua ki briyé pi plis pasé solèy la li-minm, épi ki pi kléré pasé limiè sa-a ki sou tè-a, koté yon sètin fason tanp Bondié yo drésé épi manb nou yo vîn sin gras a déklaré nou déklaré nou pou Bondié-a!

Épi pa gin anyin dôt koulié-a ki vidé nan kè ak nan léspri nou pasé lòd Bondié yo ak kòmandman sièl yo, pa lintèmédiè yo Éspri-Sin-an té toujou pousé nou pou nou sipòté soufrans la. Sé pou pèsonn pa sonjé mouri n-ap mouri-a min mouri nou pap mouri-a, ni chatiman pou yon tan-an, min gloua pou tout tan-an, puiské yo ékri: *Li gin valè dévan Bondié lanmò moun li yo ki kòrèk yo.* Épi yon lòt fous: *Sakrifis pou Bondié sé yon léspri ki krazé, yon kè yo pilé épi yo rabésé Bondié pa méprizé-l.*

Épi yon lòt fous, koté Ékritu Bondié-a ap palé osijè toumant ki konsakré mati Bondié yo épi ki sanktifiyé yo ak prèv soufrans la li-minm: *Épi si dévan moun yo, yo té sipòté soufrans, éspérans yo-a té plin ak mouri yo pap mouri-a. Y-ap jijé nasion yo épi y-ap kòmandé pèp yo épi Granmèt yo-a ap régné pou tout tan.*

Lè donk n-ap sonjé nou minm n-ap gin pou jijé épi régné ansanm ak Kris la Granmèt la, li nésésé pou nou fété épi, ak kè kontan sa k-ap vini yo, pou nou pilé anba pié nou soufrans yo ki la koulié-a, antan nou konnin dépi kòmansman tè-a sé konsa sa té établi pou jistis la soufri anba isit la nan konba kont sièk la, lè nan kòmansman-an tousuit an prémié yo

té touyé Abèl ki kòrèk la, épi apati la ninpòt moun kòrèk ni profèt ni apot yo té voyé yo.

Pou yo tout Granmèt la tou nan li minm minm, li té mété tèt li kòm égzanp, antan li anségné sé sèlman sa yo ki suiv li atravè chémin li-an k-ap rivé nan rouayòm li-an, antan-l di: *Moun ki rinmin nanm li nan sièk sa-a, l-ap pèdi-l. Épi moun ki rayi nanm li nan sièk sa-a l-ap konsèvé-l pou lavi étènèl la. Épi ankò: Pa pè sa yo k-ap touyé kò-a, alòské nanm nan yo pa kapab touyé-l: min pi plis sé pou nou pè sa-a ki kapab touyé ni nanm nan ni kò-a nan jèèn nan.*

Pòl minm ankourajé nou pou nou minm ki anvi rivé nan sa Granmèt la promèt yo, nou doué suiv modèl Granmèt la nan tout bagay: *Nou sé pitit Bondié, sé sa-l di, min si nou sé pitit sé éritié Bondié nou yé tou, épitou nou éritié ansanm ak Kris la, si réyèlman nou soufri ansanm ak li, pou yo fè nou vîn gran ansanm avèk li tou.*

RÉPONS

R/. Antan nou minm n-ap batay épi antan sa lafoua-a rasanblé yo ap goumin, Bondié ap égzaminé, anj li yo ap égzaminé, Kris la tou ap égzaminé. * Ala kantité dignité gloua sa yé, épi ala kantité kontantman pou nou rasanblé an prezans Bondié épi pou nou kouroné nan min Kris la, jij la.

V/. Sé pou nou pran zam ak tout fòs épi sé pou nou paré pou konba-a avèk yon léspri ki pa gaté, yon lafoua intak, yon énéji ki tou paré. * Ala kantité.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Ætérna Christi múnera*)

Ak tout kontantman nan kè nou n-ap chanté
kado Kris la ki la tout tan yo
ak viktoua mati yo,
antan n-ap pot louanj nou doué yo.

Prins Égliz la,
jénéral lagè ki ranpòté viktoua,
sòlda palè sièl la
ak vrè limiè tè-a.

Yo ranpòté viktoua sou sièk la ki t-ap fè yo pè-a
épi yo méprizé soufrans kò-a,
yo pran chémin rakousi lanmò ki sakré-a,
yo rivé posédé limiè ki sin-an.

Anba min bouro ki san léspri-a,
san sakré-a vidé,
min yo minm yo rété san yo pa chanjé
gras a lavi k-ap diré tout tan-an.

Lafoua sin yo ki konsakré-a,
éspérans fidèl yo ki pa fébli-a,
charité Kris la ki kòrèk nèl la
ranpòté viktoua sou chèf tè-a.

Nan yo gloua Papa-a,
nan yo volonté Éspri-a,
nan yo Pitit la fété,
sièl la plin ak kè kontan.

Koulié-a, ou minm Rédanmtè-a, n-ap mandé-ou,
pou sèvitè-ou yo k-ap priyé-a,
ou fè yo asosié ak mati yo

pou sièk k-ap diré tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Pandan mati Kris la té nan soufrans, yo t-ap fikse sièl yo ak jé yo, yo t-ap di : Poté nou sékou, Granmèt, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch sémèn I, 578.

Réf. 2 Éspri ki sin yo ak nanm moun ki kòrèk yo, di yon imn pou Bondié, alélouya.

Réf. 3 Troup Mati yo, sé pou nou fè louanj Granmèt la nan rotè anlè yo, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Jn 5, 3-5

Sa-a sé charité Bondié-a, pou nou kinbé kòmandman-l yo; épi kòmandman-l yo pa lou, paské tout moun ki pran nésans sot nan Bondié, li ranpòté viktoua sou tè-a; épi sa-a sé viktoua-a ki ranpòté viktoua sou tè-a : lafoua nou. Kilès sa-a ki ranpòté viktoua sou tè-a, si sé pa moun ki kouè Jézu sé Pitit Bondié-a ?

RÉPONS KOUT

R/. Kontantman san rété sou tèt yo. * Alélouya, alélouya. Kontantman.

V/. Y-ap rivé jouinn kè kontan ak fèt. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Kontantman.

Pou *Benedictus* la, réf. Sé pou nou kontan épi sé pou nou fété, nou tout sin yo, paské rékonpans nou-an rich anpil nan sièl yo, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Frè yo, Sovè nou-an, témouin fidèl la, pa lintèmediè mati yo touyé yo poutèt paròl Bondié-a, an nou sélébré-l antan n-ap di byin fò :

Ou té rachté nou pou Bondié nan san-ou.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki té anbrasé lanmò-a libréman kòm témouagnaj lafoua-a,

— ba nou, Granmèt, véritab libèté éspri-a.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki té déklaré lafoua-a jous nan san-an,

— ba nou, Granmèt, douati ak pèsévérans lafoua-a.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki antan yo sipòté koua-a té suiv tras ou,

— fè, Granmèt, nou sipòté tribilasyon lavi-a avèk kouraj.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki té lavé rad yo nan san Mouton-an,

— fè nou ranpòté viktoua, Granmèt, sou tout pièj chè-a ak tè-a.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di tankou pi louin-an:

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té bay sin **N.** ak **N.** favè pou yo soufri pou Kris la, bay frajilité nou-an tou sékou ki sot nan Bondié-a, pou minm jan yo minm yo pa-t ézité mouri pou ou-a, konsa nou minm tou nou réyisi viv ak fòs antan nou déklaré solanèlman nou rékonèt ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Sé pou priyè mati yo **N.** ak **N.** ki fè-ou plézi-a, Granmèt, li rékòmandé nou koté-ou, épi sé pou-l asiré nou nan déklarasyon solanèl vérité-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin pou pliziè fi ki vièj épi ki sibi mati :

Bondié, ou minm ki fè kè nou kontan jodi-a nan komémorasion anuèl sint **N.** ak **N.** la, fè nou favè ak bon kè-ou, pou nou jouinn sékou gras a mérit yo, yo minm ki kléré nou gras a égzanp chasteté-a ak fòs la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin pou pliziè médam ki sin épi ki sibi mati :

Bondié, ou minm gras a ou fòs la réalizé yon fason kòrèk nan féblès la, tout moun k-ap fè sonjé gloua sint **N.** ak **N.** yo, ba yo favè pou yo minm ki té pran rézistans nan ou pou yo té ranpòté viktoua-a, sé nan ou tou pou yo toujou jouinn gras pou nou ranpòté viktoua. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Granmèt la té ba yo yon batay ki mandé kouraj, pou yo vîn konn ranpòté viktoua, paské sajès la pi fò pasé tout bagay, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ap 2, 10-11

Pa pè anyin nan sa-ou gin pou-ou soufri yo. Min Djab la apral voyé kèk nan nou nan prizon, pou yo tanté nou, épi n-ap gin tribilasion pandan dis jou. Rét fidèl jouskalamò, m-ap ba-ou kouròn lavi-a.

V/. Sin yo, ki éspéré nan Granmèt la, alélouya.

R/. Y-ap gin fòs, épi yo pap fébli, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Granmèt la té kouroné yo avèk kouròn jistis, épi li té ba yo non ki sin pou gloua-a, alélouya.

LÉKTU KOUT**Ap 3, 21**

Moun ki ranpòté viktoua-a, m-ap ba-l posibilite pou-l chita avèk mouin sou trôn mouin-an, minm jan mouin minm mouin té ranpòté viktoua-a épi mouin té chita avèk Papa-m sou trôn li-an.

V/. Lapinn nou-an, alélouya.

R/. Ap vîn tounin kè kontan, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Antan yo alé yo t-apralé épi yo t-ap kriyé, antan y-ap lagé sémans yo-a, alélouya.

LÉKTU KOUT**Ap 19, 7. 9**

Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou bay Bondié gloua, paské nòs Mouton-an rivé. Ala kontantman pou moun yo invité nan soupé nòs Mouton-an !

V/. Antan y-ap vini, y-ap vini nan fèt, alélouya.

R/. Pandan y-ap poté zépi yo, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Sanctorum méritis inclita gáudia*, 1269.

PSÒM YO

Réf. 1 Kò sin yo, yo antéré nan lapè, épi non yo ap viv pou tout tan, alélouya.

Psòm 114 (116 A)
Aksion-d-gras

Nou gin pou nou pasé anpil tray pou nou antré nan péyi-roua Bondié-a
(Tr Ap 14, 22).

- ¹ Mouin té rinmin, paské Granmèt la té kouté *
voua priyè-m nan.
- ² Paské li té panché zòrèy li sou mouin, *
lè nan jou-m yo mouin t-ap rélé-a.
- ³ Pièj lanmò yo té antouré-m, *
kè séré lanfè yo té rivé sou mouin.
Tribilasyon ak doulè, sé sa mouin té jouinn †
- ⁴ épi sé non Granmèt la mouin té rélé : *
« Granmèt, o, délivré nanm mouin ».
- ⁵ Granmèt la gin mizérikòd, li kòrèk, *
épi Bondié nou-an pran pitié.
- ⁶ Antan Granmèt la protéjé ti piti yo ; *
mouin rabésé, l-ap sovè-m.
- ⁷ Tounin, nanm mouin, nan répo-ou, *
paské Granmèt la fè-ou dibyin ;
- ⁸ Paské li té délivré nanm mouin sot nan lanmò, †
jé-m yo sot nan dlo, *
pié-m yo sot nan fo-pa.
- ⁹ M-ap maché dévan Granmèt la *
nan réjion vivan yo.

Réf. Kò sin yo, yo antéré nan lapè, épi non yo ap viv pou tout tan, alélouya.

Réf. 2 Mouin té ouè nanm sa yo té touyé yo poutèt paròl Bondié-a épi poutèt témouagnaj la yo té ginyin-an, alélouya.

Psòm 115 (116 B)

Aksion-d-gras nan tanp la

Pa lintèmediè-l (Jézu-Kri), sé pou nou ofri yon sakrifis louanj pou tout tan bay Bondié (Éb 13, 15).

- ¹⁰[1] Mouin té gin konfians, minm lè-m di : *
- « Mouin rabésé anpil ».
- ¹¹[2] Mouin té di nan trò présé-m nan : *
- « Tout moun sé mantè ».
- ¹²[3] Ki sa pou-m rinnèt Granmèt la *
- pou tou sa li rinnèt mouin ?
- ¹³[4] M-ap pran kalis ki sovè nou-an, *
- m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁴[5] M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
- dévan tout pèp li-a.
- ¹⁵[6] Li gin anpil valè dévan jé Granmèt la *
- lanmò sin-l yo.
- ¹⁶[7] Granmèt, o, mouin sé sèvitè-ou, *
- mouin sé sèvitè-ou ak pitit sèvant ou.
- Ou té kasé chinn mouin yo : †
- ¹⁷[8] m-ap sakrifé sakrifis louanj ba ou, *
- m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁸[9] M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
- dévan tout pèp li-a.
- ¹⁹[10] nan lakou kay Granmèt la, *
- nan mitan-ou, Jérusalèm.

Réf. Mouin té ouè nanm sa yo té touyé yo poutèt paròl Bondié-a épi poutèt témouagnaj la yo té ginyin-an, alélouya.

Réf. 3 Sa yo sé sin yo, ki té rinmèt kò yo pou téstaman Bondié-a, épi ki té lavé rad yo nan san Mouton-an, alélouya.

Kantik

Ap 4, 11 ; 5, 9. 10. 12

Kantik sa yo rachté yo

- ^{4,11} Ou mérité sa, Granmèt ak Bondié nou, *
 pou-ou résévoua gloua ak konsidérasion ak otorité,
 paské ou té kréyé tout bagay, *
 épi sé akòz volonté-ou yo té fèt, yo té kréyé.
- ^{5,9} Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la, *
 pou-ou ouété sélé-l yo,
 paské yo té touyé-ou, †
 épi ou rachté nou pou Bondié nan san-ou *
 sot nan tout ras, lang, pèp ak nasion
- ¹⁰ épi ou fè nou vîn tounin péyi-roua ak prèt pou Bondié nou, *
 n-ap kòmandé kòm roua sou tè-a.
- ¹² Li mérité, Mouton-an yo té touyé-a, †
 pou-l résévoua puisans, richès, sajàs, *
 fòs, onè, gloua ak bédiksyon.

Réf. Sa yo sé sin yo, ki té rinmèt kò yo pou téstaman Bondié-a, épi ki té lavé rad yo nan san Mouton-an, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ap 7, 14b-17

Sa yo sé sa-k vîn soti nan gran tribilasyon-an, yo lavé ròb yo, yo blanchi yo nan san Mouton-an. Sé poua yo dévan trôn Bondié-a, y-ap sèvi-l lajounin kon nannuit nan tanp li-a, épi sa-a ki chita sou trôn nan ap abité anlè yo. Yo pap grangou ankò ni souaf ankò, solèy pap tonbé sou

yo, ni okinn chalè, paské Mouton-an, ki nan mitan trôn nan, l-ap kondui yo, l-ap minnin yo nan sous dlo lavi-a, épi Bondié ap suiyé tout dlo nan jé yo.

RÉPONS KOUT

R/. Moun ki kòrèk yo ap kléré tankou solèy dévan fas Bondié. * Alélouya, alélouya. Moun ki kòrèk yo.

V/. Tout moun ki gin kè yo douat ap réjoui tou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Moun ki kòrèk yo.

Pou *Magnificat* la, réf. Sé pou nou kontan, sin yo, dévan fas Mouton-an; rouayòm nan paré pou nou dépi kòmansman tè-a, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Nan lè sa-a, koté Roua mati yo té ofri lavi-l nan soupé-a épi li té dépozé-l sou koua-a, an nou rann li gras, antan n-ap di :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou, paské ou té rinmin nou jouskalafin, sovè nou, sous ak modèl tout mati :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské tout péchè yo ki fè pénitans, ou rélé yo nan rékonpans lavi-a :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské san téstaman ki nouvo-a é ki la pou tout tan-an, ki vidé pou padon péché yo, ou rinnèt Égliz la li pou-l ofri-l :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské pandan jounin sa-a, pa pouvoua lagras ou-a, nou té pèsévéré nan lafoua-a :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské jodi-a, ou té fè anpil frè vîn asosié avèk ou, nan lanmò-ou la :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Papa nou.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di tankou pi louin-an:

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té bay sin **N.** ak **N.** favè pou yo soufri pou Kris la, bay frajilité nou-an tou sékou ki sot nan Bondié-a, pou minm jan yo minm yo pa-t ézité mouri pou ou-a, konsa nou minm tou nou réyisi viv ak fòs antan nou déklaré solanèlman nou rékonèt ou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Sé pou priyè mati yo **N.** ak **N.** ki fè-ou plézi-a, Granmèt, li rékòmandé nou koté-ou, épi sé pou-l asiré nou nan déklarasion solanèl vérité-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin pou pliziè fi ki vièj épi ki sibi mati :

Bondié, ou minm ki fè kè nou kontan jodi-a nan komémorasion anuèl sint **N.** ak **N.** la, fè nou favè ak bon kè-ou, pou nou jouinn sékou gras a mérit yo, yo minm ki kléré nou gras a égzanp chasteté-a ak fòs la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin pou pliziè médam ki sin épi ki sibi mati :

Bondié, ou minm gras a ou fòs la réalizé yon fason kòrèk nan féblès la, tout moun k-ap fè sonjé gloua sint **N.** ak **N.** yo, ba yo favè pou yo minm

ki té pran rézistans nan ou pou yo té ranpòté viktoua-a, sé nan ou tou pou yo toujou jouinn gras pou nou ranpòté viktoua. Pa pouvoua Jézu-Kri.

POU YON SÈL MATI**Pou premié Vèp yo****IMN** (*Deus, tuórum militum*)

Bondié, éritaj, kouròn
 ak rékonpans sòlda-ou yo,
 antan n-ap chanté louanj mati-a,
 lagé nou sot nan kòd péché-a.

Témouin sa-a té déklaré ak bouch li
 sa-l té kouè nan fon kè-l la;
 antan l-ap suiv Kris la li té rivé jouinn li
 ak san-l li kité koulé-a.

Réyèlman vré antan-l konsidéré kè kontan tè-a
 avèk mové atirans li yo
 tankou bagay k-ap pasé,
 li rivé jous nan sièl la.

Li kouri ak fòs al jouinn soufrans yo,
 épi li sipòté yo avèk kouraj,
 antan-l vidé san-l pou ou,
 li posédé kado pou tout tan yo.

Gras a priyè sa-a k-ap sipliyé-a
 n-ap mandé-ou, ou minm ki bon anpil,
 nan viktoua mati sa-a,
 padonnin fot sèvitè-ou yo,

Pou nou rivé patisipé
 nan rékonpans li avèk li,
 pou nou joui sou fotèy sièl yo,
 ansanm ak li san rété.

Louanj ak gloua san rété,
 pou ou. Papa, ansanm ak Pitit la,
 ansanm ak Éspri-Sin Paraklè-a,
 pou sièk sièk yo. Amèn.

Pou yon vièj ki mati : *Virginis Proles opiféxque Matris*

Pitit Vièj la, ou minm ki fè Manman-ou,
 ou minm Vièj la té poté-ou nan vant la épi Vièj li té anfanté-a,
 n-ap chanté fèt viktoua yon vièj:
 résévoua démann nou yo.

Vièj ou sa-a, li minm ki sin kom vièj ak mati,
 pandan li cho pou-l donté kò frajil fi yo ginyin-an,
 ak kò li, li té ranpòté viktoua
 sou sièk sa-a k-ap vidé san-l.

Konsa antan li pa pè ni lanmò-a,
 ni tout kalité soufrans térib ki zanmi lanmò-a,
 antan-l té vidé san-l,
 li té mérité monté nan sièl ki sakré-a,

Gras a priyè-l, Bondié ki sin,
 padonnin fot nou yo, raché mové tandans nou yo,
 pou imn kè ki nèt la kapab sonnin pou ou,
 pou tout tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Sa ki rékonèt mouin dévan moun yo, mouin minm tou m-ap rékonèt li dévan Papa-m, alélouya.

Voua rèl fèt ak sové-a

Sa-a sé ròch la, nou minm bès mason yo nou té réjyé-a, ki vîn tounin mitan kouin anlè-a (Tr Ap 4, 11).

I - II

- 1 Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 2 Sé pou Israèl di sa koulié-a, poutèt li bon, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 3 Sé pou kay Aaron-an di sa koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 4 Sé pou sa yo ki krinn Granmèt la di koulié-a, *
poutèt mizérikòd li pou tout tan.
- 5 Nan tribilasion-an mouin té rélé Granmèt la, *
Granmèt la té kouté-m antan li fè-m soti nan koté ki laj.
- 6 Granmèt la avèk mouin, *
mouin pa pè sa yon moun kapab fè-m.
- 7 Granmèt la avèk mouin kòm sékou mouin, *
mouin minm minm m-ap méprizé ènmi-m yo.
- 8 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan moun.
- 9 Li bon pou nou kaché nan Granmèt la *
pasé pou nou mét konfians nan chèf.
- 10 Tout nasion yo antouré-m, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 11 Antan yo ansèklé-m byin ansèklé, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 12 Yo té ansèklé-m tankou mièl, †
yo flanbé tankou difé nan pikan, *
o non Granmèt la mouin chasé yo.
- 13 Antan yo pousé-m byin pousé pou-m tonbé, *

Granmèt la poté-m sékou.

- 14 Fòs mouin ak louanj mouin sé Granmèt la, *
sé li minm ki sové-m.
- 15 Voua fèt ak sové nou sové-a *
nan tant moun ki kòrèk yo :
- 16 « Min douat Granmèt la fè mèvèy ! †
min douat Granmèt la lévé-m byin ro ; *
min douat Granmèt la fè mèvèy ! »
- 17 Mouin pap mouri, min m-ap viv *
épi m-ap rakonté travay Granmèt la.
- 18 Antan Granmèt la té korijé-m byin korijé *
min li pa lagé-m nan lanmò.

Réf. Sa ki rékonèt mouin dévan moun yo, mouin minm tou m-ap rékonèt li dévan Papa-m, alélouya.

Réf. 2 Sa ki suiv mouin, li pap maché nan fènoua yo, min l-ap gin limiè lavi-a, sé sa Granmèt la di, alélouya.

III

- 19 Louvri pòt jistis yo pou mouin ; *
m-ap antré nan yo pou-m fè louanj Granmèt la.
- 20 Sa-a sé pòt Granmèt la ; *
moun ki kòrèk yo ap antré ladan-l.
- 21 M-ap fè déklarasion pou ou, paské ou kouté-m, *
ou vîn tounin pou mouin sa-a ki sové-m nan.
- 22 Ròch la bòs mason yo té réjté-a, *
sé li minm ki vîn tounin mitan kouin anlè-a ;
- 23 sé nan Granmèt la sa soti pou-l fèt, *
sé yon bagay ékstraòdinè nan jé nou.

- 24 Sa-a sé jou Granmèt la fè-a : *
 sé pou nou fété, sé pou nou kontan nan li.
- 25 Granmèt, o, sovè-m ; *
 Granmèt, o, fè nou réyisi !
- 26 Li béni, sa-a k-ap vini o non Granmèt la. *
 Nou béni nou sot nan kay Granmèt la.
- 27 Sé Bondié Granmèt la yé, l-ap kléré nou. *
 Òganizé solanité-a nan ramo ki byin founi,
 jous nan kòn otèl la.
- 28 Sé Bondié-m ou yé, m-ap fè déklarasion pou ou, *
 Bondié mouin, m-ap lévé-ou anlè.
- 29 Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon, *
 poutèt mizérikòd li-a pou tout tan.

Réf. Sa ki suiv mouin, li pap maché nan fènoua yo, min l-ap gin limiè lavi-a, sé sa Granmèt la di, alélouya.

Réf. 3 Minm jan yo anpil soufrans Kris la nan nou, konsa, gras a Kris la tou, l-ap anpil konsolasion nou-an, alélouya.

Kantik

1 Piè 2, 21-24

Osijè soufrans volontè Kris la, sèvitè Bondié-a

- 21 Kris la tou té soufri pou nou, †
 antan li kité yon modèl pou nou, *
 pou nou suiv tras li yo ;
- 22 li minm ki pa-t fè péché, *
 yo pa-t jouinn tronpri nan bouch li ;
- 23 li minm, lè yo t-ap ba-l madichon, li pa-t bay madichon, †
 lè li t-ap soufri, li pa-t fè ménas, *
 okontrè li té rinmèt tèt li bay moun ki t-ap jijé-l avèk injistis ;

24 li minm ki poté péché nou yo *
 nan kò-l sou boua-a,
 pou, antan nou mouri parapò a péché yo,
 nou viv parapò a jistis la : *
 li minm ki géri nou avèk blès li yo.

Réf. Minm jan yo anpil soufrans Kris la nan nou, konsa, gras a Kris la tou, l-ap anpil konsolasion nou-an, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ap 3, 10-12

Paské ou té kinbé paròl pasians mouin-an, mouin minm tou m-ap kinbé-ou nan lè tantasion ki gin pou-l rivé sou tout ronnn tè-a pou tanté moun ki abité sou tè-a. M-ap vini byin vit ; kinbé sa-ou ginyin-an, pou pèsonn pa pran kouròn ou-an. Sa-k ranpòtè viktoua-a, m-ap fè-l vîn tounin kolòn nan tanp Bondié mouin-an, épi li pap maché déyò ankò ; m-ap ékri sou li non Bondié mouin-an épi non vil Bondié mouin-an, Jérusalèm nouvo-a, sa-k désann sot nan sièl la, sot kot Bondié mouin-an, épi non nouvo mouin-an.

RÉPONS KOUT

R/. Sin yo ak moun ki kòrèk yo, fè kè nou kontan nan Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Sin yo.

V/. Bondié té chouazi nou pou li kòm éritaj. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Sin yo.

Pou *Magnificat* la, réf. Limiè san rété-a ap kléré pou sin-ou yo, Granmèt, ak étènitè tan yo, alélouya.

PRİYÈ INTÈSÉSION YO

Nan lè sa-a, koté Roua mati yo té ofri lavi-l nan soupé-a épi li té dépozé-l sou koua-a, an nou rann li gras, antan n-ap di :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou, paské ou té rinmin nou jouskalafin, sovè nou, sous ak modèl tout mati :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské tout péchè yo ki fè pénitans, ou rélé yo nan rékonpans lavi-a :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské san téstaman ki nouvo-a é ki la pou tout tan-an, ki vidé pou padon péché yo, ou rinnèt Égliz la li pou-l ofri-l :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské pandan jounin sa-a, pa pouvoua lagras ou-a, nou té pèsévéré nan lafoua-a :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské jodi-a, ou té fè anpil frè vîn asosié avèk ou, nan lanmò-ou la :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Papa nou.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo:

Bondié ki gin tout pouvoua épi ki gin mizérikòd ou minm ki té fè mati-ou la sin **N.** ranpòté viktoua sou touman soufrans li yo, pèmèt pou, nou minm k-ap sélébré jou trionf li-a, nou rété fèm, gras a protéksion-ou sot nan pièj ènmi-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin:

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té bay sin **N.** favè pou li batay pou jistis la jous nan lanmò, fè pou gras a intèsésion-l, nou sipòté tout kontrariété yo poutèt rinmin-ou nan, épi nou présé maché ak tout fòs al jouinn ou, ou minm sèl ki lavi-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon fi vièj ki mati :

Bondié, ou minm ki fè kè nou kontan jodi-a nan komémorasion anuèl sint **N.** la, fè nou favè ak bon kè-ou, pou nou jouinn sékou gras a mérit li yo, li minm ki kléré nou gras a égzanp chasteté-l ak fòs li. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon madanm ki sin ki mati :

Bondié, ou minm gras a ou fòs la réalizé yon fason kòrèk nan féblès la, tout moun k-ap fè sonjé gloua sint **N.** yo, ba yo favè pou li minm ki té pran rézistans nan ou pou-l té ranpòté viktoua-a, sé nan ou tou pou-l toujou jouinn gras pou nou ranpòté viktoua. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Roua mati yo, Granmèt la, vini, an-n adoré-l, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Beáte (Beáta) martyr, própsera*)

Mati ki sin sé pou kontan

jou trionf ou-a,
 koté pou rékonpans san-an
 yo ba-ou kouròn sa-k ranpòté viktoua-a.

Sé ou minm sa-a ki sot nan fènoua sièk la,
 lè ou ranpòté viktoua sou bouro-a ak jij la,
 jou-a té poté-ou nan sièl la
 li rinmèt ou bay Kris la ak éklatman kè kontan.

Kounié-a ou-ap patisipé ak anj yo
 ou kléré toupatou ak rad ékstraòdinè,
 sa-ou té lavé kòm témouin ki pap tonbé
 nan riviè san-an.

Rét prézan koulié-a épi sipliyé,
 pou sa fè Kris la plézi
 panché zòrèy byinvéyans li,
 épi pa kité moun pa-l yo poté chaj tout domaj yo.

Proché isit la yon ti kras
 antan ou-ap poté favè Kris la
 pou sans yo ki lou yo
 santi soulajman padon-an.

Onè pou Papa-a ak Pitit la
 épi Éspri Paraklè-a,
 yo minm ki mété kouròn k-ap rété-a
 sou tèt ou nan palè gloua-a. Amèn.

Pou yon vièj ki mati: *O Christe, flos convallium*

Ou minm Kris la, flè tè fon yo,
 sé ou minm n-ap lévé anlè ak louanj yo,
 poutèt ou té dékoré vièj sa-a

ak palm mati-a tou.

Li minm ki gin bon jijman, ki gin fòs, ki saj,
li té déklaré lafoua-a san krint,
touman ki térib yo, sé poutèt ou minm,
li té résévoua yo san-l pa pè.

Konsa lè-l méprizé chèf tè sa-a,
antan-l rich ak kado-ou la
sa-l rivé ginyin ak yon batay jous nan san-an,
li té ranpòté rékonpans tout tan yo.

Ou minm Rédanmtè-a ki gin bon kè
ajouté nou kòm asosié mérit li yo,
pou ak yon éspri ki pròp nou joui
frui san-ou nan.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou minm ki pran nésans sot nan Vièj la,
pou Papa-a tou ak Éspri rékonfò-a,
nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Tout moun ap rayi nou poutèt non mouin ; min sa ki pèsévéré jouskalafin, sé li minm k-ap sovè, alélouya.

Psòm 2

Mési-a roua épi sé li-k ranpòté viktoua

Yo rasanblé tout bon vré kont pitit ou-a, Jézu, li minm ou té konsakré-a (Tr Ap 4, 27).

¹ Pouki sa nasion yo ap boulvèsé, *
pèp yo ap fè plan pou bagay ki pa gin konsistans ?

- 2 Roua yo sou tè-a kanpé, †
 chèf yo rasanblé fè yon sèl *
 kont Granmèt la ak kont Kris li-a :
- 3 « An nou kasé chinn yo, *
 an nou jété jouk yo-a sot sou nou ! ».
- 4 Sa-a ki abité nan sièl yo ap ri yo, *
 Granmèt-la ap pasé yo nan jouèt.
- 5 Lè sa-a atò li palé ak yo nan kòlè-l, *
 nan mové san-l, li boulvèsé yo :
- 6 « Sé mouin minm ki instalé roua-m nan *
 sou Siyon, mòn mouin ki sin-an ! ».
- 7 M-ap anonsé désizyon-l nan. †
 Granmèt la di-m : « Sé pitit mouin ou yé ; *
 sé mouin minm jodi-a ki anfanté-ou.
- 8 Mandé-m, m-ap ba-ou nasion yo kòm éritaj ou, *
 propriété-ou sé limit tè-a.
- 9 Ou-ap kòmandé yo ak yon bagèt an fè, *
 tankou véso ki fèt ak tè, ou-ap krazé yo ».
- 10 Koulié-a, roua yo, konprann, *
 pran léson, nou minm k-ap jijé tè-a.
- 11 Sèvi Granmèt la ak krint, *
 fété dévan-l avèk tranbléman.
- 12 Pran disiplîn nan, †
 pou-l pa fè kòlè, épi pou nou pa pèdi chémin, *
 paské l-apral flanbé nan yon ti moman, kòlè-l la.
 Ala kontantman pou tout moun *
 ki konfié nan li.

Réf. Tout moun ap rayi nou poutèt non mouin ; min sa ki pèsévéré jouskalafin, sé li minm k-ap sové, alélouya.

Réf. 2 Soufrans tan sa-a pa anyin dévan gloua k-ap vini-an k-ap révéle nan nou-an, alélouya.

Psòm 10 (11)

Granmèt la, konfians moun kòrèk la

Ala kontantman pou moun ki grangou, ki souaf jistis la, paské y-ap jouinn satisfaksion (Mt 5, 6).

- ¹ Sé nan Granmèt la mouin kaché kò-m; kòman nou fè di-m : *
« Sové kò-ou nan mòn nan tankou irondèl la » ?
- ² Sèké méchan yo gin tan drésé zam pou tiré flèch yo, †
yo ajisté flèch yo sou kòd la, *
pou yo tiré an kachèt sou moun ki gin kè yo douat.
- ³ Si fondasion yo fin démoli, *
sa pou moun ki kòrèk la fè ?
- ⁴ Granmèt la nan tanp li-a ki sin-an, *
Granmèt la gin trôn li nan sièl la.
Jé-l ap gadé sou pòv la,
pòpiè-l ap pozé pitit moun yo késion.
- ⁵ Granmèt la ap pozé moun ki kòrèk la ak méchan-an késion ; *
moun ki rinmin péché-a, li rayi nanm li.
- ⁶ L-ap fè chabon difé tonbé sou méchan yo ; *
sé difé, souf ak van cho k-ap pèsion éritaj yo.
- ⁷ Sèké Granmèt la kòrèk, li rinmin jistis, *
moun ki douat yo ap ouè fas li.

Réf. Soufrans tan sa-a pa anyin dévan gloua k-ap vini-an k-ap révéle nan nou-an, alélouya.

Réf. 3 Tankou lò nan founèz Granmèt la té fè sa-l chouazi yo bay prèv yo, épi tankou sakrifis yo boulé tout-antié, li té aksépté yo pou tout tan, alélouya.

Psòm 16 (17)

Granmèt, sové-m anba méchan yo

Nan jou li té pasé nan chè-a... antan-l ofri priyè épi li té ékzosé (Ébr 5, 7).

- 1 Kouté jistis mouin, Granmèt, *
panché sou priyè-m.
Paré zòrèy ou nan priyè-m, *
- 2 ki pa sot nan bouch manti.
Sé pou jijman-m nan soti nan fas ou ; *
- 3 sé pou jé-ou ouè sa ki douat yo.
Sondé kè-m, vizité-m nan nuit ; †
éséyé-m avèk difé, *
- 4 ou pap jouinn méchansté nan mouin.
Bouch mouin pa pasé akoté, nan aksion moun, *
poutèt paròl bouch ou
mouin kinbé tèt mouin louin chémin sa k-ap fè violans yo.
- 5 Kinbé plant pié-m nan santié-ou yo, *
pou démach mouin pa tranblé.
- 6 Mouin minm sé koté-ou mouin rélé, paské ou kouté-m, Bondié ; *
panché zòrèy ou sou mouin, kouté paròl mouin yo.
- 7 Fè mèvèy mizérikòd ou yo parèt, *
ou minm ki sové moun ki éspéré nan ou yo anba sa k-ap ataké yo,
nan min douat ou.
- 8 Protéjé-m tankou grinn jé, †
anba lonbraj zèl ou, protéjé-m *
- 9 sot nan fas méchan yo, yo minm k-ap pèsékité-m nan.
Ènmi-m yo ap fè vironn mouin nan kòlè, †
- 10 yo fèmin nan gra yo gra-a ; *
bouch yo ap palé avèk arogans.
- 11 Y-ap avansé koulié-a, y-ap antouré-m, *

- yo désidé jé yo pou yo blayi moun nan tè-a.
- ¹² Yo sanblé ak lion ki paré pou dévoré sa-l pran, *
épi ak pitit lion ki instalé nan kachèt yo.
- ¹³ Kanpé Granmèt, pran dévan fas li, chiré-l ; *
raché nanm mouin sot nan min méchan-an, avèk épé ou,
- ¹⁴ sot nan mitan mò yo ak min-ou, Granmèt, *
sot nan mitan mò yo, sa yo ki manké pòsion lavi yo-a.
Ak rézèv ou yo ki kaché ou plin vant yo, *
yo gin kont pitit,
yo kité rèz yo pou désandans yo.
- ¹⁵ Kanta mouin minm, nan jistis m-ap ouè fas ou, *
lè m-ap révéyé, m-ap satisfè dévan fas ou.

Réf. Tankou lò nan founèz Granmèt la té fè sa-l chouazi yo bay prèv yo, épi tankou sakrifis yo boulé tout-antié, li té aksépté yo pou tout tan, alélouya.

V/. Tribilasion ak kè séré té anvayi-m, alélouya.

R/. Lòd ou yo sé méditation-m, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips

7, 9-17

Vizion gran foul moun yo chouazi yo

Nan jou sa yo: ⁹ Mouin minm Jan, mouin té ouè yon gran foul, pèsonn pa-t kapab konté-l, yo té soti nan tout kalité nasion, ras, pèp ak lang, yo té kanpé dévan trôn la ak dévan fas Mouton-an, yo té abiyé ak rad blan, yo té gin branch nan min yo, ¹⁰ yo t-ap rélé byin fò, yo t-ap di : « Sové nou sové-a sé gras a Bondié nou-an, li minm ki chita sou trôn nan, épi gras a Mouton-an ».

¹¹ Tout anj yo té kanpé toutotou trôn nan ak ansyin yo ak kat vivan yo ; yo lagé kò yo sou fas yo dévan trôn nan, yo adoré Bondié, ¹² yo di :

« Amèn. Bénédiksion, gloua, sajès, rémèsiman, konsidérasion, pouvoua ak fòs pou Bondié nou-an pou tout tan k-ap gin tan. Amèn ».

¹³ Youn nan ansyin yo pran laparòl, li di-m : « Sa yo ki abiyé ak rad blan yo, kilès yo yé, épi koté yo soti ? » ¹⁴ Mouin di-l : « Granmèt mouin, ou konnin ». Li di-m : « Sa yo sé sa-k vîn soti nan gran tribilasion-an, yo lavé ròb yo, yo blanchi yo nan san Mouton-an ». ¹⁵ Yo dévan trôn Bondié-a, y-ap sèvi-l lajounin kon nannuit nan tanp li-a, sa-a ki chita sou trôn nan ap abité anlè yo. ¹⁶ *Yo pap grangou ni souaf ankò, solèy pap tonbé sou yo, ni okinn chalè,* ¹⁷ paské Mouton-an, ki nan mitan trôn nan, *l-ap kondui yo, l-ap minnin yo nan sous dlo lavi-a, Bondié ap suiyé tout dlo nan jé yo.*

RÉPONS

Ap 2, 10c. 11b; Sir 4, 33

R/. Rét fidèl jouskalamò, m-ap ba-ou kouròn lavi-a. * Moun ki ranpôté viktoua-a, dézièm lanmò-a pap fè-l anyin, alélouya.

V/. Jous lanmò, batay pou jistis la, épi Bondié-a ap batay pou ou kont ènmi-ou yo. * Moun ki ranpôté viktoua-a.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Prèch sin Ogustin, évèk

(Sermo 329, In natali martyrum: PL 38, 1454-1456)

Lanmò mati yo gin pri, sa yo achte ak pri lanmò Kris la

Pa lintèmédiè sa sin mati yo té akonpli-a, yo minm ki fè Égliz la fléri tout koté-a, ak pròp jé pa nou yo nou konstaté nan ki pouin sa nou t-ap chanté-a sé vérité, paské *lanmò sin-l yo gin pri dévan Granmèt la*: si dévan nou li gin pri, pi plis dévan-l, li minm sé pou non-l sa fèt la.

Min lanmò yon sèl la sé pri lanmò sa yo. Ki kantité lanmò yon sèl té achté antan l-ap mouri-a, li minm, si li pa-t mouri, grinn blé-a pa t-ap vîn anpil la? Nou té tandé paròl li yo, lè soufrans la t-ap proché-a, sètadi, lè rédanmsion pa nou-an t-ap proché-a: *Si grinn blé-a ki tonbé nan tè-a pa mouri, li minm sé pou kont li l-ap rété: min si li t-a mouri, sé anpil frui l-ap poté.*

Réyèlman sou koua-a li té fè yon gran komès; koté sa-a bous pri nou-an té démaré, lè kòt li-a té louvri-a ak lans moun ki té frapé-l la, pri tout tè-a té koulé sot la.

Yo té achté fidèl yo épi mati yo, min lafoua mati yo té bay prèv; sé san-an ki témouin. Sa ki té dépanse pou yo-a, yo té rimmèt li épi yo té akonpli sa sin Jan di-a: *Minm jan Kris la té dépozé nanm li-a pou nou-an, sé konsa nou minm tou nou doué dépozé nanm nou yo pou frè nou yo.*

Épi yon lòt koté yo di: *Ou té chita sou yon tab ki gran, konsidéré avèk atansion sa yo mété dévan-ou nan, paské fòk ou préparé minm bagay yo.* Sé yon tab ki gran koté manjé nou manjé-a sé mèt tab la li-minm minm. Pèsonn pa nourri invité yo ak pròp tèt pa-l: sé sa Granmèt la, Kris la, fè; sé li minm ki fè invitasion-an, sé li-minm ki manjé-a ak bouason-an. Mati yo donk té rékonèt ki sa yo t-ap manjé épi yo t-ap bouè, pou sé minm bagay yo t-a rimmèt.

Min kibò sé minm bagay yo t-a rimmèt la, si sé pa li minm ki t-a bay pou yo té ka rimmèt la, li-minm ki an premié té dépanse-a? Apati la Psòm nan tou, koté nou té chanté sa-k ékri-a: *Li gin pri dévan Granmèt la lanmò sin-l yo, kisa li mandé nou?*

Moun nan té konsidéré la-a kantité bagay li té résévoua nan min Bondié; li té égzaminé ki kantité kado gras Sa-a ki gin Tout Pouvoua-a, ki té kréyé li-a, ki té chèché-l antan-l pèdi-a, ki té padoné-l lè-l té jouinn li-a, ki té édé-l antan-l t-ap goumin ak fòs ki fèb yo, ki pa-t ralé kò-l lè-l té an danjé-a, ki té kouronnin-l lè-l té ranpòté viktoua-a, li minm ki bay pròp tèt li kòm rékonpans-la: li té konsidéré tout bagay sa yo, li té rélé byin fò, li té di: *Kisa m-ap rimmèt Granmèt la pou sa li minm li té rimmèt mouin yo? M-ap lévé kalis sové li sové-m nan.*

Kisa ki kalis sa-a? Kalis soufrans anmè-a épi ki kapab sovè-a: kalis, sa-a, si doktè-a pa bouè ladan-l anvan-an, malad la t-ap pè bouè-l la. Sé kalis sa-a minm: nou rékonèt kalis sa-a nan bouch Kris la antan l-ap di: *Papa, si sa kapab fèt, sé pou kalis sa-a travèsé sot koté-m.*

Osijè kalis sa-a, mati yo té di: *M-ap pran kalis sovè li sovè-m nan épi m-ap rélé non Granmèt la.* Kijan mati yo t-a ranpòté viktoua, si li-minm li pa-t ranpòté viktoua nan mati yo, li-minm ki té di: *Fè kè nou kontan paské mouin ranpoté viktoua sou sièk la?* Jénéral an chèf sièl yo t-ap kòmandé léspri yo ak lang yo, épi pa lintèmédiè yo, li té krazé diab la sou tè-a, épi li té kouroné mati yo nan sièl la. Ala kontantman pou nou, ki té bouè kalis sa-a konsa! Doulè yo té fini épi yo té résévoua onè yo.

Kouté avèk atansion donk, nou minm mouin rinmin anpil yo: sa nou pa kapab ouè ak jé nou yo, réfléchi yo ak léspri nou ak nanm nou, épi ouè réyèlman *li gin pri dévan Granmèt la, lanmò sin-l yo.*

RÉPONS

2 Tim 4, 7-8; Fil 3, 8-10

R/. Sé bon konba-a mouin té konbat, mouin té rivé nan bout kous la, mouin té kinbé lafoua-a: * Sa-k rété-a sé kouròn jistis la ki rézèvé pou mouin-an.

V/. Mouin fè tout bagay vîn tounin fatra parapò a rivé konnin Kris la, épi pou-m patisipé nan soufrans li-a, antan mouin konfòmé-m ak lanmò li-a. * Sa-k rété-a.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Martyr Dei, qui (quæ) únicum*)

Mati Bondié, ou minm ki trionfé
sou ènmi yo ki pèdi batay la,

antan ou-ap suiv sèl Pitit Papa-a,
 ou-ap joui nan sièl la antan-ou ranpòté viktoua-a,
 Éfasé dèt péché nou-an
 gras a priyè-ou la,
 antan-ou anpéché mal la gaté sa l-ap touché,
 antan-ou répousé dégotans lavi-a.

Chinn yo déjà lagé
 sa yo ki té maré kò-ou ki sakré-a;
 délagé nou sot nan chinn sièk sa-a,
 gras a rinmin Pitit Bondié-a.

Onè pou Papa-a ak Pitit la
 ak Éspri Paraklè-a,
 yo kouronnin-ou ak kouròn k-ap diré tout tan-an,
 nan palè gloua-a. Amèn.

Pro martyre virgine: *O castitátis sîgnifer*

Chèf moun ki rété vièj yo,
 épi fòs mati yo,
 ou minm ki bay toulédé rékonpans yo,
 ak bon kè-ou kouté moun k-ap sipliyé yo.

Vièj sa-a ki gin gran kè-a,
 li minm ki sin kòm vièj ak mati,
 ki mérité yon plas byin ro antan-l ranpòté dé kouròn yo,
 isit la minm, konpliman yo poté-l anlè.

Li kinbé fèm nan témouagnaj li fè pou ou,
 ak yon kè cho, plin kouraj,
 li té mét zam kont li minm nan min bouro-a,
 épi li rinmèt ou éspri-l.

Konsa, antan-l aprann ranpòté viktoua
sou kou moun ki fè kòlè-a
ak sou atirans tè-a k-ap flaté-a,
li aprann nou lafoua intak la.

Gras a priyè l-ap fè pou nou,
padonnin nou tout dèt nou yo,
antan-ou disparèt sa-k pousé-n nan péché,
antan-ou mété-n anba lagras ou-a.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou minm ki pran nésans sot nan Vièj la,
pou Papa-a tou ak Éspri rékonfò-a,
nan sièk yo pou tout tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Bouch mouin ap fè louanj-ou, Granmèt, paské mizérikòd ou-a pi bon pasé lavi, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch sémèn I, 578.

Réf. 2 Mati Granmèt la, sé pou nou béni Granmèt la pou tout tan, alélouya.

Réf. 3 Sa-a k-ap ranpòté viktoua-a, m-ap fè-l vîn tounin kolòn nan tanp mouin-an, sé sa Granmèt la di, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Jn 5, 3-5

Sa-a sé charité Bondié-a, pou nou kinbé kòmandman-l yo; épi kòmandman-l yo pa lou, paské tout moun ki pran nésans sot nan Bondié, li ranpòté viktoua sou tè-a; épi sa-a sé viktoua-a ki ranpòté viktoua sou

tè-a : lafoua nou. Kilès sa-a ki ranpòté viktoua sou tè-a, si sé pa moun ki kouè Jézu sé Pitit Bondié-a ?

RÉPONS KOUT

R/. Kontantman san rété sou tèt yo. * Alélouya, alélouya. Kontantman.

V/. Y-ap rivé jouinn kè kontan ak fèt. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Kontantman.

Pou *Benedictus* la, réf. Sé pou nou kontan épi sé pou nou fété, nou tout sin yo, paské rékonpans nou-an rich anpil nan sièl yo, alélouya.

PRİYÈ INTÈSÉSION YO

Frè yo, Sovè nou-an, témouin fidèl la, pa lintèmediè mati yo touyé yo poutèt paròl Bondié-a, an nou sélébré-l antan n-ap di byin fò :

Ou té rachté nou pou Bondié nan san-ou.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki té anbrasé lanmò-a libréman kòm témouagnaj lafoua-a,

— ba nou, Granmèt, véritab libèté éspri-a.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki té déklaré lafoua-a jous nan san-an,

— ba nou, Granmèt, douati ak pèsévérans lafoua-a.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki antan yo sipòté koua-a té suiv tras ou,

— fè, Granmèt, nou sipòté tribilasyon lavi-a avèk kouraj.

Pa lintèmediè mati-ou yo, ki té lavé rad yo nan san Mouton-an,

— fè nou ranpòté viktoua, Granmèt, sou tout pièj chè-a ak tè-a.

Papa nou.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo:

Bondié ki gin tout pouvoua épi ki gin mizérikòd ou minm ki té fè mati-ou la sin **N.** ranpòté viktoua sou touman soufrans li yo, pèmèt pou, nou minm k-ap sélébré jou trionf li-a, nou rété fèm, gras a protéksion-ou sot nan pièj ènmi-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin:

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té bay sin **N.** favè pou li batay pou jistis la jous nan lanmò, fè pou gras a intèsésion-l, nou sipòté tout kontrariété yo poutèt rinmin-ou nan, épi nou présé maché ak tout fòs al jouinn ou, ou minm sèl ki lavi-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon fi vièj ki mati :

Bondié, ou minm ki fè kè nou kontan jodi-a nan komémorasion anuèl sint **N.** la, fè nou favè ak bon kè-ou, pou nou jouinn sèkou gras a mérit li yo, li minm ki kléré nou gras a égzanp chasteté-l ak fòs li. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon madanm ki sin ki mati :

Bondié, ou minm gras a ou fòs la réalizé yon fason kòrèk nan féblès la, tout moun k-ap fè sonjé gloua sint **N.** yo, ba yo favè pou li minm ki té pran rézistans nan ou pou-l té ranpòté viktoua-a, sé nan ou tou pou-l toujou jouinn gras pou nou ranpòté viktoua. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Réf. Granmèt la té ba-l yon batay ki mandé kouraj, pou-l vîn konnin ranpòté viktoua, paské sajès la pi fò pasé tout bagay, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ap 2, 10-11

Pa pè anyin nan sa-ou gin pou-ou soufri yo. Min Djab la apral voyé kèk nan nou nan prizon, pou yo tanté nou, épi n-ap gin tribilasyon pandan dis jou. Rét fidèl jouskalamò, m-ap ba-ou kouròn lavi-a.

V/. Ak rad ki fè plézi-a Granmèt la té abiyé-l, alélouya.

R/. Épi li té mété kouròn bèlté-a sou tèt li, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Granmèt la té kouroné-l avèk kouròn jistis, épi li té ba li non ki sin pou gloua-a, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ap 3, 21

Moun ki ranpòté viktoua-a, m-ap ba-l posibilite pou-l chita avèk mouin sou trôn mouin-an, minm jan mouin minm mouin té ranpòté viktoua-a épi mouin té chita avèk Papa-m sou trôn li-an.

V/. Nan Bondié mouin té éspéré, alélouya.

R/. Mouin pap pè sa yon moun kapab fè-m, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Antan yo alé yo t-apralé épi yo t-ap kriyé, antan y-ap lagé sémans yo-a, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ap 19, 7. 9

Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou bay Bondié gloua, paské nòs Mouton-an rivé. Ala kontantman pou moun yo invité nan soupé nòs Mouton-an !

V/. Antan y-ap vini, y-ap vini nan fèt, alélouya.

R/. Pandan y-ap poté zépi yo, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Deus, tuórum militum*, 1295; oubyin pou yon mati ki vièj: *Virginis Proles opiféxque Matris*, 1296.

PSÒM YO

Réf. 1 Sa ki vlé vîn apré-m, sé pou-l rénonse pròp tèt li, épi sé pou-l pran koua-l, épi sé pou-l suiv mouin, alélouya.

Psòm 114 (116 A)

Aksion-d-gras

Nou gin pou nou pasé anpil tray pou nou antré nan péyi-roua Bondié-a (Tr Ap 14, 22).

¹ Mouin té rinmin, paské Granmèt la té kouté *
voua priyè-m nan.

² Paské li té panché zòrèy li sou mouin, *
lè nan jou-m yo mouin t-ap rélé-a.

³ Pièj lanmò yo té antouré-m, *
kè séré lanfè yo té rivé sou mouin.

Tribilasyon ak doulè, sé sa mouin té jouinn †

- 4 épi sé non Granmèt la mouin té rélé : *
« Granmèt, o, délivré nanm mouin ».
- 5 Granmèt la gin mizérikòd, li kòrèk, *
épi Bondié nou-an pran pitié.
- 6 Antan Granmèt la protéjé ti piti yo ; *
mouin rabésé, l-ap sové-m.
- 7 Tounin, nanm mouin, nan répo-ou, *
paské Granmèt la fè-ou dibyin ;
- 8 Paské li té délivré nanm mouin sot nan lanmò, †
jé-m yo sot nan dlo, *
pié-m yo sot nan fo-pa.
- 9 M-ap maché dévan Granmèt la *
nan réjion vivan yo

Réf. Sa ki vlé vîn apré-m, sé pou-l rénonse pròp tèt li, épi sé pou-l pran koua-l, épi sé pou-l suiv mouin, alélouya.

Réf. 2 Si yon moun ap sèvi-m, Papa-m ki nan sièl yo ap fè-l jouinn konsidérasion, alélouya.

Psòm 115 (116 B)

Aksion-d-gras nan tanp la

Pa lintèmediè-l (Jézu-Kri), sé pou nou ofri yon sakrifis louanj pou tout tan bay Bondié (Éb 13, 15).

- 10 [1] Mouin té gin konfians, minm lè-m di : *
« Mouin rabésé anpil ».
- 11 [2] Mouin té di nan trò présé-m nan : *
« Tout moun sé mantè ».
- 12 [3] Ki sa pou-m rinmèt Granmèt la *
pou tou sa li rinmèt mouin ?

- ¹³ [4] M-ap pran kalis ki sovè nou-an, *
m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁴ [5] M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
dévan tout pèp li-a.
- ¹⁵ [6] Li gin anpil valè dévan jé Granmèt la *
lanmò sin-l yo.
- ¹⁶ [7] Granmèt, o, mouin sé sèvitè-ou, *
mouin sé sèvitè-ou ak pitit sèvant ou.
Ou té kasé chinn mouin yo : †
- ¹⁷ [8] m-ap sakrifé sakrifis louanj ba ou, *
m-ap rélé non Granmèt la.
- ¹⁸ [9] M-ap rinnèt Granmèt la sa-m té promèt yo, *
dévan tout pèp li-a.
- ¹⁹ [10] nan lakou kay Granmèt la, *
nan mitan-ou, Jérusalèm.

Réf. Si yon moun ap sèvi-m, Papa-m ki nan sièl yo ap fè-l jouinn konsidèrasion, alélouya.

Réf. 3 Sa ki pèdi nanm li poutèt mouin minm, l-a jouinn li pou tout tan, alélouya.

Kantik

Ap 4, 11 ; 5, 9. 10. 12

Kantik sa yo rachté yo

- ^{4,11} Ou mérité sa, Granmèt ak Bondié nou, *
pou-ou résévoua gloua ak konsidèrasion ak otorité,
paské ou té kréyé tout bagay, *
épi sé akòz volonté-ou yo té fèt, yo té kréyé.
- ^{5,9} Ou mérité sa vré, Granmèt, pou-ou résévoua liv la, *
pou-ou ouété sélé-l yo,

paské yo té touyé-ou, †

épi ou rachté nou pou Bondié nan san-ou *

sot nan tout ras, lang, pèp ak nasion

¹⁰ épi ou fè nou vîn tounin péyi-roua ak prèt pou Bondié nou, *

n-ap kòmandé kòm roua sou tè-a.

¹² Li mérité, Mouton-an yo té touyé-a, †

pou-l résevoua puisans, richès, sajàs, *

fòs, onè, gloua ak bénédiksion.

Réf. Sa ki pèdi nanm li poutèt mouin minm, l-a jouinn li pou tout tan, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ap 7, 14b-17

Sa yo sé sa-k vîn soti nan gran tribilasyon-an, yo lavé ròb yo, yo blanchi yo nan san Mouton-an. Sé poua yo dévan trôn Bondié-a, y-ap sèvi-l lajounin kon nannuit nan tanp li-a, épi sa-a ki chita sou trôn nan ap abité anlè yo. Yo pap grangou ankò ni souaf ankò, solèy pap tonbé sou yo, ni okinn chalè, paské Mouton-an, ki nan mitan trôn nan, l-ap kondui yo, l-ap minnin yo nan sous dlo lavi-a, épi Bondié ap suiye tout dlo nan jé yo.

RÉPONS KOUT

R/. Moun ki kòrèk yo ap kléré tankou solèy dévan fas Bondié. * Alélouya, alélouya. Moun ki kòrèk yo.

V/. Tout moun ki gin kè yo douat ap réjouï tou. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Moun ki kòrèk yo.

Pou *Magnificat* la, réf. Si grinn blé-a antan li tonbé nan tè-a pa mouri, li ré pou kont li, min si-l mouri, li donnin anpil frui, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Nan lè sa-a, koté Roua mati yo té ofri lavi-l nan soupé-a épi li té dépozé-l sou koua-a, an nou rann li gras, antan n-ap di :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou, paské ou té rinmin nou jouskalafin, sovè nou, sous ak modèl tout mati :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské tout péchè yo ki fè pénitans, ou rélé yo nan rékonpans lavi-a :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské san téstaman ki nouvo-a é ki la pou tout tan-an, ki vidé pou padon péché yo, ou rinmèt Égliz la li pou-l ofri-l :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské pandan jounin sa-a, pa pouvoua lagras ou-a, nou té pèsévéré nan lafoua-a :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Paské jodi-a, ou té fè anpil frè vîn asosié avèk ou, nan lanmò-ou la :

Ou minm, Granmèt, n-ap sélébré-ou.

Papa nou.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo:

Bondié ki gin tout pouvoua épi ki gin mizérikòd ou minm ki té fè mati-ou la sin **N.** ranpòté viktoua sou touman soufrans li yo, pèmèt pou, nou minm k-ap sélébré jou trionf li-a, nou rété fèm, gras a protéksion-ou sot nan pièj ènmi-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin:

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té bay sin **N.** favè pou li batay pou jistis la jous nan lanmò, fè pou gras a intèsésion-l, nou sipòté tout kontrariété yo poutèt rinmin-ou nan, épi nou présé maché ak tout fòs al jouinn ou, ou minm sèl ki lavi-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon fi vièj ki mati :

Bondié, ou minm ki fè kè nou kontan jodi-a nan komémorasion anuèl sint **N.** la, fè nou favè ak bon kè-ou, pou nou jouinn sékou gras a mérit li yo, li minm ki kléré nou gras a égzanp chasteté-l ak fòs li. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon madanm ki sin ki mati :

Bondié, ou minm gras a ou fòs la réalizé yon fason kòrèk nan féblès la, tout moun k-ap fè sonjé gloua sint **N.** yo, ba yo favè pou li minm ki té pran rézistans nan ou pou-l té ranpòté viktoua-a, sé nan ou tou pou-l toujou jouinn gras pou nou ranpòté viktoua. Pa pouvoua Jézu-Kri.

**KOMIN PASTÈ YO
(GADYIN YO)**

Pou premié Vèp yo

IMN (*Vir celse, forma fùlgida*)

Pou yon pastè (gadyin):

Moun ki nan sièl la, modèl kalité ki byin kléré,
aksépté kantik la
k-ap chanté gran aksion Bondié yo,
antan l-ap déklaré sa-ou yé-a jan-ou mérité-l.

Sa-a ki Prèt an chèf tout tan-an,
li té délivré ras moun k-ap mouri yo pou Bondié,
li té rinmèt nou bay Bondié
nan nouvo kontra lapè-a.

Sé li minm ki té fè-ou sèvitè kado-l la,
pou-ou véyé sou li, pou-ou séparé-l,
pou-ou bay Papa-a gloua
épi pou-ou bay pèp li yo lavi.

Pou yon pap:

Ou minm ki nan sièl la, ou t-ap kòmandé pak mouton yo
ak klé yo Piè té résévoua-a,
épi ou t-ap okipé bann mouton yo
ak paròl lagras la, avèk aksion ki san tach.

Pou yon évèk:

Ou minm ki vîn pi rich ak bon kalité
 antan Éspri-a konsakré-ou la,
 ou minm ki chèf, ou transmèt
 manjé ki byin gra-a k-ap sovè nou-an.

Pou yon prèt:

Ou minm yo té lévé
 nan dènié grandè kòm roua,
 ou té vîn tounin anségnan, prèt, sakrifis,
 gras a paròl ou ak aksion ou yo.

Ou minm ki abité nan sièl yo,
 sonjé Égliz la ki sin-an,
 pou tout mouton yo chèché jouinn
 manjé Kris la k-ap bay kontantman-an.

Gloua pou Trinité-a,
 li minm ki kouronnin travay plin konsidérasion ki sin-an
 avèk kè kontan ou mérité
 kòm sèvitè fidèl la. Amèn.

Pou pliziè pastè (gadyin): *Sacrata nobis gaudia*

Chak ané jou sa-a tounin
 avèk kè kontan sakré pou nou;
 jou sa-a n-ap fè louanj pou chèf pak mouton yo
 avèk konsidérasion yo mérité.

Pou yo véyé sou bann mouton yo,
 yo pa néglijé okinn travay;
 yo protéjé-l épi avèk anpil sajès,
 yo fè-l jouinn bon patiraj.

Yo anpéché lou-a vîn bò koté-l,
 yo chasé vòlè yo byin louin limit pak la,
 yo fè mouton yo manjé kont kò yo ak bon manjé gra,
 yo pa janm abandoné pak mouton-an.

Nou minm chèf bann mouton yo, nou minm ki sin anpil yo,
 antan n-ap joui tout kalité kè kontan sa yo koulié-a,
 mandé lagras pou nou
 dévan tribinal jij la.

Ou minm Kris la, prèt an chèf pou tout tan,
 gloua pou ou yon fason égal
 ak pou Papa-a épi Éspri rékonfò-a,
 pou sièk k-ap diré tout tan yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 M-ap ba nou gadyin dapré kè-m, y-ap ba nou manjé sians ak ansègnman, alélouya.

Psòm 112 (113)

Non Granmèt la mérité louanj

Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lévé sa-k tou piti yo anlè (Lk 1, 52).

- ¹ Fè louanj, ti moun Granmèt la, *
fè louanj non Granmèt la.
- ² Sé pou non Granmèt la béni *
dépi koulié-a ak pou tout tan.
- ³ Dépi solèy lévé jous koté-l kouché, *
non Granmèt la mérité louanj.
- ⁴ Granmèt la anlè nèt anro tout nasion yo, *
anlè sièl yo gloua li yé.

- 5 Kilès ki tankou Granmèt Bondié nou-an,
ki abité nan rotè yo, *
- 6 ki panché pou-l voyé jé
nan sièl la ak sou tè-a ?
- 7 Antan-l lévé maléré-a sot atè-a, *
- 8 antan li drésé pòv la sot nan fatra-a,
pou-l fè-l chita avèk chèf yo, *
- 9 avèk chèf pèp li-a.
Li minm ki fè sa-k té stéril la abité nan kay la, *
kòm manman pitit ki gin kè-l kontan.

Réf. M-ap ba nou gadyin dapré kè-m, y-ap ba nou manjé sians ak ansègnman, alélouya.

Réf. 2 Sé mouin minm k-ap okipé mouton-m yo : sa-k pèdi-a, m-ap chèché-l; épi sa-k pati-a, m-ap fè-l tounin, alélouya.

Psòm 145 (146)

Kontantman moun yo ki espéré nan Granmèt la

Nou fè louanj Granmèt la nan lavi nou, sètadi nan konpòtman nou (Arnòb).

- 1 Fè louanj Granmèt la, nanm mouin ; †
- 2 m-ap fè louanj Granmèt la nan lavi-m, *
- 3 m-ap chanté kantik pou Bondié-m nan, tout tan m-ap viv.
- 4 Pa mét konfians nou nan chèf, *
- 5 nan pitit moun yo, nan yo minm ki pa kapab sové nou.
- 6 Souf li ap pati, l-ap tounin nan tè-l la ; *
- 7 jou sa-a pansé-l yo ap péri.
- 8 Ala kontantman pou sa-a Bondié Jakòb la poté-l sékou-a, *
- 9 sa-a ki gin espérans li nan Granmèt Bondié-l la,
li minm ki fè sièl la ak tè-a, *

- lanmè-a ak tou sa-k nan yo ;
 li minm ki kinbé vérité-a pou tout tan, †
 7 li fè jijman pou moun y-ap maltrété yo, *
 li bay sa-k grangou yo manjé.
 Granmèt la défèt chinn yo, *
 8 Granmèt la kléré avèg yo,
 Granmèt la lévé sa-k tonbé yo, *
 Granmèt la rinmin moun ki kòrèk yo,
 9 Granmèt la protéjé étranjé yo, †
 òfélin-an ak vèv la, li soutni yo, *
 min rout péchè yo, li gayé-l.
 10 Granmèt la ap roua pou tout tan, *
 Bondié-ou la, Siyon,
 pou jénérasyon ak jénérasyon.

Réf. Sé mouin minm k-ap okipé mouton-m yo : sa-k pèdi-a, m-ap chèchè-l; épi sa-k pati-a, m-ap fè-l tounin, alélouya.

Réf. 3 Bon gadyin-an té dépozé nanm li pou mouton-l yo, alélouya.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- 3 Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bénédiksion Éspri-a
 nan sièl la nan Kris la,
 4 sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
 5 li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †

pa lintèmédiè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
 6 pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
 7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
 9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
 sa-l té ranjé davans nan li, *
 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Bon gadyin-an té dépozé nanm li pou mouton-l yo, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Piè 5, 1-4

Ansyin yo, ki nan pami nou yo, mouin sipliyé nou, mouin minm ki
 ansyin ansanm avèk nou épi ki témouin soufrans Kris yo, k-ap kominiké
 gloua-l la ki gin pou-l révéle apré-a : Okipé bann mouton Bondié-a ki nan
 mitan nou-an antan nou prévoua sa-l bézouin san yo pa fòsé nou, min
 avèk tout kè nou dapré Bondié, san nou pa chèché richès malonèt, min ak
 tout bòn volonté nou ; san nou pa kòmandé kòm mèt sou pòsion-an nou
 résponsab la, min antan nou vîn tounin modèl pou bann mouton-an.
 Konsa, lè chèf gadyin yo ap parèt, n-a résévoua kouròn gloua ki pap
 finnin-an.

RÉPONS KOUT

R/. Prèt Granmèt la béni Granmèt la, * Alélouya, alélouya. Prèt
 Granmèt la.

V/. Sin yo ak moun ki tou piti nan kè yo, fè louanj Granmèt la. *
Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Prèt Granmèt la.

Pou Magnificat la, réf. Pou yon pap oubyin yon évèk : Prèt Sa-k Anro nèt la ak glas bon kalité yo, bon gadyin nan pèp la, ou minm ki té fè Granmèt la plézi, alélouya.

Pou yon pè : Mouin fè-m tout bagay ak tout moun pou-m rivé sové tout moun, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, ki établi kòm Gran Prèt an favè moun yo nan sa ki gin rapò ak Bondié, an nou sélébré-l avèk louanj ki alarotè, antan n-ap priyé-l ak umilité :

Sové pèp ou-a, Granmèt.

Ou minm ki kléré Égliz ou-a yon fason ékstraòdinè pa lintèmédiè moun k-ap dirijé-l yo, ki sin épi san parèy yo,

— fè krétyin yo toujou kontan ak minm klèté sa-a.

Ou minm ki padonnin péché pèp la, lè tankou Moyiz gadyin ki sin yo ap priyé-ou,

— pa lintèmédiè intèsésion yo, fè Égliz ou-a vîn sin antan ou-ap pròpté-l san rété.

Ou minm ki té vidé luil la sou sin-ou yo nan mitan frè yo épi ki té dirijé Éspri-ou la nan yo,

— fè Éspri Sin-an plin tout moun yo k-ap dirijé pèp ou-a.

Ou minm minm ki té sa gadyin ki sin yo té posédé-a,

— pa kité youn nan sa yo ou té rivé ginyin ak san-ou nan rété louin-ou.

Ou minm ki bay mouton-ou yo lavi pou tout tan-an pa lintèmédiè gadyin Égliz la, pou pèsonn pa raché yo sot nan min-ou,

— sové défin yo, yo minm ou té dépozé nanm-ou pou yo-a.

Papa nou.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Pou yon pap :

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té vlé pou sin **N.** té nan tèt tout pèp ou-a épi pou-l avansé avèk paròl ak égzanp, antan l-ap intèsédé, konsèvé pastè Égliz ou-a ansanm avèk bann mouton yo yo konfié yo-a épi dirijé yo nan chémin pou yo sovè tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon évèk :

Bondié, ou minm ki té asosié sin **N.** yon fason ékstraòdinè nan pastè yo ki sin yo, li minm ki té boulé ak charité Bondié-a, épi ki té gin yon ran apa ak lafoua ki ranpòté viktoua sou tè-a, fè nou favè, tanpri, pou, antan l-ap intèsédé pou nou, nou minm tou, antan n-ap pèsévéré nan lafoua ak lacharité, nou mérité vîn gin minm déstiné avèk li nan gloua li-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon fondatè Égliz :

Bondié, ou minm ki, gras a prèch (évèk) sin **N.** té rélé papa nou yo nan bèl limiè Évanjil la, fè, gras a intèsésion yo, nou dévlopé nan gras ak konésans Granmèt nou, Jézu-Kri, Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon pastè (gadyin) :

Bondié, limiè fidèl yo épi pastè nanm yo, ou minm ki té instalé sin **N.** (évèk) nan Égliz ou-a, pou li nourri bann mouton-ou yo ak paròl épi pou-l

fòmé yo ak égzanp, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou kinbé lafoua-a, sa-l té anségné ak paròl la, épi pou-l suiv chémin-an, sa-l té montré ak égzanp la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, ou minm ki té ranpli sin **N.** avèk éspri vérité ak rinmin pou yo okipé pèp ou-a, fè nou favè pou yo minm n-ap déplouayé aktivité pou vénéré fèt yo-a, nou fè progrè antan nou imité yo, épi nou jouinn soulajman nan intèsésion yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon misionè :

Bondié, ou minm gras a mizèrikòd ou yo yo pa kapab palé-a, sin **N.** té préché richès Kris la yo pa kapab sondé-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou dévlopé nan sians ou-a, épi, antan nou donnin frui nan tout kalité bon aksion, pou nou maché avèk fidéлитé dévan-ou sélon vérité Évanjil la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Kris la, Chèf gadyin yo, vini, an-n adoré-l, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a**IMN** (*Christe, pastórum caput atque princeps*)**Pou yon pastè (gadyin):**

Ou minm Kris la, tèt épi chèf pastè yo,
 antan kontantman pran-l pou-l sélébré fèt sa-a,
 foul la ki dévoué-a ap chanté psòm ak kantik sakré
 louanj yo li doué fè-a,

Pou yon pap:

Yo minm ou té bay Piè kòm mouton
 pou-l té fè tè-a toutantié yon patiraj sakré,
 li minm volonté-ou mété la nan pouint tèt ki pi anlè-a
 li té dirijé-l.

Pou yon évèk:

Pou yon konba ki rèd nan lagè pou anro-a
 Éspri-ou la sakré-l anndan ak kado sin-krèm nan anplin
 épi li té mété-l
 pou-l okipé pèp ki sin-an.

Pou yon prèt:

Ou minm minm antan li fè-ou tounin minis li chouazi
 épi antan li asosié-ou kòm prèt, li té ba ou
 pou rété kanpé kòm gid fidèl pou pèp la
 épi bon nourisié.

Sé li ki té kondui bann mouton-an épi li té modèl li,
 li té limiè pou avèg la, soulajman pou mizérab la,

papa ki prévouayan pou yo tout ansanm
épi li té tounin tout bagay pou tout moun.

Ou minm Kris la, ki bay sin yo kouròn yo mérité-a
nan sièl yo, fè nou suiv antan nou dispozé aprann
lavi mèt yo épi pou anfin nou posédé
yon finisman ki sanblé ak pa yo-a.

Sé pou yon louanj égal sélébré Papa ki anlè nèt la
ou minm tou, Sovè-a, roua ki gin bon kè, pou tout tan-an;
sé pou gloua Éspri-Sin-an rézoné
sou tout tè-a. Amèn.

Pou pliziè pastè (gadyin): *Dum sacerdotum celebrant fideles*

Antan fidèl yo ap sélébré prèt yo
ak sèvis fèt solanèl yo doué vénéré yo,
sé nan louanj ou yo konsidèrasion sa-a rétounin,
ou minm Prèt ki anro nèt la.

Sé gras a kado-ou la papa yo té kapab
anségné pèp yo sémans limiè-a,
aprann dirijé-l ak konpòtman ki sin yo
épi nourri-l ak paròl lavi-a.

Min, minm ak kontrariété yo pa-t kapab fè yo kité
asirans kous lafoua-ou la san rété,
sa éspérans sètin rékonpans
k-ap vini yo té animé-a.

Sé poutèt sa, apré yo fin travèsé difikilté lavi frajil la
jan sa doué fèt la, antan yo rivé jouinn plas yo
nan patri sièl la, y-ap joui kontantman
lapè di solid la.

Anro nèt mérit gloua-a épi louanj la,
 pou ou, roua tout roua yo, Bondié tout tan-an,
 tout sa ki égzisté ap sélébré-ou nan tout tan
 ak nan tout sièk. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Si yon moun vlé vîn premié, sé pou-l vîn dènié nan pami tout moun, sé pou-l vîn sèvitè tout moun, alélouya.

Psòm 20 (21), 2-8. 14

Rékonésans pou viktoua roua-a

Li té résévoua lavi-a, pou-l résisitè, épi longè jou yo pou tout tan gin tan
 (S. Iréné).

- ² Granmèt, roua-a ap kontan nan pouvoua-ou, *
 sou sovè ou sovè nou-an l-ap fété anpil.
- ³ Ou ba li sa kè-l té anvi-a, *
 ou pa réfizé sa bouch li té mandé-a.
- ⁴ Ou pran dévan-l nan bénédikcion dousè-a ; *
 ou mété sou tèt li yon kouròn lò ki gin anpil valè.
- ⁵ Li té mandé-ou lavi, ou ba li-l, *
 longè jou yo pou sièk la ak pou sièk sièk la.
- ⁶ Gloua li-a gran nan sovè ou sovè nou-an, *
 ou mété grandè ak bèlté sou li ;
- ⁷ Paské ou fè-l sèvi bénédikcion pou sièk sièk la, *
 ou fè-l kontan anpil dévan fas ou.
- ⁸ Paské roua-a éspéré sou Granmèt la, *
 nan mizèrikòd Sa-k anro nèt la, li pap chaviré.
- [9 - 13]

¹⁴ Lévé, Granmèt, nan fòs ou; *
n-a chanté épi n-a fè louanj puisans ou.

Réf. Si yon moun vlé vîn premié, sé pou-l vîn dènié nan pami tout moun, sé pou-l vîn sèvitè tout moun, alélouya.

Réf. 2 Lè chèf gadyin yo ap parèt, n-a résévoua kouròn gloua ki pap finnin-an, alélouya.

Psòm 91 (92)

Louanj Granmèt la, kréatè-a

Y-ap déklaré louanj pou aksion Sèl Pitit la (S. Atanaz).

I

² Sa bon pou fè déklarasion pou Granmèt la, *
pou chanté pou non-ou, Ou minm ki anro nèt la,
³ pou anonsé mizérikòd ou-a dépi granmatin, *
ak vérité-ou la tout nannuit,
⁴ sou instriman dis kòd la, sou gita, *
avèk akonpagnman bas.
⁵ Paské ou ban-m kontantman, Granmèt, avèk sa-ou fè yo, *
m-ap fété pou aksion min-ou fè yo.
⁶ Ala gran yo gran, sa-ou fè yo, Granmèt : *
sa-ou kalkilé yo, yo fon anpil.
⁷ Moun sòt pa konnin sa, *
moun san léspri pa konprann sa.
⁸ Péchè yo mèt pousé tankou zèb, *
tout moun k-ap fè méchansté yo mèt fléri,
sé pou yo kapab détrui pou sièk sièk la ; *
⁹ min, ou minm, Granmèt, ou anlè pou tout tan.

Réf. Lè chèf gadyin yo ap parèt, n-a résévoua kouròn gloua ki pap finnin-an, alélouya.

Réf. 3 Bon sèvitè ki fidèl, antré nan kè kontan Granmèt ou-a, alélouya.

II

- ¹⁰ Paské, gadé, ènmi-ou yo, Granmèt, †
 gadé ènmi-ou yo k-ap détrui, *
 tout moun k-ap fè méchansté yo, y-ap gayé yo.
- ¹¹ Ou fè-m lévé kòn mouin byin ro tankou bèt yon sèl kòn la, *
 yo vidé luil sou mouin an kantité.
- ¹² Jé-m ap méprizé ènmi-m yo, *
 méchan yo ki té konn lévé kont mouin-an,
 zòrèy mouin yo ap tandé yo.
- ¹³ Moun ki kòrèk la, sé tankou pié palm l-ap fléri, *
 tankou pié sèd Liban l-ap grandi.
- ¹⁴ Yo planté nan kay Granmèt la, *
 nan lakou Bondié nou-an y-ap fléri.
- ¹⁵ Y-ap donnin frui toujou nan viyéès la, *
 y-ap donnin an kantité, y-ap byin vèt,
- ¹⁶ pou yo anonsé kijan Granmèt la douat,
 kachèt mouin-an, *
 pa gin défo nan li.

Réf. Bon sèvitè ki fidèl, antré nan kè kontan Granmèt ou-a, alélouya.

V/. Ou-ap kouté paròl la nan bouch mouin, alélouya.

R/. Épi ou-ap anonsé yo li sot nan mouin, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Pou yon pap oubyin yon évèk:

Nan Travay Apot yo

20, 17-36

Avètisman Pòl pou responsab Égliz Éfèzyin yo

Nan jou sa yo : ¹⁷ Antan Pòl Milè, li voyé Éfèz pou yo rélé chèf Égliz yo. ¹⁸ Lè yo rivé koté-l, li di yo : « Nou konnin, dépi prémié jou mouin antré nan Azi-a, kijan mouin té aji avèk nou pandan tout tan, ¹⁹ antan m-ap sèvi Granmèt la avèk éspri-m byin ba, avèk dlo nan jé, avèk tray yo ki té rivé-m nan konplo Juif yo ; ²⁰ kijan mouin pa-t néglijé anyin ki té kapab sèvi nou, pandan m-ap anonsé nou mèsaj la, m-ap anségné nou an piblik ak nan kay yo, ²¹ antan m-ap bay Juif yo ak nasion yo témouagnaj pou yo chanjé vîn jouinn Bondié, pou yo mét lafoua nan Granmèt nou Jézu-Kri. ²² Koulié-a minm min mouin maré nan Éspri-a m-apral Jérusalèm, san-m pa konn anyin nan sa-k gin pou yo rivé-m yo ; ²³ sof Éspri Sin-an avèti-m nan tout vil, li di : ?Sé chinn ak tray k-ap tann mouin Jérusalèm?. ²⁴ Min mouin pa pè bagay sa yo, mouin pa konsidéré lavi-m gin plis inpòtans pasé-m, yon foua mouin fini kous mouin-an, ak sèvis paròl la, sa-m té résévoua nan min Granmèt Jézu-a, pou-m sèvi bòn nouvèl gras Bondié-a témouin.

²⁵ Koulié-a min mouin konnin nou pap ouè fas mouin ankò, nou tout, koté mouin té pasé antan m-ap préché péyi-roua Bondié-a. ²⁶ Sé poua mouin avèti nou jodi-a minm mouin inosan pou san tout moun. ²⁷ Mouin pa-t konn ralé kò-m chak foua mouin té doué anonsé nou tout avètisman Bondié ». ²⁸ « Fè atansyon nou, ni tout bann mouton-an, sa Éspri-Sin-an instalé nou kòm évèk sou li-a pou nou kondui Égliz Bondié-a, Égliz sa-a li té achté ak san-l nan. ²⁹ Mouin minm mouin konnin lè-m ffin pati gin lou méchan k-ap antré nan pami nou, yo pap ménajé bann mouton-an. ³⁰ Nan nou minm minm gin mésié k-ap lévé, k-ap palé paròl pèvèti, pou

yo trinnin disip dèyè yo. ³¹ Sé poua, nou doué véyé, sonjé kijan pandan touazan lannuit kon lajounin mouin pa-t sispann avèti chak moun nan nou avèk dlo nan jé.

³² Koulié-a minm mouin rékòmandé nou bay Bondié ak paròl gras li-a, ki gin pouvoua pou-l bati nou, pou-l ba nou éritaj nan pami tout sin yo ».

³³ Lajan ak lò oubyin rad pèsonn mouin pa-t anvi sa, ³⁴ jan nou minm nou konnin-an ; paské sa-m té bézouin, ak sa yo ki té avèk mouin-an, sé minm sa yo ki té travay pou sa. ³⁵ Mouin té montré nou tout bagay, sé antan n-ap travay konsa pou nou soutni sa-k fèb yo, pou nou sonjé paròl Granmèt Jézu-a ki té di : “Sé plis kontantman pou moun ki bay pasé sa-k résevoua” ».

³⁶ Kon-l fîn di sa, li mét jénou atè, li priyé avèk yo tout.

RÉPONS

Tr Ap 20, 28; 1 Kor 4, 2

R/. Okipé tout bann mouton-an, sa Éspri-Sin-an instalé nou kòm évèk sou li-a * Pou nou kondui Égliz Bondié-a, sa-a Bondié té achte ak san Pitit li-a, alélouya.

V/. Y-ap chèché pami sa-k réponsab distribué yo, pou yo jouinn sa-k fidèl. * Pou nou kondui.

Pou yon prèt:

Nan prémié Lèt apot sin Pòl pou Timoté-a

5, 17-22; 6, 10-14

Bon konba prèt la épi moun Bondié-a

Ou minm mouin aprésié anpil la : ^{5,17} Ansyin yo ki dirijé byin yo, sé doub konsidérasion yo mérité, sitou sa k-ap fatigé kò yo nan paròl épi ansègnman. ¹⁸ Sa-k ékri-a di réyèlman : « *Bèf k-ap pilé-a, ou pap maré bouch li* » épi : « *Travayè-a mérité salè-l* ». ¹⁹ Kont yon ansyin, pa aksépté

akizasion, sof si sou dé ou toua témouin. ²⁰ Koupab yo, dévan tout moun korijé yo, pou rès yo gin krint. ²¹ Mouin avèti-ou dévan Bondié, épi Kris Jézu épi anj yo ki chouazi yo, pou bagay sa yo, ou kinbé yo san jijman ki pa gin fondman, antan-ou pa fè anyin dapré panchan. ²² Pa pozé min vit sou pèsonn, pa asosié péché lòt moun; kinbé pròp tèt-ou nèt.

^{6,10} Rasîn tout mal yo réyèlman sé anvi lajan, moun ki té mét lidé yo sou sa, yo té dévié sot nan lafoua-a, yo té ralé anpil soufrans sou pròp tèt yo.

¹¹ Kanta ou minm, moun Bondié, ralé kò-ou sot sou bagay sa yo ; suiv jistis la okontrè, respè sa-k sakré-a, lafoua-a, charité-a, pasians la, dousè-a.

¹² Batay bon batay lafoua-a, chèché kinbé lavi tout tan-an, koté yo rélé-ou la, sa-ou té fè bèl déklarasion lafoua pou li-a dévan pakèt témouin yo.

¹³ Mouin pasé-ou lòd, dévan Bondié ki bay tout bagay lavi-a, ak dévan Kris Jézu ki té bay témouagnaj bon déklarasion sou Pons Pilat, ¹⁴ pou-ou kinbé kòmandman-an san fot, san répròch, joustan Granmèt nou Jézu-Kri rivé.

RÉPONS

1 Kor 4, 1-2; Prov 20, 6

R/. Konsa sé pou yo konsidéré nou tankou minis Kris la ak moun ki réponsab distribué mistè Bondié yo : * Ki sa yo mandé moun ki réponsab distribué yo, sé pou yo jouinn li fidèl, alélouya.

V/. Anpil moun sé moun bon kè yo rélé yo, min moun fidèl la, kilès k-ap jouinn li ? * Ki sa yo mandé.

DÉZIÈM LÉKTU

Pou yon pap:

Sot nan Prèch sin Léon legran, pap

(Sermo 3 de natali ipsius, 2-3: PL 54, 145-146)

Sa Kris la mété nan Piè-a kontinué rété

Malgré nou minm pou nou réalizé sèvis fonksion nou-an, bon zanmi-m yo, nou trouvé alafoua nou fèb épi nou pa aktif, paské si nou anvi fè yon bagay avèk dévouman épi désizyon, nou fè réta akòz frajilité kondision nou-an minm; poutan antan nou ginyin posibilié ki pap sispann pou jouinn padon Prèt pou tout tan-an épi ki gin tout pouvoua-a, li ki sanblé ak nou, ki égal ak Papa-a, ki té fè sa Bondié yé-a désann jous nan sa moun nan yé-a, ki té fè sa moun nan yé-a monté jous nan sa Bondié yé-a, nou kontan yon fason kòrèk épi avèk piété osije sa li minm minm li yé-a: paské, minm si li té konfié souin mouton-l yo bay anpil pastè li minm poutan li pa-t lagé konsèvasion bann mouton li rinmin-an.

Sé sot nan protèksion prinsipal épi ètènèl sa-a nou té résévoua tou fonksion travay apostolik la, li minm ki pa sispann okipé travay li-a ditou: épi solidité fondasyon-an koté yo bati rotè tout Égliz la, okinn chaj tanp la ki répozé sou li pa fatigé-l.

Solidité lafoua li-a réyèlman, sa yo té fè louanj li nan chèf Apot yo, li diré tout tan; épi minm jan sa Piè té kouè nan Kris la kontinué rété, sé konsa sa Kris la té mété nan Piè-a kontinué rété. Konsa dispozision vérité-a rété, épi sin Piè, antan-l pèsévéré nan fòs ròch la résévoua-a, li pa-t lagé gouvènay Égliz la li té résévoua-a.

Konsa réyèlman plis pasé lòt yo, yo té mété-l an plas, tout tan yo di ròch, tout tan yo déklaré fondasyon, tout tan yo instalé-l gadyin pòt rouayòm sièl yo, tout tan li jij sa pou yo maré ak sa pou yo lagé, désizyon jijman-l yo gin pou yo rété tou nan sièl yo, yo mété-l kòm chèf, antan li minm li asosié ak Kris la, pou pa lintèmédiè jan yo rélé-l yo nou konnin mistè yo minm.

Li minm li réalizé koulié-a yon fason ki pi plin épi ak plis pouvoua sa yo té konfié-l yo, épi tout pati fonksion yo avèk okipasyon yo, yo réalizé pa lintèmédiè Sa-a k-ap glorifié-l la nan li minm épi avèk li minm.

Si réyèlman nou fè kichòy yon fason douat, épi yo rékonèt li yon fason douat, si yo jouinn yon bagay sot nan mizèrikòd Bondié-a gras a siplikasyon chak jou yo, sé travay li yo ak mérit li yo, li minm pouvoua li vivan nan koté-l chita-a épi otorité-l drésé pi ro.

Bagay sa-a, réyèlman sé déklarasion sa-a ki té mérité ginyin-l, sa Bondié Papa-a té inspiré nan kè apot la, ki dépasé tout bagay ki pa sètin yo nan opinion moun yo, épi ki résévoua solidité ròch okinn chòk pa fè tranblé-a.

Réyèlman nan tout Égliz la, sé chak jou Piè ap di *Ou sé Kris la, Pitit Bondié vivan-an*, épi tout lang k-ap fè déklarasion pou Granmèt la, li bingnin nan ansègnman son voua sa-a.

RÉPONS

Mt 16, 18; Ps 47 (48), 9

R/. Jézu té di Simon : Mouin di-ou sé Piè ou yé, épi sou ròch sa-a m-ap bati Égliz mouin-an, * Épi pòt lanfè yo pap gin pouvoua dévan-l, alélouya.

V/. Bondié té pozé fondasion-l pou tout tan. * Épi pòt.

Pou yon fondatè Égliz:

Sot nan Liv réfléksion sint Ilèr, évèk, sou psòm san-vinn-sis
(Nn. 7-10: PL 9, 696-697)

Bondié bati épi li konsèvé vil li-a

*Si Granmèt la pa-t bati kay la, sé pou anyin yo té travay sa k-ap bati-l yo. Nou minm nou sé tanp Bondié-a épi Éspri Bondié-a abité nan nou. Kay sa-a épi tanp Bondié-a li plin ak ansègnman épi ak puisans Bondié yo, épi ak kè-a ki vîn sin-an li kapab vîn tounin abitasion Bondié; osijè-l la profèt la sèvi témouin konsa: *Tanp ou-a ki sin-an, li admirab nan égal**

li égal la. Viv sin-an, ékilib la, kontrolé moun nan kontrolé tèt li-a, sé tanp sa yé pou Bondié.

Konsa kay sa-a sé Bondié ki gin pou bati-l. Réyèlman sa ki bati ak travay moun yo pa kontinué rété, ni li pa rété kanpé ak sa ansègnman sièk la mété; ni li pa konsèvé ak travay vid épi ak souin okipasion nou-an.

Sé yon lòt fason pou-l bati; sé yon lòt fason pou-l konsèvé: sé pa sou tè-a, sé pa sou sa k-ap koulé-a épi sab k-ap glisé-a pou yo kòmansé-l; min fondasyon-l sé sou profèt yo ak Apot yo pou yo plasé-l.

Avèk ròch vivan yo li doué dévlopé, sé ròch mitan kouin anlè-a ki doué kinbé-l ansanm, li doué bati nan ranmasé fòs yo ansanm épi nan mézi kò Kris la, ak kouasans sa-k fè youn kinbé lòt la, li doué dékoré tou ak bèl aspè épi konvnans gras spirituèl yo.

Kay sa-a Bondié doué bati konsa-a, sètadi, avèk ansègnman-l yo, li pap tonbé. Kay sa-a vîn grandi nan pliziè kay dapré diféran konstriksion fidèl yo nan yon sèl pa nou-an pou dékorasion ak éljajsiman vil li-a ki sin-an.

Vil sa-a, dépi lontan, sé Granmèt la ki gadyin k-ap véyé-l la, lè li té protéjé Abraam k-ap vouyajé-a, lè li té sovè Izaak yo t-ap sakrifé-a, lè li té anrichi Jakòb ki t-ap sèvi-l la, lè li té mété Jozèf yo té vann nan alatèt Éjip, lè li té bay Moyiz fòs kont Faraon-an, lè li té chouazi Jozué kòm chèf lagè-a, lè li té libéré David anba tout danjé yo, lè li té fè Salomon kado don sajès la, lè-l té la avèk profèt yo, lè li té poté Éli alé-a, lè-l té chouazi Élizé-a, lè-l té nourri Danièl la, lè-l té rouzé timoun yo nan boukan-an, lè-l té kanpé kòm katriyèm kot toua yo, lè li té instrui Jozèf pa lintèmédiè anj la antan li t-ap fòmé pròp tèt li apati Vièj la; li rafèmi Mari, li voyé Jan davans, li chouazi Apot yo, li priyé Papa-a antan-l di: *Papa ki sin konsèvé yo; lè-m té avèk sa yo, mouin té voyé jé sou yo nan non-ou:* lè anfin li minm minm, apré soufrans la, li promèt véyé protéksion-l nan ap véyé sou nou pou tout tan-an, antan-l di: *Min li, mouin avèk nou touléjou jous nan finisman sièk la.*

Sa-a sé protéksion ètènèl vil li-a ki gin kontantman-an épi ki sin-an, ki vîn rasanblé apati anpil nan yon sèl la épitou nan nou chak sé vil pou

Bondié-a. Sé Granmèt la donk ki doué bati vil sa-a, pou li grandi nan dévlopman réalizasyon-l nan. Pèfeksion réyèlman pa déja nan kòmansman konstriksion-an: min pa lintèmédiè konstriksion-an yo préparé réalizasyon pèfeksion-an.

RÉPONS

1 Piè 2, 4-5; Ps 117 (118), 22

R/. Antan nou proché kot Granmèt la, ròch vivan-an, * Nou minm tou tankou ròch ki vivan, sé pou nou kité yo bati nou kòm yon kay spirituèl, nan yon sasèrdòs ki sin, pou ofri sakrifis spirituèl, sa Bondié aksépté yo, pa pouvoua Jézu-Kri, alélouya.

V/. Sa-a sé ròch la ki vîn tounin mitan kouin anlè-a. * Nou minm tou.

Oubyin yon lòt, sitou pou yon évèk:

Sot nan Prèch sin Fuljans de Rusp, évèk

(Sermo 1, 2-3: CCL 91 A, 889-890)

Administratè fidèl épi ki gin bon jijman

Granmèt sèvitè yo, yo minm li té mété dévan pou pèp li-a, antan li vlé montré fonksion spésial yo-a, li di: *Kilès nou pansé li yé yon administratè ki fidèl épi ki gin bon jijman, li minm patron-an mété sou fanmi li-a, pou li ba yo mézi blé-a lè tan-an rivé? Ala kontantman pou sèvitè sa-a, li minm lè patron-an rivé, li jouinn li ap fè konsa.*

Kilès ki Mèt sa-a, frè yo? San dout sé Kris la, li minm ki di disip li yo: *Nou rélé-m Mèt épi Granmèt, épi nou byin di, sé sa mouin yé réyèlman.*

Kilès minm ki fanmi patron sa-a? Asuréman li sé sa Granmèt la li-minm té rachté sot nan min ènmi yo épi ki té afranchi-l pou téritoua-l la. Fanmi sa-a sé Égliz katolik la ki gayé sou tout ronnn tèt-a ak donnin l-ap donnin anpil la épi li jouinn gloua poutèt sé san Granmèt li-a ki gin valè-a

ki té rachté-l. *Pitit moun nan, réyèlman, jan li minm li di-a, pa-t vini pou yo sèvi-l, min pou-l sèvi, épi bay nanm li kòm rédanmsion pou anpil moun.*

Li minm minm li sé bon pastè-a, ki té dépozé nanm li pou bann mouton-l yo. Bann mouton bon pastè-a donk sé fanmi Rédanmtè-a minm.

Administratè-a minm kilès li yé, li minm ki doué alafoua fidèl épi gin bon jijman, apot Pòl montré nou li, antan l-ap palé sou pròp tèt pa-l avèk konpagnon-l yo, li di: *Konsa sé pou yon moun konsidéré nou kòm sèvitè Kris la épi administratè mistè Bondié yo. Sé sa minm déjà y-ap chèché nan pami administratè yo; pou yo jouinn sa ki fidèl.*

Min pou youn nan nou pa konsidéré sé Apot yo sèlman yo fè administratè, antan li néglijé fonksion konba spirituèl la, sèvitè parésé k-ap dòmi san fidèlité épi san bon jijman-an, sin Apot la li-minm antan-l montré évèk yo tou sé administratè yo yé, li di: *Évèk la tou réyèlman doué san répròch, tankou administratè Bondié.*

Donk nou sé sèvitè papa fanmi-an, nou sé administratè Granmèt la, nou té résévoua mézi blé n-ap distribué ba nou-an.

Si n-ap mandé vrèman kisa mézi blé sa-a yé, Apot sin Pòl tou montré nou li, antan-l di: *Pou chak moun dapré jan Bondié té séparé mézi lafoua-a.*

Konsa sa Kris la bay non mézi blé-a, sé li minm Pòl rélé mézi lafoua-a, pou nou konnin blé spirituèl la pa anyin dòt pasé vénérab sakréman lafoua krétyin-an. Nou ba nou mézi blé-a nan non Granmèt la, chak foua antan nou kléré ak kado gras spirituèl la, n-ap égzaminé chak pouin dapré règ vrè lafoua-a; épi minm mézi blé sa-a nou té résévoua-l pa lintèmediè administratè Granmèt la, lè chak jou nou té tandé paròl vérité-a pa lintèmediè sèvitè Bondié yo.

RÉPONS

Mt 25, 21. 20

R/. Kouraj, sèvitè ki bon épi ki fidèl. Sou ti bagay yo ou té fidèl, sou anpil bagay m-ap mété-ou: * Antré nan kè kontan Granmèt ou-a, alélouya.

V/. Mèt, sé sink piès lajan ou té rinmèt mouin : min sink lòt sa rapotè an plis. * Antré.

Pou yon prèt:

Sot nan Dékrè *Presbyterorum ordinis* dézièm Konsil Vatikan-an osijè ministè ak lavi prèt yo

(N. 12)

Rélé yo rélé prèt yo pou pèfeksion-an

Ak sakréman òrd la, prèt yo vîn sanblé ak Kris la ki prèt la, kòm sèvitè Tèt la, pou yo bati épi konstrui tout Kò li-a, ki Égliz la, tankou kolaboratè òrd Évèk yo. Déjà sètènman nan konsékrasion batèm nan, tankou tout krétyin yo, yo té résévoua sign ak kado yon apèl ak yon gras tèlman gran pou, minm nan féblès moun nan, yo kapab épi yo doué rapousuiv pèfeksion-an, dapré paròl Granmèt la: *Konsa sé pou nou minm nou bon nèt tankou Papa nou ki nan sièl yo li bon nèt la.*

Prèt yo doué rivé ginyin pèfeksion sa-a réyèlman vré dapré yon rézon spésial, sètènman sa yo ki konsakré bay Bondié-a yon nouvo fason-an nan résévoua yo résévoua òrd-la, yo vîn tounin instriman vivan Kris la , prèt étènèl la, pou yo réyusi kontinué atravè tan yo travay li-a ki admirab la, ki té rémété ansanm tout sosiété moun yo ak éfikasité ki sot anro-a.

Kòm donk tout prèt, nan fason pa-l, sé ròl pèrsòn Kris la minm l-ap akonpli, li anrichi tou ak gras patikilié pou antan l-ap sèvi moun yo konfié-l yo épi tout pèp Bondié-a, li kapab rapousuiv yon fason ki pi adapté, pèfeksion Kris la, sa li kinbé plas li-a, épi pou sin li sin-an sèvi rémèd pou féblès chè moun nan, li minm ki pou nou vîn tounin gran-prèt *ki sin, ki inosan, ki san tach, ki séparé parapò a péchè yo.*

Kris la li-minm Papa-a té sanktifié oubyin konsakré-a épi té voyé sou tè-a, *li té bay pròp tèt pa-l pou nou pou-l té rachté nou anba tout péché,*

épi pou-l té nètouayé pou li minm yon pèp yo kapab aksépté, ki chèché bon aksion yo, épi konsa, atravè soufrans la, li té antré nan gloua li-a; minm jan-an prèt yo ki konsakré gras a onkion Éspri-Sin-an épi Kris la voyé yo, yo fè travay chè-a mouri nan yo épi yo dévoué tèt yo totalman pou sèvis moun yo, épi konsa nan sin yo vîn sin-an ki anrichi yo nan Kris la, yo réyusi fè progrè pou yo rivé nan pèfeksion moun nan.

Konsa antan y-ap réalizé sèvis Éspri-a ak jistis la, nan mézi yo kité Éspri Kris la anségné yo, li minm ki ba yo lavi épi kondui yo, yo vîn gin asirans nan lavi spirituèl la. Réyèlman, pa lintèmédiè aksion sakré chak jou yo minm, minm jan pa lintèmédiè ministè yo-a toutantié, sa yo réalizé-a an kominion avèk évèk la épi prèt yo, yo dispozé pou pèfeksion lavi-a.

Sin prèt yo sin-an li minm minm kontribué anpil pou yo kapab akonpli pròp ministè yo-a antan-l poté frui: malgré réyèlman gras Bondié-a kapab akonpli travay sovè moun nan sovè-a palintèmédiè minis ki pa alarotè tou, poutan, an règ jénéral, Bondié préféré montré mèvèy li yo palintèmédiè sa yo ki lè yo vîn pi dosil pou Éspri-Sin-an pousé yo épi kondui yo, poutèt yo fè youn pi séré ak Kris la épi poutèt kalité lavi y-ap minnin ki sin, yo kapab di ansanm ak Apot la: *Alò m-ap viv, min déjà sé pa mouin minm, sé Kris la réyèlman vré k-ap viv nan mouin.*

RÉPONS

1 Tés 2, 8; Gal 4, 19

R/. Avèk pasion, sé pa Bòn Nouvèl Bondié-a sèlman nou té vlé rinnèt nou, min ata nanm nou yo tou: * Paské nou té aprésié nou anpil, alélouya.

V/. Ti pitit mouin yo, sa yo m-ap anfanté yon lòt foua-a joutan Kris la vîn fòmé nan nou. * Paské.

Pou yon misionè:

Sot nan Dékrè *Ad gentes* dézièm Konsil Vatikan-an osijè aktivité misionè Égliz la

(Nn. 4-5)

Antan nou alé, sé pou nou anségné tout nasion yo

Granmèt Jézu, anvan li té bay ak libètè lavi li pou tè-a, li té dispozé ministè apostolik la épi li té promèt l-ap voyé Éspri-Sin-an yon fason pou toulèdé té asosié ansanm nan fè travay sovè moun yo sovè-a rivé fèt tout koté épi tout tan.

Éspri-Sin-an ap fè tout Égliz la fè youn nan kominion-an ak sèvis la atravè tout tan yo, li fòmè-l ak diféran kado yérarchik épi karismatik, antan l-ap bay òganizasion ékléziastik yo lavi tankou nanm yo épi antan l-ap fè antré nan kè fidèl yo minm nanm mision-an, sa Kris la li minm té fè-a. Pafoua minm anvan aksion apostolik la li vini yon fason yo kapab ouè, minm jan li akonpagné-l épi li dirijé-l san rété nan divès fason.

Granmèt Jézu dépi nan kòmansman *té rélé koté-l sa yo li minm li té vlé-a, épi li té fè pou yo té douz ansanm avèk li, épi pou-l té voyé yo prêché*. Konsa Apot yo té jèm nouvo Israèl la épi an minm tan orijîn yérarchi sakré-a.

Alafin, kòm yon foua pou tout avèk lanmò-l épi rézireksion-l li té akonpli nan li-minm minm mistè sovè nou sovè-a épi fè tout bagay vîn nouvo-a, Granmèt la ki vîn ginyin tout pouvoua nan sièl la ak sou tè-a, anvan yo pran-l nan sièl la, li té fondé Égliz li-a kòm sakréman sovè nou sovè-a, épi li té voyé Apot yo sou tout tè-a, tankou li-minm minm Papa-a té voyé-l la, antan l-ap kòmandé yo: *Konsa antan nou alé, sé pou nou anségné tout nasion yo, antan nou batizé yo onon Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an, aprann yo kinbé tout bagay yo mouin té kòmandé nou yo ninpòt sa yo yé*.

Apati la sé yon dévoua Égliz la ginyin pou-l kontinué planté lafoua Kris la ak sovè li sovè nou-an, soua pa pouvoua lòd li bay klèman, sa òrd Évèk yo té érité sot nan Apot yo, yo minm prêt yo ap asisté yo, ansanm

ak siksèsè Piè-a ki pastè an chèf Égliz la, soua pa pouvoua lavi Kris la fè koulé nan manb li yo.

Konsa mision Égliz la akonpli gras a travay la ki fè antan li obéyi lòd Kris la épi lagras ak charité Éspri-Sin-an ap pousé-l la, li vîn prézan antan li aji an plin pou tout moun yo oubyin nasion yo, pou li kondui yo al nan lafoua, libété épi lapè Kris la, ak égzanp lavi épi prèch, ak sakréman yo épi lòt mouayin lagras yo, yon fason pou chémin ki lib la épi solid la louvri pou yo, pou yo kapab patisipé anplin nan mistè Kris la.

RÉPONS

Mk 16, 15-16; Jan 3, 5

R/. Antan nou alé sou tout tè-a, préché Bòn Nouvèl la bay tout kréatu: * Moun k-ap kouè épi k-ap résévoua batèm, l-ap sové, alélouya.

V/. Si yon moun pa fèt yon lòt foua sot nan dlo-a ak Éspri-a, li pa kapab antré nan rouayòm Bondié-a. * Moun k-ap kouè.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Inclitus rector pater atque prudens*)

Pou yon pastè:

Papa ki kondui nou yon jan ékstraòdinè, ki gin sajès,
n-ap fété gran viktoua li ranpôté,
li minm ki sèvi lafoua-a témouin, li kontan san rété,

l-ap régné nan sièl la.

Pou yon pap:

Li minm ki chita sou fotèy Piè-a ki anlè nèt la,
kòm chèf ak mèt bann mouton yo yo pa kapab konté-a,
li louvri rouayòm sièl yo avèk pouvoua,
gras a klé Granmèt la.

Pou yon évèk:

Li minm ki té sèvi ak kado sakré
prèt la, chèf la ak mèt la pou pèp yo,
li paré kado lavi sakré-a,
kòm chèf ak moun ki gin sajès.

Pou yon prèt:

Li té chèf ki fè gran aksion, li té mèt
ki montré ansègnman lavi sakré-a
épi sé tout tan li t-ap chèché fè Bondié plézi
avèk yon kè nèt.

Koulié-a, nou tout n-ap priyé-l antan nou apuiyé sou li,
pou-l lavé kondision péché nou-an ak bon kè-l,
épi pou-l kondui nou ak priyé-l
jous nan pouint anlè sièl la.

Réspè ak pouvoua pou Bondié sèl,
louanj anro nan sièl la, ak onè pou tout tan,
li minm k-ap kòmandé tout tè-a,
antan l-ap réglé-l avèk laloua-l yo. Amèn.

Pou plizière pastè (gadyin): *Hi sacerdotes Dómini sacráti*

Prèt Granmèt yo, yo minm ki viv pou Bondié nèt,
yo minm ki fidèl ap ofri sakrifis pou Granmèt la,
yo té gadyin pèp la
avèk yon rinmin ki pa fè parès.

Réyèlman vré, antan yo té konsèvé
kado bénédiksion yo té résévoua-a,
yo té maré rin yo ak fòs pou yo fè éfò
poté lanp ki kléré nan min yo.

Konsa tou, y-ap mét atansion, y-ap véyé,
lè Granmèt la ap vîn frapé pòt la,
y-ap kouri al rankontré-l byin vit
pou yo louvri kay la.

Pi gran respè gloua-a ak louanj la,
pou ou, roua tout roua yo, Bondié pou tout tan,
tou sa ki égzisté ap fè fèt pou ou
pou tout tan ak sièk tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Nou minm nou sé limiè tè-a. Yon vil ki bati sou yon mòn pa kapab rété kaché, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch sémèn I, 578.

Réf. 2 Sé konsa pou limiè nou-an kléré dévan moun yo, pou yo kapab ouè bon aksion nou yo, épi pou yo bay Papa nou gloua, alélouya.

Réf. 3 Li vivan, paròl Bondié-a épi l-ap aji épi li kapab pénétré pi loun pasé tout épé ki filé dé bò, alélouya.

LÉKTU KOUT

Ébr 13, 7-9a

Sonjé responsab nou yo, ki té palé nou paròl Bondié-a ; antan konsidéré dènié moman lavi yo, pran modèl sou lafoua yo. Jézu-Kri yè ak jodi-a sé minm nan, épi pou sièk yo! Pa kite yo pran tèt nou avèk yon pakèt ansègnman ki sot déyò.

RÉPONS KOUT

R/. Sou ou, Jérusalèm, mouin té mété gadyin, * Alélouya, alélouya. Sou ou.

V/. Lajounin kon lannuit, yo pap sispann préché non Granmèt la. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Sou ou.

Pou *Benedictus la, réf.* Sé pa nou minm k-ap palé, min sé Éspri Papa nou-an k-ap palé nan nou minm, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Pou Kris la, bon gadyin-an, ki té dépozé nanm li pou mouton-l yo, an nou fè louanj avèk rékonésans épi an nou sipliyé-l, antan n-ap di :

Okipé pèp ou-a, Granmèt.

Ou minm Kris la, ki aksépté montré mizérikòd ou-a ak rinmin-ou nan nan gadyin ki sin yo,

— ou pa janm sispann aji avèk nou ak mizérikòd.

Ou minm ki kontinué ap réalizé ròl gadyin nanm yo pa lintèmédiè moun yo ou mété kinbé plas ou-a,

— pa sispann kondui nou, ou minm minm, pa lintèmédiè moun k-ap dirijé nou yo.

Ou minm ki rété kòm médsin kò yo ak nanm yo, nan sin-ou yo k-ap kondui pèp yo,

— sèvis k-ap fè nou viv la épi k-ap fè nou vîn sin-an, pa janm sispann réyalizé-l nan nou.

Ou minm ki instrui bann mouton-ou yo, gras a ladrès ak charité sin yo,
— bati nou san rété nan sa k-ap fè nou vîn sin-an, pa lintèmédiè gadyin
nou yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Pou yon pap :

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki té vlé pou
sin **N.** té nan tèt tout pèp ou-a épi pou-l avansé avèk paròl ak égzanp,
antan l-ap intèsédé, konsèvé pastè Égliz ou-a ansanm avèk bann mouton
yo yo konfié yo-a épi dirijé yo nan chémin pou yo sovè tout tan-an. Pa
pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon évèk :

Bondié, ou minm ki té asosié sin **N.** yon fason ékstraòdinè nan pastè
yo ki sin yo, li minm ki té boulé ak charité Bondié-a, épi ki té gin yon ran
apa ak lafoua ki ranpòté viktoua sou tè-a, fè nou favè, tanpri, pou, antan l-
ap intèsédé pou nou, nou minm tou, antan n-ap pèsévéré nan lafoua ak
lacharité, nou mérité vîn gin minm déstiné avèk li nan gloua li-a. Pa
pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon fondatè Égliz :

Bondié, ou minm ki, gras a prèch (évèk) sin **N.** té rélé papa nou yo nan
bèl limiè Évanjil la, fè, gras a intèsésion yo, nou dévlopé nan gras ak
konésans Granmèt nou, Jézu-Kri, Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon pastè (gadyin) :

Bondié, limiè fidèl yo épi pastè nanm yo, ou minm ki té instalé sin **N.** (évèk) nan Égliz ou-a, pou li nourri bann mouton-ou yo ak paròl épi pou-l fòmé yo ak égzanp, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou kinbé lafoua-a, sa-l té anségné ak paròl la, épi pou-l suiv chémin-an, sa-l té montré ak égzanp la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, ou minm ki té ranpli sin **N.** avèk éspri vérité ak rinmin pou yo okipé pèp ou-a, fè nou favè pou yo minm n-ap déplouayé aktivité pou vénéré fèt yo-a, nou fè progrè antan nou imité yo, épi nou jouinn soulajman nan intèsésion yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon misionè :

Bondié, ou minm gras a mizèrikòd ou yo yo pa kapab palé-a, sin **N.** té préché richès Kris la yo pa kapab sondé-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou dévlo pé nan sians ou-a, épi, antan nou donnin frui nan tout kalité bon aksion, pou nou maché avèk fidéлитé dévan-ou sélon vérité Évanjil la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Papa, tankou ou té voyé-m sou tè-a, mouin minm tou mouin té voyé yo sou tè-a, alélouya.

Fè atansyon pròp tèt ou ak ansègnman-an, insisté nan yo ; antan-ou fè sa, ou-ap sovè pròp tèt ou, ni sa yo k-ap kouté-ou la.

V/. Granmèt la té chouazi sévitè-l la, alélouya.

R/. Pou-l kondui Jakòb, éritaj li-a, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Sa ki résévoua nou, li résévoua-m ; épi sa ki résévoua-m, li résévoua sa-a ki té voyé-m nan, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Tim 1, 12

Mouin gin rékonésans pou sa-a ki ban-m fòs la, Kris Jézu Granmèt nou-an, paské li konsidéré mouin mérité konfiants, li mété-m nan sèvis la.

V/. Mouin pa ront Bòn Nouvèl la, alélouya.

R/. Sé fòs Bondié li yé réyéman pou sovè nou, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Sé asosié Bondié nou yé ; nou minm minm nou sé jadin Bondié, nou sé kay Bondié bati, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Tim 3, 13

Sa yo minm ki fè sèvis yo byin, yo bay pròp tèt yo yon bon pozision épi anpil asirans nan lafoua-a ki nan Kris Jézu-a.

V/. Si Granmèt la pa bati kay la, alélouya.

R/. Sé pou granmési y-ap travay moun k-ap bati-l yo, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Vir celse, forma fùlgida*, 1323; **oubyin pou pliziè Pastè**: *Sacrata nobis gáudia*, 1324.

PSÒM YO

Réf. 1 Mouin vîn tounin sèvitè Bòn Nouvèl la, dapré kado gras Bondié-a, alélouya.

Psòm 14 (15)**Kilès ki mérité parèt dévan Granmèt la ?**

Nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an (Ébr 12, 22).

- ¹ Granmèt, ki moun k-ap abité nan tant ou-a ? *
- Ki moun k-ap répozé sou mòn ou-an ki sin-an ?
- ² Moun k-ap maché san fot, k-ap fè jistis, *
- k-ap palé vérité nan kè-l,
- ³ ki pa chèché troncé ak lang li, †
- ki pa fè prochin-l méchansté, *
- ki pa fè prochin-l afron.
- ⁴ Li konsidéré méchan-an kòm anyin dévan jé-l, *
- min li fè louanj pou sa yo ki krinn Granmèt la.
- Li fè sèman pou dézavantaj li épi li pa chanjé, †
- ⁵ li pa prété lajan-l ak intèrè, *
- li pa aksépté kado sou do inosan.
- Moun ki aji konsa, *
- li pap souké pou tout tan.

Réf. Mouin vîn tounin sèvitè Bòn Nouvèl la, dapré kado gras Bondié-a, alélouya.

Réf. 2 Sèvitè fidèl, ki gin sajès, li minm Granmèt la instalé sou fanmi li, alélouya.

Psòm 111 (112)

Kontantman mésié ki kòrèk la

Sé pou nou maché kòm pitit limiè ; frui limiè-a li nan tout bon kè, jistis ak vérité (Éféz 5, 8-9).

1	Ala kontantman pou moun ki krinn Granmèt la, *	א
	nan lòd li yo li mét anpil anvì.	ב
2	Désandans li ap gin pouvoua sou tè-a, *	ג
	ras moun ki douat yo ap béni.	ד
3	Gloua ak richès nan kay li, *	ה
	jistis li ap rété pou sièk sièk la.	ו
4	Limiè-a ap lévé nan fènoua, pou moun ki douat yo, *	ז
	li gin mizérikòd, li pran pitié, li kòrèk.	ח
5	Sé plézi pou moun sa-a ki pran pitié, ki prété, †	ט
	ki réglé afè-l yo kòrèk, *	י
6	paské pou tout tan li pap souké.	כ
	Tout tan y-ap sonjé moun kòrèk la, *	ל
7	lè-l tandé mové nouvèl, li pap pè.	מ
	Kè-l paré antan-l éspéré nan Granmèt la, †	נ
8	kè-l asiré, li pap pè, *	ס
	joustan li méprizé ènmi-l yo.	ע
9	Li té distribué, li té bay pòv yo ; †	פ
	jistis li rété pou sièk sièk la, *	צ
	kòn li ap lévé nan gloua-a.	ק
10	Péchè-a ap ouè sa, l-ap fè kòlè, †	ר
	l-ap manjé dan, l-ap dépéri. *	ש
	Anvi péchè yo ap détrui.	ת

Réf. Sèvitè fidèl, ki gin sajès, li minm Granmèt la instalé sou fanmi li, alélouya.

Réf. 3 Mouton-m yo ap kouté voua-m, épi ap gin yon sèl bann mouton ak yon sèl gadyin, alélouya.

Kantik

Ap 15, 3-4

Kantik adorasion

- ³ Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, *
 Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua ;
 yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo, *
 Roua nasion yo !
- ⁴ Kilès ki pap krinn ou, Granmèt, *
 épi ki pap fè gloua pou non-ou ?
 Paské ou minm sèl ou Sin, †
 paské tout nasion yo ap vini
 y-ap adoré nan fas ou, *
 paské jijman-ou yo parèt klè.

Réf. Mouton-m yo ap kouté voua-m, épi ap gin yon sèl bann mouton ak yon sèl gadyin, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Piè 5, 1-4

Ansyin yo, ki nan pami nou yo, mouin sipliyé nou, mouin minm ki ansyin ansanm avèk nou épi ki témouin soufrans Kris yo, k-ap kominiké gloua-l la ki gin pou-l révélé apré-a : Okipé bann mouton Bondié-a ki nan mitan nou-an antan nou prévoua sa-l bézouin san yo pa fòsé nou, min avèk tout kè nou dapré Bondié, san nou pa chèché richès malonèt, min ak tout bòn volonté nou ; san nou pa kòmandé kòm mèt sou pòsion-an nou réponsab la, min antan nou vîn tounin modèl pou bann mouton-an.

Konsa, lè chèf gadyin yo ap parèt, n-a rèsévoua kouròn gloua ki pap finnin-an.

RÉPONS KOUT

R/. Min sa-a ki rinmin frè-l yo, li minm ki lapriyè anpil pou pèp la, * Alélouya, alélouya. Min sa-a.

V/. Épi li rinmèt nanm li pou frè-l yo. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Min sa-a.

Pou *Magnificat* la, réf. Sa-a sé intandan fidèl la épi ki gin prévouayans la, li minm Granmèt la instalé sou fanmi li-an, pou-l ba yo pòsion blé-a nan tan-an, alélouya.

Oubyin : Mouin di-ou mèsi, Kris, bon gadyin, ou minm ki aksépté kondui-m nan gloua sa-a; konsa mouin mandé-ou pou mouton yo ou té konfié-m yo patisipé avèk mouin nan gras ou-a pou tout tan, alélouya.

PRİYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, ki établi kòm Gran Prèt an favè moun yo nan sa ki gin rapò ak Bondié, an nou sélébré-l avèk louanj ki alarotè, antan n-ap priyé-l ak umilité :

Sové pèp ou-a, Granmèt.

Ou minm ki kléré Égliz ou-a yon fason ékstraòdinè pa lintèmédiè moun k-ap dirijé-l yo, ki sin épi san parèy yo,

— fè krétyin yo toujou kontan ak minm klété sa-a.

Ou minm ki padonnin péché pèp la, lè tankou Moyiz gadyin ki sin yo ap priyé-ou,

— pa lintèmédiè intèsésion yo, fè Égliz ou-a vîn sin antan ou-ap pròpté-l san rété.

Ou minm ki té vidé luil la sou sin-ou yo nan mitan frè yo épi ki té dirijé Éspri-ou la nan yo,

— fè Éspri-Sin-an plin tout moun yo k-ap dirijé pèp ou-a.
 Ou minm minm ki té sa gadyin ki sin yo té posédé-a,
 — pa kitè youn nan sa yo ou té rivé ginyin ak san-ou nan rété louin-ou.
 Ou minm ki bay mouton-ou yo lavi pou tout tan-an pa lintèmédiè gadyin
 Égliz la, pou pèsonn pa raché yo sot nan min-ou,
 — sovè défin yo, yo minm ou té dépozé nanm-ou pou yo-a.
 Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Pou yon pap :

Bondié ki gin tout pouvoua, ki egzisté tout tan, ou minm ki té vlé pou sin **N.** té nan tèt tout pèp ou-a épi pou-l avansé avèk paròl ak égzanp, antan l-ap intèsédé, konsèvé pastè Égliz ou-a ansanm avèk bann mouton yo yo konfié yo-a épi dirijé yo nan chémin pou yo sovè tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon évèk :

Bondié, ou minm ki té asosié sin **N.** yon fason ékstraòdinè nan pastè yo ki sin yo, li minm ki té boulé ak charité Bondié-a, épi ki té gin yon ran apa ak lafoua ki ranpòté viktoua sou tè-a, fè nou favè, tanpri, pou, antan l-ap intèsédé pou nou, nou minm tou, antan n-ap pèsévéré nan lafoua ak lacharité, nou mérité vîn gin minm déstiné avèk li nan gloua li-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon fondatè Égliz :

Bondié, ou minm ki, gras a prèch (évèk) sin **N.** té rélé papa nou yo nan bèl limiè Évanjil la, fè, gras a intèsésion yo, nou dévlo pé nan gras ak konésans Granmèt nou, Jézu-Kri, Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon pastè (gadyin) :

Bondié, limiè fidèl yo épi pastè nanm yo, ou minm ki té instalé sin **N.** (évèk) nan Égliz ou-a, pou li nourri bann mouton-ou yo ak paròl épi pou-l fòmé yo ak égzanp, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou kinbé lafoua-a, sa-l té anségné ak paròl la, épi pou-l suiv chémin-an, sa-l té montré ak égzanp la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, ou minm ki té ranpli sin **N.** avèk éspri vérité ak rinmin pou yo okipé pèp ou-a, fè nou favè pou yo minm n-ap déplouayé aktivité pou vénéré fèt yo-a, nou fè progrè antan nou imité yo, épi nou jouinn soulajman nan intèsésion yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon misionè :

Bondié, ou minm gras a mizèrikòd ou yo yo pa kapab palé-a, sin **N.** té préché richès Kris la yo pa kapab sondé-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou dévlo pé nan sians ou-a, épi, antan nou donnin frui nan tout kalité bon aksion, pou nou maché avèk fidéлитé dévan-ou sèlon vérité Évanjil la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

KOMIN DOKTÈ YO
(SAVAN SAKRÉ ÉGLIZ LA)

Pou premié Vèp yo

Nan Komin pastè yo, 1323, éksépté sa-k suiv la-a:

IMN, Ætérne sol, qui lúmíne, tankou pou Ofis léktu-a.

LÉKTU KOUT

Jak 3, 17-18

Sajès la ki sot anro-a, toudabò minm li gin yon konduit respéktab, apré sa li chèché lapè, li tou dou, li pran konsèy, li plin mizérikòd ak bon frui, li pa gin préjijé, li pa fè ipokrit; frui jistis la minm sé nan lapè li simin, pou moun yo k-ap fè lapè-a.

RÉPONS KOUT

R/. Bouch moun ki kòrèk la, ap médité sajès la. * Alélouya, alélouya. Bouch moun.

V/. Épi lang li palé jijman-an. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Bouch moun.

Pou Magnificat la, réf. Moun ki té fè épi ki té anségné, sé gran y-ap rélé-l nan rouayòm sièl yo, alélouya.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di sa-a ki vîn apré-a :

Granmèt Bondié, ou minm ki té aksépté plin sin **N.** ak ansègnman sièl la, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou kinbé minm ansègnman sa-a avèk fidéлитé épi pou nou déklaré-l nan fason n-ap viv. Pa pouvoua Jezu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Fontèn sajes la, Granmèt la, vini, an-n adoré-l, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Ætérne sol, qui lúmine*)

Solèy tout tan-an,
ou minm ki plin tout bagay yo kréyé yo ak limiè-a,
limiè ki anro nèt la minm pou intélijans yo,
kè nou ap chanté-ou.

Gras a Éspri-ou k-ap chofé nou,
ti limiè vivan yo kléré isit la;
gras a yo santié ki sové nou yo
parèt klè pou sièk yo.

Sa paròl Bondié voyé sot nan sièl la montré,
sa intélijans natirèl la montré,
pa lintèmediè sa yo ki sèvitè lagras la
li té kléré ak yon nouvo klètè.

Mésié sa-a ki patisipé nan kouròn moun sa yo,
li minm ki mérité respè gras a ansègnman-l ki klè,
mésié sa-a ki sin-an, li kléré byin kléré,
li minm n-ap chanté louanj pou li-a.

Antan l-ap lapriyé pou nou,
Bondié, tanpri, fè nou favè,
pou nou suiv santié vérité-a,
pou nou rivé jouinn ou.

Kouté nou, Papa ki gin bon kè anpil,
ni Sèl Pitit la ki égal ak Papa-a,
ansanm avèk Éspri Paraklè-a,
antan ou-ap kòmandé pou tout sièk yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Si yon moun vlé vîn premié, sé pou-l vîn dènié nan pami tout moun, sé pou-l vîn sèvitè tout moun, alélouya.

Psòm 20 (21), 2-8. 14

Rékonésans pou viktoua roua-a

Li té résévoua lavi-a, pou-l résisitè, épi longè jou yo pou tout tan gin tan
(S. Iréné).

- ² Granmèt, roua-a ap kontan nan pouvoua-ou, *
sou sovè ou sovè nou-an l-ap fété anpil.
- ³ Ou ba li sa kè-l té anvi-a, *
ou pa réfizé sa bouch li té mandé-a.
- ⁴ Ou pran dévan-l nan bénédikcion dousè-a ; *
ou mété sou tèt li yon kouròn lò ki gin anpil valè.
- ⁵ Li té mandé-ou lavi, ou ba li-l, *
longè jou yo pou sièk la ak pou sièk sièk la.
- ⁶ Gloua li-a gran nan sovè ou sovè nou-an, *
ou mété grandè ak bèlté sou li ;
- ⁷ paské ou fè-l sèvi bénédikcion pou sièk sièk la, *
ou fè-l kontan anpil dévan fas ou.
- ⁸ Paské roua-a éspéré sou Granmèt la, *
nan mizèrikòd Sa-k anro nèt la, li pap chaviré.
- [9 - 13]

¹⁴ Lévé, Granmèt, nan fòs ou; *
n-a chanté épi n-a fè louanj puisans ou.

Réf. Si yon moun vlé vîn prémié, sé pou-l vîn dènié nan pami tout moun, sé pou-l vîn sèvitè tout moun, alélouya.

Réf. 2 Lè chèf gadyin yo ap parèt, n-a résévoua kouròn gloua ki pap finnin-an, alélouya.

Psòm 91 (92)

Louanj Granmèt la, kreté-a

Y-ap déklaré louanj pou aksion Sèl Pitit la (S. Atanaz).

I

² Sa bon pou fè déklarasion pou Granmèt la, *
pou chanté pou non-ou, Ou minm ki anro nèt la,
³ pou anonsé mizérikòd ou-a dépi granmatin, *
ak vérité-ou la tout nannuit,
⁴ sou instriman dis kòd la, sou gita, *
avèk akonpagnman bas.
⁵ Paské ou ban-m kontantman, Granmèt, avèk sa-ou fè yo, *
m-ap fété pou aksion min-ou fè yo.
⁶ Ala gran yo gran, sa-ou fè yo, Granmèt : *
sa-ou kalkilé yo, yo fon anpil.
⁷ Moun sòt pa konnin sa, *
moun san léspri pa konprann sa.
⁸ Péchè yo mèt pousé tankou zèb, *
tout moun k-ap fè méchansté yo mèt fléri,
sé pou yo kapab détrui pou sièk sièk la ; *
⁹ min, ou minm, Granmèt, ou anlè pou tout tan.

Réf. Lè chèf gadyin yo ap parèt, n-a résévoua kouròn gloua ki pap finnin-an, alélouya.

Réf. 3 Bon sèvitè ki fidèl, antré nan kè kontan Granmèt ou-a, alélouya.

II

- ¹⁰ Paské, gadé, ènmi-ou yo, Granmèt, †
 gadé ènmi-ou yo k-ap détrui, *
 tout moun k-ap fè méchansté yo, y-ap gayé yo.
- ¹¹ Ou fè-m lévé kòn mouin byin ro tankou bèt yon sèl kòn la, *
 yo vidé luil sou mouin an kantité.
- ¹² Jé-m ap méprizé ènmi-m yo, *
 méchan yo ki té konn lévé kont mouin-an,
 zòrèy mouin yo ap tandé yo.
- ¹³ Moun ki kòrèk la, sé tankou pié palm l-ap fléri, *
 tankou pié sèd Liban l-ap grandi.
- ¹⁴ Yo planté nan kay Granmèt la, *
 nan lakou Bondié nou-an y-ap fléri.
- ¹⁵ Y-ap donnin frui toujou nan viyéyès la, *
 y-ap donnin an kantité, y-ap byin vèt,
- ¹⁶ pou yo anonsé kijan Granmèt la douat,
 kachèt mouin-an, *
 pa gin défo nan li.

Réf. Bon sèvitè ki fidèl, antré nan kè kontan Granmèt ou-a, alélouya.

V/. Ou-ap kouté paròl la nan bouch mouin, alélouya.

R/. Épi ou-ap anonsé yo li sot nan mouin, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan premié Lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

2, 1-16

N-ap palé sajès Bondié nan mistè

¹ Mouin minm, lè-m rivé koté nou, frè-m yo, mouin pa-t vini pa lintèmédiè ékstravagans diskou oubyin sajès, antan m-ap anonsé nou mistè Bondié-a. ² Mouin pa-t konsidéré réyèlman mouin konn kichòy nan pami nou, sof Jézu-Kri épi li minm sa-a ki klouré sou koua-a. ³ Épi mouin minm sé nan féblès épi krint épi anpil tranbléman mouin té lakay nou ; ⁴ diskou mouin-an épi prèch mouin-an pa-t nan paròl sajès k-ap chèché konvink, min sé té nan montré Éspri-a ak puisans la, ⁵ pou lafoua nou-an pa nan sajès lèzòm, min nan puisans Bondié.

⁶ Sé sajès n-ap palé nan pami moun ki kòrèk yo, min yon sajès ki pa sot nan sièk sa-a ni nan chèf sièk sa-a, yo minm k-ap disparèt la. ⁷ Min n-ap palé sajès Bondié nan mistè, sa-k kaché-a, sa Bondié mété apa davans dépi anvan sièk tan yo pou gloua nou-an ⁸ li minm okinn nan chèf sièk sa-a pa-t konnin ; paské si yo té konnin-l, yo pa t-a janm klouré Granmèt gloua-a sou koua-a. ⁹ Min, jan sa ékri-a, sa « *jé pa-t ouè, ni zòrèy pa-t tandé*, sa ki pa-t monté nan kè moun, sa Bondié té paré pou sa yo ki rinmin-l nan ».

¹⁰ Sèlman Bondié dévoualé nou li pa lintèmédiè Éspri-l la. Sèké Éspri-a sondé tout bagay, jous profondè Bondié. ¹¹ Kilès réyèlman nan pami lèzòm ki konnin afè moun nan, si sé pa éspri moun nan, ki nan li-a ? Konsa tou bagay Bondié yo, pèsonn pa konnin yo, sof Éspri Bondié-a. ¹² Kanta nou minm nou pa résévoua éspri tè sa-a, min sé Éspri ki soti nan Bondié-a, pou nou konnin kado yo Bondié ba nou-an : ¹³ sé yo minm n-ap palé-a, sé pa ak paròl sajès moun nou anségné, min sé nan anségnman Éspri-a ; afè éspri-a, sé nan sans éspri-a minm n-ap chèché konprann yo. ¹⁴ Moun nan k-ap aji avèk sèl fòs chè-a bay la, li pa ouè bagay ki soti nan Éspri-a ; sé afè moun fou yo yé pou li, li pa kapab konprann, paské sé

Éspri-a ki pèmèt moun jijé. ¹⁵ Moun Éspri-a minm, li jijé tout bagay ; min li minm, pèsonn pa kapab jijé-l.

¹⁶ *Kilès réyèlman ki konnin sa-k nan lidé Granmèt la, pou-l ba-l konsèy ?*

Kanta nou minm nou gin sa-k nan lidé Kris la.

RÉPONS

1 Kor 1, 21. 23. 25

R/. Bondié té pran plézi sovè moun ki kouè yo gras a foli prèch la ; * Nou minm minm n-ap préché Kris la yo klouré sou koua-a, alélouya.

V/. Paské sa-k fou pou Bondié, li pi saj pasé moun yo ; sa-k fèb la pou Bondié, li pi fò pasé moun yo. * Nou minm minm.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Glas lafoua-a Giyòm abé monastè Sin Téodorik

(PL 180, 384)

Nan Éspri-Sin-an yo doué chèché intèlijans lafoua-a

Ou minm, nanm fidèl, lè yo fè mistè ki pi kaché yo antré nan lafoua-ou la k-ap tranblé natirèlman, gin odas épi di, pa antan ou pral dévan étud la, min antan ou-ap suiv rinmin-an: Kijan bagay sa yo rivé fèt?

Késion-ou nan, sé priyè-ou pou-l yé, sé rinmin pou-l yé, sé piété pou-l yé, épi yon anvi ki plin umilité, sé pa antan ou-ap fouyé grandè Bondié nan sa-k ro yo, min antan ou-ap chèché sovè yo sovè-a nan sa Bondié fè yo pou sovè nou-an. Épi Anj gran konsèy la ap réponn ou: *Lè Paraklè-a ap vini, sa mouin minm m-ap voyé ba nou sot kot Papa-a, li minm l-ap fè nou konnin tout bagay, épi l-ap aprann nou tout vérité-a.* Pèsonn réyèlman *pa konnin afè moun nan, si sé pa éspri moun nan ki nan li-a; konsa tou afè Bondié pèsonn pa konnin yo, si sé pa Éspri Bondié-a.*

Fè vit donk pou patisipé nan Éspri-Sin-an. Li prézan, lè yo rélé-l; ni yo pa rélé-l non plis si-l pa déjà la. Épi lè-l vini paské yo rélé-l, li vini nan

abondans bénédiksion Bondié-a. Li sé fòs gran riviè-a k-ap fè vil Bondié-a kontan-an.

Épi lè l-ap rivé, si li jouinn ou tou piti épi trankil, antan paròl Bondié yo fè-ou tranblé, l-ap répozé sou ou; épi l-ap révélé-ou sa Bondié Papa-a rétiré sot nan moun saj yo ak moun ki gin ladrès yo dapré sièk sa-a; épi y-ap kòmansé kléré pou ou, bagay sa yo disip Sajès la sou tè-a té kapab di; min yo minm yo pa-t kapab poté sa, toutotan Éspri vérité-a pa-t vini, li minm ki t-ap aprann yo tout vérité-a.

Nan li yo doué résévoua oubyin aprann sa sé pou bon tan yo t-a tann nan bouch kèlkésoua moun ki pa-t kapab résévoua-l oubyin aprann li apati lang vérité-a li minm. Dapré sa réyèlman Vérité-a li minm li di: *Bondié sé Éspri.*

Épi minm jan li nésésè pou sa yo k-ap adoré-l la, sé nan éspri-a ak vérité-a pou yo adoré; konsa pou sa yo ki anvi konnin li oubyin aprann konnin li, sé sèlman nan Éspri-Sin-an li posib pou chèché intélijans lafoua-a épi signifikasyon vérité sa-a ki klè-a épi san voual la.

Nan fènoua ak ignorans lavi sa-a, réyèlman, pou pòv dapré éspri-a, li minm li sé limiè k-ap kléré-a; li minm l-ap ralé charité-a; li minm l-ap fè vîn gin dousè-a; li minm l-ap fè moun nan proche kot Bondié-a; li minm ki rinmin-an nan sa-k rinmin-an; li minm ki dévotion-an; li minm ki piété-a.

Li minm ki révélé jistis Bondié-a bay fidèl yo sot nan lafoua-a al nan lafoua-a; li minm pou gras la li bay gras, pou lafoua sa-k kouté-a li bay yon lafoua ki ékléré.

RÉPONS

Mt 13, 52; cf. Prov 14, 33

R/. Tout skrib ki vîn savan nan rouayòm sièl yo, * Li sanblé ak yon moun ki papa fanmi, ki rétiré sot nan trézò li sa-k nouvo yo ak sa-k ansyin yo, alélouya.

V/. Nan yon kè ki gin ladrès sajès la répozé, épi ninpòt sa-k ignoran yo li fòmé yo. * Li sanblé.

Oubyin yon lòt:

Sot nan Konstitisyon dògmatik *Dei Verbum* dézièm Konsil Vatikan-an osijè révélation Bondié-a

(Nn. 7-8)

Osijè transmission révélation Bondié-a

Kris la, Granmèt la, li minm nan li-a tout révélation Bondié-a vîn réalizé-a, li té bay Apot yo kòmandman, pou yo préché Bòn Nouvèl la bay tout moun, sa yo té promèt anvan pa lintèmédiè profèt yo, sa li minm li té akonpli-a épi ak pròp bouch li-a li té proklamé-a, kòm sous tout vérité-a k-ap sovè nou-an épi lign konpòtman moral yo doué aprann nan, antan li té kominiké yo kado Bondié yo.

Bagay sa-a sètènman té fèt avèk fidéлитé, soua gras a Apot yo, yo minm ki té transmèt yo nan sa yo t-ap di nan prèch yo, nan modèl konduit yo épi nan òganizasyon yo, sa yo té résévoua ni nan bouch, nan konpòtman épi nan aksion Kris la, ni sa yo té aprann nan min Éspri-Sin-an; soua gras a Apot sa yo épi mésié ki té avèk Apot yo, yo minm ki, anba inspirasyon minm Éspri-Sin-an, té ékri nouvèl sovè nou sovè-a.

Min pou nan Égliz la yo té konsèvé Bòn Nouvèl la san rété toutantié épi yon fason vivan, Apot yo té kité évèk yo kòm siksésè, antan yo rinmèt yo pròp plas ansègnman yo-a. Sa réyèlman vré Apot yo té rinmèt la, li gin ladan-l tout sa ki sèvi pou pèp Bondié-a kapab minnin yon lavi ki sin ak pou kouasans lafoua-a. Épi konsa Égliz la, nan ansègnman li, lavi li épi nan sélébrasyon li, té kontinué konsèvé épi transmèt bay tout jénérasyon yo, tout sa li minm li yé, tout sa li kouè.

Tradisyon sa-a ki sot nan Apot yo ap fè progrè nan Égliz la anba asistans Éspri-Sin-an: konpréansyon ni réalité yo ni paròl yo transmèt yo dévlopé réyèlman, soua apati kontanplasyon ak étud moun ki kouè yo, yo

minm k-ap médité yo nan kè yo, soua apati intélijans profon bagay spirituèl yo fè ékspérians yo-a, soua apati prédikasyon sa yo ki ansanm ak siksésion évèk yo té résévoua asirans karism vérité-a. Sa vlé di, nan déroulman sièk yo, Égliz la san rété ap fè éfò pou rivé nan plénitud vérité Bondié-a, joutan nan li minm minm paròl Bondié yo réalizé nèt.

Sa sin Pèr yo té di, témouagné prezans tradision sa-a k-ap bay lavi-a, sé richès li-a yo té fè koulé nan pratik ak nan lavi moun ki kouè-a épi nan Égliz-la k-ap priyé-a.

Pa lintèmediè minm tradision-an, Égliz la té vîn konnin lis konplè liv sakré yo, épi minm liv sakré sa yo, sé nan li yo vîn konprann yo pi afon épi yo fè yo vîn aktif san rété; épi konsa Bondié li minm ki té palé lontan ap konvèsé san rété avèk Épouz Pitit li rinmin-an, épi Éspri-Sin-an li minm pa lintèmediè-l voua vivan Évanjil la ap rézoné nan Égliz la épi, atravè Égliz la, sou tè-a, li kondui moun ki kouè yo nan tout vérité-a, épi li fè paròl Kris la abité nan yo avèk abondans.

RÉPONS

1 Piè 1, 25; Lk 1, 2

R/. Paròl Granmèt la rété pou tout tan: * Sa-a minm sé paròl bòn nouvèl la yo té préché nou-an, alélouya.

V/. Daprè sa yo té transmèt ba nou-an, sa yo minm ki té ouè dépi nan kòmansman-an épi ki té sèvitè paròl la. * Sa-a minm sé paròl.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 544.

Priyé-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*Doctor æternus còleris piúsque*)

Anségnan pou tout tan épi ki bon,

ou minm Kris la ki fè konnin laloua k-ap sovè-a,
ou minm sèl yo kouè ou gin paròl lavi-a,
n-ap fè konpliman pou-ou.

N-ap rélé-ou, bon Gadyin ronnn tè-a,
antan-ou nan sièl la, ou tout tan ap asiré
paròl Épouz la, yo minm ki fè san rété
limiè-a la sou tè-a.

Sé ou minm ki ba nou sèvitè k-ap kléré
tankou zétoual doré k-ap fè étinsèl,
k-ap dévoualé nou ansègnman lavi ki sin-an,
sa yo ki sètin.

Sé poua y-ap chanté louanj pou-ou, ou minm Mèt,
ou minm Éspri-a ki vidé richès ékstraòdinè
nan bouch savan sakré yo,
ki fè sé ak fòs limiè-ou la k-ap nourri nou parèt.

Koulié-a, sa-a ki kòrèk la n-ap fété-a,
l-ap sipliyé pou-ou fè pèp ou-a favè
pou-l avansé ak limiè ki fè kè-l kontan
joustan li chanté imn pou ou nan limiè ki plin nèl la. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Nou minm nou sé limiè tè-a. Yon vil ki bati sou yon mòn pa kapab rété kaché, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch sémèn I, 578.

Réf. 2 Sé konsa pou limiè nou-an kléré dévan moun yo, pou yo kapab ouè bon aksion nou yo, épi pou yo bay Papa nou gloua, alélouya.

Réf. 3 Li vivan, paròl Bondié-a épi l-ap aji épi li kapab pénétré pi louin pasé tout épé ki filé dé bò, alélouya.

LÉKTU KOUT

Saj 7, 13-14

Sajès la, sé san fint mouin té aprann li, sé san jalouzi m-ap transmèt li; richès li, mouin pa kaché yo. Sé yon trézò ki pap fini réyéلمان pou moun yo; moun yo ki rivé ginyin-l, yo paré pou zanmi nan Bondié poutèt yo jouinn rékòmandasion gras a kado yo ki sot nan édikasion-an.

RÉPONS KOUT

R/. Sajès sin yo, pèp yo ap rakonté-l, * Alélouya, alélouya. Sajès sin yo.

V/. Épi louanj yo-a, Égliz la ap proklamé yo. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Sajès sin yo.

Pou *Benedictus* la, réf. Sa ki savan yo, y-ap briyé tankou ékla sièl la, épi sa yo ki aprann anpil lòt kijan pou yo vîn kòrèk, y-ap tankou zétoual yo nan tan ki pap janm fini yo, alélouya.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di sa-a ki vîn apré-a :

Granmèt Bondié, ou minm ki té aksépté plin sin **N.** ak ansègnman sièl la, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou kinbé minm ansègnman sa-a avèk fidéлитé épi pou nou déklaré-l nan fason n-ap viv. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Ætérne sol, qui lúmíne,* 1362.

LÉKTU KOUT**Jak 3, 17-18**

Sajès la ki sot anro-a, toudabò minm li gin yon konduit respéktab, apré sa li chèché lapè, li tou dou, li pran konsèy, li plin mizèrikòd ak bon frui, li pa gin préjijé, li pa fè ipokrit; frui jistis la minm sé nan lapè li simin, pou moun yo k-ap fè lapè-a.

RÉPONS KOUT

R/. Nan mitan Égliz la, li té louvri bouch li, * Alélouya, alélouya. Nan mitan.

V/. Épi Granmèt la té plin-l ak éspri sajès ak intéljans. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Nan mitan.

Pou *Magnificat* la, réf. O Ansègnan ki bon anpil, limiè Égliz la ki sin-an, ou minm sin **N.**, ki rinmin laloua Bondié-a, priyé Pitit Bondié-a pou nou, alélouya.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di sa-a ki vîn apré-a :

Granmèt Bondié, ou minm ki té aksépté plin sin **N.** ak ansègnman sièl la, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou nou kinbé minm ansègnman sa-a avèk fidélité épi pou nou déklaré-l nan fason n-ap viv. Pa pouvoua Jézu-Kri.

KOMIN VIÈJ YO**Pou premié Vèp yo**

IMN (*Iesu, coróna vírginum*)

Jézu, kouròn vièj yo,
ou minm Manman sa-a poté nan vant li-a
antan sé li minm sèl ki rété vièj lè-l anfanté-a,
ak bon kè-ou résévoua sa n-ap mandé yo,

Ou minm k-ap okipé mouton yo nan mitan lis yo,
antan-ou antouré ak foul vièj yo,
épou ki kléré ak gloua
épi ki bay épouz yo rékonpans yo.

Koté-ou passé, vièj yo suiv ou,
épi y-ap kouri dèyè-ou
antan y-ap chanté louanj
ak bèl imn k-ap rézonnin tout koté.

N-ap priyé-ou,
ba nou plis favè
pou éspri nou pa janm fè ékspérians
anyin k-ap blésé nou pou gaté nou.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou minm ki pran nésans sot nan Vièj la,
pou Papa-a ak pou Éspri rékonfò-a,
nan sièk ki pap janm fini yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Vini, pitit fi-m yo, proche bò kot Granmèt la, épi l-ap fè nou kléré, alélouya.

Psòm 112 (113)

Non Granmèt la mérité louanj

Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lévé sa-k tou piti yo anlè (Lk 1, 52).

- ¹ Fè louanj, ti moun Granmèt la, *
fè louanj non Granmèt la.
- ² Sé pou non Granmèt la béni *
dépi koulié-a ak pou tout tan.
- ³ Dépi solèy lévé jous koté-l kouché, *
non Granmèt la mérité louanj.
- ⁴ Granmèt la anlè nèt anro tout nasion yo, *
anlè sièl yo gloua li yé.
- ⁵ Kilès ki tankou Granmèt Bondié nou-an,
ki abité nan rotè yo, *
- ⁶ ki panché pou-l voyé jé
nan sièl la ak sou tè-a ?
- ⁷ Antan-l lévé maléré-a sot atè-a, *
antan li drésé pòv la sot nan fatra-a,
- ⁸ pou-l fè-l chita avèk chèf yo, *
avèk chèf pèp li-a.
- ⁹ Li minm ki fè sa-k té stéril la abité nan kay la, *
kòm manman pitit ki gin kè-l kontan.

Réf. Vini, pitit fi-m yo, proche bò kot Granmèt la, épi l-ap fè nou kléré, alélouya.

Réf. 2 Koulié-a n-ap suiv-ou ak tout kè nou épi nou gin respè pou-ou, épi n-ap chèché fas-ou, Granmèt, pa fè nou ront, alélouya.

Psòm 147 (147 B)
Rétablisman Jérusalèm

Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an (Ap 21, 9).

- ¹²[1] Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ; *
fè louanj Bondié-ou ansanm, Siyon.
- ¹³[2] Paské li ranfòsé krochèt pòtay ou yo, *
li béni pitit ou yo nan ou.
- ¹⁴[3] Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè, *
li ba-ou kont blé ki gra.
- ¹⁵[4] Li minm ki voyé promès li sou tè-a, *
avèk vitès paròl li-a kouri.
- ¹⁶[5] Li minm ki bay lanèj tankou linn, *
li simin larouzé tankou sann.
- ¹⁷[6] Li voyé ti moso glas li-a tankou ti bouché ; *
dévan fas frédi-l la kilès k-ap kanpé ?
- ¹⁸[7] Li voyé paròl li-a épi li fonn yo, *
li souflé souf li, dlo yo koulé.
- ¹⁹[8] Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb, *
jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.
- ²⁰[9] Li pa-t aji konsa avèk tout nasion, *
li pa-t montré yo jijman-l yo.

Réf. Koulié-a n-ap suiv-ou ak tout kè nou épi nou gin respè pou-ou, épi n-ap chèché fas-ou, Granmèt, pa fè nou ront, alélouya.

Réf. 3 Fété, nou minm vièj Kris la, antan n-ap joui mariaj ki sot anlè-a, ki pap gin finisman-an, alélouya.

Kantik

Éfèz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- ³ Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bédiksion Éspri-a
 nan sièl la nan Kris la,
⁴ sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
⁵ li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
 pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
⁶ pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pità li rinmin-an,
⁷ nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
⁸ sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
⁹ pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
 sa-l té ranjé davans nan li, *
¹⁰ pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tè nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Fété, nou minm vièj Kris la, antan n-ap joui mariaj ki sot anlè-a, ki pap gin finisman-an, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Kor 7, 32b. 34a

Moun ki pa gin madanm nan, li gin préokipasion osijè afè Granmèt la, kijan pou fè Bondié plézi. Madanm nan ki pa marié-a épi ki vièj la, l-ap réfléchi sou afè Granmèt la, pou-l kapab sin nan kò ak nan éspri.

RÉPONS KOUT

R/. Pòsion pa-m sé Granmèt la, sé sa nanm mouin té di, * Alélouya, alélouya. Pòsion pa-m.

V/. Granmèt la bon pou nanm moun k-ap chèché li. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Pòsion pa-m.

Pou *Magnificat* la, réf. pou yon vièj ki mati: Min vièj la ki gin kouraj la déjà ap suiv Mouton yo krisifié pou nou-an, li sakrifé antan-l rézèvé kò-l, li imolé pou lavi byin réglé-a, alélouya.

Pou yon vièj : Antan Épou-a té vini, vièj ki prudan-an ki tou paré-a té antre avèk li nan nòs yo, alélouya.

Pou pliziè vièj : Vièj ki gin ladrès, paré lanp nou yo : min Épou-a ap vini, sòti al rankontré-l, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, ki té fè louanj pou sa yo k-ap chèché rété vièj poutèt rouayòm sièl yo, an nou fè fèt pou sélébré-l épi an nou sipliyé-l, antan n-ap di :

Jézu, roua vièj yo, kouté nou.

Ou minm Kris la, ki té paré Égliz la tankou yon vièj ki rézèvé kò-l nèt pou ou minm sèl kòm Épou,

— fè-l vîn imakilé épi fè-l vîn sin.

Ou minm Kris la, vièj ki sin yo té soti al rankontré-ou avèk lanp yo,

— pa janm pèmèt manké luil fidélité-a nan lanp sèvant yo ki konsakré tèt yo ba ou.

Ou minm Granmèt, Égliz la ki vièj té kinbé lafoua-a nan ou-a toutantié épi san mélanj,

— bay tout krétyin yo yon lafoua toutantié épi san mélanj.

Ou minm ki fè pèp ou-a favè pou-l jouinn kè kontan nan fèt vièj **N.** ki sin-an,

— ba nou tou pou nou kontan antan l-ap intèsédé tout tan pou nou.

Ou minm ki té résévoua sint vièj yo nan soupé nòs ou yo,

— résévoua défin yo ak byinvéyans nan palè sièl la.

Papa nou.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié ki fidèl pou-ou rété nan kè pròp yo, fè nou favè, pa lintèsésion sint vièj **N.**, pou, pa pouvoua gras ou-a, nou viv lavi nou jan ou aksépté abité nan yo-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Kouté priyè nou yo, tanpri, Granmèt, pou, nou minm k-ap fè sonjé avèk dévouman bèl kalité sint vièj **N.**, nou pèsévéré nan amou-ou nan épi nou mérité dévlopé tout tan jouskalafin. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè vièj :

Dévlopé mizérikòd ou-a sou nou, tanpri, Granmèt, pou, minm jan nou kontan avèk angajman sakré nan fèt sint vièj yo **N.** avèk **N.** konsa tou nou joui konpagni yo tout tan antan ou-ap bay anpil. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Granmèt la, Roua vièj yo, vini, an-n adoré-l, alélouya.

Oubyin: Mouton-an vièj yo ap suiv la, vini, an-n adoré-l, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN

Pou yon vièj: *Dulci deprómat cármine*

Sé yon poèm ki dous pèp la pran
nan dévosion solanèl yo,
pandan nan anro sièl yo
vièj sa-a kléré ak gloua.

Vièj ki té konn okipé louanj Kris la
déja ak fòs tankou gason,
kounié-a ak lamé sin yo
li fè youn nan kè kontan.

Li ranpòté viktoua antan-l rézèvé kò-l
parapò a vis féblès chè-a;
li méprizé karès tè-a
antan-l suiv tras Kris la.

Pa lintèmediè-l, ou minm Kris la, dirijé nou
antan-ou protéjé nou anba tout ènmi yo;
korijé glisman péché yo
ranpli nou ak bon kalité yo.

Jézu, gloua-a sé pou ou,

ki pran nésans sot nan Vièj la,
 pou Papa-a tou ak Éspri rékonfò-a,
 nan sièk yo pou tout tan. Amèn.

Pou pliziè vièj: *Gaudéntes festum cólimus*

Antan nou kontan n-ap pran souin fété
 vièj Kris la ki sin yo,
 k-ap suiv Granmèt la
 ak yon kè pròp nan louanj yo.

Ou minm flè lis lavi kò ki byin réglé-a,
 roua vièj yo, ou minm ki sin anpil,
 ou minm, gadyin rézèvé kò-a,
 répousé manti démon yo.

Ou minm nan zantray byin réglé yo
 ou jouinn plézi ak anpil bon kè,
 lavé fot nou fè yo,
 antan ou padonnin sa-n té fè ki mal yo.

Antan n-ap mandé n-ap rann gras;
 nou pèdi, dirijé chémin nou-an;
 ou minm, papa ki pran pitié-a,
 tanpri poté nou sékou.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
 ou minm ki pran nésans sot nan Vièj la,
 pou Papa-a tou ak Éspri rékonfò-a,
 nan sièk yo pou tout tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Vièj ki bèl anpil, ki prudan, ou minm ki klè nan désizion-ou, ou ginyin Paròl san tach la kòm épou nanm ou, alélouya.

Psòm 18 A (19 A)

Louanj Grammèt la ki kréyé tout bagay

Li vîn vizité nou kòm Solèy k-ap lévé sot anro-a... pou-l dirijé pié nou nan chémin lapè (Lk 1, 78. 79).

- ² Sièl yo ap rakonté gloua Bondié, *
travay min-l, platfòm sièl la ap anonsé-l.
- ³ Jou ap déklaré paròl bay jou, *
nannuit ap montré sians bay nuit.
- ⁴ Pa gin langaj ni diskou, *
pou yo pa konprann voua yo :
- ⁵ Sou tout tè-a brui voua yo soti, *
jous nan limit tè-a paròl yo rivé.
- ⁶ Pou solèy la li té pozé yon tant nan yo, †
li minm minm, tankou yon épou k-ap sot nan chanm nòs li, *
li kontan tankou yon jéan pou-l kouri sou rout la.
- ⁷ Dépi nan bout sièl yo li soti, †
chémin-l jous nan finisman yo, *
pa gin anyin ki kaché dévan chalè-l.

Réf. Vièj ki bèl anpil, ki prudan, ou minm ki klè nan désizion-ou, ou ginyin Paròl san tach la kòm épou nanm ou, alélouya.

Réf. 2 Péyi-roua sou tè-a avèk tout sièk-la, mouin té méprizé yo poutèt amou Grammèt mouin-an Jézu-Kri, alélouya.

Psòm 44 (45)

Nòs Roua-a

Min mésié k-ap marié-a, soti al rankontré-l (Mt 25, 6).

I

- 2 Yon bon paròl monté sot nan kè-m, †
m-ap di sa-m fè-a bay roua-a. *
- Lang mouin sé plim yon moun k-ap ékri vit.
- 3 Sé ou minm ki pi bèl nan pitit moun yo, †
gras ap koulé sot nan po bouch ou, *
sé pou sa Bondié béni-ou pou tout tan.
- 4 Pasé épé-ou nan sinti-ou, vanyan sòlda, *
kouraj ou, épi bèlté-ou.
- 5 Ak bèlté-ou, avansé, monté sou chario *
pou kòz vérité-a, ni bonté-a, ni jistis.
Mín douat ou ap aprann ou fè mèvèy : †
- 6 flèch pouinti-ou yo, – pèp yo anba-ou yo tonbé – *
nan kè ènmi roua yo.
- 7 Trôn ou, Bondié, pou sièk sièk la ; *
baton douati, baton péyi roua-ou la.
- 8 Ou té rinmin jistis, épi ou té rayi méchansté ; †
sé pou sa li sakré-ou, Bondié, Bondié-ou la, *
ak luil kè kontan nan mitan konpagnon-ou yo.
- 9 Lamir ak aloès, kanèl, nan tout rad ou ; *
nan palè ki fèt avèk défans eléfan yo, yo fè kè-ou kontan.
- 10 Pitit fi roua nan pami sa-ou aprésié yo ; *
rèn-nan kanpé adouat ou, li dékoré ak lò ki sot nan péyi Ofir.

Réf. Péyi-roua sou tè-a avèk tout sièk-la, mouin té méprizé yo poutèt amou Granmèt mouin-an Jézu-Kri, alélouya.

Réf. 3 Roua-a anvì bèlté-ou, paské sé Granmèt Bondié-ou li yé, alélouya.

II

- ¹¹ Kouté, pitit fi, épi gadé, †
épi paré zòrèy ou *
épi bliyé pèp ou ak kay papa-ou.
- ¹² Roua-a anvì bèlté-ou. *
Paské sé Granmèt ou li yé, sé pou-ou adoré-l.
- ¹³ Pitit fi Tir la ak kado-l yo ; *
moun yo ki pi rich nan pèp la, y-ap salué ou.
- ¹⁴ Ak tout bèlté-l, pitit fi roua-a ap avansé al anndan-an, *
ak toual ki koud avèk fil lò li abiyé.
- ¹⁵ Ak rad brodé, yo minnin-l bay roua-a ; *
fi vièj yo dèyè-l, zanmi-l yo, yo fè yo antré vîn jouinn ou.
- ¹⁶ Yo fè yo antré ak kè kontan, épi fèt, *
yo minnin yo nan palè roua-a.
- ¹⁷ Nan plas papa-ou yo sé pitit ou yo k-ap vini ; *
ou-ap mété yo kòm chèf nan tout tè-a.
- ¹⁸ Sé pou-m fè sonjé non ou *
nan tout jénérasyon ak jénérasyon ;
sé pou sa pèp yo ap fè déklarasion pou ou tout tan *
épi nan sièk sièk la.

Réf. Roua-a anvì bèlté-ou, paské sé Granmèt Bondié-ou li yé, alélouya.

V/. Ou té fè-m konnin rout lavi yo, alélouya.

R/. Ou-ap plin-m ak kè kontan avèk fas ou, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan premié Lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

7, 25-40

Virjinité krétyin-an

Frè yo : ²⁵ Osijè vièj yo, mouin pa gin kòmandman Granmèt la ; min sé yon konsèy m-ap bay tankou yon moun Granmèt la fè favè, pou yo kapab fè-m konfians. ²⁶ Mouin konsidéré sé yon bon bagay poutèt nésésité ki la koulié-a, oui, sé yon bon bagay pou moun nan rét jan li yé-a. ²⁷ Èské ou marié ak yon madanm ? pa chèché séparé. Èské ou pa marié ak yon madanm ? pa chèché marié. ²⁸ Si-ou marié, ou pa fè péché ; si yon vièj marié, li pa fè péché. Sèlman n-ap gin tribilasyon nan chè sa-a ; mouin minm mouin vlé évité nou sa. ²⁹ Konsa, mouin di nou, frè-m yo : « Tan-an kout ; moun ki marié, sé pou yo viv kòm si yo pa marié ; ³⁰ moun k-ap kriyé, kòm si yo pap kriyé ; moun ki gin kè kontan, kòm si yo pa gin kè kontan ; moun k-ap achte, kòm si yo pa posédé ; ³¹ moun k-ap sèvi avèk tè sa-a, kòm si yo pap sèvi avèk li ; sèkè, figu tè sa-a, l-ap pasé ». ³² Mouin vlé mouin minm pou nou pa gin préokipasyon. Moun ki pa gin madanm nan, li gin préokipasyon osijè afè Granmèt la, kijan pou fè Bondié plézi. ³³ Sa ki avèk madanm nan minm, li gin préokipasyon osijè afè tè-a, kijan pou-l fè madanm li plézi, ³⁴ épi li séparé. Madanm nan ki pa marié-a épi ki vièj la, l-ap réfléchi sou afè Granmèt la, pou-l kapab sin nan kò ak nan éspri ; sa-k marié-a minm, l-ap réfléchi sou afè tè-a, kijan pou-l fè mari-a plézi. ³⁵ Sèlman bagay sa-a, sé pou avantaj nou mouin di-l, sé pa pou-m drésé pièj pou nou, min sé pou sa ki onèt épi pou sa ki ofri fasilite pou priyé Granmèt la san anpéchman.

³⁶ Si yon moun pansé sé yon ront pou vièj li-a si-l dépasé laj, épi sé konsa sa doué fèt, sa-l vlé-a sé pou-l fè-l, li pa fè péché, sé pou yo marié !

³⁷ Sa-k kinbé fèm nan kè-l la minm, san-l pa gin yon kontrint, antan li gin pouvoua sou pròp volonté pa-l, épi bagay sa-a li jijé-l nan pròp kè-l pou-l

kinbé vièj li-a, li fè byin. ³⁸ Atèl pouin é sa-k marié vièj li-a, li fè byin, é sa-k pa marié-l la, li fè pi byin.

³⁹ Yon madanm angajé pandan tout tan mari-l ap viv. Si mari-a mouri minm, li vîn lib, ak sa-l vlé li mèt marié, sèlman nan Granmèt la. ⁴⁰ Ap gin plis kontantman pou li minm si-l rété konsa, dapré konsèy pa-m nan. Mouin sipozé mouin minm tou mouin gin Éspri Bondié-a.

RÉPONS

R/. Roua-a té anvi bèl vizaj ou-a, sa li minm li té fè-a: sé Bondié-ou li yé, sé Roua-ou li yé: * Roua-ou la sé li minm tou ki Épou-ou la, alélouya.

V/. Ou marié ak Roua-a Bondié-a, sé li ki ba-ou kado, sé li ki dékoré-ou, sé li ki rachté-ou, sé li ki fè-ou sin. * Roua-ou la.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Liv Réfléksion sin Sipriyin, évèk é mati, osijè konpòtman vièj yo
(Nn. 3-4. 22. 23: CSEL 3, 189-190. 202-204)

Ak richès virjinité-a kè kontan manman-an ogmanté

Koulié-a, kanta nou minm, sé ak vièj yo n-ap palé, yo minm poutèt gloua yo-a lévé pi ro-a sé pi pi gran souin pou yo pran tou. Sé flè boujon Égliz la, dignité ak dékoration lagras spirituèl la, karaktè favorab la, travay louanj ak onè ki toutantié épi ki pap gaté-a, pòtré Bondié k-ap korésponn ak lavi sin Granmèt la, pòsion ki pi byin kléré nan bann mouton Kris la. Pa lintèmédiè yo gloua donnin Égliz la ki manman ap donnin-an kontan épi nan yo li fléri anpil, nan mézi gin plis richès virjinité ki ajouté nan kantité-l, kè kontan manman-an ogmanté. Sé ak yo minm n-ap palé, sé yo minm n-ap ankourajé avèk aféksion plis pasé avèk otorité épi antan nou byin konsian nou dènié épi pi piti épi byin ba, sé pa kichòy n-ap réklamé pou kritiké libèté san kontròl la, min paské n-ap fè gran atansyon pou nou pran souin-an, nou krinn pi plis osijè atak djab la.

Ni non plis, fè atansyon sa-a sé pa yon krint ki vid san rézon, li minm ki konséyé pou pran chémin sové yo sové nou-an, ki présèvé kòmandman Granmèt la ki bay lavi yo, pou sa yo ki déklaré yo moun Kris la épi antan yo ralé kò yo sot nan atirans chè-a yo konsakré tèt yo ni nan chè ni nan léspri bay Bondié, yo réalizé travay yo-a nèt ki destiné pou yon gran rékonpans, ni pou yo pa fè éfò chèché anbéli yo épi fè ninpòt lòt moun plézi sof Granmèt yo-a, li minm nan min-l tou y-ap tann rékonpans virjinité-a.

Vièj yo, sé pou nou kinbé, sé pou nou kinbé sa nou kòmansé yé-a. Sé pou nou kinbé sa n-ap yé-a. Sé yon gran rékonpans ki gin pou nou, yon gran pri vèrtu, pi gran kado chasteté-a. Sa n-ap yé-a, nou minm sé sa nou déja kòmansé yé. Nou minm nou déja kinbé gloua rézireksion-an nan sièk sa-a, nou travèsè sièk la san kontaminasion sièk la: paské nou pèsévééré chast épi vièj, nou égal avèk anj Bondié yo. Sèlman sé pou virjinité-a rété épi diré solid épi intak épi jan sa kòmansé avèk fòs la sé pou-l pèsévééré san rété, ni sé pa dékoration bijou yo oubyin rad yo pou-l chèché min konpòtman yo.

Sé voua Apot la, li minm Granmèt la té rélé “vésò li chouazi-a”, li minm Bondié té voyé pou dévoualé kòmandman sièl yo. *Prémié moun nan*, sé sa-l di, *sé apati labou tè-a, déziem nan sé apati sièl la: jan sa-a ki apati labou-a sé konsa tou sa yo ki apati labou-a, épi jan sa yo ki sot nan sièl la konsa sa-k sot nan sièl yo tou. Minm jan nou té poté pòtré sa ki sot nan labou-a, sé pou nou poté pòtré sa-a ki sot nan sièl la. Virjinité-a poté pòtré sa-a, sa-k toutantié-a poté-l, sa-k sin-an poté-l épi vérité-a.*

RÉPONS

1 Kor 7, 34; Ps 72 (73), 26

R/. Madanm nan ki pa marié-a épi ki vièj la * L-ap réfléchi afè Granmèt la, pou-l sin nan kò-a ak nan éspri-a, alélouya.

V/. Bondié kè mouin, épi Bondié sé pòsion pa-m pou tout tan. * L-ap réfléchi.

Oubyin yon lòt:

Sot nan Dékrè *Perfèctæ caritatis* dézièm Konsil Vatikan-an osijè fason ki adapté pou rénouvèlman lavi rélijijé la

(Nn. 1. 5. 6. 12. 25)

Égliz la ap suiv Kris la, sèl épou-a

Dépi nan kòmansman Égliz la réyèlman té gin gason ak fi ki t-ap chèché suiv Kris la antan yo té mété konsèy évanjélik yo an pratik avèk yon pi gran libèté épi antan yo pran modèl sou li yon fason pi séré, épi yo chak nan fason pa yo té minnin yon lavi ki konsakré bay Bondié, nan pami yo anpil, antan souf Éspri-Sin-an té inspiré yo, oubyin yo té viv lavi yo pou kont yo oubyin yo té fòmé fanmi rélijijé, yo minm Égliz la avèk otorité li byin kontan résevoua yo épi li té aprouvé yo.

Konsa, apati plan Bondié, yon variété ékstraòdinè kominoté rélijijé té vîn dévlopé ki poté bon konkou pou Égliz la, non sèlman òganizé *pou tout bon travay* épi pou-l té paré *pou travay sèvis la nan konstriksion kò Kris la*, min tou antan li té dékoré ak divès kalité don pitit li yo, li té parèt *tankou yon épouz ki anbéli pou mari li*, épi pa lintèmédiè li, yo rékonèt *divès fòm sajès Bondié-a*.

Min nan kantité variété don sa yo, tout moun yo Bondié rélé pou yo mété konsèy évanjélik yo an pratik épi ki fè sa ak fidéлитé, yo konsakré tèt yo yon fason patikilié bay Granmèt la, antan yo suiv Kris la, li minm ki vièj épi pòv ki té rachté moun yo pa lintèmédiè obéyisans la *jous nan lanmò lakoua-a* épi li té sanktifié yo.

Konsa, antan charité-a pousé yo, sa Éspri-Sin-an té vidé nan kè yo-a, chak foua pi plis yo viv pou Kris la épi *pou kò li-a ki Égliz la*. Poutèt kalité don yo fè-a ki anbrasé tout lavi yo, yo vîn fè youn ak Kris la ak plis chalè, sa fè Égliz la vîn gin plis lavi épi apostola li-a vîn kapab donnin plis frui lavi.

Sé pou manb ninpòt institu sonjé nan léspri yo toudabò ak angajman konsèy évanjélik yo, sé yon répons yo bay apèl Bondié fè yo-a, yon fason pou, non sèlman yo mouri parapò a péché-a, min tou antan yo rénonse tè-a, y-ap viv pou Bondié sèlman. Yo té rinmèt tout lavi yo réyèlman pou sèvis li. Sa sètènman vîn tounin yon konsékrasyon spésial, ki anrasiné afon nan konsékrasyon batèm nan épi ki éksprimé-l pi an plin.

Moun yo ki pran angajman konsèy évanjélik yo, sé pou yo chèché épi pou yo rinmin Bondié anvan tout bagay épi, nan tout sikonstans ki rivé, sé pou yo fè èfò pou yo pa kité lavi kaché avèk Kris la nan Bondié, koté rinmin pou prochin-an vîn soti épi pousé pou sovè tè-a ak pou bati Égliz la. Sé charité sa-a minm k-ap soutni épi k-ap dirijé mété y-ap mété konsèy évanjélik yo an pratik la.

Chasteté *poutèt rouayòm sièl yo*, sa rélijyé yo pran angajman pou li-a, sé pou yo konsidéré-l tankou yon don ékstraòdinè lagras la. Li libéré kè moun nan yon fason patikilié, pou charité aléga Bondié-a épi aléga tout moun yo limin pi plis, sé pou sa sé yon sign spésial byin sièl yo épitou yon mouayin ki vrèman byin adapté pou rélijyé yo konsakré tèt yo avèk élan nan sèvis Bondié-a épi nan travay apostola-a. Konsa yo minm, dévan tout fidèl krétyin yo, y-ap raplé yon fason admirab mariaj sa-a Bondié fè-a épi k-ap manifésté anplin nan sièk k-ap vini-an koté Égliz la gin Kris la kòm sèl épou-a.

RÉPONS

R/. Ala bèl ou bèl, vièj Kris la, * Ou minm ki té mérité résévoua kouròn Granmèt la, kouròn virjinité pou tout tan-an, alélouya.

V/. Yo pap kapab détounin-ou sot nan palm virjinité-a, ni séparé-ou sot nan rinmin Pitit Bondié-a. * Ou minm ki té mérité.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN

Pou yon sèl vièj: *Aptáta, virgo, lámpade*

Ou minm ki Vièj, avèk lanp ou paré,
antré nan nòs gloua
roua ki égzisté tout tan-an,
li minm foul yo nan sièl la ap fè louanj li-a.

Invité yo byin résévoua nan résépsion anlè-a
ou-ap fè youn avèk Épou ki nan sièl la,
ak atachman kontra ki san répròch la,
ou rich avèk mérit rézèvé tèt ou-a.

Aprann nou règ konduit,
ankourajé nou avèk priyè-ou,
pou nou kapab rézisté
dévan riz ènmi nou-an.

Modèl lavi vièj yo,
sé pou Mari priyé Pitit li-a,
pou sékou-l édé nou
pandan nou égzilé sou tè sa-a.

Gloua pou Bondié,
pou sièk ki pa gin finisman yo,
poutèt viktoua vièj la,
ki fè asanblé sièl la kontan. Amèn.

Pou pliziè vièj: *Iesu, coróna virginum*, 1374.

PSÒM YO

Réf. 1 Ak tout libètè-m mouin déklaré rékonèt Kris la, ak tout kè-m mouin souaf Kris la, mouin anvi avèk Kris san rété, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch sémèn I, 578.

Réf. 2 Béni Granmèt la, nou minm vièj yo: sa-a ki simin konsèy nan nou pou-n rété vièj la, sé déjà pròp kado-l yo l-ap kouronnin nan nou, alélouya.

Réf. 3 Sin yo ap fété nan gloua-a, yo minm viktoua sou chè-a ak san-an kléré pou yo-a, alélouya.

LÉKTU KOUT

Kant 8, 7

Gran dlo yo pa-t kapab étinn rinmin-an, ni gran riviè pap nouayé-l; si yon moun t-a bay tout richès lakay li pou rinmin-an, sé tankou anyin yo t-ap méprizé-l.

RÉPONS KOUT

R/. Kè-m té di-ou : Sé fas-ou mouin té chèché. * Alélouya, alélouya. Kè-m té di-ou.

V/. Sé fas-ou, Granmèt, mouin vlé jouinn. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Kè-m di-ou.

Pou *Benedictus* la, réf. pou yon vièj ki mati: Ala kontantman pou vièj la ki rénonse pròp tèt li épi ki pran koua-l, ki suiv modèl Granmèt la nèt, li minm ki épou vièj yo épi chèf mati yo, alélouya.

Pou yon sèl vièj : Min vièj ki jijé byin-an té travèsé al kot Kris la, antan l-ap briyé tankou solèy nan puisans sièl la nan group vièj yo, alélouya.

Pou pliziè vièj : Nou minm, vièj Granmèt la, béni Granmèt la pou tout tan, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Pou Kris la, épou ak kouròn vièj yo, ak voua nou ki kontan an nou pousé rèl épi an nou sipliyé-l ak élan rinmin-an, antan n-ap di :

Jézu, kouròn vièj yo, kouté nou.

Ou minm Kris la, sint vièj yo té rinmin-ou kòm sèl épou,

— pa pèmèt pou anyin t-a séparé nou sot nan charité-ou la.

Ou minm ki kouronnin Mari, manman-ou, kòm rèn vièj yo,

— gras a intèsésion-l fè nou sèvi-ou tout tan avèk yon kè ki nèt.

Gras a intèsésion sèvant ou yo, ki té toujou ap chèché okipé-ou avèk yon kè ki toutantié épi san pataj, pou yo té kapab sin ni nan kò yo ni nan léspri yo,

— fè figi tè sa-a k-ap pasé-a pa janm raché nou sot nan min-ou.

Granmèt Jézu, ou minm épou, vièj ki saj yo t-ap tann ou rivé-a,

— fè nou favè pou nou tann ou antan n-ap véyé nan éspérans la.

Gras a intèsésion sint N., ki té yon vièj saj épi ki té fè pati sa ki gin ladrès yo,

— ba nou yon lavi san fot épi sajès.

Papa nou.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié ki fidèl pou-ou rété nan kè pròp yo, fè nou favè, pa lintèsésion sint vièj **N.**, pou, pa pouvoua gras ou-a, nou viv lavi nou jan ou aksépté abité nan yo-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Kouté priyè nou yo, tanpri, Granmèt, pou, nou minm k-ap fè sonjé avèk dévouman bèl kalité sint vièj **N.**, nou pèsévéré nan amou-ou nan épi nou mérité dévlo pé tout tan jouskalafin. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè vièj :

Dévlo pé mizérikòd ou-a sou nou, tanpri, Granmèt, pou, minm jan nou kontan avèk angajman sakré nan fèt sint vièj yo **N.** avèk **N.** konsa tou nou joui konpagni yo tout tan antan ou-ap bay anpil. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou psòm graduèl yo (p. 1007), nan plas psòm 121 (122) yo kapab di 128 (129), 951, épi nan plas 126 (127) yo kapab di 130 (131), 823.

Pou Tièrs

Réf. Pou mouin, kolé kò-m sou Bondié, sa bon: mété nan Granmèt Bondié-a éspérans mouin, alélouya.

LÉKTU KOUT

Saj 8, 21a

Mouin té konnin mouin pa t-ap kapab kinbé otréman, si sé pa Bondié ki bay, épi sa-a minm sé té konnin ak sa jès, konnin nan kilès kado-a soti.

V/. Sa-a sé vièj saj la, alélouya.

R/. Sa Granmèt la jouinn ap véyé-a, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Résévoua-m, Granmèt, dapré promès ou-a, épi m-ap viv ; pa fè-m ront nan tann m-ap tann nan, alélouya, alélouya.

LÉKTU KOUT**1 Kor 7, 25**

Osijè vièj yo, mouin pa gin kòmandman Granmèt la, min sé yon konsèy m-ap bay, tankou yon moun ki rivé jouinn mizérikòd nan min Granmèt la pou-m fidèl.

V/. Sa-a sé vièj saj la, alélouya.

R/. Épi youn nan sa ki gin bon jijman yo, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Ala bèl li bèl jénérasyon ki san répròch la avèk ékla, alélouya.

LÉKTU KOUT**Ap 19, 6b. 7**

Li té vîn roua, Granmèt la, Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a. Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua, paské nòs mouton-an rivé, épi madanm li té préparé tèt li.

V/. Mouin té jouinn sa-a nanm mouin rinmin-an, alélouya.

R/. Mouin té kinbé-l mouin pap lagé-l, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Iesu, coróna virginum*, 1374.

PSÒM YO

Réf. 1 Pou ou mouin rété vièj, épi antan-m kinbé lanp la limin, ou minm Épou-a, m-ap vîn jouinn ou, alélouya.

Psòm 121 (122)

Vil ki sin-an Jérusalèm

Nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an, Jérusalèm sièl la (Éb 12, 22).

- ¹ Mouin kontan, lè yo té di-m : *
« Nan kay Granmèt la n-apralé ».
- ² Antan pié nou déja kanpé *
nan pòt ou yo, Jérusalèm.
- ³ Jérusalèm ki bati tankou yon vil, *
koté tout bagay fè blòk nan yon sèl.
- ⁴ Sé la réyèlman fanmi yo ap monté, fanmi Granmèt la, *
témouagnaj Israèl, pou fè louanj pou non Granmèt la.
- ⁵ Paské sé la trôn yo ap pozé pou jijman-an, *
trôn kay David la.
- ⁶ Mandé sa-k pou lapè Jérusalèm : *
« Sé pou yo gin sékirité, sa yo ki rinmin-ou nan !
- ⁷ Sé pou gin lapè nan miray ou yo, *
ak sékirité nan sitadèl ou yo ! ».
- ⁸ Poutèt frè-m yo ak prochin-m yo, *
m-ap di : « Lapè nan ou ! ».
- ⁹ Poutèt kay Granmèt Bondié nou-an, *
m-ap mandé byin pou ou.

Réf. Pou ou mouin rété vièj, épi antan-m kinbé lanp la limin, ou minm Épou-a, m-ap vîn jouinn ou, alélouya.

Réf. 2 Ala kontantman pou moun ki gin kè yo pròp, paské yo minm y-ap ouè Bondié, alélouya.

Psòm 126 (127)

Travay la pa sèvi anyin san Granmèt la

Nou sé kay Bondié ap bati (1 Kor 3, 9).

- ¹ Si Granmèt la pa bati kay la, *
 sé pou granmési y-ap travay moun k-ap bati-l yo.
 Si Granmèt la pa véyé sou vil la, *
 sé pou anyin li pa dòmi moun k-ap véyé sou li-a.
- ² Sé pou granmési ou-ap lévé anvan limiè-a,
 n-ap kouché byin ta, †
 n-ap manjé pin fatig, *
 sèké l-ap bay moun li rinmin yo dòmi.
- ³ Gadé, pitit yo, sé éritaj Granmèt la, *
 frui ki sot nan vant la, sé rékonpans.
- ⁴ Tankou flèch yo nan min vanyan sòlda, *
 konsa pitit moun ki jèn.
- ⁵ Ala kontantman pou gason ki plin rézèv li avèk yo : *
 li pap ront, lè l-ap plédé avèk ènmi-l yo nan pòtay la.

Réf. Ala kontantman pou moun ki gin kè yo pròp, paské yo minm y-ap ouè Bondié, alélouya.

Réf. 3 Éspri mouin vîn solid, épi sé nan Kris la li gin fondasion, alélouya.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- 3 Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bédiksyon Éspri-a
 nan sièl la nan Kris la,
- 4 sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
- 5 li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
 pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
- 6 pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
- 7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
- 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
- 9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
 sa-l té ranjé davans nan li, *
- 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tè nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Éspri mouin vîn solid, épi sé nan Kris la li gin fondasyon, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Kor 7, 32b. 34a

Moun ki pa gin madanm nan, li gin préokipasyon osijè afè Granmèt la, kijan pou fè Bondié plézi. Madanm nan ki pa marié-a épi ki vièj la, l-ap réfléchi sou afè Granmèt la, pou-l kapab sin nan kò ak nan éspri.

RÉPONS KOUT

R/. Yo té minnin vièj yo bay Roua-a nan fèt * Alélouya, alélouya. Yo té minnin.

V/. Yo té fè yo antré nan tanp Roua-a, * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Yo té minnin.

Pou *Magnificat* la, réf. pou yon vièj ki mati : Nan yon sèl sakrifis, sé dé kouròn n-ap sélébré, rézèv kò-a épi dévoua rélijion-an. Li rété vièj épitou li rivé jouinn mati-a, alélouya.

Pou yon sèl vièj : Vini, épouz Kris la, résévoua kouròn nan, sa Granmèt la té préparé pou ou-a pou tout tan-an, alélouya.

Pou pliziè vièj : Sa-a sé jénérasyon sa yo k-ap chèché Granmèt la, k-ap chèché fas Bondié nou-an, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, ki té fè louanj pou sa yo k-ap chèché rét vièj poutèt rouayòm sièl yo, an nou fè fèt pou sélébré-l épi an nou sipliyé-l, antan n-ap di :

Jézu, roua vièj yo, kouté nou.

Ou minm Kris la, ki té paré Égliz la tankou yon vièj ki rézèvé kò-l nèt pou ou minm sèl kòm Épou,

— fè-l vîn imakilé épi fè-l vîn sin.

Ou minm Kris la, vièj ki sin yo té soti al rankontré-ou avèk lanp yo,

— pa janm pèmèt manké luil fidéлитé-a nan lanp sèvant yo ki konsakré tèt yo ba ou.

Ou minm Granmèt, Égliz la ki vièj té kinbé lafoua-a nan ou-a toutantié épi san mélanj,

— bay tout krétyin yo yon lafoua toutantié épi san mélanj.

Ou minm ki fè pèp ou-a favè pou-l jouinn kè kontan nan fèt vièj **N.** ki sin-an,

— ba nou tou pou nou kontan antan l-ap intèsédé tout tan pou nou.

Ou minm ki té résévoua sint vièj yo nan soupé nòs ou yo,

— résévoua défin yo ak byinvéyans nan palè sièl la.

Papa nou.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié ki fidèl pou-ou rété nan kè pròp yo, fè nou favè, pa lintèsésion sint vièj **N.**, pou, pa pouvoua gras ou-a, nou viv lavi nou jan ou aksépté abité nan yo-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Kouté priyè nou yo, tanpri, Granmèt, pou, nou minm k-ap fè sonjé avèk dévouman bèl kalité sint vièj **N.**, nou pèsévéré nan amou-ou nan épi nou mérité dévloppé tout tan jouskalafin. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè vièj :

Dévloppé mizérikòd ou-a sou nou, tanpri, Granmèt, pou, minm jan nou kontan avèk angajman sakré nan fèt sint vièj yo **N.** avèk **N.** konsa tou nou joui konpagni yo tout tan antan ou-ap bay anpil. Pa pouvoua Jézu-Kri.

POU MÉSIÉ KI SIN YO**Pou prémié Vèp yo****IMN**

Pou yon sin: *Iesu, redemptor omnium*

Jézu, rédanmtè tout moun yo,
kouròn sièl la k-ap diré tout tan-an,
jodi-a, montré pi plis jan kè-ou sansib
pou-ou kouté voua nou.

Sin-an ki déklaré non-ou ki sakré-a
té fè jou sa-a kléré,
li minm pèp fidèl la ap sélébré chak ané
ak sérémoni sa yo.

Li pasé nan mitan bagay ki pou sièk la
antan-l té maché ak kè pozé,
li rét fidèl pou-ou tout tan
antan l-ap suiv chémin ki sové-l la.

Avèk sajàs, li rénonse
plézi tè-a k-ap pasé yo,
ak kè kontan l-ap joui rékonpans
ansanm ak anj sièl yo.

Ak bon kè-ou ba nou lagras
pou nou suiv tras li yo,
gras a priyè-l la
padoné dèt péché sèvitè-ou yo.

Ou minm Kris la, roua ki bon anpil,
gloua-a sé pou ou ak pou Papa-a
ansanm ak Éspri Paraklè-a
nan sièk pou tout tan yo. Amèn.

Pou pliziè mésié ki sin: *Inclitos Christi fámulos canámus*

N-ap chanté louanj sèvitè Kris la ki san parèy yo,
yo minm ki kléré ak lafoua avèk aksion ékstraòdinè.
yo minm tè-a asosié ak sièl la
pou dékoré yo ak louanj jodi-a.

Réyèlman vré ak kè yo tou dou, tou pòv, tou pròp,
yo pa-t konn viv nan péché
joustan nanm yo sot sou tè-a san okinn antrav
pou volé al nan sièl la.

Sé pousa yo déja kontan
poté maléré yo sékou, suiyé dlo nan jé yo,
géri nanm yo ki blésé,
fè manb ki té malad yo tounin joui santé.

Konsa sé pou louanj nou kònin pou di yo mési,
sèvitè Bondié sa yo ki gin bon kè;
nan moman difisil n-ap travèsé,
sé pou yo kontinué poté-n sékou ak bon kè yo.

Pou Bondié Sèl gloua ak otorité,
louanj nan sièl la, ak onè tout tan,
li minm k-ap kòmandé tout tè-a
antan l-ap réglé-l avèk laloua-l yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Sé pou nou di louanj pou Bondié nou-an, nou tout sin-l yo, alélouya.

Psòm 112 (113)

Non Granmèt la mérité louanj

Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lévé sa-k tou piti yo anlè (Lk 1, 52).

- ¹ Fè louanj, ti moun Granmèt la, *
fè louanj non Granmèt la.
- ² Sé pou non Granmèt la béni *
dépi koulié-a ak pou tout tan.
- ³ Dépi solèy lévé jous koté-l kouché, *
non Granmèt la mérité louanj.
- ⁴ Granmèt la anlè nèt anro tout nasion yo, *
anlè sièl yo gloua li yé.
- ⁵ Kilès ki tankou Granmèt Bondié nou-an,
ki abité nan rotè yo, *
- ⁶ ki panché pou-l voyé jé
nan sièl la ak sou tè-a ?
- ⁷ Antan-l lévé maléré-a sot atè-a, *
antan li drésé pòv la sot nan fatra-a,
- ⁸ pou-l fè-l chita avèk chèf yo, *
avèk chèf pèp li-a.
- ⁹ Li minm ki fè sa-k té stéril la abité nan kay la, *
kòm manman pitit ki gin kè-l kontan.

Réf. Sé pou nou di louanj pou Bondié nou-an, nou tout sin-l yo, alélouya.

Réf. 2 Ala kontantman pou moun yo ki grangou épi ki souaf jistis la, paské y-ap satisfè, alélouya.

Psòm 145 (146)

Kontantman moun yo ki éspéré nan Granmèt la

Nou fè louanj Granmèt la nan lavi nou, sètadi nan konpòtman nou (Arnòb).

- 1 Fè louanj Granmèt la, nanm mouin ; †
- 2 m-ap fè louanj Granmèt la nan lavi-m, *
- 3 m-ap chanté kantik pou Bondié-m nan, tout tan m-ap viv.
- 3 Pa mét konfians nou nan chèf, *
- 4 nan pitit moun yo, nan yo minm ki pa kapab sové nou.
- 4 Souf li ap pati, l-ap tounin nan tè-l la ; *
- 5 jou sa-a pansé-l yo ap péri.
- 5 Ala kontantman pou sa-a Bondié Jakòb la poté-l sékou-a, *
- 6 sa-a ki gin éspérans li nan Granmèt Bondié-l la,
- 6 li minm ki fè sièl la ak tè-a, *
- 7 lanmè-a ak tou sa-k nan yo ;
- 7 li minm ki kinbé vérité-a pou tout tan, †
- 7 li fè jijman pou moun y-ap maltrété yo, *
- 8 li bay sa-k grangou yo manjé.
- 8 Granmèt la défèt chinn yo, *
- 8 Granmèt la kléré avèg yo,
- 9 Granmèt la lévé sa-k tonbé yo, *
- 9 Granmèt la rinmin moun ki kòrèk yo,
- 9 Granmèt la protéjé étranjé yo, †
- 9 òfélin-an ak vèv la, li soutni yo, *
- 10 min rout péchè yo, li gayé-l.
- 10 Granmèt la ap roua pou sièk yo, *
- 10 Bondié-ou la, Siyon,
- 10 pou jénérasyon ak jénérasyon.

Réf. Ala kontantman pou moun yo ki grangou épi ki souaf jistis la, paské y-ap satisfè, alélouya.

Réf. 3 Li béni, Bondié, li minm ki té chouazi nou pou nou vîn sin, san tach, nan rinmin-an, alélouya.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- 3 Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bédiksion Éspri-a
 nan sièl la nan Kris la,
- 4 sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
- 5 li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
 pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
- 6 pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
- 7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
- 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
- 9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
 sa-l té ranjé davans nan li, *
- 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tè nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Li béni, Bondié, li minm ki té chouazi nou pou nou vîn sin, san tach, nan rinmin-an, alélouya.

LÉKTU KOUT

Fil 3, 7-8

Bagay sa yo ki té sèvi-m kòm avantaj la, mouin konsidéré yo tankou yon domaj poutèt Kris la. Réyèlman mouin konsidéré tout bagay kòm domaj poutèt sians Kris Jézu Granmèt mouin-an ki dépasé tout bagay la : poutèt li mouin fè tout bagay yo pasé kòm domaj, mouin konsidéré yo kòm fatra, pou-m kapab jouinn avantaj mouin nan Kris la.

RÉPONS KOUT

R/. Bondié té rinmin li, épi li té fè-l bèl. * Alélouya, alélouya. Bondié.

V/. Li té abiyé-l ak yon manto gloua. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Bondié.

Pou *Magnificat* la, réf. pou yon sèl mésié ki sin : M-ap konparé-l ak yon moun ki gin sajès, ki bati kay li sou ròch, alélouya.

Pou pliziè mésié ki sin : Jé Granmèt la sou moun ki respékté-l yo, ak sou sa yo ki éspéré sou mizérikòd li-a, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

An nou inploré Papa-a, sous tou sa-k fè nou vîn sin, pou, pa lintèmédiè modèl sin yo épi intèsésion yo, li fè nou rivé nan lavi ki sin-an, épi an nou di :

Sé pou nou sin, paské ou minm ou sin.

Papa ki sin, ou minm ki té vlé pou yo rélé nou pitit ou épi pou sé sa minm nou yé-a,

— fè Égliz la ki sin-an déklaré rékonèt ou sou tout ronnn tè-a.

Papa ki sin, ou minm ki té vlé pou nou maché jan sa konvnab, antan nou fè-ou plézi nan tout bagay,

— fè nou donnin frui nan bon aksion.

Papa ki sin, ou minm ki té rékonsilié nou avèk ou pa lintèmediè Kris la,

— konsèvé nou nan non-ou, pou nou tout nou vîn fè yon sèl.

Papa ki sin, ou minm ki té rélé nou al nan résépsion sièl la,

— pa lintèmediè pin-an, ki désann sot nan sièl la, fè nou rivé jouinn charité ki pi anplin-an.

Papa ki sin, padoné fot tout péchè yo,

— épi résévoua défin yo nan limiè fas ou-a.

Papa nou.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo:

Bondié, ou minm ki sèl sin, épi ou minm san ou pèsonn pa bon, pa lintèsésion sin **N.**, pasé lòd, tanpri, pou nou vîn tounin yon fason nou pa gin doua manké gloua-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou égzanp Sin-ou yo antréné nou nan yon pi bon lavi, antan tout tan n-ap imité aksion sin **N.**, li minm n-ap sélébré mémoua li. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè :

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki ba nou sign ki pi nouvo pou-ou montré jan-ou rinmin nou antan-ou fè sin yo jouinn gloua, fè nou favè, tanpri, pou, antan n-ap chèché imité Sèl Pitit ou-a avèk fidélimité, nou jouinn rékòmandasion nan intèsésion yo, épi nou ankourajé nan égzanp yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon rélijyé :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sin **N.** té pèsévéré ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidélité nan vokasyon nou, nou réyisi rivé nan pèfeksion sa-a ou té prezanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon sin ki té dévoué tèt li nan aksion mizérikòd yo :

Bondié, ou minm ki té aprann Égliz ou-a pou-l kinbé tout kòmandman sièl yo, nan amou ou minm ki Bondié épi prochin-an, fè nou favè pou, antan n-ap angajé nan travay charité sou égzanp sin **N.**, nou mérité yo fè nou antré nan group sa yo ki résévoua bénédiksion péyi koté ou roua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon édikaté :

Bondié, ou minm ki té fè sin **N.** lévé nan Égliz ou-a pou montré prochin yo rout k-ap sové nou-an, fè nou favè pou, sou égzanp li, nou suiv Kris la kòm mèt yon fason pou nou réyisi rivé koté-ou ansanm avèk frè nou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Bondié ki mérité yo admiré-l nan sin-l yo, vini, an-n adoré-l, alélouya.

Oubyin : An nou fè louanj pou Bondié nou-an antan n-ap fété **N.** ki sin, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a**IMN**

Pou yon sèl sin: *Iesu, redemptor omnium*, 1400.

Pou pliziè sin: *Inclitos Christi famulos canamus*, 1401.

PSÒM YO

Réf. 1 Li té mandé-ou lavi, ou té ba li-l, Granmèt ; ou té mété gloua ak gran onè sou li, alélouya.

Psòm 20 (21), 2-8. 14**Rékonésans pou viktoua roua-a**

Li té résévoua lavi-a, pou-l résisité, épi longè jou yo pou tout tan gin tan
(S. Iréné).

- ² Granmèt, roua-a ap kontan nan pouvoua-ou, *
sou sové ou sové nou-an l-ap fété anpil.
- ³ Ou ba li sa kè-l té anvî-a, *
ou pa réfizé sa bouch li té mandé-a.
- ⁴ Ou pran dévan-l nan bénédikcion dousè-a ; *
ou mété sou tèt li yon kouròn lò ki gin anpil valè.
- ⁵ Li té mandé-ou lavi, ou ba li-l, *
longè jou yo pou sièk la ak pou sièk sièk la.
- ⁶ Gloua li-a gran nan sové ou sové nou-an, *
ou mété grandè ak bèlté sou li ;
- ⁷ paské ou fè-l sèvi bénédikcion pou sièk sièk la, *
ou fè-l kontan anpil dévan fas ou.
- ⁸ Paské roua-a éspéré sou Granmèt la, *
nan mizérikòd Sa-k anro nèt la, li pap chaviré.

¹⁴ Lévé, Granmèt, nan fòs ou; *
n-a chanté épi n-a fè louanj puisans ou.

Réf. Li té mandé-ou lavi, ou té ba li-l, Granmèt ; ou té mété gloua ak gran onè sou li, alélouya.

Réf. 2 Santié moun kòrèk yo avansé tankou limiè k-ap kléré, épi li grandi jous li fè jou nèt, alélouya.

Psòm 91 (92)

Louanj Granmèt la, kréatè-a

Y-ap déklaré louanj pou aksion Sèl Pitit la (S. Atanaz).

I

² Sa bon pou fè déklarasion pou Granmèt la, *
pou chanté pou non-ou, Ou minm ki anro nèt la,
³ pou anonsé mizérikòd ou-a dépi granmatin, *
ak vérité-ou la tout nannuit,
⁴ sou instriman dis kòd la, sou gita, *
avèk akonpagnman bas.
⁵ Paské ou ban-m kontantman, Granmèt, avèk sa-ou fè yo, *
m-ap fété pou aksion min-ou fè yo.
⁶ Ala gran yo gran, sa-ou fè yo, Granmèt : *
sa-ou kalkilé yo, yo fon anpil.
⁷ Moun sòt pa konnin sa, *
moun san léspri pa konprann sa.
⁸ Péchè yo mèt pousé tankou zèb, *
tout moun k-ap fè méchansté yo mèt fléri,
sé pou yo kapab détrui pou sièk sièk la ; *
⁹ min, ou minm, Granmèt, ou anlè pou tout tan.

Réf. Santié moun kòrèk yo avansé tankou limiè k-ap kléré, épi li grandi jous li fè jou nèt, alélouya.

Réf. 3 Moun ki kòrèk la, sé tankou pié palm l-ap fléri, tankou pié sèd Liban l-ap bay anpil lòt, alélouya.

II

- ¹⁰ Paské, gadé, ènmi-ou yo, Granmèt, †
 gadé ènmi-ou yo k-ap détrui, *
 tout moun k-ap fè méchansté yo, y-ap gayé yo.
- ¹¹ Ou fè-m lévé kòn mouin byin ro tankou bèt yon sèl kòn la, *
 yo vidé luil sou mouin an kantité.
- ¹² Jé-m ap méprizé ènmi-m yo, *
 méchan yo ki té konn lévé kont mouin-an,
 zòrèy mouin yo ap tandé yo.
- ¹³ Moun ki kòrèk la, sé tankou pié palm l-ap fléri, *
 tankou pié sèd Liban l-ap grandi.
- ¹⁴ Yo planté nan kay Granmèt la, *
 nan lakou Bondié nou-an y-ap fléri.
- ¹⁵ Y-ap donnin frui toujou nan viyéyès la, *
 y-ap donnin an kantité, y-ap byin vèt,
- ¹⁶ pou yo anonsé kijan Granmèt la douat,
 kachèt mouin-an, *
 pa gin défo nan li.

Réf. Moun ki kòrèk la, sé tankou pié palm l-ap fléri, tankou pié sèd Liban l-ap bay anpil lòt, alélouya.

V/. Moun kòrèk la Granmèt la té kondui-l nan santié ki douat, alélouya.

R/. Épi li té montré-l rouayòm Bondié-a, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan liv Apokalips apot sin Jan

14, 1-5; 19, 5-10

Ala kontantman pou moun yo rélé vîn nan soupé nòs Mouton-an

Nan jou sa yo : ^{14,1} Mouin minm, Jan, mouin té ouè : sé yon Mouton ki té kanpé sou mòn Siyon, avèk li té gin sankarankat mil ki gin non-l ak non Papa-l ékri nan fron yo. ² Mouin tandé yon voua ki sot nan sièl la tankou voua gran dlo yo, ak tankou voua gran loraj ; voua-a mouin té tandé-a, sé tankou voua mizisyin k-ap joué mizik sou gita yo. ³ Yo t-ap chanté tankou kantik nouvo dévan trôn nan, ak dévan kat vivan yo ak granmoun yo ; pèsonn pa-t kapab di kantik la, sof karankat mil yo, sa yo té rachté sot sou tè-a. ⁴ Sa yo, sé sa-k pa sal tèt yo avèk médam, réyèlman, yo vièj. Yo minm yo suiv Mouton-an tout koté l-apralé. Yo minm yo rachté sot nan pami moun yo, kòm premié frui pou Bondié ak Mouton-an, ⁵ nan bouch yo pa gin manti ; sèk yo san tach dévan trôn Bondié-a.

^{19,5} Yon voua té soti nan trôn nan, antan-l di :

« Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sèvitè-l yo,
ak sa ki krinn li yo, ni piti ni gran ».

⁶ Mouin té tandé tankou voua gran foul, tankou voua anpil dlo yo, tankou voua gro loraj yo, k-ap di :

« Alélouya,
paské li té vîn roua, Granmèt la, Bondié nou-an, ki gin tout pouvoua-a.

⁷ Sé pou kè nou kontan, sé pou nou fété, sé pou nou ba li gloua,
paské nòs Mouton-an rivé,
madanm li préparé tèt li.

⁸ Yo ba li pou-l kouvri kò-l ak bisus ki kléré, ki nèt : Bisus la réyèlman, sé lavi sin yo ki kòrèk la ».

⁹ Li di-m : « Ékri : Ala kontantman pou moun yo invité nan soupé nòs Mouton-an », épi li di-m : « Paròl Bondié sa yo, yo vré. » ¹⁰ Épi mouin

tonbé dévan pié-l pou-m adoré-l, min li di-m: « Atansion, non, sé ésklav ansanm avèk ou mouin yé épi ansanm avèk frè-ou yo ki gin témouagnaj Jézu-a. Sé Bondié pou-ou adoré. Réyèlman sé témouagnaj Jézu-a, sé éspri profési-a ».

RÉPONS

Cf. Ap 14, 2; 19, 6; 12, 10; 19, 5

R/. Mouin té tandé yon voua ki sot nan sièl la tankou voua gran loraj: Li té vîn roua, Granmèt la, Bondié nou-an pou tout tan, * Paské sovè yo sovè-a rivé, épi pouvoua-a ak otorité Kris li-a, alélouya.

V/. Yon voua té soti nan trôn nan, antan-l di : Fè louanj pou Bondié nou-an, nou tout sin-l yo ak sa yo ki krinn Bondié, ni piti ni gran. * Paské.

Pou yon sin ki té viv nan mariaj:

Nan premié Lèt apot sin Piè-a

3, 7-17

Granmèt la, Kris la, sé pou nou fè ouè jan li sin nan kè nou yo

⁷ Nou minm tou mari yo, antan nou abité ansanm ak madanm nou, nou chèché konprann yo, tankou yon ti véso frajil, sé pou nou trété yo avèk konsidèrasion, tankou moun ki éritié lavi gras la ansanm avèk nou, pou priyé nou pa jouinn anpéchman.

⁸ Anfin réyèlman nou tout sé pou nou fè yon sèl, pou youn pran pitié pou lòt, pou nou rinmin tankou frè, pou nou gin mizérikòd, pou nou gin umilité, ⁹ pou nou pa rinmèt mal pou mal, ni madichon pou madichon, min okontrè antan n-ap souété dibyin, paské sé pou sa yo té rélé nou, pou nou résévoua bénédiksion-an kòm éritaj.

¹⁰ Réyèlman, moun ki *vlé rinmin lavi*

pou-l ouè jou ki bon,

sé pou-l sispann fè lang li palé mal,

¹¹ pou bouch li pa di paròl k-ap tronpé;
sé pou-l kité chémin sa ki mal pou-l fè sa ki byin,
sé pou-l chèché lapè, pou-l rapousuiv li.

¹² Paské *jé Granmèt la pozé sou moun ki kòrèk yo,*
épi zòrèy li panché sou lapriyé yo;
min figi Granmèt la ap sivéyé moun k-ap fè sa-k mal yo.

¹³ Sa-k pou nui nou, si n-ap chèché sa-k byin? ¹⁴ Si n-ap soufri pou sa-k kòrèk la, ala kontantman pou nou. *Pa pè moun yo k-ap fè nou pè-a, pa troublé ditou.* ¹⁵ *Granmèt la minm, Kris la, sé pou nou fè rékonèt li sin nan kè nou, sé pou nou toujou paré pou nou réponn tout moun k-ap mandé nou kont sou éspérans ki nan nou-an.* ¹⁶ Min sé pou sa fèt avèk sinplisité, avèk respè, antan nou gin bon konsians. Konsa, sou pouin y-ap palé nou mal la, y-a blijé ront, yo minm k-ap fè kalomni kont bon konduit nou gin nan Kris la. ¹⁷ Pito nou soufri akòz byin n-ap fè, si volonté Bondié pèmèt sa, pasé pou nou soufri poutèt mal n-ap fè.

RÉPONS

1 Piè 1, 13. 15; Lévi 11, 44

R/. Sé pou nou maré rin éspri nou, dapré sa-a ki rélé nou-an, Sa-a ki Sin-an ; * Sé pou nou minm tou nou vîn sin nan tout konduit nou, alélouya.

V/. Mouin minm réyéلمان mouin sé Granmèt la Bondié nou-an : sé pou nou sin, paské mouin minm mouin Sin. * Sé pou nou minm tou.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli sin Jan Krizostòm, évèk, nan Travay Apot yo
(Homilia 20, 4: PG 60, 162-164)

Limière krétyin-an pa kapab kaché

Pa gin anyin ki pi frèt pasé yon krétyin ki pa okipé sové lòt yo.

La-a ou pa kapab pran povreté-a kòm prètèks: réyèlman madanm nan ki té mété dé ti piès monnin yo, ap akizé-ou. Épi Piè t-ap di: *Lajan ak lòt mouin pa ginyin*. Pòl li minm tou té tèlman pòv, atèlpouin souvan li té grangou, épi li té manké sa-k nésésè pou manjé-a.

Ou pa kapab mété mank rénomé-a dévan: paské yo minm yo té san rénomé, sé nan moun ki san rénomé yo té soti. Ou pa kapab pran prètèks sé ignoran ou yé: paské yo minm tou yo pa-t konn li. Ou pa kapab mété maladi kòm objéksion: paské sé konsa Timoté tou té yé, li minm ki souvan té malad.

Chak moun kapab itil prochin-an, si-l vlé akonpli sa-k pou li yo.

Èské nou pa ouè piéboua ki pa donnin frui yo kijan yo solid, kijan yo bèl, yo ro, yo lis épi yo gran? Min, si nou t-a gin yon jadin, nou t-a pito gin pié grénad ak pié oliv ki donnin frui pasé pou nou t-a ginyin lòt yo: lòt yo réyèlman sé pou plézi yo yé, é pa pou itilité, épi minm si yo t-a itil kichòy, li piti.

Sé konsa yo yé, sa ki konsidéré sa-k pou yo sèlman-an; byin plis, yo pa minm konsa sètènman, min sé pou pinision-an sèlman yo bon. Paské piéboua sa yo sèvi pou bati épi pou soutni kichòy. Sé konsa yo té yé vièj sa yo ki té kinbé kò yo, ki té gin konsidérasion, ki té gin tanpérans; min sa-k pa itil pèsonn yo, sé pou sa y-ap boulé yo. Sé konsa yo yé, sa-yo ki pa bay Kris la manjé.

Sé pou byin rémaké poutan okinn nan yo pa jouinn akizasion osijè pròp péché-l yo, sé pa paské li té pran mové plézi, sé pa paské li té fè fosèman, osijè okinn sètènman; min sé paské li pa-t itil yon lòt. Sé konsa li té yé sa-k té antéré piès lajan-an, antan li prezanté yon lavi ki san fot min ki pa itil yon lòt.

Kijan, sé sa m-ap mandé, pou-l t-a krétyin, sa-a ki konsa-a? Si lévin-an ki mélanjé ak farîn nan pa chanjé tout bagay la nan minm kalité-a, èské sé lévin vrèman li t-a yé? Kisa réyèlman vré, si losion-an pa t-a dégajé bon lodé pou sa-k proché yo, èské n-ap rélé sa losion?

Ou pa t-a doué di: Mouin pa kapab minnin lòt yo: paské si-ou té krétyin, li pa posib pou sa pa fèt. Paské minm jan sa yo ki natirèl yo pa gin kontradiksyon nan yo: konsa tou sa n-ap di-a: sé nan sa krétyin-an yé-a réyèlman bagay la rété.

Pa mété bagay ki déréspékté Bondié. Si-ou t-a di solèy la pa kléré, ou déréspékté-l; si-ou t-a di krétyin-an pa kapab itil, sé Bondié ou t-a déréspékté épi ou t-a di li bay manti. Li pi fasil réyèlman pou solèy la pa t-a chofé ni kléré, pasé pou yon krétyin pa kléré; li t-a pi fasil pou limiè-a tounin fènoua, pasé pou sa t-a rivé.

Pa di, bagay la inposib: paské sé sa ki kontrè-a ki inposib. Pa mété bagay ki déréspékté Bondié. Si afè pa nou yo nou réglé yo yon fason ki douat, yo minm toutafè y-ap égzisté épi y-ap suiv yon sètin fason tankou bagay natirèl. Limiè krétyin-an pa kapab kaché: yo pa kapab kaché yon lanp ki si tèlman kléré.

RÉPONS

Éféz 5, 8-9; Mt 5, 14. 16

R/. Nou minm nou sé limiè nan Granmèt la : sé pou nou maché tankou pitit limiè. * Frui limiè-a sé nan tout bonté, jistis ak vérité, alélouya.

V/. Nou minm nou sé limiè tè-a. Sé pou limiè nou-an kléré dévan moun yo. * Frui limiè-a.

Oubyin yon lòt:

Sot nan Prèch sint Ogustin, évèk

(Sermo 96, 1. 4. 9: PL 38, 584. 586. 588)

Osijè vokasyon tout moun pou yo vîn sin-an

Si yon moun vlé suiv mouin, sé pou-l rénonse pròp tèt pa-l, sé pou-l poté koua li-a épi sé pou-l suiv mouin. Sa sanblé rèd épi lou, sa Granmèt

la té kòmandé-a, pou si yon moun vlé suiv li, sé pou-l rénonse pròp tèt pa-l la. Min li pa rèd ni lou sa li-minm li kòmandé-a, li k-ap édé pou sa-l kòmandé-a rivé fèt.

Paské bagay sa-a tou sé vérité, sa yo di-l nan Psòm nan: *Poutèt paròl bouch ou, mouin minm mouin té kinbé chémin ki rèd yo*. Épi bagay sa-a sé vérité, sa li minm li té di-a: *Jouk mouin-an fasil, épi chaj mouin-an léjé*. Ninpòt ki bagay ki rèd réyèlman nan sa yo kòmandé-a, pou-l léjé, charité-a fè-l.

Kisa sa yé, *Sé pou-l poté koua li-a?* Sé pou-l sipòté ninpòt sa ki difisil: sé konsa pou-l suiv mouin. Dépi réyèlman li kòmansé suiv mouin minm ak konpòtman yo épi kòmandman mouin yo, l-ap gin anpil moun k-ap kontrarié-l, l-ap gin anpil moun k-ap anpéché-l, l-ap gin anpil moun k-ap dékonsyé-l, épi bagay sa-a ap soti nan moun sa yo minm ki tankou sé konpagnon Kris la. Yo t-ap maché avèk Kris la, sa yo ki t-ap anpéché avèg la rélé fò-a. Soua nan ménas, soua nan flatiri, soua nan ninpòt anpèchman, si ou vlé suiv, viré nan diréksion koua-a; poté, pran, pa sikonbé.

Konsa nan tè sa-a, pou sin, pou bon, pou rékonsilié, pou sové, pi plis ankò pou sové lòt, koulié-a minm pou sové an éspérans, *Sé nan éspérans réyèlman yo té sové nou*: nan tè sa-a donk, sa vlé di Égliz la, ki toutantié ap suiv Kris la, li té di pou tout moun: *Moun ki vlé suiv mouin, sé pou-l rénonse tèt li*.

Sé pa réyèlman vièj yo ki doué kouté, épi sa-k marié yo pa doué kouté; oubyin vèv yo doué kouté, épi sa-k gin mari yo pa doué kouté; oubyin mouàn yo doué kouté, épi épou yo pa doué kouté; oubyin klèjé-a doué kouté, épi layik yo pa doué kouté: min tout Égliz la, tout kò-a, manb yo tout ansanm, ki diféran épi ki répati dapré travay yo chak ginyin-an, sé pou yo suiv Kris la.

Sé pou Égliz la toutantié ki yon sèl la suiv, sé pou kolonb la suiv, sé pou épouz la suiv, sa yo rachte-a épi yo fè kado san Épou-a sé pou-l suiv. La-a inosans virjinité-a gin plas li; la-a kontinans vèv la gin plas li; la-a chasteté épou yo gin plas li.

Manb sa yo minm ki gin plas yo la-a, nan katégori yo, épi nan plas yo, épi nan fason pa yo, sé pou yo suiv Kris la; sé pou yo rénonse pròp tèt yo, sa vlé di sé pa pou yo asiré sou pròp tèt yo; sé pou yo pran koua yo, sa vlé di sé pou yo sipòté sou tè-a pou Kris la ninpòt sa tè-a t-a mété kont yo. Sé pou yo rinmin sa-a ki li minm sèl pa bay désépsion-an, li minm sèl ki pa tronpé tèt li-a, li minm sèl ki pa tronpé lòt: sé pou yo rinmin-l, paské sa li promèt la sé vérité. Min paské sé pa koulié-a li bay, lafoua-a ap ézité: kinbé fèm, pèsévéré, sipòté, andiré réta-a, épi ou té pran koua-a.

RÉPONS

R/. Sa-a, sé li minm ki dévan Bondié té fè travay ki mandé gran fòs yo, épi ak tout kè-l li té fè louanj Granmèt la: * Li minm minm sé pou li intèsédé pou péché tout pèp yo, alélouya.

V/. Min yon moun san répròch, vré adoratè Bondié, antan li évité tout sa-k mal épi antan li rété nan inosans li-a. * Li minm minm li sé pou li intèsédé.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN

Pou yon sèl mésié ki sin : *Iesu, coróna célsior*

Jézu, kouròn ki pi ro pasé sièl la,
ak vérité ki dépasé tout rotè,
ou minm ki bay rékonpans tout tan-an,
pou sèvitè ki gin konfians nan ou,

Foul la k-ap sipliyé-a,
padonnin fot li yo

antan-ou défèt né kòd li-a,
gras a priyè sa-a ki nan sièl la.

Li minm ki pa rinmin anyin ki san valè,
li sèvi ak sa-k sou tè-a
yon fason pou-l fè-ou plézi, ou minm sèl,
ak tout chalè kè-l.

Ou minm, Kris la, roua ki bon anpil,
sa-a k-ap déklaré rékonèt ou san rété-a,
li pilé ènmi-an byin fò anba pié-l,
sa k-ap fè arogan-an ansanm ak konplis li.

Li kléré ak bon kalité-l, ak lafoua-l,
li mét atansion nan lapriyè,
li réglé tout aktivité kò-l byin sinp,
li mérité antré nan résépsion sièl yo.

Gloua pou Bondié Papa-a,
pou ou minm tou, sèl Pitit la,
avèk Éspri Paraklè-a,
pou sièk ki pap fini yo. Amèn.

Pou pliziè mésié ki sin : *Beáta cæli gáudia*

Kè kontan sièl la ki sin yo,
rékonpans déklarasion lafoua-a,
fidèl yo k-ap suiv Kris la,
nou déjà jouinn yo an kantité.

Panché zòrèy nou ak bon kè,
pou kouté louanj n-ap chanté pou nou
ak kantik sakré,
nou minm ki égzilé andéyò patri-a.

Antan rinmin Kris la boulvèsé nou,
nou pran koua ki rèd pou poté-a,
nou obéisán, nou pa fè parès
épi nou cho nan charité-a.

Nou méprizé riz démon yo
avèk atirans sièk la;
antan nou sèvi Kris la témouin nan konduit nou,
nou travèsé nan sièl la.

Nou minm ki déja ap joui gloua-a, koulié-a,
kouté priyè tout moun sa yo
ki mét tout kè yo pou yo chèché
suiv modèl nou yo.

Gloua pou Trinité-a,
k-ap minnin nou nan sièl la
poutèt bon kè-l
épi gras a priyè nou yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Granmèt la té ba yo gloua tout tan-an, l-ap fè yo éritié yon non
k-ap diré tout tan, alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch sémèn I, 578.

Réf. 2 Sèvitè Granmèt la, béni Granmèt la pou tout tan, alélouya.

Réf. 3 Sin yo ap fété nan gloua-a, y-ap réjoui nan kabann yo, alélouya.

Mouin mandé nou avèk insistans, frè yo, pa pouvoua mizèrikòd Bondié-a, pou nou ofri kò nou tankou sakrifis vivan, sin, ki fè Bondié plézi, dévoua nou ki rézonab; épi pa pran modèl sou sièk sa-a, min sé pou nou rékòmansé fòmé mantalité nou nan sa ki nouvo, pou nou chèché konnin byin ki sa ki volonté Bondié, ki bon, ki fè-l plézi, ki apouin nèt.

RÉPONS KOUT

R/. Laloua Bondié li-a nan kè li. * Alélouya, alélouya. Laloua Bondié.

V/. Épi pié-l pap bité. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Laloua Bondié.

Pou *Benedictus* la, réf. pou yon sèl mésié ki sin :

Sa ki fè vérité-a, li vini kot limiè-a, pou aksion-l yo parèt klè, paské sé nan Bondié yo fèt, alélouya.

Pou pliziè mésié : Ala kontantman pou moun yo k-ap mété lapè-a, ala kontantman pou moun ki gin kè yo pròp, paské yo minm y-ap ouè Bondié, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la Bondié ki sin-an, frè yo, an nou lévé-l anlè, antan n-ap priyé pou nou sèvi-l nan sa-k fè nou sin-an ak nan jistis la dévan-l tout jou nou yo, an nou akلامé :

Sé ou minm sèl ki sin, Granmèt.

Ou minm ki té vlé pou yo tanté-ou nan tout bagay minm jan ak nou, sòf péché-a,

— pran pitié pou nou, Granmèt Jézu.

Ou minm ki té rélé nou tout pou nou rivé nan pèfeksion rinmin-an,

— fè nou vîn sin, Granmèt Jézu.

Ou minm ki té pasé nou lòd pou nou vîn tounin sèl tè-a ak limiè pou moun yo sou tè-a,

— kléré nou, Granmèt Jézu.

Ou minm ki té vlé sèvi, pa pou yo sèvi-ou,

— fè nou sèvi ni ou minm ni frè nou yo ak umilité, Granmèt Jézu.

Ou minm, ékla gloua Papa-a épi figi sa-l yé-a minm,

— fè nou ouè fas ou nan gloua-a, Granmèt Jézu.

Papa nou.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo:

Bondié, ou minm ki sèl sin, épi ou minm san ou pèsonn pa bon, pa lintèsésion sin **N.**, pasé lòd, tanpri, pou nou vîn tounin yon fason nou pa gin doua manké gloua-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou égzanp Sin-ou yo antréné nou nan yon pi bon lavi, antan tout tan n-ap imité aksion sin **N.**, li minm n-ap sélébré mémoua li. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè :

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki ba nou sign ki pi nouvo pou-ou montré jan-ou rinmin nou antan-ou fè sin yo jouinn gloua, fè nou favè, tanpri, pou, antan n-ap chèché imité Sèl Pitit ou-a avèk fidélimité, nou jouinn rékòmandasion nan intèsésion yo, épi nou ankourajé nan égzanp yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon rélijyé :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sin **N.** té pèsévééré ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidélité nan vokasion nou, nou réyisi rivé nan pèfeksion sa-a ou té prezanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon sin ki té dévoué tèt li nan aksion mizérikind yo :

Bondié, ou minm ki té aprann Égliz ou-a pou-l kinbé tout kòmandman sièl yo, nan amou ou minm ki Bondié épi prochin-an, fè nou favè pou, antan n-ap angajé nan travay charité sou égzanp sin **N.**, nou mérité yo fè nou antré nan group sa yo ki résevoua bénédiksyon péyi koté ou roua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon édikaté :

Bondié, ou minm ki té fè sin **N.** lévé nan Égliz ou-a pou montré prochin yo rout k-ap sové nou-an, fè nou favè pou, sou égzanp li, nou suiv Kris la kòm mèt yon fason pou nou réyisi rivé koté-ou ansanm avèk frè nou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou Tièrs

Réf. Moun ki kinbé paròl Kris la, réyéلمان vré charité-a apouin nèt nan li, alélouya.

LÉKTU KOUT

Gal 6, 7 b-8

Sa yon moun té simin, sé sa tou l-ap rékòlté; paské sa k-ap simin pou chè-l la, sot nan chè-a l-ap rékòlté déstriksion, sa k-ap simin pou éspri-a minm, sot nan éspri-a l-ap rékòlté lavi tout tan-an.

V/. Granmèt la ap dirijé moun ki dosil yo nan jijman-an, alélouya.

R/. L-ap aprann moun ki dou yo chémin-l yo, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Moun ki fè volonté Papa-m ki nan sièl yo, sé li minm k-ap antré nan rouayòm sièl yo, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Kor 9, 26-27a

Mouin minm sé konsa m-ap kouri, sé pa san diréksion ; sé konsa m-ap batay, sé pa lè-a m-ap frapé ; min m-ap drésé kò-m, m-ap maté-l.

V/. Ala kontantman pou moun sa-a, ou té korijé-a, Granmèt, alélouya.

R/. Épi ou té aprann li laloua-ou la, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Jé pa-t ouè, Bondié, andéyò ou minm, sa-ou té préparé pou moun k-ap tann ou yo, alélouya.

LÉKTU KOUT

Fil 4, 8. 9 b

Frè yo, tou sa-k vré, tou sa-k pròp, tou sa-k kòrèk, tou sa-k san tach, tou sa-k mérité rinmin, tou sa-k gin bon rénomé, si gin yon bon kalité, si gin yon louanj, sé bagay sa yo pou nou kalkilé ; konsa Bondié lapè-a ap avèk nou.

V/. Tout moun ki éspéré nan ou, y-ap gin kè kontan, alélouya.

R/. Pou tout tan y-ap fété, ou-ap abité nan yo, alélouya.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou dézièm Vèp yo**IMN**

Pou yon sin: *Iesu, redemptor omnium*, 1400.

Pou pliziè sin: *Inclitos Christi famulos canamus*, 1401.

PSÒM YO

Réf. 1 Yo jouinn li san tach épi apouin nèt; l-ap gin gloua pou tout tan, alélouya.

Psòm 14 (15)**Kilès ki mérité parèt dévan Granmèt la ?**

Nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an (Ébr 12, 22).

- ¹ Granmèt, ki moun k-ap abité nan tant ou-a ? *
- Ki moun k-ap répozé sou mòn ou-an ki sin-an ?
- ² Moun k-ap maché san fot, k-ap fè jistis, *
- k-ap palé vérité nan kè-l,
- ³ ki pa chèche tronpé ak lang li, †
- ki pa fè prochin-l méchansté, *
- ki pa fè prochin-l afron.
- ⁴ Li konsidéré méchan-an kòm anyin dévan jé-l, *
- min li fè louanj pou sa yo ki krinn Granmèt la.
- Li fè sèman pou dézavantaj li épi li pa chanjé, †
- ⁵ li pa prété lajan-l ak intèrè, *
- li pa aksépté kado sou do inosan.
- Moun ki aji konsa, *
- li pap souké pou tout tan.

Réf. Yo jouinn li san tach épi apouin nèt; l-ap gin gloua pou tout tan, alélouya.

Réf. 2 Gras Bondié-a ak mizérikòd la nan sin-l yo, épi konsidérasion-an nan sa-l chouazi yo, alélouya.

Psòm 111 (112)

Kontantman mésié ki kòrèk la

Sé pou nou maché kòm pitit limiè ; frui limiè-a li nan tout bon kè, jistis ak vérité (Éféz 5, 8-9).

1	Ala kontantman pou moun ki krinn Granmèt la, *	א
	nan lòd li yo li mét anpil anvì.	ב
2	Désandans li ap gin pouvoua sou tè-a, *	ג
	ras moun ki douat yo ap béni.	ד
3	Gloua ak richès nan kay li, *	ה
	jistis li ap rété pou sièk sièk la.	ו
4	Limiè-a ap lévé nan fènoua, pou moun ki douat yo, *	ז
	li gin mizérikòd, li pran pitié, li kòrèk.	ח
5	Sé plézi pou moun sa-a ki pran pitié, ki prété, †	ט
	ki réglé afè-l yo kòrèk, *	י
6	paské pou tout tan li pap souké.	כ
	Tout tan y-ap sonjé moun kòrèk la, *	ל
7	lè-l tandé mové nouvèl, li pap pè.	מ
	Kè-l paré antan-l espéré nan Granmèt la, †	נ
8	kè-l asiré, li pap pè, *	ס
	joustan li méprizé ènmi-l yo.	ע
9	Li té distribué, li té bay pòv yo ; †	פ
	jistis li rété pou sièk sièk la, *	צ
	kòn li ap lévé nan gloua-a.	ק

¹⁰ Péchè-a ap ouè sa, l-ap fè kòlè, †
 l-ap manjé dan, l-ap déperî. *
 Anvi péchè yo ap détrui.

ר
 ש
 ת

Réf. Gras Bondié-a ak mizérikòd la nan sin-l yo, épi konsidérasion-an nan sa-l chouazi yo, alélouya.

Réf. 3 Sin yo t-ap chanté yon kantik nouvo dévan fotèy Bondié-a ak Mouton-an, épi tè-a t-ap rézonnin ak voua yo, alélouya.

Kantik

Ap 15, 3-4

Kantik adoration

³ Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo, *
 Granmèt, Bondié ki gin tout pouvoua ;
 yo kòrèk, yo vré, chémin-ou yo, *
 Roua nasion yo !
⁴ Kilès ki pap krinn ou, Granmèt, *
 épi ki pap fè gloua pou non-ou ?
 Paské ou minm sèl ou Sin, †
 paské tout nasion yo ap vini
 y-ap adoré nan fas ou, *
 paské jijman-ou yo parèt klè.

Réf. Sin yo t-ap chanté yon kantik nouvo dévan fotèy Bondié-a ak Mouton-an, épi tè-a t-ap rézonnin ak voua yo, alélouya.

LÉKTU KOUT

Rom 8, 28-30

Nou konnin pou moun yo ki rinmin Bondié, tout bagay tounin an byin, yo minm li té rélé dapré plan li. Réyèlman, sa-a yo li té chouazi davans yo, li té déstiné yo davans tou, pou yo vîn moulé nan pòtré Pitit li-a, pou li minm li vîn tounin premié pitit nan pami tout foul frè yo ; sa yo li té

déstiné davans yo, li té rélé yo tou ; épi sa yo li té rélé-a, li té jistifié yo tou ; sa yo minm li té jistifié-a, li té ba yo gloua-a tou.

RÉPONS KOUT

R/. Granmèt la kòrèk, épi li té rinmin jistis la. * Alélouya, alélouya. Granmèt la.

V/. Fas li té ouè sa ki douat. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Granmèt la.

Pou *Magnificat* la, réf. Sèvitè ki bon, ki fidèl, antré nan kè kontan Granmèt ou-a, alélouya.

Pou pliziè mésié ki sin : Yo té rét fidèl jous yo mourì, épi yo té résévoua kouròn lavi-a nan min Granmèt la, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

An nou inploré Papa-a, sous tou sa-k fè nou vîn sin, pou, pa lintèmédiè modèl sin yo épi intèsésion yo, li fè nou rivé nan lavi ki sin-an, épi an nou di :

Sé pou nou sin, paské ou minm ou sin.

Papa ki sin, ou minm ki té vlé pou yo rélé nou pitit ou épi pou sé sa minm nou yé-a,

— fè Égliz la ki sin-an déklaré rékonèt ou sou tout ronnn tè-a.

Papa ki sin, ou minm ki té vlé pou nou maché jan sa konvnab, antan nou fè-ou plézi nan tout bagay,

— fè nou donnin frui nan bon aksion.

Papa ki sin, ou minm ki té rékonsilié nou avèk ou pa lintèmédiè Kris la,

— konsèvé nou nan non-ou, pou nou tout nou vîn fè yon sèl.

Papa ki sin, ou minm ki té rélé nou al nan résépsion sièl la,

— pa lintèmédiè pin-an, ki désann sot nan sièl la, fè nou rivé jouinn charité ki pi anplin-an.

Papa ki sin, padoné fot tout péchè yo,
 — épi résévoua défin yo nan limiè fas ou-a.
 Papa nou.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo:

Bondié, ou minm ki sèl sin, épi ou minm san ou pèsonn pa bon, pa lintèsésion sin **N.**, pasé lòd, tanpri, pou nou vîn tounin yon fason nou pa gin doua manké gloua-ou la. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou égzanp Sin-ou yo antréné nou nan yon pi bon lavi, antan tout tan n-ap imité aksion sin **N.**, li minm n-ap sélébré mémoua li. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè :

Bondié ki gin tout pouvoua, ki égzisté tout tan, ou minm ki ba nou sign ki pi nouvo pou-ou montré jan-ou rinmin nou antan-ou fè sin yo jouinn gloua, fè nou favè, tanpri, pou, antan n-ap chèché imité Sèl Pitit ou-a avèk fidélimité, nou jouinn rékòmandasion nan intèsésion yo, épi nou ankourajé nan égzanp yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon rélijyé :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sin **N.** té pèsévéré ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidélimité nan vokasyon nou, nou réyisi rivé nan pèfeksion sa-a ou té prézanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon sin ki té dévoué tèt li nan aksion mizérikòd yo :

Bondié, ou minm ki té aprann Égliz ou-a pou-l kinbé tout kòmandman sièl yo, nan amou ou minm ki Bondié épi prochin-an, fè nou favè pou, antan n-ap angajé nan travay charité sou égzanp sin N., nou mérité yo fè nou antré nan group sa yo ki résevoua bénédikcion péyi koté ou roua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon édikaté :

Bondié, ou minm ki té fè sin N. lévé nan Égliz ou-a pou montré prochin yo rout k-ap sovè nou-an, fè nou favè pou, sou égzanp li, nou suiv Kris la kòm mèt yon fason pou nou réyisi rivé koté-ou ansanm avèk frè nou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

POU MÉDAM KI SIN YO**Pou premié Vèp yo****IMN**

Pou yon madam ki sin: *Fortem virili pectore*

Madam nan ki gin fòs kouraj la,
nou tout, an nou fè louanj li,
li minm k-ap kléré tout koté
avèk gloua sin li sin-an.

Li minm, antan-l blésé ak rinmin ki sin-an,
pandan l-ap maché sou bagay sièk sa-a k-ap pasé yo,
pou-l al nan sièl la,
li té travèsé chémin ki rèd.

Antan-l donté kò-l ak jèn,
antan l-ap nouri éspri li
ak bon manjé priyè-a,
li rivé joui plézi sièl la.

Ou minm Kris la ki Roua, fòs moun ki gin kouraj yo,
ou minm sèl ki fè gran bagay,
gras a priyè-l, tanpri,
kouté ak byinvéyans sa k-ap sipliyé-ou yo.

Jézu, gloua-a sé pou ou,
ou minm ki ba nou lagras
pou nou éspéré avantaj mérit sèvant ou-a ki sin-an
avèk rékonpans tout tan yo. Amèn.

Pou plizié médam ki sin : *Christe, cunctórum sator et redémpтор*

Ou minm Kris la, kréatè ak rédanmtè tout moun,
 ki réglé sièl la, tè-a, lanmè-a,
 padonnin dèt péché tout moun yo
 k-ap chanté louanj pou ou-a,

Ou minm ki kaché bijou yo anndan véso frajil la,
 antan ou fè médam yo vîn rézèvé kò yo,
 avèk fòs nanm yo,
 épi ou fè yo ranpòté viktoua ki éklatan.

Yo minm nou ouè ki fèb nan sansibilité yo,
 ou kouronnin kado ou fè yo avèk mérit yo,
 ou fè yo abité nan rouayòm nan,
 pou yo rété tout tan nan sièl la.

Onè ak otorité pou Papa-a ki anlè nèl la,
 louanj pou ou, Pitit la, ak respè ékstraòdinè,
 minm pouvoua pou Éspri Sin-an,
 koulié-a ak pou tout tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Non Granmèt la béni, li minm ki akonpli mizérikòd li-a nan sèvant li-a, alélouya.

Psòm 112 (113)

Non Granmèt la mérité louanj

Li jété sa-k gin pouvoua yo sot sou trôn yo, li lévé sa-k tou piti yo anlè (Lk 1, 52).

¹ Fè louanj, ti moun Granmèt la, *
 fè louanj non Granmèt la.

- 2 Sé pou non Granmèt la béni *
dèpi koulié-a ak pou tout tan.
- 3 Dèpi solèy lèvé jous koté-l kouché, *
non Granmèt la mérité louanj.
- 4 Granmèt la anlè nèt anro tout nasion yo, *
anlè sièl yo gloua li yé.
- 5 Kilès ki tankou Granmèt Bondié nou-an,
ki abité nan rotè yo, *
- 6 ki panché pou-l voyé jé
nan sièl la ak sou tè-a ?
- 7 Antan-l lèvé maléré-a sot atè-a, *
antan li drésé pòv la sot nan fatra-a,
- 8 pou-l fè-l chita avèk chèf yo, *
avèk chèf pèp li-a.
- 9 Li minm ki fè sa-k té stéril la abité nan kay la, *
kòm manman pitit ki gin kè-l kontan.

Réf. Non Granmèt la béni, li minm ki akonpli mizérikòd li-a nan sèvant li-a, alélouya.

Réf. 2 Fè louanj Granmèt la, Jérusalèm, paské li té béni pitit ou yo anndan-ou, alélouya.

Psòm 147 (147 B)
Rétablisman Jérusalèm

Vini, m-ap montré-ou Madanm nan, Épouz Mouton-an (Ap 21, 9).

- 12 [1] Fè louanj Granmèt la Jérusalèm ; *
fè louanj Bondié-ou ansanm, Siyon.
- 13 [2] Paské li ranfòsé krochèt pòtay ou yo, *
li béni pitit ou yo nan ou.
- 14 [3] Li minm ki pozé limit ou yo nan lapè, *

li ba-ou kont blé ki gra.

15 [4] Li minm ki voyé promès li sou tè-a, *
avèk vitès paròl li-a kouri.

16 [5] Li minm ki bay lanèj tankou linn, *
li simin larouzé tankou sann.

17 [6] Li voyé ti moso glas li-a tankou ti bouché ; *
dévan fas frédi-l la kilès k-ap kanpé ?

18 [7] Li voyé paròl li-a épi li fonn yo, *
li souflé souf li, dlo yo koulé.

19 [8] Li minm ki anonsé paròl li bay Jakòb, *
jistis li ak jijman-l yo bay Israèl.

20 [9] Li pa-t aji konsa avèk tout nasion, *
li pa-t montré yo jijman-l yo.

Réf. Fè louanj Granmèt la, Jérusalèm, paské li té béni pitit ou yo anndan-ou, alélouya.

Réf. 3 Granmèt la jouinn plézi-l nan ou; Bondié ou la ap jouinn kontantman poutèt ou, alélouya.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

3 Li béni, Bondié,
Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
li minm ki béni nou nan tout bénédiksion Éspri-a
nan sièl la nan Kris la,

4 sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
pou nou té kapab sin, san tach *
dévan fas li nan rinmin-an,

5 li minm ki té déstiné nou davans
pou nou té vîn tounin pitit adoptif †

pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
 6 pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
 7 nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
 8 sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
 9 pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
 sa-l té ranjé davans nan li, *
 10 pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tèt nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Granmèt la jouinn plézi-l nan ou; Bondié ou la ap jouinn kontantman poutèt ou, alélouya.

LÉKTU KOUT

Fil 3, 7-8

Bagay sa yo ki té sèvi-m kòm avantaj la, mouin konsidéré yo tankou yon domaj poutèt Kris la. Réyèlman mouin konsidéré tout bagay kòm domaj poutèt sians Kris Jézu Granmèt mouin-an ki dépasé tout bagay la : poutèt li mouin fè tout bagay yo pasé kòm domaj, mouin konsidéré yo kòm fatra, pou-m kapab jouinn avantaj mouin nan Kris la.

RÉPONS KOUT

R/. M-ap fété épi m-ap réjoui nan mizérikòd ou-a. * Alélouya, alélouya. M-ap fété.

V/. Paské ou té viré gadé sou jan-m pòv. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. M-ap fété.

Pou *Magnificat* la, réf. Ba li nan frui min-l yo, sé pou aksion-l yo fè louanj li nan pòtay yo, alélouya.

Pou pliziè médam : Y-ap fè louanj nou nan non-l ki sin-an; moun yo k-ap chèché Granmèt la, sé pou kè yo kontan, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Granmèt la, pa lintèmédiè Médam yo ki sin yo, an nou priyé-l pou Égliz la, antan n-ap di :

Sonjé Égliz ou-a, Granmèt.

Pa lintèmédiè tout médam ki mati yo, yo minm ki ranpòté viktoua sou lanmò chè-a avèk fòs léspri-a,

— bay Égliz ou-a fòs nan tantasion-l yo.

Pa lintèmédiè médam ki té marié yo, ki té avansé nan lagras ak mariaj ki sin-an,

— bay Égliz ou-a pou-l donnin frui nan apostola-a.

Pa lintèmédiè médam ki té vèv yo, ki té lévé kondision solitè yo-a épi ki té fè-l vîn sin, antan yo té priyé épi pran ka moun,

— bay Égliz ou-a pou-l montré tè-a sakréman charité-ou la.

Pa lintèmédiè médam ki té anfanté piti pou rouayòm Bondié-a ak pou sosiété moun nan,

— bay Égliz ou-a pou-l anfanté tout moun pou lavi-a ak pou sové y-ap sové-a.

Pa lintèmédiè tout médam ki sin yo, ki té mérité ouè limiè fas ou,

— fè défin yo nan Égliz ou-a joui kè kontan minm vizion sa-a pou tout tan.

Papa nou.

Priyé-a

Priyé-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié, ou minm ki chak ané fè nou kontan nan fèt sint **N.**, fè nou favè, tanpri, pou, li minm n-ap vénéré nan sèvis la, nou suiv égzanp bon konduit li tou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Vidé nan nou, Granmèt, éspri konésans ak rinmin-ou nan, ou té plin sèvant ou sint **N.** nan, pou, antan nou pran modèl sou li ak tout kè nou, nou obéyi-ou avèk sinsérité, nou fè-ou plézi ni nan lafoua ni nan aksion. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè médam ki sin :

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou intèsésion sint **N.** avèk **N.** ki mérité yo vénéré-l la li ba nou sékou sièl la, yo minm lavi ékstraòdinè yo-a ofri tout moun égzanp k-ap sové yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon rélijijé :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sint **N.** té pèsévéré ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidélité nan vokasion nou, nou réyisi rivé nan pèfeksion sa-a ou té prézanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou médam ki sin yo ki té dévoué tèt yo nan aksion mizérikòd yo :

Bondié, ou minm ki té aprann pou kinbé tout kòmandman sièl yo, nan amou ou minm ki Bondié épi prochin-an, fè nou favè pou, antan n-ap angajé nan travay charité sou égzanp sint **N.**, nou mérité yo fè nou antré

nan group sa yo ki résévoua bénédiksion péyi koté ou roua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou édikatris yo :

Bondié, ou minm ki té fè sint **N.** l'évé nan Égliz ou-a pou montré prochin yo rout k-ap sovè nou-an, fè nou favè pou, sou égzanp li, nou suiv Kris la kòm mèl yon fason pou nou réyisi rivé koté-ou ansanm avèk frè nou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Bondié ki ékstraòdinè nan sin-l yo, vini, ann adoré-l, alélouya.

Oubyin: An nou fè louanj pou Bondié nou-an antan n-ap fété **N.** ki sin, alélouya.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN

Pou yon madam ki sin: *Hæc fémīna laudābilis*

Madam nan, sa yo kapab fè louanj li-a
épi ki onoré ak mérit yo,
poutèt li gin pouvoua nan konpòtman ki sin,
konsa li trionfé avèk anj yo.

Sot nan yon kè ki dévoué anpil
antan l-ap priyé Granmèt la ak dlo nan jé,
nan vèy, nan jèn,

li té éritié avèk pèsistans la.

Antan li méprizé gloua tè-a,
épi ak yon éspri ki toujou an antié,
aprè yon jistis ki apouin nèt
li té travèsé anlè sièl yo.

Li minm ki té anrichi kay li
ak askion ki fè vîn sin,
li kontan koulié-a pou tout tan
ak kado palè sièl yo.

Louanj pou yon sèl Granmèt la ki toua-a,
li minm ki gras a priyé madam sa-a,
lè lavi-a ap rivé bout nèt,
l-ap mété nou ansanm ak sitouayin sièl yo. Amèn.

Pou pliziè médam ki sin: *Hæ féminæ laudábiles*

Médam yo, sa yo kapab fè louanj yo-a
épi ki onoré ak mérit yo,
poutèt yo gin pouvoua nan konpòtman ki sin,
konsa yo trionfé avèk anj yo.

Sot nan yon kè ki dévoué anpil
antan y-ap priyé Granmèt la ak dlo nan jé,
nan vèy, nan jèn,
yo té éritié avèk pèsistans la.

Antan yo méprizé gloua tè-a,
épi ak yon éspri ki toujou an antié,
aprè yon jistis ki apouin nèt
yo té travèsé anlè sièl yo.

Yo minm ki té anrichi kay yo

ak askion ki fè vîn sin,
yo kontan koulié-a pou tout tan
ak kado palè sièl yo.

Louanj pou yon sèl Granmèt la ki toua-a,
li minm ki gras a priyè médam sa yo,
lè lavi-a ap rivé bout nèt,
l-ap mété nou ansanm ak sitouayin sièl yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Li louvri bouch li bay sajès la, épi laloua dousè-a sou lang li, alélouya.

Psòm 18 A (19 A)

Louanj Granmèt la ki kréyé tout bagay

Li vîn vizité nou kòm Solèy k-ap lévé sot anro-a... pou-l dirijé pié nou nan chémin lapè (Lk 1, 78. 79).

- ² Sièl yo ap rakonté gloua Bondié, *
travay min-l, platfòm sièl la ap anonsé-l.
- ³ Jou ap déklaré paròl bay jou, *
nannuit ap montré sians bay nuit.
- ⁴ Pa gin langaj ni diskou, *
pou yo pa konprann voua yo :
- ⁵ Sou tout tè-a brui voua yo soti, *
jous nan limit tè-a paròl yo rivé.
- ⁶ Pou solèy la li té pozé yon tant nan yo, †
li minm minm, tankou yon épou k-ap sot nan chanm nòs li, *
li kontan tankou yon jéan pou-l kouri sou rout la.
- ⁷ Dépi nan bout sièl yo li soti, †

chémin-l jous nan finisman yo, *
pa gin anyin ki kaché dévan chalè-l.

Réf. Li louvri bouch li bay sajès la, épi laloua dousè-a sou lang li, alélouya.

Réf. 2 Médam ki sin yo, antan yo éspéré nan Bondié, yo té chanté nan kè yo, alélouya.

Psòm 44 (45)

Nòs Roua-a

Min mésié k-ap marié-a, soti al rankontré-l (Mt 25, 6).

I

- ² Yon bon paròl monté sot nan kè-m, †
m-ap di sa-m fè-a bay roua-a. *
- Lang mouin sé plim yon moun k-ap ékri vit.
- ³ Sé ou minm ki pi bèl nan pitit moun yo, †
gras ap koulé sot nan po bouch ou, *
sé pou sa Bondié béni-ou pou tout tan.
- ⁴ Pasé épé-ou nan sinti-ou, vanyan sòlda, *
kouraj ou, épi bèlté-ou.
- ⁵ Ak bèlté-ou, avansé, monté sou chario *
pou kòz vérité-a, ni bonté-a, ni jistis.
Min douat ou ap aprann ou fè mèvèy : †
- ⁶ flèch pouinti-ou yo, – pèp yo anba-ou yo tonbé – *
nan kè ènmi roua yo.
- ⁷ Trôn ou, Bondié, pou sièk sièk la ; *
baton douati, baton péyi roua-ou la.
- ⁸ Ou té rinmin jistis, épi ou té rayi méchansté ; †

- sé pou sa li sakré-ou, Bondié, Bondié-ou la, *
 ak luil kè kontan nan mitan konpagnon-ou yo.
 9 Lamir ak aloès, kanèl, nan tout rad ou ; *
 nan palè ki fèt avèk défans eléfan yo, yo fè kè-ou kontan.
 10 Pitit fi roua nan pami sa-ou aprésié yo ; *
 rèn-nan kanpé adouat ou, li dékoré ak lò ki sot nan péyi Ofir.

Réf. Médam ki sin yo, antan yo éspéré nan Bondié, yo té chanté nan kè yo, alélouya.

Réf. 3 Yo fè yo antré kot Granmèt la nan kè kontan épi fèt, alélouya.

II

- 11 Kouté, pitit fi, épi gadé, †
 épi paré zòrèy ou *
 épi bliyé pèp ou ak kay papa-ou.
 12 Roua-a anvè bèlté-ou. *
 Paské sé Granmèt ou li yé, sé pou-ou adoré-l.
 13 Pitit fi Tir la ak kado-l yo ; *
 moun yo ki pi rich nan pèp la, y-ap salué ou.
 14 Ak tout bèlté-l, pitit fi roua-a ap avansé al anndan-an, *
 ak toual ki koud avèk fil lò li abiyé.
 15 Ak rad brodé, yo minnin-l bay roua-a ; *
 fi vièy yo dèyè-l, zanmi-l yo, yo fè yo antré vîn jouinn ou.
 16 Yo fè yo antré ak kè kontan, épi fèt, *
 yo minnin yo nan palè roua-a.
 17 Nan plas papa-ou yo sé pitit ou yo k-ap vini ; *
 ou-ap mété yo kòm chèf nan tout tè-a.
 18 Sé pou-m fè sonjé non ou *
 nan tout jénérasyon ak jénérasyon ;

sé pou sa pèp yo ap fè déklarasion pou ou tout tan *
épi nan sièk sièk la.

Réf. Yo fè yo antré kot Granmèt la nan kè kontan épi fèt, alélouya.

V/. Sé pou réfléksion kè-m toujou dévan fas ou, alélouya.

R/. Granmèt, ou k-ap poté-m sékou, ou ki rédanmtè-m, alélouya.

PRÉMIÉ LÉKTU

Sé pou yo pran tèks ki pi adapté yo, sot nan sa yo jouinn pi ro-a nan Komin mésié ki sin yo, 1411.

Yon lòt, pou médam ki sin ki té viv nan mariaj la:

Nan liv Provèb yo

31, 10-31

Madam k-ap krinn Bondié-a

¹⁰ Madanm ki gin kouraj la, kilès k-ap jouinn li ?

Byin louin dépasé piè bijou, li gin valè.

¹¹ Kè mari-l gin konfians nan li, li pa manké jouinn avantaj ;

¹² pandan tout tan lavi madanm nan,
sé byin l-ap fè pou mari-l, sé pa mal ;

¹³ li chèché linn ak koton,
li travay yo avèk ladrès min-l.

¹⁴ Li tankou batiman machann yo,
li poté provizion-l sot louin.

¹⁵ Li lévé dépi lannuit,
li séparé pòsion manjé pou kay li,

ak lòd bay sèvant li yo,

¹⁶ Li réfléchi sou yon jadin, li achté-l;

ak rézilta travay min-l li planté jadin rézin.

¹⁷ Li maré rin-l ak fòs,

li mét fòs nan bra-l.

¹⁸ Li arésié kijan komès li maché byin,

lanp li pa étinn nan nuit.

¹⁹ Li lonjé min-l nan plòt fil la,

douèt li pa pè manyin zégui ;

²⁰ li louvri plat min-l bay maléré-a,

li lonjé min-l bay pòv la.

²¹ Li pa pè lanèj pou kay li,

paské tout kay li gin dé rad,

²² li fè dra,

ak koton ak vlou li abiyé,

²³ yo rékonèt mari-l nan pòt yo,

lè-l chita avèk ansyin yo nan péyi-a,

²⁴ li fè toual ak koton li vann yo,

li ofri sintu bay machann nan.

²⁵ Fòs ak kondidérasion abiyé-l,

l-ap ri nan jou k-ap vini-an apré-a.

²⁶ Li louvri bouch li ak sajès,

sé laloua favè-a ki sou lang li.

²⁷ L-ap sivéyé alé vini k-ap fèt nan lakay la,

sé pa pin parésé li manjé.

²⁸ Pitit li yo ap kanpé, y-ap déklaré li gin chans,

mari-l ap fè louanj li:

²⁹ « Anpil médam té fè aksion ki mandé kalité ékstraòdinè,
min ou minm ou dépasé yo tout ».

³⁰ Bèl prézantasion tronpé, bèl figi vid :

madanm ki krinn Granmèt la, sé li minm ki mérité louanj.

³¹ Ba li nan frui min-l,
sé pou travay li fè louanj li nan pòt vil yo.

RÉPONS

Cf. Prov 31, 17. 18; cf. Ps 45 (46), 6

R/. Li té maré rin-l ak fòs, épi li té mété fòs nan bra-l: * Sé poua lanp li pap janm étinn, alélouya.

V/. Bondié té poté-l sékou pa pouvoua fas li-a, Bondié nan mitan-l, li pap tranblé. * Sé poua.

Oubyin yon lòt, pou minm madam ki sin-an:

Nan premié Lèt apot sin Piè-a

3, 1-6. 8-17

Sé pou nou fè rékonèt Kris la sin nan kè nou

¹ Sé pou médam yo obéyi mari yo, pou, minm si ginyin ki pa kouè nan paròl la, gras a konduit médam yo, san paròl, yo rivé konvink yo ; ² antan yo konsidéré konduit nou ki onèt, nan respè. ³ Konpòtman nou pa doué réglé sou bagay ki parèt déyò, très chévé, ronn lò, ni bèl rad ki abiyé nou ; ⁴ min sé sa-k kaché nan kè moun nan, nan sa-k pa kapab gaté-a, yon éspri trankil, tou dou, sé sa ki gin valé dévan fas Bondié. ⁵ Sé konsa réyèlman lontan médam ki té sin yo, ki té éspéré nan Bondié, yo té konn anbéli kò yo, antan yo té obéyi pròp mari yo, ⁶ tankou Sara ki té obéyi Abraam, antan li rélé-l mèt ; sé pitit fi li nou yé, antan nou aji byin, san nou pa pè okinn boulvès.

⁸ Anfin réyèlman nou tout sé pou nou fè yon sèl, pou youn pran pitié pou lòt, pou nou rinmin tankou frè, pou nou gin mizérikòd, pou nou gin umilité, ⁹ pou nou pa rinmèt mal pou mal, ni madichon pou madichon, min okontrè antan n-ap souété dibyin, paské sé pou sa yo té rélé nou, pou nou résévoua bénédiksyon-an kòm éritaj.

¹⁰ « Réyèlman, moun ki vlé rinmin lavi
pou-l ouè jou ki bon,

sé pou-l sispann fè lang li palé mal,
pou bouch li pa di paròl k-ap tronpé;

¹¹ sé pou-l kité chémin sa ki mal pou-l fè sa ki byin,
sé pou-l chèché lapè, pou-l rapousuiv li.

¹² Paské jé Granmèt la pozé sou moun ki kòrèk yo,
zòrèy li panché sou lapriyé yo;

min figi Granmèt la ap sivéyé moun k-ap fè sa-k mal yo ».

¹³ Épi kilès k-ap nui nou, si n-ap chèché sa-k byin? ¹⁴ Si n-ap soufri pou sa-k kòrèk la, ala kontantman pou nou ! Pa pè moun yo k-ap fè nou pè-a, pa troublé ditou, ¹⁵ Granmèt la, minm Kris la sé pou nou fè ouè li sin nan kè nou, sé pou nou toujou paré pou nou réponn tout moun k-ap mandé nou kont sou éspérans ki nan nou-an. ¹⁶ Min sé pou sa fèt avèk sinplisité, avèk respè, antan nou gin bon konsians. Konsa, sou pouin y-ap palé nou mal la, y-a blijé ront, yo minm k-ap fè kalomni kont bon conduit nou gin nan Kris la. ¹⁷ Pito nou soufri akòz byin n-ap fè, si volonté Bondié pèmèt sa, pasé pou nou soufri poutèt mal n-ap fè.

RÉPONS

Fil 2, 2. 3. 4; 1 Tés 5, 14-15

R/. Sé pou nou gin charité, antan nou rabésé tèt nou pou chak moun konsidéré lòt la kòm pi sipériè pasé-l: * San chak moun pa konsidéré avantaj pèsonèl li, min okontrè afè lòt yo, alélouya.

V/. Soutni sa-k fèb yo, pran pasians ak tout moun; toujou rapousuiv byin-an ni youn pou lòt ni pou tout moun. * San chak moun.

DÉZIÈM LÉKTU

Sé pou yo pran tèks ki pi adapté yo, sot nan sa yo jouinn pi ro-a nan Komin mésié ki sin yo, 1413.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN

Pou yon madam ki sin : *Nobilem Christi famulam disërta*

Avèk bèl voua an nou chanté
sèvant Kris la ki jouinn gran konsidèrasion-an,
li minm ki té chèché rivé nan ran madanm ki gin kouraj la,
sa pasaj liv sakré-a kouvri ak louanj la.

Li minm ki gin yon lafoua vivan, yon éspérans ki sin
ak yon rinmin ki cho pou Bondié,
rasîn ki donnin anpil bon aksion
koté rinmin pou frè yo pran nésans dépasé mézi.

Jézu, kité mérit li yo touché-ou, padonnin nou
tout dèt fot nou yo, nou minm ki koupab yo,
pou nou kapab chanté louanj pou ou, jan sa doué fèt la,
avèk yon kè ki san tach.

Onè ak otorité pou Papa-a ki anro nèt la,
louanj pou ou, Pitit la, ak réspè ékstraodinè,
minm pouvoua pou Éspri Sin-an,
koulié-a ak pou tout tan. Amèn.

Pou pliziè médam ki sin : *Nobiles Christi famulas disërta*

Avèk bèl voua an nou chanté
sèvant Kris yo ki jouinn gran konsidèrasion yo,
yo minm ki té chèché rivé nan ran madanm ki gin kouraj la,

sa pasaj liv sakré-a kouvri ak louanj la.

Tè-a pa ranpòté viktoua sou yo avèk pièj li yo,
yo minm ki obéyi kòmandman Papa-a ak tout volonté yo,
pou yo chèché simin bon lodè Kris la,
tout koté.

Yo donté kò-a, yo nourri léspri-a ak priyè ki sin,
yo méprizé avantaj k-ap pasé yo,
pou yo chèché rékonpans lavi
k-ap diré tout tan-an.

Pou Bondié sèl : konsidérasion ak otorité,
louanj nan rotè sièl la ak onè tout tan,
li minm k-ap kòmandé tout tè-a,
antan l-ap réglé-l ak laloua-l yo. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Nanm mouin té kolé apré-ou, min douat ou té soutni mouin,
alélouya.

Psòm yo ak kantik la nan dimanch sémèn I, 578.

Réf. 2 Min Granmèt la ba-ou fòs; ou-ap béni pou tout tan, alélouya.

Réf. 3 M-ap fété épi m-ap réjoui nan mizérikòd ou-a, Granmèt,
alélouya.

LÉKTU KOUT

Rom 12, 1-2

Mouin mandé nou avèk insistans, frè yo, pa pouvoua mizérikòd
Bondié-a, pou nou ofri kò nou tankou sakrifis vivan, sin, ki fè Bondié
plézi, dévoua nou ki rézonab; épi pa pran modèl sou sièk sa-a, min sé pou

nou rékòmansé fòmé mantalite nou nan sa ki nouvo, pou nou chèché konnin byin ki sa ki volonté Bondié, ki bon, ki fè-l plézi, ki apouin nèt.

RÉPONS KOUT

R/. Bondié té poté-l sékou pa pouvoua fas li-a. * Alélouya, alélouya. Bondié té poté-l.

V/. Bondié nan mitan-l, li pap tranblé. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Bondié té poté-l.

Pou *Benedictus* la, réf. Ringn sièl yo sanblé ak yon machann k-ap chèché bon pèrl; lè-l jouinn youn ki gin valè, li té bay tou sa-l ginyin, épi li té achté-l, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Avèk tout médam ki sin yo, frè yo, an nou déklaré rékonèt Sovè nou-an, épi ansanm an nou rélé :

Vini, Granmèt Jézu.

Granmèt Jézu, ou minm ki té padonnin péchrès la anpil fot, paské li té rinmin anpil,

— padonnin nou, paské nou fè anpil péché.

Granmèt Jézu, ou minm médam ki sin yo té konn sèvi-ou sou rout la,

— fè nou favè pou nou suiv tras ou yo.

Granmèt Jézu, ou minm mèt sa-a Mari t-ap kouté pandan Mart t-ap sèvi-ou la,

— pèmèt nou sèvi-ou nan lafoua-a ak charité-a.

Granmèt Jézu, ou minm ki té rélé tout moun k-ap fè volonté-ou frè-ou, sè-ou ak manman-ou,

— fè nou favè pou nou toujou fè-ou plézi nan paròl nou yo ak nan aksion nou yo.

Papa nou.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié, ou minm ki chak ané fè nou kontan nan fèt sint **N.**, fè nou favè, tanpri, pou, li minm n-ap vénéré nan sèvis la, nou suiv égzanp bon konduit li tou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Vidé nan nou, Granmèt, éspri konésans ak rinmin-ou nan, ou té plin sèvant ou sint **N.** nan, pou, antan nou pran modèl sou li ak tout kè nou, nou obéyi-ou avèk sinsérité, nou fè-ou plézi ni nan lafoua ni nan aksion. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè médam ki sin :

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou intèsésion sint **N.** avèk **N.** ki mérité yo vénéré-l la li ba nou sékou sièl la, yo minm lavi ékstraòdinè yo-a ofri tout moun égzanp k-ap sové yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon rélijijé :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sint **N.** té pèsévéré ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidélité nan vokasion nou, nou réyisi rivé nan pèfèksion sa-a ou té prézanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou médam ki sin yo ki té dévoué tèt yo nan aksion mizérikòd yo :

Bondié, ou minm ki té aprann pou kinbé tout kòmandman sièl yo, nan amou ou minm ki Bondié épi prochin-an, fè nou favè pou, antan n-ap angajé nan travay charité sou égzanp sint **N.**, nou mérité yo fè nou antré nan group sa yo ki résévoua bénédiksion péyi koté ou roua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou édikatris yo :

Bondié, ou minm ki té fè sint **N.** lèvé nan Égliz ou-a pou montré prochin yo rout k-ap sové nou-an, fè nou favè pou, sou égzanp li, nou suiv Kris la kòm mèt yon fason pou nou réyisi rivé koté-ou ansanm avèk frè nou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Lè nan mitan-an

Pou psòm graduèl yo (1007), nan plas psòm 121 (122) yo kapab di 128 (129), 951, épi nan plas 126 (127) yo kapab di 130 (131), 823.

Pou Tièrs

Réf. Sou sèvitè-m yo ak sèvant mouin yo m-ap vidé sot nan Éspri-m nan, alélouya.

LÉKTU KOUT

Gal 6, 7 b-8

Sa yon moun té simin, sé sa tou l-ap rékòlté; paské sa k-ap simin pou chè-l la, sot nan chè-a l-ap rékòlté déstriksion, sa k-ap simin pou éspri-a minm, sot nan éspri-a l-ap rékòlté lavi tout tan-an.

V/. Ala kontantman pou moun ki san tach nan chémin-an, alélouya.

R/. K-ap maché nan laloua Granmèt la, alélouya.

Pou Sèkst

Réf. Kè-m ak chè-m t-ap fété nan Bondié vivan-an, alélouya.

LÉKTU KOUT

1 Kor 9, 26-27a

Mouin minm sé konsa m-ap kouri, sé pa san diréksion ; sé konsa m-ap batay, sé pa là-a m-ap frapé ; min m-ap drésé kò-m, m-ap maté-l.

V/. Mouin té jouinn sa-a nanm mouin rinmin-an, alélouya.

R/. Mouin té kinbé-l mouin pap lagé-l, alélouya.

Pou Nòn

Réf. Mouin minm mouin pou rinmin-m nan, épi rinmin-m nan li pou mouin, alélouya.

LÉKTU KOUT

Fil 4, 8. 9 b

Frè yo, tou sa-k vré, tou sa-k pròp, tou sa-k kòrèk, tou sa-k san tach, tou sa-k mérité rinmin, tou sa-k gin bon rénomé, si gin yon bon kalité, si gin yon louanj, sé bagay sa yo pou nou kalkilé; konsa Bondié lapè-a ap avèk nou.

V/. M-ap chanté pou ou, Granmèt, alélouya.

R/. M-ap chanté psòm, m-ap chèché konprann nan chémin ki san tach la, alélouya.

Pou dézièm Vèp yo**IMN**

Pou yon madam ki sin: *Fortem virili pectore*, 1430.

Pou pliziè médam ki sin: *Christe, cunctórum sator et redémptr*, 1430.

PSÒM YO

Réf. 1 Sèvant ou-a, Granmèt, kontan nan sové ou sové-l la, alélouya.

Psòm 121 (122)

Vil ki sin-an Jérusalèm

Nou té proché kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an, Jérusalèm sièl la (Éb 12, 22).

- 1 Mouin kontan, lè yo té di-m : *
« Nan kay Granmèt la n-apralé ».
- 2 Antan pié nou déjà kanpé *
nan pòt ou yo, Jérusalèm.
- 3 Jérusalèm ki bati tankou yon vil, *
koté tout bagay fè blòk nan yon sèl.
- 4 Sé la réyèlman fanmi yo ap monté, fanmi Granmèt la, *
témouagnaj Israèl, pou fè louanj pou non Granmèt la.
- 5 Paské sé la trôn yo ap pozé pou jijman-an, *
trôn kay David la.
- 6 Mandé sa-k pou lapè Jérusalèm : *
« Sé pou yo gin sékirité, sa yo ki rinmin-ou nan !
- 7 Sé pou gin lapè nan miray ou yo, *
ak sékirité nan sitadèl ou yo ! ».
- 8 Poutèt frè-m yo ak prochin-m yo, *
m-ap di : « Lapè nan ou ! ».
- 9 Poutèt kay Granmèt Bondié nou-an, *
m-ap mandé byin pou ou.

Réf. Sèvant ou-a, Granmèt, kontan nan sové ou sové-l la, alélouya.

Réf. 2 Fondation tout tan yo sou ròch la; sé konsa kòmandman Bondié yo nan kè médam ki sin yo, alélouya.

Psòm 126 (127)

Travay la pa sèvi anyin san Granmèt la

Nou sé kay Bondié ap bati (1 Kor 3, 9).

- ¹ Si Granmèt la pa bati kay la, *
sé pou granmési y-ap travay moun k-ap bati-l yo.
Si Granmèt la pa véyé sou vil la, *
sé pou anyin li pa dòmi moun k-ap véyé sou li-a.
- ² Sé pou granmési ou-ap lévé anvan limiè-a,
n-ap kouché byin ta, †
n-ap manjé pin fatig, *
sèké l-ap bay moun li rinmin yo dòmi.
- ³ Gadé, pitit yo, sé éritaj Granmèt la, *
frui ki sot nan vant la, sé rékonpans.
- ⁴ Tankou flèch yo nan min vanyan sòlda, *
konsa pitit moun ki jèn.
- ⁵ Ala kontantman pou gason ki plin rézèv li avèk yo : *
li pap ront, lè l-ap plédé avèk ènmi-l yo nan pòtay la.

Réf. Fondation tout tan yo sou ròch la; sé konsa kòmandman Bondié yo nan kè médam ki sin yo, alélouya.

Réf. 3 Min Granmèt la té ba-l fòs; sé poussa l-ap béni pou tout tan, alélouya.

Kantik

Éféz 1, 3-10

Osijè Bondié sovè-a

- ³ Li béni, Bondié,
 Papa Granmèt nou Jézu-Kri, *
 li minm ki béni nou nan tout bédiksyon Éspri-a
 nan sièl la nan Kris la,
⁴ sé konsa li té chouazi nou nan li anvan tè-a té fèt, †
 pou nou té kapab sin, san tach *
 dévan fas li nan rinmin-an,
⁵ li minm ki té déstiné nou davans
 pou nou té vîn tounin pitit adoptif †
 pa lintèmediè Jézu-Kri pou li minm, *
 dapré bon plézi volonté-l la,
⁶ pou louanj gloua gras li-a, *
 sa-l fè nou jouinn nan Pitit li rinmin-an,
⁷ nan li nou gin rédanmsion gras a san-l, *
 padon péché yo,
 dapré richès gras li-a, †
⁸ sa-l fè ap débòdé nan nou-an *
 nan tout kalité sajès ak ladrès
⁹ pou-l té kapab fè nou konnin mistè volonté-l la, *
 dapré bon plézi-l,
 sa-l té ranjé davans nan li, *
¹⁰ pou lè-l fè tan yo rivé nan dènié bout kous yo :
 li réprann tout bagay nan tè nan Kris la, *
 sa-k nan sièl yo ak sa-k sou tè-a.

Réf. Min Granmèt la ba-l fòs; sé poua l-ap béni pou tout tan, alélouya.

LÉKTU KOUT

Rom 8, 28-30

Nou konnin pou moun yo ki rinmin Bondié, tout bagay tounin an byin, yo minm li té rélé dapré plan li. Réyèlman, sa-a yo li té chouazi davans yo, li té déstiné yo davans tou, pou yo vîn moulé nan pòtré Pitit li-a, pou

li minm li vîn tounin prémié pitit nan pami tout foul frè yo ; sa yo li té destiné davans yo, li té rélé yo tou ; épi sa yo li té rélé-a, li té jistifié yo tou ; sa yo minm li té jistifié-a, li té ba yo gloua-a tou.

RÉPONS KOUT

R/. Bondié té chouazi-l, épi li té chouazi-l davans. * Alélouya, alélouya. Bondié.

V/. Nan tant li-a li fè-l abité. * Alélouya, alélouya. Viv Papa-a. Bondié té chouazi-l.

Pou *Magnificat* la, réf. Kè-m té fété nan Granmèt la, épi kè-m té louvri paské mouin té kontan nan sa-k sovè-m nan, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Granmèt la, pa lintèmediè Médam yo ki sin yo, an nou priyé-l pou Égliz la, antan n-ap di :

Sonjé Égliz ou-a, Granmèt.

Pa lintèmediè tout médam ki mati yo, yo minm ki ranpòté viktoua sou lanmò chè-a avèk fòs léspri-a,

— bay Égliz ou-a fòs nan tantasion-l yo.

Pa lintèmediè médam ki té marié yo, ki té avansé nan lagras ak mariaj ki sin-an,

— bay Égliz ou-a pou-l donnin frui nan apostola-a.

Pa lintèmediè médam ki té vèv yo, ki té lévé kondision solitè yo-a épi ki té fè-l vîn sin, antan yo té priyé épi pran ka moun,

— bay Égliz ou-a pou-l montré tè-a sakréman charité-ou la.

Pa lintèmediè médam ki té anfanté piti pou rouayòm Bondié-a ak pou sosiété moun nan,

— bay Égliz ou-a pou-l anfanté tout moun pou lavi-a ak pou sovè y-ap sovè-a.

Pa lintèmediè tout médam ki sin yo, ki té mérité ouè limiè fas ou,

— fè défin yo nan Égliz ou-a joui kè kontan minm vizion sa-a pou tout tan.

Papa nou.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié, ou minm ki chak ané fè nou kontan nan fèt sint **N.**, fè nou favè, tanpri, pou, li minm n-ap vénéré nan sèvis la, nou suiv égzanp bon konduit li tou. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Vidé nan nou, Granmèt, éspri konésans ak rinmin-ou nan, ou té plin sèvant ou sint **N.** nan, pou, antan nou pran modèl sou li ak tout kè nou, nou obéyi-ou avèk sinsérité, nou fè-ou plézi ni nan lafoua ni nan aksion. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè médam ki sin :

Fè nou favè, tanpri, Bondié ki gin tout pouvoua, pou intèsésion sint **N.** avèk **N.** ki mérité yo vénéré-l la li ba nou sékou sièl la, yo minm lavi ékstraòdinè yo-a ofri tout moun égzanp k-ap sové yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou yon rélijijé :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sint **N.** té pèsévéré ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidélité nan vokasion nou, nou réyisi rivé nan pèfeksion sa-a ou té prézanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou médam ki sin yo ki té dévoué tèt yo nan aksion mizérikòd yo :

Bondié, ou minm ki té aprann pou kinbé tout kòmandman sièl yo, nan amou ou minm ki Bondié épi prochin-an, fè nou favè pou, antan n-ap angajé nan travay charité sou égzanp sint **N.**, nou mérité yo fè nou antré nan group sa yo ki résévoua bénédiksion péyi koté ou roua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou édikatris yo :

Bondié, ou minm ki té fè sint **N.** l'évé nan Égliz ou-a pou montré prochin yo rout k-ap sové nou-an, fè nou favè pou, sou égzanp li, nou suiv Kris la kòm mèt yon fason pou nou réyisi rivé koté-ou ansanm avèk frè nou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

POU RÉLIJIÉ YO

Nan Komin Mésié ki sin yo, 1400, oubyin Médam yo ki sin, 1430, sof sa-k suiv yo :

Pou premié Vèp yo

IMN (*Læti coléntes fámulum*)

Antan n-ap fété sèvitè sa-a ak kè kontan,
li minm ki té sèvi-ou yon fason kòrèk,
n-ap chanté kantik rinmin-an
pou ou, Granmèt, avèk rékonésans.

Li minm ki té fidèl ap suiv Kris la,
li viré do byin louin bay tout plézi
tè-a ap ofri
ni richès yo k-ap pasé byin vit la.

Li konsakré tèt li ba ou, li mété-l anba lòd lòt moun,
antan li obéyi ak yon kè ki santi-l pòv,
li konsèvé chè-l nèt, pou-l pran modèl
sou Kris la épou vièj yo.

Li chèché fè-ou plézi,
li kolé kò-l sou ou sèlman,
li chofé éspri-l, paròl li oubyin aksion li
avèk difé rinmin-an.

Antan li konsakré tèt li ba ou sou tè-a
avèk chinn rinmin sa yo,
li jouinn libèté-a tout tan,
li pati al nan sièl la koté li trionfé-a.

Antan nou ankourajé ak égzanp li yo

fè nou favè pou-n monté nou minm tou avèk yon kè ki cho,
pou n-al fè louanj ou ansanm ak Pitit la ak Èspri-a,
avèk imn sièl yo. Amèn.

Pou *Magnificat* la, réf. Si yon moun pa rénonsé tou sa-l posédé, li pa kapab disip mouin, sé sa Granmèt la di, alélouya.

Oubyin pou yon rélijyé : Sa-a ap résévoua bédiksion nan min Granmèt la, épi mizérikòd nan min Bondié ki sovél la, paské sa-a sé jénérasyon sa yo k-ap chèché Granmèt la, alélouya.

Oubyin pou yon rélijyé : Granmèt la té résévoua-l kòm épouz pou tout tan, nan lafoua ak mizérikòd, alélouya.

Priyé-a

Priyé-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sin (sint) **N.** té pèsévéré ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidélité nan vokasyon nou, nou réyisi rivé nan pèféksion sa-a ou té prezanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon Abé :

Fè nou favè, tanpri, Granmèt, pou nan mitan chanjman tè sa-a nou kolé ak tout kè nou sou bagay sièl yo, ou minm ki té ba nou ansègnman pou nou vîn kòrèk nèt dapré Évanjil la, pa lintèmédiè abé sin **N.** Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Invitatoua-a

Réf. Bondié ki ékstraòdinè nan sin-l yo, vini, an-n adoré-l, alélouya.

Oubyin: An nou fè louanj Bondié nou-an antan n-ap sélébré sin (sint) N., alélouya

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN, *Laeti coléntes*, tankou pou prémié Vèp yo.

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan Lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo

4, 1-24

Yo bay chak moun gras la pou bati kò Kris la

Frè yo : ¹ Mouin priyé nou, mouin minm prizonié nan Granmèt la, pou nou maché kòrèk dapré vokasion yo rélé nou ladan-l nan ; ² avèk tout umilité épi dousè, avèk pasians antan nou youn sipòté lòt nan rinmin-an ; ³ antan nou fè éfò pou nou konsèvé éspri ki fè nou fè yon sèl la nan chinn lapè-a. ⁴ Yon sèl kò ak yon sèl Éspri tankou yo rélé nou nan yon sèl éspérans vokasion nou-an ; ⁵ yon sèl Granmèt, yon sèl lafoua, yon sèl batèm ; ⁶ yon sèl Bondié ak Papa tout moun, ki anlè tout moun, ki nan tout bagay épi ki nan nou tout.

⁷ Chak moun nan nou réyèlman yo ba li gras la dapré mézi kado Kris la. ⁸ Sé poua yo di :

« *Antan-l monté nan rotè-a, li kondui anprizònman-an nan prizon, li bay moun yo kado yo* ».

⁹ Késion « li monté » sa-a, sa sa vlé di, si sé pa paské li té kòmansé désann nan réjion ki anba tè-a ? ¹⁰ Sa-a ki désann nan, sé li minm tou ki té monté anlè tout sièl yo, pou-l plin tout bagay.

¹¹ Sé li minm ki bay kèk moun gras pou yo apot, kèk lòt minm sé profèt, dèt ankò sé sa-k évanjélis, dèt yo minm sé gadyin ak savan sakré : ¹² pou fòmasyon sin nan travay sèvis la, nan konstoui kò Kris la, ¹³ joutan nou tout nou rivé fè yon sèl nan lafoua ak nan konésans Pitit Bondié-a, pou nou vîn tounin moun kòrèk nèl la, nan mézi laj plénitud Kris la. ¹⁴ Konsa nou pap tankou ti moun piti ankò k-ap ézité, nou pap kité yo fè nou fè lavironn nan tout van mové ansègnman moun, nan riz moun k-ap toudi nou nan mové chémin ; ¹⁵ okontrè, antan n-ap fè vérité-a nan rinmin, n-a dévlopé nan li minm pa lintèmédiè tout bagay, li minm ki tèl la, Kris la ; ¹⁶ sé nan li tout kò-a fè yon sèl, li maré ak tout kalité jouinti k-ap transmèt mouvman-an, dapré aktivité ki nan mézi chak manb, pou kò-a dévlopé antan l-ap bati nan charité-a.

¹⁷ Mouin di nou, mouin sètifié nou sa nan Granmèt la, pou nou pa maché ankò tankou moun yo ap maché nan jijman yo ki vid la. ¹⁸ Yo gin intèlijans la ki nan fènoua, yo vîn étranjé parapò a lavi Bondié-a poutèt ignorans ki nan yo-a poutèt kè yo vîn avèg-la, ¹⁹ antan yo fè pròp tèl yo vîn insansib, yo lagé kò yo nan libètinaj nan fè tout kalité sa-k pa pròp nan rinmin lajan.

²⁰ Nou minm sé pa konsa nou té aprann Kris la, ²¹ si omouin nou té tandé-l épi nou té résévoua ansègnman nan li, dapré vérité ki nan Jézu-a. ²² Sé pou nou kité moun ansyin-an ki t-ap aji dapré konduit lontan-an, moun ansyin sa-a gaté antan l-ap suiv anvi k-ap troupé moun. ²³ Min sé pou nou vîn tou nèf nan jan éspri nou jijé tout bagay, ²⁴ sé pou nou abiyé nou ak moun nouvo-a, ki kréyé sèlon Bondié nan jistis la ak vérité-a ki sin-an.

RÉPONS

Mt 19, 29. 27

R/. Tout moun k-ap kité kay oubyin frè, oubyin sè, oubyin papa, oubyin manman, oubyin pitit, oubyin jadin, poutèt non mouin, * L-ap résévoua san foua plis, l-ap ginyin lavi tout tan-an, alélouya.

V/. Min nou minm nou kité tout bagay, nou suiv ou ; ki sa n-ap ginyin ? * L-ap résévoua san foua.

Oubyin, pou yon monial :

Lk 10, 42. 39

R/. Sé yon sèl ki nésèsè. * Pi bon pòsion-an li té chouazi, sa yo pap ouété nan min-l nan, alélouya.

V/. Antan-l chita pou kont li nan pié Granmèt la, t-ap kouté paròl li. * Pi bon pòsion-an.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli pap sin Grégoua le Gran nan Évanjil yo

(Lib. 2, hom. 36, 11-13: PL 76, 1272-1274)

Sou tè-a, min pa dapré tè-a

Mouin vlé avèti nou, pou nou kité tout bagay, min mouin pa vlé présipozé. Si donk nou pa kapab kité tout bagay tè-a, konsa kinbé bagay yo ki pou tè-a, yon fason poutan pou yo pa kinbé nou sou tè-a palintèmédiè yo, pou réalité tè-a yo posédé-l, sé pa li ki posédé nou; pou sa nou ginyin-an li anba kontròl léspri nou, pou si rinmin réalité tè yo t-a ranpòtè viktoua sou léspri nou, sa pa rivé pou sé t-a pito réalité léspri-a ginyin yo ki posédé-l.

Donk sé pou yo sèvi ak réalité tan sa yo épi sé pou yo anvè réalité pou tout tan yo; sé pou réalité tan sa yo nan chémin-an, sé pou yo anvè sa-k pou tout tan yo nan aboutisman-an. Sé tankou sou koté pou yo gadé ninpòt sa y-ap fè sou tè sa-a. Sé pou jé léspri nou viré nan diréksion dévan nou, pandan ak tout intansion sa-a y-ap gadé koté nou pral rivé-a.

Sé pou yo raché vis yo jous nan fon, pa sèlman sot nan aksion travay la, min ata sot nan pansé kè-a sé pou yo dérasinin yo. Ni plézi lachè, ni préokipasion kiriozité, ni chalè anbision, pa doué anpéché nou patisipé nan Soupé Granmèt la, min bagay sa yo tou n-ap fè yon fason onèt sou tè-a, sé kòm si nou t-a touché yo ak yon bò léspri nou sèlman, pou bagay tè-a yo pèmèt yo, sèvi kò nou yon fason, antan yo pa jinnin kè-a ditou.

Donk, frè yo, nou pa ozé di nou pou nou kité tout bagay; min kanminm, si nou vlé, minm antan nou kinbé, nou kité tout bagay, si nou okipé bagay tan sa yo yon fason poutan pou ak tout léspri nou, nou dirijé nan bagay ki pou tout tan yo. Li sèvi ak tè-a, min kòm si li pa t-ap sèvi avèk li, moun sa-a ki ramné pou sèvis lavi li tout sa ki nésésè sou pa déyò, min kanminm ki pa kité yo kontrolé léspri li pou sa ki anba kontròl yo sèvi déyò épi yo pa janm kasé intansyon nanm nan k-apral nan diréksyon sa-k anro yo. Ninpòt moun yo donk ki konsa, vrèman pou yo tout bagay tè-a yo la, pa pou yo anvi yo, min pou yo sèvi ak yo. Konsa sé pa pou gin anyin k-ap réladé sa léspri nou anvi-a, okinn plézi réalité ki sou tè sa-a pap jinnin nou.

Si byin-an yo rinmin-l, léspri-a jouinn plézi nan byin ki pi bon yo, sa vlé di, sa-k nan sièl yo. Si yo krinn sa-k mal la, yo mété dévan nanm nan sa-k mal pou tout tan yo, pou pandan li byin ouè la-a ni sa pou-l rinmin pi plis la, ni sa li doué krinn pi plis la, li pa rété kolé ditou sou dènié sa-a.

Pou nou rivé fè bagay sa yo, nou gin yon médiatè ant Bondié ak moun yo, k-ap édé nou-an, li minm pa lintèmediè-l n-ap rivé jouinn tout bagay yo pi vit, si nou boulé ak véritab rinmin-an pou li, li minm k-ap viv épi k-ap régné ansanm ak Papa-a ak Éspri-Sin-an, Bondié, nan sièk sièk yo. Amèn.

RÉPONS

1 Kor 7, 29. 30. 31; 2, 12

R/. Tan-an kout ; sa-k rété-a sé pou minm moun ki gin kè kontan yo, kòm si yo pa gin kè kontan ; épi moun k-ap profité tè sa-a, kòm si yo pa profité nèt: * L-ap pasé réyèlman, figi tè sa-a, alélouya.

V/. Kanta nou minm, nou pa résévoua éspri tè sa-a. * L-ap pasé.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

IMN (*O redemptoris pietas colénda*)

Ala bon kè rédanmptè-a yo doué fété-a,
ki antan-l chouazi moun yo pou konsakré bay Papa-a,
ou dirijé kè yo yon jan ékstraòdinè ak sou divès kalité fòm,
dapré signal Éspri-a!

Sa yo ou fè pran nésans sot nan vré Bondié-a,
gras a dlo-ou la,
ou vlé mété gras charité-a souvan nan yo,
gras a nouvo jèm nan, ou minm Kris la.

Ou rélé : sa yo ou rélé yo kouri byin vit,
yo kité tout bagay, lè yo tandé ou pasé yo lòd,
nan santié koua-a koté Roua-a pasé-a,
pou yo rivé chèché Papa-a sèl.

Konsa sin sa-a ki nan sièl la, ki gin kè-l cho-a,
li té kolé kò-l sou ou antan-l rinmin-ou ak tout fòs li,
li té anvi jouinn tout grandè bon kalité yo
ki fè kè moun kontan-an.

Louanj pou Papa-a ki anro nèt la, pou ou Kris la ki chèf la,
sé pou-l rézonnin minm jan-an pou Éspri Sin-an,
nou minm ki bay san fous plis
pou moun ki bay ti kras byin ak gran kè. Amèn.

Pou *Benedictus* la, réf. Si yon moun fè volonté Papa-m, sé li minm ki frè-m, sè-m ak manman-m, sé sa Granmèt la di, alélouya.

Oubyin: Pòsion pa-m sé Granmèt la; li bon pou nanm k-ap chèché-l la, alélouya.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sin (sint) **N**. té pèsévéré ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidéлитé nan vokasion nou, nou réyisi rivé nan pèfèksion sa-a ou té prezanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon Abé :

Fè nou favè, tanpri, Granmèt, pou nan mitan chanjman tè sa-a nou kolé ak tout kè nou sou bagay sièl yo, ou minm ki té ba nou ansègnman pou nou vîn kòrèk nèt dapré Évanjil la, pa lintèmédiè abé sin **N**. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou dézièm Vèp yo

IMN, *Læti coléntes fámulum*, 1458.

Pou *Magnificat* la, réf. Nou minm ki té kité tout bagay épi ki té suiv mouin, n-ap résévoua san foua plis épi n-ap posédé lavi pou tout tan-an, alélouya.

Oubyin : Koté frè yo fè yon sèl pou bay Bondié gloua, koté sa-a Granmèt la ap bay bédiksyon-an, alélouya.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di youn nan sa yo :

Bondié, ou minm gras a kado-ou sin (sint) **N**. té pèsévéré ap imité Kris la ki pòv la épi ki rabésé tèt li-a, fè nou favè, gras a intèsésion-l, pou, antan n-ap maché avèk fidélité nan vokasyon nou, nou réyisi rivé nan pèféksyon sa-a ou té prezanté nou nan Pitit ou-a. Li minm ki vivan.

Pou yon Abé :

Fè nou favè, tanpri, Granmèt, pou nan mitan chanjman tè sa-a nou kolé ak tout kè nou sou bagay sièl yo, ou minm ki té ba nou ansègnman pou nou vîn kòrèk nèt dapré Évanjil la, pa lintèmédiè abé sin **N**. Pa pouvoua Jézu-Kri.

POU SA-K TÉ FÈ AKSION MIZÉRIKÒD YO

Tout bagay nan Komin Mésié ki sin yo, 1400, oubyin Médam yo ki sin, 1430, sof sa-k suiv yo :

Pou premié Vèp yo

Pou Magnificat la, réf. Sa ki pran pitié pou pòv la, ala kontantman pou li; sa ki kouè nan Gramèt la, li rinmin mizérikòd la, alélouya.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di sa-a :

Bondié, ou minm ki té aprann Égliz ou-a pou-l kinbé tout kòmandman sièl yo, nan amou ou minm ki Bondié épi prochin-an, fè nou favè pou, antan n-ap angajé nan travay charité sou égzanp sin N., nou mérité yo fè nou antré nan group sa yo ki résévoua bénédikcion péyi koté ou roua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Ofis léktu-a

PRÉMIÉ LÉKTU

Nan premié Lèt apot sin Jan-an

4, 7-21

Sé pou nou youn rinmin lòt, paské charité-a sé nan Bondié li soti

⁷ Nou minm mouin rinmin anpil la, sé pou nou youn rinmin lòt, paské charité-a sé nan Bondié li soti ; épi tout moun ki rinmin sé nan Bondié li pran nésans, li konnin Bondié. ⁸ Moun ki pa rinmin, li pa konnin Bondié,

paské Bondié sé rinmin. ⁹ Nan sa-a charité Bondié-a parèt nan nou : sèké Bondié voyé sèl Pitit li-a sou tè-a, pou nou viv gras a li. ¹⁰ Nan sa-a charité-a yé : sé pa kòm si sé nou ki té rinmin Bondié, min sé li minm ki té rinmin nou, li voyé Pitit li-a kòm padon pou péché nou yo.

¹¹ Nou minm mouin rinmin anpil la, si Bondié rinmin nou konsa, sé pou nou youn rinmin lòt tou. ¹² Bondié, pèsonn pa janm ouè-l. Si nou youn rinmin lòt, Bondié rété nan nou, charité-l la réalizé nèt nan nou.

¹³ Nan sa nou konnin nou rété nan li épi li minm nan nou, sèké li té ba nou nan Éspri-l la. ¹⁴ Nou minm nou ouè, nou sèvi témouin Papa-a voyé Pitit li-a kòm sovè tè-a. ¹⁵ Tout moun ki rékonèt Jézu sé Pitit Bondié, Bondié rété nan li, épi li minm nan Bondié. ¹⁶ Nou minm nou konnin, nou kouè nan charité-a Bondié ginyin pou nou-an. Bondié sé charité, moun ki rété nan charité-a, li rété nan Bondié, épi Bondié nan li.

¹⁷ Nan sa rinmin Bondié-a kòrèk nèt nan nou, pou nou gin konfians jou jijman-an ; sèké, jan-l yé li minm nan, sé konsa tou nou minm nou yé sou tè sa-a. ¹⁸ Pa gin krint nan rinmin-an ; min rinmin ki fîn kòrèk nèt la, li voyé krint la déyò, paské krint la gin pinision ; moun ki nan krint, li pa kòrèk nèt nan rinmin-an.

¹⁹ Nou rinmin Bondié, paské Bondié té rinmin nou an premié. ²⁰ Si yon moun di : « Mouin rinmin Bondié », épi li rayi frè-l, li sé yon mantè. Sa-k pa rinmin frè-l la li ouè-a, Bondié li pa ouè-a, kijan li kapab rinmin-l ?

²¹ Sa-a sé kòmandman-an nou té résévoua nan min Bondié-a : pou sa-k rinmin Bondié-a, li rinmin frè-l la tou.

RÉPONS

1 Jn 5, 3; Sir 23, 37

R/. Sa-a sé charité Bondié-a, pou nou kinbé kòmandman-l yo: * Épi kòmandman-l yo pa lou, alélouya.

V/. Pa gin anyin ki pi dous pasé okipé kòmandman Granmèt la. * Épi kòmandman-l yo.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli sin Jan Krizostòm, évèk, nan Lèt pou Romin yo
(Homilia 15, 6: PG 60, 547-548)

Mizèrikòd la, Kris la kòmandé-l

Bondié réyèlman té rimmèt Pitit li-a; kanta ou minm minm ata yon pin ou pa vlé ba li, li-minm yo té rimmèt épi yo té touyé pou ou-a.

Papa-a poutèt ou minm pa-t épagné-l, malgré réyèlman vré sé pròp Pitit li-a li té yé; kanta ou minm minm ou méprizé-l, li-minm k-ap dépéri ak grangou-a; malgré ou fèt pou sa-yo résévoua-ou, yo minm ki pou li-a, épi bagay sa-a ou gin pou fè-l poutèt ou minm.

Ki bagay ki t-a pi mal passé injistis sa-a? Yo rimmèt li poutèt ou, yo touyé-l poutèt ou, li maché alantou antan-l grangou poutèt ou; nan sa-k pou li yo, bay, pou ou minm ou résévoua avantaj: poutan minm konsa ou pa bay.

Èské yo pa pi sòt passé ròch yo, yo minm ki antan kantité bagay sa yo ralé yo, yo rété nan méchansté sa-a ki pou djab la? Épi réyèlman li minm li pa-t konsidéré sa asé pou-l sibi koua-a ak lanmò-a; min li té vlé vîn pòv tou, épi étranjé ki t-apralé bò isit bò lòt bò épi san rad, épitou yo jété-l nan prizon, épi li souffri maladi, pou omouin konsa tou li té sipliyé-ou.

Si ou pa rimmèt mouin minm jan-an, jan-m souffri pou ou-a, gin pitié pou mouin kanminm poutèt pòv mouin pòv la. Si ou pa vlé pran pitié poutèt pòv mouin pòv la, kè-ou t-a fébli poutèt maladi-a oubyin poutèt prizon-an: si minm bagay sa-yo pa pousé-ou nan bon santiman, sé pou konsanti poutèt sé yon ti kras bagay y-ap mandé-a. Mouin pap mandé-ou anyin ki kouté chè, min pin, koté pou-m rété, paròl konsolasion.

Si apré sa, ou toujou rété rèd, omouin poutèt ringn sièl yo sé pou t-a vîn pi bon, omouin pou rékonpans mouin té promèt yo. Èské vrèman ou pa gin okinn nosion bagay sa yo minm?

Omouin poutèt natu-a, sé pou kasé-ou, antan ou ouè sa-k san rad la, épi sonjé mouin té san rad sou koua-a, sa mouin té soufri poutèt ou-a. Si-ou pa vlé poutèt sa anvan-an, omouin poutèt dènié sa-a koté mouin pòv la épi mouin san rad la.

Mouin té anchinnin poutèt ou lè sa-a, épi koulié-a tou poutèt ou-minm; pou antan-ou chanjé kè soua pou prémié chinn yo soua pou sa yo, ou aksépté ban-m kichòy nan mizèrikòd la: mouin té san manjé poutèt ou, yon lòt fouda mouin grangou poutèt ou; mouin té souaf antan-m té pandié sou koua-a, nan pòv yo koulié-a mouin souaf; pou oubyin pou prémié yo oubyin pou dènié sa yo mouin atiré-ou vîn jouinn mouin, épi pou fè-ou vîn gin bon kè pou kapab sové.

Sé pou sa, ou minm, akòz mil atachman byinfè, mouin mandé pou sé tou pa-ou koulié-a pou rimmèt mouin: mouin pa égzijé tankou sé doué ou doué-m, min pou-m kouroné sa-k bay kado-a, épi pou ti kras bagay sa yo mouin bay rouayòm nan.

Mouin pa di: « Fè-m pa pòv ankò »; ni « Fè-m kado anpil richès, malgré mouin pòv poutèt ou », min sé pin sèlman mouin mandé, épi yon rad, épi nan grangou yon ti konsolasion.

Si yo jété-m nan prizon, mouin pa fòsé-ou pou défèt chinn mouin yo épi pou mété-m déyò, min sé yon bagay mouin mandé sèlman: pou-ou ouè sé poutèt ou mouin anchinnin; bagay sa-a pou mouin minm ap yon gras sifizan pou-m kapab ouvri sièl la pou ou. Malgré mouin minm mouin té défèt chinn ki lou anpil pou ou; min sa ap asé pou mouin si ou aksépté vizité-m antan mouin nan chinn.

Mouin kapab sètènman kouroné-ou san sa, min mouin vlé pou gin dèt, pou ansanm avèk kouròn nan yon sètèn konfians vîn ajouté pou ou.

RÉPONS

Mt 25, 35. 40; Prov 19, 17

R/. Mouin té grangou, épi nou té ban-m manjé ; mouin té souaf, épi nou té ban-m bouè ; mouin té étranjé, épi nou té résévoua-m: * Amèn mouin di nou: Ninpòt ki lè nou té fè sa pou youn nan frè-m sa yo ki pi piti yo, sé pou mouin nou té fè sa, alélouya.

V/. Li prété Granmèt la, moun ki sansib pou pòv la. * Amèn mouin di nou.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Pou Benedictus la, réf. Nan sa tout moun ap konnin sé disip mouin nou yé, si rinmin-an n-ap ginyin-l youn pou lòt, alélouya.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di sa-a :

Bondié, ou minm ki té aprann Égliz ou-a pou-l kinbé tout kòmandman sièl yo, nan amou ou minm ki Bondié épi prochin-an, fè nou favè pou, antan n-ap angajé nan travay charité sou égzanp sin **N.**, nou mérité yo fè nou antré nan group sa yo ki résévoua bénédiksion péyi koté ou roua-a. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou dézièm Vèp yo

Pou Magnificat la, réf. Amèn mouin di nou : sa nou fè pou youn nan pi piti sa yo ki pou mouin yo, sé pou mouin nou fè-l. Vini, nou minm Papat-béni-an, pran posésion rouayòm nan ki té paré pou nou dépi kòmansman tè-a, alélouya.

POU ÉDIKATÈ YO

Tout bagay nan Komin Mésié ki sin yo, 1400, oubyin Médam yo ki sin, 1430, sof sa-k suiv yo :

Pou premié Vèp yo

Pou Magnificat la, réf. Obsèvé, pitit mouin, lòd papa-ou yo, épi pa méprizé laloua manman-ou nan, min toujou maré-l nan kè-ou, alélouya.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di sa-a :

Bondié, ou minm ki té fè sin (sint) N. lèvé nan Égliz ou-a pou montré prochin yo rout k-ap sovè nou-an, fè nou favè pou, sou égzanp li, nou suiv Kris la kòm mèt yon fason pou nou réyisi rivé koté-ou ansanm avèk frè nou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou Ofis léktu-a

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Oméli sin Jan Krizostòm, évèk, nan Matié
(Hom. 59: PG 58, 580. 584)

Nou doué okipé sa-k bon pou timoun yo

Kòm Granmèt la di: *Anj timoun yo ouè fas Papa-m, épi: Sé pou sa mouin minm mouin té vini, épi: Papa-m vlé sa, moun sa yo ki t-apral gin pou pran souin yo, li fè yo vîn pi atantif.*

Èské ou pa ouè ak ki grosè miray li té antouré yo, antan-l ménasé ak malè yo pa kapab sipòté moun yo k-ap fè yo tonbé-a, épi antan li promèt gran byin pou moun yo k-ap sèvi yo-a, épi k-ap pran souin yo-a, épi li ranfòsé bagay sa-a avèk égzanp li épi égzanp Papa-a? Sa-a, nou minm tou, sé pou nou imité-l, antan nou pa réfizé réservoua anyin nan sa ki sanblé byin ba épi fatigan an favè frè yo: min minmsi yo t-a doué sèvi, soua li t-a piti, soua li t-a san valè, moun sa-a sé akòz li yo réservoua travay sa-a; kèlkésoua jan bagay la t-a fatigan; minmsi yo t-a doué travèsé mòn ak falèz, sé pou yo sipòté tout bagay pou sovè yon frè. Li tèlman gran vrèman souin Bondié ap pran pou nanm nan, sé sa ki fè *ata Pitit li-a li pa-t épagné-l*.

Sé pou sa mouin sipliyé, granmatin lè n-ap soti nan kay la, sé yon sèl objéktif sa-a pou nou ginyin, épi préokipasion sa-a an premié, pou ouété nan danjé-a sa yo k-ap tonbé ladan-l nan.

Anyin sètènman pa gin plis pri pasé yon nanm: *Kisa réyèlman sa ap rapòté yon moun si li rivé ginyin tout tè-a, min nanm li soufri domaj?* Vrèman rinmin lajan té ranvèsé épi té jété tout bagay anba, épi li té sékoué krint Bondié-a, sé konsa, tankou yon roua nan yon sitadèl, li pran posésion nanm yo. Poutèt sa nou néglijé sa-k pou sovè ni nou minm ni pitit nou yo, antan n-ap okipé yon sèl bagay la, kijan pou nou vîn pi rich, n-ap kité richès yo bay lòt moun yo épi yo minm bay lòt, épi sa yo tou ankò bay sa k-ap vîn apré yo, konsa minm, nou t-a kapab di nou pa proriété min sé transmèt n-ap transmèt lajan ak sa nou ginyin yo. La-a sé yon gran foli; la-a timoun yo vîn pi san valè pasé ésklav yo. Paské nou korijé ésklav yo, minm si sé pa poutèt yo minm, min dapré bon plézi nou; timoun yo minm sé pa minm prévouyans la yo bénéfisié, min, pou nou, yo gin mouin valè pasé ésklav yo.

Épi sa-m bézouin palé osijé ésklav yo minm? Nou pran souin timoun yo mouins pasé bèt yo, nou gin plis préokipasion pou bourik yo ak choual yo pasé pou pitit nou yo. Si yon moun gin yon milèt, li pran anpil souin pou-l fè-l jouinn yon moun ki bon anpil nan okipé choual, pa youn ki malonèt, pa youn ki vòlè, pa youn ki abitué sou, pa youn ki pa konn

métié-l; min si nou doué bay pitit nou yon moun pou fè édikasyon-l, nou aksépte ninpòt moun ki vîn dévan nou paraza épi san chouazi, minmsi pa gin okinn métié ki pi gran pasé sa-a.

Ki métié ou kapab konparé ak sa-a ki gin réponsabilité drésé nanm nan, épi fòmé léspri ak karaktè jèn nan? Li minm ki doué gin tèlman kapasité, ki doué montré plis konsians pasé ninpòt pint ak skilptè. Kanta nou minm sé pa sa ditou n-ap okipé, min sé yon sèl bagay nou ouè, sé pou-l aprann lang nan. Épi n-ap fè éfò sèlman nan travay pou nou rivé jouinn sa. Sé pa réyèlman pou-l kapab rivé palé l-ap aprann lang nan, min pou-l ranmasé lajan; yon fason pou si san kapasité palé-a yo té kapab vîn rich, nou pa t-ap okipé aprantisaj sa-a ditou.

Èské ou pa ouè ki kantité pouvoua lajan ginyin? Kijan li anvayi tout bagay, épi li trinnin moun yo koté li vlé tankou ésklav ki maré yon sètin fason? Min ki avantaj pou nou nan kalité akizasyon sa yo? Nou minm ak paròl yo n-ap ataké pouvoua sa-a, li minm ak réalité yo li ranpòté viktoua sou nou. Anfin minm konsa nou pap sispann ataké-l ak paròl yo, épi si nou rivé jouinn kichòy ak diskou-a, ni mouin minm ni nou minm n-ap jouinn avantaj; otréman si nou pèsévéré nan pozision nou-an, sa-k té dévoua-m nan mouin té fin fè-l.

Bondié minm sé pou-l ni libéré nou sot anba maladi sa-a, ni ban mouin pou-m jouinn gloua nan nou; paské sé pou li gloua-a ak kòmandman nan sièk sièk yo. Amèn.

REPONS

Cf. Prov 23, 26; 1, 9; 5, 1

R/. Ban-m kè-ou, pitit, épi jé-ou yo sé pou yo kinbé chémin-m yo, * Pou yo ajouté gras sou tèt ou, alélouya.

V/. Fè atansion, pitit mouin, nan sajès mouin-an, épi panché zorèy ou nan prudans mouin-an. * Pou yo ajouté.

Nan solanité yo ak fèt yo, *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin.

Pou Louanj yo nan matin

Pou Benedictus la, réf. Sa ki gin mizèrikòd, li anségné épi li fòmé bann mouton-l nan tankou yon gadyin, alélouya.

Priyè-a

Priyè-a pròp; si pa ginyin, yo di sa-a :

Bondié, ou minm ki té fè sin (sint) **N.** lévé nan Égliz ou-a pou montré prochin yo rout k-ap sovè nou-an, fè nou favè pou, sou égzanp li, nou suiv Kris la kòm mèt yon fason pou nou réyisi rivé koté-ou ansanm avèk frè nou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou dézièm Vèp yo

Pou Magnificat la, réf. Kité ti moun piti yo vîn jouinn mounin : réyèlman sé pou moun ki tankou yo ringn sièl yo yé, alélouya.

RÉFRIN POU *BENEDICTUS* AK *MAGNIFICAT*

Réfrin pou *Magnificat* yo, ki indiké pou premié Vèp yo, yo kapab sèvi avèk yo tou, si yo vlé, pou dézièm Vèp nan mémoua sin yo.

Komin pou Dédikas yon légliz

Pou premié Vèp yo : Sé pou nou réjoui avèk Jérusalèm épi fété nan li, nou tout ki rinmin-l, pou tout tan, alélouya.

Pou Louanj yo nan matin : Zaché, fè vit désann, paské jodi-a sé lakay ou mouin gin pou-m fè ladésant. Kanta li minm antan-l fè vit, li té désann épi li résévoua-l lakay li ak kè kontan. Jodi-a, Bondié fè kay sa-a sové, alélouya.

Pou dézièm Vèp yo : Granmèt la té fè tant li-a vîn sin : sa-a sé kay Bondié-a, koté yo rélé non-l nan, sé sou li yo té ékri : Non-m ap isit la, sé sa Granmèt la di, alélouya.

Komin Sint Vièj Mari

Pou premié Vèp yo : Granmèt la té viré gadé rabèsman-m, épi Sa-a ki gin pouvoua-a té fè gran mèvèy nan mouin, alélouya.

Oubyin : Tout jénérasyon ap di ala kontantman pou mouin, paské Bondié té viré gadé pòv ti sèvant li-a, alélouya.

Pou Louanj yo nan Matin : Pòt paradi-a té fèmin pou tout moun akòz Èv, épi gras a Mari ki Vièj li vîn louvri byin laj, alélouya.

Pou dézièm Vèp yo : Ala kontantman pou ou, Mari, ou minm ki té kouè : y-ap fèt nèt nan ou, sa yo té di-ou sot nan Granmèt la, alélouya.

Komin Apot yo

Pou premié Vèp yo : Sé pa nou minm ki té chouazi-m; min sé mouin minm ki té chouazi nou, mouin té mété nou pou nou alé épi pou nou poté frui épi pou frui nou-an diré, alélouya.

Pou Louanj yo nan matin : Nan fondasion vil ki sin-an, Jérusalèm, gin non douz Apot Mouton-an, épi lanp li-a sé Mouton-an, alélouya.

Pou dézièm Vèp yo : Nan jénérasyon k-ap réfèt la, lè Pitit moun nan ap chita sou fotèy grandè-l la, n-ap chita nou minm tou, pou nou jijé douz group fanmi Israël yo, alélouya.

Komin pliziè Mati

Pou premié Vèp yo : Limiè san rété-a ap kléré pou sin-ou yo, Granmèt, ak étènitè tan yo, alélouya.

Pou Louanj yo nan matin : Sé pou nou kontan épi sé pou nou fété, nou tout sin yo, paské rékonpans nou-an rich anpil nan sièl yo, alélouya.

Pou dézièm Vèp yo : Sé pou nou kontan, sin yo, dévan fas Mouton-an; rouayòm nan paré pou nou dépi kòmansman tè-a, alélouya.

Komin yon sèl Mati

Pou premié Vèp yo : Limiè san rété-a ap kléré pou sin-ou yo, Granmèt, ak étènitè tan yo, alélouya.

Pou Louanj yo nan matin : Sé pou nou kontan épi sé pou nou fété, nou tout sin yo, paské rékonpans nou-an rich anpil nan sièl yo, alélouya.

Pou dézièm Vèp yo : Si grinn blé-a antan li tonbé nan tè-a pa mouri, li rét pou kont li, min si-l mouri, li donnin anpil frui, alélouya.

Komin Pastè yo (Gadyin yo)

Pou premié Vèp yo :

Pou yon Pap oubyin yon Évèk : Prèt Sa-k Anro nèt la ak glas bon kalité yo, bon gadyin nan pèp la, ou minm ki té fè Granmèt la plézi, alélouya.

Pou yon Prèt : Mouin fè-m tout bagay ak tout moun, pou-m rivé sovè tout moun, alélouya.

Pou Louanj yo nan matin : Sé pa nou minm k-ap palé, min sé Éspri Papa nou-an k-ap palé nan nou minm, alélouya.

Pou dézièm Vèp yo : Sa-a sé intandan fidèl la épi ki gin prévouayan la, li minm Granmèt la instalé sou fanmi li-an, pou-l ba yo pòsion blé-a nan tan-an, alélouya.

Oubyin : Mouin di-ou mès, Kris, bon gadyin, ou minm ki aksépté kondui-m nan gloua sa-a; mouin mandé-ou pou mouton yo ou konfié-m yo patisipé avèk mouin nan gras ou-a pou tout tan, alélouya.

Komin Savan sakré (Doktè) Égliz la

Pou premié Vèp yo : Sa ki té fè épi ki té anségné, sé gran y-ap rélé-l nan péyi roua sièl yo, alélouya.

Pou Louanj yo nan matin : Sa ki savan yo, y-ap briyé tankou ékla sièl la, épi sa yo ki aprann anpil lòt kijan pou yo vîn kòrèk, y-ap tankou zétoual yo nan tan ki pap janm fini yo, alélouya.

Pou dézièm Vèp yo : O Anségnan ki bon anpil, limiè Égliz la ki sin-an, ou minm sin **N.**, ki rinmin laloua Bondié-a, priyé Pitit Bondié-a pou nou, alélouya.

Komin Vièj yo

Pou premié Vèp :

Pou yon vièj ki mati : Min vièj la ki gin kouraj la déjà ap suiv Mouton yo krisifié pou nou-an, li sakrifié antan-l rézèvé kò-l, li imolé pou lavi byin réglé-a, alélouya.

Pou yon vièj : Antan Épou-a té vini, vièj ki prudan-an ki tou paré-a té antré avèk li nan nòs yo, alélouya.

Pou plizièm vièj: Vièj ki gin ladrès, paré lanp nou yo : min Épou-a ap vini, sòti al rankontré-l, alélouya.

Pou Louanj yo nan matin :

Pou yon vièj ki mati: Ala kontantman pou vièj la ki rénonse pròp tèt li épi ki pran koua-l, ki suiv modèl Granmèt la nèt, li minm ki épou vièj yo épi chèf mati yo, alélouya.

Pou yon vièj: Min vièj ki jijé byin-an té travèsé al kot Kris la, antan l-ap briyé tankou solèy nan puisans sièl la nan group vièj yo, alélouya.

Pou pliziè vièj: Nou minm, vièj Granmèt la, béni Granmèt la pou tout tan, alélouya.

Pou dézièm Vèp :

Pou yon vièj ki mati: Nan yon sèl sakrifis, sé dé kouròn n-ap sélébré, rézèv kò-a épi dévoua rélijion-an. Li rété vièj épitou li rivé jouinn mati-a, alélouya.

Pou yon vièj: Vini, épouz Kris la, résévoua kouròn nan, sa Granmèt la té préparé pou ou-a pou tout tan-an, alélouya.

Pou pliziè vièj: Sa-a sé jénérasyon sa yo k-ap chèché Granmèt la, k-ap chèché fas Bondié nou-an, alélouya.

Komin Mésié ki sin yo

Pou premié Vèp :

Pou yon sèl: M-ap konparé-l ak yon mésié ki gin sajès, ki bati kay li sou ròch, alélouya.

Pou pliziè: Jé Granmèt la sou moun ki respékté-l yo, ak sou sa yo ki éspéré nan mizérikòd li-a, alélouya.

Pou Louanj yo nan matin :

Pou yon sèl: Moun ki fè vérité-a, li vini kot limiè-a, pou aksion-l yo parèt klè, paské sé nan Bondié yo fèt, alélouya.

Pou pliziè: Ala kontantman pou moun yo k-ap mété lapè-a, ala kontantman pou moun ki gin kè yo pròp, paské yo minm y-ap ouè Bondié, alélouya.

Pou dézièm Vèp yo :

Pou yon sèl : Sèvitè ki bon, ki fidèl antré nan kè kontan Granmèt ou-a, alélouya.

Pou pliziè: Yo té fidèl jous nan lanmò, épi yo résévoua kouròn lavi-a nan min Granmèt la, alélouya.

Komin Médam ki sin yo

Pou premié Vèp :

Pou yon sèl : Ba li nan frui min-l yo, sé pou aksion-l yo fè louanj li nan pòt lavil yo, alélouya.

Pou pliziè : Résévoua louanj nan non-l ki sin-an; sé pou-l kontan, kè moun yo k-ap chèché Granmèt la, alélouya.

Pou Louanj yo nan matin : Ringn sièl yo sanblé ak yon machann k-ap chèché bon pèl; lè-l jouinn youn ki gin valè, li té bay tou sa-l ginyin, épi li té achté-l, alélouya.

Pou dézièm Vèp yo : Kè-m té fété nan Granmèt la, épi kè-m té louvri paské mouin té kontan nan sa-k sové-m nan, alélouya.

Komin Rélijié yo

Pou premié Vèp : Si yon moun pa rénonse tou sa-l posédé, li pa kapab disip moun, sé sa Granmèt la di, alélouya.

Oubyin pou yon mesié rélijié : Sa-a ap résévoua Bénédiksyon nan min Granmèt la, épi mizérikiòd nan min Bondié ki sovè-l la, paské sa-a sé jénérasyon sa yo k-ap chèché Granmèt la, alélouya.

Pou yon fi rélijié : Granmèt la té résévoua-l kòm épouz pou tout tan, nan lafoua ak mizérikiòd, alélouya.

Pou Louanj yo nan matin : Si yon moun fè volonté Papa-m, sé li minm ki frè-m, sè-m ak manman-m, sé sa Granmèt la di, alélouya.

Oubyin : Pèsion pa-m, sé Granmèt la; li bon pou nanm moun k-ap chèché-l la, alélouya.

Pou dézièm Vèp yo : Nou minm ki kite tout bagay épi ki suiv moun-an, n-ap résévoua san foua plis épi n-ap posédé lavi pou tout tan-an, alélouya.

Oubyin : Koté frè yo fè yon sèl pou bay Bondié gloua, koté sa-a Granmèt la ap bay Bénédiksyon-an, alélouya.

Komin pou moun ki fè aksyon mizérikiòd yo

Pou premié Vèp yo : Sa ki pran pitié pou pòv la, ala kontantman pou li; sa ki kouè nan Granmèt la, li rinmin mizérikiòd la, alélouya.

Pou Louanj yo nan matin : Nan sa tout moun ap konnin sé disip moun nou yé, si rinmin-an n-ap ginyin-l youn pou lòt, alélouya.

Pou dézièm Vèp yo : Amèn mouin di nou : Sa nou té fè pou youn nan pi piti sa yo ki pou mouin yo, sé pou mouin nou té fè-l. Vini, nou minm Papa-m béni-an, pran posésion péyi-roua-a yo té paré pou nou dépi nan kòmansman tè-a, alélouya.

Komin pou édikaté yo

Pou premié Vèp yo : Obsèvé, pitit mouin, lòd papa-ou yo, épi pa méprizé laloua manman-ou nan, min toujou maré-l nan kè-ou, alélouya.

Pou Louanj yo nan matin : Sa ki gin mizérikòd, li anségné épi li fòmé bann mouton-l nan tankou yon gadyin, alélouya.

Pou dézièm Vèp yo : Kité ti moun piti yo vîn jouinn mouin : réyèlman sé pou moun ki tankou yo ringn sièl yo yé, alélouya.

OFIS DÉFIN YO

Yo doué adapté priyè yo, antan yo chanjé si sé pou gason oubyin si sé pou fi, épi si gin yon sèl oubyin si gin anpil, dapré sikonstans ki prezanté yo.

OFIS DÉFIN YO

Pou Invitatoua-a

Réf. Roua-a tout bagay ap viv pou li-a, vini, an-n adoré-l.

Psòm invitatoua-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a, 541.

Pou Ofis léktu-a

IMN (*Qui vivis ante saecula*)

Ou minm ki vivan anvan sièk yo
épi sé ou minm ki sèl sous lavi-a,
nou minm, Bondié, k-ap sibi lanmò-a
épi ki gin dèt péché-a, viré gadé nou.

Papa, ou té désidé pou moun k-ap fè péché-a
sibi chatiman lanmò-a,
pou lè pousiè-a al nan pousiè-a,
li t-a bay tèt li mouayin padon-an.

Min souf lavi-a minm
sa-ou té mété nan li ak prévouayans la,
li kontinué rété pou tout tan
kòm jèm ki pap finnin.

Éspérans sa-a sé soulajman li yé:
n-ap réprann fòs, Granmèt,
épi premié nan sa-k résisité yo,
Kris la ap ralé nou bò koté-ou.

Pou yon défin gason:

Bay sèvitè-ou défin sa-a
 pou-l joui nan ringn lavi-a,
 li minm lafoua Kris la té binyin-l,
 li minm Éspri rékonfò-a té konsakré.

Pou yon défin fi:

Bay sèvant-ou défin sa-a
 pou-l joui nan ringn lavi-a,
 li minm lafoua Kris la té binyin-l,
 li minm Éspri rékonfò-a té konsakré.

Pou yon pliziè défin:

Bay frè sa yo ki mouri nan ou
 pou yo joui nan ringn lavi-a,
 yo minm lafoua Kris la té binyin yo,
 yo minm Éspri rékonfò-a té konsakré.

Fè nou antré tousuit nan rouayòm sa-a
 lè n-ap kité tè-a
 pou nou tout nou chanté
 ou minm ki finisman, ou minm ki kòmansman. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Sot nan tè ou té fòmé-m, avèk chè ou té abiyé-m: Rédanmtè moun, Granmèt, résisité-m nan dènié jou-a.

Psòm 39 (40), 2-14. 17-18
Rémèsiman ak démann sékou

Sakrifis ak kado, ou pa-t vlé sa, sé yon kò ou té paré pou mouin (Ébr 10, 5).

I

- 2 Sé pa ti kras tann mouin t-ap tann, Granmèt la, *
li panché sou mouin.
- 3 Li kouté rèl mouin, *
li ouété-m sot nan fos mizè-a ak nan labou ki sal la ;
li mété pié-m kanpé sou ròch, *
li fè plant pié-m asiré.
- 4 Li mété yon kantik nouvo nan bouch mouin, *
yon chanté pou Bondié nou-an.
Anpil moun ap ouè, y-ap sézi, *
y-ap éspéré nan Granmèt la.
- 5 Ala kontantman pou moun ki mété éspérans li nan Granmèt la, *
ki pa gadé moun k-ap fè logèy, k-ap panché nan manti.
- 6 Ou té fè yo anpil, Granmèt Bondié mouin, mèvèy ou yo, †
épi pansé-ou yo pou nou : *
pa gin ki sanblé avèk ou.
Si mouin t-a vlé déklaré yo, pibliyé yo, *
yo dépasé chif.
- 7 Sakrifis ak kado, ou pa-t vlé sa, *
ou louvri zòrèy mouin.
Sakrifis antié ak sakrifis pou péché, ou pa-t mandé sa, *
- 8 lè sa-a mouin di : « Min m-ap vini.
Nan roulo liv la yo ékri osijè-m, *
- 9 pou-m fè volonté-ou.
Bondié mouin, mouin dakò ; *
laloua-ou la nan zantray mouin ».

Réf. Sot nan tè ou té fòmé-m, avèk chè ou té abiyé-m: Rédanmè mouin, Granmèt, résisité-m nan dènié jou-a.

Réf. 2 Sé pou sa fè-ou plézi, Granmèt, pou dégajé-m ; gadé pou vîn poté-m sékou.

II

- ¹⁰ Mouin anonsé jistis ou-a nan gran asanblé-a ; *
min mouin pa fèmin bouch mouin, Granmèt, ou konnin.
- ¹¹ Jistis ou-a mouin pa kaché-l nan kè-m, *
vérité-ou la ak sékou-ou la, mouin di-l.
Mouin pa kaché mizérikòd ou-a *
ak vérité-ou, bay gran rasanbléman-an.
- ¹² Kanta ou minm Granmèt,
pa ouété pitié-ou yo soti sou mouin ; *
sé pou mizérikòd ou-a ak vérité-ou la
toujou soutni mouin,
- ¹³ paské mal yo antouré-m, sa yo pa kapab konté yo ; †
yo vlopé-m, péché-m yo, *
mouin pa kapab ouè.
Yo multiplié pi plis pasé chévé tèt mouin, *
épi kè-m lagé-m.
- ¹⁴ Sé pou sa fè-ou plézi, Granmèt, pou dégajé-m ; *
Granmèt, présé vîn poté-m sékou.
- [15 - 16]
- ¹⁷ Sé pou yo fété, sé pou yo kontan nan ou tout sa k-ap chèché-ou yo, *
épi y-ap di tout tan : « Sé pou ouè jan Granmèt la gran »,
sa yo ki rinmin sové ou sové nou-an.
- ¹⁸ Kanta mouin minm mouin maléré épi pòv ; *
sé Granmèt la k-ap okipé-m.

Sékou-m ak libératè-m sé ou minm ; *
Bondié mouin, pa mizé.

Réf. Sé pou sa fè-ou plézi, Granmèt, pou dégjé-m ; gadé pou vîn poté-m sékou.

Réf. 3 Nanm mouin té souaf Bondié vivan-an ; kilè m-a vini épi m-a parèt dévan fas Granmèt la ?

Psòm 41 (42)

Anvi Granmèt la ak tanp li-a

Sa-k souaf la sé pou-l vini ; sa-k vlé, l-ap résévoua dlo lavi-a (Ap 22, 17).

- ² Tankou yon sèrf anvi al nan sous dlo yo, *
konsa nanm mouin anvi al koté-ou, Bondié.
- ³ Nanm mouin souaf Bondié, Bondié vivan-an ; *
kilè m-apral parèt dévan fas Bondié ?
- ⁴ Sé dlo k-ap koulé sot nan jé-m ki té pin-m lajounin kon lannuit, *
pandan yo t-ap di-m chak jou : « Koté Bondié-ou la ? ».
- ⁵ Mouin sonjé bagay sa yo, nanm mouin fonn anndan mouin ; †
paské mouin té konn travèsè al kot tant ki mérité yo kontanplé-l la, *
jous nan kay Bondié-a,
nan chanté fèt avèk louanj, *
fèt foul la k-ap fè louanj la.
- ⁶ Poukisa ou chagrin, nanm mouin, *
épi poukisa ou troublé anndan mouin ?
Éspéré nan Bondié paské m-ap fè déklarasion pou li ankò, *
sovè fas mouin épi Bondié mouin.
- ⁷ Anndan mouin nanm mouin chagrin ; †
sé poua mouin sonjé-ou *
dépi sot nan tè Jourdin-an ak Èrmon-an,
sot nan mòn Misa-a.

- ⁸ Bafon-an rélé bafon-an, nan voua kaskad ou yo ; *
tout lanm ou yo ak vag ou-a travèsé anlè mouin.
- ⁹ Lajounin Granmèt la voyé mizérikòd li-a, †
épi nannuit kantik li-a bò koté-m : *
priyè bay Bondié lavi mouin.
- ¹⁰ M-ap di Bondié : *
« Sé ou minm ki protéksion-m.
Poukisa ou bliyé-m nan, †
épi poukisa m-ap maché tou chagrin, *
pandan ènmi-m nan ap trakasé-m nan ? ».
- ¹¹ Pandan zo-m yo ap krazé-a, †
y-ap jouré-m, sa k-ap fè-m pasé tribilasyon yo, *
pandan y-ap di-m chak jou : « Koté Bondié-ou la ? ».
- ¹² Poukisa ou chagrin, nanm mouin, *
épi poukisa ou troublé anndan mouin ?
Espéré nan Bondié, paské m-ap fè déklarasyon pou li ankò, *
sovè fas mouin épi Bondié mouin.

Réf. Nanm mouin té souaf Bondié vivan-an ; kilè m-a vini épi m-a parèt dévan fas Granmèt la ?

V/. Mizérikòd ou yo anpil, Granmèt.

R/. Fè-m viv dapré paròl ou-a.

PRÉMIÉ LÉKTU

Sot nan premié Lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

15, 12-34

Réziréksion Kris la, éspérans fidèl yo

Frè yo : ¹² Si y-ap préché Kris la résisité sot nan pami mò yo, kòman fè gin kèk nan pami nou ki di : pa gin réziréksion mò ? ¹³ Si pa gin

réziréksion mò, Kris la pa résisité non plis tou. ¹⁴ Min si Kris la pa résisité, prèch nou-an vid, lafoua nou-an vid tou. ¹⁵ Nou vîn tounin moun k-ap sèvi fo-témouin pou Bondié, paské nou sèvi témouin kont Bondié, nou di li lévé Kris la, li minm li pa lévé-a, si mò yo pa résisité. ¹⁶ Réyèlman, si mò yo pa résisité, Kris la pa résisité non plis tou. ¹⁷ Si Kris la pa résisité, lafoua nou pa vo anyin ; jous koulié-a toujou nou nan péché nou yo ; ¹⁸ konsa sa k-ap dòmi nan Kris la, yo péri tou. ¹⁹ Si sé pou lavi sa-a sèlman n-ap espéré nan Kris la, nou pi mizélab pasé tout moun.

²⁰ Koulié-a minm Kris la résisité sot nan pami mò yo, prémié frui nan pami sa-k t-ap dòmi yo. ²¹ Paské sé pa lintémédiè yon moun lanmò-a té rivé, sé pa lintémédiè yon moun tou réziréksion mò yo : ²² minm jan tout moun té mouri nan Adan-an, sé konsa tout moun ap gin lavi nan Kris la.

²³ Chak moun nan ran-l : prémié frui-a sé Kris la, apré sa sé sa yo ki pou Kris la, ki té koué li t-ap vini-an, ²⁴ apré sa, sé finisman-an, lè l-ap rinmèt péyi-roua-a bay Bondié Papa-a, lè l-ap fè tout otorité tout pouvoua ak tout fòs disparèt la.

²⁵ Li gin pou-l kòmandé *joustan li mété tout ènmi yo anba pié-l*. ²⁶ Dènié ènmi-an, sé lanmò-a k-ap fin détrui; ²⁷ *sèkè li fòsé tout bagay rét anba pié-l*. Lè l-ap di : « Tout bagay obéyi-l » la, san dout sé aléksépsion Sa-a ki mété tout bagay anba pié-l la. ²⁸ Min lè tout bagay ap obéyi anba-l, lè sa-a atò Pitit la li minm ap rinmèt tèt li bay Sa-a ki té mété tout bagay yo anba pié-l la, pou Bondié kapab tout bagay nan tout moun.

²⁹ Otréman, kisa yo fè, sa-k batizé pou mò yo? Si mò yo pa résisité ditou, pou kisa yo batizé pou yo? ³⁰ Pouki nou₁ minm tou nou₁ ékspozé tèt nou₁ tout lè? ³¹ Chak jou m-ap mouri pou pròp gloua pa nou₂-an, frè yo, sa-m gin nan Kris Jézu Granmèt nou₂-an. ³² Si sé dapré moun mouin té batay kont bèt sovaj yo nan Éfèz, sa sa rapoté-m, si mò yo pa résisité *sé pou nou₀ manjé, épi sé pou nou₀ bouè, démin réyèlman n₀-ap mouri*. ³³ Pa tronpé tèt nou₂: « Mové konvèsasion gaté bon conduit ». ³⁴ Rét véyé yon fason kòrèk épi pa fè péché! Sé ignorans Bondié réyèlman kèk ginyin; pou ront mouin palé nou₂.

RÉPONS

1 Kor 15, 25-26 ; cf. Ap 20, 13. 14

R/. Kris la gin pou-l régné, joutan Bondié mété tout ènmi yo anba pié-l : * Dènié ènmi-an minm, sé lanmò-a k-ap fin détrui.

V/. Lè sa-a lanmò-a ak lanfè-a rinmèt mò pa yo, y-ap voyé lanfè-a ak lanmò-a nan étan difé-a. * Dènié ènmi-an.

Oubyin yon lòt :

Sot nan prémié Lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

15, 35-57

Réziréksion mò yo épi avènman Grammèt la

Frè yo : ³⁵ Yon moun kapab di : « Kijan mò yo ap lévé ? ak ki kalité kò y-ap vini ? » ³⁶ Ou pa konprann, ou minm, sa-ou simin-an, li pa viv si-l pa mouri, ³⁷ ou minm ki simin-an, sé pa kò k-ap vîn apré-a ou simin, min sé yon grinn ki san po, parégzanp grinn blé oubyin lòt bagay konsa. ³⁸ Bondié minm ba-l yon kò jan-l té vlé, épi chak nan sémans yo pròp kò pa-l. ³⁹ Tout chè pa minm chè-a, min youn sé moun yo, yon lòt minm chè bèt kat pat yo, yon lòt minm chè zouazo yo, yon lòt minm pouason yo, ⁴⁰ épi kò nan sièl yo, épi kò sou tè yo, min sé yon jan, gloua sa-k nan sièl yo yé; yon lòt jan minm, pa sa-k sou tè yo. ⁴¹ Yon kalité gloua solèy, épi yon kalité gloua lafn, épi yon kalité gloua zétoual yo. Yon zétoual réyèlman diféran ak yon lòt zétoual nan gloua.

⁴² Sé konsa tou pou réziréksion mò yo. Yo simin nan sa k-ap gaté, li lévé nan sa ki pap gaté ; ⁴³ yo simin nan laront, li lévé nan gloua ; yo simin nan féblès, li lévé nan fòs ; ⁴⁴ yo simin yon kò ki gin souf, sé yon kò éspri ki lévé. Si gin yon kò ki gin souf, gin yon kò éspri tou ; ⁴⁵ dapré sa-k ékri-a : « *Prémié moun nan Adan vîn tounin yon souf vivan* », dènié Adan-an ap vîn tounin yon éspri k-ap bay lavi. ⁴⁶ Sèlman sé pa sa-k éspri-a ki parèt anvan, sé sa-k gin souf la, apré sa, sé sa-k éspri-a ki vini.

⁴⁷ Jan sa-a ki té sot nan tè-a yé, konsa tou sa yo ki sot nan tè-a ap yé ;
⁴⁸ jan sa-a ki sot nan sièl la yé, konsa tou sa yo ki sot nan sièl la ap yé.

⁴⁹ Konsa, minm jan nou té poté pòtré sa ki sot nan tè-a, sé konsa tou pou nou poté pòtré sa ki sot nan sièl la. ⁵⁰ Bagay sa-a mouin di: Frè yo, chè ak san pa kapab éritié péyi- roua Bondié-a, ni dékonpozision pa kapab éritié inposibilité dékonpozision-an.

⁵¹ Min yon mistè m-ap di nou : Nou tout sètènman n-ap résisité, min sé pa nou tout k-ap chanjé. ⁵² Nan yon moman, nan yon mouvman jé, nan dènié tronpèt la ; tronpèt la ap sonnin réyèlman, épi mò yo ap résisité intak épi nou minm n-ap chanjé. ⁵³ Fò kò sa-a k-ap gaté-a réyèlman abiyé avèk posibilité pou pa gaté-a, épi fò kò sa-a k-ap mouri-a abiyé avèk posibilité pou pa mouri. ⁵⁴ Lè kò sa-a k-ap gaté-a réyèlman abiyé avèk posibilité pou pa gaté-a, épi kò sa-a k-ap mouri-a ap abiyé ak fòs pou-l pa mouri-a, lè sa-a paròl ki ékri-a ap réalizé :

« *Lanmò-a anglouti nan viktoua-a.*

⁵⁵ *Koté viktoua-ou, lanmò ?*

Koté pikèt anpouazonnin-ou nan, lanmò ? ».

⁵⁶ Pikèt anpouazonnin lanmò-a sé péché-a, fòs péché-a sé laloua-a.

⁵⁷ Granmèsi Bondié ki ba nou viktoua pa pouvoua Granmèt nou Jézu-Kri.

RÉPONS

Cf. Jòb 19, 25. 26. 27

R/. Mouin kouè Rédanmtè-m nan ap viv, épi nan dènié jou-a m-ap résisité sot anba tè-a, * Épi nan chè-m m-ap ouè Bondié-m sovè-m nan.

V/. Sa-a m-ap ouè mouin minm nan, sé pa yon lòt ; sé ak jé-m m-ap gadé-l. * Épi nan chè-m.

Oubyin yon lòt :

Sot nan dézièm Lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo

4, 16 – 5, 10

*Lè kay sa-a ki sou tè-a, koté nou rété-a, li vîn détrui,
gin yon abitasion pou tout tan ki préparé nan sièl yo*

Frè yo : ^{4,16} Sé poua nou pa fébli ; min, malgré moun nou-an ki sou pa déyò-a ap dékonpozé, malgré sa, sa-a ki sou pa anndan-an ap réfèt tou nèf chak jou pi plis. ¹⁷ Réyèlman, tribilasyon n-ap pasé koulié-a, pou yon moman-an épi ki tou lèjè-a, l-ap réalizé yon chaj gloua nan nou pou tout tan, ki dépasé tout rotè ; ¹⁸ nou pap konsidéré bagay yo kapab ouè, min bagay yo pa kapab ouè : sèké bagay yo kapab ouè yo, sé pou yon tan yo la ; min sa yo pa kapab ouè yo minm, yo la pou tout tan.

^{5,1} Nou konnin réyèlman si kay nou sa-a ki sou tè-a, koté nou abité-a, li vîn détrui, nou gin nan sièl yo yon kay ki pa fèt ak min moun, sa Bondié bati pou nou-an, ki la pou tout tan. ² épi réyèlman nan bagay sa-a n₁-ap plinn, antan nou₁ anv₁ abiyé avèk abitasyon nou₁-an ki sot nan sièl la; ³ si sé abiyé, sé pa san rad yo jouinn nou₁, ⁴ épi réyèlman, nou₁ minm ki nan tant la, n-ap plinn, antan nou anba chaj poutèt nou pa vlé dézabiyé min rét abiyé pou lanmò-a anglouti anba lavi-a. ⁵ Sa-k réalizé nou₁ pou bagay sa-a, Bondié ki ba nou₁ garanti Éspri-a.

⁶ Nou gin konfians tout tan, nou konnin réyèlman, pandan nou nan kò-a, n-ap fè pèlérinaj louin Granmèt la; ⁷ sé nan lafoua réyèlman n-ap maché, sé pa nan vizion, ⁸ min nou gin konfians épi nou t-a pito fè pèlérinaj la louin kò-a, pou nou prézan kot Granmèt la. ⁹ Sé poua nou éséyé fè-l plézi, soua nou absan, soua nou prézan ¹⁰ Sèké nou tout, nou gin pou nou parèt dévan tribinal Kris la, pou chak moun résévoua sèlon sa-l té fè, soua byin soua mal, pandan li té nan kò-a.

RÉPONS

Cf. Ps 50 (51), 5

R/. Granmèt, pa jijé-m dapré aksion-m: mouin pa-t fè anyin ki alaroté dévan-ou: sé pou sa m-ap priyé grandè-ou, * Pou ou minm, Bondié, ou éfasé péché-m nan.

V/. Lavé-m nèt, Granmèt, sot nan injistis mouin-an, épi pròpté-m sot nan péché-m nan. * Pou ou minm, Bondié.

DÉZIÈM LÉKTU

Sot nan Diskou sin Anastaz d'Antiòch, évèk

(Oratio 5, de Resurrectione Christi, 6-7. 9 :

PG 89, 1358-1459. 1361-1362)

Kris la ap transfigiré kò rabésman nou-an

Pou sa Kris la té mouri épi li té viv, pou li tounin Granmèt ni sa-k mouri yo ni sa-k vivan yo. Min Bondié pa Bondié moun mouri yo, min moun vivan yo. Sé pou sa mò yo, sa li-minm ki té viv la ap dominé sou yo-a, yo pa mò ankò, min yo vivan; épi pou rézon sa-a lavi-a ap dominé sou yo, pou yo vivan, antan yo pap pè lanmò ankò minm jan Kris la ki lévé sot pami mò yo, li pap mouri ankò.

Konsa, sa-k lévé yo épi ki libéré sot nan koripsion-an, yo pap ouè lanmò-a ankò, yo gin pou yo patisipé nan réziréksion Kris la, minm jan li-minm li té patisipé nan lanmò yo-a.

Réyèlman sé pa pou yon lòt rézon li té désann sou tè-a, tè sa-a pròp baro-l yo t-ap jinnin san rété-a, si sé pa *pou krazé pòt bronz yo épi pou-l kasé baro fè yo*, épi pou-l té minnin lavi nou vîn jouinn li sot nan koripsion-an, nan plas ésklavaj la li ba nou libète-a.

Sé pou sa si travay dispozision sa-a yo ouè li poko fîn réalisé nèt – jous koulié-a, réyèlman, moun yo ap mouri, épi kò yo ap dékonpozé ak lanmò-a – sa pa doué fèt pou sa t-a bay okazion pèdi lafoua. Déja réyèlman anvan tout byin yo, sa yo té di yo, nou té résévoua garanti-a pa lintèmédiè premié frui nou yo, yo minm pa lintèmédiè yo nou té rivé nan rotè sièl la, épi nou té chita ansanm avèk sa-a ki pran nou lévé anlè ansanm avèk li-a, jan Pòl té di kèk koté: *Épi li té résisité nou ansanm avèk li, épi li té fè nou chita ansanm avèk Kris la nan sièl yo.*

Min n-ap rivé jouinn akonplisman-an lè tan Papa-a té détèminé davans la ap rivé, lè nou minm n-ap dépozé laj timoun nan, épi n-ap fîn tounin *nan moun ki apouin nèt la*. Sé sa réyèlman Papa sièk yo té vizé, pou kado

yo bay la vîn solid épi pou yo pa méprizé-l ankò ak léspri k-ap rétounin nan laj timoun ankò.

Min puisqué kò Granmèt la résisité dapré éspri-a, kisa yo doué di, lè Pòl témouagné osijè kò yo; *yo simin dapré nanm nan, épi yo lévé dapré éspri-a*: sètadi yo transfòmé nan transfigirasion gloua Kris la chèf la ki pran dévan-an?

Puisqué Apot la tou bagay sa-a li té byin konnin-an, sa li di ki gin pou rivé tout ras moun nan pa lintèmediè Kris la, li-minm *k-ap transfigiré kò rabésman nou-an*, pou-l fè-l *gin minm kondision ak kò gloua li-a*.

Sé poutèt sa, si transfigirasion-an sé chanjé pou vîn yon kò dapré éspri-a, sa-a minm sé gin minm kondision ak kò gloua Kris la: réyèlman sé avèk yon kò dapré éspri-a Kris la té résisité, bagay sa-a ki pa anyin dèt pasé *li té simin nan kalité infériè*, min sé sa-a minm ki chanjé vîn nan onè.

Sa-a minm, lè-l té minnin premié frui natu nou-an bay Papa-a, an minm tan sé tout bagay toutantié li té minnin: puisqué li té promèt sa, lè-l té di: *Lè y-ap lévé-m anlè, m-ap minnin tout moun vîn jouinn mouin*.

RÉPONS

Jan 5, 28-29; 1 Kor 15, 52

R/. Tout moun ki nan kavo yo, y-ap tandé voua Pitit Bondié-a ; * Épi y-ap soti, sa-k té fè byin yo, sé pou réziréksion lavi-a; sa-k té fè mal yo minm, pou réziréksion jijman-an.

V/. Nan yon moman, nan batman yon jé, nan dènié tronpèt la, mò yo ap résisité san koripsion. * Épi y-ap soti.

Oubyin yon lòt :

Sot nan Lèt sin Brolion, évèk

(Epist. 19 : PL 80, 665-666)

Éspérans tout moun ki kouè yo, Kris la k-ap résisité-a

Éspérans tout moun ki kouè yo, Kris la rélé moun ki pati kité tè-a “sa k-ap dòmi yo”, li pa rélé yo “sa-k mouri yo”, antan-l di: *Lazar, zanmi nou-an, ap dòmi.*

Min ata Apot la ki sin-an pa vlé pou nou gin lapinn osijè sa k-ap dòmi yo épi sé poutèt sa, si lafoua nou-an gin sa, paské tout moun ki kouè nan Kris la dapré voua évanjil la, yo pap mouri pou tout tan, ak lafoua-a nou konnin puisqué li minm li pa-t mouri, nou minm tou nou pap mouri.

Paské Granmèt la li-minm, sou lòd ak nan voua Chèf Anj yo ak nan troupèt Bondié-a, l-ap désann sot nan sièl la, épi mò yo ki nan li yo, y-ap résisité.

Konsa éspérans rézireksion-an ap ankourajé nou, paské sa nou pèdi isit la, laba-a n-ap tounin ouè yo; sèl bagay sé pou nou byin kouè nan li, sa vlé di antan nou obéyi kòmandman-l yo, li minm, koté-l, gin pi gran puisans pou-l lévé mò yo pi fasil pasé nou minm pou sa yo somèy la anparé-a. Min, nou di bagay sa yo, époutan mouin pa konnin ak ki atachman yo fè nou rékilé ak dlo nan jé, épi atachman anvi-a kasé kouayans éspri-a. Élas! ala kondision moun nan mizérab, épi san Kris la, tou sa n-ap viv san konsistans.

Ou minm, lanmò, ki divizé sa-k té ataché ansanm yo épi ki séparé yon fason ki rèd épi ki méchan moun ki té zanmi yo! Puisans ou yo déjà fîn krazé. Sa-a déjà démoli jouk ou-a ki san pitié-a, li minm ki té ménasé-ou pa lintèmediè rèl Ozé-a: *Ou minm lanmò, m-ap lanmò pa-ou.* Sé pou sa pa lintèmediè Apot la n-ap frapé pié sou ou: *Koté viktoua-ou la, lanmò? Koté pikèt ou-a, lanmò?*

Sa ki té ranpôté viktoua sou ou-a li té rachté nou, li minm ki té rinmèt nanm li-a yo rinmin-an nan min sa-k san pitié yo, pou apati sa-k san pitié yo li té fè zanmi pou li. Sa long vrèman épi sa anpil, sa yo doué déplouayé apati sint Ékritu yo pou konsolasion tout moun ansanm nan. Min sa kont pou nou, éspérans rézireksion-an épi viré nou viré jé nou nan

diréksion gloua Rédanmtè nou-an, nan li nou konsidéré nou déjà résisité ak lafoua-a, antan Apot la di: *Si réyèlman nou mouri avèk Kris la, nou kouè n-ap viv tou ansanm avèk li.*

Nou pa réyèlman pou nou, min pou sa-a ki té rachté nou-an, sé nan volonté li-a volonté pa nou-an doué toujou pandié ; sé pou sa nou di nan priyè nou-an: *Sé pou volonté-ou fèt.* Sé pou rézon sa-a li nésésè pou nou di avèk Jòb nan finéray la: *Granmèt la té bay, Granmèt la té ouété, sé pou non Granmèt la béni.* Sé pou nou di sa avèk Jòb isit la, pou nou pa diféran avèk li laba-a lè ka-a prézanté.

RÉPONS

1Th 4, 13-14; cf. Jér 22,10

R/. Osijè sa k-ap dòmi yo, nou pa doué gin chagrin tankou lòt yo ki pa gin éspérans la : * Si réyèlman nou kouè Jézu té mouri épi li té résisité, konsa tou sa ki té dòmi pa pouvoua Jézu yo, Bondié ap minnin yo avèk li.

V/. Pa kriyé sou mò yo, ni pa pran dèy sou li ak dlo nan jé. * Si réyèlman.

Priyè-a

Priyè nou yo, tanpri, Granmèt, ak bon kè kouté yo pou, pandan lafoua nou ap monté nan Pitit ou-a ki résisité sot nan pami mò yo, éspérans nou-an tou rivé rafèmi nan rézireksion sèvitè-ou la **N.** n-ap tann nan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, gloua fidèl yo épi lavi moun ki kòrèk yo, ou minm ki rachté nou nan lanmò ak rézireksion Pitit ou-a, padonnin sèvitè-ou la **N.**, pou, li minm ki té konnin mistè rézireksion nou-an li mérité résévoua lajoua kè kontan tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Panché zòrèy ou, Granmèt, nan priyè nou yo, koté n-ap mondé mizérikòd ou-a avèk siplikasyon, pou sèvitè-ou **N.**, li minm ou té fè antré ak mizérikòd ou nan pèp ou-a nan sièk sa-a, ou mété-l nan réjion lapè-a ak limiè-a, épi ou fè-l favè antré nan fanmi sin-ou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè :

Bondié, ou minm ki té fè Sèl Pitit ou-a travèsé nan sièl la, antan-l ranpòté viktoua sou lanmò, fè sèvitè-ou yo (**N.** avèk **N.**) favè, pou, antan yo ranpòté viktoua sou èfè lanmò lavi sa-a, yo kapab kontanplé-ou tout tan, ou minm kréatè ak rédanmètè. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou frè, zanmi ak byinfètè yo :

Bondié, ou minm ki rich nan padon épi ki rinmin sovè moun, n-ap priyé bon kè-ou, pou frè fanmiy nou-an, sa-k pròch li yo ak byinfètè-l yo, yo minm ki té travèsé sot nan sièk sa-a, antan sint Mari ki toujou rété Vièj ap intèsédé ansanm avèk tout sin-ou yo, ou fè yo favè rivé nan patispasyon kontantman tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin yon lòt nan Misèl Romin-an.**Pou Louanj yo nan matin**

IMN (*Spes, Christe, nostræ vénia*)

Jézu-Kri, éspérans padon nou,
ou minm lavi-a, rézéréksion-an;

nan diréksion-ou kè nou ak jé nou viré
lè doulè lanmò-a tonbé sou nou san zatann.

Ou minm tou, ou té soufri répignans lanmò-a
ak pikan-l yo ki rèd yo,
ou té bésé tèt ou,
tou dou, ou té rinmèt éspri-ou bay Papa-a.

Réyèlman vré ou pran féblès nou yo,
gadyin ki gin kè sansib,
ou fè nou favè pou nou soufri ansanm avèk ou,
épi pou nou abité ansanm avèk ou anndan kè Papa-a.

Antan-ou pandié anlè-a, bra-ou louvri.
nan kè-ou ki pèsé-a ou rédi
sa yo ki gin pou yo mouri-a,
yo minm ki chajé ak maladi ak chagrin kè soté.

Ou minm ki krazé pòt lanfè yo,
ou louvri sièl yo lè-ou fè-n ranpòté viktoua-a,
koulié-a drésé nou, nou minm ki nan lapinn nan,
fè nou viv apré lanmò-a.

Pou yon gason ki mouri :

Frè nou-an k-ap dòmi koulié-a
nan répo lapè pou kò-a,
sé pou-l véyé-ou ak kè kontan,
pou-l chanté louanj pou ou. Amèn.

Pou yon fi ki mouri :

Sè nou-an k-ap dòmi koulié-a
nan répo lapè pou kò-a,
sé pou-l véyé-ou ak kè kontan,
pou-l chanté louanj pou ou. Amèn.

Pou pliziè moun ki mouri :

Frè (ak Sè *oubyin* Sè) nou yo k-ap dòmi koulié-a
nan répo lapè pou kò yo,
sé pou yo véyé-ou ak kè kontan,
pou yo chanté louanj pou ou. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1 Zo ki té krazé yo, y-ap fété pou Granmèt la.

Psòm 50 (51)

Bondié, pitié pou mouin

Sé pou nou vîn tou nèf nan jan éspri nou jijé tout bagay épi sé pou nou abiyé nou ak moun nouvo-a (Éféz 4, 23-24).

- ³ Pitié pou mouin, Bondié, *
daprè mizèrikòd ou-a ;
daprè kantité pitié-ou, *
éfasé fòt mouin-an.
- ⁴ Lavé-m nèt sot nan fot mouin-an *
pròpté-m sot nan péché-m nan.
- ⁵ Sèké fot mouin-an sé mouin minm ki konnin-l, *
péché-m nan dévan-m tout tan.
- ⁶ Kont ou, kont ou sèl mouin fè péché *
épi sa-k mal dévan-ou la, mouin fè-l,
sé pou yo jouinn ou kòrèk nan désizion-ou, *
douat nan jijman-ou.
- ⁷ Gadé, nan fot mouin pran nésans, *
nan péché manman-m té poté-m nan vant.

- 8 Gadé, sé vérité ou rinmin nan kè, *
nan sékrè ou fè-m ouè sajàs.
- 9 Nétouayé-m avèk izòp, m-ap vîn pròp ; *
lavé-m, m-a vîn blan pasé lanèj.
- 10 Ou-ap fè-m tandé kontantman ak lajoua, *
épi y-ap fété zo yo ou té krazé yo.
- 11 Viré fas ou louin péché-m yo *
tout fot mouin yo, éfasé yo.
- 12 Kréyé yon kè pròp nan mouin, Bondié, *
réfè yon éspri fèm nan zantray mouin yo.
- 13 Pa jété-m louin fas ou, *
éspri sin-ou nan, pa ouété-l sot nan mouin.
- 14 Rinmèt mouin kè kontan sovè ou sovè nou-an, *
asiré-m ak éspri ki pi vif la.
- 15 M-ap aprann péchè yo chémin-ou yo, *
méchan yo ap tounin vîn jouinn ou.
- 16 Libéré-m sot nan san yo, Bondié, Bondié sovè mouin, *
lang mouin ap chanté jistis ou.
- 17 Granmèt, louvri po bouch mouin, *
bouch mouin ap anonsé louanj ou.
- 18 Ou pap pran plézi nan sakrifis, *
sakrifis antié, si-m ofri-l, li pap fè-ou plézi.
- 19 Sakrifis pou Bondié, sé yon éspri krazé, *
yon kè krazé, rabésé, Bondié pap méprizé-l.
- 20 Aji ak bon kè pou Siyon, Granmèt, nan bòn volonté ou, *
pou miray Jérusalèm yo kapab rébati.
- 21 Lè sa-a ou-a aksépté sakrifis jistis,
kado avèk sakrifis antié ; *
lè sa-a y-a mété ti toro sou otèl ou-a.

Réf. Zo ki té krazé yo, y-ap fété pou Granmèt la.

Réf. 2 Anba pot lanfè-a, Granmèt, délivré nanm mouin.

Kantik

Iz 38, 10-14. 17-20

Kè séré moun k-ap mouri-a, kè kontan sa-k géri-a

Sé mouin vivan-an, mouin té mouri... min mouin gin klé lanmò-a (Ap 1, 17-18).

- ¹⁰ Mouin té di : Nan mitan jou mouin yo †
 m-apral nan pòt anba tè-a ; *
 mouin té mandé rès ané-m yo.
- ¹¹ Mouin té di : Mouin pap ouè Granmèt Bondié
 sou tè vivan yo, †
 mouin pap ouè moun ankò *
 pami sa yo ki abité gras tè-a.
- ¹² Abitasion-m nan yo té raché-l,
 yo détaché-l minnin-l louin-m *
 tankou tant gadyin mouton yo ;
 yo té roulé lavi-m tankou moun k-ap fè toual ; *
 pandan m-ap tré sé fil la li té koupé-l sèk pou mouin.
 Sot matin rivé nan asouè *
 ou té gin tan fini avèk mouin.
- ¹³ Mouin kouché plat jous nan matin, *
 tankou yon lion, sé konsa li krazé tout zo mouin yo ;
 sot matin rivé nan asouè *
 ou gin tan fini avèk mouin.
- ¹⁴ Tankou ti iron dèl sé konsa m-ap plinyin, *
 m-ap médité tankou toutrèl ;
 jé-m yo ap fébli *
 antan y-ap lévé gadé nan diréksion anro-a.
- ¹⁷ Ou minm ou té ralé nanm mouin *
 sot nan trou dékonpozision-an,

sèké ou té jété dèyè do-ou *

tout péché mouin yo.

18 Paské sé pa bafon-an k-ap fè déklarasion pou ou, *

lanmò pap fè louanj ou ;

moun k-ap désann nan fòs la, *

yo pap espéré sou vérité-ou la.

19 Sé vivan-an, vivan-an minm k-ap fè déklarasion pou ou,

tankou mouin minm jodi-a ; *

papa ap fè pitit yo konnin vérité-ou la.

20 Grammèt, vîn sové-m, †

n-a chanté ak son gita touléjou lavi nou *

nan kay Grammèt la.

Réf. Anba pot lanfè-a, Grammèt, délivré nanm mouin.

Réf. 3 M-ap fè louanj Bondié-m nan, nan lavi mouin.

Psòm 145 (146)

Kontantman moun yo ki espéré nan Grammèt la

Nou fè louanj Grammèt la nan lavi nou, sètadi nan konpòtman nou (Arnòb).

1 Fè louanj Grammèt la, nanm mouin ; †

2 m-ap fè louanj Grammèt la nan lavi-m, *

m-ap chanté kantik pou Bondié-m nan, tout tan m-ap viv.

3 Pa mét konfians nou nan chèf, *

nan pitit moun yo, nan yo minm ki pa kapab sové nou.

4 Souf li ap pati, l-ap tounin nan tè-l la ; *

jou sa-a pansé-l yo ap péri.

5 Ala kontantman pou sa-a Bondié Jakòb la poté-l sékou-a, *

sa-a ki gin espérans li nan Grammèt Bondié-l la,

6 li minm ki fè sièl la ak tè-a, *

- lanmè-a ak tou sa-k nan yo ;
 li minm ki kinbé vérité-a pou tout tan, †
 7 li fè jijman pou moun y-ap maltréte yo, *
 li bay sa-k grangou yo manjé.
 Granmèt la défèt chinn yo, *
 8 Granmèt la kléré avèg yo,
 Granmèt la lévé sa-k tonbé yo, *
 Granmèt la rinmin moun ki kòrèk yo,
 9 Granmèt la protéjé étranjé yo, †
 òfélin-an ak vèv la, li soutni yo, *
 min rout péchè yo, li gayé-l.
 10 Granmèt la ap roua pou sièk yo, *
 Bondié-ou la, Siyon,
 pou jénérasyon ak jénérasyon.

Réf. M-ap fè louanj Bondié-m nan, nan lavi moun.

Oubyin :

Réf. 3 Sé pou tout éspri fè louanj Granmèt la.

Psòm 150

Fè louanj Granmèt la

Chanté kantik ak éspri, joué ak intèlijans, sètadi : bay Bondié gloua ni ak nanm nou ni ak kò nou (Ésikius).

- ¹ Fè louanj Granmèt la nan sanktuè li-a, *
 fè louanj li nan sièl puisans li-a.
² Fè louanj li nan gran mèvèy li yo, *
 fè louanj li dapré kantité grandè-l.

- 3 Fè louanj li nan son tronpèt, *
- fè louanj li sou bandjo ak gita,
- 4 fè louanj li sou tanbou ak dans, *
- fè louanj li sou instriman a kòd avèk flit,
- 5 fè louanj li ak sinbal k-ap sonnin byin, †
- fè louanj li ak sinbal fèt : *
- tou sa k-ap réspiré, sé pou-l fè louanj Granmèt la.

Réf. Sé pou tout éspri fè louanj Granmèt la.

LÉKTU KOUT

1 Tés 4, 14

Si nou kouè Jézu té mouri épi li té résisité, konsa Bondié tou ap ralé moun k-ap dòmi yo koté-l pa lintèmédiè Jézu ansanm avèk li.

RÉPONS KOUT

R/. M-ap fè louanj ou, Granmèt, * Paské ou té résévoua-m. M-ap fè louanj.

V/. Ou té fè dèy mouin-an tounin kè kontan pou mouin. * Paské ou té résévoua-m. Viv Papa-a. M-ap fè louanj ou.

Pou *Benedictus* la, réf. Mouin minm mouin sé réziréksion-an ak lavi-a : moun ki kouè nan mouin-an, minm si-l té mouri, l-ap viv; épi tout moun k-ap viv, épi ki kouè nan mouin, li pap mouri pou tout tan.

Oubyin:

Réf. Kris la té résisité épi li té kléré pèp li-a, sa-l té rachté ak san-l nan, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Bondié Papa-a ki gin tout pouvoua-a, li minm ki té fè Jézu-Kri lévé sot nan pami mò yo épi k-ap fè kò lanmò nou yo viv la, an nou priyé-l antan n-ap di byin fò :

Granmèt, fè nou viv nan Kris la.

Papa ki sin, nou minm ki antéré nan lanmò-a ansanm ak Pitit ou-a gras a batèm nan épi nou minm ki résisité avèk li nan rézireksion-l nan, konsa fè nou favè pou nou maché nan nouvo té lavi-a,

— pou, minm lè n-a mouri, nou toujou viv avèk Kris la.

Papa ki pran souin nou davans, ou minm ki té ba nou pin vivan-an ki désann sot nan sièl la, pou nou toujou manjé-l yon fason ki sin-an,

— fè nou gin lavi pou tout tan-an épi pou nou résisité nan dènié jou-a.

Granmèt, ou minm ki té bay Pitit ou-a ki antré nan agoni-a pou yon anj té rékonfôté-l,

— tanpri lè n-ap gin pou-n alé, aksépté konsolé nou ak éspérans ki dous la.

Ou minm ki té délivré toua ti moun yo sot nan mitan difé-a,

— libéré nanm défin yo anba chatiman yo y-ap soufri pou péché yo.

Bondié moun ki vivan yo ak moun ki mouri yo, ou minm ki fè Jézu lévé sot nan pami mò yo,

— fè défin yo lévé épi nou minm tou mété nou ansanm avèk yo nan gloua pou tout tan-an.

Papa nou.

Priyé-a

Priyé nou yo, tanpri, Granmèt, ak bon kè kouté yo pou, pandan lafoua nou ap monté nan Pitit ou-a ki résisité sot nan pami mò yo, éspérans nou-an tou rivé rafèmi nan rézireksion sèvitè-ou la **N.** n-ap tann nan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, gloua fidèl yo épi lavi moun ki kòrèk yo, ou minm ki rachté nou nan lanmò ak rézireksion Pitit ou-a, padonnin sèvitè-ou la **N.**, pou, li

minm ki té konnin mistè rézireksion nou-an li mérité résévoua lajoua kè kontan tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Panché zòrèy ou, Granmèt, nan priyè nou yo, koté n-ap mondé mizérikòd ou-a avèk siplikasion, pou sèvitè-ou **N.**, li minm ou té fè antré ak mizérikòd ou nan pèp ou-a nan sièk sa-a, ou mété-l nan réjion lapè-a ak limiè-a, épi ou fè-l favè antré nan fanmi sin-ou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè :

Bondié, ou minm ki té fè Sèl Pitit ou-a travèsé nan sièl la, antan-l ranpòté viktoua sou lanmò, fè sèvitè-ou yo (**N.** avèk **N.**) favè, pou, antan yo ranpòté viktoua sou éfè lanmò lavi sa-a, yo kapab kontanplé-ou tout tan, ou minm kréatè ak rédanmtè. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou frè, zanmi ak byinfètè yo :

Bondié, ou minm ki rich nan padon épi ki rinmin sové moun, n-ap priyé bon kè-ou, pou frè fanmiy nou-an, sa-k pròch li yo ak byinfètè-l yo, yo minm ki té travèsé sot nan sièk sa-a, antan sint Mari ki toujou rété Vièj ap intèsédé ansanm avèk tout sin-ou yo, ou fè yo favè rivé nan patispasion kontantman tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin yon lòt nan Misèl Romin-an.

Pou Lè nan mitan-an

IMN (*Qui lacrimátus Lázarus*)

Lè sé toulétoua ti Lè yo y-ap, yo kapab anplouayé pou Tièrs: premié, katriyèm ak sinkiyèm strof yo; pou Sèkst: déziyèm katriyèm ak sinkiyèm; pou Nòn: touziyèm, katriyèm ak sinkiyèm.

1. Ou minm dlo té koulé nan jé-ou pou Lazar
 antan ou jémi ansanm ak sè-l yo,
 ou té fè-l gin anpil pouvoua
 antan-ou fè-l rétownin nan aféksion sè-l yo:

2. Ou minm ki té mandé ak bon kè
 padon-an pou sa-k koupab yo,
 épi sé paròl mizérikòd
 ou té di konpagnon soufrans ou-a:

3. Ou minm, antan ou-ap mouri,
 ou té bay disip la manman ki Vièj la,
 pou li minm li té kapab prézan kot fidèl ou yo
 nan dènié agoni-an:

4. Ba nou, Kris Granmèt,
 nou minm ou rachté ak san-ou nan,
 pou chagrin lanmò-a ki rèd la
 li chanjé nan kè kontan lavi-a.

Pou yon défin gason:

5. Rélé sèvitè-ou la,
 ki pati sot nan sièk sa-a,
 pou koté lanmò-a déjà pa égzisté-a
 li chanté-ou ou minm chèf lavi-a. Amèn.

Pou yon défin fi:

5. Rélé sèvant ou-a,
 ki pati sot nan sièk sa-a,
 pou koté lanmò-a déjà pa égzisté-a

li chanté-ou ou minm chèf lavi-a. Amèn.

Pou pliziè défin:

5. Rélé sèvitè-ou yo,
ki pati sot nan sièk sa-a,
pou koté lanmò-a déja pa égzisté-a
yo chanté-ou ou minm chèf lavi-a. Amèn.

PSÒM YO

Pou Tièrs: Tounin, Granmèt, délivré nanm mouin.

Pou Sèkst: Géri nanm mouin, Granmèt, paské mouin té fè péché kont ou.

Pou Nòn: Bondié, o non-ou sové-m, nan pouvoua-ou, libéré-m.

Psòm 69 (70)

Bondié, vîn édé mouin

Granmèt, sové nou, n-ap péri (Mt 8, 25).

² Bondié, tanpri vîn édé mouin ; *

Granmèt, fè vit pou-ou poté-m sékou.

³ Sé pou yo ront, sé pou yo dézonoré, *

sa k-ap chèché pran nanm mouin yo.

Sé pou yo ralé kò yo dèyè, sé pou yo ront, *

sa-k anvî pou malè rivé-m yo.

⁴ Sé pou yo tounin avèk désépsion yo-a, *

yo minm k-ap di-m : « Sé bon, sé bon ».

⁵ Sé pou yo fété, sé pou yo tout gin kè kontan nan ou,

sa k-ap chèché-ou yo, *
 tout tan, sé pou yo di : « Bondié gran »,
 sa-k rinmin sovè ou sovè yo-a.
 6 Mouin minm mouin sé yon pòv, yon maléré ; *
 Bondié, fè vit pou mouin.
 Sé ou minm k-ap édé-m, sé ou minm k-ap délivré-m ; *
 Granmèt, pa fè réta.

Psòm 84 (85)

Li tou pré nou sovè n-ap sovè-a

Lè Sovè nou-an tonbé nan tè-a, Bondié béni tè li-a (Orijèn).

2 Ou jouinn jouisans ou, Granmèt, nan tè-ou la, *
 ou fè prizonié Jakòb yo tounin.
 3 Ou padonnin fot pèp ou-a, *
 ou kouvri tout péché-l yo.
 4 Ou réfoulé tout kòlè-ou la, *
 ou tounin sot nan chalè mové san-ou nan.
 5 Fè nou tounin, Bondié sovè nou, *
 viré kòlè-ou la sot sou nou.
 6 Èské sé pou tout tan ou-ap faché kont nou, *
 oubyin ou-ap blayi kòlè-ou la
 sot nan jénérasyon al nan jénérasyon ?
 7 Èské sé pa ou minm ki pou tounin vîn ba nou lavi, *
 épi pèp ou-a ap kontan nan ou ?
 8 Montré nou mizérikòd ou-a, Granmèt, *
 sovè ou sovè nou-an ba nou li.
 9 M-ap kouté sa Granmèt Bondié ap di, †
 sé lapè l-ap palé pou pèp li-a ak sin-l yo, *
 avèk pou sa yo ki chanjé nan kè yo.
 10 Réyèlman li tou pré moun ki krinn li yo, sovè li sovè nou-an, *
 pou gloua-a abité sou tè nou-an.

- ¹¹ Mizérikòd ak vérité rankontré, *
jistis ak lapè anbrasé.
- ¹² Vérité-a lévé sot sou tè-a, *
jistis la panché sot nan sièl la.
- ¹³ Oui, Granmèt la ap bay bon kè-a, *
tè nou-an ap bay frui li.
- ¹⁴ Jistis ap maché dévan-l, *
l-ap pozé pié-l sou rout la.

Psòm 85 (86)

Priyè pòv la nan kontrariété

Li béni, Bondié, li minm ki konsolé nou nan tout tray tribilasyon nou (2 Ko 1, 3. 4).

- ¹ Panché zòrèy ou, Granmèt, kouté-m, *
paské mouin maléré, mouin pòv.
- ² Prézèvé nanm mouin, paské mouin sin ; *
sové sèvitè-ou la, Bondié mouin, k-ap éspéré nan ou.
- ³ Pitié pou mouin, Granmèt, *
paské m-ap rélé koté-ou tout lajounin.
- ⁴ Fè nanm sèvitè-ou la kontan, *
paské sé koté-ou, Granmèt mouin té lévé nanm mouin.
- ⁵ Paské Granmèt, ou bon, ou dou, *
ou gin mizérikòd anpil pou tout moun k-ap rélé-ou.
- ⁶ Kouté priyè-m, Granmèt ak zòrèy ou, *
tandé voua priyè-m nan.
- ⁷ Nan jou tribilasyon mouin-an, mouin rélé-ou, *
paské ou kouté mouin.
- ⁸ Nan pouin tankou-ou pami dié yo, Granmèt, *
nan pouin anyin tankou sa ou fè yo.
- ⁹ Tout nasion yo, ninpòt nan sa ou fè yo, y-ap vini †
épi y-ap adoré dévan-ou, Granmèt, *

- épi y-ap fè louanj non ou,
 10 paské ou gran épi ou fè mèvèy : *
 ou minm sèl ki Bondié.
- 11 Aprann mouin chémin-ou nan, Granmèt, *
 m-a maché nan vérité-ou la ;
 fè kè-m vîn tou sinp, *
 pou-l krinn non ou.
- 12 M-a fè déklarasion pou ou, Granmèt Bondié mouin,
 ak tout kè mouin, *
 m-a montré grandè non-ou pou tout tan,
- 13 paské mizérikòd ou-a gran sou mouin, *
 ou délivré nanm mouin anba bafon ki anba nèl la.
- 14 Bondié, ògégé yo té soulvé kont mouin, †
 asanblé puisan yo t-ap chèché nanm mouin, *
 yo pa-t mété-ou dévan fas yo.
- 15 Ou minm, Granmèt Bondié ki pran pitié épi ki gin mizérikòd, *
 ki gin pasians épi anpil mizérikòd ak vérité,
- 16 voyé jé sou mouin épi pran pitié pou mouin ; †
 bay sèvitè-ou fòs ou, *
 sovè pitit sèvant ou-a.
- 17 Fè yon sign avèk mouin nan sa-k bon-an, †
 pou yo ouè, sa-k rayi-m yo, pou yo ront, *
 paské ou minm, Granmèt, ou té poté-m sékou
 ou té konsolé-m.

Pou lòt Lè yo, yo pran psòm konplémantè yo nan séri II épi III, 1007.

Pou Tièrs

Réf. Tounin, Granmèt, délivré nanm mouin.

LÉKTU KOUT

Jòb 19, 25-26

Mouin konnin réyèlman rédanmtè-m nan ap viv, épi nan dènié jou-a m-ap résisité sot anba tè-a, m-ap vlopé ak po-m ankò, épi nan chè-m m-ap ouè Bondié-m nan.

Oubyin:

2 Mak 7, 9 b

Roua tout tè-a ap fè nou lévé nan rézéréksion lavi tout tan-an, nou minm ki mouri pou laloua-l yo.

V/. Poukisa ou chagrin, nanm mouin, épi poukisa ou troublé anndan mouin ?

R/. Éspéré nan Bondié paské m-ap fè déklarasion pou li ankò.

Pou Sèkst

Réf. Géri nanm mouin, Granmèt, paské mouin té fè péché kont ou.

LÉKTU KOUT

Saj 1, 13-14a. 15

Bondié pa-t fè lanmò, ni li pa kontan poutèt vivan yo k-ap pèdi-a. Réyèlman li té kréyé tout bagay, pou yo égzisté. Jistis la réyèlman diré tout tan, li pap kapab mouri.

V/. Nan mitan lonbraj lanmò, mouin pap pè malè.

R/. Paské ou minm, Granmèt, ou avèk mouin.

Pou Nòn

Réf. Bondié, o non-ou sovè-m, épi nan pouvoua-ou, libéré-m.

LÉKTU KOUT**Iz 25, 8**

Bondié ap chaviré lanmò-a pou tout tan, épi Granmèt la ap ouété dlo nan jé sot nan tout figi, l-ap ouété laront pèp li-a sot sou tout tè-a, paské Granmèt la palé.

V/. Bondié, kouté priyè-m nan.

R/. Koté-ou tout chè vini.

Priyè-a, tankou pou Louanj yo nan matin, 1509.

Pou Vèp yo**IMN** (*Imménsæ rex poténtiæ*)

Roua ki gin pouvoua yo pa kapab méziré-a,
ou minm Kris la, ki krazé flèch lanmò-a,
sa sèvi pou gloua Papa-a
épi pou nou jouinn konsidérasion.

Antan-ou pran féblès nou yo,
épi antan-ou mandé gran batay;
lanmò-a ki té bay sèpan-an yon viktoua,
ou té krazé-l anba pié-ou lè-ou mouri, sé ou-k ranpòtè viktoua.

Antan-ou lévé ak fòs sot nan kavo-a,
ou fè nou toujou ap vîn tou nèf pou lavi-a
gras a mèvèy sakré Pak la,
nou minm ki té mouri yon lòt foua akoz péché-a.

Fè nou favè lavi lagras la,
pou lè ou-ap tounin kòm Épou-a,
ou-ap jouinn nou ak lanp nou tou limin
déja paré pou sièl la.

Jij ki byin pozé, résévoua nou
 nan limiè-a ak répo-a,
 nou minm lafoua-a té maré ak Trinité ki sin-an
 épitou charité-a.

Pou yon gason ki mouri :

Rélé sèvitè-ou la,
 li minm ki soti nan kò-a koulié-a,
 ki anvè al nan rouayòm Papa-a,
 pou-l fè louanj ou tout tan. Amèn.

Pou yon fi ki mouri :

Rélé sèvant ou-a,
 li minm ki soti nan kò-a koulié-a,
 ki anvè al nan rouayòm Papa-a,
 pou-l fè louanj ou tout tan. Amèn.

Pou pliziè moun ki mouri :

Rélé tout frè yo,
 ki soti nan kò-a koulié-a,
 ki anvè al nan rouayòm Papa-a,
 pou yo fè louanj ou ansanm tout tan. Amèn.

PSÒM YO

Réf. 1. Granmèt la protèjé-ou anba tout malè : Granmèt la ap protèjé nanm-ou.

Psòm 120 (121)
Gadyin k-ap véyé sou pèp la

Yo pap grangou ni souaf ankò, solèy pap tonbé sou yo, ni okinn chalè (Ap 7, 16).

- ¹ M-ap lévé jé-m nan mòn yo : *
koté sékou-m ap soti ?
- ² Sékou-m ap vîn sot nan Granmèt la, *
ki té fè sièl la ak tè-a.
- ³ Li pap kité pié-ou bité, *
li pap pran somèy, li minm k-ap véyé sou ou-a.
- ⁴ Gadé li pap pran somèy, ni li pap dòmi, *
li minm k-ap véyé sou Israël la.
- ⁵ Granmèt la ap véyé sou ou, †
Granmèt la sé lonbraj ou, *
li sou bò min douat ou.
- ⁶ Lajounin solèy pap frapé-ou, *
ni lalîn pandan lannuit.
- ⁷ Granmèt la ap véyé sou ou kont tout malè ; *
Granmèt la ap véyé sou nanm ou.
- ⁸ Granmèt la ap véyé sou antré-ou ak sòti-ou, *
dépi koulié-a jous pou tout tan.

Réf. Granmèt la protéjé-ou anba tout malè : Granmèt la ap protéjé nanm-ou.

Réf. 2. Si-ou kinbé fòt yo, Granmèt : Granmèt, kilès k-ap rété kanpé ?

Psòm 129 (130)

Nan bafon yo mouin té rélé

Sé li minm k-ap sovè pèp li-a sot nan péché yo-a (Mt 1, 21).

- ¹ Nan bafon yo mouin té rélé koté-ou, Granmèt ; *
- ² Granmèt, kouté voua-m.

- Sé pou zòrèy ou yo panché *
 nan voua priyè-m nan.
- 3 Si-ou kinbé fot yo, Granmèt, *
 Granmèt, ki moun k-ap kanpé ?
- 4 Paské koté-ou sé padon, *
 épi n-ap krinn ou.
- 5 Mouin t-ap tann ou, Granmèt, *
 nanm mouin t-ap tann nan paròl li ;
- 6 nanm mouin éspéré nan Granmèt la *
 plis pasé yon santinèl k-ap éspéré dévan-jou.
 Plis pasé yon santinèl k-ap éspéré dévan-jou *
- 7 sé pou Israèl éspéré nan Granmèt la,
 Paské kot Granmèt la sé mizérikòd, *
 sé rédanmsion an kantité koté-l.
- 8 Sé li minm k-ap rachté Israèl *
 sot nan tout fot li yo.

Réf. Si-ou kinbé fòt yo, Granmèt : Granmèt, kilès k-ap rété kanpé ?

Réf. 3. Minm jan Papa-a lévé mò yo pou-l fè yo viv, konsa tou Pitit la ap bay moun li vlé lavi.

Kantik

Fil 2, 6-11

Osijè Kris la, sèvitè Bondié-a

- 6 Kris Jézu, étan nan kondision Bondié, *
 pa-t konsidéré égal li égal ak Bondié-a,
 tankou yon richès pou-l kinbé apa pou li,
- 7 min li vidé pròp tèt li
 antan-l pran kondision ésklav, †
 li vîn pran résanblans moun ; *
 épi dapré konpòtman-l yo ouè li sé yon moun,

- 8 li rabésé pròp tèt li, †
 antan li vîn obéyisan jous nan lanmò, *
 lanmò lakoua-a minm.
- 9 Sé pou sa tou Bondié lévé-l anlè, †
 li ba-l yon non, *
 ki anlè tout non,
- 10 konsa, o non Jézu, tout jénou fèt pou plouayé *
 nan sièl la, sou tè-a ak anba tè yo,
- 11 épi tout lang pou déklaré : *
 « Sé Granmèt Jézu-Kri yé ! »,
 nan gloua Bondié Papa-a.

Réf. Minm jan Papa-a lévé mò yo pou-l fè yo viv, konsa tou Pitit la ap bay moun li vlé lavi.

LÉKTU KOUT

1 Kor 15, 55-57

« Koté viktoua-ou la, lanmò ? Koté pikèt ou-a, lanmò ? ». Pikèt lanmò-a sé péché-a, fòs péché-a sé laloua-a. Granmèsi Bondié ki ba nou viktoua pa pouvoua Granmèt nou Jézu-Kri.

RÉPONS KOUT

R/. Nan ou, Granmèt, mouin té éspéré. * Mouin pap janm jouinn laront minm. Nan ou.

V/. M-ap fété épi m-ap réjoui nan mizérikòd ou-a. * Mouin pap janm jouinn laront minm. Viv Papa-a. Nan ou.

Oubyin :

R/. Nan mizérikòd ou-a, Granmèt, * Fè yo répozé. Nan mizérikòd ou-a

V/. Ou minm k-ap vini pou jijé ni moun k-ap viv ni moun ki mouri. * Fè yo répozé. Viv Papa-a. Nan mizérikòd ou-a.

Pou *Magnificat* la, réf. Tou sa Papa-a ban mouin, l-ap vîn jouinn mouin; épi moun ki vîn jouinn mouin-an, mouin pap jété-l déyò.

Oubyin:

Réf. Sa-a yo té klouré sou koua-a, li résisité sot nan pami mò yo épi li rachté nou, alélouya.

PRIYÈ INTÈSÉSION YO

Kris la, Granmèt la, li minm nou espéré kò mizè nou-an ap pran fòm sou kò gloua li-a, an nou aklamé-l, antan n-ap di :

Ou sé réziréksion nou ak lavi nou, Granmèt.

Ou minm Kris la, Pitit Bondié vivan-an, ki té lévé zanmi-ou Lazar sot nan pami mò yo,

— lévé défin nou yo pou lavi-a ak gloua-a, yo minm ou té rachté gras a san-ou nan ki gin pri-a.

Ou minm Kris la, ki konsolé sa-k nan lapinn yo, ou minm ki té suiyé dlo, ak bon kè-ou, nan jé fanmi yo alokasion lanmò Lazar la ak jénòm nan ak ti fi-a,

— konsolé tout moun k-ap kriyé ansanm pou défin yo.

Ou minm Kris sovè-a, krazé ringn péché-a nan kò lanmò nou-an, pou, minm jan nou té mérité salè lanmò-a pou péché sa-a,

— konsa tou nan ou nou résévoua lavi pou tout tan-an.

Ou minm Kris rédanmètè, viré gadé moun yo ki pa gin espérans yo, paské yo pa konnin-ou,

— pou yo kouè nan réziréksion-an ak nan lavi sièk k-ap vini-an.

Ou minm ki té fè avèg la ouè-ou byin klè, antan-ou ba-l limiè pou jé-l yo,

— dévoualé fas ou bay défin yo ki poko ouè limiè-ou la.

Ou minm ki pèmèt pou kay koté nou abité sou tè sa-a krazé yon lè,

— tanpri ba nou kay ki pa fèt ak min moun, sa-k pou tout tan-an nan sièl yo.

Papa nou ki nan sièl la.

Priyè-a

Priyè nou yo, tanpri, Granmèt, ak bon kè kouté yo pou, pandan lafoua nou ap monté nan Pitit ou-a ki résisité sot nan pami mò yo, éspérans nou-an tou rivé rafèmi nan rézireksion sèvitè-ou la **N.** n-ap tann nan. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Bondié, gloua fidèl yo épi lavi moun ki kòrèk yo, ou minm ki rachté nou nan lanmò ak rézireksion Pitit ou-a, padonnin sèvitè-ou la **N.**, pou, li minm ki té konnin mistè rézireksion nou-an li mérité résévoua lajoua kè kontan tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin :

Panché zòrèy ou, Granmèt, nan priyè nou yo, koté n-ap mondé mizérikòd ou-a avèk siplikasyon, pou sèvitè-ou **N.**, li minm ou té fè antré ak mizérikòd ou nan pèp ou-a nan sièk sa-a, ou mété-l nan réjion lapè-a ak limiè-a, épi ou fè-l favè antré nan fanmi sin-ou yo. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou pliziè :

Bondié, ou minm ki té fè Sèl Pitit ou-a travèsé nan sièl la, antan-l ranpòté viktoua sou lanmò, fè sèvitè-ou yo (**N.** avèk **N.**) favè, pou, antan yo ranpòté viktoua sou éfè lanmò lavi sa-a, yo kapab kontanplé-ou tout tan, ou minm kréatè ak rédanmtè. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Pou frè, zanmi ak byinfètè yo :

Bondié, ou minm ki rich nan padon épi ki rinmin sovè moun, n-ap priyé bon kè-ou, pou frè fanmiy nou-an, sa-k pròch li yo ak byinfètè-l yo,

yo minm ki té travèsé sot nan sièk sa-a, antan sint Mari ki toujou rété Vièj ap intèsédé ansanm avèk tout sin-ou yo, ou fè yo favè rivé nan patispasion kontantman tout tan-an. Pa pouvoua Jézu-Kri.

Oubyin yon lòt nan Misèl Romin-an.

Pou Konpli-a

Tout bagay tankou nan dimanch, 987.

APINDIS (DÉGI)

I
KANTIK AK ÉVANJIL
POU VIJIL YO

Moun ki vlé prolonjé sélébrasion Vijil dimanch yo, solanité yo ak fèt yo, dapré tradision-an, é sa mérité louanj, sé pou yo sélébré toudabò Ofis léktu-a ; min apré toulèdé léktu yo sé pou yo ajouté kantik yo ak Évanjil la jan yo indiké sa pi louin-an.

Dapré avantaj, yo kapab fè oméli-a apati Évanjil la. Apré sa yo chanté *Te Deum*, yo di priyè-a épi yo fè konklizyon Lè-a tankou nan Òdinè-a.

PRÒP POU TAN-AN TAN PAK

KANTIK YO

Réfrin

Jous nan Asansion Granmèt la éksklizivman : An nou vini nou tout, an nou adoré sa-a ki résisité sot nan lanmò-a; paské pa lintèmediè koua-a, lajoua rivé sou ronnn tè-a, alélouya.

Nan Asansion Granmèt la ak sètièm Dimanch Pak : M-apralé paré yon plas pou nou, m-a tounin vîn jouinn nou, épi kè nou ap kontan, alélouya.

Dimanch Pantkot : Mouin pap kité nou òfélin, épi kè nou ap kontan, alélouya.

Kantik I

Iz 63, 1-5

Granmèt ranpòté viktoua pou kont li sou ènmi yo

Yo minm yo ranpòté viktoua sou dragon-an poutèt san Mouton-an (cf. Ap 12, 11).

¹ Kilès sa-a k-ap vîn sot nan Édòm nan, *

avèk rad rouj-san, sot Bosra ?

Sa-a ki vlopé nan manto-l byin bèl la, *

k-ap avansé nan grandè fòs li-a ?

Sé mouin minm k-ap palé nan jistis, *

ki gin pouvoua pou-m sové.

² Pouki sa manto-ou rouj, *

rad ou tankou moun k-ap foulé rézin nan présoua-a ?

- ³ Nan présoua-a, mouin foulé rézin-an pou kont mouin, *
 nan pèp yo pa gin yon gason avèk mouin ;
 mouin foulé yo nan raj mouin-an, *
 moun pilé yo anba pié-m nan kòlè-m nan ;
 san yo vòltijé sou rad mouin, *
 tout manto-m taché.
- ⁴ Sèké té gin yon jou vanjans nan kè-m, *
 ané délivrans mouin-an té rivé.
- ⁵ Mouin gadé alantou, mouin pa ouè sékou ; *
 mouin mandé, pa-t gin pèsonn pou ban-m apui ;
 sé bra-m ki vi-n sové-m, *
 sé kòlè-m ki sèvi-m pou-m apuiyé.

Kantik II

Oz 6, 1-6

Granmèt la pran pitié, li vlé mizérikòd, pa sakrifis

Kris la résisité sou touazièm jou-a, dapré sa-k ékri yo (1 Kor 15, 4).

- ¹ Vini, an nou tounin kot Granmèt la, †
 paské sé li minm ki chiré, l-ap géri nou, *
 li frapé, l-ap souin nou.
- ² L-ap fè nou viv apré dé jou, †
 sou touazièm jou-a l-ap fè nou lèvé, *
 n-ap viv dévan fas li.
- ³ N-ap chèché konprann, n-ap suiv chémin *
 pou nou konnin Granmèt la.
 Sèké sòti-l préparé tankou dévan-jou, *
 l-ap vini sou nou tankou lapli sézon,
 tankou sérin sou tè-a.

- 4 « Sa pou-m fè-ou, Éfrayim ? sa pou-m fè-ou, Juda ? †
Mizérikòd nou tankou nuaj matin, *
tankou larouzé k-ap passé nan matin.
- 5 Sé poussa mouin té rétranché nan profèt yo, †
mouin té touyé yo nan paròl bouch mouin, *
jijman ou yo ap soti tankou limiè ;
- 6 sèké sé mizérikòd mouin vlé, sé pa sakrifis, *
sé konésans Bondié plis passé sakrifis antié ».

Kantik III

Sof 3, 8-13

Ti rès Israèl yo ap sové alafin

Izayi minm rélé osijè Israèl : Minm si kantité pitit Israèl yo tankou sab lanmè-a, sé ti rès yo k-ap sové (Rom 9, 27).

- 8 Tann mouin, sé sa Granmèt la di, †
jou m-ap gin pou-m lévé-a k-ap vini, *
sèké mouin pran désizion pou-m rasanblé nasion yo
pou-m ranmasé péyi-roua yo,
pou-m vidé raj mouin sou yo, *
tout chalè kòlè-m nan ;
nan difé jalouzi-m nan *
tout tè-a ap dévoré.
- 9 Sèké lè sa-a m-ap fè pèp yo vîn gin bouch pròp ankò, †
pou yo tout yo rélé o non Granmèt la, *
pou yo sèvi-l ak yon sèl zépòl.
- 10 Dépi lòt bò riviè Étiopi-a sa yo k-ap priyé-m nan ; *
pitit mouin yo ki té gayé yo, y-ap poté kado ban mouin.
- 11 Jou sa-a, ou pap ront pou tout péché-ou, *
sa-ou té fè kont mouin yo ;

paské lè sa-a m-ap ouété sot nan mitan-ou
paròl grandizè-ou yo, *
épi ou pap rékòmansé ap lévé tèt ou ankò
sou mòn mouin-an ki sin-an.

¹² Sé yon pèp ki pòv ki maléré m-ap kité nan mitan-ou, *
y-ap éspéré o non Granmèt la.

¹³ Rès Israèl yo pap fè sa-k pa kòrèk, †
yo pap di manti, *
yo pap jouinn lang manti nan bouch yo ;
paské y-ap jouinn manjé, y-ap instalé, *
pap gin pèsonn k-ap fè yo soté.

Jous nan Asansion Granmèt la éksklizivman : An nou vini nou tout, an nou adoré sa-a ki résisité sot nan lanmò-a; paské pa lintèmediè koua-a, lajoua rivé sou ronnn tè-a, alélouya.

Nan Asansion Granmèt la ak sétièm Dimanch Pak : M-apralé paré yon plas pou nou, m-a tounin vîn jouinn nou, épi kè nou ap kontan, alélouya.

Dimanch Pantkot : Mouin pap kité nou òfélin, épi kè nou ap kontan, alélouya.

Apré sa yo li Évanjil la.

ÉVANJIL YO

DIMANCH NAN OKTAV PAK LA
(Dézièm dimanch Pak)

Léktu sint Évanjil la dapré Mark

16, 1-20

Jézu moun Nazarèt la yo té klouré sou koua-a : li résisité

¹ Lè saba-a fin pasé, Mari Madlèn ak Mari manman Jak ak Salomé yo achté pafin, yo vini pou yo anbomin Jézu. ² Granmatin premié jou sémèn nan, yo rivé nan kavo-a, solèy déjà kòmansé ap lèvé. ³ Youn t-ap di lòt : « Kilès k-ap roulé ròch la pou nou, sot nan bouch kavo-a ? ». ⁴ Yo gadé, yo ouè ròch la té gin tan roulé ; li té gran anpil.

⁵ Yo antré nan kavo-a, yo ouè yon jénòm ki chita adouat, li abiyé ak rad blan, yo pè. ⁶ Li di yo : « Pa pè. Jézu n-ap chèché-a, moun Nazarèt la yo té klouré sou koua-a : li lèvé vivan, li pa isit la. Min plas koté yo té dépozé-l la. ⁷ Min alé, di disip li yo ak Piè, li pran dévan nou nan Galilé ; sé la n-a ouè-l, jan-l té di nou-an ».

⁸ Yo sòti, yo sovè kò yo sot nan kavo-a; tranbléman ak sézisman té anparé yo; yo pa di pèsonn moun anyin, paské yo té pè.

⁹ Jézu résisité granmatin, premié jou sémèn nan, li parèt dabò dévan Mari-Madlèn, sa-l té chasé sèt démon sot nan li-a. ¹⁰ L-al anonsé sa yo ki té avèk li-a, ki t-ap plinn, ki t-ap kriyé. ¹¹ Lè yo tandé li té vivan épi Mari-Madlèn té ouè-l, yo pa-t kouè.

¹² Apré sa, li parèt dévan dé nan sa yo ki t-ap vouayajé, yo t-apral andéyò, li té gin yon lòt aparans. ¹³ Yo minm y-al anonsé lòt yo ; min lòt yo pa-t kouè.

¹⁴ Alafin li parèt dévan onz yo ki té atab ; li réproché yo mank lafoua yo ak kè yo ki du, paské yo pa-t kouè sa yo ki té ouè-l résisité-a. ¹⁵ Li di yo : « Alé sou tout tè-a, préché Bòn Nouvèl la bay tout créatu. ¹⁶ Moun k-ap kouè épi k-ap batizé, l-ap sovè ; min moun ki pa kouè, l-ap kondané ».

¹⁷ Min sign pou moun k-ap kouè yo : o non-m y-ap chasé démon yo, y-ap palé lang nouvo, ¹⁸ y-ap pran sèpan ; minm si yo bouè pouazon, sa pap fè yo anyin ; y-ap pozé min sou malad yo, malad yo ap géri ».

¹⁹ Granmèt Jézu, lè-l fin di yo sa, li monté nan sièl la, li chita adouat Bondié. ²⁰ Yo minm minm yo pati, y-ap préché tout koté, pandan Granmèt la ap ba yo konkou, ap asiré paròl yo ak sign l-ap fè rivé.

IMN *Te Deum*, 544. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 148.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

TOUAZIÈM DIMANCH PAK

Léktu sint Évanjil la dapré Luk

24, 1-12

Pouki sa n-ap chèché vivan-an avèk mò yo ?

¹ Prémie jou sémèn nan, granmatin, médam yo rivé nan kavo-a, yo poté pomad yo té paré yo. ² Yo jouinn ròch la ki roulé sot nan kavo-a. ³ Yo antré, yo pa jouinn kò Granmèt la. ⁴ Rivé, pandan yo rét sézi nan éspri yo pou bagay sa-a, gin dé mésié ki kanpé bò koté yo ak rad kléré. ⁵ Kòm médam yo té pè, yo té bésé fas yo atè, mésié yo di yo : « Pouki sa n-ap chèché vivan-an avèk mò yo ? ⁶ Li pa isit la, li résisité. Sonjé ki kalité paròl li té di nou, lè-l té nan Galilé toujou-a, ⁷ lè-l té di : “Pitit moun nan, yo gin pou yo rinnèt li nan min péchè yo, y-ap klouré-l sou koua, sou touazièm jou-a l-ap lévé” ». ⁸ Yo vîn sonjé paròl li yo. ⁹ Yo soti kité kavo-a, yo anonsé tout bagay sa yo bay onz yo ak tout lòt yo. ¹⁰ Sé té Mari Madlèn, ak Jàn, ak Mari, manman Jak, ak lòt médam yo ki té avèk yo, yo di Apot yo bagay sa yo. ¹¹ Min paròl sa yo, pou yo minm té tankou kozé ki pa gin sans, yo pa kouè yo. ¹² Piè minm lévé, li kouri al nan kavo-a, li panché, li ouè moso toual yo pou kont yo, li tounin antan-l sézi anndan kè-l pou sa-k rivé-a.

IMN *Te Deum*, 544. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 204.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

KATRIYÈM DIMANCH PAK

Léktu sint Évanjil la dapré Luk

24, 13-35

Rét avèk nou, paské asouè rivé

¹³ Té gin dé nan disip Jézu yo t-apralé pròp jou sa-a nan yon vil ki té yon distans souasant stad parapò a Jérusalèm, yo té rélé-l Émayus. ¹⁴ Yo minm yo t-ap palé antré yo sou tou sa-k té pasé yo. ¹⁵ Rivé, pandan y-ap fè konvèsasion épi y-ap chèché antré yo, Jézu minm antan-l proche, t-ap maché avèk yo. ¹⁶ Jé yo minm té gin yon bagay ki kinbé yo, pou yo pa rékonèt li. ¹⁷ Li di yo : « Ki paròl sa yo, n-ap palé antré nou pandan n-ap maché-a ? ». Épi yo kanpé tou tris. ¹⁸ Antan youn yo rélé Kléofas pran laparòl, li di-l : « Sé ou minm sèl ki étranjé nan Jérusalèm, ou pa-t konnin sa-k rivé nan jou sa yo ? ». ¹⁹ Li di yo : « Ki bagay ? ». Yo di-l : « Osijè Jézu moun Nazarèt la, ki té yon profèt, ki gin pouvoua nan aksion ak paròl dévan Bondié ak tout pèp la. ²⁰ Kijan gran prèt yo ak chèf nou yo rinmèt li nan kondanasion lanmò, épi yo klouré-l sou koua. ²¹ Kanta nou minm nou té éspéré, sé li minm ki t-ap rachté Israèl ; min koulié-a sou tout bagay sa yo, jodi-a sé touazièm jou dépi yo rivé. ²² Min kèk médam nan pami nou té fè nou sézi, yo t-al nan kavo-a dévan-jou, ²³ antan yo pa jouinn kò-l, yo vini antan y-ap di yo ouè ata vizion anj yo ki di li vivan. ²⁴ Kèk nan nou al nan kavo-a, yo jouinn bagay yo jan médam yo di-a ; kanta li minm minm yo pa ouè li ».

²⁵ Épi li minm li di yo : « Nou sòt, nou pran tan nan kè pou nou kouè nan tou sa Profèt yo té palé yo ! ²⁶ Èské sé pa bagay sa yo Kris la té gin pou-l té soufri, épi antré nan gloua-l la ? ». ²⁷ Antan li kòmansé apati Moyiz ak tout Profèt yo, li t-ap épliké yo nan tout sa-k Ékri yo sa-k té konsèné-l. ²⁸ Yo proche bò vil la koté yo t-apralé-a, li minm li té fè kòmsi l-apral pi louin, ²⁹ yo té fòsé-l, antan y-ap di : « Rét avèk nou, paské asouè rivé, jou-a déjà bésé ». Li antré pou-l rété avèk yo. ³⁰ Épi rivé pandan li té lonjé kò-l avèk yo-a, li té pran pin, li té béni, li té kasé, li t-ap

ba yo. ³¹ Jé yo té vîn louvri, yo té rékonèt li. Li minm minm li disparèt sot dévan jé yo. ³² Youn té di lòt : « Èské kè nou pa-t cho anndan nou, pandan li t-ap palé ak nou sou chémin-an, épi li t-ap éspliké nou sa-k Ékri yo ? ». ³³ Antan yo lévé minm lè-a, yo té tounin Jérusalem. Yo té jouinn Onz yo rasanblé, ni sa yo ki té avèk yo-a, ³⁴ yo t-ap di : « Granmèt la té résisité vrèman épi li té parèt dévan Simon ». ³⁵ Yo minm minm yo t-ap rakonté sa-k té pasé sou chémin-an, épi kijan yo té rékonèt li nan kasé pin-an.

IMN Te Deum, 544. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 259.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

SINKIÈM DIMANCH PAK

Léktu sint Évanjil la dapré Luk

24, 35-53

Sé konsa Kris la té gin pou-l souffri, pou-l résisité sot nan pami mò yo

Lè sa-a : ³⁵ Disip yo t-ap rakonté sa-k té pasé sou chémin-an, épi kijan yo té rékonèt li nan kasé pin-an.

³⁶ Pandan y-ap palé bagay sa yo, Jézu kanpé nan mitan yo, li di yo : « Lapè pou nou ». ³⁷ Yo troublé, yo sézi, yo té konprann sé yon éspri yo té ouè-a. ³⁸ Li di yo : « Pouki sa nou troublé-a, ak pansé sa yo k-ap monté nan kè nou-an ? ³⁹ Gadé min-m yo ak pié-m yo, sé mouin minm minm ; touché pou nou ouè ; yon éspri pa gin chè ak zo, jan nou ouè mouin ginyin-an ». ⁴⁰ Pandan l-ap di sa, li montré yo min yo ak pié yo. ⁴¹ Yo pa-t ko kouè, yo té sézi ak kontantman, li di : « Èské nou gin kichòy pou manjé isit la ? ». ⁴² Yo ofri-l yon moso pouason griyé ak yon gato mièl. ⁴³ Li manjé dévan yo.

⁴⁴ Li di yo : « Sé paròl sa yo mouin té palé nou-an, lè-m té avèk nou toujou-a, li té nésèsè pou tou sa-k ékri sou mouin nan laloua Moyiz la ni profèt yo ni psòm yo, pou yo té réalizé ». ⁴⁵ Lè sa-a li louvri intélizans yo, pou yo konprann sa-k ékri yo. ⁴⁶ Li di yo : « Sé konsa sa té ékri, Kris la té gin pou-l souffri, pou-l résisité sot nan pami mò yo sou touazièm jou-a, ⁴⁷ pou yo préché pénitans nan non-l ak padon péché yo nan tout nasion, kòmansé sou Jérusalèm. ⁴⁸ Nou minm nou témouin bagay sa yo. ⁴⁹ Mouin minm m-ap voyé promès Papa-m nan nan nou ; kanta nou minm rété nan vil la, joutan nou abiyé ak puisans ki sot anro-a ».

⁵⁰ Li kondui yo nan diréksion Bétani ; antan li lévé min-l, li béni yo. ⁵¹ Rivé, pandan l-ap béni yo, li pati sot koté yo épi yo poté-l nan sièl la. ⁵² Yo minm antan y-ap adoré yo tounin Jérusalèm avèk anpil kè kontan ; ⁵³ yo té tout tan nan Tanp la, antan y-ap fè konpliman pou Bondié.

IMN *Te Deum*, 544. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 317.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

SIZIÈM DIMANCH PAK

Léktu sint Évanjil la dapré Jan

20, 1-18

Sé konsa Kris la té gin pou-l souffri, pou-l résisité sot nan pami mò yo

¹ Prémie jou sémèn nan, Mari Madlèn rivé granmatin, nan kavo-a, pandan té fènoua toujou ; li ouè ròch la lévé sot nan kavo-a. ² Li kouri vîn kot Simon Piè ak lòt disip la, sa Jézu té rinmin-an, li di yo : « Yo lévé Granmèt la sot nan kavo-a, nou pa konnin koté yo dépozé-l ». ³ Piè soti, ni lòt disip sa-a, yo rivé kot kavo-a. ⁴ Yo t-ap kouri yo toulédé ansanm, lòt disip sa-a té kouri pi vit pasé Piè, li rivé an prémie nan kavo-a. ⁵ Lè-l panché, li ouè bann toual yo ki pozé atè-a ; min li pa antré. ⁶ Simon ki t-

ap suiv li vîn rivé tou, li antré nan kavo-a, li ouè bann toual yo ki pozé atè-a, ⁷ ak mouchoua-a ki té sou tèt li-a, min ki pa-t pozé avèk bann toual yo, min li té vlopé apa nan minm koté-a. ⁸ Lè sa-a atò lòt disip sa-a antré, li minm ki té vîn an premié nan kavo-a, li ouè, li kouè. ⁹ Sèké yo pa-t ko konnin sa-k ékri yo, li té gin pou-l té résisité sot nan pami mò yo. ¹⁰ Konsa disip yo rétownin lakay yo ankò.

¹¹ Mari té kanpé bò kavo-a, sou pa déyò, li t-ap kriyé. Pandan l-ap kriyé, li panché, li gadé anndan kavo-a. ¹² Li ouè dé Anj an blan ki chita, youn bò tèt la ak lòt la bò pié yo, koté yo té pozé kò Jézu-a. ¹³ Yo di-l : « Madanm, pouki sa ou-ap kriyé ? ». Li di yo : « Sé paské yo pran Granmèt mouin-an, mouin pa konnin koté yo mété-l ». ¹⁴ Pandan l-ap di sa, li viré gadé dèyè, li ouè Jézu kanpé ; min li pa-t konnin sé té Jézu. ¹⁵ Jézu di-l : « Madanm, poukisa ou-ap kriyé ? Kilès ou-ap chèché ? ». Li minm antan-l konprann sé jéran jadin-an, li di li : « Mèt, si sé ou-k té ouété-l, di-m koté-ou té dépozé-l ; épi mouin minm m-a pran-l ». ¹⁶ Jézu di-l : « Mari ! » Li viré, li di-l : « Rabouni (sa vlé di Mèt) ! » ¹⁷ Jézu di-l : « Koulié-a pa kinbé-m ; mouin pa ko monté kot Papa-m. Min al kot frè-m yo, di yo : “M-ap monté kot Papa-m ak Papa nou-an, Bondié-m nan ak Bondié nou-an” ». ¹⁸ Mari Madlèn rivé, li anonsé disip yo : « Mouin té ouè Granmèt la ! », épitou sé bagay sa yo li té di-l.

IMN Te Deum, 544. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 371.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

NAN ASANSION GRANMÈT LA

Évanjil solanité-a, sa yo pa li ané sa-a nan Mès la.

IMN Te Deum, 544. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 408.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

SÉTIÈM DIMANCH PAK

Léktu sint Évanjil la dapré Jan

20, 19-31

Apré ui jou Jézu vini

¹⁹ Lè asouè rivé, jou sa-a, premié jou sémèn nan, pòt yo té fèmin, koté disip yo té yé-a, poutèt yo té pè Juif yo, Jézu té vini, li té kanpé nan mitan, li di yo : « Lapè pou nou ! ». ²⁰ Lè-l té fin di sa, li té montré yo min yo ak bò kòt la. Disip yo minm té kontan, lè yo ouè Granmèt la. ²¹ Li té di yo donk yon lòt foua ankò : « Lapè pou nou ! Minm jan Papa-a té voyé-m nan, mouin minm tou mouin voyé nou ». ²² Lè-l té fin di sa, li té souflé sou yo épi li di yo : « Résévoua Éspri-Sin-an. ²³ Moun yo n-ap rinnèt péché pa yo, yo rinnèt pou yo, moun yo n-ap kinbé yo, yo kinbé ».

²⁴ Toma, youn nan Douz yo, sa yo rélé Didim nan, li pa-t avèk yo lè Jézu té vini-an. ²⁵ Lòt disip yo minm t-ap di-l : « Nou té ouè Granmèt la ! ». Li minm minm li té di yo : « Si-m pa ouè mak klou yo nan min-l yo, si-m pa mété douèt mouin nan plas klou yo, si-m pa mété min-m nan kòt li, mouin pap kouè ».

²⁶ Apré ui jou, disip li yo té anndan ankò, Toma té avèk yo. Jézu vini antan pòt yo té fèmin, li té kanpé nan mitan, li té di : « Lapè pou nou ! ».

²⁷ Apré sa, li di Toma : « Mété douèt ou isit, gadé min-m yo, lonjé min-ou, mété-l nan kòt mouin : sispann manké lafoua, sé pou-ou kouè ! ». ²⁸ Toma réponn, li té di-l : « Granmèt mouin ak Bondié mouin ! » ²⁹ Jézu di-l : « Paské ou té ouè-m, Toma, ou té kouè. Ala kontantman pou moun ki pa-t ouè, min ki té kouè ! ».

³⁰ Jézu té fè anpil lòt sign ankò dévan disip li yo, yo pa-t ékri nan liv sa-a. ³¹ Sa yo, yo té ékri yo, pou nou kouè Jézu sé Kris Pitit Bondié, épi pou antan nou kouè-a, nou gin lavi o non-l.

IMN *Te Deum*, 544. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 459.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

DIMANCH PANTKOT

Léktu sint Évanjil la dapré Matié

28, 16-20

Alé, fè tout nasion yo vîn tounin disip

¹⁶ Onz disip yo pati, y-al nan Galilé, sou mòn nan koté Jézu té ba yo lòd pou yo alé-a. ¹⁷ Lè yo ouè Jézu, yo mét ajénou, min yo pa-t fîn kouè nè.

¹⁸ Jézu minm antan-l proché, li palé avèk onz disip yo, li di : « Yo rinnèt mouin tout pouvoua nan sièl ak sou tè-a. ¹⁹ Alé, fè tout nasion yo vîn tounin disip. Batizé yo o non Papa-a ak Pitit la ak Éspri-Sin-an. ²⁰ Aprann yo obsèvé tou sa mouin té kòmandé nou. Min mouin avèk nou touléjou, jous longè tan-an fîn rivé bout li ».

Oubyin Évanjil tankou nan Mès vijil la : Jan 7, 37-39.

IMN *Te Deum*, 544. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 512.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

1540

Vijil yo : Pròp pou Sin yo

PRÒP POU SIN YO

19 mars

S. JOZÈF, ÉPOU T. S. VIÈJ MARI

Réf. Mésié ki fidèl la y-ap fè louanj li anpil, épi li minm ki gadyin Granmèt li-a y-ap ba li gloua, alélouya.

Kantik yo, tankou nan Komin pou Mésié ki sin yo, p. 1545.

Youn nan Évanjil solanité-a, sa yo pa li nan Mès la : Mt 1, 16. 18-21. 24a, oubyin Lk 41-51a.

IMN *Te Deum*, 544.

Priyè-a, tankou nan Pròp la, 1019.

Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

25 mars

NAN ANONSASION GRANMÈT LA

KANTIK YO

Réf. Fè louanj, fè kè-ou kontan, pitit fi Siyon, paské min m-ap vini, m-ap abité nan mitan-ou, sé sa Granmèt la di.

Kantik I

Kantik

Iz 9, 1-6

Anons Prins lapè-a

Li té vîn vizité nou kòm Solèy k-ap lèvé sot anro-a, pou-l kléré sa yo ki chita nan fènoua ak lonbraj lanmò-a (Lk 1, 78. 79).

- ¹ Pèp ki t-ap maché nan fènoua yo, *
li ouè yon gran limiè ;
moun yo ki abité nan réjion lonbraj lanmò-a, *
yon limiè lèvé pou yo.
- ² Ou té fè nasion-an vîn anpil, *
min ou pa-t fè kè kontan-an vîn anpil ;
y-ap kontan dévan-ou, *
tankou moun ki kontan nan rékòlt,
tankou moun ki ranpòté viktoua k-ap fété,
lè yo fîn pran byin ènmi-an, *
lè y-ap séparé richès yo.
- ³ Sèké jouk li-a ki t-ap pézé sou li-a, baton-an ki té sou zépòl li-a, *
bagèt moun ki t-ap fè-l pasé tray yo,
ou krazé sa, tankou Madian-an.
- ⁴ Sèké tout sa yo pran nan lagè avèk brui, †
rad ki mélé nan san, *
y-ap boulé yo, difé ap dévoré yo.
- ⁵ Yon ti pitit, réyèlman, té fèt pou nou, †
yon ti gason yo té ba nou ; *
péyi-roua-a té vîn sou zépòl li :
y-ap rélé non-l : « Sa-a ki mérité konsidèrasion-an, †
Sa-a k-ap bay konsèy la, Bondié, Fò, *
Papa sièk tan k-ap vini yo, Prins lapè ».
- ⁶ Péyi-roua-l la ap vîn anpil, *
épi lapè-a pap gin finisman ;
sou trôn David la *
ak sou péyi-roua-l la, l-ap instalé,

pou-l asiré-l, épi pou-l ranfòsé-l nan jijman-an ak jistis la, †
 dépi koulié-a ak jous pou tout tan : *
 jalouzi Granmèt lamé yo ap fè sa.

Kantik II

Kantik

Iz 26, 1-4. 7-9. 12

Kantik apré viktoua sou ènmi yo

Vil ki sin-an Jérusalèm té gin yon gran miray ki ro, ki té gin douz pòt (Cf. Ap 21, 12).

- ¹ Vil fò nou-an ap sové nou ;
 li té mété miray ak avan-miray.
- ² Ouvri pòt yo, épi l-ap antré nasion kòrèk la, *
 sa k-ap kinbé vérité-a.
- ³ Projè li-a solid ; *
 ou-ap kinbé lapè-a,
 paské nan ou li té éspéré.
- ⁴ Sé pou nou éspéré nan Granmèt la pou sièk tout tan yo,
 Granmèt la ki blòk ròch tout tan-an.
- ⁷ Santié moun ki kòrèk la, li douat ; *
 ou égalizé rout douat moun ki kòrèk la.
- ⁸ Nan rout jijman-ou yo, Granmèt, nou té éspéré nan ou ; *
 sé non-ou ak souvni-ou nanm nou anvi.
- ⁹ Nanm mouin anvi-ou nan nuit, *
 min tou anndan fon kè-m ak éspri mouin m-ap chèché-ou.
 Lè-ou fè jijman-ou yo kléré sou tè-a, *
 moun yo ki abité fas tè-a aprann jistis.
- ¹² Granmèt, ou-ap ba nou lapè ; *
 paské tout aksion nou yo, sé ou minm ki fè yo pou nou.

Kantik III

Kantik

Iz 66, 10-14 a

Konsolasion ak kè kontan nan vil ki sin-an

Lòt la minm, Jérusalèm ki anlè-a, li lib, sé li ki manman nou (Gal 4, 26).

- ¹⁰ Sé pou nou réjoui avèk Jérusalèm, fété nan li, *
 nou tout ki rinmin-l ;
 fè kè nou kontan anpil, *
 nou tout ki té pran lapinn sou li,
- ¹¹ pou nou bouè lèt kont kò nou *
 nan sin-l k-ap ba nou konsolasion,
 pou nou sousé lèt ak délikatès k-ap koulé an kantité *
 nan tout kalité gloua li.
- ¹² Sèké sé sa Granmèt la di : †
 « Min m-ap fè tankou yon riviè lapè vidé sou li, *
 tankou yon ravîn k-ap débòdé, gloua nasion yo sou li.
 N-ap sousé lèt, y-ap poté nou sou koté, *
 y-ap karésé nou sou jénou.
- ¹³ Tankou yon ti moun manman-l ap konsolé, †
 konsa mouin minm m-ap konsolé nou ; *
 épi n-ap konsolé nan Jérusalèm.
- ¹⁴ N-ap gadé, kè nou ap kontan, *
 zo nou ap jèmin tankou zèb ».

Réf. Fè louanj, fè kè-ou kontan, pitit fi Siyon, paské min m-ap vini, m-ap abité nan mitan-ou, sé sa Granmèt la di.

ÉVANJIL

Léktu sint Évanjil la dapré Matié

1, 18-24

*Sa-a ki pran nésans nan li-a, sé nan Éspri-Sin-an li soti*¹⁸ Nésans Jézu-Kri minm, sé té konsa :

Mari, manman-l té marié ak Jozèf ; anvan yo vîn abité ansanm, rivé li vîn ansint gras a Éspri-Sin-an. ¹⁹ Jozèf minm, mari-l la, kòm sé té yon moun kòrèk, li pa-t vlé dénonse-l, li désidé ranvouayé-l an sékrè.

²⁰ Pandan li t-ap kalkilé sou sa, anj Granmèt la té parèt nan rèv, li di-l : « Jozèf, pitit David, pa pè résévoua Mari, madanm ou-an : sèké sa-a ki pran nésans nan li-a, sé nan Éspri-Sin-an li soti ; ²¹ l-ap anfanté yon ti gason, ou-ap rélé non-l Jézu : paské sé li minm k-ap sové pèp li-a sot nan péché-l yo ».

²² Tou sa rivé, pou réalizé sa Granmèt la té di pa lintèmediè Profèt la, antan-l di : ²³ « Min Vièj la ap ansint, l-ap anfanté yon ti gason, y-ap rélé non-l Émanuèl, sa vlé di “Bondié avèk nou” ».

²⁴ Antan Jozèf minm lévé sot nan dòmi, li té aji jan Anj Granmèt la té pasé-l lòd la, épi li té résévoua madanm li-an.

*IMN Te Deum, 544.**Priyè-a, tankou nan Pròp la, 1038.**Konklizion Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.*

KOMIN YO

Nan dédikas yon légliz ak nan Komin Sin yo, yo pran Évanjil la sot nan sa yo pa li nan Mès la.

KOMIN DÉDIKAS YON LÉGLIZ

Réf. Ou béni nan tanp gloua-ou la ki sin-an, sa-ou té bati pou louanj ak gloua non-ou nan, Granmèt, alélouya.

Kantik I

Kantik

Tob 13, 8-11. 13-14 a b. 15-16 a b

Gloua Jérusalèm ap ginyin-an

Nou té proche kot mòn Siyon-an ak vil Bondié ki vivan-an (Ébr 12, 22).

- ⁸ Béni Granmèt la, nou tout li chouazi yo, *
nou tout, fè louanj grandè-l.
Òganizé jou fèt, *
fè louanj pou li.
- ⁹ Jérusalèm vil ki sin-an, *
li té frapé-ou poutèt aksion min-ou yo.
- ¹⁰ Fè déklarasion pou Granmèt la nan byin aksion *
épi béni Roua sièk yo,
pou tant li-a kapab tounin vîn rébati nan ou avèk kè kontan, *
pou-l fè tout égzilé yo kontan nan ou,
pou-l rinmin tout maléré yo nan ou *
pou tout sièk sièk yo.
- ¹¹ Yon bèl limiè ap kléré *
nan tout kouin tè-a ;
anpil nasion ap soti byin louin vîn koté-ou, †

- ni moun ki abité tout bout tè-a,
 y-ap vîn dévan non sin ou-a *
- y-ap gin kado nan min yo pou roua sièl la.
 Pou jénérasyon ak jénérasyon y-ap ba-ou kè kontan, *
 non dam yo chouazi-a ap pou sièk sièk yo.
- 13 Lè sa-a sé pou kontan sé pou fété poutèt pitit moun ki kòrèk yo, †
 paské yo tout ap rasanblé, *
 y-ap béni Granmèt la pou tout tan-an.
- 14 Sé chans pou moun ki rinmin-ou yo, *
 sé chans pou sa yo k-ap kontan nan lapè-ou la.
- 15 Nanm mouin, béni Granmèt la, gran roua-a, *
- 16 paské nan Jérusalèm y-ap bati tankou yon vil
 kay li-a *
 pou tout sièk yo.

Kantik II

Kantik

Iz 2, 2-3

Tout nasion yo ap vini nan kay Granmèt la

Roua yo sou tè-a ap poté gloua yo-a ak konsidérasion-an nan vil ki sin-an Jérusalèm. (Ap 15, 4).

- 2 Ap rivé nan dènié jou yo, *
 mòn kay Granmèt la ap paré anlè tèt mòn yo,
 épi l-ap lévé anlè ti mòn yo, *
 tout nasion yo ap koulé vîn jouinn li.
- 3 Anpil pèp ap vini épi y-ap di : †
 « Vini, épi an nou monté sou mòn Granmèt la, *
 ak nan kay Bondié Jakòb la,
 l-ap aprann nou chémin-l yo, *
 n-ap maché nan santié-l yo » ;

paské sé nan Siyon laloua-a ap soti, *
épi paròl Granmèt la ap vîn sot nan Jérusalèm.

Kantik III

Kantik

Jér 7, 2-7

Fè rout nou yo vîn bon, épi m-ap abité avèk nou

Al rékonsilié avèk frè-ou la anvan ; apré sa ou-a vini, ou-a ofri kado-ou la (Mt 5, 24).

- ² Kouté paròl Granmèt la, tout moun Juda, *
k-ap antré nan pòt sa yo,
pou nou adoré Granmèt la.
- ³ Min paròl Granmèt lamé yo, Bondié Israèl la : †
Fè rout nou yo ak travay nou yo vîn bon, *
m-ap fè nou abité nan koté sa-a.
- ⁴ Pa mét konfians nan paròl manti, antan n-ap di : *
« Tanp Granmèt la, tanp Granmèt la,
tanp Granmèt la ki la ! ».
- ⁵ Paské si nou dirijé rout nou yo byin *
ansanm ak kalkil nou yo,
si nou fè jijman ant moun nan avèk prochin-l, *
- ⁶ si nou pa fè kalomni sou étranjé-a, òfèlin-an ak vèv la,
si nou pa vidé san inosan nan koté sa-a, *
si nou pa maché dèyè dié étranjé yo,
pou malè pa rivé nou,
- ⁷ m-ap fè nou abité nan koté sa-a, *
nan tè-a mouin té bay papa nou yo
dépi tout tan jous pou tout tan-an.

Réf. Ou béni nan tanp gloua-ou la ki sin-an, sa-ou té bati pou louanj ak gloua non-ou nan, Granmèt, alélouya.

Évanjil la nan Komin-an, sot nan Léksionè Mès la.

IMN *Te Deum*, 544. Priyè-a, tankou nan Pròp la, 1193.

Konklizyon Lè-a, tankou nan déroulman Òrdinè-a.

KOMIN SINT VIÈJ MARI

Réf. Fè kè-ou kontan, Vièj Mari, ou minm ki té mérité poté Kris la, li minm ki té kréyé sièl la ak tè-a, paské ou té bay tè-a Sovè-a, alélouya.

Kantik I

Kantik

Iz 61, 10 - 62, 3

Rèl fèt profèt la osijè nouvo Jérusalèm nan

Mouin té ouè vil ki sin-an, Jérusalèm nouvo-a... ki abiyé tankou yon fi k-ap marié ki anbéli pou mari-l (Cf. Ap 21, 2).

^{61,10} Kanta kontan, mouin kontan nan Granmèt la, *
nanm mouin ap fété nan Bondié-m nan,
paské li abiyé-m ak rad ki sovè-m nan, *

li vlopé-m nan manto jistis la,
tankou yon mésié k-ap marié dékoré ak kouròn, *
épi tankou yon fi k-ap marié, ki bèl ak bijou-l yo.

¹¹ Réyèlman, minm jan tè-a fè sémans li pousé-a, †
minm jan yon jadin fè sémans li jèmin-an, *
sé konsa tou Granmèt la Bondié ap fè jistis la jèmin,
ni louanj la tou dévan tout nasion yo.

^{62,1} Poutèt Siyon mouin pap pé bouch mouin, *
épi poutèt Jérusalèm mouin pap rét trankil,

- joustan moun jistis li-a soti tankou klèté, *
- épi sovè-l la kléré tankou lanp.
- ² Nasion yo ap ouè jistis ou-a *
- épi tout roua yo ap ouè gloua-ou la ;
- y-ap rélé-ou ak yon non nouvo, *
- sé bouch Granmèt la k-ap nonmin-l.
- ³ Ou-ap vîn tounin yon kouròn gloua nan min Granmèt la, *
- yon kouròn roua nan min Bondié-ou la.

Kantik II

Kantik

Iz 62, 4-7

Gloua nouvo Jérusalèm nan

Min tant Bondié-a avèk moun yo ! Épi l-ap abité avèk yo (Ap 21, 3).

- ⁴ Yo pap rélé-ou « Abandoné » ankò, *
- yo pap rélé tè-ou la « Désolé » ankò ;
- min y-ap rélé-ou « Bòn volonté-m nan li », *
- épi tè-ou la « Sa yo marié avèk li-a », *
- paské Granmèt la jouinn plézi-l nan ou, *
- épi tè-ou la ap madan marié.
- ⁵ Sèké minm jan yon jèn gason chouazi yon vièj pou-l marié, *
- sé konsa pitit ou yo ap chouazi-ou ;
- minm jan épou-a ap kontan poutèt épouz la, *
- sé konsa Bondié-ou la ap kontan poutèt ou.
- ⁶ Sou miray ou yo, Jérusalèm, mouin instalé santinèl ; *
- Tout lajounin, tout lannuit, yo pap janm sispann palé.
- Nou minm k-ap fè sonjé Granmèt la, pa sispann palé, †
- ⁷ pa kité-l an silans non plis tou, *
- joustan li rébati Jérusalèm,
- joustan li fè-l vîn tounin louanj tè-a.

Kantik III

Kantik

Sir 39, 17-21

Ala gran travay ou yo gran, Granmèt !

Gras a Dié, li minm k-ap montré pafin lodè konésans li-a pa lintèmédiè nou (2 Kor 2, 14).

- ¹⁷ Kouté mouin, pitit ki gin respè yo, *
 épi tankou roz ki planté sou bò dlo yo
 chè nou ap fléri ;
- ¹⁸ tankou boua liban sé pou nou gin odè agréab, *
- ¹⁹ sé pou nou donnin flè tankou lis.
 Lévé voua nou chanté louanj kantik *
 di dibyin pou Granmèt la
 nan tout travay li yo.
- ²⁰ Bay non-l grandè †
 épi fè déklarasion pou li nan louanj li, *
 nan kantik po-bouch nou avèk sitar ;
 épi konsa n-a di nan louanj la : *
- ²¹ « Tout travay Granmèt yo, yo bon anpil ».

Réf. Fè kè-ou kontan, Vièj Mari, ou minm ki té mérité poté Kris la, li minm ki té kréyé sièl la ak tè-a, paské ou té bay tè-a Sovè-a, alélouya.

Évanjil la nan Komin-an, apati Léksionè Mès la.

IMN *Te Deum*, 544. Priyè-a, tankou nan Pròp la.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

KOMIN APOT YO

Réf. Sé pou nou kontan épi sé pou fété, paské non nou yo ékri nan sièl yo, sé sa Granmèt la di, alélouya.

Kantik I

Kantik

Iz 61, 6-9

Alians Granmèt la avèk sèvitè-l yo

Bondié fè nou kapab vîn sèvitè nouvo Alians la (2 Kor 3, 6).

- ⁶ Nou minm y-ap rélé nou Prèt Granmèt la, *
y-ap di nou Sèvitè Bondié nou-an ;
n-ap manjé richès nasion yo, *
n-ap pran plas yo nan gloua yo-a.
- ⁷ Nan plas doub laront yo-a ak dézonè-a, *
y-ap fè louanj pòsion pa-l la ;
sé pousa sé dé pòsion éritaj y-ap résévoua nan péyi yo-a, *
sé kè kontan tout tan k-ap pou yo.
- ⁸ Paské mouin minm Granmèt la ki rinmin jijman-an, *
mouin rayi piyaj ak méchansté ;
m-ap ba yo rézilta travay yo nan vérité, *
m-ap pasé yon aliens tout tan avèk yo.
- ⁹ Y-ap rékonèt désandans yo nan nasion yo, *
ak sémans yo nan mitan pèp yo ;
tout moun k-ap ouè yo ap rékonèt yo, *
paské yo sé désandans Granmèt la béni.

Kantik II

Kantik

Saj 3, 7-9

Gloua moun kòrèk yo ap ginyin-an

Moun ki kòrèk yo ap kléré tankou solèy nan péyi-roua Papa yo-a (Mt 13, 43).

- ⁷ Moun kòrèk yo lè la vîn vizité yo, y-ap kléré,*
tankou étinsèl nan pay, y-ap kouri ;

- ⁸ y-ap jijé nasion yo, y-ap kòmandé sou pèp yo, *
 Granmèt yo-a ap kòmandé kòm roua pou tout tan.
- ⁹ Moun ki mét konfians nan li, y-ap konprann vérité-a, *
 moun ki fidèl yo ap rét avèk li nan rinmin-an,
 paské gras ak mizérikòd pou sin-l yo, *
 vizit la pou moun li chouazi yo.

Kantik III

Kantik

Saj 10, 17-21

Bondié gid pèp li-a pou-l sové

Sa yo ki té ranpòté viktoua sou bèl la y-ap chanté kantik Moyiz, sèvitè Bondié-a, ak kantik Mouton-an (Ap 15, 2. 3).

- ¹⁷ Bondié té rinnèt bay sin yo rékonpans fatig yo, *
 li té kondui yo nan rout mèvèy,
 li té sèvi yo kòm voual pandan lajounin, *
 kòm limiè zètoual yo pandan lannuit.
- ¹⁸ Li té fè yo travèsé nan lanmè Rouj la, *
 li té kondui yo nan dlo ki anpil la ;
- ¹⁹ ènmi yo minm, li té nouayé yo, *
 épi sot nan profondè bafon-an li té fè yo monté.
- ²⁰ Sé poua sa-k kòrèk yo té pran richès méchan yo †
 épi yo té chanté kantik pou non ou ki sin an, Granmèt, *
 min-ou ki ranpòté viktoua-a,
 yo té fè louanj li yo tout ansanm,
- ²¹ paské sajès la té louvri bouch sa-k pa-t ka palé yo *
 épi li té fè lang ti moun yo fè bèl déklarasion.

Réf. Sé pou nou kontan épi sé pou fété, paské non nou yo ékri nan sièl yo, sé sa Granmèt la di, alélouya.

Évanjil la nan Komin pastè yo, soua, si yo vlé, nan Mès samdi dézièm sémèn tan « nan kouran ané-a » : Mk 3, 13-19.

IMN *Te Deum*, 544. Priyè-a, tankou nan Pròp la.

Konklizyon Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

KOMIN MATI YO

I. Pou pliziè mati

Réf. Bondié ap suiyé tout dlo sot nan jé sin yo, pap gin dèy, ni rèl, ni okinn doulè ankò, paské premié bagay yo pati, alélouya.

Kantik I

Kantik

Saj 3, 1-6

Nanm moun kòrèk yo sé nan min Bondié yo yé

Ala kontantman pou mò yo ki mouri nan Granmèt la dépi koulié-a. Oui... sé pou yo répozé pou tout fatig yo pran (Ap 14, 13).

- ¹ Nanm moun ki kòrèk yo, sé nan min Bondié yo yé, *
touman lanmò pap touché yo.
- ² Dévan jé moun san sajès yo, yo sanblé yo mouri, *
lè yo pati kité tè sa-a, sa sanblé yon malé,
- ³ lè y-al fè rout yo kité nou, sé kòm si yo péri : *
époutan yo minm yo nan lapè.
- ⁴ Minm si, dévan moun, yo sibi anpil mati, *
éspérans yo-a konblé ak lavi ki pa kapab mouri-a ;
- ⁵ yo jouinn koréksion nan ti kras, nan anpil yo té byin konpòté yo, †
paské Bondié té sondé yo, *
épi li té jouinn yo kòrèk pou li.

- ⁶ Li fè yo bay prèv yo, tankou lò nan difé, *
tankou sakrifis yo boulé tout-antié, li aksépté yo.

Kantik II

Kantik

Saj 3, 7-9

Gloua moun kòrèk yo ap ginyin-an

Moun ki kòrèk yo ap kléré tankou solèy nan péyi-roua Papa yo-a (Mt 13, 43).

- ⁷ Moun kòrèk yo lè la vîn vizité yo, y-ap kléré,*
tankou étinsèl nan pay, y-ap kouri ;
⁸ y-ap jijé nasion yo, y-ap kòmandé sou pèp yo, *
Granmèt yo-a ap kòmandé kòm roua pou tout tan.
⁹ Moun ki mét konfians nan li, y-ap konprann vérité-a, *
moun ki fidèl yo ap rét avèk li nan rinmin-an,
paské gras ak mizérikòd pou sin-l yo, *
vizit la pou moun li chouazi yo.

Kantik III

Kantik

Saj 10, 17-21

Bondié gid pèp li-a pou-l sové

Sa yo ki té ranpòté viktoua sou bèt la y-ap chanté kantik Moyiz, sèvitè Bondié-a, ak kantik Mouton-an (Ap 15, 2. 3).

- ¹⁷ Bondié té rinmèt bay sin yo rékonpans fatig yo, *
li té kondui yo nan rout mèvèy,
li té sèvi yo kòm voual pandan lajounin, *
kòm limiè zétoual yo pandan lannuit.
¹⁸ Li té fè yo travèsé nan lanmè Rouj la, *
li té kondui yo nan dlo ki anpil la ;
¹⁹ ènmi yo minm, li té nouayé yo, *
épi sot nan profondè bafon-an li té fè yo monté.

- ²⁰ Sé pousa sa-k kòrèk yo té pran richès méchan yo †
épi yo té chanté kantik pou non ou ki sin an, Granmèt, *
min-ou ki ranpòté viktoua-a,
yo té fè louanj li yo tout ansanm,
- ²¹ paské sajès la té louvri bouch sa-k pa-t ka palé yo *
épi li té fè lang ti moun yo fè bèl déklarasion.

Réf. Bondié ap suiyé tout dlo sot nan jé sin yo, pap gin dèy, ni rèl, ni okinn doule ankò, paské premié bagay yo pati, alélouya.

Évanjil la nan Komin-an, sot nan Léksionè Mès la.

IMN *Te Deum*, 544. Priyè-a, tankou nan Pròp la.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

II. Pou yon sèl mati

Réf. M-ap akonpli nan chè mouin sa-k manké nan soufrans Kris la pou kò-l ki Égliz la, alélouya.

Kantik yo, tankou pi louin-an nan Komin yon sèl sin.

Évanjil la nan Komin-an, apati Léksionè Mès la.

IMN *Te Deum*, 544. Priyè-a, tankou nan Pròp la.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

KOMIN YON SÈL OUBYIN PLIZIÈ MÉSIE AK MÉDAM KI SIN

Pou yon mésié ki sin, yon médam ki sin oubyin plizie sin:

Réf. Sé pou rin nou tou maré, épi pou lanp nou limin nan min nou, alélouya.

Pou yon vièj ki sin :

Réf. Nan mitan nannuit la, yo tandé yon rèl : min Épou-a vini, sòti al rankontré-l, alélouya.

Kantik I**Kantik****Jér 17, 7-8**

Kontantman pou moun ki mét konfians nan Granmèt la

Ala kontantman pou moun ki kouté paròl Bondié-a épi ki kinbé-l (Lk 11, 28).

⁷ Bénédiksion pou moun ki mét konfians nan Granmèt la, *
ki mét éspérans li nan Granmèt la ;

⁸ l-ap tankou yon pié boua yo transplanté sou bò dlo yo, †
ki plonjé rasîn li yo nan fréchè, *
li pap pè lè chalè-a ap rivé :
fèy li ap rét vèt, †
nan tan séchrès la li pap nan tèt chajé, *
li pap janm manké donnin frui.

Kantik II**Kantik****Sir 14, 22 ; 15, 3. 4. 6b**

Kontantman moun ki saj la

Sajès la jouinn jistis nan min tout pitit li yo (Lk 7, 35).

- 14,22 Ala kontantman pou moun ki abité nan sajès la †
 épi k-ap médité nan jistis la *
 épi k-ap réfléchi nan sans li sou konsidérasion Bondié.
- 15,3 L-ap fè-l manjé nan pin lavi-a ak intèlijans la *
 épi sé dlo sajès ki sovè-a y-ap fè-l bouè,
 l-ap rété byin fèm nan li épi li pap balansé, †
- 4 l-ap asiré nan li épi li pap ront ; *
 l-ap lévé tèt li pi ro pasé prochin-l yo
- 6 épi sé non ki anro nèt la l-ap fè-l éritié *
 Granmèt Bondié nou-an.

Kantik III

Kantik

Sir 31, 8-11

Ala kontantman pou moun ki pa alé dèyè lò

Fè richès ki pap manké nan sièl la (Lk 12, 33).

- 8 Ala kontantman pou moun yo jouinn san tach †
 épi ki pa alé dèyè lò, *
 ni ki pa éspéré nan lajan ak nan trézò.
- 9 Kilès sa-a, épi n-ap fè louanj li ? *
 Li té fè mèvèy réyèlman nan pèp li-a.
- 10 Kilès yo éseyé ladan-l épi li kòrèk nèt ? *
 L-ap gin gloua tout tan-an.
 Kilès ki té kapab pasé akoté épi li pa pasé akoté, *
 fè mal épi li pa-t fè ?
- 11 Sé pou sa byin-l yo ap solid nan Granmèt la, *
 épi charité-l yo
 tout asanblé sin yo ap rékonèt yo.

Pou yon mésié ki sin, yon médam ki sin oubyin pliziè sin:

Réf. Sé pou rin nou tou maré, épi pou lanp nou limin nan min nou,
 alélouya.

Pou yon vièj ki sin :

Réf. Nan mitan nannuit la, yo tandé yon rèl : min Épou-a vini, sòti al rankontré-l, alélouya.

Évanjil la nan Komin-an, sot nan Léksionè Mès la.

IMN *Te Deum*, 544. Priyè-a, tankou nan Pròp la.

Konklizion Lè-a, tankou nan Òrdinè-a.

II

INTÈSÉSION KI PI KOUT KI KAPAB SÈVI POU VÈP YO

Kalitè priyè sa yo ki kout anpil, yo toujou kapab sèvi avèk yo pou Vèp yo si yo vlé, nan plas lòt yo propozé yo. Si gin ka ki prezanté, yo kapab minm ajouté non moun.

Dimanch

An nou priyé Bondié, li minm ki pran souin tout moun, antan sé ak yon kè ki tou sinp épi ki sinsè n-ap di :

Pran pitié pou pèp ou-a, Granmèt.

Égliz ou-a, konsèvé-l.

Pap nou-an **N.** , protéjé-l.

Évèk nou-an **N.** , édé-l.

Pèp ou-a, sové-l.

Lapè-a, présèvé-l.

Moun ki pa kouè yo, kléré yo.

Moun k-ap kòmandé pèp yo, dirijé yo.

Pòv yo, soulajé yo.

Sa-k nan tribilasyon yo, konsolé yo.

Òfélin yo, pran pitié pou yo.

Défin yo, poté yo sékou.

Lindi

An nou priyé Bondié, li minm ki pran souin tout moun, antan sé ak yon
kè ki tou sinp épi ki sinsè n-ap di :

Vizité pèp ou-a, Granmèt.

Égliz ou-a, konsolidé-l.

Pap nou-an **N.**, konsèvé-l.

Évèk nou-an **N.**, protéjé-l.

Misionè yo, dirijé yo.

Prèt yo, vlopé yo ak jistis.

Rélijijé yo, fè yo vîn sin.

Rayisans yo, étinn yo.

Ti moun yo, nourri yo ak lagras ou-a.

Jèn jan yo, fè yo fè progrè nan sajès la.

Moun ki antré nan laj yo, soutni yo épi konsolé yo.

Zanmi nou yo, fè yo favè an kantité.

Défin yo, fè yo antré nan group sin yo.

Madi

An nou priyé Bondié, li minm ki pran souin tout moun, antan sé ak yon
kè ki tou sinp épi ki sinsè n-ap di :

Kouté nou, Granmèt.

Égliz ou-a, sonjé-l.

Pap nou-an **N.**, défann li.

Évèk nou-an, **N.**, édé-l.

Vil nou-an, fè-l dévlopé.

Moun ki fè nou dibyin yo, ba yo rékonpans.

Moun ki marié yo, kinbé yo nan lapè.

Moun ki fiansé yo, ba yo konsèy.

Moun k-ap chèché travay yo, fè yo jouinn.
 Maléré yo, poté yo sékou.
 Moun k-ap sibi pèsékision yo, pran défans yo.
 Tout moun ki pèdi rout yo, fè yo tounin.
 Fè défin yo jouinn gloua pou tout tan-an.

Mèkrédi

An nou priyé Bondié, li minm ki pran souin tout moun, antan sé ak yon
 kè ki tou sinp épi ki sinsè n-ap di :

Sové pèp ou-a, Granmèt.

Égliz la, fè-l toujou ap vîn pi jèn.
 Pap nou-an **N.**, plin-l ak kado-ou yo.
 Évèk nou-an **N.**, ba-l konkou.
 Nasion yo, konsèvé yo nan lapè.
 Nan tout kay, sé pou-ou abité.
 Fanmi nou-an, sonjé-l.
 Jistis la, fè-l fè progrè.
 Moun k-ap travay tè-a, fè yo jouinn frui.
 Vouayajè yo, akonpagné yo.
 Travayè yo, asisté yo.
 Vèv yo, poté yo sékou.
 Défin yo, ba yo lavi pou tout tan-an.

Jédi

An nou priyé Bondié, li minm ki pran souin tout moun, antan sé ak yon
 kè ki tou sinp épi ki sinsè n-ap di :

Sé nan ou, Granmèt, nou espéré.

Égliz la, fè-l toujou ap dévlopé.

Pap nou-an **N.**, ba-l santé.
 Évèk nou-an **N.**, kléré-l.
 Rélé travayè nan rékòlt ou-a.
 Fanmi nou yo, plin yo ak bénédiksion.
 Malad yo, géri yo.
 Moun k-ap batay kont lanmò yo, vizité yo.
 Égzilé yo, fè yo tounin nan péyi yo.
 Dézas yo, anpéché yo frapé nou.
 Tan-an, fè-l bon.
 Lapli-a, réglé-l.
 Défin yo, ba yo répo.

Vandrédi

An nou priyé Bondié, li minm ki pran souin tout moun, antan sé ak yon
 kè ki tou sinp épi ki sinsè n-ap di :
Sé nan ou, Granmèt, nou mét konfians nou.
 Égliz ou-a, fè-l vîn kòrèk nèt.
 Pap nou-an **N.**, protéjé-l.
 Évèk nou-an **N.**, soutni-l.
 Group Évèk yo, asisté yo.
 Moun ki pa gin kay yo, okipé yo.
 Moun ki grangou yo, réfè fòs yo.
 Avèg yo, kléré yo.
 Moun ki nan laj yo, konsolé yo.
 Vièj sakré yo, ba yo asirans.
 Juif yo, rélé yo nan nouvo kontra-a.
 Moun k-ap fè laloua yo, ba yo sajès.
 Moun ki gin tantasion yo, ba yo fòs.
 Moun ki mouri yo, ba yo limiè tout tan-an.

Samdi

An nou priyé Bondié, li minm ki pran souin tout moun, antan sé ak yon
kè ki tou sinp épi ki sinsè n-ap di :

Poté pèp ou-a sékou, Granmèt.

Tout moun yo, fè travay Égliz ou-a rasanblé yo.

Pap nou-an **N.**, ba-l santé.

Évèk nou-an **N.**, protéjé-l ak bénédiksjon-ou.

Moun ki nan ran prèt yo, kondui yo ak min-ou.

Layik yo, fè yo vîn sin.

Travayè yo, okipé yo.

Rich yo, fè yo sin yon fason kòrèk ak richès yo.

Moun ki fèb yo, protéjé yo.

Prizonié yo, délivré yo.

Tranbléman-d-tè yo, réponsé yo louin nou.

Anba lanmò sibat, présèvé nou.

Moun ki mouri yo, résévoua yo nan vizion-ou la.

III

FÒMUL KI KAPAB SÈVI POU FÈ ANTRÉ NAN PRIYÈ GRANMÈT LA

- 1 Koulié-a, priyè sa-a Kris Granmèt la té aprann nou-an, nou tout ansanm, an nou di-l : *Papa nou...*
- 2 Priyè nou-an, an nou kontinué-l, antan n-ap mandé pou ringn Bondié-a rivé : *Papa nou...*
- 3 Louanj ak démann nou yo, an nou ramasé yo an rakousi avèk paròl Kris la, antan n-ap di : *Papa nou...*
- 4 Koulié-a louanj ak démann nou yo, an nou asiré yo pa lintèmediè priyè Granmèt la : *Papa nou...*
- 5 An nou fè louanj Bondié yon lòt foua ankò, an nou priyé-l ak paròl Kris la minm : *Papa nou...*
- 6 (Pou Kris la) Sonjé nou, Granmèt, lè ou-a vini nan ringn ou-an; aprann nou lapriyè : *Papa nou*
- 7 Koulié-a, antan nou asosié ak volonté Granmèt nou Jézu-Kri-a, nou gin lodas déklaré : *Papa nou...*
- 8 Koulié-a, kòmandman Granmèt la, antan n-ap réyalizé-l, an nou di : *Papa nou...*
- 9 Antan n-ap suiv modèl priyè-a ki sot nan Kris Granmèt nou-an, an nou di : *Papa nou...*
- 10 Koulié-a, an nou di priyè sa-a Kris la té ban nou kòm modèl tout priyè : *Papa nou...*

IV

FÒMUL BÉNÉDIKSION KI KAPAB SÈVI POU LOUANJ YO NAN MATIN AK VÈP YO

Diak la, oubyin, si-l pa la, prèt la minm, di invitasion-an : Frè ak Sè-m yo, ranjé kò-nou pou bénédiksion-an. Apré sa prèt la lonjé min-l sou pèp la, li di bénédiksion-an, antan tout moun réponn : Amèn.

I. Nan sélébrasion tan litijik la

1. Nan Vijil paskal la ak nan jou Pak la

Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou,
gras a solanité paskal la ki rivé jodi-a,
épi sé pou-l défann nou ak bon kè-l anba tout atak péché-a.

R: Amèn.

Épi li minm ki réparé nou pou lavi ki pap janm fini-an
nan rézirkéksion Sèl Pitit li-a,
sé pou-l konblé nou ak rékonpans lavi ki pap mouri-a.

R: Amèn.

Épi nou minm, antan jou soufrans Granmèt yo fini-an,
nou minm k-ap sélébré kontantman fèt paskal la,
sé pou nou rivé nan fèt sa yo k-ap réalizé kè kontan tout tan yo,
antan l-ap poté nou sékou,
ak nanm nou k-ap fété.

R: Amèn.

* Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a,
Papa ak Pitit la ✝ ak Éspri-Sin-an béni nou byin béni.

R: Amèn.

* Nan plas fòmul final sa-a yo kapab anplouayé tèks sa-a:

* Sé pou bédiksion Bondié ki gin tout pouvoua-a, Papa-a, ak Pitit la, ✝ ak Éspri-Sin-an, désann sou nou, pou-l rété tout tan.

R: Amèn.

2. Tan paskal

Bondié, li minm ki nan réziréksion Sèl Pitit li-a té vlé ba nou byin rédanmsion-an ak adopsion-an sé pou-l fè nou kontan ansanm ak bédiksion-l nan.

R: Amèn.

Épi poutèt li rachté nou, nou té résévoua kado libètè pou tout tan-an, antan l-ap fè nou favè, sé pou nou vîn kapab asosié nan éritaj pou tout tan-an.

R: Amèn.

Épi li minm nou déjà kouè nou résisitè avèk li nan batèm nan, sé pou nou mérité fè youn avèk li nan patri sièl la antan n-ap viv kòrèk kounié-a.

R: Amèn.

* Sé pou bédiksion Bondié ki gin tout pouvoua-a, Papa-a, ak Pitit la ✝ ak Éspri-Sin-an, désann sou nou, pou-l rété tout tan.

R: Amèn.

4. Nan Asansion Granmèt la

Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou, li minm jodi-a Sèl Pitit li-a travèsé al nan rotè sièl yo, épi li ouvri pou nou pòt antré koté li minm li yé-a.

R: Amèn.

Sé pou-l fè nou favè pou minm jan Kris la apré rézireksyon-l nan li té fè- disip yo ouè-l byin klè-a,
konta tou lè l-a vini pou jijman-an
l-a parèt pou tout tan ak byinvéyans.

R: Amèn.

Épi nou minm ki kouè li chita kot Papa-a nan grandè li,
sé pou nou rivé rékonèt ak kè kontan li minm li rété avèk nou
jous nan finisman sièk la jan li té promèt la.

R: Amèn.

* Sé pou Bénédiksyon Bondié ki gin tout pouvoua-a,
Papa-a, ak Pitit la ✠ ak Éspri-Sin-an,
désann sou nou, pou-l rété tout tan.

R: Amèn.

4. Osijè Éspri-Sin-an

Bondié Papa limiè-a,
li minm ki té vlé kléré éspri disip yo nan vidé Éspri Paraklè-a,
sé pou-l fè nou kontan nan Bénédiksyon-l nan
épi jouinn an kantité san rété nan kado minm Éspri-a.

R: Amèn.

Difé sa-a ki té parèt yon fason ékstraòdinè anro disip yo,
ak puisans li sé pou-l pirifié kè nou yo sot anba tout mal
épi ak limiè li-a ki antré nan nou sé pou-l kléré nou nèt.

R: Amèn.

Épi li minm ki té vlé réyini diféran lang yo
nan déklarasyon yon sèl lafoua-a,
sé pou-l fè nou pèsévéré nan minm lafoua-a,

1568 Fòmul bédiksyon pou Louanj yo nan matin ak Vèp yo

épi gras a li sé pou-l fè nou favè rivé apati éspérans la
nan vizion fas a fas la.

R: Amèn.

* Sé pou bédiksyon Bondié ki gin tout pouvoua-a,
Papa-a, ak Pitit la **✝** ak Éspri-Sin-an,
désann sou nou, pou-l rété tout tan.

R: Amèn.

II. Nan sélébrasyon Sin yo

5. Osijè Sint Vièj Mari

Sé pou Bondié ki té vlé délivré ras lézòm ak bon kè-l
gras a nésans Pitit Mari ki sin, ki vièj la,
aksépté anrichi nou ak bédiksyon-l.

R: Amèn.

Sé pou nou toujou santi protéksion-l tout koté,
li minm ki fè nou rivé résévoua lotè lavi-a.

R: Amèn.

Épi nou minm ki rasanblé jodi-a ak santiman dévotion-an
sé pou nou poté alé avèk nou kado kè kontan léspri-a
ak rékonpans sièl la.

R: Amèn.

* Sé pou bédiksyon Bondié ki gin tout pouvoua-a,
Papa-a, ak Pitit la, **✝** ak Éspri-Sin-an,
désann sou nou, pou-l rété tout tan.

R: Amèn.

* Nan plas fòmul final sa-a yo kapab anplouayé tèks sa-a:

* Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua-a béni nou, Papa-a ak Pitit la, ✝ ak Éspri-Sin-an.

6. Osijè Apot yo

Bondié ki té fè nou favè instalé nou fèm sou fondasyon Apot yo,
sé pou-l aksépté béni nou
gras a mérit ékstraòdinè priyè Apot N. épi N. (Apot N. ki sin)

℟. Amèn.

Sé pou, gras a sékou Apot yo, li fè nou vîn tounin témouin lavérité-a,
li minm ki té vlé ba nou sékou gras a lansègnman yo ak modèl yo.

℟. Amèn.

Sé pou gras a lapriyè yo,
nou réyisi rivé nan éritaj patri tout tan-an,
yo minm ki fè nou posédé asirans lafoua-a gras a lansègnman yo-a.

℟. Amèn.

* Sé pou Bénédiksion Bondié ki gin tout pouvoua-a,
Papa-a, ak Pitit la, ✝ ak Éspri-Sin-an,
désann sou nou, pou-l rété tout tan.

℟. Amèn.

7. Osijè tout Sin yo

Sé pou Bondié, gloua ak kè kontan Sin yo,
béni nou ak Bénédiksion tout tan-an,
li minm ki té fè nou favè vîn gin fòs gras a intèsésion ékstraòdinè yo.

℟. Amèn.

Antan nou délivré anba sa-k mal koulié-a poutèt intèsésion yo,
épi nou instouï ak égzanp konduit ki sin,
sé pou yo jouinn nou toujou okipé nan sèvis Bondié ak frè yo.

R: Amèn.

Konsa, avèk yo tout,
n-a réyisi, nou minm tou, posédé kè kontan patri sa-a
koté Égliz la ki sin-an kontan rasanblé pitit li yo
avèk sitouayin anro-a nan lapè tout tan-an.

R: Amèn.

* Sé pou Bénédiksyon Bondié ki gin tout pouvoua-a,
Papa-a ak Pitit la, ✝ ak Éspri-Sin-an,
désann sou nou, pou-l rété tout tan.

R: Amèn.

III. Lòt Bénédiksyon

8. Pou dédikas légliz

Bondié, Granmèt sièl la ak tè-a
ki té vlé rasanblé nou jodi-a nan konsékasyon kay sa-a,
sé pou-l fè nou plin ak Bénédiksyon sièl la.

R: Amèn.

Sé pou-l fè nou vîn tounin tanp li-a,
épi kay Éspri-Sin-an,
li minm ki té vlé pou tout pitit ki té gayé yo
vîn rasanblé nan Pitit li-a.

R: Amèn.

Antan nou fîn pròp tout bon,
sé pou nou vîn kapab gin Bondié ki abité nan nou,

pou nou posédé éritaj kè kontan tout tan-an
ansanm avèk tout Sin yo.

R: Amèn.

* Sé pou Bénédiksion Bondié ki gin tout pouvoua-a,
Papa-a ak Pitit la, ✝ ak Éspri-Sin-an,
désann sou nou, pou-l rété tout tan.

R: Amèn.

9. Nan Ofis pou défin yo

Sé pou Bondié tout konsolasion-an béni nou,
li minm ki té kréyé moun nan avèk bon kè-l yo pa kapab palé-a,
épi ki té bay moun ki kouè yo éspérans y-ap résisité nan réziréksion Sèl
Pitit li-a.

R: Amèn.

Nou minm ki vivan-an, sé pou-l padonnin nou dèt pou péché yo,
épi sé pou-l pèmèt tout défin yo rivé koté ki gin limiè ak lapè-a.

R: Amèn.

Sé pou nou tout nou viv san rété nan kontantman ansanm avèk Kris la,
li minm nou kouè tout bon vré li résisité sot nan pami mò yo.

R: Amèn.

* Sé pou Bénédiksion Bondié ki gin tout pouvoua-a,
Papa-a ak Pitit la, ✝ ak Éspri-Sin-an,
désann sou nou, pou-l rété tout tan.

R: Amèn.

V

FÒMUL AKT PÉNITANSIÈL YO KAPAB ANPLOUAYÉ POU KONPLI-A

1. **Apré yon ti moman silans, tout moun ansanm di fòmul konfésion-an :**

Dévan Bondié ki gin tout pouvoua, dévan nou minm tou, frè-m yo,
mouin rékonèt mouin fè anpil péché
nan sa mouin pansé,
nan sa mouin di,
nan sa mouin fè.
Mouin rékonèt tou,
mouin pa fè sa pou-m té fè.

épi, antan yo chak frapé léstomak yo, yo di :

Tou sa, sé fòt mouin, sé fòt mouin, sé fòt mouin vré !

Apré sa yo kontinié :

Sé pou sa, mouin mandé
Mari ki sin é ki toujou rété vièj,
tout zanmi Bondié ki nan sièl,
épi nou minm tou, frè-m yo,
lapriyè Bondié, Granmèt nou-an, pou mouin.

Apré sa, sa k-ap prézidé-a bay absolution-an :

Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua gin pitié pou nou,
sé pou-l padoné péché nou,
pou-l minnin nou nan lavi ki pap janm fini-an.

Pèp la réponn :

Amèn.

2. Oubyin sa k-ap prezidè-a di :

Granmèt nou mandé-ou padon.

Pèp la réponn :

Paské nou koupab anpil.

Sa k-ap prezidè-a :

Fè nou ouè jan ou gin bon kè.

Pèp la :

Vini sovè nou

Apré sa, sa k-ap prezidè-a bay absolusion-an :

Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua gin pitié pou nou

Sé pou-l padoné péché nou

pou-l minnin nou nan lavi ki pap janm fini-an.

Pèp la réponn :

Amèn.

3. Oubyin : sa k-ap prezidè-a, vel alius idoneus, déklaré invokasion ki pral suiv yo oubyin lòt avèk Kyrie, eleison :

Jézu Granmèt, ou minm Bondié Papa-a voyé
pou sovè tout moun, pitié pou nou.

Pèp la réponn :

Pitié pou nou.

Prèt la :

Jézu-Kri, ou minm ki vîn sou tè-a,
pou délivré tout péchè, pitié pou nou.

Pèp la :

Pitié pou nou.

Prèt la :

Granmèt nou, ou minm ki chita adouat Papa-a,
pou plédé an favè nou, pitié pou nou,

Pèp la :

Pitié pou nou.

Apré sa, sa k-ap prezidé-a bay absolution-an :

Sé pou Bondié ki gin tout pouvoua gin pitié pou nou,
sé pou-l padoné péché nou,
pou-l minnin nou nan lavi ki pap janm fini-an.

Pèp la réponn :

Amèn.

GID YO

GID ALFABÉTIK SÉLÉBRASION YO

Achil é Néré, mati, 12 mé	1123
Adalbèr, évèk é mati, 23 avril	1076
Ansèlm, évèk é savan Égliz la, 21 avril	1071
Atanaz, évèk é savan Égliz la, 2 mé.....	1111
Barnabé, apot, 11 juin	1186
Bèd le Vénétab, prèt é savan Égliz la, 25 mé.....	1144
Bèrnardin de Sièn, prèt, 20 mai.....	1136
Bonifas, évèk é mati, 5 juin.....	1179
Charl Louanga ak konpagnon-l yo, mati, 3 juin.....	1176
Éfrèm, diak é savan Égliz la, 9 juin	1184
Fidèl de Sigmaringen, prèt é mati, 24 avril	1078
Filip é Jak, apot, 3 mé	1113
Filip Néri, prèt, 26 mé.....	1151
Fransoua de Paola, èrmit, 2 avril.....	1056
Grégoua VII, pap, 25 mé.....	1146
Izidòr, évèk é savan Égliz la, 4 avril	1058
Jak é Filip, apot, 3 mé	1113
Jan Batis de la Sal, prèt, 7 avril.....	1063
Jan de Avila, prèt é savan Égliz la, 10 mé.....	1121
Jan I, pap é mati, 18 mé	1134
Jézu-Kri Granmèt nou-an:	
- Rézireksion, premié dimanch Pak	29
- Anonsiasion, 25 mars	1033
- Asansion	408
Jòrj, mati, 23 avril.....	1073
Jozèf:	
- Jozèf, épou Sint Vièj Mari, 19 mars	1017
- Travayè, 1 mé	1103

Justin, mati, 1 juin.....	1171
Katrín de Sièn, vièj é savan Égliz la, 29 avril	1095
Kistòf Magalanès, prèt, ak konpagnon-l yo, mati, 21 mé.....	1139
Loui Mari Grignon de Montfòr, prèt, 28 avril.....	1093
Mari Madlèn de Pazzi, vièj, 25 mé	1148
Mari, Sint Vièj:	
- de Fatima, 13 mé	1127
- Vizitasion, 31 mé.....	1159
Mark Évanjélis, 25 avril.....	1080
Marslin é Piè, mati, 2 juin.....	1174
Martin I, pap é mati, 13 avril	1068
Matias, apot, 14 mé.....	1130
Néré é Achil, mati, 12 mé	1123
Nòrbèr, évèk, 6 juin	1181
Ogustin de Kantòrbéri, évèk, 27 mai.....	1153
Pankras, mati, 12 mé.....	1125
Pi V, pap, 30 avril	1100
Piè Chanèl, prèt é mati, 28 avril.....	1090
Piè é Marslin, mati, 2 juin.....	1174
Pòl VI, pap, 29 mé	1155
Rita de Kasia, rélijjiéz, 22 mé	1141
Stanislas, évèk é mati, 11 avril.....	1065
Vinsan Férié, prèt, 5 avril	1061

GID IMN YO

Ad cenam Agni providi [Nou fè provizion nan Soupé Mouton-an]	47
Æterna Christi munera [Ak tout kontantman nan kè nou n-ap chanté]	1284
Æterne Rex Altissime [Roua dépi tout tan ki anlè nèt la]	413, 436
Æterne sol, qui lumine [Solèy tout tan-an].....	1362
Agnoscat omne saeculum [Tout sièk doué rékonèt].....	1033
Angularis fundamentum [Fondasyon ròch kouin].....	1207
Aptata, virgo, lampade [Ou minm ki Vièj, avèk lanp ou paré]	1390
Aurora lucis rutilat [Dévanjou-a kléré ak limiè]	37, 60
Aurora solis nuntia [Dévanjou-a ki sèvi mèsajé solèy la]	1106
Ave, maris stella [Mouin salué-ou, zétoual lanmè-a].....	1243
Barnaba clarum colimus tropaeum [N-ap chanté bèl viktoua Barnabé-a].....	1189
Beata caeli gaudia [Kè kontan sièl la ki sin yo]	1418
Beata nobis gaudia [Ronn ané-a fè bon kè kontan-an tounin pou nou].....	525
Beate (Beata) martyr, prospera [Mati ki sin sé pou kontan].....	1302
Caelitum, Ioseph, decus atque nostrae [Jozèf, bèlté sièl la avèk éspérans lavi nou ki sètin].....	1024
Christe, cunctorum dominator alme [Ou minm Kris la, k-ap dominé tout bagay yo ak byinvéyans].....	1198
Christe, cunctorum sator et redemptor [Ou minm Kris la, kréatè ak rédanmtè tout moun].....	1430
Christe, pastorum caput atque princeps [Ou minm Kris la, tèt épi chèf pastè yo].....	1332
Claro paschali gaudio [Yon solèy tou plin ak kè kontan Pak la].....	1260
Concito gressu petis alta montis [Ak yon démach présé ou-ap chèché diréksion rotè mòn nan].....	1167
Deus, tuorum militum [Bondié, éritaj, kouròn].....	1295
Doctor aeternus coleris piusque [Anségnan pou tout tan épi ki bon]	1370
Dulci depromat carmine [Sé yon poèm ki dous pèp la pran]	1380
Dum sacerdotum celebrant fideles [Antan fidèl yo ap sélébré prèt yo].....	1333
Fortem virili pectore [Madam nan ki gin fòs kouraj la]	1430

Gaudentes festum colimus [Antan nou kontan n-ap pran souin fété].....	1381
Haec femina laudabilis [Madam nan, sa yo kapab fè louanj li-a].....	1437
Hae feminae laudabiles [Médam yo, sa yo kapab fè louanj yo-a].....	1438
Haec hora, quae respanduit [Sa-a sé lè-a, ki té kléré-a]	64, 440
Hi sacerdotes Domini sacri [Prèt Granmèt yo, yo minm ki viv pou Bondié nèt]	1349
Hic est dies verus Dei [Sa-a sé vré jou Bondié-a].....	58
Iam caeca vis mortalium [Lontan fòs avèg moun k-ap mouri yo].....	1038
Iam Christus astra ascenderat [Déja Kris la té gin pou-l monté nan sièl yo].....	528
Iam surgit hora tertia [Koulié-a touazièm lè-a parèt]	62, 438
Iesu, corona celsior [Jézu, kouròn ki pi ro pasé sièl la].....	1417
Iesu, corona virginum [Jézu, kouròn vièj yo].....	1374
Iesu, nostra redemptio [Jézu, rédanmsion nou-an].....	408, 428
Iesu, redemptor omnium [Jézu, rédanmtè tout moun yo].....	1400
Iesu, redemptor saeculi [Jézu, ou minm rédanmtè sièk la].....	56, 435, 565
Immensae rex potentiae [Roua ki gin pouvoua yo pa kapab méziré-a].....	1517
Inclitus Christi famulos canamus [N-ap chanté louanj sèvitè Kris la ki san parèy yo].....	1401
Inclitus rector pater atque prudens [Papa ki kondui nou yon jan ékstraòdinè, ki gin sajès]	1348
Iste, quem laeti colimus fideles [Li minm, n-ap fété ak kontantman-an, nou minm fidèl yo]	1019
Laeti colentes famulum [Antan n-ap fété sèvitè sa-a ak kè kontan].....	1458
Lux iucunda, lux insignis [Limiè ki agréab, limiè ki san parèy]	517
Maria, quae mortalium [Mari, ou minm ki sèvi ak tout rinmin ki nan kè-ou].....	1220
Martyr Dei, qui (quae) unicum [Mati Bondié, ou minm ki trionfé]	1311
Matthia, sacratissimo [Matias, ala yon sajès ékstraòdinè].....	1130
Mentibus laetis tua festa, Marce [Ak kè kontan, ak kè ki gin rékonésans].....	1085
Nobilem Christi famulam diserta [Avèk bèl voua an nou chanté]	1446
Nobiles Christi famulas diserta [Avèk bèl voua an nou chanté]	1446
O castitatis signifer [Chèt moun ki rété vièj yo]	1312

O Christe, flos convallium [Ou minm Kris la, flè tè fon yo].....	1303
O gloriosa domina [Ou minm Rèn ki nan gloua-a]	1238
O lux, salutis nuntia [Ou minm limiè-a, mèsajé sové nou sové-a]	1047
O redemptoris pietas colenda [Ala bon kè rédanmptè-a yo doué fété-a].....	1464
O vir beate, Apostolis [Ou minm gason ki sin, ki sinsè].....	1081, 1186
Optatus votis omnium [Jou sakré-a té kléré, li minm tout moun té anvi ouè-a].....	421, 437
Philippe, summae honoribus [Filip, antan-ou briyé ak onè].....	1114
Quem terra, pontus, aethera [Li minm tè-a, lanmè-a, lè-a].....	1227
Qui lacrimatus Lazarum [Ou minm dlo té koulé nan jé-ou pou Lazar].....	1510
Qui vivis ante saecula [Ou minm ki vivan anvan sièk yo]	1487
Rex gloriose martyrum [Ou minm roua mati yo ki nan gloua-a]	1276
Sacrata nobis gaudia [Chak ané jou sa-a tounin].....	1324
Sanctorum meritis inclita gaudia [Antan nou asosié ak mérit sin yo]	1269
Spes, Christe, nostra veniae [Jézu-Kri, éspérans padon nou]	1501
Te Deum laudamus [Ou minm Bondié n-ap fè louanj ou]	544
Te, Catharina, maximis [Ou minm, Katrîn, limiè tout Égliz la]	1098
Te, Ioseph, celebrent agmina caelitum [Ou minm, Jozèf, lamé sièl yo ap sélébré-ou].	1017
Te, pater Ioseph, opifex colende [Ou minm, Jozèf ki papa, ouvriyé nou doué respékté].....	1103
Tristes erant Apostoli [Apot yo té chagrin].....	1250
Urbs Ierusalem beata [Vil Jérusalèm ki sin-an]	1212
Veni, creator Spiritus [Vini, Éspri ki kréyé tout bagay].....	434, 512, 533
Veni, praecelsa Domina [Vini, Rèn ki anlè anpil].....	1159
Veniens, mater inclita [Manman ki san parèy, antan-ou vini].....	1163
Venite, servi, supplices [Vini, nou minm sèvitè yo, antan n-ap sipliyé]	63, 439
Vir celse, forma fulgida [Moun ki nan sièl la, modèl kalité ki byin kléré].....	1323
Virginis Proles opifexque Matris [Pitit Vièj la, ou minm ki fè Manman-ou].....	1296
Virgo prudentem comitata cœtum [Vièj la ki akonpagné ak group sa-k gin ladrès yo] ...	1096

GID PSÒM YO

1 Ala kontantman pou moun ki pa alé nan asanblé méchan yo	575
2 Pouki sa nasion yo ap boulvésé.....	66, 1039, 1276, 1304
3 Granmèt, pou kisa yo anpil sa k-ap fè-m pasé tribilasyon-an ?.....	577
4 Lè-m té rélé ou té kouté-m, Bondié jistis mouin.....	983
5, 2-10. 12-13 Kouté paròl mouin yo ak zòrèy ou, Granmèt.....	594
6 Granmèt, pa réproché-m nan mové san-ou	590
7 Granmèt Bondié-m, nan ou mouin espéré.....	598
8 Granmèt, Granmèt nou.....	774
9 A (9) M-ap fè déklarasyon pou ou, Granmèt ak tout kè-m	591
9 B (10) Pouki sa, Granmèt, ou kanpé byin louin	604
10 (11) Sé nan Granmèt la mouin kaché kò-m; kòman nou fè di-m	600, 1306
11 (12) Sové-m, Granmèt, paské sin disparèt	606
12 (13) Jouskilè Granmèt, ou-ap bliyé-m pou jous lafin ?	613
13 (14) Moun fou-a di nan kè-l : « Pa gin Bondié ».....	614
14 (15) Granmèt, ki moun k-ap abité nan tant ou-a ?.....	601, 1355, 1424
15 (16) Prézèvé-m, Bondié	674, 1000
16 (17) Kouté jistis mouin, Granmèt.....	627, 1307
17 (18), 2-30 Mouin rinmin-ou, Granmèt, fòs mouin	619
17 (18), 31-51 Bondié, rout li san tach.....	633
18 (19) A Sièl yo ap rakonté gloua Bondié.....	698, 1255, 1382, 1439
18 B (19 B) Laloua Granmèt la san tach, li réfè nanm	597
19 (20) Sé pou Granmèt la réponn ou, jou tray la	615
20 (21), 2-8. 14 Granmèt, roua-a ap kontan nan pouvoua-ou.....	616, 1334, 1408
21 (22) Bondié, Bondié mouin, pou ki sa ou lagé-m nan ?.....	864
22 (23) Granmèt la ap souin-m, anyin pap manké-m	685, 894
23 (24) Pou Granmèt la tè-a ak sa-k plin-l	608, 885, 1199, 1228
24 (25) Sé koté-ou, Granmèt, mouin lévé nanm mouin	641
25 (26) Jijé-m, Granmèt.....	655
26 (27) Granmèt la sé klètè-m, sé sa-k sové-m nan	629
27 (28), 1-3. 6-9 Sé koté-ou, Granmèt, mouin rélé	656
28 (29) Poté bay Granmèt la, pitit Bondié yo.....	596
29 (30) M-ap lévé-ou anlè, Granmèt, paské ou té délivré-m.....	643
30 (31), 2-17.20-25 Sé nan ou, Granmèt, mouin espéré.....	692, 997
30 (31), 2-6 Sé nan ou, Granmèt, mouin té espéré.....	693, 694
31 (32) Ala kontantman pou moun yo padonnin fot li	644
32 (33) Fété nan Granmèt la, nou minm ki kòrèk yo	610, 1278, 1279

33 (34) M-ap béni Granmèt la nan tout tan	670
34 (35), 1-2. 3c. 9-19. 22-23. 27-28 Granmèt, jijé sa k-ap jijé-m yo.....	647
35 (36) Méchansté-a palé tou ba ak péchè-a nan mitan kè-l	623
36 (37) Pa éksité kont méchan yo	706
37 (38) Granmèt, pa fè-m éksplikasyon nan kòlè-ou	752
38 (39) Mouin té di : « M-ap véyé sou rout mouin yo... »	721
39 (40), 2-14.17-18 Sé pa ti kras tann mouin t-ap tann, Granmèt la	700, 701, 1489, 1490
40 (41) Ala kontantman pou moun ki fè atansyon pòv la	658
41 (42) Tankou yon sèf anvi al nan sous dlo yo	695, 1491
42 (43) Jijé-m, Bondié	710
43 (44) Bondié, ak zòrèy nou nou té tandé.....	737
44 (45) Yon bon paròl monté sot nan kè-m.....	702, 703, 1383, 1440, 1441
45 (46) Bondié sé kachèt nou ak fòs nou	659, 1229, 1214
46 (47) Tout nasion yo, sé pou nou bat bravo	625
47 (48) Granmèt la gran, li mérité anpil louanj	638
48 (49) Kouté sa, tout nasion yo	717, 718
49 (50) Bondié dié yo Granmèt la palé	798
50 (51) Pitié pou mouin, Bondié.....	650, 755, 860, 1503
51 (52) Kijan pou fè louanj pròp tèt ou pou méchansté-a	723
52 (53) Moun fou-a di nan kè-l : « Pa gin Bondié ».....	715
53 (54), 3-6. 8-9 Bondié, o non-ou sové-m.....	716
54 (55), 2-15. 17-24 Bondié, panché zòrèy ou nan lapriyé-m nan	730, 731
55 (56), 2-7b. 9-14 Pitié pou mouin, Bondié, paské moun nan ap foulé-m anba pié	745
56 (57) Pitié pou mouin, Bondié, pitié pou mouin.....	636, 746
58 (59), 2-5. 10-11. 17-18 Délivré-m sot nan min ènmi-m yo, Bondié mouin.....	760
59 (60) Bondié, ou té réjité nou, ou té détoui nou	761
60 (61) Kouté démann mouin, Bondié.....	776
61 (62) Sé nan Bondié sèlman pou-ou répozé, nanm mouin	733
62 (63), 2-9 Bondié, sé Bondié-m ou yé	579
63 (64) Bondié, kouté voua-m k-ap plinn	777, 1256
64 (65) Ou mérité kantik, Bondié, nan Siyon.....	713
65 (66) Pousé rèl fèt pou Bondié, tout tè-a	887, 888
66 (67) Sé pou Bondié pran pitié pou nou, sé pou-l béni nou	734, 818
67 (68) Bondié lévé, sé pou ènmi-l yo gayé.....	812
68 (69), 2-22.30-37 Sové-m, Bondié	856
69 (70) Bondié, tanpri vîn édé mouin	835, 1512
70 (71) Sé nan ou, Granmèt, mouin éspéré	806
71 (72) Bondié, bay roua-a jijman-ou	748, 749

72 (73) Ala bon Bondié bon pou sa ki douat yo.....	900
73 (74) Poukisa, Bondié, ou té réjité jouskalafin	820
74 (75) N-ap fè déklarasion pou ou, Bondié	835
75 (76) Yo rékonèt Bondié nan Juda.....	686, 686, 894, 895
76 (77) Ak voua-m kot Bondié, mouin té rélé	724
77 (78), 1-39 Pèp mouin, konsidéré ansègnman-m nan	957
77 (78), 40-72 Konbyin foua, yo té provoké-l nan dézè-a	972
78 (79), 1-5. 8-11. 13 Bondié, nasion yo té rivé nan éritaj ou-a.....	849
79 (80) Ou minm k-ap kondui Israèl, fè atansion.....	740, 850
80 (81) Fété pou Bondié sékou nou	743
81 (82) Bondié kanpé nan réyinion Bondié-a	908
83 (84) Ala rinmin yo mérité yo rinmin yo, tant ou yo, Granmèt puisans yo !	801, 1200
84 (85) Ou jouinn jousans ou, Granmèt, nan tè-ou la	816, 1513
85 (86) Panché zòrèy ou, Granmèt, kouté-m.....	830, 991, 1514
86 (87) Fondasion-l yo sou mòn yo ki sin yo.....	845, 1230, 1201
87 (88) Granmèt, Bondié sovè mouin	922, 923, 1003
88 (89), 2-38 Mizérikòd Granmèt la sé tout tan m-ap chanté yo.....	826
88 (89), 2-30 Mizérikòd Granmèt la	826, 828
88 (89), 39-53 Époutan, ou té réjité, ou té méprizé	841, 842
89 (90) Granmèt, ou sèvi nou kachèt	843
90 (91) Moun ki abité nan protéksion Sa-a ki anro nèt la	987
91 (92) Sa bon pou fè déklarasion pou Granmèt la	771, 1335, 1336, 1410; 976
92 (93) Granmèt la roua ! Li vlope ak bèlté	786
93 (94) Ou minm Bondié k-ap tiré vanjans la, Granmèt	936
94 (95) Vini, an nou fété pou Granmèt la	541
95 (96) Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo	803
96 (97) Granmèt la roua ! Tè-a ap fété.....	728, 1257
97 (98) Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo, paské	832
98 (99) Granmèt la roua ! Pèp yo ap frisonnin	847
99 (100) Pousé rèl fèt pou Granmèt la, tout tè-a	653, 863
100 (101) M-ap chanté mizérikòd ak jijman-an	917
101 (102) Granmèt, kouté priyè-m.....	914
102 (103) Béni Granmèt la, nanm mouin.....	928
103 (104) Béni Granmèt la, nanm mouin.....	677
104 (105) Fè déklarasion pou Granmèt la, rélé non-l.....	662
105 (106) Fè déklarasion pou Granmèt la, paské li bon.....	766
106 (107) Fè déklarasion pou Granmèt la, paské li bon.....	871
107 (108) Kè-m paré, Bondié	931

109 (110), 1-5. 7	Granmèt la té di Granmèt mouin-an.....	586, 688, 794, 896
110 (111) M-ap fè	déklarasion pou Granmèt la ak tout kè-m	795
111 (112) Ala kontantman	pou moun ki krinn Granmèt la	897, 1356, 1425
112 (113) Fè louanj, ti	moun Granmèt la	779, 1221, 1325, 1375, 1401, 1431
113 A (114) Lè Israël t-ap	kité Éjip la	587
113 B (115) Sé pa nou	minm, Granmèt, sé pa nou minm	688
114 (116 A) Mouin té	rinmin, paské Granmèt la té kouté.....	763, 1289, 1317
115 (116 B) Mouin té	gin konfians, minm lè-m di.....	780, 1264, 1290, 1318
116 (117) Fè louanj	Granmèt la, tout nasion yo	669, 1251
117 (118) Fè déklarasion	pou Granmèt la	583, 584, 681, 1270, 1296, 1297, 1298
118, I (119), 1-8	Ala kontantman pou moun ki san tach nan chémin-an.....	612
118, II (119), 9-16	Kòman pou yon jènòm kapab nèt nan chémin-l ?.....	626
118, III (119), 17-24	Fè sèvitè-ou dibyin, épi m-a viv	640
118, IV (119), 25-32	Nanm mouin kolé nan pousiè-a.....	655
118, V (119), 33-40	Pozé laloua-a pou mouin, Granmèt	670
118, VI (119), 41-48	Sé pou mizèrikòd ou-a rivé sou mouin, Granmèt.....	699
118 VII (119), 49-56	Sonjé paròl ou-a ou bay sèvitè-ou la	715
118, VIII (119), 57-64	Pòsion pa-m, Granmèt	729
118, IX (119), 65-72	Ou té fè sèvitè-ou dibyin, Granmèt	744
118, X (119), 73-80	Min-ou yo fè-m, yo fòmé-m.....	759
118, XI (119), 81-88	Nanm mouin rivé jous nan bout nan sové ou sové-m nan	775
118, XII (119), 89-96	Pou tout tan, Granmèt	805
118, XIII (119), 97-104	Sé pa ti kras rinmin mouin rinmin laloua-ou la, Granmèt.....	820
118, XIV (119), 105-112	Lanp pou pié mouin yo paròl ou-a.....	673
118, XV (119), 113-120	Mouin té rayi sa-k gin kè doub yo	848
118, XVI (119), 121-128	Mouin té fè jijman ak jistis.....	878
118, XVII (119), 129-136	Témouagnaj ou yo ékstraodinè	907
118, XVIII (119), 134-144	Ou kòrèk, Granmèt	921
118, XIX (119), 145-152	Mouin té rélé ak tout kè-m, kouté-m, Granmèt	666
118, XX (119), 153-160	Gadé jan-m rabésé, dégajé-m.....	950
118, XXI (119), 161-168	Chèf yo té pèsékité-m san rézon.....	966
118, XXII (119), 159-176	Sé pou priyè-m nan proché	979
119 (120) Lè-m nan	tribilasion, mouin té rélé kot Granmèt la	909, 1007
120 (121) M-ap lévé	jé-m nan mòn yo.....	763, 1007, 1518
121 (122) Mouin kontan,	lè yo té di-m	882, 1244, 1008, 1215, 1395, 1452
122 (123) Koté-ou	mouin té lévé jé-m yo	809, 1009
123 (124) Si Granmèt	la pa-t nan nou	809, 1010
124 (125) Moun yo ki	mét konfians nan Granmèt la, yo tankou mòn Siyon.....	823, 1010

125 (126) Lè Granmèt la té fè prizonié Siyon yo tounin-an.....	837, 1011
126 (127) Si Granmèt la pa bati kay la.....	838, 1245, 1012, 1396, 1453
127 (128) Ala kontantman pou tout moun ki krinn Granmèt la	951, 1012
128 (129) Anpil foua yo fè-m violans dépi-m té tou jèn	951
129 (130) Nan bafon yo mouin té rélé koté-ou, Granmèt	883, 997, 1519
130 (131) Granmèt, kè-m pa gonflé	823
131 (132) Sonjé David, Granmèt	852
132 (133) Gadé kijan sa bon, kijan sa fè plézi	966
133 (134) Gadé, béni Granmèt la	984
134 (135) Fè louanj pou non Granmèt la	867, 868
134 (135), 1-12 Fè louanj pou non Granmèt la	906
135 (136) Fè déklarasion pou Granmèt la, poutèt li bon	910
136 (137), 1-6 Sou bò gran riviè Babilòn yo.....	924
137 (138) M-ap fè déklarasion pou ou, Granmèt, ak tout kè-m	925
138 (139), 1-18. 23-24 Granmèt, ou té sondé-m, ou té konnin-m	939
139 (140), 2-9. 13-14 Délivré-m, Granmèt, sot anba moun méchan-an.....	967
140 (141), 1-9 Granmèt, mouin rélé koté-ou, fè vit vîn koté-m	571
141 (142) Avèk voua-m kot Granmèt la mouin rélé	572
142 (143), 1-11 Granmèt, kouté priyè-m	946, 994
143 (144) Li béni, Granmèt la, sékou mouin-an	953
143 (144), 1-10 Li béni, Granmèt la	920
144 (145) M-ap lévé-ou anlè, Bondié mouin ki roua	783
145 (146) Fè louanj Granmèt la, nanm mouin	934, 1402, 1506
146 (147 A) Fè louanj Granmèt la, paské sa bon pou yo chanté... ..	949, 1193
147 (147 B) Fè louanj Granmèt la Jérusalèm.....	758, 1194, 1222, 1251, 1376, 1432
148 Fè louanj Granmèt la dépi sot nan sièl yo	789
149 Chanté pou Granmèt la yon kantik nouvo ; louanj li.....	581
150 Fè louanj Granmèt la nan sanktue li-a.....	684, 892, 1507

GID KANTIK YO

AT 1 Égz 15, 1-4 b. 8-13. 17-18 An nou chanté pou Granmèt la	667
AT 1b Égz 15, 1-6. 17-18 An nou chanté pou Granmèt la	31
AT 2 Dèt 32, 1-12 Kouté, sièl yo, m-apral palé	772
AT 3 1 Sam 2, 1-10 Kè-m té fété nan Granmèt la	726
AT 4 1 Kr 29, 10-13 Ou béni, Granmèt Bondié Israël, papa nou	595
AT 5 Tob 13, 2-8 Li béni, Bondié ki vivan pou tout tan-an.....	609
AT 6 Tob 13, 8-11. 13-14 a b. 15-16 a b Béni Granmèt la, nou tout li chouazi yo	963, 1545
AT 7 Jdt 16, 1-2. 13-15 Bay signal chanté pou Bondié-m nan sou tanbou yo	624
AT 9a Saj 3, 1-6 Nanm moun ki kòrèk yo, sé nan min Bondié yo yé	1553
AT 9b Saj 3, 7-9 Moun kòrèk yo lè la vîn vizité yo, y-ap kléré.....	1551, 1554
AT 10 Saj 9, 1-6. 9-11 Bondié papa mouin yo ak Granmèt mizérikòd la	876
AT 11 Saj 10, 17-21 Bondié té rinmèt bay sin yo rékonpans fatig yo	1552, 1554
AT 13 Sir 14, 22 ; 15, 3. 4. 6b Ala kontantman pou moun ki abité nan sajès la	1556
AT 14 Sir 31, 8-11 Ala kontantman pou moun yo jouinn san tach.....	1557
AT 15 Sir 36, 1-7. 13-16 Pran pitié pou nou, Bondié tout bagay, voyé jé gadé nou.....	697
AT 16 Sir 39, 17-21 Kouté mouin, pitit ki gin respè yo	1550
AT 17 Iz 2, 2-3 Ap rivé nan dènié jou yo	1546
AT 17 Iz 2, 2-5 Ap rivé nan dènié jou yo	802
AT 18 Iz 9, 1-6 Pèp ki t-ap maché nan fènoua yo	1541
AT 19 Iz 12, 1-6 M-ap fè déklarasyon pou ou, Granmèt.....	742
AT 20 Iz 26, 1-4. 7-9. 12 Vil fò nou-an ap sovè nou	817
AT 22 Iz 33, 13-16 Kouté, nou minm ki louin yo, sa mouin té fè	832
AT 23 Iz 38, 10-14. 17 b-20 Mouin té di : Nan mitan jou mouin yo	711, 1505
AT 25 Iz 40, 10-17 Min Granmèt Bondié-a k-ap vini ak fòs.....	845
AT 26 Iz 42, 10-16 Chanté yon kantik nouvo pou Granmèt la	905
AT 27 Iz 45, 15-25 Réyèlman vré, ou sé yon Bondié ki kaché.....	652
AT 29 Iz 61, 6-9 Nou minm y-ap rélé nou Prèt Granmèt la.....	1551
AT 30 Iz 61, 10 - 62, 5 Kanta kontan, mouin kontan nan Granmèt la	932
AT 30b Iz 61, 10 - 62, 3 Kanta kontan, mouin kontan nan Granmèt la	1548
AT 31 Iz 62, 4-7 Yo pap rélé-ou « Abandoné » ankò	1549
AT 31b Iz 63, 1-5 Kilès sa-a k-ap vîn sot nan Édòm nan	1528
AT 32 Iz 66, 10-14 a Sé pou nou rejoui avèk Jérusalèm, fété nan li	948
AT 33 Jér 7, 2-7 Kouté paròl Granmèt la, tout moun Juda	1547
AT 34 Jér 14, 17-21 Jé-m yo ap koulé dlo.....	861
AT 35 Jér 17, 7-8 Bénédiksion pou moun ki mét konfians nan Granmèt la	1556
AT 36 Jér 31, 10-14 Kouté paròl Granmèt la, nasion yo	637

AT 38 Éz 36, 24-28 M-ap pran nou sot nan nasion yo	977
AT 39 Dan 3, 26, 27, 29, 34-41 Ou béni, Granmèt, Bondié papa nou yo	918
AT 40 Dan 3, 52-57 Ou béni, Granmèt, Bondié papa nou yo	683, 891
AT 41 Dan 3, 57-88, 56 Béni Granmèt la, tout travay Granmèt la	580, 787
AT 42 Oz 6, 1-6 Vini, an nou tounin kot Granmèt la	1529
AT 43 Abak 3, 2-4, 13 a, 15-19 Granmèt, mouin té tandé sa y-ap di sou ou	757
AT 44 Sof 3, 8-13 Tann mouin, sé sa Granmèt la di	1530

N. T.

NT 1 Lk 1, 46-55 Nanm mouin ap chanté	562
NT 2 Lk 1, 68-79 Li béni, Granmèt Bondié Israël la	555
NT 3 Lk 2, 29-32 Koulié-a, Granmèt, ou mèt kite sèvitè-ou la pati	566
NT 4 Éféz 1, 3-10 Li béni, Bondié	602, 704, 810, 912, 1223, 1246, 1252, 1266, 1327, 1377, 1396, 1404, 1433, 1453
NT 5 Fil 2, 6-11 Kris Jézu, étan nan kondision Bondié	574, 675, 781, 884, 1520
NT 6 Kol 1, 12-20 (Cf.) N-ap di Bondié Papa-a mèsì	631, 735, 839
NT 8 1 Piè 2, 21-24 Kris la tou té soufri pou nou	690, 1273
NT 9 Ap 4, 11 ; 5, 9, 10, 12 Ou mérité sa, Granmèt ak Bondié nou	617, 719, 824, 1291, 1319
NT 10 Ap 11, 17-18 ; 12, 10 b-12 a N-ap di ou mèsì	646, 750, 854
NT 11 Ap 15, 3-4 Yo gran, yo mérité yo kontanplé yo, aksion-ou yo	515, 660, 869, 1357, 1426
NT 12 Ap 19, 1-2, 5-7 (Cf.) Alélouya. Sové-a, gloua-a ak otorité-a	50, 536, 588, 796, 898, 1195, 1216

GID LÉKTU BIBLIK LONG YO

* Gid la mété nan prémié lis la (I) léktu ki pi long yo, nan dézièm nan minm sa-k pi kout yo (II).

I

A. T.

Égz 14, 15 – 15, 1	29
1 Kr 17, 1-15.....	1043
Kant 2, 8-14; 8, 6-7.....	1160
Prov 31, 10-31	1442
Éz 36, 16-28.....	32

N. T.

Mt 1, 18-24	1544
Mt 28, 1-10	35
Mt 28, 16-20	1539
Mk 16, 1-20	1531
Lk 24, 1-12.....	1533
Lk 24, 13-35.....	1534
Lk 24, 35-53.....	1535
Jan 20, 1-18.....	1536
Jan 20, 19-31.....	1538
Tr Ap 5, 12-32	1258
Tr Ap 20, 17-36	1337
Rom 6, 3-11	34
Rom 8, 5-27	521

1 Kor 2, 1-16.....	1366
1 Kor 7, 25-40.....	1385
1 Kor 15, 12-34.....	1492
1 Kor 15, 35-57.....	1494
Éféz 4, 1-16.....	1082
Éféz 4, 1-24.....	418, 1460
Kol 3, 1-17.....	153
Ébr 11, 1-16.....	1021
1 Piè 1, 1-21.....	68
1 Piè 1, 1-22 - 2,10.....	83
1 Piè 2, 11-25.....	97
1 Piè 3, 1-6. 8-17.....	1444
1 Piè 3, 1-17.....	112
1 Piè 3, 7-17.....	1412
1 Piè 3, 18 - 4,11.....	126
1 Piè 4, 12 - 5, 14.....	138
1 Jn 1, 1-10.....	373
1 Jn 2, 1-11.....	382
1 Jn 2, 12-17.....	389
1 Jn 2, 18-29.....	396
1 Jn 3, 1-10.....	441
1 Jn 3, 11-17.....	451
1 Jn 3, 18-24.....	461
1 Jn 4, 1-10.....	470
1 Jn 4, 7-21.....	1467
1 Jn 4, 11-21.....	477
1 Jn 5, 1-12.....	484
1 Jn 5, 13-21.....	491
2 Jn.....	498
3 Jn.....	505
Ap 1, 1-20.....	160

Ap 2, 1-11	167
Ap 2, 12-29	174
Ap 3,1-22	182
Ap 4, 1-11	190
Ap 5, 1-14	197
Ap 6, 1-17	206
Ap 7, 1-17	216
Ap 7, 9-17	1280
Ap 8, 1-13	223
Ap 9, 1-12	231
Ap 9, 13-21	238
Ap 10, 1-11	245
Ap 11, 1-19	252
Ap 11, 19 - 12, 17	1231
Ap 12, 1-18	261
Ap 13, 1-18	271
Ap 14, 1-5; 19, 5-10	1411
Ap 14,1-13	278
Ap 14, 14 - 15, 4	286
Ap 15, 5 - 16, 21	294
Ap 17, 1-18	302
Ap 18, 1-20	310
Ap 18, 21 - 19, 10	319
Ap 19, 11-21	328
Ap 20, 1-15	335
Ap 21, 1-8	343
Ap 21, 9-27	350, 1202
Ap 22, 1-9	358
Ap 22, 10-21	365

GID LÉKTU BIBLIK KOUT YO

II

A. T.

Dét 6, 4-7	984
2 Sam 7, 28-29	1025
Tob 12, 6 b	1167
Judt 13, 18-19	1166, 1242
Jòb 19, 25-26	1516
Kant 8, 7	1391
Saj 1, 13-14 a. 15	1516
Saj 7, 13-14	1372
Saj 7, 27 b-28	1167
Saj 8, 21 a	1393
Iz 25, 8	1517
Iz 56, 7	1209
Iz 61, 10 (cf.)	1239
Jér 7, 2 b.4-5a.7a	1212
Jér 14, 9 (cf.)	1004
Joèl 2, 27-3,1	1165
Aj 2, 6 a. 7. 9	1212
Sof 3, 14. 15 b	1242
Zak 9, 9	1242

N. T.

Tr Ap 2, 32. 36	133, 195, 250, 307, 362, 446, 503
Tr Ap 2, 42-45	1253
Tr Ap 4, 11-12	91, 172, 228, 283, 340, 393, 481

Tr Ap 5, 12 a. 14.....	1263
Tr Ap 5, 30-32.....	129, 193, 248, 306, 361, 444, 501, 526
Tr Ap 5, 41-42.....	1263
Tr Ap 10, 40-43.....	41, 156, 210, 265, 323, 376, 465
Tr Ap 13, 30-33.....	87, 170, 226, 282, 339, 392, 480
Rom 1, 16-17.....	1088
Rom 4, 24-25 (cf.).....	106, 180, 236, 291, 348, 400, 489
Rom 5, 10-11.....	146, 202, 257, 315, 369, 456, 510
Rom 6, 4.....	47, 213, 268, 325, 379, 467
Rom 6, 8-11.....	101, 178, 234, 290, 346, 399, 488
Rom 8, 10-11.....	116, 186, 241, 298, 353, 403, 494
Rom 8, 11.....	515
Rom 8, 14-17.....	475
Rom 8, 26-27.....	482
Rom 8, 28-30.....	1426, 1454
Rom 10, 8 b-10.....	72, 163, 219, 274, 331, 385, 473
Rom 12, 1-2.....	1419, 1447
Rom 14, 7-9.....	142, 201, 256, 314, 368, 454, 509
1 Kor 2, 9-10.....	490
1 Kor 3, 16-17.....	1211
1 Kor 5, 7-8.....	133, 195, 250, 308, 363, 447, 503
1 Kor 6, 19-20.....	496
1 Kor 7, 25.....	1394
1 Kor 7, 32 b. 34 a.....	1378, 1397
1 Kor 9, 26-27 a.....	1423, 1451
1 Kor 12, 13.....	119, 187, 242, 299, 355, 404, 495, 532
1 Kor 15, 1-2 a. 3-4.....	1086
1 Kor 15, 20-22.....	146, 203, 258, 316, 370, 457, 510
1 Kor 15, 55-57.....	1521
2 Kor 1, 21-22.....	532
2 Kor 5, 14-15.....	147, 203, 258, 316, 370, 457, 511
2 Kor 5, 19-20.....	1262

2 Kor 6, 16.....	1211
Gal 3, 27-28.....	133, 195, 250, 307, 362, 447, 503
Gal 4,4-5.....	1224, 1247
Gal 5, 16. 22-23 a. 25.....	504
Gal 6, 7 b-8.....	1450
Éféz 1, 9 b-10.....	1049
Éféz 2, 4-6.....	46, 212, 268, 325, 379, 411, 467
Éféz 2, 19-22.....	1117, 1196, 1261
Éféz 4, 3-6.....	537
Éféz 4, 11-13.....	1267
Éféz 4, 23-24 (cf.).....	106, 180, 236, 292, 348, 401, 490
Éféz 4, 26-27.....	998
Fil 2, 6-7.....	1048
Fil 3, 7-8.....	1405, 1434
Fil 4, 8. 9 b.....	1423, 1451
Kol 1, 3-6.....	1089
Kol 1, 12-14 (cf.).....	120, 188, 243, 300, 355, 405, 496
Kol 2, 9. 10 a. 12.....	76, 165, 221, 276, 333, 386, 475
Kol 3, 1-2.....	92, 172, 229, 284, 341, 394, 428, 482
Kol 3, 23-24.....	1028
1 Tés 2, 2 b-4 a.....	1088
1 Tés 4, 14.....	1508
1 Tés 5, 23.....	1001
1 Tés 5, 9-10.....	992
1 Tim 1, 12.....	1354
1 Tim 2, 5-6 a.....	1050
1 Tim 3, 13.....	1354
1 Tim 4, 16.....	1353
2 Tim 1, 8 b-9.....	1088
2 Tim 2, 8. 11.....	77, 165, 221, 276, 333, 387, 475
Tit 3,5 b-7.....	120, 188, 242, 300, 355, 405, 496, 532
Ébr 5, 8-10.....	134, 196, 251, 308, 363, 448

Ébr 7, 24-27	107, 181, 237, 292, 349, 401
Ébr 8, 1 b-3 a	77, 166, 221, 277, 334, 387, 427
Ébr 10, 12-14	51, 158, 213, 269, 326, 380, 423, 468
Ébr 13, 7-9 a	1351
Jak 3, 17-18.....	1361, 1373
1 Piè 2, 4-5.....	92, 173, 229, 285, 341, 394
1 Piè 2, 9-10.....	148, 204, 259, 317, 371, 459
1 Piè 3, 18.21 b-22.....	121, 188, 243, 300, 356, 405, 431
1 Piè 3, 21-22 a (cf.)	92, 172, 228, 284, 341, 393, 482
1 Piè 5, 1-4.....	1328, 1357
1 Piè 5,5 b-7.....	1168
1 Piè 5, 8-9 a.....	995
1 Jn 1, 1-2	1036, 1054
1 Jn 4, 10.....	1050
1 Jn 5, 3-5	1285, 1313
1 Jn 5, 5-6 a.....	106, 180, 236, 292, 348, 400, 489
Ap 1, 17 c-18 (cf.)	76, 165, 220, 276, 333, 386, 427, 474
Ap 2, 10-11	1287, 1316
Ap 3, 10-12	1273, 1300
Ap 3, 21	1288, 1316
Ap 7, 14 b-17	1291, 1320
Ap 19, 7. 9	1288, 1316
Ap 19, 6 b. 7	1394
Ap 21, 1 a. 2-3. 22. 27.....	1217
Ap 22, 4-5.....	988

GID TÈKS POU DÉZIÈM LÈKTU YO

Adalbertus [Adalbèr]	
Ex vita auctore coaevio conscripta	1076
Anselmus Cantuariensis [Ansèlm de Kantòrbéri]	
Proslogion 14, 16. 26.....	1071
Athanasius Alexandrinus [Atanaz d'Aléksandri]	
Oratio de Incarnatione Verbi, 8-9.....	1111
Augustinus [Ogustin d'Ipòn]	
Enar. in Psalm. 61, 4.....	1123
Enar. in Psalm. 148, 1-2.....	366
Sermo 8 in octava Pascha 1. 4	154
Sermo 34, 1-3. 5-6.....	224
Sermo 171, 1-3. 5	1151
Sermo 329, 1.2.....	1309
Sermo Mai 98, 1-2 de Ascensione Domini	419
Tract. in Ioannem 65, 1-3	296
Tract. in Ioannem 81, 4.....	1141
Tract. in Ioannem 124, 5.....	1100
Tract. in Ioannem 124, 5. 7.....	452
Basilius Magnus [Bazil le Gran]	
Lib. de Spiritu Sancto 9, 22-23	478
Lib. de Spiritu Sancto 15, 35-36.....	272
Beda Venerabilis [Bèd le Vénérab]	
Comm. in primam Epist. Petri, 2	217
Hom. lib. 1, 4.....	1161
Bernardinus Senensis [Bèrnardin de Sièn]	
Sermo 2, de S. Ioseph	1022
Sermo 49, de glorioso nomine Iesu Christi, 2	1137
Bernardus Abbas [Bèrnar de Klèrvo]	

Sermo in Psalm. Qui habitat 17, 4. 6	1125
Bonifatius [Bonifas]	
Epist. 78.....	1179
Braulio [Brolion de Saragòs]	
Epist. 19.....	1498
Cæsarius Arelatensis episcopus [Sézèr d’Arl]	
Ex Sermonibus.....	1139
Catharina Senensis [Katrîn de Sièn]	
Dialogus de Divina Providentia 167	1097
Clemens Romanus [Kléman de Ròm]	
Epist. ad Corinthios 36, 1-2; 37-38.....	304
Concilium Vaticanum II [Dézièm Konsil Vatikan-an]	
Ad Gentes 4-5.....	1347
Christus Dominus 12-13. 16.....	1030
Dei Verbum 7-8.....	1369
Gaudium et spes 33-34	1104
Lumen gentium 4. 12.....	485
Lumen gentium 61-62	1236
Presbyterorum ordinis.....	1345
Perfectæ caritatis 1. 5. 6. 12. 25.....	1388
Sacrosanctum Concilium 5.6.....	199
Cuthbertus [Kutbèrtus]	
Epist. de obitu Beda Venerabilis, 4-6	1144
Cyprianus [Sipriyin de Kartaj]	
Epist. 58, 8-9. 11.....	1065
Epist. 6, 1-2	1281
Tract. de habitu virginum 3-4. 22. 23	1386
Cyrillus Alexandrinus [Siril d’Aléksandri]	
Comm. in Epist ad Romanos 15, 7	312

Comm. in Epist. ad Corinthios 5, 5-6, 2	374
Comm. in Evang. Ioannis lib. 4, 2	254
Comm. in Evang. Ioannis lib. 10, 2	337
Comm. in Evang. Ioannis lib. 10, 16, 6-7	492
Comm. in Evang. Ioannis lib. 11, 11	390
Cyrillus Hierosolymitanus [Siril de Jérusalèm]	
Catechesis 16, de Spiritu Sancto 1, 11-12. 16.....	471
Cat. 20, Mystagogica 2, 4-6.....	114
Cat. 21, Mystagogica 3, 1-3.....	127
Cat. 22, Mystagogica 4, 1. 3-6. 9.....	140
Chromatius Aquileiensis [Kromas d' Akilé]	
Tract. 5 in Evang. Matthæi, 1. 3-4.....	1187
Didymus Alexandrinus [Didim d' Aléksandri]	
Tract. de Trinitate lib. 2, 12	383
Ephræm diaconus [Éfrèm, diak]	
Sermo 3 de diversis.....	1127
Sermo 3, de fine et admonitione, 2. 4-5.....	1184
Sermo de Domino nostro 3-4. 9.....	246
Epist. ad Diognetum [Lèt pou Diognèt] 5-6.....	344
Fidelis a Sigmaringen [Fidèl de Sigmaringen]	
Elogium eiusdem	1078
Franciscus de Paola [Fransoua de Paola]	
Epist. anno 1486 conscripta.....	1056
Fulgentius Ruspensis [Fuljans de Rusp]	
Libri ad Monimum 2, 11-12	168
Sermo 1, 2-3	1343
Gaudentius Brixiensis [Godens de Brescia]	
Tractatus 2	184
Tractatus 2	352

Gregorius Magnus [Grégoua le Gran]	
Epist. lib. 11, 36.....	1153
Hom. in Evangelia, lib. 2, 36, 11-13	1462
Hom. in Evangelia 14, 3-6.....	263
Gregorius Nyssenus [Grégoua de Nis]	
Hom. 15, in Canticum canticorum.....	462
Oratio 1 in Christi resurrectionem	330
Gregorius papa Septimus [Grégoua VII]	
Epist. 64 extra Registrum	1146
Guillelmus Abbas S. Theodorici [Giyòm Abé de S. Téodorik]	
Speculum	1367
Hilarius Pictaviensis [Ilèr de Pouatié]	
Tract. de Trinitate, lib. 2, 1, 33-35	499
Tract. de Trinitate, lib. 8, 13-16.....	288
Tract. in Ps 126, n. 7-10.....	1341
Homiliae [Oméli]	
Auctoris afrìcani sæculi VI, 8, 1-3.....	507
Auctoris antiqui hom. paschalis.....	161
Hom. paschalis auctoris antiqui (Ps. Ambrosius) 35, 6-9.....	99
Ioannes Baptista de La Salle [Jan Batis de la Sal]	
Meditatio 201.....	1063
Ioannes Chrysostomus [Jan Krizostòm]	
Hom. in Acta Apostolorum 3, 1.2. 3.....	1131
Hom. in Acta Apostolorum 20, 4	1413
Hom. in Epist. ad Romanos 15, 6	1469
Hom. 59 in Matthæum	1472
Ioannes de Avila [Jan de Avila]	
Epist. ad amicos 58.....	1134
Tractatus de amore Dei erga nos, l. 2. 4.....	1121

Irenæus Lugdunensis [Iréne de Lion]	
Adversus Hareses, lib. 1, 10, 1-3	1083
Adversus Hareses, lib. 5, 2, 2-3	239
Adversus Hareses, lib. 3, 17, 1-3	523
Isaac Abbas Monasterii de Stella [Izaak abé Monastè Étoual la]	
Sermo 42.....	359
Isidorus Hispalensis [Izidòr de Sévil]	
Sententiarum, lib. 3, 8-10.	1058
Iustinus Martyr []	
Acta martyrii eiusdem 1-5	1171
Apologia prima pro christianis 61.....	232
Apologia prima pro christianis 66-67	208
Leo Magnus [Léon le Gran]	
Epist. 28, ad Flavianum, 3-4	1045
Sermo de Ascensione, 1, 2-4	397
Sermo de Ascensione, 2, 1-4	442
Sermo de natali ipsius, 3, 2-3.....	1339
Sermo de Passione 12, 3. 6-7.....	176
Ludovicus Maria Grignon de Montfort [Loui Mari Grignon de Monfòr]	
De vera devotione erga Beatam Virginem, 120-121, 125-126.....	1093
Maria Magdalena de' Pazzi [Mari Madlèn de Pazzi]	
Scripta de Revelatione et de Probatione	1148
Maximus Taurinensis [Maksim de Turin]	
Sermo 53, 1-2. 4	321
Melito Sardinianus [Méliton de Sard]	
Hom. in Pascha 2-7. 100-103.....	70
Norbertus [Nòrbèr]	
Vita eiusdem.....	1182

Origenes [Oriyèn]	
Exhortatio ad martyrium 41-42.....	1174
Hom. in Iesu Nave 9, 1-2	1204
Paulus papa Sextus [Pòl VI]	
Hom. in canonizatione martyrum Ugandensium	1177
Hom. in ultima sessione Concilii Vaticani II, 7 decembris 1965.....	1156
Petrus Chanel [Piè Chanèl]	
Elogium eiusdem.....	1091
Petrus Chrysologus [Piè Krizològ]	
Sermo 108.....	280
Petrus Damianus [Piè Damiyìn]	
Sermo 3 de S. Georgio.....	1074
Sophronius [Sofronius]	
Oratio 2, in sanctissimæ Deiparæ Annuntiatione 21-22. 26	1233
Tertullianus [Tèrtulyin]	
Tract. de Præscriptione hæreticorum 20, 1-9; 21, 3; 22, 8-10.....	1115
Theodorus Studita [Téodòr Stoudit]	
Oratio in adorationem crucis.....	191
Vincentius Ferrer [Vinsan Férié]	
Tract. de Vita spiritali, 13	1061

GID RÉPONS YO

Ak tout kè-l li té fè louanj Granmèt la [De omni corde] (Sir 47, 10-11. 12cd).....	1185
Ala bèl ou bèl, vièj Kris la [O quam pulchra].....	1389
Ala kontantman pou nou minm lè moun yo ap rayi nou [Beati eritis, cum] (Lk 6, 22. 23a; 1 Piè 3, 14a).....	113
Ala kontantman pou ou ki té kouè [Beata, quæ credidisti] (Lk 1, 45. 46; Ps 65 (66), 16).....	1163
Ala rinmin yo rinmin tant ou yo [Quam dilecta tabernacula] (Ps 83 (84), 2-3. 5).....	1207
Anba otèl Bondié-a mouin té tandé voua sa yo té touyé yo [Sub altare Dei] (Cf. Ap 6, 9. 10. 11).....	207
Anj la té kanpé dévan otèl la [Stetit angelus ante] (Cf. Ap 8, 3-4; 5, 8b).....	224
Antan Jézu pran pin-an, li té rann gras... Lè pitit nou yo ap di nou [Accepto Iesus pane... Cum] (Lk 22, 19; Égz 12, 26-27a).....	142
Antan Jézu pran pin-an, li té rann gras... Sa-a sé pin-an [Accepto Iesus pane... Hic] (Lk 22, 19; Jan 6, 58).....	186
Antan Kris la monté nan rotè-a [Ascendens Christus in altum] (Éféz 4, 8 (Ps 67 [68], 19); Ps 46 (47), 6).....	419
Antan m-ap témouagné lafoua nan Granmèt nou Jézu-Kri... Mouin pa ront [Testificans fidem in... Non enim erubescio] (Cf. Tr Ap 20, 21. 24; Rom 1, 16)....	1173
Antan n-ap patisipé nan soufrans Kris la [Communicantes Christi passionibus] (Cf. 1 Piè 4, 13; Lk 6, 22).....	140
Antan nou alé sou tout tè-a [Euntes in mundum] (Mk 16, 15-16; Jan 3, 5).....	1348
Antan nou kouè, nou maké ak Éspri-Sin [Credentes signati estis] (Éféz 1, 13b-14; 2 Kor 1, 21b-22).....	128
Antan nou minm n-ap batay [Præliantes nos et].....	1178, 1283
Antan nou proché kot Granmèt la [Ad Dominum accedentes] (1 Piè 2, 4-5; Ps 117 (118), 22).....	1343

Apré soufrans li-a pandan karant jou [Post passionem suam] (Cf. Tr Ap 1, 3. 9. 4).....	421
Atout nou anpil la, sé yon sèl kò nou yé nan Kris la [Multi unum corpus] (Rom 12, 5; Kol 2, 9-10a; 1, 18).....	360
Avèk gran fòs, Apot yo t-ap sèvi rézirkèsion Jézu-Kri-a témouin [Virtute magna reddebant] (Cf. Tr Ap 4, 33. 31b).....	1259
Avèk pasion, sé pa Bòn Nouvèl Bondié-a sèlman [Cupide volebamus tradere] (1 Tés 2, 8; Gal 4, 19).....	1077, 1181, 1346
Ban-m kè-ou, pitit [Præbe, fili, cor] (Cf. Prov 23, 26; 1, 9; 5, 1).....	1474
Bon Gadyin-an té résisité [Surrexit Pastor bonus] (Cf. Jan 10, 14. 15; 1 Kor 5, 7b).....	265
Bondié ap suiyé tout dlo sot nan jé sin yo [Absterget Deus omnem] (Ap 21, 4; 7, 16 (Iz 49, 10)).....	1124
Bondié li minn an prémié té rinmin nou [Deus ipse prior] (Cf. 1 Jn 4, 10. 16a; cf. Iz 63, 8c. 9c).....	478
Bondié té fè-m vîn tankou papa roua-a [Fecit me Deus] (Cf. Sir 51, 2-3).....	1023
Bondié té pran plézi sové moun ki kouè yo [Placuit Deo] (1 Kor 1, 21. 23. 25).....	1367
Bondié tout gras la [Deus omnis gratiæ] (Cf. 1 Piè 5, 10; 2 Kor 4, 14).....	454
Bondié, ki konnin kè yo [Qui novit corda] (Cf. Tr Ap 15, 8-9; 11, 18b).....	508
Élizabèt vîn plin ak Éspri-Sin-an [Repleta est Spiritu] (Lk 1, 41b-43. 44).....	1161
Frè yo, pran modèl sou mouin [Coimitatores mei estote] (Fil 3, 17; 4, 9; 1 Kor 1, 10a).....	1155
Frè yo, sé pou nou fè kè nou kontan [Fratres, gaudete, perfecti] (2 Kor 13, 11; Rom 15, 13a).....	1153
Gadé ki kalité rinmin Bondié Papa-a té ba nou [Videte qualem caritatem] (1 Jn 3, 1. 2b).....	442
Gin divès kalité aktivité [Divisiones operationum sunt] (1 Kor 12, 6-7. 27).....	473
Granmèt Bondié té mété moun nan	

[Posuit Dominus Deus] (Cf. Jén 2, 15)	1105
Granmèt la té ba li gloua	
[Dominus glorificavit illum] (Sir 45, 3; Ps 77 (78), 70a. 71bc)	1147
Granmèt, mouin minm sèvitè-ou	
[Domine, ego servus] (Ps 115 (116), 16b. 17a. 18).....	1094
Granmèt, pa jijé-m dapré aksion-m	
[Domine, secundum actum] (Cf. Ps 50 (51), 5)	1496
Jé pa-t ouè, ni zòrèy pa-t tandé	
[Oculus non vidit] (1 Kor 2, 9-10a).....	1150
Jézu té di Nikodèm	
[Dixit Iesus Nicodemo] (Jan 3, 5-6).....	234
Jézu té di Simon : Mouin di-ou sé Piè ou yé	
[Dixit Iesus Simoni] (Cf. Mt 16, 18; Ps 47 (48), 9).....	1341
Kay Granmèt la gin fondasion sou tèt mòn yo	
[Fundata est domus] (Cf. Iz 2, 2. 3; Ps 125 (126), 6)	1205
Kè Vièj la byin fèm	
[Firmum est cor]	1129
Kèk moun nasion yo té rivé kot Filip	
[Accesserunt quidam gentiles] (Jan 12, 21-22; Rom 9, 26 (cf. Os 2, 1b)).....	1116
Konsa sé pou yo konsidéré nou tankou minis Kris la	
[Sic nos existimet] (1 Kor 4, 1-2 ; Prov 20, 6)	1339
Kontantman pou ou, sint Vièj Mari	
[Felix es, sacra]	1236
Kot viktoua-ou la, lanmò ? ... Antan nou gin éspri lafoua-a	
[Ubi est, mors... Habentes] (1 Kor 15, 55-56a. 57; cf. 2 Kor 4, 13. 14)	248
Kouraj, sèvitè ki bon épi ki fidèl	
[Euge, serve bone] (Mt 25, 21. 20)	1344
Kris la gin pou-l régné, joutan	
[Oportet Christum regnare] (1 Kor 15, 25-26 ; cf. Ap 20, 13. 14)	337, 1494
Kris la rinmin nou	
[Christus diligit nos] (Ap 1, 5. 6b; Kol 1, 18b)	161
Kris la soufri yon foua pou tout	
[Christus semel pro] (1 Piè 3, 18. 22)	127
Kris la té soufri pou nou	
[Christus passus est] (1 Piè 2, 21. 24)	99

Kris la té voyé-m préché Bòn Nouvèl la [Misit me Christus] (1 Kor 1, 17-18. 21)	1084
Lapinn nou-an ap vîn tounin [Tristitia vestra vertetur] (Jan 16, 20b).....	367
Laprèv nou sé pitit gras a lafoua-a [Quoniam estis filii] (Gal 4, 6; 3, 26; 2 Tim 1, 7)	523
Lavi-a té manifesté... Nou konnin Pitit Bondié-a [Vita apparuit et... Scimus quoniam Filius Dei venit] (1 Jn 1, 2; 5, 20a.c).....	374
Lè Barnabé rivé Antiòch [Cum pervenisset Barnabas] (Tr Ap 11, 23-24)	1189
Lè Jézu té gin pou-l travèsé sot sou tè-a [Transiturus de mundo]	209
Lè jou Pantkot la rivé bout [Cum completeretur dies] (Tr Ap 2, 1-2).....	524
Lè kò sa-a k-ap mouri-a [Cum mortale hoc] (1 Kor 15, 54. 57; Ap 12, 1).....	1232
Lè tronpèt la ap kòmansé sonnin [Cum cœperit tuba] (Cf. Ap 10, 7; Mt 24, 30)	246
Li béni, Bondié ak Papa Granmèt nou Jézu-Kri [Benedictus Deus et Pater] (1 Piè 1, 3. 13)	70
Li minm sé tèt kò Égliz la [Ipse est caput] (Kol 1, 18; 2, 12b. 9-10. 12a).....	305
Li sin, li sin, li sin, Granmèt Bondié ki gin tout pouvoua-a [Sanctus, sanctus, sanctus] (Ap 4, 8c; Iz 6, 3).....	191
Li té abiyé ak yon rad ki tranpé nan san [Vestitus erat veste] (Ap 19, 13. 15c. 16).....	329
Li té maré rin-l ak fòs [Accinxit fortitudine lumbos] (Cf. Prov 31, 17. 18; cf. Ps 45 (46), 6).....	1444
Li té rivé, rouayòm Granmèt nou-an [Factum est regnum] (Ap 11, 15b; Dan 7, 27c).....	254
Madanm nan ki pa marié-a épi ki vièj la [Mulier innupta et] (1 Kor 7, 34; Ps 72 (73), 26)	1387
M-ap bay prodij nan sièl la ak sou tè-a [Dabo prodigia in] (Joèl 2, 3; 3, 5a; Mk 13, 33).....	232
M-ap fè louanj non-ou san rété	

[Laudabo nomen tuum] (Sir 51, 15ab; Ps 9, 3)	1138
M-ap vidé dlo réyèlman sou tè ki souaf la [Effundam aquas super] (Cf. Iz 44, 3. 4; Jan 4, 14b).....	384
M-apralé paré yon plas pou nou [Vado parare vobis] (Jan 14, 2b. 3b. 16. 18).....	398
Min sa Pitit Bondié-a di [Hæc dicit Filius] (Ap 2, 18b. 23b; 22, 12a)	176
Min tant Bondié-a avèk moun yo [Ecce tabernaculum Dei] (Ap 21, 3b. 4)	344
Minm jan Kris la résisité [Quemadmodum suscitatus est] (Rom 6, 4b; 1 Jn 3, 23b; cf. Judt 16, 13).....	226
Mouin ba nou yon kòmandman nouvo [Mandatum novum do] (Jan 13, 34; 1 Jn 2, 10a. 3).....	383
Mouin kouè Rédanmtè-m nan ap viv [Credo quod Redemptor] (Cf. Jòb 19, 25. 26. 27).....	1495
Mouin minm mouin sé bon Gadyin-an,,, Mouin minm mouin vini [Ego sum pastor... Ego] (Jan 10, 14. 15b. 10b).....	256
Mouin minm mouin sé bon gadyin-an... Min li [Ego sum pastor... Ecce] (Jan 10, 14; Éz 34, 11. 13a).....	178
Mouin minm mouin sé limiè tè-a [Ego sum lux] (Jan 8, 12b; Sir 24, 25)	346
Mouin minm mouin sé pin lavi-a [Ego sum panis] (Jan 6, 48-51ab)	240
Mouin minm mouin sé rasîn ak ras David [Ego sum radix] (Ap 22, 16b. 17ab. 20c; Iz 55, 1a. 3a)	366
Mouin pap rélé nou sèvitè ankò [Iam non dicam] (Cf. Jan 15, 15; 14, 26; 15, 14)	464
Mouin priyé pou yo, pou yo tout fè yon sèl [Pro eis rogo] (Jan 17, 20b. 21a. 22. 18).....	170
Mouin sé véritab pié rézin-an [Ego sum vitis] (Cf. Jan 15, 5. 9)	200
Mouin té grangou, épi nou té ban-m manjé [Esurivi, et dedistis] (Mt 25, 35. 40; Prov 19, 17).....	1470
Mouin té tandé nan sièl la voua anpil anj [Audiivi vocem in cælo] (Cf. Ap 14, 7. 6)	280

Mouin té tandé yon voua ki sot nan sièl la [Audivi vocem de caelo] (Cf. Ap 14, 2; 19, 6; 12, 10; 19, 5).....	321, 1412
Moun k-ap ranpòté viktoua-a, l-ap abiyé ak rad blan [Qui vicerit, vestietur] (Ap 3, 5; Mt 10, 22b)	272
Moun ki kinbé kòmandman Bondié yo [Qui servat mandata] (1 Jn 3, 24; Sir 1, 9a. 10ab).....	462
Moun ki manjé chè-m [Qui manducat meam] (Jan 6, 56; cf. Dèt 4, 7)	289
Nan dènié gran jou fèt la [In novissimo die] (Jan 7, 37a. 38. 39a)	486
Nan promès Bondié-a [In repromissione Dei] (Rom 4, 20. 22; Jak 2, 22).....	1022
Nan sa-a charité Bondié-a té parèt nan nou [In hoc apparuit] (1 Jn 4, 9; Jan 3, 16)	471
N-ap jouinn gloua nan Bondié [Gloriamur in Deo] (Rom 5, 11; Kol 1, 19-20a)	375
Nou gin yon kalité prèt an chèf [Talem habemus pontificem] (Ébr 8, 1b; 10, 22. 23)	444
Nou konnin Pitit Bondié-a vini [Scimus quoniam Filius] (1 Jn 5, 20; Jan 1, 18).....	492
Nou minm nou sé limiè nan Granmèt la [Vos estis lux] (Éféz 5, 8-9; Mt 5, 14. 16).....	1415
Nou minm nou sé yon ras chouazi [Vos genus electum] (1 Piè 2, 9; cf. Dèt 7, 7-8).....	219
Nou mouri, épi lavi nou kaché [Mortui estis, et] (Kol 3, 3-4; Rom 6, 11)	155
Okipé tout bann mouton-an [Attendite universo gregi] (Tr Ap 20, 28; 1 Kor 4, 2).....	1338
Onksion nou té résévoua-a rété nan nou [Unctio, quam accepistis] (Cf. 1 Jn 2, 27; Joèl 2, 23)	397
Osijè sa k-ap dòmi yo, nou pa doué gin chagrin [De dormientibus non constistemini] (1 Tés 4, 13-14; cf. Jér 22,10).....	1500
Ou mérité sa vré, Granmèt [Dignus es, Domine] (Ap 5, 9bcd. 10a)	199, 282
Ou minm Granmèt, ki konnin kè tout moun	

[Tu, Domine, qui] (Tr Ap 1, 24. 25b. 26).....	1133
Ou-ap tankou bouch mouin	
[Quasi os meum] (Jér 15, 19. 20; 2 Piè 2, 1).....	1113
Ouété vié lévin-an	
[Expurgate vetus fermentum] (1 Kor 5, 7-8a; Rom 4, 25)	163
Ouvri pou mouin, sè mouin	
[Aperi mihi, soror]	1098
Pa imité mal la, min sa-k byin-an	
[Noli imitari malum] (3 Jn 11; 1 Piè 2, 19).....	506
Pa kité kè nou troublé	
[Non turbetur cor] (Cf. Jan 14, 27b; 16, 22b; 14, 16a).....	479
Pa lintèmèdiè yon moun lanmò-a té rivé	
[Per hominem mors] (1 Kor 15, 21-22; 2 Piè 3, 13a).....	331
Pandan mouin té pasé tout tan lavi mouin	
[Cunctum tempus vitæ].....	1145
Pap gin nannuit ankò	
[Nox ultra non erit] (Ap 22, 5. 3b).....	358
Papa-a ki vivan-an té voyé-m	
[Misit me vivens] (Jan 6, 57; Lk 22, 19b).....	353
Paròl Granmèt la rété pou tout tan... Dapré sa yo té transmèt	
[Verbum Domini manet... Sicut tradiderunt] (1 Piè 1, 25; Lk 1, 2).....	1370
Plas ou yo, Jérusalèm, ap kouvri ak lò ki nèl	
[Plateæ tuæ, Ierusalem] (Cf. Ap 21, 21; Tob 13, 17. 18. 11)	351, 1203
Pou mouin minm viv sé Kris la	
[Mihi vivere Christus] (Fil 1, 21; Gal 6, 14)	1141
Préché paròl la, insisté nan bon moman... Fè atansyon	
[Prædica verbum, insta... Attende] (2 Tim 4, 2. 5; cf. Tr Ap 20, 28)	1183
Préché paròl la, insisté nan bon moman... Mouin t-ap anonsé pèp yo	
[Prædica verbum, insta... Populis] (2 Tim 4, 2; cf. Tr Ap 26, 20b).....	1062
Prémié moun nan sòti nan tè-a li dapré tè-a	
[Primus homo de terra] (1 Kor 15, 47. 49. 48).....	101
Promès la, sa yo té fè bay papa nou yo	
[Quæ ad patres] (Tr Ap 13, 32b-33a; 10, 42b; 2, 36b).....	71
Protéjé pié-ou antan ou-ap antré	
[Custodi pedem tuum] (Cf. Ko 4, 17ac).....	1143

Rékòlt la anpil sé vré [Messis quidem multa] (Lk 10, 2; Tr Ap 1, 8)	1092
Résévoua paròl la, Vièj Mari [Suscipe verbum, Virgo]	1046
Rét fidèl jouskalamò [Esto fidelis usque] (Ap 2, 10c. 11b; Sir 4, 33).....	168, 1309
Rété nan mouin, épi mouin minm nan nou [Manete in me] (Jan 15, 4. 16b)	338
Réyèlman vré ou béni nan pami médam yo... Pa lintèrédiè-ou zansèt ou yo [Vere benedicta tu... Per te progenitores tuis]	1234
Roua yo sou tè-a ap batay kont Mouton-an [Reges terræ cum] (Ap 17, 14; 6, 2b).....	304
Roua-a té anvì bèl vizaj ou-a [Concupivit Rex speciem].....	1386
Sa té konv nab pou li [Decebat eum, propter] (Ébr 2, 10; Ap 1, 6b; Lk 24, 26)	86
Sa yo ki abiyé ak rad blan yo [Isti qui amicti] (Ap 7, 13. 14; 6, 9)	217
Sa yo sé mouton tou jèn yo [Isti sunt agni] (Cf. Ap 7, 9).....	115
Sa-a sé Ansèlm [Hic est Anselmus].....	1073
Sa-a sé kòmandman nou té résévoua nan min Papa-a [Hoc est mandatum] (Cf. 2 Jn 5. 4b; Dèt 5, 33a).....	499
Sa-a sé li minm ki vini [Hic est qui venit] (1 Jn 5, 6; Zak 13, 1)	485
Sa-a sé piéboua ki gin pi plis konsidérasion-an [Hæc est arbor].....	193
Sa-a, sé li minm ki dévan Bondié té fè travay ki mandé gran fòs yo [Iste est, qui]	1417
Sé bon konba-a mouin té konbat [Bonum certamen certavi] (2 Tim 4, 7-8; Fil 3, 8-10).....	1070, 1080, 1311
Sé kòmandman sa-a nou ginyin [Hoc mandatum habemus] (1 Jn 4, 21; Mt 22, 40).....	297
Sé nan sa nou konnin charité Bondié-a	

[In hoc novimus] (1 Jn 3, 16. 14a)	452
Sé nou minm nou té gin pou nou palé paròl Bondié-a an prémié [Vobis oportebat primum] (Tr Ap 13, 46-47)	313
Sé pa ak volonté moun profési janm rivé [Non voluntate humana] (Cf. 2 Piè 1, 21; Prov 2, 6).....	1083
Sé pa kont chè ak san n-ap batay [Non est nobis] (Éféz 6, 12. 14a. 13)	1176
Sé pou nou gin charité [Caritatem habete] (Fil 2, 2. 3. 4; 1 Tés 5, 14-15).....	1445
Sé pou nou maré rin éspri nou [Succincti lumbos mentis] (1 Piè 1, 13. 15 ; Lévi 11, 44)	1413
Sé pou tout moun toupatou fè pénitans [Omnes ubique pœnitentiam] (Tr Ap 17, 30b. 31a; cf. Joèl 1, 13. 14).....	239
Sé yon sèl ki nésésè [Unum est necessarium] (Lk 10, 42. 39).....	1462
Sé yon sèl pin, épi yon sèl kò [Unus panis, et] (Cf. 1 Kor 10, 17; Ps 67 (68), 11b. 7a).....	391
Si mèt kay la té konnin ki lè vòlè-a [Si sciret paterfamilias] (Mt 24, 43a; Ap 16, 15a; 1 Tés 5, 3a)	296
Si nou té résisité ansanm avèk Kris la... Nou mouri réyéلمان [Si conresurrexistis Christo... Mortui enim] (Kol 3, 1. 2. 3)	154
Si ou té anonse moun kòrèk la pou-l pa fè péché [Si tu commonueris] (Éz 3, 21; 1 Tim 4, 16)	1102
Si yon moun tandé voua-m épi li louvri pòt la [Si quis audierit] (Ap 3, 20b; 2, 7b)	184
Si-m pa alé, Paraklè-a pap vîn jouinn nou [Si non abiero] (Jan 16, 7b. 13).....	494
Sin sa-a té batay pou laloua Bondié-l la [Iste sanctus pro].....	1067, 1075, 1127
Sin-ou yo, Granmèt, suiv yon chémin ékstraòdinè [Sancti tui, Domine] (Cf. Saj 10, 17-20).....	1281
Soti nan mitan Babilòn [Exite de medio Babylonis] (Iz 52, 11b. 12b; Jér 51, 45 (cf. Ap 18, 4))	312
Sou chè nou-an, k-ap lévé sot nan bingn nan [Carni nostræ, emergenti]	274

Tan-an kout... Kanta nou minm [Tempus breviatum est... Nos autem] (1 Kor 7, 29. 30. 31; 2, 12)	1463
Tan-an rivé pou-m tounin kot sa-a ki té voyé-m nan [Tempus est ut]	501
Tankou ròch ki vivan [Tamquam lapides vivi] (1 Piè 2, 5. 9a)	84
Tè-a ap pasé, ni mové atirans li-a [Mundus transit et] (1 Jn 2, 17. 15b)	389
Tout bèlté Granmèt la lévé anlè anro zétoual yo [Omnis pulchritudo Domini] (Ps 18 (19), 7a)	322
Tout moun k-ap kite kay oubyin frè [Omnis, qui reliquit] (Mt 19, 29. 27).....	1462
Tout moun ki nan kavò yo [Omnes qui in monumentis] (Jan 5, 28-29; 1 Kor 15, 52).....	1498
Tout skrib ki vîn savan nan rouayòm sièl yo [Omnis scriba doctus] (Mt 13, 52; cf. Prov 14, 33).....	1060, 1368
Tout tan nou minm ki vivan yo [Semper nos qui] (2 Kor 4, 11. 16)	1057, 1136
Virjinité ki sin épi ki san tach [Sancta et immaculata] (Cf. Lk 1, 42).....	1237
Y-ap chanté kantik Mouton-an [Cantant canticum Agni] (Ap 15, 3; Égz 15, 11)	287
Yo t-ap prezanté timoun piti bay Jézu [Offerebant Iesu parvulos] (Cf. Mk 10, 13-14. 16)	1064
Yo té ranpôté viktoua poutèt san Mouton-an [Vicerunt propter sanguinem] (Ap 12, 11. 12a; 2 Mak 7, 36a)	263
Yo té voyé anj Gabrièl kot Mari ki Vièj [Missus est Gabriel] (Cf. Lk 1, 26-32).....	1044

GID RÉPONS KOUT YO

Ala kontantman pou moun yo ki abité [Beati qui habitant]	1217
Anonsé nan pami nasion yo [Annuntiate inter gentes].....	1089, 1267
Antan Kris la monté nan rotè-a [Ascendens Christus in altum]	423
Bondié monté nan gran rèl fèt [Ascendit Deus in iubilatione]	411
Bondié té chouazi-l [Elegit eam Deus]	1455
Bondié té poté-l sèkou pa pouvoua fas li-a [Adiuvabit eam Deus]	1448
Bondié té rinmin li [Amavit eum Dominus]	1405
Bouch moun ki kòrèk la [Os iusti]	1361
Disip yo kontan [Gavisi sunt discipuli]	166, 173, 181, 189, 196, 204, 221, 229, 237, 243, 251, 259, 277, 285, 293, 301, 308, 317, 334, 342, 349, 356, 363, 371, 387, 394, 402, 406, 448, 459
Éspri Granmèt la vîn plin fas tè yo [Spiritus Domini replevit]	537
Éspri Paraklè-a [Spiritus Paraclitus].....	448, 468, 476, 482, 490, 497, 504, 515
Granmèt la gran [Magnus Dominus]	1209
Granmèt la kòrèk [Iustus Dominus].....	1427
Granmèt la té chouazi-l [Elegit eam Dominus]	1165, 1239

Granmèt la té résisité sot nan kavou-a [Surrexit Dominus de sepulcro]	163, 170, 178, 186, 194, 201, 219, 227, 234, 241, 248, 256, 274, 282, 290, 298, 306, 314, 332, 339, 346, 353, 361, 368, 385, 392, 399, 403, 445, 454, 473, 480, 488, 494, 502, 509
Kay ou-a, Granmèt [Domum tuam, Domine]	1196
Kè-m té di-ou [Tibi dixit cor]	1391
Kontantman san rété [Lætitia sempiterna]	1285, 1314
Laloua Bondié li-a [Lex Dei eius]	1420
Li té instalé-l * Kòm mèt kay li-a [Constituit eum dominum]	1025
M-ap fè louanj ou, Granmèt [Exaltabo te, Domine]	1508
M-ap fété épi m-ap réjouï [Exsultabo et lætabor]	1434
M-ap monté kot Papa-m [Ascendo ad Patrem meum]	432
Min sa-a ki rinmin frè-l yo [Hic est fratrum]	1358
Mouin salué-ou, Mari, Plin-lagras [Ave, Maria, gratia plena]	1048, 1169, 1247
Moun ki kòrèk la ap jèmin [Iustus germinabit sicut lilium]	1018, 1028
Moun ki kòrèk yo ap kléré [Fulgebunt iusti]	1292, 1320
Nan min-ou yo, Granmèt [In manus tuas, Domine]	566, 985, 989, 993, 995, 998, 1001, 1004
Nan mitan Égliz la [In medio Ecclesiæ]	1373
Nan ou, Granmèt, mouin té éspéré [In te, Domine, speravi]	1521
Ou instalé yo kòm chèf	

[Constitues eos principes]	1117, 1261
Ou minm ki Vièj, apré ou fin anfanté	
[Post partum, Virgo]	1224
Ou minm Kris la, Pitit Bondié vivan	
[Christe, Fili Dei... Qui surrexisti]	210, 266, 323, 377, 465
Paròl la té vîn tounin chè	
[Verbum caro factum est]	1054
Pòsion pa-m sé Granmèt la	
[Pars mea Dominus]	1378
Prèt Granmèt la	
[Sacerdotes Domini]	1328
Rasîn Jésé-a té jèmin	
[Germinavit radix lesse]	1037
Sajès sin yo	
[Sapientiam sanctorum]	1372
Sé nan sa y-ap rékonèt	
[In hoc cognoscent]	1253
Sin yo ak moun ki kòrèk yo	
[Sancti et iusti]	1274, 1300
Sou ou, Jérusalèm	
[Super te, Ierusalem]	1351
Yo té minnin vièj yo bay Roua-a	
[Afferentur Regi virgines]	1398
Yo té rakonté louanj Granmèt la	
[Narraverunt laudes Domini]	1086
Yo tout vîn plin ak Éspri-Sin-an	
[Repleti sunt omnes]	526

GID ABRÉVIASION YO

I. Liv Sint Ékritu yo

Abak	Liv profèt Abakuk
Abd	Liv profèt Abdias
Aj	Liv profèt Ajé
Am	Liv profèt Amòs
Ap	Apokalips apot sin Jan
Bar	Liv profèt Baruk
Dan	Liv profèt Danièl
Dét	Liv Détéronòm
Ébr	Lèt pou Ébré yo
Éféz	Lèt apot sin Pòl pou Éfézyin yo
Ésd	Liv Ésdras (= I Ésdras)
Ést	Liv Éstèr
Égz	Liv Égzòd
Éz	Liv profèt Ézékièl
Fil	Lèt apot sin Pòl pou Filipyin yo
Fm	Lèt apot sin Pòl pou Filémon
Gal	Lèt apot sin Pòl pou Galat yo
Iz	Liv profèt Izayi
Jak	Lèt apot sin Jak
Jan	Évanjil dapré Jan
Jén	Liv Jénèz la
Jér	Liv profèt Jérémi
Jij	Liv Jij yo
1, 2 é 3 Jn	Prémié, dézièm ak touazièm Lèt apot sin Jan
Jòb	Liv Jòb
Joèl	Liv profèt Joèl
Jon	Liv profèt Jonas
Joz	Liv Jozué
Jud	Lèt apot sin Jud
Judt	Liv Judit

Kant	Kantik dè kantik
Ko	Liv Koèlèt (= Ékléziast)
Kol	Lèt apot sin Pòl pou Kolosyin yo
1 é 2 Kor	Prémié ak dézièm Lèt apot sin Pòl pou Korintyin yo
1 é 2 Kr	Prémié ak dézièm liv Kronik (I é II Paralipomèn)
Lam	Lamantasion (= Trèn)
Lév	Liv Lévitik
Lk	Évanjil dapré Luk
1 é 2 Mak	Prémié ak dézièm liv Makabé yo
Mal	Liv profèt Malachi
Mi	Liv profèt Miché
Mk	Évanjil dapré Mark
Mt	Évanjil dapré Matié
Na	Liv profèt Naoum
Nb	Liv Nonb
Néé	Liv Néémi (= II Ésdras)
Oz	Liv profèt Ozé
Ps	Liv Psòm yo
1 é 2 Piè	Prémié ak dézièm Lèt apot sin Piè
Prov	Liv Provèb yo
Rom	Lèt apot sin Pòl pou Romin yo
1 é 2 Roua	Prémié ak dézièm liv Roua yo (= III é IV Roua)
Rut	Liv Rut
Saj	Liv Sajès la
1 é 2 Sam	Prémié ak dézièm liv Samuèl (= I é II Roua)
Sir	Sira (= Ékléziastik) Liv Sirasid (Binn Sira)
Sof	Liv profèt Sofoni
1 é 2 Tés	Prémié ak dézièm Lèt apot sin Pòl pou Tésalonisyin yo
1 é 2 Tim	Prémié ak dézièm Lèt apot sin Pòl pou Timoté
Tit	Lèt apot sin Pòl pou Tit
Tob	Liv Tobi
Tr Ap	Travay Apot yo
Zak	Liv profèt Zakari

II. Liv Pèr l'Égliz yo ak Souvèrin Pontif yo

AAS	Acta Apostolicæ Sedis (Typis Polyglottis Vaticanis)
CCL	Corpus Christianorum Latinorum (Brepols, Turnhout)
CSEL	Corpus Scriptorum Ecclesiasticorum Latinorum (Vindoboni)
PG	Patrologia Græca
PL	Patrologia Latina
PLS	Patrologiæ Latinæ Supplementum
PS	Patrologia Syriaca
SCh	Sources chretiennes (Le Cerf, Paris)

GID JÉNÉRAL

Dékrè Sakré Kongrégasion pou Kult Divin-an (11 avril 1971).....	5
Dékrè Kongrégasion pou Kult Divin-an (7 avril 1985).....	6
Tab jou litijik yo.....	9
Tablo dat sélébrasion ki chanjé plas nan ané litijik la.....	13
Kalandriyé Romin jénéral.....	15
Pròp pou Tan-an.....	27
Tan Pak I: Jous nan Asansion Granmèt la.....	54
Tan Pak II: Apré Asansion Granmèt la.....	434
Déroulman Òrdinè Litiji Lè yo.....	539
Distribision Psòm yo ak Kantik yo sou kat sémèn	
Sémèn I.....	571
Sémèn II.....	673
Sémèn III.....	779
Sémèn IV.....	882
Pou Konpli.....	983
Psòm konplémantè yo.....	1007
Pròp pou Sin yo.....	1015
Mars.....	1017
Avril.....	1056
Mé.....	1103
Juin.....	1171
Komin yo	
Komin dédikas légliz.....	1193
Komin Sint Vièj Mari.....	1220
Komin Apot yo.....	1250
Komin mati yo:.....	1269
Pou pliziè mati.....	1269
Pou yon sèl mati.....	1295
Komin pastè yo (gadyin yo).....	1323
Komin doktè Égliz la (savan sakré Égliz la).....	1361

Komin vièj yo	1374
Komin mésié ki sin yo	1400
Komin médam ki sin yo	1430
Pou rélijjié yo.....	1458
Pou sa-k té fè aksion mizérikòd yo.....	1467
Pou édikaté yo	1472
Réfrin pou <i>Benedictus</i> ak <i>Magnificat</i>	1476
Ofis défin yo.....	1485
Apindis (Dégi)	
I. Kantik ak Évanjil pou Vijil yo	1527
Pròp pou Tan-an: Tan Pak	1528
Pròp pou Sin yo.....	1540
Komin yo	1545
II. Intèsésion ki pi kout ki kapab sèvi pou Vèp yo.....	1559
III. Fòmul ki kapab sèvi pou fè antré nan Priyè Granmèt la	1564
IV. Fòmul bénédiksyon ki kapab sèvi pou Louanj yo nan matin ak Vèp yo.....	1565
V. Fòmul akt pénitansièl yo kapab anplouayé pou Konpli-a	1572
Gid yo	
Gid alfabétik sélébrasion yo.....	1577
Gid imn yo	1579
Gid psòm yo.....	1582
Gid kantik yo.....	1587
Gid léktu biblik long yo	1589
Gid léktu biblik kout yo	1592
Gid tèks pou dézièm léktu-a.....	1596
Gid répons yo.....	1602
Gid répons kout yo	1612
Gid abréviasion yo	1615
Gid jénéral.....	1618